хъуран

Æ медеси тæлмац
æма тæфсертæ

Киунугæ цæттæгонд æма уагъд æрцудæй
Боллоти Роберти
æргъуди æма уодибæстгундзийнади фæрци

Киунугæ ратæлмац кодта, раздзурд
æма ин тæфсертæ ниффинста
Тахъазти Федар

Дзæуæгигъæу 2007

Раздзурд

Пуслмон дини историйæй

1.Ислами агъоммæ (джахилий) догæ

Ислам фæззиндтæй Аравий сакъадахи нигулæнæрдигæй Хиджази области. Сурх денгизи билтæ, Хиджазбæл цудæй рагон караванти над. Еци рауæнти тæккæ устурдæр горæт ба Меккæ адтæй. Меккæ Хиджазæн экономикон æма динигъдауи центр адтæй.

Джахилий рæстæгути – уотæ ислами агъоммæ догæ худтонцæ, араббæгтæ уацæг Хуцау ку нæма зудтонцæ – Мекки исаразиуонцæ устур уайснайæн базарæдтæ. Горæти ба адтæй ковæндонæ, кæций худтонцæ Каабæ (“куб”). Каабæ æма тобæгонд (“хæран”) бунати не ‘нгъизтæй нæдæр хилæ кæнун, нæдæр кинæ хатун*1, нæдæр тог никкалун. Аравий берæ ‘знæмтæ адтæй, æма си алкедæр æхе хуцæуттæмæ кувта, фал се ‘гас дæр æнхузæн цитæ кодтонцæ Каабæн, æма сæмæ уæхæн гъуддаг æгасемæ дæр фæккастайдæ куд æфхуæрæн миуæ. Уотæ нимад цудæй, æма муртакк хуцаугонди æфхуæрæг кенæ зундæй фæккеудзæнæй, кенæ ести хуæцгæнезæй фæссæйгæ уодзæнæй.

Муртакк Кааби астæу лæудтæй Хубал. Рагон араббæгтæ курæйшитти ’знæми аци хуцаугондæн устур цитæ кодтонцæ куд арв, мæйæ, арвигъæр æма уаруни бардуагæн. Каабæй æндæр ма, иннæ рауæнти дæр, Хубали нисангæнæг гумеритæ берæ адтæй. Сæ фулдæр уотид дортæй арæзт адтæнцæ. Недзамантæй ци сау дор адтæй Кааби, е ба нисан кодта Хубали æрвон хъаурæ. Сæйраг хуцаугонди фалæнбулай ма сагъд адтæй берæ гумеритæ – бетилтæ, кæцитæ нисан кодтонцæ араббаг æндæр хуцаугæндти. Сæ медес уой медæгæ адтæй, æма еци бетилтæн нивонд кодтонцæ, уæдта сæ рази исаразиуонцæ фæрсæнтæ. Муртаккаг араббæгтæ бетилти фалдзос æрзелиуонцæ, сæ къохтæй сæбæл æндзæвгæй. Уотæ сæмæ кастæй, æма и дортæй сæмæ Хуцауи тухæ бацæуй.

1 * Кинæ хатун – мстить.

Ислами агъоммæ Кааби 300 бетилемæй фулдæр адтæй. Араббæгтæ уотæ æнгъæл адтæнцæ, æма тохи зин сахатти син еци бардуаг - бетил, æнæмæнгæ фæййангъос кæндзæнæй.

Меккæмæ хæстæг, Нахлай бууати, адтæй æнккæт араббæгти силгоймаг-хуцаугонд, ал-Уззай ковæндонæ. Уогæ, муртакк Мекки пантеони берæ хуцаугæндтæ адтæй.

Аци хуцаугæндтæ грекъаг – ромаг мифологийæй æрбайсгæ адтæнцæ. Уомæ гæсгæ ба сæ фулдæремæн силгоймаги сорæт фæууидæ. Адтæй се ‘хсæн рагон араббаг хуцаугæндтæ дæр: Илат, Уззæ, Хубал, Вад æма æндæртæ; уæдта ассийраг-вавилойнаг: Мæрдук, Ассур, Син, Самас æма Астартæ; дзиуиттаг патриарх Авраам (Ибрæгим) æма Мадæ-Майрæн (Мария), æ къохи сабий-Киристей даргæй.

Еци æнæрохс доги, Зæнхи цъарæбæл Арави тæккæ талингæдæр бунæттæй сæ еу адтæй. Кæд æма æ синхон Перси, Византийæ æма Египет (Мисир) цивилизаций тунтæ батовтонцæ, уæд си Арави ба, зæрæстонæй* хецæнгонд, еуварс райзадæй. Аравий нæдæр хецауадæ, нæдæр ести закъон адтæй. Алли ‘знæм дæр хуæдæлдарбæл нимадта æхе. Уомæ гæсгæ ба еудадзугдæр тугъдæнгъæлдзауæй цардæнцæ. Тог никкалун, æвуд æма æвæлгъазæ адæн марун син адтæнцæ албойнон фæззинд. Се ‘гъдау æма культурæ хъæбæр дæлгенаг уавæри уогæй, æнаккаг гъуддæгтæ, азарт гъæзтитæ æма ниуæзти фæдбæл фæцæнцæ. Еске æрбамарун æма бастъегъун дессаг некæмæбал кастæй. Сæ силгоймæгтæ бæгънæгæй Кааби фалдзости уозер кæниуонцæ. Кизгæ ку райгуридæ, уæд æй арæх уодæгасæй зæнхи никъкъахиуонцæ. Сæ фидæ ку рамæлидæ, уæд сæ фиди уоси хæццæ æрцæриуонцæ. Кæдзос хъæппæл, хуарз хуæруйнаг, æхснундзийнадæ ци адтæнцæ, уой зонгæ дæр нæ кодтонцæ. æфсæрмидзийнадæ се ‘нгæрон дæр н’ адтæй. Кувтонцæ дортæмæ, гумеритæмæ, стъалутæмæ æма уæхæн æндæртæмæ. Æрмæст Еунæг Хуцаумæ нæ кувтонцæ. Ибрæгим æма Измæил сæ фидтæлтæ ке адтæнцæ, уой зудтонцæ, фал ци дин парахат кодтонцæ ‘ма ци Хуцаумæ кувтонцæ, уомæн ба неци зудтонцæ. Сæ

---

* Зæрæстон – пустыня.

фольклори адтæй Адæ æма Тæмуди таурæхътæ, фал Худ æма Сæлих пахампарти ахури тæвагæ ба си н’ адтæй.

Уогæ, Мекки дæр æма æгас Аравий дæр цардæнцæ адæн, кæцитæ кувтонцæ æрмæст Еунæг Хуцаумæ. Йасриби (федæни – Мединæ), кæци Мекки хæццæ ерис кодта, æрцардæй берæ уерæгтæ (иудейтæ). Уони ‘знæмтæ цардæнцæ горæтæн æхе медæгæ дæр æма æ цæгатирдигæй, Хайбари дæр. Сакъадахи цæгатварс дæр æма Хиджази дæр цардæнцæ киристæнттæ. Дзиуиттæгтæ ‘ма киристæнттæй израили пахампарти туххæй еуæ-еу таурæхътæ бæргæ райстонцæ, фал син сæ ахур ниффесунтæ кодтонцæ. Цардæнцæ ма си ханифиттæ-аскеттæ, еунæг Хуцаубæл æууæндгутæ. Етæ сæхе нимадтонцæ Ибрагими динæфтуди фæдонтæбæл. Уонæмæ гæсгæ, Ибрæгим, кæций схудтонцæ ал-Халил (гъома “Хуцауи лимæн”), еунæг Хуцаумæ кувта æма ин æ номбæл æ фурт Измæили хæццæ Кааби исаразта ковæндонæ. Фал æ фæсмæрдæ ба берæхуцаугинтæ Каабæй исаразтонцæ гумеритидонæ æма си æрмæст уонæмæ кувтонцæ.

Гъе, уæхæн рауæн æма уæхæн уаваерти еци рæстæг райгурдæй Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд).

2.Фиццаг Пахампартæ.

Таурæхътæмæ гæсгæ, Мæхæмæт Пахампари (Хуцауи хуарз салам æй уæд ХХСУ) райгурцæ зундгонд адтæй Ибрæгим, Измæил, Муса æма Исайæн (Хуцауи хуарз салам сæ уæд).

Мæхæмæт (ХХСУ) фæстаг пахампар адтæй. Уой размæ ба ма æндæр пахампартæ адтæй. Фиццаг пахампар Зæнхи цъарæбæл адтæй фиццаг адæймаг - Адам (ХХСУ) (*дигоронау* – Атан). Адæни райдайæн Адамæй цæуй. Æнккæт адæнтæ дæр фæззиндтæнцæ фиццаг æнкъай Адам (Атан) æма Евæй (*дигоронау* – Аман). Хуцау Адамæн равардта Ислами дин, цæмæй æй е ба ратта æ байзайæггæгтæн. Адам сæ гъæуама исахур кодтайдæ Хуцау Еунæг ке ‘й, æма дуйней исфæлдесæг æма хецау Е ке ‘й, уой туххæй, уæдта Имæ ковун æма

игъосун ке гъæуй, æма Уомæ ке раздæхдзæнæнцæ ескæд, уой туххæй, уæдта, Хуцауи фæндонбæл арази уогæй, рæстæй цæрун ке гъæуй æма уой туххæй Е рæствæндаг ке кæндзæнæй, уой туххæй; æма ку нæ байгъосонцæ, уæдта гъезæмарæ кæндзæнæнцæ куд зæнхон царди, уотæ аннæ царди дæр. Адами коммæгæс байзæттæгтæ цудæнцæ раст надбæл, фал се ‘хсæн уæхæнттæ дæр разиндтæй, кæцитæ бахъоди кодтонцæ сæ фиди ахурбæл. Еуетæ ковун райдæдтонцæ Хормæ, Мæйæмæ æма Стъалутæмæ, иннетæ – бæлæстæ ‘ма фонсмæ. Еуетæ ба æууæндун райдæдтонцæ æрдзи тухтæ аллихузон хуцæутти бæрни ке ‘нцæ, уобæл. Уотæ ахедтæнцæ политеизм æма муртакдзийнади аллихузон формитæ. Фæззиндтæй берæ динтæ.

Е адтæй, Адами байзæттæгтæ Зæнхи цъарæбæл ку ниххæлеу æнцæ æма аллихузон расситæ ‘ма адæмихæттæлтæ ку фæззиндтæй, уæд еци доги. Алли адæмихатт дæр æхецæн исаразта æхе дин. Хуцау ба адæймаг æма дуйнети Исфæлдесæг ке ‘й, уой ба байронх æнцæ. Фæззиндтæй аллихузон аййеп æгъдæуттæ. Уомæ гæсгæ ба Хуцау райдæдта адæни ‘хсæн гъомбæл кæнун пахампартæ. Алке дæр си адæнæн сæ зæрдæбæл лæуун кодта иронхгонд кæрнитæ. Пахампартæ адтæй алли адæмихатти ‘хсæн дæр, æма се ‘нккæтемæ дæр адтæй еци еу дин – Ислам. Фал адæн фæйнæхузи цæстæй ракæсиуонцæ пахампартæмæ. Еуæ-еу пахампарти сæ ахур парахат кæнуни туххæй бафхуæриуонцæ, сæ цæрæнбунатæй сæ ратæриуонцæ, кенæ сæ рамариуонцæ. Иннæ пахампартæн ба, сæ уодæгасæй син сæ ахур райсгæй, сæ фæсмæрдæ и ахур сæхе идейитæй низзугъуммитæ кæниуонцæ. Еуетæ райсиуонцæ нæуæг методтæ Хуцаумæ ковунмæ, иннетæ ба райдайиуонцæ сæ пахампартæмæ ковун. Пахампарти сорæти уинун райдайиуонцæ кенæ Хуцауæн æхе, кенæ æ фуртти. Уотемæй адæн, гумерити нихмæ ка фæттох кæнидæ, уонæй сæхецæй гумери исаразиуонцæ.

Адами фæсте ба пахампар адтæй Нох (Ной). Нох адтæй, Хуцауи фæндонмæ гæсгæ, дуйней исæвди фæсте ма ка байзадæй, еци еунæг рæстуод адæймаг. Уой фæсте ба адтæй Ибрæгим (Авраам). Хъурани Ибрæгим цæуй агъайзаг бунати æвæрд, куд пахампар, кæцимæн Хуцауæй лæвæрд адтæй финстæг – “сухуф”

(свиток). Ибрæгими æмбæстæгтæ муртаккæгтæ адтæнцæ. Фал, Ибрæгими зæрди æцæгдзийнадæ агорун ниххизтæй, æма тагъд рæстæги уæхæн хатдзæгмæ æрцудæй: хормæ, мæйæмæ, стъалутæмæ ‘ма æрдзæмæ ковун рæдуд гъуди æй. Уой фæсте ба ин арвидуар байгон æй æма ин игъустгонд æрцудæй Хуцауи Еунæгдзийнади туххæй, уæдта цидæриддæр ес а дуйнебæл, етæ Хуцауи исфæлдист ке ‘нцæ, уой туххæй. Уæд Ибрæгимæн игъустгонд æрцудæй адæнмæ минæварæй æвзурст ке ‘рцудæй. Фал, Ибрæгими байзæттæгтæ бабæй сæ пахампари уацæг* ахуræй фесунмæ рацудæнцæ.

Ибрæгими фæсте дæр ма берæ пахампартæ адтæй. Мæхæмæт пахампар (ХХСУ) Иерусалими ци дорбæл намаз гæнгæй (аци дор нуртæккæ æвæрд æй ал-Хæрам аш-Шæрифи мæзгит “Къæдзæхи Купол”- и) авд уæларвмæ ку ‘рцудæй ист, уæд уоми исæмбалдæй еунæхуцаугин пахампартæбæл – Адам (*диг.* Атан), Иса (Иисус, *диг.* Есо), Ехиа (Иоан Креститель), Юсуф (Иосиф), Идрис (Енох), Харум (Аарон), Муса (Моисей) æма Ибрæгимбæл (Авраамбæл) (Хуцауи хуарз салам сæ уæд).

Мæхæмæти размæ (ХХСУ) фæстаг пахампар Иса адтæй. Мæнæ Мæхæмæт пахампарæн (ХХСУ) Исай туххæй ци дзурдтæ байгон æнцæ, етæ:

“*Æ*ма уæд е (Иса) загъта: “*Æ*з дæн Хуцауи цагъар. Е мин равардта Финстæг æма мæ ниввардта пахампарæй. Кæмидæриддæр уон – *Æ* зæрдирастгонд мæ хæццæ ‘й. Е мæнæн бафæдзахста ковуни федар ун æма, цалдæн цæрун, уалдæн мæгуртæн битир дæттун. Е мæнæн бауойсат кодта мæ мадæн цитæ кæнун æма мæ искæдзос кодта фуд æма хецмæрдзийнадæй. Ци бон райгурдтæн, еци бон Хуцауи рæствæндаг адтæн, æма Хуцауи рæствæндаг уодзæнæн мæ мæлæти бон дæр, æма, ци бон раздæхон цардмæ, еци бон мин салам уæд”. (19:30-34).

Иса нимад цæуй сиахъ пахампарбæл (ХХСУ), Хуцауи Минæварбæл, кæци адæнæн равардта Финстæг – “Инжил” (Евангели). Иса хумæтæг лæг н’ адтæй. Е, иннæ пахампарти хузæн, уотид æвзурст н’ адтæй, фал, Адами хузæн, исфæлдист адтæй Хуцауи дзурдæй, кæци разагъта: “Уо!”. Уомæн æ бунат

---

* Уацёг – истина, истинный.

Хуцауи фарсмæ ‘й. Е æй “Хуцауæй Дзурд”, Тæрхони Бони хæстæгдзийнади нисан. Иса райгурдæй Хуцауи Монæй*, фал ин Хуцауи менеугутæ нæййес. Е знæгтæ уотæ зæгъунцæ, æма е дзиуарæбæл рамардæй, фал уобæл “Уой нæ рамардтонцæ æма нæ нийтигътонцæ, фал сæмæ уотæ фæккастæй” (4:155-169). Киристей уацæг ахуræй еуварс рахезæг киристæнтти тæрегъæддзийнæдтæй сæ еу æй уотæ ке зæгъунцæ, æма Иса дзиуарæбæл рамардæй, е.

Иса зудта Мæхæмæт Пахампари (ХХСУ) фæззиндæ дæр, Измæили цæуæтæн уотæ фегъосунгæнгæй: “ Æз дæн сумахмæ Хуцауæй æрвист, цæмæй уин рафедеуон мæ фæсте ци минæвар æрцæудзæнæй, уой тухxæй, кæцимæн æ ном æй Ахмæт” (е æй Мæхæмæти (ХХСУ) иннæ ном).

3.Хуцауи Минæвар

Тæрнадæ

Мæхæмæт (ХХСУ) рæайгурдæй Пили[1] тугъди райдайæни Мекки[2]. *Æ* фидæ хундтæй Абдæллах, Абд аль-Мутталиби фурт, æ мадæ ба – Аминæт, зæхритти ‘знæми эмир Вæхиди кизгæ. Сæ дууей муггаг дæр курæйшиттæй рацæугæ ‘нцæ.

Аци схеми æвдист цæуй Мæхæмæти муггаг (ХХСУ) Адамæй Ибрæгими уæнгæ:

Адам - Нох - Ибрæгим - Измæил - Кидар - Хæмаль - Набет - Сæламан - Эльхомæисей - Елисей - Адад - Ад - Аднан - Муад - Назар - Мудар - Илиан - Мудрек - Хазим - Кинан - Назар - Мæлик - Фахр - Гæлиб - Лув - Кааб - Мурр - Келаб - Каси - Менаф - Хашим - Абд аль-Мутталиб - Абдаллах - Абул-ль-Хъасум Мæхæмæт (Хуцауи хуарз салам æй уæд).

---

* Мон – дух.

1 Еци анз Йемени паддзах Абрагæ бампурста Меккæмæ, уомæн æма Меккæ еци рæстæги Йемени столицæ Санай хæццæ уайснайæн гъуддæгти ерис кодта. Абрагæ æ хæццæ æрбакодта пил, кæций меккайнæтгæ уæдиу æнгæ некæд фæууидтонцæ ‘ма си хъæбæр фæттарстæнцæ. Фал Хуцау знагбæл “æфсæн цъеутæ” рауагъта, æма сæ ниддæрæн кодта. æма Мекки цæргутæ еци анз исхудтонцæ “Пили анз”.

2 6163 анз Адамæй, 570 анз Киристей райгурдæй, 53 анз Хиджри агъоммæ.

Аравий устур кадæ ‘й берæ сувæллæнтти нимæдзæ, фуртти райгурд ба бустæгидæр бæрæгбонбæл нимад цæуй. Абд аль-Мутталибæн æгас Аравий тæккæ цитгиндæр ихæс адтæй – Мекки ковæндони дзиуарилæгæй косун, кæцимæн устур бартæ лæвæрд адтæй. Еци ихæс ин лæвæрд æрцудæй æ кадгин гъуддæгтæ ‘ма уездон муггаги тухæй. Абд аль-Мутталиб æ фурти фурти райгурди фæдбæл исаразта устур файт, кæцимæ æрхудта е ‘знæми разагъддæр адæни. Иуазгутæ берæ фæййарфитæ кодтонцæ, уæдта аль-Мутталиби бафарстонцæ сувæллони куд исхудта, уобæл. “Æз ин равардтон Мæхæмæти ном”,- дзуапп син равардта зæронд læг. “Хуæздæр н’ адтайдæ, - бафарстонцæ бабæй æй иуазгутæ, – нæхе ‘знæмæй ист ном ин ку равардтайсæ, уæд” – “Мæнмæ гæсгæ, – загъта Абд аль-Мутталиб, – аци ном æрхæсдзæнæй намус æма арви ауодундзийнадæ нуртæккæ ци сувæллон фæззиндтæй а дуйнемæ, уомæн. Æма мæ фæндадтайдæ, цæмæй еци æнгъæлци бæрæггæнæн фæууа Мæхæмæт[1] ном”.

Мæхæмæти (ХХСУ) райгурди бон берæ дессаг нисанеуæг цаутæ æрцудæй. А дуйнемæ куддæр фæззиндтæй, уотæ фалæнбулай ниррохс æй, Хосрови галауан зæнхæнкъустæй базмалдæй æма æ мæсгутæй цуппар никкалдæй, персайнæгти сугъдæг арт ба, кæци уæдиуæнгæ мин анземæй фулдæр цæфстæй, ниххустæй, Сави цадæ ба уайтагъд æрбасор æй.

Мæхæмæтбæл (ХХСУ) дууæ мæйи ку цудæй, уæд седзæрæй байзадæй. Абдæллах фулдæр зундгонд адтæй æ гъæздугдзийнади фæрци нæ, фал æ хуæрзконддзийнадæ ‘ма хуæрзæгъдаугиндзийнади фæрци. Абд аль-Мутталиб ин аргъ кодта ‘ма ибæл æууæндтæй. Уомæ гæсгæ ба ‘й рарвиста хæлцадæ ælхæнунмæ, кæци сæ зæрæстон зæнхити кадавар адтæй. Абдæллах Йасрибмæ ку бахъæрттæй, уæд уоми рамардæй. Ба ’й ивардтонцæ аль-Хæриси мавзолейи. Æ фуртæн ниууагъта æрмæст фондз теуай æма еу цагъайраг уосæ, кæций худтонцæ Барака. Аминæ фиццаг æ еунæг сувæллони æхуæдæг хаста æ реуæй, уæдта ‘й æ мадирвади цагъайраг силгоймаг Табибæ райдæдта хæссун.

---

1 Мæхæмæт - араббагау “Мухаммад” нисан кæнуй “Хуцауи фарнæй хайгингонд”, “намусгин”.

Мекки климæт хуæрзтæй н’ адтæй, æма сувæллони æнæнездзийнадæбæл фæббедтæй. Уомæ гæсгæ ба сæ сувæллæнттæ гъæумæ рарветиуонцæ ‘ма сæ уоми дигизабæл бафæдзæхсиуонцæ.

Мæхæмætæн дæр (ХХСУ) берæ дигизатæ адтæй. Æ цори берæ нæ фæдздзебæл кæниуонцæ. Æ мæгур мадæ ци минкъий бафедунгъон адтæй, е сæ нæ хиццаг кодта ‘ма сувæллон æвæгæсæй байзайидæ. Еунæг Хæлима, кæци берæ рæстæг æхецæн сувæллон нæ ирдта, исарази æй сабиййи æхемæ райсун. Æ хæццæ ‘й фæххаста саадитти зæрæстонмæ. Æхуæдæг дæр уордæгæй адтæй.

Еухатт ба Мæхæмæт (ХХСУ) æма е ‘мдзедзедай æнсувæр Мæсрух сæ хæдзарæй изолгомау рандæ ‘нцæ гъазунмæ. Уæд сæ сæргъи, æнæнгъæлти, уорс дарæсти дууæ лæги февзурдæй. Æригон курæйшитбæл фæххуæстæнцæ, фæйхъан кодтонцæ зæнхæбæл æма ин æ реу ракъæрт кодтонцæ. Мæсрух фæттарстæй æма сæхемæ ледзгæ рандæ ‘й. Æ мадæн рахабар кодта. Хæлима дæр, æрвон неттæн неци зонгæй, хъæбæр фæттарстæй æма исфæндæ кодта Аминæн æ фурт фæстæмæ раттун.

Аминæ райдæдта æхуæдæг гъомбæл кæнун æ фурти. æхсæз анзи ибæл ку ‘сæнхæст æй, уæд Аминæ исфæндæ кодта ан-Наджджари фурт Адий сувæллæнттæ бабæрæг кæнун. Фал, æрдæг надбæл ба рамардæй. Ба ’й ивардтонцæ еу минкъийгомау горæт Абуви, Мединæмæ хæстæг. Седзæр сувæллони æхемæ райста æ фиди фидæ Абд аль-Мутталиб. Фал е дæр берæ нæбал рацардæй. Дууæ анзей фæсте сæдæ ‘ма дæс анздзудæй рамардæй. Мæхæмæти (ХХСУ) сæхемæ ‘рбакодта æ фиди ‘нсувæр Абу Тælиб. Абу Тælиб адтæй фæлмæнзæрдæ, фал мæгур, æма Мæхæмæт (ХХСУ) раги райдæдта хъиамæт кæнун. Хаттæй фиййауæй, ку рабайлæгъ æй, уæдта ихуæрсти бацæуидæ каравантæ гъæуайгæнæгæй. Æртиндæс анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд æй Абу Тælиб æ хæццæ Сиримæ райста уайснайæн гъуддæгти фæдбæл. Бахъæрттæнцæ Дамаскаг Сирий еу горæт, Босрæмæ. Уордæмæ хæстæг еу моладзандонæ лæудтæй, кæцими хестæр берийæй адтæй Бæхирæ. Е сæ æхсидзгонæй байуазæг кодта. Æригон курæйшитмæ лæмбунæг фæккæститæ

кодта, æма Абу Тælибæн уотæ ку зæгъидæ: “Де ‘нсувæри фурти хæццæ фæстæмæ Меккæмæ раздæхæ, фал уерæгти мæнгарддзийнадæй ба ‘й багъæуай кæнæ, ауодæ ин æхебæл дæр æма æ цардбæл дæр. Уой намусгин федæн хезуй, де ‘нсувæри фуртмæ устур гъуддæгтæ æнгъæлмæ кæсуй”.

Абу Тælиб дæр Меккæмæ фæстæмæ раздахтæй. Абу Тælибæн Мекки устур аргъ кодтонцæ, дзиуарæ гъæуайгæнгути бундар ке адтæй, уой туххæй. Æ хæдзарæ æнккæт араббаг эмиртæн дæр игон адтæй. Байуазæг кæнидæ æгас æзнæмти разагъддæр лæгти. Мæхæмæти дæр (ХХСУ) берæ уарзтонцæ æ уездондзийнади туххæй. Ку фæххестæр æй, уæдта адæни деси æфтудта æ хуæрзконддзийнадæ ‘ма зундирахастæй. Дзуапп раттунмæ – дæсни, дзубандий – рæстуод, царди медæгæ – æргомзæрдæ, хуæрзбæл æууæндагæ, цийфæнди аййепдзийнæдти нихмæ лæугæй, е устур кадæ скодта е ‘мбæстæгти ‘хсæн æма ‘й, уомæ гæсгæ худтонцæ “аль-амин” – æвæсайгæ, кæбæл бауууæндун æнгъезуй, уæхæн адæймаг.

Цуппæрдæс анздзудæй Мæхæмæт (ХХСУ) райдæдта архайун тугъдон балцити. Æ фиди хæстæгути хæццæ тугъдтæй “тобæгонд тугъдтæлти”[1]. Хъæбæрдæр ба устур кадæ æхецæн искодта курæйшиттæ æма кинæидти ‘хсæн тугъди. Тугъдтæй ма хæвæзнитти нихмæ дæр. Æма алкæми дæр е ‘знæм фæууæлахез уидæ.

Цудæй рæстæг, сабур царди рæстæг раййевидæ тугъдæй. Уотæ, еу тохи фæууæлахез уогæй бабæй, курæйшиттæ исфæндæ кодтонцæ сæ уæлахездзийнæдти намусæн мæнумент исæвæрун. Сæ рагон дзиуарæ Каабæ, кæций багъæуай кæнун сæ фиццаг ихæсбæл нимадтонцæ, нæбал фагæ кодта æнккæт æзнæмтæн. Æма ‘сфæндæ кодтонцæ фæуурухдæр æй кæнун. Дзиуарæ нийхалдтонцæ, æма ‘й æ бунати еци пъланмæ гæсгæ нæуæгæй исамадтонцæ. Сау дор[2] ци бæрзæндæ лæудтæй, уой уæнгæ ‘й ку сдастонцæ, уæд адæн

---

1 “Тобæгонд” кенæ “æнæхайир” - уотæ худтонцæ цуппар сугъдæг мæйи - мухаррамæ, раджабæ, зу-ль-каадæ,зу-ль-хадджа - ци тугъд райеудагъ уидæ,уони.

2 Фиццаг еци дор уорс гиацитти муггагæй адтæй. Ибрæгим æма Измæил ку аразтонцæ аци дзиуарæ, уæд син æй Джæбрæил æрхаста уæларвæй. Фал, еухатт ба еу силгоймаг, цъумур уогæй, бамбалдæй дорбæл æма и дор ниссау æй.

исæнхæл æнцæ. Алли аул дæр æхецæн устур кадæбæл нимадта еци дор исæвæрун, æма, ка ‘й гъæуама исæвæра, уобæл нæ федудтонцæ. Берæ фæхъхъаугъа кæнгæй, унаффæ рахастонцæ, æма, дзиуарæмæ фиццаг ка ‘рбацæуа, уой тæрхонбæл исарази уодзæнæнцæ æнккæт адæн дæр. Уотæ рауадæй, æма фиццаг æрбацудæй Мæхæмæт (ХХСУ). Уой исæвзурстонцæ се ‘хсæн тæрхонгæнæгæй. Е син унаффæ рахаста, цæмæй и сау дор горцъебæл исæвæронцæ. Алли аулæй дæр еу лæг горцъебæл ниххуæцдзæнæй æма ‘й, уотемæй, æмбурдемæй, и дор исесдзæнæнцæ. Бæрæг бæрзæндæмæ ‘й ку ‘сæргъувтонцæ, уæдта ‘й Мæхæмæт (Хуцауи хуарз салам æй уæд) райиста æма ‘й æ бунати исивардта. Дзиуарæ арæзт ку фæцæнцæ, уæдта ‘й еци дессаги горцъейæй бамбарзтонцæ.

Дууин цуппар анзи ку ‘сæнхæст æй Мæхæмæтбæл (ХХСУ), уæд ихуæрсти бацудæй гъæздуг идæдз уосæ Хадиджамæ, каравантæргути раздзæуæгæй. Хадиджамæ адтæй егъау уайснайæн гъуддаг. Тагъд рæстæгмæ хестæр разамонæгæй косун райдæдта, анз æма ’рдæги фæсте ба Хадиджай ракурдта. Еци рæстæг ибæл цудæй 25 анзи, Хадиджабæл ба - 40 анзи. Хадиджа фиццаг адæймаг адтæй æ минæвардзийнадæбæл ка бауæндтæй. Мæхæмæтæн (ХХСУ) арви дуар ку байгон æй, уæдæй ма Хадиджа æ хæццæ фæццардæй 10 анзи.

Мæхæмæтæн (ХХСУ) Хадиджай æрхунд гъæздугдзийнадæ æрхаста, фал и гъæзнугадæ ин æ сæр нæ разелун кодта. Сæ еумæйаг царди æндæрхци дæр æй кæдзос зæрдæй уарзта. Æ рамæлæти уæнгæ æндæр уосæ дæр не ‘рхудта. Адтæй син цалдæр сувæллони, фал си æрмæст сæ дууæ кизги, Рокайæ ‘ма Фатимæ, рагъомбæл æнцæ, иннетæ ба æнагъомæй рамардæнцæ.

Фиццаг уадзæфтауæнтæ*

Цуппор анздзуди уæнгæ Мæхæмæт (ХХСУ) алли анз дæр, рамадани мæйи рандæ уидæ Мекки фалдзости Хирай хонхмæ. Мæйи æндæргъци байзайидæ

* Уадзёфтауён – проповедь.

уоми еунæгæй. Уæхæн æхсæвтæй еуеми æ фуни имæ кадæр фæззиндтæй финстæги хæццæ æма имæ дзоруй: “Аргъауæ!”

“Нæ зонун аргъаун”, – дзуапп ин равардта Мæхæмæт (ХХСУ). Уæд ин æрбацæуæг æ реу уотæ нилхъивта, æма минкъий ма, уæдта фенод адтайдæ, фал æй исуагъта æма бабæй дзоруй: “Аргъауæ!” - “Нæ зонун аргъаун”, – дзуапп бабæй ин равардта Мæхæмæт (ХХСУ). Æма ин уæд æрбацæуæг нæуæгæй æ реу нилхъивта. Æхецæн фæттæрсгæй, Мæхæмæт (ХХСУ) æй рафарста: “Ци байаргъауон?” Æма, уæд, уæхæн дзурдтæ райгъустæнцæ: “Аргъауæ: дæ Хуцауи номæй, ка исæнтæста, исæнтæста адæймаг тоги ‘ртæхæй. Аргъауæ! Æма дæ таукел Хуцау, кæци равардта зонундзийнадæ финстæги, равардта адæймагæн зонундзийнадæ ци нæ зудта, уой тухххæй”. (96:1-5).

Мæхæмæт (ХХСУ) æ фæдбæл ку фæцæй дзурд, уæд æй е дæр æнцад ниууагъта. Ку райгъал æй, уæд имæ уотæ кастæй, цума еци æнахур дзурдтæ æ зæрдæбæл финст æнцæ, уойййау. Хонхи фахсмæ рацудæй æма æвваст арвæй гъæлæс райгъустæй: “Уæ, Мæхæмæт, ду Хуцауи минæвар дæ, æз ба – Джæбрæил”. Уæларв, ærвгæрони, хонхбæл æ къæхтæй æнцайгæй, лæудтæй æхсæйвон иуазæг. Мæхæмæт (ХХСУ) е ‘ргом цийфæнди ‘рдæмæ дæр нæ разелидæ, ærвон цæрæг æ комкоммæ уидæ. Тагъд рæстæги ба и изæд æрбайсавдæй.

Мæхæмætæн (ХХСУ) еунæг æвдесæн дæр нæ разиндтæй. Æма, неке мæбæл баууæнддзæнæй, зæгъгæ, некæмæн ской кодта и ‘хсæйвон цауи тухххæй. Уотæ ма цалдæр хатти фæууидта, æма цийнæ кодта Хуцауи федеуæнбæл, фал уойййадæбæл ба ма ‘й таси ‘фтудтонцæ уæхæн сагъæстæ, æма уотемæй кæд е æцæг ærвистæг нæй, фал фудмонти – дзинти миутæ ‘нцæ, кенæ ба шамангæнæг фæрсæги – къахинай транс æй. ægæр дузæрдуг кæнун ку райдæдта, уæдта сæ æ уосæн радзурдта.

“Дæ дзурдтæ мин мæ зæрдæ барохс кодтонцæ, – загъта Хадиджа. – Еци фæууиндæн амондгун нисанеуæг ес. Соми дин кæнун мæ уод ке къохи ‘й,

уомæй, æма ду исуодзæнæ дæ адæми амистол*”. Хадиджа æ хæстæг, Варекейæн рахабар кодта. Вареке ба хуарз зудта дзиуиттæгти æма грекъæгти сугъдæг киунугутæ, æма ‘й æнцонæй баруагæс æй еци хабар, уомæн, æма киристæнтти ‘ма уерæгти сугъдæг киунугути дзурд цудæй Киристей фæсте ма пахампар ке фæззиндзæнæй, уой тухæй, æма федарæй загъта, Мæхæмæт (ХХСУ) араббæгти амистол ке ‘содзæнæй.

Хадиджа фиццаг адтæй, æ нисанбæл ка бауæндтæй æма ислам ка райста, уонæй.

Мæхæмæт (ХХСУ) æхуæдæг æ фæууиндти тухæй уотæ дзурдта: “Уасфедеуæн мæмæ æрбацæуй фæйнæхузи: хатгай, Джæбрæил адæймагхуз райсгæй, мæ хæццæ фæдздзоруй куд адæймаг, хатгай фæззиннуй базургин цæрæгоййи хузи, æма мин цидæриддæр фæдздзоруй, уой багъуди кæнун. Хатгай ба мæ гъости цидæр зæлланг фегъосун – е тæккæ зиндæр фæлварæн фæууй, æма мæ кеми ку ‘рцæун, уæдта алцидæр куд не ‘мбæлуй, уотæ хуарз багъуди кæнун”.

Хадиджай фæсте ба исламмæ е ‘ргом раздахта Алий. Уæдмæ Мæхæмæт (ХХСУ), æ дузæрдугдзийнадæбæл фæууæлахез уогæй, райдæдта, Хуцау æй ци дæндта, уобæл архайун: райдæдта Хуцауи дзурд федеун.

Еци цаутæй ци рæстæг рацудайдæ, уæдта еу æхсæви, раджаби мæйи 26-аги æхсæвæй 27-аг бонмæ, Кааби цори хуссæг Мæхæмæти (ХХСУ) æвваст гъæр седт фегъал кодта: “Райгъал уо, фунæйгæнæг!” Æ цæститæ байгонгæнгæй, изæд Джæбрæили рауидта сугъзæрийнæ ‘ма налмастæй худт сайнæг уорс дарæси. æ фарсмæ ба лæудтæй дессаги хайуан – уорс бæх адæймаги сæри хæццæ ‘ма ærттевагæ базурти хæццæ. Еци тæмæссаг Хуцауи сфæлдистбæл, кæцимæн æ ном хундтæй ал-Бурахъ (“сайнæг”, “ærттевагæ”), кæддæр ибæл Ибрæгим пахампар бадтæй, нур ба ибæл Мæхæмæт (ХХСУ) рабадтæй æма уайтагъддæр цæгатæрдæмæ ниййарæцæн æй, е ‘мбæлццон Джæбрæили хæццæ. Мæхæмæтæн (ХХСУ) æ фиццаг ærлæуд Синай хонхбæл адтæй, кæцибæл Муса Пахампармæ

* Амистол – апостол.

раргом æй Хуцау. Ами намаз искæнгæй, Мæхæмæт (ХХСУ) бафецаудта Байт Лахмæ (Вифлееммæ), Иса пахампари райгуræн бунатмæ. Намази фæсте сæ балци идарддæр ракодтонцæ ‘ма ‘рбадтæнцæ Дзиуари хонхбæл, Иерусалими, федæни Куббат ас-Сахрæ (“Къæдзæхи купол”) мæзгити бууати. Ами Мæхæмæт (ХХСУ) æ бæх, раздæр Ибрæгим æма Муса сæ бæхтæ ци бæхбæттæнбæл бабастонцæ, уоми бабаста. Уоми сæ хæццæ, æма ма æндæр пахампарти хæццæ, намаз искодта. Дзиуарæй ку рахизтæй, уæдта кæсуй, æма арвæй æруагъдæй, зæнхон рохс кæмæн н’ адтæй, уæхæн дессаги рохсдар асийнæ. Мæхæмæт (ХХСУ) ибæл уайтагъддæр исрæдæхстæй авд арвемæ. Фиццаг арвбæл æй æ хъури ракодта нæ фидтæл Адам, æвдæймаг арвбæл ба Хуцауи размæ балæудтæй. Хуцауи ирух адтæй берæ мин хиземæй æмбæрзт. Ами ин лæвæрд æрцудæй фондз хатти намаз кæнуни ихæс æма ин æ размæ дууæ къоси æривардæй: еу – сæни хæццæ, иннæ ба – æхсири хæццæ. Мæхæмæт (ХХСУ) æхсир баниуазта.

“Раст бакодтай, – загъта ин Джæбræил. – Сæнæ ку равзурстайсæ, уæд дæ адæн раст надæй фæккиудтайуонцæ”. Уордæги ‘рхезгæй, Мæхæмæт (ХХСУ) рабадтæй бæхбæл æма усмæмæ, кæми ‘рцудæй игъалгонд, уоми фестадæй. Сæумæ ба, Кааби горенмæ схезгæй, е ‘мбæстæгтæмæ фæдздзурдта, æма син рахабар кодта е ‘хсæйвон балций тухххæй. Меккæгтæ ибæл нæ бауудæндтæнцæ. Фал, Хуцау Мæхæмæтæн (ХХСУ) бавдиста Иерусалими панораммæ, æма е дæр лæмбунæгæй ердзурдта меккæгтæн Иерусалими гъæунгти тухххæй, æма си цитæ цæуй, уæдта ма син банимадта Иерусалимæй Меккæрдæмæ цал каравани рацæуй, уони.

Фиццаг рæстæг Мæхæмæти (ХХСУ) хæццæ намазгæнгутæ æ хæдзаронтæ ‘ма минкъий Алий адтæнцæ. Уой фæсте сæбæл бафтудæй сæудегергæнæг Абу Бекр[1] æма ма фæйнæ аулемæй цалдæр адæймаги. Абу Бекр æ зонгитæ ‘ма лимæнти ‘хсæн нæуæг дин парахат кæнун райдæдта æма берети зæрдитæмæ над иссирдта. Цалдæр анземæ Мæхæмæти (ХХСУ) фæдонтæбæл бафтудæй еу 30

1 Абу Бекр хундтæй Абд аль-Каабæ (“Кааби косæг”). Æ кизгæ Пахампарæн ратгæй, нæуæг ном райста: “Абу Бекр”, кæци нисан кæнуй “кизги фидæ”.

адæймаги. Етæ, се ‘нккæт дæр нæуæг дин райсгæй, парахат кæнун райдæдтонцæ ислами идейитæ. Динхæсгутæ æрæмбурд уиуонцæ Махзуми аулæй еу лæхъуæн ал-Арками хæдзари. *Æ* хæдзарæ ас-Сафай фахсбæл лæудтæй. Фиццаг рæстæги Мæхæмæт (ХХСУ) фæззиннидæ æрмæст динхæсгути размæ. Архайдта æрмæст уони ‘хсæн бал ниффедар кæнун нæуæг дин. Уæдмæ имæ Джæбрæил фæззиндтæй, æма ин байхæс кодта æ хеуонти ‘хсæн уадзæфтаун æма сæ баруагæс кæнун пусулмæнттæ исун. Мæхæмæт (ХХСУ) Алиймæ фæдздзурдта æма ин зæгъуй: “Бацæттæ кæнæ устур кувд. Далиси фæхсунгонд æрбадæттун кæнæ. Устур хъалац æхсирæй байдзаг кæнæ. Абд аль-Мутталиби муггаги цæуæти дæр æрбахонæ. Рæстæг рацудæй, цæмæй арви фæндон фегъосун кæнон”. Алий дууæ нæбал загъта. Ædеугурæй хунд æрцудæй 40 иуазæги – Абу Тælиби хæстæгутæй. Ægасæйдæр ку бафсастæнцæ, уæдта сæмæ Мæхæмæт (ХХСУ) æхе бахадта. Нæуæг дини туххæй син райдæдта дзорун, фал æй Абу Лахаб, куд æй байуазæг кодтонцæ, е æ зæрдæмæ нæ фæццæугæй, æрдæгдзурдбæл æй фæкъкъулумпи кодта: “Де ‘уазгути æгæр дзебæл ма кæнæ,- урунгæй имæ сдзурдта Абу Лахаб, – нæ гъæуй се ‘фсармæй æма æгъдауæй пайда кæнун”. Уæхæн дзурдти фæсте адæн фæддууæ къуари ‘нцæ. “Сумах фæууидтайтæ, – дзоруй иуазгутæмæ Мæхæмæт (ХХСУ), – Абу Лахаб мæ æрдæг дзурдбæл куд фæкъкъулумпи кодта? Фæууæд уотæ дæр, бацæттæ кæнетæ уæхæн хинст бабæй исон дæр æма еци иуазгути бабæй æрхонетæ.” Алий ин æ фæндон исæнхæст кодта. Абд аль-Мутталиби цæуæт бабæй æрцудæнцæ хинстмæ. Хуæрд куддæр фæцæнцæ, уотæ ба сæмæ Мæхæмæт (ХХСУ) дзоруй: “Еунæг мæлæтилæг дæр некæд ма балæвар кодта æ адæмæн уæхæн есбон, цæхуæн есбон уин æрбахастон æз. *Æз* уин а мæнгæ дуйнебæл амонд лæвар кæнун, уæларв ба – рохс цард. Хуцау мин байхæс кодта сумах уомæ ‘рбакæнун. æма уи ка райсдзæнæй ме ‘хæси хай æма мæ везир[1] исуодзæнæйæ Ке уи фæндуй ме ‘нсуваер исун, мæ хуæдевæгæй (наместниккæй) æма мæ хæлифæй”[2].

---

1 Везир - нисан кæнуй “фасти лæг” (“советник”). Еци титул ка хаста, уонæй фиццаг Алий адтæй.

2 Хæлиф - нисан кæнуй “бундар”, “байзæттаг” (“преемник”). Еци титул лæвæрд æрцæуидæ Мæхæмæти (Хуцауи хуарз салам æй уæд) бунати ка ниллæууидæ, уони. Алий еци титул райста Абу Бекр, Уомар æма Уосмæни фæсте.

Иуазгутæ сахæй лæугæ байзадæнцæ. Еу дæр си еунæг дзурд скæнун дæр нæ бандиудта. Уæд Алий тузмæгхузæй фестадæй æма дзоруй: “Уа, Пахампар! Е æз уодзæнæн. Дæ хъиамæт æз дæ хæццæ байуардзæнæн, де знаги цæститæ искъахдзæнæн æма син сæ дæндæгутæ ‘ркалдзæн, сæ реугудур ба син батондзæнæн”. Мæхæмæт (ХХСУ) æ хъури ракодта Алиййи æма сæ цори лæууæг адæнмæ дзоруй: “Мæнæ ме ‘нсувæр, мæ хуæдевæг æма мæ хæлиф. Игъосетæ имæ ‘ма ци зæгъа, уой кæнетæ”. Æгас иуазгутæ дæр никъкъæлкъæл кодтонцæ æма, се ‘рух Абу Тælиби ‘рдæмæ разелгæй, нигъгъæр имæ кодтонцæ: “Мадта куд, абонæй фæстæмæ дæ фурти прикъазтæмæ гъæуама игъосай æма ин æ коммæ кæсай!”

Фал, Мæхæмæт (ХХСУ), æ нисанбæл дузæрдуг нæ кæнгæй, ænæ фæггеугæ цудæй æ карни фæндагбæл, и æууæнкæ федар кодта æма идарддæр архайдта æ дессаг уадзевзи ‘взагæй æ хæстæгутæ ‘ма лимæнти исламмæ раздахун. Урунгæй райдайидæ дзорун муртакк адæни нихмæ. Каабæн ковуни фæткитæ нæ еппард кæнгæй, Мæхæмæт (ХХСУ) араббæгтæн исæвардта Хуцаумæ ковуни нæуæг æгъдау. Еци нæуæг æгъдæуттæй еу адтæй позæ, кæци гъæуама æвдистайдæ ковæги уарзондзийнадæ Хуцаумæ, уæдта ковгæй цалдæр хатти дзорун гъудæй еци еу дзурдтæ: “Хуцау тухгин æй” (“Аллаху акбар”). Намаз фæууогæй ба гъудæй дæлгоммæ нихъхъан ун. Раздæр некæд фæууингæй уæхæн хе дæлеуæггæнæн позæ – зæнхæмæ губур кæнун – меккайнæгтæй берети мæстæлгъадæ кодта. Мæхæмæт (ХХСУ) уæхæнтти худта Хуцауи фæндонбæл ка нæ арази кæнуй, уæхæн хецмæртæ. Адæн сæ хуцаугæндтитæбæл зирзир кодтонцæ. Гъæздугутæ тарстæнцæ сæ тухгиндзийнадæ фесæфунæн. Сæ гъæздугдзийнадæ ци муртакк дини æууæнкæбæл æнцойнæ кодта, уой фехалунæн тарстæнцæ æма сæ хъауритæ байеу кодтонцæ, цæмæй сæ тухи бундорихалæги фесафонцæ. Кадгиндæр аулти æвзурст лæгтæ Абу Тælибмæ ærбацудæнцæ æма ин загътонцæ: “Де ‘нсувæри фурти ку нæ нигъгъос кæнун кæнай, уæд æй мах базондзинан куд æй ærсабур кæнун гъæуй, уой. Нæ дин багъæуай кæнуни тухкæй мах хуæцæнгærзтæ райсдзинан. Нæ тогæй хæстæгдзийнадæ нæ нæбал бауорамдзæнæй, æма уæд фæййиндзинан, ка

фæууæлахез уа, уой.” Абу Тæлиби еци ‘ртхъеræн мæти бафтудта æма Мæхæмæтæн (ХХСУ) радзурдта гъуддаг. Æма ин е уæхæн сæрбонзонгæ дзуапп ку раттидæ: “Уа, гагу! Ægас курæйшиттæ дæр мин мæ нихмæ Хор æма Мæйæ ку ‘сефтиндзонцæ, æма еци дууæ стъалуй мæ размæ ку фæууинон – еуей мæ рахесфарс, инней ба – мæ галеуфарс, – уæддæр мæ нисанæй еунæг ампъез дæр нæ ракæндзæнæн еуварс.” Æртхъерæнтæ ин æ нифс нæ сæттунцæ, уой уингæй, Абу Тæлиб æй уæд бафарста: “Мадта ци дзуапп гъæуама раттон курæйшиттæн. Кæд дин дæ миутæ нæ раст кæнун, уæддæр, æнкъарун æй, ке некæд дæ ниууаддзæнæн, цидæриддæр унаффæ нæ рахæссонцæ де ‘знæгтæ.”

Фал, меккайнæгти мастæн кæрон нæбал адтæй, Мæхæмæт (ХХСУ) уотæ ку разагъта, æма Мекки цæргути фидтæлтæ зиндони арти содзунцæ гумеритæмæ ке ковунцæ, уой туххæй. Уæхæн загъди фæсте меккайнæгтæ æргомæй æртхъеræн кæнун райдæдтонцæ пусулмæнттæмæ. Уæди уæнгæ Кааби цори фæннамаз кæниуонцæ æргомæй, æма син нур ба уæхæн фæггæнæн нæбал адтæй. Хæстæг кæмтти ку ‘ræмбурд уиуонцæ намаз кæнунмæ, уæдта сæбæл никкæлиуонцæ ‘ма хилæ райеудагъ кæниуонцæ. Гъæунгти гъæræй фудгин кодтонцæ Мæхæмæти (ХХСУ) сæргъæндзийнади, æма айуангæнгæй бадæмиуонцæ ести тамасха исаразун. Фаудтонцæ ‘й, алкæмæн дæр зундгонд нецæййаг историти лæгъуз таурæхъгæнæг æй, зæгъгæ. Аулти хестæртæ сæ фæсевæди нæбал уагътонцæ пусулмæнтти хæццæ дзорун дæр. Еуæ-еу нийергутæ ба сæ пусулмон сувæллæнтти нихгæниуонцæ, хатгай ба сæ рæхисæй дæр ниббæттиуонцæ. Алли рауæнæй дæр сæ райдæдтонцæ сорун. Сæ дин æма ахурдзаути багъæуай кæнунæн ма æвæлгъазæ уогæй, Мæхæмæт (ХХСУ) æ уавæрбæл исарази æй æма сфæндæ кодта Меккæй рандæун.

Пусулмæнтти фиццаг ралигъд Меккæй

Мæхæмæти (ХХСУ) фæндонмæ гæсгæ пусулмæнттæн сæ еу хай фæллигъдæй

Хабаши[1] паддзахадæмæ, æма кириcтон бæсти легдонæ иссирдтонцæ. Етæ Сурх денгизи еу науи сбадтæнцæ, æма ан-Наджаши[2] паддзахадæмæ бахъæрттæнцæ, кæци сæ байуазæг кодта, хуарз цæстæй сæмæ ракæсгæй. Меккайнæгтæй Абиссинимæ ædеугурæй фæллигъдæй 83 нæлгоймаги æма 13 силгоймаги.

Цæмæй ледзæг адæни бауорамонцæ, уæдта Мæхæмæти (ХХСУ) фæдонтæн æрбунат кæнæн макæми бал уа, уой туххæн курæйшиттæ Абиссинимæ минæвæрттæ лæвæртти хæццæ рарвистонцæ, уони паддзахæй ледзæг адæни фæстæмæ раздахун коргæй. Абиссиний паддзах ба, Аравий амистоли туххæй Абу Тæлиби фурт Джафари хабæрттæмæ цæмædесæй фегъосгæй, курæйшитти минæвæрттæ сæ лæвæртти хæццæ фæстæмæ рарвиста. Фал, курæйшиттæ уобæл нæ банцадæнцæ. Сосæггай неци бакæнгæй Мæхæмæтæн (ХХСУ), кæций æ фæдонтæ æнæсцохæй гъæуай кодтонцæ, æ алли ампъезмæ дæр ин сæ цæстæ даргæй, курæйшиттæ бахъоди кодтонцæ Хашими[3] аули цæуæтбæл. И указ ба æнккæт æзнæмтæмæ дæр рарвистонцæ. Сæ хæццæ нæбал адтæй нециаваер рахастдзийнædтæ дарæн. Нæбал æнгъизтæй сæ хæццæ цийфæнди цædес æма бастдзийнædтæ аразун. Хъодигонд цудæнцæ уæди уæнгæ, цалдæнгæ адæми тæрхонмæ нæ раттонцæ Мæхæмæти (ХХСУ). Пергаментбæл финст указ ба нийуауигътонцæ Кааби. Хашими байзæттæгтæн, куд муртактæн, уотæ растдинхæсгутæн дæр, гæнæн нæбал адтæй, æма сæхе райстонцæ Абу Тæлиби федаргонд хædзараемæ. И муггагæй æрмæст еунæг Абд аль-Мутталиби фурт Абу Лахаб ислæудтæй курæйшитти фарс. Хæшимиттæ сæ федари фæццардæнцæ æртæ анзи. Рацæуæн дæр син н’ адтæй. Абу Тæлиби хædзараемæ бацæуæнтæ знаг гъæуай кодта, æма скъæппæги бахауæг адæнæн сæ дон æма хуæрдæ ку фæууидæ, уæд сæ багъæуидæ сæ хуæцæнгæрзтæ райсун. *Æ*рмæст сугъдæг мæйти, кæцими не ‘нгъизтæй цийфæнди ‘зморæ кæнун, хæшимиттæн фæууидæ уæгъдебараей хæтуни равгæ. Хæшимитти федарбæл ма ‘знаг тумугъæй бадтæй, уотемæй ба Абиссиний рахабар киндæй, æма, дан, меккæгтæ

1 Хабашæ - æндæр дзурдтæй ба Абиссини, нуриккон Эфиопи.

2 Ан-Наджаши - абиссийнаг дзурд, нисан кæнуй “къарол”. Уотæ худтонцæ Абиссиний æнккæт паддзахти дæр. И дзурд историй байзадæй фесинмæгондæй - “негус”.

3 Курæйшиттæмæ Хашими цæуæт адтæнцæ тæккæ номгиндæр муггаг. Мекки дзиуари гъæуайгæнгутæ уонæй фæууиуонцæ. Мæхæмæт дæр (Хуцауи хуарз салам æй уæд) еци аулæй адтæй.

ислам райстонцæ. Уайтагъд 33 хехеси науи рабадтæнцæ ‘ма Аравимæ фæрраст æнцæ. Билæмæ куддæр рахизтæнцæ, уотæ ба мæнгæ хабар рабæрæг æй, æма етæ дæр фæстæмæ схизтæнцæ науæмæ. Æрмæст Уосмæн, Аффани фурт, аз-Зубейр, аль-Аввали фурт æма Уосмæн, Матуни фурт, нæбал раздахтæнцæ фæстæмæ, æма рараст æнцæ Меккæмæ. Мæхæмæт Пахампар (ХХСУ) æма æ хæццæ кæци минкъий пусулмæнтти къуар байзадæй, уони курæйшитти æртхъерæнтæй гъæуай кодта сæ муггаги хестæр Абу Тælиб. Абу Тælиб æхуæдæг Ислам нæ райста, фал е ‘хæсбæл ба нимадта е ‘нсувæри фурти багъæуай кæнун.

Уæдмæ Мекки цæргути ‘хсæн æзморæдзийнадæ æнæнгъæлти еу цау фехалдта. Курæйшитти указ золкъитæ бахуардтонцæ. Мæхæмæт (ХХСУ) уой ку базудта, уæд Абу Тælибмæ дзоруй: “Гагу, арв курæйшитти указбæл уæлахез равардта нецæййаг золкъитæн. Тухххæй æма æнæрæстдзийнадæй цидæриддæр арæзт цудæй, е исæвд æрцудæй. Æрмæст Хуцауи номæн искиндæ ‘й кадæ.”[1]

Абу Тælиб курæйшиттæмæ ‘рбацудæй æма син хабар радзурдта. “Кæд еци гъуддаг æцæг æй, – бафтудта ма ибæл е, – уæд уæ гегædзийнадæ ниххуссун кæнетæ, æма уæ бахъоди исесетæ, кæд æма е мæнгæ ‘ма хахур хабар æй, уæдта уин æз арази дæн уæ къохмæ ме ‘нсувæри фурти раттун.” Курæйшиттæ ‘сарази ‘нцæ уобæл. Æгасæйдæр рараст æнцæ ковæндонæмæ. Гъуддаг æцæгæйдæр, Абу Тælиб куд загъта, уотæ разиндтæй. Указ, кæцимæ гæсгæ хъодигонд цудæнцæ хæшимиттæ, æййивд æрцудæй.

Курæйшитти укази раййивд рæстæгмæ басабур кодта пусулмæнтти нихмæ гегæ миутæ. Федеун райдайунæй дæс анзей фæсте Абу Тælиб рамардæй. Муггаги хестæр иссæй Мæхæмæти (ХХСУ) нæрæмондæр æзнаг – Абу Лахаб.[2] Минкъий рæстæги фæсте ба рамардæй Хадиджа, кæци Мæхæмæтæн (ХХСУ) æ алли гъуддаги дæр е ‘нцойнæ адтæй. Нæбал адтæй ин муггаги ‘рдæги дæр ангъосгæнæг. Нæуæгæй бабæй пусулмæнттæмæ булгъахъдзийнадæ иситинг æй.

---

1 Указ уæхæн дзурдтæй райдæдта: “Дæ номæй, уо, Хуцау”. æрмæст аци дзурдтæ байзадæнцæ æнæгъæнæй, иннæ хай ба ин золкъитæ бунхуæрд бакодтонцæ.

2 Абу Лахаб нисан кæнуй “зиндони арти фидæ”

Курæйшиттæ неке сæрмæ бал кастæнцæ, æма ‘й хъæбæрдæр ævдозун райдæдтонцæ. Æфхуардтонцæ ‘й сæ фингæбæл, æфхуардтонцæ ‘й намаз ку кæнидæ, уæд, акæмидæр ин се ‘нæуинондзийнадæ ævдистонцæ.

Бонæй бонмæ тæссагдæр кæнун райдæдта Мекки ун. Гæнæн нæбал адтæй, æма Меккæ ниууадзгæй, æ фæндаг искодта Тæифи ‘рдæмæ, Меккæмæ хæстæггомау. Тæиф лæудтæй хуæнхти, адтæй ин федаргонд бунæттæ, æма си цардæй тухгин æма тугъдон æзнæм. Мæхæмæт (ХХСУ) рараст æй се ‘хсæнади æмбурдмæ. Ардæмæ æрæмбурд уиуонцæ горæти кадгиндæр адæн. Пахампар сæмæ æхе бахадта. Муртакк динбæл æууæндуни æнахъинондзийнадæ син бавдесгæй æма Хуцауи дессаг исфæлдистади фæлгонцтæбæл син ærдзоргæй, æ дзубандий кæрон бафтудта: “Æз дæн Хуцауи минæвар. Е мæн рарвиста сумах æхсæнмæ ислам федеунмæ.” – “Хуцауи ку бафæндадтайдæ, цæмæй имæ мах не ‘ргом раздахæн, – уазалæй имæ æмбурди уæвгутæй еу дзоруй, – уæд æ минæварæй дæу нæ равзурстайдæ.” “Мæн туххæй ку зæгъай, – дзоруй имæ иннæ, – уæдта дин дæ дзубандитæ æз нæ райдайдзæнæн еппард кæнун, уомæн æма кæд ду æцæгæйдæр Хуцауи минæвар дæ, уæд мæн неци гъуддаг ес дæубæл гурусхæ кæнун, кæд æма мæнгæ дæ, уæдта сæрмæ хæссуйнаг нæ дæ мæ дзуаппæн!”

Уотемæй, аци горæти уадзæфтудæй неци рауадæй Мæхæмæтæн (ХХСУ). Гъуддаг уобæл ниллух æй, æма ибæл, дорадзагъд искæнгæй, фæххудтæнцæ æма ‘й горæтæй ратардтонцæ.

Мæхæмæт (ХХСУ) фæстæмæ æрæздахтæй Меккæмæ аль-каади мæйи 23-аг бон. Зинтæ уой нæ фæккеун кодтонцæ Ислами надæй. Е ‘ууæнкæ царди фæззелæнтæй бæрзонддæр адтæй. Еци рæстæг алли рауæнти дæр хадзий бæнттæ бæрæг кодтонцæ. И бæрæгбæнтти Меккæмæ аллирдигæйти адæн еци цæуæги цудæнцæ. Мæхæмæт дæр (ХХСУ) се хсæн федеун райдæдта. Кæд æма æ цардæн тæссаг фæууидæ уотæ карзæй ке фæдздзоридæ муртакк дини туххæй, æма етæ ци гумеритæмæ фæкковиуонцæ, уони син ке рагæлдзидæ, уæддæр е нæ фæттарстæй мæлæтæй.

Мекки цæргути гегæдзийнадæ имæ ке нæ ниххустæй, уой туххæй пахампар исфæндæ кодта æ райгурæн бæстæ ниууадзун æма рагоц кæнун Йасрибмæ, кæми Ислами дин сæ зæрдæмæ райстонцæ.

Хиджрæ

Мæхæмæт (ХХСУ) ци изæр гъæуама ниууагътайдæ Меккæ, еци изæр ин фегъосун киндæй, Мекки цæргутæ ‘й рамарунвæндæ ке скодтонцæ аци ‘хсæвæ, уой туххæй. Горæтæй ин æхе райсун цæмæй бантæстайдæ, уой туххæй Алиййæй ракурдта, цæмæй æ бæсти хуссæни нихъхъан кæна. Алий исарази æй æма пахампар дæр Абу Бекр æма еу надамонæги хæццæ Йасрибæрдæмæ сæхе райстонцæ. Меккæй Йасрибмæ адтæй 275 мили. Фæдесонти тасæй етæ сæхе бафæсвæд кодтонцæ Мекки хонсарварс Саур хонхи еу лæгæти. Ами æртæ сутки фæцæнцæ, цалдæн знæгтæ аллирауæнти теголæ кодтонцæ. Фæдесонтæ римæхсæн лæгæтмæ дæр бахъæрттæнцæ. Абу Бекр таси бацудæй, фал æй пахампар баруагæс кодта, Хуцау сæ ке нæ ниууадздзæнæй, уобæл. Æма Хуцау æ минæвари нæ ниууагъта: лæгæти бахезæн хæлаури тунтæй æхгæд фестадæй, лæгæтмæ бацæуæнтæ хускъæ къадоти идзæхсæнтæй байдзаг æй, æ къумти ба бæлæути астъæнттæ ниндæфстæнцæ. Æ уиндæмæ гæсгæ зæгъун æнгъизтæй, æма лæгæтмæ хъæбæр рагæй неке ма бацудæй. Фæдесæнттæ дæр, неке си ес, зæгъгæ, нæбал бахизтæнцæ медæмæ ‘ма идарддæр райевгъудæнцæ.

Цуппæрæймаг бон ба римæхсæг адæн сæ бууат ниууагътонцæ æма рараст æнцæ Йасриби ‘рдæмæ.

Мæлики фурт Соракæ, Аравий хуæздæр гæрзефтонг бæхгинтæй еу, фæдесонти разæй фæцæй æма лигъдæг адæни баййафта. Мудзура æ къохи, уотемæй ниййарæцæн æй Мæхæмæти ‘рдæмæ (ХХСУ). “Хуцауи минæвар,- фæгъгъæр имæ кодта Абу Бекр,- уæртæ нæ сорæг!”- “Мацæмæй тæрсæ, – загъта ин Мæхæмæт (ХХСУ). – Хуцау нæ хæццæ ‘й!” Уæдта, æвваст е ‘рух знаги ‘рдæмæ фæззелгæй, нигъгъæр кодта: “Соракæ!” Сораки бæх, и гъæрæй

фæттæрсгæй, рахаудтæй. Бæхгин ба фæууаддзæг æй, зæнхæбæл æ тъупп фæццæугæй. Æ кеми ‘рцæугæй нæуæгæй æ бæхбæл рабадтæй, фал бабæй, саргъбæл æхе нæ ниууорамгæй, рахаудтæй. Уæд е дæр, исковгæй, пахампарæй ракурдта æманæ (ædасдзийнади гаранти). Мæхæмæт (ХХСУ), Хуцаумæ исковгæй, фæййервæзун кодта Сораки. Уæдмæ Соракæн е ‘мбæлццæнттæ æрбахъæрттæнцæ, æма сæ, æрсабур кæнгæй, фæстæмæ раздахта. Уæд имæ пахампар уотæ ку бадзоридæ: “Уа, Соракæ! Цæхуæн уодзæнæй де ‘нхус æма цæхуæн уодзæнæй дæ гъуди, еу амондгун бони дин дæ къохтæ Хосров Парвизи къохдзæг ку барæссугъд кæна, уæд?”[1]

Фæдесонтæ сæ ниууадзгæй, Мæхæмæт (ХХСУ) е ‘мбæлтти хæццæ сæ над идарддæр ракодтонцæ æма æрбахъæрттæнцæ, Йасрибмæ хæстæггомау еу минкъий горæт, Кубæмæ. Е адтæй раби аль-аввали мæйи 12-аг бон, авдисæри. Хадами кизгæ Кульсум сæ байуазæг кодта. Уоми фæцæнцæ 3 бони æма, сæ рандæуни агъоммæ, Куби ниввардтонцæ мæзгити бундор, кæций схудтонцæ ат-Такуа (Хуæрзæгъдау)

Киристей райгурдæй 622 анз, 16 июли, майрæнбон Мæхæмæт (ХХСУ) бакъахдзæф кодта Йасрибмæ. Еци бон иссæй пусулмон анзнимайæни фиццаг бон – Хиджрæ. Хиджрæ (*араббагау* “гоц”, “æндæр рауæнмæ цæрæнбунат раййевун”) нисан кодта нури уæнгæ ци хæстæг бастдзийнæдтæ адтæй, уони нийхалун æма нæуæг ауодгути бæрни хе бакæнун.

Адæн ку фегъустонцæ пахампари æрбацуд, уæд æнгурфæй æ размæ ракалдæнцæ. Æ ахурдзаутæ ‘й бæлдæхини хастонцæ, адæни ‘хсæнти тухxæй лæгæрдгæй. Алке дæр æй æ хæдзари байуазæг кæнун устур кадæбæл нимадта. Хъæбæрдæр ба уобæл ансартæ архайдтонцæ. Ансар араббагау нисан кæнуй “æнхусгæнæг”. Уотæ худтонцæ Мæхæмæтæн (ХХСУ) ка ангъос кодта, еци йасрибæгти. Еуетæ ба ин æ теуай сæрбонсбæл фæххуæциуонцæ, æма ‘й сæ хæдзарæрдæмæ райвазиуонцæ, æма сæмæ уæд пахампар (ХХСУ) дзоруй:

---

1 Хиджри 15-аг анз Уомари æфсад фæууæлахез æй, Персий фæстаг сах, Йездегирдбæл, æма еци æнамонд паддзахи къаронæ ‘ма къохдзæг (браслет) хæлифмæ æрбахастонцæ. Уомар ба Соракæмæ фæдздзурдта, кæци еци рæстæг пусулмон иссæй, æма ин æ бæгъатæрдзийнади туххæй налхъут-налмасгин къохдзæг æ къохбæл бакодта.

“Уагътæ ин æхе. Е дессаги хайуан æй.” Уæдмæ теуа æхуæдæг ærлæудтæй Амри фуртти скъæти рази. Пахампар дæр (ХХСУ) теуайæй ærхизтæй æма бараст æй ансар Абу Айуби хæдзарæмæ, бафусун кæнунмæ.

Мæхæмætæн (ХХСУ) æ фиццаг мætæ адтæй, горætмæ бацæугæй фиццаг къахдзæф курдæмæ ‘рбакодта, еци бунат дини ‘гъдауæй уадзæфтуд скæнун. Фæдздзурдта Маазмæ, кæций бæгъдауонд адтæнцæ еци зæнхи гæппæли хецæуттæ Сахаль æма Сухейли, æма си ракурда, цæмæй аргъ искæна и зæнхи гæппæлæн. Дууæ седзæри, гъæздуг уогæй, лæвар раттуйнаг адтæнцæ сæ зæнхæ, фал æй Мæхæмæт (ХХСУ) нæ бакумдта. Абу Бекр ибæл нисангонд аргъ бафиста æма Пахампар (ХХСУ) æ фæндон бахаста, цæмæй еци бунати арæзт ærцæуа мæзгит æма фусунуат, кæцими дингæнгутæн сæ бон адтайдæ ærлæуун. Æхуæдæг дæр куста еци арæзтади. И азгъунст арæзт ærцудæй 11 мæйемæ.

Фæстæдæр Йасриб хуннун райдæдта Мединæт ан-наби (пахампари горæт), кенæ ба уотид – Мединæ (горæт).

Ислам парахат кæнун райдæдта Мединæ ‘ма æ фалæнбулай гъæудзæрæнти. Хуцау Мæхæмætæн (ХХСУ) идарддæр ærвиста нæуæг федеуæнтæ, кæцимити лæдæрун кодта пусулмæнттæн куд дарун гъæуй сæхе фæсгон динхæсгути хæццæ, ци цæстæнгасæй кæсун гъæуй пахампармæ (ХХСУ), куд дех кæнун гъæуй тугъдон амæнат æма бундари есбон. Игъустгонд ærцудæй, процентбæл æфстау дæттундзийнадæ, азарт гъæститæ, ниуæзтæ ‘ма хъибили фид хуæрунбæл тобæгонд.

Медини пусулмæнттæ дууæ дехи фæцæнцæ: медийнаг ансартæбæл æма меккайнаг мухадзиртæбæл. Мухадзир араббагау нисан кæнуй “хехес”, “раледзæг”. Уотæ худтонцæ Меккæ ци пусулмæттæ ниууагътонцæ ‘ма Мæхæмæти фæдбæл (ХХСУ) ка рандæ ‘й, уони. Æма, раздæр ке райстонцæ Ислам, уой тухxæй уотæ нимадтонцæ, æма дини раззагдæр позицитæ етæ гъæуама ахæссонцæ. Ансартæ ба уотæ дзурдтонцæ, æма Мæхæмætæн (ХХСУ) фусун етæ фæцæнцæ, уой тухxæй ба раззагдæр бунæттæ уони гъæуама уонцæ. Фал сæ Мæхæмæт (ХХСУ) бафедудта. Уæларвæй имæ уæхæн уадзевзи

ærlæвærдæй: “Уо, ка бауу æндтæй, етæ! Тæрсетæ Хуцауæй уацæг хуцаудасæй, æма ку мælайтæ, уæддæр æрмæст пусулмон исуогæй. Федар хуæцетæ Хуцауи æууæнкæбæл æма ма дехтæ кæнетæ уæхе; гъуди кæнетæ Хуцауи уарзт: сумах æзнаг ку адтайтæ кæрæдземæн, уæд уин Е уæ зæрдитæ бахæстæг кодта, æма сумах æ хуæрзеугути фæрци иссайтæ æнсувæртæ.” (3:97-98).

Фиццаг бæнтти Мединн пусулмæнттæ намазгæнгæй се ‘ргом æздахтонцæ Иерусалимæрдæмæ. Фал Джæбрæил Мæхæмætæн (ХХСУ) айат æрхаста, кæцими Хуцау дзоруй намазмæ цæттæгæнæг пусулмæнтти тухxæй: “Мах уинæн арвбæл де ‘рухи зилд, æма дæ Мах исараздзинан Хъибилли ‘рдæмæ, кæцимæй уодзæнæ арази. æма раздахæ де ‘ргом тобæгонд мæзгити ‘рдæмæ. æма, кæмидæриддæр уайтæ, уе ‘рух, цит, разелетæ уой æрдæмæ. Уогæ, Финстæг лæвæрд кæмæн æй, етæ, æнæмæнгæ, зонунцæ, е сæ Хуцауæй лæвæрд уацæгадæ ке ‘й, уой, – уастæн, етæ цидæриддæр кæнунцæ, уой феппайуй Хуцау!” (2:139)

Уотæ, хиджри 2-аг анз, намазгæнгутæ се ‘рух здахун райдæдтонцæ Кааби ‘рдæмæ. Еци ковæндонæ иссæй Ислами сæйрагдæр дзиуарæ. Æма уордæмæ хадзи алли пусулмон дæр е ‘хæсбæл нимадта. Фал ма Меккæ муртакк динбæл хуæцгути къохи адтæй.

Бадри цори тох

Знаг ци аразуйнаг æй, уой бæлвурдæй зонуни тухxæй Мæхæмæт (Хуцауи хуарз салам æй уæд) Меккæ ‘ма Тъаифи ‘хсæн Нахли будури арæсæнтæ исæвардта. Еци рæстæги сæ рæзти курæйшитти караван рафецудта. Арæсæни бадгутæ сæбæл никкалдæнцæ æма, караван байсгæй, Мединæмæ ‘рбаздахтæнцæ. Еци минкъий уæлахездзийнадæ пусулмæнти фæннифсгундæр кодта. Уæдмæ Пахампарæн (ХХСУ) фегъосун киндæй: курæйшиттæ Сирийæй æрбаздæхунцæ гъæздуг ефтонг мин теуай хæццæ. И караван ба гъæуай кодта Абу Суфиан 30 гæрзефтонгей хæццæ. Мæхæмæт (ХХСУ) сæ размæ еу отряд рарвиста. Хестæр каравантæрæгæн фегъосун киндæй, арæсæни сæ

пусулмæнттæ ке хезунцæ, уой, æма е дæр тагъдгомау фервиста Меккæмæ фæдесон. Меккæй фæдеси рацудæй 950 æфсæддони, кæцити ‘хсæн адтæй 100 бæхгини. Мæхæмæт дæр (ХХСУ), Мединæ Уомари евгет ниууадзгæй, 313 æфсæддоней хæццæ ранæхстæр æй горæтæй. Е адтæй рамадани мæйи. Е ‘фсад арæзт адтæй мухадзиртæ ‘ма ансартæй, кæцитæ цæттæ адтæнцæ кенæ знагбæл фæууæлахез ун, кенæ сæ цард раттун Хуцауи сæраппонд. Сæ кæвæлерий адтæй æрмæст дууæ бæхи æма 70 теуай. Мæхæмæт (ХХСУ) базудта караван Бадрæмæ ке ‘рбахъæрттæй, уой. Уомæ гæсгæ ба е ‘фсади цуд фæттагъддæр кодта, цæмæй знагæй фæрраздæр уа Бадри будурмæ. Бадри цъаййи рази е ‘фсад æрфедар гæнгæй, æнгъæлмæ кæсун райдæдта курæйшитти ‘рбахъæртунмæ. Уæдмæ етæ дæр фæззиндтæнцæ. Абу Бекри хæццæ халагъоди буни бадгæй, Мæхæмæт (ХХСУ) фæгъгъæр кодта: “Уа, Еунæхуцау! Мæнæ муртæктæ. Сæ ампъез син ефхæссунцæ геруздзийнадæ ‘ма æнæбарцæ бонгиндзийнадæ. Етæ ‘рбацæунцæ, цæмæй Дæ мæнгæдзийнади бафудгин кæнонцæ. Уа, Еунæхуцау, ци æнхусдзийнадæ мин байвæрзтай, уой мин рарветæ.” Дууæ ‘фсади нæма ‘сеу æнцæ, уотæ курæйшитти ‘рдигæй тохи будурмæ рахизтæнцæ Уотба, Шæиб æма Уæлид. Мæхæмæт дæр (ХХСУ) сæ нихмæ син рарвиста Уобейда, Хæмза ‘ма Алиййи. Фæсонтæ æрмдзагъд райеудагъ кодтонцæ. Хæмза æма Алий сæ сонтæбæл фæууæлахез уогæй, Уобейдайи ‘рдæмæ сæхе бансастонцæ. Уобейдайæн æ еу къох ралух киндæй, фал, уæддæр, бæгъатæрæй хуæстæй æ сони хæццæ. Дууæ ‘фсади дæр кæрæдзебæл никкалдæнцæ. Муртакктæ пусулмæнттæй æртæ хатти фулдæр адтæнцæ, фал пусулмæнтти Мæхæмæт (ХХСУ) æхуæдæг разæнгард кодта. Цалдæн е ‘фсад знаги атакити нихмæ лæудтæй, уæдмæ е ба Уæллагмæ кувта: “Еунæхуцау, аци ‘фсади ку бауадзай ниццæгъдун, уæд Дин а зæнхæбæл некебал ковдзæнæй. Уа, Еунæхуцау, дæ байвæрзт исæнхæст кæнæ!” (3:120). Æвваст Мæхæмæт (ХХСУ) фæггæпп ласта æма нигъгъæр кодта: “Цийнæ кæнæ, Абу Бекр, цийнæ! Уæлæ ‘й, арви ‘нхус!” Æ цæсгон нийдзаст æй. Æнхусмæ сæмæ куд тагъдæнцæ уæларвон идаугутæ, уой уидта. Е ‘фсади сæргъи æхуæдæг ислæудтæй æма син Хуцауи æнхуси туххæй фегъосун кодта. Уæларвон тухтæ пусулмæнтти зæрдити нифс бауагътонцæ,

муртаккæгти хъауræ ба басастонцæ. Курæйшиттæ фæлледзæги ‘нцæ. Тохи будури ниууагътонцæ 70 марди. Еу уойбæрцæ ба ма уацари бахаудтæй. Сæ финдздзæугутæй 24 фæммардæй, кæцити ‘хсæн адтæй Абу Джехель дæр. Мæхæмæт сæ (ХХСУ) къагъди никкалун кодта. Пусулмæнттæй ба фæммардæй 14 æфсæддони. Се ‘гасемæн дæр лæвæрд æрцудæй кадгин ном - “Шæхид” (дини сæраппонд æ цард раттæг). Уотемæй, Хуцауи ‘нхусæй, пусулмæнттæ фиццаг хатт фæууæлахез æнцæ се ‘знагбæл. “Сумах сæ нæ мардтайтæ, фал сæ Хуцау мардта”, – загъд цæуй Хъурани (8:17). Аци тугъди 22 анздзуд Алий уæхæн бæгъатæрдзийнадæ равдиста, æма имæ уой фæсте кастæнцæ куд Скæсæни Марсмæ. Е æхе къохтæй рамардта авд муртакки.

Мæхæмæти (ХХСУ) уæлахездзийнадæ уайтæкки дæр æгас Аравибæл райгъустæй.

Муртакти нихмæ тох

Бадри фембулди фæсте Абу Суфиан расоми кодта, цалдæн дуккаг хатт не стоха Мæхæмæти хæццæ (ХХСУ), уалдæн æхе нæбал байсæрддзæнæй тæфагитæй æма æ уоститæмæ нæбал бацæудзæнæй хæстæг. 200 барæгей хæццæ ранæхстæр æй Меккæй, æма Мединæй 3 км дæрддзæф æрбунат кодта.

Еци хабар фегъосгæй, Мæхæмæт (ХХСУ) бæхбæл рабадтæй æма знаги размæ рафецаудта. Æнæнгъæлти курæйшитти размæ банцадæнцæ. Абу Суфиан, æ дзурд феронх кæнгæй, ледзæги фæцæй. Æ бæхгинтæн ледзунмæ рæуæгдæр цæмæй адтайдæ, уой тухххæй, хæлцадæн сæ хæццæ ци инсади голлæгутæ ластонцæ, уони дæр ма фæггæлстонцæ. Пусулмæнттæн нæ бантæстæй уони раййафун. Уоййадæбæл, еци балци историй байзадæй куд “инсадин тугъд”.

Хиджри 3 анз ба Абу Суфиан исефтонг кодта 3 мин адæймаги, кæцити ‘хсæн адтæй 700 кирæсири[1] æма 200 барæги. Æ хæццæ ма адтæнцæ æ уосæ Хиндæ æма 15 æндæр æхсийни. Етæ гумсæги гуппитæмæ Кааби кадæнгитæ зардтонцæ,

1 Кирæсир – æ згъæрхæдонгин æфсæддон.

Бадри трагедибæл гъарæнгæ кæнгæй, гæрзефтонг адæни авинстонцæ пусулмæнтти нихмæ тохмæ. Курæйшитти ‘фсад æринцадæй Хулайфи рази. Сæ нихмæ син Мæхæмæти бон (ХХСУ) берæ минкъийдæр æриварун адтæй, уомæ гæсгæ ба сфæндæ кодта Мадини медфедæрттæ байзайун. Фал, е ‘фсæддонтæ ба ‘й дæндтæнцæ тох искæнун. Гæнæн ку нæбал адтæй, уæд е дæр мин гæрзефтонгей хæццæ горæтæй рацудæй. Хæзрæджитти æзнæми эмир Абдæллах, Сæлюли фурт, е ‘ртæ сæдæ æфсæддоней хæццæ фæстæмæ раздахтæй. Еци гадзирахатт нæ басаста Мæхæмæти нифс (ХХСУ). Бæхгинтæ имæ ке н’ адтæй, уой туххæй е ‘фсади фæскъилдун 50 саздахъгини ниввардта æма син бафæдзахста: “Цийфæнди дæр ма ‘рцæуа, уæ бунатæй ма фезмæлетæ, ма ‘й ниууагътæ цийфæнди уавæри дæр: нæдæр уæлахез ку кæнæн, нæдæр æнсæст ку цæуæн, нæдæр уе ‘нхус нæ ку багъæуа. Уотемæй нæ къилдунæрдæги бæхгинтæ ку ниццævонцæ, уæд сæбæл уæ фæттæ никкалетæ.”

Райеудагъ æй тох. Пусулмæнттæ уæлахез кæнун райдæдтонцæ. Курæйшиттæ фæффæстæмæ ‘нцæ. Къæдзæхбæл лæууæг саздахъгинтæ уой фæууингæй нæ ниггац кодтонцæ æма, сæ пост ниууадзгæй, ‘знаги цийесбæл нихxæлæф кодтонцæ. Курæйшитти рахез фланги разамонæг аль-Вæлиди фурт Хæлид, еци гъуддаг бафеппайгæй, испайда кодта саздахъгинти рæдудæй. Æ бæхгинти хæццæ къилдунæрдигæй ниццавта пусулмæнтти. Меккайнæгтæ æртеголæ ‘нцæ пусулмæнттæбæл. Муртакктæ сæ астæумæ бампурстонцæ пахампари размæ (ХХСУ), кæци тогæрхæнтæй тох кодта æ бæгъатæрти фалæнбулай. Мæхæмæтæн (ХХСУ) æ къох басастæй. Арци дууæ æрттегъи æ билти ниссагъдæнцæ, ку сæ рандæ кодтонцæ, уæдта æ дууæ дæндаги рахаудтæнцæ. Фал, уæддæр, пусулмæнттæн бантæстæй пахампари хæццæ (ХХСУ) тумугъæй рацæун. Муртактæ уæрæйда кодтонцæ, мæрдти цийесбæл хæлæф кодтонцæ. Сæ силгоймæгтæ ба æвеллон миутæ аразтонцæ. Хиндæ ба æгасемæй тъайлагдæр гъуддаг исаразта: Хæмзай реу ракъæрт кодта æма ин æ зæрди ‘рдæг ранихъуардта. Курæйшиттæ нæбал бандиудтонцæ пусулмæнтти расорун æма фæстæмæ Меккæмæ æрбаздагъдæнцæ.

Етæ куддæр рандæ ‘нцæ, уотæ пусулмæнттæ сæ мæрдтæ нигæнун

райдæдтонцæ. Мæрдæгъдау бакæнгæй, Мæхæмæт (ХХСУ) æрбаздагъдæй Мединæмæ. Уоми ин фегъосун кодтонцæ, знаг нæуæгæй ке ‘рбацæуй, уой хабар.

Æцæгæйдæр, Абу Суфиан, сæ уæлахезæй ке не ‘спайда кодтонцæ, уобæл гъенцъун кæнгæй, е ‘фсади исарази кодта фæстæмæ раздæхун æма пусулмæнтти бунцагъд никкæнун, цалдæн ма етæ æнæхъаурæ ‘нцæ фæстох, уæдмæ. Мæхæмæт сæ (ХХСУ) фæндаги ‘рдæг рацæун бауагъта, уæдта æвеппайди сæ цори февзурдæй. Етæ, уæхæн бæгъатæрдзийнадæмæ не ‘нгъæлмæ кæсгæй, фæттарстæнцæ æма фæффæстæмæ ‘нцæ.

Уотæ, пахампари дзурд (ХХСУ) ке не ‘сæнхæст кодтонцæ саздахъгинтæ, уой тухæй пусулмæнттæ засти бунати байзадæнцæ.

Мæхæмæт пахампармæ (ХХСУ) Эдли æма аль-Карæй минæвæрттæ ‘рбацудæй курдиати хæццæ, цæмæй сæмæ æ ахурдзаутæй ескети рарвета Ислами æгъдæуттæбæл сæ исахур кæнунмæ. Е дæр сæмæ æ ахурдзаутæй æхсæзей рарвиста. Муртакктæ ба си цуппарей рамардтонцæ, дууей ба курæйшиттæн рауæйæ кодтонцæ. Курæйшиттæ ба син мæлæти тæрхон искодтонцæ.

Мæликки фурт Æмир Мæхæмæтæй (ХХСУ) ракурдта Неджи провинцимæ æ фæдонтæ рарветун, фал ин е нæ бакумдта. Уæд ин Абу Бекр гаранти равардта æма ‘й баруагæс кодта Æмир зæрдæй ке коруй, уой тухæй. Пахампар дæр (ХХСУ) рарвиста Неджмæ ансар аль-Мундари, æвдай дингæнæгей хæццæ. Бир-Маунæмæ (Ерваезунгæнæг цъай) бахъæртгæй, аль-Мундар Æмирмæ рарвиста пахампари (ХХСУ) æрвистæг. Фал Æмир мæнгард разиндтæй. Федоги рамарун кодта, уæдта, æфсад æрæмбурд кæнгæй, æвеппайди дингæнгутæбæл никкалдæнцæ ‘ма сæ бунцагъд никкодтонцæ. Мæхæмæтæн (ХХСУ) еци хабар æ зæрдæ хъæбæр фæрресун кодта.

Аль-аввали мæйи, нæдиритти тухгин уераг æзнæм Мæхæмæтæй (ХХСУ) бадæндта дууæ адæймагей тог бафедун, кæцити рамардта Æмир, сæ зæнхитæбæл син рафецаугæй. Пахамапар сæмæ (ХХСУ) лæмбунæг байгъуста

æма закъони фæдбæл рацудæй. Сæ бафедуддзийнадæ ниффедар кæнуни туххæй æй нæдириттæ сæхемæ ‘рбахудтонцæ. Мæхæмæт сæмæ (ХХСУ) æрбацудæй Абу Бекр, Уомар, Алий æма ма цалдæр раздзæуæгей хæццæ. Е разиндтæй уерæгти арæсæн. Уерæгтæ дортæ æрæмбурд кодтонцæ ‘ма сæ хæдзари сæрбæл исцургътонцæ. Мæхæмæт (ХХСУ) е ‘мбæлтти хæццæ кувди ку ‘рбадтайуонцæ, уæдта сæбæл сæ гъæуама никкалдтайуонцæ. Пахампар (ХХСУ) бафеппайдта, етæ син цидæр æверхъау миуæ аразуйнаг ке ‘нцæ, уой, æма, æндæмæ ракæсун мæ гъæуй, зæгъгæ, хæдзарæй рахизтæй. Мединæмæ ‘рбахъæрттæй æма, æ хæццæ æнхус райсгæй, фæффæстæмæ ‘й. Етæ дæр, сæ нет раргом æй, уой балæдæргæй, сæхе баримахстонцæ еу федаргонд бунати. Пусулмæнттæ сæбæл æртеголæ ‘нцæ æма сæ фалæнбулай цидæриддæр адтæй, уони ниппурхæ кодтонцæ. Еци ихæлддзæгти уиндæй нимæхсæг адæнæн сæ нифс басастæй æма æхсæзæймаг бон æнæстохгæй сæхе равардтонцæ пусулмæнтти къохмæ. Барæ лæвæрд син æрцудæй еу теуа цæйбæрцæ бафæраза, уойбæрцæ райсун сæ есбонæй æма сæ бууатæй рандæун. Нæдиритти иннæ мулк ба мухадзиртæ ‘ма Медини мæгурти ‘хсæн байурста.

Еци анз тобæ ‘вард æрцудæй сæнæбæл. Аравий сæнæ æстæн адтæй. Фал тæлтæг æма нæрæмон араббаг тогбæл ниуæзтæ хъæбæр лæгъуз бедтæй. Æма Мæхæмæтмæ (ХХСУ) уæларвæй уæхæн сурæ æрцудæй:

“Уо, ка бауудæндтæй! Сæнæ, арахъ, адезтæй гъазт, гумеритæ, фæттæй æхсун – Ибилиси гъуддæгтæй æнцæ æма си уæхе еуварс кæнетæ, мусийнæ, амондгун разиндзинайтæ!

Ибилис уе ‘хсæн æнхæлцæ багæлдзуйнаг æй сæнæ æма арахъæй, цæмæй уæ Хуцауи ном ерунæй æма намаз кæнунæй райеуварс кæна. Æма, гæр, уæхебæл нæ фæхуæцдзинайтæ? Хуцауи коммæ кæсетæ æма кæсетæ минæвари коммæ æма уæхе гъæуай кæнетæ! Уæхе ку рахатайтæ, уæдта ‘й зонетæ, æма Нæ минæварбæл æрмæст фегъосун кæнуни ихæс ес.” (5:92-93).

Мæхæмæт (ХХСУ) æнæнгъæлти е ‘фсади хæццæ Мединæ ниууагъта æма гæтфæнитти æзнæммæ бампурста. Уæхæн æвеппайди цæфæй знаг ледзæги фæцæй æма сæхе хуæнхти баримахстонцæ. Ци будури сæбæл фембалдæй, уой

ба фæстæдæр исхудтонцæ Зат ар-Рикæ (Хемæлвасæн бунат). Еци балций рæстæг, гæтфæниттæй еу сахъгурд, æ адæнæн дзурд равардта сæ еумæйаг знаги сæр æрбахæссунбæл. Ранæхстæр æй æ дзурд исæнхæст кæнунмæ. Еу рауæн ба, бангъæлмæ кæсгæй, цалдæн Мæхæмæт (ХХСУ) фæлладæй æхе æруагъта е ‘фсадæй дæрддзæфгомау, уæдмæ. Е дæр имæ æнæ хуæцæнгарз хæстæг бацудæй. Мæхæмæтæн (ХХСУ) е ‘хсаргард æ рази гæлстæй лæудтæй. Æвзестæй фæлунст æхсаргарди къох тæмæнтæ калдта. Гæтфæнит аахампарæй (ХХСУ) æхсаргардмæ хæстæгдæр æркæсуни барæ ракурдта. Мæхæмæти (ХХСУ) къохæй и ‘хсаргард æрбайсгæй, æ фестонæй æй фелваста æма ‘й ниццæвунвæндæй идард фæххаста. Пахампар ин (ХХСУ) æнæ фæнникъолгæй комкоммæ кастæй æ цæститæмæ. Уæхæн æвæлмондзийнадæбæл бадес кæнгæй, марæг æ цæф бауорæдта æма, æхе гиризгæнæгхуз искæнгæй, дзоруй Мæхæмæтмæ (ХХСУ):

“Гæр, æгириддæр нæ фæттарстæ?” - “Æма, цæмæй гъæуама фæттарстайнæ дæуæй?”- дзуапп ин равардта пахампар (ХХСУ). Гæтфæнит фефсæрми ’й, е ‘хсаргард ин балæвардта æма, æ дзурд не ‘сæнхæст кæнгæй, фæстæмæ раздахтæй.

Еци балций фæсте ба Мæхæмæт (ХХСУ) 1500 æфсæддоней хæццæ Бадрæрдæмæ райевгъудта æма уоми æррæсæн кодта. Æфсади разæй ба Ислами турусай хæццæ цудæй Алий. Бадри фиццаг тугъди фæсте Мæхæмæт (ХХСУ) меккайнæгтæн дзурд равардта афæййи фæсте ами нæуæгæй фембæлун, æма сæмæ нур æнгъæлмæ кастæй. Абу Суфиан дæр е ‘фсади хæццæ Меккæй рацудæй, фал, æ хæццæ дуккаг хатт исхуæцун нæ бандеугæй, нæбал бахъæрттæй Бадрæмæ. Пусулмæнттæ сæмæ фенгъæлмæ кастæнцæ æма, ку нæ разиндтæнцæ, уæдта етæ дæр раздахтæнцæ Мединæмæ.

Нæдириттæ, сæ бунæттæй фæлледзгæй, сæхе Хайбæрмæ райстонцæ. Хайбæр адтæй хуарз федаргонд уераг горæт. Хайбæйрæгти авинсун райдæдтонцæ пусулмæнттæбæл, адæни уомæй тæрсун кæнгæй, æма сæ хъауритæ ку нæ байеу кæнонцæ сæ еумæйаг æзнаги нихмæ, уæд сæ пусулмæнттæ бунисæфт

фæккæндзæнæнцæ. Сæ радзурдти Мæхæмæти (ХХСУ) æвдистонцæ тиранæй, кæци испайда кодта динæй, куд præссугъд æмбæрзæнæй, æ хецмæр сагъæстæ царди рауадзунæн. Дзурдтонцæ, æма, дан, Мекки фалæнбулай цæрæг араббаг æзнæмти сæхецæн цагъайрæгтæ скодтонцæ, æма, Ислам ку фæууæлахез уа, уæд сæ гумеритæ дæрæнгонд æрцæудзæнæнцæ, сæхе кадæ ба сæ ковæндæнтти ихæлдздзæгти буни нигæд æрцæудзæнæй, æма сæмæ седтæнцæ сæ хъауритæ исеу кæнунмæ знаги нихмæ, сæребарæ ‘ма дин багъæуай кæнуни сæраппонд сæ хуæцæнгæрзтæ райсунмæ. Курæйшиттæ байвæрзтонцæ сæ тухæ уерæгти ‘фсади хæццæ байеу кæнун. Æгасæйдæр сæхе цæттæ кодтонцæ Мелини нихмæ балцимæ.

Мæхæмæт (ХХСУ), курæйшитти нет базонгæй, исфæндæ кодта знагæн Мелини медфедæрттæ нихкъуæрд раттун. Персайнаг Сæлман[1], кæцибæл хъæбæр æууæндтæй, баунаффæ кодта медийнæгтæн горæти федæртти фалæнбулай адагæ скъахун, фæсгони фиццаг æрбампурст бауорамунæн. æнккæт горæттæгтæ дæр къахунмæ февналдтонцæ. Зæнхæ ами доргун адтæй æма хъæбæр зин къахæн адтæй. Федар къæдзæх син нæ кумдта басæттун. Мæхæмæт (ХХСУ), сæ гъезæмараæ бафеппайгæй, æ гъæлæс донæй байдзаг кодта æма дорбæл бапурф кодта. Е дæр къæпей цæфтæй æрæгъзалдæй, æма уотемæй куст фæттагъддæр æй.

Сæлман еу устур дор басæттунбæл бæргæ архайдта, фал ин неци ‘нтæстæй. Уæд ин пахампар (ХХСУ) æ къохæй дзæбокæ райста æма и дор æртæ хатти æрцавта. И дор æртæ цирени искодта. “Ци нисан кæнунцæ еци цирентæ?”- ба ‘й фарста персайнаг. – “Фиццаг мин, – дзуапп ин равардта Мæхæмæт (ХХСУ), – игъосун кæнуй уой, æма Хуцау мæ хуæцæнгарзи дæлбарæ бакæндзæнæй Нивгун Арави; дуккаг мин игъосун кæнуй Сири ‘ма Нигулæнварс ке басæтдзæнæн; æртиккаг ба – Скæсæнварси басаст.”(Абу-ль-Фида).

Адагæ къагъд куддæр фæцæнцæ, уотæ “цæдесонтæ” дæр фæззиндтæнцæ. Курæйшитти ‘фсади нимæдзæ, кæцибæл байеу æнцæ кинæиттæ дæр, хъæрттæй

1 Сæлман адтæй Персий горæттæй еуей хецауи фурт. Берæ балцити фæсте æрбафтудæй Аравимæ. Райста Ислам, ангъос кодта Пахампарæн æ фаститæй æма æ хуæцæнгарзи кадæбæл ин архайдта.

дæс минемæ. Гæтфæниттæ ‘ма Неджи иннæ цæргутæ ба цудæнцæ сæ фæсте. Мелини фалдзостæ байдзаг æнцæ халагъодтæ ‘ма турусатæй. Сæ танхъатæ ‘ма уарттæ идардæй хормæ ærттивтонцæ. Сæ мудзуратæ, зæнхæй исæвзурæгау, гъæдау лæудтæнцæ. Сæ уиндæ пусулмæнтти зæрдити тас бауагъта. Еуетæ, сæ таси, сосæй æнгъæлмæ кастæнцæ, иннетæ ба æргомæй гъенцъун кодтонцæ. Мелини ма ци муртактæ байзадæй, етæ уайдзæфтæмæ фæцæнцæ: “Мæхæмæт нин æрæгидæр ма Хосров æма Ираклий гъæздугдзийнæдтæ иваерзта, нур ба, кæми банимæхса, уой нæбал зонуй.” Фал, Мæхæмæт (ХХСУ) æвæлмон æма сæрбонзонгæй аллихузон фаститæ лæвардта. Умм Мæктуми фурт Уомари евгет горæт ниууадзгæй, æндæфедæрттæ рахизтæй 3000 æфсæддоней хæццæ æма горæти федæрттæ ‘ма адаги ‘хсæн æрæнцадæй, цæмæй знаги ма бауадза адагæбæл æрбахезун. ”Цædесонтæ” цалдæр хатти бафæлвардтонцæ адагæбæл бахезун, фал, сæ адæнæй берети фесафгæй, фæстæмæ гæлст æрцæуиуонцæ. Горæтбæл æртеголædзийнадæ ниддæргъвæтийнæ ‘й. Æртеголæбæл 20 бони ку рацудæй, уæд “цædесонтæ”, сæ фæлварæнти æнæпайдадзийнадæ уингæй, нæбал æууæндтæнцæ уобæл, æма син бантæса Мединæмæ бампурсун æма пусулмæнтти басæттун. Се ‘стойни еувæндæ нæбал адтæй. Уомæ гæсгæ ба “цædесонтæ” сфæндæ кодтонцæ фæстæмæ раздæхун. Тухгин хонсар-скæсæйнаг дунгитæ сæ халагъодтæ рахъан кодта æма син е рæуонæ фæцæй раздæхунæн. Фиццаг фæххæлеу æнцæ уерæгтæ, уони фæдбæл ба рацудæнцæ курæйшиттæ ‘ма гæтфæниттæ дæр. Мæхæмæт дæр (ХХСУ) е ‘фсади хæццæ Мединæмæ бахизтæй. Хорискасти æ хуæцæнгæрзтæ исивардта, рæфти ба ин сæ Джæбрæил нæуæгæй райсун кодта. Мæхæмæт (ХХСУ) федеуæгæн бафæдзахста гъæр кæнун уæхæн дзурдтæ: “Ка-еу фегъоса, е исарази уæд æма изæйрон намаз исаразæд курæйзитти нихмæ” (аль-Джаннаби). Еци фæндон фегъосун гæнгæй, gахампар (ХХСУ) баунаффæ кодта Алиййи хæццæ балций фарстатæбæл, æма ецифæдбæл ранæхстæр æнцæ. Тохунмæ цæттæ кадæр адтæй, етæ æ фæдбæл рацудæнцæ. Æ рæсæнуат исаразта Дха Эна (Рæсог дони хæццæ дорин) цъаййи цори, кæци адтæй уерæгти. Хор нæма ниннигулдæй, уотæ е ‘гас æфсад дæр еу рауæн æрæмбурд æй. Иннæ бон ба курæйзиттæбæл æртеголæ ‘нцæ. Етæ

бæгъатæрæй нихкъуæрд равардтонцæ, æма цалдæр хатти сæ федæрттæй рагæлдзиуонцæ пусулмæнтти. Фал уæдмæ, сæ зæрдити тас бацудæй æма сæмæ нифс нæбал адтæй идарддæр нихкъуæрд дæттун. Æма æртеголи 25 бони сæхе пусулмæнтти амæттаг бакодтонцæ. Мæхæмæт (ХХСУ) сæ федæни гъуддаги тæрхонгæнæгæй исæвзурста аваситти эмир, Муади фурт, Саади. Саад, Мединæ гъæуайгæнгæй, уæззау цæф адтæй æма ‘й æмбурди размæ туххæй æрбахъæртун кодтонцæ. Уерæгтæ æнæстуфæй æнгъæлмæ кастæнцæ, ци син истæрхон кæндзæнæнцæ, уомæ. Æма уæд аваситти эмир дæр фегъосун кодта æ тæрхон: “Æнккæт нæлгоймæгти дæр рамарун, сæ цийæс ба син байуарун, сæ уоститæ ‘ма син сæ сувæллæнтти ба уацари ракæнун.” – “Мæнæ ‘й, Хуцауи фæндон! - фæгъгъæр кодта Мæхæмæт (ХХСУ), – аци фæндон хаст æрцудæй æвдæймаг арвбæл æма мæнæ нуртæкки Саадæн æрлæвардæй.” Уой туххæн хъурани дæр загъд цæуй: “Æма ракодта Финстæг дарæг адæни, кæцитæ ангъос кодтонцæ уонæн (гъома, гиауртæн), сæ федæрттæй син сæ зæрдити тас бауагъта; еу хай си ниццæгъддзинайтæ, иннæ хай ба уацари райсдзинайтæ.” Уотæ, 700 нæлгоймаги мард æрцудæнцæ. Силгоймæгтæ, сувæллæнттæ ‘ма курæйзиттæн се ‘гас есбон ба пусулмæнтти амæттаг бацæнцæ. Уацайрæгти ‘хсæн тæккæ præссугъддæр силгоймаг, Риханæ, Мæхæмæти (ХХСУ) бæрни лæвæрд æрцудæй. Фæстædæр е пусулмон иссæй æма ‘й, уæд, Пахампар (ХХСУ) уосагæн æрхудта.

Курæйзиттæбæл фæууæлахезæй æхсæз мæйей фæсте ба Мæхæмæт (ХХСУ) е ‘фсædтæ ракодта Лахиами фуртти нихмæ. Цæмæй сæ ædзæттæй феййафа, уой туххæй æ них саразта Сирий ‘рдæмæ надбæл, уæдта æ надæй фæселф кæнгæй, æвеппайди знаги бæрæгастæу балæудтæй. Фал, етæ куддæр фегъустонцæ пусулмæнтти рацуди туххæй, уотæ хуæнхтæмæ фæллигъдæнцæ. Уæд Мæхæмæт дæр (ХХСУ) æ них ‘саразта гætфæнитти нихмæ, кæцитæ ин æ теуатæ фæттардтонцæ, æма, сæ цийæс син байсгæй, Мединæмæ æрбаздахтæй.

Мустæликитти тухгин æзнæм æфсад æмбурд кæнуй, уой ку фегъуста Мæхæмæт (ХХСУ), уæд сæбæл æхуæдæг бампурста, сæхе син ниффедар кæнун

нæ бауадзгæй. Сæ хæццæ стугъдта аль-Мураиси[1] цъаййи рази. Мустæликиттæй беретæ фæммардæй, иннетæ ба уацари бахаудтæнцæ. 1000 теуай æма 5000 фуси пусулмæнтти амæттаг фæцæнцæ. Еци тугъди фæммæлæг эмир аль-Хариси кизгæ Джувейра пъисмой байвæрзта Сæбитæн, кæцибæл мулк иуаргæй æруадæй, е суæгъдæ кæнуни аргъ. Мæхæмæт (ХХСУ) бафиста ин и аргъ, уой фæсте ба ‘й æрхудта.

Ерууæхæни ба, и балцитæй еуеми, се ‘донуг басæттунмæ цъаййи рази ку ‘ркъупхæ ‘нцæ, уæд пусулмæнтти ‘хсæн хъаугъа райеудагъ æй. Мухадзиртæ ‘ма ансартæ фæккæрæдземæ ‘нцæ. Гурусхæгæнагæ Абдæллах, кæци ансартæй адтæй, хъæбæрдæр ма авинста адæни. Уомæ æрцудæй, æма пахампари (ХХСУ) тухxæй дæр æнæуаг дзубандитæ кæнун райдæдта æма ‘й бадæндта Мединæй ратæрун. Мæхæмæт (ХХСУ) еци хабар фегъуста. Уомар ин еци змæнтæг эмири сæр къуæрун кодта. “Æма уæд мæнæй ци зæгъдзæнæнцæ, æз мæ тугъдон æмбæлтти марун ку райдайон, уæд?” – загъта ин Мæхæмæт (ХХСУ). Абдæллахи фурт, кæдзос пусулмон, е ргом имæ раздахгæй, уотæ ку зæгъидæ: “Уæ, Пахампар, мæ фидæ дæ фегадæ кодта. Зæгъæ, æма дин æз æ сæр æрбахæссæн.” – “Ма бандеуæ тог никкалун, – дзуапп ин равардта Мæхæмæт (ХХСУ), – аргъоц æй кæнæ æма ин фурти уарзт дæттæ, кæций ду гъæуама дæттай дæ фидæн.” Еци дзурдтæ нæрæмон адæни æрсабур кодтонцæ. Абдæллах дæр æхебæл æрхудтæй æма æ рæдудбæл басастæй.

Меккæмæ фиццаг хадзи

Еудадзугдæр тохгæ ке кодтонцæ, уой тухxæй пусулмæнттæ Мекки дзиуарæй еппард адтæнцæ. Бæргæ сæ хъæбæр фæндадтæй сугъдæг бунæттæ бабæрæг кæнун, фал син уæхæн равгæ н’ адтæй. Ерууæхæни ба Мæхæмæт (ХХСУ) райста æрвистæг. Хуцау æ минæварæн байвæрзт исæнхæст кодта, уомæн æ фуни фæууинун кæнгæй: “ Сумах æнæмæнгæдæр бацæудзинайтæ тобæгонд

1 Аци цъай лæууй Хдейди территорибæл денгизæй 5 мили æма Усфанæй 24 мили дæрддзæф.

мæзгитмæ, Хуцауи ку бафæндæ уа, уæд æдасæй. Уæ сæртæ ниддасдзинайтæ æма нилвиндзинайтæ, тасдзийнадæ не ‘взаргæй. Сумах ци нæ зудтайтæ, уой Е зудта æма уой размæ ниффæткæ кодта хæстæг уæлæхез.” (48:27).

Мæхæмæт (ХХСУ) æ фуни фæууиндæ адæнæн фегъосун кодта æма сæхе сræвдзæ кодтонцæ сугъдæг бунæттæ бабæрæг кæнунмæ. Ранæхстæр æнцæ Меккæмæ. *Æ* хæццæ рацудæй, мухадзиртæ ‘ма ансарти ‘хсæн æвзурст, 1400 æфсæддони. Сæ фæсте ба цудæй, деденгутæ ‘ма сифтæй фæлунст, 70 теуай. Етæ адтæнцæ нисайнаг фонс. Фал муртакктæ исфæндæ кодтонцæ уони бауорамун. Пахампар (ХХСУ) ку базудта надбæл сæ муртакктæ ке хезунцæ, уой, уæд будур ниууагъта æма къолтæрдæмæ æ них саразта. *Æ*ррæсæн кодта Худæйбийи.[1]

Курæйшиттæ, се ‘фсæдтæ сæ фарсдарти хæццæ байеу кæнгæй, цæттæ адтæнцæ хуæцæнгарзæй бауорамун пусулмон хадзигæнгути. Тæкифитти эмир Орви сæмæ рарвистонцæ. Е син фегъосун кодта: “Курæйшиттæ сæхе фæранки цæрттæй стахтонцæ æма арви размæ ард бахуардтонцæ, ду æнæ стохгæй ке некæд бацæудзæнæ Меккæмæ, уой туххæй.” Муртакк эмир хæлардзийнади æвдесæнæн æ къох пахампари (ХХСУ) рехи рауагъта. “Кадæ кæнæ Хуцауи минæвари цæсгонæн, – æвваст ибæл фæттург кодта аль-Мугирæ, кæци Мæхæмæти (ХХСУ) цори бадгæ дæр нæ кодта, – тагъд дæ къох рандæ кæнæ, æма фæдздзебæл кæнун ма бавзараæ!” – “*Æ*ма ин, мийяг, æ цæсгон ку нæ цъæрæмухст кæнун,” – æнæмастæй ин дзуапп равардта Орвæ. Еу рæстæг фæууогæй пусулмæнтти раздзæуæги халагъоди медæг, Орвæ десгæнгæй бафеппайдта куд фурдзитæ кæнунцæ пусулмæнттæ уомæн. Мæхæмæт (ХХСУ) авдез-еу, ку скодта, уæд ин æ дон арæхстгай æрæмбурд кæниуонцæ. *Æ* сæрæй ærдо ку ‘рхауидæ, уæдта ‘й сæ къохи æхсидзгæ нилхъевиуонцæ. Е ‘мхузæнтти ‘хсæн е адтæй Хуцауи хузæн. *Æ*рвист лæг курæйшиттæн æ миссий туххæй дзуапп ку равардта, уæд ма æ дзубандибæл бафтудта: “*Æ*з фæууинæ императорти галауани дæр, фæууидтон Хосрови æ намуси тæмæни, Ираклий цезæрти сайнæг æма бонгиндзийнади ‘хсæн, фал æз некæд фæууидтон уæхæн

1 Худæйби - горæт, кæцимæн æ еу хай лæууй сугъдæг, иннæ хай ба - æнæсугъдæг территорибæл. Меккæй имæ ес еу бонцуд.

паддзах, кæцимæн сæ дæлбар адæн уæхæн кадæ кодтайуонцæ, Мæхæмætæн цæхуæн фурдзитæ кæнунцæ е ‘мбæлццæнттæ.”

Орви ранди фæсте пахампар (ХХСУ) исфæндæ кодта муртактæмæ Уомари рарветун федауни нетти хæццæ. Фал Уомар нæ бакумдта, уотæ ‘нгъæлæй, æма ин се ‘знæгтæ уайдзæф кæндзæнæнцæ тухмиутæ син ке кодта, уой тухххæй. Уæд сæмæ е дæр Аффани фурт Уосмæни рарвиста, æма ин бафæдзахста, цæмæй е курæйшитти баруагæс кæна, пусулмæнттæмæ æрмæст еунæг нет ке ес – сугъдæг бунæттæмæ хадзи скæнун. Уосмæн ин исæнхæст кодта æ фæндон, фал ин æ дзурдтæ нецæмæ ‘рдардтонцæ. “Ду дæхуæдæг, – загътонцæ ин етæ, – барвæндон дæ сугъдæг ихæс исæнхæст кæнун æма ковæндони фалдзос æрзелун.” – “Æма Хуцауи æвæндонæй æз еци ‘гъдау куд исаразон, – дзуапп син равардта Уосмæн, – цалдæн мин Хуцауи минæвар барæ ратта, уæдмæ.” Уæхæн дзуапп сæмæ хард фæккастæй æма ‘й рæхистæй сбастонцæ. Еци миуæ адæни Мæхæмæти (ХХСУ) фарс фæккодта. Æма курæйшиттæ дæр, фæттæрсгæй, Уосмæни суæгъдæ кодтонцæ. Пусулмæнттæмæ ба Сухейли рарвистонцæ сабурдзийнадæ корунмæ. Мæхæмæт (ХХСУ) исарази æй. Æма уæд пусулмæнттæ хъаугъа исистонцæ, æргомæй се ‘нæразидзийнадæ æвдистонцæ и бафедуди тухххæй. Мæхæмæт (ХХСУ) пъриказ бæргæ равардта нивондаг фонс нивгæрдун æма фæстæмæ раздæхунмæ бацæттæ кæнун, фал е ‘фсæддонтæй ин, урунг сосæй лæугæй, неке кумдта æ дзурд æнхæст кæнун. Уæд е дæр, нецибал сдзоргæй, æфсади ‘хсæнти бацудæй, нивондæвгæрдæн кард райста æма нисайнаг теуай хорхбæл æй æрбадардта. Уæдта æ сæр ниддаста ‘ма дини ‘гъдауи фæткитæ исаразта. Пусулмæнттæ дæр уæхæн гъуддаг фæууингæй, февналдтонцæ пахампари (ХХСУ) фæнзунмæ. Æгасæйдæр сæ сæртæ ниддастонцæ ‘ма авдез искодтонцæ. Дини ‘гъдау бакæнгæй, Мæхæмæт (ХХСУ) е ‘фсæдтæ Мединæмæ раздахта.

Сабурдзийнади бадзурдмæ гæсгæ меккайнæгтæ æма медийнæгти ‘хсæн дæс анзей æндæргъци гъæуама тугъд ма райеудагъ адтайдæ. Пусулмæнттæн ба алли анз дæр барæ лæвæрд цудæй хадзи скæнун сугъдæг бунæттæмæ. Фал, Каабæмæ хадзи скæнгæй, æрмæст æртæ бони син адтæй Мекки фæууни барæ.

Уобæл рахецæн æй пусулмæнтти фиццаг хадзи Меккæмæ.

Уерæгти хæццæ тугъд

Хиджри 7 анз, мухаррами мæйи, Мæхæмæт (ХХСУ) 1400 фестæг æма 200 барæг æфсæддонти сæргъи сосæгкай рацудæй Мединæй. Æвеппайди бампурста Хæими федарбæл æма ‘й байвæд байста. Уой фæсте ба æртеголæ ‘й аль-Асаби горæтбæл. Пусулмæнтти ‘фсад горæти фалæнбулайтæ ниддæræн кодтонцæ. Фал син уерæгтæ тухгин нихкъуæрд равардтонцæ. Пусулмæнттæ фæлмæцун райдæдтонцæ æнæ хæлцæ ‘ма дон гъæуагæй. Уæд Мæхæмæт (Хуцауи хуарз салам æй уæд) искувта: “Еунæхуцау, Ду уинис ци уавæри ‘нцæ, уой. Хъаурæ сæмæ нæбал ес. Æстонг æма ædонугæй мæлунцæ. Байгон син кæнæ, хæлцадæй æма гъæздугдзийнадæй идзаг, аци устур горæти дуæрттæ”(Джабер). Æ кувд гъуддагбæл фæббедтæй. Горæт ист æрцудæй. Горæти æцæгæйдæр разиндтæй берæ хæлцадæ: хъæбæрхуар æма финиктæ, царв æма муд, фусти дзогтæ ‘ма стори æргъæуттæ, хæргутæ ‘ма берæ хуæцæнгæрзтæ.

Уордæги ба Мæхæмæт (ХХСУ) е ‘фсædтæ исаразта Хайбари[1] федармæ. Еци федæрттæ арæзт адтæнцæ къæдзæхбæл æма имæ нецихузи бахезæн адтæй. Федармæ æрбаластонцæ фæрстæ буройнæгæнæн тарантæ. Пусулмæнттæ федари фæрстæ æнæрæнцайгæ æхстонцæ. Фарс фæцъцъасæ кодтонцæ. Уобæлти цалдæр æфсæддони бампурстонцæ, фал син федар байсун нæ бантæстæй. Цалдæр хатти ма бафæлвардтонцæ федар байсун, фал си неци рауайидæ. Уæд Мæхæмæт дæр (ХХСУ) пъриказ равардта хæтæлæй фæстæмæдзуд уасун. Дууæ боней æндæргъци æ халагъодæй æндæмæ нæ рацудæй. Цалдæн е федар байсуни пъланбæл сагъæс кодта, уалдæн Абу Бекр Ислами туруса æ къохмæ райста æма ‘й хуæздæр тугъдонти хæццæ федари хункъæбæл æрсагъта. Фал сæ знаг фæстæмæ рагæлста. Туруса Уомар фелваста, æма, е ‘мбæлттæмæ фæгъгъæр кæнгæй, федармæ ниййарæцæн æй. Фал е дæр, карз тохи фæсте, ледзæги

1 Хайбар - рагон дзиуиттаг æвзагбæл нисан кæнуй “федар”. Еци буат æй Мединæй цæгат-скæсæнæрдигæй, 6 бонцауей дæрддзæф.

фæцæй. “Хуцауæй ард хуæрун, – загъта син Мæхæмæт (ХХСУ), – æма исон æз аци туруса бабæгъдауонд кæндзæнæн бæгъатæрдæр лæги къохтæбæл, Хуцауи лимæнбæл æма æ минæвари уарзондæрбæл, ænæбасætгæ тугъдонбæл, кæци нæ зонуй æзнагмæ фæссонтæ бавдесун ци ‘й, уой.” Иннæ бон ба мухадзиртæ ‘ма ансартæ æртумугъ æнцæ халагъодæбæл, халæ кæбæл æрхаудзæнæй, уой базонунмæ. Алкедæр си кадæбæл банимадтайдæ уой. Нур цалдæр бони æ цæсти нези тухxæй Алий æ халагъоди бадтæй æма тухстæй, е ‘мбæлттæн ке нецæмæй фæййангъос кæнун æй æ бон, уобæл. Пахампари (ХХСУ) халагъоди цори дæр бастцæстæй балæудтæй. Мæхæмæт имæ (ХХСУ) фæдздзурдта. Алий æ цормæ бацудæй, æма ин е дæр æ цæстæ æхе листухъæй расæрфта. Рист исуагъта Алиййи. Уæхæн дессаг исдзæбæхгонди фæсте ба ин æ къохмæ туруса равардта æма ‘й знаги нихмæ рарвиста. Алий федари хункъæмæ исрæдæхстæй æма си Ислами туруса æрсагъта. Уерæгтæ ибæл æнгурфæй никкалдæнцæ, фал Алий син бæгъатæрæй нихкъуæрд лæвардта æма æ бунатæй змæлгæ дæр нæ фæккодта. Уæдмæ е ‘мбæлттæ дæр исрæдæхстæнцæ федари фæрстæмæ æма горæт байстæй. Горæти цæргутæ уацари ист æрцудæнцæ. Уацайрæгти ‘хсæн адтæй еу рæссугъд силгоймаг – Софиа, горæти разагъддæр уерæгтæй еуей кизгæ. Мæхæмæт æй (ХХСУ) æхецæн уосагæн ниббæлдат кодта, æма ин æруæди бæсти ба сæребарæ балæвар кодта.

Пахампар (ХХСУ) æма е ‘фсæддонтæ цалдæн уолæфтæнцæ фæстугъд, уалдæн син Зейнаб, Мархаби хуæрæ, кæци Алиййи къохæй фæммардæй, цæттæ кодта мælæт. Фæхсун ци аги фунхтæй, уоми марг ниггæлста æма ‘й фингæмæ бадæттун кодта. Мæхæмæт (ХХСУ) æ гъæлæси куддæр рацавта и фидизгъæлæй, уотæ ‘й фæстæмæ фентъухта æма дзоруй: “Аци фид маргæйдзаг æй”. Е ‘мбæлттæй еу, Башар, зæгъгæ, уæдмæ еу фидизгъæл ранихъуардта æма æ медбунати æ уод исиста. Мæхæмæт (ХХСУ) кæд уайтагъд фелваста æ гъæлæсæй и маргæйдзаг фид, æма æ уонтæбæл маргцъирæнтæ исæвардта, уæддæр марг æ тогмæ бахъæрттæй, æма ин æ царди бæнттæ фæццубурдæр кодта, уæдта æ рамælæти уæнгæ дæр æ бауæр хъæбæр ризтитæ бавзаридæ.

Фадаки цæргутæ сæ синхæнтти нæбал бафæнзтонцæ, æма сæхе пусулмæнтти

бærни бакодтонцæ. Уой фæсте ба Мæхæмæт (ХХСУ) е ‘фсæдтæ Вади аль-Курамæ[1] исаразта. Еци бунæтти цæргутæ нæ бакумдтонцæ сæхе раттун æма сæбæл уæд пусулмæнттæ дæр бампурстонцæ. Саст æрцудæнцæ, æма цæргути уацари ракодтонцæ.

Уордæги рацæугæй ба истугъдтæнцæ Ватиш æма Салалеми федæрттæбæл. Еци балцити Мæхæмæт (ХХСУ) байахæста уерæгти тухгиндæр позицитæ.

Пахампари æрвистæгтæ

Мæхæмæт (ХХСУ) е ‘фсади хæццæ Мединæмæ кадæй æрбаздахтæй. Минкъий фæстæдæр ба Абиссинийæй æрбахъæрттæнцæ Тælиби фурт Джафар æма иннæ лигъдæг адæн.

Мæхæмæт (ХХСУ), уерæгти ниппурхæ кæнгæй, араббæгти байеу кодта æма алли ‘рдæмæти минæвæрттæ рарвиста, кæцитæн ихæс адтæй уонæн се ‘ргом Исламмæ раздахун.

Минæвæрттæ кæмæ рарвиста, уонæй сæ фиццаг адтæй Хосров, Персий сах. Уозафи фурт Абдæллах имæ æууæнкдари грамотæ равардта. Сах тælмацгæнæгмæ фæдздзурдта, цæмæй ин æрвистæг бакæса. Æрвистæг райдæдта уæхæн дзурдтæй: “Мæхæмæт, Хуцауи Минæвар, Хосровмæ, Персий сахмæ.” Уæхæн дзурдтæ хард фæккастæнцæ паддзахмæ. Уомæ дæр æ размæ ældареуæггæнгути бонгиндзийнадæй хъæрттæй æма ин гъулæг адтæй, кедæр ном æ номи разæй ке лæудтæй, е. И финстæг æрбайста æма ‘й ракъуæхтæ гæнгæй, дзоруй: “Куд æндеуй цагъар æ хецаумæ уотæ финсун?” Еци дзурдтæ исæмбæлун кодтонцæ Мæхæмæтæбæл (ХХСУ). “Хуцау ин, – зæгъта пахампар (ХХСУ), – æ паддзахадæ нийдзæхсæн кæндзæнæй гæппæлгай.”

Хосров ниффинста Баданмæ, Нивгун Аравий æ бундарæвардмæ, пъриказ ин ратгæй, цæмæй имæ тагъд рæстæгмæ, Хиджази провинций æхе пахампар ка

1 Вади аль-Кура - нисан кæнуй “горæтти будур”. Аци бууат уотæ уомæн хундтæй, æма берæ горæттæ ‘ма гъæутæ си ке адтæй. Лæууй Хайбарæй Сирий ‘рдæмæ 2 бонцауей дæрддзæф.

схудта, еци “сæргъæни” куд æрбарвета. Бадан Мæхæмæтмæ (ХХСУ) дууæ федоги рарвиста. Федогтæ зирзиргæнгæй æ рази балæудтæнцæ, сахи бундараеварди пъисмо имæ равардтонцæ æма и ‘рвистæги медес ин балæдæрун кæнуйнаг адтæнцæ. Фал син е не скадæ кодта уойбæрцæ, цæмæй син сæ дзурдмæ байгъоса. Еци ‘хсæвæ имæ нирвист киндæй æргомæг, кæцими дзурд цудæй Хосрови марди туххæй æ фурти къохæй. Рагисон ба Мæхæмæт (ХХСУ) федогтæмæ фæдздзурдта æма син хабар фегъосун кæнгæй, загъта: “Зонетæ уой, æма мæн дин æма мæн паддзахадæ исхездзæнæй уæхæн бæрзæндтæмæ, ци бæрзæндтæмæ исхистæй Хосрови паддзахадæ. Цотæ, зæгъетæ Баданæн, æма ин æз приказ дæттун Ислам куд райса.” Федогтæ рандæ ‘нцæ æма Баданæн рахабар кодтонцæ ци ‘рцудæй, уой. Цалдæр боней фæсте ба æхуæдæг дæр Ширавайхæй пъисмо райста, кæцими хабар цудæй æ фиди мæлæти туххæй, æма абонæй фæстæмæ куд нæбал гъигæ дара пахампари. Йемени бундараеварди десæн кæрон нæбал адтæй æма æ цори ци персайнæгтæ адтæй, уони хæццæ пусулмон дин райста.

Ираклий ба адтæй дуккаг паддзах, кæмæ рарвиста æ минæвар. Дахиа имæ равардта æууæнкдари грамотæ. Цезæр æй байаргъоц кодта, уæдта и ‘рвистæг бакастæй, кæци райдæдта уæхæн дзурдтæй: “Дуйней Скæнæг Еунæхуцау, табу Дæхецæн! Мæхæмæт, Абдæллахи фурт, Хуцауи Минæвар, ромаг император Ираклиймæ, салам.” (Ахмед бен Юсуф). Ærвист лæг ин æ цæмæдесдзийнадæ ку бафсаста, уæдта ‘й фæстæмæ гъæздуг лæвæртти хæццæ рарвиста.

Мæхæмæт (ХХСУ) минæвæрттæ ма рарвиста Мисир[1] æма Абиссинимæ. Аци паддзахæдти бардартæ бавдесæн кодтонцæ Мæхæмæт (ХХСУ) Хуцауи пахампар ке ‘й, уобæл, æма пусулмон дин райстонцæ.

Фæстаг бардар, минæвæрттæ кæмæ рарвиста, уонæй адтæй аль-Мундар, Бахрейни паддзах. Е ælдареуæг кодта Персайнаг бакælæни билгæрæнттæ райтигъд паддзахади. Уола имæ амистоли æрвистæг равардта æма е дæр, цитгин каст æй бакæнгæй, райста Ислам. Æ паддзахади цæргутæ дæр, уой

1 Мисир - нуриккон Египет.

бафæнзгæй, пусулмон дин райстонцæ.[1]

Дуккаг хадзи Меккæмæ

Сабурдзийнадæ æрфедар æй Мелини. Уерæгтæ сæ сæр схъел кæнун нæбал æндиудтонцæ. Мелини фалдзос бунæтти цæрæг араббæгтæ еугурæйдæр се ‘ргом раздахтонцæ пусулмон динмæ. Æма, уæхæн рæстæгæй испайда кæнуни туххæй, Мæхæмæт (ХХСУ) исфæндæ кодта дзиуарæ бунæттæмæ хадзи ‘скæнун. Е зу-ль-каади мæйи ранæхстæр æй Мединæй. Æ фæдбæл цудæнцæ хотухгин æфсæддонтæ æма фиййæуттæ, сæ разæй деденгутæй фæлунст нисайнаг фонс скъæргæй. Уæхæн эскорти хæццæ Мæхæмæт (ХХСУ) нифсардæй дзиуари зæнхæбæл. Ковæндонæмæ цитгин цуд бакæнгæй, сау дорæн раба кодта, дзиуарæбæл æрзилдæй, бабæрæг кодта ас-Саф æма аль-Мерви къолтæ, уæдта раседтæй Ибрæгими дзиуари дуари размæ намаз искæнунмæ. Æртæ боней æндæргъци, дини фæткитæмæ гæсгæ, æгъдау кодта, уæдта, нисайнаг фонс нивгæрдгæй ба, фæстæмæ раздагъдæнцæ. Меккæй 6 милей дæрддзæф исаразтонцæ сæ рæсæнуат. Горæт ба æдзæрæг байзадæй. Фулдæр адæн сæхе хуæнхтæмæ райстонцæ. Пусулмæнттæн æнцонтæй бæргæ адтæй горæт байсун, фал Пахампар (ХХСУ) æ бадзурд фехалун нæ бакумдта.

Мекки байст

Тагъд рæстæги курæйшиттæ сæхуæдтæ фехалдтонцæ пусулмæнтти хæццæ Худæйбий бадзурд. Етæ Ислам райсæг кузæиттæмæ бампурстонцæ, æма уæд æнккæт пусулмæнттæ дæр сæ тохæн гæрзтæмæ бавналдтонцæ.

Хиджри 8-аг анз, рамадани мæйи 10-аг бон, Мединæй Мекки ‘рдæмæ рафецаудта цалдæр миней бæрцæ пусулмæнтти æфсад. Размæ куд цудæнцæ, уотæ сæ нимæдзæ фулдæрæй фулдæр кодта. Курæйшитти цалдæр отряди

1 Аль-Мундар фæстæдæр устур фæууæлахездзийнадæ ‘рхаста персайнæгтæбæл.

Хæлиди надбæл ærлæудтæнцæ, кæци адтæй фарсдарти балхон, æма сæбæл фатдзагъд искодтонцæ. Хæлид дæр сæбæл е ‘фсадæй никкалдæй æма сæ фæлледзæги кодта. Горæти федæртти уæнгæ сæ фæссурдта. Мæхæмæт (ХХСУ), еци гъуддаг бафеппайгæй, фæгъгъæр кодта: “Уо, уæлæрвтæ! Ци уинун? Миййаг, бардзурд нæ равардтон, цæмæй маке ‘стоха” Хæлидмæ уайтагъд рарвистонцæ пахампари (ХХСУ) бардзурд, цæмæй тогниккалдæй æхе хеза. Рамадани 21 бон, майрæнбон, пусулмæнтти ‘фсад æнæ къулумпигондæй цуппарæрдигæй бацудæнцæ Меккæмæ. Горæти цæргутæн нæдæр сæ хæдзæрттæмæ неке бампурста, нæдæр син сæ мулк неке байста.

Мæхæмæт (ХХСУ) Абу Бекри хæццæ хъадиртæбæл бадгæй бафецаудтонцæ æгас горæтбæл Кааби ‘рдæмæ, æма ибæл авд хатти æрзилдæй, уæдта, æрфестæг кæнгæй, дууæ зæнхоггун кувди ин ракодта. Зæмзæми донæй баниуазта, уæдта бардзурд равардта, цæмæй Кааби фалæнбулай цидæриддæр гумерий ес, етæ пурхæгонд куд æрцæуонцæ. Æхуæдæгга сæмæ бацудæй æма сæбæл лæдзæгæй хуайунбæл балæудтæй, уотæ дзоргæй: “Зæгъæ: Уацæг æрбацудæй æма мæнгæ нæбал фæззиндзæнæй æма нæбал æрбаздæхдзæнæй.” (3:48).

“Уацæг æрбацудæй æма мæнгæ фесавдæй, уастæн, мæнгæ исæфагæ ‘й!” (17:83).

Ковæндонæ ку байгон кодтонцæ, уæдта Мæхæмæт (ХХСУ) медæгæй си цидæриддæр гумеритæ адтæй, уони ракалун кодта, уæдта фæрстæбæл финститæ ‘ма силгоймаги[1] хузтæ нийхалун кодта. Ибрæгим æма Измæили хузтæ фæууингæй, кæцими æвдист цудæнцæ ирисхъи фæттæ сæ къохи даргæй, пахампар (ХХСУ) фæгъгъæр кодта: “Æнамонд муртактæ! Нæ кадгин фидтæлти нин сæ мæнгæууæнкæмæ гæсгæ исхузæ кодтонцæ. Ци ес еумæйагæй Ибрæгим æма Измæилæн ирисхъи фæтти хæццæ?” Æрмæст уой фæсте бацудæй ковæндонæмæ, дзоргæй: “Хуцау тухгин æй...”. Намаз искодта дууæ хатти раковгæй, уæдта Кааби къæсæрæй æхе бахатта Мекки цæргути æмбурдмæ: “Ес æрмæст еунæг Хуцау. Е исæнхæст кодта æ байвæрзт æма æ цагъаræн

1 Араббæгтæ уотæ ‘нгъæл адтæнцæ,æма изæдтæ Хуцауи кизгуттæ ‘нцæ, æма сæ æвдистонцæ силгоймаги хузи æма син хуцæутти цитæ кодтонцæ.

фæййангъос кæнунмæ ‘рбацудæй. Æрмæст еунæг Е фæууæлахез æй ‘знаги æфсадбæл. Е мин равардта сумахæн сæргъеуæг кæнун æма мæ минæвардзийнадæй испайда кодта, цæмæй сумах муртакк дин рагæлдзун кæна.” Пахампар (ХХСУ) рафедеудта, Хуцау син ке ниттæрегъæд кодта, уой тухххæй, æма уой фæсте ба кинæ хадт ке не ‘рцæудзæнæй. Муртакк дзиуари лæгти привилегитæ раййивта, æрмæст сæбæл ниууагъта Каабæ гъæуай кæнун æма хадзигæнгути донæнхæстæй даруни ихæс. Муртактæ æнгурфæй цудæнцæ Меккæмæ æма уасхо лæвардтонцæ Пахампарæн (ХХСУ).

Меккæ пусулмæнтти къохи бафтуйгæй, Мæхæмæт (ХХСУ) нæ байзадæй уоми æрцæрунмæ, æма 15 боней фæсте æрбаздахтæй Мединæмæ. Ардæги минæвæрттæ рарвиста хæстæг паддзахæдтæмæ, цæмæй етæ дæр Ислам райсонцæ. Иран æма Византий паддзахæдтæ ин дзуапп нæ равардтонцæ, Аравий ци минкъий ælдарæдтæ адтæй, уони бардартæ ба равардтонцæ Ислам райсуни аразий дзуапп.

Пахампари фæстаг бæнттæ

Дууæ анзей фæсте Мæхæмæт (ХХСУ) 10000 фæдоней хæццæ ранæхстæр æй Меккæмæ. Е адтæй æ фæстаг хадзи. Арафати хонхæй е рафедеудта пусулмæнттæмæ æ Фæндарасти Уойсат, кæци фæцæй уæхæн дзурдтæй: “Æз уæ уадзун Хуцауи Киунугæ æма æ пахампари Сунни хæццæ. Уо, адæн, æрбайгъосетæ мæ дзурдтæмæ. Зонетæ, æма пусулмæнттæ æнцæ еу æнсувæйрадæ.” Еци файтæгъдау уой фæсте исхудтонцæ “Фæндарасти хадзи”.

632 анз, 26 маййи Мæхæмæт (ХХСУ) балæгъуз æй. Æ сæри ризтитæ райдæдтонцæ æма ибæл резæнгæ бацæфстæй, фал æхе дзæбæх кæнун нæ уагъта, кæд ухери кодта, уæддæр. Ædасæй æнгъæлмæ кастæй мæлæтмæ æма æвæлмонæй бийнонти хæццæ æ мардæвæруни гъуддæгтæбæл унаффæ кодта. Еу ба æ хæстæгутæ, гъенцъун кæнгæй, æрæмбурд æнцæ сæйги уæлгъос. “Хуцауи минæвар, – фæрсуй æй сæ еу, – мах дæу ку фесафæн, уæд ма ка аргъаудзæнæй

дæу туххæй?” – “Мæ бауæр мин ку нихснайтæ,- дзуапп син равардта е, – уæд мæ гебунти батохдзинайтæ æма мæ æривæрдзинайтæ цирти билæ, кæций искъахдзинайтæ нур ци рауæн дæн, уоми. Уой исæнхæст кæнгæй æндæмæ рахездзинайтæ, æма мæ еунæгæй ниууаддзинайтæ. Исаргъаунмæ мæбæл ка ‘рбацæуа, уонæй фиццаг уодзæнæй Джæбрæил, мæ хуарз лимæн. Уой фæдбæл ба – Михæил. Уони фæсте ба Езраил æ легионти хæццæ аргъаудзæнæй мæ цирти уæлгъос. Еци аргъуд фæууодзæнæнцæ иннæ изæдтæ, æрвон æфсади сæргъи лæугæй. Еци фæстаг ихæс мин ку раттонцæ етæ, уæдта сумах къуæрттæй æрбацæудзинайтæ фæстаг салам мин раттунмæ æма рохсаг зæгъунмæ. Корун уи, æма еци салам абони мæ хæццæ кæци ‘мбæлттæ нæййес, уонæн дæр ратдзинайтæ. Есун уæ æвдесæнæн, æма, Тæрхони Бони агъоммæ Ислам ка райса, уонæн мæ зæрдæ уой ке зæгъуй.” (Аль-Джаннаби)

Еу минкъий рæстæгмæ Пахампар (ХХСУ) æхе хуæздæр фенкъардта. 8 июни сæумон намазмæ дæр рацудæй. Абу Бекри цори батгæй ма цубур дзубанди дæр ракодта, мæрдтæн ци ‘нгъезуй æма ци не ‘нгъезуй кæнун, уæдта дини фæткити туххæй. Еци бон Мæхæмæт (ХХСУ) рацох æй æ уосæ Айшай къохти. Хор куддæр ранигулдæй, уотæ ‘й Мадини, Айшай авари астарди бун, байвардтонцæ. Нур еци рауæн лæууй мæзгит.

Пахампари (ХХСУ) фæсмæрдæ фиццаг хæлифæй исæвзурстонцæ Абу Бекри. Горæтбæл куддæр райгъустæй Пахампари (ХХСУ) мæлæт, уотæ адæн нирдеуагæ кодтонцæ: пахампар нæбал æй, зæгъгæ! Адæн фæсонт æнцæ. Нæ си ‘руагæс кодта æ мæлæт. Уæд Абу Бекр рацудæй адæнмæ æма дзоруй: “Хуарз адæн, кæд сумах Мæхæмæтмæ кувтайтæ, уæд æй зонетæ, æма Мæхæмæт рамардæй. Фал кæд сумах Хуцаумæ кувтайтæ, уæдта ‘й зонетæ, æма Хуцау æгас æй æма некæд рамæлдзæнæй.”

Пахампари фæлгонц

Абу-ль-Фидæ ал Табари нин ниууагъта Мæхæмæти (ХХСУ) уиндæ ‘ма

характери ærфинст æ фидинсувæри фурт Алиййи дзурдтæй:

Мæхæмæт (ХХСУ) асæй адтæй рæстæмбес: нæдæр бæрзонд, нæдæр ниллæг. Æ цæсгон адтæй уорс-сурхгомау, æ цæститæ - сау, æ дзиккотæ – бæзгин, ærттевагæ, хъæбæр рæссугъд. Дардта бæзгин рехæ. Æ даргъ дзиккотæ ин æ усхъитæ æмбарзтонцæ. Сæ хузæ адтæй сæнт сау. Æ цуд ба уæхæн рæуæг адтæй, æма уотæ кастæй, цума æ алли ампъези дæр зæнхæй фæххецæн уидæ, æма зæнхæбæл æгириддæр нæбал æræнцайидæ. Фал æ цуди хецмæрдзийнадæй æппундæр неци адтæй. Æ цæсгони ба уойбæрцæ фæлмæндзийнадæ адтæй, æма имæ адæймаг кæсунæй дæр не ‘фсастæй. Æстонг лæг имæ ку бакæсидæ, уæд æй æ губун дæр феронх уидæ. Ухейраг æ мæгурбæнттæ феронх уидæ. Кадæр æй фæууидта, етæ ‘й фæззæгъиуонцæ, æма нæдæр раздæр, нæдæр фæстædæр, некæд исæмбалдæнцæ уæхæн адæймагбæл, кæций хæццæ дзубанди кæнун уотæ æхцæуæн уидæ. Æ фий адтæй æррæстæ, æ дæндæгутæ – æстæн. Рæстæгæй рæстæгмæ æ дзиккотæ уагъд фæууиуонцæ, хатгай ба сæ дууæ, кенæ цуппар цопалемæй бабæттидæ. 62 анздзудмæ æ сæри уорс гъун æппундæр н’ адтæй.

Мæхæмæтæн (ХХСУ) ærдзæй рахæсгæ адтæй æ зунд. Адтæй мадзора, фулдæр рæстæг ærвиста æдзæмæй. Æ цæсгон алкæддæр фæууидæ æвæлмон. Æ нихас – æхцæуæн, æ уагæ – сабур. Алкæмædæр рæстдзæстæ дардта – хæстæгмæ, æцæгælонмæ, тухгинмæ æма æвæлгъазæмæ. Некæд некæмæ байилгъ кодта æ мæгурдзийнади туххæй æма некæд неке рази æркъолæ кодта æ сæр сæ гъæздугдзийнади туххæй. Æ хæццæ ка фæдздзоридæ, уомæ уалгæдзонæй байгъосидæ æма æ бунатæй некæд исистадæй фиццаг. Еске ин æ къох ку райсидæ, уæд æ къох нæ райсидæ, цалдæн саламдæттæг райстайдæ æ къох фæстæмæ, уæдмæ. Æ тугъдон æмбæлтти аræх бабæрæг кæнидæ æма сæ лæмбунæг фæффæрститæ кæнидæ сæ гъуддæгтæбæл. Аræх фæббадидæ афтед зæнхæбæл. Арт дæр æхуæдæг фæккæнидæ æма æхе къохæй фæххинцидæ е ‘уазгути. Уойбæрцæ хæзнати хецау уогæй, ænауæрцæй сæ байуаридæ æма æ хæдзари ба дардта ærмæст хумætæг æма гъæугæ дзаумæуттæ. Ан-Навави хадисти æмбурдгонди Мæхæмæти (ХХСУ) дуккаг уосæ Айша уотæ дзоруй, æма етæ, фæууидæ уотæ, дугай мæйтæ фæууиуонцæ ænæ цирагъи рохсæй, уæдта ци

бахуардтайуонцæ, е дæр нæ фæууидæ. Цардæнцæ финиктæ ‘ма донæй. Хатгай ма еци диетæбæл бафтуййидæ медийнæгтæ син ци сæгъи ‘хсир æрбахæссиуонцæ. Айша уотæ фæззæгъидæ, æма Хайбари размæ е нæ зудта финиктæй хе бафсес кæнун ци ‘й, уой. Уæхæн мæгурдзийнадæ сæмæ адтæй алкæддæр. Пахампари (ХХСУ) авари тухæй Уомар уотæ дзоруй: “Æз бафеппайдтон æ авари цийесæй æрмæст бæгъдулд цари æртæ тæгæли æма къуми хъæбæрхуари армидзаг, æма си æндæр нецибал иссирдтон. Æз никкудтæн, æма мæ уæд е фæрсуй: “Цæбæл кæуис?” Æз имæ дзорун: “Уа, Хуцауи минæвар! Исковæ, цæмæй дин Хуцау фагæ хæлцæ ратта. Æцæг дин кæмæ нæййес æма Хуцаумæ ка нæ ковуй, еци персайнæгтæ ‘ма ромæгтæ сæ паддзахти дарунцæ аразгæ цæугæдæнтти хæццæ рæзбунти, Хуцауи ‘взурст пахампар æма æновуддæр цагъар ба цæруй уæхæн мæгурдзийнади.” Пахампар (ХХСУ) æ базбæл æнцойнæ кодта, фал мин мæ дзурдæ ку райгъуста, уæдта рабадтæй æма дзоруй: “Уæ, Уомар! Нурмæ дæр ма гурусхæ кæнис, мийяг. Кæд æма аци мæнгæ дуйней рæуæг æма æнцондзийнадæй æцæг дуйней рæуæг æма æнцондзийнадæ берæ хуæздæр æнцæ. Гиауртæ аци дуйней хуарз дзаумæутти хайяæй сæхе ерхæфсунцæ, махæн ба еци дзаумæуттæ фæстауæрцæгонд æнцæ федæнмæ.”

Еухатт Айшай бафарстонцæ пахампари (ХХСУ) хуссæндзаумæутти тухæй. “Е адтæй, – дзуапп син равардта Айша, – финикбæласи цъæрттæй идзаг гобан.”

Лæвæрттæ ку райсидæ Мæхæмæт (ХХСУ), уæд сæ алкæддæр мæгурти ‘хсæн байуаридæ, æхецæн æппун неци ниуадзгæй.

Æ мæлæти бон дæр Мæхæмæт (ХХСУ) æнæйесбон адтæй. Адтæй имæ æрмæст авд динари, фал уони дæр æ рамæлæтмæ æртæ боней агъоммæ байурста.

Кæд æма æхсæнади бæрзонд къæпхæнбæл лæудтæй, уæддæр æхуæдæг фемпъозидæ æ дзаумæуттæ, æ къахидарæс æхуæдæг фæццалцæг кæнидæ, уæдта сæгъæ дæр æхуæдæг дугъта.

Еу гъæуи ин пусулмæнттæ, цитæ кæнгæй, фестиуонцæ, фал сæ æхуæдæг

нæбал уагъта уотæ кæнун. Еухатт имæ ænæзонгæ иуазæг æрбацудæй æма, æ фур æфсæрмийæй, зирзир кодта. Уæд æй Мæхæмæт (ХХСУ) æхемæ æрбахæстæг кодта, æма ин æ усхъæ æрхуайгæй, дзоруй: "Ме 'нсуваер, де 'муод æрцо, æз æрмæст сор къæбæр ка хуардта, уæхæн силгоймаги фурт дæн."

Æ дессаги уездондзийнади бæрæггænæнæн æрхæссун ænгъезуй хецауеуæг куд кодта, уой. Æ фæдонтæ цæттæ адтæнцæ æ фæдбæл цæун, фал син е уотæ дзурдта, æма цæун гъæуй уой фæдбæл нæ, фал Хуцауи фæдбæл.

Уотæ 'й фæззæгъиуонцæ, æма е иннæ адæнæй бæрзонддæр адтæй цуппар гъуддагемæй: сæрбонзонгæдзийнади, таукелдзийнади, тох кæнун зонундзийнади, киндзæхсæвæри парахатдзийнади. Мæхæмæт (ХХСУ) арæх фæдздзоридæ, æма, дан, Хуцау адæймаги нивæн исфæлдиста дууæ гъуддаги: силгоймæгти æма хуæрздæфагитæ. Мæхæмæтæн (ХХСУ) адтæй 15 уоси æма 12 хъумайаги. Æнккæт уоститæй, мисийраг Мæрийæй уæлдай, кæцимæй ин адтæй еу фурт, æрмæст Хадиджа ин нийердта сувæллæнттæ. Уомæй ин адтæй 4 фурти – аль-Касим, ат-Тайиб, ат-Тæхир æма Абдæллах (æгасæйдæр æвзонгæй рамардæнцæ); уæдта ин адтæй 4 кизги - Зейнаб, Рукай, Умм Кульсут æма Фатимæ (æгасæйдæр лæгмæдзуд адтæнцæ). Фал, æрмæст Фатимæ байзадæй æ рамæлæти фæсте.

II. Ци 'й Ислам

Ислам араббаг дзурд æй æма нисан кæнуй "арази, игъосун, коммæ кæсундзийнадæ". Куд дин, уотæ Ислам дæмуй алкæмæй дæр Хуцаумæ игъосун, æ коммæ кæсун æма æ фæндонбæл арази ун.

Ислам æй æппæтдуйнеуон дин, кæций Хуцау равардта ænккæт адæнæн. Уæллаг рафедеудта: "Уастæн, Хуцауи размæ дин Ислам æй", "Дини ка нæ агоруй Ислам, уомæй ист не 'рцæудзænæй æма æ фæстаг царди уодзænæй зæран ка баййафта, уони хигъди." Уомæй нин Хуцау игъосун кæнуй æцæг дин æрмæст Ислам ке 'й. Е арази нæй ændæр динбæл, æма æрмæст пусулмæнттæн

байгон уодзæнæнцæ дзенети дуæрттæ, Ислами надбæл ка нæ рацудæй, етæ ба зиндони ухери кæндзæнæнцæ æносидæр. Уой туххæй ænккæт пахампартæ дæр бавдесæн кодтонцæ сæ аразидзийнадæбæл Хуцауи размæ æма се ‘вуддзийнадæбæл, æгас адæн сæмæ ке нæ байгъустонцæ, уой туххæй.

Ислам æй универсалон дин, кæций нисан æй Ислами уæхбæл адæймаги исаразун æма исæндедзун. Алли адæймаг дæр, кæцимæ Ислами фæлхæнтæй хъæртуй, цийфæнди рассæй дæр æма адæмихаттæй дæр уа, нимад цæуй пусулмонбæл. Хъуранмæ гæсгæ, алкæци рæстæги дæр адтæй уæхæн раст æма коммæгæс адæймæгутæ, кæцитæмæ хъæрттæй еци фæлхæнтæй, æма етæ æгасæйдæр адтæнцæ ‘ма æнцæ пусулмæнттæ. Хуцау ци Ислами хæццæ рарвиста Мæхæмæти (ХХСУ), е æй тæккæ æнхæстдæр дин, кæци хъæртуй царди аллихузон фæззелæнтæбæл. Сугъдæг Хъурани загъд цæуй: “Абони æз фæддæн сумахæн уæ дин, æма сумахæн фæддæн Мæ рæдаудзийнадæ, æма сумахæн динæн равзурстон Ислам.”

Ислами дин æй æууæнкæ (иман) æма дини фæткитæ æнхæст кæнуни (ислам) æмеудзийнадæ, уæдта зæрдеген æма хуарздзийнæдтæ аразун, дини ихæстæ æнхæст кæнгæй (ихсан).

Æууæнкæ (аль-Иман)

Æууæнкæ (иман) æй Пахампари (ХХСУ) хæццæ аразидзийнадæ Еунæг Хуцауи туххæй нин цидæриддæр фегъосун кодта, уонæбæл. Æууæнкæ дех кæнуй 6 бундорон хаййебæл: Хуцаубæл æууæнкæ, æ изæдтæбæл, æ Киунугутæбæл, æ минæвæрттæбæл, Тæрхони Бонбæл, хæдздзегондбæл æ хуарз æма æ фуди хæццæ.

1. Хуцаубæл æууæнкæ

Æууæнки фиццаг бундорон хай Хуцаубæл æууæнкæ æй. Хуцаубæл æууæнки медес уой медæги ‘й, æма алли пусулмон дæр æууæндуй Хуцау ке ес, уобæл.

Хуцау Ууон æма Унæг æй, æма Ин æмбал нæййес. Е æй æносон, нæ Ин ес нæдæр райдайæн, нæдæр байдауæн. Е æй Цардæгас æма æнæмæлгæ. Е некæд фесавдæй æма некæд фесæфдзæнæй, некæд ниййердта æма некæд райгурдæй. Æ ундзийнади, æ уæхи æма æ гъуддæгти Е лæууй æнккæт æнæнгъæйлæгтæ ‘ма къулумпийæгти нихмæ. Нæййес неци Уой хузонæн. Е нæдæр бунат гъæуагæ, нæдæр исфæлдесæг гъæуагæ æма нæдæр неци гъæуагæ ‘й. Нæ фал, алцæйдæр гъæуй Уæллаг, Алцийигъосæг, Алциуинæг, Алцизонæг, æууæндгутæмæ уодибæсти фæззиннæг Хуцау. Нæ ин ес нæдæр кæрон, нæдæр сорæт. Е æй Алцæмæй Тухгиндæр, фуд æма хуарз Аразæг дæр, фал фудмæ æмхец нæй æма нæ Уарзуй фуддзийнадæ. Дуйнебæл алцидæр Уой бæрни ‘й, æма неци гъуддагæн æрцæуæн ес æнæ Уой фæндæй æма æнæ Уой зундгондæй. Е уæлеуæг кæнуй алцæбæл дæр æма Е ‘сфæлдистбæл ауодуй. Е æй Еунæг исфæлдесæг, дуйнебæл цидæриддæр ес, уой ка исæнтæста, кæций хигъди æй адæймаг дæр æма адæймаг цæмæй цæруй, е дæр. Е æй адæни Еунæг Уацæг Паддзах (Мæлек) æма Тæрхонгæнæг (Хаким). Е адæнæн бахатуй куд сæ хуарз гъуддæгтæ, уотæ сæ тæрегъæдтаг миутæ дæр. Фал адæнæн Е æй Барагæ, Уодайагæ æма Уодибæстæгун.

Хуцауи алли уагæ дæр æй æносон æма нециаваер цæрæгоййи уаги хузæн æй. Æ зонунадæ адæймаги зонунади хузæн нæй. Æ гъосдард адæймаги гъосдарди хузæн нæй. Æ цæстæнгас адæймаги цæстæнгаси хузæн нæй. Æ уарзт, æ хуæрзцæстædард æма æ маст нæ ‘нцæ адæймаги уарзт, хуæрзцæстædард æма масти хузæн. Уомæн нæййес бæрæгбунат æма бæрæгфарс. Дуйнетæбæл Е æй аллирдигæй дæр æма алли рауæн дæр. Е не ‘ндæрхузон кæнуй рæстæги æма ‘Й рæстæг дæр не ‘ндæрхузон кæнуй. Хуцау æй ænaййеп, æгириддæр Имæ нециаваер аййепдзийнадæ ‘ма къæндзийнадæ ес.

2. Изædтæбæл æууæнкæ

Æууæнки дуккаг бундорон хай ба изædтæбæл (миля ‘ика) æууæндун æй.

Изædтæбæл æууæндуни медес уой медæги ‘й, æма алли пусулмон дæр ædæуццаг уа изædти ундзийнадæбæл.

Изædтæ ænцæ Хуцауи цитгин æма аргъоц косгутæ, æ фæндон ænхæстгæнгутæ, Етæ хуæргæ дæр æма ниуазгæ дæр нæ кæнунцæ, нæ син ес ærдæ дæр. Сæ бауæр æй талас (фæлмæн) æма фæлдист ænцæ рохсæй, дзинтæ ба – артæй. Изædтæ цæрунцæ уæларв, Хуцауи трони цори æма Ин арфитæ зарунцæ. Æнцæ ænætæрегъædгун æма æновудæй ковунцæ Хуцаумæ. Етæ æристунцæ раст лæгмæ, адæни гъæуай кæнунцæ æма пахампартæн игъосун кæнунцæ Хуцауи дзурдтæ. Адæни гъуддæгтæ феппайунцæ æма, ци ‘саразтонцæ ‘ма ци гъæуама исаразтайуонцæ, еци гъуддæгтæ син финсунцæ. Адæймаги фæсмæрдæ, æ Тæрхони сахати, изædтæ фæуунцæ æ цори. Етæ ænцæ дзенети (аль-джанна) æма зиндони (джаханнам) гъæуайгæнгутæ ‘ма бардартæ. Хуцауæй ændæр син неке зонуй сæ нимædзæ. Изædтæ рамæлунцæ æма райгас унцæ Исændедзæн Бон.

Изædтæ дех кæнунцæ цалдæр къæпхæнебæл. Тæккæ бæрзонддæр лæуунцæ мукаррибунтæ (ærбахæстæггондтæ), кæцитæ лæуунцæ Хуцауи трони фарсмæ. Изædтæй Хуцаумæ сæ тæккæ хæстæгдæр æй Джæбрæил (Гавриил), кæци игъосун кæнуй Хуцауи ærгомæгтæ æ Пахампартæ ‘ма Минæвæрттæн. Уой фарсмæ ба лæуунцæ Микал, кенæ Микаил (Михаил). Е дзуапп дæттуй ærдзæбæл. Хуцаумæ иннæ уæхæн ærбахæстæггонд изæд – Исрафил ба, адæнтæ ‘ма дуйнети карни тухxæй, Хуцауи фæндон бакæсуй æма раттуй иннæ изædтæмæ, æма сæ етæ ба ænхæст кæнунцæ. Æ сæйрагдæр атрибут хæтæл æй, кæций хæццæ некæд цох кæнуй, еудадзугдæр цæттæ уогæй мæрдти Исændедзæни тухxæй рафедеун. Е ма дзенети бардуаг дæр æй. Изæд Мæлек ба æй зиндони гъæуайгæнгути сæрдар æма Арт гъæуайгæнæг. Хуцаумæ хæстæгдæр лæууæг изædтæй ма еу æй Израил, мæлæти идауæг, кæцимæн бæгъдауонд æй рамæлгути уодтæ æмбурд кæнун. Изædти ‘хсæн ма берæ ес, ændæр ихæстæ кæбæл ес, уæхæнттæ.

Ибилис, кенæ Сайтан, æй æруадзгæ изæд, кæци иссæй Хуцауи ‘знаг æма

уæларвæй сурд æрцудæй. Æма е дингæнгути сæ раст надæй фесинмæ сайуй. Пусулмони аргъуд арæх уой нихмæ тобæ кæнунæй райдайуй: “Хуцауæй корун, æма мин дортæй хуаст Ибилиси нихмæ фæййагъаз кæнæд”. [А ‘узу би Ллахи мин аш-Шайтани р-раджим].

3. Киунугæбæл æууæнкæ

Æууæнки æртиккаг бундорон хай ба Киунугутæбæл æууæндун æй. Киунугутæбæл æууæндундзийнади медес уой медæги ‘й, æма пусулмон æууæндуй Хуцаумæ ке ес Киунугутæ, кæцити нирвиста æ Минæвæрттæмæ. Еци киунугути нин Хуцау амонуй æ фæндитæ ‘ма тобæгæндтæ. Киунугутæ æнцæ Хуцауи дзурд, кæци æй уас уацæгадæ.

Хуцау æрæрвиста Киунугутæ æргомæгти хузи. Еци Киунугутæмæ хаунцæ Торæ, Мусайæн лæвæрд, Псалтир, Дауитæн (Давид) лæвæрд, Евангели, Исайæн лæвæрд æма Хъуран, Мæхæмætæн лæвæрд – Хуцауи хуарз салам сæ уæд. Еци Киунугутæмæ хаунцæ, аци цуппар киунугей агъоммæ лæвæрд, тухтонитæ (свитоктæ) дæр. Фал си тæккæ ахсгиагдæр æма цитгиндæр ба æй Сугъдæг Хъуран, кæци æхецæй раййевуй раздæриккон Киунугутæ æма æ ахсгиагдзийнадæ рахæсдзæнæй Исæндедзæни Бонмæ.

4. Минæвæрттæбæл æууæнкæ

Æууæнки цуппæраймаг бундорон хай Минæвæрттæбæл æууæндун æй. Æ медес уой медæги ‘й, æма пусулмон æууæндуй, етæ Хуцауæй æрвист ке ‘нцæ, уобæл.

Хуцау адæнмæ рарвиста минæвæрттæ – нæлгоймæгтæ, уадзæфтаунмæ, рæстаг адæнмæ – хæзнай лæваræн, тæрегъæдгун адæнмæ ба – æфхуæрд ке ‘рцæудзæнæнцæ, уобæл сæ бакайун, уæдта адæнæн, сæ царди медæги ‘ма дини гъуддæгти ци кæнун гъæуй, уой байамонунмæ. Минæвæрттæ адæни ‘хсæн

уацæгади федеугутæ ‘нцæ. Етæ адæни хуæздæртæй æнцæ. Уонæй 25-ей туххæй загъд цæуй Сугъдæг Хъурани. Етæ æнцæ:

Адам (*диг.* Атан), Нох (*Нух, Ной*), Худ, Сælих, Ибрæгим (*Ибрахим, Авраам*), Лутъ (*Лот*), Измаил (*Исмаил*), Исхахъ (*Исаак*), Йахъуб (*Иаков*), Йусуф (*Иосиф*), Аййуб, Шуэйб, Муса (*Моисей*), Харум (*Харун, Аарон*), Зуль-Хъæрнейн, Дауит (*Дауд, Давид*), Сулейман (*Соломон*), Елиа (*Ильяс, Илия*), Аль-Ясаа, Йунус (*Иона*), Зæкæрийæ, Ехиа (*Яхья, Иоан Креститель*), Иса (*Иисус,* диг. Есо), Мæхæмæт (*Мухæммæд*) – Хуцауи хуарз салам сæ уæд.

Пусулмон гъæуама æууæнда æнккæт Пахампартæ ‘ма Минæвæрттæбæл, æнæ еске си фæййеппард кæнгæй. Уæдта ма ‘й æ зæрдæбæл уой дарун дæр гъæуй, æма Мæхæмæт пахампар (ХХСУ) æй пахампарти Мухур, уомæн æма уой фæсте еунæг пахампар дæр нæбал адтæй æма нæбал уодзæнæй. Иннæ пахампартæй уæлдай, кæцитæ æрвист адтæнцæ ци адæнæй рацудæнцæ, уонæмæ, Мæхæмæт (ХХСУ) æрвист адтæй æнккæт адæнтæмæ.

Пахампарти фæсте адæни хуæздæрти хуæздæртæ ба æнцæ Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) федеугутæ. Уонæй адтæнцæ цуппар рæстаг хæлифи: Абу Бекр, Уомар, Уосмæн æма Алий – Хуцау си исарази уæд.

5. Тærхони Бонбæл æууæнкæ

Æууæнки фæндзæймаг бундорон хай ба æй Тærхони Бонбæл æууæнкæ. Тærхони Бон æй æверхъау бон, уодхайраграг бон, аллихузон æвеллон гъуддæгтæй идзаг, кæцитæй сабийтæ уорсалистæ фестунцæ. Тærхони Бонбæл æууæнки медес уой медæги ‘й, æма пусулмон æдæуццаг æй Исæндедзæн Бон Еунæхуцау мæрдтæй ке фестун кæндзæнæй адæни æма сæ еу рауæн ке æрæмбурд кæндзæнæй, уобæл. Е къантар æривæрдзæнæй æма райдайдзæнæй адæни гъуддæгтæ барун. Сæ рази æвæрд æрцæудзæнæй киунугутæ, кæцими финст уодзæнæнцæ, куд сæ хуарз гъуддæгутæ, уотæ сæ тæрегъæддзийнæдтæ дæр. Уой фæсте ба ин цæугæ уодзæнæй зиндони сæрти уагъд хедбæл, кæци

ærдойæй нарæгдæр æма кардæй циргъдæр æй. Хуцауи фæндонмæ гæсгæ еуетæ бахездзæнæнцæ и хедбæл, иннетæ ба ниххаудзæнæнцæ зиндони артмæ, æма уоми уодхар кæндзæнæнцæ.

Пусулмон гъæуама зона ‘ма æууæнда уобæл, æма Мункар æма Накири[1] æрфарст мæрдти бæсти уацæг æй, уæдта уацæг æй фæсмæрдæ æнцойæадæ ‘ма уодхар, уæдта уацæг æй Тærхони Бон адæни æрæмбурдконд, уæдта уацæг æй рамæлæг адæнæн истærхонгонд æма сæ сæрбæлдзурд.

6. Ирисхъæбæл æууæнкæ

Æууæнки æхсæзæймаг хай æй Ирисхъæбæл æууæндундзийнадæ. Æ медес уой медæги ‘й, æма пусулмон гъæуама æууæнда а дуйнебæл цидæриддæр цæуй, цийфæнди хуарз дæр æма фуд дæр, уой хигъдæн адæни гъуддæгтæ дæр, етæ æгасæйдæр цæунцæ Хуцауи фæндæй, Уой бæлвурдгондæй æма арæзтæй. Исфæлдист æма исбæлвурдгонд Хуцауæй лæвæрд æнцæ, æ дæлбареуæггæнгутæн сæ архайд ба сæхе æвзурст æй. Еци дууæ гъуддаги цæунцæ еци еу рæстæги. Е уотæ ку нæ адтайдæ, уæд пахампарти мисси дæр æма Киунугути ‘рвист дæр неци пайда адтайуонцæ. Æма уæд нæ адтайдæ, нæдæр аргъгонд кæмæн æрцудайдæ, нæдæр бафхуæрун ке гъудайдæ, уæхæн адæймаг.

Ислам æй æнæ мифологи ‘мхæццæ дин. Æ ахур æй хумætæг æма лæдæрд. Уоми нæййес бунат мæнгæууæнкæ ‘ма иррацианалон цæстæнгасæн. Хуцауи Еудзийнадæ, Мæхæмæти (ХХСУ) пахампардзийнадæ, рамæлæти фæсте царди идейæ – æнцæ Ислами ахсгиагдæр медес.

Ислами нæййес динкосгути иерархи, æримист абстракцитæ, вазуггин æгъдæуттæ ‘ма фæткитæ. Алке бон дæр æй Хуцауи Киунугæмæ æррæстæ бацæун æма æ кæрнитæ царди рауадзун. Ислам райгъал кæнуй адæймаги

1 Мункар æма Накир - дууæ изæди, кæцитæ рамæлæги сæ ингæни æрфæрсунцæ сæ гъуддæгтæбæл. Рæстагмæ нæ бавналунцæ, зулуни ба фæннæмунцæ.

хуæрзсагъæстæ, æ ацъагъуæй пайда кæнунмæ седгæй. Е ибæл æууæндуй æма ин Хъуран дæттуй намаз кæнуни фаститæ. “Уа, Еунæхуцау! Раттæ мин зонундзийнæдæ.” (20:114). Хъурани загъдæуй: зонундзийнадæ кæмæ нæййес, уой бон, е кæмæ ес, уой хæццæ æхе рабарун нæй. (39:9). Уæдта ка нæ уинуй æма ка нæ лæдæруй, е фонсæй фуддæр æй (7:179), уæдта æргомæги медес лæдæрд æрмæст уомæн фæууй, кæмæ “фæууй зонундзийнадæ” (6:97) æма “ка лæдæруй” (6:98), уæдта “кæмæн лæвæрд æнцæ зонундзийнæдтæ, уастæн, е æй устур гъæздугдзийнади хецау” (2:269), æма æгас цæрæгойти, зонундзийнæдти фæрци, æрмæст адæймаг лæууй изæдтæй бæрзонддæр æма зæнхæбæл æй Хуцауи иваерд бардар. Ислами пахампар (ХХСУ) уотæ загъта:

“Æ хæдзарæ зонундзийнæдтæ агоруни туххæй ка ниууадзуй, е Хуцауи надбæл цæуй.”

“Зонундзийнæдтæ агорун алли пусулмонæн дæр ихæс æй.”

“Зонундзийнæдтæ есетæ, уомæн æма, уони ка райсуй Хуцауи надбæл, е келбетгун æй: зонундзийнæдтæ ка райуаруй, е битир бадæттуй, аннемæн сæ ка раттуй, е ба Хуцауи размæ æфсапæ бакосуй.”

Уотæ, Ислам адæймаги ракæнуй мæнгæууæнкæ æма талингæдзийнадæй зонундзийнадæ ‘ма рохс дуйнемæ.

Ислам – практикон дин æй, кæцими нæййес бунат уæгъдæ æма æнæпайда расæгъæс-басагъæстæн. Ислам æууæнкæ сагъæсти хумætæг фæткæ нæ‘й, фал æй царди сæйрагдæр сауæдонæ. Раст уагахаст гъæуама Хуцаубæл æууæнки фæдбæл цæуа.

Хъурани загъдæ уй: “Ка æууæндуй æма раст гъуддæгтæ ка аразуй, уонæн – цийнæ æма æнцондзийнади хæдзарæмæ раздæгъдæ” (13:29).

Ислам нæ хецæн кæнуй материалон æма монон цард. Цардæй хе еппард кæнунбæл нæ лæууй, фал уой æнхæст кæнунбæл, Ислам адæймагæй нæ дæмуй аскетизм, хе рауодуæлдай кæнун, фал æй цийфæнди зин рæстæгути дæр Хуцауи надæй нæ рахезун дæмуй, æма ин уомæй ангъос кæнуй царди гургъахъ

фæндæгтæбæл хезун.

Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) уотæ загъта: “Адæни зæрди ка цæруй æма æгас зиндзийнæдтæн дæр ка гæдзæ кæнуй, еци пусулмон хуæздæр æй æхсæнадæй ка ледзуй æма æнæрæстдзийнадæ ниууодæнсун ке бон нæй, уомæй.”

Ислам уотæ зæгъуй, æма а дуйнебæл алцидæр адæймагæн æй, фал адæймаг æхуæдæг ба цæруй бæрзонддæр нисанæн: Хуцауи фæндон æнхæстгæнæг монон рæстадæ фæткæвæрд исæвæрунæн.

Ислам адæймагæй дæмуй æ уод искæдзос кæнун, уæдта æ албойнон цард раййевун, æма уæлдæр исивæрун: рæстадæ – тухæдзийнадæй, келбетдзийнадæ – аййепдзийнадæй.

Ислам нин амонуй астæуккаг над, кæци кæнуй адæймаги кетар* арæзтадæмæ.

Ислам дзуапп дæттуй царди алли фарстайæн дæр. Аразуй адæймаг æма æхсæнади ‘хсæн рахастдзийнæдтæ. Ислам æууæндуй адæймаги баргъондзийнадæбæл, уæдта нимайуй, æма Хуцауи размæ алли адæймаг дæр æрмæст æхе тухæй дзуапп дæттуй. Ислам еппард кæнуй уæхæн цæстæнгас, кæцимæ гæсгæ адæймаг фесафуй æ индивидуалондзийнадæ æхсæнади æма паддзахади. Хъурани загъдæуй:

“Адæймаг цæмæ бæллуй, уомæй æндæр æй неци фæууодзæнæй.” (42:30).

“Адæнмæ ци ес, уой Хуцау не ‘ййевуй, цалдæн етæ сæхуæдтæ нæ раййевонцæ, ци сæмæ ес, уой.” (13:11).

Ислам интернационалон æй. Уомæн æнккæт адæн дæр æнхузæн æнцæ. Е æхе хатуй адæймаги ‘гъдаумæ æма еппард кæнуй расси аллихузон къохдзæгтæ, æхсæнадон æма социалон дехдзийнадæ.

Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) уотæ загъта: “Уæллаг цидæриддæр исæнтæста, е æй Хуцауи бийнонтæй, æма Ин Е сфæлдесæндтæ ка бауарза, фулдæр уой бауарздзæнæй.”

---

* Кетар - смысл, порядок; осмысленный, упорядоченный.

III. Ислами бундортæ

Ибæдат

Араббаг дзурд *ибæдат* равзурстæй *абд*-æй (*цагъайраг*) æма нисан кæнуй дæлбареуæг кæнунадæ.

Хуцау æй сумах Хецау, сумах ба – æ цагъартæ, æма цагъайраг æ дæлбардзийнади цидæриддæр кæнуй æ Хецауи æхцæуæнæн, е æй *ибæдат*.

Ислами ибæдати концепци вазуггин æй. Зæгъæн, дæ нихас фæливд æма дирзæгдзийнадæй ку кæдзос кæнай, раст æма æхсидзгонæй ку дзорай æрмæст уой туххæн, æма Хуцауи уотæ фæндуй, уæд е æй ибæдат.

Ести ку архайай, цæмæй къæбæри фагæ бакосай æма, уой хæццæ ба, Хуцауи закъонæй нæ райеуварс кæнай, уæд е дæр ибæдат æй.

Уотæ, Хуцауи тасæй хуарздзийнадæ ку аразай, æма хе ку хезай аллихузон тæрегъæддзийнæдтæ аразунæй, уæд æнхæст кæнис Ислами ихæстæ. Уой медæги ‘й *ибæдати* медес, гъома, Хуцауи дæлбар бакæнун дæхе æма де ‘гас цард дæр Ислами æгъдаубæл исаразун. Уотемæй, ибæдат æй бундор, кæцибæл лæууй Ислами азгъунст.

Ислам лæууй æууæнки фондз бундоребæл:

1. Шахада (Шæхадæтэйн) – Хуцауи Еунæгдзийнадæ æма Мæхæмæт æ Пахампар æма Минæвар ке ‘й, уой туххæй бавдесæн кæнун.
2. Намаз (ас-Салят) – Хуцаумæ ковун.
3. Битир (Закят) – седзæртæ ‘ма мæгурти пайдайæн дæттун.
4. Уораза (ас-Сæум) – рамадани мæйи ‘ндæргъци ком дарун.
5. Хадзи (Хæдж) – Мекки дзиуари бунæттæ бабæрæг кæнун.

1. Шахада.

Шахада хонæн æвдесæн: “Нæййес Хуцау Еунæхуцауæй æндæр, Мæхæмæт ба

– æ Пахампар.” [Ля иляхæ илля-Ллаху Мухæммæдун рæсулуллах].

Алли пусулмон дæр гъæуама зона аци æвдесæн æма æ хæццæ уа арази. Уой медес ка нæ лæдæруй æма æ хæццæ арази ка нæй, етæ ба ‘й ку дзоронцæ, уæддæр син неци фæппайда уодзæнæй. Хуцауæй æндæр ма ескæмæ ка ковуй, е гиаур æма муртакк æй.

“Ля иляхæ илля-ЛЛах” нисан кæнуй, æма мах зонæн æма æдæуццаг ан Хуцауи Еудзийнадæбæл. Мах арази ан уобæл, æма æрмæст Уомæй арæзт цæуй нæ цард æма мæлæт, æма æрмæст Е зонуй, махæн ци ‘й хуарз æма лæгъуз, уой. Æрмæст Уомæ гъæуама ковæн æма Уомæн дæлбареуæг кæнæн, æрмæст Уомæ æнгъæлдзау уæн æма æрмæст Уомæй гъæуама тæрсæн, æрмæст Уомæ гъæуама нæхе хатæн æма æрмæст Уомæй гъæуама корæн æнхус, уæдта æрмæст Уой номи хæццæ æма Уой сæраппондæн гъæуама бавналæн алли гъуддагмæ дæр.

“Ля иляхæ илля-Ллах” нисан кæнуй уой, æма мах арази ан уацæг ældареуæгдзийнадæ æма бардардзийнадæ æрмæст Уой бæрни ке ‘нцæ, уобæл. Æрмæст Уой бон æй закъонæвæрæгæй ун æма адæймаги царди рæстмæгæнæг фæткитæ ‘ма нормитæ æвæрун.

“Ля иляхæ илля-Ллах” нисан кæнуй, æма нин Е куд исбæрæг кодта ци ‘нгъезуй æма ци не ‘нгъезуй, уой гъæуама æнæмæнгæ æнхæст кæнæн.

“Ля иляхæ илля-Ллах” нисан кæнуй уой, æма мах кæд æцæгæй лæдæрæн уой медес, уæд уæхæн хатдзæгмæ æрцæудзинан, æма Хъуран æма Суннæ æнцæ адæймаги амонди еунæг бундор.

Ковунæн ес берæ хузтæ. Уонæй сæ еу æй – корун, Хуцаумæ хе бахатун фæййангъос кæнунмæ. Æрмæст Хуцауи бон æй фæййангъос кæнун, е уарун корун уа, кенæ уæззау сæйги исдзæбæхдзийнади туххæй, е сувæллони райгурди, кенæ дæ уод фæййервæзун кæнуни туххæй корай. Дæ монцтæ исæнхæст кæнуни туххæй æрмæст Хуцауæй корун æнгъезуй. Цардæгас, кенæ рамæлæг исæнтæсæгæй ка коруй æнхус, е ба гиаур æма гумеритæмæ ковæг æй. Хъурани загъдæ уй: “Æма загъта уæ Хецау: “Седетæ Мæнмæ, æз уин дзуапп ратдзæнæн; уастæн, Мæнмæ ковунбæл ка устурзæрдæ кæнуй, е æноси дæр

зиндони амæттаг фæууодзæнæй.” (40:62)

Уæллаг нин фæдзæхсуй, цæмæй нæ кувди пахампартæй дæр æма изæдтæй дæр маци корæн, уомæн æма æрмæст Хуцауи бон æй курдиат исæнхæст кæнун: “Зæгъæ: Седæ, Уомæй æндæр ке ‘рфедар кодтай, уонæмæ: уони бон дæ фудæй бахезун æма дæ цард раййевун нæй!” “Ковуни бунæттæ Хуцауæн æнцæ, уомæ гæсгæ ба Хуцауæй æндæр макæмæ седетæ!”

Ковундзийнадæмæ æрмæст намаз нæ хауй, фал ма уасхæ, тобæ хаст æма фиртон фæлдесун. Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) уотæ фæззæгъидæ: “Хуцауæй уæлдай æндæр ескæмæн ма косарт ка иснивонд кæнуй, уой Хуцау ралгъиста.” Адæймаг уотæ ку зæгъа: “Мæн ескæмæн ести битир раттун гъæуй, кенæ ин ести ‘скæнун гъæуй” – уæд е æй *ширк* (муртаккдзийнадæ), уомæн æма е исæнтæсæгæн дзурд лæвæрд æй, кæци дæттун æнгъезуй æрмæст Хуцауæн. Дзурд дæтгæй уотæ зæгъун гъæуй: “Хуцауæн табу уæд, кенæ Хуцауи ку фæндæуа, уæд еци мæгурæн гъæуй фæййангъос кæнун, кенæ ба, Хуцауæн табу уæд, ести мæбæл ку ‘рцæуа, уæд Хуцауи фæндæй уомæ естæмæй фæккæсун гъæуй.”

Ковуни æндæр хузæ ма æй фæййангъос кæнунмæ седун, корун. Æнхус корун æнгъезуй æрмæст Хуцауæй. Хъурани загъдæуй: “Дæумæ ковæн æма Дæуæй корæн æнхус!” Мæхæмæт (Хуцауи хуарз салам æй уæд) уотæ загъта: “Мæнæй ма коретæ æнхус, фал Хуцауæй коретæ.”

Не ‘нгъезуй рамæлæг адæймагмæ ковун æма си æнхусдзийнадæ корун, бардарæг, кенæ пахампар ку уа, уæддæр. Хуцауæй æндæр некæмæн неци базонæн ес, æма неке бон неци ‘й. Æнæ Хуцауи фæндæй неке неци базондзæнæй. Уотæ ка зæгъуй, æма, базонæн кæмæн нæййес, уой зонуй, зæгъгæ, уæд е гиаур æй. Уони развæлгъаузагъдбæл не ‘нгъезуй æууæндун. Уой туххӓй Пахампар уотæ загъта: “Фæрсгæ ка кæнуй, кенæ кæлæнтæгæнæгмæ æхе ка бахатуй æма сæбæл ка бауӱендуй, етæ гиауртæ исунцæ.”

Хуцаумæ ковуни æндæр хузтæ ма æнцæ: æнгъæлцадæ, аразидзийнадæ, зæрдæдарундзийнадæ. Адæймаг æ зæрдæ дара æма æнгъæлдзау уа æрмæст

Хуцаумæ. Мæрдтæй некæд неци корун æнгъезуй, уомæн æма æрмæст Хуцау дæттуй фæййангъос кæнуни туххæй ескæмæ хе бахатуни барæ. Пусулмон мæнæ уотæ гъæуама кора Уæллагæй: "Еунæхуцау, корун Ди æма мæ сæрбæл исдзорæ Дæ минæвæрттæ 'ма кегъæрети размæ." Фал уотæ дзорун ба не 'нгъезуй: "Уæхæн æма уæхæн, мæ сæрбæл исдзорæ." Уæллаг нин фегъосун кодта: "Хуцауи бæрни 'й сæрбæлдзоруни гъуддаг. Уой бæрнæхсти 'нцæ арв дæр æма зæнхæ дæр, æма уой фæсте сумах дæр Уомæ раздæхдзинайтæ." (39:45).

Минæвæрттæ 'ма растилæгти уарзун уой нæ амонуй, æма сæмæ ковай, фал уой амонуй, æма дæ цард уони рахастбæл аразай. Æцæг пусулмон пахампарти æма растлæгти уарзуй, фал сæмæ ковгæ ба нæ кæнуй.

Æвдесæн "Мæхæмæт – Хуцауи минæвар æй" нисан кæнуй уой, æма Мæхæмæт æй адæнмæ Хуцауи 'рвист Пахампар, Хуцауи цагъар. Уомæн ковун нæ гъæуй, фал æ хæццæ арази ун гъæуй æма æ фæдбæл цæун гъæуй. Пахампари хæццæ арази ка 'й, е дзенетæй хайгин уодзæнæй, ка не 'сарази уа уобæл, е ба зиндони амæттаг фæууодзæнæй.

Æма уæд уотæ 'вдесæн ку кæнай: "Нæййес Хуцау Еунæхуцауæй æндæр, Мæхæмæт ба – Æ Минæвар," уæд æй зонæ: е æй Ислами дæгъæл æма бундор.

2. Намаз (*Салят*).

Ислами бундортæй дуккаг бунати ба лæууй *намаз*. Намаз æй адæймаг пусулмон динмæ хаст ке цæуй, уой бæрæггæнæн. Адæймаг пусулмон æгъдаумæ гæсгæ æхе араздзæнæй, æвдесдзæнæй, хæсдзæнæй пусулмон ном, фал намаз ба нæ кæндзæнæй, уæд еци адæймаги пусулмон схонæн нæййес.

Уой туххæй Хуцау Хъурани уотæ зæгъуй, æма пусулмонæн намаз кæнун бардзурдæй лæвæрд æй, æма 'й фæлгъауй цийфæнди уавæри дæр е 'хæс æнхæст кæнун. Кæнун æй гъæуй еудадзугдæр æма рæстæгмæ, алкæддæр æма алкæми дæр. Цийфæнди зин уавæри дæр пусулмон адæймаг уæгъдæгонд нæ цæуй намаз кæнунæй. Намаз не 'скæнунæн æрмæст еунæг уавæр хатиргонд цæуй – уаддзуг

ун.

Хуцау зæгъуй: “Уастæн, намаз дингæнгутæн бæгъдауондгонд æй, уæдта бæрæг-бæлвурд рæстæги.” (4:103).

Ескæци намаз ку райевгъауай, уæд æй уой фæсте банхæст кæнун гъæудзæнæй.

Намаз пусулмæнттæн бæгъдауондгонд бацæй Мæхæмæт (Хуцауи хуарз салам æй уæд) æхсæйвон балций ку адтæй уæлæрвти (миъраж), уæдæй ардæмæ. Фиццаг ин Хуцау байхæс кодта сутки 50 намази кæнун. Уæдта сæ, Пахампари (Хуцауи хуарз салам æй уæд) курдиатмæ гæсгæ, фæкъкъаддæр кодта фондзей уæнгæ. Фал, еци фондз ка ‘нхæст кæнуй, уонæн нимад цæунцæ 50 намазебæл.

Фиццагидæр, адæймаг цæбæл дæтдзæнæй дзуапп Тæрхони Бон Хуцауи размæ, е уодзæнæй намаз. Уой хæццæ ба ма намазгонди хинцгонд цæудзæнæй цалдæр ахсгиаг уавæри: Хуцауи туххæй намазгонд зæрдегенæй цудæй, æви нæ; намазгæнæг фудмиуæ æма фудконд гъуддæгтæй æхе хизта, æви нæ.

Хуцау æ финстæги зиндони уодхаргæнгути туххæй уотæ зæгъуй: “Ци уæ ‘рбакодта зиндонмæ? Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Мах н’ адтан намазгæнгути æмрæнгъæ, некæд бахуæрун кодтан мæгуræн, æрмæстдæр сæ медæхсæн læфицъæ гæнгути хæццæ læфицъæ кодтан, æма Тæрхони Бон ба мæнгæбæл нимадтан.” (74:43-47).

Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) уотæ зæгъидæ: “Адæймаги æнæууæнкæй намаз хецæн кæнуй.”

Цæмæй Хуцаумæ кувдæуа, уой туххæй адæймаги гъæуй:

1.Æнæмæнгæй æууæндун Хуцаубæл æма æ Минæварбæл, æма син фурдзитæ кæнун. Æма намаз ка нæ кæнуй, е пусулмон нæй.

2.Байлæгъ ун. Ци сувæллæнттæ нæма рабайлæгъ æнцæ, гъома, биццеутæй 14, кизгуттæй ба 12 анзи кæбæл нæма исæнхæст æй, уонæбæл намаз кæнуни ихæс нæййес. Уогæ сæ 7 анздзудæй æнгъезуй минкъийгай намазбæл ахур кæнун.

3.Æ зунд æхемæ куд уа. Зундгъæуагæбæл намаз кæнуни ихæс нæййес.

4.Силгоймаг гъæуама уа мæйонтæй кæдзос, уæдта фæсæвгъæдæ æхе скæдзос кæна.

5.Райгурцæй хъæрæу æма къуру ихæсгун нæ ‘нцæ намаз кæнун.

Намаз кæнуни уавæртæ

Цæмæй намаз искæнай, уой туххæй гъæуй 5 уагæвæрди исæнхæст кæнун. Еци уагæвæрдтитæй, равгæ дин уогæй, æрмæст еу си æнхæстгонд ку не ‘рцæуа, уæд и намаз нимади нæ уодзæнæй.

1.Авдез (*ат - тъæхарæ*)

Намаз искæнуни сæйрагдæр уагæвæрд æй *авдез.* Авдез нисан кæнуй хе скæдзос кæнун, хе æрæхснун. æнæ авдез искæнгæй не ‘нгъезуй намаз кæнун райдайун. Мæхæмæт Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) уой туххæй уотæ загъта:

“Авдез – намази дæгъæл æй.”

“Авдез – дини еу хай æй.”

Хъурани ба загъдæуй:

“Хуцау кæдзос адæн уарзуй.” (9:109)

“Уæ, ка баууæндтæй! Намаз кæнунмæ ку ‘рлæууайтæ, уæд уæ цæсгон æма уæ къохтæ арми уæнгæ æрæхснетæ, уæ сæр уомæл сæрфт ракæнетæ æма уæ къæхтæ фадигъолти уæнгæ нихснетæ.” (5:6)

Хуцауи Минæвар ма уотæ зæгъидæ:

“Авдез ка не ‘скодта, уомæй намаз нæййес æма, авдез кæнгæй, Хуцауи ном ка не ‘ссирдта, уомæй авдез нæййес.”

Авдез фæууй дууæ хузи: медæгон æма æндагон.

Медæгон авдез æй уод искæдзос кæнундзийнадæ. Медæгон авдез багъæуй ести тæрегъæддзийнадæ ‘рхасти фæсте, ести фудконд миуæ ракæнуни фæсте. Æма уæд, уод искæдзос кæнунæн, багъæуй æрхаст тæрегъæддзийнадæбæл

басæттун (*мауба*), искæдзосгæнæн гъуддæгтæ исаразун (*каффæра*) æма хуæрзæгъдаугинæй цæрун.

Æндагон авдез ба нисан кæнуй бауæр, хъæппæлтæ, къахидарæс, хæдзари дзаума, медхæдзарæ кæдзос кæнун æма кæдзосæй дарун.

Æндагон авдез арæзт цæуй цалдæр хузи кæдзосгондæй: а) æнхæст авдез (*гъусуль*); б) цубур авдез (*уудуʼ*), кæци арæзт цæуй намази хуæдразмæ; в) зменсæ, дор,кенæ хурæй авдез (*тайæммум*), кæци арæзт цæуй донцох рауæн; г) дæндæгутæ кæдзос кæнун (*тасвик*); д) хе гъудий рацуди фæсте донæй æрæхснун (*истинджа*); е) хъæппæлтæ ‘ма къахидарæс æхснун æма кæдзос кæнун (*масх*).

Авдези ‘гъдаумæ ма хауй хæдзари бафснайун, къостæ æхснун, цъумур рауæнтæ нихснун æма марди ниртайун.

а) Æнхæст авдез (*аль - гъусуль*).

Гъусли аразун гъæуй ести цъумурдзийнадæ скæнгæй, уæззау фæссади фæсте, идард нади фæсте, фæскуст, хæдзари берæ рæстæг ку нæ уай, уæдта бæрæгбæнтти, уоразай, мæзгитмæ цæуни размæ, æма æнд. у. Гъусли аразгæй меднимæр дзорун гъæуй кувди формулæ, кæци æй æнхæст авдез скæнуни нет æвдесæг. Гъуслий рæстæги не ‘нгъезуй æндæр гъуддæгтæбæл сагъæс кæнун.

<u>Æнхæст авдез аразуннцæ уæхæн фæткæвæрдæй:</u>

1. Сагæхти ‘хсæн донæй æрæхснунцæ.
2. Цубур авдез искæнунцæ – *уудуʼ*, къæхтæ нæ нихсгæй.
3. Сæрбæл дон никкæнунцæ æма ‘й æрсæрфунцæ.
4. Дон æркæнунцæ æма сор ниссæрфунцæ гури рахес фарс – къохтæ, суйнæ, къæхтæ.
5. Дон æркæнунцæ æма сор ниссæрфунцæ гури галеу фарс – къохтæ, суйнæ,

къæхтæ.

6. Еу ма хатт æрæхснунцæ бауæр.
7. Дон æркæнунцæ æгас гурæбæл дæр.
8. Къæхтæ нихснунцæ фадигъолти уæнгæ.

б) Цубур авдез (*ууду'*).

Цубур авдез арæзт цæуй намази хуæдразмæ. Авдез кæнунмæ 'сбадун фæгъгъæуй кæдзос бунати æма, æрмæст хе скæдзос кæнуни тухæй сагъæс кæнгæй, зæгъун: "Дуйнейскæнæг Еунæхуцау, табу Дæхецæн" [Бисми Ллахи р-рæхмани р-рæхим].

Цубур авдез аразунцæ уæхæн фæткæвæрдæй:

1. Къохтæ нихснунцæ.
2. Гъæлæс донæй æртæ хатти равгъæзунцæ.
3. Донæй æртæ хатти ракæдзос кæнунцæ фиййи цъæсгитæ.
4. æртæ хатти æрæхснунцæ цæсгон.
5. Рæмбуни къæдзи уæнгæ къохтæ нихснунцæ.
6. Тæрнихæй мæкъурæрдæмæ уомæл сæрфт ракæнунцæцæ сæр.
7. Устур æма амонæн æнгулдзитæй еу хатт донæй расæрфунцæ гъости медæгæ 'ма сæ фæсте.
8. Еу хатт уомæл сæрфт æркæнунцæ хъури бунтæ.
9. Къæхтæ нихснунцæ.

Авдез гæнгæй гъæуй байаргъаун мæнæ уæхæн кувд:

"Æвдесæн кæнун: нæййес Хуцау Еунæхуцауæй æндæр, æма æвдесæн кæнун: Мæхæмæт - æ цагъар æма æ Минæвар. Еунæхуцау, искæнæ мæ ковæг æма мæ

искæнæ æвдесæг.”

[æшhæду æн ля иляхæ илля-Ллаhу уæ æшhæду æннæ Мухæммæдæн ‘абдуhу уæ рæсулюhу. Аллаhуммæ дж’ælьни мин æт-тæууабинæ уæ дж’ælьни мин æль-мутатъahhиринæ].

Авдез кæнгæй не ‘нгъезуй еске хæццæ дзубанди кæнун. Нæ фæткæуй: æртæ хаттемæй фулдæр æхснун æрдон оргæнтæ; цъумур рауæн хе ‘хснун, цæмæй цъумур цъæппитæ ма никкæнай дæ бауæр, кенæ дарæсбæл; фур берæ ’нгъæвзун гъæлæс уораза даргæй, цæмæй дон ма ранихъуæрай.

Авдезгонд нимад нæ цæуй ранимад уавæрти:

1. Авдези фæсте хе гъудий рацæун, кенæ газтæ рауадзун.
2. Бауаддзуг уогæй.
3. Фунæй конд, бадгæй ку ‘ррæхцай, уомæй уæлдай.
4. Силгоймаги игон бауæрбæл бандзæвгæй (силгоймагæн ба нæлгоймаги бауæрбæл бандзæвгæй).
5. Æрдон оргæнтæбæл бамбæлгæй.

Ранимад гъуддæгтæй си ескæци авдези фæсте ку ‘рцæуй, уæд фæгъгъæуй нæуæгæй авдез скæнун.

2.Кæдзос дарундзийнадæ.

Намаз искæнуни дуккаг уагæвæрд æй кæдзос дарундзийнадæ. Намазгæнæгæн æ бауæр, дарæс æма ковæн бунат кæдзос гъæуама уонцæ. Цъумуртæмæ хаст цæунцæ: донихулуй, фагус, уомдзæгтæ, тог, хуæдмæл, хæфæ, хъуæлæг айкæ, уæдта сæнæ, арахъ, бæгæни æма æндæр уæхæн карз ниуæзтæ. Уомæй уæлдай ба ма цъумуртæбæл нимад æнцæ, ци фонси фид хуæрун не ‘нгъезуй, уони ‘хсир.

Ранимад цъумуртæ бауæрбæл, дарæсбæл, кенæ ковæн бунати ку уонцæ, уæд намазгонд нимад нæ цæуй.

3.Намаз рæстæгбæл кæнун.

Æртиккаг уагæвæрд æй намаз бæрæг-бæлвурд рæстæгбæл кæнун.

1). Сæумон намаз. Райдайуй бон ку рацъæх уй, уæд, æма фæууй хорискасти.

2). Рæфтон намаз. Райдайуй хор нигулænæрдæмæ æ зенитæй ку рацæуй, æма фæууй æ тæмæни ку фæууй, уæд.

3). Фæсарæфтон намаз. Райдайуй рæфтон намаз фæууни фæсте æма фæууй хор ку ранигулуй, уæд.

4). Изæйрон намаз. Райдайуй хор ку ранигулуй æма фæууй ку райзæрмелтæ уй, уæд.

5). Æхсæйвон намаз. Райдайуй изæйрон намази фæсте æма фæууй боницъæхти.

Æ рæстæги ци намазгонд æрцæуй, уомæн устурдæр аргъгонд цæуй. Еухатт Пахампармæ (Хуцауи хуарз салам æй уæд) уæхæн фарста равардтонцæ: "Циуавæр гъуддаг ахсгиагдæр æй?" Кæцибæл е уæхæн дзуапп равардта: " Æ рæстæгбæл конд намаз."

4. Æмбæрзун (*'æурат*).

Намаз кæнуни цуппæрæймаг уагæвæрд ба æй *æмбæрзун*. Намаз кæнгæй адæймаг Хуцауи размæ лæууй, æ хæццæ дзоруй. Уомæ гæсгæ ба æ уиндæ, æ дараес гъæуамаævдесонцæ Хуцауæн кадæ кæнундзийнадæ.

'Æурат араббаг дзурд æй, кæци нисан кæнуй адæймаги бауæри еци хай, кæций гъæуй æмбæрзтæй дарун. Нæлгоймæгти æурат æй наффæй бундæр æма уæргутæй уæлæмæ бауæри хай. Силгоймæгти æуратбæл ба нимад цæуй æгас бауæр дæр, цæсгон æма къохармæй уæлдай. Силгоймагæн æ дзиккотæ дæр æуратмæ хаст цæунцæ, æма сæ гъæуй æмбæрзун.

5. Хъибиллæрдæмæ (Хъиблæ) 'здахун.

Намазгæнæг адæймаг е 'рух еудадзугдæр гъæуама Хъибиллæ 'рдæмæ раздаха. Пусулмæнттæн сæ Хъибиллæ æй Кааби Сугъдæг хæдзарæ, кæци лæууй Сæудти Аравий Мекки горæти.

Ракатти нимæдзæ намази

1. Сæумон намаз (*сæляту - ссубх*) - 2 ракати

2. Рæфтон намаз (*сæляту - ззуhр*) - 4 ракати
3. Фæсарæфтон намаз (*сæлятуль-‘æср*) - 4 ракати
4. Изæйрон намаз (*сæлятуль - мæгъриб*) - 3 ракати
5. Æхсæйвон намаз (*сæлятуль - ишаъ*) - 4 ракати

Аци фондз намаземæй уæлдай ма фæккæнунцæ æндæр намазтæ дæр, кæцитæ хуннунцæ “Ратибат” кенæ “Рæуатиб”. Уони кæнун ихæсбæл нимад нæ цæуй æма се ‘нæкæнун тæрегъæдбæл нимад нæй, фал сæ адæймаг ку кæна, уæд æфсапæбæл нимад цæуй æма сæ кæнун хъабил гъуддаг æй. Уонæн устур аргъгонд цæуй æма, ихæсгонд намазти ци рæдудтитæ ‘ма аййепдзийнæдтæ скиндæй, уонæй искæдзос уй адæймаг. “Раватиб” арæзт цæуй мæнæ уæхæн фæткæбæл:

2 ракати сæумон намази размæ;

2 кенæ 4 ракати рæфтон намази размæ;

2 ракати рæфтон намази фæсте;

2 ракати изæйрон намази фæсте;

2 ракати æхсæйвон намази фæсте.

Намаз кæнуни æгъдау

Намаз кæнуни æгъдау дех кæнуй цалдæр хаййебæл:

а) *тæкбир* – Хуцауæн табу кæнун. [*Æллаhу æкбæр*];

б) *хъийам* – лæугæй ковун (ке бон æй, уонæн), галеу къох рахез къохмæ райсгæй æма сæ реубæл нилхъевгæй, Фатихи (Байгонгæнæг) сурæ аргъаугæй æма ма Хъуранæй ескæци цубур сурæ.

в) *руку’* – астæугувд, къохтæй уæргутæбæл æнцайгæй, æма

суджуд – арф зæнхоггун ракувд, зæнхæбæл тæрнихæй æмбæлгæй;

г) *джулюс* – уæргутæбæл бадгæй шахадай формулæ дзорун;

д) *тæслим* – салан-келан кæнуни формулæ “Салам æма Хуцауи фарнæ ‘ма

хуарзæнхæ уæ уæд” [*Æс-сæляму ‘алейкум уæ рæхмæту Ллаhи уæ бæрæкатуhу*] дууæ хатти байаргъаун, дæ сæр, фиццаг рахез усхъи ‘рдæмæ, уæдта галеу усхъи ‘рдæмæ разелгæй.

Намаз кæнгæй не ‘нгъезуй дзорун, гъæрæй кæун, хуфун, хуæрун, ниуазун, ходун æма æндæр ести архайун. Намазгæнæг уæхæн ести гъуддаг ку ракæна, уæд æ намаз нимад нæ цæуй æма ‘й гъæуама нæуæгæй исараза.

Азан

Азан нисан кæнуй намази рæстæг ке ‘рхъæрттæй, уой туххæй рафедеун мæзгити дзулатæй. Дзулат ку нæ уа, уæдта мæзгити разæй. Азани туххæй рафедеуй сохта (*му’æззин*), кенæ ба имам. Азан гъæргæнæги ирух гъæуама Хъибилли ‘рдæмæ здæхт уа.

Азан арæзт æй авд формулемæй:

1) “Хуцау тухгин æй!” – (*тæкбир*) 4 хатти;
2) Æвдесæн кæнун: “Нæййес Хуцау Еунæхуцауæй æндæр”- (*шæhада*) 2 хатти;
3) Æвдесæн кæнун: “Мæхæмæт Хуцауи Минæвар æй”- (*шæhада*) 2 хатти;
4) “Рацотæ намазмæ!” – 2 хатти;
5) “Рацотæ уæ амондмæ!” – (*тæзвиб*) 2 хатти (Сæумон намази размæ ба ма бафтаунцæ: “Намаз хуссунæй хуæздæр æй!” – 2 хатти);
6) “Хуцау тухгин æй!” – (*тæкбир*) 2 хатти;
7) “Нæййес Хуцау Еунæхуцауæй æндæр!” – (*шæhада*) 2 хатти.

[Æллаhу æкбæр – 4 хатти;

Æшhæду æлля иляhæ илля-Ллаhу – 2 хатти;

Æшhæду æннæ Мухæммæдæр-рæсулю-Ллаhи – 2 хатти;

Хæййа ‘ælля с-сæлят – 2 хатти;

Хæййа ‘æля ль-фæлях – 2 хатти (Сæумон намази размæ ба: Ас-сæляту хæйрум мин æн-нæум – 2 хатти);

Æллаhy æкбæр – 2 хатти;

Ля иляhæ илля-Ллаhy - 2 хатти.]

Азан райгъосгæй, алли пусулмон дæр гъæуама æрлæууа æма æ фæдбæл дзора, 4-аг æма 5-аг формули бæсти ба дзорун гъæуй:

“Тухæ ‘ма хъаурæ æрмæст Хуцаумæ ‘нцæ!”

[*Ля хæуля уæ ля хъууæтæ илля би Ллаhи*.]

Сувæллон ку райгуруй, уæд ин æ рахез гъоси аци азан бадзорун фæгъгъæуй.

Азани фæсте, намази хуæд размæ, байаргъаун гъæуй *икама*, кæци арæзт æй еци еу формулитæй, æрмæст “Рацотæ уæ амондмæ!” дзурдти фæсте ма бафтаун гъæуй фразæ: “Намаз райдæдта!” – 2 хатти [*Хъæд ихъамæт ис-сæлят*].

Азани фæсте Мæхæмæт Пахампараен зæгъæн хуарзæнхæ æма уой туххæй ковæн:

“Еунæхуцау! Мæхæмæт æма æ бийнонти Дæ хуарзæнхæ уæд.

Уа, Еунæхуцау, аци азан æма намази Бардар! Исаккаг кæнæ Мæхæмæтæн уæсиля[1] æма уæлеуæгдзийнадæ, æма ‘й исæндедзæ æхсидзгондæр бунати, кæци ин Дæхуæдæг байвæрзтай.”[2]

[æллаhуммæ сæлли ‘æля Мухæммæдин уæ ‘æля али Мухæммæд.

æллаhуммæ рæббæ hазиhи-дда ‘ъуæти-ттаммæти уæ-ссалятиль-хъаимæти ати Мухæммæдæн æль-уæсильйæтæ уæль-фæдылятæ уæб’ æchy мæхъамæн мæхмудæн æллязи уæ’ æдтæh.]

Азан искæнгæй, рахезун гъæуй “рæуатибмæ”. Уой туххæй ба байаргъаун гъæуй ихъамæ (*ихъамæт*):

“Хуцау тухгин æй.

Хуцау тухгин æй.

---

1 Уæсилия - дзенети тæккæ стурдæр къæпхæн.

2 Дзурд цæуй, Тæрхони Бон Пахампар ци бунати ‘рлæудзæнæй пусулмæнттæн фæййангъос кæнунмæ æма сæ æ сæрбæл сдзорунмæ, æубæл.

Ævдесæн кæнун: нæййес Хуцау Еунæхуцауæй æндæр.

Ævдесæн кæнун: Мæхæмæт - Хуцауи Минæвар æй.

Рацотæ намазмæ.

Рацотæ уæ амондмæ.

Нур æрлæудтан намазмæ.

Нур æрлæудтан намази.

Хуцау тухгин æй.

Хуцау тухгин æй.

Нæййес Хуцау Еунæхуцауæй æндæр.”

[Ællahy ækбæp.

Ællahy ækбæp.

Æшhæду ælля иляhæ илля-Ллah.

Æшhæду æннæ Мухæммæдæр-рæсулю-Ллah.

Хæййя ‘æля-с-сæляти.

Хæййя ‘æляль-фæлях.

Хъæд ихъмæти с-сæляту.

Хъæд ихъмати-ссæлях.

Ællahy акбар -

Ллahy ækбæp.

Ля иляhæ илля-Ллah.]

Ихъамæт байаргъаугæй райдайунцæ намаз кæнун. Силгоймæгтæн азан кæсун нæ гъæуй, фал син ихъамæт байаргъаун ба пайдайаг æй.

Азан аргъаун гъæуй сабургай, алли гъудиади фæсте дæр паузæ скæнгæй. Ихъамæт ба æнæ паузæй аргъаугæ ‘й, уæдта тагъддæргомау.

Намаз кæнуни фæткæвæрд

1. Намаз райдайуй Хуцауæн табу кæнунæй, кæций хонунцæ *тæкбир æль-*

ихрам. Къохтæ хæрдмæ сдаргæй, устур æнгулдзитæй бандзæвунцæ гъости кæрæнттæбæл. Аргъаун (*нийа*) райдайгæй, гъæуй ин æ ном зæгъун (зæгъæн, *сæлят æс-субх*).

2. Уой фæсте ба, истгæй, рахез къох галеу къохбæл исæвæргæй, реубæл сæ балхъевун гъæуй æма, уотемæй, еунæг, кенæ цалдæр дуай (*ду'а*) байаргъауæ:

"Табу Дæхецæн, Хуцау, æма намус!

Дæ ном фæрнæйдзаг уæд!

Дæ кадæ – устуйраг!

Нæййес Хуцау, Дæуæй æндæр."

[Субханæкæ Ллæhуммæ уæ би хæмдикæ,

уæ тæбарæкæ исмукæ,

уæ тæ 'аля джæддукæ,

уæ ля илhæ гъæйрукæ.]

Уой фæсте ба байаргъаунцæ бисмиллай формулæ ("*бæсмæля*"), кæци фæууй Хъурани алли сури разæй дæр:

"Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй." [*Бисми Лляhи р-рæхмани р-рæхим.*]

Фиццаг ракати бисмиллай фæсте фæззæгъунцæ:

"Ælгъистаг Ибилиси нихмæ Хуцауæй корун æнхус." [*А 'узу би Лляhи мин æш-Шæйтъани р-рæджим.*]

Уæдта аргъаунцæ Фатихи сурæ (Хъурани фиццаг сурæ).

Фатихи сурæ (Игонгæнæг)

Табу Хуцауæн, дуйнети Паддзахæн,

Хуæрзуодагæ, Хуæрздарагæн,

Тæрхони Бон Бардарæгæн.

Æрмæст Дæуæн ковæн,

Æрмæст Дæумæ дзорæн.

Исивæрæ нæ расти надбæл,

Дæ фарнæй хайгин ке фæккодтай, уони надбæл.[1]

Бахезæ нæ Дæ зæрдихудт æрхæсгути надæй,[2]

Бахезæ нæ ка фæррæдудæй, уони надæй.[3]

(Амменæ)

[æль-хæмду ли Лляхи

рæбби ль-‘аляминæ,

р-рæхмани р-рæхим,

малики йауми д-дин,

ииййакæ нæ ‘буду уæ ииййакæ нæстæ ‘ину,

ихдинæ ас-сыратъ æль-мустъæхъийм,

сырат æллязийнæ æн ‘æмтæ ‘алейхим

гъейриль магъдуби ælейхим уæ ля д-даалин]

(Аминь)

Фиццаг сурæ байаргъаугæй, райсун гъæуй Хъурани зундгонд ескæци сурæ, кенæ си хецæн айат. Уой кæнун гъæуй алли намази фиццаг дууæ ракатеми. æнгъезуй байаргъаун, зæгъæн, 112-аг сурæ: *къулху* (“Кæдзос кæнун.”)

112-аг сурæ: Къулху [æль-Ихляс] (“Кæдзос аргъуд”)

“Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй”

[БисмиЛлахи р-рæхмани р-рæхим]

Зæгъæ: “Е Еунæг Хуцау æй,

Æносон Хуцау.

Е нæ ниййердта æма нæ райгурдæй,

Æма Уомæн æмбал нæййес”.

---

1 Ами дзурд цæуй пусулмæнтти туххæй.

2 Ами дзурд цæуй уерæгти (иудейти) туххæй (аль-магдуб ‘алейхим - Хуцауи зæрдихудти бацæугутæ).

3 Ами дзурд цæуй киристæнтти туххæй (аддаллин - рæдуди надбæл рацæугутæ).

[Хъуль hyyæ Ллаhy æхæд,
Æллаху с-сæмæд,
Лям йæлид уæ лям йуляд
уæ лям йæкун ляhy куфу æн æхæд.]

110-аг сурæ: Æнхус [æн-Нæср]
Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

Хуцауи æнхус ку ‘рхъæрта æма уæлахез ку ‘рцæуа,
адæн æрдонгтæ Хуцауи динмæ сæхе куд хатунцæ, уой ку фæууинай,
уæд дæ Еунæхуцауæн истабу кæнæ æма Си хатир ракорæ.
Уастæн, Е фæсмонгæнæги фæсмон Есæг æй.

[Иза джа ‘æ нæсру Ллаhи уæ ль-фæтху
уæ рæ ‘æйтæ н-наасæ йæдхулюнæ
фи дини Ллæhи æфуаджæн,
фæ сæббих би хæмди рæббикæ
уæ стæгъфиphy,
иннæhy канæ тæууабæн.]

113-аг сурæ: Бонивайæн [æль-Фæляхъ]
“Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй”

Зæгъæ: “ Бонивайæни Хецаубæл мæхе фæдзæхсун,
Ба мæ хезæ Уой арæзт фуддзийнадæй,
Ба мæ хезæ æхсæйвон талинги фудракондæй,
Ба мæ хезæ кæлæнгæнæги кæлæнтæй,
Ба мæ хезæ соцъагæнæги лиагъæй.”

[Хъуль æ ‘узу би рæбби ль-фæляхъ

мин шæрри ма хæляхъæ
уæ мин шæрри гъасихъин иза уæхъæбæ
уæ мин шæрри н-нæффасати фи ль-‘ухъæд
уæ мин шæрри хасидин иза хæсæдæ.]

109-аг сурæ: Æнæууæнкитæ [æль-Кафирун]
“Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй”

Зæгъæ: “Уо æнæууæнкитæ!
Сумах кæмæ коветæ, æз уомæ нæ ковун,
сумах ба, æз Кæмæ ковун, Уомæ нæ коветæ.
Сумах куд коветæ, уотæ æз нæ ковун,
сумах ба, æз куд ковун, уотæ нæ коветæ.
Сумах хæссетæ уæ дин, æз ба хæссун мæ дин!”

[Хъуль йа æййуhæ ль-кяфирунæ
ля æ ‘буду ма тæ ‘будунæ
уæ ля æнтум ‘абидунæ ма æ ‘буду
уæ ля æнæ ‘абидун ма ‘æбæдтум
уæ ля æнтум ‘абидунæ ма æ ‘буду.
Лякум динукум уæ лийæ дини.]

3.Хъурани фиццаг сурæ æма æ фæсте и цубур сурæ байаргъаугæй, исдзорун гъæуй: “Хуцау тухгин æй!” [Аллаhу æкбæр], дæ къохтæ, армитъæпæнтæ усхъитæрдæмæ, уотемæй хæрдмæ исесун æма, æргубур кæнгæй, къохтæ уæргутæбæл æриваерун. Уотемæй гъæуй æртæ хатти зæгъун: “Табу мæ Еунæхуцау” [Субханæ рæбби ль-‘азым].

4.Уой фæсте гъæуй раст ислæуун, уотæ дзоргæй: “Хуцау игъосуй ка Имæ ковуй, уой” [Сæми ‘æ æллаhу лимæн хæмидæhу], армитъæпæнтæ усхъитæмæ исесгæй. Уæдта зæгъун гъæуй: “Нæ Бардар, табу Дæхецæн!” [Рæббæна уæ лякæ

æль-хæмду].

5.Уой фæсте ба ниллæг зæнхоггун кувд ракæнæ уæхæн дзурдти хæццæ: “Хуцау тухгин æй” [æллahy æкбæр], армитъæпæнтæй уæргути рази зæнхæбæл æрæнцайгæй, тæрних æма фий зæнхæбæл бамбæлун кæнæ æма æртæ хатти зæгъæ: “Дуйнейскæнæг Еунæхуцау, табу Дин уæд!” [Субханæ рæбби æль-æ ‘ля].

6.Уæдта дæ сæр хæрдмæ схъел кæнæ æма зæгъæ: “Хуцау тухгин æй!” [Аллahy æкбæр], уой фæсте ба галеу уæрагбæл æрбадгæй, рахез къах дæ буни бакæнæ.

7.Дуккаг хатт ниллæг зæнхоггун кувд ракæнæ фиццагау, еци еу дзурдти хæццæ: “Хуцау тухгин æй” æма губураей æртæ хатти радзорæ: “Дуйнейскæнæг Еунæхуцау, табу Дин уæд!” [Субханæ рæбби æль-æ‘ля].

Бадгæй, дууæ зæнхоггун кувдей ‘хсæн, гъæуй æртæ хатти зæгъун: “Еунæхуцау, ниххатир мин кæнæ!” [Рæбби игъфир уæ рхæм].

8.Дуккаг зæнхоггун кувди фæсте ба фестун гъæуй уæхæн дзурдти хæццæ: “Хуцау тухгин æй” [Аллahy æкбæр].

Уобæл фæууй фиццаг ракат.

Дуккаг ракат

9.Дуккаг ракати, истгæй, байаргъаун гъæуй Хъурани фиццаг сурæ, уæдта ма Хъуранæй еу сурæ, кенæ еу айат. Уой фæсте ба дууæ хатти æргубур кæнæ, къохтæ уæргутæбæл исæвæргæй, æма дууæ ниллæг зæнхоггун кувди ракæнæ, фиццаг ракати куд, уотæ.

10.Дуккаг зæнхоггун кувди фæсте ба исæргъувун гъæуй дæ сæр æма, дууæ зæнхон кувдей ‘хсæн куд æрбадтæ, уотæ бабæй исбадæ, фал нур ба, рахез къохи æнгулдзитæ балхъевгæй, амонæн æнгулдзæ æррæста райвазæ (шæхид).

11.Бадгæй байаргъаун гъæуй салан-келан (æт-тæххиййат) æнхæстæй, Ибрæгими кувди хæццæ, намаз дууæ ракати хæццæ ку уа, уæд, сæумон намази хузæн. Цуппар, кенæ æртæ ракати хæццæ намаз ку уа, уæдта Ибрæгими кувд кæнун нæ гъæуй.

12.Бадгæй, салан-келан аргъаугæй, æвдесæни (тæшæhhуд) райдайæни, гъæуй

рахез къохи амонæн æнгулдзæ ‘схъел кæнун. Ибрæгими кувд аргъаугæй ба къохтæ размæ радаргъ кæнунцæ, армитъæпæнтæ хæрдмæ ‘сзелгæй.

Салан-келан (æт-тæхиййат)

“Хуцауæн салам æма табу, ковундзийнадæ ‘ма хуарз гъуддæгтæ.

Салам Пахампар, Хуцауи фарнæ ‘ма æ хуарзæнхæ дæ уæд.

Салам махæн æма Хуцауи уацæг цагъартæн.

Æвдесæн кæнун: нæййес Хуцау Еунæхуцауæй æндæр,

Æвдесæн кæнун: Мæхæмæт æ кегъæре æма æ минæвар.”

[æт-тæхиййату ли Лляhи уæ с-сæляуату уæ тъ-тъæййибату.

æс-сæлляму ‘алейкæ æййуhæ н-нæбиййу уæ рæхмæту Ллаhи уæ бæрæкатуху.

æс-сæлляму ‘ælейна уæ ‘æля ибади Лляhи æс-салихинæ,

æшhæду æн ля илляhæ илля Ллаhу

уæ æшхæду æннæ Мухæммæдæн ‘абдуhу уæ Рæсулюhу.]

Салан-келан аргъаугæй, амонæн æнгулдзæ аллирдæмæти минкъий базмæлун кæнæ, шахадай формулæ дзоргæй ба и æнгулдзæ хæрдмæ схъел кæнун фæгъгъæуй. Ибрæгими кувд кæнгæй ба къохтæ размæ дарун гъæуй.

Ибрæгими кувд (æс-сæляуат æль-ибрæhхимæ]

“Еунæхуцау, рæстмæ кæнæ Мæхæмæт æма Мæхæмæти муггаг,

Ибрæгим æма Ибрæгими муггаг куд фæррæстмæ кодтай, уотæ.

Дæ фарнæй Мæхæмæт æма Мæхæмæти муггаг фæххайгин кæнæ,

Ибрæгим æма Ибрæгими муггаг куд фæххайгин кодтай Дæ фарнæй аци æма иннæ дуйней, уотæ.

Уастæн, фурдзиттаг æма намусаг Дæ.”

[æллахhуммæ сæлли ‘æля Мухæммæдин уæ ‘æля али Мухæммæдин

кæма сæллейтæ ‘æля Ибраhимæ уæ ‘æля али Ибраhимæ

уæ барик ‘æля Мухæммæдин уæ ‘æля али Мухæммæдин
кæма барæктæ ‘æля Ибрахhимæ уæ ‘æля али Ибрahимæ
фи ль-‘алямийнæ,
иннæкæ хæмидун мæджидун.]

13.Ибрæгими кувд байаргъаугæй, дæ сæр фиццаг рахесæрдæмæ разелæ æма зæгъæ: “Салам æма Хуцауи фарнæ ‘ма хуарзæнхæ уæ уæд!” [æс-сæляму ‘ælейкум уæ рæхмæту Ллаhи уæ бæрæкатуhy), уæдта дæ сæр галеуæрдæмæ разелгæй нæуæгæй байаргъауæ аци формулæ.

14.Намаз фæууогæй байаргъаун гъæуй уæхæн формулæ:

“Еунæхуцау, багъæуай нæ кæнæ! (3 хатти)
Еунæхуцау, Ду сабур дæ æма сабурдзийнадæ Дæуæй æй.
Ду Фæрнæйдзаг æма Уæлеуæг дæ,
Устуйрадæ æма Намусхæссæг.
Еунæхуцау, æнæнцойнæй Дæ кой кæнун,
Дæуæй арази дæн æма æновудæй Дæумæ ковун.”

[æстагъфиру Ллаhæ (3 хатти)
æллахуммæ æнтæ с-сæляму уæ минкæ с-сæляму
тæбарæктæ уæ тæ ‘аляйтæ
йа зæ ль-джæляли уæ ль-икрам.
Аллаhуммæ æ ‘инни ‘æля зикрикæ,
уæ шукрикæ уæ хусни ‘ибадæтикæ.]

Цæмæй хе хезун гъæуй намаз гæнгæй:

1. Æнгулдзитæй ести ацаун (зæгъæн: рехæ, бауæр, дарæс).
2. Æнæгъæугæ разел-базел кæнунæй дæ сæр.
3. Намаз кæнгæй ести дзаумæуттæмæ фæлгæсунæй (хузтæмæ, къартæмæ, фæрстæмæ æма ænд.у.е.).
4. Æрæгæмæ ку кæнай, уæд уотемæй намаз кæнунæй, уæдта дæ рази

аллихузон хуæруйнаг уингæй.

5. Хе гъудий рацæун дæмæ хъæбæр ку цæуа, уæд уотемæй.

6. Уæлмæрдти, абанай, бугътæ калæн бунати, берæ адæн кæми уа, уæхæн рауæнти намаз кæнунæй.

7. Намаз кæнгæй ком ивазунæй. Гæнæн нæййес, уæдта дæ ком галеу къохæй бамбæрзæ.

8. Бериндзгæй намаз кæнун.

9. Руку‘а æма суджут пози уогæй Хъуранæй ести кæсун.

10. Арвмæ кæсунæй.

11. Æнгулдзитæ дзуарса кæнун æма сæ къæрццитæ кæнунæй.

12. Цæститæй, æнгулдзитæй кенæ сæрæй ескæмæ знак дæттунæй.

13. Истгæй, дæ къохтæ наффæй бундæр æруадзунæй.

14. Ракатти аргъаугæй Хъурани сурити фæткæвæрд хæлæ-мулæ кæнунæй, кæцити аргъаун гъæуй “Фатиха”-й фæсте. Цæмæй ма фæррæдуйай, уой тухххæй суритæ аргъаун гъæуй Хъурани фæткæвæрдбæл.

15. Мæзгити еци еу бунатбæл хуæцунæй.

16.“Суджути” рæстæги ковæн бунатбæл усхъæй æнцойнæ кæнунæй.

17. “Ташаххуди” рæстæги дзодздзæги бадунæй.

Намаз ихалæн гъуддæгтæ:

1. Намази 13 рукънæй еунæг дæр си уагъд ку ‘рцæуа, уæд. Ци рауæн фæццох кодтай, дæ зæрди ку ‘рæфтуййа, уæд еци бунатæй райдайун дин гъæуй дæ намаз нæуæгæй.
2. Минкъий ести баниуазун æма бахуæрун дæр.
3. Ходун, бустæги ба – никъкъæлкъæл кæнун.
4. Ескæмæ хе бахатун, кенæ еске хæццæ дзорун, Хуцауæй уæлдай. Еске ‘ргом дæхемæ раздахун ку багъæуа, уæд зæгъун гъæуй “Субханæ-Ллаh” (“Табу Хуцауæн”).
5. Уæлдай змæлд кæнун.
6. Намази 5 уагæвæрдемæй еунæг си æнхæстгонд ку не ‘рцæуа, уæд еци

намаз нимади нæ цæуй.

7. Намаз кæнуни нет дæ зæрди ку нæ уа.

Суджуд (суджуду)

Намаз гæнгæй ænæбари ести рæдуд ку скиндæуа, уæд Хуцауæй дзурд æй “суджуд” (“суджуду-ссæhв”) исаразун. Суджут арæзт цæуй намази фæсте “Салам” зæгъуни хуæдразмæ.

Суджут фæккæнунцæ уæхæн рæдудтитæ скæнгæй:

1. Намаз нæ фæууогæй “Салам” раттун. Дæ рæдуд бафеппайгæй, ци намаз искодтай, уой кæронмæ исænхæст кæнгæй, “Салам” дæттуни хуæдразмæ дууæ хатти суджут исаразæ. Уотæ искæнун фæгъгъæуй ескæци рукънæ фæццох кæнгæй дæр.
2. Уæлдай ракатгонд ку ‘рцæуа, уæд.
3. Дууæ “тæшæhhуди” ци намази байаргъаун гъæуй, уоми еу “ташахуд” уагъд ку ‘рцæуа, уæд. Истгæ ку нæма скæнай, уæд æнгъезуй “тæшæhhуд” байаргъаунмæ сбадун. Истгæ ку скæнай, уæдта фæстæмæ сбадун нæбал æнгъезуй. “Суджут” ба уой фæсте гъæудзæнæй исаразун.
4. Дузæрдуг ку кæнай, цал ракати скодтай, уобæл, уæд уой тухxæй Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) уотæ загъта: “Еске уи намаз искæнгæй ракатти нимæдзæбæл ку фæггурусхæ уа, 3 æви 4, уæд æ гурусхæ кæнун ниууадзæд æма минкъийдæрбæл ærлæууæд (гъома, цуппар нæ байаргъудтай, фал ærтæ), уой фæсте ба “Салами” хуæдразмæ дууæ суджути исаразæд.”

Намаз фæццубур кæнун

Намаз ænхæстæй искæнуни равгæ ку нæ уа, уæд æй æнгъезуй фæццубур кæнун.

Намаз фæццубур кæнун нисан кæнуй: ærтæ намаземи (ræфтон, фæсаræфтон, æхсæйвон) цуппар ракатей бæсти дууæ ракати исаразун. Уæхæн баræ лæвæрд

цæуй 80 км фулдæр рацæун ке гъæуй, уæхæн фæндаггонæн, цалдæн фæстæмæ æрæздæха, уæдмæ.

Цубургондмæ нæ хаунцæ сæумон æма изæйрон намазтæ.

Намаз райефхæссун

Намаз æнхæстæй искæнуни равгæ ку нæ уа, уæд æй æнгъезуй æндæр рæстæгмæ райефхæссун.

Намаз райефхæссун нисан кæнуй: еу намази рæстæги исаразун дууæ намази.

Æнгъезуй фæсарæфтон намаз рæфтон намази рæстæгмæ рахæссун, кенæ рæфтон намаз фæсарæфтон намази рæстæгмæ рахæссун. Æнгъезуй изæйрон æма æхсæйвон намазтæ байеу кæнун. æрмæст сæумон намаз не ‘нгъезуй райефхæссун. Уой аразун гъæуй æрмæст æхе рæстæги.

Не ‘нгъезуй рæфтон æма æхсæйвон намазтæ дæр сæумæмæ рахæссун. Уæдта ма не ‘нгъезуй фæсарæфтон æма изæйрон намæзтæ байеу кæнун.

Кæмæн æнгъезуй намаз райефхæссун:

1. Бæлццæнттæн.
2. Студенттæн, лекцитæ ‘ма экзаментти рæстæги.
3. Салдæттæн, службæ хæсгæй.
4. Ахæститæн ахæстдони уогæй.
5. Шæриатæй исбæлвурдгонд æндæр уавæрти.

Сæумон намаз дууæ ракатемæй

Хъибиллæрдæмæ ислæууæ æма дæ нет зæгъæ:

“Хуцауи номбæл дууæ ракатемæй сæумон намаз исæнхæст кæнун.” Дæ нет раййевун не ‘нгъезуй намази æндæргъци.

1.Нур цæттæ дæ, æма дæ сагъæсти æрмæст намаз скæнун ес, зæгъгæ, уæд дæ

къохтæ исесæ дæ гъости уæнгæ, æма дæ армитъæпæнтæ Хъибиллæрдæмæ исаразгæй, зæгъæ:

“Хуцау тухгин æй!” [Аллаhу æкбæр!]

2.Уæдта дæ къохтæ æресæ, рахез къохæй галеу къохбæл ниххуæцæ ‘ма сæ дæ уæлнаффæ балхъевæ, æма байаргъауæ “ду‘а-альистифтах”:

“Табу Дæхецæн, Хуцау, æма намус!

Дæ ном – фурдзитаг!

Дæ кадæ – устуйраг!

Нæййес æндæр Хуцау!.” (Амменæ)

[Субханæкæ Ллаhуммæ уæ би хæмдикæ,

уæ тæбарæкæ исмукæ,

уæ та ‘аля джæддукæ,

уæ ля илях гъейрукæ]. (Амин)

Кенæ ба ма æнгъезуй мæнæ уæхæн уасхо байаргъаун Хуцауæн:

“Æндæр динтæ, гъудитæ æма фæткитæ рагæлдзгæй, мæхе Дæ дæлбарæ кæнун, æма Дæмæ, Арв æма Зæнхæ исфæлдесæг, ме ‘рух раздахтон. Æз муртактæй нæ дæн. Мæ намаз, мæ кувд, мæ цард æма мæ мæлæт – æгасæйдæр, æмбал кæмæн нæййес, еци Дуйнейскæнæг Еунæхуцауи сæраппондæн æнцæ. Уотæ мин фæткæуй æма дæн пусулмæнттæй.”

[Уæджhту уæджhия лиллязи фатъыра-ссæмæуати уаль-æрды hæнифæн муслимæн уæ ма æнæ минæль-муш-рикинæ. Иннæ сæляти уæ нусуки уæ махъйайæ уæ мæмати лилляhи рæббиль-‘аляминæ ля шæрикæ ляху уæ бизаликæ умирту уæ æнæ минæль-муслимин.]

Æнгъезуй дууæ дуайи дæр байаргъаун.

3.Уой фæсте ба зæгъун гъæуй:

“Хуцауæй корун æнхус ælгъистаг Ибилиси нихмæ.”

[Æ ‘узу би Ллаhи мин æш-Шæйтани р-рæджим.]

4.Байаргъауæ Фатихи сураæ. Гъуди кæнун гъæуй уой, æма алли сури размæ дæр зæгъун гъæуй “Дуйнейскæнæг Еунæхуцау, табу Дæхецæн” [Бисми Ллаhи р-рæхмани р-рæхим].

Сури фæсте ба зæгъун гъæуй Амменæ [Амин].

5.Фатихи фæсте ба байаргъауæ ескæци сураæ, кенæ айат.

6.Уой фæсте ба искæнæ руку‘ъ, гъома, дæ къохтæ гъости уæнгæ сесæ æма зæгъæ “Хуцау тухгин æй” [Аллаху акбар], уæдта дæхе æргубур кæнæ, дæ къæхтæ æррæстæ даргæй, дæ къохтæ уæргутæбæл исбуцæу кæнæ æма æртæ хатти зæгъæ: “Табу мæ Еунæхуцау” [Субханæ рæбби ль-‘æзым].

7.Байаргъауæ:

“Хуцау игъосуй ка Имæ ковуй, уой”

[Сæми ‘æ æллаhу лимæн хамидæhу].

8.Раст ислæууæ, дæ къохтæ æруадзæ бунмæ æма байаргъауæ:

“Еунæхуцау! Арв, Зæнхæ, уони ‘хсæн æма æгас дуйнететæбæл, цидæриддæр Дæ фæндуй, уой æмидолæ Дин нæ арфитæ”.

[Рæббæна уæ лякæль-хæмду минæ-ссæмауати уæ миньæль-арды уæ мин ма байнæhума уæ мин ма шиытæ мин шæйьин ба ‘ъд].

9.Исаразæ “Суджут”, гъома, зæнхоггун кувд, “Хуцау тухгин æй” дзоргæй.

Суджут кæнгæй дæ бауæри авд хаййи гъæуама зæнхæбæл æмбæлонцæ: тæрних, къохти армитъæпæнтæ, уæргутæ, къæхти æнгулдзитæ. æнгулдзити ælгътæ гъæуама Хъибиллæрдæмæ арæзт уонцæ.

10.Еци уаваери уогæй байаргъауæ: “Табу мæ Еунæхуцау” [Субханæ рæбби ль-‘æзым].

11.Уæргутæбæл бадгæй æма “Хуцау тухгин æй” дзоргæй, исраст кæнæ дæ

гураæ. Байаргъауæ:

“Уа, Еунæхуцау! Ниххатир мин кæнæ, æнæнез æма мин фарнæ исаккаг кæнæ, расти надбæл мæ исивæрæ.”

[Рæбби-гъфир ли уæ-рхæмни уæ ‘æфини уæ hдини уæ рзухъни].

12.”Хуцау тухгин æй” зæгъгæй, суджуд позæ нæуæгæй райсæ æма бабæй еци дзурдтæ байаргъауæ.

13.”Хуцау тухгин æй” дзоргæй исистæ æма раст ислæууæ.

Уобæл фæууй фиццаг ракат.

Феппайуйнаг: Размæ рагубур кæнгæй дæр (руку ‘ъæ) æма раст ислæугæй дæр (и‘ътидаль), уæдта дууæ суджуди дæр æма дууæ суджуди астæу бадгæй дæр, гъæуй еу дууæ секъунди паузæ скæнун. Еци паузæ хуннуй “тумæънинат”. Намаз гæнгæй “тумæънинат” уагъд ку ‘рцæуа, уæд намаз ихæлд æрцæуй, æма ‘й нæуæгæй исаразун гъæуй райдайæнæй. Ку фæррæдуйай, уæдта раздæхун гъæуй кæми фæррæдудтæ, уордæмæ.

14.Дуккаг ракат райдайуй Фатихæй. Фатихи фæсте ба аргъаун гъæуй Хъуранæй æндæр ескæци сураæ.

15.Идарддæр дæр кæнун гъæуй фиццаг ракати куд, уотæ.

16.Дуккаг ракати суджут ку скæнай, уæд дæ уæргутæбæл рабадæ, дæ къохтæ уæргутæбæл армитъæпæнтæ дæлгоммæ исивæрæ æма байаргъауæ “ташахуд ат-тахиййат” (салан-келан) æма “ас-саляуат аль-ибрæхимийа” (Ибрæгими кувд).

17.”Тæшæhуд” аргъаугæй “нæййес Хуцау...” [ля илярhæ...] дзурдтæмæ ку бахъæртай, уæд рахез къохи амонæн æнгулдзæ исхæрдмæ кæнæ, “Еунæхуцауæй æндæр” [илля-Ллаhу] дзурдтæ зæгъгæй ба де ‘нгулдзæ фæстæмæ æруадзæ.

18.”Ташаxуд” фæууогæй ба лæвæрд кувдтитæй сæ еуей байаргъауæ, кенæ ба æндæр ескæци зонгæ кувд.

I-аг

“Уо Хуцау! Раздæр ке ‘саразтон æма федæни ке ‘сараздзæнæн, сосæй æма асæги, уæдта арæнбæл рахезгæй арæзт æма мæнæй хуæздæр Дæхуæдæг ке зонис, еци исарæзт тæрегъæдтæ мин ниххатир кæнæ. Размæгæнæг дæр æма фæстæмæгæнæг дæр Ду дæ, æма нæййес æндæр Хуцау.”

[æллаhумм‘-гъфир ли ма хъæаддæмту, уæ ма æххæрту уæ ма æсрæрту уæ ма а ‘ъæлянту уæ ма æсрæфту уæ ма æнтæ а ‘ъæляму биhи минни æнтæль-мухъхъæддиму, уæ æнæль-муæххиру ля иляhæ илля æнт.]

II-аг

”Дæумæ хатун мæхе Зиндони уотæхсæнтæй, уæдта ингæни уотæхсæнтæй, уæдта цард æма мæлæти фæлварæнтæй, уæдта хæтагæ Ибилиси (Даджджали) фæлварæнти лиагъæй.”

[æллаhуммæ инни а ‘æузу бикæ мин ‘ъазаби джæхæннæма уæ мин ‘ъазабильхъæабри уæ мин фитнæтиль-мæхья уæль-мæмати уæ мин шæрри фитнæтиль-мæсихи-ддæджæжал.]

19.Истгæй намазгæнæгæн е ‘нгæс гъæуама арæзт уа, суджуд кæнгæй тæрних ци рауæн бандзæвдзæнæй зæнхæбæл, еци рауæнмæ. Размæ рагубур кæнгæй ба - æ къæхтæмæ, “тæшаhhуд” аргъаугæй ба æ рахес къохи амонæн æнгулдзæмæ гъæуама кæса.

20.Намаз фæууогæй ба дæ сæр фиццаг разелæ рахесæрдæмæ, уæдта галеуæрдæмæ, дзоргæй:

“Салам æма Хуцауи хуарзæнхæ уæ уæд”

[æссаляму ‘æляйкум уæ рæхмæтуллаhи].

Ræфтон, фæсараæфтон æма æхсæйвон намæзтæ

Ræфтон, фæсараæфтон æма æхсæйвон намæзтæ арæзт цæунцæ цуппар ракатемæй. Цуппар ракатеми ес дууæ “тæшahhуди”, кæцити аргъаун гъæуй алли дууæ ракатей фæсте. Аци намæзтæ дæр райдайунцæ нетгондæй: “Хуцауи номбæл цуппар ракатемæй ræфтон (фæсараæфтон, æхсæйвон) намаз аразун.”

Фиццаг дууæ ракатей фæсте аргъаун гъæуй еунæг “тæшahhуд” – “Салан-келан”. Фæстаг дууæ ракатеми ба аргъаун гъæуй Фатиха, æндæр суритæ нæбал бафтаугæй. Уой фæсте ба байаргъаун гъæуй “тæшahhуд” æнхæстæй: “Салан-келан” дæр æма “Ибрæгими кувд” дæр еумæ.

Феппайуйнаг: Сæумон намази дууæ ракатеми дæр æма изæйрон æма æхсæйвон фиццаг дууæ ракатеми дæр Фатиха æма æ фæсте суритæ дæр намазгæнæг гъæуама гъæрæй аргъауа. Намази иннæ хай ба гъæуй меднимæр аргъаун.

Изæйрон намаз

Изæйрон намаз кæнун гъæуй æртæ ракатемæй. Изæйрон намаз дæр райдайуй нет искондæй: “Хуцауи номбæл æртæ ракатемæй изæйрон намаз аразун”. Уотæ аргъаугæй дæ къохтæ гъости уæнгæ исесæ, “Хуцау тухгин æй”, зæгъгæй. Иннæ намæзтæй уæлдай, аци намази дууæ “тæшahhуди” аргъаун гъæуй: фиццаг – дууæ ракатей фæсте, æрмæст “æт-тæхиййат” (“салан-келан”), дуккаг ба – æртиккаг ракати фæсте, фал ами ба “æт-тæхиййат” æма “æс-сæляуат уль-ибраһимæ” (“Ибрæгими кувд”) еумæ байаргъаугæй.

Еумæйаг намаз (Джæмæъат)

Джæмæъат – хонунцæ уæхæн намаз, кæцими ковгутæ фæуунцæ дууæ, кенæ фулдæр. Куд фулдæр адæн архайа еумæйаг намази, уотæ æфсапæдæр æй. Еунæгæй намаз кæнунæй джамаъат-намаз 27 хатти æфсапæдæр æй.

Мæхæмæт Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) джамаъат-намази тухxæй

уотæ загъта, æма, дан, æртæ, кенæ фулдæр адæймаги еумæ ку ‘рæмбурд уонцæ ‘ма джамаъат-намаз ба ку не ‘саразонцæ, уæд ибилиси хай фæууодзæнæнцæ.

Еухатт Ибн Мактум Пахампармæ багъаст кодта, хъæрæу, дан, дæн, æма мæ хæдзарæ дæр мæзгитæй изол æй, уæдта ‘й хонæг нæ фæууй æма ин, уæд, хæдзари байзайун не ‘нгъезуй, зæгъгæ. Уобæл ин Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) уæхæн дзуапп равардта: “Кæд азани дзурдтæ фегъосис, уæд бургæй дæр сæ фæдбæл рацо”.

1.Джæмæъат-намази фæткæвæрд

Разæй лæууй имам. Æ фæсте ба рæнгъитæй ислæуунцæ намазгæнгутæ (маъмумтæ). Сохта аргъауй икамат, æма е уомæй фегъосун кæнуй намази райдайæн. Уой фæсте ба имам райдайуй намаз, гъæрæй исдзоргæй “Хуцау тухгин æй” [Æллahy æкбæр].

Ковгутæн тæкбири дзурдтæ намази райдæди игъосун кæнæг æнцæ. Идарддæр ба имам кезугай аразуй намази рукънитæ, ковгутæ ба ‘й фæнзунцæ. Намази не ‘нгъезуй имамæй фæрраздæр ун. Æнæргъудийæй ку фæрраздæр уай, уæдта фæстæмæ раздæхун гъæуй имам цæйуæнгæ бахъæрттæй, уой уæнгæ æма идарддæр æ фæдбæл ковæ. Сæумон, изæйрон æма æхсæйвон намæзти сурæ Фатиха, æма æ фæдбæл равзурст суритæ, аргъаун гъæуй гъæрæй. Идарддæр ба имам дæр æма намазгæнгутæ дæр аргъаунцæ сæ меднимæр.

Æнккæт тæкбиртæ дæр, “Хуцау тухгин æй” дзоргæй, кæцити дзорунцæ иннæ рукънæмæ рахезгæй, уæдта “Сами ‘аллаху...” дзоргæй, и’ътидаль æма “Салям”-мæ рахезгæй, аргъаун гъæуй гъæрæй. Намазгæнгутæ ба сæ меднимæр æ фæдбæл байаргъаунцæ.

Джамаъат дууемæй арæзт ку цæуа, уæд маъмум имамæй минкъий фæстæдæр рахесæрдигæй слæууй. Силгоймаг ба нæлгоймаг-имами фæсте гъæуама лæууа.

Дууемæй фулдæр ку намаз кæнонцæ, уæд маъмумтæ раст рæнгъитæй ислæуунцæ имами фæсте.

Азан æма икамат имам нæ аргъауй, фал е æй сохтай ихæс.

Джамаъати еунæг нæлгоймагдæр ку уа, уæд силгоймаги бон имамæй ниллæуун нæй. Ærмæст силгоймæгтæ кæми уа, уоми ин æнгъезуй имамæй лæуун.

2.Джæмæъат-намазмæ байрæги кæнгæй

Маъмум намази райдайæнмæ ку байрæги кæна, уæд æнæстуфæй намазгæнгути æмрæнгъæ слæууæд. Ковуни нет скæнгæй, зæгъун "Хуцау тухгин æй" æма райдайун намаз кæнун. Имам ци пози 'й, еци позæ райсгæй, иннæ маъмумти хæццæ имами фæнзæд.

Байрæги гæнæг фиццаг "Салам" ку баййафа, уæд æ намаз нимади 'й. Байрæги гæнæг имами хæццæ астæугувд "рукуъ" ку скæна, уæд еци ракат дæр нимади цæуй, кæд æма Фатиха нæ байаргъудта, уæддæр. Фал маъмун имами ку баййафа рукуъ гонди фæсте, уæд еци ракат нимад нæ цæуй.

Имам намаз ку фæууа, уæд байрæгигæнæг ци ракаттæ райевгъаудта, уони банхæст кæнуй.

Майрæнбони намаз (джумъа)

Имам исхезуй минбармæ æма, "салам" радзоргæй, бонхуарз зæгъуй мæзгити æрæмбурд уæвæг пусулмæнттæн. Уой фæсте ба сохта байаргъауй азан. Азани фæсте ба имам райдайуй *хутбæ* (уадзæфтаун).

Хутбæ аргъуд цæуй истгæй. Хутби фиццаг хай фæууогæй, имам минкъий рæстæгмæ æрбадуй, паузæ скæнгæй. Уæдта систуй æма хутби дуккаг хай байаргъауй. Хутбæ ку фæууй, уæд минбараей æрхезуй æма намазгæнгути разæй ислæууй. Сохта байаргъауй ихъамæт æма уæд имам дæр гъæрæй джумъа-намаз райдайуй, кæци арæзт цæуй дууæ ракатемæй.

Майрæнбон тæккæ æхсидзгондæр бон æй хуцаумæ ковунæн æма 'й ести хуæрзтæ ракорунæн. Алли къуæрей майрæнбон дæр нимад цæуй бæрæгбонбæл.

Комуадзæнти намаз

Уораза ку фæууй, уæд исаразунцæ комуадзæнти бæрæгбон (*æид уль-Фитър*, кенæ *Ураза-байрам*).

Рамадани фæсте, шаууали мæйи фиццаг бон сæумон намаз æма авдези фæсте цæун фæгъгъæуй мæзгитмæ. Мæзгити, хорискасти агъоммæ, гъæуй Хъурани аргъаунмæ байгъосун. Хор ку скæсуй, уæдта райдайуй бæрæгбони намаз. Аци намази фæткæвæрд имам фегъосун кæнуй рагацау. Имам байаргъауй тæкбир аль-ихрам, намазгæнгутæ ба ‘й фæнзунцæ. Уой фæсте ба æгасæйдæр сæ меднимæр аргъаунцæ “Табу Дæхецæн, Хуцау, æма намус!...”. Уæдта æгасæйдæр сæ меднимæр дзорунцæ æхсæз тæкбири, аллихатт дæр армитъæпæнтæ усхъитæмæ схæсгæй æма сæ реубæл балхъевгæй. Тæкбирти ‘хсæн гъæуй зæгъун:

“Табу Хуцауæн æма намус Хуцауæн!

Нæййес Хуцау Еунæхуцауæй æндæр!

Хуцау тухгин æй!”

[Субһанæ Ллаһи, уæ ль-хæмду ли Лляһи,

уæ ля иляһæ илля Ллаһу,

уæ Ллаһу æкбæр.]

Аль-ихрам тæкбири хæццæ æдеугурæй байаргъаунцæ авд тæкбири. Уæдта гъæрæй байаргъаунцæ Фатихи сурæ. Рекомендаци ма кæнунцæ 87-аг сурæ “Де Скæнæг Еунухуцауи ном æстауæ,...”.

Уой фæсте ба арæзт цæуй астæугувд æма дууæ ниллæг зæнхоггун кувди. Уæдта, раст ислæугæй, дуккаг ракати размæ байаргъаун гъæуй фондз тæкбири. Тæкбиртæ хецæн кæнун гъæуй уæлдæр æрхаст дзурдтæй “Табу Хуцауæн...”.

Тæкбирти фæсте ба гъæуй гъæрæй байаргъаун Фатихи сурæ, уæдта 88-аг сурæ æнхæстæй.

Уой фæсте ба, астæугувд æма æнхæст зæнхоггун кувд искæнгæй, бадгæй, шахадай формулæ æма салан-келан (ат-тахиййат) æнхæстæй байаргъаун гъæуй.

Намаз фæууй ат-таслим байаргъаугæй æма мæнæ уæхæн тæкбирæй:

“Хуцау тухгин æй! (4 хатти)

Нæййес Хуцау Еунæхуцауæй æндæр!

Хуцау тухгин æй! (2 хатти)

Табу Хуцауæн!”

[æллаhy æкбæр, (4 хатти)

Ля иляhæ илля Ллаhy

уæ Ллаhy æкбæр (2хатти)

уæ ли Ллящи ль-хæмду.]

Уой фæсте ба хæтаб минбармæ исхезуй æма бæрæгбони хутбæ (уадзæфтауæ) байаргъауй.

87-аг сурæ: Бæрзонд [аль-А’аля]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Табу кæнæ дæ Бæрзонд Еунæхуцауи номæн,
2. Кæци исфæлдиста алцидæр æма алцæмæн дæр е ‘мбæрцадæ равардта,
3. Кæци фæлдесæндти ирисхъæ раги исбæрæг кодта æма и над байамудта,
4. Кæци хезнитæ исаразта,
5. уой фæсте ба сæ сау бугъæ фестун кодта.
6. Мах дин Хъуран байаргъаунæн барæ ратдзинан, æма си ду неци феронх уодзæнæ,
7. Хуцауи ке бафæндæ уа, уонæй фæстæмæ. Е æцæгдзийнадæ дæр æма асхъоддзийнæдтæ дæр зонуй.
8. Мах дин æнцондæрдзинадæмæ2 дæ над фенцондæр кæндзинан.
9. Æма адæни аразæ, кæд и уосиат ести пайда æрхæссидæ.
10. Ка тæрсуй, е æй райсдзæнæй
11. Æма си æхе ба рахатдзæнæй тæккæ æнамонддæр,

12.кæци бахездзæнæй æбуалгъдæр артмæ.
13.Е уоми нæдæр мæлгæ нæ ракæндзæнæй, нæдæр си цæргæ кæндзæнæй.
14.Æнтæстдзийнадæ уой фæцæй, æма ка искæдзос æй,
15.æ Еунæхуцауи ном ка ирдта æма намаз ка кодта.
16.Фал нæ! Сумах зæнхон цардбæл хъæбæрдæр хуæцетæ,
17.кæд æма Фæстаг цард хуæздæр æма даргъдæр æй.
18.Уастæн, е фиццаг свиткити финст æй –
19.Ибрæгими æма Мусай финстæгути.

88-аг сурæ: Æмбæрзæг [аль-Гъашийæ]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Миййаг дæбæл не сæмбалдæй Æмбæрзæги туххæй тауræхъ?
2. Еци бон еуæй-еу цæсгæнттæ уодзæнæнцæ дæлгенаггонд,
3. фæллад æма фæлмæст.
4. Етæ цæфссæнæнцæ содзгæ арти.
5. Уонæн цумун кæндзæнæнцæ ирайгæ сауæдонæй
6. æма син хуæрун кæндзæнæнцæ марг синдзитæй,
7. кæцимæй хуæрзхуз нæ кæнунцæ æма кæцимæй нæ бафсес унцæ.
8. Иннети цæсгæнттæ ба еци бон игъæлдзæг уодзæнæнцæ.
9. Етæ се ‘новуддзийнадæй арази уодзæнæнцæ
10.бæрзонд дзæхæрати.
11.Етæ уоми дзæгъæлдзорæ нæ фегъосдзæнæнцæ.
12.Уоми уайгæ сауæдонæ ес.
13.Уоми ес хуссæнтæ иваерд,
14.къостæ ивард,
15.бæзтæ ивард,
16.æма горцъетæ итуд.
17.Ædта нур уой нæ уинунцæ, æма теуатæ куд конд æнцæ,
18.куд бæрзонд конд æй арв,

19.куд исивæрдæй хуæнхтæ,
20.куд райтигъдæй зæнхæ?
21.Æма амонæ, уомæн æма ду амонæг дæ,
22.æма уонæбæл дæмæ неци баргъондзийнадæ ес.
23.Æхе ка рахата æма ка нæ баууæнда, уони ба
24.Хуцау æбуалгъ гъезæмæрттæй бакайдзæнæй.
25.Махмæ раздæхдзæнæнцæ етæ,
26.Æма си уæдта Мах бадæндзинан дзуапп.

Нивонд хæссæни (Хъурманти) намаз

Нивонд хæссæни намаз [*‘æид уль-æдхæ кенæ Хъурман-Байрам*] арæзт цæуй комуадзæнти намази хузæн. Æндæр хузи си фæууй æрмæст нет [*нийа*]. Уæдта ма, мæзгитмæ ранæхстæр уогæй, фæндаги æндæргъæ Хуцауæн табу кæнгæй цæун гъæуй.

Дзаназæ (Мæрдæгъдауи намаз)

Æ уод есунбæл алли пусулмон дæр гъæуама æвдесæни [*шæhаду*] формулæ байаргъауа. Æхе бон ку нæбал уа уой байаргъаун, уæд ин æй гъæуй æ гъоси бадзорун. Уомæн ба гъæуй æрмæстдæр æ рахес къохи амонæн æнгулдзæ схъел кæнун [*шæhид*]. Æ уод ку ‘сеса, уæдта ин æ цæсгон Хъибиллæрдæмæ разелун гъæуй. Æ бауæр ин ниртайун гъæуй æма ‘й батохун гъæуй хæдæтепхи. Æ цæститæ ин рахгæнунцæ, е ‘фсæртæ æма ин æ уæргутæ бабæттунцæ, æ къохтæ ба ин æ реубæл æриваерунцæ. Уой фæсте ба райдайуй дзаназæ, кæций исаразунцæ кенæ æ хæдзари, кенæ ба мæзгити.

Дзаназæ фæккæнунцæ мæнæ уотæ:

Рамæлæги цæсгон фæууй Хъибиллæрдæмæ. Дуа есгутæ мæрсинти фæсте ислæуунцæ æма цуппар хатти байаргъаунцæ тæкбири формулæ. Алли тæкбири

фæсте дæр дуа есгутæ имами фæсте сæ къохтæ исесунцæ æма, Хуцауæн табу скæнуни фæсте, байаргъаунцæ:

1.Фиццаг тæкбири раздæр байаргъаунцæ седти формулæ “Табу Дæхецæн, Еунæхуцау, æма намус!...” [*Субhанæкæ Лаhуммæ уæ би хæмдикæ,...*]. Уой фæсте ба аргъаунцæ Фатихи сурæ, уæдта Хъуранæй ескæци сурæ.

2.Дуккаг тæкбири аргъаунцæ “Ибрæгими кувд.”

3.Æртиккаг тæкбири аргъаунцæ рохсаггаги туххæй дуа:

“Еунæхуцау, ниххатир кæнæ не ‘гасемæн дæр:
цардæгасæн дæр æма рамæлæгæн дæр,
нæ хæццæ ка ес æма ка нæййес,
кæстæрæн дæр æма хестæрæн дæр,
нæлгоймагæн дæр æма силгоймагæн дæр.
Еунæхуцау, цард кæмæн равардтай, е Ислами ‘гъдаубæл цæрæд,
А дуйнейæй ке рацох кодтай, е ба æ дини ‘гъдаубæл рамæлæд.”

[æллаhуммæ игъфир ли хæййина уæ мæййитина,
уæ шахидина уæ гъа ‘ибина,
уæ сæгъирина уæ кæбирина,
уæ зæкæрина уæ унсана,
æллæhуммæ мæн æхйæйтæhу минна
фæ æхйихи ‘аля ль-ислями,
уæ мæн тæуæффæйтæhу
фæ тæуæффаhу ‘аля ль-иман.]

Уой фæсте ба, нæлгоймаг, кенæ силгоймаг, кенæ минкъий сувæллон адтæй, уомæ гæсгæ аргъаунцæ:

а) Нæлгоймаги туххæй дуа

“Еунæхуцау, кæд рамæлæг рæстуод адтæй,
уæд ин Дæ хуæрзтæбæл ма байауæрдæ,

кæд æма тæрегъæдгун адтæй, уæдта ин ниххатир кænæ.
Хуцау тухгин æй!”

[Æллаhуммæ ин канæ хазæ ль-мæййиту мухсинæн
фæ зид фи ихсанихи
уæ ин канæ муси ‘æн фæ тæджауæз ъæнhу.
Æллаhу æкбæр.]

б) Силгоймаги туххæй дуа

“Еунæхуцау, кæд аци силгоймаг рæстуод адтæй,
уæд ин дæ хуæрзтæбæл ма байауæрдæ,
кæд æма тæрегъæдгун адтæй, уæдта ин ниххатир кænæ.
Хуцау тухгин æй!”

[Æллаhуммæ ин канæт хазихи ль-мæййитæту мухсинæтæн
фæ зид фи ихсанихa уæ ин канæт муси’ æтæн
фæ тæджауæз ‘ænha.
Æллаhу æкбæр.]

в) Сувæллони туххæй дуа

“Еунæхуцау, аци сабиййи фесавд нин Дæ размæ нæ адгор уæд,
нæ хуæрзеуæг æма нин æй нæ хæзна фæккæнæ,
нæ сæрбæлдзорæг нин æй фæккæнæ,
æма нин æй Дæ хуæрзтæ корæг фæккæнæ.
Уа, хуæрзти Хуæздæр!
Хуцау тухгин æй!”

[Æллæхуммæ дж’ æльhу ляна фæрæтæн
уæ дж’ æльhу ляна æджрæн уæ зæhрæн
уæ дж’ æльhу ляна шафи ‘æн

уæ мушаффæ ъæн би рæхмæтикæ
йа ærхæм æр-рахиминæ.
Æллаhy æкбæр.]

4.Цуппæрæймаг тæкбири ба аргъаунцæ:

“Еунæхуцау, ма нæ ænæхай кænæ æ хуæрзеуæгæй
æма нæбæл ма тегъхадт кænæ æ фæсте.
Ниххатир кænæ махæн дæр æма уомæн дæр.”

[Æллахуммæ ля тæхримна æджрæhy,
уæ ля тæфтинна ба ъдæhy,
уæ гъфир ляна уæ ляhy.]

Уобæл имам фæууй дзаназæгонд, æма æ сæр рахесæрдæмæ, уæдта галеуæрдæмæ разелуй дзоргæй: “Салам æма уæ Хуцауи хуарзæнхæ уæд” [*æс-сæляму ъæлейкум уæ рæхмæту Ллаhи*].

Адæймаг сæумæ ку рацох уй, уæд æй байвæрун фæгъгъæуй еци бон, хор ранигулди агъоммæ. Бонæ, кенæ изæрæй ку рацох уа, уæдта ‘й иннæ бон байвæрун фæгъгъæуй. Мардæвæргутæ фæуунцæ æрмæст нæлгоймæгтæ, кæцити нимæдзæ гъæуама ænæнкъай уа.

Мардæвæргæй фæгъгъæуй Хъуранæй 1, 2, 18, 36, 44, 97-аг суритæ æма аль-Бурдай касыдтæ байаргъаун.

3. Закят (Битир)

Битир (*закят аль-фитр*) æй Ислами æртиккаг бундор. Хуцау байхæс кодта алли федунгъон пусулмонæн æрвиланз дæр сæ цийфес æма æфтауцæй налог федун мæгурти пайдайæн. Алли пусулмон дæр, кæций финансити уаваер

бærзонддæр æй бælвурдгонд минимумæй, гъæуама е ‘хцайи балансæй феда 2,5% æнхус гъæуагæ адæнæн. Е минимум æй. Куд фулдæр федай, уотæ дин устурдæр læвар ратдзæнæй Хуцау. Хуцау, ци ‘хца федæн битири хузи, уони гъæуагæ нæй. Е æнккæт монцтæй дæр бærзонддæр æй. Фал нин, не ‘мхузæнттæн фæййагъаз кæнгæй, Е ‘стур хатиргонди иваерзуй хуæрзеугутæ.

Хуæрзеугутæ райсунæн цалдæр фадуати ес: Хуцауи номæй федгæй макæддæр хезæ дæхецæн ести пайда битиресгутæй, кенæ уой фæрци зундгонд исун ниннет кæнун.

Сугъзæрийнæбæл налог æвæрд цæуй 20 мисхали (1 мисхал=24 карати, кенæ 4,68гр.), æвзестæбæл – 200 драхми (1драхмæ=2,12гр.), кенæ ба сæ бæсти ‘хцайи эквивалент. Тиллæгæй ба дæттун гъæуй 300 саайи. Уæйæ ци мулк цæуй, уобæл ба налог æвæрд цæуй æ аргъмæ гæсгæ. Сугъзæрийнæ æма æвзестæ уæйæгонд ку цæуонцæ, уæд си федун гъæуй сæ цуппæрæймаг хай. Тиллæгбæл ба – 10% æрдзон донхуаруггондæй, æма 5% кæнгæ донхуаруггондæй.

Ислам æрмæст налогбæл не ‘нцайуй. Стонг рæстæгути гъæздугути ихæс седзæртæ ‘ма гъæуаггинти дарун æй. Пусулмонæн барæ лæвæрд нæ цæуй хе бафсадун, æ синхон æстонг уогæй. Рамадани мæйи уоразай фæстаг бон алли пусулмонбæл дæр ихæс ес битир раттун, алли уодæй дæр (сувæллæнтти нимайгæй) хуæруйнаги 1 саа, ихуæрстити бæсти ба битир ист цæуй сæ хецæуттæй.

Æхецæн пайда н’ агоргæй, Хуцауи номбæл æ цийесæй ка бахай кæнуй барвæндæй, æрмæст етæ ист цæунцæ Исламмæ. Закят дæттунбæл арази ка нæй, е тæрегъæдгун адæймаг æй, уомæн æма, уомæй тæрегъæддæр гъуддаг нæййес, æма дæ губун бафсадæ, иннетæ судæй мæлгæй.

Ислам æй ируст æма кæрæфдзийнади нихмæ.

Адæймаг тобæ ку бакæна естæй тухxæй, уæд æй ку не ‘сæнхæст кæна, кенæ ‘й лæвæрд рæстæгмæ не ‘сæнхæст кæна, уæд ин Хуцау байхæс кодта закят бафедун. Тобæбæл федæггаг фæууй 10 мæгурей истахун, уæхæн равгæ ку нæ уа, уæдта æртæ бони ком дарун.

Закят райсуни барæ ес:

а) мæгуртæ ‘ма æвæлгъазитæн, кæцити бон царди фагæ бакосун нæ фæууй;

б) ихæс бафедунгъон ка нæй;

в) бæлццæнттæн, кæцитæмæ сæхемæ раздæхуни фагæ фæндаггаг нæ фæууй;

г) динбæл тохгæнгутæн;

д) битирадон, гуманитарон æхсæнадтæ ‘ма организацитæн, кæцитæ ауодунцæ æма æнхус кæнунцæ мæгуртæ ‘ма седзæртæн;

е) æхсæнади пайдайæн естиаваер проектæн (зæгъæн, сæйгæдонæ исаразунæн).

4. Уораза (ас-саум)

Ислами цуппæрæймаг бундор ба æй *уораза* (*ас-саум*). Алли пусулмонæн дæр уораза даргæ ‘й мæйи ‘ндæргъци. Уораза нисан кæнуй Рамадани мæйи ком дарун. Берæ динти ком дарунцæ æвзаргæ хуæруйнæгтæбæл. Пусулмон дини ба ком дарунцæ æгас хуæруйнæгтæбæл дæр. Бони рохси не ‘нгъезуй нæдæр хуæрун, нæдæр ниуазун, нæдæр хе исæрхун.

Рагисон, хор ку нæма скæса, уæд ком ниббæттунцæ, хор ниннигулгæй ба исуадзунцæ сæ ком.

Комбаст нисан кæнуй уой, æма рагисон сараз скæнгæй, цалдæн хор ниннигула, уæдмæ дæ коми къæбæри морæ дæр мабал уа. Дони гъæстæ дæр гъæуама ма фæккæнай дæхе. Æрмæстдæр тæвдæ бони æнгъезуй уомæл хæцъелæй билтæ расæрфун.

Комуагъд ба нисан кæнуй уой, æма хор ку ранигула, уæд исахуадæ æма дæ зæрдæ ци зæгъуй, уой бахуæрæ.

Уораза аразун райдæдтонцæ 624 анзи. Еци анз Рамадани мæйи Мæхæмæтæн (Хуцауи хуарз салам æй уæд) байгон æй Хуцауи дзурд: “ Уо, ка бауæндтæй! Сумах размæ ка адтæй, уонæн куд фæдзæхст адтæй, уотæ сумахбæл дæр ес ком даруни ихæс, - мусийнæ, Хуцауæй тæрсдзинайтæ!” (2:183)

Уоразай райдайæн исбæрæг кæнунцæ дууæ хузи: шаъбани мæйи кæрон

исбæлвурд кæнгæй æма Рамадани мæйнæуæг исбæрæг кæнгæй.

“Хъуран адæни разамундæн, æма раст хæранæй равзарунæн æма рартасунæн ци рамазани мæйи æрвист æрцудæй, еци мæйи æ хæдзари ка уа, е гъæуама и мæйи æндæргъци ком дара; сæйгæ ка ‘й, кенæ балций, уомæн ба ихæс æй гъе уал бони æндæр мæйæ ком бадарун. Хуцауи зæрдæ уин зиндзийнадæ нæ, фал æнцойнæдзийнадæ зæгъуй, цæмæй лæвæрд бæнттæ исæнхæст кæнайтæ æма Хуцауæн искадæ кæнайтæ, раст надбæл уа ке кæнуй, уой тухххæй æма си уайтæ боз.” (2:185)

Зæнхи цъари алли къумти мæйнæуæг фæйнæ рæстæгеми фæззиннуй. Уомæ гæсгæ ба уоразай райдайæн къæлиндармæ гæсгæ бæрæггонд нæ цæуй, фал кæми цæрис, уоми ци рæстæг фæззинна мæйнæуæг, уомæ гæсгæ.

<u>Уораза дарунæн гъæуй æртæ фæрæзни:</u>

1) байлæгъдзийнадæ (шæриатмæ гæсгæ);
2) сæризунд хемæ ундзийнадæ;
3) уораза дарун гъондзийнадæ.

<u>Уораза даргæй:</u>

1. Хор ку ниннигула, уæд нæ гъæуй дзебæл кæнун ком исуадзунбæл.
2. Ком уадзгæй гъæуй æнæнкъай комидзаг æма хъуртти скæнун.
3. Ком уадзгæй Хуцаумæ бахатæ: “Еунæхуцау! Дæуæн æй нæ комбаст æма Дæ лæварæй нæ ком уадзæн. Æма нин æй исхъабил кæнæ. Уастæн, Алцийигъосæг æма Алциуинæг дæ.” (Абу Дауд Мæхæмæт Пахампари (Хуцауи хуарз салам æй уæд) дзурдтæй).
4. Сараз исаразун æхсæви фæстаг сахат, æгас бон дæр ком бастæй дарун нет кæнгæй.
5. Не ‘нгъезуй еске зæрдихудти цæун, ескæмæ тургæй дзорун.
6. Еске дин дæ зæрдæ ку фæхходун кæна, уæд ин ниууодæнсæ. Рамæстгун уогæй дзорун гъæуй: “Мæ ком баст æй”, “Мæ ком баст æй.”
7. Гъæуй де ‘мхузонæн дæр фæййангъос кæнун æ ком исуадзун.

Ком ниббætгæй нæ фæткæуй:

1) дæндæгутæ донæй æгæр æнгъæвзун (цæмæй дон дæ хъури ма райерваза);
2) дæ уосæн ба кæнун;
3) дæ уосæмæ цибæлæй кæсун;
4) силгоймагбæл къохæй, кенæ бауæрæй æндзæвун;
5) гъæлæси листухъ æрæмбурд кæнун æма ‘й ранихъуæрун;
6) хуæруйнаг кæнгæй æнæгъæуаги исахуадун.

Ком рæстæгæй раздæр исуадзуни барæ ес:

1) æвгъæди бадæг æма мæйонтæ кæмæ ес, уæхæн силгоймæгтæн;
2) идард надбæл уæвгутæн;
3) сæйгæн;
4) сувæргин æма дзедзедарæг силгоймагæн.

Комдард нимад нæ цæуй:

1) бони рохси ‘ндæргъци дон, кенæ хуæруйнаг исахуадгæй;
2) силгоймаги хæццæ фæууогæй;
3) барæй исуомгæй;
4) клизмæ ‘скæнгæй;
5) тог рауадзгæй (уæлдай нæй: дæхе тог рацæуа, æви еске тог рауадзай).

Комдард ци бон фехалай, еци бон гъæуй банхæст кæнун æндæр ескæци бон Рамадани мæйи фæсте.

Уораза даргæй бони рохси силгоймаги хæццæ ниххусгæй æнæмæнгæ гъæуй уоразай фæсте дууæ мæйей æндæргъци ком бадарун, уæхæн равгæ ку нæ уа, уæдта 60 мæгуремæн бахуæрун кæнун.

Ком даруни æхсидзгондæр бæнттæ æнцæ:

- Рафати бон, гъома, зу-ль хиджжай фарæстæймаг бон;
- аль-мухаррами фарæстæймаг æма дæсæймаг, кенæ дæсæймаг æма еуæндæсæймаг бæнттæ;
- шаввали æхсæз бони;
- зу-ль хиджжай фиццаг фараст бони;
- аль-мухаррами мæйи;
- алли мæйи дæр "уорс бæнттæ" ке хонунцæ, уонæми, гъома æртиндæсæймаг, цуппæрдæсæймаг, финддæсæймаг бæнтти;
- авдисæр æма цуппæрæн;
- бонцохæй.

Ци бæнтти не 'нгъезуй ком дарун

1. Бæрæгбæнтти – комуадзæнтæ 'ма хъурманти.
2. Зуль-хиджжи 11-аг, 12-аг, 13-аг ат-ташрики æндæргъци.
3. Гурусхи бони, гъома, шаъбани 30-аги.

Аййепдзийнадæбæл нимад цæуй æрмæст майрæнбон, кенæ æрмæст сабати ком дарун, уæдта "æноси ком дарун", гъома, анзи 'ндæргъци ком дарун.

5. Хадзи

Ислами фæндзæймаг бундор хадзи искæнун æй. Алли пусулмонæн дæр, хадзи скæнун гъон кадæр æй, ихæс ес æ царди медæгæ еу хатт Каабæ бабæрæг кæнун.

Хадзий нисан æй: Каабæбæл авд хатти æрзелун, бæрæг рæстæги бæлвурдгонд бунæтти балæуун (Арафат, Муздæлиф æма Мини), омрæ скæнун.

Æнккæт хадзигæнгутæ дæр сæ хъæппæлтæ раййевунцæ еци еухузон дарæсбæл, кæций хонунцæ *ихрам*. Нæлгоймæгтæн сæ ихрам фæууй уорс хъумаци дууæ тагемæй, кæцити стахунцæ сæ гурæбæл, сæ сæртæ нæ нимбæрзгæй. Силгоймæгти ихрам дæр уорс хъумацæй фæууй, фал фæууй худт,

уædта уæрæх, кæци фембæрзуй, æрмæст цæсгонæй уæлдай, æгас бауæр дæр. Нæлгоймæгти рази ба сæ цæсгæнттæ дæр гъæуама æрæмбæрзонцæ.

Хадзигæнгутæ сæхе ци рауæн истахунцæ ихрами, е хуннуй *микат.*

Микаттæ, кæцити иснисан кодта Мæхæмæт Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд), цалдæр æнцæ:

1. Зу-Эльхалифа (Бияр Али) – Мелини цæргутæн;
2. Альджоуфа (Рабеки цори) – Ирак, Египет æма Мæрокки цæргутæн;
3. Карнь Эль-Мæназель (къададон, кенæ Мохрами будур) – Нажда, Таэф æма уонæмæ хæстæг районти цæргутæн;
4. Еламлам – Йемени цæргутæн;
5. Зат-Эрг – Ираки цæргутæн.

Алли хадзигæнæгæн дæр ранимад бунæттæй, кæд еци рауæни цæргутæ нæ ‘нцæ, уæд алкæцидæр си уодзæнæй æ *микат*.

Ихрам искæнгæй, хадзигæнæг исаразуй омрæ, байаргъаугæй: “Æз æрлæудтæн Хуцауи размæ омрæ скæнунмæ. Мæнæ дæн Дæ рази.”

Сувæргин, кенæ мæйонтæ ци силгоймагмæ райдайонцæ, уомæн æнгъезуй ихрам дарун, фал ин ковун ба не ‘нгъезуй. Е дæр байаргъауй: “Мæнæ дæн Дæ размæ, Еунæхуцау, омрæ ‘ма хадзи скæнунмæ.” Æ ихрам не сесуй, цалдæн нивонд кæнæн бæрæгбонмæ ковæггаг не ‘рхæсса, уæдмæ.

Ихрам даргæй хадзигæнæгæн не ‘нгъезуй:

1) æ дзиккотæ ælвинун;
2) интим рахастдзийнæдти бацæун, носун, уæдта еци темитæбæл дзорун;
3) уосæ корун, лæгмæ цæун, минæвæрттæ æрветун;
4) нихтæ кæнун;
5) нæлгоймæгтæн сæ сæр æмбæрзун, хорæй хе римæхсун зонтикки буни, халагъоди, машини;
6) духитæй пайда кæнун;
7) цауæн кæнун;

8) нælгоймæгтæн худт дарæс дарун, силгоймæгтæн ба – худт хизæ дарун.

Нælгоймæгтæ къахидарæси фæххæтунцæ.

Меккæмæ æрбахъæртгæй, хадзигæнæг авд хатти æрзелуй Каабæбæл (“омри зилдтитæ”). Каабæбæл зелгæй, æрмæст Хуцаумæ ковунæй æндæр, нециавæр кувд кæнун фæгъгъæуй. Æрмæст дууæ цæгиндзей ‘хсæн хадзигæнæг зæгъдзæнæй: “Еунæхуцау, а дуйнебæл дæр æма аннæ дуйнебæл дæр нин Дæ хуарзæй бахай кæнæ æма нæ арти гъезæмарæй бахезæ.”

Уой фæсте ба хадзигæнæг дууæ хатти æ уæргутæбæл æрлæууй Сугъдæг Мæзгити, Кааби рази, уæдта авд хатти рафецауй Сафи æма Марви къолти ‘хсæн, Каабæмæ е ‘рух раздахгæй æма ковгæй: “Хуцау тухгин æй!” Марви ‘рдæмæ рафецаугæй, Хуцауæй коруй æ хуарздзийнадæ. Еци ‘гъдæуттæ скæнгæй, нælгоймæгтæ сæ дзиккотæ нилвинунцæ, силгоймæгтæ ба сæ дзиккоти кæрæнттæ ралух кæнунцæ. Сувæргин æма мæйонтæ ци силгоймæгтæмæ фæууй, уонæн не ‘нгъезуй Каабæбæл æрзелун.

Хадзигæнгутæ Минæмæ цалдæн нæма рандæ унцæ, уæдмæ силгоймаг ку скæдзос уа æ мæйонтæй, уæд ин æнгъезуй Каабæбæл æрзелун, уæдта æ дзиккоти кæрæнттæ ракъуæрун æма омрæ кæнуни ихрам хадзи кæнуни ихрамбæл баййевун.

Хадзигæнгутæ рандæ унцæ Минæмæ, уоми бахсæвеуат кæнунцæ, сæумæ ба, хорискасти, ранæхстæр унцæ Нумеримæ. Уоми фæуунцæ рæфтон æма фæсарæфтон намази уæнгæ, хор ку ранигулуй, уæдта ранæхстæр унцæ Арафатмæ. Арафати фæкковунцæ Хуцаумæ. Хадзигæнгутæ Арафати фæуунцæ хор ниннигулди уæнгæ, уæдта рандæ унцæ Муздæлифмæ æма уоми æхсæйвон намаз искæнунцæ. Уой фæсте ба хорискасти агъоммæ æрбаздæхунцæ Минæмæ.

Хор ку скæсуй, уæд хадзигæнгутæ фентъохунцæ авд дори (Акаби дортæ), хъæдори стæвдæнтæ, дууæ дорин цæгиндзебæл, кенæ Мини будури горенбæл, кæци нисан кæнуй Ибилиси фембулд. Уой фæсте ба косæрттаг фус нивгæрдунцæ. Нælгоймæгтæ сæ сæр нилвинунцæ, силгоймæгтæ ба сæ дзиккоти кæрæнттæ, æма уæд ихрам сæхе хъæппæлтæбæл баййевунцæ. Æрмæст интим

рахастдзийнадæй уæлдай, иннæ гъуддæгтæбæл тобæгонд ист æрцæуй. Уой фæсте ба Меккæмæ рандæ унцæ, хадзий зилдтитæ скæнунцæ Каабæбæл æма уæд интим гъуддæгтæбæл дæр тобæ ист æрцæуй.

Уордигæй хадзигæнгутæ раздæхунцæ Минæмæ æма бæрæгбони кæронмæ уоми фæуунцæ. Еуæндæсæймаг æма дууадæсæймаг бон хори ниннигулди фæсте æртигай дортæ фехсунцæ: фиццаг минкъий дор, уæдта рæстæмбес, æртиккаг ба – Акаби дор – нивондхæссæн бæрæгбони цæхуæн дортæ æнтъухтонцæ, уæхæн. Акаби дор фæууй авд доремæй. Хадзигæнæг сæ фæд-фæди фентъохуй, æ алли гæлсти дæр уотæ дзоргæй: “Хуцау тухгин æй!”

Дортæ фехсуни фæсте, дууадæсæймаг бон, хадзигæнæгæн æ бон æй Минæй рандæун. Æ рандæуни размæ ба ма гъæуама исараза фæндарасти зилд.

6. Джихад

Кæд æма джихад Ислами сæйраг бундорбæл нимад нæ цæуй, уæддæр Ислами лæууй ахсгиаг бунати, уомæн æма æ кой арæх цæуй Хъурани дæр æма Хадисти дæр.

Джихад нисан кæнуй Ислам багъæуай кæнун æма æ сæраппонд тох кæнун фæстаг тоги ‘ртæхи уæнгæ. Æ монон æма бауæри хъауритæ Хуцауи надбæл ка харз кæнуй, еци адæймаг нимад цæуй джихади архайæгбæл.

Шæриати æвзагмæ гæсгæ ба джихад нисан кæнуй Хуцауи туххæй Ислами знæгти нихмæ хъазауат тох.

Джихад дех кæнуй уæхæн нисанеуæгтæбæл:

1) **зæрди джихад**, кæци нисан кæнуй дингæнæгæн хе аййепдзийнæдти хæццæ тох кæнун;
2) **æвзаги джихад** – цийфæнди рауæн дæр Хуцаумæ æхцæуæн ка фæккæса, уобæл дзорун æма Хъуран азунбæл ци нимайуй, уой нихмæ æргомæй дзорун;
3) **къохи джихад** – дини размæ преступникти бафхуæрундзийнадæ;

4) **хъæмай джихад** – гиаурти æма Ислами знæгти нихмæ тох.

Мæхæмæт Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) уотæ загъта: “Мах минкъий джихадæй раздахтан, цæмæй устур джихад райдайæн.” Ами “минкъий джихад” нисан кæнуй гиаурти нихмæ тох, “устур джихад” ба – хе уодигъæдæ федар кæнун.

Джихад фиццагидæр нисан кæнуй адæймагæн æхемæ ци аййеп, азундзийнæдтæ ес, уони хæццæ тох кæнун æма зæрдегенæй Ислами надбæл цæун.

IV.Хъуран

Хъуран (араб. “ал-хъуран” - “аргъаун, кæсун,” “фæдзæхст”) æй пусулмæнтти Сугъдæг киунугæ, Хуцауи дзурдти æмбурдгонд, кæцитæ раргом æнцæ Мæхæмæт Пахампарæн (Хуцауи хуарз салам æй уæд) 610 - 632 æнзти.

Раздæр еци æргомæгтæ цъухæй-цъухмæ лæвардтонцæ. Фиццаг фæдонти ‘хсæн беретæ наизусть нигъгъуди кæниуонцæ Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) цидæриддæр дзурдта, уони. Фæстæдæр ба еци гъуддаг ихæсгонд адтæй курдиатгундæр авд лæгемæн. Хонгæ дæр сæ “хъурандартæ” кодтонцæ. Еуæ-еу æргомæгти дингæнгутæ сæхе барвæндæй ниффинсиуонцæ, цалдæн Мæхæмæти (Хуцауи хуарз салам æй уæд) указмæ гæсгæ Мадини нæ райдæдтонцæ еудадзуг æнккæт æргомæгтæ дæр финсун. Финстонцæ сæ фонси цæрттæ ‘ма стæгутæбæл, еуæ-еуети ба – дортæбæл.

Цалдæн Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) цардæгас адтæй, уæдмæ финститæ гъæуагæ н’ адтæнцæ, уомæн æма, ку багъæуидæ, уæд син æхуæдæг радзоридæ. Фал, Мæхæмæт (Хуцауи хуарз салам æй уæд) ку рамардæй, уæд ин е ‘ргомæгтæ фесун кæнун райдæдтонцæ. Уой хæццæ ба ма æнæкæрон тугъдтæлти “хъурандартæ” фæммæлиуонцæ. Уомæ гæсгæ ба, Уомари унаффæмæ байгъосгæй, фиццаг хæлиф Абу Бекр бардзурд равардта Пахампари

(Хуцауи хуарз салам æй уæд) монон бунтæ басæрфат кæнун æма ин æ уадзæфтауитæ ниффинсун.

Еци куст байхæс кодта Мæхæмæти (Хуцауи хуарз салам æй уæд) кæнгæ фурт Зейд ибн-Саббитæн, кæци адтæй ахургонд æма Хъурани фулдæр хай наизусть зудта.

Е æновудæй райдæдта косун, фал, Абу Бекр[1] ци цубур рæстæгмæ адтæй хæлифæй, уæдмæ ин берæ нæ бантæстæй. Æрмæст дуккаг хæлиф, Уомари рæстæги фæцæй Хъуранбæл куст. Зейд æрæмбурд кодта цидæриддæр финститæ адтæй, уони: пергаменттæ ‘ма папирусти гæппæлтæ, пальми сифтæ, дортæ, æстгутæ, фæйнæгутæ æма æнд. у. Уой уæлæнхасæн ба адæн ке багъуди кодтонцæ, уони дæр. Уони еумæ æрæмбурд кæнгæй, кæрæдзей хæццæ сæ рабарста æма, минкъий гурусхагдæр ка фæууидæ, уони рагæлдзидæ, æма етæ Хъуранмæ нæ бахаудтæнцæ. Уотемæй финст æрцудæй Хъурани фиццаг экземпляр, кæций равардта Уомармæ. Уомар ба ‘й æ кизгæ Хæфсе, Мæхæмæти (Хуцауи хуарз салам æй уæд) идæдз уоститæй еуемæ равардта.

Еци киунугæ, æрмæст хæлифи фалæнбулай ка адтæй, уони бон адтæй байаргъаун, пусулмæнтти иннæ хай ба цъухæй-цъухмæ ке лæвардтонцæ, уомæ гæсгæ аразтонцæ сæ дин. Уæхæн гъуддаг Пахампари (Хуцауи хуарз салам æй уæд) ахур фесинмæ кæнун райдæдта. Еци гъуддагæн кæрон искæнуни туххæй, æртиккаг хæлиф Уосмæн, исфæндæ кодта бæрæг-бæлвурд редакцигонд Хъуран исаразун, кæци иссайдæ æнккæт пусулмæнттæн дæр еумæйаг. Æма бабæй Зейд нæуæгæй, 651 анзи, æрæмбурд кодта æрмæг. Æрæмбурдгонд æрмæг рахецæн кодта 114 сæргондебæл (суритæбæл). Текст ма дех кæнунцæ 30 хаййебæл (джуз’тæбæл) æма 60 дæлхаййебæл (хизб’тæбæл). Суритæ бæрцæмæ гæсгæ æмхузæн нæ ‘нцæ. Суритæ дех кæнунцæ уадзевзитæбæл (айат’тæбæл). Айатти нимæдзæ еу сури фæууй 3-æй 286-ей уæнгæ. Æдеугурæй ба Хъурани ес 6236 айати.

Суритæ Хъурани æнæсистемæй æвæрд æнцæ. Хронологимæ гæсгæ сæ Зейди

1 Абу Бекр æдеугурæй 2 анзи фæцæй хæлифæй.

бон н’ адтæй исæвæрун, уомæн æма цуппор анзей æндæргъци, Мæхæмæти (Хуцауи хуарз салам æй уæд) уадзæфтауни райдайæнæй Хъурани ниффинсти уæнгæ ци рæстæг рацудæй, уоми еци фæткæвард иронхгонд æрцудæй. Сæ медесмæ гæсгæ дæр син н’ адтæй исивæрун, уомæн æма Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) еци еу сури фæдздзоридæ фæйнæхузон темитæбæл. Уомæ гæсгæ ба сæ Зейд дæр се ‘вæзнæмæ гæсгæ исивардта.

Оригиналæй æртæ къопий исиста, æма еци 4 экземпляри иурст æрцудæнцæ Ислами уæди сæйраг центрти: Мединæ, Куфа, Басрæ æма Дамаски ‘хсæн.

Уой фæсте ба, аци 4 киунугемæй уæлдай ма цидæриддæр финститæ байзадæй, уони æрæмбурд кæнун кодта Уосмæн æма сæ басодзун кодта. Уогæ ма Зейдæй æндæр Хъурани спискутæ ка саразта, уæхæнттæ цалдæр адтæй. Уонæй зундгонддæр адтæнцæ Убай ибн-Кааб, ибн-Мæсуд, Микдад, аль-Ашари æма ибн-Кудейди финст Хъурæнттæ. Фал уонæн уæхæн кадæ ‘ма æууæнкæ н’ адтæй æма нæ рапарахат æнцæ. Фæстædæр рæстæги ба иронхуати байзадæнцæ. Уотемæй нури уæнгæ дæр Уосмæни текст еунæгæй æнæййивдæй æрхъæрттæй. æрмæстдæр си Х-аг æноси грамматикон æма лексикон рæдудтитæ растгонд æрцудæнцæ. Еци цуппар киунугемæй æртæ си тугъдтæлтæ ‘ма ‘змæнстити фесавдæнцæ. Еу ба си нури уæнгæ æрхъæрттæй.

656 анз хæлиф Уосмæни галауанмæ ку бампурстонцæ низмæнтгутæ, уæд сæмæ е, æ къохи Хъуран, уотемæй рацудæй. Фал лæгмарти е нæ бауорæдта, æма ‘й къæсæрбæл рамардтонцæ. Хæлифи тогæй игъæнст киунугæ уоми æрхаудтæй æма ‘й хæлхъойти неке ‘ргъуди кодта. Агорун æй райдæдтонцæ цалдæр анзей фæсте, цуппæрæймаг хæлиф Алиййи фæсмæрдæ, фал æй нæбал иссирдтонцæ.

Æ фæд фæззиндтæй æрмæст Тимури рæстæгути, XV æноси райдайæни, Самарканди мæзгиттæй еуеми. 1868 анз ба уруссæгтæ ку байстонцæ Самарканд, уæдта ‘й уордæгæй Петербурги Публикон библиотеки музейи хайадæмæ рахастонцæ. 1918 анз ба Ленини фæндонмæ гæсгæ лæвæрд æрцудæй Ташкентмæ. Фал Сталини рæстæги ба ‘й фæстæмæ рахастонцæ уордæги

Наукити Академий библиотекæмæ.

IX æноси Хъурани текстмæ хаст æрцудæй оглосовкитæ, гъома спецнисантæ, кæцитæ æвдистонцæ раст куд кæсгæ ‘й, уой. Е уомæн багъудæй, æма араббаг грамматики гъæлæсонтæ нæ финстонцæ. Уомæ гæсгæ ба еци еу дзурд æнгъизтæй фæйнæхузи бакæсун. Зæгъæн, *“ас-салям алейк”* нисан кæнуй: *байрайæ, “ас-силям алейк”* ба нисан кæнуй: *дорадзагъд дæбæл фæккæнонцæ*. Цæмæй æнцондæр аргъауæн æма багъуди кæнæн уа, уой туххæй ба и текст 30 хаййи (*джуз*) æма 60 дæлхаййи (*хизб*) бакодтонцæ. Хъуран æ райдайæнæй финст æрцудæй меккайнаг диалектбæл æма нури уæнгæ дæр æрмæст еци диалект нимад цæуй Хъурани ‘взагбæл, æма ‘й нæдæр æндæр араббаг æвзаги диалектмæ, нæдæр æндæр æвзагмæ не ‘нгъезуй раййевун, уомæн æма сæ медес син нæййес æнхузæнæй ратæлмац кæнæн. *Æ* медес цæмæй фесунгонд ма ‘рцæуа, уой туххæй æнккæт пусулмæнттæ дæр Хъуран аргъаунцæ и фиццагон æвзагбæл. Хъуранæн ци берæ тæлмацгæндтæ ес, уони ба хонунцæ *тæфсертæ*, гъома, “*медеси тæлмацтæ*,” “*лæдæрунгæнæн тæлмацтæ*.”

Хъуран æй Ислами бундор, кæци иваруй дини ‘гъдау, закъон æма æфсари нормитæ, царди уагæвæрд æма уагахасти фæткитæ берæ миллион пусулмæнттæн. Хъурани хæццæ нæ базонгæ уогæй нæййес балæдæрæн Ислами медес æма нисанеуæг. Фал, уой хæццæ ба ма, Хъурани текст æнцон лæдæрæн нæй. Хъурани æнцон лæдæрæн уадзевзитæ хонунцæ *мухкамат*. Фал си ес сæ медес зин лæдæрæн кæмæн æй, уæдта æрмæст еухузи лæдæрун гæнæн кæмæн нæййес, уæхæн уадзевзитæ дæр. æма уони ба хонунцæ *муташабихат*. Уомæ гæсгæ ба багъæуй динæвзаргути тæфсертæй пайда кæнун.

V.Суннæ æма Хадистæ

Суннæ, кенæ е ‘нхæст хузи – Хуцауи минæвари Суннæ, нисан кæнуй Мæхæмæт Пахампари (Хуцауи хуарз салам æй уæд) дзурдтæ, гъуддæгтæ ‘ма æ царди туххæй æмбурдгонд тексттæ. Суннæ араббаг æвзагæй ратæлмац гæнгæй

нисан кæнуй “хузæг”, “дæнцæн”.

Хъурани фæсте Суннæ устур ахсгиаг бунат ахæссуй пусулмæнтти царди медæгæ, пусулмон-шийиттæй уæлдай. Пахампари Суннæ æвдист цæуй хадисти. Хъуран æгас фарстатæн дзуапп ке нæ лæвардта æма си нихмæвæрд рауæнтæ дæр ке адтæй, кæцити гъудæй рартасун, уой тухæй багъæуидæ еци уавæрти тухæй Мæхæмæт Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) ци дзурдта, уонæй спайда кæнун. Хадистæ æнцæ Пахампари (Хуцауи хуарз салам æй уæд) дзурдти æвдесæнтæ. Хадистæ финстонцæ Мæхæмæти (Хуцауи хуарз салам æй уæд) хæстæгдæр фæдонти цъухæй. Хадисти æмбурдгæнæг æма комментаритæ гæнæги хонунцæ *мухадис*. Хадис уацæг æрмæст уæд нимад æрцæуидæ, цацæг ин æвдистæг хаст æрцæуидæ. Еци æвдистæгæн гъудæй хадис радзоргути нæмттæ æрхæссун. Радзорæги биографи ‘ртасгæй ку сбæлвурд киндæ уидæ, е Пахампари хæццæ (Хуцауи хуарз салам æй уæд), æнæмæнгæ, исæмбалдæй, зæгъгæ, уæд еци хадис æмбурдгонд текститæмæ хаст æрцæуидæ. Хадистæ дууæ хаййемæй арæзт æнцæ: *иснад* (“æнцойнæ”) – радзоргути нæмтти ранимад, æма *матн* (“текст”) – хадиси медес.

Æцæг хадисти нимæдзæ динæртасгутæ фæйнæхузи нимайунцæ. Уотæ Абу Ханифа (рамардæй 767 анз) æцæгбæл нимадта æрмæст 17 хадиси. Мæлик ибн Анас ба (рамардæй 795 анз) банимадта 300 æцæг хадиси. Ахмæд ибн Хабали нимæдзæ ба 50 минемæ схъæрттæй.

Хадисти фиццаг æмбурдгæндтæ классификацигонд цудæнцæ тæккæ фиццаг радзоргути нæмттæмæ гæсгæ, кæцити ранимад цудæй алфавити фæткæмæ гæсгæ. Еци æмбурдгонди тип худтонцæ *муснад* (“æвзурст”). Уонæми хадистæ сæ тематикон хайадтæмæ гæсгæ æвæрд æнцæ. Уонæй тæккæ зундгонддæр мусанафбæл нимад цæунцæ имам Абу Абдаллах ал-Бухарий (рамардæй 870 анз) æма Муслим ал-Нишапурий (рамардæй 875 анз) æмбурдгæндтæ “Ас-Сахих” (“Уацæг æмбурдгонд”). Ал-Бухари хадистæ фембурд кодта 16 анзей æндæргъци. Равзурста 600 мин хадиси, кæцитæй æ киунугæмæ бахаста æрмæст 7563 хадиси.

Шиттæ Суннæ нæ нимайунцæ. æрмæстдæр нимайунцæ цуппæрæймаг хæлиф Алиййи туххæй хадистæ.

Хадистæ

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

Æргомзæрдæ æма уалгæдзондзийнади туххæй

Мæхæмæт Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) дзурдта:

- “Уастæн, Хуцау уин нæдæр уæ гураемæ, нæдæр уæ уиндæмæ нæ кæсуй, фал уин кæсуй уæ зæрдитæмæ.” (Абу Хурейри дзурдтæй).
- “Дууæ пусулмони ку фембæлонцæ æма сæ хъæматæ ку сласонцæ, уæд фæммæлæг дæр æма рамарæг дæр арти амæттаг уодзæнæнцæ.” Æз æй бафарстон: “Йа, Хуцауи минæвар, сæ еу си лæгмар æй, уæд ма фæммæлæг ба цæй туххæй æфхуæрд цæуй?” Е дзуапп равардта: “Уастæн, е инней рамарунмæ гъавта æма æ гъудити туххæй æфхуæрд баййафдзæнæй.” (Абу Бакр Нафи ибн аль-Харис ас-Сакафий дзурдтæй).
- “Уодæй хъаурæгин фидбилизи нæ фæккеудзæнæй, уомæн æма æ маст æхеми даруй.” (Абу Хурейри дзурдтæй).
- “Хъаурæгин адæймаг е нæй, æ гъæрахсти ка сирайуй, фал æ масти æхе ка бауорамуй, е æй.” (Абу Хурейри дзурдтæй).

Хуцауидасдзийнади туххæй

Мæхæмæт Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) дзурдта:

- “Хуцау исфæндæ кодта Езрай æртæ фуртей бафæлварун: гæбæрхуард, гæмæхсæр æма хъæрæуи. æма сæмæ изæд рарвиста. Е бацудæй гæбæрхуардмæ æма ‘й бафарста: “А дуйнебæл дæ фулдæр ци фæндуй?” Е ин дзуапп равардта: “Фæндуй мæ хуæрзконд гурæ æма рæссугъд бауæр мин куд уа, цæмæй мæ уиндæ адæнæн

æхцæуæн уа.” Изæд ибæл бамбалдæй æма уомæн æ гæбæр фесавдæй. Равардта ин æ бауæрæн дæр præссугъд хузæ. “Циуавæр гъæздугдзийнадæ дæ гъæуй,”- бафарста æй нæуæгæй изæд. Е ин загъта: “Теуа.” Изæд ин дæсмæйон рæдесгæ теуа равардта æма ин загъта: “Аци силæ теуайæй дæ Хуцау рæстмæ кæнуй.”

Уой фæсте ба и изæд гæмæхсæрмæ бацудæй æма ‘й бафарста: “А дуйнебæл дæ фулдæр ци фæндуй?” Гæмæхсæр ин дзуапп равардта: “Хуарз дзиккотæ мин куд уа, цæмæй мæ уиндæ адæнæн æхцæуæн уа.” Изæд ибæл бамбалдæй æма гæмæхсæрбæл præссугъд дзиккотæ фестадæй. “Циуавæр гъæздугдзийнадæ дæ гъæуй,”- бафарста æй изæд. “Гъог,”- дзуапп ин равардта е. Изæд ин равардта фарастмæйон рæдесгæ гъог æма ин загъта: “Амæй дæ Хуцау рæстмæ кæнуй.”

Изæд уой фæсте бацудæй хъæрæумæ æма ‘й бафарста: “А дуйнебæл дæ фулдæр ци фæндуй?” Хъæрæу ин дзуапп равардта: “Мæн фæндуй, цæмæй мæ Хуцау мæ цæститæй ракæсун кæна.” Бамбалдæй ибæл изæд æма ‘й Еунæхуцау æ цæститæй ракæсун кодта. Уæд æй изæд фæрсуй: “Гъæздугдзийнæдтæй дæ фулдæр ци гъæуй?” “Фустæ мæ гъæуй,”- дзуапп ин равардта е. Изæд ин равардта фарастмæйон рæдесгæ фус.

Æма исберæ ‘й æртей гъæздугдзийнадæ дæр. Фиццаг иссæй теуати будури хецау, дуккагæн æ будур байдзаг æй гъоцитæй, æртиккагæн ба – фустæй. Фæззиндтæй уæд изæд гæбæрхуарди хузи фиццагмæ æма имæ дзоруй: æз мæгур фæндагон дæн, æма мæмæ ци адтæй, уони надбæл фесафтон. Хуцауæй, уæдта дæуæй æнхус байагорунæй æндæр неци равгæ бал ес абони мæнæн. Дæуæн уæхæн præссугъд бауæр æма æнæнимæдзæ гъæздугдзийнадæ ка равардта, Уой номæй ди корун еу теуа, цæмæй мæ фæндаг идарддæр кæнон.” Е ин дзуапп равардта: “Аллихузи бартæ берæ ес æма беретæмæ ес.” Изæд имæ дзоруй: “Æнгъæлдæн дæ æз зонун. Ду гæбæрхуард н’ адтæ æма дæбæл адæн нæ гириз кодтонцæ, уæдта мæгур æма гæвзукк н’ адтæ æма дин Хуцау ба ку равардта?” Е ин дзуапп равардта: “Аци гъæздугдзийнæдтæ æз мæхе хъиамæтæй искодтон.” Уæд ин изæд зæгъуй: “Кæд æма ци загътай, е мæнгæттæ ‘й, уæд дæ Хуцау, ци адтæ, уомæ ‘ркæнæд фæстæмæ.”

Уой фæсте ба изæд гæмæхсæри хузи дуккагмæ бацудæй æма уомæй дæр уотæ ракурдта. Дуккаг дæр ин фиццаги хузæн дзуапп равардта. Æма загъта уæд изæд: “Кæд æма ци загътай, е мæнгæттæ ‘й, уæд дæ Хуцау, ци адтæ, уомæ ‘ркæнæд фæстæмæ.”

Уæдмæ æртиккагмæ хъæрæуи хузи бацудæй æма имæ дзоруй: “Æз мæгур дæн, æма мæмæ ци адтæй, уони надбæл фесафтон. Хуцауæй, уæдта дæуæй æнхус байагорунæй æндæр неци равгæ бал ес абони мæнæн. Дæу дæ цæстæй ка ракæсун кодта, еци Еунæхуцауи хатирæй мин еу фус исаккаг кæнæ мæ фæндагæн фæййангъос кæнунæн. Е ин загъта: “Æз хъæрæу адтæн æма мæ Хуцау ракæсун кодта. Дæ зæрдæ цидæриддæр зæгъуй, уой райсæ, æма дæ ци фæндуй, уой ниууадзæ. Уæллæхи, устур æма тухгин Хуцауи номæй цидæриддæр есис, уобæл æз нæ байауæрддзæнæн”. Уæд ин изæд зæгъуй: “Дæ гъæздугддзийнадæбæл хуæцæ. Æртемæй адтайтæ æма уи алкедæр фудæбон кодта, æма и гъезæмарæй æрмæст дæу исуæгъдæ кодта Хуцау, етæ ба Хуцауи тæрегъæди бацудæнцæ.” (Абу Хурейри дзурдтæй).

- “Хуарз адæймаг е нæй, зæнхон царди мæнгæ хуæрзти тухгæй ка хъиамæт кæнуй, фал æ фæсмæрдæ ци байзайдзæнæй, уобæл ка сагъæс кæнуй, е æй хуарз адæймаг. Мæгурдæйраг æй æ цибæли фæдбæл ка цæуй, æма ин Хуцау ци саккаг кодта, уомæй фулдæр ка дæмуй.” (Абу Йуала Шудад ибн Ауси дзурдтæй).

Хуарздзийнади берæ фæндæгти тухгæй

Мæхæмæт Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) дзурдта:

- “Еухатт надбæл еу адæймаг цудæй æма хъæбæр исæдонуг æй. Цъай иссирдта, ниххизтæй си, е ‘донуг басаста æма исхизтæй. Æвеппайди куй рауидта, æ фур ædонугæй зæнхæ стæргæ. Уæд и лæг зæгъуй: “Аци куййи ædонугдзийнадæ æ мæлæтмæ æртардта.” Цъаймæ нæуæгæй ниххизтæй, æ дзабури дон исиста æма, куййæн бадаргæй, æрцардта æй.” Уæд æй бафарстонцæ: “Йа, Хуцауи минæвар, фонсмæ рахасти нин хай ес?” Е син дзуапп равардта: “Алли минкъий гъуддаги дæр дзенети хай ес.” (Абу

Хурейри дзурдтæй).

- “Æз дзенети фæууидтон еу адæймаг, нади бæрæгастæу ирæзæг бæласæ ракъуæрæг, кæци хъæбæр хъор кодта пусулмæнтти,” (Муслими дзурдтæй).
- “Еу адæймаг, надбæл ка ирæзтæй, уæхæн пака бæласи рæзти рацæугæй, уотæ загъта: “Уæллæхи, аци бæласæ пусулмæнтти неци хъор даруй æма си неци зæран ес.” Æма бацудæй еци адæймаг дзенетмæ.” (Муслими дзурдтæй).
- “Еу адæймаг, надбæл цæугæй, фембалдæй синдзитæбæл, кæцитæ æ надбæл ирæзтæнцæ. Е сæ рандæ кодта. æма си Хуцау фæббоз æй æма ин æ тæрегъæдтæ ниххатир кодта.” (Муслими дзурдтæй).
- “Битир дæттун алли пусулмонæн дæр ихæс æй.” Бафарстонцæ ‘й: “Æма ин битир раттуни равгæ ку нæ уа, уæдтаæ” Пахампар син (Хуцауи хуарз салам æй уæд) дзуапп равардта: “Дæхе къохтæй ести пайдайаг исаразæ æма си битирæн бахай кæнæ.”- “Æма уой дæр ку нæ зона кæнун, уæдта?”- “Уæдта, битир раттун ке фæндуй, уомæн фæййангъос кæнæд.”- “Æма æ бон кæд е дæр нæй, уæдта?”- “Уæдта ести фуд ракæнунæй æхе бахезæд, æма е уодзæнæй æ битир.” (Муслими дзурдтæй Айшай æвдесæн).

VI.Шæриат

Дини фæсте цæуй пусулмон закъон - шæриат. Шæриат (араббагау нисан кæнуй “арф зонундзийнадæ”) нисан кæнуй Хъуран æма Суннæмæ гæсгæ пусулмæнтти ‘хсæн аллихузон рахастдзийнæдти æгъдауи фæткæвæрд.

Райдайæни Дуйнейскæнæг Еунæхуцау æ пахампартæн нирвиста аллихузон закъони фæткитæ, фæйнæхузон адæнти царди уавæртæ ‘ма рæстæгмæ гæсгæ. Етæ аллихузон фæткитæ парахат кодтонцæ сæ адæнти ‘хсæн æма сæ æгъдауи нормитæбæл ахур кодтонцæ. Еумæйаг Закъони æрæрвистмæ сæ цæттæ гæнгæй.

Фикхæ

Разагъддæр имамти къуар æрæмбурд æнцæ æма, Хъуран æма Суннæбæл æнцойнæ кæнгæй, исаразтонцæ пусулмон закъони фæткитæ. Еци закъони фæткитæ, кенæ пусулмон барæ, хонунцæ *фикхæ*.

Фиццаг алкедæр фæйнæхузи аразта фикхитæбæл киунугæ, фал си фæстæдæр ба ма байзадæй æрмæст цуппар къабази (*мазхаби*), кæцитæй нуртæккæ пайда кæнунцæ фулдæр пусулмæнттæ. Етæ æнцæ:

1. Ханифий фикхæ – æ бундорæвæрæг имам Абу Ханифий номбæл (Хуцауæй арази уæд), кæцимæн ангъос кодтонцæ Абу Юсеф, Мухаммад, Зуфер æма æнд.
2. Мælеки фикхæ – имам Мælек бен Анаси номбæл (Хуцауæй арази уæд).
3. Шафий фикхæ – имам Мухаммад бен Идрис аш-Шафий номбæл (Хуцауæй арази уæд).
4. Ханбалий фикхæ – имам Ахмæд бен Ханбали номбæл (Хуцауæй арази уæд).

Еци фикхити аллихузон къабæзтæ арæзт æрцудæнцæ Мæхæмæт Пахампари (Хуцауи хуарз салам æй уæд) фæсмæрдæ, фиццаг дууæ æносей æндæргъци. Аци фикхити ‘хсæн минкъий хецæндзийнæдтæ ес. Етæ æнцæ æрмæст сæ аразгути менеугути хецæндзийнæдти тæвагæ.

Еуæ-еу пусулмæнттæ уотæ нимайунцæ, æма еци мазхабтæй æрмæст еуемæй пайда кæнун гъæуй. Иннетæ ба уотæ нимайунцæ, æма зонæнгин адæймаг закъони фикхитæ Хъуран æма Суннæй гъæуама еса, æма уомæ гæсгæ бæрæг кæна, ци ‘й раст æма ци нæй. Уотæ ка нимайуй, æма Шариат нæ гъæуй, фикхитæ ба Хъуран æма Суннæй есун гъæуй, уони хонунцæ *“ахль аль-хадис”* (“традиционалисттæ”).

Ибæдат æма муамæлат

Хъуран æма Сунни ес нормитæ, кæцитæ дини ’гъдæуттæ æнхæст кæнуни фæткитæ раст аразунцæ. Еци нормитæ хонунцæ *ибæдат*. Пусулмæнтти медрахасти фæткитæ ба хонунцæ *муамæлат*.

Ибæдат æнцæ æносон фæткитæ, кæцитæбæл рæстæги домæнтæ нæ бедунцæ. Муамæлатæн ба бæлвурд бæрæггæнæнтæ нæййес. Хъуран æма Суннæ пусулмæнтти медрахасти æвæруй еумæйаг ориентиртæ ‘ма принциптæ.

Ихæстæ

Ислами закъонмæ гæсгæ алли адæймагбæл дæр ес цуппар хузи ихæси:

1. Хуцауи размæ ихæс.
2. Дæхе размæ ихæс.
3. Хуцауи цагъарти размæ ихæс.
4. А дуйнебæл Хуцау цидæр исæнтæста, уони размæ ихæс.

Алли пусулмон дæр гъæуама зона æма зæрдегенæй æнхæст кæна аци ихæстæ. Алке дæр си Шариати лæмбунæг æвзурст цæуй.

1.Хуцауи размæ ихæс

Хуцауи размæ фиццаг ихæс æй – Уобæл æууæндун, Уомæн æмбал ма агорун, арази ун æ Еудзийнадæбæл. Еци ихæс арæзт цæуй уæхæн загъдæй: “Нæййес Хуцау Еунæхуцауæй æндæр.”

Хуцауи размæ дуккаг ихæс æй – Уомæй уацæгæй æма разамундæй цидæриддæр æрбацудæй, уони хæццæ арази ун. Еци ихæс арæзт цæуй уæхæн дзурдтæй: “Мæхæмæт – Хуцауи Минæвар.” Хуцауи размæ æртиккаг ихæс æй Хуцауи Сугъдæг Киунугæ æма Мæхæмæт Пахампари Суннæ (Хуцауи хуарз салам æй уæд) ци закъæнттæ амонуй, уонæбæл арази ун æма сæ æнхæст кæнун. Хуцауи размæ цуппæрæймаг ихæс ба æй – Уомæн ковун. Аци ихæс тæккæ ахсгиагдæр ке ‘й, уой тухххæн ба е ‘хæс æнхæст кæнунæн нивондæн æрхæсса е ‘ннæ ихæстæ. Еци ихæс æй бонæ фондз хатти намаз кæнун. Зæгъæн, адæймаг намаз ку кæна, кенæ уораза ку дара, уæд æхе рази ци ихæстæ ес, уони нивондæн хæссуй.

Фал Устур Хуцау æ размæ ихæс æнхæст кæнунæн исивардта æрнæ, цæмæй

адæймаги бон уа æнæ æхецæн зæранæй е ‘хæстæ нивондæн хæссун æ размæ. Уотæ, зæгъæн, дон ку не ‘ссерай, уæд дæ бон æй авдез скæнун зменсæй, кенæ фæндагбæл дæ намази рæстæг ку раййафа, уæд дæ бон æй намаз фæццубур кæнун. Шариати загъдæуй: “Æнцой æма ædac уавæри ку уай, уæд Хъуранæй дæ бон æй ци дæ фæндуй, уой байаргъаун: сурæ “аль-Бакара,” кенæ “Аль Имран,” кенæ “ан-Ниса,” кенæ ба æндæр даргъ сурæ. Фал дин не ‘нгъезуй дæ кусти рæстæги дæ намаз ниддаргъ кæнун.”

2.Дæхе размæ ихæс

Шариат ауодуй адæймагбæл, цæмæй е нивгун æма амондгун уа. Уой туххæй ба, адæймагæн зæран цидæр æй, уобæл тобæ кæнуй. Уотæ, адæймагæн не ‘нгъезуй ахуадун: сæнæ, гæнæ, опиум æма æнд. у., уæдта хуæдмæли фид, тог, хъибили фид, æма æндæр маргæйдзаг сирдтæ æма цъумур фонси фид.

Шариат тобæ кæнуй адæймаги бæгънæгдзийнадæбæл æма ин ихæс кæнуй, ходуйнагбæл ци бауæри хæйтти игон нимад цæуй, уони æмбæрзун.

Не ‘нгъезуй хæдзари æгустæй бадун.

Не ‘нгъезуй адæймагæн е ‘рдзи нихмæ цæун æма æ цибæл сæттун. Уой туххæй ба сæбæл ес æрхонуни (лæгмæ æрцæуни) ихæс.

Не ‘нгъезуй иннæ адæймаги æфхуæрун.

Не ‘нгъезуй хе марун. Уой туххæй Шариати загъдæуй: “Дæуæн ци уод лæвæрд æй, е Хуцауæй æй. Е дæмæ ‘й равардта багъæуай кæнунмæ, цæмæй си ду пайда кæнай бæрæг рæстæгмæ, æма дин уой туххæй лæвæрд нæй, цæмæй си ду гъазай æма ‘й дæхе къохæй рамарай.”

3.Хуцауи цагъарти размæ ихæс

Еуæрдæги Шариат адæймагæй дæмуй æ уод æма бауæри размæ ихæс æнхæст кæнун, иннердæги ба дæмуй еци ихæстæ уотæ ‘нхæст кæнун, цæмæй æвнæлд ма цæуа Хуцауи иннæ цагъартæн се ‘хæс æнхæст кæнуни бартæмæ. Уой туххæй ба Шариатмæ гæсгæ не ‘нгъезуй: еске мулк тælæт кæнун, давун, гæртан есун, гадзирахаттæй цæун, мæнгардæй рацæун, процентбæл бætгæй дæттун.

Не ‘нгъезуй мæнгæттæ дзорун, фудкой кæнун, дан-дунтæ дзорун, ескæбæл еститæ имисун.

Не ‘нгъезуй азарт гъæститæ кæнун, лотерейæй гъазун.

Не ‘нгъезуй марун, кæрæдзебæл авинсун.

Не ‘нгъезуй æнæуаг, æнæгъдау гъуддæгтæ аразун.

Не ‘нгъезуй пусулмон ка нæй, уонæмæ гегæй кæсун æма син сæ хуцаугæнттæ æфхуæрун, сæ хестæрти æгадæ кæнун æма син сæ дин дæлгенæг кæнун.

Шариати лæмбунæгæй æвзурст цæуй бийнонти ‘хсæн, нæлгоймаг æма силгоймаги ‘хсæн, синхæнтти ‘хсæн рахастдзийнæдти фæткитæ.

Шариат алли пусулмонæй дæр дæмуй адæнæн дæнцæн ун царди алли фæззелæни дæр.

4.Иннæ исæнтæстити размæ ихæс

Хуцау адæймаги исивардта иннæ исæнтæстити сæргъи. Фал уонæмæ рахасти Хуцау адæймагбæл исивардта уæхæн ихæстæ: æнæгъæуаги сæ куд нæ цæгъда, маци зæран син хæсса æма сæ дзæгъæл æфхуæрд ма кæна.

Кадий

Шариати закъонбæл ка тæрхон кæнуй, е хуннуй *кадий* (араббагау “*кади ал-кудат*” – “ка тæрхон кæнуй, е”).

Фиццаг кадий хæлиф Уомар ибн ал-Хаттаб ниввардта Мединæ, Басрæ æма Куфи. VIII æноси дуккаг æмбеси арæзт æрцудæй сæйраг тæрхонгæнæги бунат, кæци хæлифи номæй ниввæридæ кадий.

Кадиййи ихæс æнккæт æхсæнадæн службæ кæнун æй. Федгæ дæр ин æхсæнади мулки ‘фтауцæй киндæуй. Кадиййæй ниллæууни бон алли пусулмонæн дæр æй, кæци хуарз фæззонуй Хъуран, Суннæ æма Шариати закъæнттæ. Кадий тæрхон кæнуни размæ авдез æма намаз гъæуама ‘скæна. Суннити гъдаумæ гæсгæ кадий тæрхон ку фæккæнуй, уæд е ‘ргом раздахуй Мекки ‘рдæмæ, шиитти ‘гъдаумæ гæсгæ ба – æ фæссонтæ Мекки ‘рдæмæ.

VIII.Бæрæгбæнттæ

1.Фæткон бæрæгбæнттæ

Фæткон бæрæгбæнттæ хонунцæ алли пусулмонæн дæр æнæмæнгæ ‘нхæст кæнгæ ци бæрæгбæнттæ ‘нцæ, уони. Иннæ динтæй уæлдай, пусулмон дини берæ бæрæгбæнттæ нæййес. Уотæ, фæткон бæрæгбæнттæ си æрмæст дууæ бæрæгбони ес.

Хъурмантæ (Нивондхæссæн бæрæгбон)

Хъурмантæ араббагау хонунцæ *ид аль-адха*, туркка æвзæгутæбæл ба - *курбан-байрам*. Хъурмантæ нимад цæунцæ тæккæ сæйрагдæр пусулмон бæрæгбонбæл. Уомæ гæсгæ ба ма Хъурмантæ хонунцæ *Устур бæрæгбон*.

Хъурмантæ райдайунцæ зу-ль-хиджжи мæйи 10-аг бон, хадзигæнгутæ Мини будури косæрттæгтæ ку нивгæрдунцæ, æма фæуунцæ хадзий бæнттæ ку райевгъуйунцæ, уæд.

Хуцау, Ибрæгим æй цæйбæрцæ уарзуй, уой фæлвардта æма ‘й бадæмдта, цæмæй Ин æ фурт Исмæили нивондæн æрхæсса. Ибрæгим, Хуцауи фæндонбæл арази уогæй, æ къох карди хæццæ куд фæххаста, æ фурти нивондæн æрхæссун нет кæнгæй, уотæ ин Хуцау æ къох бауорæдта æма косартгæнæнбæл ба æ фурти бæсти исивардта уорс уæр. æма, уотемæй, Ибрæгим æ фурти бæсти нивондæн уорс уæр æрхаста. Уæдæй ардæмæ еци цау имисæнæн алли анз дæр арæзт цæуй Нивондхæссæн бæрæгбон – Хъурмантæ.

Хъурмантæ нисан кæнунцæ нæ аразидзийнадæ Хуцауи фæндонбæл, нæ уарзондзийнадæ Хуцаумæ.

Хадзи кæнун алке бон нæй. Фал еци бон косарт никкæнун ба алли пусулмони ихæс æй.

Косарт никкæнуни бон æй куд еу адæймагæн, уотæ цалдæр адæймагемæн дæр, еумæйаг косæрттаг иснивонд кæнгæй. Еу косарт дæс адæймагей номæй фулдæр кæнун не ‘нгъезуй. Уæдта косартæн ци фонс бæлдатгонд æрцæуонцæ,

уонæмæ маци гъæнæ гъæуама хъæрта. Нивондаг гал, кенæ сæгъæбæл анзæй минкъийдæр ма цæуа, фусбæл ба – авд мæйемæй минкъийдæр.

Косарт ци адæймаг фæккæнуй, е гъæуама æртæ хатти тæкбир байаргъауа, гъома æртæ хатти гъæуама зæгъа "Хуцау тухгин æй!" [*Аллаху æкбар*].(Аци кувди формулæ дзорун фæгъгъæуй косарт кæнгæй алкæддæр). Уæдта зæгъун гъæуй "Хуцауи номæй!" [*Бисми-Ллахи*] æма æртæ хатти бабæй байаргъаун гъæуй тæкбир. Уой фæсте ба байаргъаун гъæуй *салат ал-ан-наби* (Пахампари туххæй дзурдтæ). Аргъуд фæууогæй, косартгæнæг е 'ргом Хъибиллæрдæмæ раздахуй æма Хуцауæй ракоруй косæрттаг æхемæ райсуни туххæй.

Косарт никкæнгæй æнæмæнгæ фæгъгъæуй еске фæххинцун, уæдта мæгуртæ 'ма аййепгунтæн хунтæ байуарун.

Пусулмон куд фулдæр косæрттæгтæ никкæна, уотæ ин æнцондæр уодзæнæй Елсирати хедбæл дзенетмæ бахезун. Нивонди ци фонс æрхæсса, етæ ин æнцойнæ фæууодзæнæнцæ æма 'й зиндони гулфæнмæ ниххаун нæ бауаддзæнæнцæ.

Устур бийнонти алке номæй дæр косæрттаг иснивонд кæнуни равгæ ку нæ фæууй, уæд алли анз дæр алке номбæл дæр си кезугай æрхастæуй косарт. æнгъезуй косарти бæсти, е 'маргъ, æхцайæй бахæссун мæзгитмæ.

Сæумæ раги нæуæг æма кæдзос хъæппæлти гъæуй бабæрæг кæнун мæзгит. Мæзгити исаразунцæ еумæйаг намаз. Иннæ намæзтæй уæлдай си аргъаун гъæуй хецæн кувд, кæций хонунцæ "*салат ал-идайн*". Е арæзт æй дууæ ракатемæй æма имæ хауй, иннæ хæттæлтæй уæлдай, фулдæр тæкбиртæ. Хъурманти намази размæ азан нæ киндæуй. Æ бæсти ин байаргъаунцæ уомæй рагондæр формулæ "*ас-салат джамихатан*", кæци нисан кæнуй "*Намаз – еумæ*".

Хъурманти намæзти арæхдæр фæккæсунцæ 87-аг "Уæллаг", 88-аг "Алцимбæрзæг" æма 91-аг "Хор" суритæ. Еци бон æфсапæ 'й битир дæттун.

Мæзгити фæсте ба фæткæуй уæлмæрдтæ бабæрæг кæнун. Рохсаг зæгъунцæ æма Хуцаумæ ковунцæ рохсаггæгти туххæй. Уæлмæрдтæй æрæздæхгæй ба сбадунцæ кувди фингæбæл.

Комуадзæнтæ

Комуадзæнтæ араббагау хонунцæ *ид ал-фитр*, иннæ пусулмон адæнтæмæ ба сæ хонунцæ *рамазан-байрам, ураза-байрам, кичик-байрам, шекер-байрам.* Комуадзæнти ма Хъурмантæй уæлдай фæххонунцæ "*Минкъий бæрæгбон*".

Комуадзæнтæ райдайунцæ уораза ку фæууй, уæд, рамадани фæсте шавалли фиццаг бæнтти. Бæрæгбæнттæ райефхæссунцæ 3-4 бони æма косгæ бæнттæ нæ фæуунцæ. Арæзт цæуй Хъурманти фæткæбæл. Бæрæгбон райдайуй рагисон еумæйаг намазæй. Мæзгити фæсте гъæуй уæлмæрдтæ бабæрæг кæнун. Уæлмæрдти базелунцæ циртмæ, аргъаунцæ, æма уæлмæрдтæмæ цæугæй, кенæ уордæги рацæугæй мæгуртæн байуарунцæ битир.

Аргъаун фæгъгъæуй "Фатиха" æма "Йа син" – 36-аг сурæ.

Комуадзæнти фæткæуй садахъа аразун анзи 'ндæргъци зиан ци хæдзари адтæй, уонæн.

Комуадзæнти райдайæнмæ ка нæма бафеда зæкиат, е гъæуама е 'хæс бакæна шаввали 1-аг бон фиццаг еумæйаг намази размæ.

Бæрæгбон фæууй изæйрон хинстæй.

2.Имисæн бæнттæ

Имисæн бæнттæ хонунцæ ескæци зундгонд цау зæрдæбæл дарун, æримисуни тухкæй, зæгъæн, Пахампари райгуræн бони тухкæй. Имисæн бæнттæ æнккæт пусулмæнттæн еумæйаг бæрæгбæнттæбæл нимад нæ цæунцæ, уæдта сæ аразгæ дæр алли рауæн нæ кæнунцæ. Уомæ гæсгæ ба ахсгиаг бæрæгбæнттæбæл нимад нæ 'нцæ. Сæ аразун дæр ихæсгонд нæ цæуй.

Пахампари райгуræн бон (Мæулид)

Пахампари райгуræн бон – *мæулид ан-наби* – аразунцæ раби уль-аввали 12-аг бон. Пахампарæн æ райгуræн бон бæрæг ке нæй, уомæ гæсгæ æ бæрæгбон ин аразун райдæдтонцæ æ рамæлæти бон. *Æ* райгуræн бон ин фиццагидæр имисун райдæдтонцæ XII æноси фатимидти Египетти. Еци рæстæги берæ пусулмæнтæ Мæхæмæт (Хуцауи хуарз салам æй уæд) кæми райгурдæй, еци хæдзарæ бабæрæг кодтонцæ Мекки. Уæдæй ардæмæ пусулмæнттæ райдæдтонцæ хадзи

кænун, Мединиæ циртмæ æма Мекки – æ хæдзарæмæ. Мекки ин фæстæдæр æ хæдзарæ нæуæгæй райаразтонцæ æма ‘й исрæссугъд кодтонцæ. Исамадтонцæ си мæзгит. Тагъд рæстæги и бæрæгбон аразун райдæдтонцæ берæ рауæнти.

Еуæ-еу пусулмæнттæ ба, Ислами кæдзосдзийнадæбæл дзоргæй, не ‘сарази ‘нцæ еци бæрæгбон аразунбæл. Етæ уой банимадтонцæ “нæуæгарæзтбæл” [бид’а]. Уонæмæ гæсгæ, еци бæрæгбон ка аразуй, етæ киристæнтти фæнзунцæ (гъома, Киристей Райгурци бæрæгбонау “Рождество”).

Фал нури рæстæги мæулид аразун райдæдтонцæ алли рауæнти дæр. Еци бон аргъаунцæ Пахампари кадæнгитæ, æ царди туххæй таурæхътæ.

Ærвистæги ‘хсæвæ

Ærвистæги ‘хсæвæ хонунцæ Мæхæмætæн (Хуцауи хуарз салам æй уæд) Хъуран ци ‘хсæвæ нирвистæй, уой. Араббагау æй хонунцæ “*лейлят аль-кадр*”.

Алли анз дæр еци ‘хсæвæ Хуцау унаффæ рахæссуй алли адæймаги туххæй дæр, æ намази ци фæккоруй, уой хинцгæй. Рамадани мæйи фæстаг дæс бони ænæнкъай æхсæвти гъæуй Хуцаумæ æхцæуæн ка фæккæса, уæхæн гъуддæгти. ærвистæги ‘хсæвæ ба фæууй рамадани мæйи 27-аги ‘хсæви. Еци ‘хсæвæ ærветун гъæуй мæзгити, Хъуран аргъаугæй æма Хуцаумæ ковгæй, ести хуæрзтæ коргæй.

Мæхæмæти ‘хсæйвон дессаг балци (Мирадж)

Мæхæмæти ‘хсæйвон дессаг балци, кенæ ба араббагау куд хонунцæ и бæрæгбон – “*лейлят уль-исра ва-ль мирадж*”, хонунцæ Мæхæмæт (Хуцауи хуарз салам æй уæд) Хуцауи размæ ци ‘хсæвæ ист æрцудæй, уой имисæн æхсæвæ.

Мираджи бæрæгбон фæййаразунцæ раджаби 26-аги ‘хсæвæй 27-аг бонмæ. Туркаг адæнтæмæ ба еци бæрæгбон фæххонунцæ “*раджаб-байрам*”, гъома раджаби мæйи бæрæгбон.

Раджаб нимад цæуй Ислами сугъдæг мæйтæй еуебæл. Мираджи бæрæгбонæй уæлдай ма аци мæйи устур кадæ кæнунцæ мæйи 1-аг бонæн. Нимад цæуй, æма

еци бон Нох бацудæй æ ковчегмæ, уæдта ма еци мæйи фæууй Адамæн ниххатиргæнæн бон, Ибрæгими райгуræн бон æма Исай (Есой) райгуræн бон.

Аци мæйи уораза бадаруни еу бон нимад цæуй æндæр рæстæги еу мæйæ бадарунбæл.

Фæлдесæн æхсæвæ. Шаабани мæйæ.

"Фæлдесæн æхсæвæ" - "*лейлят ал-бара*" (кенæ "исуæгъдæ уæн æхсæвæ", гъома тæрегъæддзийнæдтæн ниххатиргонд) – фæккæнунцæ шаабани мæйи 14-аг æхсæвæй 15-агмæ. Шаабан æй цуппар сугъдæг мæйтæй еу. Шаабан недзамантæй ардæмæ æй мæрдти ном ерæн мæйæ.

Пусулмон адæнмæ гæсгæ аци 'хсæвæ царди бæласæ телун райдайуй. Бæласæн æ сифтæбæл æгас цæрæг адæни нæмттæ дæр финст æнцæ. Æма ке номи хæццæ æрæгъзæлунцæ и сифтæ, етæ анзи 'ндæргъци рамæлунцæ.

Лейлят ал-бари фæййаргъаунцæ Йа сини сурæ. Æхсæвæ иссерунцæ мæрдти ном æма сæ намази корунцæ, ка рамардæй, уони туххæй.

Намазгæнгутæ фæккорунцæ сæ тæрегъæддзийнæдтæ бафедуни туххæй æнхус. Аци 'хсæвæ Хуцау тæккæ бунккаг арвмæ æристуй, цæмæй и ковгутæн сæ тæрегъæдтæ исеса.

Шаабани 13-агæй 15-агмæ хонунцæ "уорс æхсæвтæ (бæнттæ)". Еуæ-еу рауæнти аци бæнтти уораза фæддарунцæ. Хъæбæрдæр ба аци бæрæгбон фæййаразунцæ Инди æма Пæкистани. Уоми аци 'хсæвæ, уæдта иннæ бон фæткæуй битир дæттун, адгийнæгтæ иуарун, уæдта иллюминацитæ аразун.

Шаабани 15-аг бон ма нимад цæуй Иерусалимæй Мекки 'рдæмæ хъибилли раздахæн бонбæл.

Шаабани мæйи 3-аг бон нимайунцæ Хусейн Пахампари фурти фурт Хусайни райгуræн бонбæл, 5-аг бон ба – е 'ннæ фурти фурт Хасани райгуræн бонбæл. Зу-л-кади мæйи 11-аг бон фæууй æстæймаг имам ар-Ризай райгуræн бон, шаабани мæйи 15-аги ба исаразунцæ "асхъодгонд имам" Мæхдий райгуræн бони бæрæгбонбæл. Аци номибæнттæ исаразунцæ æрмæст шиттæ.

Сонæт кæнуни ‘гъдау

Сонæт кæнуни ‘гъдау парахат æй æнккæт пусулмæнттæмæ алли бæсттити дæр. Кæд æма Хъурани неци загъд цæуй сонæт кæнуни туххæй, уæддæр еци ‘гъдау иссæй пусулмон дин райсундзийнади символ.

Сонæт кæнунæн бæрæг рæстæг нæййес. Æрмæст, Шариатмæ гæсгæ, сонæт кæнун (*араб*. “хатн”) гъæуй цалдæн биццеубæл 14 анзи næма ‘сæнхæст æй, уæдмæ.

Сонæт кæнуни бон бийнонтæн фæууй устур бæрæгбон. Сонæти размæ биццеуи бафæлварунцæ ахсгиагдæр кувдтити зонундзийнадæбæл. Æ сæр ин нилвинунцæ, ниртайунцæ ‘й, нæуæг дарæс ибæл искæнунцæ æма ин æ усхъæбæл æрауиндзунцæ лентъæ “*машаллах*” финсти хæццæ. Сонæти кувдмæ æрхундæуй хæстæгутæ, синхæнттæ, лимæнтæ æма зонгити.

IX.Пусулмон къæлиндар

Пусулмон къæлиндар арæзт æрцудæй 637 анз дуккаг хæлиф Уомари рæстæги.

Пусулмон доги райдайæнбæл нимайун райдæдтонцæ хиджрæ – Меккæй Мединæмæ Мæхæмæт (Хуцауи хуарз салам æй уæд) æма æ фарсдарти ралигъдæй.

Нæуæг рæстæг нимайун райдæдтонцæ, Пахампар Мединæмæ ци бон бацудæй, уæдæй нæ, фал еци анзи мухаррами мæйи фиццаг бон. Европаг къæлиндармæ гæсгæ е уодзæнæй 622 анзи 16 июль.

Пусулмон анзнимад цæуй мæйин къæлиндарбæл. Мæйин къæлиндар хорин къæлиндарæй 11 бони цубурдæр æй.

Пусулмон къæлиндари æнæнкъай мæйти ес 30 бони, æнкъай мæйти ба – 29 бони. Уотæ, афæййи ба ес 354 бони (хорин къæлиндари ба – 365). Алли æртиккаг анз дæр нимад цæуй уæлгонд (високосный) анзбæл æма си фæууй 355

бони.

Хуцауи нæмттæ

1. **Аллаху**	Хуцау
2. ар-Рахман	Тæрегъæдгæнагæ
3. ар-Рахим	Хатиргæнагæ
4. **аль-Мæлик.**	Паддзах
5. **аль-Куддус**	Уас
6. **ас-Салям**	Сабур
7. **аль-Му'мин**	Еузæрдон
8. **аль-Мухаймин**	Сосдар
9. **аль-Азиз**	Тухгин
10.**аль-Джаббар**	Гоцъеф
11.**аль-Мутакяббир**	Уæлеуæггæнæг
12.**аль-Хæлик**	Исфæлдесæг
13.**аль-Бари**	Искæнæг
14.**аль-Мусаввир**	Исаразæг
15.аль-Гъæффар	Алцибарагæ
16.**аль-Кæххар**	Алцигъон
17.**аль-Ваххаб**	Алцидæттæг
18.**ар-Раззак**	Æфсадæг
19.**аль-Фæттах**	Фарндæттæг
20.**аль-'Алим**	Алцизонæг
21.**аль-Кабид**	Æвдозæг
22.**аль-Басит**	Итауæг
23.**аль-Хафид**	Æгадæгæнæг
24.**ар-Рафи**	Уæлгенæггæнæг
25.аль-Му'изз	Хъаурæдæттæг
26.аль-Музилль	Дæлгенæггæнæг

27.**ас-Сами’**	Алцийигъосæг
28.аль-Басыр	Алциуинæг
29.аль-Хакам	Тæрхонгæнæг
30.аль-‘Адль	Раст
31.аль-Латыф	Уодибæстæгун
32.аль-Хабир	Зонагæ
33.аль-Халим	Гæдзорамæ
34.аль-‘Азым	Егъау
35.аль-Гафур	Барагæ
36.аш-Шакур	Бозгæнæг
37.аль-‘Али	Бæрзонд
38.аль-Кябир	Устур
39.аль-Хафиз	Уозæлæг
40.аль-Мукит	Къæбæрдæттæг
41.аль-Хасиб	Нимайæг
42.аль-Джалиль	Сиахъ
43.аль-Карим	Хæларзæрдæ
44.ар-Ракиб	Гъосдарæг
45.аль-Муджиб	Зæрдхæлар
46.аль-Васи’	Алкæмиуæвæг
47.аль-Хаким	Фастихадзи
48.аль-Вадуд	Уарзæг
49.аль-Маджид	Цитгин
50.аль-Ба’ис	Исæндедзагæ
51.аш-Шахид	Æвдесæн
52.аль-Хакк	Уацæг
53.аль-Вакил	Ауодæг
54.аль-Кавий	Хъаурæгин
55.аль-Матин	Федар
56.аль-Валий	Бардар

57.аль-Хамад	Кадгин
58.аль-Мухси	Хинцæг
59.аль-Мубди’	Идайæг
60.аль-Му’ид	Раздахæг
61.аль-Мухйи	Царæг
62.аль-Мумит	Марæг
63.аль-Хайи	Æносмæдзæрæг
64.аль-Каййюм	Æнæмæлгæ
65.аль-Ваджид	Уæвæг
66.**аль-Маджид**	Уездон
67.**аль-Ахад**	Еунæг
68.**ас-Самад**	Æнæййевгæ
69.**аль-Кадир**	Богал
70.**аль-Муктадир**	Бæгъатæр
71.**аль-Мукаддим**	Размæгæнæг
72.**аль-Му’аххир**	Фæстæмæгæнæг
73.**аль-Авваль**	Фиццаг
74.аль-Ахир	Фæстаг
75.**аз-Зæхир**	Зиннæг
76.**аль-Батын**	Асхъод
77.**аль-Вали**	Æлдар
78.**аль-Мута’али**	Бæрзондибадæг
79.**аль-Барр**	Хуæрзуодæнгин
80.ат-Тавваб	Фæсмонгæнæгæнбарагæ
81.**аль-Мунтаким**	Мастесæг
82.**аль-‘Афу**	Алцибарагæ
83.**ар-Ра’уф**	Хъонцгæнагæ
84.**Малик аль-мульк**	Тухгиндзийнади Хецау
85.**Зу ль-джаляль уа ль-и кра**	Сиахъ æма таукелдзийнади Хецау
86.аль-Муксит	Расттæрхонгæнæг

87.аль-Джами'	Æмбурдгæнæг
88.аль-Гъæни	Гъæздуг
89.аль-Мугъни	Гъæздуггæнæг
90.аль-Мани'	Тобæгæнæг
91.ад-Дарр	Зæранхæссæг
92.ан-Нафи	Пайдахæссæг
93.ан-Нур	Рохс
94.аль-Хади'	Рæстмæгæнæг
95.аль-Бади	Фæлдесæг
96.аль-Баки	Æносон
97.аль-Варис	Бундар
98.ар-Рашид	Раст
99.ас-Сабур	Уалгæдзон

1-аг сурæ[1]

Сугъдæг Финстæгмæ дуар байгонгæнæг

(аль-Фатихат')

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй![2]

1.Табу Хуцауæн, дуйнети Паддзахæн,

2.Хуæрзуодæгæ, Хуæрздарагæн,

3.Тæрхони Бон Бардарагæн!

4.Æрмæст Дæуæн ковæн,

æрмæст Дæумæ дзорæн.

5.Исивæрæ нæ расти надбæл,

6.Дæ фарнæй хайгин ке фæккодтай, уони надбæл.[3]

7.Бахезæ нæ Дæ зæрдихудт æрхæсгути надæй,[4]

Бахезæ нæ ка фæррæдудæй, уони надæй.[5]

2-аг сураæ

Гъог

(æль-Бахъара)[1]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. *Алеф – Лям - Мим*.[2]
2. Аци Финстæг, æнæмæнгæ, Хуцауæй ка тæрсуй,[3] уони разамонæг æй,
3. сосвæндæбæл ка æууæндуй æма намаз ка кæнуй, уæдта Мах æй цæмæй хайгин фæккодтан, уомæй ка бахай кæнуй,
4. уæдта, дæуæн æма дæу размæ, уонæн ци ‘рвист адтæй, уонæбæл ка æууæндуй æма сæ фæстагон царди уонæбæл ædæуццаг ка нæй,
5. етæ сæ Хуцауи надбæл рæстмæ ‘нцæ, æма етæ баййафтонцæ æнтæстдзийнадæ.
6. Уастæн, гиауртæн уæлдай нæй – ахур сæ кæнис æви сæ нæ ахур кæнис: етæ не ‘ууæндунцæ.
7. Хуцау син рахгæдта сæ зæрдитæ æма сæ гъостæ, æма сæ цæститæбæл ба – æмбæрзæн: уонæн фудæбойнаг тæрхон уодзæнæй.
8. Уонæй еуетæ уотæ зæгъунцæ: “Мах æууæндæн Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл”, фал етæ æууæндгутæ нæ ‘нцæ.
9. Уони фæндуй Хуцау æма дингæнгути басайун, фал сæхуæдтæ, уой не ‘нкъаргæй, æрмæст сæхе сайунцæ.
10. Сæ нез сæ зæрдити ‘й. Æма син Хуцау сæ нез фæттухгиндæр кæнæд! Уонæн сæ фуддæр æфхуæрддзийнадæ сæ мæнгæтти тухxæй уодзæнæй.
11. Уотæ син ку фæззæгъунцæ: “Мæнгарддзийнадæ ма парахат кæнетæ а зæнхæбæл!” – уæд фæззæгъунцæ: “Нæ, мах æрмæст хуæрзгъуддæгтæ аразæн”.
12. Фал уогæ ба уотæ ‘й? Æцæгæй ба мæнгарддзийнадæ парахатгæнгутæ ‘нцæ, фал етæ уой нæ лæдæрунцæ.
13. Уотæ син ку фæззæгъунцæ: “Æууæндетæ аци адæнау!” – уæд етæ

фæззæгъунцæ: “Æма нур мах дæр аци ædулитау æууæндæн?” – Æма æцæгæйдæр ба нур сæхуædтæ ‘нцæ ædулитæ, фал етæ уой нæ зонунцæ.

14. Дингæнæги хæццæ фембæлгæй, етæ фæззæгъунцæ: “Мах æууæндæн”; фал сæ сайтанихаййи[4] хæццæ ку райзайунцæ, уædта фæззæгъунцæ: “Мах сумах хæццæ ан, мах сæбæл уотæ гириз кæнæн.”

15. Æма сæбæл Хуцау рагириз кæндзæнæй, æма син ци рæдуддзийнади рахау-бахау кæнунцæ хъæрæуæй, уой фестурдæр кæндзæнæй!

16. Раст нади бæсти мæнгæ над ка равзурста, етæ уæхæн адæнæй æнцæ æма уонæн сæ уайснайдæ* æнæпайда æй.

17. Етæ арт скæнуйнаг ка ‘й, уони хузæн æнцæ: е æ фалæнбулай ку ниррохс кæна, уæд син Хуцау и рохс байсдзæнæй æма сæ талинги ниууаддзæнæй; кæцими етæ неци уинунцæ.

18. Етæ къуру, гобий, хъæрæу æнцæ? Етæ нæ раздæхдзæнцæ динмæ.

19. Кенæ арвбæл сау мегътæ ку батар унцæ, ку нигъгъæр кæнунцæ, ку ферттевунцæ, уæд се ‘нгулдзитæй сæ гъостæбæл ка ниххуæцуй мælæти тасæй, уониау æнцæ. Хуцау ба æнæууæнкитæбæл дæр хъæртуй.

20. Арвæрттивд син сæ цæстæйуинундзийнадæ, кайзонуй, байсдзæнæй; куддæр син сæ раз барохс кæнуй, уотæ ба æ рохсмæ цæунцæ. Фал ку батар уй, уædта æрлæуунцæ. Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæд син се ‘гъосæнтæ ‘ма цæстæйуинундзийнадæ байстайдæ, уомæн æма алли гъуддагбæл дæр Хуцауи бон цæуй.

21. Уа, адæн! Уæ Хуцаумæ коветæ, сумах, æма сумахæй размæ ка адтæй, уони ка сфæлдиста, – æма, мусийнæ, уодзинайтæ Хуцауæй тæрсгутæ! –

22. Кæци сумахæн горцъейау нийтигъта зæнхæ, арв ба – азгъунстæн, æма арвæй æркæнуй дон, кæцимæй нин раздахуй хæлцæн тиллæг, æма уомæ гæсгæ ба Хуцауæн æмбай ма агоретæ, уомæн æма сумах уой зонетæ!

23. Æма кæд сумах нæ цагъарæн ци равардтан, уобæл сек хæссетæ, уæд æндæр ауæхæн сурæ æрхæссетæ уæ рæстдзийнадæ бавдесунæн æма, Хуцауæй æндæр ма, æвдесæнтæ ракæнетæ.

---

* Уайснайдё – торговля.

24. Уой ку нæ бакæнайтæ, – уой ба сумах некæд бакæндзинайтæ! – уæд фæттæрсетæ ænæууæнкитæн æрцæттæгонд цæхæрæй, кæцимæн артагæн уодзænæнцæ адæн æма дортæ.
25. Ка бауууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уони бацарæ, уонæн – рæзбун, кæми цæугædæнттæ уайунцæ бунæй. Еци рæзæй аллихатт дæр ку исахуадунцæ, уæд фæззæгъунцæ: "А махæн раздæр ци лæваргонд адтæй, е æй", – кæд æма син æрмæст се 'нгæс лæвард æй. Уоми син – сугъдæг ænкъæйттæ, æма уоми уодзænæнцæ æносмæ.
26. Уастæн, Хуцау нæ илгъ кæнуй рæуонæн æрхæссун цийфæнди саскъæ дæр, кенæ ændæр ести уæхæн нециаги дæр. Æууæнкæ адæн æй зонунцæ, е сæ Хуцауи æцæгдзийнадæ ке 'й, уой. Ænæууæнкæ ка 'й, етæ ба зæгъдзænæнцæ: "Ци кæнуйнаг æй Хуцау еци дæнцænæй?" Уомæй Е берети фæрæдуйун кæнуй, уомæй берети ба раст надбæл ракæнуй. Фал Е æрмæст ænаккæгти фæрæдуйун кæнуй,
27. Хуцауи фæдзæхст ка ихалуй,[5] уони, ку 'й бандузтæуй, уæд, æма хецæн кæнунцæ Хуцау ци байеу кодта, уой, æма ænæуагдзийнадæ фæлдевунцæ зænхæбæл. Зæрæни бунати ка байзайдзæй, етæ уонæй ænцæ.
28. Куд ænæууæнкæ айтæ Хуцауи размæ? Сумах мард адтайтæ,[6] Е ба уæ райгас кодта; еу рæстæги фæсте бабæй уæ Е рамардзænæй æма уæ уой фæсте ба райгас кæндзænæй, æма уæд сумах раздæхдзинайтæ Уомæ.
29. Е æй сумахæн зænхæбæл цидæриддæр ес, уой ка сфæлдиста, уæдта арвмæ Е 'ргом ка раздахта æма 'й авд арвемæй ка исаразта. Е алцизонæг æй.
30. Æма загъта Хуцау изædтæн: "Зænхæбæл Æз исивæрдзænæн Мæ хуæдевæг". Етæ Ин загътонцæ: "Æма нур Ду ænаккаг гъуддæгтæ ка кæна æма тог ка никкала, уæхæн исæвæрдзænæ, кæд æма Дин мах табу кænæн æма Дин аргъуд хæссæн?" Е загъта: "Уастæн, Æз зонун сумах ци нæ зонетæ, уой!"
31. Æма Е исахур кодта Адами ænккæт нæмттæбæл, уæдта сæ исбæлгъардта изædтæн æма загъта: "Кæд сумах раст айтæ, уæд мин и нæмттæ фегъосун кænетæ".

32. Етæ загътонцæ: “Табу Дин уæд! Мах, цæбæл нæ исахур кодтай, æрмæст уой зонæн. Уастæн, Ду алцизонæг æма фастæг дæ!”
33. Е загъта: “Уæ, Адам, фегъосун син кæнæ сæ нæмттæ!” Æма син е ку фегъосун кодта сæ нæмттæ, уæд Е загъта: “Гæр æма уин Æз нæ дзурдтон, арвбæл æма зæнхæбæл цидæриддæр сосдзийнадæ ес, уæдта сумах ци базонетæ æма ци басосæг кæнетæ, уони ке зонун.
34. Æма уæд Мах загътан изæдтæн: “Раковетæ Адамæн!” Æма етæ дæр Ин ракувтонцæ, Ибилисæй уæлдай; е нæ бакумдта, æхе уæлиау исивæргæй æма гиаурти æмрæнгъæ ислæугæй.
35. Æма Мах загътан: “Уа, Адам! Æрцæрæ дæ уоси хæццæ дзенети æма си цидæриддæр ес, уомæй ахуадетæ уæ зæрдифæндон, æрмæст еци бæласæмæ ба хæстæг дæр ма бацотæ, цæмæй фиргъæугутæ ма исуайтæ.”
36. Уой фæсте Ибилис син сæхе скъуæрун кодта уобæл æма, кæми адтæнцæ, уордæгæй сæ ракодта. Æма Мах загътан: “Ниххауетæ, кæрæдземæн æзнæгтæ уогæй! Сумахæн ба уæ цæрæнбунат – зæнхæбæл, æма си пайда кæнетæ рæстæгмæ!”
37. Æма Адам æ Хуцауи дзурдтæ райста æма ин, ке фæффæсмон кодта, уой тухxæй Е фæттæрегъæд кодта, уомæн æма æ рæдудбæл ка фæффæсмон кæнуй, уонæн тæрегъæдгæнагæ, хатиргæнагæ æй.
38. Мах загътан: “Еумæ æрхауетæ уордæмæ! Æма уæмæ Мæнæй ба разамунд ку ‘рцæуа, уæд Мæ разамунди фæдбæл ка рацæуа, уонæн тас нæ уодзæнæй, нæ уодзæнæнцæ æнкъард”.
39. Ка не ‘ууæндтæй æма мæнгæбæл ка нимадта Не ‘вдесæнтæ, етæ уотæхссæнцæ арти, уоми уодзæнæнцæ æноси.
40. Уа, Езрай фурттæ! Ци хуæрзтæ уин фæдтæн, уони уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнетæ æма раст æнхæст кæнетæ уæ Фæдзæхст[7], æма уæд Æз дæр уин æнхæст кæндзæнæн Мæ Фæдзæхст. Тæрсетæ Мæнæй.
41. Æма æууæндетæ ицæгади тухxæй уæмæ ци нирвистон, уобæл.[8] Уобæл æнæууæнкити фиццæгтæй ма уотæ. Æма Ме ‘вдесæнти бæсти ма есетæ нецæййаг аргъ – Мæнæй тæрсетæ.

42. Уацæгдзийнадæ ма аразетæ мæнги хъæппæлти: уацæгдзийнадæ зонгæй ма римæхсетæ уой.
43. Намаз кæнетæ, дæттетæ искæдзосгæнæг битир,[9] æма уæ сæр æркъолæ кæнетæ,[10] Мæ размæ æ сæр ка æркъолæ кодта, уони хæццæ.
44. Гæрр, сугъдæг Финстæг аргъаугæй нур сумах еци адæнæн хуарз гъуддæгтæ амонгæй уæхе феронх кæндзинайтæ? Ау, æма уæхе не ‘рлæдæрдзинайтæ?
45. Фæййангъос кæнунæн уæхе рахатетæ гæдзæ æма кувдмæ; етæ, æцæгæйдæр, коммæгæси устур хъаурæ ‘нцæ,
46. кæцитæ уотæ сагъæс кæнунцæ, æма етæ сæ Хуцаубæл рамбæлдзæнæнцæ æма ‘Ймæ раздæхдзæнæнцæ.
47. Уо, Езрай фурттæ! Ци хуарздзийнæдтæ уин искодтон, æма уæ дуйнетæбæл ке суæлеуæг кодтон, уони уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнетæ.
48. Æма тæрсетæ еу уод иннæ уодæн ку нецигъон бал уа, еци бонæй, уой нæбал бауаддзæнæй сæрбæлдзорæгæй, æма уомæй нецибал æрцæудзæнæй ист æмуæзæн, æма син нæбал æрцæудзæнæй æнхусгонд!
49. Æмонæ*, Мах уæ фæййервæзун кодтан Фæрæони адæнæй, кæцитæ уин исаразтонцæ берæ бæлæхтæ, уæ фурттæ уин цæгъдгæй æма æрмæст уæ силгоймæгти ниууадзгæй уодæгасæй. Уомæй уин уæ Хуцауæй устур фæлварæн адтæй!
50. Æмонæ, Мах радех кодтан денгиз æма сумах фæййервæзун кодтан, Фæрæони муггаг ба фæддæлдон кодтан, сумах ба уой уидтайтæ.
51. Æмонæ, Мах Мусайæн дууинсæй боней æндæргъци цалдæн фæдзæхст лæвардтан, уæдмæ уой фæсаууонмæ сумах уæхецæн гумери исаразтайтæ, æнаккаг уогæй.[11]
52. Уой фæсте ба уин Мах ниххатир кодтан – мусийнæ*, уодзинайтæ боз.
53. Æма мæнæ Мах равардтан Мусайæн Финстæг æма Æртасуйнадæ, - мусийнæ, цæудзинайтæ раст надбæл!

---

* Æмонæ – вот.

* Мусийнæ – может быть.

54. Æмонæ Муса загъта æ адæнæн: “Уæ, мæ адæн! Уæхуæдтæ уæхецæн исаразтайтæ æнаккагдзийнадæ, уæхецæн гумери райсгæй. Æма уе ‘Сфæлдесæгмæ уе ‘ргом раздахетæ, кенæдта уæхуæдтæ уæхе рамаретæ: е уодзæнæй сумахæн уе ‘Сфæлдесæги размæ хуæздæр, æма Е æ рæдудбæл сæтгутæн ниххатир кæндзæнæй, уомæн æма Е хуæрзаргъуфст, уодибæстгин æй рæдудбæл фæсмонгæнгутæн.
55. Æмонæ сумах загътайтæ: “Уо, Муса! Нæ дæбæл баууæнддзинан, цалдæн нæхуæдтæ нæ фæууинæн Хуцауи æргомæй”[12]. Æма, сумах цалдæн кастайтæ, уæдмæ уæ арв ниццавта.
56. Уой фæсте ба уæ уæ фæсмæрдæ Мах райгас кодтан, уотæ æнгъæл уогæй æма уодзинайтæ боз.
57. Мах уæ хайгин фæккодтан æврагъæй æма уин рарвистан хару æма уæрццитæ: “Уæхе хæлцетæ Мах уæ ци хуæрзæгтæй хайгин кæнæн, уонæй”. Етæ Мах нæ бафхуардтонцæ, фал сæхуæдтæ сæхе бафхуардтонцæ.
58. Æмонæ Мах загътан: “Бацотæ аци горæтмæ[13] æма уæ кæми фæндуй, уоми уæхе æфсадетæ уæ зæрдифæндон, æма ковгæй бацотæ колдуарбæл, æма дзоретæ: “Хатир!” – Мах уин ниххатир кæндзинан уæ тæрегъæддзийнæдтæ, æма хуарзгъуддæгтæ гæнгути исуæлеуæг кæндзинан.
59. Фал закъонихалгутæ, ци загъд син адтæй, уой æндæр дзурдæй раййивтонцæ, æма еци закъонихалгутæбæл Мах арви азап æрхастан, æнæуагædзийнадæ ке парахат кодтонцæ, уой тухxæй.
60. Муса æ адæнæн дон ку курдта, уæд ин Мах загътан: “Дæ лæдзæгæй ниццæвæ и къæдзæх!” Æма дууадæс сауæдони ракалдæй уордæгæй æма адæн базудтонцæ, кæми син ниуазгæй, еци бунат. “Хуæретæ, ниуазетæ Хуцауи лæвæрдтæй, æма ма аразетæ зæнхæбæл фуддзийнæдтæ, æнæуагдзийнадæ парахат гæнгæй”.
61. Æмонæ сумах загътайтæ: “Уо, Муса! Еци еу хуæруйнагбæл куд ниббухсæн. Дæ Хуцауæй нин ракорæ, цæмæй нин æй баййева зæнхæ ци

дæттуй, уонæй: халсартæ, хуæргæнæстæ, бодæн, хъæдорæ æма гъæдзиндзæ". Е загъта: "Ædта нур сумах ци лæгъуздæр æй, уой ми коретæ хуæздæри бæсти? Ниццотæ Египетмæ, уоми уин ес ци коретæ, е. Мæгурдзийнадæ æма æфхуæрддзийнадæ иссирдтонцæ, æма Хуцауи маст баййафтонцæ. Е – уой тухxæй, æма Хуцауиævдесæн си нæ баруагæс æй æма пахампарти надтонцæ хæраймадæй! Е – уой тухxæй, æма ке нæ байгъустонцæ, уædта фудгæнгутæ ке адтæнцæ!

62. Уастæн, ка баууæндтæй æма е 'ргом ка раздахта уерæгтæмæ, æма назорейæгтæмæ[14], æма сабейæгтæмæ[15], æма Хуцаубæл, уædта фæстаг Бонбæл ка æууæндуй æма хуарздзийнædтæ ка аразуй – уонæн Хуцаумæ устур лæвар: уонæн нæ уодзæнæй тас, нæ байзайдзæнæнцæ æнкъардæй.
63. Æмонæ, Мах уи райстан бадзурд æма æ сæрмæ исистан хонх[16]: "Гъæуай кæнетæ Мах уин ци равардтан, уони, – мусийнæ, Хуцауæй тасдзийнадæ уæмæ уодзæнæй".
64. Сумах ба уой фæсте исфæлхædтайтæ. Хуцауи фарнæ æма хуарзæнхæ ку н' адтайуонцæ, уæд хъæбæр ænамондгун иссаййайтæ.
65. Сумах зонетæ, хеваст миуæ ка бакодта сабати, уони, æма син Мах загътан: "Илгъаг маймулитæ фестетæ".
66. Уой Мах исаразтан, хуарз гъуддæгтæ аразæг æмдогонтæ æма уонæн сæ фæстагонтæ цæмæй сæхе бахезонцæ, уой тухxæй.
67. Æмонæ, Муса загъта æ адæнæн: "Мæнæ уи Хуцау дæмуй, цæмæй нивондæн æрхæссайтæ гъог". Етæ загътонцæ: "Рагириз кæнуйнаг ни дæ?" Е загъта: "Цæмæй ædули ма фæууон, уомæй мæ Хуцау бахезæд!"
68. Етæ загътонцæ: "Исковæ дæ Хуцаумæ, цæмæй нин балædæрун кæна, циуавæр æй, уой". Е загъта: "Мæнæ Е зæгъуй: "Е уæхæн гъог æй, æма зæронд дæр нæй, хъунадзин дæр нæй, фал сæ астæу æй". Æма кæнетæ ци уин загъд æй, уой!"
69. Етæ загътонцæ: "Исковæ дæ Хуцаумæ, цæмæй нин Е балædæрун кæна, æ хузæ циуавæр æй, уой". Е загъта: "Мæнæ, Е зæгъуй: "Е æй бор, уорсгон бор гъог, æ уиндæ, ка имæ кæсуй, уонæн æхцæуæн æй"".

70. Етæ загътонцæ: “Исковæ дæ Хуцаумæ, цæмæй нин балæдæрун кæна кæци æй, уой, уомæн æма махмæ берæ ес æнхузæн гъоцитæ, æма Хуцауи ку бафæндæ уа, уæд æй раст исæнхæст кæндзинан”.
71. Е загъта: “Мæнæ, Е зæгъуй: “Е уæхæн гъог æй, æма нæдæр хумæ кæнунæй, нæдæр будуртæмæ дон ласунæй фæллад ка не ‘взаруй, нæ ‘йбæл ес игакæ дæр””. Етæ загътонцæ: “Нур ду æрхастай æцæгдзийнадæ”. Æма ‘й нивгарстонцæ, кæд æма еци гъуддаг бакæнуйнаг нæ адтæнцæ.
72. Æмонæ, сумах рамардтайтæ еу адæймаг, æма загъд исамадтайтæ, кæрæдзей фудгин кæнгæй, фал Хуцау ба базонуй сумах ци римæхсетæ, уой.
73. Æма Мах загътан: “Ескæци еу хаййæй æй ниццæветæ[17]!” Æма Хуцау мæрдтæ куд райгас кæндзæнæй, уотæ нур дæр уин бавдиста æ алæмæт, мусийнæ, сумах дæр зундгиндæр уодзинайтæ!
74. Уой фæсте ба уæ зæрдитæ ниддор æнцæ, къæйдорау кенæ ба никки хъæбæрдæр, уомæн æма дорти æхсæн дæр ес уæхæнттæ, кæцити æхсæнæй сауæдонæ ракæлуй, уæдта се ‘хсæн ес ка фæффæсхъæ уй æма уордæгæй дон кæцæй ратæдзуй, уæхæнттæ. Се ‘хсæн ес Хуцауи размæ ка фæттæрсуй. Хуцау ка ци кæнуй, уой феппайуй!
75. Æдта нур сумах уотæ фæндуй, цæмæй етæ дæр сумахау баууæндонцæ? Еуетæ си Хуцауи дзурд фегъустонцæ, æма ‘й ку балæдæрдтæнцæ, уæд æй уой фæсте ба рафæлхадтонцæ, æма уой сæхуæдæг дæр зонунцæ.
76. Дингæнгути хæццæ ку фæййеу унцæ, уæд етæ фæззæгъунцæ: “Мах æууæндæн!” Фал усуни ку райзайунцæ аннети хæццæ, уæдта фæззæгъунцæ: “Хуцау уин ци байгон кодта, уой син нæ радзордзинайтæ, цæмæй уин етæ Хуцауи размæ æвдесæнтæ æрхæссонцæ”. Гæр, уой нæ лæдæретæ?
77. Нур етæ уой нæ зонунцæ, æма Хуцау зонуй етæ ци баримæхсунцæ, уой дæр æма ци раргом кæнунцæ, уой дæр.
78. Уони æхсæн ес æнахургонд адæн, кæцитæ нæ зонунцæ Финстæг, фал æрмæст æнæнеци бæлдитæбæл æууæндунцæ æма æнгъæлцитæ кæнунцæ.

79. Додойаг ænцæ сæхе къохæй ка финсуй Финстæгтæ, æма уой фæсте ба уотæ ка фæззæгъуй: “Е Хуцауæй æй”, цæмæй уобæл нецæййаг аргъ райса! Додойаг ænцæ сæ къохтæ ци финсунцæ, уой туххæй. Додойаг ænцæ уомæй сæ ци фæууодзæй, уой туххæй.
80. Етæ фæззæгъунцæ: “Арт махбæл бандзæвдзæнæй æрмæст бæлвурд бæнтти.” Зæгъæ: “Мийяаг, Хуцауи хæццæ уин бадзурд ес, æма Хуцау æ бадзурд нæ раййевдзæнæй? Æви, уæхуæдтæ ци нæ зонетæ, уæхæнæй неци дзоретæ Хуцауи туххæй?”
81. Гъо! Фуддзийнадæ æхемæ ка райста æма тæрегъæдти буни ка фæцæй, етæ уодзæнæнцæ арти амæттæгтæ, уоми уодзæнæнцæ æноси.
82. Фал ка баууæндтæй æма хуарздзийнæдтæ ка аразта, етæ ба уодзæнæнцæ дзенети цæргутæ, æма уоми уодзæнæнцæ æноси.
83. Æмонæ, Мах Езрай фурттæн бафæдзахстан: “Коветæ æрмæст Хуцаумæ, нийергутæн, хæстæгутæн, седзæртæн, мæгуртæн хуарздзийнæдтæ кæнгæй; адæнæн дзоретæ хуарз, коветæ, сугъдæггæнæн битир дæттетæ”. Фал уæ ефстæгутæй уæлдай, сумах уæхе ратегъ кодтайтæ.
84. Æмонæ, Мах уин бафæдзахстан: “Сумах уæ тог ма калетæ, æма кæрæдзей ма соретæ уæ хæдзæрттæй. Æма сумах уобæл уазæвæргæй бавдесæн кодтайтæ”.
85. Фал уой фæсте сумах уæхæн разиндтайтæ, æма еуетæ иннети мардтонцæ æма уæ еу хаййи ба фæссурдтонцæ уæ хæдзæрттæй, кæрæдземæн уони нихмæ ангъос кæнгæй гунах æма æзморæ хæссунмæ.[18] Уацайрæгтæ уæмæ ку рбацæуидæ, уæдта сæ балхæниайтæ, кæд æма уин не ‘нгъизтæй уони ракæнун.[19] Гæр æма Финстæги еу хайбæл æууæнддзинайтæ æма иннебæл ба – нæ? Уотæ ка кæнуй, уомæн æ хуарзæнхæ аци царди уодзæнæй ægадæдзийнадæ, исæндедзæни Бон ба етæ баййафдзæнæнцæ хъæбæр æнæуагæ фудæбæнттæ. Хуцау алке гъуддæгтæ дæр æстæфуй.
86. Федæни цард нури цардæй ка æййевуй, уонæн сæ фудæбæнттæ нæ фæлæмæгъдæр уодзæнæнцæ, æма син ангъосгонд дæр не ‘рцæудзæнæй.
87. Мусайæн Мах равардтан Финстæг, æ фæдбæл ба ин рарвистан иннæ

минæвæртти; æма Майрай фурт Исайæн[20] равардтан бæрæг разамундтæ æма ‘й ниффедар кодтан сугъдæг монæй. Æма, аллихатт дæр, сумахмæ минæвар ку ‘рхæссидæ, егъæ уин ка нæ уидæ, уæхæн Финстæг, уæд, миййаг, уобæл уæхе уæлбекъон нæ кодтайтæ? Еуети фæлтухъатæ рахониайтæ, иннети ба рамариайтæ.

88. Етæ дзорунцæ: “Махæн нæ зæрдитæ лухгонд нæ ‘нцæ”. Гъо! Æма сæ Хуцау ралгъетæд се ‘нæууæнки туххæй. Ædта куд кисин æй се ‘ууæнкæ!

89. Уонæмæ ци адтæй, уой æцæгдзийнадæбæл бавдесæн кæнуни туххæй сæмæ Хуцауи Финстæг фæззиндтæй. Раздæр етæ кувтонцæ æнæууæнкитæбæл фæууæлахез уни туххæй. Фал сæмæ, ци базудтонцæ, е ку фæззиндтæй, уæдта ‘йбæл нæбал бауууæндтæнцæ. Хуцауи ælгъист æрцæуæд æнæууæнкитæбæл!

90. Куд нецæййаг аргъ æй, сæ уодтæ цæбæл уæйæ кæнунцæ, етæ, Хуцауи æргомæгтæ сæ фур соцъайæй рагæлдзгæй. Хуцау æрæрветуй Æ хуæрзеугутæй Æ цагъартæй кæмæн ци æмбæлуй, уой! Æма етæ исамадтонцæ еу фудæнхæ иннебæл. Уастæн, æнæууæнкитæн – æгадæ æфхуæрæн!

91. Уотæ син ку зæгъдæуй: “Хуцау ци æрæрвиста, уобæл бауууæндетæ!”, уæд фæззæгъунцæ: “Махæн ци æрвист ес, уобæл æууæндæн”. Æ фæсте ци ес, уобæл ба не ‘ууæндунцæ, кæд æма е æцæгдзийнадæ æй, ци сæбæл цæуй, уой æвдесæн. Зæгъæ: “Мадта уæд раздæр ба Хуцауи пахампарти цæмæ надтайтæ, кæд æууæндгутæ айтæ, уæд?”

92. Сумахмæ Муса æрбацудæй бæлвурд разамундти хæццæ, уой фæсте ба сумах уæхецæн исаразтайтæ гумери, хъæбæр æнаккаг уогæй.

93. Æмонæ Мах уи бардзурд райстан æма уæ сæрмæ исистан хуæнхтæ: “Ци уин балæвар кодтан, уой федараæй гъæуай кæнетæ æма коммæгæс уотæ”. Етæ загътонцæ: “Мах фегъустан, фал коммæ ба нæ кæсæн”. Етæ се ‘нæууæнки туххæй сæ зæрдити неффедар кодтонцæ гумери. Зæгъæ: “Кæд æууæндетæ, уæд куд нецæййаг æй уæ дин уи ци дæмуй, е!”

94. Зæгъæ: “Кæд Хуцаумæ федæни хæдзарæ сумах æй, аци адæнæй уæлдай[21],

уæд ракоретæ мæлæт, кæд рæстæ дзоретæ, уæд”.

95. Фал сæ уой некæд бафæнддзæнæй уой туххæй, æма сæхе къохтæй арæзт æй е. Уастæн, Хуцау зонуй æнаккæгти туххæй!

96. Æма æцæгæйдæр, уинис, етæ æгасемæй фулдæр ке уарзунцæ цард, Хуцауæн æмбæлттæ ка агоруй, уонæй дæр ма фулдæр.[22] Уонæй алке дæр си фæндæуй, цæмæй ин мин анзи цард лæвæрд æрцæуа. Фал сæ берæ фæццæрун дæр нæ райзол кæндзæнæй æфхуæрдæй. Хуцау уинуй, етæ ци кæнунцæ, уой!

97. Зæгъæ: “Джабраили знаг ка адтæй…”[23] - кæд æма е Хуцауи фæндонæй æй[24] дæ зæрдæбæл бамбæлун кодта æцæгдзийнадæ бавдесунæн, уомæй размæ ци ‘рвист адтæй, куд раст над æма æхцæуæн хабар æууæндгутæн.

98. Хуцауи, æма Æ изæдти, æма Æ минæвæртти, Джабраили дæр, Микъалай знаг дæр ка фæууй… æма уæд Хуцау дæр æнæууæндгути знаг æй!

99. Мах дин нирвиста бæрæг æвдесæнтæ, фал сæбæл не ‘ууæндунцæ æрмæст æнæуагитæ.

100. Æма куддæр бадзурд бакæнетæ, уотæ си аллихатт дæр, миййаг, нæ рагæлдзиайтæ еу хай? Æцæгæйдæр ба си уонæй беретæ не ‘ууæндунцæ!

101. Æма сæмæ Хуцауæй минæвар ку ‘рцæуидæ сæ уавæри æцæгдзийнадæбæл бавдесæн кæнунмæ, уæд Финстæг лæвæрд кæмæн адтæй, уонæй беретæ Хуцауи Финстæг рагæлдзиуонцæ сæ фæсонти ‘рдæмæ, цума ‘й нæ базониуонцæ, уотæ.

102. Æма етæ рацæуиуонцæ Ибилистæ ци æримистонцæ Сулеймани[25] паддзахеуагади рæстæги. Сулейман æнæууæнкæ нæ адтæй, фал Ибилистæ адтæнцæ æнæууæнкæ, адæни кæлæнтæбæл æма дууæ изæди, Харут æма Марутæн, Вавилони æрвист ка адтæй, уонæбæл ахур кæнгæй. Фал етæ дууемæй дæр неке ахур кодтонцæ, уотæ ин æнæ зæгъгæй: “Мах уæ монцтæ ан, фал æнæууæнкæ ма уотæ!” Етæ уонæй исахур æнцæ лæг æ уосæй куд рахецæн кæнун гъæуй, - фал уомæй етæ æнæ Хуцауи фæндон некæмæн æрхастонцæ зæран. Еæт, цит, ахур кодтонцæ зæран син ци хаста æма син пайда ци нæ хаста, уобæл, æма етæ зудтонцæ уомæй ка испайда

кænидæ, уомæн федæни царди ке нæ уодзæнæй хай. Æма æцæгæйдæр ку зониуонцæ куд нецæййаг аргъбæл балхæнунцæ сæ уодтæ! Уой ку зониуонцæ!

103. Нур ку бауӕндтайуонцæ æма Хуцауæй ку тарстайуонцæ, уædта син Хуцаумæ – устур лæвар. Уæ, уой ку зониуонцæ!

104. Уæ, ка бауӕндтæй, етæ! Ма зæгъетæ: “Бахезæ нæ!”, фал зæгъетæ: “Æркæсæ нæмæ!” – æма игъосетæ. Гиаурти ба хъурдохæн азап хезуй!

105. Финстæг ка зонуй, еци ænæууæнкитæ, æма Хуцау кæмæн нæййес, уони нæ фæндуй, цæмæй уæ Хуцауæй уин ести хуарзæнхæ фæууа. Фал Хуцау æ уодибæстгиндзийнадæй, ке ‘й фæндуй, уой равзаруй, уомæн æма Хуцау устур уодибæсти хецау æй!

106. Ескæци ævдесæн ку раййевæн, кенæ ‘й ку бадæмæн байронх кæнунæн, уæд Мах раттæн ændæр, раздæрикконæй хуæздæр, кенæ ба – е ‘мсæр. Гæр уой нæ зонис, æма Хуцау алли гъуддаги дæр тухгиндæр ке ‘й?

107. Гæр уой нæ зонис, æма арв æма зæнхæбæл Хуцау æ барæ ке даруй, æма Хуцауæй ændæр сумахæн нæдæр ænхусгæнæг, нæдæр багъæуайгæнæг ке нæййес?

108. Мусийнæ, сумах бафæрсун фæндуй уæ минæвари, раздæр куд фарстæудæй Мусай, уобæл? Фал æууæнкæ ænæууæнкæй ка баййева, е раст фæндагæй рахизтæй.

109. Финстæг ка зонуй, уонæй се ‘нæуинондзийнади тухxæй берети фæндæуй сумахæй нæуæгæй ænæууæнкитæ исаразун, ку бауӕндтайтæ æма син бæлвурдæй ке бавдистæй уацæгадæ, уой фæсте. Райзол кæнетæ уæхе уонæй, уæхе си хезетæ, цалдæн Хуцау æ гъуддаг нæ бакæна, уæди уæнгæ. Уастæн, Хуцау тухгин æй!

110. Æма намаз кæнетæ, дæттетæ искæдзосгæнæггаг битир: рагацау ци хуарздзийнадæ бакæнайтæ уæ уоди алфён, уой иссердзинайтæ Хуцаумæ, уомæн æма Хуцау уинуй ци кæнетæ, уой.

111. Етæ фæззæгъунцæ: “Дзенетмæ бацæудзæнæй уераг[26], кенæ киристон ка ‘й, е”. Етæ сæ бæлдитæ ænцæ. Зæгъæ: “Ærбавдесайтæ уе

‘вдесæнтæ, кæд рæстаг айтæ, уæд”.

112. Нæ фал Хуцауи коммæгæс ка разинна хуарздзинæдтæ кæнгæй, уомæн æ Хуцауæй уодзæнæй устур лæвар: уомæн нæ уодзæй тас, нæ баййафдзæнæй æнкъарддзийнадæ.

113. Уерæгтæ фæззæгъунцæ: “Киристæнттæ æнæбундор æнцæ”. Киристæнттæ ба фæззæгъунцæ: “Уерæгтæ æнæбундор æнцæ”, кæд æма сæ дууетæ дæр аргъаунцæ Финстæг. Уониау фæззæгъунцæ нæзонгутæ[27] дæр. Исæндедзæн бон син Хуцау истæрхон кæндзæнæй се ‘хсæн цæй медæгæ адтæй сæ хецæндзийнадæ.

114. Æма уомæй æнаккагдæр ма ка ‘й, Хуцаумæ ковун ка нæ уадзуй Хуцауи ковæндони æма сæ ка архайуй нийхалун? Етæ уордæмæ гъæуама цитгиндæр бунатмæ цæуæгау цæуонцæ. Аци царди етæ баййафдзæнæнцæ æгадæ, иннæ царди ба – устур хъиамæт.

115. Скæсæн дæр æма Нигулæн дæр Хуцауи размæ ‘нцæ: кумæдæриддæр нæ рахатай дæхе, алкæмидæр Хуцауи ирух уодзæнæй, уомæн æма Хуцау алцæбæлхъæртæг, зонагæ ‘й.

116. Етæ фæззæгъунцæ: “Хуцауæн ес сувæллæнттæ”. Табу Ин искæнетæ! Уастæн, арвбæл æма зæнхæбæл цидæриддæр ес, етæ Хуцауи æнцæ æма Уомæ уесунцæ.

117. Е арв æма зæнхæ исфæлдесæг æй, æма ести гъуддаг искæнуйнаг ку фæууй, уæдта æрмæстдæр исдзоруй: “Уо!” – æма е дæр исуй.

118. Ка нæ зонуй, етæ фæззæгъунцæ: “Хуцау нæ хæццæ ку исдзоридæ, кенæ нæмæ æвдесæн ку ‘рцæуидæ!” Уотæ дзурдтонцæ уони размæ ка адтæй, етæ дæр. Етæ сæ зæрдитæй æнхузæн æнцæ. Мах бавдистан раст зонундзийнæдтæ кæмæ ес, еци адæнæн æвдесæнтæ.

119. Уастæн, Мах дæ уацæгади тухха́й рарвистан хуæрз федогæй æма æртхъерæнгæнæгæй, æма ду арти цæргути тухха́й фарст не ‘рцæудзæнæ.

120. Æма, цалинмæ сæ ахури фæдбæл рацæуай, уæдмæ ди арази некæд уодзæнæнцæ нæдæр уерæгтæ, нæдæр киристæнттæ. Зæгъæ: “Уастæн, Хуцауи над æцæг над æй!”, - æцæг зонундзийнадæ дæмæ ку ‘рбацудæй,

уæд ма уой фæсте сæ монцти фæсте ку рацæуай, уæд Хуцауæй нæбал уодзæнæй нæдæр хæстæг, нæдæр æнхусгæнæг.

121. Финстæг кæмæн балæвар кодтан, етæ ‘й аккаг аргъудæй аргъаунцæ – етæ ‘йбæл æууæндунцæ. Ка ‘йбæл не ‘ууæндуй, етæ ба зæрани байзайдзæнæнцæ.

122. Уо, Езрай фурттæ! Уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнетæ ци хуæрзтæ уин фæдтæн æма уæ иннæ адæнтæй бæрзонддæр ке фæккодтон.

123. Æма тæрсетæ еу уод иннемæмæн ци бон нæбал уа фæййангъос кæнунгъон, еци бонæй: нæбал райстæ уодзæнæй уобæл æмбæрцæ киндæ, æма ин нæбал уодзæнæй сæрбæлдзорæг, æма син нæбал искиндæ уодзæнæй æнхусгонд дæр!

124. Æмонæ, Хуцау дзурдтæй бафæлвардта Ибрæгими[28], æма сæ е исæнхæст кодта. Е загъта: “Уастæн, Æз дæ адæнæн исæвæрдзæнæн имамæй”. Е загъта: “Мæ байзæдтæгтæй дæр?” Е загъта: “Мæ фæдзæхст æнаккæгтæмæ нæ хауй”.

125. Мах иснисан кодтан аци хæдзарæ адæнæн, кæми æмбурд кæнонцæ æма сæхе хезонцæ[29]: “Æма Ибрæгими бунат уæхецæн райсетæ ковæндонæн”. Æма Мах бафæдзахстан Ибрæгимæн æма Исмаилæн: “Ка ‘йбæл зелуй, æма ‘ймæ ка цæуй, æма ка ‘ркъолæ кæнуй æма ка ‘ргубур кæнуй æхе зæнхи уæнгæ, етæ сугъдæгæй кадæ кæнæнтæ Мæ хæдзарæн!”

126. Æма Ибрæгим ку загъта: “Еунæхуцау! Аци бæстæ искæнæ æдас æма ‘й æ цæргутæн фæргун фæккæнæ, Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл ка баууæндтæй, уонæн!” Е загъта: “Ка нæ баууæндтæй, уонæн ба ‘й ратдзæнæн рæстæгмæ, уæдта сæ тухæй æрбакæндзæнæн фæстæмæ артæй æфхуæрдмæ”. Куд æбуалгъ æй еци раздæхт!

127. Æма мæнæ Ибрæгим Исмаили хæццæ и хæдзари бундор æривардтонцæ: “Нæ Еунæхуцау, Дæ дæлбарæ нæ бакæнæ! Уастæн, Ду игъосæг, зонæг дæ.

128. Нæ Еунæхуцау! Мах дæр æма нæ байзæдтæгти дæр искæнæ Дæ коммæгæс, исахур нæ кæнæ дини æгъдæуттæбæл æма нин хатир кæнæ!

Уастæн, Ду хатиргæнагæ æма уодибæстгин дæ!

129. Нæ Еунæхуцау! Де ‘вдесæнтæ дин ка кæса, се ‘хсæнæй уæхæн минæвар равзарæ, кæци сæ исахур кæндзæнæй Финстæгбæл æма зундбæл, æма сæ искæдзос кæндзæнæй, уомæн æма Ду тухæ ‘ма зунди хецау ку дæ!”

130. Уодæй ædули ка ‘й, уомæй æндæр ка ратегъ кæндзæнæй Ибрæгими динбæл? Мах æй равзурстан хæстæг дуйней, федæни ба, æнæмæнгæ, е уодзæнæй рæстагти æхсæн.

131. Æмонæ ин æ Хуцау загъта: “Коммæгæс уо!”, уæд е загъта: “Дуйнети Паддзахæн уесун[1]!”

132. Æма Ибрæгим уой бауосиат кодта æ фурттæн, уæдта Йакуб[30] дæр: “Уæ, мæ фурттæ! Уастæн, Хуцау уин равардта дин, æма уæхе æнæ Уобæл бафædзæхсгæй ма мæлетæ!”

133. Йакуб ку мардæй, уæд, мийяаг, уоми адтайтæ? Мæнæ е æ фурттæн загъта: “Цæмæ ковдзинайтæ мæ фæсмæрдæ?” Етæ загътонцæ: “Мах ковдзинан дæ Хуцаумæ æма дæ фиддæлти – Ибрæгими, Исмаили æма Исхаки – Хуцаумæ: еунæг Хуцаумæ, æма нæхе Уобæл фædзæхсæн”.

134. Нæбал æнцæ нур еци адæн: уонæн уодзæнæй, ци исаккаг кодта æхецæн, е[31]; сумахæн дæр – уæхецæн ци исаккаг кодтайтæ, е, æма уæ етæ ци исаразтонцæ, уобæл уæ некебал бафæрсдзæнæй.

135. Етæ фæззæгъунцæ: “Уотæ уерæгтæ, кенæ киристæнттæ æма иссердзинайтæ раст над”. Зæгъæ: “Нæ, мах кæнæн Ибрæгими дин, кæци адтæй раст дингæнгутæй: е н’ адтæй берæ хуцæуттæмæ ковгути æхсæн”.

136. Зæгъетæ: “Мах баууæндтан Хуцаубæл æма Ибрæгимæн, Исмаилæн, Исхакæн, Йакубæн æма сæ фæлтæртæн ци æрвист адтæй, уобæл, уæдта Муса æма Исайæн ци лæвæрд адтæй, уæдта пахампартæн ци лæвæрд адтæй сæ Хуцауæй, уонæбæл. Мах си неке æййевдзи кæнæн, æма *Æ коммæ кæсæн*”.[32]

137. Æма кæд сумах цæбæл баууæндтайтæ, уобæл баууæндтæнцæ, уæд

1 Уесун – покоряюсь (коммæ кæсун).

етæ иссирдтонцæ раст над; кæд æма фæккиудтæнцæ и надæй, уæдта етæ сумахæй фертæстæнцæ, æма дæ Хуцау уонæй бахездзæнæй. Уастæн, Е игъосагæ æма зонагæ æй.

138. Мах Хуцауи динæй ан! Æма Хуцауи динæй ка ‘й, уомæй хуæздæр ка уодзæнæй? Æма мах дæр Уомæ ковæн.

139. Зæгъæ: “Гæр, сумах нæ хæццæ Хуцауи туххæй буцæу кæндзинайтæ, кæд æма Е мах Хуацау дæр æма сумах Хуцау дæр æй? Махæн – нæ гъуддæгтæ, сумахæн – уæ гъуддæгтæ, æма мах дæр Æ размæ дин кæдзос кæнæн”.

140. Æви сумах зæгъдзинайтæ, æма Ибрæгим дæр, Исмаил дæр, Исхак дæр, Йакуб дæр, сæ фæлтæртæ дæр уерæгтæ, кенæ киристæнттæ адтæнцæ? Зæгъайтæ: “Сумах фулдæр зонетæ, æви Хуцау? Хуцауи æвдесæн ка басосæг кодта æхемæ, уомæй мæнгарддæр ма ес? Уастæн, Хуцау, ци кæнетæ, уой уинуй!”

141. Нур нæбал ес еци адæн: етæ сæхемæ ци райстонцæ, е син уодзæнæй; сумахæн ба, ци райстайтæ уæхецæн, е уин уодзæнæй. Етæ ци кодтонцæ, уобæл уи дзуапп неке бадæндзæнæй.

142. Уæд æдулитæ зæгъдзæнæнцæ: “Сæхе син ци рахатун кодта Хъибиллæй[33], кæцибæл етæ хуæстæнцæ?” Зæгъæ: “Скæсæн дæр æма нигулæн дæр Хуцауи бари ‘нцæ. Е, ке ‘й фæндуй, уой раст надбæл æвæруй!”

143. Уотемæй уæ мах исивардтан адæнти æхсæн адæнæй уасдар[1], цæмæй еци адæнтæн уайтæ æвдесæн, минæвар ба – сумахæн æвдесæн. Æма Мах исаразтан Хъибиллæ, кæцибæл ду хуæст адтæ, цæмæй дæ фæдбæл ка рацæудзæнæй фæккеугутæй, æрмæст уой базонуни туххæй. Æма е хъæбæр зин гъуддаг кæсуй, Хуцау раст надбæл ке æвæруй, æрмæст уонæй уæлдай, уомæн æма Е уæхæн нæй, цæмæй уин уæ дин фесафа! Уастæн, Хуцау адæни хæццæ сабур æма уодибæстгин æй!

144. Арвбæл дæ цæсгони разилд Мах уинæн, æма дæ раздахдзинан

1 Уасдар – посредник между Богом и людьми.

Хъибилли ‘рдæмæ, кæцимæй уодзæнæ арази. Æма де ‘рух раздахæ тобæгонд мæзгити ‘рдæмæ. Æма кæмидæриддæр уайтæ, уе ‘рух, цит, уой ærдæмæ раздахиайтæ. Финстæг лæвæрд кæмæн æй, етæ зонунцæ, е сæ Хуцауæй лæвæрд уацæгадæ[1] ке ‘й. Етæ ци кæнунцæ, уой Хуцау æстæфуй.

145. Æцæгæйдæр, Финстæг лæвæрд кæмæн æй, уонæн æнккæт алæмæттæ ку бавдесай, уæд етæ уæддæр нæ рацæудзæнæнцæ дæ хъибилли ærдæмæ, ду дæр нæ рацæудзæнæ сæ хъибилли ærдæмæ. Уонæй еуетæ дæр иннети хъибилли ærдæмæ нæ раздæхунцæ. Фал зонундзийнæдтæ дæмæ ку ‘рбацудæй, уæд ма уой фæсте сæ монцти фæдбæл ку рацæуай, уæд ду дæр уодзæнæ гиауртæй.

146. Мах кæмæн балæвар кодтан Финстæг, етæ, сæхе фуртти куд зонунцæ, уотæ ‘й зонунцæ,[34] фал уонæй еу хай сосæг кæнунцæ уацæгадæ, кæд æма уой зонунцæ, уæддæр.

147. Æцæгдзийнадæ дæ Хуцауæй æй, æма дузæрдуггæнгути æхсæн ма уо!

148. Алцæмæн дæр æргом фарс ес: уомæ ирух раздахунцæ намази рæстæги. Уомæ гæсгæ ба кæрæдзей рази тундзетæ раздæронæй хуæрзгъуддæгтæ аразунмæ. Кæмидæриддæр нæ уайтæ, Хуцау уæ хæццæ уодзæнæй. Уастæн, Хуцау тухгин æй!

149. Æма кæцæйдæр нæ рацæуай, де ‘рух, цит, раздахæ тобæгонд мæзгитæрдæмæ, уомæн е дæ Хуцауæй лæвæрд уацæгадæ ‘й. Хуцау, ци кæнетæ, уой ænæ бафеппайгæ нæ фæууй!

150. Æма кæцæйдæр нæ рацæуай, де ‘рух, цит, раздахæ тобæгонд мæзгитæрдæмæ æма, кæмидæриддæр нæ уайтæ, уе ‘рух уой ærдæмæ здахетæ, цæмæй адæни ‘рдигæй, кæд хæран нæ ‘нцæ, уæд уотемæй уæ нихмæ сæмæ рæуонæ куд нæ уа. Уонæй ма тæрсетæ, фал тæрсетæ мæнæй, цæмæй уин Мæ хуæрзеугутæ фæууон. Кайзонуй, раст надбæл рацæуиайтæ.

151. Гъе уотемæй уæмæ Мах рарвистан минæвар уæхе æхсæнæй: е уин

1 Уацæгадæ – истина.

аргъауй Не ‘вдесæнтæ, кæнуй уæ сугъдæг, ахур уæ кæнуй Финстæгбæл æма зундбæл, раздæр ци нæ зудтайтæ, уобæл уæ ахур кæнуй.

152. Уæ зæрди Мæ æфтауетæ, æма уæ Мæ зæрди æфтаудзæнæн. Боз Ми уотæ, æма Мæнбæл идæгутæй ма уотæ!

153. Дингæнгутæ! агоретæ уæхецæн æнхус уодæнсундзийнади æма намази: уомæн æма уалгæдзонти хæццæ ‘й Хуцау.

154. Хуцауи надбæл ка фæммæла, уонæй ма зæгъетæ: етæ мард æнцæ; нæ, етæ уодæгас æнцæ. Фал сумах уой нæ хатетæ.

155. Æцæгæй, Мах уæ уæд еу хузи, уæд иннæ хузи фæлварæн: тасæй, стонгæй, мулки, царди æма тиллæги исæвдæй, фал уалгæдзонти зæрдитæ барохс кæнæ.

156. Ести фидбилиз сæ ку баййафуй, уæд уотæ ка фæззæгъуй: “Уастæн, Хуцауи бæрни ан æма фæстæмæ дæр Хуцаумæ раздæхдзинан!”

157. Уонæн Хуцауи арфæ æма хуарзæнхæ; етæ раст надбæл цæунцæ.

158. Сафа æма Мервæ[35] Хуцауи тобæгонд бунæттæ ‘нцæ, æма хадзи ка кæнуй и хæдзарæмæ[36], кенæ бæрæгбони намаз ка байаргъауй, е гунах нæ хæссуй сæ дууетæбæл[37] дæр ке ‘рзелуй, уой тухxæй. Уотæ барвæндонæй ести хуарздзийнадæ ка исараза, уобæл дæр, уомæн æма Хуцау æстæфагæ æма зонагæ æй!

159. Уастæн, Мах бæрæг æвдесæнтæй раст разамундæн ке рарвистан æма сæ адæнæн Финстæги ке балæдæрун кодтан, уой ка римæхсуй, уони Хуцау дæр ралгъетдзæнæй, ælгъетгутæ дæр сæ ралгъетдзæнæнцæ.

160. Æрмæст æ тæрегъæдтæбæл ка басæтта æма хуарздзийнæдтæ ка исараза, æма уотемæй сæхе бæлвурдæй ка бавдеса, уонæй уæлдай. Уонæмæ Æз дæр уодзæнæн хуæрзæрдæ дард, уомæн æма Æз æстæфагæ æма уодибæстгин дæн!

161. Уастæн, ка неууæндтæй æма æнæууæнкæй ка рамардæй, уонæбæл Хуцауи, æма изæдти, æма адæни, æма æнккæтей ælгъист уодзæнæй!

162. Æноси уодзæнæнцæ уоми, æма син се ‘фхуæрдæ фæффæлмæндæр кæнæн нæ уодзæнæй, уæдта син нæ уодзæнæй æмгъудергъæвд дæр.

163. Уæ, Хуцау – Еунæг Хуцау: Уомæй уæлдай нæййес æндæр Хуæрзуодагæ, Уодибæстгин Хуцау!

164. Уастæн, арв æма зæнхи исконди, æхсæвæ æма бони æййивди, адæнæн пайда ци æй, уой денгизбæл ласæг наути, Хуцау арвæй ци дон æркалуй æма си зæнхæ райгас кæнуй æ фæсмæрдæ, æ алли рауæнти ци фонс æрцæрун кодта, дунгити æма æврæгъти змæлди арв æма зæнхи æхсæн, уонæми се ‘нккæтеми дæр лæдæргæ адæнæн Хуцауи алæмæт æвдесæг æнцæ!

165. Адæни æхсæн ба ес уæхæнттæ, кæцитæ Хуцауæн ма æмбай мæнгæ хуцæуттæ иссерунцæ, кæцити уарзунцæ Хуцауи куд, уотæ. Ка бауувæндтæй, етæ ба Хуцауи никки фулдæр бауарзтонцæ. Æма æнаккаг ка ‘й, етæ сæ бафхуæрдæ ку фæййиниуонцæ, уæдта æнккæт тухæ дæр Хуцаумæ ке ‘й æма Хуцау тухгин ке ‘й Æ бафхуæрундзийнади!…

166. Ке фæсте цудæнцæ, етæ хецæнгонд цæудзæнæнцæ сæ фæдбæл ка цудæй, уонæй, æма фæууиндзæнæнцæ и азап[1], уæдта сæ бастдзийнæдтæ дæр фехæлдзæнæнцæ.

167. Æма сæ фæдбæл ка цудæй, етæ зæгъдзæнæнцæ: “Етæ махæй куд фæххецæн æнцæ, уотæ мах дæр уонæй фæххецæн кæнунæн нæ бон фæстæмæ раздæхун ку уидæ!” Уотæ син Хуцау сæ гъуддæгтæ бавдесдзæнæй се ‘сæвдæн, æма артæй нæ рацæудзæнæнцæ етæ!

168. Уо, адæн! Зæнхæбæл ци ес бæззагæ хуæруйнаг, уомæй хуæретæ æрмæст ци ‘нгъезуй, уонæй, æма ма цотæ Ибилиси фæдбæл, уомæн æма е уæ фуддæр æзнаг æй!

169. Е уи æрмæст фуддзийнадæ æма лиагъæ аразун дæмуй, æма ци нæ зонетæ, уæхæнæй ци зæгъдзинайтæ Хуцауæй.

170. Æма син ку загъдæуа: “Хуцау уин ци над снисан кодта, уобæл цотæ”, уæд етæ фæззæгъунцæ: “Нæ, мах цæудзинан нæ фиддæлти ци кæнгæ æрæййафтан, уой фæдбæл”. Гæр æма уой нæ лæдæрунцæ, æма сæ фиддæлтæ, мийяг, кæд неци лæдæрдтæнцæ æма раст надбæл нæ

---

1 Азап – наказание.

цудæнцæ, уæдта?

171. Ци гъæр имæ киндæуй, уомæй æрмæст седт æма унæр ка игъосуй, еци адæймаги хузæн æнцæ æнæууæнкитæ дæр: етæ къуру, гоби, хъæрæу æнцæ – етæ лæдæргæ дæр нæ кæнунцæ!

172. Уо, ка бауудæндтæй! Мах уин ци хуæрзеуæгтæй бахай кодтан, уонæй хуæретæ, æма боз уотæ Хуцауæй, кæд Имæ коветæ, уæд.

173. Е уин æрмæстдæр нæ уадзуй хуæдмæлтæ, тог, хъибили фид, уæдта Хуцауи номбæл æвгарст ка нæй, уони хуæрун. Æнаккаг æма æнæуагæ нæ уогæй тобæгонд хуæруйнаг æнæбари ку бахуæра, уæд уобæл тæрегъæд нæ уодзæнæй: уомæн æма Хуцау тæрегъæдгæнагæ æма уодибæстгин æй!

174. Хуцау ци бафæдзахста Финстæги, уой ка сосæг кæнуй æма уомæй нецæййаг аргъæй ести ка мадзал кæнуй, етæ сæ губунтæ æрмæст артæй идзаг кæнунцæ: сæндедзæн бони Хуцау уонæмæ нæ дзордзæнæй, æма сæ нæ никкæдзос кæндзæнæй. Уони æбуалгъ гъезæмарæ хезуй!

175. Етæ æнцæ сæхецæн мæнгæдзийнадæ ка агоруй раст нади бæсти, æфхуæрддзийнадæ – ниххатиргонддзийнади бæсти. Цæмæн æрцудæнцæ уæхæн гъезæмарæмæ артмæ?

176. Уомæн æма Хуцау уацæгади туххæй æрæрвиста Финстæг, æма Финстæги туххæй ка дузæрдуг кæнуй, етæ, æнæмæнгæ устур дузæрдугдзийнади амæттаг æнцæ.

177. Уæ динкæнуйнадæ уой медæгæ нæй, æма уе ‘ргом хорискæсæн кенæ хорнигулæни ‘рдæмæ здахайтæ, фал Хуцаубæл, фæстаг бонбæл, изæдтæбæл, Финстæгбæл æма пахампартæбæл æууæнки медæгæ æй; уæдтæ Хуцауи уарзгæй сæ мулкæй хæстæгутæн, седзæртæн, мæгуртæн, бæлццæнттæн, фецетæн, цагъайраг исуæгъдæ кæнунæн сиуагъæ ка дæттуй; намаз, сугъдæггæнæг битир ка дæттуй; æ ихæстæ раст ка æнхæст кæнуй; фудонхи æма æ гъенцъуни, æма ести бæллæхи уалгæдзон ка ‘й – етæ раст адæн æнцæ, уæхæн адæн æнцæ Хуцауæй тæрсагæ.

178. Уо, ка бауудæндтæй! Барæ уин ес уæ мæрдтæбæл тог райсун: сæребарæ – сæребарæбæл, цагъайраг – цагъайрагбæл, силгоймаг –

силгоймагбæл. Е ‘нсуваер ба кæмæн ниххатир кæна, уомæн ба ести хуарздзийнадæ искæнун гъæуй, хуарз гъуддæгтæй ин бафедун. Е уæ Хуцауæй уин лæвæрд æй и æнцойнадæ æма Æ хуарзæнхæ. Уой фæсте ба ма еске фуддзийнадæбæл ку рахеза, уæд е ба уодзæнæй фуд азари амæттаг!

179. Уæ цард уин, уо зунди хецæуттæ, кинæ багъæуай кæнуй! – мусийнæ, Хуцауæй тæрсдзинайтæ!

180. Сумахæн ихæс æй, еске адзал уи ку ‘рхъæрта æма æ фæсте мулк ку изайа, уæд бауосиат кæнун ниййергути æма хецонти пайдайæн, куд æнæмæнгæ ихæс дин хæсгутæн.

181. Аци ихæс фегъосгæй ма уой фæсте ‘й ка раййева, е ба æрхæсдзæнæй тæрегъæд. Уастæн, Хуцау игъосагæ æма зонагæ ‘й.

182. Уосиатгæнæгæй ка тæрсуй зулундзийнадæ кенæ хæрандзийнадæй, æма уой ка сраст кæна, уобæл æ тæрегъæд нæ уодзæнæй. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ æй!

183. Уо, ка баууæндтæй! Сумах размæ ка адтæй, уонæн куд фæдзæхст адтæй, уотæ сумахбæл дæр ес ком даруни ихæс, - мусийнæ, Хуцауæй тæрсдзинайтæ! –

184. бæрæг нимад бæнтти; сæйгæ кенæ уи фæндагбæл кæд еске уа, уæд уобæл ба æндæр бæнтти нимæдзæ. Ке бон æй дарун (æма ка нæ даруй), уонæн ба æ бæсти æнгъезуй мæгурти бафсадун. Ести хуарзæнхæ зæрдегенæй ка ракæна, уомæн æ хуарз æхе уодзæнæй. Ком ке даретæ, е уæхецæн æй хуарз, кæд зонагæ айтæ.

185. Хъуран адæни разамундæн æма раст хæранæй равзарунæн æма рартасунæн ци рамазани мæйи æрвист æрцудæй, еци мæйи æ хæдзари ка уа, е гъæуама и мæйи æндæргъци ком дара; сæйгæ ка ‘й, кенæ балций, уомæн ба ихæс æй гъе уал бони æндæр мæйæ ком бадарун. Хуцауи зæрдæ уин зиндзийнадæ нæ, фал æнцойнæдзийнадæ зæгъуй, цæмæй лæвæрд бæнттæ исæнхæст кæнайтæ æма Хуцауæн искадæ кæнайтæ, раст надбæл уæ ке кæнуй, уой тухxæй æма си уайтæ боз.

186. Æма дæ Мæ цагъартæ ку фæрсонцæ Мæнбæл, уæд Æз хæстæг уодзæнæн: намазгæнæги седæнмæ, Мæнмæ ку кова, уæд байгъосдзæнæн. Æма Мин дзуапп дæттæнтæ æма Мæбæл бауæндæнтæ, - мусийнæ, раст надбæл рацæудзæнæнцæ!

187. Барæ уин ес комдарæнбони æхсæвæ уæ уостити хæццæ бахæстæг ун: етæ сумахæн хъæппæлтæ æнцæ, сумах ба уонæн хъæппæлтæ айтæ. Уæхуæдтæ уæхе ке сайдтайтæ, уой Хуцау зонуй, æма уин уомæ гæсгæ ба тæрегъæд кæнуй æма уин хатир кæнуй. Еци рæстæг сæбæл æндзæветæ æма агоретæ Хуцау уин ке снисан кодта, уой. Хуæретæ æма ниуазетæ, цалдæн бæрæг кæнун нæ райдайа сæуæхседи уорс халæ æма сау халæ, уой фæсте ба ком даретæ æхсæвæмæ. Æма сæбæл ма æндзæветæ, ковæн бунæтти кæдзосæй ку уайтæ, уæд уотемæй.[38] Хуцауи арæнтæ гъе уотæ ‘нцæ æма сæмæ хæстæг ма цотæ! Уотæ Хуцау æ разбæрæггæнæнтæ лæдæрун кæнуй адæнæн, - мусийнæ, етæ уодзæнæнцæ Хуцауæй тæрсагæ!

188. Æма уæ цийфес дзæгъæли ма халекка кæнетæ уе ‘хсæн[39], ма си пайда кæнетæ тæрхонгæнгути балхæнунæн, цæмæй фудракиндæй адæни цийфеси хай бахуæрайтæ, зонгæ гæнгæй.

189. Етæ дæ мæйнæуæгбæл фæрсунцæ. Зæгъæ: “Етæ адæнæн æнцæ, цæмæй адæн бæрæг кæнонцæ сæ рæстæг, уæдта хадзий рæстæг”. Рæстæууæнкæ уой медæгæ нæй, æма хæдзæрттæмæ фæсдзæгатæрдæгæй цæуай, фал рæстæууæнкæ Хуцауæй ка тæрсуй, е æй. Æма хæдзарттæмæ, цит, бацотæ дуарбæл, æма тæрсетæ Хуцауæй, - мусийнæ, амондгун уодзинайтæ!

190. Æма уæ хæццæ ка тохуй, уони хæццæ Хуцауи надбæл лæугæй тохетæ, фал ма æгæр кæнетæ, - уастæн, Хуцау нæ уарзуй æгæргæнгути!

191. Æма сæбæл кæми рамбæлайтæ, уоми сæ маретæ[40] æма, сумах кæцæй расурдтонцæ, уордæгæй сæ соретæ: мондагдзийнадæ марунæй фуддæр æй! Фал сæ хæццæ ма тохетæ тобæгонд мæзгити рази, цалдæн етæ сæхуæдтæ нæ райдайонцæ уæ хæццæ тохун. Уæ хæццæ ку райдайонцæ тохун, уæдта сæ маретæ: е уодзæнæй гиаурти аккаг!

192. Уомæй сæхе ку бауорамонцæ, уæдта… Хуцау хатиргæнагæ, тæрегъæдгæнагæ æй!

193. Æма сæ хæццæ тохетæ, цалдæн мабал кæнайтæ цибæл, æма Хуцаумæ уæ ковундзийнадæ нæуæгæй цалдæн не ‘сарæзтæуа. Æма етæ уæ хæццæ ку нæбал стохонцæ, уæд æзморæ уодзæнæй æрмæст æнаккæгти нихмæ.

194. Тобæгонд мæйæ – тобæгонд мæйæбæл. Тобæ дæр – кинæ хатун æй. Æма уæ нихмæ ка цæуа, уой нихмæ цотæ, е куд рацудæй уæ нихмæ, уотæ. Тæрсетæ Хуцауæй æма зонетæ: Хуцау рæстуодти уарзуй!

195. Хуцауи надбæл цæугæй нивонд хæссетæ, фал уæхе къохтæй уæхе ма исафетæ; хуæрзеугутæ кæнетæ, уомæн æма хуарзгæнгути уарзуй Хуцау!

196. Æма Хуцауи кадæн аразетæ хадзи. Кæд тухст уавæри уайтæ, уæд уин фонсæй ци ‘нцондæр уа, уомæй, цит, нивонд æрхæссетæ. Æма уæ сæр ма дасетæ, цалдæн нивондаг нæ бахъæрта æ бунатмæ. Æма уи кæд еске сæйгæ кæна, кенæ æ сæри ести нез уа, уомæн ба æ бæсти – ком бадарун, кенæ битир, кенæ æндæр ести хуарз гъуддаг. Ædаси ку уайтæ, уæд хадзи скæнун ке фæндæуа, е рарветæд бæрæгбойнаг нивондаг фонс, ци ин бантæса, уой.

197. Хадзи – бæрæг мæйти. Æма хадзи кæнуйнаг ка уа, уомæн не ‘нгъезуй силгоймагмæ æрхæстæг ун, уæдта ихæлд миутæ кæнун, уæдта буцæу кæнун хадзи рæстæги. Хуарзæй ци кæнетæ, уой ба Хуцау зонуй. Æма æвæрцæ кæнетæ, уомæн æма тæккæ хуæздæр æвæрцæ – рæстаг гъуддæгтæ кæнун æй. Æма, зунд кæмæ ес, етæ тæрсетæ Мæнæй!

198. Уæ Хуцауæй хуæрзеугутæ ку агорайтæ, уæд уæбæл тæрегъæдæй неци уодзæнæй. Фал Арафатæй ку рацæуайтæ, уæдта тобæгонд циртдзæвæни рази Хуцауи ном иссеретæ. Æма имисетæ, Е уæ раст надмæ куд ракодта, уой, кæд æма раздæр рæдуйгутæй адтайтæ.

199. Уæдта, адæн ку ‘рдæмæ ниццæуонцæ, уордæмæ ниццотæ æма Хуцауæй хатир коретæ, уомæн æма Хуцау хатиргæнагæ, тæрегъæдгæнагæ

æй.

200. Æма уе ‘гъдæуттæ конд ку фæууайтæ, уæдта Хуцауи ном еретæ уæ фиддæлти ном куд еретæ, кенæ ба никки хъæбæрдæр. Адæни æхсæн ес уæхæнттæ, кæцитæ дзорунцæ: “Нæ Хуцау! Абони царди дæр нин федæни царди ци хуæрзеуæгтæ уодзæй, уомæй исаккаг кæнæ!”

201. Фал се ‘хсæн ес уæхæнттæ дæр, кæцитæ фæззæгъунцæ: “Нæ Хуцау! Нæ абони царди дæр, æма нæ фæстаг царди дæр нин хуарздзийнадæ исаккаг кæнæ æма нæ арти æфхуæрдæй багъæуай кæнæ”.

202. Анæн – ци сæмæ багъардта, уомæй хай. Уастæн, Хуцау цурд æй есап скæнунмæ!

203. Æма Хуцауи ном еретæ нимад бæнтти.[41] Дууæ бонемæ ка рахæлæф кæна, уобæл тæрегъæдæй неци ес, æма уомæй фулдæр дæр ка рафæстеуат уа, уобæл дæр нæййес тæрегъæд; е – Хуцауæй ка тæрсуй, уонæбæл. Æма тæрсетæ Хуцауæй. Зонетæ уой, æма фæстæмæ Уомæ уодзинайтæ æмбурдгонд!

204. Адæни æхсæн ес уæхæн адæймаг[42], кæций уадзевзи дзубандитæ абони царди туххæй деси æфтаунцæ, æма е Хуцауи æвдесæнæн ракæнуй æхе зæрди ци ес, уони туххæй, æма е æ загъдбæл хъæбæр айнæт æй.

205. Фал ку разела æхе, уæдта зæнхæбæл хæтуй, цæмæй æнæуагædзийнадæ парахат кæна æма фесафа байтуд дæр, байзæддæгти дæр, - Хуцау ба æнæраст адæн нæ уарзуй!

206. Уотæ ин ку загъдæуа: “Хуцауæй фæттæрсæ!”, уæдта æ тæрегъæди райдайуй æхе бæрзонд кæнун. Фал дзаханаман уодзæнæй æ цийес. Куд æбуалгъ бунат ин æй!

207. Адæни æхсæн ба ес уæхæн адæймаг[43], кæци æ уод уæйæ кæнуй Хуцауи ниводæн, æма Хуцау ба Æ цагъартæмæ уогъуллу æй.

208. Уо, ка бауувæндтæй! Исуотæ коммæгæс æма Ибилиси фæдбæл ма цотæ, уомæн æма е сумахæн уæ фуддæр æзнаг æй!

209. Разбæргутæ уæмæ ку ‘рбацудæнцæ, уой фæсте ку фæрæдуйайтæ, уæд æй зонетæ, æма Хуцау – бæрзонд æй, фастихадзи æй.

210. Ædта етæ, Хуцау сæмæ изædти хæццæ æврæгъти фæлмæмæ куд æрбацæуа, уомæ æнгъæлмæ кæсунцæ? Æма еци гъуддаг бæлвурдгонд æй, æма Хуцаумæ раздæхдзæнæнцæ æнккæт дæр.

211. Бафæрсæ Езрай фуртти: цал хатти сæмæ нирвистан Мах бæрæг æвдесæнтæ? Æма Хуцауи хуарзæнхæбæл гадзирахаттæй ка рацæуа, ку ‘рцудæй имæ, уой фæсте дæр ма, уæд Хуцау тухгин æй Æ бафхуæрди!

212. Ка не ‘ууæндуй, уони цæсти хæстæг цард рæсугъд фæлунст æй, æма айуан кæнунцæ ка баууæндтæй, уонæбæл, фал ка тæрсуй – етæ ба уонæй бæрзонддæр уодзæнæнцæ исæндедзæн Бон. Уастæн, Хуцау ке ‘Й фæндуй, уой фæххайгин кæнуй æнæ хигъдæй!

213. Адæн еу дини æхсæнадæ адтæнцæ, æма сæмæ Хуцау федеугутæй æма æртхъерæнгæнгутæй рарвиста пахампарти æма сæ хæццæ æрæрвиста Финстæг уацæгади хæццæ, цæмæй адæнæн балædæрун кæнонцæ сæ медæхсæн ци гъуддæгти фæййеуварс æнцæ. Еуварс ба фæцæнцæ æрмæст дæр е лæвæрд кæмæн адтæй, бæрæг алæмæттæ сæмæ ку ‘рцудæнцæ, уæд уой фæсте сæ фудзæрдити тухxæй кæрædзей æхсæн. Æма Хуцау ка баууæндтæй, уони ракодта, уацæгадæбæл ци рауæн фæххецæн æнцæ уой фæндонæй, еци уацæгадæнæ. Хуцау ке ‘й бафæндуй, уой ракæнуй раст надбæл.

214. Æви уотæ æнгъæл адтайтæ, æма дзенетмæ бацæудзинайтæ, кæд æма уæ размæ ка адтæй, уонæбæл ци ‘рцудæй, е уæбæл нæма ‘рцудæй? Етæ берæ фудонхитæ æма зиндзийнædтæ баййафтонцæ, уædта уæхæн æнкъуститæ, æма пахампар урнæг адæни хæццæ дзурдтонцæ: “Кæд фæззиндзæнæй Хуцауи æнхус?” Уастæн, Хуцауи æнхус хæстæг æй!

215. Етæ дæ фæрсунцæ: “Ке тухxæй кæнунцæ нивондæгтæ?” Зæгъæ: “Ци нивонд кæнунцæ, уой хуарз цæуй нийергутæн, хæстæгутæн, седзæртæн, мæгуртæн, бæлццæнттæн. Хуарзæй цидæриддæр бакæнайтæ – Хуцауæй зондзæнæй”.

216. Сумахæн тох фædзæхст æй, фал уин е æнæуинон æй. Æма, мийяг, æнæуинон уин ци æй, е уин æцæгæй ба хуæрзæрдæмæ æй, æма мусийнæ,

ци уарзетæ, е ба уин æцæгæй ба фуд æй. Уастæн, сумах ци нæ зонетæ, уой Хуцау зонуй!

217. Фæрсунцæ дæ тобæгонд мæйæбæл – еци рæстæги тугъдбæл. Зæгъæ син: “Еци рæстæги тугъд устур тæрегъæд æй, фал Хуцауи надæй рахезун, Уобæл æма тобæгонд мæзгитбæл не ‘ууæндун æма уордæмæ цæугути сорун ба Хуцауи размæ никки фуддæр тæрегъæд æй. Мондагдзийнадæ тугъдæй фуддæр æй. Сæ бон ку суа, уæд цалдæн уæ динбæл уæхе нæ рахатайтæ, уæдмæ етæ нæ ниууадздзæнæнцæ уæ хæццæ тохун. Фал уи æ динæй ка рахеза æма гиаурæй ка рамæла, уонæн сæ гъуддæгтæ дзæгъæли уодзæнæнцæ хæстæг царди дæр, æма федæни царди дæр! Етæ арти амæттæгтæ æнцæ, æносмæ дæр уоми уодзæнæнцæ!

218. Уастæн, ка баууæндтæй æма æ бæстæ ка ниууагъта, Хуцауи надбæл тохгæй, етæ Хуцауи хуарзæнхæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ, - Хуцау ба хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ æй!

219. Фæрсунцæ дæ сæнæ æма адезтæй гъазтбæл. Зæгъæ: “Дууетæй дæр адæнæн устур зиан æй. Уогæ си пайда дæр ес, фал æ зæран фулдæр æй”. Æма дæ фæрсунцæ: ци харз кæнонцæ? Зæгъæ: “Уæ цийесæй хуæздæр хай”. Уомæй уин Хуцау разбæргутæ лæдæрун кæнуй, - мусийнæ, ниссагъæс кæндзинайтæ

220. хæстæг цардбæл дæр æма фæстон цардбæл дæр! Æма дæ фæрсунцæ седзæртæбæл. Зæгъæ син: “Уонæн хуарз фæуун – хуарз гъуддаг æй”. Æма сæ ку батавайтæ, уæдта уин уодзæнæнцæ уе ‘нсувæртæ. Хуцау æртасуй фудгæнæги хуарзгæнæгæй. Хуцауи ку бафæндæ уа, уæд уæ æнæбундар фæккæндзæнæй. Уастæн, Хуцау тухгин, фастихадзи æй!

221. Муртакк[44] силгоймæгтæ цалдæн баууæндонцæ, уæдмæ сæ ма хонетæ. Æнæмæнгæ, дингæнæг цагъайраг силгоймаг берæ хуцæуттæбæл ка æууæндуй, уомæй хуæздæр æй, кæд уæ е хъæбæрдæр цибæл кæнуй, уæддæр. Æма лæгмæ ма дæттетæ муртактæмæ, цалдæн æууæндун на райдайонцæ, уæдмæ. Æнæмæнгæ, æууæндæг цагъайраг берæ хуцæуттæбæл ка æууæндуй, уонæй хуæздæр æй, кæд æма уæ зæрдæмæ е

хъæбæрдæр цæуа, уæддæр. Етæ уæ артмæ хонунцæ, Хуцау ба уæ дзенетмæ æма барундзийнадæмæ хонуй, æма уин Æ разбæргутæ лæдæрун кæнуй, - мусийнæ, зунд сæмæ бацæудзæнæй!

222. Етæ дæ фæрсунцæ силгоймæгти мæйонтæбæл. Зæгъæ син: "Е гъезæмарæ 'й". Æма уæхе райзол кæнетæ силгоймæгтæй мæйонти рæстæг, æма сæмæ хæстæг ма цотæ, цалдæн не скæдзос уонцæ, уæдмæ. Ку скæдзос уонцæ, уæдта сæмæ бацотæ, Хуацу уин куд бафæдзахста, уотæ. Уастæн, Хуцау уарзуй æхе бахатгути æма æхе искæдзосгæнгути!

223. Уæ уоститæ уин уæ зæйнадæ 'нцæ, цотæ уæ зæйнадæнæ, кæддæр уæ бафæндæуа, фал фиццагидæр уæ уодтæбæл сагъæс кæнетæ æма тæрсетæ Хуцауæй. Æма зонетæ, Уобæл ке исæмбæлдзинайтæ, æма æууæндгутæмæ хуæрзæнгорæггаг фæууотæ и хуарз хабари туххæй!

224. Æма Хуцауи ном ма хæссетæ соми кæнунмæ хуæрзуагæ, хуцаудас æма адæнбæл уодагæ ке айтæ, уой туххæй. Уастæн, Хуцау игъосагæ æма зонагæ æй!

225. Уæ дзæгъæл сомити туххæй уæ Хуцау нæ бадæндзæнæй, фал уæ бадæндзæнæй уæ зæрдити ци байвардтайтæ, уой туххæй. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма сабур æй!

226. Æ уосæй рахецæн унбæл ка расоми кæна, уобæл ба ихæс ес цуппар мæйи бангъæлмæ кæсун. Æма еци рæстæгмæ фæстæмæ сæхе ку бахатонцæ, уæдта Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ æй!

227. Фал рахецæн ун ку сфæндæ кæнонцæ, уæдта, уастæн, Хуцау игъосагæ æма зонагæ æй!

228. Ка рахецæн æй, етæ ба гъæуама бангъæлмæ кæсонцæ мæйонти æртæ рæстæгемæ. Уонæн не 'нгъезуй Хуцау сæ губунти ци сфæлдиста, уони римæхсун, кæд Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл æууæндунцæ, уæд. Сæ лæгтæ ба уæхæн уавæри растдæр уодзæнæнцæ, фæстæмæ сæ ку раздахонцæ, хуарздзийнадæ кæнун сæ кæд фæндуй, уæд. Етæ дæр раст гъуддаг бакæндзæнæнцæ, ке бæрни æнцæ, уони хæццæ æгъдауæй исарази ун. Нæлгоймæгтæ уонæй къæпхæн сæрдæр æнцæ сæ кади. Хуцау тухгин

æма фастихадзи æй!

229. Хецæн кæнунæн дууæ фæггæнæни ес: уой фæсте æй кенæ æгъдауæй бауорамун, кенæ æй хуарзæй рауадзун. Æма уин не ‘нгъезуй, ци син балæвар кодтайтæ, уомæй ести райсун. Кæд дууемæй дæр тæрсетæ Хуцауи фæдгæ фехалун, æрмæст уæд. Кæд дууемæй дæр тæрсетæ Хуцауи фæдгитæ не ‘сæнхæст кæнун, уæд уæ дууебæл дæр тæрегъæд нæ уодзæнæй, силгоймаг æхе тухxæй сиуагъæ ку радта. Уотæ æнцæ Хуцауи фæдгитæ, æма сæ ма ихалетæ. Хуцауи фæдгитæ ка фехала, етæ мæнгард æнцæ.

230. Æртæ хатти ку рахецæн уа æ хæццæ, уæд ин нæбал æнгъезуй фæстæмæ ‘й æрхонун, цалдæн æндæр лæгмæ не ‘рцæуа, æма ‘й е ба ку рауадза, уæд тæрегъæд нæ уодзæнæй фæстæмæ ‘й ку æрхона, кæд Хуцауи фæдгитæ æнхæст кæнуйнаг æнцæ, уæд. Хуцауи фæдгитæ уæхæн æнцæ. Е, зонундзийнæдтæ кæмæ ес, еци адæнæн сæ лæдæрун кæнуй.

231. Уæ уостити хæццæ ку рахецæн уайтæ, æма етæ læвæрд рæстæгмæ ку ‘рхъæртонцæ, уæд сæ кенæ æгъдауæй бауораметæ, кенæ сæ æгъдауæй рауадзетæ. Ма сæ уораметæ сæхе æвæндонæй, къолгъос уогæй сæ хæццæ. Уотæ ка бакæна, е ба æхецæн исараздзæнæй фуд. Хуцауи æвдесæнтæ гиризмæ ма есетæ, фал Хуцауи хуарзæнхитæ, уæдта уин Е, ахур уæ кæми кæнуй, еци Финстæги æма фастæгади ци æрæрвиста, уони уæ зæрдæбæл даретæ. Тæрсетæ Хуцауæй æма зонетæ: Хуцау – алцизонæг æй!

232. Ку рахецæн уайтæ уæ уоститæй, бæрæг рæстæг ку райевгъуйа, уотемæй, уæд сæ ма гъигæ даретæ сæ нæуæг лæгти хæццæ байеу унмæ, етæ кæд сæ медæхсæн арази æнцæ æгъдаубæл байеу ун. Уæхæн фæдзæхст сумахæн læвæрд æй æрмæстдæр Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл ка баууæндтæй, уонæн. Е сумахæн тæккæ хуæздæр æма кæдзосдæр æй. Уастæн, Хуцау зонуй сумах ци нæ зонетæ, уой!

233. Ниййергутæ ба дзедзе дарунцæ дууæ æнхæст анзи, дзедзедард кæронмæ куд фæууа, уотæ ке фæндуй, етæ. Ниййергутæбæл ба ихæс ес уони хацун æма куд æмбæлуй, уотæ тахун. Алкæбæл дæр, сæхецæн куд

ænцондæр æй, æрмæст е ‘йбæл ес ихæс. Гъæуама нийерæг мадæ дæр æгæр гъигæ ма кæна æ сувæллони тухxæй, æма нийерæг фидæ дæр æ сувæллони тухxæй. Фæстæгтæбæл дæр уæхæн ихæс ес. Фал кæд сæ дууей фæндонмæ гæсгæ сувæллон дзедзейæй æртæст ку ‘рцæуа, уæд сæбæл тæрегъæд нæ уодзæнæй. Æма уæ сувæллон дигизабæл ку бафтауайтæ, уæд уæбæл тæрегъæд нæ уодзæнæй, федгæ ин ку кæнай ци æмбæлуй, уой, уæд. Хуцауæй тæрсетæ æма зонетæ: Хуцау уин уæ гъуддæгтæ уинуй.

234. Ка уи рамæла, æма æ уоси ка ниууадза, уой уоси бон æй цуппар мæйи æма дæс бони бангъæлмæ кæсун. Еци бæрæг рæстæг ку фæууа, уæдта сæбæл тæрегъæд нæ уодзæнæй сæ барвæндæй ке бакæнонцæ, уой тухxæй. Хуцау уин уæ гъуддæгтæ уинуй.

235. Нæ уæбæл уодзæй тæрегъæд уæхæн уосæмæ минæвар ка барвета, кенæ ‘й уæ зæрди ку баримæхсайтæ. Хуцау зонуй уæ зæрдæбæл æй ке даретæ. Фал хуарз дзубандитæ сæ хæццæ кунунæй уæлдай сос дзубандитæ ма кæнетæ сæ хæццæ. Цалдæн фæдгæвард рæстæг æрхъæрта, уæдмæ ма кæнетæ нæуæг æнкъай цæдес. Зонетæ уой, æма Хуцау уæ зæрдити ци ес, уой зонуй, уомæ гæсгæ ба ‘Й тæрсетæ æма зонетæ: Хуцау хатиргæнагæ æма сабур æй!

236. Цалдæн нæ бамбалдайтæ æма син сæ нисайнаг цалинмæ не сбæрæг кодтайтæ, уæдмæ сæ хæццæ ку рахецæн уайтæ, уæд уæбæл тæрегъæд нæ уодзæнæй. Хацетæ сæ, – бонгин æ цийесмæ гæсгæ, мæгур дæр æ цийесмæ гæсгæ, – куд æмбæлуй æгъдаубæл æма хуæрззæрдæ адæймагбæл, уотæ.

237. Цалдæн сæбæл нæ бамбалдайтæ, уæдмæ сæ хæццæ ку рахецæн уайтæ, фал син сæ нисайнаг ба ку исбæрæг кæнайтæ, уæдта син ци иснисан кодтайтæ, уомæй æрдæг, сæхуæдтæ, кенæ уæ байеудзийнадæ ке къохти ‘й, етæ уин ку нæ ниххатир кæнонцæ, уæд. Ку ниххатир кæнайтæ, уæдта е хуцаудасдзийнадæмæ хæстæгдæр миуæ æй. Æма ма иронх кæнетæ кæрæдзей æхсæн хуарздзийнадæ, уомæн æма Хуцау уинуй ци кæнетæ, уой!

238. Гъæуай кæнетæ намаз æма астæуккаг намаз, æма Хуцауи размæ лæууетæ уесгæ.

239. Ести таси ку уайтæ, уæд коветæ фестæгæй кенæ уæлбæх. Ædас уавæри ку уайтæ, уæдта имисетæ Хуцауи, куд уæ исахур кодта раздæр ци нæ зудтайтæ, уобæл.

240. Ка рамæла æма æ фæсте æ уосæ ка ниууадза, уонæн ба сæ уоститæн гъæуама бауосиат кæнонцæ анзи уæнгæ цæрæнæй пайда кæнун, сæхемæй туххæй ма ‘рветгæй. Фал сæхуæдтæ ку рандæ уонцæ, уæдта, етæ барвæндонæй сæхецæн ци саккаг кæнонцæ, уой туххæй сумахбæл нæ уодзæнæй тæрегъæд. Уастæн, Хуцау тухгин æма фастæг* æй!

241. Кæци уостити хæццæ рахецæн уайтæ, уонæн ба хай гъæуама уа, куд æмбæлуй хуæрзуагæ адæнæн, уотæ.

242. Уотæ Хуцау лæдæрун кæнуй Е ‘вдесæнтæ, – мусийнæ æма кæд балæдæриайтæ!

243. Ædта ду нæ фæууидтай æ хæдзарæй ци адæн рацудæнцæ мæлæтæй сæхе хезгæй, кæд æма етæ минтæ адтæнцæ? Фал син Хуцау загъта: “Рамæлетæ!” Уой фæсте ба сæ Е райгас кодта. Уастæн, Хуцау таукел æй адæни хуарздзийнæдтæмæ, кæд æма адæни фулдæр хай æнæбоз æнцæ!

244. Æма тох кæнетæ Хуцауи надбæл, æма зонетæ: Хуцау игъосагæ æма зонагæ æй!

245. Ка ратдзæнæй Хуцауæн æфстау, цæмæй сæ Е уомæн никки фæффулдæр кæна? Хуцау исунгæг кæнуй кенæ харакетæй раттуй, æма Уомæ раздæхдзинайтæ фæстæмæ!

246. Гæр ду дæ цæстæ некæд ærдардтай Езрай-фуртти бонгинтæбæл, Мусайи фæсте сæ пахампарæн[45] уотæ ку загътонцæ: “Раттæ нин паддзах æма тох кæндзинан Хуцауи надбæл”? Е син загъта: “Уотæ нæ рауайдзæнæй, æма гъуддаг тугъдмæ ку ‘рхъæрта, уæд не ‘стохдзинайтæ”? Етæ ин загътонцæ: “Цæмæннæ ба тохæн Хуцауи надбæл, кæд æма нæхуæдтæ дæр, æма нæ сувæллæнттæ дæр нæ хæдзæрттæй тард æрцудан”?

---

* Фастёг – мудрый, мудрец.

Фал син загъд ку адтæй тугъдмæ цæун, уæдта нæ бакумдтонцæ, ефстæгутæй уæлдай. Хуцау зонуй мæнгæ ард хуæргути.

247. Сæ пахампар син загъта: “Хуцау уин паддзахæн исивардта Талути[46]”. Етæ ин загътонцæ: “Уомæн куд ес махæн паддзахеуæг кæнун, кæд æма махæн нæхемæ уомæй фулдæр бартæ ес паддзахеуæг кæнунмæ, кæд æма фагæ мулк дæр имæ нæййес?” Е син загъта: “Хуцауæй равзурста сумахæн хецауеуæг кæнунæн: Е ин равардта фулдæр зонундзийнæдтæ æма бауæри хъаурæ. Хуцау кæмæн æй фæндуй, уомæн дæттуй Æ паддзахадæ. Хуцау таукел æма зонæнгин æй!

248. Æма син сæ пахампар загъта: “Æ паддзахеуæгдзийнади алæмæт уой медæгæ æй, æма æ рæстæги æрцæудзæнæй цолахъ, кæцими уодзæнæй уæ Хуцауæй сумахмæ секинæ[47] æма Муса æма Харуми[48] бийнонтæ ци ниууагътонцæ, уой байзайæггаг. Уой æрхæсдзæнæнцæ изæдтæ. Е сумахæн, кæд æууæндетæ, уæд æвдесæн æй.

249. Талут е ‘фсæдти хæццæ ку рацудæй, уæд загъта: “Хуцау нæ цæугæдонæй фæлваруй. Æма си ка баниуаза, е мæн нæй, ка си не сахуада, е ба мæн æй, æ арми ка фелваса, уонæй æндæр”. Æма си, ефстæгутæй уæлдай, ниуазтонцæ. Ку банадæй æхуæдæг дæр æма, æ хæццæ ка бауæндтæй, етæ дæр, уæдта загътонцæ: “Джалут[49] æма е ‘фсæдти хæццæ стохуни фагæ хъаурæ нæмæ нæййес”. Хуцаубæл исæмбæлун æнгъæл ка адтæй, етæ ба загътонцæ: “Хуцауи фæндонæй цал минкъий æфсади фæууæлахез æнцæ устурдæр æфсæдтæбæл!” Уастæн, Хуцау уалгæдзонти хæццæ ‘й.

250. Джалут æма е ‘фсæдти размæ ку балæудтæнцæ, уæд загътонцæ: “Еунæхуцау! Ниббухсундзийнадæ нæбæл æркæнæ, æма нин нæ къахи бунтæ ниффедар кæнæ, æма нин гиаурти нихмæ фæййангъос кæнæ!”

251. Æма сæ Хуцауи фæндонæй ледзæг фæккодтонцæ, æма Дауит рамардта Джалути, æма ин Хуцау равардта хецауеуæгдзийнадæ æма фастæгадæ, æма ‘й исахур кодта цæбæл Æй фæндадтæй, уобæл. Æма Хуцау ку нæ уорæдтайдæ адæни кæрæдзебæл тохунæй, уæд зæнхæ

исæнтойнæ адтайдæ, фал Хуцау дуйнетæн фарнæдæттæг æй!

252. Уотæ ‘нцæ Хуцауи алæмæттæ: Мах сæ дæуæн кæсæн уацæгади. Æма æцæгæйдæр ду минæвæрттæй еу дæ!

253. Мæнæ – минæвæрттæ! Еуетæн иннети рази Мах равардтан фулдæр фæггæнæнтæ. Уони ‘хсæн адтæй уæхæнттæ, кæцити хæццæ дзурдта Хуцау, æма си еуети ба уæлиаудæр къæпхæнмæ исхезун кодта. Мах равардтан Майрæни фурт Исайæн бæрæг æвдесæнтæ æма ‘й уацæ монæй ниффедар кодтан. Æма Хуцауи ку бафæнд’ адтайдæ, уæд уони фæсте ка адтæй, етæ нæбал тох кодтайуонцæ, бæрæг æвдесæнтæ сæмæ ку ‘рцудæй, уæд уой фæсте. Фал етæ фæддууех æнцæ: уонæн се ‘хсæн адтæй ка баууæндтæй, фал адтæй уæхæнттæ дæр, ка не ‘ууæндтæй. Æма Хуцауи ку бафæнд’ адтайдæ, уæд етæ нæ тох кодтайуонцæ, фал Хуцау ци æй фæндуй, уой кæнуй.

254. Уо, ка баууæндтæй! Мах уин ци равардтан, уомæй нивонд хæссетæ, цалдæн нæ ралæудтæй бон, кæцими нæбал уодзæнæй нæдæр бадзурд, нæдæр хæлардзийнадæ, нæдæр сæрбæлдзорундзийнадæ. Гиауртæ уодзæнæнцæ гъезæмарæгæнгутæ.

255. Хуцау – нæййес Уомæй æндæр æмцитæ хуцау, уодæгас, исфæлдесонд. Уобæл нæ тухæ кæнуй нæдæр бериндзундзийнадæ, нæдæр фун. Æ бæрни æнцæ уæларв дæр, æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ. Ка ‘ймæ æхе бахатдзæнæй æнæ Уой барвæндæй? Е зонуй уони размæ дæр ци адтæй, æма уони фæсте дæр ци уодзæнæй, фал етæ ба Æ зонундзийнæдтæй неци райсунцæ, Æхе ци бафæндæ уа, уомæй æндæр. Æ трон уæлæрвтæй æма зæнхæй егъаудæр æй, æма уони гъæуай кæнун Уомæн уаргъ нæй, уомæн æма Е бæрзонд æма тухгин æй!

256. Динмæ нæййес тухæй здахун. Раст над зулун надæй бæрæгдæр æй. Мæнгæ ахурæй æхе ка хезуй æма Хуцаубæл ка æууæндуй, е хуæцуй федар бундорбæл, кæцимæн нæййес фехалæн. Уастæн, Хуцау игъосагæ æма зонагæ æй!

257. Хуцау, ка баууæндтæй, уони лимæн æй. Е сæ ракæнуй талингæй

рохсмæ. Гиаур ка ‘й, уони лимæнтæ ба гумеритæ æнцæ. Етæ сæ талингæй рохсмæ нæ ракæндзæнæнцæ. Етæ арти амæттæгтæ æнцæ, уоми уодзæнæнцæ æносмæ дæр!

258. Гæр, ду Ибрæгими хæццæ ка буцæу кодтай æ Хуцауи туххæй, кæци нæ арази кодта Хуцау уомæн паддзахадæ ке равардта, уобæл неци фегъустай? Ибрæгим уотæ ку загъта: “Мæн Хуцау, цард ка раттуй æма цард ка райсуй, е æй”. Уæд ин е загъта: “Æз æрцарун æма рамарун”. Ибрæгим загъта: “Мæнæ Хуцау скæсæнæй искæсун кæнуй хор, искæсун æй кæнай мадта уæд нигулæнæй”. Æма фефсæрми æй, ка не ‘ууæндтæй, е. Фал Хуцау æнаккæгти æррæстæ нæ ракæнуй.

259. Кенæ ба, бунихæлд гъæуи рæзти ка рафецаудта, уоййау. Е загъта: “Ай ма Хуцау куд райгас кæндзæнæй æ фæсмæрдæ?” Æма ‘й Хуцау сæдæ анземæ рамардта, уой фæсте ба ‘й райгас кодта. Е загъта: “Цæйбæрцæ фæддæ ами?” Е загъта: “Еу бон, кенæ ба бони ‘рдæг”. Е ин загъта: “Нæ, ду ами сæдæ анзи фæддæ! Æма дæ хуæруйнагмæ æма ниуæзтæмæ æркæсай: етæ нæ ниллæгъуз æнцæ. Æма дæ хæрæгмæ дæр æркæсай – цæмæй дæ Мах адæнæн алæмæтскæнæн, – æркæсæ æстгутæмæ, Мах сæ куд исесæн æма сæбæл уой фæсте ба фид куд нивваræн”. Æма ‘й ку балæдæрдтæй, уæдта е загъта: “Зонун, Хуцау алли гъуддагбæл дæр тухгин æй!”

260. Æмонæ Ибрæгим загъта: “Еунæхуцау! Бавдесай мин, мæрдтæ куд райгас кæнис, уой”. Е ин загъта: “Ау, æма нæ баууæндтæ?” Е загъта: “Гъо! Фал цæмæй мæ зæрдæ мабал æхсайа”. Е ин загъта: “Мадта цуппар цъеуи райсæ, ни сæ къуæхтæ кæнæ æма син сæ хæйттæ фæйнæ хонхебæл нивваræ, уой фæсте ба сæмæ дæхемæ фæсседæ, æма ‘й зонæ – Хуцау тухгин æма сем* æй!”

261. Æ цийес Хуцауи надбæл ка харз кæнуй, е сæдæ нæмуги кæми ес, уæхæн авд æфсери ка равзурун кодта, еци нæмугау æй. Æма кæмæн æй бафæндуй, уомæн æй Хуцау дуваræй раттуй. Уастæн, Хуцау алцæбæлхъæртæг æма зонагæ æй!

---

* Сем – мудрый, мудрец.

262. Æ цийфес Хуцауи надбæл ка харз кæнуй, уой фæсте ба фæсмон æма хард кæмæ не ‘рцæуй, уонæн Хуцауæй устур лæвар – тас син нæ уодзæнæй æма æрхуни бунати нæ байзайдзæнæнцæ.

263. Хуарз дзурд æмæ хатир кæнундзийнадæ битиræй, кæций фæдбæл зæрдихудт цæуй, хуæздæр æнцæ. Уастæн, Хуцау гъæздуг æма сабур æй!

264. Уо, ка бауувæндтæй! Æ цийфес адæни цæстæмæ гæсгæ ка харз кæнуй, фал Хуцаубæл æма фæстаг Бонбæл ка не ‘ууæндуй, уониау уæ битир дзæгъæлти ма кæнетæ цæстæмæ бадаргæй æма зæрдихудти бацæугæй. Е къæдзæхау æй, кæцибæл зæнхæ лæууй, фал сахуарун кæбæл æрцудæй æма лæгунæй ка байзадæй, уойфау. Етæ, ци сæмæ æрхаудтæй, уомæ неци барæ дарунцæ, уомæн æма Хуцау гиаурти æррæстæ надбæл нæ кæнуй!

265. Хуцауæн табугæнгæй æма сæ уодтæ бафсадуни тухкæй æ цийфес ка харз кæнуй, етæ ба фахсбæл дзæхарайау æнцæ: сахуарун ибæл æрцудæй, фал е ба дувæрæй равардта рæзæ. Сахуарун ибæл кæд не ‘рцудæй, уæдта – æртæх. Уастæн, Хуцау уинуй, ка ци косуй, уой!

266. Мийфаг, еске уи бафæндадтайдæ, цæмæй имæ адтайдæ зазбæлæсти дзæхæра æма сæнæфсердонæ, къададæнттæ си куд уадайдæ æма алли хузи рæзæ куд лæвардтайдæ, фал уой хæццæ ба ма ‘й зæруа æрæййафтайдæ, æ бийнонти ба æрмæст минкъий сувæллæнттæ байзадайдæ, мегътæ ба уайтагъд базæран кодтайдæ и дзæхæра? Уотемæй уин Хуцау лæдæрун кæнуй Е ‘вдесæнтæ, – мусийнæ, ниссагъæс кæндзинайтæ!

267. Уо, ка бауувæндтæй! Мах уин ци исæвзурун кодтан зæнхæй æма уæмæ ци ‘рхаудтæй, уонæн сæ хуæздæр хаййæй нивонд хæссетæ, фал ма хæссетæ нивонд, уæхецæн ци нæ аккаг кæнетæ, уæхæнæй, кæций æнæ уæ цæститæ нинцъолгæй уæхуæдæг дæр нæ бакумдтайфайтæ. Зонетæ уой, æма Хуцау гъæздуг æма кадгин æй!

268. Ибилис уæ мæгурдзийнадæй тæрсун кæнуй æма уæ фуддзинæдтæбæл авинсуй. Хуцау ба уин Æ хуарзæнхæ æма Æ хатиргонддзийнадæ иваерзуй. Хуцау алцæбæлхъæртæг æма зонагæ ‘й!

269. Е, кæмæн æй фæндуй, уомæн раттуй зунд. Зунд кæмæн лæвæрд æй, уомæн ба устур хуарзæнхæ лæвар конд æй. Фал е сæ зæрди æрæфтуйуй æрмæст зундгинтæн!

270. Циавæрдæр нивонд ма ‘рхæссайтæ, æма цихузи тобæ ма бакæнайтæ – Хуцау сæ зонуй. Фал æнаккæгти сæрбæл ба исдзорæг нæййес.

271. Кæд æргомæй битир кæнайтæ, уæд е хъæбæр хуарз гъуддаг æй, кæд æма и битир дæтдзинайтæ мæгуртæн сосæггай, уæдта е сумахæн уодзæнæй никки хуæздæр: уæ фуд гъуддæгтæ нихгæнунæн. Хуцау зонуй, ка уи ци кæнуй, уой!

272. Дæубæл ихæс нæй уонæн разамунд дæттун, фал Хуцау, кæмæн æй фæндуй, уомæн дæттуй разамунд. Æма уæ фарнæй цидæриддæр не ‘рхæссайтæ нивондæн, фæстæмæ уæхемæ раздæхдзæнæй, æма æфхуæрди бунати нæ байзайдзинайтæ.

273. Хуцауи надбæл гъæуагæ ци мæгуртæ æййафунцæ, уонæн битир дæттун: уонæн сæ бон нæй а зæнхæбæл мулк кæнун; ædули сæ æ фур лædæрæй гъæздуг бангъæл уй, ду сæ базондзæнæ сæ менеугутæмæ гæсгæ: етæ адæнæй тухкурд нæ кæнунцæ. Цидæриддæр не сфæлхас кæнайтæ уæ фарнæй, уастæн, Хуцау уой зондзæнæй!

274. Æхсæвæ дæр æма бонæ дæр, сосæй дæр, æма æргомæй дæр æ цийесæй ка харз кæнуй, уонæн Хуцаумæ устур лæвар: уонæн тас нæй, æма нæ уодзæнæнцæ унгæг!

275. Æфтуййагæй ка пайда кæнуй, етæ нæуæгæй исæндедздзæнæнцæ, Ибилис кæбæл бандзавдæй, етæ куд исæндедздзæнæнцæ, уотæ. Е уой тухкæй, æма уотæ ке дзурдтонцæ: “Базаради пайда куд æй, æфтуййагæ дæр уотæ ‘й”. Фал Хуцау базар кæнунæн барæ дæттуй, ирæзтæн* ба барæ нæ дæттуй. Хуцауæй кæмæ бахъæрта Æ фæдзæхст, æма æхебæл ка фæххуæца, уомæн уодзæнæй хатиргонд: æ гъуддæгтæ Хуцауи размæ æнцæ. Раздæрау ка архайа, етæ ба арти гъезæмарæгæнгутæ уодзæнæнцæ, æма уоми байзайдзæнæнцæ æноси.

---

* Ирёзт – прибыль.

276. Хуцау фælхас кæнунæй æфтуййагæ рагæлдзуй, фал битиræн ба уæлдай тухæ раттуй. Хуцау еунæг æнаккаги дæр æма закъонихалæги дæр нæ уарзуй.

277. Æууæнкитæн, хуарз гъуддæгтæ аразгутæн, намазгæнгутæн, битиргæнгутæн – Хуцаумæ син уодзæнæй устур læвар: уонæн тас нæй, æма нæ уодзæнæнцæ унгæг!

278. Уо, ка бауусндтæй! Хуцауæй тæрсетæ æма, кæд динхæсгутæ айтæ, уæд ниууагътæ, цит, æфтуййагæй ци байзайа, уой.

279. На æма уотæ нæ бакæнайтæ, уæдта фегъосетæ Хуцау æма Æ минæвари тугъди тухxæй. Ку байгъосайтæ, уæдта – Хуцаумæ уæ гъæздугдзийнадæ. Ма ‘фхуæретæ, æма нæ уодзинайтæ æфхуæрд!

280. Кæд æма мæгурдзийнадæй тухст уа адæймаг, уæдта – цалдæн æ уавæр фæххуæздæр уа, уæдмæ гæдзæ кæнæд, – уомæн æма адæймагæн битир бакæнун æхецæн хуæздæр æй, кæд уой зонетæ, уæд!

281. Æма Хуцаумæ ци бон раздæхдзинайтæ, еци бонæй тæрсетæ: уой фæсте алли уодæн дæр, кæмæн ци ‘мбæлуй, е фист уодзæнæй, æма æфхуæрд не ‘рцæудзæнæнцæ!

282. Уо, ка бауусндтæй! Уæ медæхсæн æфстау ку есайтæ бæрæг рæстæгмæ, уæд æй, цит, ниффинсетæ. Æма уе ‘хсæн рæстæй финсæг ниффинсæд. Æма финсæг, Хуцау æй куд исахур кодта, уотæ ниффинсун нæ бакомун ин не ‘нгъезуй, фал ниффинсæд, æфстау есæг куд дзоруй, уотæ, фал гъæуама Хуцауæй тæрса, Æ Еунæхуцауæй, æма куд есуй æфстау, уомæй гъæуама маци басосæг кæна. Æфстау ка есуй, е æ сæрæн ку нæ уа, незгун ку уа, кенæ æхецæн æ бон ку нæ уа финсæгæн дзорун, уæд æ бæсти е ‘мбал раст дзорæд. Æвдесæндараæй ба уе ‘хсæнæй дууæ лæги æвдесæнæн æрбакæнæд, дууæ лæги ку нæ уа, уæдта æвдесæнтæй уæнтæ лæг æма дууæ силгоймаги, уæхе ке бафæндæ уа, уæхæнтти, цæмæй еу силгоймаг ку фæрæдуйа, уæд иннæ силгоймаг ба уин уæ зæрдæбæл æрлæуун кæна. Æма æвдесæнтæ нæ комæн, зæгъгæ, ма зæгъæнтæ, ку сæмæ фæдздзоронцæ, уæд; æма ма зийнадæ кæнетæ уой финсунмæ –

минкъий уа, устур уа, – æ фæууни кæронмæ. Е Хуцауи размæ рæстадæ ‘й, æвдесæндзийнадæн хуæздæр амал æй, цæмæй дузæрдуг ма кæнайтæ, уомæн. Фал уе ‘хсæн æндæр ести уайснайæн гъуддæгтæ ку уа æрмæгийæй, уæд уæбæл тæрегъæд нæ уодзæнæй, æвдесæнæн ку нæ бафинсайтæ, уæд. Æвдесæндартæ, цит, æрæвæретæ уе ‘хсæн, ести гъуддæгтæ ку кæнайтæ, уæд, æма нæдæр финсæг, нæдæр æвдесæндартæ унгæг куд нæ уонцæ; æма уотæ ку бакæнайтæ, уæдта е уодзæнæй уæ закъонихалæн миуæ. Хуцауæй тæрсетæ; Хуцау уæ исахур кодта, Хуцау алцизонæг æй!

283. Надбæл ку уайтæ æма финсæг ку не ссерайтæ, уæдта, цит, райсетæ нæхсти*. Æма уи еу иннемæн ести ку бафæдзæхса, уæд кæмæн фæдзæхст уа, е гъæуама фæстæмæ раздаха, ци фæдзæхст ибæл адтæй, уой, Хуцауæй гъæуама тæрса, æ Еунæхуцауæй. Ма сосæг кæнетæ уе ‘вдесæн; ка ‘й басосæг кæна, уой зæрдæ мæнгард æй, æма Хуцау ба ци кæнетæ, уой зонуй!

284. Уæларв дæр, æма зæнхæбæл дæр ци ес, етæ Хуцауи бари æнцæ: уæ зæрди ци ес, уой раргом кæнайтæ, кенæ ‘й баримæхсайтæ – Хуцау уи бадæндзæнæй дзуапп. Кæмæн æй бафæндæ уа, уомæн ниххатир кæдзæнæй, ке ‘й бафæндæ уа, уой ба бафхуæрдзæнæй: Хуцау алцæбæл дæр Æ барæ даруй!

285. Минæвар æма динхæсгутæ баууæндтæнцæ, Хуцауæй ин æрвист ке ‘й, уобæл. Æгасæйдæр баууæндтæнцæ Хуцаубæл, Æ изæдтæбæл, Æ Финстæгбæл æма Æ минæвæрттæбæл. “Æ минæвæрттæй мах неке уæлдай кæнæн”. Етæ зæгъунцæ: “Мах фегъустан æма уесæн! Дæуæй æй, Еунæхуцау, нæ хатирдзийнадæ, æма Дæумæ ‘й нæ раздæхт!”

286. Хуцау адæймагæй фæлгъауй æрмæст æ бон ци ‘й, уой. Уомæн – ци райста, е, æ нихмæ ба – æхецæн ци райста, е. “Еунæхуцау! Ма нæ бафхуæрæ ести ку феронх кæнæн æма ести тæрегъæди ку бацæуæн, уæд. Еунæхуцау! Нæ размæ уонæбæл ци ихæс исивардтай, еци ихæс нæбæл мабал æвæрæ. Еунæхуцау, нæ хъауræ ци нæй, уой ни ма фæлгъауæ.

---

* Нёхсти – в залог.

Ниххатир нин кænæ æма нин батæрегъæд кænæ. Ду нæ ауодæг дæ: гиауртæбæл нæ фæууæлахез кænæ!”

3-аг сурæ
Имрани бийнонтæ
(Аль Имран[1])

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Алеф – Лям - Мим.
2. Хуцау –Уомæй ændæр хуцау нæййес, – Уодæгас, Уæвæг!
3. Е дин æрæрвиста Финстæг уацæгади, ци æрæрвиста æ размæ, уой уацæгадæ ниффедар гæнгæй. Æма æрæрвиста Е раздæр Торæ æма Евангели[2]
4. адænæн разамундæн, нур ба аци Бæрæггænæн[3]. Уастæн, Хуцауи æвдесæнтæбæл ка не ‘ууæндуй, етæ устур æфхуæрд æййафдзæнæнцæ. Уастæн, Хуцау тухгин, кинæ хатæг æй!
5. А дуйнебæл Хуцауæй римæхст неци ес.
6. Е уæ, куд æй фæндуй, уотæ исаразуй мади губуни. Уомæй уæлдай нæййес ændæр Хуцау – Тухгин, Зонагæ.
7. Е дин æрæрвиста Финстæг, уоми ес бæлвурд фædгæвард уадзевзитæ, кæцитæ киунуги мадæ ‘нцæ, иннетæ ба – фæрсаг зæгъдтæлтæ ‘нцæ сæ гъудимæ гæсгæ. Æ зæрди зулундзийнадæ кæмæн ес, етæ ледзунцæ фæрсаг гъуди кæми ес, уони фæсте, уони бафæлварунвændæй æма сæ балædæрун фæлгъаугæй. Хуцауæй ændæр уони балædæрун неке бон æй. Æма æ зонундзийнædти федар ка ‘й, етæ дзорунцæ: “Мах баууæндтан Уобæл; алцидæр нæ Еунæхуцауæй æй”. Сæ зæрди æрæфтуййуй æрмæст зунд кæмæ ес, уонæн!
8. Нæ Еунæхуцау! Раст надбæл нæ ку ракодтай, уой фæсте нæ мабал бауадзæ фæккеун, æма нин Дæ хуарзænхæ раттæ, уомæн æма Ду рædау

дæттагæ дæ!

9. Нæ еунæхуцау! Уастæн, Ду æмбурд кæнис адæн и бонмæ, кæци ædæуццаг æй. Уастæн, Хуцау нæ раййевдзæнæй Æ бунат!
10. Уастæн, ка нæ бауӕндтæй, уони неци исуæгъдæ кæндзæнæй Хуцауи размæ, нæдæр сæ мулк, нæдæр сæ сувæллæнттæ! Етæ арти содзæггæгтæ ‘нцæ,
11. куд Фёрёони адæн, кæцитæ адтæнцæ уомæй размæ: етæ нин не ‘вдесæнтæ нимадтонцæ мæнгæбæл, æма сæ Хуцау бафхуардта сæ тæрегъædти тухxæй: Хуцау тухгин æй æ бафхуæрди!
12. Ка нæ бауӕндтæй, уонæн зæгъæ: “Тагъд сумах засти бунати æма дзаханамани æмбурдгонд уодзинайтæ. Куд æбуалгъ бууат æй е!”
13. Нур сумахæн ævдесæнæн лæвæрд адтæй дууæ тохæг къуари[4]: еу къуар тох кæнуй Хуцауи надбæл, иннæ ба – гиаурти. Æма етæ сæ цæститæй уони уидтонцæ, æцæгæй цæйбæрцæ адтæнцæ, уомæй дууæ хатти фулдæремæй, уомæн æма Хуцау фенхус кæнуй кæмæн æй бафæндуй, уонæн. Уастæн, уинун ке бон æй, уонæн амунддзийнадæ ес уоми!
14. Адæнæн хиццаг æнцæ сæ монцтæ силгоймæгтæмæ, фурттæмæ, сугъзæрийнæ ‘ма æвзестæмæ, хуарз бæхтæмæ, фонси æргъæуттæмæ, будуртæмæ; фал еци хиццæгтæ аци царди ‘нцæ; æцæг хиццаг хæдзарæ ба Хуцаумæ ‘й.
15. Зæгъæ: “Æви уоми хуæздæрæй ци ес, уой туххæй уин фегъосун кæнон? Рæстагтæн Хуцаумæ – сæ дзæхæратæ, кæцибæл уайунцæ цæугædæнттæ, æма æности кæми уодзæнæнцæ, сæ кæдзос æмкъайти хæццæ, Хуцауи хуæрзауодæни хæццæ. Уастæн, Хуцау азуй Æ цагъарти,
16. кæцитæ фæззæгъунцæ: “Нæ Еунæхуцау! Мах æууæндæн æма нин ниххатир кæнæ нæ тæрегъædтæ, æма нæ багъæуай кæнæ арти æфхуæрдæй!”, -
17. ка адтæй уалгædзон, раст, хуæрззæрдитæ, битир дæттагæ æма хатир ка курдта сæуæхседти рæстæги.
18. Хуцау ævдесæн кæнуй, æма нæййес ændæр Хуцау Уомæй фæстæмæ,

æма зонундзийнædтæ кæмæ ес, еци изædтæ, кæцитæ федар ænцæ рæстдзийнади: нæййес ændæр хуцау, Уомæй фæстæмæ – тухгин æма фастæг!

19. Уастæн, Хуцауи размæ дин Ислам æй. Финстæг кæмæн лæвард адтæй, етæ фæххецæнтæ ænцæ, зонундзийнædтæ сæмæ ку ‘рбацудæй, уой фæсте, еу иннемæ соцъа кæнгæй: фал Хуцауи ævдесæн ка гæлдзуй, уонæй тагъд рæстæги Хуцау бадæндзæнæй дзуапп.

20. Æма етæ дæ хæццæ ку буцæу кæнонцæ, уæд син зæгъæ: “Æз Хуцаумæ уесун, уædта мæ фædбæл ка рацæуа, етæ дæр”. Æма зæгъæ Финстæг кæмæн лæвард æй, уædта ænахургæндтæн[5]: “Фæндуй уæ исун Хуцауи уесгутæй?” Етæ уесгутæ ку исонцæ, уæд уодзæнæнцæ раст надбæл, ку нæ бакомонцæ, уædта дæубæл ихæс ес æрмæстдæр уонæн фегъосун кæнун. Хуцау æ цагъарти уинуй.

21. Хуцауи ævдесæнтæбæл ка не ‘ууæндуй æма пахампарти ка фæннæмуй, барæ лæвæрд син нæ уогæй, уædта рæстдзийнадæбæл ка дзоруй, еци адæни ка фæннæмуй, уони цийнаг хабар фегъосун кæнæ, карз æфхуæрд ке уодзæнæнцæ, уой тухxæй!

22. Уони гъуддæгтæ а царди дæр æма иннæ царди фædздзæгъæли уодзæнæнцæ, æма син сæ сæрбæл сдзорæг нæ уодзæнæй!

23. Ædта нур ду, Финстæги хай кæмæн лæвæрд адтæй, уони нæ фæууидтай? Уонæмæ Хуцауи Финстæгмæ седунцæ, цæмæй сæ медæхсæн буцæудзийнадæ рахецæн уа, фал уой фæсте ба еуæй-еуетæ сæхе рахатунцæ æма райдард унцæ.

24. Е уой тухxæй, æма уотæ ке дзурдтонцæ: “Арт нæбæл бандзævдзæнæй æрмæст нимад бæнтти”. Æма ци мæнгитæ сæхецæн æримистонцæ, етæ сæ мондаг кæнунцæ сæ дини.

25. Уæд куд уодзæнæй, Мах сæ, дузæрдугдзийнадæ кæми нæ уодзæнæй, еци Бон ку æрæмбурд кæнæн æма алли уодæн дæр ци ‘мбæлуй, е лæвæрд ку ‘рцæуа, æма си еунæгей гъуддагмæ дæр зулунæй каст ку не ‘рцæуа, уæд?

26. Зæгъæ: “Еунæхуцау, паддзахади Паддзах! Кæмæн Дæ фæндуй, уомæн паддзахадæ раттис, кæмæй Дæ фæндуй, уомæй ба паддзахадæ байсис; ке Дæ фæндуй, уой уæлгенæг кæнис, ке Дæ фæндуй, уой ба дæлгенæг кæнис: фарнæ Дæу къохи ‘й, уомæн æма Ду тухгин дæ.
27. Ду æхсæвæ раййевис бонæй, бон ба – æхсæвæй, æма уодæгас мардæй ракæнис, мард ба – уодæгасæй, æма хацис ке дæ фæндуй, уони ænæбæрцæй!
28. Æууæндгутæ, ка æууæндуй, уонæй фæстæмæ сæхецæн гиауртæй маке есæнтæ хецонæн. Уотæ ка бакæна, кæд æма уин уонæй тас ку уа, уомæй æндæмæ, уомæн ба Хуцауи хæццæ неци ес еудзийнадæй. Хуцау уæ уæхецæй хезуй, æма уæ раздæхт Хуцаумæ ‘й”.
29. Зæгъæ: “Уæ зæрдити ци ес, уой ку баримæхсайтæ, кенæ ‘й раргом кæнайтæ, – Хуцау æй уæддæр базондзæнæй: уомæн æма Е зонуй уæларв дæр, æма зæнхæбæл дæр ци ес, уой. Хуцау алцæбæл дæр Æ барæ даруй!
30. Еци Бон алли уод дæр æхуæдæг фæууиндзæнæй хуарзæй дæр, æма лæгъузæй дæр ци бакодта, уой. Æма ‘й уæд бафæнддзæнæй, цæмæй се ‘хсæн устур дæрддзæг фæууа. Хуцау уæ уæхецæй хезуй, – уастæн, Хуцау хатиргæнагæ ‘й Æ цагъартæн!”
31. Зæгъæ: “Кæд Хуцауи уарзетæ, уæд Æ фæдбæл цотæ, æма уæ уæд Хуцау дæр уарздзæнæй æма уин уæ тæрегъæдтæ ниххатир кæндзæнæй” – уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й.
32. Зæгъæ: “Хуцаумæ æма Æ минæвармæ уесетæ! Уæхе си ку разелайтæ, уæдта ‘й зонетæ: Хуцау нæ уарзуй гиаурти!”
33. Уастæн, Хуцау равзурста Адами дæр, Нохи дæр, Ибрæгими муггаг дæр æма Имрани муггаг дæр
34. дуйнети рази кæрæдзей фæдбæл. Уастæн, Хуцау игъосагæ æма зонагæ ‘й!
35. Имрани уосæ еухатт загъта: “Еунæхуцау! Мæ губуни ка ес, е Дæуæн æфсаргъæ куд дæтта, уой тухxæй дзурд равардтон, æма ми мæ дзурд райсæ: Ду игъосагæ æма зонагæ дæ”.

36. Ку ниййердта, уæдта загъта: “Еунæхуцау! Ке ниййердтон, е силгоймаг æй”. – Хуцау ба хуæздæр зудта е ке ниййердта, уой: нæлæстæг силæстæги хæццæ æмхузон нæ ‘нцæ[6]. – “Æма ‘й æз исхудтон Майра, æма Дин мæнæ дæттун уой дæр, æма æ цæуæти дæр Дæ бæрни, дортæй ке фæххуайунцæ, еци Ибилисæй сæ багъæуай кæнунæн”[7].
37. Æма ‘й Хуцау хуарз райста хуæрзагæн, æма ‘й хуарз асæй исирæзун кодта, æма ‘й Закарий бæгъдауонд бакодта. Закарий уомæ михрабмæ ку бацæуидæ, уæд имæ алли хатт дæр хуæруйнаг баййафидæ. Е загъта: “Уо, Майра! Атæ дин кæцæй æнцæ?” Е ин загъта: “Етæ Хуцауæй æнцæ”. Уастæн, Хуцау ке ‘й фæндуй, уой æфсадуй æнæбæрцæй!
38. Уой фæсте ба Закарий искувта æ Хуцаумæ æма загъта: “Дæ хуарзæнхæй мин хуарз цæуæт раттæ, – кувд игъосагæ ку дæ!”
39. Æма, михраби[8] лæугæй ку кувта, уæд ин изæдтæ фегъосун кодтонцæ: “Хуцау дин дæ зæрдæ рохс кæнуй хуарз хабарæй Ехиай туххæй, кæци исуодзæнæй Хуцауи дзурди æцæгдзийнадæ ниффедаргæнæг, кæци исуодзæнæй устур æдæйнæг, пахампар, рæстагти нимæдзæй еу!
40. Е загъта: “Еунæхуцау! Кутемæй мин уодзæнæй фурт, кæд æма мæмæ зæруа æрхъæрттæй, мæ уосæ ба æнæзæнæг æй?” Е ин загъта: “Хуцауи ци бафæндуй, уой искæнуй”.
41. Е загъта: “Еунæхуцау! Алæмæт мин исаразæ”. Е ин загъта: “Алæмæтæн дин е уодзæнæй, æма адæни хæццæ æртæ бони æрмæст къохтæй амонгæй дзордзæнæ. Æма дæ Хуцауи ном ерæ арæх æма Ин табу кæнæ изæрæй дæр, цит, æма бонæй дæр, цит”.
42. Æма мæнæ изæдтæ загътонцæ: “Уо, Майра! Уастæн, Хуцау дæ равзурста, æма искæдзос кодта дуйней силгоймæгти æхсæнæй.
43. Уо, Майра! Дæ Хуцауи размæ уесæ, ковæ æма намаз кæнæ намазгæнгути хæццæ”.
44. Е, Мах дин[9] ке раргом кодтан, еци сос радзурдтæй еу æй. Ду сæ рази нæ адтæ, етæ, кæмæн уодзæй бæгъдауонд Майра, уой туххæй хæлттæ ку

гælстонцæ[10], уæд. Æма ду, етæ ку буцæу кодтонцæ, уæд сæ хæццæ нæ адтæ.

45. Æмонæ изæдтæ загътонцæ: “Уо, Майра! Мæнæ дин Хуцау дæ зæрдæ игъæлдзæг кæнуй Æ дзурди хабараей, кæцимæн æ ном æй Мессийæ Иса, Майрай фурт. Е уодзæнæй намусгин а царди дæр, æма федæни дæр – Хæстæгдæрти номхигъди ка ‘й, уонæй сæ еу.
46. Æма е дзордзæнæй адæни хæццæ авдæни уогæй дæр, байлæгъæй дæр, æма уодзæнæй рæстæгтæй”.
47. Е Ин загъта: “Еунæхуцау! Кутемæй мин уодзæнæй сувæллон, кæд æма мæбæл еунæг адæймаг дæр нæ бандзавдæй?” Е ин загъта: “Хуцау, ци ‘Й фæндуй, уой аразуй. Ести гъуддаг скæнун ку сфæндæ кæнуй, уæд фæззæгъуй “Уо!” – æма е дæр исуй.
48. Æма ‘й Е исахур кæндзæнæй Финстæг æма зундбæл, Торæ æма Евангелибæл,
49. æма ‘й искæндзæнæй Езрай-фурттæмæ минæвар”. – “Æз уæмæ æрбацудтæн æвдесæни хæццæ уæ Хуцауæй. Æз уин сигитæй исараздзæнæн тæхгæцъеуи хузæн æма ибæл бадумдзæнæн: е Хуцауи фæндæй фестдзæнæй тæхгæцъеу. Æз исдзæбæх кæндзæнæн Хуцауи фæндæй хъæрæуи æма хъотургъани, уæдта æрцардзæнæн мæрдтæ. Æз уин фегъосун кæндзæнæн, сумах ци хуæретæ, уæдта уæ хæдзæртти ци даретæ. Уастæн, кæд сумах дингæнгутæ айтæ, уæд етæ сумахæн алæмæт æвдесæг æнцæ!
50. Æма мæн размæ уин Тори ци æрвист ес уацæгади бæрæггæнæнæн, уæдта уин раздæр ци не ‘нгъистæй, уонæй еу хай кæнуни барæ лæвæрд цæмæй æрцæуа, уобæл бавдесæн кæнуни тухæй æрцудтæн æз. Æма уæмæ æз æрцудтæн Хуцауи номæй æвдесæни хæццæ. Æма Хуцауæй фæттæрсетæ æма мæмæ байгъосетæ.
51. Уастæн, Хуцау куд мæн Хуцау, уотæ сумах Хуцау дæр æй. Æма ин коветæ: е раст над æй!”
52. Иса ку банкъардта, æма ‘йбæл етæ не ‘ууæндунцæ, зæгъгæ, уæдта

загъта: “Хуцауи надбæл уи ме ‘нхусгæнгутæй ка уодзæнæй?” Загътонцæ амистолтæ: “Мах ан Хуцауи æнхусгæнгутæ. Мах бауӕндтан Хуцаубæл, æма мах пусулмæнттæ ке ан, уой тухӕй бавдесæн кæнæ!

53. Нæ Еунæхуцау! Ци æрæрвистай, уобæл бауӕндтан, æма дæ минæвари фæдбæл рацудан, æма нæ æвдесæнгæнгути хæццæ бафинсæ!”

54. Æма етæ[11] налат миутæ кодтонцæ, æма налат миутæ кодта Хуцау: Хуцау ба налатти налатдæр æй.

55. Æмонæ Хуцау загъта: “Уо, Иса! Æз дæ рамардзæнæн æма дæ мæхемæ исесдзæнæн, æма дæ исуæгъдæ кæндзæнæн, ка дæбæл нæ бауӕндтæй, уонæй, æма дæ фæдбæл ка рацудæй, уони исæндедзæни бонмæ фæссæрдæр кæндзæнæн ка нæ бауӕндтæй, уонæй. Уæдта Мæнмæ уодзæнæй уæ раздæхт, æма Æз истæрхон кæндзæнæн уе ‘хсæн ци игъаугидзийнадæ адтæй, уомæн.

56. Ка нæ бауӕндтæй, уони ба Æз бафхуæрдзæнæн тухгин, хæстæг царди дæр æма фæстон дæр, æма син нæ уодзæнæй ангъосгæнгутæ!”

57. Ка бауӕндтæй æма хуарздзийнадæ ка аразта, уонæн ба Е, цæхуæн син æмбæла, уæхæн лæвар ратдзæнæй æнхæстæй, уомæн æма Хуцау æфхуæргути нæ уарзуй!

58. Е дин Мах æвдесæн æма сем аргъауæн, зæрдæбæл дарæнæн.

59. Уастæн, Хуцауи размæ Иса Адами хузæн æй: Е æй исфæлдиста сигитæй, уæдта загъта: “Уо!” – æма е дæр иссæй.

60. И æцæгдзийнадæ Хуцауæй æй. Æма ма уо дузæрдуггæнæг!

61. Зонундзийнадæ дæмæ ку ‘рцудæй, уой фæсте ма дæ хæццæ уобæл еске ку буцæу кæна, уæд ин зæгъæ: “Æрбацотæ, фæдздзордзинан нæ фурттæмæ æма уæ фурттæмæ, нæ силгоймæгтæмæ æма уæ силгоймæгтæмæ, нæхемæ дæр æма уæхемæ дæр, уой фæсте ба исковдзинан æма Хуцауи ælгъист рарветдзинан мæнгæ дзоргутæбæл!”

62. Уастæн, е æцæг радзурд æй, æма Хуцауæй фæстæмæ нæййес æндæр Хуцау, æма, уастæн, Хуцау тухгин æма сем æй!

63. Сæхе ку рахатонцæ, уæдта Хуцау зонуй æнæуагædзийнадæ

парахатгæнгути!

64. Зæгъæ: “Уо, Финстæг аргъаугутæ! Еу дзурдмæ æрцæудзинан, сумахæн дæр æма махæн дæр ка бæзза, цæмæй Хуцауæй ændæр ма кæмæн ковæн, æма Ин æмбал ма агорæн, уæдта цæмæй еуети иннетæн, Хуцауæй ændæмæ, тубайтæ* ма аразæн. Сæхе ку рахатонцæ, уæдта зæгъæ: “Бавдесæн кæнетæ уесæг ке ан”.

65. Уо, Финстæг аргъаугутæ! Цæмæ буцæу кæнетæ Ибрæгими тухæй? Торæ æма Евангели уой фæсте æрвист адтæнцæ. Гæр, сумах уой нæ балædæрдзинайтæ?

66. Гъо, ци зонундзийнадæ уæмæ ес, уобæл уæ бон æй загъд кæнун, фал зонундзийнадæ уæмæ цæй тухæй нæййес, уобæл ба куд загъд кæнетæ? Уастæн, Хуцау æй зонуй, сумах ба – нæ!

67. Ибрæгим уераг дæр, æма киристон дæр нæ адтæй, фал адтæй хуæрзуодагæ, æма нæ адтæй берæ хуцæуттæбæл æууæндæг.

68. Ибрæгиммæ тæккæ хæстæгдæр æнцæ, ке зæгъун æй гъæуй, æ фæдбæл ка рацудæй, етæ, уæдта аци пахампар дæр æма, ка бауæндтæй, етæ дæр. Хуцау ба æууæндгути лимæн æй.

69. Финстæг аргъаугутæй уæ еуетæ архайунцæ уæ надæй фесхъæтæг кæнун, фал етæ æрмæст сæхе æсхъæтæг кæнунцæ æма уой ба нæ зонунцæ!

70. Уо, Финстæг аргъаугутæ! Хуцауи ёвдесёнтё уи цæмæннæ æруагæс кæнунцæ, мийяг, уони æвдесæндар айтæ?

71. Уо, Финстæг аргъаугутæ! Æцæгдзийнадæбæл мæнгæдзийнадæ цæмæ æркæнетæ æма æцæгдзийнадæ цæмæ сосæг кæнетæ, кæд æма уæмæ зонундзийнадæ ес, уæд?”

72. Финстæг аргъаугутæй еуетæ дзорунцæ: “Ка бауæндтæй, уонæн ци ‘рвист адтæй, уобæл æууæндетæ бони райдайæни, æма ‘йбæл батобæ кæнетæ бони кæрони, – мусийнæ, етæ раздæхдзæнæнцæ.

73. Æма, уæ дини фæдбæл ка рацудæй, уонæй ændæр макæбæл бал æууæндетæ”. Зæгъæ: “Уастæн, æррæстæ разамунд Хуцауи разамунд æй,

---

* Тубай – господин.

æма læвærд цæуй, сумахæн куд, уотæ ескæмæн дæр". Æви етæ Хуцауи размæ уæ хæццæ загъд исараздзæнæнцæ? Зæгъæ: "Уастæн, Хуæрзеуæг Хуцауи къохи 'й: Е æй лæвар кæнуй, кæмæн æй фæндуй, уомæн!" Уастæн, Хуцау алцæбæлхъæртæг, зонæнгин æй!

74. Æ хуæрзеуæгæй Е бахайгин кæнуй кæмæн Æй фæффæндуй, уомæн. Хуцау ба устур хуæрзеуæги хецау æй!

75. Финстæг аргъаугути æхсæн ес уæхæнттæ, æма син æфстау кинтар ку раттай, уæд дин æй фæстæмæ ратдзæнæнцæ, фал се 'хсæн уæхæнттæ дæр ес, æма сæбæл еу динар ку бауувндай, уæд дин æй фæстæмæ нæ ратдзæнæнцæ, æносидæр сæ сæргъи ку нæ лæууай, уæд. Уотæ кæнгæй етæ фæззæгъунцæ: "Лæдæрти хæццæ махбæл неци ихæс ес". Æма етæ Хуцауи ном ергæй дзорунцæ мæнгæттæ, уой зонгæ гæнгæй.

76. Гъо! Æ бадзурд æцæг ка исæнхæст кодта æма Хуцауæй ка тарстæй, уастæн, Хуцау æрмæст уæхæн хуцаудастæ уарзуй!

77. Нецæййаг аргъæй æ уасхё æма æ бадзурд Хуцауи размæ ка ælхæнуй, уонæн фæстаг царди хай нæ уодзæнæй, æма сæ хæццæ нæ дзубанди кæндзæнæй Хуцау, æма сæмæ не 'ркæсдзæнæй исæндедзæн Бони, æма сæ нæ искæдзос кæндзæнæй. Етæ баййафдзæнæнцæ æвеллон æфхуæрдæ!

78. Се 'хсæн ба ес уæхæнттæ дæр, кæцитæ се 'взæгутæй фесинмæ кæнунцæ Финстæг, цæмæй æй сумах æцæг Финстæг бангъælайтæ, кæд Финстæг нæй, уæддæр, æма дзорунцæ: "Е Хуцауæй æй", фал е Хуцауæй нæй, æма етæ Хуцауæй дзорунцæ мæнгитæ, уой зонгæй.

79. Хуцау адæймагæн ку балæвар кодта Финстæг, зунд æма уасдардзийнадæ*, уæд ин уой фæсте нæ фæдгуй уотæ загъун: "Хуцауи бæсти мæн цагъартæ уотæ". Нæ фал Финстæгбæл ке ахур кæнетæ, уой тухxæй син сумах гъæуама зундамонæг уайтæ.

80. Нæ ин æмбæлуй сумах уобæл дæр бадæмун, цæмæй изædти æма пахампарти уæхецæн тубайтæй райсайтæ. Æдта нур уи Е

---

* Уасдардзийнадæ – пророчество.

ænæууænkædзийнадæ бадæндзænæй, Æ бæгъдауонд ку бацудайтæ, уёд ма уой фæсте?

81. Æмонæ Хуцау пахампартæй бадзурд райста: “Мænæ, ай уин Æз дæттун Финстæгæй æма фастæй, уой фæсте ба уæмæ æрцæудзænæй минæвар, ци уæмæ ес, уой æцæгдзийнадæ ниффедар кænунæн, æма ‘йбæл сумах гъæуама æууæндайтæ æма ин ангъос кænайтæ”. Е загъта: “Уаз кænетæ æма уæхæн бадзурдбæл Мæ уаргъ хæссун арази айтæ?” Етæ загътонцæ: “Уаз кænæн”. Е син загъта: “Мадта бавдесæн кænетæ æма Æз дæр уæ хæццæævдесæн кændзænæн”.

82. Уой фæсте ба ма æхе ка рахата, етæ ба ænаккæгтæ уодзænænцæ.

83. Ædта нур етæ Хуцауи динæй фæстæмæ ма ændæр динмæ бæллунцæ, сæхе Уой бæгъдауонд уæларв дæр, æма зænхæбæл дæр, барвændонæй æма ænæбари дæр ка бакодта, уони фæсте дæр ма, кæд æма сумах Уомæ раздæхдзинайтæ?

84. Зæгъæ: “Мах бауууæндтан Хуцаубæл æма ци æрвист æй махæн дæр, Ибрæгимæн дæр, Исмаилæн дæр, Исхакæн дæр, Йакубæн дæр, æзнæмæн дæр, уædта Мусайæн дæр, Исайæн дæр, пахампартæн дæр ци лæвæрд адтæй сæ Хуцауæй, уобæл. Мах си неке гъолон кænæн, æма нæхе фædзæхсæн Уобæл”.

85. Исламæй фæстæмæ ма ændæр дин ка агоруй, уомæ неци аккагдзийнадæ ес, æма е фæстаг царди уодзænæй зæран ка баййафдзænæй, уони хигъди.

86. Кутемæй ракæна Хуцау раст надбæл ка бауууæндтæй æма ка бавдесæн кодта минæвари æцæгдзийнадæбæл, æма сæмæ бæрæг ёвдесёнтё ку ‘рцудæй, уой фæсте, уæд еци адæнбæл? Уастæн, Хуцау разамунд нæ дæттуй гиауртæн!

87. Уæхæнттæ ци баййафонцæ, е – Хуцауи, изædти æма ænккæт адæни ælгъист.

88. Æма уой буни уодзænænцæ æности дæр, – уонæн сæ бафхуæрдæ не ‘рцæудзænæй фælмændæргонд æма сæ рæстæг не ‘рцæудзænæй

фæстædæрмæ хаст, –

89. уой фæсте æ тæрегъæдтæбæл ка басæтта æма хуарз гъуддæгтæ ка исараза, æрмæст уонæй æндæмæ. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ æй!

90. Уастæн, дин райсти фæсте æхе ка рахатта æма уой фæсте се ‘нæууæнкæ кæмæн фетингдæр æй, уонæн сæ тæрегъæдтæ нæбал уодзæнæнцæ барст. Уастæн, етæ байзайдзæнæнцæ фæррæдуйгути хæццæ!

91. Уастæн, ка нæ бауууæндтæй, уотемæй ка рамардæй, уонæй зæнхæбæл цидæр сугъзæрийнæ ес, е дæр си нæбал райстæуодзæнæй, уомæй æхе балхæнуйнаг ку уа, уæддæр. Уони устур гъезæмарæ хезуй: нæ син уодзæнæй сæрбæлдзорæг дæр!

92. Ци уæмæ ес æма си ци фулдæр уарзетæ, уомæй цалдæн хæлар кæнун райдайайтæ, уæди уæнгæ не содзинайтæ рæстуод. Ци ниххæлар кæнайтæ, уой ба Хуцау зондзæнæй.

93. Цалдæн Торæ æрвист не ‘рцудæй Езрамæ[12], уалдæн æхуæдæг ци хуæруйнагбæл батобæ кодта, уомæй уæлдай Езрай-фурттæн алцидæр æнгъизтæй хуæрун. Зæгъæ: “Кæд раст айтæ, уæд Торæ æрбахæссетæ æма ‘й байаргъауетæ!”

94. Æма ма уой фæсте мæнгæ[13] ка æримиса Хуцаубæл, етæ гиауртæ æнцæ!

95. Зæгъæ: “Раст зæгъуй Хуцау! Æма, рæстæууæнкæ ка адтæй æма берæ хуцæуттæмæ ка нæ кувта, еци Ибрæгими дини фæдбæл рацотæ!

96. Уастæн, адæнæн фиццаг ци хæдзарæ арæзт адтæй, е æй Бекки[14], кæци æй дуйнети хуарзæнхæн азгъунст æма дуйнетæн разамунд дæттунæн!

97. Уоми бæрæг æвдесæнтæ ес: Ибрæгими бунат, æма уордæмæ ка бацæуй, е æдас æй. Хуцауи размæ ба æнккæт адæнбæл дæр, æ бон кæмæн æй уордæмæ надбæл фæццæун, уонæбæл и хæдзарæмæ хадзи скæнуни ихæс æвæрд ес. Кæд еске не ‘ууæндуй, уæдта Хуцау уойбæрцæбæл гъæздуг æй, æма а дуйнетæ гъæуагæ нæй!”

98. Зæгъæ: “Уо, Финстæги адæн! Цæмæн не ‘ууæндетæ Хуцауи ёвдесёнтæбæл, Хуцау сумах ци архайетæ, уомæн æвдесæн ку æй, уæд?”

99. Зæгъæ: “Уо, Финстæги адæн! Ка бауӕндтæй, уони ма Хуцауи надæй цæмæн хезун кæнетæ, фесинмæ ‘й фæккæнунвæндæй, кæд æма ин е ‘ррæстæдзийнадæ зонетæ, уæд? Уастæн, Хуцау ци архайетæ, уой æстæфуй!”

100. Уо, ка бауӕндтæй, етæ! Финстæг лæвæрд кæмæн æй, уонæй еуæй-еуетæмæ ку игъосайтæ, уæд, дингæнгутæ ку иссайтæ, уой фæсте уæ нæуæгæй гиауртæ рауайун кæндзæнæнцæ.

101. Æма куд не ‘ууæндетæ Хуцауи æвдесæнтæ уин ку аргъаунцæ, æма уе ‘хсæн Æ минæвар дæр ку ес, уæд уотемæй? Хуцаубæл ка хуæцуй, е ба раст надбæл æвæрд цæуй.

102. Уо, ка бауӕндтæй, етæ! Хуцауæй тæрсетæ куд æмбæлуй, уотæ, æма æнæ Уобæл уæхе бафæдзæхсгæй[15] ма мæлетæ.

103. Хуцауи динбæл хуæцетæ æгасæйдæр æма ма хецæнтæ кæнетæ; уæ зæрдæбæл даретæ Хуцауи хуарзæнхæ, уёдта æзнæгтæ ма ку адтайтæ, уæд уин уæ зæрдитæ куд бахæстæг кодта æма Æ фарнæй æнсувæртæ ке иссайтæ, уой! Сумах артмæ ниххауæни билæбæл адтайтæ, фал уæ Е ба уомæй фæййервæзун кодта. Уомæй уин Хуцау лæдæрун кæнуй Е ‘вдесёнтё, – мусийнæ, раст надбæл рацæудзинайтæ! –

104. Æма уе ‘хсæн уæхæн æхсæнадæ уæд, кæци уæмæ седа хуарз гъуддæгтæмæ, уæдта хуарздзийнадæбæл уё ка араза, æма уæ лæгъуздзийнадæй ка хеза. Уæхæнттæ амондгун æнцæ.

105. Бæрæг ёвдесёнтё сæмæ ку ‘рцудæй, уёд уой фæсте ка рахецæн æй æма кæрæдзей ‘хсæн буцæутæ кæнун ка райдæдта, уониау ма уотæ: уони устур æфхуæрд хезуй

106. цæсгæнттæ ци бон исуорс уонцæ, æма цæсгæнттё ци бон ниссау уонцæ, еци бон! Нур ке цæсгæнттæ ниссау уонцæ … Гæр, ку бауӕндтайтæ, уой фæсте ма гиауртæ иссайтæ? Æма ке не ‘ууæндтайтæ, уой туххæй ба исахуадетæ!

107. Ке цæсгæнттæ исуорс уодзæнæнцæ, етæ ба Хуцауи хуарзæнхи амæттаг уодзæнæнцæ, æма уоми уодзæнæнцæ æноси дæр!

108. Уæхæнттæ æнцæ Хуцауи ёвдесёнтё: Мах дин сæ аргъауæн æцæгдзийнади хæццæ. Уастæн, Хуцауи нæ фæндуй дуйнетæн фуддзийнадæ!

109. Уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ Хуцауи æнцæ; æма æгас гъуддæгтæ дæр Хуцаумæ æздæхунцæ фæстæмæ.

110. Адæни размæ ка рацудæй, уонæй тæккæ хуæздæр æхсæнадæ адтайтæ: аразун кодтайтæ хуарздзийнадæ, æма лæгъуздзийнадё кæнунæй уорæдтайтæ, æма æууæндтайтæ Хуцаубæл. Нур Финстæг кæмæн лæвæрд адтæй, етæ ку бауæндтайуонцæ, уæдта син хуæздæр адтайдæ. Се ‘хсæн ес æууæндгутæ дæр, фал сæ фулдæр хай ба æнаккæгтæ æнцæ.

111. Етæ уин лæгъузæй неци ракæндзæнæнцæ, æрмæст дзурдæфхуæрдæй æндæмæ; æма уæ хæццæ тохун ку райдайонцæ, уæд уæмæ сæ къилдун рахатдзæнæнцæ, æма син æнхусгæнæг нæ фæууодзæнæй.

112. Хуцауи хæццæ æма адæни хæццæ арази ку нæ уонцæ, уæд кæмидæриддæр уонцæ – цæудзæнæнцæ дæлгенæг. Етæ Хуцауи тæрегъæди бацудæнцæ æма сæ Е фæккæндзæнæй мæгурдзийнади буни. Е уой тухххæй уотæ ‘й, æма Хуцауи ёвдесёнтæбæл ке не ‘ууæндтæнцæ, уæдта пахампарти ке надтонцæ, уомæн син барæ лæвæрд нæ уогæй. Е уой тухххæй, æма ке нæ байгъустонцæ æма æнаккагдзийнадæ ке равдистонцæ.

113. Етæ æнхузæн нæ ‘нцæ: Финстæг лæвæрд кæмæн адтæй, уони æхсæн ес федар æхсæнадæ – етæ æхсæйвон сахат, цит, аргъаунцæ Хуцауи ёвдесёнтæ, намазгæнгæй.

114. Етæ æууæндунцæ Хуцаубæл æма фæстаг Бонбæл, седунцæ хуарзмæ æма хезунцæ лæгъузæй. Етæ кæрæдзей хæццæ ерис кæнунцæ хуарздзийнадæ ракæнунбæл, етæ рæстуодтæ æнцæ.

115. Хуарздзийнадæй цидæриддæр нæ ракæнайтæ – некæд неке исидæудзæнæй уобæл. Уастæн, Хуцау ка ‘Й тæрсуй, уони зонуй!

116. Уастæн, ка не ‘ууæндтæй, уонæн нæдæр сæ мулк, нæдæр сæ цæуæт нæбал фæййагъаз уодзæнæнцæ Хуцауи размæ! Етæ арти амæттæгтæ ænцæ, уоми ænцæ æноси дæр!

117. А хæстæг царди етæ ци харз кæнунцæ, етæ бурдæнау ænцæ, кæцими æрмæст уазалдзийнадæ ес: е байсафта, æхуæдæг æхе ка бафхуардта, еци адæни хумтæ. Уастæн, Хуцау сæ не ‘фхуардта, фал етæ сæхуæдтæ сæхе æфхуæрунцæ.

118. Уо, ка бауууæндтæй! Уæхецæй фæстæмæ уæхецæн æндæр хæстæг ма есетæ. Етæ уин æнæ ести фидбилиз æрхæсгæ нæ ниууадздзæнæнцæ. Уони бæргæ фæндæуй, цæмæй фидбилизи бахауайтæ. Се ‘нæуинондзийнадæ сæ цъухбæл исбæрæг æй, фал ма сæ реуи ба никки фулдæр римæхсунцæ. Мах уин балæдæрун кодтан ёвдесёнтæ, кæд уæмæ зунд ес, уæд!

119. Æма мæнæ сумах, – сумах сæ уарзетæ, етæ ба уæ нæ уарзунцæ. Сумах æгас Финстæгбæл дæр æууæндетæ, æма уæбæл етæ ку рамбæлунцæ, уæдта фæззæгъунцæ: “Мах бауууæндтан”. Сæхуæдтæ ку райзайунцæ, уæдта сæ фурмæстæй се ‘нгулдзитæ уæмæ æхсинунцæ. Зæгъæ: “Уæ фурмæстæй мæлетæ! Уастæн, Хуцау зонуй уæ реуи ци ес, уой”.

120. Ести хуарз уæбæл ку исæмбæлуй, уæд мæстгун кæнуй; ести фуд уæбæл ку ‘рцæуй, уæдта уобæл ба цийнæ кæнунцæ. Фал сумах уалгæдзон æма Хуцауæй тæрсагæ ку уайтæ, уæд уони миутæ уин неци фидбилиз æрхæсдзæнæнцæ. Уастæн, етæ ци кæнунцæ, уобæл Хуцау хъæртуй!

121. Æма мæнæ сæумæй дæ бийнонтæй рандæ дæ[16], динхæсгути рæнгъитæй аразгæй тугъдмæ, æма Хуцау ба игъосагæ æма зонагæ ‘й.

122. Мæнæ уи дууæ къуари сæ тæсмæлдзийнади тухххæй ниууадзуйнаг адтæнцæ сумах, Хуцау ба – се ‘нхусгæнæг адтæй; ка æууæндуй, етæ Хуцаубæл сæхе фæдзæхсæнтæ!

123. Бадри рази, сумах лæмæгъдæр ку адтайтæ, уæд уин Хуцау

фæййангъос кодта. Æма Хуцауæй фæттæрсетæ, – мусийнæ, боз уодзинайтæ!

124. Мæнæ динхæсгутæн дзорис: “Гæр, Хуцау уин ци æртæ мин изæди рарвиста фæййангъос кæнунмæ, е уин фагæ нæй?”

125. Гъо, уалгæдзон ку уайтæ æма Хуцауæй ку тæрсайтæ, æма уæмæ етæ æваст ку фæззиннонцæ, уæдта уин Хуцау фæййангъос кæндзæнæй фондз мин бæрæггонд изæдей хæццæ.

126. Уой уин Хуцау цийнаг хабар искодта, цæмæй уæ зæрдитæ æнцойнæ иссеронцæ. Æнхусдзийнадæ æрмæст тухгин æма фастæг* Хуцауæй цæуй,

127. цæмæй гиаурти байуантæй ести рахаун кæнайтæ, кенæ сæ ниддæрæн кæнайтæ, сæ къохи неци бафтуйгæй ледзæг куд фæууонцæ, уотæ.

128. Еци гъуддаги дæу бон неци ‘й: Хуцау син фæййагъаз кæндзæнæй, æви сæ бафхуæрдзæнæй. Уастæн, етæ раст нæ ‘нцæ.

129. Арвбæл дæр, æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ Хуцауи æнцæ. Е, кæмæн æй фæндуй, уомæн ниххатир кæнуй, ке ‘Й фæндуй, уой ба бафхуæруй. Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ æй!

130. Уо, ка баууæндтæй! Дууæ хатти фулдæргонд ци ирæзт цæуй, уобæл ма хæлæф кæнетæ, æма Хуцауæй тæрсетæ, – мусийнæ, уодзинайтæ амондгун!

131. Æма гиауртæн ци арт цæттæгонд æй, уомæй тæрсетæ

132. æма уесетæ** Хуцауæн æма Æ минæварæн, – мусийнæ, хатиргонд уин æрцæудзæнæй!

133. Æма тундзетæ Хуцау уин куд ниххатир кæна, уомæ, уæдта уæларв æма зæнхи æмвæзнæ ка ‘й, еци дзенетмæ, кæци цæттæгонд æй, Хуцауæй ка тæрсуй,

134. уæдта цийни дæр, æма зиани дæр битир ка дæттуй, æма сæ маст ка

---

* Фастæг – мудрый.

* * Уесун – повиноваться, покоряться, слушаться.

бауорамуй, адæнæн хатир ка кæнуй, уонæн. Уастæн, хуарз гъуддæгтæ аразгутæ уарзуй Хуцау!

135. Лиагъæ ка ‘рхаста, кенæ æхе ка бафхуардта, фал Хуцауи ном ка иссирдта, æ тæрегъæдти тухххæй хатир ракоргæй, – æма Хуцауæй фæстæмæ ма тæрегъæдтæ ка хатир кæнуй? – уæдта зонгæ гæнгæй ци бакодтонцæ, уобæл ка нæ ниббуцæу æй, –

136. уонæн ба устур лæвар – Хуцауи хатиргонд, уæдта æ бунти цæугæдæнттæ кæмæн уайунцæ, уæхæн дзæхæратæ, – æносидæр уоми уодзæнæнцæ. Куд дессаг æй уæхæн гъуддæгтæ аразгути лæвар!

137. Сумах размæ дæр ма дæнцæн æгъдæуттæ адтæй, фал разелайтæ зæнхæбæл æма æркæсайтæ, мæнгæбæл хуæст ка адтæй, уони кæрон цæбæл адтæй!

138. Е адæнæн лæдæрунгæнæн æма разамунд æй, уæдта Хуцауæй тæрсгутæн тæфсергонд æй.

139. Кæд æууæндгутæй айтæ, уæд бæрзонддæр ке лæууетæ, уой тухххæй ædухæ ма уотæ æма ма тухсетæ![17]

140. Кæд уæбæл цæф бандзавдæй, уæд уæхæн цæф бандзавдæй еци адæнбæл дæр.[18] Уотæ бонæййевгæй мах æййевæн адæни æхсæн цаутæ дæр, цæмæй Хуцау базона ка ‘Йбæл æууæндуй, уони, цæмæй уе ‘хсæнæй рартаса уазавæргутæ. Уастæн, Хуцау æнаккæгти нæ уарзуй! –

141. уæдта цæмæй Хуцау искæдзос кæна, ка бауæндтæй æма гиаурти ка ниддæræн кодта, уони.

142. Æви уотæ æнгъæл адтайтæ, æма дзенетмæ бацæудзинайтæ, цалдён Хуцау нё базона, æновуддзийнадæ уи ка бавдиста æма уи уалгæдзон ка адтæй, уёдмё?

143. Сумах бæлдтайтæ мæлæтмæ, нæма ‘йбæл исæмбæлгæй. Æма ‘й нур фæууидтайтæ, æма тæлмæцетæ![19]

144. Æма Мæхæмæт дæр пахампар æй, кæций размæ дæр адтæй пахампартæ. Æдта нур е ку рамæла, кенæ мард ку фæууа, уæд фæстæмæ раздæхдзинайтæ? Фæстæмæ ка раздæхуй, е Хуцауæн неци зæран

ærхæсдзænæй, фал Хуцау боз ка уа, уонæн æй бахатдзænæй.

145. Уод кæбæлдæр ес, е æрмæст Хуцауи фæндонæй мæлуй, киунугæмæ гæсгæ, кæцими алке ирисхъæ дæр финст æй. А царди æхецæн хуæрзеугутæ ка агоруй, уомæн сæ Мах ратдзинан; федæни царди ка агоруй хуæрзеугутæ, уомæн ба сæ Мах уæд ратдзинан: арази адæнæн Мах хуæрзеугутæ фæууодзинан.

146. Адæни æрдонгтæй цæйбæрцитæ тох кодтонцæ пахампарти хæццæ, фал етæ уой тухxæй нæ федухæдæр æнцæ, Хуцауи надбæл сæ ци баййафта, уомæй. Нæ федухæдæр æнцæ æма нæ басастæнцæ – Хуцау ба уалгæдзонти уарзуй!

147. Сæ дзубанди æрмæст е адтæй, æма етæ, цит, загъиуонцæ: “Нæ Еунæхуцау! Нæ гъуддаги нин нæ тæрегъæдтæ æма фур æновуддзийнадæ ниххатир кæнæ; нæ къæхтæ нин ниффедар кæнæ æма нин гиаурти нихмæ фæййангъос кæнæ”.

148. Æма син Хуцау хæстæг царди хуæрзеуæг фæцæй, уæдта федæни царди дæр устур хуæрзеуæг. Уастæн, Хуцау уарзуй хуарз гъуддæгтæ аразгути!

149. Уо, ка баууæндтæй! Гиауртæмæ ку игъосайтæ, уæд уæ раздæриккон уавæрмæ æркæндзæнæнцæ æма уе ‘сæфтмæ æрцæудзинайтæ.

150. Гъо! Хуцау уæ ауодæг æй. Æма Уомæй хуæздæр æнхусгæнæг дæр нæййес!

151. Ка не ‘ууæндтæй, уони зæрдити Мах бауаддзинан азар, Хуцауæн æмбал ке агурдтонцæ, кæд æма ин Е неци барæ равардта, уой тухxæй. Уони бунат арт æй, æма æнаккæгти уоми ун æбуалгъ уодзæнæй!

152. Хуцау уин Æ байвæрзт фæррæстмæ кодта, сумах сæ Уой фæндæй ку ниддæræн кодтайтæ, уæд. Фал тæсмæлдзийнадæ ку равдистайтæ æма буцæу кæнун ку райдæдтайтæ гъуддагбæл æма ку нæбал байгъустайтæ, Е уин, ци уарзетæ, уой ку бавдиста, уæд уе ‘хсæн разиндтæй хæстæг цард ке гъудæй, уёхёнттё, иннети ба гъудæй федæни цард. Æма уæ

ледзæг фæккодта, цæмæй уæ бафæлвара, уой туххæй. Уæдта уин Хуцау ниххатир кодта, уомæн æма Хуцау таукел æй ка ‘Йбæл æууæндуй, уонæбæл!

153. Тугъди тонхæй ку ралигъдайтæ, æма кæрæдзей цæсгонмæ бакæсун ку не ‘ндиудтайтæ, æма уæ фæсте уæмæ минæвар тохмæ ку седтæй, уæд уæмæ Е гъенцъун гъенцъуни фæдбæл æрæрвиста, цæмæй ци баййафтайтæ æма цæмæй хизт æрцудайтæ, уой туххæй ма æнкъард кæнайтæ. Уастæн, сумах ци кæнетæ, уой Хуцау зонуй!

154. Уой фæсте ба, уæ гъенцъун æрсабур кæнунæн уæ, Хуцау фунбæл бафтудта, кæци бафтудæй æрмæст уæ еу хайбæл, иннæ хай ба тухстæй, Хуцауи æнæрастдзийнади туххæй сагъæстæ кæнгæй муртактау, уотæ дзоргæй: “Æдта нур махæн еци гъуддагæй ести рауайдзæнæй?” Зæгъæ: “Алли гъуддаг дæр Хуцауæй конд цæуй”. Етæ сæ зæрдити римæхсунцæ, дæуæн ци не ‘ргом кæнунцæ, уой. Етæ дзорунцæ: “Махæн еци гъуддагæй ести ку уадайдæ, уæд ами нæ фæммардайййанæ”. Зæгъæ: Сумах уæ хæдзæртти ку адтайййтæ, уæд æ мæлæти бон кæмæн æрхъæрттæй, етæ сæ басасти бунатмæ рацудайуонцæ, цæмæй уæ Хуцау бафæлвардтайдæ, уæ зæрдити ци ес, уæдта цæмæй искæдзос кодтайдæ уæ зæрдити ци ес, уони”. Уастæн, Хуцау зонуй уæ реуи ци ес, уой!

155. Уастæн, дууæ æфсади ку исæмбалдæнцæ, уæд æ къилдун ка разилдта, уони æцæгæйдæр ба Ибилис рацибæл кодта, ести тæрегъæдтæ ке æрхастонцæ, уой туххæй. Фал син Хуцау ниттæрегъæд кодта, уомæн æма Хуцау хатиргæнагæ æма сабур æй!

156. Уо, ка бауууæндтæй! Ка нæ бауууæндтæй æма уотæ ка дзурдта е ‘нсувæртæн, зæнхæбæл цæугæй, кенæ балци кæнгæй: “Мах хæццæ ку адтайуонцæ етæ, уæд нæ рамардайуонцæ æма нæ фæммардайуонцæ”, уони хузæн ма уотæ. Хуцау цидæр нæ бакæна, е уæддæр уони зæрдитæн гъулæг уодзæнæнцæ. Уастæн, Хуцау æрцаруй æма рамаруй. Æма Хуцау уинуй сумах ци кæнетæ, уой!

157. Æма, æнæмæнгæ, Хуцауи надбæл ку фæммардайййтæ, кенæ ку

рамардаййайтæ, уæд уин Хуцауи хатир æма хуæрзагæ адтайдæ, кæцитæ ами ци æмбурд кæнетæ, уонæй берæ хуæздæр æнцæ.

158. Æма ку рамæлайтæ, кенæ ку фæммæлайтæ, уæд, æнæмæнгæ, Хуцауи размæ æмбурдгонд уодзинайтæ.

159. Хуцауи хатиræй сæмæ ду[20] фæлмæн адтæ, фал сæмæ нур ду гурумухъ, дорзæрдæ ку адтайсæ, уæд етæ ди ниххæлеу адтайуонцæ. Æма син ниххатир кæнæ, æма си хатир ракорæ, уæдта сæ хæццæ унаффæ кæнæ гъуддагбæл. Фæндæмæ ку ‘рцæуай, уæдта Хуцаубæл дæхе бафæдзæхсæ, - уастæн, Хуцау уарзуй сæхе бафæдзæхсгути!

160. Хуцау уин ку фæййангъос кæна, уæд уæ басæттæг нæ уодзæнæй, фал уæ Е ку ниууадза, уæдта уин Уой фæсте ма ка фæййангъос кæндзæнæй? Æууæндгутæ сæхе Хуцаубæл фæдзæхсæнтæ!

161. Нæ фæдгуй пахампарæн сайун. Ка басайа, е ба исæндедзæн бони ци басайдта, уой хæццæ æрбацæудзæнæй. Уой фæсте ба алли уодæн дæр кæмæн ци æмбæлуй, е læвæрд уодзæнæй, æма етæ зæрдихудти нæ уодзæнæнцæ.

162. Гæр, Хуцауи хуарзæнхи фæсте ка рацудæй, е Хуцауи масти ка бацудæй, мийяг, уой хузæн æй? Уомæн æ бунат дзаханаман æй, æбуалгъ æй уой раздæхт!

163. Хуцауи размæ уонæй алкедæр æхе къæпхæнбæл лæууй. Етæ ци кæнунцæ, уой Хуцау уинуй!

164. Устур хуæрзеуæгдзийнадæ искодта Хуцау æууæндгутæн, се ‘хсæн син сæхецæй минæвар ку исивардта, уæд. Е син Æ алæмæттæ аргъауй, кæдзос сæ кæнуй æма сæ ахур кæнуй Финстæгбæл æма зундбæл, кæд æма етæ раздæр мæнги амæттаг адтæнцæ.

165. Æдта нур сумах устур бæллæхтæ ку байяфта, æма ‘й сумах ба дувæлтæрæй ку бакайдтайтæ, уæд уой фæсте ку загътайтæ: “Кæцæй æй е?” Зæгъæ: “Е уæхецæй æй”. Уастæн, Хуцау тухгин æй!

166. Æма дууæ æфсадей фембæлди ци бавзурстайтæ, е Хуцауи фæндæй адтæй, цæмæй Е ка æууæндуй, уой зона,

167. уædта зона цорон миутæ ка кæнуй, уони. Æма син адтæй загъд: “Рацотæ æма Хуцауи надбæл тохетæ!” Етæ загътонцæ: “Мах бон истохун ку адтайдæ, уæд дæ фæдбæл рацудаййанæ”. Етæ еци бон æууæнкæй ænæууæнкæмæ хæстæгдæр адтæнцæ! Етæ сæ зæрдити ци нæййес, уой сæ цъухæй дзорунцæ. Хуцау ба етæ ци римæхсунцæ, уой хуæздæр зонуй!

168. Сæ хæдзæртти бадгæй се ‘нсувæртæй уотæ ка дзурдта: “Етæ махмæ ку байгъустайуонцæ, уæд нæ фæммардайуонцæ”, уонæн зæгъæ: “Кæд сумах раст дзоретæ, уæд, мадта, уæхецæй райзол кæнайтæ мæлæт!”

169. Æма Хуцауи надбæл ка фæммардæй, уони мард ма хонæ. Нæ, етæ æгас æнцæ! Етæ сæ Хуцауи цори райсунцæ сæ бунат,

170. Цийнæгæнгæй, Хуцау син ци балæвар кодта Æ уодибæстæй, уобæл, æма цийнæ кæнунцæ сæ фæдбæл ка цæуй, уонæй сæбæл ка нæма бафтудæй, уонæбæл, уонæн тас ке нæй æма ænкъард ке нæ уодзæнæнцæ, уой туххæй!

171. Етæ цийнæ кæнунцæ Хуцауи хуарзæнхæ æма рædаудзийнадæбæл, уædта Хуцау динхæсгути лæвæрттæ ке нæ исафуй, уой туххæй.

172. Цæфтæ сæбæл ку исæмбалдæнцæ, уой фæсте Хуцауæн æма Æ минæварæн дзуапп ка равардта, уædта хуарз гъуддæгтæ ка аразта æма тарстæй, уонæн – устур хуæрзеуæг!

173. Адæн уотæ кæмæн дзурдтонцæ: “Æзнæгтæ уæ нихмæ æрæмбурд ænцæ æма си тæрсетæ!”, уонæн се ‘ууæнкæ æрмæстдæр фæттухгиндæр æй æма дзурдтонцæ: “Хуцау нæ фагæ ‘й. Е нæ хуæздæр гъæуайгæнæг æй!”

174. Æма етæ æриздахтæнцæ Хуцауи хуарзæнхæ æма рædаудзийнади хæццæ. Нæ сæмæ бахъæрттæй фуд, æма Хуцауи фæндони фæсте рацудæнцæ. Уастæн, Хуцау устур уодибæсти хецау æй!

175. Æ хецонти æвеллон ка кæнуй, е Ибилис æй. Æма уонæй ма тæрсетæ, фал тæрсетæ Мæнæй, кæд динхæсгутæ айтæ, уæд!

176. Æма æнæууæнкædзийнадæмæ ка нийарæцæн уй, етæ дæ ма

‘нкъард кænæнтæ, уомæн æма етæ Хуцауæн неци зæран æрхæсдзæнæнцæ. Хуцауи фæндуй уонæн фæстаг царди хай нæ раттун. Æма етæ устур æфхуæрд баййафдзæнæнцæ!

177. Уастæн, æууæнки бæсти æнæууæнкæ ка балхæдта, етæ Хуцауæн неци гъуддаги æрхæсдзæнæнцæ зæран, фал сæ карз æфхуæрд баййафдзæнæй!

178. Ка не ‘ууæндтæй, етæ уотæ ма ‘нгъæлæнтæ, æма син Мах ци дæргъвæтийнæ цард дæттæн, е уонæн хуæрзæн æй. Мах син сæ цард дæргъвæтийнæ рахæссæн, цæмæй сæ тæрегъæдтæ фæффулдæр уонцæ, æма уонæн ба сæ бафхуæрдæ фæлмæцунгæнæг æфхуæрд уодзæнæй!

179. Нæ, Хуцау динхæсгути нæ ниууаддзæнæй нур ци уавæри æнцæ, еци уавæри, цæмæй æнаккаг адæймæгути хуæрзæгъдаугинтæй ма рахецæн кæна. Æма уин Хуцау, асхъод ци ‘й, уой нæ раргом кæндзæнæй, фал уой тухххæй ба равзаруй æ минæвæрттæй, ке ‘й фæндуй, уони. Æма æууæндетæ Хуцаубæл æма Æ минæвæрттæбæл. Ку бауæндайтæ æма ку тæрсайтæ, уæдта уин устур хуæрзеуæг уодзæнæй!

180. Хуцауæй син ци лæвæрд ес, уой цæлæмбудтæ сæхецæн хуарзæн ма ‘нгъæлæнтæ: е син фудæрдæмæ ‘й! Ци бавгъау кодтонцæ, е син исæндедзæн бони сæ хъурбæл рæхисау уодзæнæй. Цидæриддæр ес уаларв дæр, æма зæнхæбæл дæр, етæ Хуцауи бунтæ æнцæ, æма Хуцау ци кæнетæ, уой зонуй!

181. Уотæ ка дзурдта: “Хуцау мæгур ку æй, мах ба – гъæздуг”, - уони дзубанди Хуцау игъуста. Мах ниффинссинан етæ ци дзурдтонцæ, уæдта, барæ син лæвæрд нæ уогæй, пахампарти куд надтонцæ, уони, æма зæгъдзинан: “Исахуадетæ арти æфхуæрддзийнадæ!”

182. Е уин уæ къохтæ ци æрцæттæ кодтонцæ, уой тухххæй. Фал е дæр æцæг æй, æма Хуцау Æ цагъартæмæ æгъатир цæстæй нæ кæсуй.

183. Уотæ ка зæгъуй: “Хуцау нин уотæ ку бауойсат кодта, æма цалдæн нæмæ арт ке бахуæра, уæхæн нивондаги хæццæ æрцæуа минæвар, уæди уæнгæ ‘йбæл мах гъæуама ма æууæндæн”. Зæгъæ: “Мæ размæ уæмæ

ærцудæнцæ, сумах ци загътайтæ, уони хæццæ минёвёрттё бæрæг ёвдесёнти хёццё. Æма сæ уæд цæмæ ниццагътайтæ, кæд сумах раст адтайтæ, уæд?”

184. Кæд дæ мæнгæттæ дзорæг исхудтонцæ, уæд сæмæ дæ размæ бæрæг ёвдесёнти, киунугути æма сугъдæг Финстæги хæццæ ци минæвæрттæ ærвист адтæнцё, уони дæр мæнгæттæ дзоргутæ ку исхудтонцæ.

185. Алли уод дæр бавзаруй мæлæт, æма уи алкæмæндæр исæндедзæн бони æ хуæрзеуæг лæвæрд уодзæнæй. Æма артæй изолгонд æма дзенетмæ хунд ка ‘рцæуа, е æнтæстдзийнадæ баййафдзæнæй. Хæстæг цард ба æрмæст фæлдемæнæй пайда гæнæгау æй.

186. Сумах уæ мулкæй дæр, æма уæхецæй дæр фæлвæрд æрцæудзинайтæ, æма сумах размæ кæмæн лæваргонд адтæй Финстæг, уæдта берæ хуцæуттæмæ ковæг ка адтæй, уонæй фегъосдзинайтæ берæ уайдзæфтæ. Фал уалгæдзон æма хуцаудас ку уайтё, уæдта е уодзæнæй уе стурдæр æскъуæлхтдзийнадæ.

187. Æма мæнæ Хуцау, Финстæг лæвæрд кæмæн адтæй, уонæй дзурд райста: “Сумах æй лæдæрун кæндзинайтæ адæнæн æма ‘й нæ асхъод кæндзинайтæ”. Фал æй етæ фæстæмæ фехстонцæ æма си нецæййаг аргъ балхæдтонцæ. Етæ ци ælхæнунцæ, е куд илгъаг æй!

188. Ци бакодтонцæ, уобæл ка цийнæ кæнуй, етæ уотæ ма ‘нгъælæнтæ, æма ци нæ бакодтонцæ, уой тухxæй сæ уарзонцæ æма сæ æстауонцæ. Ду дæр уотæ ма нимайæ, æма уонæн тæссаг нæй бафхуæрунæй. Уастæн, етæ тухгин æфхуæрд баййафдзæнæнцæ!

189. Уæларвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр Хуцау даруй Æ барæ. Æма алли гъуддаг дæр Хуцауи бари ‘й!

190. Уастæн, арв æма зæнхи сфæлдисти, уæдта æхсæвæ бонæй раййивди, зунд кæмæ ес, уонæн æвдесæн ес,

191. Хуцауи ном ка еруй, лæугæй уа, бадгæй уа, фарсбæл хъанæй уа, æма арв æма зæнхи фæззиндбæл ка сагъæс кæнуй, уонæн: “Нæ еунæхуцау! Дзæгъæли ‘й не сфæлдистай уой. Табу Дин уæд! Æма нæ

арти бафхуæрдæй бахезæ.

192. Нæ Еунæхуцау! Артмæ ке кæнис, уони фегадæ кодтай. Æма ænаккæгтæн нæййес ænхусгæнгутæ!

193. Нæ Еунæхуцау! Мах фегъустан федеуæги[21], кæци седтæй динмæ: “Бауудæндетæ нæ Еунæхуцаубæл!” Æма мах бауудæндтан. Нæ Еунæхуцау! Ниххатир нин кæнæ нæ тæрегъæдтæ æма нæ искæдзос кæнæ нæ фуд гъуддæгтæй, æма нæ æрæнцойнæ кæнæ рæстуодти хæццæ.

194. Нæ Еунæхуцау! Дæ минæвæртти номæй нин ци байвæрзтай, уой нин балæвар кæнæ æма нæ ма фегадæ кæнæ исæндедзæн бони, уомæн æма Ду ку нæ раййевис Дæ байвæрзт”.

195. Æма син Хуцау дзуапп равардта: “Уæ еунæг архайæги дæр æз нæ бабун кæндзæнæн – нæдæр нæлгоймаг, нæдæр силгоймаг. Уё еуетё равзурстёнцё иннетæй. Мæн надбæл ка бавзурста гъезæмарæ, æ хæдзарæй тард ка æрцудæй æма фæлледзæги æй, уæдта тох ка кодта æма ка фæммард æй, уонæн ба Æз сæ фуд гъуддæгтæ искæдзос кæндзæнæн æма сæ бакæндзæнæн рæзбунмæ, кæций буни уайунцæ цæугæдæнттæ, - Хуцауæй хуарзæнхæн, Хуцаумæ ба устур хуарзæнхæ ес!”

196. А дуйнебæл ка нæ бауудæндтæй, уони зæрдæ дæ ма расайæд:

197. цубур рæстæгмæ ‘й уони идзæлæн*, уой фæсте ба уони цæрæнуат зиндонæ уодзæнæй, æма е ба æбуалгъ бунат æй!

198. Фал æ Хуцауæй ка фæттарстæй, уонæн ба – рæзбунтæ, кæций бунти уайунцæ цæугæдæнттæ, æма уоми уодзæнæнцæ æноси дæр. Е уин уодзæнæй Хуцауи лæвар. Хуцаумæ ци ес, е ба тæккæ хуæздæр æй рæстуодтæн!

199. Æцæгæйдæр, Финстæг аргъаугути æхсæн ес уæхæнттæ, Хуцаубæл æма сумахæн, уæдта уонæн ци ‘рвист æй, уобæл ка æууæндуй, Хуцауи хæццæ арази уогæй, етæ Хуцауи ёвдесёнтё мингий аргъæй не ‘лхæнунцæ. Уонæн сæ хуæрзеугутæ сæ Хуцаумæ ‘нцæ. Уастæн, Хуцау

* Идзёлён – наслаждение.

цурд æй бафедунмæ!

200. Дингæнгутæ! Уалгæдзон уотæ, кæрæдземæн уодæнсетæ, федар уотæ, Хуцауæй тæрсетæ æма уæд, мусийнæ, уодзинайтæ нивгун.

4-аг сураæ

Силгоймæгтæ[1]

(Ан-Ниса'а)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Уо, адæн! Тæрсетæ уæ Хуцауæй, кæци уæ исфæлдиста еунæг уодæй æма ин уомæй ба исфæлдиста æнкъай, æма уонæй ба рацудæй берæ нæлæстæг æма силæстæг. Æма кадæ кæнетæ Хуцауæн, кæций номæй кæрæдземæн лигъстæ кæнетæ, уæдта хецон бастдзийнæдтæн.[2] Уастæн, Хуцау уæ сæргъи хъарагъул лæууæг æй!
2. Æма седзæртæн сæ цийфес дæттетæ, æма хуарздзийнадæ лæгъуздзийнадæй ма æййеветæ. Æма син сæ цийфес ма хуæретæ уæхе мулки æнхасæнæн – е устур тæрегъæддзийнадæ 'й!
3. Æма кæд тæрсгæ кæнетæ седзæртæн хуарз нæ унæй, уæдта ци седзæр силгоймæгтæ уæ зæрдæмæ цæунцæ, уони æрхонетæ – кенæ дууей, кенæ æртей, кенæ цуппарей. Æма сæ хæццæ хуарз нæ унæй кæд тæрсетæ, уæдта – еуемёй, кенæ уæ рахес къох кæмæ хъæртуй[3], уомёй ирайгё уотё. Еци гъуддаги фулдæр нифс уодзæнæй ёнёрастдзийнадёй хе бахезунён.
4. Æма зæрдегенæй уæ уоститæн ци син æмбæлуй, уой дёттетё. Æма уин етæ уомæй ести ку дæттонцæ барвæндонæй, уæд си уæ зæрдифæндон пайда кæнетæ уæхе хуарздзийнадæн.
5. Æма уин Хуцау уæхебæл фæхуæцунмæ ци дæттуй, еци мулкæй ædулитæн ма дæттетæ, æма сæ хайгин кæнетæ, æма сæ тахетæ, æма сæмæ фæлмæн æвзагæй дзоретæ.

6. Æма бафæлваретæ седзæр силгоймæгти, æма киндздзон кизги цахъхъæн ку рауа, æма сæмæ байлæгъи зунд ку бафеппайайтæ, уæдта син сæ мулк раттетæ, æма ‘й тагъд рæстæги дзæгъæл харз æма хуæрд ма бакæнетæ, цалдæн етæ нæ рабайлæгъ уонцæ, уёдмё. Гъæздуг ка ‘й, е кунхуал уæд, мæгур ка ‘й, е ба сæрбонзонгæй хуæрæд. Сæ мулк син ку дæттайтæ, уæдта райсетæ æвдесæнтæ. Хуцау ба нимайгæй тæккæ хуæздæр уинæг æй!
7. Нийергутæ æма хæстæгутæ ци ниууагътонцæ, уомæй нæлгоймæгтæн – хай; нийергутæ æма хæстæгутæ ци ниууагътонцæ, уомæй силгоймæгтæн дæр – хай. Минкъий байзайа, берæ байзайа сæ фæсте – алкæмæн дæр бæрæг хай. Уотё ‘й ёгъдауи фёдгё.
8. Иуæрстмæ хæстæгутæ, седзæртæ æма мæгуртæ ку хауонцæ, уæдта уонæн дæр уомæй бахай кæнæ æма син рæвдауæн дзурд зæгъæ.
9. Æма тæрсæнтæ, æ фæсте фæлмаст цæуæт ка ниууагъта, уониау етæ дæр тæрсæнтæ. Æма Хуцауæй тæрсæнтæ æма федар дзурд дæттæнтæ!
10. Уастæн, седзæрти цийес ка хуæруй хæраймадæй, етæ сæ губунти арт хуæрунцæ, æма еци арти цæфссæнæнцæ!
11. Хуцау уин уæ сувæллæнтти тухxæй фæдзæхсуй: фуртæн – дууæ кизгей бæрцæ хай. Кизгуттæ дууемæй фулдæр ку уонцæ, уæдта син æ фæсте ци байзайа, уой æртиккаг хай. Еунæг кизгæ ку уа, уæдта – æрдæг. Æ ниййергутæн дæр, алкæмæн дæр си, ци ниууагъта æ фæсте, уомæй æхсæзæймаг хай, сувæллон ку байзайа æ фæсте, уæд. Сувæллон ин ку нæ уа, æма æ бундар æрмæст ниййергутæ ку уонцæ, уæдта мадæн – æртиккаг хай. Æнсувæртæ ин ку уа, уæдта мадæн – æхсæзæймаг хай, ци бауосиат кодта, уомæй, кенæ ихæсæй. Уæ ниййергутæ уонцæ, æви уæ фурттæ – ка си хæстæгдæр æй дæумæ сæ пайдайæй æма Хуцауæй ци загъд æй, уомæн ду неци зонис. Уастæн, Хуцау сем æй!
12. Сумахæн уе ‘мкъайтæ, кæд син сувæллон нæййес, уæд ци ниууадзонцæ, уомæй уин æрдæг хай. Сувæллон син кæд ес, уæдта уин цуппæрæн хай, сæ фæсте ци ниууагътонцæ, кенæ ци бауосиат кодтонцæ, кенæ ихæсæн

ци байзадæй, уомæй. Уонæн ба сумах ци ниууагътайтæ, уомæй цуппæрæн хай, сувæллон уин кæд нæййес, уæд. Сувæллон уин ку уа, уæдта уонæн ци уосиат кæнетæ, уой байурсти фæсте ци байзайа, кенæ ихæстæ иурсти фæсте ма ци байзайа, уомæй син – æстæймаг хай. Нæлгоймаг кенæ силгоймаг фæрсаг бундартæ ку уонцæ, æма син æнсувæр кенæ хуæрæ ку уа, уæдта алкæмæн дæр си – æхсæзæймаг хай. Уомæй фулдæр ку уонцæ, уæдта ци бауосиат кæна, æма ихæстæ байурсти фæсте ци байзайа, уой æртиккаг хай байуардзæнæнцæ, Хуцауи фæдзæхстмæ гæсгæ, зæран не ‘рхæсгæй. Уастæн, Хуцау зонагæ æма уогъуллу æй!

13. Уотæ ‘нцæ Хуцауи арæнтæ. Хуцауи æма Æ минæвари хæццæ ба арази ка ‘й, уони ба Е хонуй рæзбунмæ, кæций бунти уайунцæ цæугæдæнттæ, - æма æносидæр уоми уодзæнæнцæ. Æма е устур æнтæстдзийнадæ ‘й!
14. Хуцау æма Æ минæвари хæццæ арази ка нæй, æма Æ арантæбæл ка бахезуй, уони ба Е кæнуй артмæ, кæцими фицдзæнæнцæ æноси, æма етæ æгадæ æфхуæрд цæудзæнæнцæ.
15. Ænаккаг миуæй[4] ести ку бакæна уæ силгоймæгтæй еске, уæд сæ нихмæ æвдесæнæн райсетæ уе ‘хсæнæй цуппарей. Æма етæ ку бавдесæн кæнонцæ, уæдта сæ уæ хæдзæртти бауораметæ, цалдæн сæ мæлæт не ‘рцæуа, кенæ син Хуцау не стæрхон кæна, уæдмæ.
16. Уе ‘хсæн уæхæн гъуддаг дууемæй дæр ку бакæнонцæ, уæдта сæ бафхуæретæ, цæмæй раст надбæл ислæууонцæ. Æма сæ рæдудбæл ку басæттонцæ æма хуарз гъуддæгтæ ку исаразонцæ, уæдта сæ ниууагътæ æнцад. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ ‘й æ рæдудбæл ка сæттуй, уонæн.
17. Фуддзийнадæ ке ракодта, уой ка нæ фæззонуй, уой фæсте ба уобæл ка фæффæсмон кæнуй æма ‘йбæл ка басæттуй, уонæн Хуцау хатиргæнагæ ‘й. Уонæмæ Æхе хатуй Хуцау. Уастæн, Хуцау зонагæ æма сем æй!
18. Фал фуддзийнæдтæ ка фæккæнуй, мæлæти къахбæл ку ниллæууй, уæдта уотæ ка фæззæгъуй: “Нур ба сæттун мæ рæдудбæл”, уонæмæ ба Хуцау Æхе нæбал рахатуй. Уæдта гиаурæй ка рамæлуй, уонæмæ дæр. Уонæн

Мах ænаккаг æфхуærддзийнадæ ærцæттæ кодтан.

19. Уо, динхæсгутæ! Нæ уин ænгъезуй уæ уостити æвæндонæй сæ бунтæ син байсун, æма син ци балæвар кодтайтæ, уой фæххæссун нæ бауадзун, ести ænаккаг гъуддаг ку нæ бакænонцæ, уотемæй. Сæ хæццæ уездон уотæ. Кæд æма уин ænæуинон ænцæ, уæдта, уобæл расагъæс кænетæ, æма уин, мусийнæ, Хуцау ци саккаг кодта хуарзæн, е уин æй ænæуинон.
20. Æма кæд еу уосæ ændæремæй раййевун исфændæ кодтайтæ, уæдта еуемæн ци сом равардтайтæ, уомæй си фæстæмæ мацибал есетæ. Ау, дæхе фегадæ кænунæн æма тæрегъæди бацæунæн ма райссænæ уой?
21. Æма ма ‘й куд гъæуама райсай, кæд æма бахæстæг айтæ кæрæдзей хæццæ, æма кæрæдземæн уосиат бакодтайтæ?
22. Уæ фиддæлтæ ци силгоймæгти æрхудтонцæ, уони мабал хонетæ, кæд еци гъуддаг раздæр арæзт нæ адтæй, уæд. Уастæн, е ænаккагдзийнадæ æма æбуалгъдзийнадæ ‘й, æма е лæгъуз æгъдау æй.
23. Нæ уин ænгъезуй хонун уæ маддæлтæ дæр, уæ кизгуттæ дæр, уæ хуæртæ дæр, уæ мадихуæртæ дæр, уæ фидихуæртæ дæр, уе ‘нсувæрти кизгуттæ дæр, уæ хуæрти кизгуттæ дæр, уе схæссæг маддæлтæ дæр, уе схæссæг хуæртæ дæр, уæ уостити маддæлтæ дæр, уæ уостити кизгуттё дæр, кæцитæ ænцæ уæ бæгъдауонд, ænкъайдзийнадæ ци силгоймæгти хæццæ скодтайтæ раздæр, уонæй; кæд æма сæ хæццæ уæхæн рахаститæ нæма исаразтайтæ, уæдта уæбæл тæрегъæдæй неци уодзæй уони æрхонгæй; хе фуртти уостити хæццæ дæр, дууæ хуæри хонун дæр, кæд е раздæр арæзт не ‘рцудæй, уæд. Уастæн, Хуцау хатиргænагæ æма тæрегъæдгænагæ ‘й.
24. Не ‘нгъезуй уин лæгмæдзуд силгоймæгтæ хонун дæр, æрмæст Хуцауи дзæрдæй уæбæл ци ихæстæ æвæрд ес, уонæмæ гæсгæ уæ цæстæ ци силгоймагбæл æрæвæрайтæ,[5] уонæй уæлдай. Уой уæлænхасæн ма уин ænгъезуй уæ мондæгтæ æфсадунæн уæ мулкæй, ænёфсæрмæ æма ихæлд миутæ нæ кæнгæй. Уонæй ци спайда кæнайтæ, уой туххæй ба бадзурдмæ гæсгæ ци æмбæлуй[6] уой, цит, скænетæ. Уе ‘хсæн ци бадзурд

уа, уой ку исæнхæст кæнайтæ, уæд уæбæл тæрегъæдæй неци байзайдзæнæй. Уастæн, Хуцау зонагæ æма сем æй!

25. Фагæ цийес кæмæ нæ уа, цæмæй æгъдаубæл гъомбæлгонд динхæсгути кизгуттæ ракора, етæ ба уæдта ракорæнтæ сæ цæстæ кæбæл æривæронцæ динхæссæг унæуттæй, уонæй. Уастæн, Хуцау уин уе ‘ууæнкæдзийнадæ хуæздæр зонуй. Сумах – уонæй еу айтæ. Æма сæ хонетæ сæ бийнонти фæндонæй, æма син кадæбæл дæттетæ сæ аргъ, - æгъдаугин, ænихæлд æма хæзгол ка нæ даræ, уæхæнттæн. Æгъдаугин силгоймаг, ку æй ærхонай, уой фæсте ести ænæгъдау миуæ ку бакæна, уæдта æгъдаугинæн[7] ци æмбæлуй, уони хузæн ёй ærдæг æфхуæрд бакæнæ. Е – ænаккагдзийнадæй ка тæрсуй, уонæн. Фал уалгæдзон ку уайтæ, уæдта е уæхецæн хуæздæр уодзæнй. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ æй!

26. Хуцау уин лæдæрун кæнуй, цæмæй уæ размæ ка адтæй, уæхе уони æгъдаубæл дарайтæ, æма уæмæ Æхе хатуй. Уастæн, Хуцау зонагæ æма сем æй!

27. Хуцауи фæндуй, æ рæдудбæл ка сæттуй, уонæмæ хуæрзцæстæй ракæсун; фал æ мондæгти фæдбæл ка рацæуй, уони ба ‘Й фæндуй, цæмæй Ёй хъæбæрдæр раздæхайтæ, хъæбæр изол Си рауогæй.

28. Хуцауи фæндуй уæ уавæр уин фæррæуæгдæр кæнун, уомæн æма адæймаг æдухæ исфæлдесонд æй.

29. Уо, ка бауувæндтæй! Кæрæдзей аразийæй уе ‘хсæн базайрадæ ку нæ уа, уæд уæ цийес дзæгъæли ма харз кæнетæ уæ медæхсæн. Æма кæрæдзей ма маретæ. Уастæн, Хуцау уин хатиргæнагæ æй!

30. Фал уони æ хæрандзийнадæй æма æзморæй ка аразуй, уони ба Мах арти басоддзинан. Хуцауæн е æнцон бакæнæн æй!

31. Ци уин не ‘нгъезуй, еци устур тæрегъæдтæй уæхе ку еуварс кæнайтæ, уæдта уæ Мах уæ фудгъуддæгтæй исуæгъдæ кæндзинан æма уæ бакæндзинан уездон дуарбæл.

32. Иннетæй фулдæр уæ Хуцау харакетæй цæмæй фæххайгин кодта, уой

ма дæметæ: нæлгоймæгтæ сæхецæн ци мадзал кæнунцæ, е сæ фагæ ‘й, уæдта силгоймæгтæ дæр сæхецæн ци мадзал кæнунцæ, е сæ фагæ ‘й. Хуцауæй коретæ Æ хуарзæнхæ. Уастæн, Хуцау зонуй æгас гъуддæгтæ дæр!

33. Нийергутæ æма хæстæгутæ ци ниууадзунцæ сæ фæсте, уони тухæй бундартæн Мах ниууагътан уосиат. Уæдта сомигонд бадзурд уин ке хæццæ ес, уонæн сæ хай дæттетæ. Уастæн, Хуцау алли гъуддагæн дæр æвдесæн æй!

34. Лæгтæ сæ уоститæй сæрдæр æнцæ, уомæн æма Хуцау еуетæн иннетæбæл сæреуæг кæнундзийнадæ равардта уой тухæн, æма етæ уонæбæл сæ мулкæй харз кæнунцæ. Æма силгоймæгтæй хуæрзуагæ ка ‘й, етæ се ‘ной Хуцау ци гъæуай кæнуй, уой багъæуай кæнунцæ. Æнæсæттон ци силгоймаг уа, уони æвзаретæ исраст кæнунбёл, уæ хуссæнæй сæ райеуварс кæнетæ, нæметæ сæ. Кæд æма уæмæ игъосонцæ, уæдта сæ хæццæ ма уотæ хæран. Уастæн, Хуцау бæрзонд æма сиахъ æй!

35. Кæд æма сæ рахецæн унæй тæрсайтæ, уæдта лæги бийнонтæй дæр æма уоси бийнонтæй дæр барветæ тæрхони лæгтæ; уони сæ бафедаун ку бафæндæ уа, уæд син Хуцау файйагъаз кæндзæнæй. Уастæн, Хуцау зонагæ æма уинагæ ‘й!

36. Хуцаумæ коветæ, æма Ё хæццæ маке баретæ хуарздзийнадæ аразгæй – нийергутæн, хæстæгутæн, седзæртæн, мæгуртæн, синхæнттæн, хеуон æзнæмæн æма синхон адæнихæттæлтæн, бæлццæнттæн, фæндаггонтæн, уацайрæгтæн, уæ цæстæ кæбæл æрæвардтайтæ, уонæн. Хуцау нæ уарзуй схъæл æма хецмæрти;

37. цæлæнбудти, æма иннети дæр цæлæнбуддзийнадæбæл ка ахур кæнуй, уони, Хуцау син æ бæркадæй ци равардта, уой ка римæхсуй, уони. Уæхæн гиауртæн Мах бацæттæ кодтан æнæуагæ æфхуæрæн!;

38. æ мулкæй адæни цæстæмæ гæсгæ битир ка дæттуй, фал Хуцаубæл æма Фæстаг Бонбæл ба не ‘ууæндунцæ, уони лимæн сайтан æй. Уо, куд

фудæсмаг æй еци лимæн!

39. Цæмæннæ син æнгъезуй уонæн Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл бауæндун æма Хуцау син ци бахай кодта, уой дзæгъæли харз кæнун? Хуцау ку зонуй уони тухæй.

40. Уастæн, Хуцау уæ мор дæр нецæмæй бафхуæрдзæнæй, хуарзæй уæмæ ци уа, уой ба уин фæддуваер кæндзæнæй æма ма уин Æхецæй ба устур лæвар бакæндзæнæй!

41. Æма уæд куд уодзæнæй, Мах алли æхсæнадæй дæр æвдесæни хæццæ ку æрбацæуæн, æма дæу хæццæ æвдесæнæй ку æрбацæуæн уони нихмæ, уæд?

42. Еци бон ка нæ бауæндтæй æма а минæвари нихмæ ка лæудтæй, уони бафæнддзæнæй, цæмæй сæ зæнхæ бамбæрза. Фал Хуцауæй еуей гъуддаг дæр нæ басосæг уодзæнæй!

43. Уо, ка бауæндтæй! Намазбæл ма ‘рлæууетæ расугæй, цалдæн ци дзоретæ, уой лæдæрун нæ райдайайтæ, уæдмæ, кенæ цъумур ку уайтæ, уæд цалдæн авдез не скæнайтæ, уæдмæ, æрмæст бæлццон ка уа, уонæй æндæр. Сæйгæ ку кæнайтæ, кенæ балций ку уайтæ, кенæ пусойнæй ку ‘рбацæуайтæ, кенæ силгоймагбæл ку бамбæлайтæ, æма уотемæй дон ку не ссерайтæ, уæдта кæдзос зменсæй искæнетæ авдез æма æрсæрфетæ уæ цæсгон æма уæ къохтæ. Уастæн, Хуцау барагæ æма хатиргæнагæ ‘й!

44. Æдта нур, Финстæг лæвард кæмæн адтæй, етæ рæдуддзийнадæ куд ælхæнунцæ æма уæ уæ надбæл фæррæдуйунбæл куд архайунцæ, уой нæ фæууидтайтё?

45. Хуцау ба уин уе ‘знæгти хуæздæр зонуй: Хуцау фагæ сæрбæлдзорæг æй, æма Хуцау фагæ агъазгæнæг æй!

46. Уерæгтæй еуетæ, и дзурдтæ сæ бунæттæй баййевгæй, фесинмитæ сæ кæнунцæ æма дзорунцæ: “Мах фегъустан æма нæ уесæн, æгъустæг фегъосæ æма нæ уомæй бахезæ”, - се ‘взæгутæй æй фесинмæ кæнгæй æма и дин фаугæй. Нур уотæ ку загътайуонцæ: “Мах фегъустан æма уесæн, байгъосæ нæмæ æма нæмæ æркæсæ”, - уæдта е уонæн хуæздæр

æма растдæр адтайдæ. Фал сæ се ‘нæууæнки туххæй Хуцау ралгъиста æма етæ не ‘ууæндунцæ, ефстæгутæй уæлдай.

47. Уо, Финстæг лæвард кæмæн адтæй, етæ! Ци уæбæл æрцудæй, уой æцæгдзийнади туххæй уин ци рарвистан Мах, уобæл бауууæндетæ, цалдæн уин уæ цæсгæнттæ нæма ниссæрфтан Мах, æма уæ фæстæмæ нæ раздахтан, уæдмæ, кенæ ба сæ ралгъетдзинан, сабатё нийхалгути куд ралгъистан, уотæ. Уастæн, Хуцауи загъд æрцауагæ ‘й!

48. Уастæн, Хуцау нæ хатир кæнуй, цæмæй Ин æмбæлттæ дæттайтæ, фал уомæй минкъийдæр гъуддаг ци ‘й, уомæн ба хатир кæнуй, кæмæн æй фæндуй, уомæн. Хуцауæн æмбал ка кæнуй, е ба устур тæрегъёдтæ есуй æхемæ.

49. Гæр, æхуædæг æхе ка кæдзос кæнуй, ду уони нæ фæууидтай?[8] Нæ, Хуцау, ке ‘Й бафæндæуа, уой искæдзос кæнуй, æма етæ финикки цъари бæрцæ дæр зæрдихудт нæ баййафдзæнæнцæ!

50. Æркæсай, ци мæнгæттæ имисунцæ етæ Хуцаубæл! Сæ фагæ ‘й еци тæрегъæддзийнадæ дæр!

51. Ædта ду нæ фæууидтай, Финстæги хай лæвард кæмæн адтæй, уони? Етæ æууæндунцæ джибтæ æма тагъотæбæл[9] æма ка не ‘ууæндтæй, уонæй дзорунцæ: “Ка бауууæндтæй, уонæй атё растдæр надбæл æнцæ”.

52. Е, Хуцау ке ралгъиста, етæ ‘нцæ. Хуцау ке ралгъета, уонæн ба нæбал иссердзæнæ фæййагъазгæнæг!

53. Æви, мийяаг, уонæмæ хецаудзийнадæй ести хъæртуй, цæмæй адæнæн финикбæл ци науæр ес, уой дæр ма раттонцæ?

54. Æви адæнмæ, Хуцау син Æ таукелдзийнадæй ци балæвар кодта, уомæ соцъа кæнунцæ? Ибрæгими муггагæн Мах ку балæвар кодтан Финстæг дæр, фастæгадæ дæр, æма син устур хецауеуæгдзийнадæ дæр ку балæвар кодтан.

55. Се ‘хсæн адтæй, ка ‘Йбæл бауууæндтæй, уæхæнттæ, уædта ‘Йбæл ка нæ бауууæндтæй æма Си æхе ка райеуварс кодта, уæхæнттæ дæр. Дзаханамани арт фагæ ес!

56. Уастæн, Нæ алæмæттæбæл ка нæ бауӕндтæй, уони Мах басодздзинан арти! Сæ цар, цит, ку басодза, уæд æй Мах раййевдзинан ӕндæр царæй, цæмæй хуæздæр бавзаронцæ и æфхуæрддзийнадæ. Уастæн, Хуцау тухгин æма сем æй!
57. Ка бауӕндтæй æма хуарздзийнæдтæ ка аразта, уони ба Мах бакæндзинан рæзбунмæ, кæцимæн æ бунти цæугæдæнттæ уайунцæ, æма æносидæр уоми уодзæнæнцæ. Уоми син уодзæнæй сугъдæг æмкъайтæ. Æма сæ Мах бакæндзинан сатæг аууонмæ.
58. Уастæн, ци дзаумæуттæ уæбæл фæдзæхст адтæнцæ, уони уин Хуцау дæмуй сæ хецæуттæбæл фæстæмæ исæмбæлун кæнун, æма адæни æхсæн тærхонилæгтæ ку уайтæ, уæдта уи дæмуй раст тærхон кæнун. Ædта куд дессаг хуарз æй, Хуцау уæ цæбæл ахур кæнуй, е! Уастæн, Хуцау игъосагæ æма уинагæ ‘й!
59. Уо, ка бауӕндтæй! Игъосетæ Хуцаумæ æма игъосетæ Æ минæвармæ æма уе ‘хсæн бардаргутæмæ. Кæд æма естæбæл дзансахъ кæнетæ, уæдта ‘й Хуцау æма Æ минæвари тærхонмё радтетæ, кæд Хуцаубæл æма фæстаг Бонбæл æууæндетæ, уæд. Е хуæздæр уодзæнæй и гъуддаг рахецæн кæнунæн.
60. Гæр ду нæ фæууидтай уотæ ка зæгъуй, æма етæ бауӕндтæнцæ дæуæн ци æрвист адтæй, æма дæ размæ уонæн дæр ци æрвист адтæй, уонæбæл, фал сæхуæдтæ ба тærхон кæнунмæ сæхе бахатунцæ тагъотмæ, кæд æма уонæн фæдзæхст æй уобæл ма ‘ууæндун, фал Ибилис раст надæй устур рæдуддзийнадæй сайунвæндæ ке кæнуй, уони?
61. Æма син уотæ ку фæззæгъунцæ: “Рацотæ нæ хæццæ Хуцау æма Æ минæвар ци æрæрвиста, уомæ”, - уæд ду фæууинис и цоронтæ ди куд тагъд сæхе рахатунцæ, уой.
62. Сæ къохтæ ци исаразтонцæ, уой тухххæй сæбæл ести ку æрцæуа, ёма дёмё уой фёсте ку ‘рбацёуонцё ёма Хуцауæй ард ку хуæронцё: “Мах æрмæст хуарзгъуддæгтæ æма аразидзийнадæ гъæуй”, – уёд ци уодзёнёй?

63. Уонæн сæ зæрдити ци ес, уой Хуцау зонуй. Æма си уёхе еуварс райесетæ, фал сæмæ ætхалæ æма дзорæ, сæ зæрдитæмæ ка багъара, уæхæн дзурдтæ!
64. Алли минæвари дæр Мах рарветианæ, цæмæй ин Хуцауи фæндонæй æ коммæ кæсонцæ. Æма æцæгæй, сæхецæн сæхуæдтæ фуд искæнгæй, дæумæ ку ‘рбацудайуонцæ æма сæхецæн Хуцауæй хатир ку ракурдтайуонцæ, уæдта минæвар дæр син хатир ку ракурдтайдæ, уæд, уастæн, етæ Хуцаумæ иссирдтайуонцæ хатирдзийнадæ дæр æма тæрегъæддзийнадæ дæр.
65. Етæ – дæ Еунæхуцауæй дин ард хуæрун – нæ уодзæнæнцæ æууæндгутæ, цалдæн дё сæ медæхсæн буцæуи тæрхонгæнæгæй не ‘сивæронцæ. Уой фæсте ду ци исунаффæ кæнай, уоми сæхецæн зинæй ку неци иссеронцæ, уæд исодзæнæнцæ бунтон коммæгæс.
66. Нур син Мах уотæ ку байхæс кодтаййанæ: “Уæхуæдтæ уæхе рамаретæ![10] – кенæ уæ хæдзæрттæй рацотæ! – уæд уотæ æрмæст ефстæгутæ бакодтайуонцæ. Нур сæ цæбæл ахур киндæуй, уой ку бакодтайуонцæ, уæд е ба тæккæ хуæздæр гъуддаг адтайдæ уонæн сæхецæн, уæдта уони ниффедар кæнунæн.
67. Æма син уæд Мах равардтаййанæ Нæхецæй устур лæвар
68. æма сæ ракодтаййанæ раст надбæл.
69. Хуцау æма Æ минæвари коммæ ка кæсуй, етæ ба Хуцау хуарзæнхæ ци пахампартæн, рæстæгтæн, уазгæнгутæн æма хуæрзуагтæн равардта, уони хæццæ æнцæ. Æма куд хуарз æй уони лимæнтæ ун!
70. Е хуцауи рædаудзиæнадæ ‘й. Хуцау фагæ зонæнгин æй!
71. Уо, ка баууæндтæй! Уæхе гъæуай кæнтæ æма стæри цотæ къуарæй, кенæ еугурæй дæр.
72. Уе ‘хсæн æнæмæнгæ разиндзæнæй уæхæн, кæци фæстегæй байзайдзæнæй. Æма уæ ести бæллæх ку баййафа, уæд зæгъдзæй: “Хуцауи хуарзæнхæ мæ фæцæй, се ‘хсæн ке нæ фæдтæн, уомёй”.
73. Хуцауи хуарзæнхæ уæ ку фæууа, уæдта е зæгъæдзæнæй, цума уе ‘хсæн

имæ хуарз цæстæнгас нæ адтæй: “Уо, æз сæ хæццæ ку адтайнæ, уёд куд устур æнтæстдзийнадæ райстайнæ!”

74. Æма Хуцауи надбæл тохæнтæ, федæни цард нури цардæй ка ælхæнуй, етё! Æма Хуцауи надбæл кадæр тоха, æма фæммæла, æви фæууæлахез уа, уонён Мах ратдзинан устур лæвар.

75. Æма цæмæннæ нæ тохетæ Хуцауи надбæл ædухæ нæлгоймæгтæ, силгоймæгтæ æма сувæллæнтти сæрбæл, кæцитæ дзорунцæ: “Нæ Еунæхуцау! Ра нæ кæнæ аци гъæуæй, кæций цæргутæ залун æнцæ, æма нин Дæхецæй раттæ армадарæг, æма нин Дæхецæй раттё агъазгæнæг”?

76. Ка баууæндтæй, етæ тохунцæ Хуцауи надбæл, ка нæ баууæндтæй, етæ ба тохунцæ тагъоти надбæл. Æма тохетæ Ибилиси лимæнти хæццæ: Ибилиси мæнгарддзийнадæ тæнхъараæ ‘й!

77. Гæр ду уони нæ фæууидтай, уотæ кæмæн загътонцæ: “Уæ къохтæ бауораметæ[11] æма намаз кæнетæ, æма битир дæттетæ”, - фал син истохун байхæсгонд ку адтæй, уæдта еуетæ, Хуцауæй куд тæрсунцæ, уотæ еци адæнæй дæр тæрсгæй, хатгай ба фулдæр дæр ма тæрсгæй, загътонцæ: "“Нæ Еунæхуцау! Цæмæн нин ихæс кæнис тугъд? Цæмæннæ нин нæ раттис фæстæдæрмæ æнгъуд, цалдæн нæ бонæнгъуд æрхъæрта, уæдмæ?” Зæгъæ: “Аци цардæй пайда кæнун бераæ рæстæг нæ хæссуй, федæни цард ба, рæстуод ка адтæй, уомæн хуæздæр æй: уоми сумах зæрдихудт нæ уодзинайтæ финикки цъари бæрцæ дæр".

78. Кæмидæр уайтæ, мæлæт уæ байййафдзæнæй, цийфæнди бæрзонд мæсугбæл дæр уотæ. Ести хуарз сæбæл ку ‘рцæуй, уæд фæззæгъунцæ: “Е Хуцауæй æй”; ести фуд сæбæл ку ‘рцæуй, уæдта фæззæгъунцæ: “Е дæуæй æй”. Зæгъæ: “Алцидæр Хуцауæй æй”.[12] Етæ циуаваер адæн æнцæ, сæ бон нæуæг ахур балædæрун кæмæн нæй?

79. Хуарзæй дæбæл ци ‘рцудæй, е Хуцауæй æй, лæгъузæй дæбæл ци ‘рцудæй, е ба дæхецæй æй[13]. Мах дæ[14] рарвистан адæнмæ минæваræй. Æма Хуцауиævдесæн фагæ ‘й дæуæн!

80. Минævармæ ка игъосуй, е Хуцаумæ игъосуй. Æхе ка рахатуй, уомæн ба

дæ мах гъæуайгænæгæй нæ рарвистан.

81. Етæ фæззæгъунцæ: “Уесæн!” Дæуæй ку рацæунцæ, уæдта си еу къуар ци фæззæгъунцæ, уой нæ, фал æхсæвæ æндæр ести гъуддаг иснет кæнунцæ. Ёма Хуцау ба, етæ ци иснет кæнунцæ æхсæвæ, уой ниффинсуй. Æма уонæй дæхе рахатæ æма Хуцауи евгед дæхе бакæнæ! Хуцауи бæгъдауонд фагæ ‘й!

82. Гæр, етæ Хъуранмæ лæмбунæг не ‘ркастæнцæ? Е Хуцауæй лæвæрд ку н’ адтайдæ, уæд си берæ нихмæвæрд гъудитæ иссирдтаййайтæ.

83. Ести гъуддаг сæмæ ку ‘рцæуа, ædac уа, кенæ тæссаг, етæ ‘й дзубандиаг искæнунцæ. Нур æй минævармæ, кенæ ‘й сæ бардарæгмæ ку равардтайуонцæ, уæдта уой базудтайуонцæ, æ хурфæмæ никкæсун ка архайуй, етæ. Æма Хуцауæн Æ таукелдзийнадæ æма Æ хуарзæнхæ ку нæ адтайдæ сумахæн, уæд Ибилиси фæдбæл рацудаййайтæ, ефстæгутæй уæлдай.

84. Æма Хуцауи надбæл тохæ! Зин гъуддаг дæхуæдæг дæхемæ есæ, æма динхæсгути ба разæнгард кæнæ. Мусийнæ, Хуцау гиаурти тухæ басæтдзæнæй: Хуцау цийфæнди хъаурæй дæр æма нихкъуæрд дёттёгёй дæр тухгиндæр æй!

85. Æхемæ кегъæредзийнадæ ка райса, рæстзæрдæй кегъæрейеуæг кæнгæй, уомæн хай дæр уæхæн уодзæнæй Уомæй. Æхемæ кегъæредзийнадæ ка есуй, фудзæрдæй кегъæрейеуæг кæнгæй, уомæн ба æ хай дæр уæхæн уодзæнæй Уомæй. Уастæн, Хуцау тухгин æй алли гъуддаги дæр!

86. Æма уин салан-келан ку кæнонцæ, уæд син ёй хуæздæр салан-келанæй бахатетæ, кенæ ба – уæхæнæй. Уастæн, Хуцау алли гъуддаг дæр банимайуй!

87. Хуцау – нёййес ёндёр хуцау, Уомёй фёстёмё! Е уё, ænæмæнгæ, исæндедзæн Бони æрæмбурд кæндзæнæй: уобæл дузёрдуг нæййес! Хуцауи дзурдæй растдæр ба ци ес?

88. Цæмæн дех кæнетæ уёхе цоронти туххæй дууæ къуаребæл? Сæхуæдтæ сæхецæн ке фæцæнцæ, уой туххæй сæ Хуцау райеппард

кодта. Миййаг, надбæл исивæруйнаг айтæ Хуцау мæнгæ надбæл ке ракодта, уони? Хуцау фесинмæ ке ракæна, уомæн нæбал иссердзæнæ над!

89. Уони бæргæ фæндуй, цæмæй сæхуæдтæ куд гиаур æнцæ, уотæ сумах дæр гиауртæ куд разиндтаййайтæ æма еунæгæй куд райзадаййайтæ. Æма уонæй уæхецæн лимæнтæ ма есетæ, цалдæн Хуцауи надбæл нæ ниллæууонцæ. Сæхе ку рахатонцæ, уæдта сæ есетæ, маретæ сæ, кæмидæриддæр сæ иссерайтæ, уоми. Æма си ма есетæ нæдæр лимæнтæ, нæдæр æнхусгæнгутæ,

90. цæдес уин ци адæни хæццæ ес, æрмæст уони хæццæ баст ка ‘й, кенæ уæмæ ка ‘рбацæуа, сæ зæрдити, кенæ сæ адæни хæццæ тохунæй унгæг уогæй, уонæй фæстæмæ. Хуцауи ку фæндадтайдæ, уæдта уони сумахæй тухгиндæр скодтайдæ æма етæ тухтайуонцæ уæ хæццæ. Уой фæсте сумахæй ку рандæ уонцæ, уæ хæццæ не ‘стохгæй æма сабурдзийнади бадзурд бакæнгæй, уæдта уин Хуцау уони нихмæ барæ нæ дæттуй стæри цæун.

91. Сумах æма æ адæни æууæнки ка бацæуа, уæхæнттæ иссердзинайтæ. Фал уæ нихмæ ку авинсонцæ, уæд етæ алли хатт дæр сæ фарс рахуæтдзæнæнцæ. Æма уи сæхе ку нæ райсонцæ, æма уин сабурдзийнадæ ку нæ байвæрзонцæ, æма сæ къохтæбæл ку нæ фæххуæцонцæ, уæдта сæмё лёборетæ æма сæ цæветæ, кæмидæриддёр уæбæл исæмбæлонцæ, уоми. Уонæбæл уин Мах уæ барæ уадзæн!

92. Дингæнæгæн нæ фæдгæуй дингæнæги марун, æнæбари ку рауайа, уомæй фæстæмæ. Дингæнæги æнæбари ку рамардæ уа, уæдта е гъæуама дингæнæг цагъайраг гъæуама исуæгъдæ кæна, кенæ ка фæммардæй, уой бийнонтæн æнхæстæй пени бафеда, етæ ‘й битирмæ ку нæ рахатонцæ, уæд. Ка фæммардæй, е гегæ уæмæ ци адæн æй, уонæй ку уа дингæнæг уогæй, уæдта – дингæнæг цагъайраг исуæгъдæ кæнун. Ци адæни хæццæ уин ес бадзурд, еци адæнæй ку уа фæммæлæг, уæдта – æ бийнонтæн пени æма дингæнæг цагъайраги исуæгъдæ кæнун. Фал еци гъуддаг

бакæнун ке бон нæ уа, уобæл ба ихæс – Хуцауæй хатир коргæй фæдфæди дууæ мæйи ком бадарун. Уастæн, Хуцау зонагæ æма сем æй!

93. Дингæнæги барвæндæй ка рамара, е ба уодзæнæй дзаханамани амæттаг, кæми байзайдзæнæй æноси дæр. Æма ‘йбæл Хуцауи зæрдæ фæххудтæй, æма ‘й ралгъиста, æма ин устур æфхуæрддзийнадæ æрцæттæ кодта!

94. Уо, ка бауувæндтæй! Хуцауи надбæл ка ниллæууа, уой бавзарё, ёма сабурдзийнади тухxæй дæмæ ка багъара æхе, уомæн уотæ ма зæгъæ: “Ду динхæссæг нæ дæ”, хæстæг царди пайда скæнунвæндæй.[16] Тæккæ устурдæр пайда уин Хуцаумæ æй. Раздæр уæхæн адтайтæ, фал уин Хуцау батæрегъæд кодта, æма уой тухxæй зонетæ æвзарун. Уастæн, Хуцау зонуй, сумах ци кæнетæ, уой.

95. Тугъди рæстæги æнæнеци æфсонæй бадгæ ка байзайуй дингæнгутæй, етæ Хуцауи надбæл сæ мулк æма сæ уод нивондæн ка ‘рхæссуй, уони æмсæр нæ ‘нцæ. Сæ мулк æма сæ уод ка иснивонд кæнуй, уони Хуцау æнцад бадгутæй къæпхæн сæрдæр исиваруй. Хуцау алкæмæн дæр Æ хуарзæнхæ байвæрзта, сæхе иснивондгæнгутæн ба бадгути рази уæлдзийнадæ равардта Æ устур лæвари,

96. Уомæ къæпхæнтæ, Уомё ниххатиргонд, æма Уомё хуарзæнхæ. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

97. Æхуæдæг æхе ка базæран кæна, уой сæргъи изæдтæ ку ‘рлæууонцæ, уæд æй бафæрсдзæнæнцæ: “Ци уавæри адтайтæ сумах?” Æма етæ зæгъдзæнæнцæ: “Зæнхæбæл мах æдухæ адтан”. Етæ зæгъдзæнæнцæ:[17] “Гæр, Хуцауи зæнхæ уой бæрцæбæл уæрæх н’ адтæй, цæмæй сумах рагоц кодтайййайтæ?” Уони легдонæ дзаханаман æй, æма куд æбуалгъ бунат æй е! –

98. Æдухæ нæлгоймæгтæ, силгоймæгтæ æма сувæллæнттæй, ке бон фæййамалгъон кæнун нæ адтæй, æма раст над ка нæ еруй, уонæй фæстæмæ.

99. Уонæн, мусийнæ, Хуцау ниххатир кæндзæнæй, уомæн æма Хуцау ниххатиргæнагæ æма барагæ ‘й!

100. Æ райгуræн бæстæ Хуцауи нади алфён ка ниууадзуй, е зæнхæбæл иссеруй фæрнуг легдонæ æма итигъдадæ. Æ хæдзарæй ка рацæуй, Хуцаумæ æма Æ минæвармæ рагоц кæнгæй, æма уотемæй ба ка фæммæлуй, уонæн ба сæ лæвар Хуцауи къохи уодзæнæй: уомæн æма Хуцау ниххатиргæнагæ æма барагæ ‘й!

101. Уомæй ку тæрсайтæ, æма фæндагбæл бæлццон ку уайтæ, уотемæй уæ еске ку багъигæ дара ка не ‘ууæндуй, уонæй, уæд уæбæл тæрегъæдæй неци байзайдзæнæй, уæ намазти нимæдзæ ку фæццубур кæнайтæ. Уастæн, гиауртæ сумахæн фудимелæ знаг æнцё!

102. Æма се ‘хсæн ку уай, æма сё намази разамонёгёй ку лæууай, уæд дæ хæццæ и æфсади еу къуар лæууæд, сæ хуæцæнгарз сæ къохтæмæ райсгæй. Намаз ку скæнонцæ, уæдта дæ фæсте ислæууæнтæ, æма æндæр къуар æрбацæуæд, намаз ка нæ кодта, æма етæ дæ хæццæ намаз кæнæнтæ, фал сæ хæццæ, цит, сæ хуæцæнгарз дæр райсæнтæ. Ка не ‘ууæндуй, уони æнæмæнгæ фæндуй, цæмæй уæ хуæцæнгарзбæл дæр æма уæ дзаумёуттёбæл дæр ма батухсайтæ, æм уæбæл етæ ба уæд еци еу цæф сæхе куд никкæнонцæ. Уæдта уæбæл тæрегъæдæй неци байзайдзæнæй, уарун уæ ку багъигæ дара, кенæ сæйгæ ку кæнайтæ, уотемæй уæ тохæндзаумæуттæ ку бафснайайтæ, уæд, фал уæ гъос гъавгæ даретæ! Уастæн, Хуцау гиауртæн æнаккаг æфхуæрдæ æрцæттæ кодта!

103. Намаз ку фæууайтæ, уæдта Хуцауи имисетæ истгæй уайтæ, бадгæй уайтæ, æви фарсбæл хъанæй уайтæ. Ку æрæнцойнæ уайтæ, уæдта намаз кæнетæ. Уастæн, динхæсгутæн намаз кæнун бæрæг рæстæгути аразун ихæсгонд æй.

104. Æма еци адæн агоргæй æнæхъаурæ ма кæнтæ. Кæд сумах тухсетæ, уæд етæ дæр уотæ тухсунцæ. Фал сумах Хуцауи хуарзæнхæмæ æнгъæл кæсетæ, етæ ба Уомæй неци хайгин фæууодзæнæнцæ: Хуцау зонагæ æма сем æй!

105. Мах дин Финстæг æрæрвистан æ уацæги, цæмæй Хуцау дин куд

байамудта, уотæ адæни æхсæн тæрхон кæнай. Æма гадзирахати рацæугути сæрбæл ма дзорæ.

106. Хуцауæй хатир корæ, уомён ёма Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъædгæнагæ ‘й!

107. Æма кæрædзей ка сайуй, уони сæрбæл ма дзорæ. Уастæн, Хуцау нæ уарзуй гадзирахати цæугутæ ‘ма тæрегъæд хæсгути.

108. Етæ адæнæй римæхсунцæ, фал Хуцауæй нæ баримæхссæнцæ. Æхсæвæ Уомæн ести æнаккаг дзубандитæ кæнун ку сфæндæ кæнунцæ, уæд Е сæ хæццæ фæууй, уомæн æма Хуцау етæ ци кæнунцæ, уобæл хъæртуй!

109. Нур сумах уони сæрбæл дзоретæ хæстæг царди, фал уæд Хуцауи размæ ба син сæ сæрбæл ка дзордзæнæй исæндедзæн бони? Кенæ сæ бæгъдауонд ка уодзæнæй?

110. Фуддзийнадæ еске ку скæна, кенæ æ уоди зæрдихудти ку бацæуа, уотемæй ба Хуцауæй хатир ку ракора, уæд е Хуцаумæ иссердзæнæй хатир дæр, æма барст дæр.

111. Тæрегъæд ка ‘рхæсса, е ба ‘й æхе нихмæ æрхæссæй. Уастæн, Хуцау зонагæ æма сем æй!

112. Ести миуæ ка бакæна, кенæ тæрегъæд ка æрхæсса, æма ‘й æнæфудгини рæуони ка фæккæна, е ба æхемæ устур мæнгæттæ æма гунах есуй.

113. Æма Хуцауи фарнæ æма хуарзæнхæ ку нæ адтайдæ дæуæн, уæд уонæй сё еуетæ дæ надæй куд рахизтайсё, уотё фæндæ кодтайуонцæ. Фал раст надæй æрмæст сæхе рахезун кæнунцæ, дæуæн ба етæ неци зæран æрхæссунцæ, уомæн æма дин Хуцау равардта Финстæг æма зунд, æма дæ исахур кодта, раздæр ци нæ зудтай, уобæл. Хуцауи рædаудзийнадæ дæмæ хъæбæр устур адтæй!

114. Сæ берæ сосæг дзубандитæй хуарз разиннуй æрмæстдæр битир кæнун, хуарз кæнун æма адæни æхсæн сабурдзийнадæ æвæрунмæ ка разæнгард кæнуй, е. Фал еци гъуддæгтæ, Хуцауæн æхцæуæн куд уа, уой

туххæй ка аразуй, уонæн ба Мах ратдзинан устур лæвар.

115. Фал раст над бæрæггонд кæмæн æрцудæй, уотемæй минæварæй ка райеуварс кæна æхе æма динхæсгути надбæл ка нæ рацæуа, уæд уой ба Мах раздахдзинан æхе цæмæ раздахта, уомæ, æма ‘й дзаханамани басоддзинан. Æбуалгъ бунат æй е!

116. Уастæн, Хуцау нæ уарзуй, цæмæй Ин лæвæрд цæуа æмбæлттæ, фал уомæй минкъийдæр ци ‘й, уомæн ба хатир кæнуй кæмæн Æй фæндуй, уомæн. Хуцауæн æмбал ка агоруй, е ба устур рæдуддзийнадæ хæссуй.

117. Уомæй фæстæмæ ма етæ[18] ковунцæ силæ хуцæуттæн, уæдта ковунцæ ælгъист Ибилисæн.

118. Хуцау æй ралгъиста. Æма е загъта: “Дæ цагъартæй æз, ænæмæнгæ, мæ хай райсдзæнæн,

119. раст надæй сæ фæккеун кæндзæнæн, сæ монцтæ син исцибæл кæндзæнæн, æма син байхæс кæндзæнæн, цæмæй фонсæн сæ гъостæ лух кæнонцæ,[19] æма син бафæдзæхссæнæн, цёмёй Хуцауи фæлдесёндти ændæр хузи кæнонцæ!”” Хуцауæй фæстæмæ ма Ибилиси ка есуй сæрбæлдзорæгæй, е устур зæран баййафта!

120. Е[20] син иваерзуй æма син сæ монцтæ цибæл кæнуй. Фал син Ибилис æрмæст фæлдемæн раттун иваеруй зæрдитæ!

121. Анæн сæ легдонæ дзаханаман æй, æма уомæй нæ фæййервæздзæнæнцæ!

122. Ка бауувæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уони ба Мах бакæндзинан рæзбунтæмæ, кæцити буни уайуй цæугæдæнттæ, æма кæми уодзæнæнцæ æноси æцæг Хуцауи байвæрзтæй. Хуцауæй растдæр ба ка ‘й æ дзубандий?

123. Е сумах монцтæ æма Финстæг аргъаугути монцтæ нæ ‘нцæ. Фуддзийнадæ ка хæссуй, уомæн фудæй хадт æрцæудзæнæй, æма е нæбал иссердзæнæй æхецæн Хуцауæй фæстæмæ нæдæр сæрбæлдзорæг, нæдæр агъазгæнæг.

124. Фал хуарздзийнадæй ести ка исараза, нæлгоймаг уа, силгоймаг уа,

æма ма динхæссæг ку уа, уæд етæ ба бацæудзæнæнцæ дзенетмæ, æма етæ финикки науæри бæрцæ дæр зæрдихудти нæ уодзæнæнцæ.

125. Æ дини, е ‘рух Хуцаумæ ка раздахта, хуæрзуод уогæй æма хæниф[21] Ибрæгими фæдбæл зæрдегенæй ка рацудæй, уомæй хуæздæр ка ‘й? Уастæн, Хуцау Ибрæгими райста лимæнæн!

126. Арвбæл дæр, æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ Хуцауи æнцæ; æма Хуцау алцæбæл дæр хъæртуй.

127. Етæ ди силгоймæгти тухxæй æгъдауæвæрд агорунцæ. Зæгъæ: “Хуцау сæ, Финстæги аргъуд ци цæуй седзæр силгоймæгти тухxæй, кæцитæн, ци син æмбæлуй, уой нæ дæттетæ, хонунвæндæ сæ искæнгæй, уæдта æнæбон сувæллæнтти тухxæй, цæмæй и сувæллæнттæмæ рæстдзийнади цæстæй кæсайтæ, уой хинцгæй сæ уæхе фæндон уадзуй. Цидæр нæ бакæнайтæ хуарздзийнадæй, Хуцау æй зондзæнæй”.

128. Уосæ æ лæгæй унгæг ку уа, кенæ ин æ илгъ кæнундзийнадæ ку ‘нкъара, уæд сæ медæхсæн бафедауни тæрегъæдæй неци уодзæнæй. Аразидзийнадæ – хуæздæр æй. Еудадзугдæр адæймаги уоди цæлæнбуддзийнадæ бадуй. Фал хуæрзуагæ æма битир дæттагæ ку уайтæ, уæдта, уастæн, Хуцау ци кæнетæ, уой уинуй!

129. Хъæбæр уæ ку фæндæ уа, уæддæр уæ уоститæмæ æнхузæн цæстæй нæ кæсдзинайтæ, уомæ гæсгæ ба сæбæл ма ахур кæнетæ уæхе, уæ рази сеги куд цæуонцæ, уотæ. Фал гъуддаг лигъзбæл ку аразайтæ æма Хуцауæй ку тæрсайтæ, уæдта, уастæн, Хуцау барагæ æма хатиргæнагæ ‘й!

130. Сæ дууæ дæр ку рахецæн уонцæ, уæдта Хуцау алкедæр исгъæздуг кæндзæнæй Æ фарнæй. Уастæн, Хуцау алцæбæл хъæртæг æма сем æй!

131. Арвбæл дæр, æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ Хуцауи ‘нцæ. Сумахæн дæр, æма сумах размæ дæр кæмæн лæвард адтæй киунугæ, уонæн Мах бауосиат кодтан, цæмæй Хуцауæй тæрсайтæ. Гиауртæ ку уайтæ, уæдта ‘й зонетæ – арвбæл дæр, æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ Хуцаумё ‘нцæ. Хуцау гъæздуг æма намусгин æй!

132. Арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ Хуцауи ‘нцæ. Æма Хуцауи бæгъдауонд фагæ ‘й!

133. Уой ку бафæндæ уа, уæд сумах фæххондзæнæй, æндæрети ба æрхондзæнæй. Уастæн, е Хуцауи бон æй!

134. Хæстæг дуйней лæвар ка агурдта? А царди дæр æма федæни царди дæр лæвар Хуцаумæ ‘й. Хуцау игъосагæ æма уинагæ ‘ й!

135. Уо, ка бауувæндтæй! Рæстдзийнади федар уотæ, Хуцауи размæ æвдесæнтæ, уæхе нихмæ, кенæ уæ ниййергути нихмæ, кенæ хæстæгути нихмæ, кенæ гъæздуг уæвæг, кенë мæгур уæвæги нихмæ ку уайтæ, уæддæр – Хуцау уæ дууетæмæ дæр хæстæгдæр æй. Æма уæ монцти фæдбæл ма цотæ, цæмæй рæстдзийнадæ ма фехалайтæ. Æвдесæни зулун ку уайтæ, кенæ уæхе ку райеуварс кæнайтæ, уæдта – Хуцау ци кæнетæ, уой зонуй!

136. Уо, ка бауувæндтæй! Æууæндетæ Хуцаубæл, уæдта Æ минæварбæл, уæдта Финстæгбæл, кæций æрæрвиста Æ минæвармæ, уæдта Финстæгбæл, кæций æрæрвиста раздæр. Ка не ‘ууæндуй Хуцаубæл, уæдта Æ изæдтæбæл, уæдта Æ Финстæгбæл, уæдта Æ минæварбæл, уæдта фæстаг Бонбæл, е хъæбæр фæдздзæгъæл æй æ дзæгъæлдзийнади.

137. Уастæн, ка бауувæндтæй, уой фæсте æхе тегъхадт ка ракодта, уæдта нæуæгæй бабæй ка бауувæндтæй, æма бабæй æхе тегъхадт ка ракодта, е ‘нæууæнкæдзийнадæ ‘йбёл фæттухгиндæр уогæй, уонæн некæд уодзæй, цæмæй син Хуцау ниххатир кæна æма сæ раст надмæ ракæна.

138. Цоронти байгъæлдзæг кæнæ хабараей, уони ке хезуй æбуалгъ æфхуæрддзийнадæ, -

139. уæдта динхæсгути бæсти гиаурти æхецæн лимæнæн ка есуй, уони! Мийиаг намус нæ агорунцæ уонæмæ? Уастæн, намус æгасæйдæр Хуцаумæ ‘й!

140. Хуцау уин Финстæги ку нирвиста, æма Хуцауи ёвдесёнтæмæ ку фегъосетæ сумах, уæд етæ уонæбæл не ‘ууæндунцæ æма сæбæл ходунцæ; уомæ гæсгæ ба сæ хæццæ уой тухxæй ма дзоретæ, цалдæн

ændæр estæbæl rajdajonцæ dzorun, uædmæ. Uotæ kæd næ kænajtæ, uæd sumah dæр uoniau ajtæ. Uastæn, Huцau ænkkæt цoronti dæр æma giaurti dæр dzahanamani æræmburd kændzænæj!

141. Huцauи færци fæuuælahez unmæ ka ‘ngъælmæ kæsuj, etæ sægъdzænænцæ: “Æma mah ba sumah hæццæ n’ adtan?” Giaurti ‘rdægi ku ua æntæstdzijnadæ, uædta sægъdzænænцæ: “Æma uin mah ba næ angъos kodtan æma uæ dingængutæj næ gъæuaj kodtan?” Fal Huцau isændedzæn boni Æ tærhon rahæsdzænæj. Æma Huцau giauртæn nekæd iskændzænæj nad dingængути nihmæ!

142. Uastæn, цorontæ Huцauи basajujnag ænцæ, kæd æma sæ Huцau sajuj! Namazbæl ku ‘rlæuunцæ, uædta zijnadægængæj, adæni цæstæmæ gæsgæ, æma Huцauи nom issерunцæ æstæn,

143. uoj æhsæn[22] auindzægæj læugæj, uæd euetæmæ, uæd innetæmæ he bakъolæ kængæj. Huцau ke radzægъæl kænuj и nadæj, uomæn nad issерæn næbal ec!

144. Uo, ka bauuændtæj! Dingængути bæsti uæhecæn giauртæj ma kænetæ limæntæ. Ædta nur Huцauæn uæhe nihmæ ævdistæg radtujnag ajtæ?

145. Uastæn, цorontæ zindoni arti tækkæ bunæj uodzænænцæ. Æma sin agъazgænæg nekæd issердzænæ, -

146. æ rædudbæl ka basætta æma Huцaubæl arazi æma ænovud ka ua, uædta Huцauи razmæ sæ din ka nikkædzos kodta, uonæj fæstæmæ! Atæ, ka bauuændtæj, uoni hæццæ ‘nцæ, uoj fæste ba Huцau dinhæsgutæn iskændzænæj ustur læbar!

147. Sumah boz ku uajtæ æma ku bauuændajtæ, uæd ue ‘fhuærdæn ци bakændzænæj Huцau? Uastæn, Huцau boz æma zonagæ ‘j!

148. Æhuædæg æfhuærd ka ne ‘rцudæj, uotemæj fudи koj ka fækkænuj, uoni Huцau næ uarzuj. Uastæn, Huцau igъosagæ æma uinagæ ‘j!

149. Huarzi tuhhæj ци dzorajtæ, ци ba ‘j barimæhsajtæ, kenædta fudrakondæn nihhatir kænajtæ, uastæn, Huцau baragæ æma tuhgin æj!

150. Уастæн, Хуцаубæл æма Æ минæвæрттæбæл ка не ‘ууæндуй, æма Хуцауи Æ минæвæрттæй рахецæн кæнунвæндæ ка кæнуй, етæ дзорунцæ: “Мах еуетæбæл æууæндæн, иннетæбæл ба не ‘ууæндæн”. Æма етæ астæуккаг над иссеруйнаг æнцæ, -

151. фал етæ æцæгæй ба æнæууæнкæ ‘нцæ. Æма Мах æнæууæнкитæн æгадæ æфхæрддзийнадæ æрцæттæ кодтан!

152. Хуцаубæл æма Æ минæвæрттæбæл ка бауæндтæй, æма си ка неке гъолон кодта, уонæн ба Мах ратдзинан сæ лæвар, уомæн æма Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъædгæнагæ ‘й!

153. Финстæг аргъаугутæ ди корунцæ, цæмæй син арвæй нирветай Финстæг. Етæ амæй фулдæр кæддæр курдтонцæ Мусайæй дæр, æма загътонцæ: “Хуцауи нин æргомæй бавдесæ!” Æма сæ арв ниццавта сæ æнаккагдзийнади туххæй. Уædта, бæлвурд ёвдесёнтæ сæмæ ку ‘рбацудæй, уой фæсте ба етæ сæхецæн гумери райстонцæ, æма син Мах ниххатир кодтан еци гъуддаг, æма Мусайæн равардтан хецауеуæгдзийнадæ.

154. Сæ хæццæ фæдзæхсти Мах сæ сæрмæ исистан хонх æма син загътан: “А дуарбæл æрбхезетæ, цит, ниллæг æрковгæй!” Æма син загътонцæ: “Ма ихалетæ сабат!” Æма си Мах карз фæдзæхст райстан.

155. Æма етæ и фæдзæхст ке фехалдтонцæ, æма ке не ‘ууæндтæнцæ, æма пахампарти ке надтонцæ, уой туххæй син барæ лæвæрд нæ уогæй, æма уотæ ке дзурдтонцæ: "“Махæн нæ зæрдитæ сонæтгонд нæ ‘нцæ”. Нæ, Хуцау се ‘нæууæнки туххæй, æма æрмæст минкъий ке æууæндунцæ, уой туххæй сæбæл мухур исивардта.

156. Æма се ‘нæууæнки туххæй дæр, æма Майрабæл дæр мæнгæттæ ке фæдздзурдтонцæ,

157. æма сæ дзурдти туххæй дæр: “Мах Мессий, Майрай фурт Исай, Хуцауи минæвари дæр ку рамардтан” – етæ ба уой маргæ нæ ракодтонцæ, æма ‘й нæ райтигътонцæ, е сæмæ уотæ фæккастæй; æма, уастæн, уотитæ ка дзоруй, етæ уæддæр дузæрдуг кæнунцæ: уонæмæ уой

туххæй неци зонундзийнадæ ес, æрмæст æнгъæлтæй фæстæмæ; етæ уой ке нæ рамардтонцæ, е ба бæрæг зунд æй.

158. Нæ, уой Хуцау æхемæ исиста, уомæн æма Хуцау тухгин æма сем æй!

159. Æма уастæн, Финстæг аргъауæг адæнæй уæхæн нæ байзайдзæнæй, уобæл[23] ка нæ баууæнддзæнæй æ рамарди агъоммæ[24], фал исæндедзæни бони ба е уодзæнæй сæ нихмæ æвдесæн! –

160. Æма мæнæ уераг дин ка хæссуй, уони æнæрастдзийнади туххæй син Мах батобæ кодтан, раздæр син ци æнгъистæй, еци хуæрзеугутæ, уæдта Хуцауи надæй ке рахизтæнцæ, уой туххæй дæр,

161. уæдта æфтуййагæ ке истонцæ, кæд æма син е дæр тобæгонд адтæй, уæдта адæни цийфес дзæгъæли ке хуардтонцæ, уой туххæй Мах гиауртæн æрцæттæ кодтан æбуалгъ æфхуæрддзийнадæ.

162. Фал уонæй федар зонундзийнæдтæ кæмæ ес, уæдта динхæсгутæ, кæцитæ æууæндунцæ дæуæн ци æрвист адтæй, уæдта дæу размæ ци æрвист адтæй, уонёбёл, æма намаз ка кæнуй, æма битир ка дæттуй, æма Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл ка æууæндуй, уонæн Мах ратдзинан устур хуæрзеуæг!

163. Дæуæн дæр уотæ ку байгон кодтан, куд байгон кодтан Нохæн дæр æма æ фæсте еци пахампартæн дæр, æма Мах байгон кодтан Ибрæгимæн дæр, Исмаилæн дæр, Исхакæн дæр, Йакубæн дæр æма æзнæмтæн дæр, Исайæн дæр, Аййубæн дæр, Йунусæн дæр, Харумæн дæр, Сулейманæн дæр, æма Мах Дауитæн равардтан Псалтир.

164. Еуæй-еу минæвæртти туххæй дин Мах радзурдтан, еуæй-еу минæвæртти туххæй ба дин Мах нæма радзурдтан. Хуцау Мусай хæццæ[25] дзурдта, куд фæдздзорунцæ, уотæ.

165. Мах рарвистан уазхæссæг æма æртхъерæнгæнæг минæвæрттæ, цæмæй адæнæн Хуцауи размæ рæуонæ мабал адтайдæ еци минæвæртти фæсте, уой туххæй. Уастæн, Хуцау тухгин æма сем æй!

166. Фал Хуцау дæуæн ци æрвист адтæй, уобёл Ёхуёдёг æвдесæн кæнуй.

Уой Е Æхе зонундзийнадæй æрæрвиста. Уобæл изæдтæ дæр æвдесæн кæнунцæ, фал Хуцауи æвдесæн дæр фагæ ‘й!

167. Уастæн, ка не ‘ууæндтæй æма Хуцауи надæй ка рахизтæй, етæ фæдздзæгъæл æнцæ устур дзæгъæлæй!

168. Уастæн, ка не ‘ууæндтæй æма хæран ка адтæй, уонæн Хуцау нæ ниххатир кæндзæнæй æма сæ раст надбæл нæ ракæндзæнæй,

169. æрмæст дзаханаманмæ ци над хонуй, уомёй фёстёмё, æма уоми байзайдзæнæнцæ æноси! Е Хуцауæн æнцон искæнæн æй.

170. Уо, адæн! Сумахмæ æрбацудæй минæвар уацæгади хæццæ уæ Хуцауæй, æма уи баруагæс уæд! Е сумахæн хуæздæр æй. Ку нæ уи баруагæс уа, уæдта, мийяаг, арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ Хуцауи ку ‘нцæ. Уастæн, Хуцау зонагæ æма сем æй!

171. Уо, Финстæг аргъаугутæ! Ма æгæр кæнтæ уæ дини[26] æма Хуцауи нихмæ æцæгдзийнадæй фёстёмё уæлдай æндæр маци дзоретæ. Мессийæ, Майрай фурт Иса, æрмæст Хуцауи минæвар æма *Æ* дзурд ёй, кæций Е бауагъта Майрамæ, уёдта *Æ* мон æй. *Æ*ма æууæндетæ Хуцаубæл æма *Æ* минæвæрттæбæл, æма ма дзоретæ: “*Æ*ртеуон”[1]. Бауораметæ уæхе, е сумахæн хуæздæр æй. Уастæн, Хуцау еунæг æй. Цæмæй Уомæн сувæллон уа, уомæй Е берæ намусгиндæр æй. Арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр ци ес, етё Уой бёрни ёнцё. Хуцауи ауодундзийнадё ёма гъёуайкёнундзийнадё фагæ ‘й!

172. Мессийæ æхебæл некæд фенвæрсдзæнæй, цæмæй е, Уомæ хæстæг лæууæг изæдтау, æгадæбæл банимайа Хуцауи цагъар ун! Уомæн æфсаргъæ кæнун æ сæрмæ ка нæ хæссуй, уони ба æгасейдæр Е æрæмбурд кæндзæнæй *Æ*хемæ.

173. Ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка кодта, уонæн ба Е устур лæвæрдтæй бахатдзæнæй, æма син сæ *Æ* таукелдзийнадæй ба ма фæффулдæр кæндзæнæй. Ка фенæнвæрсон æма фæххецмæр æй, уони ба

1 *Æ*ртеуон – киристон дини “троица”.

Е бафхуæрдзæнæй фудæфхуæрдæй. Æма Хуцауæй фæстæмæ æндæр некебал иссердзæнæнцæ сæрбæлдзорæг дæр æма æнхусгæнæг дæр.

174. Уо, адæн! Сумахмæ уæ Хуцауæй æрцудæй æвдеснæ, æма уин Мах нирвистан бæрæг рохс.

175. Æма Хуцаубæл ка бауæндтæй æма Уобæл ка хуæстæй, уони Е бакæндзæнæй Æ хуарзæнхи æма рæдаудзийнади, æма сæ Æхемæ ракæндзæнæй æррæстæ надбæл.

176. Дæуæй агорунцæ унаффæ. Зæгъæ: "Хуцау уин фæрсаг хæстæгути къабази тухххæй Æ фæндон дæттуй. Адæймаг ку фæммæла, æма ин сувæллон ку нæ уа, фал ин хуæрæ ку уа, уæд уомæн – ци ниууагъта, уой ærдæг хай, æма е дæр æ хуæри фæсте бундар байзайуй, сувæллон ин ку нæ уа, уæд. Етæ дууемæй ку уонцæ, уæдта сæ дууемæн дæр ци ниууагъта, уомæй æртей дуккаг хай. Етæ æнсувæртæ кæд æнцæ, нæлгоймаг æма силгоймаг, уæдта нæлæстæгæн дууæ силгоймагей хаййи бæрцæ". Хуцау уин лæдæрун кæнуй, цæмæй ма фæррæдуйайтæ. Хуцау ба алли гъуддаг дæр зонагæ 'й!

5-аг сурæ

Ахуадæн[1]

(Аль-Маидæ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Уо,[2] ка бауæндтæй! Уæ дзурд ма сайетæ.[3] Ке тухххæй уин каст цæуй, уонæй æндæр уин иннæ фонс ба æнгъезуй хуæрун: нæ уин æнгъезуй, хæран хъæппæлти уогæй ци фонс ниййахæссайтæ цауæни, уой хуæрун. Уастæн, Хуцау, куд æй фæндуй, уотæ унаффæ кæнуй!
2. Уо, ка бауæндтæй! Хуцауи æвæрд æгъдæуттæ ма ихалетæ: нæдæр тобæгонд мæйæ, нæдæр нивондаг фонс æма сæ хъуртæбæл астæрдтæ, нæдæр Хуцауи хуарзæнхæ æма хатирдзийнади фæдбæл тобæгонд

хædзарæмæ[4] цæугутæ. Фæсбæрæгбон ба, сомбони уавæри уогæй, цауæн кæнетæ. Æма тобæгонд мæзгитмæ уæ ка нæ уадза, еци адæнмæ гегæдзийнадæ уæ ænауагæ гъуддæгтæ бакæнунмæ ма расайæнтæ. Расти æма хуарзи кæрæдземæн ангъос кæнетæ, фал фуди æма æзмори ба кæрæдземæн ма ангъос кæнетæ. Хуцауæй тæрсетæ, уомæн æма, уастæн, Хуцау тухгин æй Æ бафхуæрди!

3. Нæ уин æнгъезуй хуæрун хуæдмæл фид, уæдта хъибили тог æма фид, уæдта Хуцауи номбæл æвгарст ка нæ адтæй, уой фид, уæдта ниххорхгонд æма ниццæвгæй ка ниммардæй, кенæ бæрзондæй рахаугæй, уæдта сикъай цæфæй, уæдта сирд кæмæй исахуста, - æрмæст æгъдаубæл кæдзосгонд ка ‘рцудæй, уонæй фæстæмæ, уæдта гумеритæн фæлдист ка адтæй, уæдта фæтти[5] хай ка адтæй. Е æнаккаг гъуддаг æй. Абони ка не ‘ууæндтæй, етæ уæ динæй батухстæнцæ, æма сумах уонæй ма тæрсетæ, фал тæрсетæ Мæнæй. Абони[6] Æз сумахæн фæдтæн уæ дин, æма уин æнхæстæй равдистон Мæ уодибæстæ, æма уин дини æгъдауæн исæвзурстон уесундзийнадæ[1]. Гунах æрхæссуни зæрди нæ уогæй е ‘стонги ка бахуæра, уомæн ба, уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!
4. Етæ дæ фæрсунцæ, ци син æнгъезуй, уобæл. Зæгъæ син: “Æнгъезуй уин хуарз хуæруйнæгтæ, уæдта ци сирдцъеутæ исахур кодтайтæ, етæ уин ци æрахæссонцæ, уæдта цауæн кæнун ци куйтæ исахур кодтайтæ, етæ уин ци æрахæссонцæ, уони. Хуцау уин ци исаккаг кодта, уонæй хуæретæ æма си Хуцауи ном еретæ, æма тæрсетæ Хуцауæй. Уастæн, Хуцау цурд æй Æ тæрхони!
5. Абонæй фæстæмæ уин æнгъезуй аккаг хуæруйнаг хуæрун: Финстæг аргъаугути хуæруйнаг уин æнгъезуй, уæдта уонæн дæр сумахон æнгъезуй. Æнгъезуй уин, сумах размæ Финстæг лæвæрд кæмæн адтæй, уонæй æгъдаубæл гъомбæлгонд ка адтæй, уæхæн кизгæ ракорун, кæд син нисайнаг равардтайтæ æма æгъдау не ‘халдтайтæ, уæдта

1 Уесундзийнадæ – коммæ кæсундзийнадæ (повиновение), араббагау – ислам.

хæзголсилæ нæ дардтайтæ, уæд уотемæй. Æма аци дини сæргъти ка рахеза, уой гъуддæгтæ ба фæдздзæгъæли уодзæнæнцæ. Е фæстаг царди уодзæнæй базæрангæндти æхсæн".

6. Уо, ка бауæндтæй! Намазбæл ку 'рлæууайтæ, уæд, цит, уæ цæсгон æма уæ къохтæ рæмбуни уæнгæ æрæхснетæ, уæ сæр, цит, æрсæрфетæ æма уæ къæхтæ дёр, уæ уæргути уæнгæ. Кæдзос ку нæ уайтæ, уæдта уæхе никкæдзос кæнетæ, кенæ кæд сæйгæ айтæ, кенæ фæндагбæл, кенæ уи еске кæд пусойнæй æрбацудæй, кенæ силгоймагмæ бавналдтайтæ, æма уотемæй кæд дон не 'ссирдтайтæ, уæд кæдзос зменсæй уæхе æрæхснетæ, - æрсæрфетæ си уæ цæсгæнттæ æма къохтæ. Хуцау уин зинтæ уинун кæнуйнаг нæй, фал уæ никкæдзос кæнун æма уин Æ хуарзæнхæ равдесун фæндуй. Мусийнæ, уæд уодзинайтæ боз!
7. Уæ зæрдæбæл даретæ Хуцауи хуарзæнхæ æма уæ хæццæ ке бафедар кодта, уотæ ку загътайтæ: "Мах фегъустан æма уесæн!", уæд еци фæдзæхст. Хуцауæй тæрсетæ, уомæн æма Хуцау уæ реуи ци ес, уой зонуй!
8. Уо, ка бауæндтæй! Федар уотæ Хуцауи размæ, раст æвдесæнтæ уотæ. Еске гегæдзийнадæ уæ уæхæн тæрегъæдмæ ма 'ркæнæд, цæмæй рæстдзийнадæбæл рахезайтæ. Раст уотæ, е хуцауидасмæ хæстæгдæр æй, æма тæрсетæ Хуцауæй, уастæн, Хуцау ци кæнетæ, уой зонуй!
9. Ка бауæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн Хуцау байвæрзта: ниххатиргонд æма устур хуæрзеуæг.
10. Ка не 'ууæндтæй, æма Не 'вдесёнтё мæнгæбæл ка нимадта, етæ ба – арти амæттаг.
11. Уо, ка бауæндтæй! Хуцауи хуарзæнхæ уæ зæрдæбæл даретæ: еуæй-еу адæймæгутæ уæмæ сæ къохтæ ку исистонцæ, уæд сæ Е ба уони къохтæ сумахæй райеуварс кодта. Æма тæрсетæ Хуцауæй: Дингæнгутæ сæхе фæдзæхсæнтæ Хуцаубæл!
12. Езрай фурттæй Хуцау бадзурд райста, æма Мах се 'хсæнæй исивардтан дууадæс[7] раздзæуæги. Æма Хуцау загъта: "Æз уæ хæццæ дæн. Намаз ку

кænайтæ æма битир ку дæттайтæ, уæдта Мæ минæвæрттæбæл ку бауæндайтæ æма син ку искадæ кænайтæ, уæдта Хуцауæн адгор ку уайтæ, уæд уæ Æз искæдзос кæндзæнæн уæ фуд гъуддæгтæй æма уæ, æнæмæнгæ, бакæндзæнæн рæзбунмæ, кæми уайуй цæугæдæнттæ. Ай фæсте ма уи ка нæ бауæнда, е ба раст надæй рахизтæй".

13. Æма сæ бадзурд ке фехалдтонцæ, уой тухxæй сæ Мах ралгъистан æма син сæ зæрдитæ ниддор кодтан: етæ и дзурдтæ сæ бунæттæй ёййевунцæ æма, цæбæл ахур конд цудæнцæ, уой хай феронх æнцæ. Ду дæр еудадзуг уонæн, ефстæгутæй уæлдай, сæ мæнгарддзийнадæбæл исæмбæлис. Æма син ниббарæ æма ниххатир кæнæ. Уастæн, Хуцау уарзуй аннетæмæ хуарз цæстæй ка ракæсуй, уæхæн адæн!
14. Уотæ ка зæгъуй: "Мах киристæнттæ ан", уонæй мах уосиат райстан. Æма етæ, ци син равардтан, уомæй еу хай феронх æнцæ, æма Мах се 'хсæн бауагътан гегæ æма булгъахъдзийнадæ исæндедзæн бони уалдæнгæ. Уæдта син Хуцау фегъосун кæндзæнæй, ци бакодтонцæ, уой!
15. Уо, Финстæг аргъаугутæ! Нæ минæвар уæмæ æрцудæй, цæмæй уин е балædæрун кæна, Финстæгæй ци римæхсетæ æма цæбæл рафецауетæ, уони. Хуцауæй уæмæ æрцудæй рохс æма уас Финстæг.
16. Уони фёрци Æ фæндонбæл рацёугути Хуцау ракæнуй сабурдзийнади фæндагбæл, æма сæ ракæнуй Æ барвæндæй талингæй рохсмæ æма сæ раст надбæл исиваруй.
17. Уотæ ка зæгъуй, æма Хуцау Мессийæ, Майрай фурт æй, етæ не 'ууæндунцæ. Зæгъæ: "Ка фæттухгиндæр уодзæнæй Хуцаубæл, Уой ку бафæндæуа фесафун Майрай фурт Мессийи, уæдта æ мади, уæдта зæнхæбæл кадæр ес, уони æнккæтейдæр?" Уæларвбæл дæр, зæнхæбæл дæр, уæдта уонæн сæ астæу цидæриддæр ес, уонæбæл дæр Хуцауи барæ цæуй. Е, ци 'й фæндуй, уой фæлдесуй, уомæн æма Хуцау алли гъуддагбæл дæр баргин æй!
18. Æма уерæгтæ æма киристæнттæ загътонцæ: "Мах Хуцауи фурттæ æма Æ уарзонтæ ан". Зæгъæ: "Æма уæ уæд уæ тæрегъædтæбæл цæмæ

æфхуæруй? Нæ, Е ке сфæлдиста, сумах дæр æрмæст еци адæнæй айтæ. Е, ке ‘Й бафæндуй, уомæн ниххатир кæнуй æма, ке ‘Й бафæндуй, уой бафхуæруй. Уæларвбæл дæр, зæнхæбæл дæр, уæдта уонæн сæ астæу цидæриддæр ес, уонæбæл дæр Хуцауи барæ цæуй, æма Уомæ уодзæнæй фæстæмæ раздæхт дæр”.

19. Уо, Финстæг аргъаугутæ! Нæ минæвар уæмæ æрцудæй, минæвæртти астæу цохгонд рæстæги уин лæдæрун гæнгæй, цæмæй уотæ куд нæ зæгъайтæ: “Махмæ нæдæр уацхабархæссæг, нæдæр азунгæнæг не ‘рбацудæй!” Нур уæмæ æрбацудæй уацхабархæссæг æма азунгæнæг. Уастæн, Хуцау тухгин æй!
20. Æмонæ Муса æ адæнæн загъта: “Уо, мæ адæн! Уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнетæ Хуцауи хуарзæнхæ, Е уин уе ‘хсæн пахампартæ ку æривардта, æма уæ паддзæхтæ ку искодта, æма уин ку равардта, дуйнетæбæл ци некæмæн нæ равардта, уой.
21. Уо, мæ адæн! Хуцау уин ци сугъдæг зæнхæ исхайир кодта, уордæмæ бацотæ æма фæстæмæ мабал раздахетæ уæхе, цæмæй зæрангинæй ма байзайайтæ, уой тухххæй”.
22. Етæ загътонцæ: “Уо, Муса! Æма уоми уæйуг адæн ку ес, æма етæ цалинмæ рацæуонцæ уордæгæй, уæдмæ ‘ймæ мах бон не ‘содзæнæй бацæун. Етæ ку рацæуонцæ уордæгæй, уæдта мах бацæудзинан”.
23. Хуцауæй ка тарстæй æма Хуцауи хуарзæнхæй хайгин ка адтæй, уæхæн дууæ адæймаги загътонцæ: “Колдуарбæл сæмæ бацотæ. Æма ку бацæуайтæ, уæдта сумах уодзинайтæ уёлахез уæвгутæ. Кæд æууæндгутæй айтæ, уæд Хуцаубæл уæхе, цит, бафæдзæхсетæ!”
24. Етæ загътонцæ: “Уо, Муса! Цалинмæ етæ уоми уонцæ, уæдмæ мах уордæмæ нæ бацæудзинан. Цотæ, дæхуæдæг дæр, æма дæ Хуцау дæр, æма дууемæй тохетæ, мах ба ами баддзинан”.
25. Е загъта: “Еунæхуцау! Мæ барæ æрмæст мæхебæл æма ме ‘нсуæрбæл цæуй,8 æма нæ аци æнæуагæ адæнæй рахецæн кæнæ”.
26. Загъта Е: “Мæнæ син е цуппор анзей æндæргъци тобæгонд æй, етæ

цæрдздзо кæндзæнæнцæ зæнхæбæл; æма æнæуагæ адæнбæл ма тухсæ!”

27. Бакæсæ син Адами дууæ фуртей[9] туххæй тауræхъ: етæ сæ дууæ дæр нивонд æрхастонцæ; фал си еунæгей уон ист æрцудæй, инней уон ба ист не ‘рцудæй. Е загъта: “Æз дæ рамардзæнæн!” Е ба ин загъта: “Хуцау æрмæст раст адæймагæй есуй.
28. Мæн рамарунмæ ду дæ къох ку ‘сесай, уæддёр дæмæ æз мæ къох не ‘сесдзæнæн дæу рамарунмæ, уомæн æма æз тæрсун Хуцауæй – дуйнети Паддзахæй.
29. Фæндуй мæ, цæмæй ду райсай мæн тæрегъædтæ дæр æма дæхе тæрегъædтæ дæр, æма уой туххæй ухери кæнай арти: е гурумухъти амонд æй”.
30. Æ цибæлдзийнадæ ‘й е ‘нсувæри рамарунмæ æркодта: е уой рамардта æма æнамæндти æмрæнгъæ ислæудтæй.
31. Хуцау халон рарвиста, кæци зæнхæ ‘згелун райдædта, цæмæй ин е ‘нсувæри бæгънæгдзийнадæ бавдеса. Е загъта: “Мæ азар! Нур мæн бон ба нæй еци халонау ме ‘нсувæри бæгънæгдзийнадæ бамбæрзун”. Æма е адтæй фиццæгти хигъди, æ тæрегъædтæбæл ка басастæй, уонæй.
32. Уой туххæй Израили фурттæн Мах ниффинстан закъони: адæймаг ка рамара, адæймаги мардбæл тог нæ есгæй, кенæ зæнхæбæл æбуалгъдзийнадæ нæ хæлеу кæнгæй – е уодзæнæй æнккæт адæни рамарæгау: æ цард ин ка ниууадза, е ба уодзæнæй æнккæт адæнæн цард ниууадзæгау. Уонæмæ æрцудæнцæ Нæ минæвæрттæ бæлвурд алæмætти хæццæ. Фал уони фæсте дæр беретæ а зæнхæбæл байзадæнцæ хевæндæй.
33. Уастæн, Хуцау æма Æ минæвæртти хæццæ ка тохуй, æма зæнхæбæл æнаккагдзийнадæ ка парахат кæнуй, уонæмæ æрмæст е æнгъæлмæ кæсуй, æма етæ кенæ мард æрцæудзæнæнцæ, кенæ итигъд æрцæудзæнæнцæ, кенæ сæ къохтæ æма сæ къæхтæ лухгонд æрцæудзæнæнцæ,[10] кенæ сæ зæнхæй сурд æрцæудзæнæнцæ. Уæхæн æфхуæрд баййафдзæнæнцæ а царди, федæни царди ба етæ уодзæнæнцæ

устур æфхуæрди амæттаг,

34. æрмæстдæр сумах бари цалдæн нæма бацудæнцæ, уæдмæ ка баууæндтæй, уонæй фæстæмæ. Уой зонетæ, æма Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ æй!

35. Уо, ка баууæндтæй! Хуцауæй тæрсетæ, æновуд уотæ Хуцауи надбæл æма Уомæ цæмæй фæххæстæгдæр уайтæ, уобæл архайетæ, - мусийнæ, уæд уодзинайтæ нивгун!

36. Уастæн, ка не ‘ууæндуй, уонæмæ нур, зæнхæбæл цидæриддæр ес, уæдта ма еу уойбæрцæ ку адтайдæ, цæмæй исæндедзæн бони æфхуæрд ма ‘рцæуонцæ, уой тухххæй сиуагъæ раттонцæ, уæддæр си е ист нæбал æрцæудзæнæй, æма уони амонд – æбуалгъ æфхуæрдæ!

37. Уони бафæнддзæнæй артæй рацæун, фал етæ уордæги неци хузи бал рацæудзæнæнцæ. Етæ æноси æфхæрди уодзæнæнцæ.

38. Давæг лæг æма давæг силгоймагæн сæ цæнгтæ ралух кæнетæ, ци бакодтонцæ, уой тухххæй, Хуцауи таси алфён. Уастæн, Хуцау тухгин æма сем æй!

39. Æ æнæрæстдзийнадæбæл ка басætта æма ‘й ка исраст кæна, уомæ ба Хуцау дæр æхе рахатдзæнæй. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагё ‘й!

40. Гæр, нур ду уой нæ зонис, æма арв дæр, зæнхæ дæр Хуцауи бæрни ке ‘нцæ? Е бафхуæруй, ке ‘Й бафæндуй, уой, æма ниххатир кæнуй, кæмæн Æй фæффæндуй, уомæн. Уастæн, Хуцау тухгин æй!

41. Уо, минæвар! Ма тухсæ уонæбæл, æнæууæнкæдзийнади фæдбæл ка рацæуй, уотæ зæгъгæй сæ цъухæй: “Мах баууæндтан!”, сæ зæрдитæ ба нæ баууæндгæй; уæдта уерæгтæй: етæ игъосунцæ мæнгæттæмæ, уæдта æндæр адæнмæ, кæцитæ дæумæ не ‘рбацудæнцæ; етæ сæ бунæттæй фесинмитæ кæнунцæ дзурдтæ; етæ фæззæгъунцæ: “Кæд уин е лæвæрд æй, уæд æй райсетæ, кæд уин е лæвæрд нæй, уæдта уæхе гъæуай кæнетæ!” Уомæн æма Хуцауи ке бафæнда исцибæл кæнун, уомæн Хуцауи размæ дæ бон неци бауодзæнæй. Етæ, Хуцауи ке нæ

фæндадтæй, цæмæй искæдзос адтайуонцæ, уонæй æнцæ. Етæ хæстæг царди уодзæнæнцæ æгади амæттаг, фæстаг царди ба – устур æфхуæрди амæттаг!

42. Етæ еудадзугдæр мæнгæттæмæ игъосунцæ, тобæгонд хуæрунцæ.11 Етæ дæмæ ку ‘рбацæуонцæ, уæд син истæрхон кæнæ, кенæ ба си дæхе рахатæ. Дæхе си ку рахатай, уæдта етæ дæуæн неци зæран æрхæсдзæнæнцæ мор дæр. Тæрхон кæнун син ку райдайай, уæдта син тæрхон кæнæ рæстдзийнадæй. Уастæн, Хуцау раст адæн уарзуй!

43. Фал дё етæ кутемæй исивæрдзæнæнцæ тæрхонгæнæгæй, кæд æма уонæмæ Торæ ес, кæцими Хуцауи тæрхон ес? Фал си етё уёддёр сёхе райзол кёнунцæ, уомён ёма етё æнæууæнкæ ‘нцæ!

44. Мах син нирвистан Торæ, кæцими ес разамунд æма рохс: уобæл тæрхон кæнунцæ Уой коммæгæс пахампартæ уераг динхæсгутён. Раввинтæ æма киунугæдаргутæ ба тæрхон кæнунцæ Хуцауи Финстæгæй ци дарунцæ сæхемæ, уобæл, æма етæ уобæн æвдесæн кёнунцæ. Æма адæймæгутæй ма тæрсетæ, фал тæрсетæ Мæнæй! Мæ алæмæттæ ма ‘ййеветæ нециæгтæбæл! Хуцау ци нирвиста, уобæл ка нæ тæрхон кæнуй, етæ ба гиауртæ ‘нцæ.

45. Æма си Мах байхæс кодтан: уод – уодбæл, цæстæ – цæстæбæл, фий – фийбæл, дæндаг – дæндагбæл, цæф – кинæбæл. Фал уони ка ниххатир кæна битирбæл, уомæн ба е уодзæнæй хе искæдзосгæнæгау. Хуцау ци нирвиста, уобæл ка нæ тæрхон кæнуй, етæ раст нæ ‘нцæ.

46. Æма уонæн Мах сæ фæдбæл рарвистан Майрай фурт Исайи, цæмæй е бавдесæн кодтайдæ, æ размæ Тори ци ‘рвист адтæй, уой æцæгдзийнадæбæл, æма ин Мах равардтан Евангели, кæцими – разамунд æма рохсдзийнадё, уæдта уой размæ Тори ци ‘рвист адтæй, уой æцæгдзийнади æвдесæни хæццæ, уæдта хуцаудæрсгутæн разамунд æма ахури хæццæ.

47. Æма Евангели аргъаугутæ тæрхон кæнæнтæ, Хуцау си ци æрæрвиста, уомæ гæсгæ. Хуцау ци æрæрвиста, уомæ гæсгæ ка нæ тæрхон кæнуй,

етæ ба гиауртæ æнцæ.

48. Æма дин Мах Финстæг æрæрвистан æцæгдзийнади хæццæ, цæмæй уой размæ Финстæгæй ци ‘рвист адтæй, уой уацæгадæбæл бавдесæн кæнай æма ‘й гъæуай кæнай. Æма Хуцау ци æрæрвиста, уомæ гæсгæ тæрхон кæнæ се ‘хсæн, æма сæ монцти фæдбæл ма цо уацæгадæй, кæци дæмæ æрбацудæй, еуварс. Алкæмæндæр уи Мах исаккаг кодтан æхе фæндаг æма над. Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæдта уæ еу адæнихатт искодтайдæ, фал, цæмæй уæ бафæлвара, ци уин равардта, уобæл, уой туххæй. Æма архайетæ хуарз гъуддæгтæ аразунбæл кæрæдзей хæццæ ерис кæнун! Уæ раздæхт Хуцаумæ уодзæнæй, æма уин Е уæд фегъосун кæндзæнæй, кæрæдзей хæццæ цæбæл адтæй уе ‘зморæ, уой!

49. Æма Хуцау ци æрæрвиста, уомæ гæсгæ тæрхон кæнæ се ‘хсæн, æма сæ монцти фæдбæл ма цо, фал си дæхе гъæуай кæнæ, цæмæй дæ етæ ма расайонцæ, Хуцау ци æрæрвиста, уомæй. Етæ сæхе ку рахатонцæ, уæд æй зонæ, æма сæ Хуцау сæ еуæй-еу тæрегъæдти туххæй бакайдзæнæй. Уомæн æма, уастæн, адæнæй беретæ кæнæгойтæ ‘нцæ!

50. Мийяаг, æнæзунддзийнадæ[12] рæстæги тæрхонмæ æнгъæлмæ кæсунцæ? Адæнæн Хуцауæй хуæздæр тæрхонгæнæг ка уодзæнæй æма растдæр зонундзийнæдтæ кæмæ уа?

51. Уо, ка баууæндтæй! Ма есетæ уæхецæн лимæнтæн уерæгтæй æма киристæнттæй: етæ кæрæдземæн лимæнтæ æнцæ. Æма, кæд уи еске уонæй æхецæн лимæн есуй, уæд е дæр æхуæдæг уонæй æй. Уастæн, Хуцау æнауагæ адæнæн разамонæг нæй!

52. Ду фæууиндзæнæ, сæ зæрдити нез кæмæн ес, етæ куд тагъд кæндзæнæнцæ уони фарсмæ слæуун, уотæ дзоргæй: “Тæрсæн, æма ни уотемæй амонд æхе ку рахата!” Фал, мусийнæ, Хуцау уælахез æрхæссæй, кенæ ба ести фæдзæхст Æхецæй, æма етæ разиндзæнæнцæ, сæ зæрдити ци римахстонцæ, уобæл фæсмонгæнгутæ.

53. Ка баууæндтæй, етæ ба дзордзæнæнцæ: “Æдта нур Хуцауæй ард ка хуардта, сæ тухгиндæр соми – æнæмæнгæ сумах хæццæ ун кæмæн

адтæй, етæ ‘нцæ?” Дзæгъæли ‘нцæ сæ гъуддæгтæ æма зæрани бунати байзайдзæнæнцæ етæ![13]

54. Уо, ка бауӕндтæй! Æ динбæл æ къох ка рауегъа, уони бæсти Хуцау исивæрдзæнæй, ке уарздзæнæй æма Уой ка уарздзæнæй, уæхæн адæн: етæ уодзæнæнцæ динхæсгутæмæ уогъуллу, ænæууæнкитæмæ – артуд; æновудæй архайдзæнæнцæ Хуцауи надбæл тугъди, æма нæ тæрсдзæнæнцæ фаухæсгути фауæй. Е Хуцауи таукелдзийнадæ ‘й. Æма Е, кæмæн æй фæндуй, уомæн лæвар кæнуй, уомæн æма Хуцау алцæбæлхъæртæг, зонагæ ‘й!

55. Уæ сæрбæлхуæцæг æрмæст Хуцау, æма Æ минæвар, æма ка бауӕндтæй, етæ ‘нцæ, кæцитæ намаз кæнунцæ æма кæдзосгæнæг битир дæттунцæ, æма етæ уесунцæ Хуцауи размæ.

56. Æма сæрбæлхуæцæгæй Хуцауи, Æ минæвари, æма ка бауӕндтæй, уони ка райсуй, етæ Хуцауи амæттаг æнцæ: етæ тухгин уодзæнæнцæ.

57. Уо, ка бауӕндтæй! Уæ динмæ уин айуангæнгæй æма гиризгæнгæй ка кæсуй, уæдта сумах размæ Финстæг лæвæрд кæмæн адтæй, уæдта ка не ‘ууæндуй, уæхæнттæ уæхецæн лимæнæн ма есетæ. Æма кæд æууæндетæ, уæд тæрсетæ Хуцауæй!

58. Æма намазмæ, цит, ку фёсседетæ, уæд етæ уой гириз æма гъазæн æнгъæлунцæ. Е уой тухххæй æй, æма етæ, ка нæ лædæруй, уæхæн адæн æнцæ.

59. Зæгъæ: “Уо, Финстæг аргъаугутæ! Ædта нур, Хуцаубæл ке бауӕндтан æма нин ærвист ке адтæй, уæдта сумахæй беретæ кæнæгойтæ ке ‘нцæ, уой тухххæй ни есетæ уæ маст?”

60. Зæгъæ: “Хуцауæй уин ци киндæ уодзæнæй, уомæй фуддæр ма уин ци фæууинун кæна? Хуцау ке ралгъиста, мæстгун кæмæ ‘й Е, æма уонæй еуети ке фестун кодта маймулитæ æма хутæ, уæдта Тагъотмæ ка ковуй, уонæн уодзæнæй тæккæ мæгурдæйраг бунат, раст надæй ке рахизтæнцæ, уой тухххёй”.

61. Сумахмæ ку ‘рбацудæнцæ, уæдта дзурдтонцæ: “Мах бауӕндтан!” Етæ

ба ænæууæнкитёй бацудæнцæ æма ænæууæнкитёй рацудæнцæ. Уастæн, Хуцау хуæздæр зонуй, етæ ци римæхсунцæ, уой.

62. Æма уонæй берети уинис, етæ куд тагъд кæнунцæ кæрæдзей размæ тæрегъæдтæ æма æзморæ хæссунмæ, уæдта тобæгонд хуæрунбæл. Етæ ци кæнунцæ, е лæгъуз æй!

63. Ёма сæ, уёд, сё раввинтæ æма киунугæ аргъаугутæ цёмённё бауорамунцё тæрегъæд дзубандитё æма æзморё кёнунёй, уæдта тобæгондбæл зудæ кæнунæй? Уастён, куд ænaккаг ёнцæ сæ миутæ!

64. Æма загътонцæ уерæгтæ: “Хуцауи къох баст æй!” Е уони къохтæ баст ænцæ, æма ци дзурдтонцæ, уой тухxæй ælгъист ænцæ. Нæ, Уомæн æ къохтæ итигъд ænцæ: цæйбæрцæ ‘Й фæндуй, уой бæрцæ иуаруй. Дæ Хуцауæй æрæрвист берети æрмæст ма никкидёр фæффулдæр кæнуй сæ рæдуд æма ænæууæнкæдзийнади. Мах се ‘хсæн ænхæлцæ æма булгъахъдзийнадæ багæлстан исæндедзæн бони уæнгæ. Етæ куддæр исасодзунцæ арт тугъдмæ, уотæ ‘й Хуцау ниххуссун кæнуй. Æма етæ зæнхæбæл парахат кæнунцæ мæнгæдзийнадæ, æма Хуцау ба мæнгæдзийнадæ парахатгæнгутæ нæ уарзуй!

65. Фал Финстæг аргъаугутæ ку баууæндтайуонцæ æма хуцаудас ку адтайуонцæ, уæд сæ Мах никкæдзос кодтаййанæ сæ лиагъæ гъуддæгтæй æма сæ бакодтаййанæ фæрнгун рæзбунтæмæ.

66. Фал ма Торæ æма Евангели раст ку дардтайуонцæ, уæдта син ци æрвист адтæй сæ Хуцауæй, уой, уæд ахуастайуонцæ сæ сæрмæ ци ес, уæдта сæ къæхти бунмæ ци ес, уонæй. Се хсæн ес, æхе раст ка даруй, уæхæн адæн, фал беретæ ба си, етæ ци кæнунцæ, е лæгъуз æй!

67. Уо, минæвар! Дæ Еунæхуцауæй ци æрвист æй, уой нин раттæ. Ду уой ку нæ бакæнай, уæд Е ‘рвистæг дæр нæ ратдзæнæ. Хуцау дæ адæнæй багъæуай кæндзæнæй. Уастæн, Хуцау раст надбæл нæ аразуй гиаурти!

68. Зæгъæ: “Уо, Финстæги адæн! Сумах, цалдæн Торæ æма Евангели æррæстæ исивæрайтæ, уæдта уæ Еунæхуцауæй уин æрвист ци адтæй, уой, уæдмæ ёррёстё надбёл нё рацёудзинайтё”. Фал уонæй берети, дæ

Еунæхуцауæй дин æрвист ци адтæй, е сæ рæдуд æма æнæууæнкæдзийнадæ фæффулдæр кæнуй. Æма æнаккаг адæнбæл ма тухсæ!

69. Уастæн, ка бауууæндтæй, уæдта уераг дин ка хæссуй, уæдта сабейёгтæ, уæдта киристæнттæ, - ка бауууæндтæй Хуцаубæл æма фæстаг Бонбæл æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, - уонæн тас нæй, æма етæ мæтъæл нæ уодзæнæнцæ!

70. Мах Езрай фурттæй бадзурд райстан æма сæмæ пахампартæ рарвистан. Аллихатт дæр сæмæ минæвар ку ‘рцæуидæ, æма сæ зæрдæ ци нæ уарзидæ, уой ку ‘рхæссидæ, уæд етæ еуети фæлтухъа исхониуонцæ, иннети ба фæннæмиуонцæ.

71. Æма етæ уотæ æнгъæл адтæнцæ, æма уой тухххæй сæбæл неци фуд æрцæудзæнæй. Фал етæ хъæрæу æма къуру адтæнцæ. Уой фæсте сæмæ Æхе багъардта Хуцау, уой фæсте дæр хъæрæу æма къуру адтæнцæ уонæй беретæ. Хуцау ба, етæ ци кæнунцæ, уой уинуй!

72. Раст нæ ‘нцæ уотæ ка дзоруй, æма Мессийæ, Майрай фурт, Хуцауæй æй. Мессийæ уотæ дзурдта: Езрай-фурттæ, коветæ Хуцаумæ, мæн Паддзахмæ æма уёхе Паддзахмæ! Хуцауæн æмбал ка æримиса, уони ба Хуцау дзенетæй фенæхай кæндзæнæй, уонæн сæ цæрæнуат содзгæ арт уодзæнæй: æнæзакъонгинтæн нæ уодзæнæй сæрбæлдзорæг.

73. Не ‘ууæндтæнцæ уотæ ка дзурдта: “Хуцау æртеуони æртиккаг æй”; кæд æма Еунæхуцауæй фæстæмæ æндæр хуцау нæййес. Æма сæ уæхæн дзубандитæ ку нæ ниууадзонцæ, уæдта сæ, æнаккæгти, æбуалгъ æфхуæрдæ хезуй.

74. Ædта нур етæ се ‘ргом Хуцаумæ нæ раздахдзæнæнцæ æма хатир нæ ракордзæнæнцæ Уомæй? Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъædгæнагæ ку æй!

75. Мессийæ, Майрай фурт, æрмæстдæр минæвар æй, æ размæ дæр æрцудæй минæвæрттæ, æ мадæ ба рæстуод æй. Сæ дууæ дæр хуæруйнаг хуардтонцæ. Кæсай, Мах куд лædæрун кæнæн бæрæг бæлвурдæй еци

алæмæттæ, æма кæсай, куд æнæлæдæргæ ‘нцæ етæ!

76. Зæгъæ: “Гæр, Хуцауæй æндæр ма, нæдæр уин зæран, нæдæр уин пайда ка не ‘рхæсса, уæхæнмæ ма ковдзинайтæ? Хуцау ба игъосагæ æма зонагæ ‘й”.

77. Зæгъæ: “Уо, Финстæг аргъаугутæ! Уæ динмæ æгæрдзийнадæ æма раст ци нæй, уæхæн гъуддæгтæ ма уагътæ, æма адæни монцти фæдбæл ма цотæ: етæ раги фæррæдудæнцæ æма ма берети фæррæдуйун кодтонцæ, æма лигъз надæй рахизтæнцæ”.

78. Дауит æма Майрай фурт Исай цъухæй ælгъист æрцудæнцæ, ка не ‘ууæндтæй, Езрай еци цæуæт! Е уой тухxæй, æма ке нæ байгъустонцæ æма æнæуагæ ке адтæнцæ.

79. Сæхе нæ хизтонцæ, ци не ‘нгъезуй, уомæй, æма ‘й кæнгæ дæр кодтонцæ. Куд лиагъæ ‘й, етæ ци кодтонцæ, е!

80. Уонæй беретæ, ка не ‘ууæндуй, уонæй лимæнтæ сæхецæн куд кæнунцæ, уой уинис. Куд лиагъæ ‘й нур етæ сæхецæн ци æрцæттæ кодтонцæ, е! Хуцауи зæрдæ сæбæл уой тухxæй фæххудтæй, æма етæ æноси дæр байзайдзæнæнцæ æфхуæрдæй!

81. Нур етæ ку æууæндайуонцæ Хуцаубæл, æма пахампарбæл, æма уомæн ци æрвист адтæй, уобæл, уæд етæ уони нæ истайуонцæ лимæнтæн, фал уонæй беретæ кæнæгойтæ æнцæ!

82. Зонис уой, æма ка баууæндтæй, уонæмæ тæккæ æгъатирдæр æма æнæуинондæр цæстæй кæсунцæ уерæгтæ æма берæ хуцæуттæмæ ковгутæ. Уæдта уой дæр зонис, æма ка баууæндтæй, уонæмæ уарзон цæстæй кæсунцæ, уотæ ка зæгъуй “Мах киристæнттæ ан!”, етæ. Е уой тухxæй, æма уонæн се ‘хсæн саугинтётæ æма моладзантæ ес, уæдта хецмæрдзийнадё ке не ‘вдесунцæ.

83. Минæвармæ ци æрвист æрцудæй, уомæ ку байгъосунцæ, уæдта ду фæууинис уонæн сæ цæститæ дони куд разелунцæ, ци уацæгадæ базудтонцæ, уой тухxæй. Етæ фæззæгъунцæ: “Нæ Еунæхуцау! Махæй баруагæс æй æма нæ ёвдесёнгёнгути хæццæ бафинсæ!

84. Æма цæмæннæ ба бауӕндæн Хуцаубæл, уӕдта уацӕгадæй нæмæ ци ‘рцудæй, уобæл, кæд æма мах фæндуй, цæмæй нæ Еунæхуцау рæстæууӕнкæ адæни хæццæ бакæна?”
85. Уотæ ке дзурдтонцæ, уой тухҳæй син Хуцау балæвар кодта рæзбунтæ, кæций буни уайунцæ цæугæдæнттæ, æма етæ æности дæр уоми байзайдзæнæнцæ. Е, хуарз гъуддæгтæ ка кæнуй, уонæн лæвар æй.
86. Ка не ‘ууӕндтæй æма Не ‘вдесёнтё мæнгæбæл ка нимадта, етæ ба арти амæттæгтæ ӕнцæ!
87. Уо, ка бауӕндтæй! Хуцау уин ке уадзуй, еци хуæрзтæбёл ма тобæ кæнтæ æма ӕнæуагædзийнадæ ма аразетæ. Уастæн, Хуцау нæ уарзуй ӕнæуагædзийнадæ аразгутæ!
88. Хуцау уин ци саккаг кодта хуарзæй, æма уин ци бауагъта, уомæй ахуадетæ. Æма тæрсетæ Хуцауæй, кæцибæл æууӕндетæ!
89. Уæ сомити рæуæгдзийнади тухҳæй уæ нæ дæмуй Хуцау, фал уæхе и сомитæй ке бæттетæ, уой тухҳæй уæ дæмуй Е. Уомæй уæхе искæдзос кæнунæн уин ихæс æй дæс мæгури, уæ бийнонти цæмæй æфсадетæ, уомæй бафсадун, кенæ ба сæ истахун, кенæ ба цагъайраг исуæгъдæ кæнун. Уой бакæнун ке бон нæ уа, уобæл ба – æртæ бони ком дарун. Е уæ сомитæй уæхе искæдзос кæнуни гъуддаг ёй. Æма уæ сомитæ æнхæст кæнетæ! Уотемæй уин Хуцау лædæрун кæнуй Æ алæмæттæ – мусийнæ, уодзинайтæ боз!
90. Уо, ка бауӕндтæй! Сæнæ, арахъ, адезтæй гъазт, гумеритæ, фæттæй æхсун – Ибилиси гъуддæгтæй ӕнцæ, æма си уæхе еуварс кæнетæ, мусийнæ, амондгун разиндзинайтæ!
91. Ибилис уе ‘хсæн æнхæлцæ багæлдзуйнаг æй сæнæ æма арахъæй, цæмæй уæ Хуцауи ном ерунæй æма намаз кæнунæй райеуварс кæна. Æма, гæр, уæхебæл нæ фæхуæцдзинайтæ?
92. Хуцауи коммæ кæсетæ, æма кæсетæ минæвари коммæ, æма уæхе гъæуай кæнетæ! Уæхе ку рахатайтæ, уædта ‘й зонетæ, æма Нæ минæварбæл æрмæст фегъосун кæнуни ихæс ес.

93. Ка бауӕндтӕй ӕма хуарз гъуддӕгтӕ ка кодта, уонӕбӕл тӕрегъӕдӕй неци ес, Хуцауи тасӕй ци хуӕрунцӕ, уобӕл, кӗд уой фёсте дёр Хуцауӕй тарстёнцӕ ӕма ёууӕндтёнцӕ, уӕдта Хуцауӕй тӕрсагӕ адтӕнцӕ ӕма хуарз гъуддӕгтӕ аразтонцӕ, уӕд. Хуцау хуӕрзгӕнгути уарзуй!
94. Уо, ка бауӕндтӕй! Ӕнӕмӕнгӕ, Хуцау уӕ фӕлвардзӕнӕй, цауӕни уӕ къохтӕ ӕма уӕ фати фӕрци ци хардзӕ фӕууа, уомӕй, цӕмӕй Хуцау зона, фӕссаууонмӕ ‘Й ка тӕрсуй, уони. Уой фӕсте ба ма фесинмитӕ ка кӕна, уой ба хъӕбӕр ресагӕ ӕфхуӕрдӕ баййафдзӕнӕй.
95. Уо, ка бауӕндтӕй! Хӕран хъӕппӕлти ку уайтӕ, уӕд сирдтӕ ма маретӕ, ӕнӕбари ка рамара, уобӕл ба – цал сирди рамардта, хӕдзарвонсӕй уал сӕремӕй бафедуни ихӕс. Уе ‘хсӕн рӕстагдӕр ка уа, уонӕй дууемӕй гъӕуамӕ исбӕрӕг кӕна уӕд Каабӕмӕ ӕрветуйнаг нивондӕгтӕ, кенӕ ба хе скӕдзос кӕнунӕн – мӕгурти бафсадун, кенӕ уой сӕрӕнсӕрӕн – ком бадарун, цӕмӕй ци бакодта, уой фуддзийнадӕ хуӕздӕр банкъаронцӕ, уой тухххӕй. Ци ‘рцудӕй, уой Хуцау ниххатир кӕндзӕнӕй, фал нӕуӕгӕй еци гъуддаг арӕзт ку ‘рцӕуа, уӕдта ‘й уомӕн ба Хуцау бахатдзӕнӕй. Уастӕн, Хуцау тухгин ӕма кинӕ хатагӕ ‘й!
96. Ӕнгъезуй уин денгизи кӕсалгӕ ахӕссун ӕма си ахуадун уӕхецӕн дӕр ӕма фӕндаггонтӕн дӕр. Фал, цалдӕн хӕран хъӕппӕлти уайтӕ, уӕдмӕ уин зӕнхӕбӕл не ‘нгъезуй цауӕн кӕнун. Хуцауӕй тӕрсетӕ, уомӕн ӕма фӕстӕмӕ уомӕ ӕмбурдгонд уодзинайтӕ!
97. Каабӕ, тобӕгонд хӕдзарӕ, уӕдта тобӕгонд мӕйӕ, нивондаг фонс ӕма сӕ хузӕфтудтӕ дӕр Хуцау исивардта адӕни ёнцойнӕн, цӕмӕй етӕ зононцӕ уой, ӕма Хуцау арвбӕл дӕр ӕма зӕнхӕбӕл дӕр ци ес, уой ке зонуй. Уастӕн, Хуцау алцизонӕг ӕй.
98. Уой зонетӕ, ӕма Хуцау тухгин ӕй Ӕ бафхуӕрди, уӕдта Хуцау хатиргӕнагӕ ӕма тӕрегъӕдгӕнагӕ ‘й!
99. Минӕварбӕл ӕрмӕст фегъосун кӕнуни ихӕс ес, Хуцау ба зонуй, ци раргом кӕнетӕ ӕма ци баримӕхсетӕ, уой!
100. Зӕгъӕ: “Илгъаг ӕма хуарз ӕнхузӕн нӕ ‘нцӕ, кӕд ӕма дӕ

илгъагдзийнадё фурцийни æфтауа, уæддæр". Æма тæрсетæ Хуцауæй, зунди хецауæй, æма уёд, мусийнæ, амондгун уодзинайтæ!

101. Уо, ка баууæндтæй! Ци гъуддаг уин байгон уа, е уæ ку багъенцъун кæнун кæна, уæд уобæл ма фæрсетæ. Ку сæбæл бафæрсайтæ, Хъуран уин æрвист ци рæстæги уа, уæд, уæдта уин уой тухxæй ба Хуцау нихxатир кæндзæнæй, уомæн æма Хуцау хатиргæнагæ æма сабур æй.

102. Уонæбæл сумах размæ дæр адæн фарстонцæ, уой фæсте ба æнæууæндгутæ разиндтæнцæ.

103. Хуцау нæдæр бахъиратæ, нæдæр саъибатæ, нæдæр васиилатæ, нæдæр хамиитæ[14] аразун кодта. Фал ка нæ баууæндтæй, етæ Хуцаубæл мæнгитæ имистонцæ, æма уонæн сæ фулдæр уой нæ лæдæруй.

104. Уотæ син ку фæззæгъунцæ: "Хуцау ци æрæрвиста, уомё, уæдта минæвармæ раздæхетæ", уæд етæ фæззæгъунцæ: "Нæ фиддæлтæй ци æрæййафтан, е нæ фагæ 'й!" Æдта нур сæ фиддæлтæ дæр уой кæд нæ зудтонцæ æма раст надбæл кæд нæ цудæнцæ, уæдта?

105. Уо, ка баууæндтæй! Сумахбæл æрмæст уæ уодтæбæл ауодуни ихæс ес. Ка рæдуйуй, етæ уин неци зæран æрхæсдзæнæнцæ, раст надбæл ку цæуайтæ, уæд. Хуцаумæ 'й уе 'нккæтей раздæхт дæр, æма уин Е фегъосун кæндзæнæй уæд, ци кодтайтæ, уой!

106. Уо, ка баууæндтæй! Уе 'хсæн еске ку рамæла, уæд уæ астæу æвдесæнгæнæг æвзурст æрцæуёд. Уосиат кæнгæй уæ астæуæй, сæ рæстдзийнадæй зундгонд ка уа, уæхæнтæй дууемæй гъæуама уонцæ, кенæ сумахæй ка нæй, уæхæнттæ дууемæй, идард надбæл бæлццæнттæ ку уайтæ, уæд уæбæл ести зиан ку 'рцæуа, уæд. Намази фæсте сæ бауораметæ æма сæбæл дузæрдуг ку кæнайтæ, уæд Хуцауæй расоми кæнæнтæ: "Мах æй цийфæнди аргъбæл дæр нæ рауæйæ кæндзинан, хæстæгути алфён ку уа, уæддæр, æма Хуцауи æвдесæн нæ фæссайдзинан. Уастæн, мах уæд тæрегъæд æрхæсгутæй уодзинан!"

107. Уотæ ку разинна, æма етæ дууемæй дæр фудгингонд ку разиннонцæ тæрегъæд æрхасти, уæдта сæ бæсти ниллæууæнтæ æндæр дууæ

аккагдæр адæймаги, кæцитæ раздæриккæнттæй рæстагдæр уодзæнæнцæ. Етæ Хуцауæй расоми кæндзæнæнцæ: “Не ‘вдесæн еци дууей æвдесæнæй растдæр уодзæй æма мах рæстдзийнади сæрти нæ рахездзинан, кенæдта мах уодзинан гиауртæй”.

108. Е сæ бавдесæн кæнун кæндзæнæй куд æмбæла, уотæ, æма уони фæсте бабæй нæуæгæй соми кæнун ке гъæудзæнæй, уомæй дæр тæрсдзæнæнцæ. Æма Хуцауæй тæрсетæ æма ‘Ймё игъосетæ, уомæн æма Хуцау анæуагæ адæн нæ хонуй!

109. Хуцау минæвæртти ци Бон æрæмбурд кæна, æма син уотæ ци Бон зæгъа: “Циуавæр дзуапп уин лæвæрд адтæй?”, уæд етæ зæгъдзæнæнцæ: “Мах уомæн неци зонæн, уомæн æма сосдзийнæдтæ зонæг Ду дæ”.

110. Мæнæ Хуцау зæгъдзæнæй: “Уо, Иса, Майрай фурт! Дæ зæрдæбæл æрлæуун кæнай, дæхецæн дæр æма дæ нийерæгæн дæр ци хуарзæнхæ фёдтён, уæдта дæ Æз сугъдæг монæй куд бафедар кодтон, уой. Ду авдæни уогæй дёр æма байлæгъæй дёр адæни хæццæ дзурдтай. Æма дæ мæнæ Æз исахур кодтон Финстæгбæл, фастбæл, Торæбæл, Евангелибæл, æма Мæ барвæндæй мæнæ ду сигитæй райдæдтай цъеути хузæнттæ кæнун. Мæ барвæндæй ду исдзæбæх кодтай хъæрæуи æма хъотургини, уæдта Мæ барвæндæй райгас кодтай мæрдтæ. Æма мæнæ Æз бауорæдтон Езрай фуртти, ду сæмæ ку ‘рбацудтæ бæрæг ёвдесёнти хæццæ, уæд. Æма ка не ‘ууæндтæй, етæ уæд загътонцæ: “Етæ, ænæмæнгæ дæр, кæлæнтæ æнцæ!”

111. Æма мæнæ Æз баустон амистолтæн: “Бауæндетæ Мæнбæл æма Мæ минæварбæл!” Етæ загътонцæ: “Мах бауæндтан, æма нæхе ке бафæдзахстан Уобæл, уой бавдесæн кæнæ!”

112. Мæнæ амистолтæ загътонцæ: Уо, Иса, Майрай фурт! Хуцауи бон æй махæн хуæруйнаг æрæрветун уæларвæй?” Е загъта: “Кæд æууæндетæ, уæд Хуцауæй тæрсетæ!”

113. Етæ загътонцæ: “Хуæрун нæмæ цæуй, æма нæ зæрдитæ æрæнцой уодзæнæнцæ, уæдта зондзинан, ду нин раст ке загътай, æма ин æвдесæн

уодзинан”.

114. Иса, Майрай фурт, загъта: “Хуцау, нæ Еунæхуцау! Уæларвæй нин раттæ хуæрдæ! Е нин нæ фиццагæн дæр, æма нæ фæстагæн дæр бæрæгбойнаг, уæдта Дæуæй ёвдесён уодзæнæй. Бафсадæ нæ, уомæн æма Ду, ка бафсада, уони хуæздæрти хуæздæртæй дæ!”

115. Хуцау загъта: “Æз уин нирветдзæнæн уой, фал ма уой фæсте æнæууæнкæ ка уа, уой ба, куд некæд неке бафхуардтон, уæхæн æфхуæрд æй бакæндзæнæн!”

116. Æмонæ Хуцау загъта: “Уо, Иса, Майрай фурт! Мийяг адæнæн уотæ загътай: “Мæн æма мæ мади мин, Хуцауæй æндæр ма, дууæ Хуцауемæй райсетæ?” Е загъта: “Хуцауæн табу! Ци мин нæ фæдгæ уй, уой куд дзурдтайнæ? Кæд æз уотæ дзурдтон, уæд æй Ду зонис. Ду æй зонис мæ зæрди ци ес, æз ба, Дæу зæрди ци ес, уой нæ зонун, уомæн æма Ду сосгъуддæгтæ зонæг дæ.

117. Ду мин ци бафæдзахстай, уомæй фæстæмæ син æз неци дзурдтон: “Коветæ Хуцаумæ, мæ Еунæхуцаумæ æма уæ Еунæхуцаумæ!” Цалдæн æз се ‘хсæн адтæн, уæдмæ син адтæн æвдесæн, фал мæ ку æринцойнæ кодтай, уæдта уонæмæ кæсæг Ду адтæ, Ду ба алли гъуддагæн дæр хуæздæр æвдесæн дæ.

118. Ку сæ бафхуæрай, уæд етæ Дæхе цагъартæ æнцæ уæддæр, ку син ниххатир кæнай, уæдта Ду тухгиндæр æма фастихадзитæйдæр ку дæ!”

119. Хуцау загъта: “Е, рæстæгтæн сæ рæстдзийнадæ кæд фæййангъос кæндзæнæй, уæхæн бон æй. Уонæн уодзæнæй рæзбунтæ, кæми цæугæдæнттæ уайуй, æма уоми уодзæнæнцæ æности дæр”. Хуцау си арази æй, æма етæ дæр Хуцауæй арази æнцæ. Е устур пайда æрхаст æй!

120. Хуцауи бæрни æнцæ арв дæр, æма зæнхæ дæр, уæдта уонæми ци ес, етæ дæр, æма Е алли гъуддагбæл дæр баргин æй!

6-аг сурæ

Фонс[1]

(Аль-Анам)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй!

1. Табу Хуцауæн, уæлæрвтæ æма зæнхæ ка исфæлдиста, уæдта талингæ æма рохс ка исаразта! Фал ма уой фæсте дæр, ка нæ бауæндтæй, етæ[2] сæ Хуцауæн æргъуди кæнунцæ æмбал.
2. Е æй, сумах сигитæй ка исфæлдиста æма алкæмæн дæр æ рæстæг ка исæнгъуд кодта, е. Кæд сумах Уобæл секк хæссетæ, уæддæр уæ царди бонæнгъуд[3] Хуцаумæ бæрæг æй!
3. Е арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр Хуцау æй; зонуй уин уæ сосæгдзийнадæ дæр æма æргомдзийнадæ дæр; зонуй, ци райсетæ уæхемæ, уой дæр.
4. Хуцауи ёвдесёнтæй сæмæ цийфæнди ёвдесён не ‘рцёуидæ, етæ си уæддæр сæхе рахатиуонцæ!
5. Уацæгадæ сæмæ ку ‘рцудæй, уæд æй етæ мæнгæбæл банимадтонцæ. Цæбæл гириз кодтонцæ етæ, уой туххæй сæмæ хабæрттæ хъæртдзæнæнцæ!
6. Гæр, уой нæ уидтонцæ, сæ размæ син Мах цæйбæрцæ фæлтæртæ фесафтан? Мах сæ зæнхæбæл федар кодтан, сумах куд нæ федар кодтан, уотæ, рарветианæ сæбæл арв бæркадгун уарунтæй, æма сæмæ цæугædæнттæ уайун кодтан, уæдта сæ сæ тæрегъædти туххæй фесафтан, æма сæ фæсте æндæр фæлтæр исфæлдистан.
7. Æма ма дин Мах хартийи[4] ку нирвистаййанæ киунугæ, æма ‘й сæ къохтæй ку расгарстайуонцæ, уæддёр ка не ‘ууæндтæй, етæ загътайуонцæ: “Етё, æнæмæнгæ дæр, кæлæнтæ ‘нцæ!”
8. Æма загътонцæ етæ: “Æма ‘ймæ нур цёмённё ёрцудёй изæд ёрвист!” Фал сæмæ Мах изæд ку æрæрвистаййанæ, уæдта гъуддаг уобæл фæцайдæ, æма уонæн æнгъуд нæбал адтайдæ!
9. Æма нур Мах æ бæсти изæд ку исивардтаййанæ, уæд æй Мах уёддёр

адæймаги хузи равдистайййанæ, æма сæхуæдтæ ци хъæппæлтæ дарунцæ, еци хъæппæлти ‘й истахтайййанæ.

10. Дæу размæ ка адтæй, еци минæвæрттæбæл гириз кодтонцæ, æма сæбæл ка гириз кодта, уонён сё гириз сæхебæл æрцудæй.
11. Зæгъæ: “Цотæ зæнхæбæл, уæдта уацёгадё мæнгæбæл ка нимайуй, уони кæрон фæууиндзинайтæ!”
12. Зæгъæ: “Уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр ци ес, е ке бæрни æй?” Зæгъæ: “Хуцауи! Е Æхуæдæг Æхецæн ниннет кодта хуарзæнхæ. Е уæ æрæмбурд кæндзæнæй исæндедзæн Бони, кæцибæл секк нæййес! Æхецæн зæран ка æрхаста, етæ æнёууæнкæ ‘нцæ!
13. Æхсæви дæр æма бони дæр цидæриддæр ес, етæ Уой бæрни æнцæ. Е игъосагæ æма зонагæ ‘й!”
14. Зæгъæ: “Арв æма зæнхæ Исфæлдесæг Хуцауæй æндæр ма, миййаг, еске райсдзæнæн æз ауодæгæн? Е æфсадуй, Уой ба неке æфсадуй”. Зæгъæ: “Мæнæн ихæсгонд æй, æхе ка иснивонд кодта, уони фиццаг ун. Æма ма уо берæ хуцæуттæмæ ковгути хигъди!”
15. Зæгъæ: “Ку нæ байгъосон мæ Еунæхуцаумæ, уæд æз устур Бони æфхуæрдæй тæрсун!”
16. Гъезёмёрттёй еуварс ка уа еци бон, уомæн Е ниххатир кодта: е бæлвурд æнтæстдзийнадæ ‘й!
17. Хуцау дæбæл зиндзийнадёй ку бандзæва, уæд уомæн неци хуасæ ес, Уомæй æндæр. Фарнæй дæ Е ку фæххайгин кæна, уæдта Е алли гъуддаги дёр тухгин ку æй!
18. Е æнхæстбаргин æй Æ цагъартæбæл. Е сем æма зонагæ ‘й!
19. Зæгъæ: “Е ‘вдесæни ка растдæр æй?” Зæгъæ: “Хуцау мæн æма сумах астæу æвдесæн æй. Æма мин аци Хъуран байгон æй, цæмæй сумах, уæдта е кæмæ бахъæрттæй, уони баруагæс кæнон. Миййаг сумах не ‘вдесæн кæнетæ Хуцауæй фæстæмæ ма æндæр хуцæуттæ ке ес, уобæл?” Зæгъæ: “Æз не ‘вдесæн кæнун”. Зæгъæ: Е еунæг Хуцау æй, æма Ин сумах æмбæлттæ ке агоретæ, е мæн анхос нæй!”

20. Мах кæмæн балæвар кодтан киунугæ, етæ ‘й зонунцæ, сæхе фуртти куд зонунцæ, уотæ. Сæхуæдтæ сæхецæн зæран ка ‘рхаста, етæ ба не ‘ууæндунцæ!
21. Хуацубæл мæнгæ ка имисуй æма Нæ алæмæттæ мæнгæбæл ка нимайуй, уонæй æнæрастдæр ма ка æй? Уастæн, амондгун нæ уодзæнæнцæ æнæуагтæ!
22. Еци бон сæ Мах æрæмбурд кæндзинан еугурæй дæр, уæдта Уомæн æмбæлттæ ка агурдта, уонæн зæгъдзинан: “Кæми ‘нцæ ке имистайтæ, еци æмбæлттæ?”
23. Æма син уæд æндæр æфсон нæбал уодзæнæй, уотæ зæгъунæй фæстæмæ: “Хуцауæй, нæ Еунæхуцауæй, ард хуæрæн, мах берæ хуцæуттæмæ ковæг ке н’ адтан, уобæл!”
24. Кæсай сæмæ, етæ сæхебæл куд мæнгитæ дзорунцæ, æма ке æримистонцæ, уобæл ба нур куд тобæ кæнунцæ!
25. Се ‘хсæн ес уæхæнттæ, дæумæ байгъосун ке фæндуй, фал син Мах сæ зæрдитæ рахгæдтан, цæмæй етæ уой ма балæдæронцæ, сæ гъостæ ба син бакъуру кодтан. Кæд аллихузи ёвдесёнтæ уинунцæ етæ, уæддæр сæбæл не ‘ууæндунцæ. Дæумæ ку ‘рбацæунцæ загъд кæнунмæ, уæдта ка не ‘ууæндтæй, етæ фæззæгъунцæ: “Етæ фиццаг адæнти аргъæуттæ ‘нцæ!”
26. Етæ иннети дæр райдард кæнунцæ уомæй[5], сæхуæдтæ дæр си рандæунцæ, фал етæ æрмæст сæхе исафунцæ, æма ‘й нæ лæдæрунцæ.
27. Уой ку фæууинисæ, æма етæ арти размæ куд æрцæудзæнæнцæ иваерд æма куд зæгъдзæнæнцæ: “Уо, нур фæстæмæ здæхт ку ‘рцæуианæ, уæд нæ Еунæхуцауи ёвдесёнтæ мæнгæбæл нæбал банимайанæ, æма уæд æууæнкити хигъди уаййанæ!”
28. Гъо, нур ба, раздæр ци римахстонцæ, е сæмæ раргом æй. Фæстæмæ здæхт ку ‘рцудайуонцæ нур етæ, уæд сæ цæмæй хизтонцæ, фæстæмæ уомæ раздæхтайуонцæ, уомæн æма етæ мæнгæттæ ‘нцæ.
29. Æма етæ дзорунцæ: “Е æрмæстдæр нæ нури цард æй, æма фæстæмæ нæбал æрцæудзинан игас”.

30. Нур уой ку фæууинисæ, ци хузæнæй æрлæудзæнæнцæ етæ сæ Еунæхуцауи рази! Е зæгъдзæнæй: “Миййаг е æцæгдзийнадæ нæй?” Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Гъо, нæ Еунæхуцауæй ард хуæрæн!” Е зæгъдзæнæй: “Æнæууæнкæ ке адтайтæ, уой тухххæй нур ба бацуметæ æфхуæрддзийнадæ!”
31. Зæран баййафтонцæ Хуцауи хæццæ фембæлдæ мæнгæбæл ка нимадта, етæ. Сæ сахат ку ‘рхъæрттæй æвеппайди, уæдта загътонцæ: “Сар нæ сар, уоми нæхе цæмæй фæххайгин кодтан!” Етæ сæ уаргъ сæ усхъитæбæл хæссæнæнцæ. Гъо, етæ ци хæссунцæ, е æбуалгъ æй!
32. Ами цард æрмæст гъазт æма гириз æй. Федæни цард ба Хуцауæй тæрсгутæн хуæздæр æй. Гæр, уой нæ лæдæретæ?
33. Етæ ци дзорунцæ, е дæ ке ‘нкъард кæнуй, уой Мах зонæн. Етæ дæ мæнгæттæ дзорæгбæл нæ нимайунцæ, фал æнаккæгтæ Хуцауи ёвдесёнтæбæл идæунцæ!
34. Дæу размæ ци минæвæрттæ адтæй, уони дæр сайæгойтæбæл нимадтонцæ, æма етæ, сайæгойтæ сæ ке худтонцæ, уæдта сæ ке æфхуардтонцæ, уобæл бухстæнцæ, цалдæн сæмæ Не ‘нхус нæ фæззиндтæй, уæдмæ. Хуцауи дзурдæн ба раййевæн нæййес! Æма дæмæ æрвист минæвæртти хабæрттæ игъустæнцæ.
35. Сæ их дин гъулæг ке ‘й, уой тухххæй син дæ бон ку адтайдæ зæнхи ести цъасæ, кенæ арвмæ асийнæ исаразун, цæмæй син ести ёвдесён равдистайсæ! Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæд сæ Е æрæмбурд кодтайдæ æррæстæ надбæл, æма уомæ гæсгæ ба æнахургæндтти хигъди ма уо!
36. Уастæн, ка игъосуй, уомæн Е раттуй дзуапп, æма мæрдти дæр райгас кæндзæнæй Хуцау, уой фæсте ба æгасæйдæр Уомæ ‘здæхт æрцæудзæнæнцæ.
37. Æма етæ фæззæгъунцæ: “Æ Еунæхуцауæй уомæ ‘рвист ку ‘рцудайдæ ёвдесён!” Зæгъæ: “Хуцауи бон ёвдесён æрæрветун æй, фал уой фулдæр хай нæ зонуй!”
38. Зæнхæбæл[6] нæййес уæхæн фонс, уæдта уæхæн тæхæг цъеу, сумахау

æхсæнадтæ ка нæй. Киунуги Мах неци райевгъаудтан. Уой фæсте ба етæ сæ Еунæхуцаумæ æрæмбурд уодзæнæнцæ.

39. Мах алæмæттæ мæнгæбæл ка нимадта, етæ ба къуру ёма æгомуг æнцæ талинги. Хуцауи ке фæндуй, уой и надæй рæдуйун кæнуй, ке ‘й фæндуй, уой ба æррæстæ надбæл исивæруй.

40. Зæгъæ: “Уæхебæл нæ сагъæс кодтайтæ, мийяг, ёма уё уотемæй Хуцауи æфхуæрд ку баййафа, кенæ ба уæ сахат ку ралæууа, уæд Хуцауæй фæстæмæ ма, мийяг, ескæмæ ковдзинайтæ, кæд рæстаг айтæ, уæд?”

41. Гъо! Уомæ коветæ, æма Е дæр, ци коретæ, уомæй уæ исуæгъдæ кæндзёнёй, ку ‘Й бафæнда, уæд, ёма уёд сумах феронх уодзинайтæ, æмбæлттæн Ин ке искодтайтæ, уони.

42. Дæу размæ дæр ма адæнтæмæ рарвистан минæвæрттæ, æма сæ фудбæллæхтæ æма фудонхæй баунгæг, цит, кодтан: мусийнæ, коммæгæс исуодзæнæнцæ!

43. Фал сæмæ Нæ тухæ ку ‘рцудæй, уæд ку ‘рсабур адтайуонцæ! Фал сæ зæрдитæ ниддор æнцæ, æма син Ибилис, ци кодтонцæ, уони барæсугъдтæ кодта!

44. Мах син сæ зардæбæл ци лæуун кодтан, уони, цит, ку феронх кодтонцæ, уæд син байгон кодтан æгас дуæрттæ дæр. Æма син ци лæвар конд адтæй, уобæл ку цийнæ-еу кодтонцæ, уæд сæ æвеппайди бакайанæ, æма мæнæ истухстæнцæ.

45. Æма уæхæн æнаккаг адæн бунисёвд æрцудæнцæ. Табу Хуцауæн, дуйнети Паддзахæн!

46. Зæгъæ: “Нур уобæл расагъæс кодтайтæ, æма уин Хуцау уæ игъосундзийнадæ æма уинундзийнадæ ку байса, æма уин уæ зæрдитæбæл мухур ку исиваера, уæд циуавæр хуцау уин сæ ратдзæнæй Хуцауæй фæстæмæ?” Кæсай, куд иуарæн Мах алæмæттæ, уомæ! Уой фæсте ба ма етæ сæхе рахатунцæ.

47. Зæгъæ: “Æвеппайди кенæ æргомæй уæмæ Хуцауи æфхуæрдæ ку фæззинна, уæд, мийяг, æнаккаг адæнæй уæлдай ма еске æфхуæрд

ærцæудзæнæй?”

48. Мах уæмæ уацхасгутæ рарветæн æрмæст хуарздзийнадæ фегъосунгæнæг æма баруагæс кæнунгæнæгæй. Ка æууæндтæй æма уогъуллу ка адтæй, уонæн нецæмæй тас æй, æма етæ æнкъард нæ уодзæнæнцæ!
49. Нæ алæмæттæ мæнгæбæл ка нимадта, уони ба, гиауртæ ке ‘нцæ, уой тухxæй сæбæл Не ‘фхæрддзийнадæ бандзæвдзæнæй!
50. Зæгъæ: “Æз уин уотæ нæ зæгъун, æма Хуцауи хæзнадонæ мæнмæ ‘й, уæдта сосгъуддæгтæ дæр нæ зонун, æма уин уотæ дæр нæ зæгъун, æз изæд дæн, зæгъгæ. Æрмæстдæр, ци мин байгон уй, уой фæдбæл рацæун”. Зæгъæ: “Мийяаг, хъæрæу æма уинæги рабаræн ес кæрæдзей хæццæ? Гæр, сумах нæ ниссагъæс кæндзинайтæ?”
51. Æруагæс кæнун кæнæ, сæ Еунæхуцаумæ æмбурдгонд ке уодзæнæнцæ, уомæй ка тæрсуй, уони. Уонæн Уомæй уæлдай æндæр ауодæг æма сæрбæлдзорæг нæййес. Мусийнæ, хуцаудас уодзæнæнцæ уæд!
52. Сæумæ дæр æма изæрæй дæр æ Хуцаумæ ка ковуй, Æ фæууиндæмæ бæлгæй, уони ма сорæ! Сæ хæццæ дæуæн есап кæнгæ нæ уодзæнæй, уæдта дæ есап уонæбæл нецихузи уодзæнæй, цæмæй ду уони сорай æма æнаккæгти хигъди фæууай.
53. Уотæ Мах сæ еуети иннетæй фæлвардтан, цæмæй уотæ дзурдтайуонцæ: “Æдта нур Хуцау мах рази уонæн[7] равардта Æ хуарзæнхæ?”[8] Мийяаг, Хуцау хуæздæр арфæгонд ка ‘й, уони нæ зонуй?
54. Æма Не ‘вдесёнтёбёл ка æууæндуй, етæ дæмæ ку ‘рбацæуонцæ, уæд, цит, зæгъæ: “Салам алейкум!” Хуцау Æхуæдæг Æхецæн ниннет кодта хуæрзуодагæ ун, æма уи еске нæ балædæргæй фуддзийнадæ ку ракæна, уой фæсте ба ‘йбæл ку басæттæ æма хатир ку ракора, уæд Е хатиргæнагæ æма тæрегъædгæнагæ æй.
55. Уотемæй Мах лædæрун кæнæн Не ‘вдесёнтё, цæмæй тæрегъædхæсгути над бæлвурддæрæй рабæрæг уа!
56. Зæгъæ: “Хуцауæй æндæр ма уæхе кæмæ бахатетæ, уонæмæ ковун

мænæн не ‘нгъезуй”. Зæгъæ: “Æз сумах монцти фæдбæл нæ цæудзæнæн, уомæн æма æз дæр рæдуйгути хигъди фæууодзæнæн æма раст надбæл цæуæг нæбал уодзæнæн”.

57. Зæгъæ: “Æз мæ Еунёхуцауæй бæрæг æвдесæнти хæццæ дæн, сумах ба уой мæнгæбæл нимайетæ. Сумах цæмæ бæллетæ, æ тагъддæр æрцæунæн, е мæн бæрни нæй. Е æрмæст Хуцауи фæндонæй æй, уомæн æма æрмæст Е цæуй уацæгади фæдбæл, æма æрмæст Е æй тæккæ хуæздæр фæндæгæнæг!”9

58. Зæгъæ: “Сумах цæмæ тагъд кæнетæ, е мæн бæрни ку адтайдæ, уæд гъуддаг мах æма сумах æхсæн лухгонд æрцудайдæ, уомæн æма Хуцау æнаккæгти хуæздæр зонуй!

59. Уомæ ‘нцæ сосгонддзийнади дæгъæлтæ, æрмæст Е сæ зонуй. Е зонуй зæнхæбæл дæр æма денгизи дæр ци ес; бæласи сифæ æрмæст Уой фæндонæй æрхауй; бæлвурд Финстæги бæрæггонд ка нæй, уæхæн муггаг зæнхи арфи нæдæр нозалæ, нæдæр хускъæ нæййес.

60. Æма Е, æхсæвæ сумах ка цайуй æма бонæ ци мадзал кæнетæ, уой ка зонуй, е æй, уæдта уæ уой фæсте ба æригас кæнуй уоми, цæмæй æнгъуд рæстæг æрхъæрта. Уой фæсте ба махæн нæ раздæхт Уомæ уодзæнæй, æма уин уæд Е фегъосун кæндзæнæй, ци кодтайтæ, уой.

61. Е Æ цагъартæбæл баргин æй, æма уæмæ Е рарветуй гъæуайгæнгутæ. Æма уи ескæмæ адзал ку фæззиннуй, уæдта ‘й Нæ минæвæрттæ æрæнцойнæ кæнунцæ æма неци баримæхсунцæ.

62. Уой фæсте ба етæ Хуцаумæ, се ‘цæг Еунæхуцаумæ, æздæхт æрцæудзæнæнцæ. Гъо, бартæ Уомæ ‘нцæ, æма Уомæй тагъддæр неке ес тæрхон ракæнунмæ!”

63. Зæгъæ: “Ка уæ гъæуай кæнуй зæнхæ æма денгизи тараей æма кæмæ уæхе бахатетæ уæ сæр æркъолæ кæнгæй æма сосæй: “Амæй нæ ку фæййервæзун кæнай, уæд Ди мах уодзинан боз”?”

64. Зæгъæ: “Хуцау уæ гъæуай кæнуй амæй дæр æма алли фидбилизæй дæр, уой фæсте ба Ин æмбæлттæ æргъуди кæнетæ”.

65. Зæгъæ: “Е сумахбæл, сæрæй кенæ уæ къæхти бунæй, æхфхуæрдæ ка æритауа, æма уæ фæйнæхузи къуёрдтæ ка никкæна, æма еуетæн иннети ænæуагæ маст ка бавзарун кæна, е æй”. Кæсæ, Мах куд иуарæн алæмæттæ, уомæ, - мусийнæ, етæ дæр балædæрдзænæнцæ!
66. Æма уой мæнгæбæл банимадта дæ адæн, кæд æма е æцæгдзийнадæ æй. Зæгъæ: “Æз сумахбæл дзуапдæттæг нæ дæн ёма уё гъёуайгёнёг нё дён”.
67. Алли хабарæн дæр бæрæг бунат ес, æма ‘й сумах дæр базондзинайтæ.
68. Не ‘вдесёнти тухxæй дзæгъæл дзубандити ка ранигъулуй, уони ку фæууинай, уæд си дæхе рахатæ, цалдæн æндæр дзубандитæмæ рахезонцæ, уædмæ. Æма дæ Ибилис ку феронх кæнун кæна, уæд, дæ зæрдæбæл дин ærлæуун кæнгæй, гиаурти хæццæ мабал бадæ.
69. Хуцауæй ка тæрсуй, уонæй неци байагурдæуодзænæй, ærмæст уой сæ зæрдæбæл ærлæуун кæнунæй фæстæмё. Мусийнæ, етæ Хуцауæй тæрсдзænæнцæ!
70. Сæ дин гириз æма гъазæнгъолæ ка фестун кæнуй, уони ниууадзæ: уони хæстæг цард исцибæл кодта! Уой фæрци зæрдæбæл лæуун кæнæ уод ци бон искодта æхецæн, уой тухxæй ке исæфдзænæй. Хуцауæй æндæр ин нæййес æнхусгæнæг, кенæ сæрбæлдзорæг! Æма ‘й цæмæйдæрдæр раййевуйнаг ку уа, уæддæр ин нецибал фæййагъаз кæндзænæй. Е, ци бон искодтонцæ сæхецæн, уой тухxæй ка фесавдæй, етæ ‘нцæ. Уонæн сæ цумуйнаг – ирайгæ дон æма æбуалгъ æфхуæрдæ ‘й, гиауртæ ке адтæнцæ, уой тухxæй!
71. Зæгъæ: “Æдта нур Хуцауæй фæстæмæ ма ковдзинан, ангъос дæр нин ка нæ фæккæна æма нин зæран дæр ка не ‘рхæсса, уонæмæ, æма нæ Хуцау раст надмæ ку ракодта, уой фæсте ма фесинмæ рацæудзинан, зænхæбæл сайтæнттæ ке расайдтонцæ æма уой тухxæй ка ферухст æй, уоййау, кæд æма ‘й е ‘мбæлттæ сæхемæ хонунцæ раст надмæ, уотæ дзоргæй: “Махмæ рацо!”” Зæгъæ: “Уастæн, Хуцауи над æцæг над æй, æма нин дуйнети Паддзахбæл нæхе бафædзæхсун нæ ихæс æй,
72. æма нин загъд æй: “Намаз кæнетæ æма тæрсетæ Уомæй, Е, сумах кæмæ

æræмбурд уодзинайтæ, е æй!””

73. Е, æцæгæй уæлæрвтæ æма зæнхæ ка исфæлдиста, е æй; уотæ ци бон[10] фёззæгъуй Е: “Уо!” – уотæ е дæр исуй. Уомæн Æ дзурд æцæгдзийнадæ ‘й. Хæтæлæй ци Бон ниууасонцæ, еци Бон Уой бæрни уодзёнёй сосæгдзийнадæ дæр æма æргомдзийнадæ дæр. Сос ёма ёргомгъуддёгдё дёр Е зонуй. Е сем æма зонæнгин æй!
74. Æмонæ Ибрæгим загъта æ фидæ Азарæн: “Æдта нур ду гумеритæй хуцæуттæ аразис? Æз уинун, дæхуæдæг дæр æма дæ адæн дæр хъæбæр ке рæдуйетæ, уой”.
75. Æма уотемæй Мах Ибрæгимæн бавдистан Нæ баргъондзийнадæ уæлæрвтæбæл дæр æма зæнхæбæл дæр, цæмæй нифс кæмæ ес, уонæй адтайдё.
76. Æма ‘й æхсæвæ ку бамбарзта, уæдта е стъалу исуидта æма загъта: “Е мæ Хуцау æй!” Ку ниннигулдæй е, уæдта загъта: “Нæ уарзун ниннигулгути”.
77. Мæйæ искæсгæ ку фæууидта, уæд е загъта: “Е мæ Хуцау æй!” Е ку ниннигулдæй, уæдта загъта: “Мæ Хуцау мæ ку нæ ракæна раст надмæ, уæд æз рæдуйгути рæнгъæбæл уодзæнæн”.
78. Хор ку рауидта искæсгæ, уæдта загъта: “Е мæ Хуцау æй, Е устур æй!” Ку ниннигулдæй, уæдта загъта: “Уо, мæ адæн! Сумах Уомæн æмбæлттæ ке кæнетæ, уомæ æз неци барæ дарун.
79. Æз ме ‘рух æздахун уæлæрвтæ æма зæнхæ ка исфæлдиста, æма Ин сугъдæгæй ковун, æма æз берæ хуцæуттæмæ ковæг нæ дæн”.
80. Æма æ адæн æ хæццæ буцæу кодтонцæ. Е загъта: “Æдта нур сумах мæ хæццæ Хуцауи тухxæй буцæу кæнетæ, кæд æма мæ Е ракодта æррæстæ надмæ? Сумах Ин æмбал ке кæнетæ, æз уомæй нæ тæрсун, мæ Еунæхуцауи ести ку нæ бафæндæуа, уæд. Хуцау Æ зундæй алли гъуддагбæл дæр хъæртуй. Æдта нур сумах уой не ‘рлæдæрдзинайтæ?
81. Сумах Хуцауæн æмбæлттæ ке искодтайтæ, уой тухxæй æз гъæуама цæмæн фæттæрсон, кæд æма сумах Ин æмбæлттæ ке искодтайтæ, уомæй

ку нæ тæрсетæ, уой туххæй уин Е барæ нæ ратгæй? Мадта, кæд æй зонетæ, уæд еци дууæ партиемæй кæци ædасдæр æй?”

82. Ка бауудæндтæй, æма æ дин ænæрæстаг гъуддагæй ка не ‘стахта, уонæн – ædасдзийнадæ, æма етæ раст надбæл лæуунцë.

83. Е Нæ ævдесæйнаг æй, кæций Мах балævар кодтан Ибрæгимæн æ адæни нихмæ. Мах фæббæрзонддæр кæнæн къæпхæнтæй ке Нæ бафæндуй, уони. Уастæн, дæ Еунæхуцау сем æма зонагæ ‘й!

84. Æма ин[11] Мах балævар кодтан Исхак æма Йакуби; алкедæр си Мах худтан æррæстæ надбæл; раздæр Мах Нохи дæр худтан, æ цæуæтæй ба – Дауити, Сулеймани, Аййуби, Йусуфи, Мусай æма Харуми. Уотæ Мах бахатæн хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уонæн!

85. Закарий дæр, Ехиа дæр, Иса дæр, Илас дæр – се ‘нккæт дæр рæстæгтæй æнцæ.

86. Исмаили дёр, ал-Йасаай дæр, Йунуси дёр, Лути дæр Мах исбæрзонд кодтан дуйнетæбæл.

87. Сæ фиддæлти дæр, сæ цæуæти дæр, се ‘нсувæрти дæр Мах равзурстан æма сæ æррæстæ надмæ рахудтан.

88. Е Хуцауи над æй, кæцибæл рахонуй ке ‘Й фæндуй Æ цагъартæй, уони. Æма нур етæ Ин æмбалттæ ку искодтайуонцæ, уæдта цидæриддæр кодтонцæ, етæ фæдздзæгъæли адтайуонцæ!

89. Е, Мах киунугæ, фастдзийнадæ æма уасдардзийнадæ кæмæн балævар кодтан, етæ ‘нцæ. Ёма атæ[12] уонæбæл ку нæ бауудæндонцæ, уæдта уой Мах бабæгъдауонд кæндзинан уобæл ка бауудæнда, еци адæнæн.

90. Е, Хуцау ке худта, етæ ‘нцæ æма се ‘ррæстæ надбæл цо ду дæр! Зæгъæ: “Уобæл уи æз нециаваер аргъ корун. Е æрмæстдæр дуйнетæн зæрдæбæл æрлæууæн кæнæн æй”.

91. Етæ Хуцауæн гъæугæ аргъ нæ кодтонцæ, уотæ ку дзурдтонцæ: “Хуцау адæймагæн неци æрæрвиста”. Зæгъæ: “Ка æрæрвиста, Муса ци киунуги хæццæ æрбацудæй рохс итаунмæ æма адæни разамундæн, ёма сумах кæций фестун кодтайтё хецён тъёффитё, сё еуети син раргом гёнгёй, сё

иннети ба басосёг гёнгёй? Нæдæр уæхуæдтæ, нæдæр уæ фиддæлтæ ци нæ зудтонцæ, уобæл си уё ку исахур киндæй, уёд". Зæгъæ: "Хуцау". Уæдта сæ ниууадзæ сæхе ерхæфсгæй сæ дзæгъæл дзубандитæй.

92. Æма а киунугæ æй Финстæг, кæций дин нирвистан Мах. Е æй фæрнгун, æцæгдзийнади рæстæвдесæг. Е лæвæрд æй æ размæ ци ærвист адтæй, æма си цæмæй ахур кæнай горætти мади[13], уæдта уой фалæнбулай кадæр ес, уони, уæдта фæстаг бонбæл ка æууæндуй, абæл[14] ка æууæндуй, æма намаз ка кæнуй, уони тухххæн.

93. Хуцаубæл мæнгитæ ка æримиста, уомæй æнæрастдæр ма ка уодзæнæй, кенæ уотæ ка дзурдта: "Æрærвиста мин", фал ин æцæгæй ба неци ærвист адтæй; кенæ уотæ ка дзурдта: "Æз дæр, Хуцау ци æрærвиста, уæхæн æрærветдзæнæн"? Нур ду уой ку фæууидтайсæ, гиауртæ мæлæти туфули ци уаваери 'нцæ, уой, изæдтæ ба сæ къохтæ райтиндзунцæ: "Уæ уодтæ бадæметæ, абони æгадæ æфхуæрд цæудзинайтæ, Хуцауи тухххæй æцæгдзийнадæ ке нæ дзурдтайтæ æма хецмæрæй Е 'вдемёнтæ ке еппæрд кодтайтæ!"

94. Сумах нæмæ ærбацудайтæ еунæгæй, фиццаг хатт уæ Мах куд исфæлдистан, уотемæй, æма ниууагътайтæ уæ фæсте, Мах уæ цæмæй хайгин фæккодтан, уони. Æма Мах нæ фæууиндзинан уæ хæццæ, ке кой кодтайтæ, гъома етæ Хуцауи 'мбæлттæ 'нцæ, зæгъгæ, еци сærбæлдзоргути. Еуетæ иннетæй хецæнгонд ærцæудзæнæнцæ æма уи байаууон уодзæнæнцæ ке 'ргъуди кодтайтæ, етæ.

95. Уастæн, Хуцау нæмуг æма наппæн фæндаг дæттæг æй; цард исæвзурун кæнуй мардæй, мард ба ракæнуй цардæй! Е уин – Хуцау. Сумах ба куд ænæзунд айтæ!

96. Е равзурун кæнуй сæуæхседæ, æхсæвæ ба искæнуй æвæлмасæн, хор æма мæйæ ба рæстæг нимайунæн. Е тухгин æма фасти фæткæвард æй!

97. Е æй, сумахæн стъалутæ ка скодта, цæмæй уонæмæ гæсгæ фæндаг ерайтæ зæнхи æма денгизи тари. Уотемæй Мах, ка лæдæруй, уонæн ævдесæн Нæ алæмæттæ!

98. Е æй, сумах еунæг уодæй ка исирæзун кодта, уæдта уомæн ба ка искодта лæууæн æма багъæуайгæнæндонæ[15]. Мах, тергади ка кæнуй, еци адæнæн лæдæрун кæнæн не ‘вдесæнтæ!

99. Е æй, арвæй дон ка ‘ркодта, æма Мах уой фæрци исирæзун кæнун кодтан алли дзаума; Мах си равзурун кодтан кæрдæг, кæцимæй равзурун кæндзинан рæнгъæй рабадгæ нæмгутæ; пальмитæбæл – финикти ælхийнæгтæ æнгом цопæлтти хæццæ; дзæхæрати – сæнæфсери талатæ, маслинитæ, гранаттæ, – уæд кæрæдземæ æнгæстæ, уæд фæйнæхузти. Æркæсайтæ син сæ рæзæмæ, ку срæгъæд унцæ, уæд. Уастæн, æууæнкæ адæнæн етæ ёвдесёнтæ æнцæ!

100. Æма етæ Хуцауæн æмбæлттæ искодтонцæ дзинтæй, кæд æма сæ Е исфæлдиста, æма Ин æнæбундорæй, нецизонгæй фурттæ æма кизгуттæ æримистонцæ. Табу Ин уæд. Уомæн етæ ци æримисунцæ, Е уонæй сæрдæр æй!

101. Е уæлæрвтæ æма зæнхæ исфæлдесæг æй. Куд Ин уодзæнæй Уомæн сувæллон, кæд æма Ин уосæ дæр нæ адтæй, алцидæр Æхуæдæг исфæлдесгæй, æма алли гъуддаг дæр зонгæй![16]

102. Е уин – Хуцау, уæ Еунæхуцау, æма нæййес æндæр хуцау, Уомæй фæстæмæ. Е æй алци исфæлдесæг. Æма ‘Ймæ коветæ! Уастæн, Е алли исфæлдесондбæл дæр ауодæг æй!

103. Уой не стæфуй цæстæ, Е ба алли æнгас дæр æстæфуй: Е æстæфагæ æма зонагæ ‘й!

104. Уæ Еунæхуцауæй уæмæ æрцудæнцæ æргом ёвдесёнтё. Ка ‘й æрæстæфтæй, е æй æхецæн æрæстæфтæй, хъæрæу ка ‘й, е ба æхе зæранæн хъæрæу æй. Æз[17] сумахæн гъæуайгæнæг нæ дæн!

105. Уотæ амонæн Не ‘вдесёнтё, цæмæй уотæ дæр дзоронцæ: “Ду ахур кодтай” – æма цæмæй Мах, ка зонуй, еци адæнæн уой балædæрун кæнæн.

106. Дæ Еунæхуцауæй дин ци лæвæрд æй, уой фæдбæл цо: “Нæййес хуцау, Уомæй æндæр”, – æма дæхе райеуварс кæнæ берæ хуцæуттæмæ

ковгутæй.

107. Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæд Ин æмбæлттæ неке агурдтайдæ. Мах дæ уони гъæуайгæнæг нæ кодтан, æма ду уонæн гæс нæ дæ.

108. Хуцауæй æндæр ма ескæмæ ка ковуй, уони ма рæгосетæ, кенæ ба, сæ мæстæй нецизонгæй, Хуцауи рæгосун райдайдзæнæнцæ. Уотæ Мах исрæссугъд кодтан цийфæнди адæнæн дæр æ гъуддаг! Уой фæсте ба сæ Еунæхуцаумæ уодзæнæй сæ раздæхт, æма син Е фегъосун кæндзæнæй ци кодтонцæ, уой.

109. Æма Хуцауæй ард бахуардтонцæ – сæ æхсидзгæдæр сомитæй: ёвдесён сæмæ ку ‘рбацæуа, уæд си е баруагæс уодзæнæй. Зæгъæ: “Ёвдесёнтё Хуцаумæ ‘нцæ, фал уæ нур, миййаг, баууæндун кæндзæнæнцæ етæ?”

110. Æма син Мах сæ зæрдитæ æма се ‘нгас исхатдзинан, уомæн æма фиццаг хатт дæр етæ нæ баууæндтæнцæ æма сæ сæ рæдуддзийнади хъæрæуæй рахау-бахаугæнгæ ниууаддзинан.

111. Æма сæмæ Мах изæдтæ ку æрæрвистаййанæ, æма сæ хæццæ мæрдтæ ку сдзурдтайуонцæ, уæдта син сæ размæ Мах æнккæт исфæлдесæндти дæр ку æрæмбурд кодтаййанæ, уæддæр уонæй нæ баруагæс адтайдæ, Хуцауи ку нæ бафæндадтайдæ, уæд, фал уой сæ фулдæретæ нæ лæдæрунцæ!

112. Æма уотæ Мах алли пахампарæн дæр искодтан æзнæгтæ – сайтæнттæ адæнæй æма дзинтæй[18]. Уонёй сæ еуетæ иннети баруагæс кæнунбæл архайунцæ сæ дзубандити тæмæстæбæл. Æма сæ ниууадзæ, уæдта ци имисунцæ, уой дæр!

113. Æма æнæууæнкити зæрдитæ, федæни цардбæл ка не ‘ууæндуй, уобæл æновуд уæнтæ, æма уæд ци рамолунцæ, уомæй ирайгæ уæнтæ.

114. Зёгъё: “Æдта нур мæнæн мæ зæрдæ Хуцауæй фæстæмæ æндæр тæрхонгæнæг базæгъдзæнæй?” Финстæг лæвæрд кæмæн адтæй, етæ хуарз зонунцæ Хъуран Хуцауæй лæвæрд ке ‘й, уой, æма секхæсгутæй ма уо!

115. Уацæгадæ æма рæстдзийнади тухxæй Хуцауи дзурд æнæмæнгæ ‘й, æма Уой дзурд раййевун неке бон æй, уомæн æма Е игъосагæ æма зонагæ ‘й!

116. Зæнхæбæл ка цæруй, уонæй сæ фулдæрмæ ку байгъосай, уæд дæ Хуцауи надæй расайдзæнæнцæ. Етæ æрмæст æвæдзити фæдбæл цæунцæ, æма етæ æрмæст мæнгитæ имисунцæ!

117. Уастæн, Хуцау хуæздæр зонуй Æ надæй ка рахезуй, уони, уæдта Е хуæздæр зонуй, æррæстæ ка цæуй, уони!

118. Æма Хуцауи ном цæмæйдæрдæр иссерайтæ, уой хуæретæ, кæд Æ алæмæттæбæл æууæндетæ, уæд!

119. Æма цæмæннæ гъæуама хуæрайтæ Хуцауи номбæл ци уа, уони, Е уин бæлвурдæй ку исбæрæг кодта ци уин не ‘нгъезуй хуæрун, уой фæсте ма, æнæбарийæй уин ци хуæргæ рауайа, уомæй фæстæмæ? Беретæ ба уи уой нæ зонгæй се ‘нæкелбет монцти тухxæй рæдуйунцæ. Уастæн, дæ Еунæхуцау хуæздæр зонуй æнæраст гъуддæгтæ аразгути!

120. Ниууагътæ тæрегъæдтæ хæссун æргомæй дæр æма фæсауюнмæ дæр. Уастæн, тæрегъæдтæ ка хæссуй, етæ ци бакæнунцæ, е сæ фæууодзæнæй!

121. Æма Хуцауи ном ци хуæруйнагбæл не ‘ссердæ уа, еци хуæруйнаг ма хуæретæ: е æнаккаг миуæ ‘й! Уомæн æма сайтæнттæ сæ фарсдарти авинсунцæ, цæмæй етæ уæ хæццæ буцæу кæнонцæ, æма сæмæ ку байгъосайтæ, уæд сумах дæр муртагтæ уодзинайтæ.

122. Мард ка адтæй æма Мах ке æригас кодтан æма рохс кёмён равардтан, кæций хæццæ е адæни ‘хсæн цæуй, е, мийяг, талинги ка ‘й æма уордæги ке бон нæй рацæун, уойяу æй? Ка не ‘ууæндтæй, уонæн уотæ рæсугъд конд æй, ци кодтонцæ, еци гъуддёгтё!

123. Куд ами[19], уотæ иннæ горæтти дæр хецæуттæй Мах æвæрæн уоми нецæййагдæр цæргутæй, цæмæй етæ уоми мæнгард миутæ кæнонцæ, фал æрмæст сæхе нихмæ, æма уой ба етæ нæ лæдæрунцæ.

124. Ёвдесён сæмæ ку ‘рцæуй, уæдта фæззæгъунцæ: “Махæй нæ

баруагæс уодзæнæй, цалдæн Хуцауи минæвæрттæн ци лæвæрд адтæй, е нин лæвæрд не ‘рцæуа, уæдмæ”. Хуцау хуæздæр зонуй Æ минæвайрадæ кæмён дётгё ‘й, уой. Тæрегъæдтæ ка ‘рхаста, уони сæ Еунæхуцауи размæ æфхуæрдæ баййафдзæнæй æма æфхуæрдæ ба, ци кодтонцæ, уой туххæй тухгиндæр уодзæнæй!

125. Хуцауи ке бафæндуй æррæстæ рахонун, уомæн æ реу исламæн раурухдæр кæнуй, надæй фæццодун Æй ке бафæндуй, уой реу ба фæуунгæгдæр кæнуй, уотæ нарæг, æма ‘ймæ уотæ фæккæсуй, цума арвмæ исхезуй. Уотæ Хуцау æфхуæруй ка не ‘ууæндуй, уони!

126. Æма е дæ Хуцауи над æй, æррæстæ ку фæууй, уæд. Ка гъуди кæнуй, еци адæнæн Мах лæдæрун кодтан Нæ алæмæттæ.

127. Уонæн сæ дуйней цæрæнуат сæ Хуцаумæ ‘й. Е æй сæ ангъосгæнæг, ци кодтонцæ, уой туххæй.

128. Æма сæ еци Бон Е æрæмбурд кæндзёнёй еумæ: “Уо, дзинти гур! Аци адæнæй берæ дæмдтайтæ!” Æма адæни астæуæй сæ лимæнтæ зæгъдзæнæнцæ: “Еунæхуцау! Еуетæ нё иннетæй пайда кодтонцæ, æма нин Ду ци рæстæгмæ исæнгъуд кодтай, уой байдауæнмæ æрхъæрдтан”. Е зæгъдзæнæй: “Арт – уæ цæрæнуат. Æма, æрмæст Хуцауи æндæр ести тæрхон скæнун уин ку нæ бафæндæуа, уæд уоми байзайдзинайтæ æносмæ”. Уастæн, дæ Хуцау сем æма зонагæ ‘й!

129. Уотæ, еу гиауртён Мах раттён барё иннæ гиауртён хецауеуёг кёнун, ци кёнунцё, уой туххæй.

130. Мах зёгъдзинан: “Уо, дзинти æма адæни гур! Уе ‘хсæнæй уæмæ, мийяаг, минæвæрттæ не ‘рбацæуидæ, кæцитæ уин Мæ алæмætти туххæй радзориуонцæ æма уин фегъосун кæниуонцæ уæ еци бонбёл фембæлди туххæй?” Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Мах нæхуæдтæ нæхе нихмæ æвдесæн кæнæн”. Хæстæг цард сæ расайдта æма сæхуæдтæ сæхе нихмæ бавдесæн кодтонцæ, гиауртæ ке адтæнцæ, уой туххæй.

131. Е уой туххæй, æма Хуцау уæхæн нæй, цæмæй æнæгъæуаги исафа гъæутæ, сæ цæргутæ ке неци зудтонцæ[20], æрмæст уой туххæй.

132. Алкæмæн дæр, ка ци кодта, уомæ гæсгæ – къæпхæн, æма Хуцау, етæ ци кæнунцæ, уой æнæбафеппайгæ нæй.

133. Дæ Хуцау гъæздуг æй, хæларзæрдæ ‘й; фал Уой ку бафæнда, уæд уæ ниццæгъддзæнæй æма уæ æндæртæй раййевдзæнæй, сумах, æндæр адæнихæттæлти байзæттæгтæ куд исæнтæста Е, гъе уотæ.

134. Уастæн, сумахæн ци ивæрзт æй, е æрхъæртдзæнæй, æма уомæн сумах бон неци ‘й!

135. Зæгъæ: “Уо, мæ адæн! Уæ зæрдæ уин куд амонуй, уотæ кæнетæ, æз ба мæхуæдæг архайдзæнæн, æма уой фæсте ба фæууиндзинайтæ аци хæдзари бунтæ кæмæн байзайдзæнæнцæ, уой. Уастæн, гиуртæ амондгун нæ уодзæнæнцæ!”

136. Етæ Хуцауæн рахецæн кæнунцæ хай, Е син ке раттуй сæ будурти æма фонсæй, уомæй, æма фæззæгъунцæ: “Айæ Хуцауæн!” – уонæмæ гæсгæ, – а ба Е ‘мбæлттæн, кæцитæн кадæ кæнæн!” Кадæ кæмæн кæнунцæ, еци “æмбæлтти” хай Хуцаумæ нæ бахъæртуй, Хуцауæн хай ба еци “æмбæлттæмæ”, етæ ке нимайунцæ, уонæмæ бахъæртуй. Куд æнæбундорон æнцæ сæ сагъæстæ!

137. Æма и муртактæй беретæ уомæ гæсгæ ба рæсугъд гъуддагбæл нимайунцæ кадæ кæмæн кæнунцæ, уонæн сæ сувæллæнтти нивондагæн марун, цæмæй сæ фесафонцæ æма син сæ дин банимæхсонцæ. Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæдта етæ уой нæ бакодтайуонцæ. Æма сæ ниууадзæ, ци æримистонцæ, уой дæр!

138. Æма етæ дзорунцæ: “Атæ хæран фонс æма тиллæг æнцæ. Уонæй хуæрун æнгъезуй мах кёмён раттён барё, æрмæст уонæн”. Етё и фонсёй сё еуетёбёл бадун дёр ёма уёргътё ласун дёр нё уадзунцё, иннетёбёл ба Хуцауи ном не ‘ссерунцё, алцитёй Ибёл ёримисгёй. Ци ‘Йбæл æримистонцæ етæ, уой син Е бахатдзæнæй!

139. Æма етæ дзорунцæ: “Еци фонси губунти ци ес, е æрмæст нæ нæлгоймæгтæн æнгъезуй, фал нæ силгоймæгтæн ба хæран æнцæ”. Е æфтуддаг ку уа, уæдта ‘йбёл етæ дæр сё барё фёддарунцё. Е си, ци

‘Йбæл имисунцæ, уой бахатдзæнæй. Е сем æма зонæнгин æй!

140. Етæ устур зæрани æнцæ, се ‘дулидзийнади туххæй сæ сувæллæнттæ ке мардтонцё, уæдта Хуцау син ци равардта, уобæл ке тобæ кодтонцё, Хуцаубæл алци имисгæй, уой туххёй. Сæ надбæл фæррæдудæнцæ æма æррæстæ цæугутæ нæбал æнцæ!

141. Е, цæгиндзитæбæл дæр æма æнæ цæгиндзæй дæр ка ирæзуй, уæхæн сæнæфсери талати рæзбунтæ, уæдта пальмитæ æма хумтæ аллихузон рæзи хæццæ, маслинитæ æма гранаттæ, æнхузæн æма фæйнæхузи ка исаразта, Е æй. Хуæретæ син сæ рæзæ, Е сæ ку бауоддзуд кæна, уæд, æма тиллæг есæн рæстæги сæ æмбурд кæнетæ, цæйбæрцæ æмбæлуй, уой бæрцæ, фал æгæр ма кæнетæ, уомæн æма Е æгæргæнгутæ нæ уарзуй!

142. Фонси ёхсён ес уæззаутæ ласунæн дёр ёма ёндёр гъуддёгтён дёр ка бёззуй, уёхёнттё. Хуцау уин ци равардта, уой хуæретæ, æма Ибилиси фæдбæл ма цотæ, уомæн æма е сумахæн фуди-фуддæр æзнаг æй.

143. Аст ёнкъай уоди: фустæй – дууæ, сæгътæй дæр – дууæ. Зæгъæ: “Мийяаг уин нæлтæ, кенæ силтæ нæ уагъта Е? Кенё силё фонси губунти ци ес, уони? Кæд сумах раст дзоретæ зонгæй, уёд Мин фегъосун кæнетæ”.

144. Теуатæй дæр – дууæ, гъоцитæй дæр – дууæ. Зæгъæ: “Мийяаг уин нæлтæ, кенæ силтæ нæ уагъта Е? Кенæ силё фонси губуни ци ес, уони? Æви, Хуцау уони ку уосиат кодта, уæд æвдесæн адтайтæ?” Хуцаубæл алцитæ ка имисуй, цæмæй нецизонгæй адæни фесинмæ фæккиндæ уа, уомæй æнаккагдæр ма ка уодзæнæй? Уастæн, Хуцау æнаккаг адæни нæ хонуй!

145. Зæгъæ: “Мæнæн æргомгонд ци ‘рцудæй, уонæми æз неци хæран ерун хуæрæгæн, ци хуæруй, уомæй, æрмæст хуæдмæл ку уа, кенæ тогуагъд, кенæ хуййи фид, уомæн æма е цъамар æй, кенæ кæдзос нæй, кенё Хуцауи номи бæсти æндæр еске номбæл æвгæрст ке адтæй, уой туххæй. Æнæуаг æма æнаккаг нæ уогæй ба æнæбари бахуæрун ку

багъæуа, уæдта – дæ Еунæхуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

146. Уераг динмæ е ‘ргом ка раздахта, уонæн Мах бахъоди кодтан сæфтæгутæ кæбæл нæййес, уæхæн фонс, гъоцитæ æма фустæй ба Мах бахъоди кодтан фиу, сæ бæрзæйбæл кенæ сæ хурфидзаумæуттæбæл, кенæ æстгути хæццæ ка исхæлæмулæ ‘й, еци фиутæй фæстæмæ. Уой син Мах сæ æнаккагдзийнади тухххæй бахатдан, уомæн æма Мах бон æй тæрхон кæнун!

147. Кæд дæ сайæгойбæл нимайунцæ, уæд зæгъæ: “Нæ Еунæхуцау устур хуарзæнхи хецау æй, æма Ин Æ тухæ тæрегъæдгун адæнæй нæ райеуварс киндæ уодзæнæй”.

148. Уомæн æмбæлттæ ка агоруй, етæ зæгъдзæнæнцæ: “Хуцауи ку фæндадтайдæ, уæд нæдæр мах нæхуæдтæ, нæдæр нæ фиддæлтæ Ин нæ агурдтайуонцæ æмбæлттæ æма тобæгонд дæр неци цудайдæ”. Уотæ, уони размæ ка адтæй, етæ дæр уæхæн мæнгæттæ дзурдтонцæ, цалдæн Нæ тухæ нæ бавзурстонцæ, уæдмæ. Зæгъæ: “Ести зонундзийнадæ уæмæ ес? Бавдесайтæ нин æй. Сумах æрмæст æвæдзити фæдбæл цотæ æма æрмæст мæнгитæ имисетæ!”

149. Зæгъæ: “Хуцаумæ – бæлвурд æвдесæн. Уой ку фæндадтайдæ, уæд уе ‘гасейдæр æррæстæ надмæ рахудтайдæ”.

150. Зæгъæ: “Уе ‘вдесæнгæнгути ракæнтæ, Хуцау ци батобæ кодта, уобæл ка бавдесæн кæна, уони!” Етæ ку бавдесæн кæнонцæ, уæддæр ду сæ хæццæ ма ‘вдесæн кæнæ æма, Нæ алæмæттæ мæнгæттæбæл ка нимайуй æма федæни цардбæл ка не ‘ууæндуй, уони монцти фæдбæл ма цо. Етæ Хуцауæн æмсæртæ имисунцæ!

151. Зæгъæ: “Æрбацотæ æма уин æз бакæсдзæнæн, уæ Хуцау уин ци батобæ кодта, уони: цæмæй Ин æмбæлттæ ма кæнайтæ; уæ нийергутæн хуарз куд уайтæ; уæ мæгурдзийнади тухххæй уæ сувæллæнттæ ма маретæ – Мах уони дæр æма сумах дæр исхæсдзинан; ма кæнетæ фудмиутæ нæдæр æргомæй, нæдæр сосæггай; Хуцау ци уодтæ марунбæл батобæ кодта, уони ма маретæ, ке уин исаккаг кодта, уонæй

уælдай. Уой уин бауосиат кодта Е, - мусийнæ, балædærдзийнайтæ!

152. Æма хæстæг ма цотæ седзærти мулкмæ, ærмæст уонæн сæхе пайдай туххæй, цалдæн етæ сæ къæхтæбæл ислæууонцæ федар, уæди уæнгæ, бæрцæ зонгæй æма растдзийнадæй си пайда кæнгæй. Æ бон ци нæй, уæхæнæй Мах неци ихæс æвæрæн уодбæл. Ку дзорайтæ, уæдта рæстдзийнадæбæл хуæцæг уотæ, хæстæгутæ ку уонцæ, уæддæр, æма Хуцауи фæдзæхст æнхæст кæнетæ. Уой уин бафæдзахста Е, æма, мусийнæ, уæ зærдæбæл æй дардзинайтæ!

153. Æма айæ – Ме ‘ррæстæ над æй, æма ‘йбæл цотæ ёма æндæр нæдтæбæл ба ма цотё, цæмæй уæ етæ Æ надæй ма фæккеун кæнонцæ. Уой уин Е бафæдзахста æма, мусийнæ, Хуцауæй тæрсагæ уодзинайтæ!”

154. Уой фæсте ба Мах балæвар кодтан Мусайæн киунугæ, цæмæй ци хуæздæр æй, уомæй æй банхæст кæна, æма læмбунæгæй балædærун кæна алли гъуддаг дæр, уæдта разамунд дæттунмæ æма битирæн, - мусийнæ, уонæй баруагæс уодзænæй Хуцаубæл ке исæмбæлдзænæнцæ, е!

155. Æма айæ, Мах ке æрæрвистан, еци фæрнгун киунугæ æй; æма æ фæдбæл цотæ æма хуцаудас уотæ, - мусийнæ, æма хатиргонд æрцæудзинайтæ! –

156. цæмæй уæ уотæ дзорун ма багъæуа: “Киунугæ мах размæ æрмæст дууæ адænихаттмæ æрвист адтæй, æма уомæ гæсгæ ба мах дæр етё цёбёл ахур кодтонцё, уой нæ зудтан”.

157. Кенæ ба цёмёй ма дзурдтайуонцæ: “Махæн æрвист ку адтайдæ и киунугæ, уæд мах уонæй уæлдай никки растдæр надбæл адтаййанæ!” Æма уæмæ нур æрцудæй уæ Еунæхуцауæй ёвдесён дæр, разамунд дæр, хуарзænхæ дæр; æма Хуцауи ёвдесёнтё мæнгæбæл ка нимайуй æма си æхе ка хатуй, уонæй ænæрастдæр ма ка ‘й? Не ‘вдесёнтёй æхе ка хатуй, уони Мах бакайдзинан фудæфхуæрдæй, сæхе си ке еппард кодтонцæ, уой туххæй!

158. Ædта нур етæ, изædтæ сæмæ æрцæудзænæнцæ, зæгъгæ, уой

хезунцæ, кенæ сæмæ дæ Еунæхуцау æрцæудзæнæй, кенæ сæмæ дæ Еунæхуцауæй ести ёвдесён æрцæудзæнæй? Дæ Хуцауæй ести ёвдесён ци бон æрцæуа, еци бон ин нæбал фæййагъаз уодзæнæй æ уодæн е ‘ууæнкæ, раздæр ибæл ке нæ баууæндтæй, кенæ ба æ дини хуарз гъуддæгтæбæл хуæцæг ке не ‘ссæй, уой туххæй. Зæгъæ: “Хезетæ æма мах дæр хездзинан!”

159. Уастæн, сæ дин ка ниддехтæ кодта æма партитæ ка иссæй, ду[21] уонæй нæ дæ. Уони гъуддаг Хуцаумæ ‘й[22] æма син уой фæсте ба Е фегъосун кæндзæнæй ци кодтонцæ, уой.

160. Хуарз гъуддаги хæццæ ка ‘рбацæуа, уомæн ба – дæс уæхæни, фуд гъуддаги хæццæ ка ‘рбацæуа, уомæн ба уæхæнæй хатт æрцæудзæнæй, æма етæ зæрдихудт не ‘рцæудзæнæнцæ!

161. Зæгъæ: “Уастæн, Хуцау мæ рахудта æррæстæ надмæ, куд раст динмæ, Ибрæгими динмæ, кæци адтæй æцæг рæстаг æма берæ хуцæуттæмæ ковæг н’ адтæй”.

162. Зæгъæ: “Уастæн, мæ кувд æма мæ хуарзæнхæ, мæ цард æма мæ мælæт, æмбал кæмæн нæййес, Дуйнейскæнæг еци Еунæхуцауи алфён ёнцæ.

163. Е мæнæн фæдзæхст æй æма æз, Хуцаубæл арази ка ‘й, уони фиццаг дæн”.

164. Зæгъæ: “Еунæхуцауæй фæстæмæ ма, мийяг, æндæр еске агордзæнæн Хуцауæн?” Е алцæй Хуцау дæр æй. Алли уод дæр ци райсуй, е байзайуй æхецæн, æма еске уаргъ неци хузи фæххæсдзæнæй. Уой фæсте ба уæ Еунæхуцаумæ уодзæнæй нæ раздæхт, æма уин Е фегъосун кæндзæнæй цæбæл буцæу кодтайтæ, уой.

165. Е уæ а зæнхæбæл нæуæг фæлтæр искодта[23]: Е уё еуети иннетæбæл исбæрзонд кодта уæ келбетдзийнадæмæ гæсгæ, цæмæй уæ бафæлвара ци уин исаккаг кодта, уомæй. Уастæн, дæ Еунæхуцау цурд æй æ бафхуæрди, æма, уастæн, Е хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

7-аг сураæ

Къухцитæ[1]

(Аль-Аъраф)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Алиф лам мим сад.
2. Финстæг дæуæн æрвист æй – æма дæ зæрди уой туххæй унгæгдзийнадæ ма уæд! – цæмæй ду уомæй æруагæс кæнун кæнай æма цæмæй е æууæндгутæн зæрдæбæл дарæнæн уа.
3. Уæ Еунæхуцауæй æрвист уæмæ ци ‘й, уой фæдбæл цотæ, æма Уомёй фёстёмё ёндёр ангъосгёнгути фæдбæл ма цотæ. Ёдта куд минкъий имисетё Нё фёдзёхст!
4. Цæйбæрцæ гъæутæ фесафтан Мах! Нæ карз æфхуæрддзийнадæ сæ æхсæвæ дæр, уæдта рæфтон уолæфти рæстæги дæр, цит, баййафидё.
5. Æма Нæ карз æфхуæрдæ сæ ку баййафидæ, уæд уонæн сæ нёгё е фёууидё, уотæ дзоргæй: “Мах тæрегъæдгун адтан!”
6. Мах æрфæрсдзинан кæмæ рарвистан, уони дæр, æма минæвæртти дæр,
7. уомæн æма Мах сæ фæсте тæлмæцæн Нæ зонундзийнадæй. Мах некæд фæууæн фæсаууон!
8. Еци бон гъуддæгти барундзийнадæ уацæг уодзæнæй: сæ барæнтæ уæззау кæмæн уодзæнæнцæ, етæ амондгун уодзæнæнцæ,
9. сæ барæнтæ рæуæг кæмæн уонцæ, етæ ба зæран сæхуæдтæ сæхецæн æрхастонцæ, Не ‘вдесёнтёмё рæстеуагæ цæстæй ке нæ ракастæнцæ, уой туххæй.
10. Мах уæ зæнхæбæл исивардтан æма уин царди мадзæлттæ равардтан, сумах ба минкъий боз айтæ!
11. Мах уæ исфæлдистан, уæдта уин хузæ равардтан, уой фæсте ба изæдтæн загътан: “Адамæн раковетæ!” – æма етæ дæр ракувтонцæ, Ибилисæй фæстæмæ: е раковгутæй нæ адтæй.

12. Е загъта: “Ци дæ бауорæдта раковунæй, кæд æма дин Æз байхæс кодтон, уæд?” Е Ин загъта: “Æз уомæй хуæздæр дæн: Ду мæн исфæлдистай зингæй, уой ба исфæлдистай сигитæй”.
13. Е загъта: “Дæлгенаг фæууо ардæгæй: нæ фæткæуй дæуæн уоми уæлбекъондзийнадæ æвдесун! Рандæ уо: ду, нецæййаг ка разиндтæй, уони хæццæ дæ!”
14. Е Ин загъта: “Цалдæн игасгонд æрцæуонцæ, уæди уæнгæ мин раттæ æнгъуд”
15. Е загъта: “Ду, æнгъуд læвæрд кæмæн æрцудæй, уони æхсæн дæ”.
16. Е Ин загъта: “Раст надæй мæ ке рацох кодтай Ду, уой тухxæй син æз арæсæнтæ араздзæнæн Дæ раст надбæл.
17. Уæдта сæмæ æз фæззиндзинæн сæ разæй дæр, сæ фæсте дæр, сæ рахес фарсæй дæр, сæ галеу фарсæй дæр, æма Ду фæууиндзæнæ, уонæй беретæ Дæуæй боз ке нæ уодзæнæнцæ, уой”.
18. Е загъта: “Рандæ уо ардигæй æгадæ æма дæлæнсонæй! Дæ фæдбæл ка рацæуа, уонæй ба уе ‘гасемæйдæр байдзаг кæндзинан зиндонæ.
19. Ду ба, Адам, дæ уоси хæццæ æрцæра дзенети: хæуретæ ци уæ фæндуй, уони, æрмæст еци бæласæмæ хæстæг ма бацотæ, цæмæй æнæуагæ ма раззиннайтæ!”
20. Æма син Ибилис бауста, цæмæй син байгон кодтайдæ ци римæхст адтæй уонæн сæ æнаккагдзийнадæй – сæ бæгънæгдзийнадæ, уой, æма загъта: “Аци бæласæ уин уæ Хуцау батобæ кодта, цæмæй сумах изæдтæ æма æносон ма исуайтæ, æрмæст уой тухxæн”.
21. Æма син басоми кодта: “Уастæн, æз сумахæн уæ хуарз унаффæгæнæг дæн”.
22. Уотемæй, ра сæ сайгæй, е[2] сæ цибæли фæдбæл ракодта[3]. Æма еци бæласи рæзæй ку исахустонцæ, уæдта син сæ бæгънæгдзийнадæ байгон æй, æма дууемæй дæр сæхецæн хъæппæлтæ хуййун райдæдтонцæ бæласи сифтæй. Æма сæмæ сæ Еунæхуцау фæсседта: “Гæр, Æз сумахæн еци бæласæ нæ батобæ кодтон, æма уин нæ дзурдтон, Ибилис уæ

фуддæр æзнаг ке ‘й, уой тухæй?”

23. Етæ загътонцæ: “Нæ Еунæхуцау! Мах нæхуæдтæ нæхе бафхуардтан, æма нин ку нæ ниххатир æма тæрегъæд кæнай, уæд мах ænамондгун уодзинан”.
24. Е син загъта: “Фæддæлгенæг уотæ! Уæ еуетæ иннетæн уодзинайтæ æзнаг. Зæнхæбæл – уæ цæрæнуат æма си пайда кæнетæ рæстæгмæ”.
25. Е загъта: “Сумах цæрдзинайтæ уобæл, æма мæлгæ дæр кæндзинайтæ уобæл, æма уордæгæй рахундæ уодзинайтæ”.
26. Уо, Адами цæуæт! Мах уин равардтан хъæппæлтæ, цёмёй уæ бæгънæгдзийнадæ æмбæрзайтæ, уæдта рæсугъд фæлунст. Фал хуцаудаси хъæппæлтæ ба никки хуæздæр æнцæ. Е уин – Хуцауи ёвдесёнтёй æма, мусийнæ, расагъæс кæндзинайтæ!
27. Уо, Адами цæуæт! Ибилис уæ ма расайæд, уæ нийергути дзенетæй куд расайдта, уотæ: е син сæ хъæппæлтæ куд æргæлста, цæмæй син сæ бæгънæгдзийнадæ бавдеса. Уастæн, е, уæдта е ёхæуæдæг дæр æма æ фæсдзæуинтæ дæр уæ уинунцæ, сумах сæ кæцæй нæ уинетæ, уордæгæй. Уастæн, Мах сайтæнтти исивардтан æнæууæнкити баридаугутæй!
28. Æма етæ ести æнаккадзийнадæ ку бакæнунцæ, уæд фæззæгъунцæ: “Мах нæ фиддæлти уæхæн уавæри æрæййафтан æма нин Хуцау дæр уой бафæдзахста”. Зæгъæ: “Уастæн, Хуцау æнаккаг гъуддæгтæ нæ кæнун кæнуй! Ædта нур сумах ци нæ зонетæ, уони Хуцаубæл имисдзинайтæ?”
29. Зæгъæ: “Хуцау нин рæстдзийнадæ бафæдзахста; уе ‘рух, цит, æздахетæ æрмæст уой æрдæмæ[4] æма Уомæ коветæ, Æ размæ ин дин кæдзос гæнгæй; Е уæ фиццаг куд исфæлдиста, уотæ Имæ фæстæмæ дæр раздæхдзинайтæ!”
30. Уё еу хай уи Е раст надбæл худта, иннетæн ба сæ хай – рæдуддзийнадæ, уомæн æма етæ Хуцауи бæсти сæхецæн баридауæгæй сайтæнттæ райстонцæ æма сæхуæдтæ ба уотæ æнгъæл æнцæ, раст надбæл цæунцæ, зæгъгæ!
31. Уо, Адами цæуæт! Хуцауи ковæндонёмæ бацæуни размæ уæ хуæздæр

дзаумæуттæ, цит, искæнетæ: хуæретæ, ниуазетæ, фал æгæр ба мацæми кæнетæ, уомæн æма Е æгæргæнгути нæ уарзуй!

32. Зæгъæ: “Хуцау Æ цагъартæн ке саккаг кодта хуёрзеуёгён, еци рæсугъд фёлунстбæл ка батобæ кодта?” Зæгъæ: “Е, æрмæст ка бауæндтæй, уонæн æнцæ а царди исæндедзæн бони уалдæнгæ пайда кæнунæн”. Уотæ Мах лædæрун кæнæн Не ‘вдесёнтæ ка зонуй, уонæн!

33. Зæгъæ: “Мæ Еунæхуцау, бæрæгæй дæр æма æбæрæгæй дæр, æрмæст илгъæгтæ хуæрун батобæ кодта; тæрегъæд хæссун æма барæ дин нæ уогæй фуддзийнадæ кæнун, уæдта Хуцауæн æмбæлттæ кæнун, цæй туххæй уин Е бæлвурдæй неци бафæдзахста, уæдта Хуцауи туххæй, ци нæ зонетæ, уой дзорун.

34. Алли адæнихаттæн дæр æхе рæстæг ес: рæстæг ку ‘рхъæрта уонæн, уæд ин нæдæр фæттагъддæр кæнæн, нæдæр фæссабурдæр кæнæн уодзæнæй сæ бон цийфæнди усмæмæ дæр.

35. Уо, Адами цæуæт! Уе ‘хсæнæй уæмæ минæвæрттæ ку ‘рбацæуонцæ, Мæ алæмæтти туххæй уин дзоргæй, уæд ка тарстæй æма хуарз гъуддæгтæ ка кодта, уонæн тæссаг нæй, æма етæ æнкъард нæ уодзæнæнцæ!

36. Мæ алæмæттæ мæнгæбæл ка нимадта æма сæбæл æхе кæ уёлиау кодта, етæ ба арти амæттаг уодзæнæнцæ, æма уоми байзайдзæнæнцæ æноси дæр!

37. Хуцаубæл мæнгæттæ ка æримиста, кенæ Ин Ё ‘вдесёнтё мæнгæбæл ка банимадта, уонæй æнæрастдæр ма ка уодзæнæй? Уонæн, Финстæги куд загъд цæуй, уомæ гæсгæ сæ гъуддæгтæ хадт æрцæудзæнæнцæ. Уæдта сæмæ нæ минæвæрттæ ку ‘рцæуонцæ, цæмæй син сæ цард фæууонцæ, уæд син етæ зæгъдзæнæнцæ: “Кæми ‘нцæ, Хуцауæй ændæр ма кæмæ кувтайтæ, етæ?” Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Фесавдæнцæ нин!” Æма сæхуæдтæ сæхебæл бавдесæн кæндзæнæнцæ æнæууæнкæ ке адтæнцæ, уой туххæй.

38. Е зæгъдзæнæй: “Уæ размæ ци дзинтæ æма адæнтæ адтæй, уони ‘хсæнмæ артмæ бацотæ!” Уордæмæ ци адæн бацæуа, етæ алли хатт дæр сæ размæ

ка адтæй сæхе хузæнттæй, уони, цит, ралгъетдзæнæнцæ. Еумæ ку æрæмбурд æнцæ уоми, уæдта фёстёгтё фиццёгти туххæй зёгъдзёнёнцё: “Еунæхуцау! Атæ нæ фæррæдуйун кодтонцæ, æма сё дувæлтæрæй бафхæуæрæ артæй”. Е загъта: “Алкæмæн дæр уи – дувæлтæрæй, фал сумах уой нæ зонетæ!”

39. Æма фиццёгё фёстёгтæн зёгъдзёнёнцё: “Сумах ба махæй ци уæлдай айтæ? Сумах дæр ци бакодтайтæ, уой азар бавзаретæ!”
40. Уастæн, Нæ алæмæттæ мæнгæбæл ка нимадта æма сæхе сæбæл ка уæлиау кодта, уонæн арви дуар нæ байгон уодзæнæй æма дзенетмæ нæ бацæудзæнæнцæ, цалдæн теуа содзийни гъоси нæ балæса. Уотæ бадæмæн тæрегъædхæсгути!
41. Уонæн сæ нивæрзæн – дзаханамани, сæ уæле ба – æмбæрзæн, æма уотæ бадæмæн æнаккæгти!
42. Ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, - уодбæл Мах æвæрæн æрмæст æ бон ци ‘й, уой, - етæ ба дзенети цæргутæ ‘нцæ, æма уоми уодзæнæнцæ æноси дæр.
43. Æма сæ реуи гъенцъундзийнадæй ци адтæй, уой исистан. Уони буни уайунцæ цæугæдæнттæ, æма етæ фæззæгъунцæ: “Табу Хуцауæн, абæлти нæ ка ракодта! Хуцау нæ ку нæ ракодтайдæ абæлти, уæд мах дæр нæ рацудаййанæ. Нæ Еунæхуцауæй нæмæ Е ‘рвист адæн æрцудæнцæ уацæгади хæццæ, æма рафедеудтонцæ: “Мæнæ уин дзенет, кæци уин лæвæрд æй ци кодтайтæ, уой туххæй!””
44. Æма дзенети цæргутæ фæдздзурдтонцæ зиндони цæргутæмæ: “Хуцау нин ци байвæрзта, уой иссирдтан æцæгæй, сумах ба æцæгæй иссирдтайтæ, уæ Хуцау уин ци байвæрзта, уой?” Етæ загътонцæ: “Гъо”. Æма се ‘хсæн федог рагъæр кодта: “Хуцауи ælгъист æнаккæгтæбæл,
45. кæцитæ Хуцауи надæй еуварс кæнун кæнунцæ æма архайунцæ ‘й ниффесинмитæ кæнун æма федæни цардбæл не ‘ууæндунцæ!”
46. Æма се ‘хсæн ба – æмбæрзæн, къухцитæбæл ба – адæн, кæцитæ зонунцæ æнккæтей дæр сæ менеугутæмæ гæсгæ. Æма фæдздзордзæнæнцæ

дзенети цæргутæмæ: “Салам уæ уæд!” – уордæмæ ка нæ бацудæй, етæ, кæд æма сæ фæндгæ ба кодта.

47. Æма се ‘рух арти амæттæгтæмæ æздæхт ку ‘рцæуа, уæдта зæгъдзæнæнцæ: “Еунæхуцау! Æнаккаг адæни хæццæ нæ ма бакæнæ!”

48. Æма уæд къухцити уæвгутæ, сæ менеугутæмæ гæсгæ ци адæн зонунцæ, уонæмæ фæдздзордзæнæнцæ: “Нæ уин фæййагъаз æй уæ мулк, уотæ сæрбæрзонд кæмæй адтайтæ!

49. Мийяаг, аци адæни туххæй нæ соми кодтайтæ, Хуцауи хуарзæнхæй хайгин ке нæ фæууодзæнæнцæ, уой туххæй? Бацотæ дзенетмæ, сумахæн тæссаг нæй æма æнкъард нæ уодзинайтæ!”

50. Æма рагъæр кæндзæнæнцæ арти амæттæгтæ дзенети цæргутæмæ: “Æркалайтæ нæбæл дон, кенæ Хуцау уæ цæмæй фæххайгин кодта, уæхæн æндæр ести!” Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Еу гъуддагдёр дæр æма иннæ гъуддаг дæр æнаккаг адæнæн Хуцау нæ уадзуй кæнун”, -

51. Сæ дин гириз æма гъазæнгъолæ ка фестун кодта æма а хæстæг цард ке рацибæл кодта, уонæн: абони сæ Мах байронх уодзинан, аци бони исæмбалд си куд феронх æй, уæдта Нæ алæмæттæ ке еппард кодтонцæ етæ, Мах дæр уотæ!

52. Мæнæ сæмæ Мах æрбацудан киунуги хæццæ, кæций балæдæрун кодтан куд æррæстæ над æма хуарзæнхæ, ка æууæндуй, еци адæнæн.

53. Æдта нур етæ ай лæдæрунгæнæнæй æндæр ма естæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ? Æ тæфсертæ ци бон æрцæуонцæ, еци бон, раздæр æй ка феронх æй, етæ зæгъдзæнæнцæ: “Нæ Еунæхуцауи минæвæрттæ нæмæ æрцудæнцæ уацæгади хæццæ. Æма, нæ сæрбæлдзоргутæ ес, нæ сæрбæл нин ка сдзора, уæхæнттæ? Æви фæстæмæ æздæхт æрцæудзинан æма раздæр ци кодтан, уони кæндзинан?” Етæ сæхуæдтæ сæхецæн зæран æрхастонцæ, æма ци æримистонцæ, е си фæццидæр æй!

54. Уастæн, нæ Еунæхуцау – Хуцау æй, кæци исфæлдиста арв æма зæнхæ æхсæз бонемæ, уой фæсте ба Æ трони исбадтæй. Е æхсæвæй бахгæнуй бон, кæци æнæсцохæй æ фæдбæл зелуй. Хор дæр, мæйæ дæр, стъалутæ

дæр Уой бæрни æнцæ. Миййаг, Уой исфæлдесонд æма арæзт нæ ‘нцæ? Фæрнгун æй Хуцау, дуйнети Паддзах!

55. Уæ Еунæхуцаумæ коветæ уесæн кæнгæй сосæй.[5] Уастæн, Е нæ уарзуй æнæнвæрсонти!

56. Сæрфатгонд кæми ‘рцудæй зæнхæ, уоми ‘й мабал раууат кæнетæ. Коветæ ‘Ймæ тас æма кади хæццæ. Уастæн, Хуцауи хуарзæнхæ хуарз гъуддæгтæ кæнгутæмæ хæстæг æй!

57. Е æй, дунгитæ ка рарветуй хуæрзфедогæй Æ хуарзæнхи туххæй. Уæззау мегътæ ку фæссорунцæ, уæдта сæ Мах ниййаразæн мард бæстæмæ, æркæнæн си дон æма исæвзурун кæнæн аллихузи тиллæг. Уотæ ракæндзинан Мах мæрдти дæр, - мусийнæ, æма ниссагъæс кæниайтæ!

58. Хуцауи фæндонæй кæми исирæзуй тиллæг, е хуарз бæстæ ‘й. Кадавар ци бæсти исирæзуй, е ба фуд бæстæ ‘й. Уотæ Нæ алæмæттæ иуарæн боз ка ‘й, еци адæнæн!

59. Мах рарвистан Нохи æ адæнмæ, æма е загъта: “Уо, мæ адæн! Коветæ Хуцаумæ, Уомæй фæстæмæ уин æндæр хуцау нæййес! Тæрсун уин устур бони бафхуæрдæй”.

60. Æ адæнæй бонгинтæ загътонцæ: “Мах уинæн, хъæбæр ке рæдуйис, уой”.

61. Е загъта: “Уо, мæ адæн! Æз рæдуйгутæй нæ дæн, фал æз дуйнети Паддзахи минæвар дæн.

62. Æз уин мæ Еунæхуцауи æрвистæг дæттун, æма уин мæ унаффæ зæгъун: æз Хуцауæй зонун, сумах ци нæ зонетæ, уой.

63. Гæр, сумахмæ дессаг кæсуй е, æма уæмæ Хуцауæй æрцæуй ахур, уе ‘хсæн ка цæруй, уæхæн адæймаги цъухæй, цæмæй уæ е баруагæс кæна, æма цæмæй сумах Хуцауæй тæрсгутæ уайтæ, æма, мусийнæ, хатиргонд æрцæудзинайтæ?”

64. Æма ‘й етæ сайæгойбæл банимадтонцæ, æма ‘й Мах уой дæр æма æ хæццæ ка адтæй науи, уони дæр фæййервæзун кодтан, æма Нæ алæмæттæ мæнгæбæл ка банимадта, уони ба фæддæлдон кодтан. Уастæн, етæ хъæрæу адæн адтæнцæ!

65. Адиттæмæ[6] дæр – се ‘нсувæр Худай. Е загъта: “Уо, мæ адæн! Коветæ Хуцаумæ, уомæн æма сумахæн Уомæй фæстæмæ ендæр хуцаугонд нæййес! Гæр, Хуцауæй нæ фæттæрсдзинайтæ?”

66. Æ адæни ‘хсæн, ка не ‘ууæндтæй, еци бонгитæ ин загътонцæ: “Мах уинæн, ду дæ сæрæн ке нæ дæ, æма, гурусхæ кæнæн, ду сайæгой дæ”.

67. Е загъта: “Уо, мæ адæн! Сæргъæндзийнадæй мæмæ неци ес, фал æз æрмæст дуйнети Паддзахи минæвар дæн.

68. Æма уæмæ æз мæ Хуцауи æрвистæг дæттун. Æз сумахæн уæ хуæздæр унаффæгæнæг дæн.

69. Миййаг, уобæл бадес кодтайтæ, æма уæмæ уæ Хуцауæй уæ зæрдæбæл лæуун кæнунмæ уæхе æхсæнæй равзурста, цæмæй уæ е баруагæс кæнун кæна, уой тухæй? Уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнайтæ, Е уæ Нохи фæсте æ фæдонтæ куд искодта æма уин куд фæффулдæр кодта уе ‘сфæлдесёндти бæрцæ. Æма Хуцауи фарнæ уæ зæрдæбæл даретæ, - мусийнæ, уодзинайтæ амондгун!”

70. Етæ загътонцæ: “Миййаг, уой тухæй æрбацудтæ, цæмæй еунæг Хуцаумæ ковæн, æма нæ фиддæлтæ цæмæ кувтонцæ, уой ба ниууадзæн? Æма нин уæд, цæмæй нæ тæрсун кæнис, уой бавдесай, кæд раст дзоргутæй дæ, уæд!”

71. Е загъта: “Уæ Хуцауи æфхуæрдæ æма азар уæбæл нуридæг* æрцудæй;[7] ædта нур сумах мæ хæццæ буцæу кæндзинайтæ и нæмттæбæл, кæцити уёхуёдтё æма уæ фиддæлтæ æримистонцæ, кёд ёма уин уой тухæй ба Хуцауæй барæ лæвæрд нæ адтёй? Барæнетæ, æма æз дæр уæ хæццæ æнгъæлмæ кæсун”.

72. Æма ‘й Мах дæр, æхе дæр æма æ хæццæ ка адтæй, уони дæр фæййервæзун кодтан Нæ уодибæстгиндзийнадёмæ гæсгæ, æма Не ‘вдесёнтё мæнгæбæл ка нимадта æма ænёууæнкæ ка адтæй, уони ба ниццагътан!

73. Самудиантæмæ[8] дæр рарвистан се ‘нсувæр Салихи. Е загъта: “Уо, мæ

---

* Нуридёг – уже.

адæн! Коветæ Хуцаумæ, нæййес сумахæн æндæр хуцау Уомæй фæстæмæ! Бæрæг æвдесæн æрцудæй уæмæ уæ Хуцауæй: е – Хуцауёй лёвёрд силæ теуа сумахæн нисанæн æй; ба ‘й уагътæ Хуцауи зæнхæбæл хезун, ма ‘ймæ æвналетæ саузæрдæй, цæмæй уæ фудæфхуæрдæ ма баййафа.

74. Уæ зæрдæбæл-еу æрлæууæн кæнетæ, Е уæ адитти фæстеуæгтæ куд искодта æма уæ зæнхæбæл куд æривардта, - æ будурти ин сумах аразетæ галауантæ, æ хуæнхтæ ба ин хæдзæрттау амайетæ. Æма имисетæ Хуцауи хуарзæнхæ, æма зæнхæбæл æнаккагдзийнадæ парахатгæнгæй ма хæтетæ!”

75. Сæ адæни æхсæн сёхе уёлиау ци бонгинтæ ёвардтонцё, етæ, бауёндгути ёхсён ка лёмёгъдёр адтёй, уонён загътонцæ: “Сælих æ Еунæхуцауæй æрвист ке ‘й, уой зонетæ?” Етæ загътонцæ: “Уастæн, е цæй хæццæ æрвист æй, уобæл мах æууæндæн!”

76. Сёхе уёлиау ка кодта, етæ загътонцæ: “Уастæн, мах не ‘ууæндæн, сумах цёбёл баууæндтайтæ, уобæл!”

77. Æма етæ силæ теуа нивгарстонцæ, æма Хуцауи дзурдмæ нæ байгъустонцæ, æма загътонцæ: “Уо, Сælих! Кæд минæвар дæ, уæд нæмæ æрбакæнай, ци иваерзис, уой”.

78. Æма сæбæл зæнхинкъуст æрцудæй, æма сæумæ сæ хæдзæртти дæлгоммæ хъанæй разиндтæнцæ.

79. Æма е[9] дæр си æхе рахатта æма загъта: “Уо, мæ адæн! Æз уин мæ Еунæхуцауæй æрвистæг равардтон æма уин мæ унаффæ загътон, фал сумах унаффæгæнгутæ нæ уарзетæ”.

80. Лоти[10] дæр. Мæнæ е æ адæнæн загъта: “Ædта нур сумах лиагъædзийнадæ хæсдзинайтæ, кёци гъуддаги уæ а дуйнетæбæл неке ма райфта?

81. Уæ цибæли фёдбёл силгоймæгти бæсти нæлгоймæгтæмæ æрбацотё. Гъо, сумах, кæронбæл ка рахизтæй, уæхæнттæ айтæ!”

82. Æ адæни дзуапп æрмæст е адтæй, æма етæ загътонцæ: “Ратæретæ сæ уæ

гъæуæй, уомæн æма етæ сæхе кæдзос æнгъæлунцæ!”

83. Æма Мах фæййерваезун кодтан æхе дæр æма æ бийнонти дæр, æ уосæй фæстæмæ, уомæн æма е фæстегæй ка байзадæй, уони хæццæ адтæй.

84. Æма сæбæл Мах уарун æрхастан. Æркæсай сæмæ, тæрегъæд æрхæсгути кæрон циуавæр адтæй, уомæ!

85. Æма мадианитæгтæмæ дæр – се ‘нсувæр Шуъайбай. Е загъта: “Уо, мæ адæн! Коветæ Хуцаумæ – нæййес махæн æндæр хуцау, Уомæй фæстæмæ! Уæ Хуцауæй уæмæ æрцудæй бæлвурд ёвдесён. Бæрцæ æма уæзæ лæдæретæ. Адæни цийес кунæг кæнунбæл ма архайетæ æма зæнхæ ма исафетæ, ис æй нивæбæл кæнгæй. Кæд æууæндгутæй айтæ, уæд е сумахæн хуæздæрæн æй!

86. Æма алли надбæл ма бадетæ, ка бауæндтæй, уони Хуцауи надæй тæрсун æма зулун кæнгæй, æма уой ниффесинмитæ кæнунмæ гъавгæй. Уæ зæрдæбæл æрæфтауайтæ, куд минкъий адтайтæ сумах æма уæ Е ба куд исберæ кодта, уæдта æркæсæайтæ, æнаккагдзийнадæ парахатгæнгути кæрон цæбæл фæцæй, уомæ![11]

87. Æз цæй хæццæ æрвист дæн, уобæл кæд уæ еу хай бауæндтæй, уæ еу хай ба – нæ бауæндтæй, уæд бухсетæ, цалдæн Хуцау нин нæ рахæсса Æ тæрхон. Уастæн, Хуцау тæрхонгæнгути хуæздæрти хуæздæр æй!”

88. Æ адæнæй ка исбæрзонд æй, еци бонгинтæ загътонцæ: “Уо, Шуъайб, кенæ нæ дини ахурмæ раздæхæ, кенæ ба дæ мах ратæрдзинан нæ гъæуæй, уæдта дæубæл ка бауæндтæй, уони”. Е загъта: “Нур е махæн илгъаг ку адтайдæ, уæддæр?

89. Сумах ахурмæ ку раздæхæн мах, Е нæ уомæй фæййерваезунгæнгæй, уæд мах Хуцаубæл мæнгæдзийнадæ æримисдзинан. Хуцауи, нæ Еунæхуцауи ку нæ бафæндæуа, уæд махæн нæ фæткæуй уомæ æздæхун. Хуцау Æ зонундзийнадæй алцæбæл дæр хъæртуй! Хуцаубæл нæхе бафæдзахстан! Нæ Еунæхуцау! Нæ буцæудзийнадæн нин истёрхон кёнё рёстбёл, уомён ёма, уастæн, Ду тёрхонгёнгути хуæздæрти хуæздæр ку дæ”.

90. Æма æ адæнæй, ка не ‘ууæндтæй, еци бонгинтæ загътонцæ: “Шуъайби

фædбæл ку рацæуайтæ сумах, уæд зæрани бунати уодзинайтæ”.

91. Æма æнкъусти амæттаг фæцæнцæ, æма сæумæ ба сæ хæдзæртти дæлгоммæ хъанæй разиндтæнцæ.

92. Шуъайби сайæгойбæл ка банимадта, етæ цума уоми дæр нæ цардæнцæ, уотæ! Шуъайби мæнгæттæ дзорæгбæл ка банимадта, етæ зæрани бунати байзадæнцæ!

93. Æма си е дæр æхе рахатта æма загъта: “Уо, мæ адæн! Æз уин равардтон мæ Еунæхуцауи æрвистæг æма уин баунаффæ кодтон. Æма нур куд гъенцъун кæнон æнæууæнкæ адæни тухххæй?”

94. Мах еунæг гъæумæ дæр минæвар некæд рарвистан, и цæргути æнæ ести фидбилизи нæ багæлдзгæй; - мусийнæ, æма коммæ бакæсдзæнæнцæ!

95. Уой фæсте ба син фуд раййевианæ хуарзæй, æма етæ дæр, æрæнцойнæ уогæй, фæззæгъиуонцæ: “Нæ фиддæлтæ дæр фуд дæр, æма амонд дæр бавзариуонцæ”. Мах сæ бакайанæ æваст, æма етæ уой лæдæргæ дæр нæ бакæниуонцæ!

96. Нур и гъæуи цæргутæ, цит, ку бауууæндтайуонцæ æма Хуцауæй ку тарстайуонцæ, уæд син Мах байгон кодтаййанæ арв æма зæнхи хуарзæнхæ. Фал æй етæ мæнгæбæл банимадтонцæ, æма сæ Мах бакайдтан, етæ сæхецæн ци банимугътонцæ, уой тухххæй!

97. Миййаг и гъæути цæргутæ уотæ æнгъæл адтæнцæ, æма сæбæл Хуцауи маст не ‘сæмбæлдзæнæй хусгæ ку кæнонцæ, уæд æхсæви?

98. Миййаг и гъæути цæргутæ ма уотæ æнгъæл адтæнцæ, æма сæбæл Хуцауи маст не ‘сæмбæлдзæнæй бонигон, етæ сæхе ку исæрхонцæ, уæд?

99. Миййаг, етæ Хуцауи налатдзийнадæй хизт æнцæ? Хуцауи налатдзийнадæй хизт, зæрани бунати ци адæн байзайдзæнæй, æрмæст етæ æнцæ!

100. Миййаг Е, зæнхæбæл си раздæр ка цардæй, уони фæсте ке бацæй, уонæн нæ бавдиста, Уой ку фæндадтайдæ, уæд сæ Мах ке бакайдтаййанæ сæ тæрегъæдти тухххæй æма син сæ зæрдитæбæл мухур ке исивардтаййанæ, игъосунгъон куд нёбал адтайуонцё, уотæ?

101. Мах дин еци гъæути туххæй кæнæн хабæрттæ. Уонæмæ æрцæуиуонцæ минæвæрттæ бæлвурд ёвдесёнти хæццæ, фал етæ уæхæн н’ адтæнцæ, цæмæй, раздæр мæнгæбæл ци нимадтонцæ, уобæл бауæндонцæ. Уотæ гиаурти зæрдитæбæл мухур исивæруй Хуцау!

102. Сæ фулдæретæмæ Мах не ‘ссерианæ бадзурд, сæ фулдæрей Мах æцæгæйдæр феййафтан æнаккагæй.

103. Уæдта сæмæ уой фæсте ба Мах рарвистан Мусай Не ‘вдесёнти хæццæ Фæрæонмæ æма æ ездæнттæмæ, фал сæмæ етæ хæран цæстæй ракастæнцæ. Æма æркæсайтæ, æнаккæгти кæрон циуавæр адтæй, уомæ!

104. Æма загъта Муса: “Уо, Фæрæон! Æз дуйнети Паддзахи минæвар дæн.

105. Мæнæ Хуцаубæл æрмæст æцæгдзийнадæ дзорун фæдгуй. Æз уæмæ уæ Еунæхуцауæй æрбацудтæн бæлвурд ёвдесёнти хæццæ. Æма мин мæ хæццæ рарветæ Езрайи фуртти!”

106. Е загъта: “Кæд ёвдесёнти хæццæ æрбацудтæ, уæд нин æй æрбахъæртун кæнæ, кæд раст дæ, уæд”.

107. Æма е æ лæдзæг æргæлста, æма мæнæ е – æцæг хелаги хузæн.

108. Æма е æ къох исиста, æма мæнæ е – уорс-уорсид, уомæ кæсгути цæстæнгаси.

109. Уёд Фæрæони адæнёй ездæнттæ агъгонцæ: “Уастæн, е дæсни кæлæнгæнæг æй.

110. Уой фæндуй сумах уæ бæстæй фæссорун”. – “Æма мин ци баунаффæ кæндзинайтæ?”

111. Етæ загътонцæ: “Уомæн дæр æма е ‘нсувæрæн дæр æмгъудергъæвд раттæ, æма гъæутæмæ рарветæ æмбурдгæнгутæ,

112. цæмæй дæмæ етæ дæсни кæлæнгæнгутæ æркæнонцæ”.

113. Æма æрцудæнцæ Фæрæонмæ кæлæнгæнгутæ æма загътонцæ: “Уастæн, мах ку рамолæн, уæд нин уодзæнæй лæвар?”

114. Е загъта: “Гъо, уæд сумах уодзинайтæ цойронти хигъди!”

115. Етæ загътонцæ: “Уо, Муса! Кенæ ду æргæлдзæ, кенæ мах

æргæлдздзинан”.

116. Е загъта: “Æргæлдзетæ!” Æма етæ ку ‘ргæлстонцæ, уæд адæни цæститæ фæккæлæнтæ кодтонцæ æма сæ хъæбæр фæттæрсун кодтонцæ: етæ дессаг кæлæнтæ фæууинун кодтонцæ.

117. Æма Мах Мусайæн баустан: “Дæ лæдзæг æргæлдзæ!” Æма мæнæ уонæн сæ цæститæбæл кæлæнтæй ци рауадæй, уони ку ранихъуæридæ.

118. Æма рæстдзийнадæ рабæрæг æй, æма етæ ци кодтонцæ, етæ мæнгæ разиндтæнцæ.

119. Æма етæ уоми фембулди æнцæ æма нецæййæгтæ фестадæнцæ!

120. Æма кæлæнгæнгутæ æрхаудтæнцæ сæ уæргутæбæл, ниллæг ковгæй.

121. Загътонцæ етæ: “Мах бауæндтан дуйнети Паддзахбæл,

122. Муса æма Харуми Хуцаубæл!”

123. Фæрæон загъта: “Сумахæн æз барæ нæма равардтон, уотемæй ибæл бауæндтайтæ. Уастæн, е налатдзийнадæ ‘й, кæций æримистайтæ, цæмæй а горæти цæргути уæ хæццæ ракæнайтæ. Фал æй сумах базондзинайтæ!

124. Æз уин уæ къохтæ æма къæхтæ ралух кæндзæнæн дзиуарсайæй, уой фæсте ба уæ нийтиндздзæнæн!”

125. Етæ загътонцæ: “Уастæн, мах нæ Еунæхуцаубæл нæхе фæдзæхсæн!

126. Ду нæ кайис, мах Хуцауи ёвдесёнтёбёл ке бауæндтан, æрмæст уой тухxæй. Нæ Еунæхуцау! Раттæ нин бухсундзийнадæ æма нæ æрæнцойнæ кæнæ куд нæхе бафæдзæхсгутæ!”

127. Æма Фæрæони адæнæй ездæнттæ загътонцæ: “Æдта нур ду Мусай æма æ адæни зæнхæбæл æнаккагдзийнадæ парахат кæнунмæ ниууадздзæнæ, е ба дæу дæр æма дæ хуцæуттæ дæр ниууадздзæнæй?” Е загъта: “Мах син сæ фурттæ ниццæгъддзинан, сæ силгоймæгтæ ба син ниууадздзинан. Мах сæбæл фæууæлахез уодзинан!”

128. Муса æ адæнæн загъта: “Хуцауæй коретæ æнхус æма бухсетæ! Уомæн æма æгас зæнхæ дæр Хуцауи æй: Е æй раттуй бундайрадæн, кæмæн Æй бафæндуй Æ цагъартæй, уомæн. Кæрон ба – Хуцауæй

тærсгутæн”.

129. Етæ загътонцæ: “Мах, ду ку нæма æрбацудтæ, уæддæр, уæдта ду ку æрбацудтæ, уæддæр æфхуæрд адтан”. Е загъта: “Мусийнæ æма уæ Еунæхуцау уе знаги фесафдзæнæй æма сумах ба уони бæсти алгонд исивæрдзæнæй зæнхæбæл æма æркæсдзæнæй, уæхе куд даретæ, уомæ!”

130. Æма Мах Фæраони муггаг бакайдтан фуд æнзтæй æма тиллæги кунæггондæй, - мусийнæ, етæ фæффæсмон кæндзæнæнцæ!

131. Хуарздзийнадæй хайгин ку фæуунцæ, уæд етæ фæззæгъунцæ: “Е махæн æй”. Фуддзийнади амæттаг ку фæуунцæ, уæдта Муса, æма æ хæццæ ка ес, уони фуд ёй фæккæнунцæ. Гъо! Уонён сё фудгъуддёгти разуац Хуцауи бæрни ёй, фал етæ ба уой нæ лæдæрунцæ!

132. Æма етæ фæззæгъунцæ: “Цæйбæрцæдæр не ‘рхæссай аллихузи ёвдесёнтæ, цæмæй нæ дæ кæлæнти амæттаг фæккæнай, мах дæбæл уæддæр нæ баууæнддзинан!”

133. Æма сæбæл Мах рауагътан туфан[12], уæдта саринцхай, уæдта урунгонти, уæдта гъуæрттун хæпсити, уæдта тоги[13] амæттаг фæккодтан бæлвурд ёвдесёни алфён. Фал етæ сæхебæл фенвæрстæнцæ æма тæрегъæдгун адæн иссæнцæ.

134. Æфхæрддзийнадæ сæ ку баййафта, уæдта етæ загътонцæ: “Уо, Муса! Нæ Еунæхуцаумæ исковæ мах туххæй, куд дин бафæдзахста Е, уотæ. И æфхуæрдæ ни ку райеуварс кæнай, уæд дæбæл мах баууæнддзинан æма дин дæ хæццæ рарветдзинан Езрай фуртти”.

135. Æма си Мах и æфхуæрдæ ку райеуварс кодтан дзæвгарæ рæстæгмæ, уæдта етæ сæ байвæрзт фехалдтонцæ.

136. Æма син æй Мах бахадтан æма сæ денгизи фæддæлдон кодтан, Не ‘вдесёнтё мæнгæбæл ке нимадтонцæ æма сæмæ сæ гъос ке не ‘рдардтонцæ, уой туххæй!

137. Æма æдухæ адæнбæл ке нимадтонцæ, уонæн Мах бундайрадæн равардтан скæсæйнаг æма нигулæйнаг бæстити зæнхитæ, кæций Мах арфиаг фæккодтан. Дæ Хуцауи фæрнгун дзурд исæнхæст æй Езрай

фурттæбæл, цитæ бавзурстонцæ, уой тухххæй! Фæрæон æма æ адæн ци аразтонцæ, æма ци исагъунстонцæ, уой бабун кодтан!

138. Æма Мах Езрай фуртти бафецаудтан денгизбæл æма етæ æрбацудæнцæ сæ гумеритæн ка кадæ кæнуй, еци адæнмæ. Етæ загътонцæ: “Уо, Муса! Ис нин кæнæ хуцау – уонæмæ цæхуæн хуцау ес, уæхæн”. Е загъта: “Уастæн, сумах хъæбæр æнæлæдæргæ адæн айтæ!

139. Атæ цæбæл хуæцунцæ, етæ фесæфдзæнæнцæ, æма ци кæнунцæ, е дæр дзæгъæли ‘й!”

140. Е загъта: “Ædта нур æз сумахæн Хуцауæй фæстæмæ ма æндæр хуцау агордзæнæн, кæд æма уин Е иннæ адæнтæй фулдæр хуарзæнхæ фæцæй?”

141. Æма мæнæ уæ Мах Фæрæони муггагæй фæййервæзун кодтан, кæцитæ уæ хъæбæр бафхуардтонцæ: уæ фуртти уин мардтонцæ æма уин уæ силгоймæгти ба уодæгас ниууадзиуонцæ. Уой медæгæ æй уæ Хуцауи устур фæлварæн!

142. Æма Мах Мусайæн байвæрзтан æртин бони, æма ма сæбæл бафтудтан дæс бони. Æма дæ Хуцауи æнгъуд фæцæй цуппор æхсæвемæ. Æма загъта Муса е ‘нсувæр Харумæн: “Мæ адæнæн мæ бæсти хæлифæй ниллæууæ æма æгъдау исæвæрæ æма æнаккагдзийнадæ ка парахат кæнуй, уони фæдбæл ма цо”.

143. Æма Не ‘нгъуд рæстæгмæ Муса ку ‘рбацудæй æма Хуцау æ хæццæ ку дзубанди кодта, уæд е загъта: “Еунæхуцау! Дæхе мин фæууинун кæнай”. Е ин загъта: “Ду Мæ нæ фæууиндзæнæ, фал уæлæ хонхмæ искæсай: е æ бунати ку байзайа, уæд Мæ фæууиндзæнæ”. Æма æ Хуцауи рохс ку байтигъдæй хонхбæл, уæд æй Е фунук фестун кодта, æма Муса æ уæргутæбæл æрхаудтæй æ фур дессагæй. Æхемæ ку ‘рцæй, уæдта загъта: “Табу Дин уæд! Æз Дæмæ мæхе рахаттон æма æз, ка баууæндтæй, уони фиццаг дæн”.

144. Е загъта: “Уо, Муса! Æз дæ равзурстон адæни æхсæн Мæ æрвистæгтæ æма Мæ дзурд хæссуни тухххæй. Æма, ци дин раттон, уой

райсæ æма боз уо!”

145. Æма ин Мах цæрттæбæл ниффинстан алли гъуддаги туххæй дæр тæлмæцунæн, æма алли гъуддаг лæдæрунæн. Æма уобæл федар хуæцæ, æма дæ адæнæн бафæдзæхсæ, уоми хуæздæрæй ци ес, уобæл цæмæй хуæцонцæ! Æз уин бавдесдзæнæн гиаурти цæрæнбунат!

146. Æз Мæ алæмæттæй фæццох кæндзæнæн зæнхæбæл, барæ ин лæвæрд нæ уогæй, æхе ка исæнæнвæрсон æй, уони! Æма цийфæнди алæмæт дæр ку фæууинонцæ, уæддæр ибæл етæ нæ баууæнддзæнæнцæ; раст над ку бафеппайонцæ, уæдта ‘йбæл нæ рацæудзæнæнцæ; рæдуд над ку фæууинонцæ, уæдта ‘й сæ фæндагæн исаккаг кæндзæнæнцæ. Е уой туххæй, æма етæ Нæ алæмæттæ мæнгæбæл ке нимадтонцæ æма ‘ймæ устур зæрдæ ке адтæнцæ.

147. Нæ алæмæттæ æма федæни царди хæццæ фембæлд мæнгæбæл ка нимадта, уони гъуддæгтæн ба аргъгонд нæййес. Æма, мийяг, сæ гъуддæгтæ цæхуæн адтæнцæ, уæхæн аргъгонд син не ‘рцæудзæнæй?

148. Æма Мусай адæн дæр уой фæсте ба сæ рæсугъд фæлунстæй сæхецæн исаразтонцæ гумери, кæци фонси уаст кодта. Гæр, уой нæ уидтонцæ, æма е сæ хæццæ ке нæ дзурдта æма сæ раст надбæл ке нæ худта? Етæ уомён ковун райдёдтонцё æма раст нæ адтæнцæ.

149. Сæ къохтæбæл цæф ку ‘руадæй æма ке фæррæдудæнцæ, уой ку фæууидтонцæ, уæдта загътонцæ: “Нæ Еунæхуцау нин ку нæ батæрегъæд кæна æма нин ку нæ ниххатир кæна, уæд мах зæрангонд уодзинан!”

150. Æма Муса сæмæ фæстæмæ ку æриздахтæй мæстгунæй æма зæрдæсастæй, уæдта син загъта: “Мæ фæсте ци бакодтайтæ, е хъæбæр лæгъуз адтæй! Æви уæхебæл уæ Хуцауи тæрхон фæццурд кæнуйнаг айтæ?” Æма финститæ ниггæлста æма е ‘нсуваерæн æ сæрбæл фæххуæстæй, æхемæ ‘й æрбалхъевгæй. Е загъта: “Уо, мæ мæди бæдолæ! Адæн мæ ислæмæгъ кодтонцæ æма мæ рамарунмæ цæттæ адтæнцæ. Æма мæ ма гириззаг кæнæ æзнæгти айуангæнæнæн æма мæ æнæуаг адæни хæццæ ма иваерæ!”

151. Е загъта: “Еунæхуцау! Ниххатир кæнæ мæнæн дæр æма ме ‘нсувæрæн дæр æма нæ Дæ битирæй фæххайгин кæнæ: Ду хатиргæнагæ гæнгутæй хатирдæр гæнагæ ку дæ!”

152. Уастæн, æхецæн гумери ка исаразта, уони Мæ фудæнхард æййафдзæнæй, уæдта а царди æгадæдзийнадæ! Уотæ Мах бахатæн мæнгитæ имисгутæн!

153. Фуд миутæ ка кодта, уой фæсте ба сæбæл ка фæффæсмон кодта æма ка бауувæндтæй, - уастæн, уæдта уонæн ба дæ Еунæхуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

154. Æма Мусайæн æ маст ку иссудæй, уæд финститæ райста. Сæ хигъди си, ка тæрсуй æ Хуцауæй, уонæн æррæстæ над æма хатиргонддзийнадæ адтёй.

155. Æма Муса æ адæнæй равзурста æвдай адæймаги æнгъуд бони рæстæгмæ. Æма сæбæл зæнхинкъуст ку ‘рцудæй, уæдта е загъта: “Еунæхуцау! Дæу ку фæндадтайдæ, уæд нæ раздæрдæр фесафтайсæ мæ хæццæ. Ædта нæ нур Ду фесафдзæнæ не ‘хсæн æдулитæ ци бакодтонцæ, уой тухæй? Е Дæ фæлварæн æй, кæцимæй Ду къулумпи кæнис æррæстæ надæй ке Дæ фæндуй, уони, æма, ке Дæ фæндуй, уони ба хонис. Ду нæ баридауæг дæ, æма нин ниххатир æма батæрегъæд кæнæ: Ду ниххатиргæнгути хуæздæртæй ку дæ!

156. А хæстæг царди дæр æма федæни царди дæр мах тухæй хуарздзийнадæ исаккаг кæнæ[14]: Мах Дæмæ нæхе хатæн!” Е загъта: “Æз Ме ‘фхуæрдæй бакайун ке Мæ фæффæндуй, уони, Мæ уодибæстгундзийнадæ ба алцæбæл дæр хъæртуй. Уомæ гæсгæ ба ‘й Æз ниффинсдзæнæн хуцаудас ка ‘й, битир ка дæттуй æма Не ‘вдесёнтёбёл ка æууæндуй, уонæбæл.

157. А минævари, ænахургонд пахампари[15] фæдбæл ка рацæуа, кæций иссердзæнæнцæ финстити, сæ Закъони дæр æма Евангелий дæр; кæци сæ разæнгард кæнуй хуарз гъуддæгтæ аразунмæ æма сæ фудмиутæй ба хезуй, уадзуй син хуæрз хуæруйнæгтæ æма син илгъæгтæбæл ба тобæ

кænун кæнуй, дæлæнсæн сæ ци уаргъ æма æфсойнæ кодтонцæ, уони си исесуй. Уобæл ка бауæнда, æма æрфедар унмæ ин ка фæййагъаз кæна, æма æ хæццæ ци рохс æрвист æй, уой фæдбæл ка рацæуа, етæ ба устур æнтæстдзийнади амæттаг ка фæцæй, уонæй уодзæнæнцæ!”

158. Зæгъæ: “Уо, адæн! Æз Хуцауи минæвар дæн уе ‘нккæтемæ дæр, арв æма зæнхæ ке бæрни æнцæ, уомæй – нæййес æндæр Хуцау, Уомæй фæстæмæ: Е царуй æма маруй. Æма æууæндетæ Хуцаубæл æма Æ минæварбæл, - пахампарбæл, ёнахургондбёл, кæци æууæндуй Хуцаубæл æма Æ дзурдтæбæл, æма æ фæдбæл цотæ, - мусийнæ, сумах рацæудзинайтæ æррæстæ надбæл!”

159. Мусай адæнæй дæр адтæй æхсæнадæ, кæци æцæг надбæл цудæй æма рæстбæл архайдта.

160. Æма сæ Мах дæр радех кодтан дууадæс æзнæмебæл. Æма Мусайæн байамудтан, æ адæн си ниуазунмæ дон ку курдтонцæ, уæд: “Дæ лæдзæгæй дор ниццæвæ!” Æма уордæгæй дууадæс сауæдони искалдæй; алли адæймаг дæр æ ниуазæн бунат зудта. Æма сæ Мах бамбарзтан æврагъæй æма сæбæл æркалдтан дзикка æма уæрццитæ. Мах уин ци саккаг кодтан, уонæй хуæретæ! Етæ Мах нæ бафхуардтонцæ, фал сæхуæдтæ сæхе бафхуардтонцæ!

161. Æма син уæд адтæй загъд: “Аци гъæуи æрцæретæ æма, уæ зæрдæ ци зæгъа, уой хуæретæ, æма дзоретæ: “Æнцондзийнадæ!”. Дæлгоммæ æрхаугæй, цит, бахезетæ дуарбæл æма уин Мах уæ тæрегъæдтæ ниххатир кæндзинан. Хуарз гъуддæгтæ аразгутæн сæ Мах фæффулдæр кæндзинан!”

162. Æнараст миутæ ка кодта, етæ, ци дзурд син адтæй, уони æндæр дзурдтæй райййвтонцæ. Æма сæбæл Мах дæр арвæй æрæрвистан æфхуæрдæ, раст ке нё адтæнцæ, уой туххæй.

163. Æма сæ бафæрсай, денгизгæрон ци гъæу адтæй, кæций цæргутæ сабати хевæнд гъуддаг бакодтонцæ, уобæл. Уонæмæ сабати кæсæлгитæ æрбанакæ кæниуонцæ, сабат ку нæ фæууидæ, уæдта сæмæ нæбал

ærбанакæ кæниуонцæ. Уотемæй сæ Мах фæлвардтан, ænaккаг ке адтæнцæ, уой тухxæй!

164. Æма и адæнæй еуетæ загътонцæ: “Хуцау фесафуйнаг ке ‘й, кенæ хъæбæр бафхуæруйнаг ке ‘й, уони ма цæмæн æруагæс кæнун кæнис?” Етæ загътонцæ: “Уæ Еунæхуцауи рази хе раст кæнунæн, æма, мусийнæ, етæ дæр хуцаудас уодзæнæнцæ!”

165. Сæ зæрдæбæл син ци лæуун кæнун кодтонцæ, уой ку байронх æнцæ, уæдта Мах фæййервæзун кодтан фуддзийнадæй ка хезун кодта, æрмæст уони, æма раст ка нæ адтæй, уони ба æрахæстан æбуалгъ æфхуæрдæй се ‘нæраст миути тухxæй.

166. Мах син ци батобæ кодтан, уобæл ку бахизтæнцæ, уæдта син Мах загътан: “Илгъаг маймулитæ уотæ!”

167. Æма мæнæ дæ Еунæхуцау рафедеудта: “Исæндедзæн бонмæ син сæ сæргъи Æз исивæрдзæнæн фуд æфхуæрдæй сæ ка бафхуæра, уони”. Уастæн, дæ Хуцау цурд æй Æ бафхуæрди дæр, æма, уастæн, Е хатиргæнæгæ æма тæрегъæдгæнагæ æй!

168. Мах сæ зæнхæбæл ниххæлеу кодтан, ниддехтæ сæ гæнгæй æзнæмтæбæл: уонæн се ‘хсæн ес рæстæгтæ дæр, ес се ‘хсæн уонæй лæгъуздæртæ дæр. Æма сæ Мах бафæлвардтан хуарзæй дæр æма лæгъузæй дæр, - мусийнæ, æма сæхе æрбахатдзæнæнцё!

169. Æма сæ фæсте байзадæнцæ фæдонтæ, кæцитæн байзадæй Финстæг. Етæ аци царди фæлдемæн мулкбæл хæлæф кæнгæй дзурдтонцæ: “Хатиргонд нин уодзæй!” Æма сæмæ ауæхæн фæлдемæн мулкау ма ку ‘рцудайдæ, уæдта уой дæр раскъафтайуонцæ! Миййаг уонæй Финстæги фæдзæхст ист нё адтæй, цæмæй Хуцауи тухxæй æрмæст æцæгдзийнадæ дзоронцæ, æма уоми ци финст адтæй, уой ахур кодтайуонцæ. Хуцаудас ка ‘й, уони цæрæнуат хуæздæр æй. Гæр, сумах не ‘рсагъæс кæндзинайтæ?

170. Финстæгбæл ка хуæцуй æма намаз ка кæнуй, уони ба – уастæн, Мах хуæрзгъуддæгтæ гæнгути æнæ лæвар нæ ниууадзæн!

171. Æма мæнæ сæбæл Мах хонх ку базмæлун кодтан, æма е сау мегъти хузæн ку адтæй, уæд етæ уотæ бангъæладтæнцæ, цума сæбæл е хаугæ кæнуй. Мах уин ци равардтан, уобæл федараей хуæцетæ æма ‘й æнхæст кæнетæ, æма уæ зæрдæбæл даретæ ци си ес, уой: мусийнæ, уодзинайтæ хуцаудас!

172. Æма мæнæ дæ Еунæхуцау фелваста Адами фурттæй, сæ фæссонтæй сæ цæуæт, æма сæ бавдесæн кæнун кодта сæхе нихмё: “Мийяаг, уæ Еунæхуцау нæ дæн Æз?” Етæ загътонцæ: “Гъо, мах æвдесæн кæнæн”. Æма исæндедзæн бони уотæ куд нæ зæгъайтæ: “Мах ин неци зудтан”.

173. Кенæ уотæ куд нæ зæгъайтæ: “Æма ма мах размæ нæ фиддæлтæ Хуцауæн æмбæлттæ ку лæвардтонцæ, мах ба уони фæсте сæ фæстагонтæ ку ан. Æма, гæр, нур, рæузунд ка адтæй, уони тухxæй нæ фесафдзæнæ?”

174. Уотæ лædæрун кæнæн Не ‘вдесёнтё: мусийнæ, æма се ‘ргом æрбаздахдзæнæнцæ!

175. Мах кæмæн равардтан Не ‘вдесёнтё, æма си æхе ка фæттиллеф кодта, уой ахабар син ракæнай: Ибилис æй æ фæдбæл расайдта, æма е хъæбæр фæррæдуйгути хигъди адтæй.

176. Мах ку бафæндадтайдæ, уæдта ин æ ном исбæрзонд кодтаййанæ. Фал е æхе зæнхæбæл нилхъивта æма æ цибæли фæдбæл рацудæй, æма куййау æй, кæций соргæ ку кæнай, уæд е ‘взаг раласуй, ку ‘й ниууадзай, уæддæр е ‘взаг раласуй. Е, Нæ алæмæттæ нин мæнгæбæл ка нимадта, уони тухxæй дæнцæ ‘й. Æма син аци хабар радзорæ, - мусийнæ, æма ниссагъæс кæндзæнæнцæ!

177. Не ‘вдесёнтё Нин мæнгæбæл ка нимадта, уони дæнцæн лæгъуз æй: етæ сæхуæдæг сæхе бафхуардтонцæ!

178. Хуцау ке хонуй, е æррæстæ надбæл цæуй; ке къулумпи кæнуй, етæ ба зæрангонд æнцæ.

179. Мах берæ дзинтæ æма адæймæгутæ исфæлдистан зиндонæн: уонæн сæ зæрдитæ уæхæн æнцæ, кæцитæй етæ нæ лæдæрунцæ, сæ цæститæ ба

уæхæн, кæцитæй нæ уинунцæ, сæ гъостæ ба уæхæн, кæцитæй не ‘гъосунцæ. Етæ фонсау æнцæ, гæнæн ес æма уонæй дæр ма хъæбæрдæр фæдздзæгъæл уæвæг æнцæ. Ета æнцæ ирухст уæвгутæ.

180. Хуцауæн дессаг нæмттæ ес; уонæй Æй хонетæ æма уой нæмттæ ка хæлæмулæ кæнуй[16], уони ба ниууагътæ. Етæ ци кæнунцæ, уой тухxæй син бакиндæ уодзæнæй!

181. Мах ке исфæлдистан, уони æхсæн ес адæн, кæцитæ уацæгадæбæл цæунцæ æма уомæй фæлдесунцæ рæстдзийнадæ.

182. Не ‘вдесёнтё Нин мæнгæбæл ка нимадта, уони ба уотæ фесафдзинан, æма ‘й етæ зонгæ дæр нæ бакæндзæнæнцæ.

183. Æма син Æз æнгъуд рæстæг дæттун, уомæн æма мæн налатдзийнадæ федар æй.

184. Гæр уой нæ балæдæрдтæнцæ, æма уонæн се ‘мбæстаг[17] æрра ке нæй? Е бæлвурдæй æрмæст баруагæсгæнунгæнæг æй.

185. Гæр етæ некæд расагъæс кодтонцæ, арв æма зæнхæбæл барæ дарундзийнадæ, уæдта Хуцау цидæриддæр исфæлдиста, уонæбæл, уæдта ци униауæн ес, уобæл, æма уонæн сæ кæрон ке æрхæстæг кæнуй, уой тухxæй? Уæд ма циуаваер хабарбæл гъæуама бауuæндонцæ уой фæсте етæ?

186. Хуцау ке фæкъкъулумпи кæнуй æ надæй, е фæндагамонæг нæбал иссердзæй, æма сæ Е ниууадзуй хъæрæуæй лекка гæнгæ сæ фæдздзæгъæли.

187. Етæ дæ фæрсунцæ сахатбæл[18]: кæд æрхъæртдзæнæй е ‘нгъуди рæстæг? Зæгъæ: “Æ зонундзийнадæ мæ Хуцаумæ æй, æ рæстæг ку ‘рхъæрта, уæд æй æрмæст Е раргом кæндзæнæй. Уæззау æй е уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр. Е уæмæ æрхъæртдзæнæй æвеппайди”. Фæрсунцæ дæ етæ, цума ду уомæн ести зонис, уотæ. Зæгъæ: “Уой зонун æрмæст Хуцаумæ ‘й, фал уой фулдæр адæн нæ зонунцæ”.

188. Зæгъæ: “Хуцауи ку нæ бафæндæ уа, уæд æз мæхецæн пайда дæр æма зæран дæр не ‘рхæсдзæнæн. Æз сосæгдзийнадæ ку зудтайнæ, уæд

алли хуарздзийнадæй мæхе исгъæздуг кодтайнæ æма мæбæл фуддзийнадæ нæ бамбалдайдæ. Фал æз æрмæст баруагæсгæнунгæнæг æма игъосунгæнæг дæн ка æууæндуй, еци адæнæн".

189. Е уæ исфæлдиста еу адæймагæй; уомæй равзурун кодта силгоймаг, цæмæй е æ хæццæ цæра. Æма 'й е ку бамбарзта, уæдта и силгоймаг рахаста рæуæг уаргъ æма 'й хаста; ку бауæззау æй, уæдта[19] Хуцаумæ, сæ Еунæхуцаумæ, искувтонцæ: "Рæстуод нин ку радтай, уæд Ди уодзинан боз!"

190. Æма син Е рæстуод ку равардта, уæдта Ин етæ æмбæлттæ имисун райдёдтонцё, ци син равардта, еци гъуддаги. Уомæн ци æмбæлттæ исаразунцæ, уонæй Хуцау бæрзонддæр æй!

191. Гæр, сæхе бон исфæлдесун ке бон нæй, сæхуæдтæ ба исфæлдист уогæй,

192. уæдта уонæн фæййангъос кæнун ке бон нецæмæй æй, уæдта сæхецæн фæййангъос кæнун дæр ке бон нецæмæй æй, етæ Ин уонæй æмбæлттæ аразунцæ?

193. Æма сæ æррæстæ надмæ ку хонайтæ, уæд етæ ба уæ фæдбæл нæ рацæунцæ. Сумахæн уæлдай нæй: уонæмæ дзорайтæ æви уæхе нигъгъос кæнайтæ.

194. Уастæн, сумах Хуцауæй фæстæмæ ма кæмæ коветæ, етæ сæхуæдтæ сумахæн уæхе хузæн цагъартæ æнцæ! Коветæ сæмæ, æма уин дзуапп раттæнтæ, кæд етæ раст æнцæ, уæд!

195. Мийяаг уонæбæл ес къæхтæ, кæбæл цæуонцæ, уæхæнттæ, кенæ сæбæл ес къохтæ, кæмæй лæборонцæ, уæхæнттæ, кенæ сæбæл ес цæститæ, кæмæй уинонцæ, уæхæнттæ, кенæ сæбæл ес гъостæ, кæмæй игъосонцæ, уæхæнттæ? Зæгъæ: "Ци æмбæлттæ аразетæ Хуцауæн, уонæмæ седетæ, уой фæсте ба Мæ нихмæ амæлттæ кæнетæ æма Мин æнгъуд мабал раттетæ!

196. Уастæн, ме 'нхусгæнæг Хуцау æй, кæци мин æрæрвиста Финстæг, æма Е ангъос кæнуй рæстуодтæн!

197. Уомæй фæстæмæ ма кæмæ коветæ, уони бон ба уин фæййангъос кæнун нæй, уæдта схецæн фæййангъос кæнун сæ бон нæй”.

198. Æррæстæ надмæ сæ ку хонай, уæд етæ ба не ‘гъосунцæ. Уæдта ду фæууиндзæнæ, етæ дæмæ се ‘рух куд раздахдзæнæнцæ, фал уингæ ба неци кæндзæнæнцæ.

199. Хатиргæнагæ уо, хуарздзийнæдтæмæ разæнгард кæнæ æма дæхе æнахургæндтæй райеуварс кæнæ!

200. Ибилисæй лæвæрд ести фæлдивддзийнади амæттаг ку фæууай, уæдта Хуцаумæ агорæ лигъдонæ: Е игъосагæ æма зонагæ ‘й!

201. Ибилиси нивисон ку бамбæлуй Хуцауæй тæрсгутёбёл, уæд етæ æримисунцæ Хуцауи, æма исунцæ уингутæ.

202. Се ‘нсувæртæбёл ба архайунцæ фæдздзæгъæл сё кёнунбёл, кёций фёсте етё сёхе нёбал бауорамунцё.

203. Æма уонæн ёвдесёнтё ку не ‘рхастёуй, уæдта фæззæгъунцæ: “Уой цёмённё равзурстай!” Зæгъæ: “Æргомæги мин мæ Хуцауæй ци æрвист æрцæуй, æз æрмæст уой фæдбæл цæун. Е рохситауæг уацæгадæ ‘й уæ Хуцауæй, фæндагбæл разамунд æма урнæг адæнæн – Æ уодибæстгундзийнадæ”.

204. Хъуран аргъуд ку цæуа, уæдта имæ уæ гъос æрдаретæ æма нигъгъос уотæ, - мусийнæ, æма хатиргонд æрцæудзинайтæ!

205. Æма дæ Хуцауи дæ зæрдæбæл дарæ уесгæй æма тæрсгæй, сæумæй дæр æма изæрæй дæр, дзурдтæ гъæрæй нæ дзоргæй, æма рæузунд ма уотæ!

206. Уастæн, Хуцауи размæ ка æрлæууй, етæ сæхе нæ бæрзонд кæнунцæ Уомæн ковунбæл, æма Ин табу кæнунцæ, уæдта Ин ковунцæ!

8-аг сураæ

Амæттаг[1]

(Аль-Анфаль)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй

1. Етæ дæ фæрсунцæ амæттагбæл[2]. Зæгъæ: “Амæттаг Хуцауи æма Æ минæвари бæрни æй. Хуцауæй тæрсетæ; кæрæдзей хæццæ аразийæй цæретæ æма, кæд æууæндгутæй айтæ, уæд Хуцаумæ æма Æ минæвармæ игъосетæ!”
2. Æууæндгутæ æрмæст етæ ‘нцæ, Хуцауи ном ергæй сæ зæрдитæ кæмæн ниррезунцæ; Е ‘вдесёнтё син аргъуд ку фæццæунцæ, уёд. Уæдта се ‘ууæндундзийнадæ фæффедардæр уй, æма сæхе бафæдзæхсунцæ сæ Еунæхуцаубæл;
3. кæцитæ еугæндзонæй намаз кæнунцæ æма, Мах сæ цæмæй хайгин фæккодтан, уомæй битир дæттунцæ.
4. Е æцæг æууæндгути уагæ ‘й. Уонæн сæ бæрзонд къæпхæнтæ, хатиргонддзийнадæ æма фæрнуг лæвар – сæ Еунæхуцаумæ.
5. Дæ Еунæхуцау дæ куд ракодта дæ хæдзарæй æцæгдзийнади хæццæ, фал æууæндгути еу хай ба нæ кумдтонцæ,
6. дæ хæццæ дзурддаг райеудагъгæнгæй уацæгадæбæл, лæдæрунгонд син ку ‘рцудæй, уой фæсте ма, цума сæ мæлæтмæ тардæ адтæй, æма етæ ба уой уинунцæ.
7. Æма мæнæ уин Хуцау байвæрзта: и дууæ æфсæддон къуаремæй еу сумах ке бауодзæнæй; сумах фæндадтæй, цæмæй сумах тохæндзаума кæмæ н’ адтæй, еци къуар фæууа[3], фал Хуцауи ба уин фæндадтæй Æ дзурди уацæгади æцæгдзийнадæ бавдесун æма гиаурти бундзагъд никкæнун,
8. цæмæй уацæгадæ ниффедар уа æма мæнгæттæ ба фесæфа, кæд еци гъуддаг гунах хæсгутæмæ æнæуинон кастæй, уæддæр.
9. Æма мæнæ æнхус агор искувтайтæ уæ Еунæхуцаумæ, æма уин Е дзуапп равардта: “Æз уин рарветдзæнæн æнхусæн рæнгъитæй, кæрæдзей фæдбæл цæуæг мин изæди!”
10. Хуцау уой бакодта æрмæст хуарз хабарæн, цæмæй уæ зæрдитæ

ærænцойнæ адтайуонцæ, уомæн æма æнхусдзийнадæ ærмæст Хуцауæй æй. Уастæн Хуцау тухгин, фастихадзи æй!

11. Æ ауодундзийнади алфён уæ фуни амæттаг фæккодта æма уæбæл арвæй æркалдта дон, цæмæй уæ уомæй никкæдзос кæна æма уи Ибилиси илгъагдзийнадæ рандæ кæна, уæдта уин цæмæй уæ зærдитæ ниффедар кæна æма уин уомæй уæ уæргутæ ниффедар кæна.
12. Мæнæ дæ Еунæхуцау бауста изædтæмæ: "Æз уæ хæццæ дæн, æма ка баууæндтæй, уони ниффедар кæнетæ! Ка нæ баууæндтæй, уони зærдити Æз бауадздзæнæн тасдзийнадæ æма син хуайетæ сæ бærзæйтæ, хуайетæ син се 'гас æнгулдзитæ!"
13. Е син уой тухxæй, æма Хуцауæй æма Æ минæварæй ке фæххецæн æнцæ. Хуцауæй æма Æ минæвварæй ка райеуварс уй, уомæн æбуалгъ æфхуæрд уодзæнæй Хуцауæй.
14. Е уин уодзæнæй, æма си ирайгæ уотæ, уастæн, гиауртæн – арти гъезæмарæ!
15. Уо, ка баууæндтæй! Ка нæ баууæндтæй, уонæбæл ку исæмбæлайтæ æфсæддон рæнгъитæй уæбæл цæугæй, уæд сæмæ уæ къилдун ма рахатетæ.
16. Тохунæрвонг, кенæ æфсæддон къуарбæл байеу кæнунæввонгæй уæлдай, еци рæстæги сæмæ æ къилдун ка рахата, етæ ба Хуцауи фудæнхард баййафдзæнæнцæ. Уомæн æ римæхсёнуат зиндонæ уодзæнæй, æма еци бунат ба æбуалгъ æй!
17. Сумах сæ нæ мардтайтæ, фал сæ Хуцау мардта, æма ду нæ гæлстай4, фал Хуцау гæлста, цæмæй Е хуарз фæлвæрдæй бафæлвара æууæндгути. Уастæн, Хуцау игъосагæ, зонагæ 'й!
18. Е сумахæн уой тухxæй æй, цæмæй Хуцау æнаккæгти налат миутæ фенæхъаурædæр кæна.
19. Уælахездзийнадæ кæд курдтайтæ, уæд уæмæ уælахездзийнадæ ærбацудайдæ, фал сумах ку фæллæудтаййайтæ, уæд уин хуæздæр адтайдæ. Фал сумах ку раздæхайтæ, уædта Мах дæр раздæхдзинан. Кæд

берæ айтæ, уæддæр уин уæ берæдзийнадæ неци фæййангъос уодзæнæй, уомæн æма Хуцау æууæндгути хæццæ æй.

20. Уо, ка бауæндтæй! Хуцау æма Æ минæвари коммæ кæсетæ æма, кæми игъосетæ, уоми уæхе Уомæй ма хатетæ.
21. Æма, уотæ ка дзурдта "Мах фегъустан", сæхуæдтæ ба не 'гъустонцæ, уони хузæн ма уотæ.
22. Уастæн, фонси лæгъуздæртæ Хуцауи размæ къуру æнцæ, кæцитæ неци лæдæрунцæ.
23. Хуцау сæ зæрдити ести хуарздзийнадæ ку зудтайдæ, уæд сæ Е байгъосун бауагътайдæ, фал сæ Е байгъосун ку бауагътайдæ, уæддæр етæ Уомæй сæхе рахадтайуонцæ, сæхе райеуварсгæнгæй.
24. Уо, ка бауæндтæй! Хуцау æма Æ минæвари коммæ кæсетæ, сумах ци царуй, уомæ уæмæ ку седа, уæд. Æма 'й зонетæ, Хуцау адæймаг æма æ зæрди æхсæн ке лæууй. Уастæн, Уомæ æмбурдгонд уодзинайтæ!
25. Раст уи ка нæй, æрмæст уони ка нæ баййафдзæнæй, еци фæлварæнæй тæрсетæ. Æма 'й зонетæ: Хуцау тухгин æй Е 'фхуæрди!
26. Уæ зæрдæбæл даретæ уой, æма и зæнхæбæл[5] сумах минкъий æхсæнадæ ма ку адтайтæ, æнæхъаурæ ку адтайтæ, и адæн уæ æрахæссæнцæ, уомæй ку тарстайтæ, уæд уин Е цæрæнуат равардта[6], Е 'нхусæй уæ ниффедар кодта æма уæ фарнæй фæххайгин кодта, - мусийнæ, уодзинайтæ боз!
27. Уо, ка бауæндтæй! Хуацубæл æма Æ минæварбæл гадзирахаттæй ма цотæ, - уæд сумах, уой лæдæргæй, гадзирахаттæй рацæудзинайтæ, ци гъуддаг уæбæл бауæндæ 'й, уобæл.
28. Зонетæ уой, æма уæ гъæздугдзийнадæ дæр æма уæ сувæллæнттæ дæр æрмæст уæ фæлварæн æнцæ[7], æма æрмæст Хуцаумæ 'й устур лæвар.
29. Уо, ка бауæндтæй! Хуацуæй ку тæрсайтæ, уæд уин ратдзæнæй ервæзундзийнадæ æма уæ искæдзос кæндзæнæй уæ фудраконддзийнæдтæй æма уин ниххатир кæндзæнæй. Уастæн, Хуцау устур хуарзæнхи хецау æй!
30. Мæнæ, ка не 'ууæндуй, етæ дæ нихмæ архайунцæ, цæмæй дæ

фækъкъулумпи кæнонцæ кенæ дæ рамаронцæ, кенæ ба фæссоронцæ. Етæ фæливд миутæ кæнунцæ, Хуцау дæр фæливд миутæ кæнуй. Фал Хуцау фæливд миутæ гæнгути дæснидæртæй æй!

31. Æма син Нæ алæмæттæй ку фæййаргъаунцæ, уæд етæ фæззæгъунцæ: “Мах æй фегъустан. Мах ку фæндадтайдæ, уæд мах дæр уотитæ радзурдтаййанæ. Етæ æрмæст рагдзаманти[8] таурæхътæ æнцæ!”
32. Æма мæн етæ дзурдтонцæ: “Еунæхуцау! Е кæд Дæуæй æрвист уацæгадæ ‘й, уæд нæбæл арвæй дорин къæвда рауадзæ кенæ æбуалгъ æфхуæрддзийнадæ рарветæ”.
33. Хуцау уæхæн нæй, цæмæй, ду се ‘хсæн уогæй, уони бафхуæра. Уомæн дæр уæн нæййес, æма етæ сæхецæн хатирдзийнадæ ку коронцæ, уæд сæ бафхуæра Хуцау.
34. Фал сæ куд гъæуама ма бафхуæра Хуцау, кæд æма етæ тобæгонд мæзгитæй еуварс кæнунцæ иннети, æ гъæуайгæнæг нæ уогæй? Хуцауæй ка тæрсуй, æрмæст етæ ‘нцæ æ гъæуайгæнгутæ, фал сæ фулдæр уой нæ зонуй!
35. Æма хæдзари[9] рази уонæн сæ намаз дæр æрмæст скъотт æма æрдзæф адтæй. Æма исахуадетæ æфхуæрддзийнадæй, ке не ‘ууæндтайтæ, уой туххæй!
36. Уастæн, ка не ‘ууæндтæй, етæ сæ мулк фæлхас кæнунцæ, цæмæй иннети фесинмæ æздахонцæ Хуцауи надæй, æма ‘й байгъаудзæнæнцæ етæ. Уæдта е уонæн разиндзæнæй фæсмойнаг, уæдта етæ саст æрцæудзæнæнцæ! Æма ка не ‘ууæндуй, етæ æмбурдгонд æрцæудзæнæнцæ дзаханаманмæ,
37. цæмæй Хуцау цъамари рартаса хуæрзигурдæй, æма цæмæй цъамари еу иннебæл исиваера æма сæ никкала се ‘гасейдæр дзаханамани. Етæ зæрани бунати байзайæггæгтæ æнцæ.
38. Ка не ‘ууæндтæй, уонæн зæгъæ: “Етæ сæхе ку бауорамонцæ, уæд син хатиргонд уодзæнæй уой размæ ци адтæй, е. Фал ку раздæхонцæ, уæдта – фиццаг адæнти дæнцæн райевгъудæй.

39. Æма сæ хæццæ тохетæ, цалдæн уæ мондæгтæй уæмæ нецибал байзайа, æма цалдæн дин еугурæйдæр Хуцауи бæрни нæ бауа, уæдмæ". Сæхе ку бауорамонцæ, уæдта етæ ци кæнунцæ, уой Хуцау уинуй!
40. Фал фæстæмæ ку раздæхонцæ, уæдта 'й зонетæ, æма Хуцау уæ ауодæг æй. Е хуæрз ауодæг æй, уæдта хуæрз æнхусгæнæг æй! Куд хуарз Ауодёг ёй е! Куд хуарз Ёнхусгёнёг ёй е!
41. Уой зонетæ, æма ести амæттаг ку байсайтæ, уæд фæндзæймаг хай – Хуцауæн, уæдта минæварæн, уæдта хæстæгутæн, уæдта седзæртæн, уæдта мæгуртæн, уæдта бæлццонæн, кæд баууæндтайтæ Хуцаубæл æма Мах ци нирвистан Нæ цагъарæн бæлвурдгонд бони, дууæ æфсæддон æмбурди ку фæййеу æнцæ, еци бон, уёд. Уастæн, Хуцау тухгин æй!
42. Мæнæ сумах лæудтайтæ хæстæгдæр тегъæбæл, етæ ба – идарддæр тегъæбæл, бæлццæнттæ ба – сумахæй бундæр. Æма сумах ку ниннет кодтаййайтæ рæстæг, уæд рæстæгбæл рахецæн адтаййайтæ, фал е уой тухххæй адтæй, цæмæй Хуцау , ци гъуддаг æрцудæй, уой исаразтайдæ,
43. Цæмæй, ка фæммардæй, е æнæмæнгæ фæммардайдæ, æма, ка гъæуама байзадайдæ цæргæ, æнæмæнгæ е ма фæммардайдæ. Æма уастæн, Хуцау игъосагæ æма зонагæ 'й!
44. Мæнæ дин сæ Хуцау бавдиста дæ фуни æстæнтæй, нур дин сæ Е берæй ку бавдистайдæ, уæдта фенæхъаурæ адтаййайтæ æма еци гъуддагбæл буцæу кæнун райдæдтаййайтæ. Фал уæ Хуцау бафедаун кодта, уомæн æма Е уæ зæрдити ци ес, уой зонуй!
45. Æма мæнæ кæрæдзей хæццæ ку исæмбалдайтæ, уæд уин сæ Е бавдиста уæ цæстити минкъиййæй, уони цæстити ба сумах фæмминкъийдæр кодта, цæмæй ци гъуддаг гъæуама æрцудайдæ, уой исаразтайдæ Хуцау. Æма æгас гъуддæгтæ дæр Хуцауæй æнцæ!
46. Уо, ка баууæндтæй! Æфсæддон къуарбæл ку исæмбæлайтæ, уæд федар уотæ æма Хуцауи ном еретæ арæхдæр: мусийнæ, æнтæстдзийнадæ уæ фæууодзæнæй!
47. Æма Хуцау æма Æ минæвари коммæ кæсетæ æма ма буцæу кæнетæ,

кенæ ба исæдухæ уодзинайтæ, æма уæ тухæ фесæфдзæнæй. Бухсетæ, уомæн æма Хуцау бухсæгути хæццæ ‘й!

48. Сæ хæдзæрттæй хецмёрæй æма адæни цёстёмё ка рацудæй, уони хузæн ма уотæ. Етæ Хуцауи надæй еуварс кæнунцæ, Хуцау ба, етæ ци кæнунцæ, уой зонуй.

49. Æма мæнæ син Ибилис сæ гъуддæгтæ барæсугъд кодта æма загъта: “Адæни æхсæн сумахбæл фæууæлахез уæвæг нæййес, æз ба уæ синхон дæн”. Дууæ æфсæддон къуари дæр ку фæззиндтæнцæ, уæдта е фæстæмæ раздахтæй æма загъта: “Æз уæмæ неци барæ дарун: сумах ци нæ уинетæ, æз уой уинун. Æз Хуцауæй тæрсун, Хуцау ба Æ бафхуæрди тухгин æй!”

50. Мæнæ зæгъунцæ цоронтæ æма, сæ зæрдити нез кæмæн ес, етæ: “Ани сæ дин рамондаг кодта”. Хуцаубæл æхе ка бафæдзæхсуй, уомæн ба Хуцау тухгин, фастихадзи æй!

51. Гиауртæ куд мардæнцæ, уой ку фæууидтайсæ! Изæдтæ син хуастонцæ сæ цæсгæнттæ æма сæ фæссæнттæ: “Исахуадетæ арти æфхуæрддзийнадæ!”

52. Е уин, уæ къохтæ ци исаразтонцæ, уой тухxæй æй, Хуцау ба Ё цагъартæ не ‘фхуæруй.

53. Фæрæони адæн æма уони размæ ка адтæй, уони хузæн етæ Хуцауи ёвдесёнтё нимадтонцæ мæнгæбæл, æма сæ Хуцау бафхуардта сæ тæрегъædти тухxæй. Уастæн, Хуцау карз æма тухгин æй Æ бафхуæрди!

54. Е уомæн уотæ ‘й, æма Хуцау не ‘ййевуй Æ хуарзæнхæ, кæцимæй фæххайгин кодта ескæци адæни, цалдæн етæ, сæ зæрдити ци ес, уобæл не ‘сæййевдзи уонцæ, уædмæ, уædта уой тухxæй, æма Хуцау игъосагæ æма зонагæ ‘й.

55. Фæрæони адæн æма уони размæ ка адтæй, етæ сæ Еунæхуцауи ёвдесёнтё нимадтонцæ мæнгæбæл, æма сæ Мах дæр фесафтан сæ тæрегъædти тухxæй æма фæддæлдон кодтан Фæрæони адæни. Æма етæ се ‘гас дæр хæран адтæнцæ.

56. Уастæн, тæккæ гъиггагдæр фонсæй Хуцаумæ æнцæ, ка не ‘ууæндтæй æма ка нæ комуй æууæндун, етё.
57. Цæдес ке хæццæ искодтай, æма етæ ба уой фæсте аллихатт дæр и цæдес фехалунцæ æма Хуцауæй нæ тæрсунцæ,
58. уонæбæл тугъди ку исæмбæлай, уæд сæ ниххæлеу кæнæ: уони фæсте ка уа, етæ, мусийнæ, уой гъуди кæндзæнæнцæ!
59. Гадзирахатæй рацæунæй ку тæрсай адæнæй, уæдта ин уой еци хузи бахатæ: уастæн, Хуцау гадзирахатæй рацæугутæ нæ уарзуй!
60. Æма ка нæ бауæндтæй, етæ уотæ ма ‘нгъæлæнтæ, æма æууæндгутæбæл фæрразæй уодзæнæнцæ: уони етæ нæ федухæ кæндзæнæнцæ.
61. Æма син æрцæттæ кæнетæ, уæ бон цæйбæрцæ ‘й, уой бæрцæ хъауритæ æма бæхгин æфсæддон къуартæ: уонæй сумах фæттæрсун кæндзинайтæ Хуцауи æзнæгти, уæдта уæхе æзнæгти, уæдта, уонæй уæлдай ма, иннети дæр: уони сумах нæ зонетæ, Хуцау сæ зонуй. Æма цийфæнди не схарз кæнайтæ Хуцауи надбæл, Хуцау уин сæ бахатдзæнæй æма зæрдихудт нæ уодзинайтæ.
62. Бафедаунвæндæ ку скæнонцæ, уæдта ду дæр исарази уо уобæл æма Хуцаубæл дæ зæрдæ дарæ, уомæн æма Е игъосагæ æма зонагæ ‘й!
63. Фал дæ етæ басайунвæндæ ку скæнонцæ, уæдта Хуцау дæ фагæ ‘й. Е æй дæу ка фæфффедар кодта Е ‘нхусæй, уæдта дингæнгутæй, æма син сæ зæрдитæ ка байеу кодта. Зæнхæбæл цидæриддæр ес, уони ку исфæлхас кодтайсæ, уæддæр син нæ байеу кодтайсæ сæ зæрдитæ, фал Хуцау ба байеу кодта уони зæрдитæ, уомæн æма Е тухгин æма фастихадзи æй!
64. Уо, пахампар! Хуцау æма дингæнгутæй дæ фæдбæл ка рацудæй, етæ дæ фагæ ‘нцæ.
65. Уо, пахампар! Дингæнгути тохмæ разæнгард кæнæ. Уе ‘хсæн инсæй уалгæдзони ку разинна, уæд етæ фæууæлахез уодзæнæнцæ дууæ сædебæл; уе ‘хсæн дууæ сæди ку уа, уæдта етæ фæууæлахез уодзæнæнцæ ка не ‘ууæндуй, мин уæхæнебæл, æнæлæдæргæ адæн ке ‘нцæ, уой туххæй.

66. Нур уин Хуцау æнцондзийнадæ равардта: Е зонуй læмæгъдзийнадæ уæмæ ке ес, уой. Фал сæдæ уалгæдзони ку уа уе ‘хсæн, уæд фæууæлахез уодзæнæнцæ дууæ сæдебæл, уе ‘хсæн мин ку уа, уæдта Хуцауи фæндæй фæууæлахез уодзæнæнцæ дууæ минебæл, уомæн æма Хуцау уалгæдзонти хæццæ ‘й!

67. Еунæг пахампарæн дæр не ‘нгъизтæй уацайрæгтæ есун, цалдæн зæнхæбæл бундзагъд цæун нæ райдæдта. Сумах а царди гъæуй рæстæгмæ хуæрзтæ, Хуцауи ба уин сæ федæни фæндуй. Хуцау тухгин æма фастихадзи æй!

68. Хуцауæй раздæр ку неци æрвист адтайдæ, уæд устур æфхуæрд баййафтаййайтæ, ци райстайтæ, уобæл.[10]

69. Æма хуæретæ, хуарзæй ци ‘нгъезуй, уæхæнæй амæттагæн цидæриддæр райстайтæ, æма тæрсетæ Хуцауæй: уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

70. Уо, пахампар! Уацайрæгтæ ке къохи ес, уонæн зæгъæ: “Уæ зæрдити ци хуарздзийнадæ ес, уой ку базона Хуцау, уæд уин Е, ци уи райстæй[11], уомæй фулдæрæй бахатдзæнæй æма уин ниххатир кæндзæнæй: Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

71. Фал сæ дæубæл гадзирахатæй рацæун ку бафæндæ уа, уæдта етæ раздæр Хуцаубæл рацудæнцæ гадзирахаттæй, æма сæ пусулмёнтти бæрни кæнуй. Хуцау зонагæ æма фастихадзи æй!

72. Уастæн, ка баууæндтæй æма мухадзир[12] ка иссæй æма æ мулкæй дæр æма æ уодæй дæр ка тох кодта Хуцауи надбæл, уæдта уонæн легдонæ ка равардта[13] æма син ангъос ка кодта, етæ кæрæдземæ хæстæг æнцæ. Ка баууæндтæй, фал мухадзир ба ка не ‘ссæй, уонæмæ ба неци хæстæгдзийнадæ ес, цалдæн мухадзиртæ не ‘сонцæ! Фал етæ уи дини гъуддаги æнхусдзийнадæ ку ракоронцæ, уæдта сумахæн уе ‘хæс фæййангъос кæнун æй, кæд ци адæни хæццæ уин ес бадзурд, уони нихмæ нæ уонцё, уæд. Æма Хуцау уинуй ци архайетæ, уой!

73. Ка нæ баууæндтæй, етæ ба еуетæ иннетæн хæстæг æнцæ. Æма сумах

уотæ ку нæ бакæнайтæ, уæд зæнхæбæл хъæбæр хæлхъойтæ æма хæлæмултæ уодзæнæй.

74. Ка бауӕндтæй æма мухадзир ка иссæй æма ка тугъдæй Хуцауи надбæл, уæдта уони ка байуазæг кодта æма син ангъос ка кодта, етæ дингæнгутæ ‘нцæ: уони размæ ихæс – ниххатиргонд æма фæрнгун хай.

75. Уой фæсте ка бауӕндтæй æма мухадзир ка иссæй æма уæ фарсмæ ка тох кодта, етæ дæр сумахæй æнцæ.[14] Æма кæрæдземæ хæстæг лæугутæ ба Хуцауи Финстæгмæ гæсгæ еу иннемæн хæстæгдæр æнцæ. Уастæн, Хуцау зонæнгин æй!

9-аг сураæ[1]

Фæсмон

(ат-Тауба)

1. Берæ хуцæуттæмæ ковгутæй ке хæццæ исаразтайтæ цæдес, уонæн Хуцауæй – æнгъуд.[2]
2. Фæххæтетæ а зæнхæбæл цуппар мæйи, æма ‘й зонетæ, Хуцауи ке нæ фæллæмæгъдæр кæндзинайтæ, æма Хуцау гиаурти ке бакъæндзæстуг кæндзæнæй!
3. Хуцауæй[3] æма Æ минæварæй адæнмæ федеуæн устур хадзий бон, Хуцау æма Æ минæвар, берæ хуцæуттæмæ ковгутæбæл ке хъоди кæнуй, уой туххæй. Æма уæхе ку æрбахатайтæ, уæд уин е хуæздæр уодзæнæй, ку ратегъ кæнайтæ уæхе, уæдта ‘й зонетæ, Хуцауи ке нæ фæллæмæгъдæр кæндзинайтæ. Æма хуæрзæнгорæггаг фæууо ка нæ бауӕндтæй, уонæмæ æбуалгъ æфхуæрди туххæй,
4. цæдес ке хæццæ исаразтайтæ, еци берæ хуцæуттæмæ ковгутæй фæстæмæ, кæд уой фæсте дæр етæ некæд фехалдтонцæ и цæдес æма некæмæн ангъос кодтонцæ уæ нихмæ! И бадзурд æнхæст кæнетæ æ фæууни рæстæгмæ. Хуцаудас ка ‘й, Хуцау дæр уони уарзуй!
5. Тобæгонд мæйтæ ку фæууонцæ, уæдта цæгъдетæ берæ хуцæуттæмæ

ковгути, кæми фæнди дæр сæ ерайтæ, уоми, архайетæ сæ нийяхæссунмæ, æртеголæ сæбæл уотæ, сæ фалæнбулайти аразетæ арæсæнтæ цийфæнди асхъод рауæн дæр! Кæд æма фæррæстмæ æнцæ æма намаз кодтонцæ, æма искæдзосгæнæн битир лæвардтонцæ, уæдта син сæ фæндаг исуæгъдæ кæнетæ: Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ æй!

6. Берæ хуцæуттæмæ ковгутæй ди еске æхецæн легдонæ ку байагора, уæд æй байазæ, цалдæн Хуцауи дзурдтæ нæ фегъоса, уæдмæ. Уой фæсте ба ‘й ædac рауæнбæл исæмбæлун кæнæ: е уой тухxæй гъæуй, æма етæ нæзонагæ адæн æнцæ.
7. Сугъдæг мæзгити рази ци берæ хуцæуттæмæ ковгути хæццæ исаразтайтæ цæдес, уонæй уæлдай ма циуавæр берæ хуцæуттæмæ ковгутæн уодзæнæй цæдес Хуцау æма *Æ* минæвари хæццæ? *Æ*ма етæ цалдæн уæ хæццæ рæстаг æнцæ, уæдмæ сумах дæр сæ хæццæ уотæ рæстаг, уомæн æма Хуцау, хуцаудас ка ‘й, уони уарзуй!
8. Куд æма?[4] Кæд æма етæ, сумахбæл фæууæлахез уогæй, нæдæр сæ соми, нæдæр сæ дзурд не ‘нхæст кæнунцæ? Етæ уæмæ хуарз цæстæ дарунцæ æрмæст сæ цъухæй, сæ зæрдитæ ба æндæр хузи зæгъунцæ, æма уонæн сæ фулдæр хай æнаккæгтæ æнцæ.
9. Етæ Хуцауи алæмæттæн нецæййаг аргъ кæнунцæ æма *Æ* надæй еуварс кæнунцæ. Етæ ци кæнунцæ, е лæгъуз æй!
10. Етæ дингæнгути хæццæ нæдæр сæ соми, нæдæр сæ дзурд не ‘нхæст кæнунцæ. Етæ æнаккæгтæ ‘нцæ.
11. Кæд æма се ‘ргом раздахтонцæ, æма намаз кæнунцæ, æма битир равардтонцæ, уæдта етæ уе ‘нсувæртæ æнцæ дини. Ка зонуй, еци адæнæн Мах лæдæрун кæнæн алæмæттæ!
12. Фал кæд етæ сæ соми фехалдтонцæ бадзурдгонди фæсте æма уин уæ дин фаудтонцæ, уæдта æнæууæнки имамти хæццæ тохетæ, уомæн æма уонæн ард хуæрундзийнадæ нæййес: мусийнæ, æма сæхе уорамдзæнæнцæ!

13. Мийяг, æ соми ка фехалдта[5] æма минæвари фæссорунбæл ка сагъæс кодта, еци адæни хæццæ нæ тохдзинайтæ? Фиццаг етæ райдæдтонцæ. Мийяг си тæрсетæ? Кæд æууæндетæ, уæд гъæуама Хуцауæй тæрсайтæ хъæбæрдæр.
14. Тохетæ сæ хæццæ: Хуцау сæ сумах къохæй бафхуæрдзæнæй, æма сæ фæхходуйнаг кæндзæнæй, æма уин фæййагъаз кæндзæнæй сæ нихмæ, æма æууæндгути реутæ исдзæбæх кæндзæнæй,
15. æма сæ зæрдитæй райеуварс кæндзæнæй маст. Хуцау Е ‘ргом æздахуй, кæмæ ‘й фæндуй, уомæ: Хуцау зонагæ æма фастихадзи æй!
16. Æви уотæ сагъæс кæнетæ, æма, æновуддзийнадæ ка равдиста æма Хуцауæй æма Æ минæваræй, æма дингæнгутæй фæстæмæ æндæр лимæн ка нæ агурдта æхецæн, уони не сбæрæг кæнгæй уæ ниууадздзæнæй? Сумах ци кæнетæ, уой Хуцау зонуй!
17. Нæ фæткæуй берæ хуцæуттæмæ ковгутæн Хуцауи мæзгиттæмæ цæун, кæма сæ уодти æнæууæнки тухxæй сæхуæдтæ æвдесæн кæнунцæ. Уонæн сæ миутæ дзæгъæли æнцæ, æма æноси дæр арти фицунцæ!
18. Хуцауи мæзгитмæ цæунцæ æрмæст Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл ка бауuæндтæй, æма намаз ка кодта, битир ка лæвардта æма Хуцауæй æндæр ка некæмæй тарстæй, етæ: мусийнæ, етæ разиндзæнæнцæ растнадбæл цæугутæ!
19. Гæр, хадзигæнæгмæ дон ка бадæтта æма мæзгитмæ ка бацæуа, уони, Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл ка бауuæндтæй, уæдта Хуцауи надбæл ка тох кодта, уони хæццæ баретæ? Хуцауи размæ етæ æмбарæ нæ ‘нцæ: Хуцау æнаккаг адæни нæ хонуй!
20. Ка бауuæндтæй æма мухадзир ка иссæй, æма Хуцауи надбæл ка тох кодта, æ мулкæй дæр æма æ уодæй дæр, етæ Хуцаумæ устурдæр къæпхæнбæл лæуунцæ: етæ, æнтæстдзийнадæ ка райста, уонæй æнцæ.
21. Хуцау син сæ зæрдитæ барохс кæнуй Æ хуарзæнхæй æма ауодунæй, æма фарнæйдзаг рæзбунтæй,
22. ёма æноси дæр уоми уодзæнæнцæ, уомæн æма Хуцаумæ ‘й устур лæвар!

23. Уо, ка бауӕндтӕй! Уӕ фиддӕлтӕ ӕма ӕнсувӕртӕ кӕд ӕнӕууӕнкӕдзийнадӕ бауарзтонцӕ, уӕд уони ма есетӕ лимӕнтӕн, етӕ рӕстаг нӕ ‘нцӕ.
24. Зӕгъӕ: “Кӕд уӕ фиддӕлтӕ, ӕма уӕ фурттӕ, ӕма уе ‘нсувӕртӕ, ӕма уӕ уоститӕ, ӕма уӕ бийнонтӕ, ӕма ци мулк искодтайтӕ, ӕма ӕнӕберекетдзийнадӕй ци базарадӕн тӕрсетӕ, ӕма ци хӕдзарӕ уӕ зӕрдӕмӕ фӕццудӕй, етӕ уин кӕд ӕхсидзгондӕр ӕнцӕ Хуцауӕй ӕма Æ минӕварӕй ӕма Æ надбӕл тохунӕй, уӕд ӕнгъӕлмӕ кӕсетӕ, цалинмӕ Хуцау не ‘рбацӕуа Æ фӕндони хӕццӕ. Хуцау ба ӕнаккаг адӕни нӕ хонуй!
25. Нурмӕ уин Хуцау фӕййангъос кодта берӕ рауӕнти, уӕдта Хунайни[6] бон дӕр, уӕ берӕдзийнадӕ уин ӕхцӕуӕн ку адтӕй, уӕд. Фал уин е неци фӕййагъаз ӕй ӕма уин зӕнхӕ исунгӕг ӕй, урух кӕми адтӕй, уоми дӕр. Уӕдта уӕхе разилдтайтӕ, уӕ къилдун бавдесгӕй.
26. Уой фӕсте ба Хуцау ӕвӕлмондзийнадӕ ӕруагъта Æ минӕвар ӕма ӕууӕндгутӕбӕл, ӕма нирвиста ӕфсӕдтӕ, кӕцити сумах нӕ уидтайтӕ, ӕма ка не ‘ууӕндтӕй, уони бафхуардта: е ӕнёууӕнкити хезуй.
27. Уой фӕсте ба Хуцау ниххатир кӕндзёнёй, кӕмӕн Ёй фӕндуй, уонӕн, уомӕн ӕма Хуцау барагё ӕма тӕрегъӕдгӕнагӕ ӕй!
28. Уо, ка бауӕндтӕй! Берӕ хуцӕуттӕмӕ ковгутӕ фагус ку ‘нцӕ. Ӕма аци анзӕй фӕстӕмӕ етӕ хӕстӕгдӕр мабал цӕуӕнтӕ сугъдӕг мӕзгитмӕ! Нӕфагӕдзийнадӕй кӕд тӕрсетӕ, уӕдта уӕ Хуцау исгъӕздуг кӕндзӕнӕй Æ рӕдаудзийнадӕй, ку Ӕй бафӕндӕуа, уӕд. Уастӕн, Хуцау зонагӕ ӕма фастихадзи ӕй!
29. Тохетӕ ка не ‘ууӕндуй Хуцаубӕл ӕма фӕстаг бонбӕл, Хуцау ӕма Æ минӕвар ци батобӕ кодтонцӕ, уобӕл ка нӕ тобӕ кӕнуй, ӕма уацӕг динмӕ ка нӕ уесуй, Финстӕг ӕрвист кӕмӕ адтӕй, уонӕй, цалдӕн етӕ исӕдухӕгондӕй ӕма ӕгадӕгондӕй сӕ цардбӕл сӕхе къохтӕй федтон нӕ радтонцӕ, уӕдмӕ.
30. Ӕма уерӕгтӕ дзорунцӕ: “Узайр[7] Хуцауи фурт ӕй”. Ӕма киристӕнттӕ

дзорунцæ: “Мессийæ Хуцауи фурт æй”. Еци дзурдтæ уони цъухи , раздæр ка не ‘ууæндтæй, уони дзурдти хузæн æнцæ. Хуцау сæ бакайæд! Куд рæуæгсæр æнцæ!

31. Етæ, сæ киунугутæ финсгути æма моладзанти, Хуцауæй æндæр ма сæхецæн райстонцæ тубайæн, уæдта Майрæни фурт Есой дæр. Уонæн ба ихæсгонд адтæй æрмæст еунæг Хуцаумæ ковун, кæцимæн æмбал нæййес. Табу Ин уæд. Æмбалæн Ин ке раттунцæ, Е уонæй бæрзонддæр æй!
32. Уони Хуцауи рохс ниххуссун кæнун фæндуй сæ цъухæй; Хуцауи ба æрмæст е фæндуй, цæмæй Æ рохс байгон уа, кæд еци гъуддаг æнæуинон æй берæ хуцæуттæмæ ковгутæн, уæддæр.
33. Е æй Æ минæвар ка рарвиста рæствæндагбæл æма уацæг дини хæццæ, цæмæй æй исиваера цийфæнди динæй дæр бæрзонддæр, кæд æма еци гъуддаг æнæуинон æй берæ хуцæуттæмæ ковгутæн.
34. Уо, ка бауæндтæй! Киунугæдартæй æма моладзантæй беретё адæни цийес дзæгъæли хуæрунцæ æма сё Хуцауи надæй еуварс кæнунцæ. Сугъзæрийнæ æмаævзеста ка æмбурд кæнуй æма си Хуцауи надбæл ка нæ харз кæнуй, уонæн ба цийнаг хабар фегъосун кæнæ æбуалгъ æфхуæрди туххæй,
35. дзаханамани арт ку иссодза, уæд еци бон сурхзинггонд ке æрцæудзæнæнцæ[8] зиндони арти, æма уомæй сæ тæрнихтæбæл, æма сæ сунтæбæл, æма сæ бæрзæйтæбæл дангъа æвæрд ке ‘рцæудзёнёй, уой туххёй. Е уодзæнæй, уæхуæдтæ уæхецæн ци басосæг кодтайтæ, æма уæхецæн ци баримахстайтæ, уой исахуадетæ!
36. Уастæн, мæйти бæрцæ Хуцаумæ дууадæс мæйи æнцæ Хуцауи Финстæги, Е арв æма зæнхæ ку исфæлдиста, уæд еци бон. Уонæй ба цуппар[9] æнцæ тобæгонд: е федар æгъдау æй, æма уæд уæхецæн маци зæран хæссетæ æма тохетæ берæ хуцæуттæмæ ковгути хæццæ, етæ уæ хæццæ куд тохунцæ, уотæ. Æма зонетæ: Хуцау хуцаудасти хæццæ æй!
37. Æндæртæмæ сæ раййевун хъæбæр æнæууæнкæдзийнадæ æй; уомæй

расайунцæ æрмæст ænæууæнкити: етæ ‘й еу анз нимайунцæ хумætæгбæл, иннæ анз ба – тобæгондбæл, цæмæй Хуцау тобæгонд ке скænун кодта, еци рæстæги хæццæ исарази кænун кæна æхе. Æма етæ бауадзунцæ, Хуцау ке батобæ кодта, уой. Сæ фудмиутæй ерхæфсунцæ етæ, фал Хуцау хæран адæнæн разамунд нæ дæттуй!

38. Уо, ка бауууæндтæй! Уотæ уин ку фæззæгъунцæ: “Хуцауи надбæл балци рацотæ!”, уæд зæнхæбæл уæззау хъан цæмæн æркæнетæ уæхе? Гæр, федæни цардæй хъæбæрдæр арази айтæ хæстæг цардæй? Кæд æма федæни царди хæццæ рабаргæй хæстæг царди идзæлæнтæ нецæййагдæр æнцæ.

39. Ку нæ рацæуайтæ балций, уæд уæ Хуцау хъæбæр бафхуæрдзæнæй æма уæ æндæр адæнæй раййевдзæнæй. Сумах ба неци зæран æрхасдзинайтæ, уомæн æма Хуцау алли гъуддагбæл дæр тухгин æй!

40. Сумах ин[10] ку нæ фæййангъос кænайтæ, уæд ин уæддæр Хуцау фæййангъос кодта. Мænæ, ка не ‘ууæндтæй, етæ ‘й фæссурдтонцæ, кæд æма е дууемæй дуккаг адтæй. Мænæ сæ дууæ дæр лæгæти адтæнцæ, мænæ е ‘мбæлццонæн[11] зæгъуй: “Ма тухсæ, Хуцау нæ хæццæ æй!” Æма Хуцау Е ‘вæлмондзийнадæ æркодта уобæл, æма ка не ‘ууæндтæй, уони дзурд фæккодта ниллæгдæр, уомæн æма Хуцауи дзурд бæрзонддæр æй. Уастæн, Хуцау тухгин æма фастихадзи* æй!

41. Рæуæгæй уа, уæззауæй уа, рацотæ, цит, æфсæддон балций æма тохетæ уæ цийесæй дæр æма уæ уодтæй дæр Хуцауи надбæл! Кæд æй лæдæретæ, уæд е сумахæн хуæздæр æй!

42. Нур ænæмæнгæ амæттаг ку адтайдæ, æма над ба æнцон цæуæн, уæд етæ, æвæдзи, дæ фæдбæл рацудайуонцæ. Фал сæмæ и над идард кæсуй, æма Хуцауæй соми кænунцæ: “Махæн нæ бон ку адтайдæ, уæд рацудаййанæ еумæ!”. Етæ сæхуæдтæ сæхе исафунцæ, Хуцау ба зонуй, етæ мæнгæттæ ке ‘нцæ, уой.

43. Хуцау дин ниххатир кænæд! Раст ка дзурдта, етæ цалдæн рабарæг æнцæ

---

* Фастихадзи – мудрый, мудрец.

дæ размæ, æма мæнгæттæ дзоргути базудтай, уæди уæнгæ сæ цæмæ бауагътай?

44. Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл ка æууæндуй, етæ дæ нæ фæрсунцæ, цæмæй сæ цийфес æма сæ уодтæй тохонцæ. Хуцау ба зонуй Хуцауæй тæрсгути!

45. Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл ка не ‘ууæндуй æма дузæрдуг ка кæнуй, æрмæст етæ дæ фæффæрсунцæ, - æма етæ сæ дузæрдугдзийнади кæнунцæ дууердæмæ.

46. Æма нур уони рацæун ку бафæндадтайдæ, уæд æрцæттæ кодтайуонцæ сæ тохæндзаумæуттæ, фал уонæн сæ рацуд Хуцауæн æнæуинон адтæй æма сæ фæдздзебæл кодта, æма загъд адтæй: “Бадгутæй бадетæ!”

47. Етæ уæ хæццæ ку рацудайуонцæ, уæд уин уæ уаваер фæууæзаудæр кодтайуонцæ æма уе ‘хсæн хæлхъойтæ райдæдтайуонцæ, уони куд фæндуй, уотæ. Уе ‘хсæн ба ес, уонæмæ ка байгъустайдæ, уæхæнттæ. Хуцау зонуй хæранти!

48. Раздæр дæр етæ исхæлхъой кæнунвæндæ кодтонцæ æма дæ размæ гъуддæгтæ исхатиуонцæ, цалдæн уацæгадæ не ‘рбацудæй æма Хуцауи фæндæ нæ раргом æй, кæд етæ æнæуинон цæстæй кастæнцæ, уæддæр.

49. Се ‘хсæн ес уæхæн дæр, кæци фæззæгъуй: “Ба мæ уадзæ, æма мæ ма цибæл кæнæ!” Мийфаг, етæ цибæли амæттаг нæ фæцæнцæ? Уастæн, дзаханаман рахъури кæндзæнæй хæран адæни!

50. Ести хуарздзийнадæ дæбæл ку ‘рцæуй, уæд сæ е æнкъард кæнуй; фал дæбæл ести бæлах ку ‘рцæуй, уæдта етæ фæззæгъунцæ: “Нæ гъуддагбæл мах раздæр расагъæс кодтан!” – æма сæхе райеуварс кæнунцæ, цийнæгæнгæй.

51. Зæгъæ: “Хуцау нин ци исаккаг кодта, уомæй æндæр нæбæл некæд неци æрцæудзæнæй. Е нæ армадарæг æй!” Æма æууæндгутæ сæхе фæдзæхсæнтæ Хуцаубæл!

52. Зæгъæ: “Ёдта нур сумах уомæ ‘нгъæлмæ кæсетæ, ёма нёмё, кёд мийфаг, дууæ хуарзæнхемæй еуемёй ма уёмё ести ёрхаудзёнёй, зёгъгё? Мах дæр

ængъælmæ kæcæn, Хуцауи æfхуæрддзийнадæ кæд баййафдзинайтæ, Æхе фæндæй, кенæ мах къохæй, уомæ. Æма ængъælmæ кæcетæ, мах дæр ængъælmæ кæсдзинан!”

53. Зæгъæ: “Барвæндæй харз кæнайтæ, тухæй, - ист уин не ‘рцæудзæнæнцæ! Сумах æнаккаг адæн ке адтайтæ, уой тухкёй”.
54. Æма син сæ фæлхасгонд райсунæн къулумпидзийнадæ æрмæст е æй, æма етæ не ‘ууæндтæнцæ Хуцаубæл æма Æ минæварбæл, уæдта намазмæ игетгæй ке æрбацæунцæ æма тухкæй ке фæлхас кæнунцæ.
55. Æма дæ сæ цийес дæр æма сæ сувæллæнттæ дæр деси ма ‘фтауæнтæ. Хуцау сæ уомæй бафхуæруйнаг æй хæстæг царди: сæ уодтæ исестæуодзæнæнцæ æма етæ уодзæнæнцæ гиауртæ.
56. Сумахæй ке ‘нцæ, уой тухкæй Хуцауæй соми кæнунцæ, кæд æма сумахæй нæ ‘нцæ, фал етæ тæрсгæ ка кæнуй, уæхæн адæн æнцæ.
57. Римæхсæн бунат, кенæ лæгæттæ, кенæ бацæуæн ку иссирдтайуонцæ етæ, уæд уордæмæ фæззилдайуонцæ, цурдæй нийарæцæн кæнгæй.
58. Уонæн се ‘хсæн ес уæхæнттæ дæр, дæубæл дан-дунтæ ка имисуй битирбæл. Ести син лæвæрд ку ‘рцæуй, уæд уомæй арази æнцæ, ку син неци лæвæрд æрцæуй, уæдта мæстгун кæнунцæ.
59. Етæ арази ку адтайуонцæ Хуцау æма Æ минæвар син ци равардтонцæ, уомæй, уæд загътайуонцæ: “Хуцау нæ фагæ ‘й. Дæттуй нин Хуцау Æ фарнæй æма Æ минæвар. Мах Хуцаумæ ку турнæн!”
60. Битиртæ – æрмæст мæгуртæн, фецетæн, уонæмæ кæсгутæн, зæрдиагæй цæдесонтæн, цагъартæ исуæгъдæ кæнунæн, ихæсти бахауæгæн, Хуцауи надбæл тугъдон балцийæн, уæдта балций цæугутæн, Хуцауи фæткæмæ гæсгæ. Хуцау зонагæ æма фастихадзи æй!
61. Се ‘хсæн ес уæхæнттæ дæр, кæцитæ бафхуæрунцæ пахампари дæр æма фæззæгъунцæ: “Е гъос æй”[12]. Зæгъæ: “Гъос сумахæн хуарзæнхæ æй!” Е æууæндуй Хуцаубæл æма æууæндуй дингæнгутæбæл. Уæдта битирён ёй, сумахæй ка бауæндтæй, уонæн. Хуцауи минæвари зæрдихудти ка бацæуй, уонæн ба – ресагæ æфхуæрдæ.

62. Сумах райсærхунæн етæ уæ цори Хуцауæй соми кæнунцæ; фал Хуцау æма Æ минæвармæ фулдæр бартæ ес уони райсærхунмæ, етæ кæд æууæндгутæ æнцæ, уæд.
63. Гæр, етæ уой нæ зудтонцæ, æма Хуцау æма Æ минæвари нихмæ ка цæуй, уони зиндони арт хезуй æностæмæ. Е устур гириззагдзийнадæ ‘й!
64. Цоронтæ уомæй тæрсунцæ, æма сæмæ сурæ æрвист ку ‘рцæуа, кæми игъосунгонд уодзæнæй уонæн сæ зæрдити ци ес, е. Зæгъæ: “Гириз кæнетæ! Сумах цæмæй тæрсетæ, уой Хуцау исараздзæнæй”
65. Æма сæ ку бафæрсай, уæдта, æнæмæнгæ, зæгъдзæнæнцæ: “Мах æрмæст дзубандити бацæуианæ æма гириз кодтан”. Зæгъæ: “Мийиаг, Хуцау, Е ‘вдесёнтё æма Æ минæварбæл нæ гириз кодтайтæ?”
66. Хатир ма коретæ! Ку бауууæндтайтæ, уæд уой фæсте бабæй сумах иссайтæ гиауртæй. Нур Мах сумахæй еуетæн ку ниххатир кæнæн, уæд иннети ба бафхуæрдзинан, фудгин ке адтæнцæ, уой тухххæй.
67. Цоронтæ кæрæдзей ардудтонцæ æнæгъдаудзийнадæбæл, кæрæдзей хуарз гъуддæгтæй еуварс кæнунцæ, æма сæ къиндидзийнадæй федар хуæцунцæ сæхеуонбæл сæ къохти[13]: етæ феронх кодтонцæ Хуцауи, æма сæ Е дæр уой тухххæй феронх кодта. Æцæгæйдæр, цоронтæ æнаккаг адæн æнцæ!
68. Хуцау байвæрзта цоронтæн æма хæрантæн зиндони арт, уоми æноси унмæ. Е сæ фагæ ‘й! Хуцау сæ ралгъиста, æма уонæн – æноси æфхуæрдæ.
69. Сумах дæр уæ размæ ка адтæй, уониау айтæ! Етæ сумахæй тухгиндæр адтæнцæ хъауræй æма гъæздугдæр цииййесæй, æма сувæллæнттæй æма сæ хаййæй сæхе идзæлæн кодтонцæ. Сумах дæр уæ хаййæй идзæлæн кодтайтæ, уæ размæ ка адтæй, уониау, æма ранихъулдайтæ дзæгъæл æзгулий, етæ куд ранихъулдæнцæ, уотæ. Уонæн сæ гъуддæгтæ дзæгъæли ‘нцæ хæстæг царди дæр æма фæстаг царди дæр! Етæ зæрани бунати байзайæг æнцæ!
70. Гæр, уонæмæ нæ фегъустæй хабар сæ размæ ка адтæй, уони тухххæй:

Нохи адæни туххӑй, Ад æма Самуди, Ибрæгими адæни æма Мадиани цæргути æма бабунгонд горæтти[14] туххӑй? Уонæмæ æрбацудæнцæ, цит, бæрæг ёвдесёнти хæццæ минæвæрттæ. Хуцау уæхæн нæ адтæй, æма уони бафхуæра, фал етæ сæхуæдтæ сæхе æфхуардтонцæ!

71. Дингæнæг нæлгоймæгтæ æма дингæнæг силгоймæгтæ ба кæрæдземæн лимæнтæ æнцæ: кæрæдземæн хуарздзийнадæ зæгъунцæ æма лæгъуздзийнадæй ба кæрæдзей хезунцæ, намаз кæнунцæ æма дæттунцæ битир, Хуцау æма Æ минæвари коммæ кæсунцæ. Уонæн Хуцау ниххатир кæндзæнæй, уомæн æма Хуцау тухгин æма фастихадзи æй!
72. Хуцау байвæрзта дингæнæг нæлгоймæгтæн æма силгоймæгтæн рæзбунтæ, кæций бунмæ уайунцæ дæнттæ, уёдта дзенети рæсугъд хæдзæрттæ, æма уоми уодзæнæнцæ æности. Хуцауи ауодундзийнадæ ба тæккæ устурдæр хуарзæнхæ æй: е хъæбæр устур амонд æй!
73. Уо, пахампар! Тох кæнæ хæранти æма цоронти хæццæ æма сæмæ æнауæрдон уо. Уонæн сæ цæрæнуат – зиндонæ, æма е хъæбæр лæгъуз раздæхт æй!
74. Етæ Хуцауæй расоми кæнунцæ, ке неци дзурдтонцæ, уой туххӑй, кæд æма æнæууæнкæдзийнади дзурдтæ загътонцæ æма æнæууæнкитæ иссæнцæ сæ ислами фæсте. Æма син ци нæ бантæстæй, уой бакæнунбæл ниссагъæс кодтонцæ, æма сæ Хуцау æма Æ минæвар Æ фарнæй син ци гъæздугдзийнадæ исаккаг кодта, уой туххӑй си сæ маст есунцæ. Æма уобæл ку басæттонцæ, уæд е сæхецæн хуæздæр уодзæнæй, сæхе ку рахатонцæ, уæдта сæ Хуцау хъæбæр лæгъуз бафхуæрдзæнæй хæстæг царди дæр æма федæни дæр. Уонæн а зæнхæбæл нæдæр сæрбæлдзорæг, нæдæр æнхусгæнæг нæййес!
75. Уонæн се ‘хсæн ес уæхæнттæ дæр, кæцитæ сæхе бафæдзахстонцæ Хуцаубæл: “Е нин Æ фарнæй ку бахай кæна, уæд мах дæр, æнæмæнгæ, битир дæтдзинан, æма, æнæмæнгæ, уодзинан рæстæгтæ”.
76. Æма сæ Æ фарнæй хайгин ку фæккодта, уæдта искъинди æнцæ æма сæхе рахадтонцæ, сæхе еуварс гæнгæй.

77. Æма син Е сæ зæрдити æмбæлццонæн равардта козбаудзийнадæ, ци Ин байвæрзтонцæ, уомæй Æй ке фæссайдтонцæ æма Ин мæнгæттæ ке дзурдтонцæ, уой туххæй Ибæл етæ ку исæмбæлонцæ, уæд еци бони уæнгæ.
78. Гæр етæ уой нæ зудтонцæ, æма син Хуцау ке зонуй сæ сосæгдзийнæдтæ дæр, æма сосдзубандитæ дæр, æма Хуцау цийфæнди сосдзийнадæ зонæг ке ‘й.
79. Барвæндæй битир ка дæттуй дингæнгутæй, уони ка фауй æма еци гъуддаги æрмæст зиндзийнадæ ка уинуй æхецæн, æма сæбæл ка ходуй, уонæбæл уæдта Хуцау раходдзæнæй: уонæмæ фуд унгæгибон кæсуй!
80. Уонæн фæнди корæ, фæнди ма корæ ниххатир кæнундзийнадæ. Ævдай хатти син ку корай ниххатир кæнун, уæддæр син некæд ниххатир кæндзæнæй Хуцау. Е уой туххæй, æма етæ Хуцаубæл æма Æ минæварбæл ке не ‘ууæндтæнцæ: уастæн, Хуцау æнаккаг адæни нæ рæстмæ кæнуй!
81. Сæ хæдзæртти ка байзадæй[15], етæ цийнæ кодтонцæ Хуцауи минæвари фæсте ке байзадæнцæ: уонæмæ зин кастæй сæ мулк æма сæ цард нивонди хæсгæй тохун Хуцауи надбæл æма дзурдтонцæ: “Уæхæн æнхъуæти ма цотæ!” Зæгъæ: “Зиндони арти хъæбæрдæр æнхъуæт æй”, - нур уой ку лæдæрдтайуонцæ!
82. Æма ходæнтæ еу минкъий, фал сæ берæ кæун багъæудзæнæй, ци райстонцæ сæхецæн, уой туххæй!
83. Æма дæ Хуцау фæстæмæ ку раздаха еци адæнмæ, æма дæ етæ ку коронцæ, цæмæй дæ хæццæ рацæуонцæ æфсæддон балций, уæдта син зæгъæ: “Сумах мæн хæццæ некæд рацæудзинайтæ, æма некæд тохдзинайтæ мæн хæццæ æзнаги нихмæ! Сумах фиццаг хатт арази адтайтæ бадунбæл, æма нур ба бадетæ ка байзадæй, уони хæццæ!”
84. Æма уонæй макæд маке туххæй аргъауæ, ка рамардæй, æма æ цирти уæлгъос ма ‘рлæууæ. Уомæн æма етæ Хуцаубæл æма Æ минæварбæл не ‘ууæндтæнцæ æма æнаккæгтæй рамардæнцæ!

85. Сæ мулк æма дæ сæ сувæллæнттæ деси ма ‘фтауæнтæ. Хуцау сæ уомæй бафхуæруйнаг æй а царди, цæмæй сæ уодтæ рандæуонцæ ænæууæнкитæй.
86. Сурæ ку æрцудæй: “Хуцаубæл æууæндетæ æма тохетæ Æ минæвари фарсмæ”, уæд фагæ берекет кæмæ адтæй, етæ ди барæ ракурдтонцæ æма загътонцæ: “Уадзæ нæ, мах бадгути хæццæ уодзинан!”16
87. Етæ, ка байзадæй бадгæ, уони хæццæ байзайунбæл арази адтæнцæ, æма сæ зæрдитæбæл мухур æвæрд æрцудæй, æма етæ уой нё лæдæрунцæ.
88. Фал минæвар, æма æ хæццæ ка бауууæндтæй, етæ сæ берекеттæй æма сæ уодтæй æновуддзийнадæ равдистонцæ. Уонæн – устур хуæрзтæ, æма етæ амондгун æнцæ!
89. Хуцау син æрцæттæ кодта рæзбунтæ, кæций бунти уайуй цæугæдæнттæ, се ‘носон цæрæнбунатæн. Е устур æнтæстдзийнадæ ‘й!
90. Æма бедуинтæй еуетæ дæмæ æрбацудæнцæ хатир коргæй, цæмæй сæ исуæгъдæ кæнай, æма Хуцау æма Æ минæвари мæнгæбæл ка нимадта, етæ байзадæнцæ. Ка не ‘ууæндтæй, етæ хъæбæр æфхуæрдæ байййафдзæнæнцæ!
91. Нæдæр минкинтæбæл, нæдæр сæйгитæбæл, нæдæр кæмæ неци ес ци исхарз кæнонцæ, кæд Хуцау æма Æ минæвари размæ æнæхийнæ æнцæ, уæд сæбæл неци ихæс ес! Хуарз гъуддæгтæ аразгути нихмæ нæййес над. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ æй!
92. Уæдта, ка дæмæ æрбацæуа æма фæстæмæ ке рарветай уотæ син зæгъгæй “Цæбæл уæ рарветон, уæхæн неци ес”, уонæбæл дæр. Етæ раздæхунцæ, æма сæ цæститæ ба цæстисугæй байдзаг уй фур мæтъæлæй, ке неци иссирдтонцæ ци ‘сфæлхас кæнонцæ, уой тухххæй.
93. Над æрмæст уонæбæл ихæсгонд æй æма, гъæздуг уогæй, дæуæй ка коруй барæ. Уонæн æхцæуæн адтæй байзайгути хæццæ байзайун. Хуцау син сæ зæрдитæ ниммухур кодта, æма уой тухххæй æнцæ нælædæргæ.
94. Фæстæмæ сæмæ ку æрбаздæхайтæ, уæд уи хатиртæ кордзæнæнцæ. Зæгъæ: “Мабал коретæ хатиртæ, мах уæбæл некæд бауууæнддзинан!

Хуацу нин уæ хабар фегъосун кодта. Уæ гъуддаг уин фæууиндзæнæй Хуцау, уæдта Æ минæвар дæр. Уæдта сумах раздæхдзинайтæ сосгъуддаг дæр æма æргом гъуддаг дæр ке къохти ‘нцæ, уомæ, æма уин Е фегъосун кæндзæнæй, ци кустайтæ, уой!”

95. Етæ уæ рази Хуцауæй соми кæндзæнæнцæ, ку сæмæ æрбаздæхайтæ, уæд, цæмæй си уæхе рахатайтæ, уой туххæй. Æма си уæхе рахатетæ, уомæн æма етæ илгъаг æнцæ, æма уонæн сæ бунат зиндонæ ‘й, сæхецæн ци исбон кодтонцæ, уой туххæй!

96. Етæ уæ рази сомитæ кæнунцæ, цæмæй си фæббоз уайтæ. Фал е сумах фагæ кæд æй, уæддæр Хуцау ба æнаккаг адæнæй боз нæй!

97. Араббæгтæ никки тухгиндæр æнцæ æнæууæнкæ æма цорондзийнади, æма никки агъондæрæй нæ зонунцæ, Хуцау ци æрæрвиста Æ минæвармæ, уой. Хуцау ба зонагæ æма фастихадзи æй!

98. Араббæгти æхсæн ес уæхæнттæ дæр, кæцитæ ци харз кæнунцæ сæ цийесæй, уой нимайунцæ се ‘хæси аргъмæ федтони фæлгъауæнбæл, æма уæ гъуддæгтæ фудæрдæмæ кæд æрзелдзæнæнцæ, уомæ æнгъæлмæ кæсунцæ. Уони нихмæ – лиагъи æрзилд. Уастæн, Хуцау игъосагæ æма зонагæ ‘й!

99. Араббæгти æхсæн ес уæхæнттæ дæр, кæцитæ æууæндунцæ Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл æма сæ фæлхастгæндтæ нимайунцæ уæхæн гъуддæгтæбæл, кæцитæ сæ æрбахæстæг кæндзæнæнцæ Хуцаумæ æма минæвари исковуйнаги аккагмё. Гъо! Æнæмæнгæ, е сæ[17] хæстæгдæр кæнуй. Хуцау сæ бакæндзæнæй Æ хуарзæнхи, уомæн æма Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

100. Сæ размæ фæууæгтæ, мухадзиртæ æма ансартæ, уæдта сæ фæдбæл ка рацудæй уодибæстгун гъуддæгти, уонæй ба Хуцау арази æй, æма етæ дæр Си арази æнцæ. Е син æрцæттæ кодта рæзбунтæ, кæций бунмæ уайуй цæугæдæнттæ, - уоми æности унмæ. Е устур æнтæстдзийнадæ ‘й!

101. Уæ фалæнбулай кæци араббæгтæ ес, уæдта Мæдини цæргути æхсæн ци цоронтæ ес: етæ сæ цорондзийнади хецмæр æнцæ. Ду сæ нæ зонис,

Мах ба сæ зонæн. Мах сæ бафхуæрдзинан дууæ хатти[18], уæдта æздæхт æрцæудзæнæнцæ фуд æфхуæрддзийнадæмæ.

102. Ес æндæртæ дæр, сæ тæрегъæддæбæл ка басастæй: етæ хæлæмулæ кодтонцæ хуарз гъуддаг лæгъузи хæццæ – мусийнæ, Хуцау сæмæ е ‘ргом раздахдзæнæй, уомæн æма Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

103. Сæ мулкæй син битир райсæ: уомæй сæ искæдзос æма исраст кæндзæнæ, æма уони туххӑй ковæ, уомæн æма дæ кувд уонæн æнцондзийнадæ ‘й, Хуцау ба игъосагæ æма зонагæ ‘й.

104. Мийй̆аг, етæ уой нæ зонунцæ, æма Хуцау Æ цагъартæй фæсмондзийнадæ есуй æма есуй битиртæ, æма Хуцау фæсмонгæнгутæмæ игъосагæ æма син хатиргæнагæ ‘й!

105. Æма зæгъæ: “Архайетæ, æма уин уæ гъуддæгтæ фæууиндзæнæй Хуцау æма Æ минæвар æма æууæндгутæ! Æма раздæхдзинайтæ сос æма æргом гъуддæгтæ дæр ке бæрни æнцæ, уомæ. Æма уин Е фегъосун кæндзæнæй ци кустайтæ, уой”.

106. Ес ма æндæртæ дæр, кæцитæн фæстæдæрмæ æнгъуд уодзæнæй Хуцауи фæндони уæнгæ: кенæ сæ Е бафхуæрдзæнæй, кенæ ба сæмæ Е ‘ргом раздахдзæнæй. Уастæн, Хуцау зонагæ æма фастихадзи æй!

107. Мæзгит ка исаразта[19] æ соцъадзийнадæ æма æнæууæнкæдзийнади фæдбæл, цæмæй дингæнгути фæддех киндæуа æма арæсæни бунат исуа Хуцау æма Æ минæвари нихмæ тохгæнгутæн, уони туххӑй. Етæ, æнæмæнгæ, ард хуæрдзæнæнцæ: “Мах æрмæст хуæздæрдзийнадæ фæндадтæй!” Етæ мæнгæттæ дзоргутæ ке ‘нцæ, уобæл æвдесæн кæнуй Хуцау.

108. Макæд си æрлæууæ намаз кæнунмæ: мæзгит æ фиццаг бонæй фæстæмæ лæууй хуцауидасдзийнадæбæл – е дин аккагдæр æй намаз кæнунмæ. Уоми ес адæн, искæдзос кæнунбæл ка архайуй. Уастæн, Хуцау хе искæдзосгæнгути уарзуй!

109. Е хуæздæр æй, æма æ азгъунст Хуцауи тас æма Уой хуæрзæнгаси

туххæй ка исæвардта, æви æ азгъунст ихæлдздзæг билæбæл ка исаразта æма е ба уордæгæй æ хæццæ зиндони артмæ ниххаудтæй? Уастæн, Хуцау хæран адæн рæстмæ нæ хонуй!

110. Уонæн, кæци азгъунст исаразтонцæ, е сæ зæрдити уæддæр гурусхаг фæууй, æрмæст сæ зæрдитæ ку байгон кæна, уомæй æндæр. Хуцау зонагæ æма фастихадзи æй!

111. Уастæн, Хуцау дингæнгутæн балхæдта сæ уодтæ æма сæ цийфес, дзенет син бафедгæй уонæбæл! Етæ тох кæнунцæ Хуцауи надбæл: рамарунцæ æма фæммæлунцæ Уомæй Тори, Евангелий æма Хъурани ци байвæртёуй, уомæ гæсгæ. Æма æ дзурдæн ка федардæр æй Хуцауæй хъæбæрдæр? Æма Уой хæццæ ци гъуддагбæл бадзурд искодтайтæ, уобæл цийнё кёнетё! Уомæн æма е устур æнтæстдзийнадæ ‘й!

112. Фæсмонгæнгутæн, ковгутæн, табугæнгутæн, хадзигæнгутæн, сæ уæргутæбæл æрлæугутæн, хуæрзгæнгутæн, фудæй хезгутæн, Хуцауи фæткитæ гъæуайгæнгутæн – æнккæт аци дингæнгутæн дæр фегъосун кæнæ цийни хабар!

113. Пахампарæн дæр æма ка бауувæндтæй, уонæн дæр нæ фæдгуй берæ хуцæуттæмæ ковгутæн ниххатир кæнун корун, кæд уæ хæстæгутæ æнцæ, уæддæр, арти амæттæгтæ ке ‘нцæ, уой ку базононцæ, уæд ма уой фæсте.

114. Ибрæгим дæр æ фидæн ниххатир кæнун нæ ракурдтайдæ, уой туххæй ин е ку нæ байвæрзтайдæ, уæд. Е Хуцауи æзнаг æй, уой ку базудта, уæдта си æхе рахадта. Уастæн, Ибрæгим хъонцгæнагæ æма сабур æй!

115. Хуцау уæхæн нæй, цæмæй адæни раст надæй фæкъкъулумпи кæна, æррæстæ сæ ку худта, уой фæсте, цалдæн син нæ балædæрун кæна цæмæй гъæуй сæхе хезун, уой, уæдмæ. Уастæн, Хуцау алли гъуддаг дæр зонуй!

116. Уастæн, Арв дæр æма зæнхæ дæр Хуцауи бæрни æнцæ! Е царуй æма маруй, æма сумахæн Хуцауæй æндæр сæрбæлдзорæг æма

ænхусгænæг næййес.

117. Хуцау бауста пахампармæ, мухадзиртæмæ æма ансартæмæ, кæцитæ зин сахати Æ фæдбæл рацудæнцæ, сæ еу хаййи зæрдитæ фæффесинмæ ун ку фехсайдтонцæ, уæд уой фæсте. Уой фæсте ба сæмæ Е бауста, уомæн æма Е сабур æма тæрегъæдгæнагæ æй!

118. Хæдзари ка байзадæй, еци æртемæ дæр. Уæрæх ци зæнхæ ‘й, е син ку исунгæг æй, æма сæ уодтæ ку исунгæг æнцæ, æма уотæ ку сагъæс кодтонцæ: Хуцауæй Æхемæ баримæхсунæй æндæр рауæн некæми ес баримæхсæн. Е сæмæ фæффæлмæн æй, цæмæй етæ сæхе бахатонцæ Уомæ æма фæффæсмон кæнонцæ, уомæн æма Хуцау хуæрзæнгасдарæг æма тæрегъæдгæнагæ æй!

119. Уо, ка бауудæндтæй! Хуцауæй тæрсетæ æма рæстæгти хæццæ уотæ.

120. Нæ гъудæй Мæдини цæргутæн æма æ фалæнбулай цæрæг араббæгтæн Хуцауи минæвари фæсте байзайун æма æрмæст æхебæл сагъæс кæнун уой ниууадзгæй, уомæн æма уони нæдæр ædонугдзийнадæ, нæдæр уæгæ, нæдæр æстонгдзийнадæ гъезæмарæ кæнун кодта Хуцауи надбæл. Етæ еунæг къахдзæф дæр нæ ракодтонцæ, кæцимæй исмæстгун кодтайуонцæ гиаурти. Æзнагæй æппундæр нециаваер амæттаг истонцæ, цалдæн син хуарз гъуддагбæл нимад не ‘рцудæй, уæдмæ. Уастæн, хуарз гъуддаг бакæнæги лæвар Хуцау не ‘сафуй!

121. Етæ цæйбæрцæдæр не схарз кæнонцæ: минкъий уа, берæ уа; уæдта нæ рацæунцæ ести будурбæл, æма етæ сæбæл финст не ‘рцудæнцæ, цæмæй син Хуцау хуæздæрæй бахата ци бакодтонцæ, уой.

122. Нæ гъæуй æнккæт дингæнгути дæр æфсæддон балций рацæун. Цæмæннæ ба æнгъезуй, цæмæй алли хаййæй дæр си ескæци къуар рацæуа, цæмæй ахур кæнонцæ дин æма æруагæс кæнун кæнонцæ сæ адæни, ку сæмæ æрбаздæхонцæ, уæд? Мусийнæ, æма сæхе багъæуай кæндзæнæнцæ!

123. Уо, ка бауудæндтæй! Хæстæг уæмæ кæци гиауртæ æнцæ, уони

хæццæ тохетæ. Æма уæ æгъатирæй базонæнтæ. Зонетæ уой, æма Хуцау хуцаудасти хæццæ ‘й!

124. Сурæ куддæр æрцæуй, уотæ се ‘хсæн разиннуй уæхæнттæ, кæцитæ фæззæгъунцæ: “Е кæмæ бафтаудзæнæй æууæнкæдзийнадæ?” Фал ка æууæндтæй, уони æууæнкæдзийнадæ ба ма никки фæттухгиндæр æй, æма цийнæ кæнунцæ.

125. Сæ зæрдити нез кæмæн ес, уонæмæ ба ма бафтудта сæ илгъадæбæл никкидæр ма илгъадæ, æма етæ рамардæнцæ гиауртæй.

126. Гæр, етæ уой нæ уинунцæ, æма етæ алли анз дæр еу кенæ дууæ хатти фæлвæрд ке фæццæунцæ? Уой фæсте ба етæ нæ фæффæсмон кæнунцæ æма сæ зæрдæбæл не ‘рлæуун кæнунцæ.

127. Сурæ сæмæ ку ‘рцæуй, уæдта кæрæдземæ кæсунцæ, еу иннемæ: “Еске дæ уинуй?” Уой фæсте ба исфæлхæтунцæ. Хуцау син сæ зæрдитæ ниффесинмæ кæнæд æнæлæдæргæ адæн ке ‘нцæ, уой тухxæй!

128. Сумахмæ æрбацудæй уæхецæй минæвар. Зин ин æй, сумах гунах ке хæссетæ, е. Е сумахбæл тухсуй æма дингæнгутæмæ сабур æма тæрегъæдгæнæг æй.

129. Ку исфæлхæтонцæ, уæдта син зæгъæ: “Хуцау дæр мæ фагæ ‘й! Уомæй фæстæмæ æндæр Хуцау нæййес. Уобæл мæхе бафæдзахстон, уомæн æма Е устур трони Тубай æй!”

10-аг сурæ[1]

Йунус[2]

(Йунус)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй

1. *Алиф. Лам. Ра*. Атё зундгин киунуги айаттё ёнцё.
2. Мийяаг, адæнмæ дессаг кæсуй, Мах уонæй адæймагæн ке балæдæрун кодтан: “Æруагæс кæнæ адæни æма ка баууæндтæй, уони зæрдитæ

барохс кænæ, сæ Еунæхуцауи рази сæмæ уæледзийнадæ ке ес, уой туххæй”? Гиауртæ фæззæгъунцæ: “Æнæмæнгæ, е бæлвурдæй хингæнæг æй!”

3. Уастæн, уæ Еунæхуцау Хуцау æй, кæци исфæлдиста уæларв æма зæнхæ æхсæзæймаг бон, уой фæсте ба ниффедар æй трони, Æ гъуддæгтæ аразгæй. Уой æнæ барвæндæй нæййес сæрбæлдзорæг. Е сумахæн æй Хуцау, уæ Еунæхуцау æма коветæ Уомæн! Гæр, не ‘рсагъæс кæндзинайтæ?
4. Уомæй уæ раздæхт, æнккæтемæн дæр, Хуцауи æцæг байвæрзтмæ гæсгæ. Мæнæ Е райдайуй фæлдесун, рæстæги фæсте ба ‘й фесафуй, цæмæй æууæндгутæн æма хуарз гъуддæгтæ кæнгутæн рёстагæй лæвар бакæна. Ка не ‘ууæндтæй, уонæн ба сæ ниуæзтæ уодзæнæй ирайгёдон, сæ бафхуæрдæ ба æбуалгъ, ке не ‘ууæндтæнцæ, уой туххæй.
5. Е æй, хор ка скодта æрттевунæн, мæйæ ба – рохсæн æма сæ бунæттæбæл ка байурста, цæмæй сумах зудтаййайтæ æнзти бæрцæ æма нимадзæ. Хуцау уони исфæлдиста уацæгæй, лæдæргæ адæнæн бæрæгæй бавдесунæн и алæмæттæ.
6. Уастæн, æхсæвæ бонæй раййивди, уæдта уæларв æма зæнхи исфæлдисти, хуцаудас адæнæн ёвдесёнтё ‘нцæ!
7. Уастæн, Мах хæццæ фенбæлун æнгъæл ка нæй, етæ арази æнцæ хæстæг цардæй æма æрсабур унцæ уобæл, уæдта Мах ёвдесёнтё кæмæ нæ гъарунцæ, етæ.
8. Етæ æнцæ сæ бунат арт кæмæн уодзæнæй, ци исбон кодтонцæ сæхецæн, уой туххæй.
9. Уастæн, ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уони Хуцау ракæндзæнæй сæ динмæ гæсгæ: рауайдзæнæнцæ сæ бунмæ цæугæдæнттæ фæрнуг рæзбунти.
10. Уоми сæ седт æй: “Табу Дин, Еунæхуцау!”, сæ салан ба уоми æй: “Сабурдзийнадæ!”[1]. Сæ седти кæрон ба æй: “Табу Хуцауæн, дуйнети

1 Араббагау “Салам!”

Паддзахæн!”

11. Хуцау фуддзийнадæ ку ратагъд кодтайдæ, етæ хуарздзийнадæ куд тагъд кæнунцæ, уотæ, уæд уонæн сæ кæрон раги ærхъæрдтайдæ[3]. Махбæл исæмбæлун æнгъæл ка нæй, уони ниууадзæн сæ рæдуддзийнади хъæрæуæй лекка гæнгæ.
12. Адæймагбæл фуд ку исæмбæлуй, уæдта Ни коруй æ фарсбæл хъанёй дæр, бадгæй дæр æма лæугæй дæр. Мах ку райеуварс кæнæн и фуддзийнадæ, уæдта рафецауй, цума Ни некæд неци курдта ци фуд ибæл исæмбалдæй, уой нихмæ, уойййау. Ærнæбæл ка рахезуй, уони миутæ уотæ рæсугъд[4] астæрд æнцæ!
13. Сумах размæ ка адтæй, еци фæлтæртæ Мах фесафтан, ке исхæран æнцæ, уой туххæй, æма сæмæ æрбацудæнцæ Нæ минæвæрттæ бæрæг ёвдесёнти хæццæ, фал етæ ба нæ бауæндтæнцæ. Æма Мах дæр уотæ бахатæн гунах хæссæг адæнæн!
14. Уæдта уæ сæ фæсте Мах ниввардтан уони бундартæй а зæнхæбæл, цæмæй уæмæ æркæсæн уæхе куд дардзинайтæ, уой туххæй.
15. Нæ алæмæттæ син ку фæккæсунцæ, уæдта Махбæл исæмбæлун æнгъæл ка нæй, етæ фæззæгъунцæ: “Ærбахæссæ нин ёндёр Хъуран, кенæ ба ‘й баййевæ!” Зæгъæ: “Уомæн уæн нæййес, цæмæй æй æз мæхе барвæндæй баййевон. Æз цæун æрмæстдæр ци мин байгон уй, уой фæдбæл. Ку нæ байгъосон мæ Еунæхуцаумæ, уæд тæрсун устур бони æфхуæрдæй”.
16. Зæгъæ: Хуцауи ку нæ бафæндадтайдæ, уæд уин æй æз нæ аргъудтайнæ, æма уин Е уой туххæй зонундзийнадæ нæ равардтайдæ. Нур æз ме ‘гас цард дæр сумах æхсæн ку рарвистон. Гæр, уой нæ лæдæретæ?”
17. Нур ка хæрандæр æй: Хуцаубæл мæнгæттæ ка имисуй æви Ин Е ‘вдесёнтё мæнгæбæл ка нимайуй? Уастæн, тæрегъæд ærхæсгутæ амондгун нæ фæуунцæ!
18. Æма етæ Хуцауæй фæстæмæ ма ковунцæ зæран дæр æма син ангъос дæр ка нæ фæккæндзæнæй, уонæмæ, æма дзорунцæ: “Етæ Хуцауи размæ нæ сæрбæлдзоргутæ æнцæ”. Зæгъæ: “Мийййаг, сумах Хуцауæн уæхæн ести

фегъосун кæндзинайтæ, Е ци нæ зонуй уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр? Табу Ин уæд. Е, æмбалæн Ин ке дæттунцæ, уонæй бæрзонддæр æй!”

19. Раздæр æнккæт адæнтæн дæр еунæг дин адтæй, уæдта фæддехтæ ‘нцæ; фал Хуцауи дзурд уомæй бахезуйнаг ку адтайдæ, уæд еци дехдзийнадæ се ‘хсæн нæбал адтайдæ.

20. Æма етæ дзорунцæ: “Уомæн[5] æ Еунæхуцауæй æрвист ку адтайдæ и æвдесæн!” Зæгъæ: “Сосдзийнадæ æрмæст Хуцауи бæрни ‘й. Æнгъæлмæ кæсетæ, æма æз дæр сумах хæццæ æнгъæлмæ кæссæн!”

21. Æма Мах адæнæн ку равардтан ци фуд сæбæл исæмбалдæй, уой фæсте Мæ уодибæстæ исахуадун, уæдта, мæнæ – аллихузи налат миутæ Не ‘вдесёнти нихмæ. Зæгъæ: “Хуцау налатдзийнадæй цурддæр æй”. Уастæн, Нæ минæвæрттæ финсунцæ уæ налат миутæ.

22. Е, сумахæн хъаурæ ка дæттуй сор зæнхæбæл дæр æма денгизбæл дæр цæунæн, е æй. Науи ку фæууотæ æма етæ сæ хæццæ ку фённакæ кæнунцæ хуарз дунги хæццæ, уæд уобæл фæццийнæ кæнунцæ, фал сæ карз дунгæ ку раййафуй æма сæ аллифарсæй улæнтæ ку баййафунцæ, æма сæмæ уотæ ку фæккæсуй: нуртæккæ сæ етæ ранихъуæрдзæнæнцæ, зæгъгæ, уæдта Хуцаумæ райдайунцæ ковун, идарддæр дæр рæстбæл цæун иваерзгæй: “Амæй нæ ку фæййерваезун кæнай, уæд Ди, æнæмæнгæ, уодзинан боз!”

23. Ку сæ фæййерваезун кодта Е, уой фæсте ба фудмиутæ кæнунцæ, барæ лёвёрд син нæ уогæй. Уо, адæн! Уæ фудмиутæ уæхе нихмæ ‘нцæ. А царди идзæлæнæй бафсæдгæй, уой фæсте Махмæ раздæхдзинайтæ, æма уин уæд Мах бавдесдзинан ци бакодтайтæ, уой.

24. Хæстæг цард донау æй, кæций мах æркодтан арвæй: æ хæццæ исхæлæмулæ ‘нцæ зæнхæбæл уæлтæг, кæцимæй сæхе æфсадунцæ адæн дæр æма фонс дæр, æма зæнхæ ку исæрттивта æма исрæсугъд æй æма æ цæргутæ уотæ ку гъуди кодтонцæ, етæ æ хецау æнцæ, уæд имæ Нæ фæндондзийнадæ æрцудæй æхсæвæ кенæ бонæй, æма ‘й Мах искæндзинан сивд, цума е æзинæ æгириддæр нæ адтæй гъæздуг.

Уотемæй Мах бæрæгæй æвдесæн адæнæн Нæ алæмæттæ, сагъæс ка кæнуй, уонæн!

25. Хуцау седуй сабурдзийнади цæрæнуатмæ ке ‘Й фæндуй, уони раст надбæл!

26. Хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уонæн уæлдайгунтæй уодзæнæй хуарздзийнадæ[6], уæдта – уæлæнхасæн[7], æма син сæ цæсгæнттæ нæ бамæбæрздзæнæй ругæ æма æгадæдзийнадæ. Етæ дзенети амæттæгтæ æнцæ, æма уоми уодзæнæнцæ æности дæр.

27. Фуд гъуддæгтæ ка ‘мбурд кæнуй, уонæн ба аккаг фудтæ уодзæнæй. Æма сæ баййафдзæнæй æгадæдзийнадæ; Хуцау сæ нецихузи багъæуай кæндзæнæй! Куд ниттар уй мæйдар æхсæви, уотæ тар уодзæнæнцæ сæ цæсгæнттæ. Етæ уодзæнæнцæ зиндони цæргутæ, æма си уодзæнæнцæ æности.

28. Еци бон ба сæ Мах æрæмбурд кæндзинан се ‘нккæтей дæр, уæдта, Махæн æмбæлттæ ка æримиста, уонæн зæгъдзинан: “Уæ бунатмæ, сумах дæр æма уе ‘мбæлттæ дæр!” Æма сæ фæххецæн кæндзинан, æма кæмæ кувтонцæ, етæ ба зæгъдзæнæнцæ: “Сумах махмæ нæ кувтайтæ.

29. Хуцау фагæ æвдесæн æй мах æма сумах æхсæн, мах сумах кувдмæ не ‘ргом ке не ‘здахтан, уой тухххæй”.

30. Уоми алли уод дæр бавзардзæнæй, раздæр ци бакодта, уой фæстеуæг. Етæ бабæй ærлæудзæнæнцæ Хуцауи размæ, сæ ицæг бардармæ, æма ке æримистонцæ, етæ ба си фæййаууон уодзæнæнцæ.

31. Зæгъæ: Ка уин æрветуй хай уæларвæй дæр æма зæнхæй дæр? Кенæ игъосундзийнадæ дæр æма уинундзийнадæ дæр ке бæрни æнцæ? Æма уодæгаси ка ракæнуй мардæй, æма марди ка ракæнуй уодæгасæй? Æма гъуддæгтæ ка аразуй? Æма етæ зæгъдзæнæнцæ – “Хуцау”. Æма зæгъæ: “Мийййаг, сумах нæ фæттæрсдзинайтæ?

32. Мæнæ уин Хуцау, уе ‘цæг Еунæхуцау! Æма рæдудæй æндæр ма ци ес уацæгади фæсте? Ци хъæбæр фесинмæ айтæ!”

33. Уотæ исæнхæст æй дæ Еунæхуцауи дзурд æнаккаг ка адтæй, уонæбæл,

ке не ‘ууæндтæнцæ, уой тухxæй!

34. Зæгъæ: “Кæмæ коветæ, уони æхсæн ес уæхæн, ка исфæлдесуй æма ‘й уой фæсте ба неци ка фестун кæнуй, уæхæн?” Зæгъæ: “Хуцау райдайуй фæлдесун, уæдта ‘й неци фестун кæнуй. Ци хъæбæр фесинмæ айтæ!”

35. Зæгъæ: “Мииййаг, кæмæ коветæ, уони æхсæн еу уæхæн ес, уацæгадæмæ ка кæнуй?” Зæгъæ: “Уацæгадæмæ Хуцау кæнуй. Æма уацæгадæмæ ка кæнуй, уомæ фулдæр бартæ ес, цæмæй æ фæсте рацæуайтæ, æви æхуæдæг ка некумæ кæнунгъон ёй, æхе ин ку неке кæна, уæд уомæ? Ци уæбæл æрцудæй, цæбæл гъуди кæнетæ?”

36. Æма сæ фулдæретæ æнгъæлцити фæсте цæунцæ. Фал æнгъæлцитæ уацæгади нæ райййевдзæнæнцæ. Уастæн, етæ ци кæнунцæ, уой Хуцау зонуй!

37. Æма аци Хъуран дæр Хуцауæй æндæр неке æргъуди кодтайдæ, фал е æй уацæгади æвдесæн, æ размæ ци адтæй, уой, уæдта Финстæг лæдæрун кæнуни. Дуйнети Паддзахæй ке æй, уобæл секк нæййес!

38. Мусийнæ, етæ зæгъдзæнæнцæ: “Æримиста æй е”. Зæгъæ: “Мадта уойййау ести сурæ æрхæссайтæ, æма, кæд раст айтæ, уæд Хуцауæй æндæр ма ескæмæ уæхе бахатайтæ!”

39. Гъо, етæ мæнгæбæл нимайунцæ сæ бон балæдæрун ци нæй, уæдта цæбæл сæмæ нæма æрцудæй тæфсиртæ, уони. Уотæ, мæнгæбæл нимадтонцæ уони размæ ка адтæй, етæ дæр. Æма кæсай, гиауртæн сæ кæрон циуаваер адтæй, уомæ!

40. Се ‘хсæн ес уæхæнттæ, уобæл[8] ка æууæндуй, уæдта ес уæхæнттæ, Уобæл ка не ‘ууæндуй. Хуцау хуæздæр зонуй еци æнаккæгти.

41. Æма дæ нур етæ фæлтухъабæл ку банимайонцæ, уæдта зæгъæ: “Мæнмæ – мæ гъуддаг, сумахмæ ба – уæ гъуддаг; сумах æз ци кæнун, уомæ неци бараæ даретæ, æз ба, сумах ци кæнетæ, уомæ неци бараæ дарун.

42. Се ‘хсæн ес уæхæнттæ дæр, ка дæмæ игъосуй; æма мииййаг, дæ бон исуодзæнæй къурути байгъосун кæнун, кæми нæ лæдæрунцæ, уоми?

43. Се ‘хсæн ес уæхæнттæ дæр, кæцитæ дæмæ кæсунцæ; фал, мииййаг,

хъæрæути хонун дæ бон исуодзæнæй, кæми нæ уинунцæ, уоми?

44. Уастæн, Хуцау адæнæн зулун нæй, фал адæн сæхуæдтæ сæхецæн зулун æнцæ!

45. Уодзæнæй уæхæн рæстæг, æма сæ Е æхемæ æрæмбурд кæндзæнæй, цума етæ æрмæст еунæг сахат æнгъæлмæ кастæнцæ уомæ, уотæ: етæ базонædзæнæнцæ кæрædзей. Зæрани бунати уодзæнæнцæ, Хуцауи хæццæ фембæлдæ мæнгæбæл ка нимайуй æма раст надбæл ка нæ лæудтæй, етæ!

46. Уонæмæ цæмæй æртхъеræн кæнæн, уой фæууинунæн дин равгæ ратдзинан, æви дин æнцойййадæ ратдзинан, цидæр уа, уæддæр сæ раздæхт Махмæ ‘й. Уой фæсте ба Хуцау бавдесæн кæндзæнæй ка ци кæнуй, уобæл.

47. Алли адæнихатмæ дæр – æхе минæвар адтæй[9]; æма уонæмæ дæр минæвар ку æрбацæуа, уæд уони æхсæн дæр рæстбæл тæрхонгонд æрцæудзæнæй, æма си неке байзайдзæнæй зæрдихудт.

48. Етæ фæззæгъунцæ: “Кæд раст дзоретæ, уæд кæд уодзæнæй и байвæрзт?”

49. Зæгъæ: Хуцау ку зæгъа, æрмæст уæд æй мæ бон мæхецæн зæран кенæ пайда æрхæссун. Алли адæнæн дæр ес кæрон. Æма сæ кæрон ку æрхъæрта, уæд еунæг сахат дæр уонæн не ‘содзæнæй сæ бон нæдæр дзебæл, нæдæр тагъддæр фæккæнун.

50. Зæгъæ: “Нур уæмæ куд кæсуй, Е ‘фхуæрдæ уæмæ ку ‘рбахъæрта æхсæвæ уа, бонæ уа, уæд, цума, есть фæттагъддæр кæндзинайтæ?

51. Мийййаг, ку уæбæл æрцæуа, уæд Ибæл бауæнддзинайтæ? Нур – гъо! Раздæр ба ‘й фæттагъддæр кæнуйнаг адтайтæ”.

52. Уæдта фесинмæ ка адтæй, уонæн зæгъдзæнæнцæ: “Æноси æфхуæрддзийнадæ бавзаретæ! Миййаг, уæхуæдтæ уæхецæн ци исбон кодтайтæ, уобæл аргъгонд уин нæ цæуй?

53. Дæумæ базонун сæ фæнддзæнæй, æцæг æй е, зæгъгæ? Зæгъæ: “Гъо, мæ Еунæхуцауæй уин ард хуæрун, е æцæг æй, æма ‘й уæ бон фæллæмæгъдæр кæнун дæр не ‘суодзæнæй!”

54. Нур фесинмæ кадæр æй, уонæй алли уодæн дæр зæнхæбæл цидæриддæр ес, етæ ку адтайуонцæ, уæд, цума, уонæй æхе балхæдтайдæ? Фал етæ сæ фæсмондзийнадæ басосæг кæндзæнæнцæ, и хъиамæт куддæр фæууинонцæ, уотæ. Уонæн тæрхонгонд æрцæудзæнæй рæстдзийнадæй, æма си зæрдихуд неке æрцæудзæнæй.
55. Æма гъо, Хуцауи бæрни ку ‘нцæ уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр ци ес, етæ! Æма гъо, Хуцауи байвæрзт уацæгадæ ку æй, фал фулдæретæ уой нæ зонунцæ!
56. Е æригас кæнуй æма рамаруй, æма Уомæ раздæхдзинайтæ.
57. Уо, адæн! Уæ Еунæхуцауæй уæмæ æрцудæй къæртундзийнадæ æма уæ зæрдити ци ес, уони исдзæбæх кæнундзийнадæ, æма æррæстæ над æма æууæндгутæн хуарзæнхæ.
58. Зæгъæ: “Хуцауи хуарзæнхæй æма Æ тæрегъæдæй”, - уобæл цийнæ кæнæнтæ. Етæ ци ‘мбурд кæнунцæ, е уомæй хуæздæр æй.
59. Зæгъæ: “Нур сумах фæууидтайтæ Хуцау уин ци хæлцæ æрæрвиста, уой сумах ба куд исаразтайтæ хæран æма хуарз?” Зæгъæ: “Мииййаг, уой уин Хуцау бауагъта, æви Хуцаубæл мæнгитæ имисетæ?”
60. Хуцаубæл мæнгитæ ка имисуй, етæ нур куд æнгъæл уодзæнæнцæ исæндедзæн бони? Уастæн, Хуцау адæнæн тæрегъæдгæнагæ æй, фал сæ фулдæр хай æнæбоз æнцæ!
61. Ци уаваери ма уай æма Хъуранæй цидæриддæр бакæсайтæ, æма ци куст ма кæнайтæ, Мах æвдесæнтæ уодзинан уæ цори, уоми ку ранигъулайтæ, уæд. Хуцауæй нæ басосæг уодзæнæй руги уæзæн дёр нæдæр зæнхæбæл, нæдæр арвбæл, уæдта уомæй минкъийдæр ци ес, æма уомæй фулдæр ци ес, етæ дæр, уацæ киунуги си ка нæй финст, уæхæн нæййес.
62. Æма гъо, Хуцауи лимæнтæн тас ку нæй, æма етæ мæтъæл нæ уодзæнæнцæ.
63. Ка баууæндтæй æма уодибæстгун ка адтæй,
64. уонæн цийнаг хабар ёй хæстæг царди дæр æма федæни царди дæр. Хуцаумæ æййевдзи неци ес, е устур æнтæстдзийнадæ ‘й!

65. Æма дæ сæ дзурдтæ ма тухсун кæнæнтæ! Уастæн, намус Хуцауи бæрни æй: Е игъосагæ æма зонагæ ‘й!
66. Æма гъо, уæларв дæр ка ‘й æма зæнхæбæл дæр ка ‘й, етæ, миййаг, Хуцауи бæрни нæ ‘нцæ? Нур Хуцауæй фæстæмæ ма æндæр æмбæлттæ ма ин ка кæнуй, етæ цæй фæдбæл цæунцæ? Етæ æрмæст сæхе гъудийи фæдбæл цæунцæ; уонæмæ æрмæстдæр уотæ кæсуй.
67. Е æй, сумахæн æхсæвæ ка исфæлдиста, цæмæй си уолæфайтæ, уæдта – бон, цæмæй уин ангъос кæна уинунмæ. Уастæн, аци алæмæт, ка игъосуй, уæхæн адæнæн æй!
68. Етæ загътонцæ: “Хуцау Æхецæн сувæллон райста”. Табу ин уæд, Е гъæздуг æй! Уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр ци ес, етæ уой æнцæ. Уонæмæ сумах неци барæ даретæ![10] Нур сумах, ци нæ зонетæ, уони имисдзинайтæ Хуцаубæл?
69. Зæгъæ: “Уастæн, Хуцаубæл мæнгитæ ка имисуй, етæ амондгун нæ уодзæнæнцæ!”
70. Идзæлæн – а дуйнебæл, уой фæсте ба сæ раздæхт Махмæ уодзæнæй, æма син уæдта Мах исахуадун кæндзинан æфхуæрддзийнадæ, ке не ‘ууæндтæнцæ, уой тухxæй.
71. Æма син байаргъауæ Нохи тухxæй тауæрæхъ. Мæнæ æ адæнæн загъта: “Уо, мæ адæн! Кæд уин зин æй мæ ундзийнадæ уе ‘хсæн æма мæ дзубандитæ Хуцауи ёвдесёнти тухxæй, уæдта мæ зæрдæ Хуцаубæл дарун; æма байеу кæнетæ уæ гъуддæгтæ æма уе ‘мбæлтти, уой фæсте ба уæ гъуддаг сумах мабал æндавæд, уой фæсте ба мæнæн тæрхон кæнетæ æма мин æнгъуд мабал раттетæ!
72. Æма уæхе ку рахатайтæ, уæдта уи, миййаг, саугъатæ ку нæ агорун. Уастæн, мæ саугъа æрмæст Хуцаумæ æй, æма мин ихæс æй Уобæл мæхе бафæдзæхсун!”
73. Фал æй етæ банимадтонцæ фæлтухъабæл, Мах ба ‘й фæййервæзун кодтан, уæдта ма ковчеги ка адтæй æ хæццæ, уони, æма сæ байзæддæгтæй исæвардта. Æма дони буни ба Мах фæккодтан Не

‘вдесёнтё нин мæнгæбæл ка нимадта, уони. Æма кæсайтæ, ке ‘руагæс кæнун кодтан, уони кæрон цæбæл ærлæудтæй, уомæ!

74. Уædта Мах æ фæсте рарвистан минæвæрттæ сæ адæнмæ, æма сæмæ етæ, цит, æрцудæнцæ бæрæг ёвдесёнти хæццæ, фал етæ уæхæнттæ нæ разиндтæнцæ, цæмæй баууæндонцæ, раздæр мæнгæбæл ци нимадтонцæ, уобæл. Уотæ Мах ниммухур кæнæн æрнæбæл ка рахезуй, уони зæрдитæ!

75. Уой фæсте ба Мах рарвистан Муса æма Харуми Фæрæонмæ æма æ уездæнттæмæ Не ‘вдесёнти хæццæ, фал етæ сæхецæй фæббоц æнцæ æма гунах æрхæссæг адæнæй иссæнцæ.

76. Махæй сæмæ уацæгадæ ку æрцудæй, уædта загътонцæ: “Ædæуагæ етæ бæлвурдæй дæр кæлæнтæ æнцæ!”

77. Муса загъта: “Гæр, сумах нур уацæгади тухxæй уотæ дзоретæ, кæми уæмæ æрцудæй, уоми? Мийяг кæлæн æй ейё? Кæлæнгæнгутæ амондгун нæ уодзæнæнцæ!”

78. Етæ загътонцæ: “Нур нæмæ уой тухxæй æрбацудтæ, цæмæй нæ фиддæлтæй нæмæ ци æрхъæрттæй, уомæй рахезæн, æма сумах дууемæн[11] дзиантæ кæнонцæ* а зæнхæбæл[12]? – нæ уæбæл баууæнддзинан мах!”

79. Æма Фæрæон загъта: “Æрбакæнетæ мæмæ дæсни кæлæнгæнгути!”

80. Кæлæнгæнгутæ ку æрбацудæнцæ, уædта син Муса загъта: “Æргæлдзетæ, ци уæ фæндуй æргæлдзун, уой!”

81. Ку æргæлстонцæ, уædта Масу загъта: “Сумах ци бакодтайтæ, е кæлæн æй. Уастæн, уой Хуцау исафуй, уомæн æма Хуцау фæлдемæнгæнгути гъуддæгтæ нæ рæстмæ кæнуй!

82. Æма Хуцау уацæгадæ федар кæнуй Æ дзурдтæй, кæд е тæрегъæдгунтæн æнæуинон æй, уæддæр”.

83. Æма Мусабæл баууæндтæнцæ æрмæст æхе адæнæй еу хай, кæцитæ тарстæнцæ Фæрæонæй æма æ уездæнттæй, цæмæй сæ е ма бафæлвара,

---

* дзиантæ кæнонцæ – возвеличивали.

уомæн æма Фæрæон адтæй зæнхæбæл сахъ бардар æма хецмæр.

84. Æма загъта Муса: “Уо, мæ адæн! Кæд бауӕндтайтæ Хуцаубæл, уæд Уобæл уæ зæрдæ даретæ, кæд уæхе бафæдзæхсгутæй айтæ, уæд!”

85. Æма загътонцæ етæ: “Хуцаубæл нæхе бафæдзахстан: нæ Еунæхуцау, ænaккаг адæнæн фæлварæн нæ ма кæнæ,

86. ёма нæ фæййервæзун кæнæ, Дæ хуарзæнхæй, ænaккаг адæнæй!”

87. Æма Мах баустан Мусайæн æма е ‘нсувæрæн: “Равзаретæ уæ адæнæн Мисири хæдзæрттæ, æма и хæдзæрттæ искæнетæ уæхецæн ковæн бунæттæ, æма намаз кæнетæ, - æма цийни хабар фегъосун кæнетæ дингæнгутæн!”

88. Æма Муса загъта: “Нæ Еунæхуцау! Фæрæон æма æ уездæнттæн а царди Ду равардтай рæсугъддзийнадæ æма гъæздугдзийнадæ. Нæ Еунæхуцау! Æма Дæ надæй фæккеуæнтæ! Нæ Еунæхуцау! Сæ гъæздугдзийнадæ син фесафæ, сæ зæрдитæ син ниддор кæнæ, цæмæй ма бауӕндонцæ, цалдæн æбуалгъ æфхуæрдæ нæ фæууинонцæ”.

89. Е загъта: “Æз уæ искурдиадæмæ байгъустон, уомæ гæсгæ ба лæууетæ æррæстæ æма ка нæ зонуй, уони надбæл ма цотæ”.

90. Æма Езрай фуртти Мах бафецаудтан денгизбæл, Фæрæон æма е ‘фсædтæ ба сæ сорун байдædтонцæ сæ мæнгард æма гегædзийнадæй. Донивулд æй ку раййафта, уædта загъта: “Æууæндун, Езрай фурттæ кæбæл æууæндунцæ, еци Хуцауæй фæстæмæ æндæр Хуцау ке нæййес, æма æз дæр æхе ка бафæдзахста, уони хигъдæй дæн!”

91. Хуцау загъта: “Гъо, е нур! Раздæр ба нæ байгъустай æма ænaккагдзийнадæ итауæг адтæ.

92. Æма дæ абони Мах ервæзун кæнæн дæ гури хæццæ, цæмæй ду уай ævдесæн дæ фæсте ка уа, уонæн.” Уастæн, адæнæй беретæ Не ‘вдесæнтæ нецæмæ дарунцæ!

93. Æма Мах æрцæрун кодтан Езрай фуртти уацæгади гъæуи æма син фарнæ балævар кодтан. Етæ нæ буцæу кодтонцæ, цалдæн сæмæ зонундзийнадæ не ‘рцудæй, уædмæ. Уастæн, Еунæхуцау син истæрхон

кæндзæнæй исæндедзæн бони цæбæл буцæу кодтонцæ, уой тухxæй!

94. Ци дин æрæрвистан Мах, кæд уобæл дузæрдуг кæнис, уæдта дæ размæ ка кæсуй Финстæг, уони бафæрсæ. Дæ Еунæхуцауæй дæмæ æрцудæй уацæгадæ, æма дузæрдуггæнгутæй ма уо!

95. Æма Хуцауи ёвдесёнтё мæнгæбæл ка банимадта, уонæй дæр ма уо, цæмæй сæхецæн зæранæрхæсгутæй ма фæууай.

96. Уастæн, дæ Еунæхуцауи дзурд кæбæл æрцудæй, етæ нæ баууæнддзæнæнцæ,

97. æгас ёвдесёнтё дæр сæмæ ку æрбацудайуонцæ, уæддæр, цалинмæ сæхуæдтæ нæ фæууинонцæ æбуалгъ бафхуæрдæ!

98. Миййаг, уæхæн ескæци гъæу адтæй, æма баууæндтæнцæ æма син се ‘ууæнкæ фæййагъаз æй, Йунуси адæнæй фæстæмæ? Етæ ку баууæндтæнцæ, уæд си Мах райеуварс кодтан а царди ходуйнагдзийнадæй æфхуæрдæ, æма сæ рæстæгмæ ниууагътан.

99. Нур дæ Еунухуцауи ку бафæндадтайдæ, уæдта зæнхæбæл кадæр ес, етæ æгасæйдæр баууæндтайуонцæ. Æдта нур ду адæни тухxæй дæр æууæндгутæ искæндзæнæ?

100. Еунæг уод дæр æнæ Хуцауи фæндонæй нæ баууæнддзæнæй. Æма уой ка нæ лæдæруй, уони Е бафхуæрдзæнæй.

101. Зæгъæ: “Æркæсайтæ, уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр ци ес, уомæ!” Фал нæдæр алæмæттæ, нæдæр федеугутæ нæ фæййагъаз уодзæнæнцæ ка не ‘ууæндуй, уæхæн адæнæн!

102. Æви уæхæн естæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ, æма сæ размæ ка рафецаудта, уонæмæ ци адтæй, уониаумæ? Зæгъæ: “Æнгъæлмæ кæсетæ, уастæн, æз дæр уæ хæццæ æнгъæлмæ кæсун!”

103. Уæдта Мах фæййервæзун кæндзинан нæ минæвæртти æма ка баууæндтæй, уони. Уотæ, Махæн нæ ихæс æй æууæнкæ адæни ервæзун кæнун.

104. Зæгъæ: “Уо, адæн! Кæд сумах мæн динбæл дузæрдуг кæнетæ, уæд æз, сумах кæмæн коветæ Хуцауæй æндæмæ, уонæн нæ ковун, фал ковун

ærмæст Хуцаумæ, кæци æрæнцойнæ кæндзæнæй сумах, æма мæнæн ихæсгонд æй æууæнкæ ун!”

105. Де ‘рух раздахæ рæстаг динмæ æма берæ хуцæуттæмæ ковæг ма уо!

106. Æма Хуцауæй фæстæмæ æндæр макæмæ бал седæ, ангъос дæр æма зæран дæр дин ка нæ фæууодзæй, уæхæнттæмæ. Еци гъуддаг ку бакæнай, уæдта ду уодзæнæ фæррæдуйгути æхсæн.

107. Хуцауи азар дæбæл ку бамбæла, уæд уомæй фæййервæзунгæнæг нæййес, Æхецæй фæстæмæ. Хуарздзийнадæ дин ку исаккаг кæна Е, уæдта Уой хуарзæнхæ райеуварсгæнæг дæр нæ разиндзæнæй. Е уомæй бакайуй Æ цагъартæй, кæмæн Æй фæндуй, уонæн. Е хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

108. Зæгъæ: “Уо, адæн! Уæ Еунæхуцауæй уæмæ æрцудæй уацæгадæ, æма уи æррæстæ надбæл ка цæуй, е æхе уодæн цæуй æррæстæ, фал ка фæдздзæгъæл æй, е ба фæдздзæгъæл æй æхе зæранæн, æма æз сумахбæл дзуапдæттæг нæ дæн”.

109. Æма дин ци байгон æй, уой фæдбæл цо æма бухсæ, цалдæн Хуцау не ‘стæрхон кæна, уомæн æма Хуцау тæккæ хуæздæр тæрхонгæнæг æй!

11 -аг сураæ

Худ[1]

(Худ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. *Алиф лам ра.* Айё, бёлвурдёй лёдёрунгонд айаттё кёми ес, уёхён Финстёг ёй, уёдта бæлвурдæй лæдæрунгонд цæуй Фастихадзийæй, Зонагæй,
2. цæмæй Хуцауæй æндæр макæмæ ковайтæ. Уастæн, æз[2] уæмæ Уомæй баруагæсгæнунгæнæг æма федогæй æрвист дæн! –
3. æма сумах цæмæй уæ Еунæхуцауæй хатир корайтæ, уæдта Имæ уæхе

бахатайтæ. Æма уин уæд Е хуарз лæвар[3] бакæндзæнæй исбæлдатгонди уæнгæ æма алли уодибæстгинæн дæр Æ уодибæстæй бахай кæндзæнæй. Уæхе ку рахатайтæ, уæдта уин устур бони æфхуæрдæй тæрсун.

4. Хуцаумæ ‘й уæ раздæхт, æма Е ба алли гъуддагбæл дæр баргин æй!
5. Гъо, етæ сæ зæрдитæ ку бамбæрзунцæ, Уомæй баримæхсгæй! Гъо, æдта нур етæ дарæсæй ку бамбæрзунцæ сæхе, уæд Е ку зонуй етæ ци римæхсунцæ æма ци раргом кæнунцё! Уомæн æма Е зонуй уё зæрдити ци ес, уони!
6. Æма а зæнхæбæл фонсæй еу дæр нæййес, Хуцаумæ син кæмæн нæййес хуæруйнаг. Æма ин Е зонуй е ‘рлæууæн дæр æма ё бунат дæр[4]. Алцидæр уацæ Киунуги æй.
7. Æма Е æй арв дæр æма зæнхæ дæр ка искодта æхсæз бонемæ, æма Æ трон адтæй донбæл, цæмæй сумах бафæлвара ка уи хуæздæр æй гъуддаги, уобёл. Æма уотæ ку зæгъай: “Уастæн, сумах уæ фæсмæрдæ æгасгонд æрцæудзинайтæ нæуæгæй”, уæд, æнæмæнгæ, ка не ‘ууæндуй, етæ зæгъдзæнæнцæ: “Е ædæуагædæр æрмæст кæлæн æй!”
8. Сæ бафхуæрдæ син Æз ку рафæстиат кæнон зундгонд рæстæгмæ, уæд етæ зæгъдзæнæнцæ: “Ци ма ‘й уорамуй?”[5] Гъигагæн, еци бон сæмæ ку æрхъæрта, уæд ин нæбал уодзæнæй уонæй райеуварс кæнун, æма етæ цæбæл худтæнцæ, е сæбæл рахъæртдзæнæй.
9. Æма нур Мах адæймагæн ку раттæн и хуарзæнхæ исахуадун, уæдта ин æй фæстæмæ ку райсæн, уæд е разиннуй хъурдохæнгæнæг, æнæбоз!
10. Нур ин Мах ку исахуадун кæнæн фарнæ унгæгдзийнадæ ‘й ку баййафта, уæд уой фæсте, уæдта, æнæмæнгæ, зæгъдзæнæй: “Рандæ ‘нцæ мæ фудæбæнттæ!” Уастæн, уæд е цийнæ кæнуй, сæрбæрзонд æй!
11. Ка бухстæй æма хуарз гъуддæгтæ ка кодта, уонæй фæстæмæ: уонæн ба уодзæнæй хатиргонд æма устур лæвар!
12. Мусийнæ, ци дин байгон уй, уомæй ести хай ниууадздзæнæ, æма дæ зæрдæ исунгæг уодзæнæй, уотæ ке дзорунцæ: “Æма ин цæмæннæ æрлæвæрдæ ‘й хæзнатæ, кенæ æ хæццæ цæмæннæ æрцудæй изæд?” Ду

ærmæст lædærунгænæг dæ, гъуддæгтæ ба ægасæйдæр Хуцауи евгед ænцæ.

13. Мусийнæ, етæ зæгъдзænæнцæ: “Е æй æримиста”[6]. Зæгъæ: “Мадта дæс сури æрхæссайтæ, уоййау ка уонцæ æримист, æма Хуцауæй ændæр ма уæ бон кæмæ ‘й, уæхænмæ раседетæ, кæд раст дзоретæ, уæд!
14. Дзуапп уин ку нæ раттонцæ, уædта ‘й зонетæ, æма е Хуцауи дзурдæй арæзт ке ‘й æма Уомæй фæстæмæ ændæр хуцаугонд ке нæййес. Гæр, уой фæсте dæр ма уæхе нæ бафædзæхсдзинайтæ Уобæл?
15. Хæстæг цард æ идзæлænти хæццæ ке гъæуй, уомæн Мах сæ гъуддæгтæ ами фæууодзинан, æма етæ ами ænæхай нæ уодзænæнцæ.
16. Етæ ænцæ федæни царди артæй ændæр кæмæн неци уодзænæй, æма ами цидæр исаразтонцæ, етæ дзæгъæли ænцæ, æма ци кодтонцæ, етæ афтед ænцæ.
17. Æ Енæхуцауæй бæлвурд алæмæт кæмæ ес æма æ фædбæл ка цæуй, уонæмæ Уомæй – ævдесæн[7], уонæн сæ размæ – Мусай киунугæ, куд разамонæг æма битирдзийнадæ. Етæ æууændунцæ уобæл[8]. Уобæл ка не ‘ууændуй фæлтæртæй, уонæн ба арт байвæрзт æй. Уой тухxæй ба гурусхаг ма уо уобæл, уомæн æма е dæ Еунæхуцауæй уацæгадæ æй, фал адænæй фулдæретæ не ‘ууændунцæ!
18. Хуцаубæл мæнгитæ ка имисуй, уонæй ка ænаккагдæр æй? Етæ сæ Еунæхуцауи размæ ærлæудзænæнцæ æма ævдесæнтæ зæгъдзænæнцæ: “Етæ Æ Еунæхуцаубæл мæнгитæ ка дауæ кодта, етæ ‘нцæ”. Уо, Хуцауи ælгъист уодзænæй ænаккæгтæбæл,
19. кæцитæ Хуцауи надæй рахезунцæ, фесинмæ си нииййарæцæн уогæй, æма федæни цардбæл ба не ‘ууændунцæ! Уони бон неци раййевун æй зænхæбæл, æма син Хуцауæй фæстæмæ ændæр лимæнтæ нæййес. Сæ бафхуærдæ уонæн дувærгонд уодзænæй; уони бон фегъосун нæ адтæй æма нæ уидтонцæ!
20. Етæ ænцæ, сæхецæн зæран ка æрхаста, уонæй, æма ци æримистонцæ сæхецæн, е си фæййауyон æй!

21. Гурусхаг нæй е, æма федæни царди етæ никки устурдæр зæрандзийнадæ ке байййафдзæнæнцæ!
22. Уастæн, ка æууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта æма Хуцауи размæ ка адтæй арази, етæ дзенети амæттаг æнцæ: уоми уодзæнæнцæ æности.
23. Дууæ адæни къуарей дæнцæн – хъæрæу, къуру æма уинагæ, игъосагæ. Ædта уони рабарæн ес дæнцæни? Гæр, сумах не ‘рсагъæс кæндзинайтæ?
24. Мæнæ Мах рарвистан Нохи æ адæнмæ: “Уастæн, æз сумахæн бæлвурд игъосунгæнæг дæн!
25. Хуцауæй фæстæмæ æндæр макæмæн коветæ: ёз уин æбуалгъ бони æфхуæрдæй тæрсун!”
26. Æма адæнæй ка не ‘ууæндтæй, уонæй уездæнттæ загътонцæ: “Мах уинæн, ду дæр мах хузæн адæймаг ке дæ, уой, æма уинæн, уой дæр, æма дæ фæдбæл, не ‘хсæн тæккæ нецæййагдæр ка ‘й, етæ ке цæунцæ, æма дæ фæдбæл неке уинæн, махæй бæрзонддæр ка ‘й, уæхæнттæ, фал мах уотæ гъуди кæнæн æма сумах фæлтухъатæ айтæ”.
27. Загъта е: “Уо, мæ адæн! Уобæл нæ расагъæс кодтайтæ, æма мæнмæ кæд бæлвурд ёвдесён ес мæ Еунæхуцауæй æма мин Е Æ хуарзæнхæ кёд балæвар кодта, кæций размæ сумах хъæрæу айтæ, уæд, мийййаг, мах уин æй туххæй дætдзинан, æнæуинон уин уогæй?
28. Уо, мæ адæн! Уой туххæй уи æз гъæздугдзийнæдтæ нæ агорун: мæ лæвар мæнæн æрмæст Хуцаумæ ‘й. Æма ка бауууæндтæй, æз уони нæ ратæрдзæнæн, уомæн æма етæ сæ Еунæхуцаубæл исæмбæлдзæнæнцæ. Фал æз уинун: сумах, ка нæ зонуй, уæхæн адæн ке айтæ.
29. Уо, мæ адæн! Æз уони ку ратæрон, уæд мæ Хуцауæй ка байергъæв кæндзæнæй. Ædта нур сумах не ‘рсагъæс кæндзинайтæ?
30. Æма уин æз нæ зæгъун: “Мæнмæ Хуцауи хæзнатæ æнцæ”, нæ: “Æз сосгъуддаг зонун”. Æма æз уотæ нæ зæгъун: “Æз изæд дæн”. Æма уæ цæститæ кæмæ илгъ кæнунцæ, уонæн нæ зæгъун: “Хуцау син неци хуарздзийнадæ дæттуй”. Сæ зæрдити ци ес, уой Хуцау хуæздæр зонуй,

æма уæд æз æнаккаг адтайнæ”.

31. Етæ загътонцæ: “Уо, Нох, нæ хæццæ буцæу кодтай æма нин нæ буцæудзийнадæ фендагъддæр кодтай, æма кæд раст дæ, уæд ци байвæрзтай, уонæй ести æрхæссай!”

32. Е загъта: “Уой уин æрхæсдзæнæй Хуцау, ку ‘й бафæнда, уæд, æма сумах бон æй не суодзæнæй баййевун.

33. Æма уин мæ унаффæ дæр нæ фæййагъаз уодзæнæй, Хуцау уæ фесинмæ ку кæна, уæд мæ хъæбæр ку бафæндæ уа фæййагъаз кæнун, уæддæр. Е уæ Еунæхуцау æй, æма Уомæ уодзинайтæ æздахт”.

34. Кайзонуй, етæ зæгъдзæнæнцæ: “Е æй æримиста!” Зæгъæ: “Кæд æй æз æримистон, уæд мæ тæрегъædтæ мæхебæл, æма æз, сумах цæмæй хæссетæ тæрегъædтæ, уомæй уæгъдебар дæн”.

35. Æма Нохæн байгон æй: “Дæ адæнæй ка баууæндтæй, уонæй фулдæр некæд баууæнддзæнæнцæ. Æма етæ ци кæнунцæ, уобæл ма тухсæ!

36. Æма Нæ цæстити рази ковчег исаразæ, æма ‘й исаразæ Мах разамундмæ гæсгæ, æма æнаккаг ка ‘й, уони тухxæй Мæ хæццæ ма дзорæ: уастæн, етæ дæлдонгонд уодзæнæнцæ!”

37. Æма е дæр аразта ковчег, æма алли хатт дæр, æ рæзти ку цудæнцæ æ адæни уездæнттæ, уæд ибæл гириз кодтонцæ. Е загъта: “Сумах махбæл кæд гириз кодтайтæ, уæд мах дæр, сумах куд гириз кæнетæ, уотæ уæбæл гириз кæндзинан. Ба ‘й зондзинайтæ,

38. æгадæгæнæг æфхуæрддзийнадæ кæмæ æрбацæудзæнæй, æма æрбахæстæг уæвæг æфхуæрддзийнадæ ке баййафдзæнæй, уой!”

39. Нæ фæндондзийнадæ ку æрбацудæй æма ку исирадæй пец, уæдта Мах загътан: “Бахæссæ уордæмæ аллцидæр æнкъаййæй, дугæйттæй, дæ бийнонтæ дæр, уæдта раздæр дзурд ке тухxæй[9] æрцудæй, æма ма ка баууæндтæй, уони дæр”. Фал ефстæгутæй фæстæмæ ибæл[10] неке баууæндтæй.

40. Æма е загъта: “Накæ си кæнтæ Хуцауи номæй æма си уотæ, цалдæн накæ кæнуй æма цалдæн æрлæууа. Уастæн, мæ Еунæхуцау хатиргæнагæ

æма тæрегъædгæнагæ æй!”

41. Æма е сæ хæццæ накæ кодта хонхау улæнтæбæл. Æма Нох фæдздзурдта æ фуртмæ, кæци уонæй дæрддзæф адтæй: “Уо, биццеу, мах хæццæ рацо æма гиаурти хæццæ ма уо”.
42. Е загъта: “Æз хонхбæл фæййервæздзæнæн, е мæ багъæуай кæндзæнæй донæй”. Нох загъта: “Абони Хуцауи тæрхон æй, кæмæн ниххатир кодта, уонæй уæлдай некæмæн ес багъæуайгæнæг”. Æма сæ фæххецæн кодта улæн, æма е адтæй ка ниннихъулдæй, уони хæццæ.
43. Æма загъд адтæй: “Уо, зæнхæ, дæ дон банихъуæрæ! Уо, арв, дæ уарун бауорамæ!” Æма дон байсустæй, æма Хуцауи тæрхон исæнхæст æй, æма æрлæудтæй[11] Джудий хонхбæл, æма загътонцæ: “Фесæфæд æнаккаг адæн!”[12]
44. Æма искувта Нох æ Еунæхуцаумæ æма загъта: “Еунæхуцау! Мæ фурт мæ бийнонтæй еу æй, æма Дæ байвæрзт æцæг æй, æма Ду тæрхонгæнгути рæстагдæр дæ”.
45. Загъта: “Уо, Нох! Е дæу бийнонтæй нæй: е анаккаг гъуддæгтæ аразæг æй, æма ци нæ зонис, уобæл Мæ ма фæрсæ. Æз дин фæдзæхсун: æнаккæгти рæнгъитæй ма уо”.
46. Е загъта: “Еунæхуцау, æз Ди багъæуайкæнундзийнадæ агорун, цæмæй ци нæ зонун, уой Ди ма корон. Ку мин нæ ниххатир кæнай æма мин нæ ниттæрегъæд кæнай, уæд æз базæрангæндти хигъди уодзæнæн”.
47. Загъд адтæй: “Уо, Нох! Æрхезæ Ни сабураæй Нæ хуарзæнхи хæццæ дæхуæдæг дæр æма дæ адæн дæр, дæ хæццæ ка ‘й, етæ. Фал ес адæнтæ, кæцитæн Мах ратдзинан хуарздзийнæдтæ, уой фæсте ба сæ Махæй баййафдзæнæй æбуалгъ æфхуæрдæ”.
48. Е зæрддагон тауæрæхътæй æй. Мах сæ дæуæн æргом кæнæн: нури уæнгæ сæ ду дæр æма дæ адæн дæр нæ зудтайтæ. Æма бухсæ! Уастæн, Хуцауæй тæрсгутæн хуарз кæрон уодзæнæй!
49. Адиттæмæ дæр – се ‘нсувæр Худи. Е загъта: “Уо, мæ адæн! Хуцауæн коветæ! Æндæр хуцаугонд уин нæййес, Уомæй фæстæмæ. Сумах

ærmæст mængитæ имисетæ.

50. Уо, мæ адæн! Уой тухxæй уи æз лæвæрттæ нæ агорун, мæ лæвар, ка мæ исфæлдиста, ærmæст уомæ ‘й. Ædта нур уой нæ балædærдзинайтæ!
51. Уо, мæ адæн! Уæ Еунæхуцауæй хатиртæ коретæ, уædта Имæ уæхе бахатетæ; Е уæбæл арвæй рарветдзænæй фæрнгун уарун
52. æма уин уæ хъаурæбæл ма хъаурæ бафтаудзænæй, æма гунах хæсгæй уæхе ма хатетæ!”
53. Етæ загътонцæ: “Уо, Худ! Ду нæмæ бæлвурд ævдесæни[13] хæццæ не ‘рбацудтæ, æма мах нæ хуцæутти нецихузи ниууаддзинан дæу дзурдмæ гæсгæ æма дæбæл нæ баууæндзинан.
54. Мах ærmæст уой зæгъæн, æма дæбæл нæ хуцæуттæй еу æ фуд бæллах æривардта”. Е загъта: “Æз ævдесæнæн дзорун Хуцаумæ, æма бавдесæн кæнетæ, æз ке неци барæ дарун сумах Ин ке дæттетæ æмбæлттæ,
55. Уомæй фæстæмæ ма, уобёл. Налат миутæ кæнетæ мæ нихмæ, фал уой фæсте мæнмæ мабал æнгъæлмæ кæсетæ.
56. Æмонæ, æз мæхе бафædзахстон Хуцаубæл, мæ Еунæхуцаубæл æма сумах Еунæхуцаубæл. Фонси æхсæн еу дæр нæййес, ке бæрзæйбæл нæ хуæстæй Е. Уастæн, мæ Еунæхуцау æррæстæ надбæл æй!
57. Уæхе ку рахатайтæ, уædта уин нур æз ку фегъосун кодтон цæй хæццæ уæмæ ærвист дæн, уой. Æма уæ уæд Еунæхуцау баййевдзænæй ændæр адænæй, сумах бон ба Ин неци зæран ærхæссун уодзænæй. Уастæн, мæ Еунæхуцау алли гъуддаг дæр гъæуайгænæг æй!”
58. Æма Нæ фæндон ку ærцудæй, уædта Мах фæййервæзун кодтан Худи æма æ хæццæ ка баууæндтæй, уони Нæ уодибæстæй æма сæ фæййервæзун кодтан устур хъæбæр бафхуæрунæй.
59. Æма мænæ адиттæ сæ Хуцауи алæмæттæбæл ратегъ кодтонцæ æма нæ байгъустонцæ Æ минæværттæмæ, æма цидæр залунти, гиппæрти фæндони фæсте рацудæнцæ.
60. Æма а царди дæр æма исændедзæн бони дæр етæ ærцудæнцæ ælгъистæй фæндарастгонд. Æма гъо! Уастæн, адиттæ сæ Еунæхуцауи

нæ райстонцæ. Гъо æма фесæфæнтæ адиттæ, Худи адæн!

61. Самудиантæмæ дæр – се ‘нсувæр Сælихи. Е загъта: “Уо, мæ адæн! Коветæ Хуцаумæ: Уомæй фæстæмæ уин æндæр хуцаугонд нæййес. Е уæ исирæзун кодта зæнхæбæл æма уæ уобæл æрцæрун кодта. Æма Си коретæ хатирдзийнадæ, уæдта уæхе рахатетæ Уомæ. Уастæн, мæ Еунæхуцау Хæстæг æма Дзуаппдæттёг ёй!”

62. Етæ загътонцæ: “Уо, Сælих! Нури уæнгæ дæр дæумæ æнгъæлдзау адтан. Гæр, нур нæ ду нæ уаддзæнæ нæ фиддæлтæ цæмæн кувтонцæ, уомæн ковун? Ду нæмæ кумæ седис, уобæл мах тухгин дузæрдуг кæнæн”.

63. Е загъта: “Уо, мæ адæн! Нур уобæл нæ расагъæс кодтайтæ, æма мæнмæ кæд мæ Еунæхуцауæй бæлвурд æвдесæн ес æма мин Е Æ хуарзæнхæ балæвар кодта, æма æз Уомæ ку нæ байгъосон, уæд ма мин ка фæййагъаз уодзæнæй Хуцауæй? Сумах мин æрмæст мæ зæран фулдæр кæнетæ.

64. Уо, мæ адæн! Хуцауæй лæвард силæ теуа сумахæн æвдесæн æй. Æма ‘й Хуцауи зæнхæбæл ниууадзæ хезгæй, ма ‘ймæ æвналетæ лиагъæй, цæмæй уæбæл ма бандзæва æрхæстæг бафхуæрундзийнадæ”.

65. Фал ин æ къахи нуæрттæ ралух кодтонцæ, æма е загъта: “Мадта уæ хæдзæртти идзæлетæ æртæ бони: е мæнгæ байвæрзт нæй”.

66. Æма Нæ фæндондзийнадæ ку ‘рцудæй, уæдта Мах фæййервæзун кодтан Сælихи æма уой хæццæ ка бауудæндтæй, уони Нæ уодибæстæй, еци бони ходтуйнагæй. Уастæн, дæ Еунæхуцау федар, тухгин æй!

67. Æма æнаккаг ка адтæй, уони æрдеуагæ раййафта, æма сæумæ етæ сæ хæдзæртти дæлгоммæ хъанæй лæудтæнцæ,

68. цума си цæргæ дæр нæ кодтонцæ уоми, уотæ. Æма гъо! Уастæн, самудиантæ сæ Еунæхуцауæй сæхе рахадтонцæ, æма мæнæ фесавдæнцæ самудиантæ!

69. Æма мæнæ нæ минæвæрттæ æрбацудæнцæ Ибрæгиммæ цийнаг хабари хæццæ, æма загътонцæ: “Салам!” Е дæр загъта: “Салам!” – æма сæмæ

нæ фæдздзебæл кодта фесард уæри хæццæ æрбацæун.

70. Фал уой ку фæууидта, æма сæ къохтæ ‘йбæл не ‘ндзæвунцæ, уæд, е сæ нæ бафæсмёргёй, фæттарстæй си. Етæ загътонцæ: “Ма тæрсæ, мах Лути адæнмæ æрвист ан”.
71. Æ уосæ ба уоми лæудтæй æма ниххудтæй, æма ин Мах цийнаг хабар фегъосун кодтан Исхаки туххæй, Исхаки фæсте ба Йакуби туххæй.
72. Уосæ загъта: “Сар мæ сар! Ædта нур æз ниййердзæнæн, кæд æма зæронд уосæ дæн! Æма мæ лæг ба – зæронд лæг. Уастæн, е хъæбæр дессаг гъуддаг æй!”
73. Етæ загътонцæ: “Гæр, Хуцауи фæндонбæл дес кæнис? Хуцауи уодибæстгундзийнадæ æма Æ хуарзæнхæ сумах хæдзарвæндагбæл æй. Е æстауйнаг æма табуйаг æй!”
74. Ибрæгимæн æ тас ку рандæ ‘й æма ‘ймæ цийнаг хабар ку бахъæрттæй, уæд е райдæдта Нæ хæццæ буцæу кæнун Лути адæни туххæй,
75. уомæн æма Ибрæгим сабур, хъонцгæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ адтæй!
76. Изёдтё ин загътонцё: “Уо, Ибрæгим! Дæхе си райсæ[14], уомæн æма дæ Еунæхуцауæй æрцудæй унаффæ æма сæмæ, уастæн, æрцæудзæнæй æфхуæрддзийнадæ æнæмæнгæ!”
77. Æма нæ минæвæрттæ ку фæззиндтæнцæ Лутмæ, уæд син фæттарстæй, уомæн æма уони багъæуай кæнунмæ имæ хъаурæ нæбал адтæй æма загъта: “А хъæбæр зин бон æй”.
78. Æма ‘ймæ æ адæн æрбацудæнцæ, сæхе ‘йбæл цурдгомау ниццæвгæй: раздæр дæр фудмиутæ кодтонцæ. Загъта е: “Уо, мæ адæн! Мæнæ мæ кизгуттæ, етæ сумахæн аккагдæр æнцæ, æма Хуцауæй фæттæрсетæ æма мæ ма ходуйнаг кæнетæ иуазгути рази. Гæр, уе ‘хсæн раст адæймаг нæййес?”
79. Етæ загътонцæ: “Зонис æй, мах дæу кизгуттæ гъæуагæ ке нан, уæдта ‘й зонис, мах ци фæндуй”.
80. Е загъта: “Нур мæмæ хъаурæ ку адтайдæ уæ нихмæ, кенæ мæ ести федар фæххуæцæг ку фæцайдæ!”

81. Етæ загътонцæ[15]: “Уо, Лут! Мах дæ Еунæхуцауи минæвæрттæ ан, етæ дæмæ некæд бахъæртдзæнæнцæ. Æхсæви æмбеси дæ бийнонти хæццæ рандæ уотæ, æма уи маке ракæсæд фæстæмæ, дæ уосæй фæстæмæ: уастæн, уой баййафдзæнæй, уони ци баййафдзæнæй, е. Се ‘нгъуди бон сæумæ уодзёнёй, – мийяг сæумæ хæстæг нæй?”
82. Æма нæ фæндон ку æрбахъæрттæй, уæд Мах æ сæр ё бун искодтан æма сæбæл сувæлдагæ сугъд сигитæй дорин уарун æркодтан,
83. дæ Еунæхуцаумæ нисангæндтитæ. Етæ идард нæ адтæнцæ æнаккæгтæй!
84. Мадианиттæмæ дæр – се ‘нсуваер Шуъайбмæ. Е загъта: “Уо, мæ адæн! Хуцаумæ коветæ: Уомæй фæстæмæ уин æндæр хуцаугонд нæййес. Ма фæккунæгдæр кæнетæ бæрцæ дæр æма уæзæ дæр. Æз уинун, фæрнгун ке айтæ, æма уин тæрсун алцæбæл хъæртæг æфхуæрдæй.
85. Уо, мæ адæн! Уе ‘новуддзийнадæ æгасæйдæр æнхæст кæнетæ бæрци дæр æма уæзи дæр, адæнæн маци зæран хæссетæ макёци гъуддаги дæр æма зæнхæбæл ма хæтетæ æнаккагдзийнадæ парахатгæнгæй.
86. Хуцауæй уин ци минкъий байзадæй, е уин хуæздæр æй, кæд æууæндгутæ айтæ, уæд. Æз ба сумахæн гъæуайгæнæг нæ дæн.”
87. Етæ загътонцæ: “Уо, Шуъайб! Ædта нур дæу кувд махæй уой дæмуй, цæмæй нæ фиддæлтæ цæмæ кувтонцæ, уой ниууадзæн, кенæ нæ мулкæн, ци нæ фæндуй, уой кæнун, куд нæ бафæндæуа, уотæ? Уалгæдзон ку дæ, æррæстæ хонæг”.
88. Е загъта: “Мæ адæн! Нæ расагъæс кодтайтæ уобæл, æма æз мæ Еунæхуцауи бæлвурд амундбæл кæми æнцойнæ кæнун æма мин Е фагæ хуæрзтæ кæми равардта, уоми уæ æз куд гъæуама ма бахезон, Хуцау уæ цæмæй бахезуйнаг æй, уомæй? Мæн æрмæст исраст кæнун фæндуй, цалдæн мæ бон æй, уæдмæ. Ме ‘нхус æрмæст Хуцаумæ æй; Уобæл мæхе бафæдзахстон æма Уомæ мæхе хатун.
89. Уо, мæ адæн! Мæн хæццæ уæ буцæудзийнадæ уæбæл фулдæр тæрегъæдтæ ма ‘руадзæд, æма уæбæл ма ‘рцæуæд уæхæн цау, цæхуæн цау æрцудæй Нохи адæнбæл, кенæ Худи адæнбæл, кенæ Сælихи

адæнбæл. Лути адæн дæр сумахæй берæ идарддæр нæ ‘нцæ.

90. Уæ Еунæхуцауæй коретæ хатир, уæдта ‘Ймæ уæхе рахатетæ. Уастæн, мæн Еунæхуцау уодибæстгин æма уарзагæ æй!”

91. Етæ загътонцæ: “Уо, Шуъайб! Ци дзорис, уонæй берæ нæ лæдæрæн; мах уинæн ду не ‘хсæн læмæгъ ке дæ. Дæ муггаг ку нæ адтайдæ, уæд дæ дортæй фæххуастайййанæ, уомæн æма нин ду хъазар нæ дæ”.

92. Е загъта: “Уо, мæ адæн! Гæр, мæ муггаг сумахæн Хуцауæй хъазардæр æй? Уотæ нимайетæ, æма Уой æнгъезуй фæстегæй, уæ фæсонти фæсте ниууадзун? Уастæн, мæн Еунæхуцау, сумах ци аразетæ, уобæл хъæртуй!

93. Уо, мæ адæн! Куд уæ фæндуй уотæ кæнетæ, æз дæр кæндзæнæн; уой фæсте ба бæрæг уодзæнæй, ке баййафдзæнæй æгадæгæнæг æфхуæрдæ, æма фæлтухъа ни ка ‘й. Æнгъæлмæ кæсетæ, æз дæр уæ хæццæ æнгъæлмæ кæсдзæнæн!”

94. Æма Нæ фæндон ку æрбахъæрттæй, уæд фæййервæзун кодтан Шуъайби æма æ хæццæ ка бауудæндтæй, уони Нæ тæрегъæди алфён. Æнаккаг ка адтæй, уони ба æрдеуагæ баййафта æма сæумæ сæ хæдзæртти дæлгоммæ хъæнттæй разиндтæнцæ,

95. цума си æппундæр некæд цардæнцæ, уоййау. Гъо, æма фесæфæнтæ мадианиттæ, самудиантæ куд райзол æнцæ, уониау!

96. Æма рарвистан Мах Мусай Не ‘вдесæнти хæццæ æма бæрæггонд баргъонæй

97. Фæрæонмæ æма æ уездæнттæмæ. Æма етæ Фæрæони фæндони фæсте рацудæнцæ, фал Фæрæони фæндон рæстдзийнадæбæл нæй.

98. Исæндедзæни бон е æ адæни сæргъи рацæудзæнæй æма сæ донниуазунмæ æрбахондзæнæй артмæ. Лиагъæ донниуазæн æй, уони кумæ æрбахононцæ, е!

99. Æма сæбæл ами æмбæлунцæ ælгъетгæй, уæдта исæндедзæни бон дæр. Ци лæвар син дæттæуй, е илгъаг æй!

100. Етæ æнцæ, Мах дæуæн ци гъæути кой кæнæн, уони хабæрттæ. Уонæй еуетæ ма лæууцæ, иннетæ ба сивд æрцудæнцæ.

101. Сæ зæрдихуд син Мах не ‘рхастан, фал етæ сæхуæдтæ сæхе зæрдихуд æрхастонцæ, æма сæ хуцаугæндтæ, Хуцауæй æндæр ма кæмæ кувтонцæ, етæ сæ нецæмæй фæййервæзун кодтонцæ, дæ Еунæхуцауи фæндон ку æрцудæй, уæд. Етæ син се ‘сæфт æрмæст фуддæр фæккодтонцæ!

102. Дæ Еунæхуцауи фæххуæст уæхæн адтæй, æнаккаг ци гъæутæ адтæнцæ, уони ку æрбалхъивта, уæд. Уастæн, Æ ралхъивд гъезæмайраг, тухгин æй!

103. Уастæн, федæни царди æфхуæрддзийнадæй ка тарстæй, уонæн айæ æвдесæн æй. Е уодзæнæй, адæн Уомæ ку æруонцæ æмбурдгонд, уæд еци бон, æма е æй, етæ ке фæууиндзæнæнцæ, еци бон!

104. Æма Мах æй[16] рафæстеуат кæндзинан æрмæст æнгъуд рæстæгмæ.

105. Еци бон ку æрхъæрта, уæд уоди бон уодзæнæй æрмæст Уой барвæндæй дзорун: уонæй уодзæнæнцæ æнамондгун дæр æма амондгун дæр.

106. Æнамондгун ка уа, етæ ба – арти амæттаг: уоми син – æрдеуагæ æма богъ-богъ, –

107. ёности уоми уогæй, цалдæн уæлæрвтæ æма зæнхитæ уонцæ, кенæ Хуцауи кæдмæ бафæндæ уа, уæдмæ, уомæн æма дæ Еунæхуцау, ци ‘Й фæндуй, уой аразæг æй!

108. Амонд ке фæцæй, етæ ба – дзенети, – æноси уоми уогæй, цалдæн уæлæрвтæ æма зæнхитæ уонцæ, кенæ Хуцауи кæдмæ бафæндæ уа естиаваер æнæфæууогæ саугъа.

109. Атæ цæмæ ковунцæ, уобæл дузæрдуггаг ма уо: етæ сæ фиддæлтæ куд кувтонцæ сæ размæ, æрмæст уотæ ковунцæ. Æма уастæн, Мах син æй æнхæстæй бахатдзинан, неци си рагæлдзгæй!

110. Мусайæн мах равардтан Финстæг, фал ибæл райдæдтонцæ буцæу кæнун. Æма уой размæ дæ Еунæхуцауæй ку не ‘рцудайдæ дзурд, уæд ейæ се ‘хсæн лухгонд æрцудайдæ. Æма ма нур дæр еци адæн[17] дузæрдуггаг æнцæ уобæл[18].

111. Уастæн, дæ Еунæхуцау алкæмæн дæр æ аккаг фæууодзæнæй, уомæн æма Е зонуй, ка ци кæнуй, уой!

112. Æма загъд дин куд æй, уотæ æррæстæ лæууæ, дæ хæццæ ка бауудæнда, етæ дæр, æма арæнбæл ма рахезетæ, уомæн æма Е уинуй, ци косетæ, уой!

113. Æма æнаккаг ка ‘й, уонæбæл ма ‘нцойнæ кæнетæ, цæмæй уæбæл арт ма бандзæва. Æма уин Хуцауæй фæстæмæ æндæр æнхусгæнæг нæййес, уæдта багъæуайгонд дæр нæ уодзинайтæ!

114. Намаз кæнæ бони дууæ ‘мбесеми æма æхсæйвон сахат ку ралæууа, уæд, уомæн æма хуарз гъуддæгтæ лæгъуз гъуддæгти райеуварс кæнунцæ! Е æй зæрдæбæл лæуунгæнæн ка гъуди кæнуй, уонæн.

115. Æма бухсæ, уомæн æма Хуцау хуарзгæнгути саугъа не ‘сафуй!

116. Цæмæннæ адтæй уæ размæ ци фæлтæртæ адтæнцæ, уони æхсæн, Мах ке фæййерваезун кодтан, еци ефстæгутæй уæлдай, хуарзгёнгутæ, зæнхæбæл æнаккагдзийнадæ ка бауорæдтайдæ, уæхæнттæ? Æнаккаг ка адтæй, етæ ба цæмæй хайгин адтæнцæ, уой фæдбæл рацудæнцæ æма тæрегъæдгунтæ иссæнцæ.

117. Дæ Еунæхуцау уæхæн нæ адтæй, цæмæй раст нæ уогæй гъæутæ фесафа, æ цæргутæ хуарз гъуддæгтæ кæд аразтонцæ, уæд уотемæй.

118. Дæ Еунæхуцауи ку бафæндадтайдæ, уæдта адæни искодтайдæ еу адæнихатт. Етæ ба сæ буцæу нæ ниууадзунцæ,

119. дæ Еунухуцау кæмæн ниххатир кодта, уонæй фæстæмæ. Е сæ уой туххæй исфæлдиста. Æма æрцудæй дæ Еунæхуцауи дзурд: “Æз байдзаг кæндзæнæн дзаханаман уодтæ æма адæнæй еумæ”.

120. Æма дин Мах минæвæртти хабæрттæ уой туххæй кæнæн, цæмæй дин дæ зæрдæ ниффедардæр кæнæн. Æма дæмæ уоми æрцудæй уацæгадæ æма лæдæрункæнундзийнадæ дингёнгутæн сæ зæрдæбæл дарунæн.

121. Ка не ‘ууæндуй, уонæн зæгъæ: “Уæ бон ци æй, уой аразетæ, мах дæр архайæн!

122. Ænгъælmæ kæsetæ, mах dæp ænгъælmæ kæsæn!”

123. Уæларв dæp æma sænхæbæl dæp сос гъуддæгтæ Хуцауи bæрни ænцæ, æхе Уомæ хатуй цийфæнди фæндон dæp. Æma Ин ковæ æma dæ sæрdæ Уобæл dарæ. Dæ Еунæхуцау, ka ци kæнуй, уомæ æ гъос ænædаргæ нæй!

12-аг сураæ

Йусуф[1]

(Йусуф)

Хатиргæнагædæp æma tæрегъædгæнагædæp Хуцауи номæй

1. *Алиф. Лам. Ра.* Атæ уацæ киунуги ævdесæн ænцë.
2. Мах нирвистан араббаг ævзагбæл Хъуран, мусийнæ, балædæрдзинайтæ ‘й!
3. Мах дин радзордзинан tæккæ хуæздæp тауæрæхъ, аци Хъуран дин байгон kæнгæй, kæд æma нури уæнгæ ænæмætæ адtæ.
4. Мæнæ Йусуф æ фидæн загъта: “Мæ фидæ, æз фæууидтон еуæндæс стъалуй, уæдта хор, уæдта мæйæ, – æз сæ фæууидтон мæнæн ковгæй”.
5. Е загъта: “Уо, мæ биццеу, де ‘нсувæртæн ма радзорæ dæ фун, етæ ести мæнгарддзийнадæ исараздзænæнцæ dæ нихмæ, уомæн æma адæймагæн Ибилис æ фуддæp æзнаг æй!
6. Æma dæ уотæ dæ Еунæхуцау равзардзænæй, æma dæ исахур kæндзænæй гъуддæгтæ лædæрун kæнун, æma Æ уодибæстæй бахай kæндзænæй dæуæн dæp æma Йакуби муггагæн dæp, раздæp dæ фиддæлтæ Ибрæгим æma Исхакæн куд бахай кодта, уотæ. Уастæн, dæ Еунæхуцау зонагæ æma фастихадзи æй!”
7. Æцæгæйдæp, ka фæрсуй, уонæн Йусуф æma е ‘нсувæртæ хуарз dæнцæн ænцæ.
8. Еухатт етæ[2] загътонцæ: “Гъай-гъай, Йусуф æma е ‘нсуваер[3] нæ фидæн

махæй адгиндæр æнцæ, кæд æма мах фулдæр ан. Уастæн, нæ фидæ хъæбæр рæдуйуй!”

9. “Йусуфи кенæ рамаретæ, кенæ ба ‘й идард бæстæмæ фæххæссетæ, æма уæд уæ фидæ уæмæ е ‘ргом раздахдзæнæй. Уой фæсте ба уæхе дардзинайтæ хуæрзгъæдæ адæнау”.
10. Сæ еу загъта: “Ма рамаретæ Йусуфи, фал æй цъаййи арфи ниггæлдзетæ, кæд уой исаразуйнаг айтæ, уæд, æма ‘й рафецаугутæй еске райсдзæнæй”.
11. Етæ загътонцæ: “Уо, нæ фидæ! Цæмæннæ нæбæл не ‘ууæндис Йусуфи, мах имæ хуæрззæрдæ ку дарæн, уæд!
12. Исон æй нæ хæццæ рарветæ, æма е ба æ зæрдифæндон фæгъгъаза, мах ба ‘й багъæуай кæндзинан”.
13. Е загъта: “Мæ зæрдæ дзордзæнæй, сумах хæццæ ‘й ку рауадзон, уæдта тæрсун, берæгъ æй ку бахуæра, сумах имæ уæ гъос ку нæ фæддарайтæ, уæд”.
14. Етæ загътонцæ: “Мах уойбæрцæ уогæй æй берæгъ ку бахуæра, уæд мах хъæбæр æнамондгун уодзинан”.
15. Уой фæсте ба рандæ ‘нцæ æ хæццæ æма ‘й цъаййи ниууадзунбæл ку исарази æнцæ, уæдта ин Æз раргом кодтон: “Ци бакодтонцæ дин етæ, уой тухæй син ескæд фегъосун кæндзæнæ”.
16. Æма изæрæй æрбацудæнцæ сæ фидæмæ кæугæй.
17. Етæ загътонцæ: “Уо, нæ фидæ! Мах кæрæдзей фæдбæл ледзгæ фæцан, Йусуфи ба нæ дзаумæутти рази ниууагътан æма ‘й берæгъ бахуардта; фал æцæг ку дзорæн, уæддæр нæбæл ду нæ баууæнддзæнæ”.
18. Æма æрбацудæнцæ мæнгæ тогæй игъæнст хæдони хæццæ. Е загъта: “Гъо, уæ уоди гъуддаг хуарз исрæсугъд кодтайтæ, фал гæдзæ хуæздæр æй. Сумах ци радзурдтайтæ, уоми Хуцаумæ агорун гъæуй æнхус”.
19. Бæлццæнтти хæрсæнтæ рафецаудтонцæ, æма сæ дондзауи рарвистонцæ. Е æ къибила ниууагъта æма загъта: “Мæнæ амонд, еу лæхъуæн4 си ку ес”. Æма ‘й баримахстонцæ базайрагæн. Фал етæ ци кæнунцæ, уой

Хуцау зудта.

20. Æма ‘й рауæйæ кодтонцæ[5] нецæййаг аргъбæл, цалдæр дирхемебæл. Устур аргъ ин не скодтонцæ.
21. Ци мисийраг æй балхæдта, е æ уосæн загъта: “Хуарз имæ фæккæсæ, мусийнæ, ескæд нин испайда уодзæнæй, кенæ ба ‘й нæхецæн фуртæн райсдзинан”. Æма уотемæй Мах æрфедар кодтан а зæнхæбæл Йусуфи, цæмæй æй исахур кæнæн гъуддæгутæ лæдæрун кæнунбæл. Хуцау уæлахезæй фæууй Æ гъуддæгтæ, фал фулдæр адæн ба уой нæ зонуй!
22. Æма ку рабайлæгъ æй, уæдта ин Мах балæвар кодтан фастæгадæ æма зонундзийнадæ: уотæ Мах хайгин фæккæнæн хуарз гъуддæгтæ аразгути!
23. Æма и хæдзари ци силгоймаг[6] адтæй, е имæ исцибæл æй: е дуæрттæ рахгæдта æма загъта: “Ардæмæ рацо”. Е загъта: “Хуцау бахезæд! Мæ Еунæхуцау мин мæ ами ун фæрнгун ку искодта. Уастæн, мæнгæрдтæ амондгун нæ уодзæнæнцæ!”
24. Æма силгоймаг уобæл сагъæс кодта, е ба – силгоймагбæл, æ Еунæхуцауæй æвдесæнтæ ку нæ фæууидтайдæ уомæй хе бахезунæн. Мах æй фуддзийнадæй, илгъаг гъуддагæй бахизтан, уомæн æма, е адтæй Нæ сугъдæг цагъартæй!
25. Æма сæ дууæ дæр дуармæ балигъдæнцæ, кæрæдзебæл фæттагъддæр унбæл архайгæй, æма и силгоймаг ин фæстегæй æ хæдонæ фескъудта. Дуарбæл исæмбалдæнцæ силгоймаги хецаубæл. Æма силгоймаг загъта: “Циуаваер тæрхони аккаг æй, дæ бийнонтæн фуддзийнадæ искæнун ке зæрди адтæй, е, ахæстъони бакæнун кенæ ‘й хъæбæр бафхуæрунæй уæлдай!”
26. Е загъта: “Дæ уосæ мæ æрсайуйнаг адтæй”. Æма уоси хæстæг бавдесæн кодта силгоймаги нихмæ: “Кæд æ хæдонæ разæй æскъуд æй, уæд уосæ раст æй, е ба – мæнгæттæ.
27. Кæд æ хæдонæ фæстегæй æскъуд æй, уæдта уосæ мæнгæттæ дзоруй, е ба раст æй”.

28. Æма е ку фæууидта, æ хæдонæ фæстегæй æскъуд ке ‘й, уæдта загъта: “Е уæ мæнгард миутæй æй, уастæн, уæ мæнгард миутæ ба хъæбæр устур æнцæ!
29. Ду æй, Йусуф, дæхе рахатæ, ду ба хатир ракорæ, дæ миуæй тæрегъæд ке æрхастай, уой туххæй”.
30. Æма горæти силгоймæгтæ загътонцæ: “Уездони уосæ лæхъуæни сайуй. Е силгоймаги зæрди уарзондзийнадæ бауагъта. Мах æй уинæн, рæдуд надбæл ке арлæудтæй”.
31. Сæ дзубандитæ син ку фегъуста и уосæ, уæдта сæмæ рарвиста æма син кувд искодта, æма си алкæмæн дæр равардта кард, æма загъта: “Ра сæмæ цо!” Ку ‘й фæууидтонцæ, уæдта æ уиндæй исцибæл æнцæ æма сæ къохтæ фæллух кодтонцæ, æма загътонцæ: “Хуцау идард æй! Айæ адæймаг нæй, фал уездон изæд æй”.
32. Уосæ загъта: “Е ба уин, мæн ке туххæй фудгин кодтайтæ, ейæ. Æз æй æрсайуйнаг адтæн, фал е ба федар разиндтæй. Æз ин ци зæгъун, уой ку нæ бакæна е, уæд ахæстъонæмæ гæлст æрцæудзæнæй æма æнамондгунти хигъди уодзæнæй”.
33. Е загъта: “Мæ Еунæхуцау! Ци ми агорунцæ, уомæй мин ахæстъонæ адгиндæр æй. Сæ миутæй мæ ку нæ бахезай Ду, уæд син ме ‘ригондзийнадæмæ гæсгæ басæтдзæнæн æма æнæзундти хигъдæй фæууодзæнæн”.
34. Æма ин Хуцау дзуапп равардта æма ‘й сæ миутæй бахизта. Уастæн, Е игъосагæ æма зонагæ ‘й!
35. Æвдесæнтæ ку фæууидтонцæ. Уæдта ма уой фæсте уони бафæндадтæй уой, æнæмæнгæ, рæстæгмæ нийяхæссун.
36. Æма ахæстъонæмæ æ хæццæ бацудæнцæ дууæ лæхъуæни. Сæ еу си загъта: “Мæнæ æз мæхе сæнæ лæмаргæй уинун”. Иннæ ба загъта: “Мæнæ æз ба мæхе уинун, мæ сæрбæл дзол куд хæссун æма сæ цъеутæ ба куд хуæрунцæ. – Ду уодибæстгун æма дæсни[7] ке дæ, уой уинæн, æма нин балæдæрун кæнай, етæ ци нисан кæнунцæ, уони”.

37. Е загъта: “Цалдæн уин æз балæдæрун кæнон æма и гъуддаг æрцæуа, уæдмæ уин, ци хуæруйнаг дæттунцæ, уой не ‘рбахæссæнæнцæ. Уобæл мæ исахур кодта мæ Еунæхуцау, уомæн æма æз, Хуцаубæл ка не ‘ууæндуй æма федæни цардбæл ка идæуй, еци адæни дин ниууагътон.
38. Æз рацудтæн мæ фиддæлтæ Ибрæгим, Исхак æма Йакуби дини фæдбæл. Махæн не ‘мбæлуй Хуцаубæл ести æфтаун. Е махæн æма адæнæн Хуцауи хуарзæнхæ æй, фæл адæнæй сæ фулдæретæ æнæбоз æнцæ.
39. Уо, ахæстъони æмбæлттæ! Аллихузи тубайтæ хуæздæр æнцæ, æви Хуцау – еунæг, тухгин?
40. Уомæй фæстæмæ ма сумах коветæ уæхуæдтæ æма уæ фиддæлтæ ци нæмттæ загътонцæ, уонæмæ: Хуцау син уонæн нециавæр барæ равардта. Унаффæ æрмæст Хуцаумæ ‘й. Е баунаффæ кодта, цæмæй сумах æрмæст Уомæ ковайтæ. Е раст дин æй, фал фулдæр адæн ба уой нæ зонунцæ.
41. Уо, ахæстъони æмбæлттæ! Уæ еу уи æ тубаййи хинцдзæнёйй сæнæй, дуккаг ба уодзæнæй итигъд, æма ин цъеутæ æ сæрбæл хуæрдзæнæнцæ. Сумах цæбæл фæрсетæ, еци гъуддаг арæзт æй!”
42. Фææйервæздзæнæй, зæгъгæ, кæбæл сагъæс кодта, уомæн загъта: “Дæ тубаййи цори мин мæ ном иссеræ!” Фал æй Ибилис байронх кæнун кодта æ тубаййæн зæгъун, æма ахæстъони цалдæр анзи фæцæй.
43. Еухатт паддзах загъта: “Мæнæ, æз уинун авд хуæрзхаст гъоги, æма сæ авд фудхузи хуæрунцæ; уæдта авд цъæх æфсери æма уой бæрцæ хускъитæ. Уо, уездæнттæ! Мæ фуни нисан ма мин балæдæрун кæнетæ, кæд фунтæ балæдæрунгъон айтё, уæд!”
44. Етæ загътонцæ: “Сонт фун! Мах фунтæ лæдæрун кæнунмæ дæсни нæ ан”.
45. Æма и дууемæй ка фæййерваздæй, е, рæстæги фæсте æ зæрдæбæл æрлæугæй, загъта: “Мæн рарвететæ, æма уин æ нисанеуæг æз æрхæсдзæнæн!”
46. “Йусуф! Уо, уодибæстаг! Ба нин лæдæрун кæнай авд хуæрзхаст гъогей туххæй, кæцити авд фудхуз гъоги хуæрунцæ, æма авд цъæх æфсерей

æма авд хускъей туххæй нисанеуæг. Мусийнæ, æз раздæхдзæнæн адæнмæ æма, кайзонуй, етæ базондзæнæнцæ!”

47. Е загъта: “Авд анзи итаудзиайтæ, куд фæткæуй, уотемæй. Ци æркæрдайтæ, уони ба æфсерти уадздзинайтæ, ци бахуæрайтæ, уомæй ændæр.
48. Уой фæсте ба авд стонг анзи æркæндзæнæй, æма ци байвардтайтæ ændзий, уони уин бахуæрдзæнæй, ци барæбун кæнайтæ, уомæй фæстæмæ.
49. Уой фæсте ба æрцæудзæнæй уæхæн анз, æма адæнмæ рарвистæ уодзæнæй уарун æма етæ лæмардзæнæнцæ”.
50. Æма загъта паддзах: “Æрба мæмæ кæнетæ уой8!” Æрвист лæг имæ ку æрбацудæй, уæд е загъта: “Цо фæстæмæ дæ хецаумæ æма ‘й бафæрсæ: “Сæ къохтæ ка фæллух кодта, еци силгоймæгтæ ци бацæнцæ?” – Уастæн, мæ Еунæхуцау уони мæнгард миутæ хуарз зонуй!”
51. Е бафарста еци силгоймæгти: “Уæ гъуддаги сæр ци ‘й, кæд æма сумах уæхуæдтæ цибæл кодтайтæ Йусуфи?” Етæ загътонцæ: “Хуцау бахезæд! Мах си неци лæгъузæй зонæн”. Уездони уосæ ба загъта: “Нур исбæрæг æй æцæгдзийнадæ. Æз æй æрсайуйнаг адтæн, фал е рæстæгти хигъдæй разиндтæй!”
52. “Е уой туххæй арæзт адтæй, цæмæй е базона, æз æй сосæггæй ке нæ фæсайдтон æма Хуцау гадзирахаттæй рацæугути мæнгард миутæ ке нæ рæстмæ кæнуй.
53. Æз мæ уод нæ раст кæнун, уомæн æма фудмæ дæр уод цибæл кæнуй, мæ Еунæхуцау уин ку нæ ниххатир кæна уотемæй, уæд. Уастæн, мæ Еунæхуцау хатиргæнагæ æма тæрегъædгæнагæ æй!”
54. Æма паддзах загъта: “Ардæмæ ‘й æрбакæнетæ! Æз æй мæхецæн райсдзæнæн”. Æма æ хæццæ дзорун ку райдæдта, уæдта загъта: “Абонæй фæстæмæ не ‘хсæн уодзæнæ баргин æма æууæнкдар”.
55. Е загъта: “Зæнхи хæзнати сæргъи мæ исиваерæ, уомæн æма æз лæмбунæг æма дæсни дæн”.

56. Æма уотæ Мах æрфедар кодтан Йусуфи зæнхæбæл, цæмæй кæми ‘й фæндуй, уоми æрцæра. Мах Нæ хуарзæнхæй бахай кæнæн кæмæн Нæ фæндуй, уомæн æма уодибæстгинти саугъатæ не ‘сафæн.
57. Федæни саугъа ба ка бауувæндтæй æма хуцаудас ка ‘й, уонæн хуæздæр æй.
58. Æма æрбацудæнцæ Йусуфи æнсувæртæ æма ‘ймæ бацудæнцæ[9], æма сæ е базудта, етæ ба ‘й нæ базудтонцæ.
59. Ку сæ срæвдзæ кодта фæндаггаг хахъхъæй, уæдта загъта: “Уæ фидæй райгургæ æнсувæри мæмæ æрбакæнетæ. Миййаг сумах уой нæ уинетæ, æма уин æз æнхæстæй ке дæттун уæ бæрцæ æма æз хуæздæр фусун дæттæг ке дæн?
60. Æма ‘й ку не ‘рбакæнайтæ, уæдта уин мæнмæ сумах бæрцæ нæййес æма мæмæ ма ‘рбахæстæг уотæ”.
61. Етæ загътонцæ: “Нæ фидæй æй расайдзинан: уой мах бакæндзинан”.
62. Æма æ лæггадæгæнгутæн загъта: “Сæ къеппати син сæ хуайрæгтæ исивæретæ, мусийнæ, базондзæнæнцæ сæ, сæхемæ ку бахъæртонцæ, уæд, æма, кайзонуй, фæстæмæ æрбаздæхдзæнæнцæ!”
63. Æма фæстæмæ ку æрбаздахтæнцæ сæ фидæмæ, уæдта загътонцæ: “Уо, нæ фидæ! Неци нин равæрдæ ‘й. Нæ хæццæ нин рарветæ не ‘нсувæри, æма нин уæд ратдзæнæнцæ. Уастæн, мах æй гъæуай кæндзинан!”
64. Е загъта: “Æдта нур æй сумахбæл куд бауувæндон, раздæр уæбæл ку бауувæндтæн уе ‘нсувæри, уой фæсте ма. Хуцау хуæздæр гъæуайгæнæг æй; Е уодибæстгинти уодибæстгиндæр æй!”
65. Сæ цийес ку райстонцæ, уæдта сæ базайраг син лæвæрд ке ‘рцудæй фæстæмæ, уой фæууидтонцæ æма загътонцæ: “Уо, нæ фидæ, ци ма нæ гъæуй! Мæнæ нæ базайраг нæхе фæцæй, æма нæ бийнонтæ фæххæсдзинан æма не ‘нсувæри дæр багъæуай кæндзинан æма къеппайæй бафтаудзинан[10] теуа. Е рæуæг къеппа æй”.
66. Е загъта: “Уæ хæццæ уин æй нæ рарветдзæнæн, цалдæнмæ мин Хуцауæй ард нæ бахуæрайтæ, фæстæмæ ‘й ке æрбакæндзинайтæ

мæхемæ, ести фидбилиз уæбæл ку не ‘рцæуа, уомæй фæстæмæ”. Æма ин ард ку бахуардтонцæ, уæдта загъта: “Ци дзорæн, уомæн Хуцау æвдесæн æй!”

67. Æма е загъта: “Уо, мæ фурттæ! Еу колдуарбæл ма ‘рбацотæ, фал фæйнæ колдуаребæл æрбацотæ. Мæ бон уæ нецæмæй æй Хуцауæй багъæуай кæнун. Баргъондзийнадæ æрмæст Хуцаумæ æй: Уобæл мæхе бафæдзахстон æма Уобæл фæдзæхсæнтæ сæхе фæдзæхсгутæ”.
68. Æма син сæ фидæ кæбæлти загъта, уобæлти ку бацудæнцæ, уæд сæ е Хуцауæй нæ бахизта неци гъуддаги, æрмæст Йакуби уоди фæндондзийнадæн æнцондæр ке фæцæй, кæци син уотæ баунаффæ кодта, уомæй æндæр. Уотæ, уомæ адтæй зонундзийнадæ, кæцибæл æй исахур кодтан Мах, фал адæни фулдæр хай ба уой нæ зонуй.
69. Æма Йусуфмæ ку бацудæнцæ, уæд е ‘нсувæри æхемæ бафæстиат кодта æма загъта: “Æз де ‘нсувæр дæн, æма етæ ци бакодтонцæ, уобæл ма тухсæ”.
70. Цигъæуагæй сæ ку истахта, уæдта е ‘нсувæри лæкъæфи еу къосбæл бæрæггæнæн фæккодта, уæдта федеуæг фæгъгъæр кодта: “Уо хæрсæн! Сумах давгутæ ку айтæ!”
71. Ку сæмæ бацудæнцæ, уæд етæ загътонцæ: “Ци агоретæ?”
72. Етæ загътонцæ: “Мах паддзахи къос агорæн; уой ка æрбахæсса, уомæн – теуай уаргъ. Æз ба уобæл дзуапп дæттун”.
73. Етæ загътонцæ: “Хуцауæй ард хуæрæн! Мах æнаккагдзийнадæ парахат кæнунмæ ке не ‘рбацудан а зæнхæбæл, уой ку зонетæ, æма мах давгутæ нæ ан”.
74. Етæ загътонцæ: “Кæд мæнгæттæ дзоретæ, уæд уобæл ба ци ‘фхуæрдæ гъæуама уа?”
75. Етæ загътонцæ: “Æфхуæрдæ ба, ке уаргъи ‘й иссердæуа, е æхуæдæг – æфхуæрдæ; уотæ мах бахатæн æнаккæгтæн!”
76. Æма е ‘нсувæри уаргъæй раздæр е райдæдта уони уæргътæй, уой фæсте ба ‘й исиста е ‘нсувæри уаргъæй. Уотæ Мах хийнæй рацудан Йусуфи

алфён. Уой бон нæ бацайдæ паддзахи закъонмæ гæсгæ е ‘нсувæри райсун, Хуцауи ку нæ бафæндадтайдæ, уæд. Мах, кæмæн Нæ бафæндуй, уой къæпхæн фæууæлдæр кæнæн. Цийфæнди зонундзийнади хецауæй дæр зонæг бæрзонддæр æй!

77. Етæ загътонцæ: “Е кæд радавта, уæд уомæй раздæр е ‘нсувæр радавта”. Йусуф уой æ зæрди басосæг кодта æма ‘й нæ раргом кодта. Е загъта: “Сумах уæ уоди скондæй лæгъуз айтæ, æма сумах ци дзоретæ, уой Хуцау хуæздæр зонуй!”

78. Етæ загътонцæ: “Уо, уездон! Уомæн æ фидæ хъæбæр зæронд æй, æма махæй æ бæсти нæ еуей райсæ. Мах уинæн, ду уодибæстгин ке дæ”.

79. Е загъта: “Хуцау бахезæд, нæ дзаумау кæмæ иссирдтан, уомæй фæстæмæ æндæр еске райсун! Мах уæд рæстаг нæ адтаййанæ”.

80. Æма си ку неци уадæй, уæдта усуни байзадæнцæ баунаффæ кæнунмæ. Хестæр загъта: “Мийяаг, сумах нæ зонетæ, æма уин уæ фидæ Хуцауи размæ ард ке бахуæрун кодта? Уой размæ дæр сумах æнаккаг миуæ бакодтайтæ Йусуфæн. Æз аци бæстæ нæ ниууадздзæнæн, цалдæн мин барæ нæ радта мæ фидæ, кенæ мин не стæрхон кæна Хуцау. Е хуæздæр унаффæгæнгутæй æй.

81. Раздæхетæ уæ фидæмæ æма ин зæгъетæ: “Нæ фидæ, дæ фурт давгæ ракодта; мах æвдесæн кæнæн æрмæст ци зонæн, уобæл, æма æмбæрзт гъуддаг ба не стæфæн.

82. Ци гъæуи адтан, уой бафæрсæ, уæдта ци хæрсæни цудан, уомæн æма æцæг дзорæн”.

83. Е загъта: “Гъо, уæ уодтæ гъуддаг исрæсугъд кодтонцæ. Фал бухсундзийнадæ хуæздæр æй. Мусийнæ, Хуцау мин сæ еумæ æрæмбурд кæндзæнæй. Уастæн, Е зонагæ æма фастихадзи æй!”

84. Æма си æхе рахатта æма загъта: “Уо, мæгурдæйраг, мæ Йусуф!” Æма æ фур æнкъардæй æ цæститæ исорс æнцæ, фал æ тухстдзийнадæ уорæдта.

85. Етæ загътонцæ: “Хуцауæй дин ард хуæрæн, цалдæн исæнæхъаурæ уай кенæ цалдæн, ка фæммардæй, уони нимæдзи нæ фæууай, уæдмæ нæ

феронх уодзænæ Йусуфи!”

86. Е загъта: “Мæ хъурдохæн æма ме ‘рхуни туххæй гъаст кæнун Хуцаумæ, уомæн æма æз Хуцауæй зонун, сумах ци нæ зонетæ, уой!

87. Уо, мæ фурттæ! Цотæ æма бæргутæ базонетæ Йусуфи æма е ‘нсувæри туххæй, æма Хуцауи рæвдуди ма хъурмæ кæнетæ. Уастæн, Хуцауи рæвдуди æрмæст æнæууæнкитæ хъурмæ кæнунцæ!”

88. Етæ ‘ймæ ку бацудæнцæ, уæд загътонцæ: “Уо, уездон! Мах дёр æма нæ бийнонти дёр устур фуд баййафта. Мах минкъий базайраги хæццæ æрцудан, æма нин æнхæстæй къеппа раттæ æма нин хуарзæнхæ фæууо. Уастæн, Хуарзæнхæ бакæнæгæн Хуцау бахатуй!”

89. Е загъта: “*Æма* сумах ци бакодтайтæ Йусуф æма е ‘нсувæри хæццæ уе ‘нæ зундæй, уой зонетæ?”

90. Етæ загътонцæ: “Мииййаг ду æцæгæйдæр Йусуф дæ?” Е загъта: “*Æз* Йусуф дæн, а ба ме ‘нсувæр. Хуцау нин хуарздзийнадæ исаккаг кодта: уастæн, хуцаудас æма уалгæдзон ка ‘й, е амондгун æй, æма Хуцау не ‘сафуй хуæрзуодти саугъатæ!”

91. Етæ загътонцæ: “Хуцауæй ард хуæрæн! Мах рази Хуцау дæу равзурста, æма, уастæн, мах тæрегъæдгунтæ адтан”.

92. Е загъта: “Нæбал уин искæндзæнæн æз абони уайдзæфтæ! Хуцау уин ниххатир кæндзæнæй, уомæн æма Е тæрегъæдгёнгутæй тæрегъæдгæнагæдæр æй!

93. Цотæ нур ба мæ аци хæдони хæццæ æма ‘й мæ фиди цæсгонбæл багæлдзетæ: е æ цæститæй ракæсдзæнæй, æма уæдта æмбурд бийнонтæй дæр æрбацотæ”.

94. Æма ку ранæхстæр æй сæ хæрсæн, уæд сæ фидæ загъта: “Йусуфи тæф æнкъарун. *Æ*вæдзи уотæ æнгъæлетæ, æма сæнттæ цæгъдун?”

95. Етæ загътонцæ: “Хуцауистæн, ду раздæрау куд, уотæ рæдуйис!”

96. Федог ку ‘рбацудæй, уæдта ‘йбæл и хæдонæ багæлста æ цæсгонбæл, æма е нæуæгæй уинун райдæдта.

97. Е загъта: “Мииййаг, æз уин нæ дзурдтон, æма æз Хуцауæй зонун, сумах

ци нæ зонетæ, уой?”

98. Етæ загътонцæ: “Нæ фидæ! Нæ тæрегъædтæ нин ниххатир кæнæ, уомæн æма мах тæрегъædгун адтан”.

99. Е загъта: “Мæ Еунæхуцауæй кордзæнæн сумахæн ниххатир кæнун. Уастæн, Е хатиргæнагæ æма тæрегъædгæнагæ æй!”

100. Æма Йусуфмæ ку бацудæнцæ, уæд е байуазæг кодта æ нийергути[11] æма загъта: “Рацотæ Мисирмæ, Хуцауи фæндæй, ædасæй!”

101. Е æ нийергути исбадун кодта бæрзонд æма етæ дæр æрхаудтæнцæ ниллæг æрковгæй ин æ рази, æма е загъта: “Мæ фидæ! Айæ мæ фун лædæрунгæнæг æй. Хуцау æй æцæгæй исаразта æма мин устур хуарзæнхи бацудæй, ахæстъонæй мæ ракæнгæй æма сумах гæнистонæй æрбакодта, Ибилис мæн æма ме ‘нсувæрти æхсæн æзмоræ ку исаразта, уæд уой фæсте. Мæ Еунæхуцау хуæрзгæнæг æй, ку фæндё уа Æй, уæд. Уастæн, Е зонагæ æма фастихадзи æй!

102. Еунæхуцау! Ду мин равардтай баргъондзийнадæ æма мæ исахур кодтай гъуддæгтæ лædæрун, арви æма зæнхи Исфæлдесæг, Ду мæ баридауæг дæ а дуйнебæл æма федæни. Æрæнцойнæ мæ кæнæ Дæубæл фæдзæхст уогæй æма мæ рæстæгти хигъдмæ бакæнæ!”

103. Е дин Мах байгон кодтан зундгонд ка нæ адтæй, еци хабæрттæй еу. Ду сæ хæццæ нæ адтæ, етæ ку снет кодтонцæ фудмиуæ, уæд еци рæстæги. Æма фулдæр адæн дæр, хъæбæр дæ ку фæндадтайдæ, уæддæр æнæууæнкæ æнцæ!

104. Уой туххæй ду уонæй саугъатæ нæ корис. Е дуйнетæн æрмæст зæрдæбæл дарунæн æй!

105. Цæйбæрцæ æвдесæнтæ ес арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр, кæцити рæсти рафецаунцæ æма си сæхе рахатунцæ!

106. Уонæн сæ фулдæретæ Хуцаубæл не ‘ууæндунцæ, æнæ æмбæлттæ Ин æримисгæй!

107. Гæр, етæ нур уотæ æнгъæлунцæ, æма сæбæл Хуцауи æфхуæрди

æмбæрзæн не ‘рхаудзæнæй, кенæ сæ сахат æнæнгъæлти не ‘рхъæртдзæнæй, етæ уой нæ хезгæй.

108. Зæгъæ: “Е мæн фæндаг æй. Æз уæмæ седун Хуцаумæ, бæлвурд æвдесæнбæл[12] æнцойнæ кæнгæй. Æз дæр, æма мæн фæдбæл дæр ка рацæуа, етæ, Хуцауæн табу, муртакти нимæдзæй нæ ‘нцæ!”

109. Дæу размæ дæр Мах рарветианæ, æргомæг ци гъæумæ æрвист æрцæуидæ, æрмæст уордæгæй адæймæги. Мийяг етæ зæнхæбæл нæ зилдæнцæ æма нæ уидтонцæ, уонæн сæ размæ ка адтæй, уони кæрон куд адтæй! Хуцауæй ка тæрсуй, уонæн сæ федæни цард хуæздæр ку æй. Гæр етæ уой нæ лæдæрунцæ?

110. Нæ минæвæрттæ ку-еу схъурмæ æнцæ, æма уотæ ку сагъæс кодтонцæ, етæ сæ фæлтухъатæбæл нимайунцæ, зæгъгæ, уæдта сæмæ Мах æнхус фæззиннидæ, æма, Мах ке бафæндæ уидæ, етæ фæййервæзиуонцæ. Уомæн æма Мах кинæ тæрегъæдгун адæнæй райеуварс кæнæн нæййес!

111. Уони тауæрæхъти, зунд кæмæ ес, уонæн си дæнцæнтæ ес. Е æримисгæ тауæрæхъ нæй, фал æй, уой размæ ци æрвист адтæй, уобæл æвдесæндараен, цæмæй алли гъуддаг дæр лæдæрунгонд æрцæуа, уæдта разамундæн æма уодибæстагæн ка баууæндтæй, еци адæнæн.

13-аг сураæ

Арвигъæр[1]

(ар-Раъад)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй

1. *Алиф. Лам. Мим. Ра.* Айæ киунуги æвдесæнтæ æнцæ, уомæн æма Хуцауæй дин ци æрвист æй, е æцæгдзийнадæ ‘й, фал адæнæй сæ фулдæретæ не ‘ууæндунцæ.
2. Арв æнæ цæгиндзитæй ка исивардта, уинетæ ‘й, уæдта тронбæл ка

исбадтæй æма æ дæлбар ка бакодта хор æма мæйæ, е æй Хуцау. Уонæй алкедæр си уайуй ниннетгонд рæстæгмæ. Е сфæлдесæндтæн Е разамунд дæттуй, бæлвурд æвдесæнтæ исивæргæй: мусийнæ, уæ Еунæхуцауи хæццæ фембæлдбæл бауæнддзинайтæ!

3. Е æй, зæнхæ ка нийтигъта æма ‘йбæл ка исивардта федар лæууæг хуæнхтæ æма дæнттæ æма аллихузи муггæгтæй ка исаразта уоми æнкъæйттæ, дугæйттæй. Е æхсæвæ рахгæнуй бон. Уастæн, етæ, ка сагъæс кæнуй, уæхæн адæнæн æвдесæнтæ æнцæ!
4. Зæнхæбæл ес аллихузон æмауæдзитæ, уæдта талатæй дзæхæратæ, уæдта хумтæ, уæдта еу уедагæй æма еу уедагæй ка нæй, уæхæн пальмитæ, кæцити донхуаруг кæнунцæ еу донæй. Æма сæ еуети иннети рази Мах уæлеуæг кæнæн хуæрдæн. Уастæн, уоми, зундгин адæнæн, æвдесæнтæ ес!
5. Ду сæбæл кæд дес кæнис[2], уæд уони дзурдтæ ба дессаг æнцæ: “Æдта нур сигит ку фестæн, уæд бабæй нæуæгæй æндæр исфæлдесонд фестинан?”
6. Е, сæ Еунæхуцаубæл ка не ‘ууæндтæй, етæ ‘нцæ. Уонæн сæ хъуртæбæл рæхистæ ес: етæ арти амæттæгтæ æнцæ, æма уоми уодзæнæнцæ æности дæр. Етæ дæ тагъд кæнунцæ[3], цæмæй хуарзæй лæгъуз фæццурддæр уа, фал уонæн сæ размæ, цæветтонгæ, уæхæн æфхуæрдтитæ æрцудæй, æма, уастæн, дæ Еунæхуцау адæнæн се ‘наккагдзийнади дæр хатирдзийнадæдар æй! Æма, уастæн, дæ Еунæхуцау тухгин æй Æ бафхуæрди!
7. Æма ка не ‘ууæндтæй, етæ дзорунцæ: “Уомæн æ Еунæхуцауæй æвдесæн æрвист ку адтайдæ!” Уастæн, ду æрмæст игъосунгæнæг дæ, æма алли адæнихатмæ дæр разамонæг ес!
8. Хуцау зонуй алли мадæ дæр цæмæй уæззау фæууй, уой, æма цæйбæрцæ балхъевуй æма цæйбæрцæ райвæзуй æ сувæр, уомæн æма Уомæ алли гъуддаг дæр æ бæрцæбæл æй.
9. Асхъод дæр æма æргомгонд дæр зонæг, устур, фурдзитæгонд æй Е!

10. Уомæн[4] æнхузон æнцæ æ дзурд уи ка римæхсуй, кенæ уи гъæрæй ка дзоруй, уæдта æхсæвæ уи ка байауюн уй, кенæ уи бонæй ка фæззиннуй.
11. Уомæн[5] ес еудадзугдæр æ хæццæ æмдзо ка[6] кæнуй: æ разæй дæр æма æ фæсте дæр. Етæ ‘й Хуцауи фæндæй гъæуай кæнунцæ. Уастæн, адæнмæ ци ес, уой Хуцау не ‘ййевуй, цалдæн етæ сæхуæдтæ нæ раййевонцæ, ци сæмæ ес, уой. Хуцау фуддзийнадæ ку зæгъа адæнæн, уæдта уомæн нецихузи райеуварс гæнæн ес, уæдта син Уомæй фæстæмæ сæрбæлдзорæг дæр нæ уодзæй!
12. Е æй, сумахæн арвæрттивд ка бавдесуй тас æма æнгъæлцадæн. Е исирæзун кæнуй уæззау æврæгътæ.
13. Æма Ин арвигъæр æма изæдтæ, Уой тасæй, табу кæнунцæ. Е рарветуй арви æртивдтæ æма си ниццæвуй, ке ‘й бафæндуй, уой, Хуцауи тухxæй ку фæббуцæу кæнунцæ, уомæн æма Е тухгин æй тохи!
14. Æма Уомæн ковун гъæуй; Уомæй фæстæмæ ма кæмæн ковунцæ, етæ ба сæ нæ игъосунцæ: уонæн ковгутæ, æ къохтæ ка райвазта донмæ, цæмæй æ цъухмæ исхъæрта, уониу æнцæ, фал сæмæ и дон не схъæртдзæнæй. Е уой тухxæй, æма æнаккæгти кувд æрмæстдæр мæнгæ надбæл лæуд æй!
15. Хуцауæн ковунцæ арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр ка ‘й, етæ æнккæтемæй дæр, барвæндонæй æма æнæбари, сæ аууæнттæ дæр, сæумæй дæр æма изæрæй дæр.
16. Зæгъæ: “Уæлæрвтæ æма зæнхи Тубай ка ‘й?” Зæгъæ: “Хуцау”. Зæгъæ: “Гæр, мадта, Уомæй фæстæмæ ма æндæр сæрбæлдзоргутæ райстайтæ, кæцитæн сæ бон нæй сæхецæн дæр нæдæр пайда, нæдæр зæран фæуун?” Зæгъæ: “Мийяг хъæрæу æма уинæги кæрæдзей хæццæ рабараен ес, æви тар æма рохсæн рабараен ес?” Æви Хуцауæн æмбæлттæ искодтонцæ, кæцитæ фæлдистонцæ Уой хузæн æма сæмæ и фæлдист æнхузæн фæккастæй? Зæгъæ: “Хуцау алли гъуддаг исфæлдесæг æй, Е еунæг æма тухгин æй!”
17. Е арвæй æркодта дон, æма уайун райдæдтонцæ донуætти алли рауæнти, æма æ тæхи хæссуй ирайгæ финкæ. Æма ести дзаумæуттæ æма

алтиндзæгтæ тахунæн артбæл ести ку фæттайун кæнунцæ, уæд е дæр уæхæн финкæ ракалуй. Уотæ Хуцау æвдесуй æцæгдзийнадæ æма мæнгæдзийнадæ. Финкæн дæр уотæ: æ цъумуртæ рандæ унцæ, æ пайда ба байзайуй. Уотæ Хуцау ракæнуй уæхæн дæнцæнтæ.

18. Хуцауи коммæгæс ка ‘й, уонæн – хуарзæнхæ, Уой коммæ ка нæ кастæй, уонæмæ ба, зæнхæбæл цидæриддæр ес, етæ сæмæ ку адтайуонцæ, уæддæр сæхе нæбал балхæндзæнæнцæ. Карзæй байагурдæуодзæнёй уонæй дзуапп, æма сæ цæрæнуат дзаханаман уодзæнæй. Еци цæрæнуат ба хъæбæр æбуалгъ æй!
19. Дæ Еунæхуцауæй æрвист æцæгдзийнадæ ке ‘й, уой ка зонуй, е, миййаг, хъæрæу ка ‘й, уой хузæн æй? Зунд кæмæ ес, æрмæст етæ гъуди кæнунцæ уобæл.
20. Хуцауи фæдзæхст раст ка æнхæст кæнуй æма æ байвæрзт ка нæ сайуй,
21. уæдта Хуцау ци бадæндта байеу кæнунмæ, уой ка еу кæнуй, æма æ Еунæхуцауæй ка тæрсуй æма фуд феддонæй ка тæрсуй,
22. уæдта, ка бухстæй, æ Еунæхуцауи фæууинунмæ ка бæлдтæй æма намаз ка кодта, уæдта Мах сæ цæмæй хайгин фæккодтан, уомæй ка хай кодта сосæггай дæр æма æргомæй дæр, æма хуарздзийнадæй фуддзийнадæ ка соруй, уонæн лæваргонд уодзæнæй цæрæнуатæн
23. æносон рæзбунтæ. Уордæмæ бацæудзæнæнцæ сæ фиддæлтæй, се ‘нкъайтæй æма сæ цæуæтæй рæстаг ка адтæй, етæ. Æма сæмæ изæдтæ цæунцæ алли дуарбæл дæр, салам син дætгæй:
24. “Салам уæ уæд, уалгæдзон ке адтайтæ, уой тухххæй!” Куд дессаг хуарз æй и лæваргонд цæрæнуат!
25. Байвæрзти фæсте Хуцауи хæццæ бадзурд ка фехалуй æма, Хуцау ци байеу кæнун кодта, уой ка ралух кæнуй, æма æнаккагдзийнадæ ка парахат кæнуй зæнхæбæл, етæ ба ælгъист уодзæнæнцæ, æма син уодзæнæй фуд цæрæнуат!
26. Хуцау, кæмæн æй бафæндæ уй, уомæн æ гъуддаг урух кæнуй æма ‘й рабаруй. Етæ ба цийнæ кæнунцæ хæстæг цардбæл, фал федæни царди

хæццæ рабаргæй хæстæг цард æрмæст рæстæгмæ пайда кæнунмæ æй!

27. Æма ка не ‘ууæндуй, етæ дзорунцæ: “Æ Еунæхуцауæй ин ести æвдесæн ærвист ку адтайдæ!” Зæгъæ: “Уастæн, Хуцау, ке ‘й фæндуй, уой æ надбæл фæккеун кæнуй, æма ‘ймæ ракæнуй, е ‘ргом Имæ ка раздахта, уони!”

28. Етё бауёндтёнцё ёма Хуцауи ном ерунёй сё зёрдитё ёнцойнё кёнунцё. Мийяаг, Хуцауи ном ерунёй не ‘рсабур унцё зёрдитё?

29. Ка æууæндуй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уонæн уодзæнæй фæрнгун æма рæсугъд балæууæндонæ.

30. Уотæ, Мах дæ рарвистан адæнмæ, кæцити размæ ма берæ адæнтæ райевгъудæй, цæмæй син ду кæсай, Мах дин ци байхæс кодтан, уой, кæд æма етæ Уодибæстгинбæл не ‘ууæндунцæ. Зæгъæ: “Е мæ Еунæхуцау æй! Нæййес æндæр хуцау, Уомæй фæстæмæ. Уобæл мæ зæрдæ дарун, æма Уомæ мæхе хатун!”

31. Æма Хъуранæй хуæнхтæ базмæлун кæнæн ку адтайдæ, кенæ си зæнхæ райгæрдæн, кенæ ба си мæрдтæ исдзорунгæнæн ку адтайдæ! Гъо, баргъондзийнадæ Хуцаумæ ‘й! Мийяаг, ка баууæндтæй, етæ уобæл тухсунцæ, æма Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæд æнккæт адæни дæр раст надбæл ракодтайдæ. Ка не ‘ууæндтæй, етæ æнæмæнгæ цæф æййафдзæнæнцæ, ци исаразтонцæ, уой тухxæй, кенæ ба и бæлах сæ хæдзæрттæмæ хæстæг æрлæудзæнæй, цалинмæ Хуцауи байвæрзт не ‘рхъæрта, уæдмæ. Уастæн, Хуцау Æ байвæрзти рæстæг не ‘ййевуй!

32. Минæвæрттæбæл дæу размæ дæр гириз кодтонцæ, æма Æз æнгъуд равардтон ка не ‘ууæндтæй, уонæн. Уой фæсте ба сæ балхъивтон, æма циуавæр адтæй Ме ‘фхуæрддзийнадæ!

33. Мийяаг Е, алли уод дæр ци райста æхецæн, уой ка зонуй, е нæй? Етæ Хуцауæн æмбæлттæ искодтонцæ. Зæгъæ: “Зæгъайтæ сæ! Æви Ин уæхæн ести фегъосун кæндзинайтæ, Е ци нæ зонуй а зæнхæбæл, кенæ æндæр уæхæн ести æ рахундæй бæрæггонд?” Гъо, ка не ‘ууæндуй, уонæн сæ налатдзийнадæ рæсугъдгонд æй, æма фесинмæ надбæл æнцæ! Хуцау ба

ке фæффесинмæ кæнуй, уомæн ба разамонæг нæййес!

34. Етæ хæстæг царди æфхуæрд уодзæнæнцæ, æма, æнæмæнгæ, федæни ба – никки æгъатирдæрæй. Уонæн Хуцауæй сæрбæлдзорæг нæййес!

35. Дзенети дæнцæн, кæци хуцаудастæн иваерзт æй, æма цæугæдæнттæ кæми уайунцæ: хуæруйнаг æма си аууон æноси дæр ес. Е, Хуцауæй ка тæрсуй, уонæн лæваргонд æй, æнæууæнкити лæваргонд ба арт æй.

36. Мах киунугæ кæмæн балæвар кодтан, етæ ба цийнæ кæнунцæ дæуæн ци ærвист æй, уобæл. Фал се ‘хсæн[7] ес уæхæнттæ, кæцитæ æ еу хайбæл не ‘ууæндунцæ. Зæгъæ: “Мæнæн ихæс æй Хуцауæн ковун æма Ин æмбæлттæ нæкæнун. Уомæ мæхе хатун æма Уомæ ‘й мæ раздæхт!”

37. Мæнæ, Мах æй[8] нирвистан, цæмæй е исуа араббаг тærхонгæнæг. Фал уони цибæли фæдбæл ку рацæуай, зонундзийнадæ дæмæ ку æрбацудæй, уæд ма уой фæсте, уæд дин Хуцауæй нæдæр æнхусгæнæг, нæдæр сæрбæлдзорæг нæййес!

38. Дæу размæ дæр Мах рарветианæ минæвæрттæ æма син радтианæ æнкъай æма цæуæт. Некæд адтæй уотæ, æма минæвар ести æвдесæнтæ æрхæссидæ æнæ Хуцауи фæндонæй. Алли рæстæгæн дæр æхе Финстæг адтæй.

39. Хуцау нийхалуй æма ниффедар кæнуй, ци ‘й бафæндæ уй, уой: киунугути мадæ Уомæ ‘й.

40. Мах дин кенæ бавдесдзинан, уонæн ке иваерзæн, уой хай, кенæ дæ æрæнцойнæ кæндзинан. Дæубæл æрмæст фегъосун кæнуни ихæс ес, Махбæл ба – бадæмун!

41. Мийййаг, етæ[9] нæ уидтонцæ, Мах куд хадтан а зæнхæбæл æма ‘й рауёнёй-рауæнти куд минкъийдæр кæнгæ цудан, уой? Хуцау тærхон кæнуй, æма Ин Æ тærхон неке бон æй рафæстиат кæнун, Е ба цурд æй æ дæмундзийнади!

42. Уони размæ ка адтæй, етæ налат миутæ кодтонцæ, фал æгас налатмиутæ дæр Хуцаумæ æнцæ. Е зонуй, алли уод дæр ци исбон кæнуй, æма гиауртæ дæр базондзæнæнцæ, нивгун цæрæнуат ке фæууодзæнæй, уой!

43. Æма ка не ‘ууæндтæй, етæ дзорунцæ: “Ду минæвар нæ дæ!” Зæгъæ: “Хуцауи æвдесæндзийнадæ, уæдта Финстæги зонундзийнадæ кæмæ ‘й, е фагæ ‘й не ‘хсæн!”

14 -аг сураæ
Ибрæгим
(Ибрахим)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. *Алиф. Лам. Ра.* Мах дин Финстæг нирвистан, цæмæй си адæни, сæ Еунæхуцауи фæндонæй, талингæй рохсмæ ракæнай Устур æма Табуйаг
2. Хуцауи надмæ, кæций бæрни æнцæ арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр ци ес, етæ. Æма сар гиауртæн фуд æфхуæрдæй,
3. нури цард федæни цардæй фулдæр ка уарзуй æма Хуцауи надæй ка рахезуй, фесинмæ ‘й никкæнунбæл архайгæй! Етæ хъæбæр рæдуйунцæ.
4. Минæвæртти Мах рарвистан сæ адæни авзаги хæццæ, цæмæй син етæ балæдæрун кæнонцæ. Хуцау, ке ‘Й бафæндæ уй, уой рахезун кæнуй раст надæй, æма ‘йбæл, ке ‘Й фæндуй, уой ба хонуй. Е тухгин æма фастихадзи æй!
5. Мах рарвистан Мусай Не ‘вдесæнти хæццæ: “Дæ адæни ракæнæ талингæй рохсмæ æма син сæ зæрди æрлæуун кæнæ Хуцауи бæнтти туххæй. Уастæн, е алли уалгæдзонæн дæр æма уæзданæн дæр си æвдесæн æй!”
6. Мæнæ Муса æ адæнæн загъта: “Хуцауи хуарзæнхæ уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнетæ, Е уæ куд фæййервæзун кодта Фæраони муггагæй! Етæ уæ хъæбæр æфхуардтонцæ, мардтонцæ уин уæ фурттæ æма уин æрмæст уæ силгоймæгтæ ниууадзиуонцæ. Уой медæгæ сумахæн Хуцауæй устур фæлварæн лæвæрд адтæй”.
7. Мæнæ Хуцау фегъосун кодта[1]: “Боз ку фæууайтæ, уæд уин æй *Æз*

фæффулдæр кæндзæнæн; фал æнæбоз ку уайтæ, уæдта, уастæн, Мæ бафхуæрдæ тухгин æй!”

8. Æма Муса загъта: “Боз ку уайтæ сумах, æма зæнхæбæл кадæр ес, етæ, уæд, æцæгæй, Хуцау гъæздуг æма табуйаг æй!”
9. Гæр, сумах некæд фегъустайтæ Нох, адиттё ёма самудианти адæни тухxæй? Уæдта уони фæсте ка цардæй, уони тухxёй? Хуцауæй фæстæмæ уони неке зонуй. Уонæмæ æрбацудæнцæ Мах минæвæрттæ бæлвурд æвдесæнти хæццæ, фал етæ ба сæ къохтæ сæ цъухти[2] бакодтонцæ æма загътонцæ: “Сумах цæй хæццæ æрвист айтæ, уобæл мах не ‘ууæндæн. Мах хъæбæр гурусхæ кæнæн, сумах нæмæ цæмæ седетæ, уобæл”.
10. Сæ минæвæрттæ син загътонцæ: “Миййаг Хуцаубæл гурусхæ кæнетæ, æрвтæ æма зæнхи Исфæлдесæгбæл? Е уæмæ седуй, цæмæй уин уæ тæрегъæдтæ ниххатир кæна æма нетгонд рæстæгмæ уин рафæстиат кæна”. Етæ загътонцæ: “Мах цæхуæн адæн ан, сумах æрмæст уæхæн адæн айтæ. Сумах уотæ фæндуй, цæмæй нæ фиддæлтæ цæмæ кувтонцæ, уомæй нæхе рахатæн. Æма нин уæд бæлвурдæй уæ баргъондзийнадæ бавдесайтæ!”
11. Сæ минæвæрттæ син загътонцæ: “Мах æрмæстдæр адæн ан, сумах хузæн, фал Хуцау ба хайгин кæнуй Æ цагъартæй кæмæн Æй фæндуй, уонæн. Мах бон уин нæй нæ баргъондзийнадæ бавдесун, Хуцауи ку бафæндæ уа, уомæй æндæр. Æма дингæнгутæ дæр сæ зæрдæ Хуцаубæл дарæнтæ!
12. Хуцау нæ нæ надбæл кæми ракодта, уоми цæмæннæ ба гъæуама ма даræн нæ зæрдæ Хуцаубæл? Сумах нæ цæмæй æфхуæретæ, уобæл мах бухсдзинан. Æма зæрдæдаргутæ[3] Хуцаубæл дарæнтæ сæ зæрдитæ!”
13. Æма ка не ‘ууæндтæй, етæ загътонцæ сæ минæвæрттæн: “Мах уæ фæссордзинан нæ зæнхæй, кенæ ба раздæхетæ не ‘хсæнадæмæ”. Æма син Еунæхуцау раргом кодта: “Мах æнæмæнгæдæр фесафдзинан æнаккæгти

14. æма уони фæсте ба и зæнхæбæл сумах æрцæрун кæндзинан. Уотё, Мæн размæ лæуунæй ка тæрсуй æма Ме ‘ртхъерæнæй ка тæрсуй, уонæн уодзёнёй!
15. Етæ уёлахез курдтонцæ[4], фал кёцифёнди хецмёр залун дёр зёрани бунати байзадёй.
16. Разёй ба ‘ймё ёнгъёлмё кёсуй зиндонæ, æма ‘й æмбуд донæй идзаг кæндзæнæнцæ.
17. Е æй цумуй, фал æй куддæр ранихъуæруй, уотæ ‘ймæ алли рауæнтæй мælæт фæззиннуй, фал е мард дæр нæй, æ размё ба – карз æфхуæрдæ.
18. Ка не ‘ууæндуй, уони гъуддæгтæ ба фунукау ёнцё, кёцибёл дунгæ бон хъёбёр тухгин ёрбадумдта. Етё ци исбон кодтонцæ, уомæй æппундæр нецæмæ сæ барæ дарунцæ. Е сё устур рæдуддзийнадæ ‘й!
19. Ædта уой нæ фæууидтай, æма уælæрвтæ дæр æма зæнхæ дæр Хуцау ке исфælдиста уацæгæй. Уой ку бафæнда, уæд Е сумах фæххондзæнæй, æма æркæндзæнæй æндæр исфælдесёндти,
20. æма е Хуцауæн зин нæй.
21. Етæ Хуцауи размæ æрлæудзæнæнцæ, æма уæд æвælгъазитæ зæгъдзæнæнцæ уælиау ка ‘вардта æхе, уонæн: “Мах уæ фæдбæл цудан, æма нæ нур уæ бон Хуцауи тæрхонæй естихузи багъæуай кæнун æй?” Етæ зæгътонцæ: “Хуцау мах фæтæг ку адтайдæ, уæд мах дæр сумахæн уæ фæтæг адтаййанæ. Махæн уælдай нæбал æй: ци тухсæн, ци уодæнсæн – махæн æндæр хуасæ нæбал ес”.
22. Еци гъуддаг лухгонд ку ‘рцæуа, уæд Ибилис дæр зæгъдзæнæй: “Хуцау сумахæн байвæрзта æцæг ивæрзтитæ, æз ба уин байвæрзтон æма уæ фæссайдтон: мæнмæ нециавæр барæ адтæй сумахбæл, æз уæ æрмæстдæр худтон, сумах ба мæмæ байгъустайтæ, æма мæн ма фудгин кæнтæ, фал уæхе фудгин кæнтæ: нæдæр уин æз нæ дæн ангъосгæнæг, нæдæр мин сумах н’ айтæ ангъосгæнæг; сумах мæ раздæр Хуцауи ‘мбал ке худтайтæ, уобæл тобæ кæнун”. Уастæн, уæхæн æнаккæгтæн æбуалгъ уодхардзийнадæ уодзæнæй!

23. Ка æууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, етæ ба хунд уодзæнæнцæ рæзбунтæмæ, кæцити уайуй цæугæдæнттæ, æма уоми уодзæнæнцæ Хуцауи фæндæй æности. Сæ салан-келан уоми уодзæнæй "Салам!".
24. Ædта ду нæ фæууидтай, Хуцау æмбесёндтæ куд æрхæссуй, уой? Фёрнгун дзурд фæууй фæрнгун бæласау: æ уедагæ æй федар, æ къалеутæ ба уёлиау арвмё сёхе исивазунцё.
25. Е, Хуцауи фæндæй, раттуй алли рæстæг дæр æ рæзæ. Æма Хуцау æрхæссуй æмбесæндтæ адæнæн: мусийнæ, ниссагъæс кæндзæнæнцæ!
26. Лæгъуз дзурди тухxæй æмбесонд ба æй лæгъуз бæласау: е иссæуй зæнхæй, фал ин нециавæр федардзийнадæ ес.
27. Хуцау ниффедар кæнуй, ка бауууæндтæй, уони, федар дзурдæй хæстæг царди дæр æма федæни царди дæр; æма фæккеун кæнуй Хуцауи надæй æнаккæгти, æма ци 'Й фæндуй, уой аразуй Хуцау.
28. Гæр, нæ фæууидтай, Хуцауи хуарзæнхæ æнæууæнкæдзийнадæбæл ка баййивта æма æ адæни ка æрцæрун кодта исæвди цæрæнуати –
29. зиндони, кæцими етæ цæфссæнæнцæ? Æма æбуалгъ æй уоми ун!
30. Етæ Хуцауæн искодтонцæ æмбартæ, цæмæй Æ надæй фæккеун кæнонцæ. Зæгъæ: "Идзæлæн кæнетæ, уомæн æма уæ над артмæ цæуй!"
31. Мæ цагъартæй Мæбæл ка бауууæндтæй, уонæн зæгъæ, цæмæй намаз кæнонцæ æма битир дæттонцæ, Мах син ци равардтан сосæй дæр æма æргомæй дæр, уомæй, цалдæн не 'рхъæрта æййивддзийнадæ æма лимæндзийнадæ кæми нæ уодзæй, еци бон.
32. Уæлæрвтæ æма зæнхæ ка исфæлдиста æма арвæй дон ка 'ркодта, æма си уомæй ба рæзæ ка 'рзайун кодта сумах пайдайæн, æма наутæ уин уæ къохи ка бакодта, цæмæй денгизбæл хæтайтæ Уой фæндæй, æма уин цæугæдæнттæ уæ баргъон ка бакодта,
33. æма хор æма мæйæ уæ дæлбар ка бакодта, æма уин æхсæвæ æма бон уæ дæлбар ка бакодта,
34. æма уин, ци коретæ, уони ка равардта, е æй Хуцау. Æма Хуцауи

хуарздзийнædтæ нимайун ку райдайайтæ, уæд сæ нæ фæууодзинайтæ нимад. Уастæн, адæймаг æфхуæрагæ æма æнæбоз æй!

35. Мæнæ Ибрæгим загъта: “Еунæхуцау! Аци горæт[5] ædас искæнæ æма мæн дæр æма мæ сувæллæнтти дæр гумеритæмæ ковунæй бахезæ.

36. Еунæхуцау! Етæ[6] берæ адæн фæккеун кодтонцæ сæ надæй. Мæн фæдбæл ка рацæуа, е мæнуæнттæй уодзæнæй, ка мæмæ нæ байгъоса… Ду хатиргæнагæ æма тæрегъædгæнагæ ку дæ!

37. Еунæхуцау! Мæ цæуæтæй[7] еуети æз æрцæрун кодтон, кæми неци ирæзуй, уæхæн рауæн[8], Дæ сугъдæг хæдзари цори. Нæ Еунæхуцау! Намаз кæнунбæл лæууæнтæ етæ æма сæ адæни зæрдитæн бауарзун кæнæ, æма син тиллæгæй хайгин фæккæнæ: мусийнæ, етæ уодзæнæнцæ боз!

38. Нæ Еунæхуцау! Мах ци римæхсæн æма ци раргом кæнæн, уой Ду зонис. Хуцауæй неци баримæхсдзæнёй æхе нæдæр уæларв, нæдæр зæнхæбæл!

39. Табу Хуцауæн, мæ зæруайи мин Исмæили æма Исхаки ка равардта! Уастæн, мæ Еунæхуцау кувд фегъосагæ ‘й!

40. Еунæхуцау! Намазбæл лæууæг мæ искæнæ, уæдта мæ цæуæти дæр. Нæ Еунæхуцау! Æма райсæ мæ кувд.

41. Нæ Еунæхуцау! Ниххатир мин кæнæ, уæдта мæ ниййергутæн дæр, уæдта дингæнгутæн дæр, дзуапдæттæн бон ку ‘рхъæрта, уæд!”

42. Æма уотæ ма ‘нгъæлæ, æма Хуцау нæ уинуй ænаккæгтæ ци кæнунцæ, уой. Е син æнгъуд раттуй уæди Бонмæ, цæстингас нигулун ку райдайа,

43. уёд бæрзонд исхъел гæнгæй сё сæртæ, уайдзёнёнцё цурдгомай. Цæстæнгас уонæмæ нæ раздæхуй, æма сæ зæрдитæ ба бандзуг уодзæнæнцæ.

44. Æма æфхуæрдæ сæмæ ци бон æрбацæудзæнæй, еци бонæй сæ хезæ! Æма æфхуæргутæ ка адтæй, етæ зæгъдзæнæнцæ: “Нæ Еунæхуцау! Рафæстеуат нин кæнæ уæддæр хæстæг рæстæгмæ, -мах Дæ седтæн дзуапп ратдзинан æма минæвæртти фæсте рацæудзинан”. Уонён загъд уодзёнёй: “Мийяаг, сумах нæ соми кодтайтæ, ке не ‘сæййевдзи

уодзинайтæ?

45. Æма сумах æрцардайтæ, æхуæдæг æхе ка бафхуардта, уони цæрæнуæтти, æма уин раргом æй, Мах син ци бакодтан, е. Ёма уин Мах æрхастан æмбесæндтæ.”
46. Фал етæ ба налат миутæ кодтонцæ сæ налатдзийнадæй, фал сæ налатдзийнадæ æгасæйдæр Хуцаумæ ‘й, кæд сæ налатдзийнадæй хуæнхтæ фезмæлдзæнæнцæ, уæддæр.
47. Хуцауи ма нимайæ Æ минæвæрттæн байвæрзт фехалæгбæл, уомæн æма, уастён, Хуцау намусгин, кинæ хатæг æй.
48. Зæнхæ ёрцёудзёнёй æндæр зæнхæй æййивд, уæдта арв дæр, ци бон æрцæуонцæ, уæд, æма Еунёг ёма Тухгин Хуцауи размæ æрлæудзæнæнцæ!
49. Æма еци бон фæууиндзæнæ тæрегъæдгунти, рæхистæй бастæй.
50. Сæ хъæппæлтæ уонæн къеуæй æнцæ, сæ цæсгæнттæ син арт æмбæрзуй,
51. цæмæй Хуцау алли уодæн дæр бахата, ци исбон кодта æхецæн, уой. Уастæн, Хуцау цурд æй Æ тæрхони!
52. Е æй адæнæн ракæнуни хабар, æма ‘й игъосун кæнæнтæ æма зонæнтæ, Е еунæг Хуцау ке ‘й, уой, æма зунд кæмæ ес, етæ уобæл куд ниссагъæс кæнонцæ!

15 -аг сурæ

Хиджрæ

(аль-Хиджр)[1]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. *Алеф. Лам. Ра.* Айæ – айатти æма сугъдæг Хъурани æргомгæнæг æй.
2. Мусийнæ, ка нæма бауувæндтæй, уони бафæнддзæнæй пусулмон исун.
3. Уадзæ сæ, хуæрæнтæ, идзæлæнтæ æма сæхе æнгъæлцæй ерхæфсæнтæ. Уой фæсте ба ‘й базондзæнæнцæ.

4. Мах еунæг гъæу дæр нæ фесафтан, раздæр ин зундгонд æргомæггаг нæ ратгæй.
5. Еунæг адæнихатти бон дёр нæдæр фæрраздæр кæнун, нæдæр фæдздзебæл кæнун не суодзæнæй æ кæронбæл.
6. Æма зæгъунцæ етæ: “Уæй, ду, аци ахур кæмæн ёрёрвистæй! Ду, æнæмæнгæ, æрра дæ!
7. Кæд ду рæстæгтæй дæ, уæд нæмæ цæмæннæ æрбацæуис изæдти хæццæ?”
8. Уацæгадæй æндæр Мах изæдти нецæй хæццæ нирветæн, æма уæд етæ, æнгъудгонд кæмæн æй, уони хигъдæй нæбал уодзæнæнцæ.
9. Уомæн æма Мах, уастæн, нирвистан Киунугæ, æма ‘й Мах, уастæн, гъæуай кæндзинан.[2]
10. Дæу размæ дæр Мах раздæриккон адæнтæмæ нирвистан минæвæрттæ.
11. Æма сæмæ еунæг минæвар дæр не ‘рцудæй, цæмæй ибæл нæ гириз кодтайуонцё.
12. Æма уомæй гъе уотæ Мах дæр тæрегъæдгунти зæрдити бауадзæн[3].
13. Æма ‘йбæл[4] етæ не ‘ууæндунцæ, кæд æма син дæнцæн æй раздæриккон адæнти гъуддаг.
14. Æма син Мах арви дуар ку байгон кодтаййанæ æма уобæлти ку исхизтайуонцæ,
15. уæд етæ уæддæр загътайуонцæ: “Нæ цæстæнгас расуг æй, мах æцæгæй зæрдæрохс ан!”
16. Арвбæл Мах исивардтан Зодиаки нисæнттæ, æма сæ исфæлунстан рæсугъд, ка сæмæ кæсуй, уонæн.
17. Æма сæ Мах гъæуай кæнæн дортæй хуаст Ибилисæй.
18. Æма сосæггай ка байгъосуй, уой ба баййафуй цæфсгæ сугъдæг æрттевагæ рохс.
19. Мах райтигътан зæнхæ, æма ‘йбæл æрæвардтан федар истæг хуæнхтæ, æма си исæвзурун кодтан аллихузон зайæгойтæ бæлвурд бёрцæй.
20. Æма си Мах исаразтан сумахæн, уæдта сумах ке нæ хацетæ, уонæн

хуæрдамал.

21. Æма зæнхи цъарæбæл уæхæнæй неци ес, æма æ фарнæ Мах къохи кæмæн нæй, æма ‘й Мах нирветæн бæрæг бæрцитæй.
22. Æма Мах нирветæн сумахæн фæрнгун дунгæ, æркæнæн уæмæ арвæй дон æма уæ уомæй бафсадæн, фал уой æфснайд даргутæ сумах нæ айтæ.
23. Уомæн æма Мах, æрмæст Мах царæн æма маræн, æма алцæй бундар дæр Мах ан.
24. Уомæн æма Махæн зундгонд æнцæ уæ размæ ка рандæ ‘й, уæдта уæ фæсте ка байзадæй, етæ.
25. Æма сæ уæ Еунæхуцау æрæмбурд кæндзæнæй уони, уомæн æма Е фастихадзи æма зонагæ æй!
26. Мах исфæлдистан адæймаги дорингæнæн зæлланггæнагæ сигитæй, гури хузæ ин ратгæй.
27. Уомæй раздæр ба Мах исфæлдистан содзгæ артæй дзинти.
28. Æма мæнæ, дæ Еунæхуцау изæдтæн загъта: “Æз исфæлдесдзæнæн адæймаг дорингæнæн зæлланггæнагæ сигитæй, гури хузæ ин ратгæй
29. Æз ин уиндæ ку раттон æма имæ Мæ уодæй ку бауадзон, уæд ин, æркъолæ кæнгæй, раковетæ”.
30. Изæдтæ дæр æгасæйдæр ракувтонцæ,
31. Ибилисæй уæлдай: е нæ бакумдта раковгути хæццæ ун.
32. Загъта Е: “Ци дæбæл æрцудæй, Ибилис, цæмæннæ дæ раковгути хæццæ?”
33. Загъта е[5]: “Гъосинтæгæнæн кусти ци сигитæй фæппайда кæнунцæ, уомæй Ду ци адæймаг исфæлдистай, уомæн раковун мæ сæрмæ не ‘рхастон”
34. Загъта Е: “Рандæ уо ардæгæй! Амæй æндæмæ сурд цæудзæнæ дортæй.
35. Ælгъист уодзæнæ Тæрхони фæстаг бонмæ.
36. Загъта е: “Уæ мæ Еунæхуцау! Етæ ци бон æрцæуонцæ нæуæгæй æгасгонд, еци бонмæ мин бараемæ”.
37. Загъта Е: “Кæмæн æрцудæй æнгъуд, уони хигъд фæууо

38. зундгонд рæстæги бонмæ”.
39. Загъта е: “Мæ Еунæхуцау! Ду мæ тæрегъæди ке бацæун кодтай, уой туххæй сæ æз дæр тæрегъæди цæун кæндзæнæн æнккæтей дæр,
40. æрмæст зæрдæй Дæ цагъар ка ‘й, уонæй уæлдай”.
41. Загъта е: “Е æррæстæ над уодзæнæй Мæ размæ.
42. Уастæн, Мæ цагъартæбæл нæ цæуй дæ барæ, æрмæст дæ фæдбæл ка рацæуа, еци тæрегъæдгунтæбæл.
43. Ёма, уастæн, уони бунат – зиндонæ!
44. Уомæн авд дуари ес, æма алли дуарбæл дæр си хецæн къуар бацæудзæнæй.
45. Уастæн, Хуцауæй тæрсгутæ уодзæнæнцæ рæзбунти æма цæугæдæнтти цори:
46. “Рацотæ ардæмæ салами хæццæ, æвæлмонæй æма æдасæй!”
47. Сæ зæрдитæй Мах рандæ кæндзинан зæрдихудтæ, æма етæ исуодзæнæнцæ æнсувæртæ, æма баддзæнæнцæ сирети кæрæдземæ се ‘рух рахатгæй.
48. Нецæй мæтæ сæмæ уодзæнæй уоми, æма етæ уордæги некæд æрцæудзæнæнцæ тард.
49. Фегъосун кæнæ Мæ цагъартæн: Æз хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ дæн,
50. фал Мæ бафхуæрдæ ба, уастæн, карз æй!
51. Æма син фегъосун кæнæ Ибрæгими иуазгути туххæй.
52. Етæ ‘ймæ бацудæнцæ æма загътонцæ: “Салам!” Æма син е дзуапп равардта: “Уастæн, мах уи тæрсæн!”
53. Етæ загътонцæ: “Ма тæрсæ! Мах дæмæ хуæрзæнгорæггаги ан сем фурт дин ке уодзæнæй, уой туххæй”.
54. Загъта син е: “Гæр, сумах мæмæ хуæрзæнгорæггаги цотæ, кæд æма мæбæл зæруа бандзæвдæй? Цæй медæг æй уæ хуæрзæнгорæггаг?”
55. Етæ ин загътонцæ: “Мах дæмæ æцæгæй хуæрзæнгорæггаг ан, æма ма тухсæ!”

56. Е син загъта: “Æма Хуцауи хуарзæнхæй ка тухсуй, рæдуйгутæй уæлдай?”
57. Е загъта: “Æма цæй фæдбæл æй уæ минæвардзийнадæ?”
58. Етæ ин загътонцæ: “Мах æрвист ан тæрегъædгун адæнмæ,
59. Лоти бийнонтæй уæлдай: уони се ‘гасейдæр мах фæййервæзун кæндзинан,
60. æ уосæй фæстæмæ, кæций бунат мах иснисан кодтан фæстегæй байзайæгти хæццæ”.
61. Æма минæвæрттæ Лоти цæуæтмæ ку ‘рбацудæнцæ,
62. уæд е загъта: “Уастæн, сумах мин æнæзонгæ адæн айтæ”.
63. Етæ ин загътонцæ: “Гъо, етæ цæбæл гурусхæ кодтонцæ, уой хæццæ æрбацудан мах.
64. Æма дæмæ мах æрбацудан уацæгади хæццæ, æма, уастæн, мах рæстаг ан!
65. Æма æмбесæхсæвæ дæ бийнонти хæццæ рацо æма сæ фæсте цо, æма уи маке раздахæд е ‘рух, æма уин кумæ загъд æй, уордæмæ цотæ”.
66. Мах ин фегъосун кодтан и фæндон, æма сæ фæсте ка байзайдзæнæй, етæ исæфт ке ‘рцæудзæнæнцæ.
67. Æма горæти цæргутæ æрбацудæнцæ игъæлдзæгæй.
68. Е син загъта: “Атæ ме ‘уазгутæ æнцæ æма мæ ма æгадæ кæнтæ.
69. Хуцауæй фæттæрсетæ æма мæ ма ходуйнаг кæнтæ”.
70. Етæ ин загътонцæ: “Мийяаг, мах дин нæ ниффæдзахстан, цæмæй а дуйнебæл кæмæнфæнди дæр фусун куд ма фæууай?”
71. Е син загъта: “Мæнæ мæ кизгуттæ, кæд фудмиуæ исаразунвæндæ искодтайтæ, уæд”.
72. Дæ цардæй дин ард хуæрун! Сæ монцти фæдбæл иселлæг уогæй етæ хъæрæуæй хъеллау кæнунцæ.
73. Æма сæ хорискасти бакайдта цъæхснаг гъæр.
74. Æма Мах син сæ гъæутæ усхъуммæ исхадтан, сугъд сигитæй дортæ сæбæл къæвдайæй æркæнгæй.

75. Уастæн, аци цауи, нисантæмæ лæмбунæг ка кæсуй, уонæн – лæдæруйнаг гъуддаг!
76. Æма, уастæн, сæ фæдтæ нур дæр ма баййзайæг надбæл ænцæ!
77. Уомæн æма еци гъуддаги медæгæ ‘й лæдæруйнаг, ка æууæндуй, уонæн!
78. Æма, уастæн, ал-Айки цæргутæ ænаккæгтæ адтæнцæ!
79. Æма сæ Мах бакайдтан[6], æма сæ дууæ[7] дæр уоми байзадæнцæ: е ма нур дæр бæрæг æй.
80. Æма ал-Хиджри цæргутæ дæр мæнгæттæбæл банимадтонцæ минæвæртти.
81. Æма син Мах Не ‘вдесæнтæ æрхастан, фал етæ ба уонæй сæхе рахадтонцæ.
82. Æма етæ хуæнхти æдас рауæнти исаразтонцæ хæдзæрттæ.
83. Æма сæ бонивайæнти цъæхснаг гъæр бакайдта.
84. Æма син неци фæййагъаз ænцæ, ци мулкитæ искодтонцæ, етæ.
85. Уомæн æма Мах исфæлдистан арв дæр, зæнхæ дæр æма се ‘хсæн ци ес, уони дæр, æрмæст уацæгадæй, æма, æнæмæнгæ, сахат æрхъæртдзæнæй. Уомæ гæсгæ ба син хатир кæнæ бæстонæй.
86. Уастæн, дæ Еунæхуцау сем исфæлдесæг æй!
87. Æма дин Мах равардтан фæлхатгæнагæдæр авд айати[8] æма устур Хъуран.
88. Æма дæ цæстæ ма æриваерæ еуæ-еу бийнонтæн Мах ци раттæн сæхе ерхæфсæнæн, уонæбæл, æма уонæбæл ма ‘нкъард кæнæ, фал дæ базур æркъолæ кæнæ урнæги размæ.
89. Æма зæгъæ: “Уастæн, æз уæмæ æрмæст федеуæгæй дæн”.
90. Ка рахецæн æй[9], уонæмæ куд æрæрвистан[10] Мах, уониау,
91. кæцитæ Хъуран ниххæйттæ кодтонцæ[11].
92. Æма уæд, дæ Еунæхуцауæй дин ард хуæрун, Мах си дзуапп бадæндзинан,
93. ци аразтонцæ, уобæл!
94. Æма син æргомæй фегъосун кæнæ, ци ихæс дæбæл ес, уой тухxæй, æма

берæ хуцæуттæмæ ковгутæй дæхе рахатæ!

95. Мах дæ багъæуай кæндзинан, ка дæбæл айуан кæнуй, уонæй,
96. кæцитæ Хуцауæн аразунцæ æндæр хуцæуттæ, æма уой фæсте етæ базондзæнæнцæ.
97. Æма Мах зонæн, дæ реу ке исунгæг уй, етæ цитæ дзорунцæ, уобæл.
98. Ду фурдзитæ кæнæ дæ Еунæхуцауæн æма рæстмæ ковгути хæццæ уо,
99. æма дæ Еунухуцауæн лæггадæ кæнæ, цалдæн де ‘нæмæнгæ сахат[12] не ‘рхъæрта, уæдмæ!

16-аг сураæ
Мудибиндзитæ
(ан-Нахль)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Æнæмæнгæ Хуцауи фæндон æрцæудзæнæй, æма ‘й ма тагъд кæнтæ! Табу Ин уæд! Æмбалæн Ин ке дæттунцæ, Е уонæй бæрзонддæр æй!
2. Е рарветуй изæдти мони хæццæ[1], Æ фæндæй, Æ цагъартæй кæмæ ‘Й фæндуй, уонæмæ: “Федеуетæ, Мæнæй фæстæмæ æндæр Хуцау ке нæййес, уой тухxæй! Æма куд æмбæлуй, уотæ Мин кадæ кæнетæ!”
3. Уацæгадæй Е исфæлдиста уæлæрвтæ æма зæнхæ. Æмбалæн Ин ке раттунцæ, Е уонæй бæрзонддæр æй!
4. Е адæймаги исаразта æртёхæй. Æма мæнæ е ба æргомæй æзмораæ кæнуй.
5. Е исфæлдиста фонс: уонæми сумахæн – уæ гъардзийнадæ дæр æма пайда дæр, уæдта уонæй уæхе хацетæ.
6. Уонæми сумахæн – рæсугъддзийнадæ æма сæрустурдзийнадæ: сæумæй сæ раскъæргæй, изæрæй ба сæ уе скъæтмæ бакæнгæй.
7. Етæ уин уæ уæргътæ фæлласунцæ, уæхе бон кумæ не ‘ссайдæ, уæхæн бæстæмæ. Уастæн, уæ Еунæхуцау сабур æма уодибæстгун æй!
8. Бæхтæ дæр, хъадиртæ дæр, хæргутæ дæр, цæмæй сæбæл бадтайййтæ,

уædта рæсугъдæн. Æма Е фæлдесуй сумах ци нæ зонетæ, уой.

9. Хуцауи къохи ‘й раст надбæл ниллæуундзийнадæ, фал ес уæхæнттæ дæр, уомæй ка рахезуй. Уой ку бафæндадтайдæ, уæд уе ‘гасейдæр ракодтайдæ æррæстæ надбæл.
10. Е æй, сумахæн арвæй ка ‘ркæнуй дон: уомæй – сумахæн ниуазæн, уædта уомæй – бæлæстæ, сумах кæми хезетæ.
11. Уомæй сумахæн Е ирæзун кæнуй угæрдæнтæ, маслинитæ, пальмитæ, сæнæфсери талатæ æма аллихузи рæзæ. Уастæн, атæ сагъæсгæнæг адæнæн æвдесæйнаг æнцæ!
12. Уæ бæрни уин бакодта æхсæвæ æма бон, хор æма мæйæ, æма Æ фæндонæй стъалути дæр сумахæн æнхусæн исæвардта. Уастæн, атæ зунд кæмæ ес, уонæн æвдесæйнаг æнцæ.
13. Æма Е сумахæн зæнхæбæл ке нийзæрста аллихузон деденгутæ[2], - уастæн, уой медæг сагъæсгæнагæ адæнæн æвдесæйнаг ес!
14. Е уин уæ бæрни бакодта денгиз, цæмæй си нозалæ фидæй[3] уæхе æфсадайтæ æма си уæхебæл ке искæнтæ, уæхæн аллихузон рæсугъд хæзнатæ есайтæ. Ду уинис æ цæхъалтæ куд игæрдунцæ наутæ, цæмæй Ин Æ устурдзийнадæ банкъаргæй раст надбæл цæуайтæ!
15. Æма Е æргæлста зæнхæмæ федар истæг айнæг хуæнхтæ, цæмæй уæ хæццæ ма змæла, уædта рауагъта цæугædæнттæ æма фæндæгтæ, цæмæй, Æ устурдзийнадæ ин балædæргæй, раст надбæл цæуайтæ,
16. æма нисантæ æривардта, фал стъалутæмæ гæсгæ дæр етæ иссерунцæ над.
17. Ædта, нур ка фæлдесуй, е дæр ка нæ фæлдесуй, уой хузæн æй? Гæр цæмæннæ расагъæс кæнетæ уобæл?
18. Нур Хуцауи хуарзæнхæ ку банимайтæ, уæд уой банимайун не суодзæнæй сумахæн. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъædгæнагæ ‘й!
19. Æма Хуцау зонуй сумах ци римæхсетæ, уædта ци еретæ, уой.
20. Хуцауæй æндæр ма сумах кæмæ коветæ, етæ неци ‘сфæлдистонцæ, фал

сæхуædтæ исфæлдист æнцæ.

21. Етæ мард æнцæ, уонæми цард нæййес, æма нæ зонунцæ,
22. кæд уодзæнæнцæ æндизт.
23. Сумах Хуцау еугурей Хуцау дæр æй. Федæни цардбæл ка не ‘ууæндуй, уони зæрдитæ ба ‘й еппард кæнунцæ æма сæхецæй хецмæртæ аразунцæ.
24. Гурусхаг нæй: Хуцау зонуй етæ ци римæхсунцæ, уæдта ци ерунцæ, уой.
25. Уастæн, Е нæ уарзуй уæлбекъонти!
26. Æма син уотæ ку фæззæгъунцæ: “Ци рарвиста уæ Еунæхуцау?” – уæд етæ фæззæгъунцæ: “Рагонти аргъæуттæ”.
27. Æма исæндедзæн бони ба сæ уæргътæ хæссæнтæ, уæдта ке фæккеун кодтонцæ раст надæй æнæ зонгæй, уони уæргътæ дæр. Лæгъуз æнцæ, ци хæссæнцæ, етæ!
28. Сæ размæ ка адтæй, етæ дæр налат миутæ кодтонцæ, фал син Хуцау сæ азгъунст4 æ бунтæбæл фехалдта, æма сæбæл хæдзари сæр æрхаудтæй, æма сæ Хуцауи æфхуæрд баййафта, кæцæй æнгъæл нё адтæнцæ, уордæгæй.
29. Уой фæсте ба сæ исæндедзæн бони Е фегадæ кæндзæнæй æма зæгъдзæнæй: “Кæми ‘нцæ Ме ‘мбæлттæ, ке кой кодтайтæ, етæ?” Зонундзийнадæ лæвæрд кæмæн ес, етæ зæгъдзæнæнцæ: “Уастæн, абони ходуйнагдзийнадæ æма лиагъæ – æнæууæнкитæн!” –
30. изædти размæ фæсмæрдæ ка ‘рлæууй, етæ уесæг исунцæ: “Мах лæгъузæй неци кодтан!” Гъо, уастæн, Хуцау зонуй ци кодтайтæ, уой!
31. “Æма бахезетæ зиндони дуарбæл, цæмæй æности уоми байзайайтæ! Куд илгъаг æй еци рауæн хецмæртæн!”
32. Æма Хуцауæй тæрсгутæн зæгъдзæнæнцæ: “Уанæбæрæг уин Хуцау ци рарвиста?” Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Хуæрзагадæ!” Хуарздзийнадæ ка кодта а дуйнебæл, уонæн – дзæбæхдзийнадæ. Федæни цæрæнуат ба никки хуæздæр æй, æма дессаги хуарз æй тæрсгути цæрæнуат! –
33. дзенети рæзбунтæ, кæцимæ бацæудзæнæнцæ етæ, æма бунæй кæми уайуй цæугædæнттæ: уоми уонæн уодзæнæй ци сæ гъæуа, е. Уотæ

Хуцау бахай кæнуй, ка ‘Й тæрсуй,

34. уæдта изæдтæ хуæрзгъæдонтæй ке æрæнцойнæ кæнонцæ, уонæн! Етæ фæдздзорунцæ: “Салам! Ци бакодтайтæ, уой туххæй бацотæ дзенетмæ”.

35. Æдта нур етæ цалдæн сæмæ изæдтæ æрбацæуонцæ кенæ сæмæ дæ Еунæхуцауи фæндон æрцæуа, уæдмæ уони хезунцæ? Уотæ кодтонцæ, сæ размæ ка адтæй, етæ дёр. Уони Хуцау не ‘фхуардта, фал етæ сæхуæдтæ сæхе æфхуардтонцæ.

36. Æма ци бакодтонцæ, уой илгъагдзийнадæ сæ баййафта, æма цæбæл айуан кодтонцæ, е сæбæл æртумугъ æй.

37. Æма Хуцауæн æмбæлттæ ка лæвардта, етæ загътонцæ: “Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæд мах Уомæй фæстæмæ некæмæ кувтаййанæ, - нæдæр мах, нæдæр нæ фиддæлтæ, æма æнæ Уомæй неци хъоди кодтаййанæ”. Уотæ кодтонцæ сæ размæ ка адтæй, етæ; æма, миййаг, бæлвурдæй фегъосун кæнунæй æндæр ма есть ихæс адтæй минæвæрттæбæл?

38. Мах рарвистан алли адæнихатмæ дæр минæвар: “Хуцаумæ коветæ æма уæхе еуварс кæнетæ муртакдзийнадæй”. Уонæн се ‘хсæн адтæй уæхæнттæ, Хуцау раст надбæл ке ракодта, фал адтæй уæхæнттæ дæр, кæцитæн сæ карнæ адтæй рæдуддзийнадæ. Рахæтайтæ зæнхæбæл æма æркæсайтæ, мæнгæбæл нимайгути кæрон циаваер æй!

39. Кæд дæу зæрди уони раст надбæл исивæрун ес, уæд Хуцау ке фæккеун кæнуй, уони нæ рæстмæ кæнуй, æма уонæн æнхусгæнгутæ нæййес!

40. Æма Хуцауæй расоми кодтонцæ, устурдæр сомийæй: “Ка рамардæй, уой Хуцау нæбал райгас кæндзæнæй”. Гъо, уой æцæг байвæрзтмæ гæсгæ, фал фулдæр адæн уой нæ зонунцæ, –

41. цæмæй син лæдæрунгонд æрцæуа, цæбæл буцæу кæнунцæ æма, æнæууæнкæ ка ‘й, етæ цæмæй зононцæ етæ мæнгæттæ дзоргутæ ке адтæнцæ.

42. Алцæмæн дæр, цидæр Нæ бафæндæуа, уомæн ес дзурд, кæций Мах фæззæгъæн, æма ку зæгъæн: “Уо!”, уæд е исуй.

43. Хуцауи алфён ка ниууагъта æ цæрæнуат, æвдузт ке цудæй, уой тухxæй, уони ба Мах аци дуйнебæл бакæндзинан дессаги хуарз бунатмæ, лæваræн ба син федæни царди уодзæнæй никки фулдæр. Ёма етæ нур уой ку зониуонцæ!
44. Е, ка бухстæй æма Хуцаубæл æхе ка фæдзæхсуй, етæ ‘нцё.
45. Мах дæу размæ дæр рарветианæ æрмæст уæхæн адæни, кæцитæн-еу баустан, æма нур уой уæхуæдтæ кæд нæ зонетæ, уæд бафæрсетæ Финстæг лæвард кæмæн адтæй уæ размæ, уони.
46. Æма дин Мах рарвистан Финстæг, цæмæй ду адæнæн лæдæрун кæнай, ци син æрвист æй, уой. Мусийнæ, етæ расагъæс кæндзæнæнцæ!
47. Ædта нур фудмиути æнтæстгин ка фæцæй, етæ уотæ æнгъæлунцæ, æма сæ Хуцау зæнхæн нæ ранихъуæрун кæндзæнæй кенæ сæмæ, кæцæй нæ зонунцæ, уордæгæй сæмæ бафхуæрдæ нæ фæззиндзæнæй?
48. Кенæ ба сæ, мийяаг, нæ баййафдзæнæй гъуддæгти тæмæни æма син уомæй исуæгъдæ ун сæ бон нæ фæууодзæнæй?
49. Кенæ ба сæ баййафдзæнæй сæ таси? Уастæн, дæ Еунæхуцау сабур æма уодибæстгин æй!
50. Æви, мийяаг, етæ нæ фæууидтонцæ аллихузи дзаумæуттæй[5] цитæ исаразта Хуцау: сæ аууон ракъолæ уй уæд рахесæрдæмæ, уæд галеуæрдæмæ, Хуцауæн раковгæй, сæхуæдтæ ба æвæлмасæй идзаг уогæй?
51. Æма Хуцаумæ ковунцæ уælæбæл дæр æма дælæбæл дæр цидæриддæр фонс ес, уædта изædтæ дæр, æма етæ сæхе нæ уælиау кæнунцæ.[6]
52. Етæ сæ Еунæхуцауæй тæрсунцæ æма, ци ихæс æвæрд сæбæл ес, уой æнхæст кæнунцæ.
53. Æма Хуцау загъта: “Ма есетæ дууæ хуцауи, уомæн æма хуцау еунæг æй, æма тæрсетæ Мæнæй!”
54. Уой къохи ‘нцæ уælæбæл дæр æма дælæбæл дæр цидæр ес, етё. Уой бæрни ‘нцæ еудадзугдæр. Ædта нур сумах Хуцауæй æндæр ма ескæмæй тæрсетæ?

55. Æма уæмæ хуарзæнхæй ци ес, е Хуцауæй æй. Гъæуагædзийнадæ уæбæл ку бамбæлуй, уædта Уомæ фердеуагæ кæнетæ.
56. Уæ тухстдзийнадæй уæ ку исуæгъдæ кæнуй, уædта кæсайтæ! – уæ еу хай Ин æмбæлттæ агорун райдайуй,
57. Цæмæй ма ‘ууæнда Мах ин ци равардтан, уобæл. Пайда си кæнетæ, уой фæсте ба ‘й базондзинайтæ!
58. Æма ци нæ зонунцæ, уомæн бахай кæнунцæ, Мах син ци раттæн, уомæй. Хуцауæй уин ард хуæрун, сумах цитæ имисетæ, уобæл æрцæудзинайтæ фарст!
59. Æма етæ Хуцаубæл имисунцæ кизгутти исæнтæст, – Хуцауæн табу![7] – сæхецæн ба, ци сæ гъæуй, уой[8].
60. Ескæд ескæмæ си хуæрзæнгорæггаг ку фæуунцæ кизги райгурди тухxæй, уæд æ цæсгон фæттар уй, æма фестуй æнкъард, æрхæндæг,
61. адæнæй æхе римæхсгæй, зæрдæрохсæй цæмæй кæнуйнаг адтæнцæ, еци хабари мастæй: æ ходуйнагдзийнадæн æй ниууадза уой, æви ‘й зменси банигæна? Куд æнæуагæ лæгъуз[9] сагъæс кæнунцæ етæ!
62. Ка не ‘ууæндуй федæнбæл, уонæн – фуддзийнади тухxæй æмбесонд, Хуцауæн ба – сиахъдæр æмбесонд. Е сиахъ æма сем æй!
63. Хуцау ку райдæдтайдæ адæни æфхуæрун сæ хæран гъуддæгтæбæл, уæд зæнхи цъарæбæл еу уодæгас дæр нæбал байзадайдæ. Фал син Е бæрæг рæстæгмæ æнгъуд раттуй. Се ‘нгъуди рæстæг ку ‘рхъæрта, уædта уонæн сæ бон нæбал бауодзæнæй и рæстæг нæдæр еунæг сахатмæ дæр бауорамун, нæдæр æй фæттагъддæр кæнун.
64. Етæ Хуцауæн раттунцæ, сæхецæн æнæуинон ци ‘й, уой, æма се ‘взæгутæ ба, уонæн рæсугъд ци ‘й, уæхæн мæнгædзийнадæ федеунцæ. Æнæмæнгæ, уонæн – арт, æма уони ниууагъдæ уодзæнæй!
65. Хуцауæй дин ард хуæрун, Мах рарвистан адæнмæ дæу размæ дæр, æма син сæ гъуддæгтæ Ибилис исрæсугъдтæ кодта. Е абони сæ сæрбæлдзорæг æй, æма уонæн æбуалгъ æфхуæрдæ уодзæнæй!
66. Мах дин киунугæ рарвистан, цæмæй син ду балædæрун кæнай, цæбæл

æй сæ буцæу, уой, – урнæг адæнæн æррæстæ над æма хуарзæнхæ.

67. Арвæй Хуцау æркодта дон, æрцардта зæнхæ æ фæсмæрдæ. Уастæн, уоми, ка игъосуй, еци адæнæн –ævдесæн!
68. Уастæн, сумахæн уæ фонси – Хуцауи уосиат. Уонæн сæ ахсæнти фагус, æма тоги æхсæн ци кæдзос æхсир ес, ниуазунæн æхцæуæн, уомæй уæ Мах дарæн.
69. Уæдта пальмити рæзæй æма сæнæфсери талатæй сумах есетæ уæхецæн хуæрз хуаллаг, уæдта расуггæнагæ ниуæзтæ. Уастæн, уоми зундгин адæнæн –ævдесæйнаг.
70. Æма Еунæхуцау байхæс кодта мудибиндзæн: "Аразæ дæхецæн хуæнхтæбæл дæр æма бæлæстæбæл дæр æма адæни азгъунстити дæр цæрæнбунæттæ.
71. Æма аллихузи рæзæй дæхе хацæ, æма дæ Хуцауи надбæл хæтæ уесгæй". Уонæн сæ хурфæй рацæуй аллихузон ниуæзтæ, кæци адæнæн æй хуасийнæ. Уастæн, уоми, сагъæс ка кæнуй, еци адæнæн –ævдесæйнаг!
72. Хуцау уæ исфæлдиста, уой фæсте ба уæ Е æрæнцойнæ кæндзæнæй. Уе 'хсæн фæууй уæхæнттæ дæр, кæцитæ раздæхунцæ фуд æнахъинондæр цардмæ, раздæриккон царди ци зонундзийнæдтæ адтæй, уони фесафгæй. Уастæн, Хуцау зонæнгин æма тухгин æй!
73. Царди хуæрзеугутæй еуети иннети рази Хуцау хъæбæрдæр фæххайгин кодта. Фал ка хайгиндæр æй, етæ сæ хаййæй неци фæууодзæнæнцæ, сæ цæстæ кæбæл æрхуæстæй, уонæн, цæмæй се 'мбай ма исуа. Ædта уотемæй дæр ма етæ Хуцауи хуарзæнхæ нецæмæ æрдардзæнæнцæ?
74. Хуцау уин уæхе 'хсæнæй равардта уоститæ, æма уин уæ уоститæй ба равардта цæуæт æма цæуæти цæуæт, æма уæ алли хуарзæнхæй хайгин фæккодта. Уотемæй ма, ædта, етæ мæнгæбæл æууæндунцæ, Хуцауи хуарзæнхæбæл ба не 'ууæндунцæ?
75. Æма етæ ковунцæ Хуцауæй фæстæмæ ма, уæлæбæл дæр æма дæлæбæл дæр ка некæмæ æма нецæмæ барæ даруй æма æ бон кæмæн неци 'й, уонæмæ.

76. Хуцауæн æмбесæндтæ ма хæссетæ. Уастæн, Хуцау зонуй, сумах ба нæ зонетæ!
77. Хуцау уи дæнцæн æрхæссуй цагъайраг-уацайраги, кæцимæ Мах нæ хуарзæнхæй кæмæн бахай кодтан æма етæ сосæй дæр æма æргомæй дæр кæмæй харз кæнунцæ, уонæй имæ æппундæр неци ес. Мийяаг, етæ æнхузæн æнцæ? Табу Хуцауæн! Фал уонæй сæ фулдæретæ уой нæ лæдæрунцæ!
78. Æма Хуцау ракæнуй дууей æмбесонд: еу – къуæтти, нецигъон, æма е æ хецауæн дзæгъæл уаргъ æй. Кумæдæриддæр æй нæ рарвета, е æрæздæхуй æнæ неци. Æма, мийяаг, е, рæстдзийнадæмæ ка цибæл кæнуй, раст надбæл лæугæй, уой хæццæ æнхузæн æй?
79. Хуцауи бæрни ‘нцæ сосгъуддæгтæ уæлæбæл дæр, æма дæлæбæл дæр. Сахати ралæуд цъæсти никъулдау æй, кенæ ба никки хæстæгдæр. Уастæн, Хуцау алли гъуддагбæл дæр тухгин æй!
80. Æма уæ Хуцау уæ мади губунтæй ракодта неци зонгутæй. Фал уин Е равардта игъосундзийнадæ, уинундзийнадæ, зæрдитæ, – мусийнæ, сумах уодзинайтæ боз!
81. Гæр етæ нæ уинунцæ цъеути, арви уæлдæфи æвæлмонæй: уони уорамуй æрмæст Хуцау. Уастæн, уоми урнæг адæнæн æвдесæйнаг ес!
82. Хуцау уин уæ хæдзæртти равардта цæрæнуат æма уин фонси цæрттæй равардта хæдзæрттæ, кæцити æнцонæй уæ хæццæ рахæссетæ уæ рацуди бон æма уе ‘рлæууæн бони; сæ гъун æма сæ цъоппæй ба – дзаумæуттæ æма си рæстæгмæ пайда кæнундзийнадæ.
83. Æма уин Хуцау, ци сфæлдиста, уомæй равардта хорауюн, æма уин равардта легдонæ хуæнхти, æма уин равардта дараес, кæци уæ гъæуай кæнуй тæвдæй, æма уин равардта дараес[10], кæци уæ гъæуай кæнуй уæхе мастигараей. Уотæ уин Е фæууй Æ хуарзæнхæй, – мусийнæ, æма уæхе бафæдзæхсдзинайтæ!
84. Фал етæ сæхе ку рахатонцæ, уæдта дæубæл – æрмæст фегъосун кæнуни ихæс.

85. Етæ Хуцауи хуарзæнхæ базонунцæ, уæдта ‘й фæййеппард кæнунцæ, уомæн æма уонæн сæ фулдæр хай æнæууæнкæ ‘нцæ.
86. Мах сæмæ æвдесæн ци бон рарветæн, еци бон, ка не ‘ууæндтæй, уонæн нециаваер барæ бал лæвæрд æрцæудзæнæй æма син хатиргонд нæбал уодзæнæй.
87. Раст ка нё адтæй, етæ бафхуæрддзийнадæ ку фæууинонцæ, уæдта син нæ фенцондæр уодзæнæй æма син нæбал æрцæудзæнæй æнгъудгонд.
88. Хуцауæн æмбæлттæ ка ирдта, етæ се ‘мбæлтти ку фæууинонцæ, уæд зæгъдзæнæнцæ: “Еунæхуцау! Етæ, Дæуæй фæстæмæ ма кæмæ кувтан, махæн еци æмбæлттæ ‘нцæ”. Фал сæмæ етæ[11] багæлдздзæнæнцæ дзурд: “Сумах фæлтухъатæ айтæ!”
89. Æма уæд Хуцауæн бауесæн кæндзæнæнцæ, æма си байаууон уодзæнæй, етæ мæнгæй цитæ имистонцæ, е.
90. Ка не ‘ууæндтæй æма Хуцауи надæй ка рахизтæй, уонæн ба Мах се ‘фхуæрдæбæл ма уæластæн æфхуæрдæ бафтаудзинан, æнаккагдзийнадæ ке парахат кодтонцæ, уой тухxæй.
91. Æрхъæртдзæнæй еци бон, æма алли адæнихаттæй дæр уони нихмæ Мах исивæрдзинан æвдесæн, æма дæу ба æрбахондзинан æвдесæнæй ани[12] нихмæ. Æма дин Мах рарвистан киунугæ алци балædæрун кæнунæн, уæдта куд раст над, хуарзæнхæ æма цийнаг хабар пусулмæнттæн.
92. Уастæн, Хуцау уи дæмуй рæстдзийнадæ, хуарз гъуддæгтæ æма хецонтæн лæвæрттæ; æма уæ хезуй илгъаг, фуд гъуддæгтæй æма æгоммæгæсадæй[13]. Е уæмæ Æхе хатуй: мусийнæ, æма фæффæсмон кæндзинайтæ!
93. Хуцауи хæццæ ци бардзурд ниффедар кодтайтæ, уой раст æнхæст кæнетæ, æма уæ соми ма ихалетæ, ку ‘й ниффедар кæнайтæ, уæд уой фæсте: сумах уæхе бакодтайтæ Хуцауи евгед. Уастæн, Хуцау зонуй, сумах ци кæнетæ, уой!
94. Хецæн ælвист хæлттæ федар сбийгæй сæ уæдта ка райхалдта, еци силгоймаги хузæн ма уотæ. Уæ сомитæ кæрædзей æхсæн мæнгæ фестун

кæнтæ, уомæн æма еу адæнихатт иннемæй фулдæр æй. Хуцау уæ уомæй фæлваргæ кæнуй, æма уин Е балæдæрун кæндзæнæй исæндедзæн бони цæбæл буцæу кæнтæ, уой.

95. Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæдта уæ искодтайдæ еу адæнихатт. Фал Е, ке ‘й фæндуй, уони фесинмæ кæнуй, æма ке ‘й фæндуй, уони ба æррæстæ надбæл аразуй, æма уæдта ци кодтайтæ, уобæл фарст æрцæудзинайтæ.

96. Æма уæ сомитæ, цит, кæрæдзей астæу мæнгæттæмæ ма хатетæ, цæмæй, федар лæууни фæсте, уæ къах ма фæггура, кенæ ба сумах бавзардзинайтæ устур фуд, Хуцауи надæй ке рахизтайтæ, æма уæ уæд уой туххæй æнæуагæ æфхуæрдæ баййафдзæнæй.

97. Æма Хуцауи хæццæ бадзурдбæл аслан аргъæй ма ‘лхæнæ! Уастæн, сумахæн Хуцаумæ ци ес, е дзæвгарæ хуæздæр æй, кæд уой лæдæретæ, уæд!

98. Сумахмæ ци ес, етæ фесæфдзæнæнцæ; Хуцаумæ ци ес, етæ ба æносмæ дæр уодзæнæнцæ: æцæгæйдæр, уалгæдзонтæн хуæрзеугутæ Мах фæууодзинан, ци бакодтонцæ, уомæй фулдæр.

99. Хуарз гъуддæгтæ ка аразта – лæг уа кенæ уосæ – урнæг кæд æй, уæд æй Мах æригас кæндзинан хуæрз цардæй æма ци бакодта, уомæй фулдæр хуарз ин фæууодзинан.

100. Æма Хъуран ку кæсай, уæд Хуцауæй корæ дæхе дортæй хуаст Ибилисæй багъæуай кæнундзийнадæ.

101. Уастæн, уомæ[14] неци хъаурæ ес, ка баууæндтæй æма æхе Хуцаубæл ка бафæдзахста, уони нихмæ.

102. Æ хъаурæ цæуй æрмæстдæр æхецæн æй ауодæгæй ка исæвзурста æма Хуцауæн æмбæлттæ ка раттуй, уонæбæл.

103. Æма Мах еу æвдесæйнаг æндæр æвдесæйнагæй ку баййевæн, – уастæн, Хуцауæй хуæздæр зонуй, ци ‘рветгæ ‘й, уой, – уæд етæ фæззæгъунцæ: “Ду æрмæст имисагæ дæ!” Нæхъ, сæ фулдæретæ нæ лæдæрунцæ!

104. Зæгъæ: “Уацæ мон[15] æй нирвиста[16] дæ Еунæхуцауæй уацæгади, цæмæй ка бауувæндтæй, уони ниффедар кæна, уæдта син разамонæг æма пусулмæнттæн цийнаг хабарæн фæууа”.

105. Етæ ци дзорунцæ, уой Мах зонæн: “Уой æрмæст адæймаг ку ахур кæнуй”. Етæ ци ‘взагмæ амонунцæ, е æндæр адæнихатти æвзаг æй, а ба кæдзос араббаг æвзаг æй.

106. Уастæн, Хуцауи æвдесæнтæбæл ка не ‘ууæндуй, уони Хуцау раст надбæл нæ рахондзæнæй, уонæн – æбуалгъ æфхуæрдæ!

107. Уомæн æма Хуцауи æвдесæнтæбæл ка не ‘ууæндуй, етæ æрмæст мæнгитæ имисунцæ, æма етæ мæнгæ адæн æнцæ.

108. Хуцауи ка райеппард кодта, ку ‘йбæл бауувæндтæй, уой фæсте – æнæбари еппард кæнгæ кæмæн рауадæй, фал æ зæрди ба е ‘ууæнкæ федарæй кæмæн байзадæй, уонæй уæлдай – ка байгон кодта æ реу æнæууæнкæн, æрмæст уонæбæл уодзæнæй Хуцауи бæллах, æма уони устур æфхуæрдæ æййафдзæнæй.

109. Е уой тухxæй, æма етæ а дуйнебæл цард федæни цардæй фулдæр бауарзтонцæ, уæдта уой тухxæй, æма æнаккæгти нæ рæствæндаг кæнуй Хуцау.

110. Етæ æнцæ Хуцау ке зæрдитæбæл, гъостæбæл, цæститæбæл ниввардта мухур: етæ æнæмætæ ‘нцæ æма не ‘гъосунцæ, æма, æнæмæнгæ, федæни царди етæ уодзæнæнцæ базæрангонди бунати.

111. Фал мухадзир ка иссæй, берæ зинтæ бавзаргæй, уæдта æууæнки сæраппонд тох ка кодта æма ка бухстæй зинтæн, уонæн, уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

112. Æрхъæртдзæнæй уæхæн бон, æма алли уод дæр æрцæудзæнæй æхе гъæуай кæнунмæ, æма алли уодæн дæр ци бакодта, уобæл æнхæстæй лæвæрд уодзæнæй, æма етæ зæрдихудт нæ уодзæнæнцæ.

113. Æма Хуцау æрхæссуй дæнцæн гъæу, кæци адтæй сабур æма æнцад: алли рауæнтæй имæ сæрæмæсти цудæй хæлцæ, фал е ба Хуцауи хуарзæнхæ нæ лæдæрдтæй, æма ин уæд Хуцау бавзарун кодта стонг æма

тасдзийнадæ, ци араздонцæ, уой тухæй.

114. Æма сæмæ сæхецæй минæвар æрбацудæй, фал æй етæ бадæндтонцæ мæнгæдзийнади, æма сæ æфхуæрдæ баййафта, уомæн æма етæ адтæнцæ зулун.

115. Ци ‘нгъезуй, уомæй уин Хуцау ци балæвар кодта, уомæй ахуадетæ æма Хуцауи хуарзæнхæй арази уотæ, кæд Ин коветæ, уæд!

116. Нæ уин æнгъезуй хуæрун æрмæст хуæдмæл, тог, хъибили фид, уæдта Хуцауи ном кæбæл не ссирдæй, уони. Фал гæнæн кæмæн нæ уа, æнаккаг æма знаг нæ уогæй, уонæн ба Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

117. Уе ‘взагæй цийфæнди мæнгæттæ ку хауа, уæддæр макæд дзоретæ: “Ай – æнгъезуй, ай – не ‘нгъезуй”, цæмæй Хуцаубæл мæнгæттæ æримистæ уа. Уастæн, Хуцаубæл мæнгитæ ка имисуй, етæ амондгун нæ уодзæнæнцæ!

118. Идзæлæнтæ цубур æнцæ, фал уой фæсте бафхуæрдæ ба – æнæуагæ тухгин.

119. Уераг дин ка хæссуй, уонæн ба Мах бахъоди кодтан, раздæр дин ке радзурдтан, уони. Мах сæ нæ бафхуардтан, фал етæ сæхуæдтæ сæхе бафхуардтонцæ.

120. Фал, уастæн, æнæзонгæй фуддзийнадæ ка аразта, уой фæсте ба ка фæффæсмон кодта æма æ фуддзийнадæ хуарздзийнадæй ка нихгæдта, уонæн ба дæ Еунæхуцау уой фæсте – хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ!

121. Уастæн, Ибрæгим имам адтæй, Хуцаубæл æновуд, æцæг ханиф, æма берæ хуцæуттæмæ ковгути хигъдæй нё адтæй,

122. Боз адтæй Æ хуарзæнхæй, æма ‘й Е равзурста æма ‘й раст надбæл исаразта.

123. Æма ин Мах а дуйнебæл хуарзæнхæ исаккаг кодтан, æма, уастæн, федæни е рæстæгти хигъди уодзæнæй!

124. Уой фæсте ба дин Мах баустан: “Ибрæгими, æцæг ханифи, дини

фæсте цо, уомæн æма е нæ адтæй берæ хуцæуттæмæ ковгутæй.

125. Æма æрмæст уонæн нисангонд æрцудæй сабат, ке ‘йбæл фæддехтæ ‘нцæ, уой туххæй. Уастæн, дæ Еунæхуцау син исæндедзæн бони, цæбæл адтæй сæ тауруз, уобæл æртæрхон кæндзæнæй!

126. Хуцауи надмæ седæ зундæй æма дзæбæх лædæрунгæнгæй æма сæмæ æтхалæ, куд хуæздæр æй, уотæ! Уастæн, дæ Еунæхуцау – Е хуæздæр зонуй Æ надæй ка фæккиудтæй, уæдта Е хуæздæр зонуй æррæстæ цæугути!

127. Æма æфхуæргæ ку кæнайтæ, уæдта æфхуæретæ, уæхуæдтæ ци æфхуæрд баййафтайтæ, уоййау. Ку ниббухсайтæ, уæд е ба уалгæдзонтæн хуæздæр æй.

128. Æма бухсæ, уомæн æма дæ бухсундзийнадæ æрмæст Хуцауи хæццæ ‘й, æма уони туххæй ба ма тухсæ, уæдта етæ ци налат миутæ кæнунцæ, уой туххæй унгæг ма кæнæ. Уастæн, Хуцау, ка тæрсуй, уæдта хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уони хæццæ ‘й!”

17-аг сураæ

Æхсæйвон хаст[1]

(аль-Исраъ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Æхсæвигон Æ цагъари ка фæххаста[2] тобæгонд мæзгитæй Аль-Акъсай[3] мæзгитмæ, кæций фалæнбулай Мах искодтан хуæрзирай, Не ‘вдесæйнæгтæ ин бавдесгæй, Уомæн табу уæд. Уастæн, Е алцийигъосæг æма алциуинæг æй!
2. Æма Мах балæвар кодтан Мусайæн Финстæг æма ‘й искодтан Израили фурттæн разамунд: “Мæнæй фæстæмæ уæхецæн ма есетæ баридауæг.
3. Уо, Нохи хæццæ ке ефхастан Мах, уони фæдонтæ! Уастæн, е адтæй Мæ бознæ цагъар!”

4. Æма Финстæги[4] Мах рахастан Езрай фурттæн унаффæ: “Уастæн, сумах а зæнхæбæл дууæ хатти[5] æнæгъдау миуæ бакæндзинайтæ, æма уæ фур хецмæрæй уæлбекъон исуодзинайтæ”[6].
5. Фиццаги туххæй æртхъерæн ку фецæг æй, уæд уæбæл Мах рауагътан нæ устур хъаури хецау цагъарти: етæ сæ хæдзæртти æхсæн бабурдæнцæ, æма байвæрзт æнхæст æрцудæй.
6. Уой фæсте ба уин Мах фæстæмæ равардтан æнтæстдзийнадæ сæ нихмæ: есбонæй æма фурттæй уæ исгъæздуг кодтан, æма уæ исберæ кодтан тохæгæй.[7]
7. Ци хуарздзийнадæ аразетæ, уой аразетæ уæхецæн, кæд фуд аразетæ, уæдта уой дæр – уæхецæн. Дуккаг развæдзæхсæни рæстæг ку ‘рхъæрттæй, (уæд уе знæгтæн барæ равардтан), цæмæй зæран æрхастайуонцæ уæ уиндæн, æма цæмæй бацудайуонцæ ковæндонæмæ, фиццаг хатт куд бацудæнцæ, уотæ, æма уоми цæбæлдæриддæр фæууæлеуæг адтайуонцæ, уони ниппурхæ кодтайуонцæ.[8]
8. Кайзонуй, æма уин Хуцау ниххатир кæндзæнæй, æма уотемæй сумах ку раздæхайтæ, уæдта Мах дæр раздæхдзинан æма æнæууæнкитæн ба зиндони искæндзинан ахæстдонæ.
9. Уастæн, аци Хъуран растдæр цирдæгæй æй, ецирдæмæ хонуй, æма хабар федеуй урнæгтæн,
10. хуарз гъуддæгтæ аразгутæн, кæци уонæн устур лæвар æй,
11. фал ка не ‘ууæндуй федæни цардбæл, уонæн ба Мах æрцæттæ кодтан фудæфхуæрдæ.
12. Адæймаг ба фудæнхæмæ дæр хуарздзийнадæмæ куд, уотæ ковуй, уомæн æма адæймаг æгæр тагъд кæнуй.
13. Æма искодтан Мах æхсæвæ æма бонæ дууæ æвдесæйнаги: æма Мах нийхалæн æхсæви æвдесæн æма бони æвдесæн ба искæнæн уинундзийнадæ дæттæг, цæмæй сумах уæ Еунæхуцауæй хуарзæнхæ агорайтæ æма цæмæй зонайтæ æнзти хигъд æма нимæдзтæ, æма алли

гъуддагæн дæр Мах исивардтан сæрфат.

14. Алли адæймаги бæрзæйбæл дæр Мах бафедар кодтан цъеу[9], æма ин рахæсдзинан исæндедзæн бони киунугæ, кæций е иссердзæнæй игонæй:
15. “Дæ киунугæ бакæсæ! Дæхе банимадт дæр фагæ ‘й!”
16. Раст надбæл ка цæуй, е æхецæн цæуй, ка рæдуйуй, е ба æхе зæранæн рæдуйуй: хæссæг инней уаргъ нæ фæххæсдзæнæй, æма Мах дæр, цалдæн минæвар-еу рарвистан, уæдмæ-еу неке бафхуардтан.
17. Ку нæ бафæндадтæй, цит, гъæу бабун кæнун, уæдта Мах нæ фæндон рарветианæ уоми Нæ хуæрзеугутæй хайгин ка фæууидæ, фал уæддæр æнаккагдзийнæдтæ ка аразта, уонæмæ. Æма уæд уонæбæл æрцæуидæ Нæ дзурд, æма ‘й бундзагъд никкæнианæ.
18. Æма цæйбæрцæ фæлтæртæ фесафтан Мах Нохи фæсте! Æма дæ Еунæхуцауи фагæ ес Æ цагъарти тæрегъæдтæ зонундзийнадæ æма уинундзийнадæ.
19. А царди усмæн хуæрзтæ ке гъæуй, уомæн сæ Мах фæттагъд кæнæн раттунмæ, кæмæн Нæ фæндуй, уонæн. Фал уой фæсте ба ин бæлдатгонд æй зиндонæ, цæмæй си е цæфса æгадæгондæй æма иливдæй.
20. Федæни дуйней æнос ка агоруй æма ‘ймæ куд æмбæлуй, уотемæй ка турнуй æхе Хуцаубæл бафæдзæхсгæй, етæ æнцæ Хуцау бозæй ке æновуддзийнадæ райсуй.
21. Мах алкæмæ дæр фæккæсæн – анæмæ дæр, уонæмæ дæр – дæ Еунæхуцауи лæвæрттæй. Æма дæ Еунæхуцау некæд неке фенæхай кæнуй æ лæвæрттæй.
22. Кæсай, Мах еуетæн иннети рази фулдæр куд равардтан, фал федæни цард ба фулдæр æй къæпхæнтæй дæр æма фулдæр æй уæлеуæгæй дæр.
23. Хуцауи хæццæ æндæр хуцаугонд ма иваерæ, цæмæй ма байзайай æгади бунати æма ходтуйнагæй.
24. Æма уин уæ Еунæхуцау фæдзæхсуй, цæмæй сумах ковайтæ Еунæг Уомæ, æма цæмæй уæ ниййергутæн хуарз уайтæ. Уонæй сæ еу, кенæ сæ дууæ дæр ку базæронд уонцæ, уæдта син ма зæгъæ “ту”, æма сæбæл ма

гъæр кæнæ, фал сæ хæццæ дзорæ уæзданæй.

25. Æма сæ дууей рази дæр дæ базур уесгæй æруадзæ дæ хуарзæнхæй æма, цит, зæгъæ: “Еунæхуцау! Ниххатир син кæнæ, етæ мæн куд исхастонцæ, уоййау”.
26. Еунæхуцау уæ зæрдити ци ес, уой хуæздæр зонуй, æма уæ гъуддæгтæ кæд рæстаг æнцæ,
27. уæд, уастæн, Е хатиргæнагæ ‘й, е ‘ргон имæ ка раздахуй, уонæн!
28. Æма куд æмбæлуй, уæхæн æгъдау раттæ дæ хæстæгæн дæр, мæгуræн дæр, бæлццонæн дæр, фал дзæгъæл хæрзтæ ба ма кæнæ,
29. уомæн æма дзæгъæл харзгæнæг Ибилиси æнсувæртæ ‘нцæ. Ибилис ба æ Еунæхуцауæй арази нæй.
30. Фал уонæй дæхе ку рахатай, уотемæй ба Хуцауи хуæрзтæй ку дæмай, уæд сæ хæццæ фæлмæн дзурд кæнæ.
31. Æма дæ къох дæ хъурбæл ма бæттæ[10], æма ‘й ма ивазæ е ‘ндæргъцæ[11], цæмæй ма байзайай фудгингондæй кенæ иливдæй.
32. Уастæн, дæ Еунæхуцау, кæмæн æй фæндуй, уомæн парахат кæнуй æ цийфес, кенæ райуаруй бæрцæбæл. Уастæн, Е Æ цагъарти зонагæ æма уинагæ ‘й!
33. Æма уæ сувæллæнттæ ма маретæ мæгурдзийнади тасæй: Мах фæххæсдзинан уони дæр, сумах дæр. Уони марун устур тæрегъæддзийнадæ ‘й!
34. Æма хъахбайдзийнадæмæ уæхе ма хæстæг кæнетæ, уомæн æма е илгъагдзийнадæ æма лæгъуз над æй!
35. Æма Хуцау циавæр уод нæ уадзуй марун, уони ма маретæ, æрмæст рæстбæл кёд уа, уомæй ёндёр. Æма уотемæй æнæрастæй мард еске ку ‘рцæуа, уæдта Мах æ хæстæгæн равардтан барæ, фал марундзийнади ма æгæр кæнæд. Уастæн, уомæн æнхусгонд æй.
36. Æма седзæри мулкмæ ма бахæстæг кæнтæ уæхе, æрмæст фæффулдæр кæнуни неттæй фæстæмæ, цалдæн е нæ рабайлæгъ уа, уæдмæ, æма уæ бадзурд æнæсайдæй æнхæст кæнетæ, уомæн æма уæ бадзурдбæл фарст

ærцæудзинайтæ.

37. Æма ку барайтæ, уæд и бæрци раст уотæ, æма раст ка баруй, уæхæн барæнтæй баретæ. Æппунфæстаг е сумахæн растдæр æма хуæздæр уодзæнæй.
38. Æма зонундзийнадæ дæмæ цæбæл нæййес, уой фæдбæл ма цо: уомæн æма гъос дæр, цæстæ дæр, зæрдæ дæр – се ‘гасæй дæр уобæл фарст æрцæудзæнæнцæ.
39. Æма хецмæрæй ма хæтæ а зæнхæбæл: мийяг, зæнхæ нæ ниббурæу кæндзæнæ æма бæрзæндæй хуæнхти æмсæр не ‘суодзæнæ!
40. Етæ æгасæйдæр Хуцауи Цæсти æгадæ æма илгъаг æнцæ.
41. Е, дæ Еунæхуцау дин Æ фастдзийнадæй ци бауста, уомæй еу хай æй; æма Хуцауи æмсæр æндæр хуцаугонд ма имисæ, кенæ ба зиндони амæттаг фæууодзæнæ фаудтæй æма æнæуинонæй!
42. Гæр, уотё æнгъæлетæ, æма Еунæхуцау æрмæст сумахæн раттуй фурттæ, Æхецæн ба райсуй изæдти æхсæнæй кизгуттæ? Сумах, уацæгæй, æнæуагæ дзурд зæгъетæ!
43. Мах аци Хъурани, уастæн, радзурдтан, цæмæй етæ расагъæс кæнонцæ æма сæ зæрдæбæл æрлæуун кæнонцæ, фал сæ е никки хъæбæрдæр байилгъ кæнун кæнуй.
44. Зæгъæ: “Уой хæццæ ма æндæр хуцæуттæ ку адтайдæ, етæ куд зæгъунцæ, уотæ, уæд етæ, æнæмæнгæ, над иссирдтайуонцæ Трони Хецаумæ”.
45. Табу Ин уæд, æма ци дзорунцæ етæ, уомæй Е бæрзæндти-бæрзонддæр æй!
46. Уомæн табу кæнунцæ авд уæларви, уæдта зæнхæ, уæдта уобæл ка ес, етæ. Неци ес уæхæнæй, Уомæн ка нæ табу кæнуй, фал сумах уони табу кæнундзийнадæ нæ лæдæретæ. Уастæн, Е сабур æма хатиргæнагæ ‘й!
47. Æма Хъуран ку фæккæсис, уæд Мах сос æмбæрзæн æруадзæн ка не ‘ууæндуй фæстаг цардбæл, уони æма дæу æхсæн.
48. Æма Мах сæ зæрдитæбæл исивардтан æмбæрзæн, цæмæй етæ уой[12] ма

лædæронцæ, сæ гъости ба – къурудзийнадæ.

49. Æма ду Хъурани еунæг ку исхонис Хуцауи, уæд етæ сæхе рахатунцæ илгъгæнгæй.

50. Мах хуæздæр зонæн, дæумæ игъосгæй етæ цæмæ байгъосунцæ, уæдта сæ сосæгдзубандити, уой. Мæнæ куд фæззæгъунцæ фесинмитæ: “Сумах æрмæст уæлмонц адæймаги фæдбæл цотæ!”

51. Кæсай, циаваер дæнцитæ дин æрхæссуйнаг æнцæ етæ, фал фæдздзæгъæл æнцæ æма над иссерун сæ бон нæй!

52. Æма етæ загътонцæ: “Ædта нур æстгутæ æма бурæгътæ кæми иссан, уоми ма нæуæг фæлдесондау æгасгонд æрцæудзинан?”

53. Зæгъæ: “Мадта уотæ дортæ дæр, кенæ æфсæйнаг дæр, кенæ уæ реуи æгæр устур ка ‘й, уæхæн фæлдесонд дёр!” Æма етæ зæгъдзæнæнцæ: “Æма нæ ка раздахдзæнæй?” Зæгъæ: “Фиццаг хатт уæ ка исæнтæста, е”. Æма дæмæ сæ сæртæ бателдзæнæнцæ æма зæгъдзæнæнцæ: “Кæд?” Зæгъæ: “Кайзонуй, æма е хæстæг æй”.

54. Е уæмæ фæстæмæ ци бон фæдздзора, æма ин табугæнгæй дзуапп ку раттайтæ, уæд рагъуди кæндзинайтæ, хъæбæр минкъий рæстæг ке фæцайтæ.

55. Æма Мæ цагъартæн зæгъæ, цæмæй етæ ци хуæздæр æй, уой дзоронцæ; уастæн, Ибилис уонæн се ‘хсæн æнхæлцæ багæлдзуй. Уастæн, Ибилис адæймагæн æргом æзнаг æй!

56. Уæ Еунæхуцау уæ хуæздæр зонуй. Уой ку бафæндæ уа, уæд уин ниххатир кæндзæнæй, ку ‘Й бафæнда, уæдта уæ бафхуæрдзæнæй. Мах дæ уонæн фæлгæсæгæй нæ рарвистан.

57. Æма дæ Еунæхуцау хуæздæр зонуй, уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр ка ес, уони. Æма пахампартæй Мах еуети иннетæй фæббæрзонддæр кодтан æма Дауитæн равардтан Псалтир.

58. Зæгъæ: “Уомæй æндæр ма ке ниффедар кодтайтæ, уонæмæ коветæ: уони бон нæ бауодзæнæй сумахæй фуддзийнадæ нæдæр райеуварс кæнун, нæдæр раййевун!”

59. Етæ кæмæ ковунцæ, уони сæхе дæр хъæбæр фæндуй сæ Еунæхуцаумæ бахæстæг унмæ над иссерун, æма си уонæй ка хæстæгдæр æй Уомæ, етæ дæр Ин Æ хуарзæнхæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ æма æфхуæрдæй тæрсунцæ, уомæн æма дæ Еунæхуцауи æфхуæрдæй, уастæн, хе гъæуай кæнун гъæуй![13]

60. Еунæг уæхæн гъæу дæр нæййес, Мах ке нæ бабун кодтан, кенæ ба карз ке нæ бафхуардтан исæндедзæн бони æнгъудмæ. Е киунуги финст адтæй!

61. Не ‘вдесæнтæ нирветунæй Нæ уорамуй æрмæст еци гъуддаг, æма раздæриккон адæнтæ сæ мæнгæбæл ке банимадтонцæ. Мах самудиантæмæ рауагътан силæ теуа, цæмæй етæ балædæрдтайуонцæ, фал етæ ба раст гъуддаг не саразтонцæ. Уастæн, Мах Не ‘вдесæнтæ рарветæн æрмæст балædæрун кæнунæн!

62. Æма дин мæнæ Мах загътан: “Уастæн, Хуцау адæнбæл хъæртуй!” Æма Мах, дæ цæстæ куд æрæстæфтайдæ, уотæ дин равардтан фæууиндæ, æрмæст адæнæн цибæлдзийнадæ æма бæласæ, кæци ælгъист æй Хъурани, æма сæ Мах тæрсун кæнæн, фал е никки дæр ма фетингдæр кæнуй син се ‘нæсæттондзийнадæ.

63. Æма мæнæ Мах загътан изædтæн: “Адамæн раковетæ!” – æма етæ дæр ракувтонцæ, Ибилисæй фæстæмæ. Е загъта: “Æдта нур æз, сигитæй ке исфæлдистай, уомæн раковдзæнæн?”

64. Загъта е: “Уинис Ду: айæ, мæн рази ке искадгин кодтай, е æй? Кæд мин исæндедзæни бонмæ æнгъуд искæнай, уædмæ ин æз, æстæнтæй фæстæмæ, æ цæуæт фесафдзæнæн”.

65. Загъта ин Е: “Рандæ уо! Æма уонæй дæ фædбæл ка рацæуа, уонæн ба ‘й Æз бахатдзæнæн зиндонæй, æнхæстæй син бахатдзæнæн!

66. Дæ бон си ке ‘й, уой цибæл кæнæ дæ гъæлæсæй, æма сæ нихмæ æмбурд кæнæ бæхæфсад æма фестæгæфсад, архайæ сæ хæццæ сæ бонгиндзийнади æма цæуæти, æма син иваерзæ, – уастæн, Ибилис æрмæст расайунæн иваерзуй!

67. Уастæн, дæу барæ нæ цæуй Мæн цагъартæбæл, – дæ Еунæхуцау дæр син фагæ ‘й гъæуайгæсæн!”
68. Науитæ ка тæруй денгизбæл, цæмæй уин Æ лæвæрттæй ердæуа хуарзæнхæ, е ёй сумах Хуцау; уастæн, Е уин тæрегъæдгæнагæ ‘й!
69. Денгизи уæбæл ести бæллах ку ‘рцæуа, уæдта, Мæнæй æндæр макæмæ коветæ, етæ нæ разиннунцæ уæ фарсмæ; æма уæ Е ку фæййервæзун кæнуй сор зæнхæмæ, уæдта уæхе рахатетæ. Уастæн, адæймаг куд æнæбоз æй!
70. Мийяаг уомæй хизт айтæ, æма уæ Е зæнхи хæццæ нæ ранихъуæрдзæнæй, кенæ уæбæл уаддунгæ дорти хæццæ нæ рарветдзæнæй. Фал уой фæсте ба сумах нæбал иссердзинайтæ уæ сæрбæлдзорæг.
71. Æви, мийяаг, уомæй хизт айтæ, æма уæ Е фæстæмæ уордæмæ нæ раздахдзæнæй æндæр хатт æма уæмæ сæрсæфæн уаддунгæ нæ рарветдзæнæй æма, æнаккаг ке айтæ, уой тухxæй уё нæ фесафдзæнæй? Фал уой фæсте ба сумах Мах нихмæ æнхусгæнæг нæбал иссердзинайтæ.
72. Мах искадæ кодтан Адами цæуæтæн æма сæ хастан сор зæнхæбæл дæр æма денгизбæл дæр, æма син бахай кодтан фарнæ, уæдта, ке исфæлдистан, уонæй берети æхсæн син уæледзийнадæ равардтан.
73. Æрцæудзæнæй еци Бон, æма Мах æрæмбурд кæндзинан æгас адæни муггаг дæр сæ уазихадзий хæццæ, æма æ рахес къохмæ лæвæрд кæмæн æрцæуа киунугæ, е æй байаргъаудзæнæй æма етæ финикки цъари бæрцæ дæр зæрангонд не ‘рцæудзæнæнцæ.
74. А царди хъæрæу ка адтæй, е ба федæни царди дæр хъæрæу уодзæнæй, æма никки хъæбæрдæр ба – надбæл фæдздзæгъæл уæвæг.
75. Уастæн, уони[14] берæ нæбал гъудæй дæу фæррæдуйун кæнун, Мах дин уацæгадæй ци байгон кодтан, уомæй, цæмæй Нæбæл æндæр ести æримистайсæ[15], – æма дæ уæд етæ сæхецæн лимæнæн райстайуонцæ.
76. Æма дæ Мах ку нæ фæффедар кодтаййанæ, уæд сæмæ уæддæр еу минкъий дæхе бакъолæ кодтайсæ.

77. Æма дин уæд Мах дувæлтæрæй исцумун кодтаййанæ а дуйнебæл дæр æма фæсмæрдæ дæр, цæмæй дæ уордæгæй раластаййанæ, æма уæд ду нæбал иссирдтайсæ Нæ нихмæ æнхусгæнæг.
78. Уонæн сæ нет адтæй ардæгæй дæ фæлледзæги кæнун, цæмæй си фæййеппард адтайсæ. Æма уæд етæ уоми берæ нæбал фæцайуонцæ дæ фæсте.
79. Уотæ ‘й Махæн нæ фæткæ пахампарти хæццæ, кæцити Мах рарветианæ дæ размæ, æма си ду нециаваер æййивддзийнæдтæ иссердзæнæ.
80. Хор æхсæви тармæ ку ракъолæ уа, уæд намаз кæнунбæл æрлæууæ, сæуæхседти ба аргъауæ Хъуран, уомæн æма, уастæн, сæуæхседти аргъаунæн æвдесæндартæ[16] ес!
81. Æма æхсæвæ барвæндонæй архайæ дæхе туххæй, – мусийнæ, дæ Еунæхуцау дин аккаг бунат рарветдзæнæй!
82. Æма зæгъæ: “Еунæхуцау! Уацæгади бацæуæнбæл мæ бахонæ æма мæ уацæгади рацæуæнбæл рахонæ, æма мин Дæхецæй æнхусæн раттæ хъаурæ æма баргъондзийнадæ”.
83. Æма зæгъæ: “Уацæгадæ æрцудæй æма мæнгæдзийнадæ фесавдæй: уастæн, мæнгæдзийнадæ исæфагæ ‘й!”
84. Æма Хъурани Мах рарветæн хуасийнæн ка фæууæ, уæдта урнæг адæнæн хуарзæнхæн, уони. Æнаккæгтæн ба фæффулдæр кæнуй сæ зæран.
85. Æма Мах адæймагæн ести хуарзæнхæ ку фæууæн, уæд е ба æхе рахатуй æма рандæ уй; фуд ибæл ку исæмбæлуй, уæдта хъурмæ кæнун райдайуй.
86. Зæгъæ: “Алкедæр æхе даруй æ уодикондмæ гæсгæ, æма Еунæхуцау ба хуæздæр зонуй, растдæр надбæл ка цæуй, уони”.
87. Етæ дæ фæрсунцæ уодбæл. Зæгъæ: “Уод мæ Хуцауи фæндонæй æй. Сумахæн æрмæст минкъий зонундзийнæдтæ лæвæрд æй”.
88. Ку нæ бафæндадтайдæ, уæд Мах, æнæмæнгæ, ци дин байгон кодтан, уони фæххастаййанæ, æма ду ба , уæд, нæбал иссирдтайсæ Нæ нихмæ

дæхецæн армадарæг,

89. дæ Еунæхуцауи хуарзæнхæй фæстæмæ. Дæуæн Уой хуæрзтæ хъæбæр бераæ ‘нцæ!

90. Зæгъæ: “Адæн æма дзинтæ ку æрæмбурд адтайуонцæ, цæмæй аци Хъурани хузæн ести исаразтайуонцæ, уæд уонæн сæ еуетæ иннетæн ку ангъос кодтайуонцæ, уæддæр уоййау нецихузи исаразтайуонцæ”.

91. Аци Хъурани Мах райвардтан аллихузи дæнцæнтæ, фал адæнæй сæ фулдæретæ ба ниббуцæу æнцæ, цæмæй æнаккæгтæ уонцæ, уой тухххæй.

92. Æма етæ загътонцæ: “Нæ дæбæл баууæнддзинан, цалдæн нин зæнхи бунæй сауæдонæ не стонун кæнай,

93. кенæ дæмæ цалдæн пальмитæ æма сæнæфсери хæццæ дзæхæра уа, æма се ‘хсæн ба цалдæн къанæуттæ рауадзай,

94. кенæ нæбæл, куд дзорис, уотæ тæгæлтæй арв нæ рауадзай, кенæ нæмæ цалдæн Хуцау æма изæдти хæццæ не ‘рбацæуай нæ размæ,

95. кенæ дæмæ цалдæн сугъзæрийнæй астард хæдзарæ уа, кенæ уаларвмæ цалдæн исфецауай, уæдмæ. Фал де сфецаудбæл дæр мах нæ бæууæнддзинан, цалдæн нин киунугæ æрхæссай, кæций мах байаргъаудзинан. Зæгъæ: “Табу мæ Еунæхуцауæн! Мийяг æз æрмæст адæймаг – минæвар нæ дæн?”

96. Разамунд сæмæ ке ‘рцудæй адæнмæ, уоми сæ баууæндунæй уорамуй æрмæстдæр ци дзорунцæ, етё: “Æдта нур Хуцау минæварæй адæймаги рарвиста?”

97. Зæгъæ: “Нур зæнхицъарæбæл изæдтæ æвæлмонæй ку хадтайуонцæ, уæд сæмæ Мах уæларвæй рарвистаййанæ минæварæй изæд”.

98. Зæгъæ: “Мæн æма сумах æхсæн Хуцауи æвдесæндардзийнадæ фагæ ‘й, уомæн æма Е Æ цагъарти тухххæй зонёнгин æма уинагæ ‘й!”

99. Æма Хуцау ке хонуй, етæ æррæстæ цæунцæ, рæдуйун ке кæнуй, уомæн ба Æхецæй фæстæмæ æндæр сæрбæлдзорæг не ссердæуодзæй. Мах сæ исæндедзæн бони æрæмбурд кæндзинан æгасæйдæр: хъæрæути, къуæттити, къурути, дæлгоммæ хъæнтти. Уонæн сæ бунат – зиндонæ:

куд нидæнгæнгæ æрцæуй, уотæ ‘й Мах фæттухгиндæр кæнæн.

100. Гъе уотæ син хадт æрцæуй ке не ‘ууæндтæнцæ Не ‘вдесæнтæбæл æма уотæ ке дзурдтонцæ: “Ædта нур мах æстгутæ æма сигит ку исуæн, уæд ма, мийяг, нæуæгæй æгасгонд æрцæудзинан?”

101. Гæр, етæ уой нæ фæууидтонцæ, æма арв дæр, зæнхæ дæр ка исфæлдиста æма син æнгъуд ка искодта, кæци дузæрдуггаг нæй, еци Хуцауи бон уони хузæнттæ исфæлдесун нæй? Фал æнаккæгтæ æнæууæнкæдзийнадæй фæстæмæ алцидæр фæййеппард кæнунцæ.

102. Зæгъæ: Нур мæ Хуцауи хæзнати хуарзæнхæ сумах ку адтайдæ, уæддæр сæбæл æрмæгур уни тасæй хуæстайяйтæ. Уастæн, адæймаг куд къинди æй!”

103. Мусайæн Мах равардтан фараст бæрæг æвдесæни. Бафæрсай Езрай фуртти, е сæмæ ку ‘рбацудæй, уæд Фёрёон загъта: “Мæнмæ гæсгæ, Муса, ду кæлæнти амæттаг дæ”.

104. Е загъта: “Зонис уой, æма ани исаразун æрмæст арв æма зæнхи Бардари бон адтæй, куд бæрæг æвдесæнтæ, æма мæнмæ гæсгæ ду, Фёрёон, исæфтдзаг дæ”.

105. Æма сæ уæд е сфæндæ кодта зæнхицъарæй фесафун, фал æй Мах дæлдон фæккодтан, уæдта ма æ хæццæ ка адтæй, уони дæр.

106. Уой фæсте ба Мах Езрай фурттæн загътан: “Цæретæ зæнхæбæл, фал байвæрзти рæстæг ку ‘рхъæрта, уæдта уæ еугурей дæр æрæмбурд кæндзинан Мах”. Æма ‘й уацæгади дæр Мах нирвистан[17], æма уацæгади æрцудæй е. Æма дæ Мах рарвистан æрмæст федеуæгæй æма игъосунгæнæгæй.

107. Æма Хъуран дæр хæйттæбæл Мах байурстан, цæмæй æй адæнæн кæсай æхсæнмæхсænти, æма ‘й Мах нирвистан æрвистæги.

108. Зæгъæ: “Æууæндетæ ‘йбæл[18] æви ‘йбæл не ‘ууæндетæ, фал зонундзийнадæ лæвæрд кæмæн адтæй æ размæ, етæ уой ку фæккæсиуонцæ, уæд сæ рехтæбæл æрхауиуонцæ, ковгæй, æма зæгъиуонцæ: “Табу нæ Еунæхуцауæн! Уастæн, нæ Еунæхуцауи

байвæрзт ænхæстæуй”.

109. Æма æрхаунцæ сæ рехтæбæл, кæугæй, æма е ба сæ уесæндзийнадæ фæттухгиндæр кæнунцæ.

110. Зæгъæ: “Хуацумæ ковайтæ, æви Рæхманмæ ковайтæ – кудфæндидæр Æй исхонетæ, уæддæр Уомæн тæккæ хуæздæр нæмттæ æнцæ”. Дæ кувд гъæрæй ма дзорæ, фал æй къускъусгæнгæй дæр ма дзорæ, фал анæн сæ астæути цотæ.

111. Æма зæгъæ: “Табу Хуцауæн, кæци Æ паддзахади Æхецæн нæ райста нæдæр сувæллæнттæ, нæдæр æмбæлттæ, æма Уой гъæуайгæнæг дæр нæ гъæуй!” Æма, табугæнгæй, федеуæ Е стуйради туххæй!

18-аг сурæ

Лæгæт[1]

(аль-Кахф)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Хуцауæн табу уæд, Æ цагъарæн киунугæ ка æрæрвиста æма си фесинмæ ка неци скодта! –
2. ёмй ‘й искодта æррæстæ, хъæбæр бафхуæрддзийнадæ зæрдæбæл æрлæуун кæнуни туххæй, ка æууæндуй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уонæн ба цийнаг хабар фегъосун кæнун, устур хуæрзеуæг син ке уодзæнæй, уой туххæй, – æма уоми уодзæнæнцæ æности; –
3. цæмæй бахезæн, уотæ ка загъта: “Хуцау Æхемæ фурт райста”.
4. Уонæмæ уой туххæй неци зонундзийнадæ ес, нæййес зонундзийнадæ сæ фиддæлтæмæ дæр. Устур дзурд исхаудтæй уонæн сæ цъухæй! Етæ æрмæст мæнгитæ дзорунцæ!
5. Цума ду сæ фæдбæл[2] дæхе бабун кæндзæнæ фур мёстæй, етæ аци историбæл ку нæ бауууæндонцæ, уæд.
6. Зæнхæбæл ци ес, уони мах искодтан æ рæсугъдæн, цæмæй сæ

бафæлварæн, уонæй æ миутæй ка хуæздæр æй, уобæл.

7. Æма Мах дæр, уастæн, цидæриддæр ибæл ес, уой æнæуæлтæг, сор мæрæ фестун кæндзинан.
8. Æви уотæ æнгъæлис, æма лæгæти уæвгутæ æма Рæхъимæ Не ‘вдесæнти æхсæн алæмæт адтæнцæ?
9. Уæд тæрнатæ банимæхстæнцæ лæгæти æма загътонцæ: “Нæ Еунæхуцау, Дæ хуарзæнхæй нæ хайгин фæккæнæ æма нин нæ гъуддаг фæррæстмæ кæнæ”.
10. Æма син и лæгæти Мах рахгæдтан сæ гъостæ берæ æнзти æндæргъцæ.
11. Уой фæсте ба сæ Мах райгас кодтан, цæмæй базудтаййанæ, и дууæ æхсæнадемæй ка хуæздæр банимайдзæнæй, и лæгæти ци æнзтæ фæцæнцæ, уой æрнæ.
12. Мах уин радзордзинан уони туххӑй æцæг хабар: уастæн, етæ Хуцаубæл ка бауўндтæй, уæхæн тæрнатæ адтæнцæ, æма сæ Мах дæр раст надбæл ниффедар кодтан,
13. ёма син сæ зæрдитæ дæр ниффедар кодтан, ку исистадæнцæ æма уотæ ку загътонцæ[3]: “Нæ Хуцау арв æма зæнхи Еунæхуцау æй, æма Ин мах Æ хæццæ нециаваэр æндæр хуцаумæ ковдзинан. Мах, уæд, æрнæбæл ка рахизтæй, уæхæн загъд кодтаййанæ”.
14. Атæ ба, нæ гъæуккæгтæ, Уомæй фæстæмæ ма æндæр хуцæуттæ дæр райстонцæ сæхецæн. Æма уæд уонæн цæмæннæ æнгъезуй сæ бареуæгдзийнади туххӑй æвдесæндар бавдесун! Хуцаубæл мæнгитæ ка имисуй, уомæй æнаккагдæр ма ес?
15. Æма уонæй, уæдта етæ цæмæ ковунцæ Хуцауæй æндæр, уомæй уæхе кæми райеуварс кодтайтæ, уой туххӑй ба уæхе бафæсвæд кæнетæ лæгæти. Хуцау уæбæл Ё хуарзæнхæй радаудзæнæй æма уин уæ гъуддæгтæ рæстмæ ракæндзæнæй.
16. Æма уинис, хор ку искастæй, уæд куд фæссерф кодта и лæгæтæй рахесæрдæмæ, нигулгæ ку кодта, уæдта райевгъудæй галеуæрдигæй, етæ ба уæгъдæ бунати астæуæй хъанæй лæудтæнцæ. Е Хуцауи

ævдесæнтæй æй: Хуцау ке рæстмæ кæнуй, е æррæстæ надбæл цæуй, ке фæккеун кæнуй Е, уомæн ба сæрбæлдзорæг, разамонæг нæбал иссердзæнæ.

17. Ду уотæ æнгъæл дæ, æма етæ игъал æнцæ, фал етæ фунæй æнцæ, æма сæ мах уæд рахес, уæд галеу фарсбæл разелæн, æма сæ куй дæр къæсæрбæл радаргъ кодта æ къæхтæ. Æма ду уони ку æрæстæфтайсæ, уæд ледзæги фæцайсæ, реу фуртæссæй байдзаг уогæй.
18. Уотемæй сæ Мах райгас кодтан, цæмæй кæрæдзей æрфæрститæ кодтайуонцæ. Сæ еу си загъта: "Æнæгъæнæ бон фæцан, æви бони 'рдæг?" Етæ загътонцæ: "Еунæхуцау æй хуæздæр зонуй, цæйбæрцæ фæцайтæ, уой. Уæ еуей хæццæ уе 'хцати хæццæ рарветеtæ горæтмæ: уадзæ æма æркæсæд, æ хуæруйнаг кæмæн кæдзосдæр æй, уомæ, æма уин хуæрдæ æрбахæссæд, фал æхе хезæд æма макæмæн базонун кæнæд сумах тухxæй.
19. Уомæн æма уæ ку иссеронцæ, уæд уæ дортæй фæххуайдзæнæнцæ, кенæ ба уæ сæхе динмæ раздахдзæнæнцæ, æма уæд нецихузи уодзинайтæ амондгун".
20. Мах уони тухxæй уомæн ратауræхъ кодтан, цæмæй се 'мгъæуккæгтæ зононцæ, цæйбæрцæбæл æцæг æй Хуцауи байвæрзт, æма сек мабал уа и сахатбæл. Кæсай, сæ гъуддаги куд исдзурдтаг æнцæ æма загътонцæ: "Исаразетæ сæ сæрмæ азгъунст!" Фал сæ Еунæхуцау уони тухxæй хуæздæр зонуй. Æма уонæй сæ гъуддаги ка фæууæлахез æй, етæ загътонцæ: "Уастæн, мах сæ сæрмæ исараздзинан мæзгит!"
21. Зæгъдзæнæнцæ етæ: "Æртемæй, цуппæрæймаг ба син куй æй", – æма зæгъдзæнæнцæ: "Фондземæй, æхсæзæймаг ба – куй", – ци нæ зудтонцæ, уобæл æнгъæлцитæй дзоргæй, уæдта зæгъдзæнæнцæ: "Авдемæй, æстæймаг ба – куй". Зæгъæ: "Мæ Еунæхуцау син сæ нимæдзæ хуæздæр зонуй. Æрмæст æстæнтæ 'й зонунцæ".
22. Æма сæ хæццæ ма загъд кæнæ, и загъд тæккæ уоми лухгонд ку нæ цæуа, уæд, æма си уонæбæл маке фæрсæ.

23. Мацæбæл дзорæ уотæ: “Ай исон искæндзæнæн”, нæ бафтаугæй: “Хуцауи ку бафæндæ уа”[4]. Уотемæй æй ку феронх уай, уæдта уæддæр дæ Еунæхуцауи æримисæ æма зæгъæ: “Кæдима мæ мæ Еунæхуцау раст надмæ исаразидæ”.
24. Æма и лæгæти фæцæнцæ æртæсæдæ анзи æма ма ‘йбæл бафтудтонцæ фараст.
25. Зæгъæ: “Етæ цæйбæрцæ фæцæнцæ уоми, уой Хуцау хуæздæр зонуй. Арви æма зæнхи сосгъуддæгтæ дæр уомæ ‘нцæ. Куд хуарз уинуй æма игъосуй Е! Уомæй фæстæмæ уонæн æнхусгæнæг нæййес, æма Æ рахаст фæндонæн дæр æмбæлттæ нæ кæнуй”.
26. Æма дин Хуцауи киунуги ци лæвæрд ес, уой аргъауæ: неке ес уæхæн, æ дзурдтæ Ин ка раййева, æма ду дæр Уомæй фæстæмæ æндæр ауодæг нæбал иссердзæнæ.
27. Дæ уодæй аразийæй æма сабурæй цæрæ, хорискасти дæр æма хорнигулди дæр Хуцаумæ ка ковуй, Æ боздзийнадæ ин агоргæй, уони хæццæ. Дæ цæститæ уонæй ма райеуварс кæнæ, хæстæг царди æртевæнтæмæ бæлгæй, æма, Мах ке зæрдитæ рахгæдтан, цæмæй нæ феронх кæнонцæ, æма æ цибæли фæдбæл ка цæуй, æ гъуддæгти фегæр уогæй, уони фæдбæл ма цо.
28. Æма зæгъæ: “Уацæгадæ дæ Еунæхуцауæй æй: ке фæндуй, е æууæндæт, ке нæ фæндуй, е ба ма ‘ууæндæт”. Æнаккæгтæн Мах æрцæттæ кодтан арт, кæци сæбæл уосонгау æртумугъ уодзæнæй. Æма уотемæй æнхусмæ ку раседонцæ, уæдта син фенхус киндæ уодзæнæй тад æфсæйнагау донæй, кæци син содздзæнæй сæ цæсгæнттæ. Илгъаг цумуйнаг æй, æма лиагъæ легдонæ ‘й е!
29. Ка бауууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уастæн, хуарз ка кæнуй, уони хуæрзеуæг фесæфун Мах нæ бауаддзинан.
30. Уонæн – præзбунтæ, цæугædæнтти хæццæ. Етæ сæхе исфæлунддзæнæнцæ сугъзæрийнæ цæнгдарти, сæхе истахдзæнæнцæ цъæх æхсуарæ æма хæрдгæ дарæси, рæсугъд сиретæбæл бадгæй. Куд

кадгин лæвар æй е! Куд хуарз æнцойни бунат æй!

31. Дæнцæн син æрхæссæ дууæ адæймаги: еуемæн си Мах исаразтан сæнæфсери хæццæ дууæ дзæхæрай, тумугъæй ибæл ниссагътан пальмитæ æма се ‘хсæн ба исаразтан хумтæ. Дууæ дзæхæрай дæр равардтонцæ берæ тиллæг æма си æппундæр неци базæран æй.

32. Се ‘хсæн ба рауагътан дон. Уомæ адтæй рæзæ, æма æ хæццæ ка дзубанди кодта, еци ‘мбалæн е загъта: Æз гъæздугдæр дæн мулкæй æма хъалдæр дæн ангъосгæнгутæй”.

33. Æма бацудæй æ дзæхæрамæ, æхе бафхуæргæй, æма загъта: “Нæ дæн æнгъæл, æма айæ ескæд фесæфа.

34. Нæ дæн æнгъæл, æма æрцæудзæнæй рæстæг. Мæ Еунæхуцаумæ ку раздæхон, уæдта раздæхунæн амæй хуæздæр ести фæййамал кæндзæнæн”.

35. Дзубандигæнгæй ин е ‘мбал загъта: “Гæр, сигитæй, уæдта дæ æртæхæй ка исфæлдиста æма дæ адæймаги хузæн уæдта ка исамадта, уобæл не ‘ууæндис?

36. Мæнæй ку зæгъай, уæд – Е мæнæн мæ Хуцау, мæ Еунæхуцау æй, æма Ин æз неке кæнун Уомæн æмбал!

37. Æма, дæ дзæхæрамæ бацæугæй, уотæ ку загътайсæ: “Алцидæр Хуцауи фæндонæй æй! Æма æрмæст Хуцауи фæрци æй мæ хъаурæ. Кæд мæ дæхецæй мæгурдæрæй уинис æхцайæй дæр æма сувæллæнттæй дæр,

38. уæд, кайзонуй, æма мин Еунæхуцау дæу дзæхæрайæй хуæздæр ратдзæнæй, дæууонбæл ба ести бæллах æрцæун кæндзæнæй арвæй æма дин лигъз къолæ фестдзæнæй,

39. кенæ и дон зæнхи скъуди рансуфдзæнæй, æма æй дæ бон нæбал исуодзæнæй иссерун”.

40. Æма базæран æнцæ æ рæзбунтæ, æма æ фур хъурмæй, и дзæхæрабæл уойбæрцæ хъиамæт ке никкалдта æма нур ба бун зæран ке бацæй, уой туххæй æ къохтæ цæгъдун райдæдта, æма загъта: “Дæдæдæй! Нур мæ Еунæхуцауи хæццæ ку некебал æфтудтайнæ!”

41. Æма неке разиндтæй уæхæн, Хуцауæй æндæр ин ка фæййангъос кодтайдæ, æма æнæ æнхусæй байзадæй.
42. Ærмæст Еунæхуцаумæ, æцæг Хуцаумæ, агоргæй æнхусдзийнадæ æма хе фæййервæзун кæнундзийнадæ! Хуæрзеуæги дæр æма кæрони дæр Уомæй хуæздæр неке ес.
43. Ду син дæнцæн æрхæссæ а дуйнебæл царди тухxæй: е дони ‘ртæхау æй, кæций Мах æрветæн арвæй: зæнхи уæлтæг æй ранихъуæруй, фал уæдмæ ба ниссор уй, æма хускъæ хотхæ фестуй, кæций дунгитæ хæссунцæ уæлдæфи. Уастæн, Хуцау алли гъуддагбæл дæр баргъон æй!
44. Гъæздугдзийнадæ æма фурттæ а дуйнебæл ærмæст уæ цард барæсугъд кæнунæн æнцæ, фал хуæздæр гъуддæгтæ кæми ‘нцæ, е ба – хуæздæрти хуæздæртæ, хуæрзеуæгæй дæр æма æнгъæлцадæй дæр, дæ Еунæхуцаумæ ‘нцæ.
45. Хуæнхтæ сæ бунатæй ци бон фенкъусун кæнæн Мах, еци бон зæнхæ ду фæууиндзæнæ тъæпæнæй, æма, уæд, Мах æрæмбурд кæндзинан æгасейдæр, еунæгей дæр нæ ниууадзгæй.
46. Æма рæнгъитæй ærлæудзæнæнцæ сæ Еунæхуцауи размæ. Ærбацудайтæ Нæмæ сумах, райдайæни уæ куд исфæлдистан Мах, уотемæй. Фал куд нæ! Сумах уотæ æнгъæл адтайтæ, æма уин Мах рæстæгмæ æнгъуд не скодтан.
47. Æма киунугæ æрæвардæй, æма ду уинис тæрегъæдгунти, ци си ес уоми, уомæй тæрсгæй. Етæ дзорунцæ: “Сар нæ сар! Циаваер киунугæ ‘й айæ, еунæг гъуддагдæр æнæ æрæстæфгæй ка нæ ниууагъта, цийфæнди кисин адтæй, уæддæр?!” Æма уоми комкоммæ фæууиндзæнæнцæ, цидæриддæр бакодтонцæ, уони. Дæ Еунæхуцау неке æфхуæруй!
48. Æма мæнæ изæдтæн Мах загътан: “Раковетæ Адамæн!” Æма ин етæ ракувтонцæ, Ибилисæй фæстæмæ. Е дзинтæй адтæй æма Хуцауи надæй фæккиудтæй. Æма нур, ædта, сумах уой æма уомæн æ цæуæти райсдзинайтæ Мæн бæсти сærбæлдзорæгæй. Етæ сумахæн уе знаг æнцæ. Ænаккæгтæн хъæбæр лæгъуз æй се ‘ййевдзи!

49. Арв, зæнхæ, æма уони сæхе ку фæлдистон, уæд сæмæ Æз æвдесæндараæй нæ фæдздзурдтон. Æма надæй рахезгути дæр Æз нæ райсдзæнæн æнхусгæнгутæй.
50. Еци бон Е зæгъдзæнæй: "Сумах ме 'мсæр ке скодтайтæ, уонæмæ нур ба фæдздзоретæ". Етæ сæмæ фæдздзурдтонцæ, фал син етæ дзуапп нæ равардтонцæ, æма Мах се 'хсæн исаразтан сæрсæфæн.
51. Æма тæрегъæдгунтæ фæууиндзæнæнцæ дзаханамани арт, уой амæттаг ке фæууодзæнæнцæ, уой æнкъаргæй, фал син нæ бантæсдзæнæй уомæй сæхе бахезун.
52. Аци Хъурани адæнæн Мах æрхастан аллихузи дæнцæнтæ, фал адæймаг хъæбæр къойдор æй!
53. Адæнмæ разамунд[5] ку 'рцудæй, уæд сæ ци хъор кодта бауудæндунбæл æма сæ Еунæхуцауæй хатир ракорун, цæмæй сæбæл сæ фиддæлти бæллах ма 'рцæуа кенæ сæ лæгæй-лæгмæ ма баййафа æфхуæрдæ?
54. Æма Мах, федеуæгæй æма баруагæс кæнунæй æндæр нецæй тухxæй рарветæн Нæ минæвæрттæ. Æма дзансахъ кæнунцæ, ка нæ бауудæндтæй, етæ мæнгæй, цæмæй уацæгадæбæл фæууæлахез уонцæ. Æма етæ Не 'вдесæнтæ, уёдта сæ цæмæй æруагæс киндæй, уони райсунцæ айуангæнгæй.
55. Æма, Хуцауи æвдесæнтæ кæмæн уст æрцудæнцæ æма си æхе ка рахадта, æ къохтæ ци исаразтонцæ, уой феронхгæнгæй, уонæй хъæбæрдæр ка ænаккагдæр æй. Уонæн Мах сæ зæрдитæбæл æмбæрзæнтæ æритудтан, цæмæй æй[6] ма балæдæронцæ, сæ гъости ба – къурудзийнадæ.
56. Æма сæмæ æррæстæ надмæ ку фæдздзорай, уæддæр имæ етæ над не ссердзæнæнцæ.
57. Уæ Еунæхуцау ба хатиргæнагæ, уодибæсти хецау æй. Уой ку фæндадтайдæ уони бафхуæрун, ци син исаккаг киндæй, уой тухxæй, уæд, æнæмæнгæ, Е син сæ бафхуæрдæ фæттагъддæр кодтайдæ. Фал уонæн рæстæгмæ æнгъуд лæвæрд ес, æма Уомæй фæстæмæ некæмæ иссердзæнæнцæ лигъдонæ.

58. Уотæ еци гъæутæ дæр, ænаккаг ку иссæнцæ, уæд бабун кодтан, æма се сæвдæн исæнгъуд кодтан бæлвурд рæстæг.
59. Мæнæ Муса æ унæут лæхъуæнæн[7] зæгъуй: “Æз не ‘рлæудзæнæн, цалдæн дууæ денгизи кæми исæмбæлунцæ, уой уæнгæ нæ бахъæртон, цийфæнди берæ æнзтæ ку багъæуа, уæддæр”.
60. Уой уæнгæ ку бахъæрттæнцæ, уæдта денгизмæ æррæстæ ци кёсалгё нийярæцæн æй, уой тухxæй си феронх киндæй.
61. Е ку рандæ ‘й, уæдта æ унæут лæхъуæнмæ дзоруй: “Рахæссай нин нæ рæфтад, нæ фæндагæй хъæбæр бафæлмæстан”.
62. Фал е загъта: “Гъуддаг уой медæги ‘й, æма къæдзæхи рази ку бафæсвæд кодтан, уæд кæсалги тухxæй феронх дæн. Æрмæст Ибилис мæ феронх кæнун кодта, цæмæй мæ зæрди ма ‘рæфтудайдæ, æма е дæр дессагæн æ над денгизмæ исаразта”.
63. Е дæр загъта: “Мах дæр уотæ ку фæндадтæй”. Æма сæ дууæ дæр сæ байвæд раздахтæнцæ фæстæмæ.
64. Етæ уоми иссирдтонцæ Нæ цагъартæй еуей[8], кæцимæн Мах балæвар кодтан Нæ хуарзæнхæ æма ‘й исахур кодтан зундбæл æма Мах тухxæй зонундзийнадæбæл.
65. Муса ин загъта: “Æнгъезуй мин дæ фæдбæл рацæун, цæмæй, æцæг нади тухxæй ци зонис, уомæй мæ уæддæр еу хайбæл куд исахур кæнай?”
66. Фал ин е дзуапп равардта: “Дæу бон не суодзæнæй ниббухсун мæ хæццæ,
67. уогæ куд гъæуама ниббухсай, ци гъуддаг дин лæдæрд нæй, уоми?”
68. Е ин загъта: “Ду мæ иссердзæнæ, Хуцауи ку бафæндæ уа, уæд уалгæдзонæй, æма дæ фæндæнттæй еунæгебæл дæр нæхъ нæ зæгъдзæнæн”.
69. Е загъта: “Мæ фæдбæл кæд цæуис, уæд мæ мацæбæл бафæрсæ, цалдæн дин мæхуæдæг нæ зæгъон”.
70. Æма рандæ ‘нцæ. Æма цолахъи ку бахизтæнцæ, уæдта æй е æвеппайди фæххункъæ кодта. Æма ‘й Муса, нæ фæггæдзæ гæнгæй, рафарста:

“Хункъæ си уой тухæй фæккодтай, цæмæй си ка ес, уони фесафай? Цидæр æнахур æй дæ миуæ!”

71. Е ин дзуапп равардта: “Миййаг, æз дин нæ загътон, мæ хæццæ ке не суодзæнæ гæдзорамæ?”

72. Е загъта: “Ке ми феронх æй, уой тухæй мин ма уайдзæф кæнæ, æма мæбæл мæ гъуддаги æгæр уаргъ ма иваерæ”.

73. Æма рандæ ‘нцæ. Æма еу биццеубæл ку рамбалдæнцæ, уæд æй е рамардта, ёма ‘й, уёд, е фæрсуй: “Гæр ду, е марæг нæ уогæй, сугъдæг уод рамардтай? Арфиаг гъуддаг не саразтай!”

74. Е ин дзуапп равардта: “Миййаг, æз дин нæ загътон, мæ хæццæ ке не суодзæнæ гæдзорамæ?”

75. Е загъта: “Ай фæсте ма дæ æз естæбæл ку бафæрсон, уæд мæ дæ хæццæ цæун мабал бауадзæ: е адтайдæ мæ хатири ракурд”.

76. Æма рандæ ‘нцæ. Æма еу гъæуи цæргутæмæ ку ‘рбацудæнцæ, уæдта си хуæруйнаг ракурдтонцæ, фал сæ етæ бафусун кæнун нæ бакумдтонцæ. Æма уоми иссирдтонцæ горен, кæци ракæлуйнаг адтæй, æма ‘й е ба барæвдзæ кодта. Е загъта: “Ку дæ бафæндадтайдæ, уæд ибæл кæнæггаг аргъ райстайсæ”.

77. Е ин загъта: “Айæ махæн нæ фæххецæни нисан æй. Нур ба дин æз балædæрун кæндзæнæн, цæмæ нæ фæггædзæ кодтай, уони.

78. Ци цолахъ фæххункъæ кодтон, е мæгурти адтæй, кæцитæ кустонцæ денгизи. Мæн æй фехалун уой тухæй бафæндадтæй, æма сæ фæсте паддзах адтæй, кæци тухист кодта æгас цолахътæ дæр.

79. Ци биццеу рамардтон, уомæн ба æ нийергутæ сугъдæг адтæнцæ сæ дини, æма мах тарстан: е син устур зин искæндзæнæй е ‘нæууæнкæ æма æгæнондзийнадæй.

80. Æма нæ уотæ фæндадтæй, цæмæй син Хуцау æ бæсти æндæр ратта, уомæй хуæздæр, æ сугъдæгдзийнади дæр æма æ уодибæстæй дæр.

81. Горен ба – горæти гъæуи дууæ седзæр биццеуи адтæй, æма æ буни ба цъинди адтæй, уонæн сæ фидæ ба рæстуод адтæй, æма Хуцауи уотæ

бафæндадтæй, цæмæй и биццеутæ рабайлæгъ адтайуонцæ æма и цъинди Хуцауи уодибæстæй искъахтайуонцæ. Уони мæхе фæндонæй нæ кодтон. Е дин, цæмæн нæ ниббухстæ, уой лæдæрунгонд".

82. Етæ бафæрсунцæ Зуль-Хъарнайнбæл[9]. Зæгъæ: "Æз уин уой туххæй бакæсдзæнæн имисæн".
83. Мах æй ниффедар кодтан зæнхæбæл æма ин алцæмæ дæр равардтан фæндаг, æма еу фæндагбæл фæццудæй.
84. Хори ранигулди уæнгæ ку фæццудæй, уæдта æсмаггæнæг цадæмæ ке нигулуй, уой фæууидта, æ рази ба феййафта адæн.
85. Мах загътан: "Уо, Зулъ-Хъарнайн, кенæ сæ бафхуæрæ, кенæ син исаразæ уодибæстæ".
86. Е загъта: "Æнаккаг ка 'й, уони бафхуæрдзинан, уой фæсте ба е раздæхдзæнæй æ Еунæхуцаумæ, æма 'й Е бафхуæрдзæнæй зин æфхуæрддзийнадæй.
87. Ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн ба хуарзæнхæ лæваргонд уодзæнæй, æма ин нæ фæндонæй рæуæг ести зæгъдзинан".
88. Уой фæсте ба æ над дардта.
89. Хори скасти уæнгæ ку фæццудæй, уæдта фæууидта ке скастæй адæни сæрмæ, кæцитæн Мах не саразтан уомæй нециаваер æмбæрзæн.
90. Уотæ! Мах рахъæрттан уомæ цидæриддæр зонундзийнæдтæ ес, уонæбæл.
91. Уой фæсте ба æ над дардта.
92. Цалдæн нæ бахъæрттæй дууæ хонхей æхсæн рацæуæнмæ, æма уоми фæууидта адæн, кæцитæ туххæй лæдæрдтæнцæ нихас.
93. Етæ загътонцæ: "Уо Зулъ-Хъарнайн, Гог æма Мæгог[10] æнаккагдзийнадæ парахат кæнунцæ зæнхæбæл. Нæ ни райссæнæ хъалон, цæмæй уони хæццæ нин нæ астæу хамец исаразай?"
94. Е загъта: "Мæ Еунæхуцау мин ци хъаурæ равардта, е хуæздæр æй, æма мин саухъаурæй фæййангъос кæнетæ, æма уе 'хсæн æз исараздзæнæн хамец.

95. Ærбахæссетæ мин æфсæйнаг". Дууæ къолей æхсæн си ку ислигъз кодта, уæдта загъта: "Ниддуметæ кунцæ!" Æфсæйнаг ку иссурхзинг æй, уæдта загъта: "Ра мин æй хæссетæ! Æз ибæл аци æхседгæ æфсæйнаг рауадзон".
96. Æма 'йбæл Гог æма Мæгоги бон нæдæр бахезун, нæдæр си цъасæ искæнун адтæй.
97. Е загъта: "Е уин мæ Еунæхуцауи хуарзæнхæ æй.
98. Фал мæ Еунæхуцауи байвæрзт ку 'рхъæрта, уæдта ай фестун кæндзæнæй инсадæг. Мæ Еунæхуцауи байвæрзт ба æцæг фæууй".
99. Æма сæ[11] Мах уæдта ниууаддзинан кæрæдзей хæццæ загъд кæнгæй, æма хæтæлтæ ниууасдзæнæнцæ, æма сæ Мах æрæмбурд кæндзинан еумæ.
100. Æма æнæууæнкитæн бавдесдзинан еци бон дзаханаман раст уоми, -
101. Мён ном ерунёй сё ка хецён кодта, еци ёмбёрзён ке цёститёбёл адтёй æма ке бон нё адтæй игъосун, уонæн.
102. Æдта нур ка не 'ууæндтæй, етæ уотæ æнгъæл адтæнцæ, æма Мæн бæсти Мæ цагъартæй райсдзæнæнцæ сæхецæн сæрбæлдзоргутæ? Мах дзаханаман æрцæттæ кодтан гиаурти бунатæн.
103. Зæгъæ: "Мусийнæ фегъосун уин кæнун гъæуй, ка уи фулдæр зæран æрхæсдзæнæй æхецæн æ гъуддæгтæй?
104. Ке æновуддзийнадæ фæдздзæгъæли æй, æма уотæ ка æнгъæлуй, етæ хуарз кæнунцæ, зæгъгæ?"
105. Сæ Еунæхуцауи æвдесæнтæбæл æма Æ хæццæ фембæлдæбæл ка не 'ууæндтæй, уони гъуддæгтæ фæдздзæгъæли 'нцæ, æма син Мах исæндедзæн бони сæ уæзæ нæбал фæффулдæр кæндзинан.
106. Уонæн сæ хуæрзеуæг – дзаханаман! Ке нæ бауæндтæнцæ æма Ме 'вдесæнтæ гъазæнгъолæ ке фестун кодтонцæ, уæдта Мæ минæвæртти айуанти буни ке фæккодтонцæ, уой тухxæй.
107. Уастæн, ка бауæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн уодзæнæнцæ дзенети рæзбунтæ сæ бунат, -

108. æноси уоми байзайгæй, сæ бунат раййевун сæ некæд бафæндгæй.

109. Зæгъæ: “Денгиз чернилæ ку фестадайдæ Еунæхуцауи дзурдтæ ниффинсунмæ, уæд, уастæн, е Хуцауи дзурдтæ искунæг унæй раздæр байсустайдæ, уобæл ма еу уойбæрцæ ку бафтудæ адтайдæ, уæддæр”.

110. Зæгъæ: “Æз дæр сумах хузæн адæймаг дæн, фал мин раргом æй, уæ Хуцау æрмæст еунæг Хуцау ке ‘й. Æма æ Еунæхуцаубæл исæмбæлун æнгъæлдзау ма ка ‘й, е хуарз гъуддæгтæ аразæд æма Хуцаумæ ковуни Ин макебал кæнæд Е ‘мсæр”.

19-аг сураæ

Майра[1]

(Марьям)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. *Каф. Ха. Йа. ‘Айн. Сад.*
2. Айё ёй дæ Еунæхуцау *Æ* цагъар Закарийён ци хуарзæнхæ фёцёй, уой таурæхъ.
3. Е сосæгæй æ Еунæхуцаумæ искувта.
4. Загъта: “Еунæхуцау! Исадау æнцæ ме стгутæ æма мæ дзиккотæ уорс исæрттивтонцæ, фал Дæумæ мæ кувди, Еунæхуцау, некæд байзадтæн дæ хуарзæнхæй æнæхай.
5. Фал тёрсун, мæ уосæ æнæзæнæг ке ‘й, уой тухкёй мё фёсте мæ хæстæгутæ ести ку исаразонцё, уомёй, æма Ди корун – исаккаг кæнæ мин бундар!
6. Е уодзæнæй мæ бундар æма уодзæнæй Йакуби муггаги бундар, æма ‘й, Еунæхуцау, æхцæуæн фæккæнæ”.
7. “Уо Закарий, Мах дин игъосун кæнæн цийнаг хабар биццеуи тухкæй, кæцимæн æ ном – Ехиа!
8. Уæхæн номæй Мах раздæр некæд неке исхудтан”.

9. Е загъта: “Еунæхуцау, кутемæй мин уодзæй биццеу, кæд æма мæ уосæ ænæзænæг æй, уæдта æз дæр мæ зæруай кæронмæ бахъæрттæн?”
10. Загъта Е: “Уотæ загъта дæ Еунæхуцау: Е мæнæн ænцон гænæн æй. Æз дæу раздæр ку исфæлдистон æма ду дæр ку неци адтæ”.
11. Загъта е: “Еунæхуцау! Раттай мин ævдесæн!” Загъта Е: “Ævдесænæн ба дин уодзænæй еци гъуддаг, æма ænæнез уогæй ду æртæ бони не сдзордзænæ адænмæ”.
12. Рацудæй е ковæндонæй адænмæ æма сæмæ фæсседтæй, цæмæй сæумæ дæр æма изæрæй дæр, цит, истабу кænонцæ.
13. “Уо Ехиа[2], Финстæгбæл федар хуæцæ!” Æма минкъий ма ку адтæй, уæд ин мах балævар кодтан семдзийнадæ,
14. уæдта Нæхецæй уодибæстæ æма сугъдæгдзийнадæ. Æма е адтæй Хуцауæй тæрсæг æма æ ниййергутæн хуарз, æма е нæ адтæй залун æма ænигъосæг.
15. Ци бон райгурдæй, еци бони салам æй уæд, уæдта ци бон рамæла æма ци бон æрцæуа æгасгонд!
16. Финстæг уин уæ зæрдæбæл æфтауй Майрай тауræхъ. Е æ бийнонтæй райеуварс кодта æхе хорискæсæни ‘рдæмæ,
17. æма сæ астæу æмбæрзæн исаразгæй, Мах имæ рарвистан Нæ Мон[3], æма е ё рази фестадæй ænаййеп адæймаги хузæн.
18. Е загъта: “Æз Тæрегъædгænагæмæ агорун ергъævдзийнадæ, кæд Хуцауæй тæрсис, уæд”.
19. Е ин загъта: “Æз æрмæст минævар дæн дæ Еунæхуцауæй, цæмæй дин лæваргонд æрцæуа сугъдæг биццеу”.
20. Майра загъта: “Куд мин гъæуама уа биццеу? Лæг мæбæл некæд бандзævдæй, уæдта хъахбай дæр нæ адтæн”.
21. Е загъта: “Уотæ загъта дæ Еунæхуцау: “Е Мænæн ænцон гъуддаг æй”. Еци гъуддаг лухгонд æй”.
22. Æма ‘й Майра фæххаста[4], идард рауænмæ рафецаугæй.
23. Æма ‘й æ унгæгдзийнадæ æрбахаста пальми къадомæ. Е загъта:

“Фæлтау раздæр ку рамардайнæ æма мæрдиронх ку фæцайнæ!”

24. Æма уæд æ бунæй райгъустæй гъæлæс: “Ма тухсæ, дæ Еунæхуцау дин дæ бунмæ исаразта къададон.

25. Æма пальми къадо бателæ, е дин æргæлдздзæнæй нозалæ, цæттæ рæзæ.

26. Хуæрæ, ниуазæ æма дæ цæститæ иссатæг кæнæ! Уотемæй адæнæй еске ку фæууинай,

27. уæдта зæгъæ: “Тæрегъæдгæнагæн абони ком бадарун зæрдæ байвардтон æма адæймаги хæццæ нæ дзордзæнæн”.

28. Майра æ хæццæ æрбацудæй æ адæнмæ, æ гъæбеси ‘й хæсгæй. Етæ загътонцæ: “Уо Майра, æгъуст гъуддаг бакодтай!

29. Уо Харуми хуæрæ5! Дæ фидæ лæгъуз лæг нæ адтæй, дæ мадæ дæр нæ адтæй хъахбай”.

30. Майра ба уомæ байамудта. Етæ загътонцæ: “Авдæни ма ци сувæллон æй, уой хæццæ мах куд дзорæн?”

31. Е загъта: “Æз Хуцауи цагъар дæн. Е мин равардта Финстæг æма мæ искодта пахампар.

32. Æма мæ, кæми дæр нæ уон, искодта хуæрзуод, æма мин бафæдзахста намаз кæнун æма битир дæттун, цалдæн цæрун, уæдмæ,

33. æма мæ нийерæг мадæн хуарз ун, æма мæ не скодта залун, ænамонд.

34. Æма ци бон райгурдтæн, еци бони салам мæ фæцæй, уæдта ци бон рамæлон æма ци бон фæууон æгасгонд!”

35. Е æй Иса, Майрай фурт, уацæгади дзурдæй, кæцибæл етæ дузæрдуг кæнунцæ.

36. Хуцауæн нæ фæткæуй Æхецæн сувæллæнттæ есун, табу Ин уæд! Е ести гъуддаг ку исунаффæ кæнуй, уæд æй багъæуй æрмæст зæгъун: “Уо!” – æма исуй.

37. Æма уастæн, Хуцау – мæн Еунæхуцау дæр æма сумах Еунæхуцау дæр æй: коветæ имæ, уомæн æма е æррæстæ над æй!

38. Фал æхсæнадтæ кæрæдзей æхсæн загъд кæнунцæ. Æма сар, ка нæ бауæндтæй, ци устур бон æрхъæртдзæнæй, уой уиндæй!

39. Нæ размæ ку ‘рлæууонцæ, уæд еци бон бæлвурдæй фæууиндзæнæнцæ æма фегъосдзæнæнцæ! Фал фудирайтæ ба æцæгæй фæдздзæгъæл ænцæ.
40. Фегъосун син кæнæ фудонхи бони тухxæй. Гъуддаг арæзт æй, етæ ба ма ænæмætæ ‘нцæ, не ‘ууæндунцæ.
41. Уастæн, Мах зæнхи, æма ‘йбæл ка ес, уони бундар ан æма етæ Махмæ раздæхдзæнæнцæ.
42. Æма киунуги æримисæ Ибрæгими: уастæн, е рæстуод æма пахампар адтæй.
43. Мæнæ е æ фидæн загъта: “Мæ фидæ, цæмæн ковис, ка не ‘гъосуй æма ка нæ уинуй, æма дæ ка нецæмæй хезуй, уонæмæ?
44. Мæ фидæ, мæнæн раргом æй уæхæн зонундзийнадæ, кæци дæумæ нæ бахъæрттæй; æма мæ фæдбæл рацо, æз дæ раст надбæл фæххондзæнæн!
45. Мæ фидæ, ма ковæ Ибилисмæ: Ибилис Тæрегъædгæнагæмæ нæ байгъосæг ку æй!
46. Мæ фидæ, тæрсун дин, æма дæбæл Тæрегъædгæнаги æфхуæрдæ ку бандзæва, уомæй, æма уæд уодзæнæ Ибилисæн хецон!”
47. Е загъта: “Гæр, нæ хуцæуттæй дæхе хатис, уæ Ибрæгим? Еци гъуддагæй дæхе ку нæ бахезай, уæд дæ дортæй фæххуайдзæнæн. Мæ разæй еу рæстæг рандæ уо!”
48. Е загъта: “Салам дæ уæд! Мæ Еунæхуцауæй дин хатир кордзæнæн: Е мæмæ уодибæстгун æй.
49. Æз мæхе райеуварс кæндзæнæн сумахæй дæр æма, Хуцауæй фæстæмæ ма кæмæ коветæ, уонæй дæр. Æз ковун æрмæст мæ Еунæхуцаумæ, кайзонуй æма мæ Хуцаумæ ковуни ænамонд нæ уодзæнæн”.
50. Æма уонæй, уæдта етæ Хуцауæй ændæр ма кæмæ кувтонцæ, уонæй ку райеуварс æй, уæд ин Мах балæвар кодтан Исхак æма Йакуби, æма сæ искодтан пахампартæ.
51. Æма син Нæ уодибæстæй балæвар кодтан, уацæгади[6] æвзаг син бæрзонд искæнгæй.
52. Æма киунуги æримисæ Мусай: уастæн, е ænæхийнæ адтæй, æма адтæй

минæвар, пахампар.

53. Æма ‘ймæ хонхи рахес фарсæй фæсседтан æма ‘й сосæг дзубандимæ æрбахæстæг кодтан.

54. Æма ин Мах Нæ хуарзæнхæй балæвар кодтан е ‘нсувæр Харуми пахампарæй.

55. Æма киунуги æримисæ Исмаили: уастæн, е байвæрзти æнæсайд адтæй æма адтæй минæвар, пахампар.

56. Е æ бийнонтæн байхæс кодта ковун æма битир дæттун, æма æ Еунæхуцауæн хæлар адтæй.

57. Æма киунуги æримисæ Идриси: уастæн, е рæстаг, пахампар адтæй.

58. Æма ‘й Мах исистан бæрзонд бунатмæ.

59. Етæ æнцæ Хуцау æ уодибæстæй кæмæн балæвар кодта, Адами байзæддæгтæй пахампартæ, уæдта Нохи хæццæ ке хастан Мах, уонæй, уæдта Ибрагим æма Исраили[7] байзæддæгтæй, уæдта раст надбæл ке худтан Мах, уонæй, уæдта Мах ке равзурстан, уонæй. Уонæн Тæрегъæдгæнаги æвдесæнтæ ку фæййаргъаунцæ, уæд нихъхъан унцæ, ковгæй æма кæугæй.

60. Æма сæ фæдбæл рацудæнцæ сæ байзæддæгтæ, кæцитæ фесафтонцæ кувд æма сæ цибæли фæдбæл рацудæнцæ, æма етæ иссердзæнæнцæ исæфтдзийнадæ.

61. Æ рæдудбæл ка басастæй æма баууæндтæй, уæдта хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæй фæстæмæ, – атæ бацæудзæнæнцæ дзенетмæ æма зæрдихудт нецæмæй уодзæнæнцæ, –

62. æносон рæзбунтæмæ, кæцити Уодибæстгун байвæрзта Æ цагъартæн сосæй; уастæн, Æ байвæрзт æрцæуагæ ‘й!

63. Етæ уоми дзæгъæлдзорæ не ‘гъосунцæ, æрмæст: “Салам!” Уонæн уоми, цидæриддæр сё гъæуй, етæ си сæумæ дæр ёма изæрæй дæр ес.

64. Е æй рæзбун, кæций Мах ратдзинан цъиндий Нæ цагъартæй хуцаудас ка ‘й, уонæн.

65. Мах (изæдтæ) ниццæуæн æрмæст Хуцауи фæндонмæ гæсгæ: Уой бæрни

‘нцæ нæ размæ дæр æма нæ фæсте дæр æма нæ астæу дæр ци ес, етæ. Дæ Еунæхуцау иронхгæнагæ нæй!

66. Арв æма зæнхи, уæдта уонæн се ‘хсæн ци ес, уони Хецау. Æма Ин ковæ æма Уомæн ковуни уалгæдзон уо! Мийяаг Ин зонис Е ‘мхундæг?

67. Æма зæгъуй адæймаг: “Мийяаг, ку рамæлон, уæд фæстæмæ æгасгонд æрцæудзæнæн?”

68. Гæр, адæймаг не ‘римисдзæй, Мах уой дæр фиццаг ке исфæлдистан, е уой размæ неци уогæй?

69. Æма дин дæ Еунæхуцауæй ард хуæрун, Мах æрæмбурд кæндзинан уони дæр æма ибилисти[8] дæр, уой фæсте ба сæ æртумугъ кæндзинан сæ уæргутæбæл дзаханамани цори.

70. Уæдта алли æхсæнадæй дæр Мах равзардзинан, уонæй ка хъæбæрдæр æнигъосæг адтæй Тæрегъæдгæнаги нихмæ.

71. Уой фæсте ба, Мах хуæздæр зонæн, кæмæн æмбæлуй фулдæр содзун, уони.

72. Уе ‘хсæн нæййес уæхæн, уордæмæ ка нæ бацæуа; дæ Еунæхуцауæн е лухгонд унаффæ ‘й.

73. Уой фæсте ба Мах фæййервæзун кæндзинан хуцаудас ка адтæй, уони, æма сæ уæргутæбæл ба ниууадздзинан æнаккæгти.

74. Æма син уæд Не ‘вдесæнтæ ку фæййаргъаунцæ лæмбунæгæй, уæд ка не ‘ууæндуй, етæ ка æууæндуй, уонæн фæззæгъунцæ: “Дууæ æхсæнадемæй кæци хуæздæр æй æ уавæрмæ гæсгæ ёма дессагдæр æй æ арæзтмæ гæсгæ?”

75. Æма цæйбæрцæ фæлтæртæ ба фесафтан Мах уони размæ, кæцитæ адтæнцæ уонæй хуæздæр сæ уавæрмæ гæсгæ дæр æма сæ уиндæмæ гæсгæ дæр!

76. Зæгъæ: “Ка фæдздзæгъæл æй, уомæн Уодибæстгун радаргъдæр кæнæд æ æрнæ”.

77. Æма уой ку фæууинонцæ, ци син адтæй иваерзт – кенæ æфхуæрдæ, кенæ сахат – уæдта базондзæнæнцæ, ка фуддæр æй бунатæй, уæдта ка

ænæхъaурædæр æй æфсадæй.

78. Æррæстæ надбæл ка цудæй, уонæн ба Хуцау фæффулдæр кæндзæнæй Æ разамунд.

79. Хуарз гъуддæгтæй ка æрбацæуй, е ба дæ Еунæхуцауи размæ хуæздæртæй æй Æ хуæрзеуæги дæр, Æ бакайдти дæр.

80. Ду фæууидтай, Не ‘æвдесæнтæбæл ка не ‘ууæндтæй æма уотæ ка дзурдта: “Æнæмæнгæ, мæнæн гъæздугдзийнадæ дæр æма цæуæт дæр уодзæнæй лæваргонд!”

81. Е, мийяаг, сосгъуддæгти тухxæй ести базудта, кенæ Уодибæстгунæй бадзурд райста?

82. Фал нæ! Мах ниффинсиан е ци дзоруй, уой, æма ин æ бафхуæрдæ хъæбæр радæргъвæтийнæ кæндзинан!

83. Уомæй Мах бафæстауæрцæ кæндзинан, ци дзоруй, уой, æма Нæмæ уæдта е æрбацæудзæнæй еунæгæй.

84. Æма Хуцауæй фæстæмæ ма етæ сæхецæн исаразтонцæ æндæр хуцæуттæ, цæмæй етæ сæ намус адтайуонцæ.

85. Фал нæ! Етæ сæ кувдтитæ нæ райсдзæнæнцæ æма син разиндзæнæнцæ се ‘знæгтæ.

86. Гæр, ду уой нæ фæууидтай, Мах куд рарвистан Ибилисти гиаурти нихмæ, цæмæй сæ етæ никкидæр авинсонцæ?

87. Уомæ гæсгæ ба ма тагъд кæнæ уони нихмæ: Мах син нимайæн нимæдзæй.

88. Хуцауæй тæрсгути ку æрæмбурд кæнæн Мах Уодибæстгунмæ кадгин минæвæрттæй,

89. ёма тæрегъæдгунти дзаханаманмæ фонс донмæ тæрæгау ку раскъæрæн,

90. уæд етæ сæрбæлдзорæг не ‘ссердзæнæнцæ, Уодибæстгунæй бадзурд ка райста, уонæй фæстæмæ.

91. Æма етæ дзорунцæ: “Уодибæстгун Æхемæ райста фурт”. Сумах æбуалгъ миуæ исаразтайтæ.

92. Уомæй арв фæддууех æй, зæнхæ ба ниттонуйнаг æй, хуæнхтæ ба фунук

фестуйнаг ænцæ,

93. етæ Уодибæстгунæн фурт ке æримистонцæ, уой туххæй. Нæ фæткæуй Тæрегъæдгæнагæн Æхецæн фурт есун.
94. Кадæриддæр ес уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр, е Уодибæстгунмæ æрбацæуй куд цагъар. Е сæ ранимадта, æма сæ хигъдæй банимадта[9].
95. Æма етæ се ‘гас дæр Уомæ æрбацæудзæнæнцæ исæндедзæн бони еугæйттæй.
96. Уастæн, ка æууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн Уодибæстгун лæвар кæнуй уарзондзийнадæ.
97. Мах æй фенцон кодтан дæу æвзагæн, цæмæй си ерхæфсай Хуцауæй тæрсгути æма си хезай къойдор адæни.
98. Æма цæйбæрцæ фæлтæртæ ба фесафтан Мах, æма си мийяг, еске æстæфис, кенæ син игъосис се стуф?

20-аг сурæ

Та – Ха

(Та – Ха)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. *Та. Ха.*
2. Мах дин Хъуран уой туххæй не ‘рæрвистан, цæмæй ænамонд уай,[1]
3. фал куд зæрдæбæл даræн, Хуцауæй ка тæрсуй, уонæн,
4. зæнхæ æма уæлæрвтæ ка исфæлдиста, куд æргомæггаг
5. Тронбæл Æхе ка æрфедар кодта, еци Уодибæстгунæй.
6. Уой бæрни ‘нцæ арвбæл дæр, зæнхæбæл дæр, уонæн се ‘хсæн цидæриддæр ес, етæ дёр.
7. Æма гъæрæй ку дзорай[2], уæд Е уотемæй дæр зонуй сосæгдзийнадæ дæр æма асхъодгонд дæр.
8. Хуцау! Æндæр хуцау нæййес. Уомæн ес хуæздæрти хуæздæр нæмттæ.

9. Ба дæмæ хъæрттæй Мусай туххæй тауræхъ?
10. Мæнæ е фæууидта арт æма æ бийнонтæн загъта: “Ами лæууетæ, арти тæф банкъардтон.
11. Кайзонуй, æма уин уордæгæй зинги æхседарф ærбахæссон, кенæ арти фарсмæ раст над иссерон”.
12. Ку ‘ймæ бахæстæг æй, уæдта райгъустæй: “Уо Муса! Уастæн, Æз дæ Еунæхуцау дæн! Дæ къахидаræс раласæ, уомæн æма ду сугъдæг дæлвæз Тувай дæ.
13. Æз дæ равзурстон, æма байгъосæ ци дин игъосунгонд уодзæй ёргомёги, уомæ.
14. Уастæн, Æз Хуцау дæн, æма Мæнæй фæстæмæ ændæр хуцаугонд нæййес! Ковæ Мин æма намаз кæнæ Мæн имисунæн!
15. Уастæн, ærхъæрттæй сахат; Æз дин æй цæттæ дæн байгон кæнунмæ, цæмæй алли уод дæр ци архайдта, уобæл дзуапп ратта!
16. Æма дæ уомæй ка не ‘ууæндуй, æма æ цибæлти фæдбæл ка рацудæй, е дæ ма еппард кæнæд, цæмæй ма бабун уай.
17. Е дæмæ ци ес дæ рахес къохи, Муса?”
18. Е загъта: “Е мæ лæдзæг æй: æз ибæл æræнцойнæ кæнун, кенæ си мæ фонсæн сифтæ ærцæгъдун. Ес мин си ændæр пайда дæр”.
19. Загъта Е: “Ра ‘й гæлдзæ, уо Муса!”
20. Æма ‘й рагæлста. Æма е ба – хелагæ, кæци бурдæй.
21. Загъта Е: “Райсæ ‘й æма си ма тærсæ. Мах æй æ раздæриккон хузи фестун кæндзинан.
22. Дæ къох дæ фарсбæл балхъевæ: е рабурдзæнæй уорсæй æнæ фидбилизæй, куд иннæ ævдесæн,
23. цæмæй дин бавдесæн Нæ нисантæй сæ тъайлагдæрти3.
24. Цо Фёрёонмæ, е ку фегæр æй”.
25. Загъта е: “Еунæхуцау, мæ реу мин рауруxкæнæ,
26. æма мин мæ гъуддаг фенцон кæнæ,
27. æма мин ме ‘взагбæл ælхий райхалæ:

28.е ба мин мæ нихас балæдæронцæ.

29.Æма мин æнхусгæнæг мæ бийнонтæй раттæ,

30.Харуми, ме ‘нсувæри.

31.Уомæй мин мæ хъаурæ фæффедардæр кæнæ

32.æма ‘й мæ гъуддаги архайæг искæнæ,

33.цæмæй Дин берæ табу кæнæн

34.æма Дæ берæ имисæн.

35.Уастён, Ду нё ёстёфис.

36.Загъта Е: “Ци корис, Муса, е дин нур лæвæрд æй.

37.Раздæр дæр дин Нæ хуарзæнхæй ке лёвардтан, е дæр æцæг æй.

38.Мæнæ дæ мадæн Мах баустан нæ фæндон:

39.“Ба ‘й гæлдзæ цолахъи æма ‘й багæлдзæ денгизи[4], æма ‘й, уадзæ, денгиз æй рагæлдзæд билæмæ; æма ‘й райсдзæнæй Ме знаг æма уой æзнаг”[5]. Æз Мæ уарзт дæуæрдæмæ раздахтон,

40.цæмæй ду Мæ цæстити рази исбайлæгъ адтайсæ.

41.Мæнæ дæ хуæрæ æрбацæуй æма зæгъуй: “Уомæ ка базела æма ‘й ка исхæсса, уой уин цæмæннæ байамундæ уа!” Æма дæ Мах раздахтан дæ мадæмæ, цæмæй æ цæститæ ди бафсæдонцæ æма ма ‘рхун кæна. Уой фæсте ба мæстæй дæ уод бабун кодтай, æма дæ Мах фæййервæзун кодтан катай æма æфхуæрдæй, æма дæ уæдта бафæлвардтан берæ фæлварæнтæй.

42.Æма берæ рæстæгутæ рарвистай Мадйани цæргути æхсæн, уой фæсте ба æнгъуди рæстæги ба æрбаздæхтæ дæ адæнмæ, уо Муса!

43.Æма дæ Æз райстон Мæхецæн.

44.Æма цо ду дæр æма де ‘нсувæр дæр Ме ‘вдесæнти хæццæ, æма Мæ ном имисуни лæмæгъ ма уотæ.

45.Æма цотæ Фёрёонмæ, е ку фегæр æй,

46.æма ин фæлмæн дзурд зæгъетæ, кайзонуй, æма фæффæсмон кæндзæнæй, кенæ фæттæрсдзæнæй”.

47.Загътонцæ етæ: “Нæ Еунæхуцау! Тæрсæн мах, е нæ ку бафхуæра кенæ

ку исгъæппултæ кæна”.

48. Загъта Е: “Ма тæрсетæ, Æз уæ хæццæ дæн: игъосун æма уинун.

49. Цотæ æма ин зæгъетæ: “Мах дæ Еунæхуцауи минæвæрттæ ан. Нæ хæццæ нин рарветæ Езрай фуртти æма сæ ма ‘фхуæрæ. Мах дæмæ æрбацудан дæ Еунæхуцауи æвдесæни хæццæ, æма разамунди фæдбæл ка рацæуа, уомæн салам.

50. Махæн раги байгон æй, уой[6] мæнгæбæл ка нимадта æма æхе ка рахадта, етæ æфхуæрд ке ‘рцæудзæнæнцæ”.

51. Загъта е: “Æма уæ Еунæхуцау ка ‘й, Муса?”

52. Загъта ин е: “Нæ Еунæхуцау, алли дзаумауæн дæр сæрфат ка исаразта, уæдта алцёмён дёр над ка байамудта, е æй”.

53. Загъта е: “Æма уæд фиццаг фæлтæртæн ба ци гæнгæ ‘й?”

54. Загъта е: “Уони тухxæй зонундзийнадæ мæ Еунæхуцаумæ ‘й киунуги, мæ Еунæхуцау нæ рæдуйуй æма не ‘ронх кæнуй”.

55. Е, сумахæн зæнхæ ка исфæлдиста æндзæрæй, æма си сумахæн ка исаразта фæндаг, уæдта арвæй ка ‘ркодта дон, æма Уой фæрци æнкъай аллихузи зайæгоййи ка исæвзурун кодта, е ёй.

56. Хуæретæ æма хезетæ уæ дзогтæ; уастæн, ка лæдæруй, уонæн е æвдесæн æй!

57. Уомæй[7] уæ исфæлдистан Мах æма уæ уомæ раздахдзинан, уæдта уæ иннæ хатт дæр фæстæмæ уомæй ракæндзинан.

58. Æма ин[8] Мах равдистан Не ‘вдесæнтæ еугурей дæр, фал сæ е мæнгæбæл банимадта æма си æхе рахадта.

59. Загъта е: “Мийййаг, Муса, ду уой тухxæй æрбацудтæ махмæ, цæмæй нæ дæ кæлæнти фæрци нё зæнхæй ракæнай?

60. Мах дæр дин, ке зæгъун æй гъæуй, бавдесдзинан уæхæн кæлæнтæ. Махæн дæр æма дæхецæн дæр исæнгъуд кæнæ рæстæг, æмбаræ кæми уæн, уæхæн бунати, æма ‘й неке фехалдзæнæй – мах дæр, ду дæр”.

61. Загъта ин е: “Æнгъуд уин – еу бон рæсугъдæн, æма уæдта адæн куд æрæмбурд уонцæ рагсæумæмæ”.

62. Æма æхе рахадта Фёрёон, æма æ хинттæ æрæмбурд кодта, уой фæсте ба æрбацудæй.
63. Муса син[9] загъта: “Сар уæ сар! Ма имисетæ мæнгитæ Хуцаубæл,
64. кенæ ба уæ Е хъæбæр бафхуæрдзæнæй”. Ænæмадзалгъон æй мæнгитæ ка имисуй, е!
65. Æма сæ медæхсæн сæ гъуддагбæл фæдздзурдтонцæ æма сосæгкай фæуунаффитæ кодтонцæ.
66. Етæ загътонцæ: “Гъай-гъай, етæ дууæ кæлæнгæнæги æнцæ: етæ уæ сæ кæлæнти фæрци уæ зæнхæй ракæнуйнаг æма уин уæ дæнцæйнаг фёндаг бабун кæнуйнаг æнцæ.
67. Æма уæ кæлæнтæ байеу кæнетæ, рæнгъæй рацотæ. Абони ка фæууæлахез уа, е амондгун уодзæнæй!”
68. Етæ загътонцæ: “Уо Муса, ду ёргæлдздзæнæ æви фиццаг мах ёргæлдзæн?
69. Е син загъта: “Нæ, гæлдзетæ сумах!” Æма мæнæ – сæ бæттæнтæ æма лæдзæг, цума сæ кæлæнтæй змёлун райдёдтонцё, уотæ ‘ймæ фæккастæй.
70. Æма Мусайæн æ зæрди тас бацудæй.
71. Загътан ин Мах: “Ма тæрсæ, ду бæрзонддæр ку дæ!
72. Дæ рахес къохи ци ес, уой ёргæлдзæ. Етæ ци исæнтæсун кодтонцæ, уой банихъуæрдзæнæй е, уомæн æма етæ кæлæнгæнæги миутæ ‘нцæ, æма кæлæнгæнæгæн амонд некæд уодзæнæй, кумæфæнди дæр ма ‘рбацæуа”.
73. Æма дæлгоммæгонд æрцудæнцæ кæлæнгæнгутæ. Загътонцæ етæ: “Махæй баруагæс æй Харум æма Мусай Еунæхуцау!”
74. Æма загъта Фёрёон: “Гæр, æз уин барæ нæма ратгæй, уотемæй Ибæл сумах баууæндтайтæ. Е, æнæмæнгæ, уæ хестæр æй, кæци уæ исахур кодта кæлæнтæбæл. Æз уин уæ къохтæ æма къæхтæ ракъуæрдзæнæн дзуарсайæй, нийтиндздзæнæн уæ пальми къалеутæбæл, æма уæд базондзинайтæ, ка ни тухгиндæр æй бафхуæрунмæ æма ка дæргъвæтийнæ дæр æй”.
75. Етæ загътонцæ: “Бæрæг æвдесæнæй нæмæ ци æрбацудæй, уæдта нæ ка

исфæлдиста, уобæл дæ нæ баййевдзинан мах. Æма дæ куд фæндуй, уотæ унаффæ кæнæ: дæу бон æй æрмæст аци хæстæг царди баунаффæ кæнун. Мах ба нæ Еунæхуцаубæл бауудæндтан, цæмæй нин Е нæ тæрегъæдтæ æма кæлæнтæ ниххатир кæна, кæцимæ нæ ду исразæнгард кодтай, фал Хуцау ба хуæздæр æма æносондæр æй!”

76. Æ Еунæхуцаумæ тæрегъæдгунæй ка ‘рбацæуй, уомæн – зиндонæ, кæций неке мælуй, уæдта си цæргæ дæр неке кæнуй.

77. Фал Имæ ка ‘рбацæуй урнæгæй, хуарз гъуддæгтæ исаразгæй, уонæн ба бæрзонддæр къæпхæнтæ –

78. дзенети рæзбунтæ, кæми уайунцæ дæнттæ, – уоми æноси унмæ. Ка искæдзос æй, уони гъуддаг уæхæн æй!

79. Мусайæн Мах баустан: “Æхсæвигон Мæ цагъарти хæццæ рацо æма син над искæнæ денгизбæл сорбæл.

80. Ма тæрсæ фæдесонтæй, æма мацæмæй тæрсæ!”

81. Æма сæ Фёрёон расурдтæ æфсæдти хæццæ, æма сæ денгизи бамбарзта, бамбæрзунгъон сæ ци адтæй, е. Æма фæррæдуйун кодта Фёрёон æ адæни æма сæ æррæстæ нæ рахудта.

82. “Уо Езрай фурттæ, Мах уæ фæййервæзун кодтан уе знагæй æма хонхи рахесфарс уæ хæццæ бафедар кодтон бадзурд, æма уæбæл маræмуссæ æма уæрццитæ æркалдтон.

83. Мах уæ цæмæй хайгин фæккодтан, уонæй хуæретæ, æма мацæми æгæр кæнетæ, кенæ ба уæ Мæ маст раййафдзæнæй, Мæ маст ке раййафуй, е ба бабун уй.

84. Æз, уастæн, хатиргæнагæ дæн ка фæффæсмон кодта, ка бауудæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уой фæсте ба æррæстæ надбæл ка рацудæй, уонæн.

85. Уо Муса, ци дæ рахæлæф кæнун кодта дæ адæнæй?”

86. Е дзуапп равардта: “Етæ мæ байвæд цæунцæ, æз ба Дæумæ ратагъд кодтон, мæ Еунæхуцау, цæмæй ми Ду арази уай”.

87. Загъта Е: “Дæ фæсте Мах бафæлвардтан дæ адæни, æма сæ фесхъæтæг

кодта сæ надæй сæмæрит[10].

88. Æма мæстгунæй, æнкъардæй раздахтæй Муса æ адæнмæ.

89. Е загъта: “Уо мæ адæн! Миййаг уин уæ Еунæхуцау нæ байвæрзта хуæздæрти хуæздæр ивæрзт; миййаг уæмæ дæргъвæтийнæ фæккастæй и фæдзæхст, æви уæ уотæ бафæндадтæй, цæмæй уæ Хуцауи маст баййафа, æма мæнæн ци дзурд равардтайтæ, уой фæссайдтайтæ?”

90. Етæ[11] загътонцæ: “Ци дзурд дин равардтан, уой нæхе фæндонæй нæ фехалдтан; махæн ихæсгонд адтæй, цæмæй нæ адæни фæлунститæй уæргътæ рахастаййанæ, æма еци уæргътæ артмæ багæлстан, уотæ бакодта сёмёрит дæр”; æма син е искодта гумери, кæций уасун игъустæй. Æма загътонцæ: “Е – уæ Хуцау æма Мусай Хуцау æй, фал æй е феронх æй”.

91. Гæр, уой нæ уидтонцæ, æма син е сæ нихас ке нæбал раздахуй æма син нæдæр пайда, нæдæр зæран æрхæссун æ бон ке нæй.

92. Уой туххӑй син Харум уой размæ дæр ма дзурдта: “Уо мæ адæн! Сумах уомæй æрмæст цибæл кæнунцæ, уæ Еунæхуцау ба Уодибæстгун ку æй, æма мæ фæдбæл рацотæ æма мæн фæндонмæ игъосетæ!”

93. Етæ загътонцæ: “Мах ин нæ ниууадздзинан кадæ кæнун, цалдæн Муса фæстæмæ раздæха, уæдмæ”.

94. Е загъта: “Уо Харум! Ци дæ бауорæдта, етæ ку фæррæдудæнцæ, уæд уой фæууингæй мæ фæдбæл рацæун? Миййаг мæ фæндони нихмæ рацудтæ?”

95. Е ин дзуапп равардта: “Уо мæ мади зæнæг! Мæ рехæмæ, уæдта мæ сæрмæ мин ма лæборæ, уайтæкки дæр уомæй тарстæн, æма зæгъдзæнæ: “Езрай фурттæ дууæ дехи дæу туххӑй фæцæнцæ, уомæн æма мæ дзурд не ‘нхæст кодтай””.

96. Е загъта: “Дæубæл ба ци ‘рцудæй, сёмёрит?” Е загъта: “Етæ ци нæ уидтонцæ, уой фæууидтон: æз раскъафтон минæвари къахдзæфти фæдæй[12] армидзаг сигит æма ‘й фехстон: уотæ мæ исцибæл кодта мæ зæрдæ”.

97. Муса загъта: “Рандæ уо, мадта! Дæ царди медæгæ дæ багъæудзæнæй дзорун: “Ма ‘вналетæ!” – æма дин уодзæнæй рæстæг æнгъудгонд, кæций дин нæ фехалдзæнæй. Ци хуцауæн кувтай, уомæ бакæсай: мах æй басодздзинан æма ин æ фунук нийдзæхсæн кæндзинан денгизи.

98. Сумах хуцау æрмæст Хуцау æй, кæций фæстæмæ æндæр хуцау нæййес, Е Æ зонундзийнадæй алцæбæл дæр хъæртуй!”

99. Уотæ дин Мах хабæрттæ кæнæн евгъуд рæстæгути тухха æй, æма дин æй Мах æрветæн зæрдæбæл æрæфтаунæн!

100. Æхе си[13] ка рахадта, е исæндедзæн бони уаргъ хæсдзæнæй.

101. Æ хæццæ æноси уогæ, - æма исæндедзæн бони уонæн сæ уаргъ лæгъуз уодзæнæй!

102. Хæтæли ци бон ниууасонцæ, еци бон Мах æримбурд кæндзинан тæрегъæдгунти тарстхузæй.

103. Етæ кæрæдзей хæццæ къус-къус кæндзæнæнцæ: “Сумах уоми[14] æрмæст дæс бони фæцайтё”.

104. Етæ ци дзорунцæ, уой Мах хуæздæр зонæн. Мæнæ си сæ тæккæ растдæр сæ фæндаги тухха æй уотæ зæгъуй: “Уоми æрмæст еунæг бон фæцайтæ”.

105. Етæ дæ фæрсунцæ хуæнхтæбæл, æма син зæгъæ: “Мæ Еунæхуцау сæ ниффунук кæндзæнæй,

106. æма сæ гæнистонæй ниууаддзæнæй; уоми ду нæ фæууиндзæнæ нæдæр зулун ести, нæдæр туппур ести!”

107. Еци бон етæ рацæудзæнæнцæ сæ федоги фæсте, кæцими фесинмæдзийнадæ нæййес, æма нигъгъос уодзæнæнцæ гъæлæстæ Уодибæстгуни цори, æма фегъосдзæнæ ду æрмæст сибирт.

108. Еци бон сæрбæлдзоræн нæбал уодзæнæй, æрмæст Уодибæстгун кæмæн бауадза æма кæмæн æй бафæндæ уа нихас кæнун, уонæй фæстæмæ.

109. Е зонуй, уони размæ дæр ци адтæй æма сæ фæсте дæр, етæ ба уæхæн зонундзийнæдтæбæл нæ рахъæртунцæ.

110. Æма батар ænцæ цæсгæнттæ уодæгаси, уæвæги рази, - ænаккагдзийнадæ ка хаста, етæ сайди фæцæнцæ.

111. Хуарз гъуддæгтæ ка аразта æма урнæг ка адтæй, нæ фæттæрсдзænæй нæдæр бафхуæрунæй, нæдæр унгæгдзийнадæй.

112. Уотæ Мах æрæрвистан уой – араббаг Хъуран – æма си нийзæрстан æртхъерæнтæ: мусийнæ, етæ фæттæрсдзænæнцæ, кенæ сæ зæрдæбæл æрлæудзænæн!

113. Æгасемæй бæрзонддæр Хуцау æй, æцæг паддзах! Хъуранбæл ма ратагъд кænæ, цалдæн дин е ‘ргомæггæгтæ нæ фæууонцæ, æма дзорæ: “Мæ Еунæхуцау! Фæффулдæр мин кænæ мæ зонундзийнæдтæ”.

114. Еу хатт Мах бадзурд скодтан Адами хæццæ, фал е ба феронх æй, æма си Мах федардзийнадæ не ссирдтан.

115. Æма мænæ изæдтæн загътан Мах: “Раковетæ Адамæн!” – æма етæ ракувтонцæ, Ибилисæй фæстæмæ: е нæ бакумдта, æма Мах загътан: “Уо Адам! А дæу æма дæ уоси знаг ку æй. Æма уæ дзенетæй ма ратæрун кænæд, æма е ба ænамонд ма разиннай!

116. Уомæн æма дæ уоми стонг ун æма бæгънæг ун нæ гъæуй,

117. æма ædонуг ун æма уазалæй тухсун нæ гъæуй”.

118. Æма ин Ибилис бауста, загъта ин: “Уо Адам, бавдесон дин æносондзийнади бæласæ æма ænæскуйгæ хецауеуæгдзийнадæ?

119. Æма сæ дууæ дæр уомæй[15] бахуардтонцæ, æма уæд æрæстæфтæнцæ сæ бæгънæгдзийнади къæмæ, æма сæхецæн хуййун райдædтонцæ дзенети сифтæ, æма нæ байгъуста Адам æ Еунæхуцаумæ æма фæккиудтæй надæй.

120. Фал æй уæдта Хуцау равзурста, ниххатир ин кæнгæй, æма ‘й фæххудта æррæстæ надбæл.

121. Е загъта: “Ниххауетæ уордæгæй еумæ кæрædземæн æзнæгтæ уогæй! Æма уæмæ уотемæй Мæ разамунд ку ‘рцæуа –

122. уæд Мæ разамунди фædбæл ка рацæуа, е нæ фæррædуйдзænæй æма ænамондгун нæ уодзænæй!

123. Фал ке зæрдæй фæццох уон Æз, уомæн ба, уастæн, æ цард унгæг уодзæнæй!

124. Æма ‘й исæндедзæн бони Мах æрæмбурд кæндзинан хъæрæуæй”.

125. Дзоруй е: “Еунæхуцау, цæмæн мæ æринбурд кодтай хъæрæуæй, кæд æма раздæр уинæг адтæн?”

126. Зæгъдзæй ин: “Уомæн æма дæмæ Ме ‘вдесæнтæ æрбацæуиуонцæ, ду ба сæ феронх дæ – уотæ абони ду дæр иронхгонд уодзæнæ”.

127. Уотæ Мах бахатæн ка фегæр уй æма ка нæ бауæндтæй æ Еунæхуцауи æвдесæнтæбæл, æма, æнæмæнгæ, федæни царди æфхуæрддзийнадæ карздæр æма дæргъвæтийнæдæр уодзæнæй!

128. Æдта нур уони раст надмæ нæ ракодта е, æма Мах цæйбæрцæ фæлтæртæ бабун кодтан уони размæ, кæцитæн етæ хæтунцæ сæ цæрæнбунæттæбæл: кæд æма уой медæгæ зунди хецæуттæн æвдесæнтæ ес!

129. Æма раздæр дæ Еунæхуцауæй ци дзурд рацудæй, е ку нæ адтайдæ, уæд уомæн æнæ уæн нæ адтайдæ, – фал æнгъуди бон хунд æй.

130. Æма бухсæ, етæ ци дзорунцæ, уомæн, æма табу-мендар кæнæ дæ Еунæхуцауæн хори скасти æма хори нигулди агъоммæ дæр, уæдта æхсæйвон рæстæг дæр æма бони æмбеси дæр Ин табу кæнæ, – мусийнæ, уодзæнæ боз.

131. Æма дæ цæстæ ма рахицæ кæнæд, еуæй-еу æнкъайтæ цæмæй фæххайгин кодтан – а царди райдзæстæй, цæмæй сæ[16] уомæй бафæлвæрдæ уа. Дæ Еунæхуцауи бунат хуæздæр æма дæргъвæтийнæдæр æй!

132. Дæ бийнонтæн байхæс кæнæ намаз кæнун æма уалгæдзон уо. Мах ди нæ корæн цийес ерун, Мах дæ Нæхуæдтæ алцæмæйдæр исæнхæст кæндзинан ами, кæрон ба -–Хуцауæй тæрсундзийнади.

133. Етæ дзорунцæ: “Æма уæд цæмæннæ не ‘рбацудæй е æ Еунæхуцауæй бæрæг æвдесæни хæццæ?” Æма сæмæ, мийяаг, фиццаг Финстæгути не ‘рцудæй не ‘вдесæнтæ бæлвурдæй?

134. Æма сæ Мах ку бафхуардтаййанæ уой размæ[17], уæд етæ загътайуонцæ: “Еунæхуцау, цæмæннæ ба Дин не ‘нгъезуй махмæ федеуæг рарветун, цæмæй Де ‘вдесæнти фæдбæл рацæуæн, æгадæ æма ходуйнагдзийнадæ бавзаруни агъоммæ?”

135. Зæгъæ: “Алке дæр ræмуй, ræметæ сумах дæр, уой фæсте ба базондзинайтæ, лигъз над дарæг ка ‘й, уæдта æррæстæ надбæл ка цудæй!”

21-сурæ

Пахампартæ[1]

(аль-Анбийа)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Æрбахæстæг æй федтони рæстæг адæнмæ, етæ ба æнæмæтæй сæхе рахатунцæ.
2. Æма Хуацуæй еунæг æрвистæг дæр нæййес, кæций Е æрветуй нæуæггондæй, æма кæцимæ етæ ма байгъосонцæ æнæ рагириз гæнгæй си,
3. устур зæрдæй æма æвæлмонæй. Æма сосæгæй дзубанди кодтонцæ æнаккаг ка адтæй, етæ: “Мийяг, е мах хузæн адæймаг нæй? Æдта нур сумах уингё-уингæй кæлæнтæ араззиайтæ?”
4. Е[2] син дзуапп равардта: “Мæ Еунæхуцау арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр дзубандитæ зонуй. Е игъосагæ æма зонагæ æй”.
5. Гъо, етæ загътонцæ: “ Е[3] фунти къубулойнæ æй! Е уой[4] æримиста, æнæмæнгæ, Хуцауи номæй! Гъо, е поэт æй æрмæстдæр! Мадта уæд, фиццæгтæ куд æрвист адтæнцæ, уотæ нæмæ æд æвдесæнтæ æрцæуæд!”
6. Уони размæ дæр еунæг гъæу дæр нæ баууæндтæй, кæцити Мах бабун кодтан; æма мийяг етæ дæр баууæнддзæнæнцæ?
7. Дæу размæ дæр Мах рарветианæ æрмæст адæни, кæцитæн бауосианæ;

æма уæхуædтæ кæд нæ зонетæ, уæд Финстæг лæвæрд кæмæн æй, уони бафæрсетæ!

8. Хуæруйнаг ка нæ хуæруй, уæхæн бауæр сæ[5] не скодтан, æма æносонтæ нæ адтæнцæ.
9. Уой фæсте ба Нæ байвæрзт исæнхæст кодтан æма фæййервæзун кодтан, ке нæ фæндадтæй, уони, æма ка рахизтæй, уони ба фесафтан.
10. Мах уин рарвистан Финстæг, кæцими ес сумахæн зæрдæбæл æрæфтауйнаг, – гæр уой нæ балædæрдзинайтæ?
11. Цæйбæрцæ гъæутæ басастан Мах, кæцитæ æнаккаг адтæнцæ, æма уони фæсте ба исивардтан æндæр адæнихæттæлтæ!
12. Æма Нæ тухæ ку банкъардтонцæ, уædта мæнæ – ледзæги си фæцæнцæ.
13. Ма ледзетæ æма фæстæмæ раздæхетæ, фæрнæй уин ци лæвæрд адтæй, уонæмæ, уæ хædзæрттæмæ, – мусийнæ, ба уæ фæрсдзæнæнцæ!
14. Етæ загътонцæ: “Уо, сар нæ сар! Уастæн, куд æнæраст адтан!”
15. Æма еци удзæл не ‘рæнцадæй, цалдæн син Мах сæ карст хумтæ симёр нæ фестун кодтан, уædмæ.
16. Арв, зæнхæ æма се ‘хсæн ци ес, уони Мах гъазæнгъолæн не сфæлдистан.
17. Гъазæнгъолæ Нæ иссерун ку фæндадтайдæ Нæхецæн, уæд æй иссирдтаййанæ, Нæ зæрдæн æхцæуæндæр кæми адтайдæ, уоми, æцæгæй æй ку исфæндæ кодтаййанæ, уæд.
18. Гъо, мæнгædзийнадæ Мах бакайæн уацæгадæй, æма ‘й е ниббуройнæ кæнуй, æма мæнæ е æрбайсæфуй, сумахæн ба додой уæ сæр, ци имисетæ, уой тухххæй.
19. Уомæн æма Уой бæрни ‘нцæ арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ. Уомæн *Æ* рази ка[6] ес, етæ ба хæпполти нæ хаунцæ æма устур зæрдæ нæ кæнунцæ Уобæл, æма нæ фæллайунцæ.
20. Етæ табу кæнунцæ æхсæвæ дæр æма бонæ дæр æвæллайгæй, нæ сабур гæнгæй.
21. Миййаг етæ, ка æрцаруй, уæхæн хуцæуттæ райстонцæ зæнхæй?

22. Хуцауæй æндæр си хуцауттæ ку адтайдæ уоми[7], уæд етæ[8] фехалдайуонцæ адтайуонцæ. Табу Хуцауæн, Трони Бардараен! Е, ци ‘Йбæл имисунцæ, уомæй бæрзонддæр æй!
23. Е ци косуй, уобæл Уой неке бафæрсдзæнæй, фал уони бафарстæ уодзæнæй.
24. Мийяаг етæ Уомæй фæстæмæ ма æндæр хуцæуттæ райстонцæ сæхецæн? Зæгъæ: “Æрбавдесайтæ уæ бауæндуйнæгтæ! Е мæн хæццæ æма мæн размæ ка ‘й, уонæн зæрдæбæл дарунæн. Гъо, уонæн сæ фулдæретæ æцæгдзийнадæ нæ зонунцæ, æма етæ сæхе нæ хатунцæ”.
25. Мах дæ размæ дæр минæвар нæ рарвистан, Мæнæй фæстæмæ æндæр хуцау ке нæййес, уой тухxæй ин нæ бауосгæй. Æма Мæнмæ коветæ!
26. Етæ загътонцæ: “Уодибæстгун Æхецæн сувæллон райста”. Табу Ин уæд! Гъо, етæ намусгин цагъартæ æнцæ.
27. Етæ Уой дзурдбæл нæ фæрразæй унцæ, æма Уой фæндонмæ гæсгæ архайунцæ.
28. Зонуй Е, уони размæ ци адтæй æма уони фæсте ци уодзæй, æма етæ неке сæрбæл дзорунцæ,
29. æрмæстдæр Е кæмæ хуæрзауодуй, уонæй фæстæмæ, æма етæ Æ размæ фур тæссæй резунцæ.
30. Æма уонæй уотæ ка зæгъа: “Уомæй фæстæмæ æз дæр хуцау дæн”, - уомæн ба Мах бахатдзинан дзаханаманæй. Уотæ Мах æнаккæгтæн бакайæн!
31. Мийяаг, ка не ‘ууæндтæй, етæ уой нæ фæууидтонцæ, æма арв æма зæнхæ еугонд ке адтæнцæ, Мах ба сæ ке рахецæн кодтан æма донæй ке искодтан аллихузи цæрдуод дзаумау. Æдта нур етæ нæ бауæнддзæнæнцæ?
32. Æма зæнхæбæл Мах исивардтан федар истæг хуæнхтæ, цæмæй е сæ хæццæ ма ‘нкъуса. Æма хонхи дагъти исаразтан фæндæгтæ, - кайзонуй, æма раст надбæл рацæуиуонцæ!
33. Æма арв гъæуайгæнæн сæр Мах искодтан, етæ ба еци æвдесæнтæй сæхе

хатунцæ.

34. Е æй æхсæвæ дæр æма бон дæр, хор дæр æма мæйæ дæр ка исфæлдиста. Æма се ‘гасемæн дæр исбæлдат кодта æхе фæндаг.

35. Мах дæ размæ дæр некæци адæймагæн исаразтан æносцард. Нур ду ку рамæлай, уæд, ædта, етæ ænæмæлгæ уодзæнæнцæ?

36. Алли уод дæр мæлæт бавзаруй. Мах уæ хуарзæй дæр, фудæй дæр фæлваргæ кæнæн, æма уæ раздæхт Махмæ уодзæнæй.

37. Æма ка не ‘ууæндуй, етæ дæ ку фæууинунцæ, уæд дæмæ сæхе бахатунцæ айуангæнгæй: “Айæ нæ кой кæнуй уæ хуцæутти тухxæй?” Уодибæстгуни имисундзийнадæ ба етæ сæхуæдтæ райеуварс кæнунцæ.

38. Хæлæфæй арæзт æй адæймаг! Æз уин бавдесдзæнæн Ме ‘вдесæнтæ, æма Мæ ма тагъд кæнетæ!

39. Æма зæгъунцæ етæ: “Кæд уодзæнæй еци байвæрзт, кæд æцæгæй дзоретæ, уæд?”

40. Нур, ка не ‘ууæндуй, етæ, сæ цæсгæнттæй, сæ фæсонтæй куд, уотæ райеуварс кæнун ку не суа арт, еци усмæ ку зониуонцæ, æма сæмæ нæ фæззиндзæнæй æнхус!

41. Гъо, фæззиндзæнæй сæмæ е[9] æвеппайди æма сæ фæкъкъæндзæстуг кæндзæнæй, æма уой райеуварс кæнун нæбал исуодзæнæй сæ бон, æма син æнгъуд лæвæрд нæ уодзæнæй!

42. Дæ размæ уæвæг минæвæрттæбæл гириз кодтонцæ, æма етæ уонæбæл цæбæл худтæнцæ æма сæбæл цæмæй гириз кодтонцæ, е сæхебæл æрцудæй.

43. Зæгъæ: “Ка уæ багъæуай кæндзæнæй ци æхсæвæ, ци бонæй Уодибæстгунæй?” Фал етæ уæддæр сæхе рахатунцæ сæ Еунæхуцауи ном еруни бæсти!

44. Миййаг сæмæ, Махæй сæ ка багъæуай кæна, уæхæн хуцæуттæ сæмæ ес? Уони бон сæхецæн фæййангъос кæнун нæй æма Махæй нæ фæййервæздзæнæнцæ.

45. Гъо, Мах барæ равардтан царди бæркæдтæй пайда кæнун анæн дæр æма

сæ фиддæлтæн дæр, æма сæ царди кæрон ælхийгонд æрцудæй. Гæр уой нæ уинунцæ, Мах зæнхæмæ ке æрцæуæн, æ кæрæнтти æй цубургæнгæй[10]? Æма уотемæй етæ ‘нцæ уælахездзаутæ?

46. Зæгъæ: “Æз уæмæ æрмæст æргомæггагæй хатун”, - фал не ‘гъосунцæ къурутæ федеуæн, ку сæмæ дзурдæуй, уæд.

47. Фал сæ дæ Еунæхуцауи æфхуæрди суф ку баййафуй, уæдта фæззæгъунцæ: “Уо, додой кæнæн, мах æрмæст æнæраст адтан!”

48. Æма Мах исараздзинан исæндедзæн бонмæ раст барæнтæ. Æма нæ уодзæнæй уод зæрдихудт, бæлтæрнай нæмуги уæзæн ку уа, уæддæр, Мах æрбахæсдзинан уой дæр. Нимайæгæй Нæхуæдæг дæр фагæ ан!

49. Мах балæвар кодтан Муса æма Харумæн Аль-Фуркан[11] - рохс æма æрвистæг, рæстдзийнадæ ка хæссуй, уонæн,

50. кæцитæ тæрсунцæ сæ Еунæхуцауæй сосæй, æма резгæй æнгъæлмæ кæсунцæ рæстæги ралæудмæ.

51. А уин (Хъуран) зæрдæбæл дарун кæнунæн æй, кæций уин æрæрвистан Мах. Мийяг æй идæнцæ* кæнетæ?

52. Раздæр Мах балæвар кодтан Ибрагимæн æ раст над, æма ‘й Мах зудтан.

53. Мæнæ е æ фидæ æма æ адæнæн загъта: “Сумах кæмæн коветæ, е цæй сорæт æй?”

54. Етæ загътонцæ: “Мах нæ фиддæлти дæр уонæн ковгæй æрæййафтан”.

55. Е син дзуапп равардта: “Сумах дæр, уæ фиддæлтæ дæр æргом рæдуди уацари адтайтæ”.

56. Етæ загътонцæ: “Нур æцæгæй ду уацæгади хæццæ æрбацудтæ, æви гиризгæнгути хигъдæй дæ?"”

57. Е загъта: “Гъо, уæ хуцау – арв æма зæнхи Еунæхуцау æй, кæци сæ исфæлдиста, æма æз ба уобæл ка ‘вдесæн кæнуй, уони хигъдæй дæн.

58. Æма уин Хуцауæй ард хуæрун, ис син[12] ердзæнæн мадзал, уæхе си ку райзол кæнайтæ, уæд!”

59. Е сæ ниббуройнæ кодта, æрмæст си сæ тæккæ устурдæри ниууадзгæй,

---

* идёнцё – отрицание.

цæмæй имæ æнгъизтайтæ хе бахатун.

60. Се ‘рбаздæхти ин етæ загътонцæ: “Нæ хуцæуттæн нин уæхæн миуæ ка бакодта? Е, уастæн, раст нæй!”

61. Етæ загътонцæ: “Еу лæхъуæни фегъустан, кæций хонунцæ Ибрæгим, сæ кой син куд кодта, уотемæй”.

62. Æма етæ загътонцæ: “Ракæнайтæ ‘й адæни размæ, - мусийнæ етæ ибæл бавдесæндар кæндзæнæнцæ”.

63. Загътонцæ: “Нæ хуцæуттæн нин еци гъуддаг ду бакодтай, Ибрæгим?”

64. Е син дзуапп равардта: “Нæ, уæртæ ‘й е бакодта, сæ тæккæ хестæр, ба ‘й фæрсайтæ, мадта, кæд етæ дзоргæ кæнунцæ, уæд”.

65. Æма уæд етæ кæрæдземæ бахадтонцæ æма загътонцæ: “Уогæ сумах уæхуæдтæ раст нæ айтæ”.

66. Уæдта бабæй сæ дзубандимæ раздахтæнцæ æма загътонцæ: “Æма цума уой нæ зонис, етæ ке нæ дзорунцæ”.

67. Е загъта: “Гæр, нур сумах Хуцауæй æндæр ма, фæййангъос кæнун уин ке бон нæй, уæдта зæран æрхæссун дæр, уонæмæ ма коветæ. Сумах бæл дæр æма Хуцауæй æндæр ма кæмæн кадæ кæнтæ, уонæбæл дæр ту! Гæр уобæл нæ расагъæс кæндзинайтæ?”

68. Етæ загътонцæ: “Ба ‘й содзетæ, æма уæ хуцæутти багъæуай кæнетæ, кæд ести мадзалгъон ма айтæ, уæд!”

69. Мах загътан: “Уо арт, сатæг æма сабур уо Ибрæгимæн!”

70. Æма сæ бафæндадтæй уой нихмæ налат миутæ исаразун, фал сæ Мах сæхецæн устур зæран æрхæсгутæй фæккодтан.

71. Æма Мах фæййервæзун кодтан уой дæр æма Лути дæр, дуйнетæн арфæгонд ци бæстæ бакодтан, уордæмæ.

72. Æма ин Мах равардтан Исхаки æма Йакуби, куд саугъа, æма æгасейдæр искодтан рæстæгтæ.

73. Æма сæ искодтан раздзæугутæй, кæцитæ Мах фæндонмæ гæсгæ хонунцæ, æма син баустан хуарз гъуддæгтæ аразун, намаз кæнун æма битир дæттун, æма етæ адтæнцæ Махæн ковгутæй.

74. Æма Лутæн Мах балæвар кодтан семдзийнадæ æма зонундзийнадæ, æма ‘й фæййервæзун кодтан, илгъаг миутæ ка аразта, еци гъæуæй: уомæн æма етæ фуддзийнади адæн адтæнцæ, ænæгъдау!
75. Æма ‘й Мах бакодтан Нæ уодибæстædзийнади: уомæн æма е рæстæгтæй æй!
76. Æма уомæй раздæр ба Нохи, кæцимæн Мах равардтан дзуапп, ку Нæмæ исфедеудта, уæд. Æма æхе дæр, æ бийнонти дæр Мах фæййервæзун кодтан устур бæлахæй.
77. Æма Не ‘вдесæнтæ нин мæнгæбæл ка нимадта, еци адæнæй æй багъæуай кодтан: уомæн æма етæ фуддзийнади адæн ænцæ, æма сæ Мах се ‘гасей дæр фæддæлдон кодтан.
78. Дауити дæр æма Сулеймани дæр, етæ, адæни фонс ци хумтæ базæран кодтонцæ, уобæл ку тæрхон кодтонцæ, æма Мах, етæ тæрхон ку кодтонцæ, уæд уоми адтан.
79. Æма Мах уой тухxæй зунд бауагътан Сулейманмæ. Æма ægасемæн дæр балæвар кодтан семдзийнадæ æма зонундзийнадæ, æма Дауити бæрни бакодтан хуæнхтæ, уæдта цъеутæ, цæмæй уони хæццæ Нин табу кæнонцæ, - æма Мах уотæ бакодтан Нæ фæндонæй.
80. Æма ‘й Мах исахур кодтан сумахæн залдзæг хæдæнттæ аразун, цæмæй уæ гъæуай кæна уæхе мастæй. Фал, миййаг, сумах ба боз айтæ?
81. Сулейманæн ба – дунгæ, е, ниддумгæй, ниййарæцæн уй æ фæндонмæ гæсгæ зæнхæмæ, кæций Мах искодтан арфæгонд, æма Мах алцидæр зудтан.
82. Æ косгутæй ба ин искодтан еуæй-еу сайтæнтти, кæцитæ ин дони нихъулдайуонцæ налхъут-налмастæмæ, æма ма æндæр гъуддæгтë куд кодтайуонцæ, æма Мах ба уони сæргъи гъæуайгæс адтан.
83. Аййуби дæр, е æ Хуцаумæ ку кувта: “Уо Еунæхуцау! Фидбилиз мæбæл æрцудæй, фал Ду уодибæстгундæрти уодибæстгундæр ку дæ!”
84. Æма ин Мах дзуапп равардтан, æма ‘й фидбилизæй фæййервæзун кодтан. Æ къона ин фæстæмæ раздахтан, нæуæг бийнонтæ ‘йбæл

бафтаугæй æма ма сæ хæццæ уони хузæнттæ, Нæ уодибæстгундзийнадæй æма ковгутæн зæрдæбæл дарунæн.

85. Исмаилæн дæр, Идрисæн дæр, Зу-л-Кифлæн дæр – етæ æгасæйдæр, æууæнки федар æма уалгæдзон ка адтæй, уони хигъдæй æнцæ.

86. Æма сæ Мах Нæ уодибæстæмæ бауагътан – уомæн æма етæ æгасæйдæр рæстæгтæ адтæнцæ.

87. Зуль-Нуни[13] дæр, æ масти фæдбæл ку рандæ ‘й, æма уотæ ку сагъæс кодта, Нæ бон уомæн неци бауодзæнæй, зæгъгæ. Æма кæсалги губунæй искувта: “Дæуæй фæстæмæ нæййес ændæр хуцау! Табу дин уæд! Уастæн, рæстаг нё адтæн æз”.

88. Æма ин Мах дзуапп равардтан æма ‘й фидбилизæй фæййервæзун кодтан, æма уотæ Мах ерваæзун кæнæн æууæндгути.

89. Æма Закариййи дæр, æ Еунæхуцаумæ ку искувта: “Уо Еунæхуцау! Еунæгæй мæ ма уадзæ. Уастæн, Ду тæккæ хуæздæр бундартæй ку дæ!”

90. Æма ин Мах дзуапп равардтан, æма ин Мах балæвар кодтан Ехиай, æма ин æ уоси искодтан цæуætгин. Етæ, уастæн, хуарз гъуддæгтæмæ арæзт адтæнцæ, фурдзитæй Нæмæ кувтонцæ, Нæ рази уесгæй!

91. Уæдта е ‘фсæрмидзийнадæ ци силгоймаг багъæуай кодта, уой[14] дæр. Мах имæ бауагътан Нæ Монæй[15] æма уой дæр, æ фурти дæр искодтан дуйнетæн ævдесæн.

92. Уастæн, е сумах адæнихатт æй – еу адæнихатт, æма Æз ба – уæ Еунæхуцау, æма Мæмæ коветæ!

93. Фал сæ фæдонтæ ба гъуддаг ниддехтæ кодтонцæ сæ медæхсæн: æгасæй дæр Махмæ раздæхдзæнæнцæ!

94. Урнæг уогæй хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн се ‘новуддзийнадæ ænæргъудийæй нæ байзайдзæнæй, æма ин æй Мах æ пайдайæн ниффинсиан.

95. Æма тобæгонд уодзæнæй алли гъæу дæр, кæций Мах бабун кодтан, цæмæй имæ ænаккаг адæн ма раздæхонцæ,

96. цалдæн игонгонд не ‘рцæуа Гог æма Мæгоги адæнæн, æма цалдæн нæ

ниггулф кænонцæ етæ бæрзæндтæй.

97. Æма æрбахæстæг æй æцæг байвæрзт, æма мæнæ ниссæццæ ‘нцæ, ка не ‘ууæндтæй, уони цæститæ. “Уо, сар нæ сар! Куд æнæмætæ адтан мах уой тухxæй! Гъо, мах рæстаг нæ адтан!”

98. Уастæн, сумах æма, Хуцауæй фæстæмæ ма цæмæ коветæ, етæ æнцæ дзаханаманæн согтæ, сумах уордæмæ бацæудзинайтæ!

99. Етæ хуцæуттæ ку адтайуонцæ, уæд етæ уордæмæ нæ бацудайуонцæ, фал æгасæйдæр уоми æносмæ ‘нцæ.

100. Уонæн уоми – гъæрзæн, æма етæ уоми нæ фегъосдзæнæнцæ.

101. Уастæн, раздæр Махæй хуарздзийнадæ æрвист кæмæ æрцудæй, етæ уомæй хизт уодзæнæнцæ.

102. Етæ нæ фегъосдзæнæнцæ минкъий сибирт дæр, æма етæ уодзæнæнцæ, сæ зæрдæ ци зæгъа, уой æхсæн, æма уоми уодзæнæнцæ æности.

103. Устур тасдзийнадæ сæ нæ фенкъард кæнун кæндзæнæй, æма сæбæл изædтæ исæмбæлдзæнæнцæ: “Айæ сумах бон æй, кæци уин иваерзтгонд адтæй!”

104. Арв ци бон батохæн, тухтона куд батохунцæ, уотæ, уæд еци бон Мах фиццаг исфæлдесонд куд исаразтан, уотæ Мах нæуæгæй исараздзинан Нæ байвæрзтмæ гæсгæ. Уастæн, Мах архайæн!

105. Æма уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнуни фæсте Мах, уастæн, Псалтири ниффинстан, зæнхæ Мæ цагъартæй рæстаг бундартæн ке байзайдзæнæй.

106. Уастæн, уоми, ка ковуй, уонæн хабар æй!

107. Мах дæ æрмæстдæр рарвистан куд дуйнетæн уодибæстædзийнадæ.

108. Зæгъæ: “Байгон мин æй, уæ хуцау еунæг Хуцау ке ‘й; æма уесæг иссайтæ, æви нæ?”

109. Сæхе ку рахатонцæ, уædта зæгъæ: “Æз уин уе ‘гасемæн дæр æнхузæн фегъосун кодтон, фал ин æз неци зонун, ци уин иваерзтæ адтæй, е хæстæг æй, æви идард.

110. Е, уастæн, зонуй сумах æргомæй ци дзоретæ, уædта ци римæхсетæ,

уони.

111. Æз нæ зонун, кайзонуй, æма е сумахæн фæлварæн æй æма рæстæгмæ хай”.

112. Зæгъæ: “Еунæхуцау, рæстбæл истæрхон кæнæ! Нæ Еунæхуцау тæрегъæдгæнагæ ‘й, Уомæ агорун гъæуй, ци имисетæ, уой нихмæ æнхус!”

22 -аг сураæ[1]

Хадзи

(аль-Хадж)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Уо адæн, тæрсетæ уæ Еунæхуцауæй! Уомæн æма фæстаг сахати æнкъуст устур гъуддаг æй.
2. Уой ци бон фæууинайтæ, еци бон алли дзедзедар мадæ дæр феронх уодзæнæй ё реу кæмæн дардта, уой, алли уаргъхæссæг ба æ уаргъ æривæрдзæнæй. Æма фæууиндзæнæ расуг адæн, фал етæ ниуæстгун нæ уодзæнæнцæ. Фал Хуцауи æфхуæрдæ тухгин æй.
3. Адæни æхсæн дæр ес уæхæнттæ, æма неци зонгæй Хуцауи туххæй ка загъд кæнуй, æма цифæнди мæнгард Ибилиси фæдбæл дёр цæуй.
4. Разфæдзæхст æй, æма уой æхецæн хецонæн ка райса, уой е надæй фесинмæ рахондзæнæй æма ‘й фæххондзæнæй артæй бафхуæрдæмæ.
5. Уо адæн! Кæд сумах дузæрдуг кæнетæ исæндедзæнбæл, уæд уæ Мах сигитæй ку исфæлдистан, уæдта æртæхæй, уæдта тоги гуппарæй, уæдта фиди згъæлæй, сæрфатгондæй кенæ æнæсæрфатæй, цæмæй уин лæдæрдгонд æрцæуа. Æма, цæйбæрцæ Нæ бафæндæ уа, уæдмæ уæ бæрæг рæстæгмæ бакæндзинан губуни. Уой фæсте ба уæ ракæндзинан сувæллонæй, уæдта – цæмæй рабайлæгъ уайтæ. Уе ‘хсæн ес уæхæнттæ, ка рамæлуй æ рæстæгбæл, фал ес уæхæнттæ дæр, ка исæдухæ уй фур

зæрондæй æма нецибал фæззонуй, ци зудта, уомæй. Æма уинис ædзард зæнхæ, фал ибæл Мах дон ку ‘ркалæн, уædта базмæлуй, ниддунсуй æма исæвзуруй аллихузон расугъд таутæ.

6. Е уой тухxæй, æма Хуцау æцæгдзийнадæ ‘й, æма Е æригас кæнуй мæрдтæ, æма Е алли гъуддагбæл дæр Æ барæ даруй,
7. æма сахат ке ‘рхъæртдзæнæй, уобæл секк нæййес, – уædта уой тухxæй, æма Хуцау æригас кæндзæнæй циртити кадæр æй, уони.
8. Адæни æхсæн дæр ес уæхæнттæ, Хуцауи тухxæй ка загъд кæнуй, зонундзийнадæ, разамундæ æма рохсгæнæг киунугæ сæмæ нæ уогæй,
9. сæ бæрзæйтæ разелгæй, цæмæй Хуцауи надæй фæккеун кæнонцæ. Уомæн хæстæг дуйнейи – æгадædзийнадæ, исæндедзæн бони ба син Мах арти æфхуæрдæй исцумун кæндзинан.
10. Е, дæ къохтæ ци исаразтонцæ раздæр, уой тухxæй, уædта уомæн æма Хуцау æ цагъарти æфхуæрæг нæй.
11. Адæни æхсæн ес уæхæнттæ, Хуцауæн уælæнхугæй ка ковуй: хуарздзийнадæ ‘йбæл ку исæмбæлуй, уæд уомæй исæвælмон уй; фал æй ести цибæл ку расайуй, уædта æ цæсгонд рахатуй, хæстæг æма фæстаг цард дæр фесафгæй. Е æцæг зæран æрхаст æй!
12. Хуцауи бæсти е ковуй , зæран дæр æма ин пайда дæр ка не ‘рхæссæй, уомæ: е идæрдти рæдуд æй!
13. Æ пайдайæй æ зæран хæстæгдæр кæмæн æй, е уомæ ковуй. Лæгъуз æй тубай дæр, æма лæгъуз æй æмбал дæр!
14. Ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уони Хуцау бакæндзæнæй рæзбунмæ, кæми цæугædæнттæ уайуй. Уомæн æма Хуцау, ци ‘Й фæндуй, уой кæнуй.
15. Уотæ ка сагъæс кæнуй, æма ин[2] Хуцау нæ фæййангъос кæндзæнæй хæстæг царди дæр æма федæни царди дæр, е арвмæ рауадзун кæнæд бæттæн, уой фæсте ба ‘й ралух кæнæд æма æркæсæд, цæбæл мæстгун кæнуй, уой ин еци налат миуæ раеуварс кæнунгъон исуодзæнæй.
16. Уотæ ‘й[3] Мах нирвистан бæрæгævдесæнæн, уædта уомæн, æма Хуцау,

ке ‘Й фæндуй, уони хонуй æррæстæ надбæл.

17. Уастæн, ка æууæндтæй, æма уераг динбæл ка хуæцуй, уæдта сабеитæ, уæдта киристæнттæ, уæдта мæздеисттæ[4], уæдта Хуцауæн æмбæлттæ ка кæнуй, – Хуцау сæ равзардзæнæй исæндедзæн бони. Уастæн, Хуцау алли гъуддагæн дæр æвдесæн æй!

18. Мийяаг ду уой нæ фæууидтай, æма Хуцаумæ ковунцæ уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр кадæр ес: хор дæр, мæйæ дæр, стъалутæ дæр, хуæнхтæ дæр, бæлæстæ дæр, фонс дæр, берæ адæн дæр; æма уæхæнттæ дæр берæ ‘нцæ, æфхуæрди аккаг ка ‘й!

19. Ке фæддæлгенаг кæна Хуцау, уомæн ба уæлгенаг исуæн нæбал ес. Уастæн, Хуцау, ци ‘Й фæндуй, уой кæнуй!

20. Мæнæ – дууæ æзнаги, кæцитæ æзморæ кодтонцæ сæ Еунæхуцаубæл. Ка не ‘ууæндтæй, уæнæн артæй карст æнцæ сæ хъæппæлтæ, сæ сæртæбæл кæлуй ирайгæ дон.

21. Æма уомæй сæ губунти ци ес, е, уæдта сæ цар ирайун райдайуй. Уонæн уоми цæттæгонд æнцæ æфсæйнаг хъамуцитæ.

22. Уордæги[5] рацæун сæ ку бафæндæ уа, уæд сæ алли хатт дæр фæстæмæ раздæгъдæ уодзæнæй: “Арти хъиамæт æнхæстæй исцуметæ!”

23. Уастæн, ка бауууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уони Хуцау хонуй рæзбæунтæмæ, кæми цæугædæнттæ уайуй. Уоми етæ фæлунст уодзæнæнцæ сугъзæрийнæ æма налхъут-налмас къохдзæгтæй, æма уоми сæ дарæс дæр – изæлу хъумацæй.

24. Æма етæ хуарз дзурдмæ арæзт æнцæ, æма етæ хуæрзæстудт надмæ арæзт æнцæ.

25. Уастæн, æнæууæнкæ ка адтæй, уæдта Хуцауи надæй æма тобæгонд мæзгитæй ка райеуварс кæнуй æхе, кæций Мах исаразтан æгас адæнæн дæр æнхузæн, – æ фалæнбулай цæргутæн дæр æма æрбацæуæг мерædзойтæн* дæр, –

26. æма си уотемæй еске ку бафæндæ уа уой фегадæ кæнун, уомæн ба

---

* мерёдзой – кочевник.

æбуалгъ æфхуæрддзийнадæ исцумун кæндзинан.

27. Æма мæнæ Мах иснивонд кодтан и бунат[6] Ибрæгимæн æма загътан: “Æмбалæн Мин маци дæттæ æма Мæ хæдзарæ Мин искæдзос кæнæ æ фалдзос зелгутæн, уæдта лæугутæн, уæдта æркъолæкæнгæй ковгутæн”.
28. Æма адæни æхсæн фегъосун кæнё хадзий тухxæн: етæ дæмæ æрбацæудзæнæнцæ фестæгæй, кенæ ка ниммæллæг æй, арф хуæнхаг къахнæдтæбæл æрбацæугутæн,
29. цæмæй ци пайда æй, уобæл бавдесæн кæнонцё æма Хуцауи ном иссеронцё бæрæг бæнтти, сторæй син ци фонс лæвæрд ес, уонæй: хуæретæ æма бахуæрун кæнетæ мæгуræн дæр!
30. Уой фæсте ба авдез искæнæнтæ æма сæ дзурдлæвæрд еугурæйдæр исæнхæст кæнæнтæ, æма рагон хæдзари фалæнбулайти æрзелæнтæ.
31. Уотæ! Хуцауи тобæгондæн ка кадæ кæнуй, уомæн æ Еунæхуцауи размæ дæр – хуæздæр. Æнгъезуй уин фонс, æрмæст ке тухxæй уин каст цæуй, уонæй фæстæмæ. Æма уæхе хезетæ гумерити цъумурдзийнадæй, хе хезетæ мæнгæ дзурдæй,
32. Хуцауи размæ æвæсайд уогæй, æмбæлттæ Ин нæ имисгæй, уомæн æма Хуцауæн æмбæлттæ ка имисуй, е, уæларвæй ка ‘рхаудтæй æма мæргътæ ке райахæстонцæ, кенæ дунгæ идард рауæнмæ ке фæххаста, уониау æй.
33. Уотæ! Фал аккаг аргъ ка кæнуй Хуцауи æвдесæнтæн, е косарт кæнуй зæрдегенæй.
34. Етæ[7] сумахæн æрмæст æнгъуд бонмæ пайда ‘нцæ, уой фæсте ба уони над сугъдæг хæдзари бунатмæ ‘й.
35. Æма алли адæнихаттæн дæр Мах исивардтан ковуни фæткæ, цæмæй етæ Хуцауи ном еронцæ ескæци фонсæй, кæций син Хуцау равардта. Уомæн æма уæ хуцау – еунæг Хуцау æй: Уобæл уæхе бафæдзæхсетæ; ду ба коммæгæсти æрцарæ, -
36. ке зæрдитæ тæрсунцæ, Хуцауи ном ку иссердæуй, , уæдта ци бавзарунцæ, уомæн ка ниббухсуй, уæдта намаз ка кæнуй æма Мах син ци равардтан, уомæй ка харз кæнуй, уони.

37. Сумахæн Мах косæрттаг теуати искодтан ёгъдауи ёвдесёнён, уомæн æма уонæми сумахæн устур берекет ес. Æма си Æ ном еретæ, косарт кæнунмæ сæ ку æррæнгъæ кæнунцæ, уæд. Сæ фарсбæл ку ‘рхауонцæ, уæдта сæ уæхуæдтæ дæр хуæретæ æма си хинцетæ уалгæдзонти дæр æма æфсæрмийæй ракоргути дæр. Уотæ сæ[8] Мах сумах бæрни бакодтан, - кайзонуй æма боз уодзинайтæ!
38. Хуцаумæ си нæдæр сæ фид, нæдæр сæ тог не схъæртдзæнæй, фал Имæ уæ зæрди монцтæ ба исхъæртунцæ. Е уин сæ уæ бæрни уой тухxæй бакодта, цæмæй Хуцауæн табу кæнайтæ, раст надбæл уæ ке ракодта, уой тухxæй, æма ду ба хуарз гъуддæгтæ аразгути æрцараæ!
39. Уастæн, Хуцау, ка баууæндтæй, уони гъæуай кæнуй! Уастæн, Хуцау нæ уарзуй цийфæнди гадзирахаттæй рацæуæги дæр!
40. Ке нихмæ райдайунцæ тугъд, уонæн æнгъезуй тохун, уомæн æма уонæн фидбилиз арæзт æрцæуй, æма уой тухxæй ба, уастæн, Хуцауи бон уонæн фæййагъаз кæнун æй –
41. æнæбарвæндæй сæ хæдзæрттæй сурд ка æрцудæй, уотæ ке дзурдтонцæ: “Махæн нæ Хуцау – Аллах æй!” – æрмæст уой тухxæй. Æма Хуцау ку нæ гъæуай кодтайдæ еуетæй иннети, уæд пурхæгонд æрцудайуонцæ моладзандæнттæ æма аргъуантæ, синагогитæ æма мæзгиттæ, кæцимити сумах фагæ еретæ Æ ном. Хуцау, уастæн, фæййангъос кæндзæнæй Уой гъуддагбæл рæстæй ка архайуй, уонæн, уомæн æма Е тухгин æма намусгин æй! –
42. уæдта зæнхæбæл ке æрфедар кодтан Мах, уонæй еудадзугдæр ка намаз кæнуй, битир ка дæттуй, ци æмбæлуй, уой ка кæнун кæнуй æма ци не ‘мбæлуй, уомæй ка хезуй, уонæн. Алли гъуддаги фæуун дæр Хуцауи къохи ‘й!
43. Етæ дæу кæд фæлтухъабæл нимайунцæ, уæдта дæу размæ дæр фæлтухъабæл нимадтонцæ Нохи адæни дæр, Ад æма Сæмуди адæни дæр, Ибрæгими адæни дæр, Лути адæни дæр, уæдта Мадиани цæргути[9] дёр; фæлтухъабæл нимад æрцудæй Муса дæр. Гиауртæн Æз исæнгъуд

кодтон, уædта сæбæл фæххуæстæн, æма куд æвеллон адтæй Мæ маст!

44. Æма Мах цæйбæрцæ гъæутæ бабун кодтан, ænаккагдзийнадæ ку фæййаразиуонцæ, уæд! Сæ фæрстæ хъан кодтонцæ хæдзари сæртæбæл! Цæйбæрцæ исревæд уæвæг цъайтæ æма бæрзонд галауантæ адтёй!

45. Ædта нур етæ зænхæбæл нæ хадтæнцæ, цæмæй сæбæл зæрдитæ разинна, кæцимæй банкъардтайуонцæ, кенæ гъостæ, кæцимæй игъустайуонцæ? Уогæ сæ цæстæнгас хъæрæу нæй, фал сæ реуи ка ‘й, еци зæрдитæ хъæрæу æнцæ.

46. Етæ дæ уæддæр бафхуæрундзийнадæй тагъд кæнунцæ, фал Хуцау Æ байвæрзт нæ раййевдзæнæй, æма, уастæн, еу бон дæ Еунæхуцаумæ сумах ци бæнттæй нимайетæ, уонæй мин анзей хузæн æй!

47. Æма цæйбæрцæ гъæутæн равардтон фæстædæрмæ æнгъуд, етæ æнаккаг ку адтæнцæ, уæд, фал сæ уædта æрахæстон Æз, æма сæ раздæхт Мæнмæ уодзæнæй!

48. Зæгъæ: “Уо адæн! Æз уин æцæг игъосунгæнæг дæн”.

49. Æма ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн – хатиргонд æма аккаг бунат.

50. Не ‘вдесæнти нихмæ ка архайуй, фæллæмæгъдæр æй кæнунвæндæй, етæ ба арти амæттаг уодзæнæнцæ.

51. Æма дæ размæ дæр Мах еунæг пахампар дæр нæ рарвистан, цæмæй е æрмæст æ бæлдити фæдбæл рацæуа, Ибилис ин æ бæлдити неци уæхæнæй багæлста, фал Ибилис ке багæлдзуй, уой Хуцау нийхалуй, уой фæсте ба Хуцау ниффедар кæнуй Æхе æвдесæнтæ, уомæн æма Хуцау зонагæ æма сем æй! –

52. цæмæй, Ибилис сæ ци тъуфули гæлдзуй, уой фæлваræн искиндæ уа, ке зæрдитæ сæйгæ æма дор æнцæ, уонæн, – уомæн æма фудзæрдитæ изол æнцæ Хуцауи рæстадæй! –

53.ævдесæн кæмæн лæвæрд æй, етæ цæмæй базононцæ е æцæг ке ‘й дæ Еунæхуцауæй, æма ‘йбæл цæмæй баууæндонцæ æма Ин сæ зæрдитæ Æ коммæ кæсонцæ. Уастæн, ка баууæндтæй, уони Хуцау æррæстæ надмæ

хонуй!

54. Фал ка нæ бауӕндтæй Хуцаубæл, етæ ба уобæл сæ гурусхæдзийнадæй не суæгъдæ уодзæнæнцæ, цалдæн сæмæ ænай-ænойти и сахат нæ фæззинна, кенæ сæ азари бони хъиамæт нæ бакайа.

55. Æма уæд еци бони бардар Хуцау уодзæнæй; се ‘хсæн Е тæрхон кæндзæнæй. Æма ка æууӕндуй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, етæ дзенети рæзбунти уодзæнæнцæ.

56. Ка нæ бауӕндтæй æма Не ‘вдесæнтæ мæнгæбæл ка нимадта, уонæн ба – ægадæ æфхуæрддзийнадæ!

57. Хуцауи надбæл ка ралигъдæй æма уæдта ка фæммардæй кенæ рамардæй, - уони ба Хуцау, ænæмæнгæ, фæххайгин кæндзæнæй хуæздæрон бунатæй. Уомæн æма, уастæн, Хуцау хайгæнгути хуæздæртæй æй!

58. Е сæ, ке зæгъун æй гъæуй, бахондзæнæй арази кæмæй уонцæ, еци дуарбæл[10]. Уастæн, Хуцау зонагæ æма сабур æй!

59. Уастæн, уотæ уодзæй! Æма зæрдихудт ка адтæй, е æ зæрдихудгæнæгæн бахатдзæнæй еци аргъæй, уой фæсте ба нæуæгæй æрцæудзæнæй æфхуæрдæ, - фал ин, ænæмæнгæ, Хуцау фæййангъос кæндзæнæй. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ, барагæ ‘й!

60. Е уой тухххæй, æма Хуцау æхсæвæ бакæнуй бонмæ æма бон ба æхсæвæмæ бакæнуй, уæдта уой тухххæй, æма Хуцау игъосагæ, уинагæ ‘й.

61. Е уой тухххæй, æма Хуцау уацæгадæ ‘й, уæдта уой тухххæй, æма етæ Уомæй ændæр кæмæ ковунцæ, етæ мæнгæ ‘нцæ, уæдта уой тухххæй, æма Хуцау бæрзонд, устур æй.

62. Гæр ду уой нæ фæууидтай, Хуцау арвæй ке æркодта дон æма зæнхæ цъæх ке радардта. Уастæн, Хуцау уодибæстгун, зонæнгин æй!

63. Уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ Уой ænцæ; уастæн, Хуцау бонгин, намусгин æй!

64. Гæр уой нæ фæууидтай, æма уин Хуцау уæ бæрни ке бакодта зæнхæбæл

цидæриддæр ес, уони, уёдта Уой фæндонæй денгизбæл ка накё кёнуй, еци наутё дёр? Æма Е уорамуй арв, цæмæй ænæ Уой фæндонæй зæнхæбæл куд не ‘рхауа е. Уастæн, Хуцау сабур, уодибæстгун æй адæнмæ!

65. Е æй, сумах ка æригас кодта; уой фæсте ба уё ка рамардзæнæй, уæдта уæ ка æригас кæндзæнæй, ейё. Уастæн, адæймаг ænæбоз æй!
66. Алли адæнихаттæн дæр Мах исивардтан ковуни фæткæ, кæцимæ гæсгæ етæ ковунцæ. Æма етæ уой тухxæй дæ хёццæ ма загъд кæнæнтæ. Ковё дæ Еунæхуцаумæ, уомæн æма ду æррæстæ надбæл дæ!
67. Етæ кæд дæ хæццæ загъд аразунцæ, уæдта зæгъæ: “Сумах ци кæнетæ, уой Хуцау хуæздæр зонуй!
68. Хуцау уин балæдæрун кæндзæнæй исæндедзæн бон, цæбæл æй уæ буцæуи хецæндзийнадæ, уой”.
69. Гæр ду уой нæ зонис, æма Хуцау арвбæл æма зæнхæбæл цидæриддæр ес, уой ке зонуй? Уастæн, е Финстæги æй; уастæн, е Хуцауæн æнцон æй!
70. Æма етæ ковунцæ, Хуцауæй фæстæмæ ма Е барæ кæмæн нæ равардта, уæдта уонæмæ зонундзийнадæ цæй тухxæй нæййес, уонæн. Æма æнаккæгтæн нециаваер æнхусгæнæг ес!
71. Не ‘вдесæнтæ син лæдæрдæй ку фæййаргъаунцæ, уæдта ка нæ баууæндтæй, уони цæсгæнттæбæл банкъардзæнæ æнаразидзийнадæ. Мах æвдесæнтæ син ка фæккæсуй, уобæл цæттæ фæуунцæ сæхе ниццæвун. Зæгъæ: “Амæй фуддæри тухxæй уин, мийяг, фегъосун киндæ уа? – зиндони арт! Хуцау æй гиауртæн байвæрзта, æма лиагъæ бунат æй е!”
72. Уо адæн! Мæнæ уин дæнцæн – æма ‘ймæ байгъосетæ! Уастæн, сумах Хуцауæй фæстæмæ ма кæмæ коветæ, етæ биндзæ дæр некæд исфæлдесдзæнæнцæ, уой тухxæй æгасемæйдæр ку æрæмбурд уонцæ, уæддæр. Æма си и биндзæ уотемæй ести ку радава, уæдта уонæн уой байсун дæр сæ бон не суодзæнæй. Ænæхъауræ ‘й кæмæй курдæ уй, е

дæр æма ка коруй уомæй, е дæр!

73. Хуцауæн етæ аккаг аргъ не скодтонцæ. Уастæн, Хуцау хъаурæгин, тухгин æма намусгин æй!

74. Хуцау изæдтæ æма адæни æхсæнæй равзаруй минæвар. Хуцау игъосагæ, уинагæ ‘й!

75. Уони размæ ци адтæй, уæдта уони фæсте ци уодзæнæй, уой Е зонуй, æма Хуцаумæ раздæхунцæ гъуддæгтæ.

76. Уо, ка бауувæндтæй! Æрковетæ æма дæлгоммæ нихъхъан-еу уотæ, коветæ уæ Еунæхуцауæн æма хуарз гъуддæгтæ аразетæ, - мусийнæ, уодзинайтæ амондгун!

77. Æма ауодетæ Хуцаубæл аккаг ауодундзийнадæй! Е уæ равзурста æма уин дини медæгæ зиндзийнадæй неци исаразта, уæ фидæ Ибрæгими æхсæнади куд, уотæ. Е уæ исхудта пусулмæнттæй,

78. раздæр дæр, ами[11] дæр, цæмæй уин минæвар æвдесæндар уа, сумах ба – адæнæн æвдесæндартæ уайтæ. Æма намаз кæнетæ, дæттетæ битир æма хуæцетæ Хуцаубæл! Е уё ауодæг æй. Æма куд хуарз ауодæг æма æнхусгæнæг æй Е!

23 -аг сураæ

Æууæндгутæ

(аль-Муъминун)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Уастæн, амондгун уодзæнæнцæ æууæндгутæ,[1]
2. кæцитæ сæ намази уесæг æнцæ,
3. кæцитæ сæхе хезунцæ дзæгъæлдзорæй,
4. кæцитæ битир дæттунцæ,
5. кæцитæ сæ цибæли фæдбæл нæ цæунцæ,
6. арази уогæй æрмæст æ уосæ кенæ æ хъумайаг уосæбæл, - уони тухxæй

Мах ærдигæй е азумгонд не ‘рцæудзænæй,

7. сæ цибæл анæй кæмæн рахезуй, етæ ба, Е син ци бауосиат кодта, уой ихалгутæ ‘нцæ,
8. се ‘хæстæ æма бадзурдтæ ка ænхæст кæнуй,
9. намази рæстæг ка нæ цох кæнуй,
10. етæ, уастæн, бундартæ ænцæ,
11. æма дзенети бундайрадæ уони уодзænæй, кæцими байзайдзænænцæ æности.
12. Мах исфæлдистан адæймаги вазуггин ёлхъемурагонд сигитæй,
13. уædта ‘й Мах байвардтан æртёхæй федар гъæуайгонд бунати,
14. уой фæсте ба æртёхæй исаразтан тоги гуппар, æма тоги гуппаræй ба исаразтан фиди згъæл, еци згъæлæй искодтан æстæг æма æстгутæ ба фиди медæгæ бакодтан, уædта ‘й Мах исирæзун кодтан ændæр фæлдесонди. Уомæ гæсгæ ба фесгун æй Хуцау – исфæлдесгутæй тæккæ дæснидæр!
15. Уædта сумах еу рæстæги фæсте рамæлдзинайтæ.
16. Уой фæсте ба уæ Е æригас кæндзænæй исændедзæн бони.
17. Мах сумахæй сæрдæр исфæлдистан авд фæндаги. Æма и фæлдесёндтæ некæд байзадæнцæ Нæ ауодундзийнадæй цох.
18. Мах æркодтан арвæй дон бæрцæбæл æма ‘й байвардтан зænхи, æма Махæн нæ бон æй уой фæстæмæ рандæ кæнун.
19. Æма си Мах исævзурун кодтан сумахæн пальмитæй æма сænæфсертæй дзæхæратæ; сумахæн уонæми берæ рæзæ ес, æма сæ хуæретæ, -
20. уædта бæласæ, кæций уедæгтæ цæунцæ Синай хонхæй, зети æма гъæцæнтæ си ирæзгæй, ка си хуæруй, уонæн.
21. Сумахæн фонси медæги дæр фæдзæхсæн ес: Мах уæ æфсадæн уонæн сæ хурфи ци ес, уомæй, уомæй си сумахæн берекетгун пайдадзийнадæ ес, æма уонæй уæхе хацетæ,
22. уædта наутæбæл цæуæгау, уонæбæл хæтетæ еу рауæнæй иннæ рауænмæ.
23. Кæддæр Мах рарвистан Нохи æ адænмæ æма е загъта: “Мæ адæн!

Коветæ Хуцаумæ, уомæй æндæр сумахæн нециаваер хуцау ес. Гæр, сумах Уомæй нæ тæрсетæ?”

24. Æнæууæнкæ адæни сæргълæугутæ син загътонцæ: “Е дæр сумах хузæн адæймаг æй; сумахæн финдзæуæгæй исун æй фæндуй. Хуцауи ку фæндадтайдæ, уæд изæдтæ æрæрвистайдæ; мах некæд фегъустан, æма нæ фиддæлтæмæ дæр уæхæн ести адтæй.

25. Е æ сæрæй ка фæккиудтæй, уæхæн адæймагæй уæлдай нæй, æма бараметæ рæстæгмæ, ци ‘рцæудзæнæй уобæл”.

26. Е загъта: “Еунæхуцау! Фæммин ангъос кæнæ, етæ мæ мæнгæбæл ке нимайунцæ, уой тухxæй!

27. Уæд ин Мах не ‘ргомæги загътан: “Нæ дингæсæнти размæ исаразæ науæ Не‘ргомæгмæ гæсгæ: мæнæ æрхъæртдзæнæй Нæ бардзурд æма арв, байгон уогæй, сах уарун никкалдзæнæй.

28. Ду ба уордæмæ бакæнæ алли фонси муггагæй дæр æнкъæйттæ æма дæ бийнонти дæр; раздæр дзурд кæбæл адтæй, уонæй уæлдай Æз уони фесафдзæнæн, æма Мин мабал дзорæ фудгинтæбæл, уомæн æма етæ донивулди амæттаг уодзæнæнцæ.

29. Ду æма дæ хæццæ етæ, ку ‘схезайтæ науæмæ, уæд зæгъæ: “Табу Хуцауæн, мах а фудгинтæй ка фæййервæзун кодта!”

30. Æма зæгъæ[2]: “Еунæхуцау, бауорæмæ мæ фæрнгун бунати, Ду æрбунатгæнгути хуæздæр дæ!”[3]

31. Уастæн, уоми æвдесæнтæ ес, æма, æцæгæй, Мах фæлваргæ кæнæн!

32. Уони фæсте Мах исфæлдистан æндæр фæлтæртæ.

33. Мах сæмæ рарвистан минæвар сæхе ‘хсæнæй[4]: “Коветæ Хуцаумæ, Уомæй уæлдай сумахæн æндæр Хуцау нæййес. Гæр, Уомæй нæ тæрсетæ?”

34. Аци царди фарнæ кæмæн равардтан æма федæни цард мæнгæбæл ка нимайуй, еци æнæууæнкæ адæни сæргълæугутæ загътонцæ: “Е дæр сумах хузæн адæймаг æй; сумах ци хуæретæ, е дæр уой хуæруй;

35. ниуазуй, сумах ци ниуазетæ, уой.

36. Æма уæхецонау адæймаги хæццæ арази ку кæнайтæ, уæд æнамонд уодзинайтæ.
37. Сумахæн, миййаг, е иваерзуй ку рамæлайтæ, уæд уой фæсте, зæнхæ ‘ма æстгутæ фестгæй: нæуæгæй уæ ракиндæ уодзæнæй уодæгасæй?
38. Идард æй, хъæбæр идард, сумахæн ци иваерзт æй, е!
39. Ами цардæй фёстёмё æндæр цард нæййес; ами фæццæргæй рамæлдзинан æма уой фæсте нæбал æруодзинан æгасгонд.
40. Е, мæнгæттæ ка имисуй Хуцауи номæй, уæхæн адæймаг æй: мах ибæл не ‘ууæндæн”.
41. Е загъта: “Еунæхуцау, фæммин ангъос кæнæ, етæ мæ мæнгæбæл ке нимайунцæ, уой тухххæй!”
42. Е загъта: “Еу минкъий рæстæг ма, æма етæ фæффæсмон кæндзæнæнцæ”.
43. Уастæн, бараемугъта сæ гъæр, æма етæ Нæ размæ хаст æрцудæнцæ, дони тæх куд раскъæфуй бугъæ, уойййау. Фесæфæ ænæууæнкæ адæн!
44. Уони фæсте Мах исфæлдистан æндæр фæлтæртæ.
45. Еци адæнтæй еунæгей бон дæр не ‘ссæй æ рæстæг нæдæр бахезун, нæдæр фæссабурдæр кæнун.
46. Мах рарвистан минæвæрттæ хецæнтæй еу инней фæдбæл. Алли хатт дæр ескæци адæнихаттмæ ку ‘рбацæуидæ минæвар, уæд æй етæ мæнгæбæл банимайиуонцæ; æма уæд Мах еу адæнихатти бæсти равзурун кæнианæ æндæр адæнихатт æма еу инней таурæхъти ærмæг фæккæнианæ. Фесæфæ ænæууæнкæ адæн!
47. Уой фæсте Мах рарвистан Мусай æма е ‘нсуваер Харуми Не ‘вдесæнтæ æма барлæваерди хæццæ
48. Фёрёонмæ æма æ уллутæмæ, фал етæ исхецмæр ænцæ æма разиндтæнцæ уæлбекъон адæн.
49. Етæ загътонцæ: “Ædта нур мах нæхе хузæн дууæ адæймагебæл бауæнддзинан, кæд æма сæ адæн махæн косунцæ”.
50. Сæ дууей дæр мæнгæттæбæл банимадтонцæ, æма уой тухххæй се ‘сæвд

ærцудæй.

51. Мусайæн Мах равардтан Киунугæ[5], кайзонуй, æма раст надбæл рацæуонцæ.
52. Майрай фурт æма æ мади Мах исивардтан нисанæн æма син римæхсæндонæ равардтан къоли цори æвæлмонæй цæрунæн, сауæдони хæццæ.
53. Уо минæвæрттæ! Ахуадетæ уогъуллудзийнадæ æма хуарз гъуддæгтæ аразетæ. Уастæн, сумах ци косетæ, уой Æз уинун!
54. Æма, уастæн, уæ аци æгъдау дзихъирт еунæг фæткæ ‘й, æма Æз ба – уæ дзихъирт еунæг Хуцау дæн, æма æрмæст Мæнмæ коветæ!
55. Етæ ба сæ гъуддæгтæ ниддехтæ кодтонцæ, æма алли æхсæнадæ дæр, æрмæст уонæмæ ци ес, уобæл цийнæ кæнуй.
56. Æма сæ сæ цибæли амæттаг бал уадзæ рæстæгмæ.
57. Нур етæ уобæл сагъæс кæнунцæ, æма син Мах ке ангъос кæнæн гъæздугдзийнадæй дæр æма фурттæй дæр,
58. æма сæмæ Нæ хуæрзеугути хæццæ ке тузмæн? Гъо, етæ уой нæ зонунцæ!
59. Уастæн, æ Еунæхуцауи размæ резгæй ка уесуй,
60. æма æ Еунæхуцауи æвдесæнтæбæл ка æууæндуй,
61. æма æ Еунæхуцауæн æмбæлттæ ка нæ имисуй,
62. уæдта нисайнаг ка æрбахæссуй, æма сæ зæрдитæ ба кæмæн ирайунцæ сæ Еунæхуцаумæ ке раздæхдзæнæнцæ, уой туххæй, -
63. етæ тундзунцæ хуæрзеугутæмæ, æма сæмæ етæ раздæр бахъæртдзæнæнцæ.
64. Алли уодбæл дæр Мах æвæрæн æрмæст æ бон цæйбæрцæ ‘й, уой бæрцæ; Махмæ ес киунугæ, кæци æцæгдзийнадæ федеуй, æма етæ зæрдихудт нæ уодзæнæнцæ.
65. Гъо, уонæн сæ зæрдитæ и цибæлти амæттаг æнцæ, уæдта сæ гъуддæгтæ дæр тæрегъæддаг æнцæ, æма сæ не ‘рæнцайдзæнæнцæ уони аразун.
66. Æма уони, Нæ хуæрзеугутæй хайгин ка фæцæй, Мах цалдæн нæ

бакайæн бафхуæрддзийнадæй, уæдмæ. Æма кæсай, уæдта нирдеуагæ кæнунцæ сæ кувдти!

67. Абони мабал æрдеуагæ кæнетæ, уастæн, сумах нæбал фæууиндзинайтæ Не ‘нхусдзийнадæ!

68. Ме ‘вдесæнтæ уин кастæ адтæй, сумах ба уæхе фæстæмæ райсиайтæ,

69. уомæй сæрустур уогæй æма æхсæйвон дзубандити уобæл[6] дзæнгæда кæнгæй.

70. Гæр етæ Хуцауи дзурдбæл нæ расагъæс кæнунцæ, кенæ сæмæ, сæ фиддæлтæмæ ка æрцудæй, е не ‘рцудæй?

71. Æви сæ минæвари нæ бафæсмардтонцæ, æма уой тухxæй имæ ниггегæ æнцæ?

72. Кенæ ба етæ зæгъунцæ: “Е æрра æй”, - гъо, е сæмæ æрбацудæй уацæгади хæццæ, фал уонæн сæ фулдæретæн уацæгадæ æнæуинон æй.

73. Фал уацæгадæ уони цибæли фæдбæл ку рацудайдæ, уæд арв дæр, зæнхæ дæр, уæдта уонæми цидæриддæр ес, етæ дæр исæнтойнæ уодзæнæнцæ. Гъо, Мах сæмæ[7] æрбацудан сæ зæрдæбæл син æрлæуун кæнунмæ, фал етæ ба Нæ цетæнæй сæхе рахатиуонцæ.

74. Гæр ду уонæй медес агорис? – кæд æма дæ Еунæхуцауи таласдзийнадæ хуæздæр æй, æма Е хуæздæр бунат дæтгути хуæздæр æй!

75. Уæдта сæмæ ду æррæстæ надмæ ку седис.

76. Æма, уастæн, федæни цардбæл ка не ‘ууæндуй, етæ сæ надæй кеунцæ!

77. Нур син Мах ку ниххатир кодтаййанæ æма сæ фудæнхæй ку фæййервæзун кодтаййанæ, уæдта сæ рæдудбæл ниффедар адтайуонцæ æма хъæрæуæй хаттайуонцæ.

78. Æма сæ Мах бакайдтан æфхуæрддзийнадæй, фал етæ ба сæ Еунæхуцауи коммæ нæ бакастæнцæ æма Уомæ нæ фæсседтæнцæ уесгæй.

79. Æма ин æ размæ устур æфхуæрддзийнади дуæрттæ ку байгон кодтан Мах, уæдта, кæсай, хъæбæр батухстæнцæ.

80. Е æй сумахæн игъосунгъондзийнадæ, кæсунгъондзийнадæ æма зæрдитæ ка исаразта: хъæбæр æнæбоз айтæ!

81. Е æй, сумах зæнхæбæл ка нийдзæхсæн кодта; фал фæстæмæ Уомæ æмбурдгонд æрцæудзинайтæ.
82. Е æй, ка царуй æма ка маруй, Уой бæрни æнцæ æхсæви æма бони æййивдæ. Гæр, сумах уой нæ лæдæретæ?
83. Гъо, фиццæгтæ ци дзурдтонцæ, етæ дæр уой загътонцæ.
84. Етæ загътонцæ: "Ædта нур ку рамæлæн æма сигит æма æстгутæ ку фестæн, уæд ма, миййаг, мах æцæгæйдæр æгасгонд æрцæудзинан?
85. Е махæн дæр æма нæ фиддæлтæн дæр раги ивæрзт адтæй. Е æрмæст фиццæгти8 таурæхътæ 'нцæ!"
86. Зæгъæ: "Зæнхæ ке бæрни æй æма си ка ес, кæд уой зонетæ, уæд?"
87. Етæ зæгъдзæнæнцæ: "Хуцауи". Зæгъæ: "Ædта уæд уæхе не 'рлæдæрдзинайтæ?"
88. Зæгъæ: "Авд арви Хуцау æма устур трони Еунæхуцау ка 'й?"
89. Етæ зæгъдзæнæнцæ: "Хуцау". Зæгъæ: "Гæр, æму сумах нæ фæттæрсдзинайтæ?"
90. Зæгъæ: "Алли гъуддагбæл барæ дарун ке къохи æй, æма багъæуай кæнунгъон ка 'й, Уомæй ба багъæуай кæнæн нæ уогæй, кæд уой зонетæ, уæд?"
91. Етæ зæгъдзæнæнцæ: "Хуцау". Зæгъæ: "Ædта куд цибæлгонд айтæ!"
92. Зæгъæ: "Авд арви Хуцау æма устур трони Еунæхуцау ка 'й?" Гъо, Мах сæмæ æрбацудан уацæгади хæццæ, етæ ба мæнгæттæ ку дзорунцæ!
93. Хуцау Æхецæн нециаваер фурт райста, æма Æ хæццæ нециаваер хуцаугонд адтæй. Кенæдта алли хуцау дæр, ци исфæлдиста, уой фæххастайдæ, æма сæ еуетæ иннетæй бæрзонддæр фæцайуонцæ. Табу Хуцауæн, етæ Ин цитæ имисунцæ, Е уонæй бæрзонддæр æй.
94. Уомæн зунд æй сосдзийнадæ дæр æма æргомдзийнадæ дæр. Етæ Уомæн æмбалæн ке дæттунцæ, Е уонæй бæрзонддæр æй!
95. Зæгъæ: "Еунæхуцау, ку мин бавдесисæ, уонæн цидæриддæр ивæрзис, уой,
96. Еунæхуцау, ма мæ ниууадзæ мадта ænaккаг адæни хæццæ!"

97. Уонæн ци иваерзæн, уой ба дин Нæ бон ку æй бавдесун.
98. Фуддзийнадæ еуварс кæнæ, ци хуæздæр æй, уомæй; Мах хуæздæр зонæн етæ цитæ имисунцæ, уой.
99. Æма зæгъæ: “Еунæхуцау, æз дæмæ мæхе хатун Ибилиси цибæлтæй,
100. æма Дæмæ мæхе хатун, Еунæхуцау, цæмæй мæмæ етæ ма фæззиннонцæ!”
101. Æма си уæд ескæмæ мæлæт ку басмотуй, уæдта фæззæгъуй: “Еунæхуцау, раздахæ мæ:
102. мусийнæ, ци ниууагътон, уомæй ести хуарздзийнадæ æрхæсдзæнæн”. Фал нæ! Е – æрмæст дзурд æй, кæций е разæгъуй, фал сæ фæсте ба уорамæн, цалдæн нæуæгæй æгасгонд æрцæуонцæ, уæди уалдæнгæ.
103. Æма хæтæлти ку ниууасонцæ, уæд хæстæгдзийнадæ нæбал уодзæнæй се ‘хсæн, æма кæрæдзей рафæрс-бафæрс нæбал кæндзæнæнцæ.
104. Æма ке барæнтæ уæззаудæр уонцæ – етæ амондгунтæ,
105. ке барæнтæ рæуæг уонцæ, етæ ба – сæхуæдтæ сæхецæн ка æрхаста зæран, æма дзаханамани байзайдзæнæнцæ æности.
106. Арт син сæ цæсгæнттæ содзуй, æма уоми тардзæсгон æнцæ.
107. Гæр, сумахæн Ме ‘вдесæнтæ аргъуд нæ цудæнцæ, фал сæ сумах ба мæнгæбæл нæ нимадтайтæ?
108. Етæ загътонцæ: “Еунæхуцау, не ‘намонддзийнадæ нæбæл фæхъхъæбæрдæр æй, æма ка фæррæдудæй, уонæй разиндтан.
109. Еунæхуцау, уордæгæй нæ ракæнæ, æма ма уотæ ку бакæнæн, уæдта мах æнаккаг уодзинан”.
110. Загъта Е: “Æгадæй раздæхетæ фæстæмæ æма Мæ хæццæ ма дзоретæ!
111. Мæ цагъарти еу хай уотæ ку дзурдта: “Еунæхуцау, мах æууæндтан æма нин ниххатир кæнæ, ниббарæ, Ду хатиргæнгути хатиргæнагæдæр ку дæ”

112. Æма сæ сумах ба гъазæнгъолæ фестун кодтайтæ, æма уæ етæ феронх кæнун кодтонцæ Мæ фæдзæхст, уонæбæл ку худтайтæ, уæд.

113. Абони ба син Æз бахатдон ке бухстæнцæ, æма æнтæстдзийнадæ райсгутæ ке иссæнцæ, уой тухxæй".

114. Е загъта: "Сумах цал анзи фæцайтæ зæнхи буни?"

115. Етæ загътонцæ: "Мах ба си еу бон, кенæ ба бони 'рдæг фæцан, фал ибæл нимайгути бафæрсæ".

116. Е загъта: "Сумах æй ку зудтаййайтæ, уæд уоми берæ нæ фæцайтæ.

117. Мийяаг, сумах уобæл сагъæс кодтайтæ, æма уæ Мах гиризгæнгæй не сфæлдистан æма фæстæмæ дæр Махмæ нæ раздæхдзинайтæ? Тухгин æй Хуцау, æцæг Паддзах, æма Уомæй – кади трони Бардараей – фæстæмæ æндæр хуцаугонд нæййес! Æма Хуцауи хæццæ ма æндæр хуцаумæ ка ковуй, – уомæ ба уой тухxæй неци бундор æма барæ ес, фал уой хигъд æрмæст æ Еунæхуцаумæ 'й! Гиауртæ амондгун некæд фæуунцæ!"

118. Æма зæгъæ: "Еунæхуцау, ниххатир æма мин батæрегъæд кæнæ! Ду тæрегъæдгæнгути тæрегъæдгæнагæдæр дæ!"

24-аг сураæ

Рохс

(ан-Нур)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Аци Сураæ Мах æрæрвистан æма 'й исивардтан Æгъдауæн. Мах си æрæрвистан бæрæг æвдесæнтæ, цæмæй си сумах фæррæстмæ кæнæн.
2. Хъахбай лæг æма силгоймагæн сæдæ цæфи истæрхон кæнтæ. Æма уонæн Хуцауи дини ма ратæрегъæд кæнтæ, кæд Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл æууæндетæ, уæд. Æма уонæн стæрхонгæнгæй сæ рази æууæндгути къуар уæд.

3. Хъахбай лæг æрмæст хъахбай кенæ муртак силгоймаг гъæуама æрхона, хъахбай силгоймаг ба – æрмæст хъахбай кенæ муртак лæгмæ гъæуама æрцæуа. Урнæг адæнæн ба уони хæццæ æнкъай кæнун не ‘нгъезуй.
4. Ædайнæг кизгæбæл фаутæ ка иваруй, етæ ба цуппар æвдесæни ку не ‘рбахононцæ, уæд сæ аст хатти гъæуама æрцæуонцæ æхсæй цæф, æма си уой фæсте ба æвдесæндзийнадæ ист гъæуама макæдбал æрцæуа, уомæн æма етæ æнаккаг æма ихæлд æнцæ.
5. Уой фæсте ка басæтта æ фаубæл æма исраст уа, уонæй фæстæмæ, уомæн æма Хуцау, уастæн, хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!
6. Æ уоси ка бафудгин кæнуй, æвдесæн ин нæ уогæй, сæхецæй фæстæмæ, уони æвдесæн ба – Хуцауи номæй цуппар хатти æвдесæнгонд, раст ке дзорунцæ, уой тухххæй,
7. фæндзæймаг ба – кæд мæнгæттæ дзоруй, уæд æй Хуцауи ælгъист куд фæууа, уобæл.
8. Æма силгоймагæй дæр бафхуæрундзийнадæ ист æрцæуй, Хуцауи номæй цуппар хатти ку бавдесæн кæна, мæнгæттæ ке нæ дзоруй,
9. фæндзæймагæй ба – е раст кæд æй, уæд æй Хуцауи маст бакайæд.
10. Æма Хуцауи таукелдзийнадæ æма Æ уодибæстгундзийнадæ ку нæ адтайдæ сумахæн, уæдта Е сем æма лæдæргæ ку нё адтайдæ (уæд уайтæкки дæр устур æфхуæрддзийнадæ баййафтайййайтæ).
11. Æма дæмæ мæнгæтти хæццæ ка æрбацудæй – уæхе æхсæнæй. Уой ма нимайетæ уæхецæн фуддзийнадæбæл, нæ, е сумахæн хуæрзæрдæмæ ‘й. Уонæй алли адæймагæн дæр уодзæнæй æхецæн ци тæрегъæд æрхаста, е. Уомæй æхемæ фулдæр хай ка райста, уомæн ба – фулдæр æфхуæрдæ.
12. Æма, еци фаутæ фегъосгæй, сумах – æууæндгутæ: нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæ – цæмæннæ ба расагъæс кодтайтæ хуарзбæл æма нæ загътайтæ: “Е, ægонгæй, мæнгæттæ æй”?[1]
13. Цæмæннæ æрбахудтонцæ уæд етæ цуппар æвдесæни уой тухххæн? Етæ кæд уой тухххæй æвдесæнтæ не ‘рбакодтонцæ, уæд Хуцауи размæ мæнгæттæ дзорæг æнцæ.

14. Æма Хуцауи таукелдзийнадæ æма Æ уодибæстгундзийнадæ хæстæг дуйней дæр æма фæстаг дуйней дæр ку нæ адтайдæ, уæд уæ устур æфхуæрдæ бакайдтайдæ, уотæ цъухгинæй цæбæл дзурдтайтæ, уой тухххæй.
15. Æма мæнæ уони уе ‘взæгутæбæл даретæ æма уæ билтæй дзоретæ, цæй тухххæй уæмæ зонундзийнæдтæ нæййес, æма Хуцаумæ устур æвæрди ци ‘й, уой нимайетæ нецæййагбæл.
16. Æма, уой фегъосгæй, цæмæннæ ба уин æнгъезуй зæгъун: “Уобæл дзорун нин нæ фæткæуй. Табу Хуцауæн! Е устур фау æй!”?
17. Хуцау уæмæ Æхе хатуй, цæмæй уæхæн гъуддагмæ макæдбал раздæхайтæ, кæд бауæндтайтæ, уæд.
18. Уотæ уин Хуцау лæдæрун кæнуй Е ‘вдесæнтæ, уомæн æма Хуцау зонагæ æма сем æй!
19. Урнæгти æхсæн илгъагдзийнадæ ку фæппарахат киндæуй, уæд е ке зæрдæмæ цæуй, уони ба æййафдзæнæй æбуалгъ æфхуæрддзийнадæ а царди дæр, æма иннæ царди дæр, – уомæн æма Хуцау уой зонуй, сумах ба – нæ зонетæ.
20. Æма Хуцауи хуарзæнхæ æма Æ тæрегъæддзийнадæ ку нæ уайдæ, уæдта Е сабур æма уодибæстгун ке ‘й, еци гъуддаг (уæд уайтæкки дæр сумах æрцудаййайтæ æфхуæрд).
21. Уо, ка бауæндтæй! Ма цотæ Ибилиси фæдбæл. Ибилиси фæдбæл кадæр цæуй, уонæн е тобæ æма илгъаг гъуддæгтæ кæнун фæдзæхсуй. Æма Хуцауи хуарзæнхæ æма Æ уодибæстгундзийнадæ уин ку нæ адтайдæ, уæд уи уæ еудæр некæд искæдзос адтайдæ. Фал Е искæдзос кæнуй, æрмæстдæр ке ‘Й фæндуй, уони, уомæн æма Хуцау игъосагæ æма зонагæ ‘й!
22. Æма уи гъæуагæдзийнадæ ка не ‘ййафуй, уæдта хуæрзæгъдау ка ‘й, етæ сæхецæн дзурд ма дæттæнтæ, цæмæй хæстæгутæн[2], мæгуртæн æма Хуцауи гъуддаги фæдбæл ка ралигъдæй, уонæн ма ангъос кæнонцæ. Уой бæсти син етæ ниххатир кæнæнтæ æма сæмæ æнвæрсонæй

ракæсæнтæ. Æви уæ нæ фæндуй, цæмæй уæхецæн дæр Хуцау ниххатир кæна? Хуцау, уастæн, хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

23. Ædайнæг, ædæгъдау æма урнæг адæймагбæл фаутæ ка иваеруй, етæ ælгъист уодзæнæнцæ хæстæг царди дæр æма идарддæр царди дæр, æма æрцæудзæнæнцæ карз æфхуæрд –

24. се ‘взæгутæ, сæ къохтæ æма сæ къæхтæ ци бон ævдесæн кæнонцæ сæ нихмæ, ци фуддзийнадæ аразтонцæ, уой тухxæй, уæд еци бон.

25. Еци бон син Хуцау алкæмæн дæр сæ аккаг фæууодзæнæй, æма уæд етæ базондзæнæнцæ, Хуцау бæлвурдæй æцæгдзийнадæ ке ‘й.

26. Фудсилтæ – фудлæгтæн, æнæфсæрмæ лæгтæ – æнæфсæрмæ уоститæн, æгъдаугин силгоймæгтæ – æгъдаугин лæгтæн, хуарз лæгтæ – хуарз уоститæн. Етæ ævуд æнцæ фудкоййи рази[3], уонæн Хуцауи хатир уодзæй, æма сæ Е хуæрзеугутæй фæххайгин кæндзæнæй.

27. Уо, ка æууæндуй! Уæхе хæдзæрттæй фæстæмæ, маке хадзаræмæ бацотæ æнæ “еблагъуæ” уин зæгъгæй æма хæдзаронтæн æнæ салан-келан ракæнгæй, – е уæхецæн хуæздæр æй, цæмæй кæрæдземæ лæмбунæг уайтæ.

28. Æма хæдзари ку неке иссерайтæ, уæд уæ уордæмæ бацæун некæми гъæуй, цалдæн уин уомæн барæ лæвæрд æрцæуа, уæдмæ. Уотæ уин ку загъдæуа: “Раздæхетæ!”, уæдта раздæхетæ – уомæн æма, уастæн, уотæ федауцæдæр æма кæдзосдæр уодзæнæй, – уомæн æма Хуцау зонуй, сумах ци кæнтæ, уой.

29. Фал уæбæл тæрегъæдæй неци уодзæнæй, ædзæræг хæдзаræмæ ку бацæуайтæ, кæцими разиндзæнæй ка уæ гъæуй, уæхæн ести цигъæуагæ[4]. Хуцау зонуй æргомæй дæр æма сосæгæй дæр ци кæнетæ, уой.

30. Ка бауuæндтæй, еци лæгтæн зæгъæ, цæмæй сæ цæстæнгас, цит, æруадзонцæ, сæхе исмуррут унæй гъæуайгæнгæй, – уотæ æгъдаубæлдæр æма кæдзосдæр æй, – уомæн æма Хуцау, етæ цитæ кæнунцæ, уой зонæг æй.

31. Зæгъæ кизгуттæн дæр, Хуцаубæл ка бауӕндтæй, цæмæй етæ дæр сæ цæстæнгас, цит, æруадзонцæ, се ‘фсарæ гъæуайгæнгæй, æма рæсугъдæй сæбæл ци ес, уони æргомæй ма ‘вдесæнтæ, æрмæст цæмæн æмбæлуй разиннунæн, уонæй фæстæмæ. Æма сæ сасуг æргæлдзæнтæ сæ реубæл, æма сæ рæсугъд байуантæ ма ‘вдесæнтæ, сæ лæгтæй, сæ фиддæлтæй, сæ лæги фиддæлтæй, æма сæхе фурттæй, уæдта сæ лæгти фурттæй кенæ сæхе æнсувæртæй, уæдта хуæрифурттæй, се ‘нсувæртæй æма хуæртæй, сæ унæуттæй, кенæ сæ лимæн кизгуттæй, уæдта сæ къох кæмæ барæ даруй æма дзæдæл ка уа, уæхæн лæггадгæнгутæй, кенæ минкъий сувæллæнттæй, кæцитæ нæма лæдæрунцæ силгоймаги бæгънæгдзийнадæ, уонæй фæстæмæ. Æма сæ къахæй зæнхæ ма цæвæнтæ, цæмæй сæ хъæппæлти буни ци рæсугъддзийнадæ римæхст ес, етæ ма фæззиннонцæ. Уо, ка бауӕндтæй! Хуцаумæ рахатетæ уæ цæсгон, уæ тæрегъæдтæбæл басæтгæй, цæмæй бавзарайтæ мондидзагдзийнадæ.
32. Æма лæгмæ дæттетæ, лæгмæдзуд ка нæй, уæдта урнæг цагъайрæгти. Æма етæ мæгур кæд æнцæ, уæдта сæ Хуцау Æ таукелдзийнадæй фæххайгин кæндзæнæй, уомæн æма Е алцизонæг æма алцæбæл хъæртæг æй.
33. Æрхонунæн равгитæ ка нæ еруй, етæ ба бухсæнтæ, цалдæн сæ Хуцау Æ фарнæй нивгун нæ фæккæна, уæдмæ. Æма уæ дæлбар уæвгутæй уотемæй еске ку бафæндæ уа сумахæй исуæгъдæ уни тухxæй Финстæг райсун, уæдта ин æй раттетæ. Хуцау уин ци мулкæй бахай кодта, уомæй син, цит, раттетæ, уой ку зонайтæ, æма етæ хуæрз æма рæстæууæнкæ ‘нцæ. Уæ кизгутти ма цæун кæнетæ ихæлддзийнади надбæл, æгъдаудзийнадæмæ ку тундзонцæ, уæд, хæстæг царди цибæлдзийнæдти фæдбæл рацæугæй. Уой тухxæй син ка истухæ кæна – (ци гæнæн ес!) – уæдта еци истухи фæсте дæр Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й.
34. Мах рарвистан æвдесæнтæ, кæцитæ уин алцидæр лæдæрун кæнунцæ,

æма уин, сумах размæ ка адтæй, еци адæнтæй дæнцæнтæ æрхастан, уæдта Хуцауæй ка тæрсуй, уони баруагæс кæнунæн.

35. Хуцау зæнхи æма арви Рохс æй, æма Æ Рохс ба къосгау æй, кæцими – цъилинга, кæци æй авги хурфи, Авгæ ба – раст æрттевагæ стъалуй хузæн, цæппозурау рохс калгæ. Æма е исцæфсуй легъони фæрнуг идзæгънæй нæдæр хорискæсæни, нæдæр хорнигулæни, кæций зети иссодзунгъон æй рохсæй, арт имæ хæстæг нæ бандзæвгæй дæр ма. Рохс – рохсбæл! Æма Æ Рохсмæ Хуцау хонуй, æрмæстдæр ке 'Й бафæндæ уа, уони. Уотæ, адæнæн Хуцау æрхæссуй дæнцæнтæ: Уомæн алли гъуддаг дæр зунд æй.

36. Цæфсуй хæдзæртти, кæцити Хуцау бауагъта исаразун, цæмæй уонæми игъуса Æ ном, цæмæй уоми бозæй табу киндæ уа Уомæн сæумæй дæр æма æхсæвæ дæр

37. адæн, кæцити Хуцауи ном ерунæй нæ багъигæ дардтонцæ нæдæр уайснайдæ, нæдæр уæйæ кæнундзийнадæ, намази лæугæй æма битир дætгæй. Етæ турсунцæ сæ зæрдитæ æма цæстæнгас ци бон исхæтонцæ, еци бонæй,

38. цæмæй сæ Хуцау фæххайгин кæна сæ хуæздæр гъуддæгти тухxæй, æма син цæмæй Е Æ фарнæй фæффулдæр кæна Æ лæвæрттæ. Кæмæн Æй бафæндæуа, уомæн Е ратдзæнæй æнæ хигъдæй.

39. Ка нæ баууæндтæй, уони гъуддæгтæ ба гæнистон будури фæлдемæнау æнцæ: æдонуг æй дон æнгъæлуй, фал имæ ку бахъæртуй, уæдта фæууинуй, е ке неци 'й. Фал е уоми æ хæццæ иссеруй Хуцауи, кæций æй бадæмуй хигъдæй. Уастæн, Хуцау Æ бадæмди цурд æй!

40. Ка нæ баууæндтæй, уони гъуддæгтæ денгизи хъуми тарау æнцæ. Бамбæрзуй æй цæхъал, кæций фæсте ба – нæуæг цæхъал, сæ сæрмæ ба – æврагъ. Еу тар ба æмбæрзуй æндæр тар, æма адæймаг ку радаргъ кæнуй æ къох, уæд æнвахс нæбал фæззиннуй. Хуцау рохсæй хайгин ке нæ фæккæнуй, е рохс некæд фæууиндзæнæй!

41. Ædту нур ду уой нæ уинис, арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр

цидæриддæр ес, етæ Хуцауæн куд табу кæнунцæ, – цъеутæ дæр, рæнгъитæй тæхгæ? Алке дæр æ кувд æма табу зонуй. Æма Хуцау дæр зонуй, етæ ци кæнунцæ!

42. Æма арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр Хуцауи барæ цæуй, уæдта æрмæст Уомæ раздæхдзæнæй алцидæр.

43. Гæр уой нæ уинис, Хуцау æврæгътæ куд соруй, уæдта сæ куд исеу кæнуй, уой фæсте ба сæ мегътæ куд фестун кæнуй, æма уинис, æ цъæсгитæй куд лæдаруй уарун. Æма арвæй æркæнуй Е мегъти хуæнхтæ, кæцими – ех; уомæй Е базæран кæнуй, ке ‘Й бафæндуй, уони, фал æй райеуварс кæнуй, зæрдæмæдзæугæ Ин ка ‘й, уонæй. Æ арви æрттивд ба ‘й фæхъхъæрæу кæнуй.

44. Хуцау раййевуй æхсæвæ бонæй, – уоми, уастæн, уинунгъон ка ‘й, уонæн уазамунд ес.

45. Æма Хуцау исфæлдиста æнккæт цæрæгойтæ дæр донæй; уонæй сæ еуетæ сæ губунбæл бурунцæ, иннетæ дугай къæхтæбæл хæтунцæ, еуетæ ба – цуппар къахебæл. Хуцау фæлдесуй ци ‘й фæндуй, уой, – уомæн æма Е алцæбæл дæр æма алкæбæл дæр тухгин æй!

46. Мах æрæрвистан бæрæгævдесæнтæ, æма Хуцау ба, ке ‘Й фæндуй, уой хонуй æррæстæ надмæ.

47. Æма етæ[5] зæгъунцæ: “Мах æууæндæн Хуцаубæл дæр æма минæварбæл дæр, æма уесæн!” Фал, уой фæсте ба сæ еу хай сæ фæссонтæ рахатунцæ, æма гиауртæ дæр етæ ‘нцæ.

48. Хуцаумæ æма Æ минæвармæ сæ ку фæххундæ уй, цæмæй е се ‘хсæн æртæрхон кæна, – уæдта, кæсай, сæ еу хай сæ фæссонтæ рахатуй.

49. Фал етæ раст ку адтайуонцæ, уæд имæ уесгæй æрбацудайуонцæ.

50. Гæр, сæ зæрдитæ нези амæттаг фæцæнцæ, кенæ си гурусхæдзийнадæ райгурдæй, æви сæбæл тасдзийнадæ хъæбæрдæр кæнуй, Хуцау дæр æма Е ке[6] рарвиста, е дæр уотæ æнæрастæй сæ бафхуæрдзæнæнцæ, зæгъгæ? Фал нæ! Етæ сæхуæдтæ æнцæ æнæраст!

51. Æма рæстагтæмæ ку фæдздзоронцæ Хуцаумæ æма Æ минæвармæ,

цæмæй син се ‘хсæн истæрхон кæна, уæд сæ еунæг дзурд уодзæнæй: “Мах фегъустан æма уесæн!” – Æрмæст уонæн уодзæнæй ёнтёстдзийнадё.

52. Æма Хуцау æма Æ минæвари коммæ ка кæсуй, ка Си тæрсуй, етæ уодзæнæнцæ æнтæстгин.

53. Етæ Хуцауи номæй сомитæ кодтонцæ – сæ устурдæр сомитæй, – ду син ку зæгъай, уæд етæ, æнæмæнгæ, рацæудзæнæнцæ дæ фæдбæл. Зæгъæ: “Ма соми кæнетæ! Уой бæсти мæ коммæ бакæсетæ, уомæн æма Хуцау зонуй, сумах ци кæнетæ, уой!”

54. Зæгъæ: “Хуцауи коммæ кæсæ æма Æ минæвармæ игъосетæ. Уæхе ку рахатайтæ, уæдта уобæл – æрмæст ин Хуцау ци байхæс кодта, уобæл дзуапп раттун, сумах ба дзуапп дætдзинайтæ, ци уæбæл байхæс кодта Хуцау, уобæл. Æма Æ коммæ ку кæсайтæ, уæд раст надбæл ислæудзинайтæ. Минæварбæл ба æрмæст раст балædæрун кæнуни ихæс ес”.

55. Ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн Хуцау байвæрзта, Е сæ зæнхæбæл бундоронтæ ке ниууадздзæнæй, сæ размæ ка адтæй, уони куд ниууагъта, уотæ, æма син сæ дин ниффедар кæндзæнæй, кæций равзурста уонæн, æма сæ раздæриккон тасдзийнадæ ба син баййевдзæнæй ædасдзийнадæй: “Етæ ковдзæнæнцæ Мæнмæ, æма Мин æмбалæн неке имисдзæнæнцæ! Уой фæсте ба ма гиаур ка разинна, е ба, уастæн, æнаккаг кæнæгой æй”.

56. Уой тухxæй ба намази сахæттæ ма ихалетæ, битир дæттетæ æма минæвармæ игъосетæ, цæмæй уин хатиргонд æрцæуа!

57. Уотæ ма гъуди кæнтæ, æма ка нæ баууæндтæй, етæ Ин зæнхæбæл Æ гъуддæгтæ фехалунгъон æнцæ. Уонæн сæ бунат – дзаханаман, æма е илгъаг раздæхт æй!

58. Уо сумах, ка урнуй! Уæ рахез къохти ка ‘й, уæдта ка уи нæма рабайлæгъ æй, æртæ хатти уи ракордзæнæнцæ барæ: намази размæ рагисон, уæ хъæппæлтæ ку фæлласетæ рæфти, æма изæйрон намази фæсте – æртæ

хатти уин ес исбæгънæг ун, уинун уæ иннетæн кæд не ‘нгъезуй. Сумахбæл дæр æма иннетæбæл дæр иннæ рæстæги неци тæрегъæд уодзæнæй, кæрæдземæ ку цæуайтæ гъуддаги. Уотæ уин Хуцау Е ‘вдесæнтæ лæдæрун кæнуй! Хуцау зонагæ, сем æй!

59. Уæ сувæллæнттæ ку рабайлæгъ уонцæ, уæдта етæ дæр барæ корæнтæ, сæ размæ куд кодтонцæ, уотæ. Уотæ уин Хуцау лæдæрун кæнуй Е ‘вдесæнтæ. Хуцау зонагæ, сем æй!
60. Рацæргæ силгоймæгтæй лæгмæ æрцæунбæл æ зæрдæ ка нæбал даруй, уонæбæл ба тæрегъæдæй неци уодзæнæй сæ хъæппæлтæ раласуни тухххæй, сæ рæсугъддзийнæдтæй сæхе не стаугæй. Фал хебæлхуæцундзийнадæ æма æфсæрмидзийнадæ ба бæргæ хуæздæр униау æнцæ, уомæн æма Хуцау алцидæр игъосуй æма уинуй!
61. Тæрегъæд нæййес хъæрæубæл дæр, къулухбæл дæр, сæйгæбæл дæр. Тæрегъæд нæ уодзæнæй сумахбæл дæр, уæхе хæдзæртти ку хуæрайтæ, кенæ уæ фиддæлти æма маддæлти хæдзæртти, кенæ уæ хуæрти æма æнсуæрти хæдзæртти, кенæ уæ маддæлти æма фиддæлти хуæрти æма æнсуæрти хæдзæртти, кенæ ци хæдзæртти дæгъæлтæ уæмæ равардтонцæ, уонæми, кенæ уæ лимæни хæдзари. Тæрегъæд уæбæл нæ уодзæнæй, еумæ кенæ хецæнтæй ку хуæрайтæ, уæд. Хæдзарæмæ, цит, ку бацæуайтæ, уæдта салам-еу раттетæ, куд æмбæлуй, уотæ фæрнуг саламæй Хуцауи номæй. Уотæ уин Хуцау лæдæрун кæнуй Е ‘вдесæнтæ, цæмæй ниссагъæс кæнайтæ!
62. Урнæг етæ ‘нцæ, Хуцаубæл æма Æ минæварбæл ка æууæндуй, æма етæ æ хæццæ ести еумæйаг гъуддаги ку фæуунцæ, уæд æй ку нæ ниууадзунцæ, цалдæн си барæ ракоронцæ уой тухххæй. Уастæн, Хуцаубæл æууæндунцæ, æма Æ минæварбæл æууæндунцæ æрмæст етæ, дæуæй ка ракора барæ. Уомæ гæсгæ ба ди ка ракора гъуддаги фæдбæл рандæуни барæ, уонæй, ке дæ бафæндæ уа, уой рауадзæ, æма уонæн Хуцауæй ниххатир кæнундзийнадæ ракорæ. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

63. Сумах минæвари бахадт ма баретæ кæрæдземæ бахадти хæццæ. Хуцау ба зонуй, ести рæуонæй сосæггай æхе ка райесуй, уони. Æма уой фæндони нихмæ ка цæуй, етæ сæхе гъæуай кæнæнтæ, цæмæй маци бавзаронцæ, кенæ сæ æбуалгъ æфхуæрдæ ма бакайа.
64. Гъо! Уастæн, Хуцауи бæрни ‘нцæ арвбæл дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ. Уомæн хъæбæр хуарз зундгонд æнцæ уæ гъуддæгтæ. Æма сæ Уомæ ку раздахонцæ, уæд еци бон син Е фегъосун кæндзæнæй ци бакодтонцæ, уой. Уастæн, Хуцау алли гъуддаг дёр зонуй!

25-аг сураæ

Æртасуйнадæ*

(аль-Фуркан)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Цæмæй дуйнетæн е[1] уазхæссæг иссайдæ, уой тухххæй Æ цагъарæн æртасуйнадæ[2] ка рарвиста, Е фæрнуг æй, –
2. арв æма зæнхæ ке бæрни ‘нцæ æма Æхецæн сувæллон ка нæ райста, уæдта Æ баргъондзийнади æмбал кæмæн нæййес. Алли дзаумау дæр Е исфæлдиста æма ин бæрæг асæ Е равардта.
3. Æма етæ Уой бæсти райстонцæ хуцæуттæ, кæцитæ неци фæлдесунцæ, нæ фал æма сæхуæдтæ[3] исфæлдист æнцæ. Уонæн сæхецæн дæр сæ бон нæй нæдæр зæран, нæдæр пайда æрхæссун. Нæ дарунцæ сæ барæ мælætбæл, æма цардбæл дæр нæ уайуй сæ барæ, уæдта æригас кæнун дæр сæ бон нæй.
4. Æма æнæууæнкитæ фæззæгъунцæ: “Е[4] æримист æй, е æрмæст мæнгæттæ ‘й, æма ин еци гъуддаги æндæр кадæртæ фæййангъос

---

* Æртасуйнадæ – различение.

кодтонцæ”. Фал уомæй æрмæст сæхуæдтæ æрбахастонцæ мæнгæттæ æма фесинмæдзийнадæ.

5. Æма етæ зæгъунцæ: “Етæ рагёнти таурæхътæ ‘нцæ. Е сæ æхецæн ниффинсун кодта æма ин сæ аргъаунцæ сæумæй дæр æма изæрæй дæр”.
6. Зæгъæ: “Уæларви æма зæнхи сосдзийнæдтæ ка зонуй, уой дæр Е æрæрвиста. Е, уастæн, хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!”
7. Æма етæ зæгъунцæ: “Циуавæр минæвар æй е, кæд æма хуæргæ дæр кæнуй, уæдта базармæ дæр цæуй? Нур имæ изæд æрвист ку адтайдæ æма уой хæццæ ку хастайдæ уаз!
8. Кенæ ‘йбæл хæзнатæ ку æркалдайуонцæ, кенæ ‘ймæræзбун ку фæззиндтайдæ, кæми æ фæндон ахуастайдæ!” Æма гиауртæ дзорунцæ уотæ: “Сумах цотæ æрмæст хæццегуни фæдбæл”.
9. Кæсай, цæй хæццæ дæ барунцæ! Етæ Хуцауи надæй рахизтæнцæ æма ‘й нæуæгæй иссерунгъон нæбал æнцæ.
10. Сумахæн Æ фæндæй, ци хуæздæр æй, уой ка æрхъæртун кæна, Е фæрнгун æй: ræзбунтæ, æ фалæнбулай цæугæдæнттæ уогæй, уæдта галауантæ уин исивæрдзæнæй.
11. Гъо! Етæ и Сахат мæнгæбæл нимайунцæ, Мах ба, и Сахат мæнгæбæл ка нимайуй, уонæн зиндони арт æрцæттæ кодтан.
12. И арт сæ ку ниууина, идард ма сæмæ уогæй, уæд етæ фегъосдзæнæнцæ абухт æма туфултæ калд.
13. Æма етæ уордæмæ гæлст ку ‘рцæуонцæ унгæг рауæнмæ бастæй, уæд сæ мæлæтмæ ковдзæнæнцæ.
14. Фал сæмæ фегъусдзæнæй дзуапп: “Сумах еунæг мæлæт ма коретæ абони, фал коретæ уæхецæн берё мæлæттæ!”
15. Зæгъæ: “Ци хуæздæр æй: айæ, æви æносон ræзбун, кæци ивæрзт адтæй Хуцауæй тæрсгутæн, æма е фæстаг бунат уодзæнæй сæ киндæн”.
16. Уонæн уоми, æноси си байзайгæй, уодзæнæй цидæриддæр сæ багъæуа, е. Æма е æй дæ Еунæхуцауи байвæрзт, кæций корунцæ етæ.
17. Еци бон Е ку æрæмбурд кæна уони дæр æма, Хуцауæй фæстæмæ ма

ændæretæmæ dæp ka kuvta, уони dæp, уёd син sægъdzænæй: “Mæ цагъарти cæ надæй рахезун кænун уæ бон иссæй, æви етæ cæхуædtæ радзæгъæл ænцæ и надбæл?”

18. Етæ sægъdzænænцæ: “Табу Dæхецæн! Dæу бæсти нин не ‘мбалдæй ауодгутæй ændæрети есун. Фал Ду уонæн dæp æма cæ фиддæлтæн dæp се ‘нгъуди pæстæг рафæстиат кænисæ, æма етæ cæ ковуни ихæс феронх кæниуонцæ – етæ исæфтдзаг адæн иссænцæ!”
19. Хуцау гиауртæн sægъdzænæй: “Сумах ци дзурдтайтæ, етæ уæ уой мæнгæттæбæл фæййазун кодтонцæ. Æма нур ба сумахæн уæ бон нæй нæдæр æфхуæрдæ райеуварс кænун, нæдæр ænхусдзийнадæ иссерун. Гиаур ка ‘й, уомæн ба Мах исцумун кæндзинан карз æфхуæрдæ”.
20. Dæу размæ dæp Мах еунæг пахампар dæp нæ рарвистан, хуæруйнаг ка нæ ахустайдæ æма базартæбæл ка нæ хадтайдæ. Æма уæ еуети уин Æз искодтон иннетæн фæлварænæн – ниббухсдзинайтæ сумах, æви нæ? Æма Хуцау ба алцидæр æма алкедæр уинуй!
21. Æма Махбæл исæмбæлун æнгъæл ка нæй, етæ загътонцæ: “Нур нæмæ изædtæ æрвист ку адтайуонцæ, кенæ нæ Еунæхуцауи ку фæууидтаййанæ!” Етæ cæ сагъæсти исхецмæр ænцæ æма устурзærдæй устурзærдædæр гæнгæ цæунцæ.
22. Фал етæ изædти ци бон фæууинонцæ, еци бон сæмæ5 цийнаг хабар нæ райгъусдзænæй. Изædtæ син sægъdzænænцæ: “Ænæйихæлгæ хамец!”
23. Æма уæд Мах раздахдзинан Не ‘ргом, етæ ци гъуддæгтæ аразтонцæ, уомæ, æма cæ уадхаст фунук фестун кæндзинан.
24. Фал еци бон тæккæ хуæздæр бунат уодзænæй дзенети ка уа, уонæн – ænцоййади тæккæ хуæздæр бунат.
25. Фæддууех уодзænæй еци бон арвазгъунст, æма æврæгътæй æрфецаудзænænцæ изædtæ рæнгъитæй.
26. Еци бон, уастæн, æгас бартæ dæp Уодибæстгунмæ уодзænænцæ. Æма содзæггаг уодзænæй гиауртæн еци бон!
27. Æма ма еци бон е ‘нгулдзитæ бæргæ ‘хсиндзænæй гиаур, уотæ дзоргæй:

“Минæвари хæццæ ку ислæудтайнæ и надбæл!

28. Уо сар мæ сар! Лимæнæн ку нæ равзурстайнæ уæхæни!

29. Е мæ фæккеун кодта, зæрдæбæл дарун кæнуйнагæй мæ райеуварс кæнгæй, ку мæмæ фæззиндтæй[6], уæд уой фæсте, уомæн æма адæймагбæл Ибилис, уастæн, гадзирахаттæй рацæуæг æй!”

30. Æма уæд минæвар зæгъдзæнæй: “Уо мæ Еунæхуцау! Уастæн, мæ адæн Хъуран нæбæззонбæл банимадтонцæ”, –

31. Уотæ Мах алли пахампарæн дæр æвардтан тæрегъædгунти хигъдæй æзнаг, – фал дæ Еунæхуцау дæр фагæ ‘й раздзæуæгæн дæр æма æнхусгæнæгæн дæр.

32. Æма гиауртæ зæгъунцæ: “Æма ин уæд и Хъуран еухаттæн цæмæннæ байгон æй?” Е дин уотæ æрвист æй, цæмæй дæ зæрдæ ниффедар уа, æма дин æй Мах аргъауæн лæмбунæг аргъудæй.

33. Æма сæмæ балædæрун кæнунæн дæхе ку бахатай дæнцæни хæццæ, уæд дин уой тухxæй уацæгадæ æрхæссæн, æма ма ‘й хуæздæрæн ба балædæрун кæнæн.

34. Æма дæлгоммæ хъанæй æмбурдгонд ка ‘рцæуа зиндони, уонæн се ‘нцойни бунат фуддæрти фуддæр æй.

35. Мах Мусайæн балæвар кодтан киунугæ, æма ин æнхусгæнæгæй ба исивардтан Харуми, е ‘нсувæри,

36. æма син Мах загътан: “Не ‘вдесæнтæ нин ка рагæлста, еци адæнмæ цотæ”. Æма сæ Мах бунцагъдæй ниццагътан.

37. Уотæ бакодтан Нохи адæнæн дæр, етæ минæвæртти мæнгæттæбæл ку банимадтонцæ, уæд, æма сæ дæлдон фæккодтан, æма си исаразтан адæнæн æвдесæн, æма æнаккæгтæн æрцæттæ кодтан æбуалгъ æфхуæрддзийнадæ.

38. Уотæ бакодтан Ад æма Сæмуди адæнæн дæр, æма Расси цæргутæн дæр, æма уони æхсæн фæлтæртæн дæр.

39. Уонæн се ‘гасемæн дæр Мах æрхæссианæ æмбесæндтæ æма дæнцæнтæ; фал сæ багъудæй се ‘гасей дæр бунцагъд фæккæнун.

40. Фидбилизи сахуаруни амæттаг ци гъæуи фæккодтан, уой рæзти, цит, ку рафецаудтонцæ, æма ‘й, миййаг, нæ фæууидтонцæ? Фал нæ, етæ не ‘ууæндунцæ райгасдзийнадæбæл!
41. Етæ дæ ку фæууинунцæ, уæд дæ айуанти буни фæккæнунцæ: “Ædта нур е Хуцау ке рарвиста минæварæй, е æй?
42. Е нæ нæ хуцæуттæй минкъий ма, уæдта нæ фæккеун кодтайдæ, федар сæбæл ку нæ фæххуæстайййанæ, уæд”. Фал æй тагъд базондзæнæнцæ, æфхуæрддзийнадæ ку фæууинонцæ, уæд ка хъæбæрдæр фæккиудтæй, уой.
43. Ду уой фæууидтай, æ цибæлтæй хуцау ка исаразта, – нур ду уой дæр дæ бæгъдауонд райсдзæнæ?
44. Æви уотæ æнгъæлис, æма сæ фулдæретæ игъосунцæ æма лæдæрунцæ? Гъигагæн, етæ æдеугурæй фонси хузæн æнцæ, æма уонæй дæр ма хъæбæрдæр фæррæдудæнцæ сæ надбæл.
45. Нæ уинис, дæ Еунæхуцау куд ниддæргъё кæнуй аууон? Æма ‘Й ку бафæндадтайдæ, уæд æй æнæзмæлгæ искодтайдæ. Уæдта хори Мах искодтан уой хонæгæй.
46. Уæдта ‘й сабургай ælвасгæй цадæггай Хемæ æрбайсæн.
47. Æма Е æй, сумахæн хъæппæлæн ка искодта æхсæвæ, уолæфунæн – фун, бон ба исаразта райгас кæнунæн.
48. Е æй цийнаг хабари хæццæ дунгитæ ка æрветуй Æ уодибæстгундзийнадæй, æма арвæй кæдзос дон ка æркæнуй,
49. цæмæй уомæй Мах мард бæстæ æрцарæн, æма цæмæй Мах ци исфæлдистан, уонæн берекетæй дарæн – фонсæн æма адæнæн.
50. Æма ‘й Мах уе ‘хсæн иуарæн[7], цæмæй уæ зæрдæбæл дарайтæ, фал фулдæр адæн ба, æнæууæнкæдзийнадæй фæстæмæ, алцæмæй дæр сæхе еуварс кæнунцæ.
51. Æма Нæ ку фæндадтайдæ, уæдта Мах алли горæтмæ дæр уазхæссæг рарвистаййанæ.
52. Æма æнæууæнкитæн ма комæ, æма сæ хæццæ уомæй[8] устур тох

искænæ.

53. Æма Е æй, дууæ денгизи9 ка исхæлæмулæ кодта: еу – æхцæуæн, æдзæнхæ, иннæ – маст æма цæхгун. Æма се ‘хсæн ба исивардта æнæйхæлгæ гæрæн.

54. Е æй, адæймаги донæй ка искодта, æма ин тогæй æма æнкъаййадæй хæстæгдзийнадæ ка ниффедар кодта. Уастæн, дæ Еунæхуцау тухгин æй!

55. Фал етæ Хуцауæй фæстæмæ ма уæддæр ковунцæ, пайда дæр æма фидбилиз дæр син ка не ‘рхæсдзæнæй, уонæмæ. Æма ка нæ баууæндтæй, етæ алкæддæр Уой нихæ Ибилисæн æнхусгæнгутæ фæуунцæ!

56. Мах дæ æрмæст хабархæссæгæй, уазхæссæгæй рарвистан.

57. Зæгъæ: “Æз уи уой тухxæй нециаваер хуæрзеуæг агорун, æрмæстдæр цæмæй, ке уи бафæндæ уа, етæ сæ Еунæхуцаумæ исаразонцæ сæ фæндаг”.

58. Дæхе бафæдзæхсæ æрмæстдæр æносон ка ‘й, Уобæл, кæцибæл мæлæти бон бандзæвун дæр нæй, æма Ин табу кæнæ. Е фагæ ‘й Æ цагъарти тæрегъæдтæ зонунæн, –

59. уæлæрвтæ æма зæнхæ, уæдта уонæн се ‘хсæн, уони ка исфæлдиста æхсæз бонемæ, уой фæсте ба тронбæл ка исбадтæй – Хатиргæнагæдæр æй, ба ‘йбæл фæрсæ зонæнгини!

60. Уотæ син ку фæззæгъунцæ: “Коветæ Хатиргæнагæмæ!”, уæд етæ фæззæгъунцæ: “Тæрегъæдгæнагæ ба ци ‘й? Æдта нур ду нин кæмæй зæгъис, уомæн ковдзинан?” – Æма сæ е никки хъæбæрдæр рахатун кæнуй.

61. Уæлæрвтæ стъалути бардзæ ка искодта, æма си хорæй цирагъ æма рохсдæттæг мæйæ ка исаразта, Е фæрнгун уæд.

62. Е æй æргъуди кæнуйнаг æма райарфæ кæнуйнаг ка ‘й, уонæн æхсæвæ æма бонæ кæрæдзей æййевунæн ка искодта.

63. Æма Уодибæстгуни унæуттæ æнцæ æрмæстдæр, зæнхæбæл ка хæтуй уесгæй, етæ. Æма æнахургæндтæн фæззæгъунцæ етæ, сæхе сæмæ ку

бахатунцæ, уæд: “Салам!”

64. Хъанæй кенæ истгæй ка рарветуй е ‘хсæвæ æ Еунæхуцауи размæ, етæ дæр.

65. Уæдта уотæ ка фæззæгъуй: “Нæ Еунæхуцау! Зиндони æфхуæрдæй нæ бахезæ, уомæн æма нин си ænæфедуйгæ фидбилиз ес!

66. Е, уастæн, æбуалгъ æй, куд цæрæнуат дæр æма æнцойни бунат дæр!”

67. Æма харзгæнгæй ænауæрцæ дæр æма къинди дæр ка нæ фæууй, фал бæрцæбæл ка хуæцуй,

68. уæдта Хуцауи хæццæ ма ændæр хуцаумæ ка нæ ковуй, æма Хуцау ке батобæ кодта, еци уоди цард ка не ‘сæскъунуй, æрмæст фæткæбæл уогæй, уæдта ихæлддзийнади фæдбæл ка нæ рацæуй, – фал уони кадæриддæр аразуй, –етæ ба исæмбæлдзæнæнцæ æфхуæрддзийнадæбæл.

69. Исæндедзæн бони ба и бафхуæрдæ дувæлтæрæй уодзæнæй уомæн, æма уоми уодзæнæй дæлгенаг æма æгадæгондæй.

70. Æ рæдудбæл басæтгæй ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уонæй фæстæмæ. Уæхæнттæн ба Хуцау сæ лæгъуз гъуддæгтæ баййевдзæнæй хуарз гъуддæгтæй. Хуцау, уастæн, хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!

71. Уомæн æма ка басæттуй æ рæдудбæл æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, е æцæгæй Хуцаумæ рахатуй æхе.

72. Уæдта мæнгæ ‘вдесæн ка нæ кæнуй[10], фал, дзæгъæлдзоргутæбæл исæмбæлгæй, уæзданæй сæбæл ка райевгъуйуй.

73. Сæ Еунæхуцауи æвдесæнти туххæй сæ зæрди кæмæн æрæфтудæуй, етæ ку не ‘рхаунцæ дæлгоммæ къурутæй æма хъæрæутæй уонæмæ, уæд етæ дæр.

74. Æма уотæ ка зæгъуй: “Нæ Еунæхуцау! Нæ уоститæй æма нæ цæуætæй нин раттай нæ цæститæн æхцæуæн ка уа, æма нæ Хуцауæй тæрсгути раздзæугутæй искæнæ”.

75. Сæ уалгæдзондзийнади туххæй етæ райсдзæнæнцæ бæрзонддæр

бунæттæ, æма уонæбæл уоми исæмбæлдзæнæнцæ салами хæццæ.

76. Æма уоми уодзæнæнцæ æности. Хъæбæр хуарз уодзæй е цæрæнуатæн дæр æма уодæнцойнæн дæр.

77. Зæгъæ: “Хуцау уæбæл нæ батухстайдæ, сумах имæ ку не скувтаййайтæ. Фал æй сумах мæнгæбæл банимадтайтæ, æма е[11] ба тагъд ædæуагæ исуодзæнæй!”

26-аг сурæ
Поэттæ
(аш-Шуаъра)

Хатиргæнагædæр æма тæрегъædгæнагædæр Хуцауи номæй!

1. Та. Син. Мим.
2. Мæнæ æцæг Киунуги æвдесæнтæ.
3. Миййаг, кæд дæ дæхе рамарун фæндуй, етæ ке нецихузи æууæндунцæ, уой туххæй.
4. Мах ку бафæндадтайдæ, уæд сæмæ уæларвæй æвдесæн æрæрвистаййанæ, æма сæ бæрзæйтæ размæ уесæнæй æркъолæ адтайуонцæ.
5. Фал сæмæ сæ Еунæхуцауæй ести æрвистæг ку æрцæуй, уæдта етæ сæ фæссонтæ рахатунцæ.
6. Етæ ‘й, уастæн, мæнгæбæл банимайунцæ. Фал етæ цæбæл айуан кодтонцæ, уой хабар сæбæл тагъд рæстæги исæмбæлдзæнæй.
7. Гæр, зæнхæмæ некæд æркастæнцæ, куд берæ дессаг æнкъæйттæ си исирæзун кодтан, –
8. уонæн си, уастæн, уоми æвдесæн ес, фал сæ фулдæретæ не ‘ууæндунцæ, –
9. кæд æма дæ Еунæхуцау æцæгæйдæр тухгин æма уодибæстгун æй!
10. Æма мæнæ дæ Еунæхуцау фæсседтæй Мусамæ: “Цо залундзийнадæ

аразæг адæнмæ, –

11. Фёрёони адæнмæ. Гæр, етæ Хуцауæй нæ фæттæрсдзæнæнцæ?”
12. Æма е загъта: “Уо мæ Еунæхуцау! Тæрсун, етæ мæ мæнгæттæ исхондзæнæнцæ, –
13. æма уæд мæ реу исунгæг уодзæнæй, ме ‘взаг ба нæ райхæлдзæнæй. Харуми мин æнхусæн мæ хæццæ рарветæ.
14. Уонæмæ мин тæрегъæддзийнадæ ес, æма тæрсун, ку мæ рамаронцæ, уомæй”.
15. Е загъта: Нæ! Цотæ уонæмæ дууемæй дæр Ме ‘вдесæнти хæццæ. Мах дæр уæ хæццæ уодзинан: игъосдзинан, тæлмæцдзинан.
16. Цотæ дууемæй дæр Фёрёонмæ æма ин зæгъетæ: “Мах нæ дууæ дæр дуйнети Еунæхуцауи минæвæрттæ ан.
17. Æма нин нæ хæццæ рауадзæ Езрай фуртти”.
18. Фал Фёрёон ба загъта: “Мийяг дæ дæ суввæллони бонтæй не ‘хсæн не сгъомбæл кодтан? Мийяг, уал æма уал анзи нæ астæу нæ фæццардтæ?
19. Æма ци бакодтай, уой бакодтай, æма нур ду æнæбоз нæ дæ?”
20. Е ин дзуапп равардта: “Æз æй бакодтон, рæдуйгути хигъди ма ку адтæн, уæд.
21. Æма ци бакодтон, уомæй фæттарстæн æма уи уой тухxæй фæллигътæн. Фал мин мæ Еунæхуцау зонундзийнадæ балæвар кодта æма мæ Æ минæвæртти хигъди бакодта.
22. Æма мин ду ци хуарздзийнадæ ракондæй уайдзæф кæнис, е ба уой медæгæ æй, æма ду Езрай фурттæй уацайрæгтæ искодтай”.
23. Уæд Фёрёон бафарста: “Ка ‘й еци дуйнети Хуцау?”
24. Муса загъта: “Уæлæрвти æма зæнхи Еунæхуцау, уæдта уонæн сæ астæу цидæриддæр ес, уони Хуцау. Е уин зунд адтайдæ, æцæг зонундзийнæдтæ базонун уæ ку фæндадтайдæ, уæд”.
25. Уæд æ фалдзос лæугутæн Фёрёон загъта: “Игъосетæ ‘й!”
26. Фал е[1] идарддæр дзурдта: “Уæ Еунæхуцау, уæдта уæ фиддæлти æма рагфиддæлти Еунæхуцау”.

27. Фёрёон нæуæгæй загъта: “Уæ минæвар, сумахмæ æрвист ка ‘й, е, уастæн, æрра хæццегун æй!”
28. Фал е идарддæр бабæй дзурдта: “Хорискæсæни æма хорнигулæни Еунæхуцау, уæдта уонæн сæ астæу цидæриддæр ес, уони Еунæхуцау! Нур ести ку лæдæриайтæ!”
29. Фёрёон ин дзуапп равардта: “Мæнæй фæстæмæ ма кæд ду æндæр Хуцау райстай дæхецæн, уæд дæ æз, æнæмæнгæ, ахæстдони багæлдздзæнæн”.
30. Фал Муса загъта: “Нур дин федар æма бæрæг æвдесæн ку раттон, уæддæр ма?”
31. Е[2] ин загъта: “Хуарз, дæ дзурдтæ кæд раст æнцæ, уæд нин æрхæссæ де ‘вдесæн”.
32. Æма æ къобос лæдзæг зæнхæмæ æргæлста, æма е фестадæй хелагæ.
33. Е æ къох радаргъ кодта размæ æма уорс-уорсид исæрттивта кæсгути цæстити рази.
34. Æма уæд Фёрёон æ фалдзос æрлæууæг уллутæн зæгъуй: “Æнæмæнгæ е дæсни кæлæнгæнæг æй!
35. Æма нæ æ кæлæнтæй исфæндæ кодта нæ зæнхæй фæссорун. Уæ унаффæ куд уодзæнæй?”
36. Ета ин дзуапп равардтонцæ: “Æхецæн дæр æма е ‘нсуваræн дæр исæнгъуд кæнæ, æма федеугутæ рарветæ горæттæбæл,
37. цæмæй дæмæ æрбакæнонцæ аллихузи дæсни кæлæнгæнгутæ”.
38. Уотæ æмбурдгонд æрцудæнцæ кæлæнгæнгутæ æнгъуди бонмæ.
39. Адæни бафарстонцæ: “Æгасæйдæр æрæмбурд æнцæ?
40. Етæ[3] ку фæууæлахез уонцæ, уæд, мусийнæ, мах сæ фæдбæл рацæудзинан”.
41. Кæлæнгæнгутæ ку æрæмбурд æнцæ, уæдта етæ Фёрёонæн загътонцæ: “Мах ибæл ку фæууæлахез уæн, уæд нин, ке зæгъун æй гъæуй, æмбæлдзæнæй хуæрзеуæг?”
42. Фёрёон син дзуапп равардта: “Гъо! Уæд æрцæудзинайтæ мæнмæ хæстæггонд”.

43. Загъта син Муса: “Ци гæлдзуйнаг айтæ, уой æргæлдзетæ!”
44. Æма етæ дæр æргæлстонцæ сæ бæттæнтæ, лæдзгутæ æма загътонцæ: “Фёрёони устуйрадæ æма тухгиндзийнадæй мах, æнæмæнгæ, фæууæлахез уодзинан!”
45. Æма Муса дæр æргæлста æ лæдзæг, æма етæ ци фæлдемæн исаразтонцæ, уой уайтæккидæр ранихъуардта.
46. Æма ниллæг æркувтонцæ кæлæнгæнгутæ
47. æма загътонцæ: “Мах æцæгæй бауудæндтан дуйнети Еунæхуцаубæл –
48. Муса æма Харуми Бардарбæл!”
49. Фал Фёрёон ба загъта: “Сумах Ибæл бауудæндтайтæ, æз уин уой тухxæй барæ нæма ратгæй? Гъай-гъай, е[4] æвæдзи уæ хестæр æй, æма уæ кæлæнтæбæл е исахур кодта. Фал æй базондзинайтæ: æз уин дзуарсайæй ракъуæрдзæнæн уæ къохтæ æма къæхтæ, æма уæ дзуарсайæй нийтиндздзæнæн уе ‘гасей дæр!”
50. Етæ загътонцæ: “Е бæллах нæ уодзæнæй! Мах раздæхдзинан нæ Еунæхуцаумæ.
51. Мах æрмæстдæр нæ зæрдæ даræн уобæл, æма нин нæ Еунæхуцау ниххатир кæндзæнæй нæ тæрегъæдтæ, фиццаг мах ке бауудæндтан, уой тухxæй”.
52. Æма Мах Мусайæн баустан: “Мæ цагъарти хæццæ æмбесæхсæви рацотæ, æма уæ сордзæнæнцæ уæ фæдбæл”.
53. Æма Фёрёон горæттæмæ рарвиста æмбурдгæнæг федеугутæмæ:
54. Уонæн[5] сæ нимæдзæ уотæ минкъий æй,
55. Фал нæ уотæ хъæбæр исмæстгун кодтонцæ!
56. Æма нур ба мах æгасæйдæр къæрцгъос гъæуама уæн”.
57. Мах син ниууадзун кодтан рæзбунтæ, сауæдæнттæ,
58. хæзнатæ æма фæрнгун бунæттæ.
59. Уотæ! Æма уони Мах балæвар кодтан Езрай цæуætæн хайвæндагæн.
60. Сæумæ ба етæ[6] сæ фæдбæл рандæ ‘нцæ.
61. Æма мæнæ æфсæдти дууæ къуари кæрæдзей уинддуги ку фæцæнцæ,

уæд Мусай хæццæ ка цудæй, етæ загътонцæ: “Етæ нæ раййафтонцæ!”

62. Е загъта: “Нæ, уомæн æма мæнæн мæ хæццæ мæ Еунæхуцау æй, æма мин Е, ænæмæнгæ, бавдесдзæнæй раст фæндаг!”

63. Æма Мах дæр Мусайæн баустан: “Денгиз дæ лæдзæгæй ниццæвæ!” Æма денгиз фæйнердæмæ ниццælхъ кодта, æ дууæ фарси дæр хуæнхтау ислæугæй,

64. уой фæсте ба иннети[7] дæр æрбахæстæг кодтан денгизмæ.

65. Æма Мах фæййервæзун кодтан Мусай дæр æма æ хæццæ ка адтæй, уони дæр.

66. Уой фæсте ба Мах дони буни фæккодтан иннети.

67. Уастæн, уоми ævдесæн ес, фал сæ фулдæретæ урнæг нæ адтæнцæ!

68. Дæ Еунæхуцау æцæгæйдæр тухгин æма уодибæстгун æй!

69. Ду син Ибрæгими хабар ракæнæ.

70. Мæнё е æ фидæ æма æ адæнæн загъта: “Кæмæн кадæ кæнетæ сумах?”

71. Етæ ин дзуапп равардтонцæ: “Мах кадæ кæнæн гумеритæн, æма син æноси дæр ковæн”.

72. Æма сæ уæд е бафарста: “Ку сæмæ фæкковетæ, уæд уæ етæ фегъосунцæ?

73. Ести пайда кенæ зæран уин æрхæссунцæ?”

74. Етæ загътонцæ: “Уогæ нæ! Фал мах уидтан нæ фиддæлтæ дæр æма уони фиддæлтæ дæр уотæ ке кодтонцæ”.

75. Ибрæгим сæ бафарста: “Кæмæн цитæ кæнетæ, уонæмæ бакæсун уæ нæ фæндуй?

76. Сумах дæр, æма уæ фиди-фиддæлтæн дæр?

77. Уастæн, етæ[8] ме знаг ænцæ, дуйнети Еунæхуцауæй фæстæмæ,

78. мæн ка исфæлдиста æма мæ раст надбæл ка исаразта;

79. ка мæ хацуй æма мин дон ка даруй,

80. ку фæссæйгæ ун, уæдта мæ Е исдзæбæх кæнуй;

81. ка мæ рамардзæнæй, уой фæсте ба мæ нæуæгæй ка райгас кæндзæнæй,

82. уæдта мæ курдиадæ кæмæ исигъуссæй æма мин тæрхони бон мæ

тæрегъædтæ ка ниххатир кæндзæнæй.

83. Уо мæ Еунæхуцау! Раттæ мин семдзийнадæ! Бакæнæ мæ рæстуодти хигъдмæ!

84. Æма мæ искæнæ устур рæстдзийнадæ дзорæг,

85. бакæнæ мæ дзенети бундарти хигъди

86. æма ниххатир кæнæ мæ фидæн, уомæн æма е, ка фæдздзæгъæл æй, уонæй адтæй,

87. æма мæ ма фæхходуйнаг кæнæ, етæ райгасгонд ци бон æрцæуонцæ, уæд еци бон,

88. гъæздугдзийнадæ дæр æма фурттæ дæр ку нæбал уонцæ фæййангъос кæнунгъон, уæд еци бон,

89. æнæфауæ зæрдæй ка ‘рбацæуа Хуцаумæ, уонæй æндæр!”

90. Рæстуодтæмæ дзенет хæстæггонд æрцæудзæнæй,

91. фудуодтæн ба зиндонæ байгон уодзæнæй,

92. æма син зæгъдзæнæнцæ: “Кæмæн цитæ кодтайтæ, етæ кæми ‘нцæ,

93. Хуцауæй фæстæмæ? Сæ бон уин ести фенхус кæнун æй, кенæ сæхецæн фенхус кæнун?”

94. Æма арти амæттаг фæууодзæнæнцæ етæ дæр æма сæ ка фæррæдуйун кодта, етæ дæр, -

95. Ибилиси æгас æфсад дæр.

96. Уоми, кæрæдзей хæццæ загъд кæнгæй, зæгъдзæнæнцæ:

97. “Хуцауæй ард хуæрæн: мах æцæгæйдæр фæррæдуйгæтæй адтан,

98. дуйнети Еунæхуцауи æмсæр уæ ку ивардтан, уæд.

99. Фал нæ хъæбæр фæррæдуйун кодтонцæ, тæрегъædти буни ка адтæй, етæ,

100. нур ба нин нæ сæрбæл ка исдзора, уæхæнттæ нæййес,

101. нæййес нин æцæг лимæн!

102. Уо, нур нин фæстæмæ раздæхуни барæ лæвæрд ку ‘рцудайдæ, уæд урнæг адæни хæццæ адтайнæ уоми”.

103. Е уин, уастæн,ævдесæн æй, фал уæддæр уæ фулдæретæ не

‘ууæндунцæ.

104. Дæ Еунæхуцау æцæгæйдæр тухгин æма уодибæстгин æй!

105. Нохи адæн дæр мæнгæттæбæл банимадтонцæ минæвæртти.

106. Мæнæ син се ‘нсуваер, Нох, загъта: “Гæр Хуцауæй нæ фæттæрсдзинайтæ?

107. Æз уæмæ æцæг минæвар дæн.

108. Хуцауæй фæттæрсетæ æма мæ коммæ бакæсетæ!

109. Уой тухxæй уи æз хуæрзеугутæ нæ агорун. Уастæн, мæнæн мæ хуæрзеуæг æрмæст дуйнети Еунæхуцаумæ ‘й!

110. Хуцауæй фæттæрсетæ æма мæ коммæ бакæсетæ!

111. Етæ загътонцæ: “Куд дæбæл гъæуама бауунæндæн, кæд æма дæ фæдбæл тæккæ байтамалдæртæ æма гæлхурдæртæ рацудæнцæ?”

112. Е син дзуапп равардта: “Æз нæ зонун, атæ раздæр ци архайдтонцæ, уой.

113. Сæ есап æрмæст мæ Еунæхуцаумæ æй. Уæй, уой нур ку балæдæриайтæ!

114. Æз ба мæхецæй нæ расордзæнæн бауунæндгути.

115. Æз уин æрмæст æцæг амонæг дæн!”

116. Етæ ба ин уæхæн дзуапп равардтонцæ: “Дæхе еци гъуддагæй ку нæ бауорамай, уæд дæ дортæй фæххуайдзиан!”

117. Æма уæдта Хуцаумæ искувта е: “Уо мæ Еунæхуцау! Адæн ми æхе рахадта æма мæ мæнгætти байазун кодта.

118. Æргомæй истæрхон кæнæ мæн æма уони æхсæн, фæййервæзун кæнæ мæн дæр æма мæ хæццæ ци урнæг адæн ес, уони дæр!”

119. Æма Мах фæййервæзун кодтан уой дæр æма æ хæццæ ци урнæг адæн адтæй, уони дæр идзаг цолахъи.

120. Уой фæсте ба ка байзадæй, уони Мах дони буни фæккодтан.

121. Е, уастæн,ævдесæн æй. Фал уонæй сæ фулдæретæ не ‘ууæндунцæ.

122. Дæ Еунæхуцау, уастæн, тухгин æма хатиргæнагæ æй!

123. Ади адæн дæр мæнгæттæбæл банимадтонцæ минæвæртти.

124. Æма син мæнæ се ‘нсуваер Худ загъта: “Гæр нæ фæттæрсдзинайтæ?”

125. Æз уæмæ æцæг минæвар дæн.

126. Æма Хуцауæй фæттæрсетæ æма мæ коммæ бакæсетæ!

127. Сумахæй уой тухxæй хуæрзеуæг нæ агорун. Уастæн, мæн хуæрзеуæг æрмæст дуйнети Еунххуцаумæ ‘й!

128. Æма уæд алли туппурбæл дæр, уæхе ерхæфсгæй, ци аразетæ уæхецæн дессæгтæ?

129. Уæхецæн ци исаразетæ рæсугъд уæттæ, уе ‘нцойнæ уоми æруадзун æнгъæлæй?

130. Æма хецауеуæг ку фæккæнетæ, уæдта хецауеуæг кæнетæ залунтау.

131. Æма Хуцауæй фæттæрсетæ æма мæ коммæ бакæсетæ!

132. Гъæздуг æма бонгин цæмæй айтæ, уой уин рæдауæй ка балæвар кодта, Уомæй фæттæрсетæ.

133. Е уин фарнæ равардта уæ фонси æма фуртти,

134. дзæхæрати æма сауæдæнтти.

135. Тæрсун уин фуд гъезæмараей Устур Бони ралæуди”.

136. Етæ ин дзуапп равардтонцæ: “Махæн уæлдай нæй – ци нæмæ дзорæ, ци ма дзорæ.

137. Етæ, ка нæбал æй, уони таурæхътæ ‘нцæ,

138. æма мах æфхуæрд нæ уодзинан!”

139. Етæ ‘й мæнгæттæбæл банимадтонцæ, æма сæ Мах бабун кодтан. Е, уастæн,ævдесæн æй, фал уонæн сæ фулдæретæ ænæууænки уацари ænцæ.

140. Дæ Еунæхуцау, уастæн, тухгин æма хатиргæнагæ æй!

141. Самудиттæ дæр мæнгæттæбæл банимадьонцæ минæвæртти.

142. Æма син мæнæ се ‘нсуваер Сælих загъта: “Гæр Хуцауæй нæ тæрсетæ?

143. Æз уæмæ æцæг минæвар дæн.

144. Æма Хуцауæй фæттæрсетæ æма мæ коммæ бакæсетæ!

145. Сумахæй уой туххæй хуæрзеуæг нæ агорун. Уастæн, мæн хуæрзеуæг æрмæст дуйнети Еунххуцаумæ ‘й!

146. Нур уæ, миййаг, ами æдаси ниууадздзæнæнцæ, фæрнгун бунати?

147. Рæзбунти, сауæдæнтти цори,

148. финик пальмити игуæрдæнти, кæций талатæ бæзнаг æма имонау ænцæ.

149. Æма хуæнхти къæдзæхти уæхецæн искъахетæ цæрæнуæттæ, уомæй уæхе уæлиау гæнгæй.

150. Æма Хуцауæй фæттæрсетæ æма мæ коммæ бакæсетæ!

151. Ænаккæгти фæндонбæл ма цотæ,

152. Кæцитæ ænаккагдзийнадæ парахат кæнунцæ зæнхæбæл æма хуарз гъуддæгтæ нæ аразунцæ!”

153. Етæ загътонцæ: “Кæлæнти уацари ка ‘й, ду уонæй дæ,

154. æдеугурæй ду адæймаг дæ – махау, æма кæд раст дзорис, уæд нæмæ ævдесæн равдесæ”.

155. Е дзуапп равардта: “Е уин – теуа; уомæн дæр – ниуазæн, сумахæн дæр – ниуазæн, алкæмæн дæр уи æхе бæрæг рæстæги.

156. Æма ин маци зæран æрхæссетæ, цæмæй уæ æфхуæрддзийнадæ ма бакайа устур бони”.

157. Етæ ба ‘й рамардтонцæ, фал ибæл уой фæсте ба фæффæсмон кодтонцæ.

158. Фал сæ æфхуæрддзийнадæ ба уайтæкки дæр баййафта. Е, уастæн, ævдесæн æй. Фал уонæй сæ фулдæретæ ба не ‘ууæндунцæ.

159. Дæ Еунæхуцау, уастæн, тухгин æма хатиргæнагæ ‘й!

160. Лути адæн дæр мæнгæттæбæл банимадтонцæ минæвæртти.

161. Æма син мæнæ се ‘нсуваер Лут ку зæгъуй: “Гæр, Хуцауæй нæ фæттæрсдзинайтæ?

162. Æз уæмæ æцæг минæвар дæн.

163. Æма Хуцауæй фæттæрсетæ æма мæ коммæ бакæсетæ!

164. Сумахæй уой туххæй хуæрзеуæг нæ агорун. Уастæн, мæн

хуæрзеуæг æрмæст дуйнети Еунххуцаумæ ‘й!

165. Ædта нур сумах дуйней лæгти хёццё ёрхусдзинайтё

166. æма уин Еунæхуцау ци силгоймёгтё исфæлдиста, уони ба ниууадздзинайтё? Гъо, сумах æнаккаг адæн айтæ!”

167. Етæ загътонцæ: “Уомæй дæхе ку нæ бахезай, Лут, уæд дæ ардæгæй фæссордзинан”.

168. Е загъта: “Мæнæн уе ‘гас гъуддæгтæ дæр æнæуинон æнцæ.

169. Уо мæ Еунæхуцау! Мæн дæр æма мæ бийнонти дæр бахезæ етæ ци миутæ кæнунцæ, уомæй!”

170. Æма ин Мах фæййервæзун кодтан æхе дæр æма æ бийнонти дæр.

171. Æрмæст зæронд уосæй фæстæмæ, кæци адтæй байзайæггæгти хæццæ.

172. Уой фæсте ба Мах бабун кодтан иннети

173. æма сæбæл æркодтан къæвда, æма тухуаст лæгъуз къæвда адтæй е, кæмæн лигъстёгонд цудæй, уонæбæл.

174. Е, уастæн, æвдесæн æй, фал уонæн сæ фулдæретæ ба не ‘ууæндунцæ.

175. Дæ Еунæхуцау, уастæн, тухгин æма хатиргæнагæ ‘й!

176. Ал-Айки9 цæргутæ дæр мæнгæттæбæл банимадтонцæ минæвæртти.

177. Мæнæ син Шуъайб загъуй: “Гæр, Хуцауæй нæ фæттæрсдзинайтæ?

178. Æз уæмæ æцæг минæвар дæн.

179. Æма Хуцауæй фæттæрсетæ æма мæ коммæ бакæсетæ!

180. Сумахæй уой тухæй хуæрзеуæг нæ агорун. Уастæн, мæн хуæрзеуæг æрмæст дуйнети Еунххуцаумæ ‘й!

181. Алкæддæр раст баретæ, æма ма уотæ раст нæбаргутæй.

182. Æма баретæ раст барæнтæй,

183. æма адæнæн сæ цийфес ма минкъийдæр кæнтæ, æма зæнхæбæл ма хæтетæ æнаккагдзийнадæ парахатгæнгæй.

184. Сумах æма раздæриккон адæнтæ ка исфæлдиста, уомæй фæттæрсетæ!”

185. Етæ загътонцæ: “Кæлæнти уацари ка ‘й, ду уонæй дæ,
186. ду дæр мах хузæн адæймаг дæ, æма дæ мах мæнгæттæбæл нимайæн.
187. Арви къæрт нæбæл æргæлдзун кæнай, кæд раст дзорис, уæд!”
188. Е загъта: “Хуцау хуæздæр зонуй, сумах ци кæнтæ, уой”.
189. Фал æй, уæддæр, етæ мæнгæттæбæл банимадтонцæ, æма сæ æфхуæрддзийнадæ бакайдта хæлдзæ бон; уастæн, е устур бони æфхуæрддзийнадæ адтæй!
190. Е, уастæн, æвдесæн æй, фал уонæй сæ фулдæретæ не ‘ууæндунцæ.
191. Дæ Еунæхуцау, уастæн, тухгин æма хатиргæнагæ ‘й!
192. Е, уастæн, дуйнети Еунæхуцауи æрвистæг æй,
193. уой хæццæ æрцудæй рæстуод
194. дæу зæрдæбæл, цæмæй федеугути хигъдæй уай
195. зундгонд араббаг æвзагбæл;
196. æма уой туххæй, æнæмæнгæ, ес æвдесæн фиццаг Финстæгути дæр.
197. Гæр, уой æвдесæнæн син нæ бæззунцæ Израили ахургæндтæ уой туххæй ци зонунцæ, етæ?
198. Æма нур уой Мах ку æрæрвистаййанæ æндæр адæнихатт кенæ æзнæми адæймагмæ,
199. æма син е æндæр æвзагбæл ку кастайдæ уой, уæд ибæл етæ нæ баууæндтайуонцæ.
200. Уотæ, Мах æй бакæнæн тæрегъædгунти зæрдити!
201. Фал етæ уобæл нæ баууæнддзæнæнцæ, цалдæн карз æфхуæрдæ нæ баййафонцæ, уæдмæ.
202. Е сæ баййафдзæнæй æвеппайди, етæ ба уомæн зонгæ дæр неци кæнунцæ.
203. Æма етæ зæгъдзæнæнцæ: “Æнгъуд нин нæ уодзæнæй?”
204. Ædта нур етæ Не ‘фхуæрдæ ратагъд кæнуйнаг æнцæ?
205. Гæр, ду уой нæ уинис, æма син æнзти æндæргъци Мах ку лæвардтаййанæ исахуадун,
206. уой фæсте ба сæмæ, иваерзт син ци адтæй, е ку æрбацудайдæ фудæй

сё бахезуни туххæн, -

207. уæддæр син нæбал фæййагъаз адтайуонцæ нециаваер мулкитæ, харакетæй син лæвæрд ка адтæй Хуцауæй?

208. Мах еунæг адæнихатт дæр нæ бабун кодтан, уой размæ син уазхæссæг нæ ратгæй,

209. цæмæй син фудæй сæхе бахезуни туххæй дзурдæуа, æма еци гъуддаги Мах некæд ædтан гъолон.

210. Æма ибилистæ уой[10] хæццæ некæд æрвист адтæнцæ.

211. Уой туххæй син барæ лæвæрд нæ адтæй, уæдта уонæн сæ бон дæр нæ адтæй еци гъуддаг исаразун,

212. уомæн æма уони байгъосунмæ дæр нæ бауагъдæ уидæ.

213. Уой туххæн ба Хуцауи æмрæнгъæ æндæр хуцёуттæмæ мабал коветæ, цæмæй æфхуæрд ка ‘рцæудзæнæй, уони хигъдæй ма фæууайтæ.

214. Ка дæмæ хæстæгдæр æй, уони æруагæс кæнæ.

215. Æма урнæг адæнæй дæ фæдбæл ка цæуй, уонæбæл дæ базуртæ æруадзæ, цит[11].

216. Ку дæмæ нæ байгъосонцæ, уæдта зæгъæ: “Сумах ци кæнтæ, æз уомæй сæребарё дæн!”

217. Æма дæхе æрмæстдæр фæдзæхсæ хатиргæнагæдæр æма тухгиндæр ка ‘й, Уобæл.

218. Ка дæ уинуй намази лæугæй,

219. æма куд дарис дæхе намазгæнгути æхсæн,

220. уомæн æма Е игъосагæ æма уинагæ ‘й!

221. Фегъосун киндæ уин уа, кæмæ фæззиннунцæ сайтæнттæ?

222. Етæ фæззиннунцæ цифæнди мæнгæттæ æма тæрегъæдгунтæмæ!

223. Етæ ци фегъосунцæ, уой радзорунцæ, фал сæ фулдæр мæнгæттæ ‘нцæ.

224. Уæхæнттæ ‘нцæ поэттæ, уони фæдбæл ба цæунцæ, ка фæдздзæгъæл æй, етæ.

225. Ædта нур ду нæ уинис, етæ будурти куд хæтунцæ

дзæгъæлтæгæнгæй[12]

226. æма сæ дзубандитæ сæ гъуддæгти хæццæ ке фæххецæн уй,

227. ка бауувæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уæдта Хуцауи ном ергæй берæ сахæттæ ка ‘рветуй, уæдта æнæрfстæй сæбæл бампурсгæй æхе багъæуай кæнунгъон ка ‘й, уонæй фæстæмæ, - æма уæд æнæрастæй ка бампурса, етæ базондзæнæнцæ, гъуддаг ци ‘рдæмæ æрзелдзæнæй!

27-аг сурæ

Мулдзугутæ[1]

(ан-Намль)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. *Та. Син.* Айæ æй, бæлвурдæй ци киунугæ лæдæрун кæнуй, еци Хъуран.
2. Ка бауёндтёй, уонён разамунд дæр, цийнаг хабар дæр,
3. рæстæгбæл намаз ка кæнуй, битир ка дæттуй æма дуккаг цардбæл ка æууæндуй, уонён.
4. Æндæр цардбæл ка не ‘ууæндуй, уонæн ба Мах исхурстан сæ гъуддæгтæ, æма етæ хъæрæуæй лекка кæнунцæ.
5. Етæ æнцæ, карз тæрхонгонд[2] кæмæн уодзæнæй, федæни царди фулдæр зæрангонд ка фæууодзæнæй, уонæй.
6. Ду ба разамундæн Хъуран райсис Сем æма Зонагæй.
7. Мæнæ куд загъта Муса æ бийнонтæн: “Æз арти рохс фæууидтон. Æз уин уордæгæй æрбахæсдзæнæн кенæ ести хабар, кенæ æхседарф, цæмæй уæхе багъар кæнайтæ”.
8. Артигъосмæ ку бацудæй, уæдта райгъустæй гъæлæс: “Арти рохсмæ ка ‘рбацудæй, е фæрнгун уæд, æма æ фалдзос цидæриддæр ес, етæ дæр фæрнгун уæнтæ! Табу Хуцауæн, дуйнети Паддзахæн!
9. Уо Муса! *Æз*, уастæн, Хуцау дæн: Тухгин æма Сем!
10. Дæ лæдзæг æргæлдзæ!” *Æ* лæдзæг хелаги хузæнæй нивзилгæй ку

рауидта е, уæд фæссидзмудзи кодта, æма ‘ймæ нæбал раздахтæй: “Уо Муса! Ма тæрсæ, уомæн æма Мæн рази Мæнæй ærвист цидæр фæууй, етæ тасдзийнадæ не ‘взарунцæ.

11. Æма си уотемæй еске фуддзийнадæ ку исараза, фал æй уой фæсте ба хуарздзийнадæй ку раййева, уæдта Æз, уастæн, хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ дæн!
12. Нур ба дæ къох дæ рони бацæвæ, æма е рацæудзæнæй уорс-уорсид ærттевгæй, дæуæн неци фидбилиз исаразгæй, куд фараст æвдесæнемæй еу, кæцити ду равдесдзæнæ Фёрёонæн æма æ адæнæн. Уомæн æма етæ, уастæн, æнаккаг æнцæ!”
13. Æма сæмæ бæлвурдæй æма æргомæй Не ‘вдесæнтæ ку ‘рцудæнцæ, уæдта етæ загътонцæ: “Е æнæмæнгæ кæлæн æй!”
14. Сæ хецмæрдзийнадæй æма хæрандзийнадæй етæ нæ райстонцæ еци æвдесæнтæ, кæд æма сæ уодтæй ба се ‘цæгдзийнадæ си баруагæс æй. Æма кæсай, ихæлддзийнадæ ка итудта, уони кæрон цæбæл ærлæудтæй!
15. Дауитæн æма Сулейманæн Мах балæвар кодтан зонундзийнадæ, æма сæ дууæ дæр загътонцæ: “Хуцауæн табу, Е ‘новуд цагъарти рази Мах ка равзурста!”
16. Æма Дауити бундар иссæй Сулейман, æма е загъта: “Уо, адæн! Мах исахур киндæй мæргъти æвзаг лæдæрун, æма нæ алцæмæй дæр фæххайгин кодта! Уастæн, е æцæг уæлдзийнадæ ‘й!”.
17. Æма Сулейманмæ æрæмбурдгонд киндæй е ‘гас æфсæдти дæр: дзинтæй, адæнæй æма мæргътæй – æма æгасæйдæр сæ бунат ирдтонцё.
18. Рæстæги фæсте мулдзугути дæлвæзæмæ ку ‘рфецаудтонцæ, уæдта мулдзугутæй сæ еу загъта: “Уо мулдзугутæ! Уæ хæдзæртти уæхе римæхсетæ, цæмæй уæ Сулейман æма е ‘фсæдтæ ма нинсæндонцæ, сæхуæдтæ уой нæ банкъаргæй!”
19. Е3 байдзулдæй, æ дзурдти нисанеуæг балæдæргæй, æма, нихходгæй, искувта: “Уо Еунæхуцау! Дæ фæндæй мæ бозгæнæг фæккæнæ ци фарнæй æма уодибæстæй мæ фæххайгин кодтай, кæций мæ

нийергутæн дæр æма мæхецæн дæр равардтай, æма цæмæй, Дæуæн æхцæуæн ка уа, уæхæн хуарз гъуддæгтæ куд аразон. Дæ уодибæстгундзийнадæй мæ Дæ рæстуодти цагъарти нимæдзæй фæккæнæ!”

20. Æма мæргътæ агорун райдæдта æма загъта: “Цæмæннæ уинун уе ‘хсæн гоппойцъеуи, æви ами нæй?
21. Цæмæннæ ‘й ами, уой тухxæй мин федар æфсон ку не ‘рхæсса, уæд æй хъæбæр бафхуæрдзæнæн, кенæ ‘й нивгæрддзæнæн”.
22. Фал берæ нæ радзебæл æй гоппойцъеу, æма загъта: “Æз базудтон, ду ци нæ зонис, уæхæн гъуддаг. Æз дæмæ æртахтæн Сабæй æцæг хабари хæццæ.
23. Æз иссирдтон силгоймаг, кæци уонæн хецауеуæг кæнуй уоми. Е фарнæй хайгин æй æма ин ес устур трон.
24. Æз феййафтон силгоймаги дæр æма æ адæни дæр Хуцауи бæсти хорæн цитæ кæнгæй. Уонæн Ибилис сæ гъуддæгтæ исрæссугъд кодта æма сæ Хуцауи надæй фæккеун кодта, æма нур етæ æррæстæ надбæл нæбал цæунцæ,
25. цæмæй етæ Хуцауæн ма ковонцæ, кæци базонуй зæнхæбæл дæр æма уæлæрвти дæр æгас сосæгдзийнæдтæ, æма зонуй, сумах ци римæхсетæ уæ зæрдити, æма ци еретæ æргомæй, уони.
26. Хуцау – Уомæй фæстæмæ æндæр Хуцау нæййес – устур трони Бардар!”
27. Сулейман загъта: “Æркæссиан, раст загътай æви мæнгæттæ радзурдтай, уомæ.
28. Цо мæ Финстæги хæццæ æма син[4] æй æргæлдзæ, уой фæсте ба си дæхе рахатæ æма æркæсæ, ци раздахдзæнæнцæ фæстæмæ, уомæ”.
29. Силгоймаг загъта: “Уо мæ уллутæ, кадгин æрвистæг мин æргæлстæй.
30. Уомæн æма е Сулейманæй æй, æма е ба хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй æй.
31. “Ма хецмæр кæнетæ мё рази уёхе æма мёмё рацотæ уесæнгондæй”.
32. Силгоймаг загъта: “Уо, мæ уллутæ! Уæ зæгъуйнаг мин зæгъайтæ аци

гъуддаги туххæй: цалдæн сумах мæ рази нæ уайтæ, уæдмæ мæн бон аци гъуддаг ралух кæнун нæй”.

33. Етæ загътонцæ: “Махæн нæ хъауræ тухгин æй, æма устур гъомуси хецау ан, фал бартæ ба дæумæ ‘нцæ, æма дæхуæдæг кæсæ, ци нин бафæдзæхссæнæ, уомæ”.

34. Силгоймаг загъта: “Паддзæхтæ, æндæр бæстæмæ бампурсгæй, бабун æма ниррауат кæнунцæ, сæ уездондæр цæргути ба фегадæ кæнунцæ. Уотæ кæнунцæ æгас паддзæхтæ дæр.

35. Фал сæмæ æз ба лæвæрттæ рарветдзæнæн æма æркæсдзæнæн, ме ‘рвистæг цæйхæццæ раздæхдзæнæй, уомё”.

36. Сулейманмæ ку ‘рбацудæй æрвистлæг, уæдта ин е[5] загъта: “Æдта мæ нур гъæздугдзийнæдтæй балхæнуйнаг айтæ? Хуцауæй мин ци лæвард æй, е берæ хуæздæр æй, сумахæн Е ци равардта, уомæй. Гъо! Уæхæн лæвæрттæбæл æрмæст сумах бон æй цийнæ кæнун!

37. Ду ба фæстæмæ раздæхæ æма фегъосун кæнæ син: мах сæмæ уæхæн æфсад æрбакæндзинан, кæций нихмæ етæ нæ фæллæудзæнæнцæ, æма сæ æгадæй фæссордзинан уордæгæй – нецæййаг уодзæнæнцæ уæд етæ”.

38. Уæдта æ дæлбартæн загъта: “Уллутæ! Ка мин æрбахæссæнæй еци силгоймаги трон, сæхуæдтæ мæмæ цалдæн нæма фæззиндтæнцæ уесæнгондæй, уалдæн?”

39. Дзинтæй Ифрит[6] загъта: “Дæ бунат нæма раййевдзæнæ[7], уотемæй дин æй æз æрбахæссæнæн, уой туххæй æма уæхæн гъуддагæн æз тухгин дæн æма мæбæл æууæнкæ ес”.

40. Финстæгæй зонундзийнæдтæ кæмæ адтæй, е ба загъта: “Æз дин æй æрбахæссæнæн уой, цалдæн ду дууæ хатти дæ цæститæй фæнникъолай, уæдмæ”. Фал и трон ку фæууидта æ рази федар лæугæй, уæдта загъта: “Е мæ Еунæхуцауи фæндонæй æй, цæмæй мæ бафæлвара: арази уодзæнæн æви æнаккаг, уомæн æма арази ка фæууй, е æхе уоди пайдайæн фæууй арази, фал Хуцауæй арази ка нæ фæууй, - уой туххæй ба Хуцау цийфæнди цигъæуагæй дæр сæребарё ‘й, æма Æ

рædаудзийнади дæр устур æма уодибæстгун æй!”

41. Е загъта: “Æ трон ин æндæрхузон искæнетæ, æма уæд фæууиндзинан: иссердзæнæй е æррæстæ над, æви æррæстæ надбæл ка нæ цæуй, уонæй уодзæнæй”.
42. Силгоймаг ку ‘рбацудæй, уæдта ‘й бафарстонцæ: “Айæ ‘й, миййаг, дæ трон?” Силгоймаг загъта: “Цума е æй. Раздæр нин зонундзийнадæ лæваргонд адтæй, æма мах пусулмæнттæ иссан”.
43. Фал Хуцауæй фæстæмæ ма æндæр хуцæуттæмæ ковундзийнадæ ‘й фæккеун кодта, уомæн æма е æнаккаг адæнæй адтæй.
44. Силгоймагæн загъдæй: “Бацо аци галауанмæ!” Уордæмæ ку бацудæй, уæдта ‘й дони лигъзадæ рангъæладтæй, æма, æ пъолцибæл исхуæцгæй, æ фадигъолтæ байгон кодта. Сулейман загъта: “Аци галауан дзæнгъадорæй астард æй”. Е загъта: “Уо Еунæхуцау! Мæ уодæн устур зæран æрхастон! Нур ба Сулеймани хæццæ мæхе фæдзæхсун Хуцаубæл, дуйнети Паддзахбæл!”
45. Æма Мах сæмудиттæмæ рарвистан Сæлихи е ‘нсувæри хæццæ, æма син е загъта: “Коветæ Хуцаумæ!” Фал етæ ба дууæ къуари фæцæнцæ, кæрæдзей хæццæ æзморæ гæнгæй.
46. Е загъта: “Уо мæ адæн! Хуарзи размæ фуд баййафунмæ цæмæн тагъд кæнетæ? Цæмæннæ уин æнгъезуй хуцауæй хатир ракорун? Кайзонуй, æма хатиргонд æрцудаййайтæ!”
47. Етæ загътонцæ: “Мах мæргътæмæ гæсгæ сагъæс кодтан дæубæл дæр æма дæ хæццæ ка адтæй, уонæбæл дæр”. Е загъта: “Уæ маргъ Хуцаумæ ‘й. Гъо, сумах фæлваруйнаг адæн айтæ!”
48. Еци горæти ба адтæй фараст адæймаги, кæцитæ уоци зæнхæбæл æнаккагдзийнæдтæ аразтонцæ, хуарз гъуддæгтæмæ æгириддæр нæ бæлгæй.
49. Етæ загътонцæ: “Хуцауи размæ кæрæдземæн соми кæнтæ, æхсæвæ сосæггай ке никкæлдзинайтæ Сæлихбæл æма æ бийнонтæбæл. Уæдта æ тогесæгæн ба зæгъдзинан: “Æ бийнонти исæвди мах нæ фæцан уоми”.

50. Æма цидæр хийнæ исаразунвæндæ искодтонцæ, фал Мах ба Нæхе хийнæ исаразун исфæндæ кодтан, æма етæ ба уой туххæй неци зудтонцæ.
51. Æма кæсай: циуавæр адтæй сæ фæндити кæрон! Мах син сæхе дæр æма сæ адæни дæр, се ‘гасей дæр, бабун кодтан.
52. Æма мæнæ уæхæнттæ фестадæнцæ сæ хæдзæрттæ: бунихæлд, æнаккаг ке адтæнцæ, уой туххæй. Уоми, уастæн, ка зонуй, уомæн æвдесæн ес.
53. Æма си Мах æрмæстдæр фæййерваезун кодтан, Хуцауи азарæй тæрсгæй, Уобæл ка бауудæндтæй, уони.
54. Æма уотæ рарвистан Лути дæр, æма е æ адæнæн загъта: “Гæр, илгъаг гъуддæгтæ араздзинайтæ, уингæ гæнгæй сæ?
55. Æдта нур уе ‘нæфсæрмæ цибæлти фæдбæл силгоймæгти бæсти нæлгоймæгтæмæ бацæудзинайтæ? Куд æнахургонд айтæ! Æма куд ихæлд айтæ!”
56. Æ адæни дзуапп ба ин адтæй æрмæст сæ загъд: “Лути дæр æма æ бийнонти дæр уæ гъæуæй расоретæ, уомæн æма етæ се ‘фсæрмидзийнадæбæл хуæцуйнаг æнцæ”.
57. Фал Мах, æ уосæй фæстæмæ, кæцимæн Мах исбæлдат кодтан фæстегæй байзайун, уой дæр æма е ‘гас бийнонти дæр фæййерваезун кодтан.
58. Уонæбæл ба Мах æруарун кодтан: æма ке æруагæс кæнун кодтан, уонæн е хъæбæр фуд уарун адтæй.
59. Зæгъæ: “Хуцауæн табу, æма Е ке равзурста Æ цагъартæн Хе фæндæй, уонæн салам! Хуцау хуæздæр æй, æви Ин ци æмбæлттæ æримистайтæ, етæ?
60. Уæлæрвтæ æма зæнхæ ка исфæлдиста, æма арвæй дон ка ‘ркодта сумахæн, Е, мийяаг, æй? Уомæй Мах исирæзун кодтан рæзбунтæ, кæцитæ сæ рæсугъддзийнадæ æма тæмæнæй цæстæ æфсадунцæ. Сумахæн ба уоми бæлæстæ исирæзун кæнун уæ бон нæ бацæй? Æви Хуцауи æмсæр ма æндæр хуцау, мийяаг, ес? Гъо! Етæ, ка фæккиудтæй æ надæй, уæхæн адæн æнцæ!

61. Зæнхæ хъæбæр ка скодта цæрунæн бæззунæн æма си донвæдтæ ка исаразта, федар лæууæг хонхи къæдзæхтæ ка исамадта, денгизтæ æма цæугæдæнтти æхсæн гæрæн ка исивардта, ædта е, - æви, миййаг, Хуцауи æмсæр ма æндæр хуцау ес? Нæ! Сæ фулдæр нæ зонуй Хуцауи æцæгдзийнадæ!
62. Ædзæллаг уавæри уæвæг Имæ исковгæй, уомæ Æхе ка бахатуй, æма ‘й гъезæмарæй ка фæййервæзун кæнуй, æма уин зæнхæ бундайрадæн ка раттуй, ædта е? Æви, миййаг, Хуцауи æмсæр ма æндæр хуцау ес? Минкъий багъуди кæнтæ!
63. Сумахæн тари медæгæ над ка амонуй зæнхæбæл дæр æма денгизи дæр, хуæрзæнгорæггаг уин дунгитæ ка æрветуй, Æ уодибæстædзийнади размæ, ædта е? Æви, миййаг, Хуцауи æмсæр ма æндæр хуцау ес? Сумах Ин цæмæн дæттетæ Е ‘мсæрæн æндæр хуцæуттæ, Е уомæй бæрзонддæр æй!
64. Æви Е, фиццаг исфæлдистадæ ка исаразта, æма ‘й, уædта æвæд ка фесафта, уой фæсте бабæй æй нæуæгæй ка исаразта, арвæй æма зæнхæй уин цигъæуагæ ка дæттуй, е ёй? Æма ци -–Хуцауи æмсæр ма æндæр хуцау ес? Зæгъæ: “Кæд раст дзоретæ, уæд уе ‘вдесæнтæ рахæссетæ!”[8]
65. Зæгъæ: “Хуцауæй фæстæмæ неке зонуй, уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр римæхст ци ес, уой, æма етæ уомæн неци зонунцæ, кæд уодзæнæнцæ райгасгонд”.
66. Гъо! Уони зунд дуккаг цард балædæрунгъон нæ ‘й. Гъо! Етæ уой тухххæй дæлæ-уæлæ кæнунцæ сæ дузæрдугдзийнади. Гъо! Етæ хъæрæу æнцæ!
67. Æма æнæууæнкитæ зæгъунцæ: “Ædта нур мах дæр æма нæ фиддæлтæ дæр сигит ку фестæн, уæд ма, миййаг, игасгонд æрцæудзинан?
68. Уой нин раги байвæрзтонцæ. Никки раздæр ба – нæ фидифиддæлтæн. Етæ æрмæст рагон адæни таурæхътæ ‘нцæ”.
69. Зæгъæ: “Æрхætайтæ зæнхæбæл æма æркæсайтæ, гиаурти кæрон цæбæл æрлæудтæй, уомæ”.

70. Æма ду дæр (Уо Мæхæмæт!), уони тухxæй ма тухсæ. Сæ мæнгарддзийнæдтæ дин дæ зæрдæ ма унгæг кæнæнтæ.
71. Æма дзорунцæ (гиауртæ): “Еци æртхъеræн кæд исæнхæст уодзæнæй, кæд раст дзоретæ, уæд?”
72. Зæгъæ: “Кайзонуй æма нур дæр уæ фæсте цæуй, ци ратагъд кæнуйнаг айтæ, е”.
73. Уастæн, дæ Еунæхуцау адæнæн хуарз æй, фал сæ фулдæретæ æнæбоз æнцæ.
74. Æма, уастæн, дæ Еунæхуцау зонуй, уонæн сæ зæрдити ци римæхстæ уй æма æргом ци кæнунцæ, уони.
75. Уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр неци ес, киунуги финст ка нæй.
76. Аци Хъуран, уастæн, Езрай фурттæн лæдæрун кæнуй, уонæй сæ фулдæретæ цæбæл загъд кæнунцæ, уой.
77. Æма е, æнæмæнгæ, æхе ка бафæдзахста, уонæн разамунд æма уодибæстæ æй.
78. Уастæн, уони æхсæн дин Еунæхуцау Æхе тæрхон искæндзæнæй. Уастæн, Е тухгин æма зонæнгин æй!
79. Æма дæхе Хуцаубæл фæдзæхсæ, уомæн æма ду нур æцæг уацæгади рази лæууис.
80. Уастæн, ду мæрдти нæ байгъосун кæндзæнæ, нæ байгъосун кæндзæнæ къурути дæр седт, сæ фæссонтæ дæмæ ку рахатонцæ, уæд.
81. Æма æррæстæ надмæ хъæрæути рахонун дин нæ бантæсдзæнæй, рæдуддзийнадæй сæ бахезгæй. Ка æууæндуй Не ‘вдесæнтæбæл, æма Хуцауи фæндонбæл арази ка ‘й, æрмæст уони дин бантæсдзæнæй байгъосун кæнун.
82. Æма сæбæл Нæ дзурд ку ‘рцæуа, уæдта сæмæ зæнхи хурфæй ракæндзинан сирд, кæци, федар æууæнкæ ци адæнмæ нæ адтæй Не ‘вдесæнти тухxæй, уони хæццæ дзордзæнæй.
83. Алли æдæмихаттæй дæр ци бон æрæмбурд кæнæн, Не ‘вдесæнтæ Нин мæнгæбæл ка нимадта, уони æрдонгтæ, æма сæ байуардзинан (сæ

тæрегъædтæмæ гæсгæ),

84. цалдæн етæ Хуцауи размæ не ‘рлæууонцæ, æма син уædта Е
сæгъдзæнæй: “Гæр, сумах Ме ‘вдесæнтæ мæнгæбæл нимадтайтæ
æрмæст уой тухxæй, æма уæ зонундзийнædтæ ке нæ афтонцæ уони, æви
ма æндæр ести архайдтайтæ?”

85. Æма сæбæл уæд æрцæудзæнæй дзурд, гиаур ке адтæнцæ, уой тухxæй,
æма еунæг æстуф дæр не скæндзæнæнцæ етæ.

86. Гæр етæ нæ уидтонцæ, Мах ке исаразтан æхсæвæ, цæмæй етæ си
æнцойнæ кодтайуонцæ, æма бон ба искодтан, цæмæй син рохс раттæн?
Етё, уастæн, ка баууæндтæй, уонæн æвдесæнтæ æнцæ.

87. Хæтæли ци бон ниууасонцæ, еци бон уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр
кадæриддæр ес, етæ таси бацæудзæнæнцæ, Æ фæндонæй ке исуæгъдæ
кодта Хуцау, уонæй фæстæмæ, æма æгасæйдæр Имæ
æрбацæудзæнæнцæ уесæн гæнгæй.

88. Æма фæууиндзæнæ, сæ федардзийнадæбæл гурусхаг ци хонхи
бæрзæндтæбæл нæ адтæ, етæ куд рацæудзæнæнцæ æврæгътау, Хуцауи
киндæй, кæци алцидæр исаразта æнайиеппæй. Уастæн, сумах
цидæриддæр кæнетæ, уони Е зонуй.

89. Хуарздзийнади хæццæ Имæ ка ‘рбацæуа, уомæн фулдæр хуарздзийнадæ
балæвар кæндзæнæй Е: еци бон уонæн нецæмæй бал уодзæнæй тæссаг.

90. Фуддзийнади хæццæ ка ‘рбацæуа, етæ ба артмæ гæлст æрцæудзæнæнцæ
цæсгоммæ, – мийиаг, уæ гъуддæгти тухxæй уин кайт не ‘рцæудзæнæй?

91. Зæгъæ: “Мæнæ аци горæти9 Хуцауæн раковун фæдзæхст æй, кæций Е
искодта тобæгонд. Алцидæр уой бæрни æй, æма мин мæхе Уобæл
бафæдзæхсуни ихæсгонд æй,

92. уædта Хъуран аргъаун”. Æма æррæстæ надбæл ка ‘рлæууа, е уой æхе
хуарздзийнадæн бакæндзæнæй. Ка фæккеуа сæ рæдуди, уонæн ба
зæгъæ: “Мæн бон уæ æрмæст уæхе бахезун кæнун æй”.

93. Уædта зæгъæ: “Хуцауæн табу! Е уин тагъд Е ‘вдесæнтæ æрхæсдзæнæй,
æма сæ уайтæккидæр базондзинайтæ, уомæн æма уæ Еунæхуцау, сумах

ци косетæ, уобæл уæлæнхуг нæ фæууй.

28-аг сурæ
Радзурд
(аль-К'асас)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. *Та. Син. Мим.*
2. Атæ Хъурани айаттæ æнцæ, кæцитæ бæлвурдæй лæдæрун кæнунцæ алцæй туххæй дæр.
3. Мах дин радзурд байаргъаудзинан Муса æма Фёрёони æцæгдзийнадæбæл, – ка æууæндуй, уони разамундæн.
4. Уастæн, Фёрёон Мисири зæнхæбæл исхецмæр æй, æма æ адæни ниддехтæ кодта[1]. Еуети[2] æвдузти буни фæккодта: сæ фурттæ син мардта, æрмæст син сæ силгоймæгти ниууадзгæй. Уастæн, е фудгæнгутæй адтæй.
5. Еци зæнхæбæл æвдузт ка адтæй, уонæн фæййангъос кæнун æма сæ имамтæ æма бундартæ искæнун Нæ бафæндадтæй.
6. Æма сæ ниффедар кæндзинан еци зæнхæбæл, Фёрёон æма Хæманæн[3] æма се 'фсæдтæн ба фæууинун кæндзинан, цæмæй си тарстæнцæ, уой.
7. Æма мæнæ Мах Мусай мадæн усунгæнгæй* раргом кодтан: "Дæ сувæллони дарæ! Ку ин фæттæрсай, уæдта 'й денгизмæ багæлдзæ æма ин ма тæрсæ. Уой æрхун дæ ма 'нкъард кæнæд – Мах дин æй фæстæмæ раздахдзинан æма 'й Нæ минæвар искæндзинан".
8. Æма 'й Фёрёони бинонтæ (дони) æрахæстонцæ, цæмæй син (рæстæги фæсте) е фуднез æма æзнаг разинна, уомæн æма Фёрёон, Хæман æма се 'фсæдтæ ænaккаг æма тæрегъæдгун адтæнцæ.
9. Æма мæнæ æ уосæ уотæ ку зæгъидæ: "Е дæу цæстæн дæр æма мæн

* усунгёнгёй – внушив.

цæстæн дæр æхсидзгон уодзæй, æма ‘й ма рамаретæ! Кайзонуй æма нин ести пайда æрхæсдзæнæй, кенæ ба ‘й нæхецæн фурти бæсти райсæн”. Нæ зудтонцæ етæ (Хуцауи фæндон).

10. Фал сæумæй ба мади зæрдæ исревæд[4] æй, æма ин æ кой[5] искæнуйнаг адтæй, фал ин Мах æ зæрдæ фæффедар кодтан, цæмæй е бауæндгутæй уа.
11. Æма ин е æ хуæрæн загъта: “Æ фæдбæл цо!” Æма ‘ймæ идардæй æ цæстæ дардта. Фал етæ[6] ба уомæн неци зудтонцæ.
12. Æма ин дигизати* реу[7] дарун нæ бауагътан, цалдæн е[8] нæ загъта: “Мийяаг, бавдистæ уин уа, сумахæн æй ка исхæсса æма ‘йбæл ка байауода, уæхæн бийнонтæ?”
13. Уотемæй æй Мах æ мадæн фæстæмæ раздахтан, цæмæй æрсабур адтайуонцæ æ цæститæ, цæмæй мабал æнкъард кæна æма зона, Хуцауи байвæрзтæн фехæлæн нæййес. Фал фулдæретæ ба уой нæ зонуй!
14. Е ку рабайлæгъ æй æма ралæг æй, уæдта ‘й Мах семадæй æма зундæй хайгин фæккодтан. Уотæ Мах бахатæн хуарзгъуддæгтæ ка аразуй, уонæн.
15. Еухатт ба горæтмæ уæхæн рæстæги бацудæй, æма ‘ймæ цæргутæ сæ цæстæ не ‘рдардтонцæ. Уоми дууæ лæги хилæгæнгæй фæууидта. Еу адтæй æ адæнихаттæй, иннæ ба – е знæгтæй. Æма æ адæнæй ка адтæй, е ‘ймæ фæсседтæй, цæмæй ин фæййангъос кодтайдæ, гегæ имæ ка адтæй, уой нихмæ. Æма ‘й Муса æ тумбулкъохæй ниццавта æма ‘й рамардта. Æхемæ ку ‘рцæй, уæдта загъта: “Е Ибилиси куст æй! Е, æнæмæнгæ, æцæг æзнаг æй, раст надæй фесинмæ хонæг”.
16. Æма е искувта: “Уо мæ Еунæхуцау! Мæ уодæн мæхуæдæг зæран æрхастон æма мин ниххатир кæнæ!” Хуцау ин ниххатир кодта, уомæн æма Е хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ æй!
17. Æма е загъта: “Хуарз мин ке адтæ, уой тухæй Де ‘гъдау ка ихалуй, уомæн ангъосгæнæг некæд уодзæн”.

---

* Дигиза – кормилица.

18. Сæумæ ба е рафецудта горæтмæ, тæрсгæ-резгæй фæйнердæмæ кæститæ кæнгæй. Æвеппайди, уой размæ ‘ймæ фæййангъос кæнунмæ ка седтæй, е бабæй имæ гъæрæй фæсседтæй, цæмæй ин фæййангъос кодтайдæ. “Куд кæсун, уотемæй ду рæгæфагæ æма хилкъах дæ”, - дзуапп ин равардта Муса.
19. Æма сæ дууемæн дæр знаг ка адтæй, уой тухæй æрсабур кæнуйнаг ку адтæй, уæд ин хилкъах загъта: “Нур ба дæ, мийяг, мæн фæндуй рамарун, Муса, æзинæ куд рамардтай уод, уотæ? Дæу а зæнхæбæл æрмæст залун ун фæндуй, хуæрзгæнæг ун ба дæ, æнгъæлдæн, нæ фæндуй”.
20. Æма мæнæ горæти иннæ кæронæй еу адæймаг тагъд ледзгæй æрбахъæрттæй æма сдзурдта: “Муса! Уллутæ сæ медæхсæн дæуæн тæрхон кæнунцæ, цæмæй дæ (ке рамардтай, уой тухxæй) рамаронцæ. Тагъд ледзгæ а горæтæй! Е дин мæ хуæрз унаффæ”.
21. Æма е дæр ниууагъта горæт, тæрсгæ-резгæй фæйнердæмæ ракæс-бакæсгæнгæй. Æма искувта: “Уо Еунæхуцау! Фæййервæзун мæ кæнæ аци æнаккаг адæнæй!”
22. Æма мæнæ Мадиани ‘рдæмæ ку нийяарæцæн æй, уæдта загъта: “Мусийнæ, Еунæхуцау мæ раст надбæл кæд исаразидæ”.
23. Мадиани ниуазæн бунæттæмæ ку ‘рбацудæй, уæдта си баййафта адæни утуг сæ дзогтæн дон даргæй. Уонæй еуварсгомау ба фæууидта дууæ кизги, кæцитæ сæ фонс еуварсмæ раскъардтонцæ. Е сæ бафарста: “Уæ гъуддаг цæй медæги ‘й?” Етæ ин дзуапп равардтонцæ: “Цалдæн етæ нæ райеуварс кæнонцæ сæхе, уæдмё мах бон дон бадарун нæй. Нæ фидæ ба хъæбæр зæронд æй”.
24. Е син сæ фонсæн бадардта дон, уæдта сатæгмæ æхе райста æма загъта: “Уо Еунæхуцау! Дæ хуарзæнхæй мин ци исаккаг кёнай, уой гъæуагæ дæн нур”.
25. Уой фæсте ба ‘ймæ и кизгуттæй сæ еу æфсæрмигæнгæй бацудæй æма загъта: “Мæ фидæ дин еблагъуæ зæгъуй, цæмæй дин хуæрзеуæг ратта,

нæ фонсæн нин ке бадарун кодтай дон, уой туххæй”. Муса сæмæ ку ‘рбацудæй æма син æ хабæрттæ ку ракодта, уæдта зæронд лæг загъта: “Мацæмæй тæрсæ! Ду æнаккаг адæнæй иссæребар дæ”.

26. Уæд и кизгуттæй сæ еу загъта: “Баба, дæхемæй кустмæ райсæ: дæ бон ке райсун æй, уони хуæздæртæй æй. Ес имæ хъаурæ дæр æма, кæбæл бауу æндун ёнгъезуй, уæхæн æй”.
27. Зæронд лæг загъта: “Мæ кизгуттæй дин сæ еуей дæуæн уосæн раттуйнаг дæн, кæд мæбæл аст анзи ихуæрсти бакосдзæнæ. Кæд æма дæс анзи райефхæсса дæ куст, уæдта е дæхе барæ уодзæнæй. Нæ мæ дæ фæндуй унгæги кæнун. Кæддæриддæр мæ рæстагæй иссердзæнæ, Хуцауи ку фæндæуа, уæд”.
28. Муса ин дзуапп равардта: “Фæууæд уотæ нæ медæхсæн. Цийфæнди рæстæгмæ ма исаразон и дууемæй, зæрдихудт мæбæл гъæуама ма фæууай. Ци дзорæн, уомæн ба Хуцау – мæ бæгъдауонд”.
29. Мусайæн е ‘мгъуд рæстæг ку райевгъудæй, уæдта æ бийнонти хæццæ рараст æй балций. Надбæл ба еу рауæн хонхæрдигæй бафеппайдта арти рохс. Е загъта: “Ами лæууетæ! Æз арти рохс æнкъарун. Æз уин уордæгæй кенæ ести хабар, кенæ æхседарф æрбахæсдзæнæн, цæмæй уæхе сгъар кæнайтæ”.
30. Æма имæ ку бахъæрттæй, уæдта атагъай рахесæрдигæй фæрнгун атагъай къотæрти хурфæй райгъустæй гъæлæс: “Уо Муса! Æз Хуцау, дуйнети Паддзах дæн!
31. Дæ лæдзæг æргæлдзæ!” Уой ку рауидта, æма æ лæдзæг хелагау исхилдæй, уæд фæстæмæ рагæпп кодта, фæстæмæ раздæхунæй тæрсгæй. “Уо Муса! Æрбахæстæг кæнæ æма ма тæрсæ, уомæн æма ду ædаси уæвгутæй дæ.
32. Нур ба дæ къох дæ рони бацæвæ æма дин уордæгæй рацæудзæнæй, уорс-уорсид æрттевгæй, неци зæран дин æрхæсгæй. Нур ба, дæ тас ниууадзгæй, дæ базур балхъевæ дæхемæ. Етæ дин дууæ æвдесæни уодзæнæнцæ дæ Еунæхуцауæй Фёрёонмæ æма æ уллутæмæ. Етæ,

уастæн, ænaккаг адæн ænцæ”.

33. Муса загъта: “Уо Еунæхуцау! Уонæй æз еу уод рамардтон, æма тæрсун: фесафдзæнæнцæ мæ етæ.
34. Ме ‘нсувæр Харум дзурдарæхстдæр æй æ нихаси. Мæ хæццæ ‘й рарветæ, цæмæй мæ рæстдзийнадæбæл бавдесæн кæна. Уастæн, тæрсун, етæ мæ мæнгæбæл ку банимайонцæ, уомæй”.
35. Загъта Е: “Дæ хъаурæ дин фæттухгиндæр кæндзинан де ‘нсувæрæй, æма уин уæхæн баргъондзийнадæ ратдзинан, кæци уонæмæ некæд уодзæнæй Не ‘вдесæнтæмæ гæсгæ. Сумах æма уæ фæдбæл ка рацæуа, етæ уодзæнæнцæ уælахездзаутæ”.
36. Муса сæмæ ку ‘рбацудæй æцæгævдесæнти хæццæ Махæй, уæд етæ загътонцæ: “Е ærмæст кælæнтæ ‘нцæ, (Муса æма Харуми) ærгъудигонд. Мах уæхæнæй некæд неци фегъустан нæ рагфиддæлтæй”.
37. Муса загъта: “Мæ Еунæхуцау хуæздæр зонуй, Уомæй разамунди хæццæ ка ‘рцæуй, фæстагон хуæздæр цæрæнуат кæмæн æй, уони, уомæн æма гиауртæн, уастæн, хуæрзеуæгдзийнади некæд уæн ес”.
38. Фёрёон загъта: “Уо мæ уллутæ! Сумахæн, мæхецæй ændæр ма, æз ændæр хуцау зонун. Хаман, бандзарай сигитин пеци æма си мæсуг исдасай, цæмæй Мусай Хуцаумæ исхезон, уомæн æма мæнмæ гæсгæ е мæнгæттæ ‘й!”
39. Æма фур герузæй исхецмæр ænцæ а зæнхæбæл е дæр, æма е ‘фсædтæ дæр, уой тухxæй син барæ лæвærд нæ уогæй, æма уотæ сагъæсгæнгæй, Махмæ æздæхт нæ уодзæнæнцæ, зæгъгæ.
40. Мах ба æхе дæр æма ин е ‘фсædтæ дæр бакайдтан æма сæ дæлдон фæккодтан. Æма кæсай, гиаурти кæрон цæбæл фæууй, уомæ!
41. Æма сæ Мах искодтан имамтæ, кæцитæ седунцæ артмæ, æма исæндедзæн бон ба уонæн æнхусгæнæг нæ уодзæнæй.
42. Æма сæ Мах аци дуйнебæл райефхастан ælгъистити хæццæ. Исæндедзæн бон ба етæ уодзæнæнцæ Хуцауи хуарзæнхæмæ уагъд ка не ‘рцæудзæнæй, уони хигъди.

43. Мусайæн Мах балæвар кодтан киунугæ, рагон фæлтæртæ ку бабун кодтан, уæд уой фæсте, цæмæй уой æвдесæнтæ адæнæн исонцæ бæрæг дæнцæнтæ, разамунд, æма уодибæстæ, цæмæй етæ расагъæс кæнонцæ.
44. Æма хорнигулæн ердигæй нё адтæ ду, Мах Мусайæн ку байхæс кодтан минæвардзийнадæ: уомæн æвдесæн нæ адтæ ду.
45. Фал Мах æндæр фæлтæртæ равзурун кодтан, æма уонæн сæ цард дæргъвæтийнæ адтæй. Мадиани цæргути æхсæн ду нæ адтæ, цæмæй син Не ‘вдесæнтæ аргъуд æрцудайуонцæ, уой тухxæй сæмæ Мах рарвистан.
46. Хонхи фарсмæ дæр нæ адтæ, Мах Мусамæ ку фæдздзурдтан. Фал Хуцауи хатирæй ду æрвист дæ, цæмæй игъосун кæнай, дæ размæ минæвар æрвист кæмæ нæма адтæй, еци адæнмæ, цæмæй етæ расагъæс кæнонцæ.
47. Æндæр, сæ къохтæй сæхуæдтæ сæхецæн ци аразтонцæ, уой азар сæ ку баййафтайдæ, уæд етæ загътайуонцæ: “Еунæхуцау! Ду нæмæ минæвар ку рарвистайсæ, уæд мах Де ‘вдесæнти фæдбæл рацудаййанæ æма урнæг адтаййанæ”.
48. Æцæгдзийнадæ сæмæ ку ‘рцудæй Махæй, уæдта етæ загътонцæ: “Мусайæн ци лæвæрд адтæй, уомæн ба е цæмæннæ ‘й лæвæрд?” Мийяаг, Мусайæн ци лæвæрд адтæй, раздæр уой нæ рагæлстонцæ? Етæ загътонцæ: “Кæрæдземæн ангъосгæнæг дууæ кæлæни![9]” Æма загътонцæ: “Мах алцæбæл не ‘ууæндæн”.
49. Зæгъæ: “Æма уæд рахæссетæ Хуцауæй киунугæ, кæци уин амæй хуæздæр разамонæг уодзæнæй, æма ке æнхæст кæндзæнæнцæ, кæд раст дзоретæ, уæд”.
50. Æма сæ бон дзуапп раттун ку нæ бауа, уæд æй зонæ: етæ æрмæст сæ цибæли фæдбæл цæунцæ. Æма æ цибæлти фæдбæл ка цæуй ænæ Хуцауи разамундæй, уонæй фæррæдуйæг дæр ма ес? Уастæн, ænаккаг адæни Хуцау рæствæндаг нæ кæнуй!
51. Мах сæмæ бахъæртун кодтан дзурд, - кайзонуй æма кæд балædæриуонцæ!

52. Уой размæ Мах кæмæн рарвистан киунугæ, етæ[10] ибæл ку бауæндтæнцæ[11].
53. Æма син æй ку фæййаргъаунцæ, уæд фæззæгъунцæ: “Мах ибæл бауæндтан. Е æй уацæгадæ, кæци æрцудæй нæ Бардарæй. Мах раздæр дæр пусулмæнттæ адтан”.
54. Уæхæнттæн хуæрзеуæг дууæ хатти лæвæрд æрцæудзæнæй: уалгæдзон æма сабур ке адтæнцæ, уæдта фуддзийнадæ хуарздзийнадæй ке еуварс кæнунцæ æма син Мах ци бахай кодтан, уомæй битир ке дæттунцæ.
55. Æнæпайда дзубанди куддæр райгъосунцæ, уотæ сæхе райеуварс кæнунцæ, уотæ дзоргæй: “Махмæ – нæхе гъуддæгтæ, сумахмæ – уæхе. Салам уæ уæд! Мах æнахургæндти æхсæн унмæ нæ бæллæн”.
56. Ке уарзис, уой ду нæ хонис æррæстæ надбæл, фал Хуцау хонуй, ке ‘Й фæндуй, уой. Е хуæздæр зонуй раст надбæл цæугути.
57. Етæ[12] загътонцæ: “Дæу хæццæ ку рацæуæн разамунди фæдбæл, уæд нæ зæнхæй ратундæ уодзинан. Мийяг Мах сæ фæсте хæран бунæттæ нæ ниффедар кодтан; уордæмæ æмбурдгонд цæунцæ æгас хуæрзеугутæ дæр, куд Нæ хайгонд. Фал сæ фулдæретæ нæ зонунцæ!
58. Уо, хецмæрæй ка бохъхъитæ кодта сæ царди бæркадæй, уæхæн гъæутæ цæйбæрцæ бабун кодтан Мах! Æма мæнæ сæ цæрæнуæттæ – æрдæг гæнистон. Æма Мах ба сæ бундартæ адтан.
59. Дæ Еунæхуцау еунæг гъæу дæр нæ бабун кодта, цалдæн сæ адæнмæ Не ‘вдесæнтæ аргъауæг минæвар æрвист не ‘рцæуидæ Махæй, уæди уæнгæ. Мах еунæг гъæу дæр нæ бабун кæнианæ, æ цæргутæ æнаккаг нæ уогæй.
60. Сумахæн цидæриддæр лæвæрд ес, етæ аци царди гъæздугдзийнадæ æма рæсугъддзийнадæ ‘й. Хуцаумæ ка ес, е ба дæргъвæтийнæдæр æма рæсугъддæр æй. Ædта нур не ‘рсагъæс кæндзинайтæ?
61. Хуарз байвæрзт кæмæн равардтан Мах, æма ‘йбæл ка исæмбæла, уой, ædта нур рабарæн ес, хæстæг царди Мах кæмæн равардтан лæвæрттæ æма уædта исæндедзæн бон ба иннæ бон Махмæ ке ‘рбакæнонцæ аннæ бафхуæруйнæгти хæццæ, уони хæццæ?

62. Еци бон сæмæ Е рафедеудзæнæй æма зæгъдзæнæй: “Кæми ‘нцæ Ме “мбæлттæ”, кæцити уæхецæн æримистайтæ?”
63. Æма дзурд кæбæл æрцæудзæнæй, етæ зæгъдзæнæнцæ: “Нæ Еунæхуцау! Етæ, мах ке фæррæдуйун кодтан, етæ ‘нцæ, уомæн æма мах нæхуæдтæ дæр рæдуйгутæй адтан. Мах Дæ размæ сæребар ан, уомæн æма етæ махæн нæ цитæ кодтонцæ (фал сæ цибæлтæн)!”
64. Уонæн зæгъдзæнæнцæ: “Фæдздзоретæ уе ‘мбæлттæмæ!” Етæ фæдздзордзæнæнцæ, фал син дзуапп нæ ратдзæнæнцæ, æма уæд фæууиндзæнæнцæ æфхуæрддзийнадæ. Етæ раст надбæл ку цудайуонцæ!
65. Еци бон сæмæ Хуцау фæдздзордзæнæй æма зæгъдзæнæй: “Циуаваер адтæй уæ дзуапп Нæ минæвæрттæн?”
66. Фал еци бон сæ дзуæппитæ æбæлвурд æма дæлгоммæ уодзæнæнцæ; уонæмæ кæрæдзей æрфæрсунмæ æма æнхус ракорунмæ нæбал уодзæнæй хъауритæ.
67. Фал хатир ракоргæй æхе ка бахата, ка бауæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, етæ ба, æнæмæнгæ, уодзæнæнцæ амондгунти æхсæн.
68. Дæ Еунæхуцау Æ фæндæй фæлдесуй æма æвзаруй. (Æмбæлттæ Ин ка имиста) уонæн фæггæнæн нæййес. Табу Ин уæд! Уомæн æмбалæн ке имисунцæ, Е уонæй бæрзонддæр æй.
69. Дæ Еунæхуцау зонуй, етæ сæ зæрдити ци сосæг кæнунцæ ‘ма ци ‘ргом кæнунцæ, уой.
70. Е ба Хуцау æй. Æма æндæр хуцау нæййес, Уомæй фæстæмæ. Фиццаг æма фæстаг царди дæр Уомæн табу уæд! Уомæ ‘й сæйраг унаффæ. Æма æрмæст Уомæ раздæхдзинан мах.
71. Зæгъæ: “Расагъæс кæнайтæ: нур уæбæл Хуцау æносон æхсæвæ ку искодтайдæ исæндедзæн бонмæ, уæд Уомæй фæстæмæ циуаваер хуцауи бон уин иссайдæ рохс æрбахæссун? Гæр, не ‘гъосетæ?”
72. Зæгъæ: “Расагъæс кæнайтæ! Нур уæбæл Хуцау æносон бон ку искодтайдæ исæндедзæн бонмæ, уæд Уомæй фæстæмæ циуаваер хуцау

уин балæвар кодтайдæ æхсæвæ, цæмæй си уе ‘нцойнæ уадзун уæ бон адтайдæ? Гæр, не ‘гъосетæ?”

73. Æ уодибæстгундзийнадæй уин Е исфæлдиста æхсæвæ ‘ма бон, цæмæй æхсæвæ уолæфайтæ, бонæй ба Уой хуарзæнхæ агорайтæ, уæдта цæмæй боз ун уæ бон уа.

74. Еци бон сæмæ Хуцау фæдздзордзæнæй æма зæгъдзæнæй: “Кæми ‘нцæ Ме “мбæлттæ”, кæцити уæхецæн æримистайтæ?

75. Алли адæнихаттæй дæр мах равзардзинан æвдесæн æма зæгъдзинан: “Бавдесетæ уе ‘вдистæгтæ!” Æма уæд етæ базондзæнæнцæ Хуцауи æцæгдзийнадæ; ке æримистонцæ, етæ ба фесæфдзæнæнцæ.

76. Къарун[13], уастæн, Мусай адæнæй адтæй, фал сæ нихмæ фудмиутæ кодта. Æма ‘й Мах уæхæн гъæздугдзийнæдтæй фæххайгин кодтан, æма æ хæзнадæнтти дæгъæлтæ сæхуæдтæ устур уаргъ адтайуонцæ пилиуанти æнæгъæнæ къуарæн дæр. Æма ин æ адæн загътонцæ: “Ма цийнæ кæнæ æма уælбекъонæй дæхе ма стауæ. Хуцау нæ уарзуй сæхебæл фенвæрсгути.

77. Фал дин Хуцау ци балæвар кодта, уой æнхусæй фæстаг царди бунатмæ тундзæ æма а царди дæ хай ма иронх кæнæ. Хуцау дин цæйбæрцæ хуæрзтæ фæцæй, ду дæр уой бæрцæ хуæрзтæ кæнунбæл архайæ, æма а зæнхæбæл æнаккагдзийнадæ итаунбæл ма архайæ. Уастæн, Хуцау нæ уарзуй æнаккагдзийнадæ æма хæлхъойдзийнадæ итаугутæ”.

78. Е син загъта: “Ци мин лæвæрд ес, уони æз мæхе зундæй райстон!” Гæр уой нæ зудта, æма Хуцау уой размæ дæр берæ фæлтæртæ ке бабун кодта, æ хъаурæй æма гъæздугдзийнадæй, уомæй берæ тухгиндæр ка адтæй, уæхæнттæ? Фал тæрегъæдгунтæ сæ тæрегъæдти тухххæй уайтæкки нæ ратдзæнæнцæ дзуапп.

79. Æма сæрбонзонгæ цудæй Къарун æ адæни ‘хсæн, æ фæлунстити. Æма зæнхон царди хуæрзеугутæ ке гъудæй, етæ хицæгæнгæй дзурдтонцæ: “Уо, Къарунæн ци лæвæрд ес, махæн дæр етæ лæвæрд ку уайуонцæ! Е, æцæгæй, устур хуарзæнхи хецау æй”.

80. Фал зонундзийнædтæ кæмæ адтæй, етæ ба загътонцæ: “Уо, додойаг ку айтæ! Еунæхуцауи лæвар хуæздæр ку æй, ка æууæндуй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уонæн. Фал е, уалгæдзон æма федар ка ‘й, уони фæууодзænæй”.
81. Зænхæ фенкъустан Мах æма ин байхæс кодтан и хæдзарæ ранихъуæрун. Æма æ хæццæ неке разиндтæй, Хуцауæй æй ка багъæуай кодтайдæ, æма уæхæн дёр нæ разиндтæй, ка фæййервазтæй уони ‘хсæн.
82. Сæумæ ба, æзинæ ма ин æ бунатмæ ка хицæ кодта, етæ дзурдтонцæ: “Додой! Хуцау æ хуарзænхæ уæрæх кæнуй, кæмæн æй фæндуй Æ цагъартæй, уонæн, æма ‘й къаддæр дёр уотё кæнуй. Хуцау нин ку нæ батæрегъæд кодтайдæ, уæд нæ мах дæр ранихъуардтайдæ. Додой! Гиауртæ амондгун нæ фæуунцæ!”
83. Мænæ и фæстаг цæрæнуат. Зænхæбæл æхе хецмæр ка нё кёнуй, кенæænаккагдзийнадæ ка нæ итауй, уонæн Мах ратдзинан! Кæрон ба Хуцауæй тæрсгути уодзænæй!
84. Хуарздзийнади хæццæ ка ‘рбацудæй, уомæн – уомæй ма никки хуæздæр. Фуддзийнади хæццæ ка ‘рбацудæй æма лæгъуздзийнадæ ка аразуй, етæ ба ци кодтонцæ, уой бакайдзænæнцæ.
85. Уастæн, аци Хъуран дин де ‘хæс ка бакодта, Е дæ фæстаг æрбаздæхтмæ дæр раздахдзænæй[14]. Зæгъæ: “Мæ Еунæхуцау хуæздæр зонуй, разамунди хæццæ ка ‘рбацæуй, уæдта æцæгæй ка фæдздзæгъæл уй, уони”.
86. Ду уой æнгъæл нæ адтæ, æма дин аци Хъуран æрвист æрцæудзænæй, дæ Еунæхуцауи уодибæстæй ændæр, уомæ гæсгæ ба гиаурти сælбæрдзорæг ма исуо.
87. Æма дæ маци фæкъкъулумпи кænæд Хуцауи æргомæгтæй, етæ дæмæ æрвист ку ‘рцудæнцæ, уæд ма. Седæ дæ Еунæхуцаумæ æма берæ хуцæуттæмæ ковæг ма уо.
88. Хуцауи хæццæ ændæр хуцаумæ ма ковæ. Уомæй фæстæмæ ændæр хуцау нæййес. Алцидæр исæфуй, уой цæсгонæй фæстæмæ. Уой бæрни æй

алцæй туххæй дæр сæйраг унаффæ, æма æрмæст Уомæ раздæхдзинан не ‘гасæй дæр.

29-аг сурæ
Хæлаур
(аль-Анкабут)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. *Алеф. Лам. Мим.*
2. Ædта нур адæн уотæ ‘нгъæлунцæ, æма уотæ ку зæгъонцæ: “Мах æууæндæн”, уæд сæ нæ бафæлвардæ уодзæнæй?
3. Сæ размæ ка адтæй, уони бафæлвардтан Мах, æма, æнæмæнгæй, Хуцауæн зунд æй, раст си ка ‘й, уæдта мæнгæ, етæ.
4. Ædта нур фудмиутæ ка кæнуй, етæ уотæ нимайунцæ, æма Мах разæй фæууодзæнæнцæ[1]? Куд лæгъуз æнцæ сæ сагъæстæ!
5. Хуцаубæл исæмбæлун æнгъæл ка ‘й, уонæн ба, уастæн, – Е син ци æнгъуд искодта, уой кæрон æрхæстæг уй: Е игъосагæ æма зонагæ ‘й!
6. Æма Хуцауи надбæл æновуддзийнадæ ка равдесуй, е ба æхе уоди туххæй æновуд æй. Хуцау ба дуйнети цигъæуæгти гъæуагæ нæй.
7. Ка æууæндуй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уонæн ба Мах сæ тæрегъæддзийнæдтæ нийхалдзинан æма син сæ хуæздæр гъуддæгтæбæл фулдæрæй бакайдзинан.
8. Адæймагæн Мах бафæдзахстан æ ниййергутæн хуарз ун, фал Мæнæн “æмбæлттæ” раттунмæ дин ку тухæ кæнонцæ, кæций туххæй дæумæ нециаваер зонундзийнæдтæ ес, уæд син сæ коммæ ма бакæсæ. Мæнмæ раздæхдзинайтæ сумах, æма уин Æз фегъосун кæндзæнæн, цитæ кодтайтæ, уой медес.
9. Ка æууæндуй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уони ба фæрнуг адæни æхсæнмæ бакæндзинан.

10. Адæни æхсæн ес уæхæнттæ, кæцитæ дзорунцæ: “Мах æууæндæн Хуцаубæл!” Фал сæбæл Хуцауи гъуддаги ести бæлах ку бандзæвуй, адæни фæлварæнæн, уæд æй етæ Хуцауи зæрдихудбæл[2] банимайунцæ. Хуцауи æнхус ку фæкъкъаддæр уй, уой хæццæ ба – уæлахездзийнадæ, уæдта фæззæгъунцæ: “Мах сумах хæццæ адтан”.Æдта нур Хуцау хуæздæр нæ зонуй, а дуйнети зæрдити ци римæхстæ уй, уой?
11. Уæдта, æнæмæнгæ, Хуцауæн зундгонд æнцæ, ка бауууæндтæй, æма козбау миутæ ка кодта, етæ.
12. Æма ка нæ бауууæндтæй, етæ æууæндгутæн фæззæгъунцæ: “Сумах мах надбæл цотæ, æма сумах тæрегъæдтæ дæр мах хæссиан нæ рагъи!” Фал етæ нециаваер тæрегъæдтæ фæххæсдзæнæнцæ. Етæ æрмæст мæнгæттæ ‘нцæ!
13. Етæ сæхе уаргъ æма сæ уæргътæбæл ма ци уаргъ бафтуйдзæнæй, уони хæсдзæнæнцæ. Исæндедзæн бони ба сæ æрфарстæ уодзæнæй, цитæ æримистонцæ, уобæл.
14. Нохи Мах рарвистан æ адæнмæ. Æма е уони ‘хсæн фæцæй мин анзи фæндзай анзи гъæуаггинæй. Фал сæбæл дони ахæр æрцудæй, сæ тæрегъæдти тухххæй.
15. Æма Мах фæййерваезун кодтан уой дæр æма цолахъи ка адтæй, уони дæр, æма сæ дуйнетæн æвдесæнæн искодтан.
16. Уæдта Ибрæгими, æма е æ адæнæн загъта: “Хуцаумæ коветæ! Æ зæрдихудтæй Ин тæрсетæ. Кæд ма уæмæ ести зунд ес, уæд е сумахæн хуæздæр æй.
17. Хуцауи æмкадæ уæ гумеритæн ма кæнетæ, мæнгитæ имисгæй. Сумах Хуцауи æмсæр ма кæмæн цитæ кæнетæ, уонæмæ ба сумахæн пайдайагæй неци ес. Уомæ гæсгæ ба уæ пайдайаг коретæ æрмæст Хуцауæй, æма æрмæст Уомæн боз уотæ. Уæ раздæхт дæр Уомæ уодзæнæй”.
18. Уой мæнгæбæл ку банимайтæ, уæдта уой мæнгæбæл нимадтонцæ сумах размæ цæрæг адæнтæ дæр. Минæварбæл ба æрмæст сумахæн

фегъосун кæнуни ихæс ес.

19. Гæр етæ уой нæ уинунцæ, Хуцау æ фиццаг фæлдесондæ куд фæлдесуй, уæдта ‘й æнæуйнадæ фæккæнгæй ба нæуæгæй исаразуй. Е, уастæн, Еунæхуцауæн æнцон кæнæн æй!
20. Зæгъæ: “Зæнхæбæл æрхæтетæ æма æркæсетæ, Хуцау Æ фиццаг исфæлдесондæ дæр куд исаразта æма Æ фæстаг фæлдесондæ дæр куд араздзæнæй3. Уастæн, алцæбæл дæр Хуцауи тухæ цæуй!
21. Ке ‘Й фæндуй, уой бафхуæруй, ке ‘Й фæндуй, уомæн ба ниххатир кæнуй, æма æрмæст Уомæ æрцæудзинайтæ æздæхт.
22. Æма нæдæр зæнхæбæл, нæдæр уæларв сумахæн нæ бантæсдзæнæй Хуцауи фæндитæ фехалун. Хуцауæй фæстæмæ уин сæрбæлдзорæг нæййес, æма уин æндæр æнхусгæнæг дæр нæййес”.
23. Хуцауи æвдесæнтæбæл ка не ууæндуй, æма Æ хæццæ фембæлдæ мæнгæбæл ка нимайуй, етæ ба Хуцауи хуарзæнхæ иссерун æнгъæл нæбал æнцæ. Уой амæттаг – карз æфхуæрдæ!
24. Адæни дзуапп Ибрæгимæн адтæй: “Кенæ ‘й рамаретæ, кенæ ‘й басодзетæ!” Фал æй Хуцау фæййервæзун кодта арти цъухæй. Уоми, уастæн, æууæнкитæн æвдесæн ес.
25. Æма е загъта: “Хуцауи æмсæр ма сумах æмцитæ кæнетæ гумеритæн, уæ зæнхон цардбæл æновуд уогæй. Фал уой фæсте исæндедзæн бони ба кæрæдзебæл батобæ кæндзинайтæ æма кæрæдзей райдайдзинайтæ ælгъетун. Уæ цæрæнуат арт исоуодзæнæй, æма уин ангъос дæр неке фæккæндзæнæй”.
26. Æма ‘Йбæл Лут бауæндтæй. Е загъта: “Æз мæ къона ниууадздзæнæн, æма мæ Еунæхуцаубæл мæхе фæдзæхсун. Е, уастæн, тухгин æма сем æй!”
27. Æма ин (Ибрæгимæн) Мах балæвар кодтан Исхак æма Йакуби, æ цæуæти ин исаразгæй разуац æма киунугæ, æма ин а дуйней Мах балæвар кодтан хуæрзеуæг, иннеми ба, уастæн, е рæстæгти æхсæн уодзæнæй.

28. Рарвистан Лути (æ адæнмæ) æма е загъта: “Сумах, уастæн, илгъаг миутæ аразетæ, кæций а дуйнебæл некæд ма неке исаразта.
29. Нур æцæгæй уæ цибæли фæдбæл лæгтæмæ цотæ? Устур фæндæгтæбæл фудмиутæ кæнетæ, æма æнæгъдаудзийнæдтæ аразетæ, уе ‘мбурдти ку тæрхон кæнетæ, уæд?” Æ адæни дзуапп ба ин адтæнцæ æрмæст дзурдтæ: “Кæд раст дзорис, уæд дæ Еунæхуцауи бæлах нæбæл æрцæун кæнæ!”
30. Лут искувта: “Уо Еунæхуцау! Фæммин ангъос кæнæ гириззаг адæни нихмæ!”
31. Æма мæнæ хуарз хабари хæццæ ку ‘рбацудæнцæ Нæ федогтæ Ибрæгиммæ, уæд етæ загътонцæ: “Мах фесафдзинан аци бунати цæргутæ. Уастæн, етæ тæрегъæдгун æнцæ”.
32. Æма син загъта: “Уоми Лут ку æй!” Етæ загътонцæ: “Мах æй хуæздæр зонæн, уоми ка ес, уой. Уой дæр æма æ бийнонти дæр, æ уосæй фæстæмё, кæци гъæуама уоми байзайа, Мах фæййерваезун кæндзинан”.
33. Нæ федогтæ Лутмæ ку ‘рбацудæнцæ, уæд е уони тухæй фенкъард æй æма æ тухæ фæллæмæгъдæр æй. Етæ загътонцæ: “Ду ма тæрсæ æма мацæбæл тухсæ! Мах фæййерваезун кæндзинан дæу дæр æма дæ бийнонти дæр, дæ уосæй фæстæмæ, кæци байзайдзæнæй ами.
34. Аци гъæуи цæргутæбæл мах æркæндзинан арвæй фудонхæ, уотæ гириззаг ке адтæнцæ, уой тухæй”.
35. Еци рæстæгутæй Мах бæлвурдævдесæн[4] ниууагътан, ка сагъæс кæнуй, уонæн.
36. Мадианиттæмæ Мах рарвистан Шуъайби, се ‘нсувæри. Е син загъта:”Уо мæ адæн! Коветæ Хуцаумæ! Фæстаг бони тæрхонæй тæрсетæ æма а зæнхæбæл фуддзийнæдтæ ма аразетæ, æнаккаг æма хæлхъойдзийнадæ си парахатгæнгæй”.
37. Етæ ба ‘й мæнгæбæл банимадтонцæ, æма сæ уой тухæй Хуцауи азар бакайдта, æма сæумæмæ етæ сæхе хæдзæртти дæлгоммитæй адтæнцæ.
38. Уотæ адиттæбæл дæр æма самудитти адæнбæл дæр Мах æрцæун кодтан

Нæ азар. Уой ævдесæн уин сæ хæдзаруæттæ. Уонæн Ибилис сæ гъуддæгтæ исрæсугъд кодта æма сæ надæй фесинмæ рахезун кодта, кæд æма етæ уинагæ æма зундгин адтæнцæ!

39. Уотæ Къарун, Фёрёон æма Хæманбæл дæр. Уонæмæ бæлвурд ævдесæнти хæццæ бæргæ æрбацудæй Муса, фал етæ а зæнхæбæл исустур зæрдæ ‘нцæ:
40. Мах уони се ‘гасей дæр бафхуардтан сæ тæрегъæдтæбæл. Сæ еуетæбæл Мах æркалдтан дорти æнсарæ, иннети ниуди буни фæккодтан, аннети ба зæнхæн ранихъуæрун кодтан, æндæрети ба дони буни фæккодтан. Уони Хуцау не ‘ркодта уæхæн æнамонддзийнадæмæ, фал сæ уомæ сæхе къохтæ æркодтонцæ.
41. Хуцауæй фæстæмæ ма æндæр æнхусгæнгутæ ка агоруй æхецæн, е æхецæн хæдзарæ ка исаразта, еци хæлаурау æй, уомæн æма хæлаури хæдзарæй лæмæгъдæр ма кæми ес! Нур уой ку зониуонцæ!
42. Етæ ма Уомæй фæстæмæ кæмæ ковунцæ, уой Хуцау хуарз зонуй. Уастæн, е сем æма тухгин æй!
43. Етæ дин дæнцæнтæ, кæцити Мах адæнæн игъосун кæнæн, фал сæмæ игъосунцæ æрмæстдæр зонæнгинтæ.
44. Хуцау исфæлдиста уæлæрвтæ æма зæнхæ Е ‘цæгдзийнади: уастæн, уоми урнæг адæнæн ævдесæн ес!
45. Финстæги дин ци байгон æй, уой син аргъауæ æма намаз кæнæ, уомæн æма намаз илгъагдзийнадæ æма æнаккагдзийнадæй хезуй. Хуцауи ном зæрдæбæл ку ‘рлæуун киндёуй, уёд е дзæвгарæ ахсгиагдæр æй, уæдта Хуцау зонуй, сумах ци кæнетæ, уой!
46. Æма ма загъд кæнетæ Киунугæ даргути хæццæ[5], æндæр ести хуæздæр дæмæ ку нæ уа, æма хуæздæр ævдесæн дæмæ ку нæ уа, уæд, æнæрастæй уин барæй фуддзийнадæ ка араза, уонæй фæстæмæ, æма дзоретæ: “Мах æууæндæн, сумахæн дæр æма махæн дæр ци æрвист æй, уобæл. Мах Хуцау сумах дæр æй, уастæн, Еунæг æй, æма æрмæст Еунæг Уобæл нæхе фæдзæхсæн”.

47. Уотæ дин Мах нирвистан киунугæ, æма киунуги адæн ибæл æууæндунцæ, ани æхсæн дæр[6] куд ес, уобæл[7] ка æууæндуй, уæхæнттæ, уомæн æма æрмæст гиауртæ еппард кæнунцæ Не ‘вдесæнтæ.
48. Ду ай размæ некæд байаргъудтай Финстæг, еунæг дамугъа дæр некæд фæнисан кодтай дæхе къохæй, кенæдта, мæнгæбæл æй ка нимайуй, етæ фæддузæрдуг адтайуонцæ.
49. Гъо, етæ, уастæн, адæни зæрдити æвдесæн æнцæ, кæцитæ зонундзийнæдтæй хайгин æнцæ, уомæн æма æрмæст фудзæрдитæ еппард кæнунцæ Не ‘вдесæнтæ.
50. Фал уæддæр етæ дзорунцæ: “Æ Еунæхуцауæй имæ æрвист ку адтайуонцæ æвдесæнтæ!” Зæгъæ: “Ævдесæнтæ æрмæст Хуцауи бæрни ‘нцæ. Æз ба æрмæст игъосунгæнæг дæн”.
51. Гæр, фагæ син нæй, Мах дин ци Финстæг нирвистан, кæций син аргъаунцæ, е? Уоми, уастæн, Хуцауи хуарзæнхæ, уæдта урнæг адæнæн разамунд ес.
52. Зæгъæ: “Мæн æма сумах астæу Хуцау дæр фагæ ‘й æвдесæнæн. Уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр ци ес, Е уони зонуй. Мæнгæбæл ка бауuæндтæй æма æ Хуцаубæл ка батобæ кодта, етæ ба устур зæран æрхæсдзæнæнцæ сæхецæн”.
53. Етæ дæ тагъд кæнунцæ азаппæй, æма æнгъудгонд ку нæ адтайдæ и кæрон, уæд сæ айфонмæ Хуцауи азар баййафтайдæ. Фал е ба сæмæ æвеппайди фæззиндзæнæй, етæ ин зонгæ дæр ку неци кæнонцæ, уæдта ‘й хезгæ дæр ку нæ кæнонцæ, уæд.
54. Етæ дæ азап ратагъд кæнун кæнунцæ, фал æнæууæнкити фалæнбулай зиндонæ æртумугъ æй!
55. Ци бон сæ бакайа азар, еци бон кенæ сæ сæртæбæл, кенæ сæ къæхти бунæй фæззингæй син зæгъдзæнæй: “Исахуадетæ уæ гъуддæгти фæстеугутæй!”
56. Уо, Мæ унæуттæ! Мæ зæнхæ урух æй, æма Мæнæн коветæ!
57. Уомæн æма алли уод дæр мæлæти адæ бавзаруй, æма Махмæ уæ гъæуй

раздæхун дæр.

58. Ка æууæндуй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уонæн ба дзенети рæзбунти ратдзинан цæрæнбунат: хуæнхон кесенатæ, сæ рæзти сауæдæнттæ уайгæй. Æма уоми æности уодзæнæнцæ. Дессаг æй хуæрзеуæг, хуарз гъуддæгтæ ка аразта,

59. ка бухстæй æма еунæг æ Еунæхуцаубæл æ зæрдæ ка дардта.

60. Æма цæйбæрцæ ес зæнхæбæл цæрæгойтæ, кæцитæ сæхецæн хуæруйнаг нæ агорунцæ! Уони дæр æма сумах дæр Хуцау хацуй: Е уæ игъосуй æма алцæй тухxæй дæр зонуй.

61. Æма сæ ку бафæрсай: “Ка исфæлдиста арв æма зæнхæ, хор æма мæйæ ба – æнхусæн?”, уæд етæ æнæмæнгæ зæгъдзæнæнцæ: “Хуцау!” Æма уæд уотæ цибæлгонд цæмæн æнцæ?

62. Хуцау, кæмæн æй фæффæндуй æ цагъартæй, уомæн парахат кæнуй æ цийиес, кенæ ‘й бæрцæй дæттуй. Уастæн, Хуцау алли гъуддаг дæр зонуй!

63. Уотæ сæ ку бафæрсай: “Зæнхæ ка ‘рцардта, æдзард ку ниццæй, уæд уой фæсте, уæхæн уарун арвæй ка ‘ркодта?” Етæ, гъай-гъай, зæгъдзæнæнцæ: “Хуцау!” зæгъæ: “Хуцауæн табу!” Фал сæ фулдæретæ уой нæ лæдæрунцæ!

64. А дуйнебæл цард ерхæфсæн æма гъазт æй. Æма æрмæст федæни цард æй æцæг. Нур етæ уой ку зониуонцæ!

65. Науи ку фæннакæ кæнунцæ, уæд Хуцауи ном ерун райдайунцæ, æма Ин сугъдæг æууæнкæ иваерзунцæ. Æма сæ сор зæнхæмæ ку фæййервæзун кæнуй, уæдта, кæсай! Етæ Ин æмбæлттæ агорун райдайунцæ,

66. Нæ хуарзæнхæ æнæбозæй еппард кæнунцæ, царди æзгулий фацæугæй. Фал сæ тагъд рæстæги базонун гъæудзæнæй!

67. Мийиаг, етæ нæ фæууидтонцæ, Мах тобæгонд бунат æдас ке искодтан? Адæн ба уæддæр фæффесинмæ унцæ. Æдта нур етæ мæнгæбæл баууæнддзæнæнцæ, фал Хуцауи хуарзæнхæбæл ба нæ баууæнддзæнæнцæ?

68. Хуцаубæл мæнгитæ ка ‘фтауй, кенæ уацæгадæ мæнгæбæл ка нимайуй, уомæй ænаккагдæр ма искиндæ уодзænæй? Ædта нур гиауртæн сæ бунат зиндони нæй?
69. Мах туххæй æновудæй ка архайуй, уони ба Нæ надбæл исараздзинан. Уастæн, хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, Хуцау æрмæст уони хæццæ ‘й.

30-аг сурæ

Ромæгтæ

(ар-Рум)[1]

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй!

1. *Алеф. Лам. Мим.*
2. Саст æрцудæнцæ ромæгтæ
3. хæстæг зænхитæбæл, фал засти бунати фæууогæй етæ бабæй нæуæгæй фæууæлахез уодзænæнцæ
4. цалдæр анзей[2] фæсте. Алцæй туххæй дæр суагъæ Хуцаумæ ‘й, раги дæр æма федæни дæр. Еци бон бацийнæ кæндзænæнцæ рæстаг адён
5. Хуцауи ænхусбæл. Е ænхус кæнуй кæмæн Æй фæндуй, уонæн. Е тухгин æма уодибæстгун æй!
6. Хуцауи байвæрзтæй. Хуцау Æ байвæрзт некæд æййевуй, фал фулдæр адæн ба уой нæ зонунцё.
7. Етæ æрмæст ци уинунцæ, уой зонунцæ, федænбæл ба уæлænхуг ænцæ.
8. Ædта нур етæ сæхе туххæй некæд расагъæс кодтонцæ: мийяаг, не сфæлдиста Хуцау уæлæрвтæ æма зænхæ, уædта уонæн се ‘хсæн цидæриддæр ес, уони æцæгæй æма ænгъуд рæстæгмæ? Фал уæддæр куд берæ адæн не ‘ууæндуй се Сфæлдесæги хæццæ фембæлдмæ!
9. Гæр, етæ зænхæбæл нæ хадтæнцæ æма нæ фæууидтонцæ, сæ размæ ка адтæй, уони кæрон цæбæл æрлæудтæй, уой? Етæ[3] си тухгиндæр адтæнцæ хъауræй, ёрхумæ кодтонцæ зænхæ, æма си нуræй фулдæр

ærцардæй. Уонæмæ бæлвурд æвдесæнти хæццæ ærбацæуиуонцæ минæвæрттæ, æма сæ Хуцау нæ бафхуардта уотæ тухгин, фал етæ сæхуæдтæ сæхецæн ærхастонцæ зæран.

10. Æма фуддзийнæдтæ ка аразта, уони кæрон æбуалгъ адтæй, Хуцауи æвдесæнтæ мæнгæбæл ке банимадтонцæ æма сæбæл айуан ке кодтонцæ, уой туххæй.
11. Фиццаг фæлдесонд Хуцау кæнуй, уæдта ‘й нæуæгæй исфæлдесуй. Уой фæсте ба Уомæ раздæхдзинайтæ сумах.
12. И сахат ци бон ралæууа, еци бон фуд аразгутæ ниндзуг уодзæнæнцæ фур катаййæй.
13. Сæрбæлдзоргутæ син нæ уодзæнæй, Хуцауæн ци æмбæлттæ имистонцæ, уони æхсæн. Етæ сæбæл нæбал æууæнддзæнæнцæ.
14. И сахат ци бон ралæууа, еци бон етæ[4] æгасæйдæр ærцæудзæнæнцæ кæрædземæй хецæнгонд.
15. Ка æууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, етæ ерхæфст цæудзæнæнцæ дзенети рæзбунти.
16. Хуцаубæл ка нæ бауæндтæй æма Ин Е ‘вдесæнтæ æма дуккаг царди Нæ хæццæ фембæлдæ мæнгæбæл ка банимадта, етæ ба æфхуæрд ærцæудзæнæнцæ.
17. Æма уотæ Хуцауæн табу кæнтæ, изæйрон сахат уæ ку феййафа, кенæ сæуæхседæ ку ферттевæн кæна, уæд.
18. Уælærвætæ дæр æма зæнхæбæл дæр, сæумæ раги дæр æма рæфтæ уæ ку феййафа, уæд дёр Уомæн табу кёнетё.
19. Е мардæй ракæнуй æгас, æгасæй ба мард фæззиннун кæнуй. Е зæнхæн цард раздахуй, мардæй ку бахускъæ уй, уæд. Уотæ сумах дæр ærцæудзинайтæ игасгонд.
20. Е ‘вдесæнтæй – сигитæй ке искодта сумах, уæдта адæн ку иссайтæ, уæд, кæсай, зæнхи цъарæбæл ниххæлеу айтæ.
21. Е ‘вдесæнтæй – уæхецæй уин Е æнкъай ке сфæлдиста, цæмæй еумæ цæрайтæ, æма уе ‘хсæн уодибæстæ æма уарзондзийнадæ исирæзун

кодта. Уоми, уастæн, сагъæсти ка бацудæй, уонæн си æвдесæн ес.

22. Е ‘вдесæнтæй – уæлæрвтæ æма зæнхæ ке сфæлдиста, хецæндзийнæдтæ уин равардта уе ‘взæгути дæр æма æ бауæри цъари хузи дæр. Уоми, уастæн, зонундзийнæдтæ кæмæ ес, уонæн æвдесæн си ес.

23. Е ‘вдесæнтæй – уе ‘хсæйвон фун, уæдта уæ ræфтон фун, æма уæ Хуцауи хуарзæнхæ агорундзийнадæ. Уоми, уастæн, ка игъосуй æма ка ‘нкъаруй, уонæн си ес æвдесæн.

24. Е ‘вдесæнтæй – сумахæн арвиртивд ка фæззиннун кæнуй тас æма æнгъæлцæн, ка тадзуй арвæй къæвда æма хускъёй ци зæнхё ниммардёй, уой царуй. Уоми, уастæн, зундгин ка ‘й, уонæн си æвдесæн ес.

25. Е ‘вдесæнтæй – арв æма зæнхæ Уой фæндæй ке лёуунцё. Уой фæсте ба уæмæ Е зæнхи хурфæмæ ку фæдздзора, уæд сумах уайтæкки дæр рацæудзинайтæ.

26. Æма æрмæст Уой бæрни ‘нцæ уæлæрвтæ дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ. Æма алцидæр Уой фæндони коммæ кæсуй.

27. Е æй, фиццаг фæлдесондæ ка аразуй, уæдта ‘й нæуæгæй бабæй ка исаразуй. Æма е Уомæн никки æнцондæр æй. Æрмæст Уомæ ‘нцæ тæккæ устурдæр бæрцбарæнтæ уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр. Уастæн, Е тухгин æма сем æй!

28. Е уин дæнцæн æрхæссуй уæхецæй. Уæ рахес къох кæмæ[5] даруй барæ, уони æхсæн уин ес, Мах уин ци лæвæрттæ скодтан, уони æнхузæнæй ке хæццæ байуарай, уæхæнттæ? Тæрсетæ си, уе ‘мсæр ка ‘й, уонæй куд тæрсетæ, уотæ? Зундгин ка ‘й, уонæн лæдæрун кæнæн уомæй Не ‘вдесæнтæ.

29. Гъигагæн, гиауртæ сæ цибæли фæдбæл цæунцæ, уомæн неци лæдæргæй. Æма Хуцау æ надæй ке фæккеун кодта, уони ба ке бон æй æррæстæ надбæл исаразун. Уæхæнттæн æнхусгæнæг дæр нæййес.

30. Æма де ‘рух рахатæ Хуцауи арæзт раст динмæ, кæций алфён Е исфæлдиста адæни муггаг. Хуцауи фæлдесондæн æййевдзи кæнæн нæййес. Æма е раст дин æй, фал беретæ уой нæ зонуй!

31. Æма дæхе Уомæ хатгæй тæрсæ Æ азарæй, намаз кæнæ рæстæгбæл, æма Уомæ ковгæй æндæр хуцæуттæмæ мабал коваæ[6].
32. Æ дин сектитæбæл ка ниддехтæ кодта, кæми алке дæр си æхе хайиæй арази æй, уониау.
33. Адæнбæл фудонхæ ку бандзæвуй, уæд етæ исковунцæ сæ еунæхуцаумæ, сæ тæрегъæдтæбæл сæтгæй Имæ сæхе хатунцæ. Æ фарнæй син ку исахуадун кæнуй, уæдта, кæсай, сæ еу хай Ин æмбæлттæ агорунцё,
34. уомæй се ‘нæбоздзийнадæ æвдесгæй, Мах син ци хуæрзтæ фæцан, уонæбæл. Пайда си кæнтæ, уой фæсте ба ‘й базондзинайтæ!
35. Мийиаг син Мах барæ равардтан, цæмæй син æвдист æрцудайуонцæ, Хуцауæй фæстæмæ ма кæмæ ковгæй, уой тухххæй?
36. Æма мæнæ Нæ хуарзæнхи адæ ку бавзарун кæнæн адæнæн, уæд етæ цийнæ кæнунцæ. Сæ къохтæ син ци бакæнун кодтонцæ, уой тухххæй ба сæ фудонхæ ку бакайуй, уæдта истухсунцæ.
37. Гæр, етæ уой нæ фæууидтонцæ, æма Хуцау раурух кæнуй Æ хуарзæнхæ, кæмæн æй фæндуй, уомæн. Уастæн, уоми æвдесæн ес, ка æууæндуй, уонæн.
38. Дæ хæстæгутæн ци æмбæлуй, уой раттæ, уæдта мæгур æма надбæл ка ‘й, уонæн дæр багъæуаги. Е хуæздæр æй, Хуцауи фæууиндæмæ ка бæллуй, уонæн. Æма æрмæст етæ базондзæнæнцæ Æ хуарзæнхæ.
39. Æма еске харзæй ци æфтуййагæ райсетæ, е уин неци бафтаудзæнæй Хуцауи размæ. Фал битиræн ци læвард æй, Хуцауи фæууинуни фæндæй, е ба уин уодзæнæй дувæрæй хадт.
40. Хуцау Е æй, сумах ка исфæлдиста æма уин цигъæуагæ ка равардта, уæдта Уой фæндонæй рамæлдзинайтæ, уой фæсте ба уæ райгас кæндзæнæй нæуæгæй. Æма, мийиаг, уæ гумерити æхсæн, еци гъуддæгтæй уæддæр ести ка исараза, уæхæн ес? Табу Ин уæд! Сумах Ин æмбалæн ке имисетæ, Е уомæй бæрзонддæр æй.
41. Æнаккагдзийнадæ исирæзтæй зæнхæбæл дæр æма денгизи дæр, сæ къохтæ ци бакодтонцæ, уой тухххæй, цæмæй ци кодтонцæ, уомæй

исцумун киндæуа, æма цæмæй сæ бон уа сæ рæдудбæл басæтгæй сæхе Хуцаумæ бахатун.

42. Зæгъæ: “Æрзелайтæ зæнхæбæл æма æркæсайтæ, сумах размæ ка адтæй, уони кæрон цæбæл ниллух æй. Уогæ уонæн сæ фулдæретæ берæ хуцæуттæмæ ковгутæ адтæнцæ”.
43. Мадта де ‘рух раздахæ раст динмæ, цалдæн Хуцауи фæндон не ‘рцæуа зæнхæмæ, ци бонæн нæййес ёнё æрцæуæн, еци бон. Еци бон етæ фæддех уодзæнæнцæ.
44. Æнæууæнкитæ се ‘нæууæнкæй бафæлмæцдзæнæнцæ, хуарз гъуддæгтæ ка аразта, етæ ба – исаразтонцæ сæхуæдтæ сæхецæн,
45. цæмæй Æ фарнæй, ка æууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн бахата. Уастæн, гиаурти Е нæ уарзуй.
46. Е ‘вдесæнтæй – цийнаг хабархæссæгæй дунгитæ ке рарветуй, сумахæн Æ хуарзæнхæй исахуадун кæнунæн, æма цæмæй наутæ накæ кæнонцæ Уой фæндонæй, æма цæмæй Ин Æ хуæрзеугутæ агорайтæ, æма уæд, мусийнæ, уодзинайтæ боз!
47. Дæу размæ дæр Мах рарветианæ федогтæ адæнтæмæ. Етæ сæмæ æрцæуиуонцæ бæлвурд æвдесæнти хæццæ. Æма Мах бафхуардтан, тæрегъæддзийнæдтæ ка хаста, уони. Æма Не ‘хæс адтæй урнæг адæни багъæуай кæнун.
48. Хуцау Е æй, дунгитæ ка ‘рветуй. Етæ исесунцæ мегътæ, æма сæ Е нийдзæхсæн кæнуй арвбæл, куд Æй фæндуй, уотæ, æма сæ тæккуæлтæ фестун кæнуй. Æма уæд фæууинис, æ цъæсгитæй куд лæуаруй къæвда. Æма мæнæ Е ку рарветуй мегътæ, æ цагъартæй кæмæн Æй фæндуй, уонæмæ. Кæсай, куд цийнæ кæнунцæ!
49. Кæд æма, уарун сæбæл ку ‘рцудæй, уæд уой размæ тухст уавæри адтæнцæ.
50. Æма Еунæхуцауи хуарздзийнæдти фæдмæ æркæсай: Е куд æрцаруй зæнхæ æ мæлæти фæсте, æма Е æрцардзæнæй мард ци адæн æнцæ, уони дæр, уомæн æма Уомæн алли гъуддаг дæр Æ бон æй!

51. Фал син Мах дунгæ ку рарветæн, æма ‘й фæбборгондæй ку фæууинонцæ, уæддæр уой фæсте дæр етæ се ‘нæууæнки Махæй боз нæ уодзæнæнцæ.
52. Уомæн æма мæрдти ду игъосун некæд райдайун кæндзæнæ, уæдта къурутæ дæр, етæ дæмæ сæ фæссонтæ бавдесгæй ку рандæ унцæ, уæд дæ седт нё фегъоссёнёнцё.
53. Æма дæу бон дæр не суодзæнæй хъæрæути сæ рæдуддзийнадæй рахонун, æррæстæ надбæл сæ исивæргæй. Игъосун райдайун кæнун æрмæст уонæн исуодзæнæй, Хуцауи æвдесæнтæбæл ка æууæндуй æма Нæ фæндонбæл арази ка ‘й.
54. Хуцау е æй, æма сумах хомухæй[7] ка искодта, хомухдзийнади фæсте ба уин хъаурæ ка равардта, фал хъаури фæсте бабæй уин хомухдзийнадæ ка дæттуй æма уин уæ сæр ка уорс кæнуй. Е аразуй, ци ‘Й фæндуй, уой. Е зонагæ æма гъон æй!
55. И сахат ци бон ралæууа, еци бон тæрегъædгунтæ цæттæ уодзæнæнцæ расоми кæнунмæ, еу сахатæй фулдæр ке нæ фæцæнцæ. Уой бæрцæбæл цибæл уодзæнæнцæ.
56. Фал зонундзийнадæ æма æууæнкæ кæмæн адтæй лæваргонд, етæ ба син зæгъдзæнæнцæ: “Сумах уоми фæцайтæ Хуцауи дзурдæй исæндедзæн бонмæ. Æма мæнæ ‘й, исæндедзæн бон, фал сумах уой нæ зудтайтæ”.
57. Æма æнаккаг гиауртæн нæбал фæййагъаз уодзæнæнцæ еци бон сæ хатир корундзийнадæ æма син нæбал æрцæудзæнæй тæрегъædгонд.
58. Хъурани Мах æрхастан адæнæн аллихузон дæнцæнтæ. Фал сæмæ ку ‘рбацæуай æвдесæни хæццæ, уæдта, ка не ‘ууæндтæй, етæ, æнæмæнгæ, зæгъдзæнæнцæ: “Е неци ‘й!”
59. Уотæ, сагъæс кæнунгъон ка нæй, уони зæрдитæбæл Хуцау исиваруй мухур.
60. Æма бухсæ, Хуцауи байвæрзт æцæг æй, æма зонундзийнадæ кæмæ нæййес, етæ дæ рæузундбæл ма нимайæнтæ![8]

31-аг сураæ

Лухъман[1]

(Лухъман)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. *Алеф. Лам. Мим.*
2. Атё фастихадзи киунуги æвдесæнтæ ‘нцæ,
3. куд разамунд æма хуарзæнхæ, хуарздзийнæдтæ кадæр аразуй,
4. рæстæгбæл намаз ка кæнуй æма битир ка дæттуй, федæни цардбæл бауӕндгæй, уонæн.
5. Етæ Хуцауи надбæл æррæстæ цæунцæ, æма æрмæст етæ базондзæнæнцæ Хуцауи фарнæ.
6. Фал адæни ‘хсæн уæхæн[2] дæр ес, æма ‘ймæ зонундзийнадæй неци уогæй, æнæбундор æримист дзубандитæ ælхæнуй[3], цæмæй уонæй Хуцауи надæй рафесинмæ кæна, æма сæ[4] гъазæнгъолæ фестун кæнуй. Ægадæ æма æбуалгъ æфхуæрд уодзæнæнцæ етæ.
7. Не ‘вдесæнтæ ин аргъуд ку фæццæунцæ, уæдта уæлбекъонæй æхе рахатуй, цума сæ игъосгæ дæр нæ фæккæнуй, цума æ гъостæ къурудзийнадæй æхгæд фæуунцæ, уотæ. Æма ин фегъосун кæнæ карз бафхуæрди тухxæй!
8. Ка бауӕндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн ба – фæрнгун рæзбунтæ,
9. æма уоми уодзæнæнцæ æности дæр Хуцауи байвæрзтæй. Е тухгин æма сем æй!
10. Е ænæ гъæнгитæй исаразта арв, зæнхæмæ æргæлста федар лæууæг хонхи къæдзæхтæ, цæмæй е уæ хæццæ ма ‘нкъуса, æма уоми нийдзæхсæн кодта аллихузи цæрæгойтæ. Арвæй Мах æркæнæн уарунтæ æма си исирæзун кæнæн аллихузон уездон æнкъæйттæ.
11. Æма етæ Хуцауи фæлдесонд æнцæ. Æма Мин, уæд, бавдесайтæ,

Хуцауæй æндæр ма иннетæ ци сфæлдистонцæ, уой. Уастæн, æнаккæгтæ устур рæдуди амæттаг æнцæ!

12. Никки раздæр ба Мах балæвар кодтан Лухъманæн семдзийнадæ: “Хуцауæй боз уо! Арфæ ка кæнуй, етæ сæхецæн арфæ кæнунцæ, фал æнæбоз ка ‘й, е ба… Уастæн, Хуцау гъæздуг æма намусгин æй!”
13. Æма мæнæ Лухъман, æ фурти кайгæй, загъта: “Мæ бæдолæ! Хуцауæн æмбæлттæ макæд дæттæ, уомæн æма берæ хуцæуттæмæ ковун устур рæдуд æма фуддзийнадæ ‘й”.
14. Адæймагæн Мах бафæдзахастан æ ниййергути. Мадæ ‘й хæссуй æ губуни, тухстдзийнадæй тухсгæй, æма ‘й æ реуæй дууæ анзей æндæргъцæ нæ рафтауй. Мæнæй боз уо æма дæ ниййергутæн кадæ кæнæ: дæ раздæхт Мæнмæ уодзæнæй фæстæмæ.
15. Фал ди етæ Мæнæн æмбæлттæ дæттун ку дæмонцæ, цæй туххӑй дин неци зундгонд уа, уæд сæ коммæ ма бакæсæ, фал сæ хуарз гъуддæгти ба си арази уо æма Мæнмæ æхе ка раздахта, уони хæццæ цо, уомæн æма фæстæмæ Мæнмæ раздæхдзинайтæ, æма уин уæд Æз фегъосун кæндзæнæн, ци кодтайтæ, уой медес.
16. “Уо мæ биццеу! Бæлтæрнай нæмуги асæести ку банимæхса къæдзæхи дæр, уæлæрвти дæр æма зæнхи дæр, уæддæр æй Хуцау ракæндзæнæй. Уастæн, Хуцау сем æма зонæнгин æй!
17. Уо мæ биццеу! Рæстæгбæл намаз кæнæ, адæни хонæ хуарз гъуддæгтæмæ, хезæ сæ фудракондæй æма уалгæдзонæй райсæ, цидæриддæр зиндзийнæдтæ баййафай, уони. Уоми ‘й дæ гъуддæгти федардзийнадæ.
18. Адæнбæл дæ билæ ма къуæрæ æма зæнхæбæл хецмæрæй ма хæтæ. Уастæн, Хуцау цийфæнди хецмæрти дæр æма æппæлойти дæр нæ уарзуй!
19. Æма дæ къахдзæф барæ æма дæ уахъæр фæннидæн кæнæ: уомæн æма тæккæ илгъагдæр уахъæр – æнæмæнгæ, хæргути уахъæр æй”.
20. Гæр, нæ фæууидтайтæ, Хуцау уин уæ бæрни ке бакодта, арвбæл дæр

æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, уони, æма уæбæл ке æркодта Æ хуарзæнхæ асæги дæр æма сосæй дæр? Фал уе ‘хсæн уæддæр ес уæхæнттæ, кæцитæ уæ Еунæхуцауи туххæй загъд исаразунцæ неци зонгæй, æнæ разамундæй æма æнæ рохситауæг киунугæй.

21. Уотæ син ку загъдæ уй: “Хуцау уин ци æрæрвиста, уой фæдбæл цотæ!” Уæд етæ дзуапп раттунцæ: “На-а! Мах, нæ фиддæлтæмæ ци дин æрæййафтан, уой фæдбæл цæудзинан”. Ædта сё нур Ибилис зиндони æфхуæрдæмæ кёд хонуй, уёдта?
22. Е ‘рух Хуцаумæ ка раздахта æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, е, уастæн, æнæмæнгæ æнцойнæ иссирдта, уомæн æма æрмæст Хуцаумæ ‘й алли гъуддаги фæуундзийнадæ дæр.
23. Æма дæ, ка нæ бауувæндтæй, уой æнæууæнкæдзийнадæ ма тухсун кæнæд, уомæн æма уонæн се ‘рбаздæхт Махмæ уодзæнæй, æма син уæд Мах фегъосун кæндзинан сæ ракиндæ. Уастæн, уонæн сæ реути ци ес, уой Хуцау зонуй!
24. Уонæн Мах ратдзинан цардæй сæхе райерхæфсунæн минкъий рæстæг, уой фæсте ба сæ Мах фæккæндзинан арти гъезæмарёдзийнади амæттаг.
25. Нур сæ уотæ ку бафæрсай: “Уæлæрвтæ æма зæнхæ ка сфæлдиста?”, уæдта етæ, æнæмæнгæ, зæгъдзæнæнцæ: “Хуцау”. Зæгъæ: “Хуцауæн табу!” Фал сæ фулдæретæ уой нæ зонунцæ.
26. Зæнхæбæл дæр æма уæлæрвти дæр цидæриддæр ес, етæ Хуцауи æнцæ. Уастæн, Хуцау цифæнди гъæуагæдзийнадæй дæр сæребарæ ‘й, æма намусгин æй.
27. Æма зæнхæбæл цидæриддæр бæлæстæ ес, етæ æгасæйдæр сестæ ку фестадайуонцæ, денгизбæл ба ма еу уæхæн авд денгизи ку бафтудайтæ, уæд уойбæрцæ чернилæ ку фестадайдæ, уæддæр Хуцауи дзурдтæ не сфедудтайуонцæ. Уастæн, Хуцау тухгин æма зундгин æй!
28. Уомæн сумах исфæлдесун æма райгас кæнун уотæ æнцон æй, куд æнцон Ин æй еу уод искæнун. Уастæн, Хуцау алцидæр уинуй æма игъосуй!

29. Гæр ду уой нæ уинис, Хуцау æхсæвæ бонмæ куд рахезун кæнуй, бон ба – æхсæвæмæ, æма Е Æ бæрни ке бакодта хор æма мæйи цуд, æма си уонæй алке дæр æ над æхе байдауæнмæ ке даруй, Е син ци рæстæгмæ исæнгъуд кодта, уæди уæнгæ, уæдта Уомæн алцидæр, сумах цидæриддæр аразетæ, е зундгонд ке æй?
30. Е уой туххæй уотæ ‘й, æма æцæгдзийнадæ æрмæст Хуцау æй. Уомæй фæстæмæ ма кæмæн цитæ кæнетæ, етæ ба мæнгæ æнцæ, уомæн æма æрмæст Хуцау æй уотæ бæрзонд æма æнæбæрцæ кадгин!
31. Ædта нур ду уой нæ фæууидтай, æма науæ денгизи Хуцауи фæндæй ке накæ кæнуй, цæмæй уин Е ‘вдесæнтæ бавдеса? Уастæн, уомæн цийфæнди уалгæдзонæн æма боз адæймагæн дæр æвдесæн ес уоми!
32. Æма сæ улæн ку бамбæрзуй хæдæтепхау, уæд Хуцаумæ райдайунцæ ковун, сæ дин Æ размæ кæдзосгæнгæй. Сор зæнхæмæ сæ ку фæййервæзун кæнуй, уæдта се ‘хсæн алкæддæр разиннуй уæхæн, ка нæ фегæр кæнуй[5]. Фал Не ‘вдесæнтæ æрмæст гадзирахат æма гиаур еппард кæнуй!
33. Уо адæни муггаг! Нæ еунæхуцауи мастæй тæрсетæ æма, фидæ – фуртæн, фурт ба – фидæн ци бон фæййангъос кæнун не суа, еци бонæй. Уастæн, Хуцауи æрцарæн бунат æцæг æй. Æма уæ хæстæг цард ма цибæл кæнæд, æма уæ Хуцауи туххæй цибæлгæнæг[6] ма цибæл кæнæд.
34. И сахати ралæуди зонундзийнадæ æрмæст Хуцаумæ ‘й. Æрмæст Е уин æркæнуй уарунтæ арвæй. Æрмæст уомæн зундгонд æй губунти ци ес, уони. Æма еунæг уод дæр нæ зонуй, исон ибæл ци ‘рцæудзæнæй, уæдта циуавæр зæнхæбæл рамæлдзæнæй. Уастæн, Хуцау зонæнгин æма зонагæ ‘й!

32-аг сурæ

Зæнхон æркувд[1]

(ас-Саджда)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй!

1. *Алеф. Лам. Мим.*
2. Уастæн, аци киунуги æргомæггаг дуйнети Еунæхуцауæй ке æй, е дузæрдуггаг нæй.
3. Кенæ етæ зæгъдзæнæнцæ: “Е[2] æй имисгæ æркодта!” Нæ, е дæ Еунæхуцауæй æрцæуæг æцæгдзийнадæ ‘й, цæмæй уомæй адæнæн игъосун кæнай, кæцитæмæ дæ размæ некæд ма ‘рцудæй разамонæг, цæмæй æррæстæ надбæл бафтуйун сæ бон исуа.
4. Хуцау е æй, æма уæлæрвтæ æма зæнхæ, уæдта уонæн сæ астæу цидæриддæр ес, уони ка исфæлдиста æхсæз боней æндæргъци, æма уой фæсте ба трони ка æрфедар æй. Уомæй фæстæмæ уин æндæр багъæуайгænæг æма сæрбæлдзорæг нæййес. Уæ зæрдæбæл цæмæннæ æрлæуун кæнетæ?
5. Е *Æ* фæндондзийнадæ æрæрветуй арвæй зæнхæмæ, уой фæсте ба Имæ е иссæуй фæстæмæ, мин анземæй нимад ка цæуй сумах нимæдзæй, уæхæн кæцидæр бон.
6. Уæхæн æй Е – алцизонæг: сумахæн сосгонд уа æви æргомгонд. Е тухгин æма уодибæстгун æй,
7. кæци алли дзаумау дæр исфæлдиста æнаййеппæй, æма райдæдта адæймаги фæлдесун сигитæй,
8. уой фæсте ба ин æ цæуæт искодта илгъаг дони æртæхæй,
9. уой фæсте ба ‘й исраст кодта æма имæ *Æ* уодæй бауагъта æма ин исаразта гъос, уинæнтæ æма зæрдæ. Куд минкъий боз айтæ уæддæр!
10. Æма етæ дзорунцæ: “Нур зæнхи хурфи ку фесæфæн, уæд ма нæуæгæй æрцæудзинан арæзт?” Гъо, етæ сæ Еунæхуцауи хæццæ фембæлдæбæл не ‘ууæндунцæ.
11. Зæгъæ син: “Сумах ке бæрни конд айтæ, еци Уодесæг уин уæ фæсмæрдæ уæ уод байуазæг кæндзæнæй, уæдта уæ еунæхуцаумæ раздæхдзинайтæ”.

12. Æма нур дæ бон уой фæууинун ку адтайдæ, сæ Еунæхуцауи рази фудгинтæ куд æркъолæ кæндзæнæнцæ сæ сæртæ: “Нæ Еунæхуцау! Уой фæууидтан æма фегъустан. Æма нæ раздахæ фæстæмæ, цæмæй хуарздзийнæдтæ исаразæн. Нур Де ‘цæгдзийнадæ ни баруагæс æй!”
13. Æма Нæ нур ку бафæндадтайдæ, уæд алли уод дæр æррæстæ надбæл худтаййанæ, фал Мæн дзурдæн раййевæн нæййес: “Зиндонæ Æз байдзаг кæндзæнæн адæнæй æма дзинтæй еумæ!
14. Æма аци бони хæццæ фембæлди туххæй ке феронх айтæ, уой туххæй исахуадетæ! Нур ба уæ Мах байронх уодзинан. Æма уе ‘гас гъуддæгти туххæй æносон æфхуæрдæ исахуадетæ!”
15. Не ‘вдесæнтæбæл æрмæст етæ æууæндунцæ, уони æримисгæй ка æрковуй дæлгоммæ æрхаугæй, æма Хуцауæн табутæ кæнуй, æхе уæлиау æма хецмæр нæ кæнгæй.
16. Етæ сæ хуссæнтæ ниууадзунцæ æма сæ Хуцаумæ ковунцæ Æ тасæй, уæдта æнгъæлцæй, æма син Мах ци равардтан, уомæй битир дæттунцæ.
17. Æма си еунæг уод дæр нæ зонуй, сæ цæстæнгасæй фæсвæд ци фарнæ нимæхст æй, сæ хуарз гъуддæгти туххæй лæваræн, уой.
18. Æма нур, ædта, ка баууæндтæй, уой, тæрегъædтæ аразæги хæццæ рабараен ес? Нæ, етæ æгириддæр нæ ‘нцæ æнхузæн!
19. Ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн сæ цæрæнуат дзенети рæзбунтæ уодзæнæнцæ, куд æносон цæрæн бунат сæ хуарз гъуддæгти туххæй.
20. Æнаккаг ка адтæй, уони æрæнцойнæ кæнæн бунат ба арт уодзæнæй, æма сæ уордæги рацæун, цит, ку бафæндæ уа, уæд сæ аллихатт дæр фæстæмæ раздагъдæ уодзæнæй æма син загъдæ уодзæнæй: “Мæнгæ ци арт нимадтайтæ, уомæй нур ба исахуадетæ!”
21. Æма син Мах хæстæг царди æфхуæрдæй исахуадун кæндзинан, устур бафхæурди агъонмæ, цæмæй (сæ миутæбæл) басæттун гъон исуонцæ æма Нæмæ раздæхонцæ.
22. Æма, æ Еунæхуцауи æвдесæнтæ кæмæн æфтаунцæ æ зæрдæбæл, фал

уотемæй ба ма æхе ка рахатуй, уомæй ænаккагдæр ма ес? Уастæн, тæрегъædгунти Мах ænхæстæй дæр бакайдзинан!

23. Раздæр Мах равардтан киунугæ Мусайæн æма уой[3] хæццæ фембæлунбæл гурусхаг ма уо, æма ‘й[4] Езрай фурттæн бафædзахстан фændагамонæгæй.
24. Æма сæ нимædзæй искодтан имамтæ, кæцитæ Нæ фændонмæ гæсгæ амонунцæ фændаг, цалдæн сæ зæрдити федар уалгædзондзийнадæ ес, цалдæн Еунæхуцауи ævдесæнтæбæл федараей æууæндунцæ, уалдæн.
25. Исæндедзæн бон ба дæ Еунæхуцау, уастæн, етæ цæбæл загъд кодтонцæ, уомæн истæрхон кæндзæнæй.
26. Гæр уонæн зундæн нæ фæббæзтæй, Мах цæйбæрцæ фæлтæртæ бабун кодтан, ке цæрæнуæттæбæл хæтунцæ етæ нур дæр ма? Уоми, уастæн, уонæн ævдесæн ес, æма, гæр, нур е уонæмæ нæ багъардзæнæй?
27. Гæр уой нæ уинунцæ, Мах сугъд зæнхæбæл куд калæн уарунтæ æма уомæй исирæзун кæнæн хумтæ æма угæрдæнтæ, æма етæ ба уонæй хуæрунцæ, уædта хуæрунцæ си сæ фонс. Гæр, етæ уой нæ уинунцæ?
28. Æма етæ дзорунцæ: “Кæд сумах раст дзоретæ, уæд еци гъуддаг кæд лухгонд æрцæудзæнæй?”
29. Зæгъæ: “Лухгонд ци бон æрцæуа, еци бон гиауртæн нæ фæййагъаз уодзæнæй сæ дин, æма син æнгъудгонд дæр нæбал æрцæудзæнæй”.
30. Æма си дæхе рахатæ æма æнгъæлмæ кæсæ; етæ дæр æнгъæлмæ куд кæсунцæ, уотё!

33-аг сураæ

Цædесæмбæлттæ

(аль-Ахзаб)[1]

Хатиргæнагædæр æма тæрегъædгæнагædæр Хуцауи номæй!

1. Уо пахампар, Хуцауæй тæрсæ æма гиаурти æма цоронти коммæ ма

кæсæ; уастæн, Хуцау зонæнгин æма сем æй!

2. Хуцауæй загъд дин ци ‘й, уой фæдбæл цо æргомæй; уастæн, сумах ци косетæ, уой Хуцау зонуй!
3. Æма дæ зæрдæ дарæ æрмæст дæ Хуцаубæл, - ауодæгæн æрмæст Е дæр фагæ ‘й!
4. Хуцау еу реуи дууæ зæрди нæ байвардта, æма уæ уостити, кæцити хонетæ уæ маддæлти фæссонтæ, не скодта уæ маддæлтæй, æма уæ кæнгæ биццеути уæ фурттæй не скодта. Е æрмæст уæхе цъухæй райгъусгæ дзурд æй, Хуцау ба раст дзоруй, æма Е раст надбæл хонуй.
5. Сæ фиддæлти нæмттæ син^2 дæттетæ, е Хуцауи размæ растдæр æй. Сæ фиддæлти син ку нæ зонайтæ, уæдта сæ хонетæ уæ дини медæгæ æнсувæртæ æме хецонтæ. Уоми (ном хунди) ку фæррæдуйайтæ, уæд уæбæл тæрегъæдæй неци уодзæнæй. Тæрегъæд уæбæл уодзæнæй, æрмæст уæ зæрдæ ци киндуйнаг æй, уой тухxæй. Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!
6. Пахампар урнæг адæнмæ сæ бийнонти хецондзийнадæй хæстæгдæр æй, уомæн æ уоститæ ба – уонæн сæ маддæлтæ ‘нцæ. Фал Хуцауи киунугæмæ гæсгæ тогæй хæстæгутæ еуетæ кæрæдземæн хецондæр æнцæ, урнæг адæн æма мухадзирти æхсæн ци хæстæгдзийнадæ фæззиндтæй, уомæй. Æрмæстдæр, уе ‘рдхуæрдтæн хуарздзийнадæ ку фæййаразетæ, уæдæй фæстæмæ. Е киунуги финст æй.
7. Æма пахампартæй Мах райстан дзурд: дæуæй дæр, Нохæй дæр, Ибрæгимæй дæр, Мусайæй дæр, Исайæй – Майрай фуртæй дæр, – æма си райстан карз дзурд,
8. цæмæй Уой бон æрфæрсун уа æновуд адæни се ‘новуддзийнадæбæл. Гиауртæн ба Е карз æфхуæрдæ бацæттæ кодта.
9. Уо, ка бауувæндтæй, етæ! Еунæхуцауи уодибæстæдзийнадæ уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнайтæ, гиаурти æфсæдтæ уæбæл ку никкалдæнцæ, æма уæмæ Мах ба сæ нихмæ зелгæдунгæ, уæдта адæни цæсти нæзиннæг æфсад^3 ку рарвистан. Æма сумах ци косетæ, уой

Хуцау ку уинуй.

10. Мænæ уæмæ знаг æрбацудæй сæрти дæр æма бунти дæр, æма мænæ уæ цæстæнгас исунгæг æй, æма уæдтæ исхъурмæ ‘нцæ, Хуцауи тухxæй аллихузи гъудитæ уæ сæрти фæззиндтæй.
11. Уæхæн фæлварæн бавзурстонцæ, ка бауyæндтæй, етæ. Етæ устур унгæгдзийнадæй унгæггонд æрцудæнцæ.
12. Æма сæ зæрдити аййепдзийнадæ кæмæн ес, еци цоронтæ дзурдтонцæ: “Хуцау æма нин Æ пахампар ци иваерзтæнцæ, е мæнгæттæй æндæр неци ‘й!”
13. Æма кæсайтæ, се ‘хсæн уæхæнттæ дæр адтæй, уотæ ка дзурдта: “Йасриби[4] цæргутæ! Нæ бауорамдзинайтæ æзнаги æма уæ хæдзæрттæмæ раздæхетæ!” Иннетæ ба пахампараей курдтонцæ, уотæ дзоргæй: “Нæ хæдзæрттæ æнæ гъæуайгæсæй байзадæнцæ, игонгæрцæй!” Фал етæ æнæ гъæуайгæнæгæй нæ байзадæнцæ, фал уони æрмæст ледзун фæндадтæй.
14. Æма сæмæ[5] нур алли ‘рдигæйти сæ горæтмæ æзнаг ку бацудайдæ, æма сæ исæзмæнтунмæ[6] ку разæнгард кодтайдæ, уæд исарази адтайуонцæ, фал уоми етæ минкъий рæстæгмæ фæллæудтайуонцæ.
15. Æма раздæр ба етæ Хуцауи хæццæ бадзурд исаразтонцæ, сæ фæссонтæ бавдесгæй етæ ке нæ ледздзæнæнцæ, уой тухxæй. Æма сæ Хуцауи хæццæ бадзурдбæл ба дзуапп дæттун гъæудзæнæй.
16. Зæгъæ: “Кæд мælæтæй кенæ фæццагъди унæй ледзетæ, уæд уин уæ фæллигъдæ нæ фæййагъаз уодзæнæй, уомæн æма уой фæсте уин цардæн дæр цубур рæстæг байзайдзæнæй!”
17. Зæгъæ: “Хуцауæй уæ ка багъæуай кæндзæнæй, Е уин фидбилиз ку исаккаг кæна кенæ Æ уæмæ уодибæстædзийнадæ ку равдеса, уæд?” Хуцауæй фæстæмæ етæ æндæр æнхусгæнæг не ‘ссердзæнæнцæ. Æндæр армадарæг уонæн нæййес!
18. Хуцауæн, уастæн, зунд æнцæ, сумах фуддзийнадæй ка хезуй æма е ‘нсувæртæн уотæ ка дзоруй: “Махмæ рацотæ!”, фал знаги нихмæ ба

бæгъатæрдзийнадæ нæ равдесуй,

19. сумах туххæй байгетгæй. Тасдзийнадæ сæмæ ку ‘рбацæуй, уæдта уинис, етæ дæмæ куд кæсунцæ, мæлæти тасæй ка бауаддзуг уй, уониау сæ цæститæ зелунцæ. Тасдзийнадæ сæбæл ку райевгъуйуй, уæдта сæ циргъ æвзæгутæ ди ниссадзунцæ, хаймæ æнгъæлмæ кæсгæй. Уонæмæ æууæнкæ нæййес, æма сæ гъуддæгтæ дæр дзæгъæли ‘нцæ Хуцауи фæндæй. Е, уастæн, Уомæн æнцон æй!
20. Етæ уотæ æнгъæлунцæ æма цæдесæмбæлттæ берæ рæстæгмæ нæ рандæ ‘нцæ, æма етæ нæуæгæй ку фæззиннонцæ, уæд уони фæндадтайдæ бедуинти хæццæ мерæдзойтæ фестун, æма, æрмæст уоми уогæй, сумах хабæрттæбæл фæрститæ кодтайдæ. Уе ‘хсæн ку байзадайуонцæ, уæдта тугъди æновуддзийнадæ нæ равдистайуонцæ.
21. Хуцаубæл æма фæстаг бонбæл ка æууæндуй, уæдта Хуцауи ном арæх ка еруй, уонæн Хуцауи минæвари хуарз дæнцæн ес.
22. Ка баууæндтæй, етæ сæ цæдесæмбæлтти ку фæууидтонцæ, уæд загътонцæ: “Е æй, Хуцау æма Æ минæвар нин ци байвæрзтонцæ, е. Ædæуагæ ‘й Хуцау, æма раст дзоруй Æ минæвар!” Æма син еци гъуддаг се ‘ууæнкædзийнадæ æма уесундзийнадæ фæффулдæр кодта.
23. Урнæг адæни æхсæн ес уæхæнттæ, кæцитæ, Хуцауи хæццæ ци бадзурд исаразтонцæ, уой æнхæст кæнунбæл ædæуццаг æнцæ. Фал се ‘хсæн ес уæхæнттæ дæр, кæцитæ сæ кæронмæ бахъæрттæнцæ, уæдта уæхæнттæ дæр, æнгъæлмæ ка кæсуй, не ‘сæййевдзи уогæй,
24. цæмæй æновуд ка ‘й, уонæн се ‘новуддзийнадæ Хуцау бахата, æма цоронти ба бафхуæра, кенæ ба сæмæ Æ уодибæстædзийнадæ равдеса, ку Æй бафæндæ уа, уæд. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъædгæнагæ ‘й!
25. Ка не ‘ууæндтæй, уони Хуцау фæстæмæ раздахта сæ масти хæццæ, æма сæмæ хай дæр не ‘рхаудтæй. Тугъди тонхи ædæуццаг ка разиндтæй, уонæн ба Хуцау фагæ ‘й, уомæн æма Е тухгин, гъон æма намусгин æй!
26. Æма Е федæрттæй рацæун кодта, Финстæги адæнæй уонæн ка ангъос

кодта, уони, æма син сæ зæрдити тас бауагъта. Сумах уонæн сæ еу хай ниццагътайтæ, иннæ хай ба уацари райстайтæ.

27. Æма уин бундаræн Е равардта сæ зæнхæ, сæ хæдзæрттæ æма сæ цииййес, уæдта нури уæнгæ уæ къах кæми нæма нифсардæй, еци бунæттæ. Хуцау алли гъуддаги дæр тухгин æй!
28. Уо пахампар! Дæ уоститæн зæгъæ: "Хæстæг царди æнцойдзийнадæ æма рæсугъддзийнадæ кæд агоретæ, уæд рацотæ: æз уин сæ ратдзæнæн æма уæ уæдта рæсугъдбæл рауаддзæнæн.
29. Фал кæд Хуцауи хуарзæнхæ агоретæ, кёд уæ Æ минæвари уосæ ун фæндуй, уæдта фæстаг цæрæнуат, уæд, уастæн, Хуцау уин устур хуæрзеуæг æрцæттæ кодта, хуæрзауодæг уи ка 'й, уонæн лæваræн.
30. Пахампари уоститæ! Бæрæг илгъагдзийнадæ уи еске ку исараза, уæд уомæн æ бафхуæрдæ дууæ хатти тухгиндæр уодзæнæй, уомæн æма е Хуцауæн æнцон æй!
31. Хуцауи æма Æ минæвари коммæгæс ка уа, æма хуарз гъуддæгтæ ка араза, уонæн ба сæ хуарздзийнадæ бахатдзинан дувæлтæрæй æма ин æрцæттæ кæндзинан ездон бунат.
32. Пахампари уоститæ! Сумах иннæ уостити хузæн нæ айтæ. Хуцауæй кæд тæрсетæ, уæд фæлмæн цъух ма уотæ, цæмæй ескæци лæги зæрди цибæлдзийнадæ ма исæвзурун кæнайтæ. Æгъдаубæл дзубанди кæнетæ.
33. Уæ хæдзæртти бадетæ æма рæстæгути[7] фæлунстæй уæхе ма стауетæ, ку неци ма зудтайтæ, еци рæстæгути хузæн. Фæткæбæл намаз аразетæ, æма битир дæттетæ. Хуцау æма Æ минæвари коммæгæс уотæ, уомæн æма Уой фæндуй сумахæй æрмæст илгъагдзийнадæ райеуварс кæнун, æ бийнонти хæдзараæ æма уе 'гасей дæр искæдзос кæнун.
34. Æма Е 'вдесæнтæй æма Æ семдзийнадæй уин уæ хæдзæртти ци аргъуд цæуй, уони уæ зæрдæбæл лæуун кæнетæ. Уастæн, Хуцау хуæрзауодæг æма зонæнгин æй!
35. Уастæн, пусулмæнттæн, урнæг силгоймæгтæн æма нæлгоймæгтæн, Хуцаубæл сæхе бафæдзæхсæг, хуæрзуод уоститæн æма лæгтæн, сæ дини

медæгæ уалгæдзонтæн, битир дæтгутæн, уораза дарæг силгоймæгтæ æма нæлгоймæгтæн, се ‘фсарæ гъæуайгæнгутæн æма алли усми дæр Хуцауи сæ зæрдæбæл даргутæн, - Хуцау се ‘гасемæн дæр æрцæттæ кодта хатиргонддзийнадæ æма устур хуæрзеуæг.

36. Хуцауæй æма Æ минæварæй арæзт ци гъуддаг лухгонд æрцудæй, уобæл хе унаффæ хæссун нæ фæткæуй урнæг уоститæ æма лæгтæн, уомæн æма Хуцауи æма Æ минæвари коммæ ка нæ кæсуй, е устур рæдуддзийнадæ уадзуй.

37. Хуцау æма ду ке æрцардтайтæ[8], уомæн куд дзурдтай: “Дæ уоси дæ разæй макумæ уадзæ æма Хуцауæй тæрсæ!” Фал ду уæд дæ зæрди баримахстай, Хуцау ци раргом кодтайдæ (уайтæкки), уой, уомæн æма уæд адæнæй тарстæ, кæд æма дæ Уомæй тæрсун гъæуй. Æма æгъдау куд зæгъуй, уой фæдбæл Зейд æ фæндондзийнадæмæ гæсгæ ку исуæгъдæ кодта æ уоси, уæд æй Мах дæуæн равардтан, цæмæй урнæг адæнæн сæ кæнгæ фуртти уагъд уоститæ хонуни ходуйнагæй маци уа, етæ ‘й æгъдаубæл ку рауадзонцæ, уæд. Уастæн, Хуцауи фæндæ уайтæкки дæр исæнхæст уодзæнæй!

38. Пахампарбæл дæр тæрегъæдæй неци ес, Хуцау ин ци саккаг кодта Æхе æгъдаумæ гæсгæ, раздæр ка ‘рцæуидæ, уони хæццæ рабаргæй. Хуцауи алли фæндæ дæр раги федаргонд æрцæуй,

39. Е ‘рвистæг ин ка федеуй æма Хуцауи зæрдихудтæй ка тæрсуй, уонæн. Æрмæст Уой размæ тасдзийнадæ æвзаргæ ‘й. Нимайæгæн Хуцау фагæ ‘й.

40. Æма уе ‘хсæн еунæг нæлгоймаги фидæ дæр нæ адтæй Мæхæмæт. Е æрмæст Хуцауи минæвар æма пахампарти мухур æй. Хуцау алли гъуддаг дæр зонагæ ‘й!

41. Уо, ка æууæндуй, етæ! Арæх коветæ Хуцауæн табугæнгæй

42. æма Ин Æ ном еретæ сæумæ дæр æма изæрæй дæр.

43. Е æй, сумах ка рæстмæ кæнуй, æма Ин еци гъуддаги ба изæдтæ фæрсаг кёмён кæнунцæ, цæмæй уæ Е тараей рохсмæ ракæна. Е урнæг адæнæн

хатиргænагæ æй!

44. Уой ци бон фæууинонцæ, еци бон уонæн сæ салан-келан уодзænæй: “Салам!” Æма син Е æрцæттæ кæндзænæй устур хуæрзеуæг.
45. Уо пахампар! Мах дæ, уастæн, ævдесænæй, уазфедеуæгæй æма фегъосунгænæгæй рарвистан,
46. Æ фæндæй Хуцаумæ хонæгæй, уæдта рохс калæг цирагъæй!
47. Æма æууæндгутæн цийнаг хабар фегъосун кænæ: уони устур лæвæрттæ хезуй сæ Хуцаумæ.
48. Цоронтæмæ дæр æма гиауртæмæ дæр ма игъосæ, сæ зæрдихудтæ син дæ зæрдæмæ хæстæг ма есæ, фал дæ зæрдæ дæ Хуцаубæл дарæ! Армадарæгæн Е фагæ ‘й.
49. Уо, ка æууæндуй, етæ! Урнæг силгоймаг ку ‘рхонетæ æма, нæма сæбæл бандзævгæй, рауадзунвæндæ ку скænайтæ, уæд уæ фæткæбæл рæстæг нимайун нæ гъæуй. Лæвæрттæ син искænетæ æма сæ рæсугъдæй рауадзетæ.
50. Уо пахампар! Мах дин исаккаг кодтан уоститæн, лæвæрттæ кæмæн искодтай, æма дæ цæстæ кæбæл æривардтай уацайрæгтæй, Хуцау дин и тонаутæй ци балævар кодта, уонæй, уæдта дæ фиди хуæрти æма ænсувæрти кизгутти, уæдта дæ мади хуæрти æма ænсувæрти кизгуттæ, кæцитæ дæ хæццæ рагоц кодтонцæ, уæдта ка бауууæндтæй, еци силгоймаги, кæци арази æй æхе еугурæйдæр пахампарæн раттун. Фал е æрмæст дæуæн (Мæхæмæт), æма аннæ урнæг адæнæн ба нæ фæткæуй е. Мах зонæн, уонæн Мах ци бауосиат кодтан сæ уостити æма хъумайæгти тухxæй, уой, цæмæй уобæл ма тухсай æма дæбæл тæрегъæдæй маци уа. Хуцау, уастæн, хатиргænагæ æма тæрегъæдгænагæ ‘й!
51. Дæ уоститæй ескæцимæ де ‘хсæйвон бацуд дæ бон æй дæхе фæндонмæ гæсгæ фæффæстиат кænун æма ændæрей æрбахонун, кенæ уой размæ ке не ‘рбакодтай, уой æрбахонун, - æма дæбæл уоми тæрегъæдæй неци уодзænæй. Уотемæй сæ цæститæ сатæгдæр кændзænæнцæ, æма ма ‘нкъард кænæнтæ етæ, ци син кænис, уомæй арази уогæй, уомæн æма

Хуцау зонуй, уæ зæрдити ци ес, уой. Уастæн, Хуцау зонагæ æма рæмон æй!

52. Фал амæй фæстæмæ дин æндæр уоститæ есун нæбал æнгъезуй, кенæ ани – æндæретæбæл æййевун, сæ рæсугъддзийнади уацари ку бахауай, уæддæр, æрмæст ци уацайрæгтæ дæ къохи бафтуйа, уонæй фæстæмæ. Хуцау алли гъуддаги дæр гæс æй!

53. Уо, ка бауæндтæй, етæ! Пахампари хæдзæрттæмæ ма бахезетæ, цалдæн уин барæ нæ радтонцæ исахуадунмæ æрбацæун[9]. Фал уæддæр, цæмæй уæ хезун ма гъæуа, уой туххæй рагиау ма цотæ. Ку уæмæ фæдздзоронцæ, уæд бацотæ, уæхе бафсадгæй ба рахæлеу уотæ, дзубандитæбæл ма исхуæцгæй. Сумах æрдигæй е пахампари истухсун кæнуй, фал е уи æфсæрми кæнуй, Хуцау ба æцæгдзийнадæй не ‘фсæрми кæнуй. Ести дзаумау си[10] ку корайтæ, уæдта си коретæ ести æмбæрзæни фæстети. Е сумах зæрдитæн дæр æма уони зæрдитæн дæр кæдзосдæр уодзæнæй. Хуцауи минæвари уин тухсун кæнун, уæдта æй æфхуæрун дæр æма ин ести зæран æрхæссун дæр не ‘мбæлуй. Æма æ фæсмæрдæ дæр ин æ уоститæ уæхецæн уосæн есун не ‘мбæлуй. Е, уастæн, Хуцауи размæ устур тæрегъæд æй.

54. Æма цидæриддæр нæ баримæхсайтæ, æма цидæриддæр нæ раргом кæнайтæ, - Хуцау алцидæр зонуй!

55. Æма сæбæл[11] тæрегъæдæй неци ес дæ уоститæ бунтон æмбæрзт ку нæ уонцæ, уæд сæ фиддæлти, фуртти, æнсувæрти, се ‘нсувæрти фуртти æма хуæрти, силгоймæгти, кенæ сæ къох кæмæ барæ даруй, уони размæ. Хуцауæй тæрсетæ, уомæн æма Е алли миуæн дæр æвдесæн æй.

56. Хуцау æма Æ изæдтæ, уастæн, пахампарæн сæ хуæрзирайдзийнадæ æрветунцæ. Æма сумах дæр, Хуцаубæл æхе ка бафæдзахста, уомæн уæ хуæрзирайæ дзоретæ, æма ин зæрдеген саламæй ин салан-келан кæнтæ.

57. Уастæн, Хуцау æма Æ минæвари зæрдихудти ка бацæуй, уони Хуцау ралгъиста а царди дæр æма федæни царди дæр æма син карз æфхуæрдæ æрцæттæ кодта.

58. Æма ænæрастæй дан-дунтæ ка имисуй урнæг нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæбæл, етæ сæхемæ мæнгитæ æма тæрегъæддзийнæдтæ есунцæ.
59. Уо пахампар, дæ уоститæн, кизгуттæн æма урнæг силгоймæгтæн зæгъæ, цæмæй сæхебæл сæ уæледараес ænгомдæр æркæнонцæ. Уотемæй сæ ænцондæр базонæн уодзænæй[12], æма цæмæй æфхуæрд ма ‘рцæуонцæ, уомæн æма Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й!
60. Фал цоронтæ æма сæ зæрдити аййепдзийнадæ кæмæн ес, еци адæн, уæдта мæнгæ хабæрттæ ка ратаус кæнуй Медини, ænхæлдзийнадæ си парахатгæнгæй, етæ сæ фудмиутæ нæ ниууадздзænæнцæ. Мах дæ уони нихмæ исцибæл кæндзинан, æма уæд уони хæццæ берæ нæбал синхонеуæг кæндзænæ
61. ælгъистæй. Кæмидæр сæбæл нæ фембæлдæ уа, алкæмидæр етæ ахæст æма бундзагъд цæудзænæнцæ.
62. Уæхæн æгъдау æрæвардта Хуцау, раздæр ка рандæ ‘й, уонæн, æма си æййивддзийнадæ ду не ‘ссердзænæ!
63. Адæн дæ и сахатбæл фæрсунцæ. Зæгъæ: “Уой зонундзийнадæ Хуцаумæ ‘й!” Æма дин ка фегъосун кæндзænæй, Е, мийяг, къæсæрбæл нæй?
64. Уастæн, Хуцау гиаурти ралгъиста æма син содзгæ арт æрцæттæ кодта,
65. кæцими сæ æности ун гъæуй. Уоми ауодæг не ‘ссердзænæнцæ, æма син уоми ænхусгænæг дæр нæ уодзænæй.
66. Сæ цæсгæнттæ арти медæгæ ку исхæтонцæ, уæд еци бон етæ зæгъдзænæнцæ: “Уæй, нур Хуцау æма Æ минæвари коммæгæс ку адтаййанæ!”
67. Æма етæ зæгъдзænæнцæ: “Уо нæ Еунæхуцау! Мах æрмæст нæ уллути æма хецæутти коммæ кастан. Æма нæ етæ райеуварс кодтонцæ Дæ надæй.
68. Еунæхуцау! Сæ æфхуæрддзийнадæ син дууæ хатти фæффулдæр кænæ, æма сæ ænæуагæ ælгъист ракænæ!”
69. Уо, ка бауувндтæй, етæ! Мусай гъигæ ка дардта æма ‘й ка ‘фхуардта,

уониау ма уотæ! Хуцау æй уони ælгъиститæй искæдзос кодта, æма е Хуцауи размæ иссæй кадгин.

70. Уо, ка æууæндуй, етæ! Хуцауи азарæй тæрсетæ æма рæститæ дзоретæ,
71. цæмæй уин Е уæ гъуддæгтæ исараза æма уин уæ тæрегъæдтæ ниххатир кæна, уомæн æма Хуцау æма Æ минæвари коммæгæс ка ‘й, е бавзардзæнæй устур мондидзаг.
72. Мах исбæлгъардтан уæлæрвтæн дæр, зæнхæн дæр æма хуæнхтæн дæр Нæ хæццæ дини туххæй бадзурд исаразун. Етæ сæхе бадзурдæй бæттунæй бахизтонцæ, тарстæнцæ, уой сæхемæ райсун. Фал адæймаг ба еци бадзурд æхемæ райста, уомæн æма е æнаккаг æма сæргъæн адтæй,
73. цæмæй Еунæхуцауи бон бафхуæрун адтайдæ æгас цорон силгоймæгти дæр æма нæлгоймæгти дæр, берæ хуцæуттæмæ ковгути æгасей дæр, æма цæмæй Æ уодибæстæдзийнадæ раздаха, ци силгоймæгтæ æма нæлгоймæгтæ баууæндтæнцæ, уонæмæ. Е хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр æй!

34-аг сурæ

Сæба

(Сæба)[1]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Уæлæрвтæ дæр æма зæнхæ дæр ке ‘нцæ, еци Хуцауæн табу уæд! Табу Ин федæни дæр! Е сем æма алци зонæг æй!
2. Е зонуй, зæнхæмæ дæр ци бацæуй æма си ци рацæуй, арвæй ци æрцæуй æма имæ ци иссæуй, уони. Е хатиргæнагæ æма алцибарагæ æй!
3. Ка нæ баууæндтæй, етæ ба фæззæгъунцæ: “И сахат не ‘рхъæртдзæнæй!” Дзуапп син раттæ: “Нæ! Е æнæмæнгæ æрхъæртдзæнæй!” Æз уин мæ Еунæхуцауæй ард хуæрун, кæцимæн алли сосгъуддаг дæр зунд æй. Æма нæдæр уæларв, нæдæр зæнхæбæл нæййес еу мисхали бæрцæн дæр

уомæй минкъий дæр æма уомæй фулдæр дæр, Уомæй ци байасхъод уа, æма уацæ киунуги бæрæггонд ци нæй,

4. цæмæй Уой бон уа, ка бауӕндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн бахатун. Уонæн – хатиргонд æма ездондæр бунат.
5. Не ‘вдесæнти нихмæ ка архайуй, фæллæмæгъдæр сæ кæнунбæл, уонæн ба – æбуалгъ гъезæмарёдзийнади æфхуæрдæ.
6. Æма зонундзийнадæ кæмæн лæваргонд æй, етæ уинунцæ, дæуæн[2] Хуцауæй байгонд æцæгдзийнадæ ке ‘й, кæци тухгин æма фурдзитæ Бардари надмæ хонуй.
7. Ка нæ бауӕндтæй, етæ дзорунцæ: “Мийяг бавдистæ уин уа уæхæн адæймаг, кæци уин фегъосун кæндзæнæй, сумах сигит ку фестайтæ, уæд нæуæг фæлдесонд ке фестдзинайтæ?
8. Е Хуцаубæл мæнгитæ æримиста, æви е хæдздзегун[3] æй?” Гъо, федæнбæл ка не ‘ууæндуй, етæ гъезæмайраг æма устур рæдуди амæттаг уодзæнæнцæ.
9. Гæр, етæ сæ разæй дæр æма сæ фæсте дæр, арвæй дæр æма зæнхæй дæр ци ес, уони нæ уинунцæ? Æма нур Мах ку бафæндадтайдæ, уæд сæ зæнхæн ранихъуæрун кæнианæ, кенæ сæбæл æргæлдзианæ арви къæрт. Уоми, уастæн, Æ алли цагъарæн дæр, фæсмонгæнгæй Имæ кадæриддæр æрбацæуй, уонæн си Е ‘вдесæн ес.
10. Дауитæн Мах балæвар кодтан Нæ хуарзæнхæ: “Уо хуæнхтæ! Æ хæццæ Мин табу искæнетæ! Сумах дæр, мæргътæ!” Мах ин æ къохи фæррæуæгдæр кодтан æфсæйнаг.
11. “Æзгъæрхæдонæ си аразæ æма ин æ цæгти асæ раст барæ. Хуарздзийнадæ аразæ, уомæн æма Æз уинун, сумах ци косетæ, уой”.
12. Сулеймани бæрни Мах бакодтан дунгæ, æма æ сæумон над – мæйæ, æ изæйрон цуд дæр – мæйæ. Мах ин исциргъ кодтан æрхи дæгъæл. Дзинтæй ба ин исивардтан косгутæ æ Еунæхуцауи фæндонмæ гæсгæ; æма уонæй еске Нæ фæндондзийнадæй æхе ку фæттиллеф кæна, уомæн Мах бавзарун кæндзинан артæй æфхуæрддзийнадæ.

13. Æма ин дзинтæ уомæн кодтонцæ, циуавæр куст æй гъудæй, еци куст: евгæрдæнтæ, галауантæ, нивæфтудтæ, цади асæ къостæ, æнгом æвард ægтæ. “Дауити цæуæт! Уæ гъуддæгтæй Нин арфæ кæнетæ!” Фал Мæ цагъартæй ефстæгутæ арфæ кæнунцæ сæ гъуддæгтæй.
14. Æма ин[4] æ мæлæт ку æрхæстæг кодтан Мах, уæд ин æ мæлæт æрмæст зæнхи золкъæ балæдæрун кодта, æ лæдзæг ин бахсингæй. Æма ку æрхаудтæй, уæдта дзинтæ балæдæрдтæнцæ, нур сосгъуддæгтæ ку зудтайуонцæ, уæд æгадæ уавæри нæ байзадайуонцæ.
15. Сæбай сæ цæрæнуæтти алæмæт æрцудæй: дууæ дзæхæрай – рахесæрдигæй дæр æма галеуæрдигæй дæр: “Уæ Еунæхуцау уин ци равардта, уомæй уæхе æфсадетæ æма Ин арфæ кæнетæ. Фæрнгун бæстæ уин læвæрд æй æма уæмæ Хуцау уодибæсгин æй!”
16. Фал етæ ба сæхе рахаттонцæ, æма сæбæл Мах колдуфи дон рауагътан æма син сæ дзæхæратæ дууæ дзæхæрайемæй раййивтан, кæцитæ лæвардтонцæ æрмæст маст рæзæ, æма тамариск, уæдта дæлæмæдзуд гъæддон лотос.
17. Уотæ син Мах бакайдзинан се ‘нæууæнкæдзийнади туххæй. Æма гиауртæй фæстæмæ уæхæн карз æфхуæрдæй неке некæд бакайæн.
18. Æма Мах уони æма ци гъæутæ фæррæствæндаг кодтан, еци гъæути æхсæн исаразтан цæстæн бæрæг гъæутæ, æма си уобæлти рауагътан фæндаг: “Сумах еци фæндæгтæбæл бонæй дæр æма изæрæй дæр ædасæй хæтетæ”.
19. Фал етæ уæддæр загътонцæ: “Уо Еунæхуцау! Ду син сæ фæндаг еу гъæуæй иннемæ фæддагъдæр кæнæ”. Етæ сæхуæдтæ сæхецæн зæран æрхастонцæ. Мах сæ æрмæст таурæхъти амæттаг фæккодтан æма сæ габазгай алли рауæн нийдзæхсæн кодтан.
20. Ибилис син æхе гъудитæ æцæгбæл банимайун кодта, æма етæ æгасæйдæр æ фæдбæл рацудæнцæ, æрмæст цалдæремæй, кæцитæ Хуцаубæл бауувæндтæнцæ.
21. Фал уомæн æ барæ уонæбæл нæ хъæрттæй, æрмæстдæр æндæр цардбæл

ка æууæндуй, уæдта ибæл гурусхаг ка ‘й, уони Нин исбæлвурд кæнуни туххæй. Дæ Еунæхуцау, уастæн, алли гъуддаги гæс дæр æй!

22. Зæгъæ син: “Хуцауæй фæстæмæ ке æримистайтæ, уонæмæ коветæ. Уонæмæ неци барæ ес – еу мисхали бæрцæ дæр – нæдæр уæлæрвти, нæдæр зæнхæбæл, æма сæ фæлдесонди цæдесонтæ дæр нæ адтæнцæ. Уони æхсæн Хуцауæн æнхусгæнæг нæййес.
23. Уой размæ неке сæрбæлдзорундзийнадæ фæййангъос кæндзæнæй, Æхуæдæг барæ кæмæн ратта, уонæй фæстæмæ, æма сæ зæрдитæй тас ку иссæуа, уæд етæ исдзордзæнæнцæ: “Ци загъта уæ Хуцау?” Етæ дзуапп ратдзæнæнцæ: “Уацæгадæ. Тухгин æй Е æма, уастæн, бæрзонд!”
24. Зæгъæ: “Арвæй дæр æма зæнхæй дæр уин цигъæуагæ ка хъæртун кæнуй?” Зæгъæ: “Хуцау! Æма, æнæмæнгæ, мах æма сумах кенæ раст надбæл ан, кенæ фæдздзæгъæл ан!”
25. Зæгъæ: “Мах тæрегъæдтæбæл уæ нæ бафæрсдзæнæнцæ, уæдта мах дæр нæ бафæрсдзæнæнцæ, сумах ци кæнетæ, уобæл”.
26. Зæгъæ: “Мах æрæмбурд кæндзæнæй нæ Еунæхуцау, уæдта æцæгдзийнади туххæй истæрхон кæндзæнæй, - сæйраг тæрхонгæнæг Е æй, алцизонæг!”
27. Зæгъæ: “Бавдесайтæ мин, Уомæн æмбалæн ке равардтайтæ, уой!” Фал нæййес! Æрмæст Е æй – Еунæхуцау, тухгин æма сем!
28. Дæу (Мæхæмæт) рарвистан Мах æгас адæнтæмæ, куд разуацхæссæг æма фудæй хезæг. Фал фулдæр адæн ба уой нæ зонунцæ.
29. Æма етæ дзорунцæ: “Кæд раст дзоретæ, уæд ци ивæрзетæ, етæ кæд исæнхæст уодзæнæнцæ?”
30. Зæгъæ: “Сумахмæ ес и бони байвæрзт, æма сумах уой нæдæр фæррагуиан, нæдæр фæрраздæр кæндзинайтæ еунæг сахат дæр”.
31. Æнæууæнкитæ дзорунцæ: “Мах нæ баууæнддзинан нæдæр аци Хъуранбæл, нæдæр уой размæ ци æрвист адтæй, уонæбæл”. Гиаурти сæ Еунæхуцауи размæ куд исивæрдзæнæнцæ, етæ кæрæдземæ уайдзæфтæ гæлдзгæй, уой ку фæууинисæ. Æма хомух æма æбарæ ка адтæй, етæ

уælбекъонтæ æма хецмæртæн зæгъдзæнæнцæ: “Сумах ку нæ адтайййайтæ, уæд мах баууæндтайййанæ!”

32. Хецмæртæ ба хомухтæн зæгъдзæнæнцæ: “Е уæмæ ку æрцудæй, уой фæсте ма уæ, мийййаг, надæй мах ракодтан фесинмæ? Нæ! Сумах уæхуæдтæ иссайтæ тæрегъæдгунтæ”.

33. Хомухтæ ба хецмæртæн зæгъдзæнæнцæ: “На-а! Етæ уæ фæлевæн миутæ æнцæ æхсæвæ дæр æма бонæ дæр, сумах нæ Хуцаубæл æууæндун ку нæ уагътайтæ æма нин Уомæн æмбæлттæ ку кæнун кодтайтæ”. Æма сæ асхъод фæсмон раргом уодзæнæй карз æфхуæрди гъезæмарæ ку фæууидтонцæ, уæд. Ка нæ баууæндтæй, уони бæрзæйтæбæл Мах исивæрдзинан æфсойнæ. Æма нур етæ цитæ кодтонцæ, уой туххæй син хадт не ‘рцæудзæнæй?

34. Æма Мах цийфæнди гъæумæ дæр ку рарветианæ хе багъæуай кæнуни туххæй федеуæг, уæд сæ хъалдзийнадæй боц цæргутæ зæгъиуонцæ: “Уастæн, сумах цæй хæццæ æрвист айтæ, уонæбæл мах не ‘ууæндæн!”

35. Æма етæ загътонцæ: “Мах цийесæй æма цæуæтæй гъæздугдæр ан, æма мах æфхуæрд не ‘рцæудзинан”.

36. Зæгъæ: “Уастæн, мæ Еунæхуцау Æ хуарзæнхæ урух кæнуй кенæ ‘й бæрцæбæл иуаруй, Æхе куд фæндуй, уомæ гæсгæ. Фал фулдæр адæн нæ зонуй”.

37. Махмæ уæ ци æрбахæстæг кæндзæнæй, е уæ цийес æма уæ цæуæт нæ уодзæнæнцæ. Ка æууæндуй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, æрмæст етæ Нин æнцæ тæккæ хæстæгдæр. Æрмæст уонæн уодзæнæй сæ гъуддæгти туххæй дувæлтæрæй хадт. Æрмæст уонæн – æнцойнё æма æдасдзийнадæ дзенети фæрнгун уётти.

38. Не ‘вдесæнти нихмæ ка архайуй, фæллæмæгъдæр сæ кæнунæввонгæй, етæ ба карз æфхуæрдæ æрцæудзæнæнцæ.

39. Зæгъæ: “Мæ Еунæхуцау, уастæн, Æ хуарзæнхæ урух кæнуй кенæ ‘й бæрцæбæл иуаруй, кæмæн Æй бафæндæ уа, уомæн. Æма уæ цийесæй цæйбæрцæдæр не схарз кæнайтæ, Е уин сæ банхæст кæндзæнæй. Е

цигъæуагити хуæздæр иуарæг æй”.

40. Еци бон Е ægасейдæр æрæмбурд кæндзæнæй æма изæдтæн зæгъдзæнæй: “Аци адæн, мийяг, сумахæн нæ кувтонцæ?”

41. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Табу Дин уæд! Нæ баридауæг етæ нæ ‘нцæ, фал Ду дæ! Нæ, етæ дзинтæн кадæ кодтонцæ, уомæн æма сæбæл уонæн сæ фулдæретæ бауyæндтæнцæ”.

42. Еци бон етæ неци – нæдæр хуарз, нæдæр фуд – фæууодзæнæнцë æндæрети пайдайæн. Æма гиауртæн Мах зæгъдзинан: “Мæнгæбæл ци арт нимадтайтæ, уомæй нур ба исахуадетæ!”

43. Уонæн Не ‘вдесæнтæ ку фæййаргъаунцæ, уæд фæззæгъунцæ: “Е æрмæст адæймаг æй, сумах фесинмæ ракæнуйнаг ка æй, уæ фиддæлтæ кæмæн цитæ кодтонцæ, уонæй”. Æма ма фæззæгъунцæ: “Е æрмæст мæнгæттæ ‘й, адæймаги имист!” Æма сæмæ ци æцæгдзийнадæ æрцудæй, уомæй гиауртæ зæгъунцæ: “Е æрмæст кæлæнтæй æндæр неци ‘нцæ!”

44. Уонæн[5] Мах киунугæ нæ равардтан, кæций етæ ахур кодтайуонцæ, уæдта сæмæ дæу[6] размæ федеуæг дæр нæ рарвистан.

45. Уони размæ ка адтæй, етæ дæр мæнгæбæл нимадтонцæ (Не ‘ргомæгтæ). Фал уонæн Мах ци фæцан, уой дæсæнхай дæр нæ фæцæй ани[7], фал уæддæр Мæ минæвæртти етæ банимадтонцæ мæнгæттæбæл. Куд æвеллон адтæй Мæ маст!

46. Зæгъæ: “Æз уæмæ æрмæст еунæг гъуддаги мæхе хатун, цæмæй сумах Хуцауи рази æрлæууайтæ, дугæйттæй кенæ еугæйттæй, æма расагъæс кæнайтæ: сумах имист æмбали хæдздзегундзийнадæй неци ес, æма е уин æрмæст карз æфхуæрддзийнади туххæй игъосунгæнæг æй”.

47. Зæгъæ: “Æз уи неци хуæрзеуæг агорун, е уæхецæн байзайæд. Хуцаумæ мин ци хуæрзеуæг ес, уомæй æндæр мæ нæ гъæуй. Е, цидæриддæр ес, уонæн æвдесæн æй!”

48. Зæгъæ: “Уастæн, мæ Еунæхуцау æцæгдзийнадæй бакайуй. Уомæн æгас сосгъуддæгтæ дæр зундгонд æнцæ”.

49. Зæгъæ: “Уацæгадæ фæззиндтæй, æма абонæй фæстæмæ мæнгæ нæбал

фæззиндзæнæй æма нæбал раздæхдзæнæй”.

50. Зæгъæ: “Кæд рæдуйун, уæд мæхе зæранæн рæдуйун, фал кæд раст надбæл цæун, уæдта – Хуцауи фæндæй. Уастæн, Е алцидæр игъосуй æма алкæддæр цори фæууй!”
51. Етæ ледзунгъон ку нæбал уонцæ æма хæстæг рауæнæй ахæст ку ‘рцæуонцæ, уæд уонæн сæ тасдзийнадæ ку фæууинисæ!
52. Етæ нигъгъæр кæндзæнæнцæ: “Мах ибæл (Хъуранбæл) бауудæндтан!” Фал имæ уæд идард рауæнæй ба куд бахъæртонцæ?
53. Раздæр ибæл етæ не ‘ууæндтæнцæ æма идард рауæнæй кæрæдземæ рагæлц-багæлц кодтонцæ сæ сосæг гъудитæ.
54. Фал уонæн се ‘хсæн æма сæ монцти æхсæн исивæрдæй астæугауæ, раздæр куд исивæрдæй уони хузæнтти æхсæн, уотæ. Уастæн, етæ сегий тухсунцæ.

35-аг сурæ

Исфæлдесæг[1]

(Фатыр)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Табу Хуцауæн, уæлæрвтæ æма зæнхæ Исфæлдесæгæн, изæдти минæвæрттæ искæнæг, кæцитæн ес дугай, æртигай æма цуппæргай базуртæ, Æ фæлдесондæ ка урух кæнуй Æ фæндонмæ гæсгæ, Уомæн. Уастæн, Хуцау алли гъуддагбæл дæр Æ барæ даруй!
2. Æ хуарзæнхæй адæнæн ци байгон кæна Е, уонæмæ еунæг дæр нæ фæллæудзæнæй. Ци бауорамуй Е, уой ба Уомæй фæстæмæ неке бон исуодзæнæй рарветун. Уастæн, Е тухгин æма сем æй!
3. Уо адæн! Уæ зæрдæбæл даретæ Хуцауи хуарзæнхæ сумахæн! Миййаг, Хуцауæй фæстæмæ æндæр фæлдесæг ма ес, кæци уин зæнхæй дæр, арвæй дæр цигъæуагæ æрветуй? Уомæй фæстæмæ æндæр хуцау

нæййес! Ædта, куд цибælгонд айтæ!

4. Дæу[2] мæнгæттæбæл кæд нимайунцæ, уæд ци: дæу размæ иннæ минæвæртти дæр мæнгæттæбæл нимадтонцæ. Ægас гъуддæгтæ дæр Хуцаумæ раздæхдзæнæнцæ.
5. Уо адæн! Уастæн, Хуцауи байвæрзт æцæг æй. Æма уæ зæнхон гъуддæгти дзæгъæл æзгули ма сайæд, уæхе Хуцаубæл устур зæрдæ кæнун ма уагътæ цибælгæнæги[3],
6. уомæн æма, Ибилис, уастæн уе знаг æй, æма ‘й æзнагбæл нимайетæ! Е æрмæстдæр æхецæн æмбалæн хонуй, цæмæй уодхар кæнайтæ зиндони арти.
7. Ка не ‘ууæндуй, уонæн – карз æфхуæрдæ, ка æууæндуй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уонæн ба – хатиргонд æма устурдæр хуæрзеуæг.
8. Æ фуд гъуддæгтæ кæмæн исрæсугъдгонд адтæнцæ æма сæ е уотæ рæсугъдæй кæми уинуй, миййаг, уой рабарæн ес Хуцауи надбæл цæуæги хæццæ? Хуцау, уастæн, Æхе куд бафæндуй, уомæ гæсгæ надæй фæккеун кæнуй, кенæ ‘й раст надбæл ракæнуй. Æма дæ зæрдæ уони тухxæй мабал ресæд, Хуцауæн, уастæн, етæ цидæриддæр кæнунцæ, е зунд æй.
9. Хуцау Е æй, æма дунгитæ Ка ‘рветуй, кæцитæ исесунцæ æврæгътæ. Уæдта сæ Мах сорæн мард бæститæмæ æма уомæй[4] æрцарæн зæнхæ æ фæсмæрдæ. Гъе уотæ уодзæнæй исæндедзæн дæр.
10. Кæд, миййаг, еске гъомусдзийнадæмæ бæллуй, уæд гъомусдзийнадæ æгасæйдæр Хуцаумæ ку æй. Уомæ хъæртуй рæсугъд дзурд дæр æма рæсугъд гъуддаг дæр, кæций Е уæлиау æвæруй. Фал фудеуæгдзийнадæ ракæнуни зæрди ка æй, уонæн ба фудæфхуæрддзийнадæ цæттæгонд æй, æма уонæн сæ нет фæдздзæгъæл уодзæнæй.
11. Хуцау уæ исаразта зæнхæй, уæдта – æртæхæй, уой фæсте ба уæ искодта æнкъæйттæй. Ærмæст Уой фæндæй бауæззау уй æма нийеруй силæ. Берæ фæццæрæгæн дæргъвæтийнæ цард раттæуй æви ин цубургонд æрцæуй æ цард – етæ æгасæйдæр Киунуги[5] æнцæ. Уастæн, е Хуцауæн

ænцон æй.

12. Дууæ денгизи[6] ænхузæн næ ‘нцæ. Айæ – адгин, рæсог, ниуазунæн æхцæуæн, а ба – цæхгун, тауæг. Алкæмæй дæр си сумах хуæретæ нозалæ фид æма си еретæ налхъут-налмæстæ, кæцити уæхебæл даретæ. Ду уинис, наутæ сæбæл куд накæ кæнунцæ, цæмæй Ин сумах Æ хуарзæнхæ агорайтæ, – кайзонуй æма боз уодзинайтæ.
13. Æхсæви харзæй Е радаргъ кæнуй бонæ, æхсæвæ ба – бони харзæй. Æ бæрни бакодта хор æма мæйæ, æма етæ зелунцæ æнгъуд рæстæгмæ. Уæхæн æй Хуцау, уæ Еунæхуцау. Уой бæрни æй хецауеуæгдзийнадæ. Уомæй фæстæмæ ма сумах кæмæ коветæ, уони бæрни ба неци ес финики наппи цъари бæрцæ дæр.
14. Сумах уонæмæ ку фæсседетæ, уæд уин етæ уæ кувд næ фегъосунцæ, ку фегъустайуонцæ, уæддæр уин дзуапп ба næ равардтайуонцæ. Исæндедзæн Бон уин етæ уæ кувдтитæ næ райссæнæнцæ. Неке дин фегъосун кæндзæнæй, Зонæнгинæй фæстæмæ.
15. Уо, адæн! Сумах Хуцау гъæуагæ айтæ, Хуцау ба уотемæй дæр Гъæздуг æма Намусгин æй.
16. Уой ку бафæндæ уа, уæд уæ фесафдзæнæй æма нæугутæ исфæлдесдзæнæй.
17. Хуцауæн е зин нæй.
18. Еунæг уод дæр еске уаргъ нæ фæххæссæй, æма уотемæй уаргъæвæрд уод ку искова, цæмæй ин æ уаргъ хæссунмæ фæййангъос киндæуа, уæд ин неци ист æрцæудзæнæй, корæг хъæбæр хæстæг ку разинна, уæддæр. Ду хе хезун кæнис æрмæстдæр æ Еунæхуцауæй ка тæрсуй, æргомæй Æй нæ уингæй, уæдта намаз ка кæнуй, уони. Æхе ка сугъдæг кæнуй, е æхе пайдайæн сугъдæг кæнуй, æма Хуцаумæ раздæхтæ уодзæнæй.
19. Æмбарæ нæ ‘нцæ хъæрæу æма уинæг,
20. тар æма рохс,
21. аууон æма ænхъуæт.
22. Æмбарæ нæ ‘нцæ цардæгæстæ æма мæрдтæ. Уастæн, Хуцау, кæмæн Æй

фæндуй, уомæн лæвар кæнуй игъосункæнундзийнадæ, æма дæу бон не суодзæнæй, ингæни ка ‘й, етæ куд фегъосонцæ.

23. Ду – æрмæст хе бахезуни туххæй игъосунгæнæг дæ.
24. Мах дæ рарвистан уацæгади хæццæ хуæрз федеуæгæй æма хе бахезуни туххæй игъосунгæнæгæй, æма еунæг адæмихатт дæр нæййес, кæмæ не ‘рбацудайдæ хе бахезуни туххæй игъосунгæнæг.
25. Етæ дæ кæд мæнгæ исхудтонцæ, уæд сæ размæ етæ ба, миййаг, минæвæртти мæнгитæ не схудтонцæ. Уонæн сæ минæвæрттæ æрбахæссиуонцæ бæрæг æвдесæнтæ, Финстæгутæ æма рохситауæг киунуги хæццæ.
26. Уой фæсте ба Æз æрахæстон, ка нæ баууæндтæй, уони. Æма куд æвеллон адтæй Мæ фудæнхæ!
27. Æдта нур ду нæ уинис, Хуцау куд нирветуй арвæй дон, кæций фæрци Мах исæвзурун кæнæн аллихузон рæзæ. Хуæнхти дæр ес аллихузон къахнæдтæ – уорс, сурх æма сæнт сау.
28. Адæн дæр, фонс дæр æма фиртæнттæ дæр аллихузти фæуунцæ. Æ цагъартæй Хуцауæй тæрсунцæ æрмæст зонундзийнæдтæ кæмæ ес, етæ. Уастæн, Хуцау тухгин æма хатиргæнагæ ‘й.
29. Уастæн, Хуцауи Финстæг ка аргъауй, намаз ка кæнуй æма, Мах æй цæмæй фæххайгин кодтан сосæй дæр æма æргомæй дæр, уомæй битир ка дæттуй, етæ сæ уайснайдæмæ æнгъæлдзау æнцæ, кæци син æнæпайда нæ разиндзæнæй,
30. æма син Е æнхæстæй бахадта, Æ хуарзæнхæй дæр ма син бафтаугæй. Уастæн, Е хатиргæнагæ æма боз æй.
31. Мах дин Не ‘ргомæги ци Финстæг баустан, е уацæг æй, кæци федар кæнуй æ размæ ци адтæй, уой. Уастæн, Хуцау зонуй Æ цагъарти туххæй æма сæ уинуй.
32. Уой фæсте ба Мах бундайрадæн равардтан Финстæг, Нæхуæдтæ ке равзурстан Нæ цагъартæй, уонæн. Уонæн се ‘хсæн ес уæхæнттæ, кæцитæ сæхуæдæг сæхецæн зулун æнцæ, ес ромбæлтæ дæр æма хуарз

гъуддæгтæ аразуни иннетæй ка фæрраздæр æй Хуцауи фæндæй, уæхæнттæ дæр. Устур хуарзæнхæ дæр е æй.

33. Етæ дзенети рæзбунтæмæ бацæудзæнæнцæ, кæми уодзæнæнцæ сугъзæрийнæ æма налмас цæнгæрийнитæй фæлунст, сæ дарæс ба уодзæнæй дарий хъумæцтæй.
34. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Хуцауæн табу, мах унгæгдзийнадæй Ка бахизта! Уастæн, нæ Еунæхуцау – хатиргæнагæ, боз æй.
35. Е нæ Æ хуарзæнхæй æрцæрун кодта Æносон цæрæнуати, кæми нæбæл нæдæр уæгæдзийнадæ, нæдæр фæлладдзийнадæ нæ бамбæлдзæнæй”.
36. Ка нæ баууæндтæй, уонæн ба дзаханамани арт æрцæттæгонд æй. Куд рамæлонцæ, уæхæн тæрхон син не ‘рцæудзæнæй уонæн, фал сæ гъезæмарæ ба нæ фенцондæр уодзæнæй. Уотæ Мах бахатæн алли æнæууæнкæн дæр.
37. Уоми етæ нигъгъæрздзæнæнцæ: “Нæ Еунæхуцау! Ракæнæ нæ ардæги æма рæстгъуддæгтæ кæндзинан, раздæр куд кодтан, уотæ нæ”. Мийяг уин Мах дзæвгарæ берæ цард не саккаг кодтан, цæмæй фæсмон кæнунгъон ка адтæй, е фæффæсмон кодтайдæ? Уæдта уæмæ хе бахезуни туххæй игъосунгæнæг дæр ку æрцудæй. Нур ба исахуадетæ фудæнхард, æма æнæуагитæн æнхусгæнæг нæййес.
38. Хуцау – арв æма зæнхи сосгъуддæгтæ зонæг æй. Е зонуй, реуи ци ес, уой дæр.
39. Е æй, сумах зæнхæбæл Ка исивардта фæдонтæй. Ка нæ баууæндтæй, е æхе зæранæн нæ баууæндтæй. Æнæууæнкæдзийнадæ ёнæууæнкитæн сæ Еунæхуцауи размæ æнæуинондзийнадæй æндæр неци бафтауй. Æнæууæнкæдзийнадæ ёнæууæнкитæн зæранæй æндæр неци бафтауй.
40. Зæгъæ: “Хуцауæй æндæр ма ци æмбæлттæмæ седетæ, мийяг уонæбæл расагъæс кодтайтæ? Бавдесайтæ мин, зæнхи кæци хай исфæлдистонцæ етæ, уой? Æви арвбæл æмбаргъон æнцæ?” Кенæ син Мах, кæций бæрæг æвдесæнтæй пайда кæнунцæ, еци Финстæг равардтан? Нæ! Æнæуагити байвæрзтитæ кæрæдземæн æрмæст цибæлдзийнадæ æй.

41. Уастæн, уæлæрвтæ дæр æма зæнхæ дæр Хуцау уорамуй, цæмæй етæ ма фенкъусонцæ. Æма етæ ку фенкъусонцæ, уæдта сæ Уой фæсте неке бон исуодзæнæй бауорамун. Уастæн, Е ræмон[7] æма хатиргæнагæ ‘й.
42. Етæ устур ард бахуардтонцæ Хуцауи номæй, уонæмæ хе бахезуни тухæй игъосунгæнæг ку ‘рцæуа, уæд растдæр надбæл ке ‘рлæудзæнæнцæ, æндæр цийфæнди æхсæнадæй уæлдай, уой тухæй. Æма сæмæ хе бахезуни тухæй игъосунгæнæг ку фæззиндтæй, уæдта сæмæ илгъдзийнадæй фæстæмæ неци фæффулдæр æй.
43. Е уой тухæй уотæ рауадæй, æма етæ зæнхи цъарæбæл фæххецмæр æнцæ æма фуддзийнадæ ракæнун исфæндæ кодтонцæ. Фал фудвæндитæ ниццæвунцæ, фуд гъуддæгтæ ка аразуй, æрмæст уой. Æдта нур етæ фиццаг фæлтæрти амондæй æндæр ма естæмæ æнгъæлдзау æнцæ? Хуцауи фæткæн ду не ссердзæнæ æййевæн æма Хуцауи фæткитæй хе райеуварс кæнунæн не ссердзæнæ равгæ.
44. Æдта нур етæ зæнхи цъарæбæл нæ хадтæнцæ æма нæ уидтонцæ, сæ размæ ка адтæй, уони кæрон циуаваер адтæй? Етæ уонæй хъаурæгиндæр адтæнцæ, фал уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр Хуцауæй раледзун неке бон æй. Уастæн, Е зонагæ æма тухгин æй.
45. Адæн сæхецæн ци аразунцæ, уой тухæй сæ Хуцау æфхуæрун ку райдæдтайдæ, уæд Е зæнхи цъарæбæл еунæг уодгоймаг дæр нæбал ниууагътайдæ, фал син Е æнгъуд рæстæгмæ æмгъудергъæвд раттуй. Сæ рæстæг æрхъæртдзæнæй, æма Хуцау Æ цагъарти уинуй.

36-аг сураæ

Йа син

(Йа син)[1]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. *Йа. Син.*

2. Фастæг Хъуранæй ард хуæрун!
3. Уастæн, ду минæвæрттæй еу дæ
4. æррæстæ надбæл.
5. Е æрвист æй Тухгиндæр æма Хатиргæнагædæræй,
6. Цæмæй адæни бафæдзæхсай, кæцитæн сæ фиддæлтæ фæдзæхст некæд некæмæй æрцудæнцæ æма уой тухxæй æвæлмон æнахургондæй байзадæнцæ.
7. Уонæн сæ фулдæрети тухxæй Дзурд исæнхæст æй, æма етæ нæ баууæнддзæнæнцæ.
8. Уастæн, уонæн сæ бæрзæйтæбæл сæ уакъети уæнгæ Мах исивардтан æфсойнæ, æма сæ сæртæ нихъхъел кодтонцæ.
9. Мах сæ размæ дæр æма сæ фæсте дæр исивардтан гæræн æма сæбæл æркодтан æмбæрзæн, æма етæ нæ уинунцæ.
10. Уонæн уæлдай нæй, ду син фегъосун кодтай æви нæ фегъосун кодтай, е.
11. Дæу бон æрмæст уомæн фегъосун кæнун æй, æма Цетæни фæдбæл ка рацудæй æма Хатиргæнагædæræй ка фæттарстæй, цæстæй Æй нæ фæууингæй. Æма ‘й æрцарæ ниххатиргонди æма рædау хуæрзеуæги тухxæй хабарæй.
12. Уастæн, Мах æригас кæнæн мæрдти, æма етæ ци бакодтонцæ æма сæ фæсте ци ниууагътонцæ, уони ниффинсæн. Алли гъуддаг дæр Мах банимадтан зундгонд разамунди[2].
13. Дæнцæнæн син æрхæссæ, минæвæрттæ ци гъæуи[3] цæргутæмæ æрцудæнцæ, уони.
14. Мах сæмæ дууæ минæвари ку рарвистан, уæд сæ етæ мæнгæттæбæл банимадтонцæ, æма сæ уæд Мах бафедар кодтан æртиккагæй. Етæ загътонцæ: “Уастæн, мах сумахмæ æрвист ан”.
15. Етæ загътонцæ: “Сумах дæр мах хузæн адæймæгутæ айтæ. Тæрегъædгæнагæ неци æрæрвиста, сумах ба æрмæст мæнгæттæ дзоретæ”.
16. Етæ загътонцæ: “Мах сумахмæ æрвист ке ан, уой нæ Еунæхуцау зонуй.
17. Махбæл æрмæст бæрæг æргомæг фегъосун кæнуни ихæс ес”.

18. Етæ загътонцæ: “Уастæн, мах сумахбæл фуд разуац фæууидтан. Ку не ‘рæнцайайтæ, уæд уæ мах ænæмæнгæ фæххуайдзинан дортæй, æма уæ ærдигæй фуд гъезæмæрттæ баййафдзæнæй”.
19. Етæ загътонцæ: “Уæ фуд разуац уæхе ‘рдæмæ фæууодзæнæй. Ædта нур, уæхе уæ кæд хезун киндæ уй, уæд уой фуд разуацбæл нимайетæ? Уо нæ! Сумах, ци ‘нгъезуй, уой арæнбæл ка рахизтæй, еци адæн айтæ!”
20. Горæти кæронæй еу лæг хæлæфæй ærбацудæй æма загъта: “Уо мæ адæн! Минæвæртти фæдбæл рацотæ.
21. Сумахæй хуæрзеуæг ка нæ агоруй, фал æррæстæ надбæл ка цæуй, уони фæдбæл рацотæ.
22. Æма мæнæн цæмæннæ æнгъезуй, мæн Ка исфæлдиста æма сумах фæстæмæ Кæмæ раздæхдзинайтæ, уомæн ковун?
23. Ædта нур æз Уомæй фæстæмæ ма æндæр хуцæуттæмæ ковдзæнæн? Нур мин Тæрегъæдгæнагæдæр фуд гъуддаг исаразунвæндæ ку исуа, уæд мин уони сæрбæлдзорундзийнадæ нецæмæй фæййангъос уодзæнæй, æма мæ етæ нæ фæййервæзун кæндзæнæнцæ.
24. Гъе уæд разиндзæнæн æз æцæг рæдуди амæттаг.
25. Уастæн, æз бауувæндтæн уæ Еунæхуцаубæл. Байгъосетæ мæмæ”.
26. Уомæн адтæй загъд: “Бацо дзенетмæ!” Е загъта: “Уо, нур мæ адæн ку зудтайуонцё,
27. мæ Еунæхуцау мин цæй тухxæй ниххатир кодта æма мæ Е кадгиндæртæй еу ке искодта, уой!”
28. Уой адæбæл Мах нæбал нирвистан арвёй уой адёнбёл нециавæр æфсад, æма ærветуйнаг дæр нё адтан.
29. Адтæй ærмæст еунæг гъæр, фал е дæр ниххустæй.
30. Уо, додой цагъартæн! Еунæг минæвар дæр сæмæ не ‘рцудæй, цæмæй ибæл етæ нæ гириз кодтайуонцæ.
31. Ædта нур етæ уой нæ уинунцæ, æма Мах цæйбæрцæ фæлтæртæ бабун кодтан сæ размæ, æма етæ уонæмæ ке нæбал раздæхдзæнæнцæ?
32. Уастæн, етæ еугурæйдæр Махмæ æмбурдгонд ærцæудзæнæнцæ.

33. Уонæн æвдесæн – мард зæнхæ, кæций Мах æрцардтан æма си исæвзурун кодтан нæмуг, кæцимæй етæ сæхе хæссунцæ.
34. Мах си исаразтан пальмитæй дзæхæратæ æма сæндæнттæ æма си исæвзурун кодтан сауæдæнттæ,
35. цæмæй син етæ сæ præзæй ахуадонцæ, уæдта сæхе къохтæй ци исаразтонцæ, уонæй. Æдта нур етæ боз нæ уодзæнæнцæ?
36. Сугъдæг æй, зæнхæ ци ирæзун кæнуй, уæдта уонæн сæхе æма етæ ци нæ зонунцæ, уони æнкъæйттæй Ка исфæлдиста, Е.
37. Æвдесæнæн син æхсæвæ, кæций Мах хецæн кæнæн бонæй, æма мæнæ етæ тари ранигъулунцæ.
38. Хор æ бунатмæ ратулуй. Уотæ ‘й Тухгиндæр æма Зонæнгиндæри разфæткæвард.
39. Мæйæн Мах исбæлдат кодтан æ райвæрдæ, цалдæн е зæронд пальми къадой хузæн не ‘суй, уæдмæ.
40. Хорæн мæйæ æййафун нæ фæткæуй, æма æхсæвæ дæр бонæбæл нæ фæрраздæр уй. Алке дæр си орбитæбæл зелуй.
41. Уонæн æвдесæн е æй, æма син Мах сæ цæуæти ке райефхастан æмидолæ ковчеги.
42. Мах син исаразтан, цæбæл рабадунцæ, уой хузæн.
43. Мах ку бафæндæ уа, уæд сæ дони ниннихъолдзинан, æма сæ уæд неке бал фæййервæзун кæндзæнæй, сæхуæдтæ дæр нæбал фæййервæздзæнæнцæ,
44. Мах син ку нæ фæттæрегъæд кæнæн, æма син цалдæн нæ бауадзæн Нæ хуæрзтæй пайда кæнун æнгъуд рæстæгмæ.
45. Уотæ син ку фæззæгъунцæ: “Уæ размæ ци ес, уæдта уæ фæсте дæр ци ес, уомæй тæрсетæ, цæмæй уин хатиргонд уа”, - етæ дзуапп нæ раттунцæ.
46. Сæ Еунæхуцауæй сæмæ цийфæнди æвдесæн дæр не ‘рцæуй, етæ си сæхе рахатунцæ.
47. Уотæ син ку фæззæгъунцæ: “Хуцау уин цæмæй бахай кодта, уомæй битир дæттетæ”, - уæд син æнæууæнкитæ фæззæгъунцæ: “Æдта нур мах, Хуцау ке бафсастайдæ, ку Æй фæндадтайдæ, уæд, уой æфсаддзинан? Уастæн,

сумах хъæбæр рæдуйетæ”.

48. Етæ фæззæгъунцæ: “Кæд æрхъæртдзæнæй еци байвæрзт, кæд раст дзоретæ, уæд?”
49. Уони нецæмæ æнгъæлмæ кæсун гъæуй, еу гъæрæй фæстæмæ, кæци сæ бакайдзæнæй, етæ буцæу ку кæнонцæ, уæд.
50. Уони бон нæдæр уосиат ниууадзун не ‘суодзæнæй, нæдæр сæ бийнонтæмæ раздæхун.
51. Æма хæтæлæй ниууасдзæнæнцæ, æма мæнæ етæ ниггулф кæндзæнæнцæ сæ Еунæхуцаумæ ингæнтæй.
52. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Уо, сар нæ сар! Кæми хустан, еци бунатæй нæ ка исистун кодта?” Е, Хатиргæнагæдæр ци байвæрзта, Е æй, æма минæвæрттæ раст дзорунцæ”.
53. Уодзæнæй æрмæст еунæг гъæр, æма уæдта етæ æгасæйдæр Махмæ æмбурдгонд æрцæудзæнæнцæ.
54. Абони еунæг уодæн дæр ниццаваер зиан хаст æрцæудзæнæй, æма сумахæн дæр, ци исаразтайтæ, уой туххӑй уин æрцæудзæнæй хадт.
55. Уастæн, дзенети цæргутæ абони сæ гъуддæгтæй сæхе ерхæфсунцæ.
56. Етæ æма се ‘мкъайтæ хораууони бакъолæ кæндзæнæнцæ хуссæнти.
57. Уоми син ес рæзæ дæр, уæдта сæ зæрдæ ци базæгъа, е дæр.
58. Тæрегъæдгæнагæдæр Еунæхуцау син бонхуарз зæгъуй: “Салам!”
59. Рартæсетæ абони, уо тæрегъæдгунтæ!
60. Мийяаг Æз уин нæ бафæдзахстон, уо Адами фурттæ, уе ‘цæг æзнаг ка ‘й, еци Ибилисæн нæ ковун,
61. фал Мæнæн ковун? Е æррæстæ над æй.
62. Нур дæр сумахæй е4 берети фæррæдуйун кодта. Æдта нур сумах уой нæ лæдæретæ?
63. Мæнæ, ивæрзт уин ка адтæй, еци дзаханаман.
64. Содзетæ си нур ба, ке не ‘ууæндтайтæ, уой туххӑй”.
65. Абони син Мах сæ цъухтæ ниммухур кæндзинан. Сæ къохтæ дзордзæнæнцæ Нæ хæццæ, сæ къæхтæ ба æвдесæн кæндзæнæнцæ,

сæхецæн ци исаразтонцæ, уобæл.

66. Ку нæ бафæндæ уа, уæд сæ нихъхъæрæу кæндзинан, æма уæд ниххæррæт кæндзæнæнцæ Елсиратмæ[5]. Фал нур етæ кутемæй уиндзæнæнцæ?

67. Мах ку бафæндæ уа, уæд сæ ниффудиндтитæ кæнианæ сæ бунæтти, æма уæд уони бон нæбал исуодзæнæй нæдæр размæ фезмæлун, нæдæр раздæхун фæстæмæ.

68. Дæргъвæтийнæ цард кæмæн исаккаг кæнæн Мах, уонæн ба раттæн æндæрхузон уиндæ. Ædта нур етæ нæ лæдæрунцæ?

69. Уой[6] Мах нæ ахур кодтан поэзибæл, æма ин е нæ фæткæуй. Е æрмæст цетæн æма сугъдæг Хъуран æй,

70. цæмæй си е хеза, æгас ка ‘й, уони, уæдта цæмæй æнæууæнкити тухæй Æ Дзурд исæнхæст уа.

71. Ædта нур етæ уой нæ уинунцæ, æма Нæ къохтæ[7] ци исаразтонцæ? Мах син исфæлдистан фонс, кæцимæй етæ пайда кæнунцæ.

72. Мах сæ уони дæлбарæ бакодтан. Еуетæбæл етæ цапуал кæнунцæ, иннетæй ба сæхе æфсадунцæ.

73. Етæ син хæссунцæ пайда æма ниуазуйнаг. Ædта нур етæ боз нæ уодзæнæнцæ?

74. Фал етæ Хуцауи бæсти æндæр хуцæуттæн ковунцæ, етæ син фæййангъос кæндзæнæнцæ, уой æнгъæлдзауæй.

75. Уони бон син фæййангъос кæнун нæй, кæд æма син етæ цæттæ æфсад æнцæ, уæддæр[8].

76. Уони дзубандитæ дæ ма ‘ндавæнтæ. Етæ ци римæхсунцæ æма ци ‘ргом кæнунцæ, уони Мах зонæн.

77. Ædта нур адæймаг уой нæ уинуй, æма ‘й Мах æртæхæй ке исфæлдистан? Æма мæнæ е ба æргомæй буцæу кæнуй!

78. Е Нин дæнцæн æрхаста æма е сфæлдисти тухæй ба феронх æй. Е загъта: “Ци ‘стгутæ ниххотхæ ‘нцæ, уони ма ка æригас кæндзæнæй?”

79. Зæгъæ: “Фиццаг хатт сæ Ка исфæлдиста, Е сæ æгас дæр æркæндзæнæй. Е алли фæлдесонди тухæй дæр зонæнгин æй”.

80. Е уин искодта арт бæласæй, æма нур ба сумах дæр уомæй æндзаретæ.
81. Ædта нур уæлæрвтæ æма зæнхæ Ка исфæлдиста, Уой бон уæхæнттæ искæнунгъон нæй? Æнæмæнгæ, уомæн æма Е Фæлдесæг æма Зонæнгин æй.
82. Уой ести ку бафæндæ уй, уæд фæззæгъуй æрмæст “Уо!”, æма е дæр исуй.
83. Алли гъуддагбæл дæр Ке бараæ цæуй, Е сугъдæг æй! Уомæ раздæхдзинайтæ сумах.

37-аг сураæ

Рæнгъæй ралæугутæ[1]

(ас-Саффат)

Хатиргæнагædæр æма тæрегъædгæнагædæр Хуцауи номæй!

1. Ард хуæрун рæнгъæй ралæугутæй,
2. еудадзуг соргутæй,
3. цетæн аргъаугутæй!
4. Уастæн, уæ Еунæхуцау – Еунæг æй.
5. Е æй уæлæрвти, зæнхи æма уонæн се ‘хсæн ци ес, уони Еунæхуцау, хорискæсæнти Бардар.
6. Хæстæгдæр арв Мах исфæлунстан стъалути рæсугъддзийнадæй
7. æма ‘й гъæуай кæнæн алли змæнтæг Ибилисæй.
8. Уони бон сæйраг нихæсмæ байгъосун нæй, æма сæбæл алли ‘рдигæй никкалунцæ,
9. цæмæй сæ уордæги расурдæ уа. Уонæн æносон гъезæмæрдтæ цæттæгонд ес.
10. Фал уотемæй ескæци Ибилис ку раскъæфуй дзурд, уæдта æ фæдбæл ниййарæцæн уй цæфсгæ арт.
11. Æма сæ[2] бафæрсай: етæ федардæр æнцæ, æви Æз ци сфæлдистон, етæ? Уастæн, уони Мах исфæлдистан æндæдзагæ сигитæй.

12. Фал ду дес кæнис, етæ ба гириз кæнунцæ.
13. Уонæн ку бацетунцæ, уæдта сæ зæрдæбæл бадарун нæ бакомунцæ.
14. Æвдесæн ку фæууинунцæ, уæдта ‘йбæл фæхходунцæ.
15. Етæ фæззæгъунцæ: “Е, æнæмæнгæ, бергелли кæлæнтæ ‘нцæ.
16. Æдта нур мах ку рамæлæн æма хотхæ æма стгутæ ку фестæн, уæд ма æгасгонд æрцæудзинан?
17. Кенæ ба нæ фиддæлтæ?”
18. Зæгъæ: “Гъо, æма сумах æгадæгонд æрцæудзинайтæ!”
19. Райгъусдзæнæй æрмæст еунæг гъæр, æма етæ се ‘гасдæр кæсдзæнæнцæ.
20. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Сар нæ сар! Айæ федтони Бон æй!”
21. Айæ исбæрæггæнæн Бон æй, кæций сумах мæнгæбæл нимадтайтæ.
22. Æрæмбурд кæнетæ æнаккæгти æма се ‘нхузæнтти, уæдта етæ кæмæн кувтонцæ
23. Хуцауи бæсти, уони, æма син байамонетæ зиндонæмæ над.
24. Бауораметæ сæ, æма етæ фарст æрцæудзæнæнцæ:
25. “Ци кæнетæ? Кæрæдземæн цæмæннæ ангъос кæнетæ?”
26. Гъо нæ! Абони етæ коммæгæс уодзæнæнцæ.
27. Етæ кæрæдземæ дætдзæнæнцæ фарстатæ.
28. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Сумах нæмæ рахесæрдигæй3 ку ‘рбацудайтæ”.
29. Етæ син дзуапп ратдзæнæнцæ: “Гъо нæ! Сумах уæхуæдтæ нæ адтайтæ æууæндгутæй.
30. Мах баргъон нæ адтан. Сумах уæхуæдтæ адтайтæ, ци ‘нгъизтæй, уой арæнбæл рахезгутæй.
31. Нæ Еунæхуцауи Дзурд нæбæл æрцудæй. Уастæн, мах исахуаддзинан фудæнхард.
32. Мах уæ фæррæдуйун кодтан, фал нæхуæдтæ дæр фæррæдуйгутæй адтан”.
33. Уастæн, еци бон етæ бавзардзæнæнцæ фудæнхард.
34. Уастæн, Мах уотæ бакæнæн тæрегъæдгунти хæццæ.
35. Уотæ син ку дзурдæй: “Хуцауæй фæстæмæ нæййес æндæр хуцау”, - уæд етæ æнæнвæрсон адтæнцæ

36. æма дзурдтонцæ: “Ædта нур мах нæ хуцæуттæ рагæлдздзинан сонт поэти алфæн?”
37. Гъо нæ! Е æрбахаста уацæгадæ æма минæвæртти растдзийнадæбæл бавдесæн кодта.
38. Сумах æнæмæнгæ исахуаддзинайтæ æвеллон гъезæмæрттæй,
39. æма, ци исаразтайтæ, уой тухxæй уин æрцæудзæнæй хадт.
40. Еци гъуддаг нæ хауй Хуцауи æвзурст цагъартæмæ.
41. Æма уонæн æй цæттæгонд зундгонд бунат –
42. рæзæ. Уонæн уодзæнæй фурдзитæгонд
43. мондидзаг рæзбунти.
44. Етæ хуссæнуати баддзæнæнцæ кæрæдзей нихмæ.
45. Уонæбæл зелдзæнæнцæ сауæдонæй конд ниуæзтæй[4] идзаг кæхцити хæццæ,
46. уорс, ниуазгутæн æхцæуæн.
47. Е æрра нæ кæнун кæнуй, уæдта нæ расуг кæнуй.
48. Уонæн сæ рази уодзæнæнцæ гурийтæ, сæ цæстингас æруадзгæй, устурдзæстгинтæ,
49. гъæуай ке киндæ уй, уæхæн айкау.
50. Етæ кæрæдземæ дætдзæнæнцæ фарстатæ.
51. Сæ еу си зæгъдзæнæй: “Мæнæн адтæй æмбал.
52. Е дзурдта: “Нур ду æцæгæй æууæндгути хигъдмæ хауис?
53. Ædта нур мах, ку рамæлæн æма хотхæ æма æстгутæ ку фестæн, уæд ма нин тæрхонгонд æрцæудзæнæй?”
54. Е зæгъдзæнæй: “Не ‘ркæсдзинайтæ?”
55. Е æркæсдзæнæй æма ‘й фæууиндзæнæй зиндони астæу.
56. Е зæгъдзæнæй: “Хуцауæй ард хуæрун! Ду мæ, минкъий ма, удта нæ бабун кодтай.
57. Мæ Еунæхуцауи хуарзæнхæ ку нæ адтайдæ, уæд æз разиндтайнæ, дзаханамани амæттаг ка фæцæй, уони нимæдзи.
58. Ædта нур мах некæд рамæлдзинан

59. нæ фиццаг рамælæти фæсте? Ædта нур мах некæд æрцæудзинан æфхуæрд?”
60. Е æй устур æнтæстдзийнадæ!
61. Уой алфæн косæнтæ фæллойнæгæнгутæ!
62. Аци мийнасæ хуæздæр æй, æви заккум[5] бæласæ?
63. Уой Мах искодтан æнаккæгти цибælæн.
64. Еци бæласæ æй, зиндони бундорæвардæй ка ирæзуй, уæхæн.
65. Уонæн сæ рæзæ Ибилиси сæрти хузæн æнцæ.
66. Етæ сæ хуæрдзæнæнцæ æма си сæ губунтæ идзаг кæндзæнæнцæ.
67. Уой фæсте ба етæ[6] син хælæмулæгонд æрцæудзæнæнцæ ирад дони хæццæ.
68. Уædта сæ фæстæмæ раздахдзæнæнцæ зиндонæмæ.
69. Уастæн, етæ сæ фиддæлти иссирдтонцæ фæррæдуйгутæй
70. æма сæ фæдбæл ратагъд кодтонцæ.
71. Уонæн сæ размæ фæррæдудæнцæ фиццаг фæлтæртæй беретæ.
72. Мах сæмæ рарвистан хе бахезуни тухxæй игъосунгæнгутæ.
73. Æма кæсай, хе бахезуни тухxæй кæмæ бахадтонцæ, уони кæрон циуавæр адтæй,
74. Хуцауиævзурст цагъартæй фæстæмæ.
75. Æма Нæмæ мæнæ Нох искувта, æма Мах ба хъæбæр хуарз дзуапп дæтгутæ ан кувдæн.
76. Мах æй фæййервæзун кодтан æ бийнонти хæццæ унгæгдзийнадæй,
77. æма фæййервæзун кодтан æрмæст уой байзæддæгти.
78. Æ хуарз кой ин Мах ниууагътан фæстагон фæлтæрти æхсæн.
79. Салам Нохæн дуйнети æхсæн!
80. Уастæн, уотæ хуарз гъуддæгтæ аразгутæн бахай кæнæн Мах.
81. Уастæн, е Нæ цагъартæй еу урнæг æй.
82. Иннети ба уой фæсте Мах фæддæлдон кодтан.
83. Æ[7] фарсдартæй еу адтæй Ибрæгим.
84. Мæнæ е æ Еунæхуцаумæ æрбацудæй сугъдæг зæрди хæццæ.

85. Е æ фидæн æма æ адæнæн загъта: “Цæмæ коветæ сумах?
86. Ædта нур сумах Хуцауæй фæстæмæ ма æндæр хуцæуттæмæ бæллетæ, мæнгитæ имисгæй?
87. Æма уæд сумах ци гъуди кæнетæ дуйнети Тубайбæл?”
88. Уой фæсте ба æ цæстингас радардта стъалутæбæл
89. æма загъта: “Æз сæйгё дæн”.
90. Етæ си сæхе рахадтонцæ, сæхе си райесгæй.
91. Е сосæггай багъузтæй сæ хуцæуттæмæ æма загъта: “Хуæрун уæмæ нæ цæуй?
92. Ци кæнетæ? Цæмæннæ неци дзоретæ?”
93. Е сæмæ бацудæй æма сæ æ къохæй хуайун райдædта.
94. Етæ[8] ‘ймæ хæлæфæй æрбауадæнцæ.
95. Е загъта: “Ædта нур сумах, уæхуædæг ке исамадтайтæ, уонæмæ коветæ?
96. Хуцау уæ исфæлдиста, æма нур ци косетæ?”
97. Етæ загътонцæ: “Исаразетæ ин азгъунст æма ‘й артмæ багæлдзетæ!”
98. Етæ æ нихмæ мæнгард миуæ исаразунвæндæ искодтонцæ, фал син Мах сæхе фæнниллæгдæр кодтан.
99. Е загъта: “Æз фæццæун мæ Еунæхуцаумæ, Кæци мæ ракæндзæнæй æррæстæ надмæ.
100. Еунæхуцау, рæстаг цæуæт мин исаккаг кæнæ!”
101. Æма ин уæд Мах æ зæрдæ барохс кодтан æвæлмас биццеуи хабарæй.
102. Æ хæццæ архайунгъони каræмæ ку исхъæрттæй е, уæд ин загъта: “Мæ биццеу! Æз мæ фуни уинун, нивондагæн дæ куд æвгæрдун, æма кæсай, ци сагъæс кæнис уой тухxæй?” Е загъта: “Мæ фидæ! Ци ихæс æвæрд дæбæл ес, уой кæнæ. Хуцауи ку бафæндæ уа, уæд мæн иссердзæнæ тæккæ уалгæдзондæртæй”.
103. Сæ дууæ дæр ку исарази æнцæ и фæндонбæл, уæд æй æ фарсбæл нихъхъан кодта,
104. Мах имæ фæсседтан: “Уо, Ибрæгим!

105. Дæ фун фæррæстмæ кодтай”. Уастæн, хуарздзийнадæ аразгутæн Мах бахатæн.

106. Е æй æцæг фæлварæн.

107. Мах æй балхæдтан устур нивондагæй.

108. Æ хуарз кой ин Мах ниууагътан фæстагон фæлтæрти æхсæн.

109. Салам Ибрæгимæн!

110. Уастæн, гъе уотæ бахатæн хуарз гъуддæгтæ аразгутæн.

111. Уастæн, е Нæ цагъартæй еу урнæг æй.

112. Мах ин æ зæрдæ барохс кодтан, рæстæгти нимæдзæй пахампар, Исхаки хабарæй.

113. Мах фæррæстмæ кодтан уой дæр æма Исхаки дæр. Сæ цæуæти æхсæн ес хуарз гъуддæгтæ аразгутæ дæр æма сæхецæн фуддзийнадæ ка аразуй, уæхæнттæ дæр.

114. Муса æма Харумæн бахай кодтан Нæ хуарзæнхæй.

115. Сæ дууей дæр æма сæ адæни дæр Мах фæййервæзун кодтан унгæгибонæй.

116. Мах син фæййангъос кодтан æма уой тухххæй фæууалахез æнцæ етæ.

117. Мах син балæвар кодтан сугъдæг Финстæг

118. æма сæ æррæстæ надбæл рахудтан.

119. Сæ хуарз кой син Мах ниууагътан фæстагон фæлтæрти æхсæн.

120. Салам Муса æма Харумæн!

121. Уастæн, гъе уотæ бахатæн хуарз гъуддæгтæ аразгутæн.

122. Уастæн, е Нæ цагъартæй еу урнæг æй.

123. Елиа дæр минæвæрттæй еу адтæй.

124. Е загъта æ адæнæн: “Гæр сумах нæ фæттæрсдзинайтæ?

125. Гæр сумах Баъалмæ[9] коветæ, фал тæккæ хуæздæр фæлдесæги ба уадзетæ –

126. Хуцауи, уæ Еунæхуцауи æма уæ фиддæлти Еунæхуцауи?”

127. Етæ ‘й мæнгæбæл банимадтонцæ, æма етæ, æнæмæнгæ, зиндони

уодзænæнцæ æмбурдгонд,

128. Хуцауи æвзурст цагъартæй фæстæмæ.

129. Æ хуарз кой ин Мах ниууагътан фæстагон фæлтæрти æхсæн.

130. Салам Елиайæн!

131. Уастæн, гъе уотæ бахатæн хуарз гъуддæгтæ аразгутæн.

132. Уастæн, е Нæ цагъартæй еу урнæг æй.

133. Лут дæр минæвæрттæй еу адтæй.

134. Мах æй æ бийнонти хæццæ фæййерваэзун кодтан,

135. зæронд уосæй[10] фæстæмæ, кæци адтæй фæстæгти хæццæ байзайæг.

136. Уæдта иннети ба æгасей дæр бабун кодтан.

137. Сумах сæ рæзти рафецауетæ сæумæ дæр,

138. изæрæй дæр. Гæр, сумах уой нæ лæдæретæ?

139. Йунус дæр минæвæрттæй еу адтæй.

140. Е фæллигъдæй идзаг науæмæ.

141. Е иннети хæццæ хæлттæ исгæлста æма æмбулди фæцæй.

142. Уой ранихъуардта кæсалгæ, кæд æма фауйнаг адтæй.

143. Хуцауæн табугæнгутæй еу ку нæ адтайдæ,

144. уæд, æнæмæнгæ, уой губуни байзадайдæ исæндедзæн бони уæнгæ.

145. Мах æй рагæлстан æвдигъд бунатмæ, æма е сæйгæ адтæй.

146. Æма ин æ рази исæвзурун кодтан насæ.

147. Мах æй рарвистан сæдæ минемæ, кенæ уомæй никки фулдæрмæ.

148. Етæ бауууæндтæнцæ, æма син Мах барæ равардтан æнгъуд рæстæгмæ гъæздугдзийнæдтæй пайда кæнун.

149. Ба сæ фæрсай, дæ Еунæхуцауæн цæмæн ес кизгуттæ, уонæн ба – фурттæ?

150. Æви, мийяаг, изæдти Мах исфæлдистан силгоймæгтæй, æма етæ ба уæд уоми адтæнцæ?

151. Уастæн, сæ мæнгæттæй етæ дзорунцæ:

152. “Хуцау нийяердта”. Уастæн, етæ мæнгæттæ ‘нцæ.

153. Æдта нур Е кизгутти равзурста æма сæ фурттæй фæббæрзонддæр

кодта?

154. Ци уæбæл æрцудæй? Куд тæрхон кæнетæ?

155. Цæмæннæ æрæфтауетæ уæ зæрдæбæл уосиат?

156. Æви уæмæ æцæг æвдесæндар ес?

157. Кæд раст дзоретæ, уæд рахæссайтæ уæ Финстæг.

158. Етæ Уой æма дзинти æхсæн исивардтонцæ хæстæгдзийнадæ, фал дзинтæ зонунцæ æмбурдгонд ке уодзæнæнцæ.

159. Етæ цитæ имисунцæ Хуцаубæл, Е уомæй бæрзонддæр æй.

160. Еци гъуддаг æрмæст Хуцауи цагъартæ нæ кæнунцæ.

161. Сумах[11] дæр æма сумах цæмæ коветæ,

162. уони бон дæр не суодзæнæй Уомæй еске райеуварс кæнун,

163. зиндони ка гъæуама басодза, уонæй фæстæмæ.

164. Изæдтæ загътонцæ: “Сумахæй алкæмæн дæр ес æхе зундгонд бунат.

165. Уастæн, мах рæнгъитæй ралæууæн.

166. Уастæн, мах Хуцауæн табу кæнæн”.

167. Етæ[12] загътонцæ:

168. “Фиццаг фæлтæртæй нæмæ цетæн ку адтайдæ,

169. уæд, æнæмæнгæ, Хуцауи æвзурст цагъартæ адтаййанæ”.

170. Етæ ‘йбæл нæ бауæндтæнцæ, æма тагъд рæстæги базондзæнæнцæ.

171. Не ‘рвист цагъартæн Нæ Дзурд загъд æрцудæй.

172. Уастæн, уонæн æрцæудзæнæй æнхус.

173. Уастæн, Мах æфсад фæууæлахез уодзæнæй.

174. Æма си æнгъуд рæстæгмæ дæхе рахатæ.

175. Бакæсай сæмæ, æма тагъд рæстæги етæ фæууиндзæнæнцæ.

176. Æдта нур етæ гъезæмæрттæ тагъддæр кæнунцæ Махæй?

177. Уони фæзуатмæ ку æрцæуонцæ етæ, уæд кæмæн дзурд цудæй хе багъæуай кæнуни туххæй, уони сæумæ хъæбæр лæгъуз уодзæнæй.

178. Æма си æнгъуд рæстæгмæ дæхе рахатæ.

179. Кæсай, æма етæ тагъд фæууиндзæнæнцæ.

180. Дæ Еунæхуцау тухгиндзийнади Еунæхуцау æй, сугъдæг æй æма,

етæ ибæл цитæ имисунцæ, уонæй изол æй.

181. Салам минæвæрттæн!

182. Табу Хуцауæн, дуйнети Тубайæн!

38-аг сурæ

Сад

(Сад)[1]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй!

1. Сад. Цетæн кæми ес, еци Хъуранæй ард хуæрун!
2. Фал ка не ‘ууæндуй, етæ ба æнхæл æма хецмæрдзийнади амæттаг æнцæ.
3. Ædта, куд берæ фæлтæртæ бабун кодтан Мах уони размæ! Етæ ма бæргæ искувтонцæ, фал байрæги ‘й, цæмæй сæхе бахезонцæ.
4. Етæ бадес кодтонцæ, хе бахезуни тухxæй сæмæ игъосунгæнæг ке ‘рбацудæй сæхе ‘хсæнæй, уобæл, æма æнæууæнкитæ загътонцæ: “Е мæнгæттæ кæлæнгæнæг æй!
5. Ædта нур е хуцæутти Еунæг Хуцау фестун кодта? Уастæн, е цидæр дессаг æй!”
6. Се ‘хсæн, æскъуæлхт адæнæй ка адтæй, етæ рандæ ‘нцæ æма загътонцæ: “Цотæ æма бухсетæ уæ хуцæутти тухxæй. Уастæн, е цидæр нет æй.
7. Мах уой тухxæй неци фегъустан фæстаг[2] дини. Е æримистдзийнадæй ændæр неци ‘й.
8. Ædта нур не ‘хсæн цетуйнаг æрмæст уомæ æрвист æй?” Гъо нæ! Етæ Мæ цетæнбæл[3] гурусхæ кæнунцæ. Гъо нæ! Етæ гъезæмарædзийнадæй нæма исахустонцæ.
9. Æви сæмæ дæ Тухгиндæр æма Тætондæр Еунæхуцауи хуарзæнхи хæзнадæнттæ ес?
10. Æви, миййаг, уæлæрвтæ æма зæнхæ, уædта уони ‘хсæн ци ес, етæ уони бæрни ‘нцæ? Мадта уæд уæларвмæ исхезæнтæ бæндæнтæбæл.

11. Еци æфсад дæрæнгонд æрцæудзæнæй, раздæр се ‘мкъуартæ куд, уотæ.
12. Уони размæ минæвæртти мæнгæбæл банимадтонцæ Нохи адæн, адиттæ æма Фёрёон, бæхъити бардар,
13. Самудиантæ, Лути адæн æма Айки цæргутæ. Етæ се ‘мкъуарæй адтæнцæ.
14. Етæ æгасæйдæр мæнгæбæл банимадтонцæ минæвæртти, æма Мæ фудæнхард æцæг адтæй.
15. Фæстæмæ раздахæн кæмæн нæййес, еци еу гъæрæй æндæр сæ нецæмæ æнгъæлмæ кæсун гъæуй.
16. Етæ загътонцæ: “Нæ Еунæхуцау! Нæ хай нин æрбахæстæг кæнæ4 федтони бони æрцудмæ”.
17. Етæ ци дзорунцæ, уомæн бухсæ æма Нæ тухгин цагъар Дауити ном иссерæ. Е алкæддæр Хуцаумæ кувта.
18. Мах ин æ бæрни бакодтан хуæнхтæ, æма етæ фæсарæфтæ дæр æма сæумæ дæр æ хæццæ табу кодтонцæ.
19. Уæдта еумæ æрæмбурдгонд мæргътæ. Етæ æгасæйдæр Уомæ сæхе хаттонцæ.
20. Мах ин æ баргъондзийнадæ ниффедар кодтан æма ин балæвар кодтан зунд æма федар дзурд.
21. Мийййаг нæ фегъустай, ковæндони горени сæрти ка бахизтæй, уони буцæуи райеудагъи хабар?
22. Етæ бацудæнцæ Дауитмæ æма си е ба фæттарстæй. Етæ загътонцæ: “Ма тæрсæ, мах дууæ буцæугæнæги ан. Нæ еу ни иннемæн зулун миуæ ракодта, æма нин рæстбæл истæрхон кæнæ. Зулун ма фæууо æма нин раст над байамонæ.
23. Айæ ме ‘нсуваер æй. Ес имæ науæдзæ фараст фуси, мæнмæ ба – еунæг фус. Е загъта: “Раттæ мин æй!” – æма мæбæл дзурдæй фæхъхъæбæрдæр æй”.
24. Дауит загъта: “Е дин раст нæ бакодта, дæ еу фус дин ку ракурдта æхеуæнттæбæл бафтаун, уæд. Уастæн, хайдартæй беретæ арæх зулун разиннунцæ, ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразуй, уонæй фæстæмæ. Фал уæхæнттæ ба минкъий æнцæ”. Дауит балædæрдтæй, Мах

æй фæлваргæ[5] ке кодтан, æма æ Еунæхуцауæй хатир ракурдта, дæлгоммæ æрхаудтæй æма æ рæдудбæл басастæй.

25. Мах ин æй ниххатир кодтан. Уастæн, е Нæмæ хæстæггонд æй, æма уомæн заманай раздæхæн бунат цæттæгонд æй.

26. Уо Дауит! Уастæн, Мах дæ зæнхæбæл исивардтан бардараей. Тæрхон кæнæ адæнæн рæстбæл æма сæ аййеп монцти фæдбæл ма цо, кенæдта дæ Хуцауи надæй еуварс расайдзæнæнцæ. Уастæн, Хуцауи надæй ка рахезуй, уомæн ба æбуалгъ гъезæмарæдзийнадæ цæттæгонд æй, федтони Бон ке феронх æнцæ, уой туххæй.

27. Арв æма зæнхæ, уæдта уонæн сæ астæу цидæриддæр ес, уони Мах дзæгъæли не сфæлдистан. Уотæ, æрмæстдæр ка не ‘ууæндуй, етæ сагъæс кæнунцæ. Æма ка не ‘ууæндуй, етæ ба додой кæндзæнæнцæ артæй!

28. Ædта нур Мах, ка æууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уони, æнаккагдзийнадæ ка парахат кодта, уони хæццæ рабардзинан? Æви Хуцауæй ка тæрсуй, уони тæрегъædгунти хæццæ рабардзинан?

29. Мах дæмæ ци рарвистан, е сугъдæг Финстæг æй, цæмæй етæ айаттæбæл расагъæс кæнонцæ æма сæ зундæй Нæ уосиат балædæронцæ.

30. Мах Дауитæн балæвар кодтан Сулеймани. Куд хуæрзконд адтæй еци цагъар! Уастæн, е алкæддæр Хуцаумæ æхе хадта.

31. Еухатт фæсарæфтæ ин бавдистонцæ къахиндæг, уадæндзо бæхтæ.

32. Е загъта: “Хуцауи ном ерунæй æз ме ‘ргом хъæбæрдæр рахадтон мулк уарзондзийнадæмæ, цалдæн е[6] нæ фæййаууон æй æрвгæрони.

33. Фæстæмæ мæмæ сæ раздахетæ!” Уой фæсте ба син е сæ уæргутæ æма бæрзæйтæ даун райдædта.

34. Мах бафæлвардтан Сулеймани цибæлæй æма ин æ тронбæл æргæлстан харуæ[7], æма уой фæсте ба е æ рæдудбæл басастæй.

35. Е загъта: “Еунæхуцау! Ниххатир мин кæнæ æма, æндæр кæмæн некæд бал æмбæлдзæнæй мæн фæсте, уæхæн бартæ мин раттæ. Уастæн, Ду тætон дæ”.

36. Æма ин уæдта Мах æ дæлбаræ бакодтан дунгæ, кæци уой фæндонæй

думдта фælмæн, кумæдæриддæр æй бафæндæ уидæ, уордæмæ,

37. уæдта Ибилисти – алци аразгути æма дони нихъулгути,

38. уæдта æндæр уæхæнтти, хъадамати баст уæвгути.

39. Е Нæ лæвар æй æма, ци хуарзæнхæ дæттæ, ци сæ ауæрцæ кæнæ – нæ ди бадæндæ уодзæнæй дзуапп.

40. Уастæн, е Нæмæ хæстæггонд æй, æма уомæн заманай раздæхæн бунат цæттæгонд æй.

41. Нæ цагъар Айуби ном иссерæ. Е æ Еунæхуцаумæ искувта: “Ибилис мин зиан æма гъезæмарæдзийнадæ æрхаста!”

42. Уомæн загъд адтæй: “Дæ къахæй æртъæпп кæнæ! Мæнæ дин сатæг дон æртайунæн дæр æма ниуазунæн дæр”.

43. Уомæн Мах балæвар кодтан æ бийнонти, уæдта ма сæ хæццæ еу уой бæрцæ Нæ хуарзæнхæй, куд зæрдæбæл дарæнæн, зунд кæмæ ес, уонæн.

44. Дæ къохмæ райсæ бундзуг, дæ уоси си ниццæвæ æма ард бахуæруни сæрти ма хезæ”. Уастæн, Мах æй уалгæдзонæй иссердтан. Куд дессаг адтæй аци цагъар! Уастæн, е алкæддæр Хуцаумæ кувта.

45. Нæ цагъартæ, тухгин æма сæрæнтæ, Ибрæгим, Исхак æма Йакуби рохс нæмттæ иссерæ.

46. Фæстаг цæрæнуат зæрдиагæй ке имистонцæ, уой тухxæй сæ равзурстан Мах.

47. Уастæн, етæ Махмæ æвзурст, хуæздæрти нимæдзи æнцæ.

48. Исмаил, Илас[8] æма Зуль Кифли нæмттæ иссерæ. Етæ æгасæйдæр хуæздæрти нимæдзи æнцæ.

49. Е зæрдæбæл дарунæн æнцæ, æма Хуцауæй тæрсгутæн заманай раздæхæн бунат цæттæгонд æй –

50. Дзенети рæзбунтæ, кæций дуæрттæ уонæн игон уодзæнæнцæ.

51. Етæ уоми уолæфдзæнæнцæ, сæхе бакъолæ кæнгæй, æма сæхецæн аллихузи рæзæ æма ниуæзтæ æрбахæссунгæнгæй.

52. Сæ цори ба уодзæнæнцæ се ‘нгарæ силгоймæгтæ, сæ цæстæнгас æруадзгæй.

53. Е æй федтони Бонмæ уин ци ивæрзт адтæй.
54. Е Нæ ænæфедуйгæ фарнæ ‘й.
55. Гъе уотæ! Уастæн, ци ‘нгъезуй, уой арæнбæл ка рахезуй, уонæн илгъаг раздæхæн бунат цæттæгонд æй –
56. дзаханаман, кæцими содздзæнæнцæ етæ. Æма куд æбуалгъ хуссæн æй е!
57. Е ирайгæдон æма хæфæ ‘й. Æма си ахуадæнтæ.
58. Уонæн ændæр уæхæн гъезæмæрттæ дæр ма ес цæттæгонд.
59. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Е, уæ хæццæ ка нийарæцæн æй, уæхæн адæни ærдонг ænцæ. Сумахæн салам нæййес! Уастæн, сумах арти содздзинайтæ!”
60. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Нæ! Е сумахæн нæййес салам! Уой сумах исаразтайтæ махæн. Куд æбуалгъ бунат æй е!”
61. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Нæ Еунæхуцау! Уой нин ка бавзарун кодта, уонæн никкидæр ма фæффулдæр кæнæ сæ гъезæмæрттæ арти”.
62. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Ци нæбæл æрцудæй? Мах лæгъузбæл ке нимадтан, уони цæмæннæ уинæн?
63. Ædта сæбæл ænæрастæй гириз кодтан? Æви сæ нæ цæстæ нæ цураæræ кæнуй?”
64. Уастæн, арти фицгути буцæудзийнадæ æцæг æй.
65. Зæгъæ: “Æз æрмæстдæр хе багъæуай кæнуни тухxæй игъосунгæнæг дæн. Æндæр хуцау нæййес Еунæг æма Тухгин Хуцауæй,
66. арв, зæнхæ, æма сæ астæу цидæриддæр ес, уони Тубай, Тухгин æма Алцихатиргæнагæй фæстæмæ”.
67. Зæгъæ: “Е устур хабар æй,
68. кæцимæй сумах уæхе рахатетæ.
69. Уæллаг сонми цæбæл буцæу кодтонцæ, уой тухxæй мæнмæ неци зонундзийнадæ ес.
70. Мæнæн æргомæги æрмæст уой тухxæй загъд цæуй, æма æз æрмæст хе бахезуни тухxæй игъосунгæнæг æма лædæрунгæнæг ке дæн”.
71. Мæнæ дæ Еунæхуцау изædтæн загъта: “Æз адæймаги исфæлдистон

сигитæй.

72. Æма ин аккаг фæлгонц ку исаразон æма ‘ймæ Мæ уодæй уод ку бауадзон, уæд æ размæ æркъолæ кæнетæ”.
73. Изæдтæ ин æгасæйдæр æркъолæ кодтонцæ,
74. Ибилисæй фæстæмæ, кæци исхецмæр æй æма ænæууæнкитæй еу иссæй.
75. Е загъта: “Уо Ибилис! Ци дæ багъигæ дардта, Æз Мæхе дууæ къохемæй ке сфæлдистон, уой размæ дæхе æркъолæ кæнун? Ду исхецмæр дæ æви, æхе ка уæлиау кæнуй, Уони нимæдзæй дæ?”
76. Е загъта: “Æз уомæй хуæздæр дæн. Ду мæн исфæлдистай артæй, уой ба исфæлдистай сигитæй”.
77. Е загъта: “Фесæфæ ардæгæй! Абонæй фæстæмæ ду сурд æма нæмуйнаг дæ.
78. Æма Ме ‘лгъистæ дæбæл уодзænæй федтони Бони уалдæнгæ”.
79. Е загъта: “Еунæхуцау! Етæ нæуæгæй æгасгонд цалдæн æрцæуонцæ, еци бонмæ мин æнгъуд раттæ”.
80. Е загъта: “Уастæн, æнгъуд лæвæрд кæмæн æрцудæй, уонæй ду сæ еу дæ,
81. Æ рæстæг бæрæггонд кæмæн æй, еци бонмæ”.
82. Е загъта: “Дæ тухгиндзийнадæй ард хуæрун! Æз се ‘гасейдæр мæ фæдбæл расайдзæн,
83. Де ‘взурст цагъартæй фæстæмæ”.
84. Е загъта: “Е æцæг æй! Æз æрмæст æцæгдзийнадæ дзорун.
85. Æз, ænæмæнгæ, зиндонæ байдзаг кæндзænæн дæуæй, æма дæ фæдбæл ка рацæуа, уонæй”.
86. Зæгъæ: “Уой тухxæй уи æз неци хуæрзеуæг корун æма мæхецæн имисундзийнæдтæй нæ зин кæнун.
87. Е æрмæст цетундзийнадæ ‘й дуйнетæн.
88. Сумах ба, ænæмæнгæ, еу рæстæги фæсте фегъоссинайтæ уой тухxæй хабар”.

39-аг сураæ

Æрдонгтæ

(аз-Зумар)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Финстæг æрвист æй тухгин æма сем Хуцауæй.
2. Мах дин Финстæг нирвистан уацæгади, æма ковæ Хуцауæн, Æ размæ Ин дин кædзос кæнгæй.
3. Уастæн, сугъдæг дин еунæг Хуцауæн фæлдист гъæуама уа. Уомæй фæстæмæ ма æндæр баридаугутæ æма ангъосгæнгутæ ка райста æхецæн, етæ ба дзорунцæ: “Мах уонæн ковæн æрмæстдæр уой тухxæн, цæмæй нæ етæ Хуцаумæ куд хæстæгдæр, уотæ куд банвахсдæр кæнонцæ”. Хуцау син истæрхон кæндзæнæй, етæ кæми рædудæнцæ, уобæл. Уастæн, Хуцау æррæстæ надбæл нæ хонуй мæнгæттæ ка дзоруй æма ка не ‘ууæндуй, уони.
4. Хуцауи ку бафæндадтайдæ, цæмæй Ин сувæллæнттæ адтайдæ, уæд Е сфæлдесæндтæй ке ‘Й бафæндадтайдæ, уой равзурстайдæ. Сугъдæг æй Е! Е еунæг æма тухгин Хуцау æй.
5. Е исфæлдиста арв æма зæнхæ уацæгадæй. Е æхсæвæй нимбæрзуй бонæ æма бонæй ба бамбæрзуй æхсæвæ. Е Æ бæрни бакодта хор æма мæйæ. Етæ æгасæйдæр æнгъуд рæстæгмæ тулунцæ. Уастæн, Е тухгин æма алцихатиргænагæ æй.
6. Е уæ исфæлдиста еунæг адæймагæй. Е ин æхецæй исфæлдиста уосæ æма уин фонсæй рарвиста аст, æнкъæйттæй. Е уæ исфæлдесуй уæ маддæлти губуни: еу исфæлдесонд фæззиннуй инней фæдбæл æртæ тареми[1]. Уæхæн æй Хуцау, уæ Тубай. Уой къохи ‘й баргъондзийнадæ. Уомæй фæстæмæ æндæр Хуцау нæййес. Æдта куд еуварс айтæ æцæгдзийнадæй!
7. Сумах ку нæ баууæндайтæ, уæд Хуцау сумах гъæуагæ нæй. Е Æ цагъартæн æнæууæнкædзийнадæбæл арази нæй. Сумах боз ку уайтæ, уædта уин Е дæр уобæл исарази уодзæнæй. Еунæг уод дæр нæ фæххæсдзæнæй еске уаргъ. Уædта уæ уой фæсте уæ еунæхуцаумæ раздæхун гъæудзæнæй. Е уин

фегъосун кæндзæнæй, сумах цитæ аразтайтæ, уой. Уастæн, сумахæн уæ реути ци ес, Е уой зонуй.

8. Ести зæран ку бандзæвуй адæймагбæл, уæд æ Еунæхуцаумæ исковуй, æрмæст Уомæ æхе хатгæй. Е ин Æ хуарзæнхæй ку бахай кæнуй, уæдта адæймаг феронх уй, уой размæ Кæмæ седтæй, Уой, æма Хуцауи æмсæр искæнуй æндæрти, цæмæй уомæй фæффесинмæ кæна Æ надæй. Зæгъæ: "Де 'нæууæнки хæццæ ма рæстæгмæ рапайда кæнæ и хуарзæнхæй! Уастæн, ду арти амæттæгтæй еу уодзæнæ".
9. Æдта нур æхсæйвон сахæттæ, хъанæй дæр æма лæугæй дæр, уесгæй ка ковуй, фæстаг цардæй тæрсгæй æма æ Еунæхуцауи хуарзæнхæмæ æнгъæлдзауæй, е æнæууæнки хæццæ æмсæр æй? Зæгъæ: "Мийяаг, ка зонуй æма ка нæ зонуй, етæ æмсæр æнцæ?" Уастæн, зунд кæмæ ес, æрмæст етæ имисунцæ уосиат.
10. Мæ цагъартæй ка бауууæндтæй, уонæн зæгъæ: "Уæ Еунæхуцауæй тæрсетæ! А дуйнебæл хуарздзийнадæ ка исаразта, уонæн хуарздзийнадæ цæттæ 'й. Хуцауи зæнхæ урух æй. Уастæн, уалгæдзонтæн сæ хуæрзеугутæ лæвæрд æрцæудзæнæнцæ æнæ нимæдзæй".
11. Зæгъæ: "Мæнбæл Хуцауæн ковун ихæс ес, Æ размæ дин кæдзосгæнгæй.
12. Уæдта мин Хуцауи коммæгæстæй[2] фиццаг ун ихæс ес".
13. Зæгъæ: "Æз тæрсун, мæ Еунæхуцауи коммæ ку нæ бакæсон, уæд мæ Устур бон гъезæмæрттæ байяафдзæнæнцæ".
14. Зæгъæ: "Æз ковун еунæг Хуцаумæ, Æ размæ Ин дин кæдзосгæнгæй.
15. Æма коветæ Уомæй фæстæмæ ма, кæмæн уæ фæндуй, уонæмæ". Зæгъæ: "Уастæн, исæндедзæн бон æхе дæр æма æ бийнонти дæр ка фесафа, етæ базæран уодзæнæнцæ. Уастæн, е æцæг зæран æй!
16. Уонæн сæ сæрмæ артæй æмбæрзæн уодзæнæй, сæ бунмæ дæр æмбæрзæн уодзæнæй". Е Хуцау тæрсун кæнуй Æ цагъарти. Уо Мæ цагъартæ, тæрсетæ Мæнæй!
17. Фуддзийнадæй[3] æхе ка райеуварс кодта æма уонæмæ ковун æхецæн ка не 'саккаг кодта æма Хуцаумæ æхе ка рахадта, уонæн хуарз хабар ес. Æма

барохс кænæ Мæ цагъарти зæрдитæ,

18. кæцитæ дзурдмæ игъосунцæ æма сæ хуæздæрети фæдбæл цæунцæ. Етæ, Хуцау æррæстæ надбæл ке ниррæсагъта, етæ ‘нцæ. Æма етæ зунд кæмæ ес, етæ ‘нцæ.
19. Гъезæмæртти тухxæй дзурд кæбæл æрцудæй æма арти ка ‘й, миййаг, уой фæййервæзун кæнун дæ бон исуодзæнæй?
20. Фал æ Еунæхуцауæй ка тарстæй, уонæн ба цæттæгонд æнцæ уæлуадзгутæ, кæцитæ арæзт æнцæ еу инней сæрбæл, æма сæ бунæй ба цæугæдæнттæ кæмæн уайуй, уæхæнттæ. Уæхæн æй Хуцауи ивæрзт, æма Хуцау ба æ байвæрзт нæ фехалуй!
21. Æдта нур ду нæ фæууидтай, Хуцау ке нирвиста арвæй дон, æма ‘й ке ‘рбакодта сауæдæнттæмæ зæнхæбæл? Уæдта уой фæрци Е исæвзурун кæнуй аллихузи игуæрдæнтæ. Уой фæсте ба етæ бампулунцæ, æма сæ ду фæууинис боргондæй. Уæдта сæ хотхæ фестун кæнуй. Уастæн, уой медæгæ, зунд кæмæ ес, уонæн цетуйнаг ес.
22. Æдта нур Хуцау ке реу байгон кодта исламæн æма æ Еунæхуцауæй рохс ка фæууидта, е æнæууæнки хæццæ æмхузон æнцæ? Хуцауи ном ерунмæ ке зæрдитæ къæтæр æнцæ, етæ додоййаг æнцæ! Етæ хъæбæр рæдуйунцæ.
23. Хуцау æрæрвиста тæккæ хуæздæр уац – Финстæг, кæций айаттæ æнгæс æнцæ æма фæлхæтунцæ. Æ Еунæхуцауæй ка тæрсуй, уонæн амæй сæ бауæр ниррезуй. Уой фæсте ба сæ цар дæр æма сæ зæрдитæ дæр фæффæлмæн унцæ Хуцауи ном ергæй. Е Хуцауи раст разамонæг æй, кæций фæрци Е æррæстæ надбæл хонуй, ке ‘Й бафæндуй, уони. Хуцау ке фæррæдуйун кæна, уомæн ба унаффæгæнæг нæ разиндзæнæй.
24. Исæндедзæн бони æ цæсгонæй ке багъæуа гъезæмæрттæй æхе багъæуай кæнун, етё, æдта, урнæги хæццæ æмхузон æнцæ? Æнаккæгтæн зæгъдзæнæнцæ: “Ци уæ фæцæй, нур ба уомæй исахуадетæ!”
25. Сæ развæдонтæ дæр минæвæртти мæнгитæбæл нимадтонцæ, æма сæмæ гъезæмæрттæ фæззиндтæнцæ, кæцæй не ‘нгъæл адтæнцæ, уордæгæй.
26. А дуйнебæл син Хуцау гириззагдзийнадæ исахуадун кодта. Фæстаг царди ба,

ænæmængæ, гъезæмæрттæ фулдæр уодзænæнцæ. Нур уой ку зониуонцæ!

27. Аци Хъурани Мах æрхастан аллихузон дæнцæнтæ, цæмæй сæ бон уа уосиат æримисун.
28. Мах нирвистан Хъуран араббагævзагбæл, кæцими нæййес зулундзийнадæ, цæмæй етæ фæттæрсонцæ.
29. Хуцау дæнцæнæн æрхæссуй еу лæги, кæций тухxæй буцæу кодтонцæ æ хайдартæй цалдæр, уæдта еунæг адæймаги хæццæ амбал ка ‘й, уæхæн лæги. Дæнцæни етæ æмхузон ænцæ? Табу Хуцауæн æмбæлуй. Фал уонæн ба сæ фулдæретæ уой нæ зонунцæ.
30. Уастæн, ду ænæмælгæ нæ дæ, уæдта етæ дæр ænæмælгæ нæ ‘нцæ.
31. Уой фæсте ба исæндедзæн бони сумах буцæу кæндзинайтæ уæ Еунæхуцаумæ.
32. Хуцаубæл мæнгитæ ка æримиста æма рæстдзийнадæ мæнгæбæл ка банимадта, ку имæ ‘рбацудæй, уæд, уомæй ænæрастдæр ма ка уодзænæй? Мииййаг, ænæууæнкити цæрæнуат зиндони нæй?
33. Фал рæстдзийнади хæццæ ка ‘рбацудæй, æма уой æцæгдзийнадæбæл ка банимадта, етæ æцæгæйдæр Хуцауæй тæрсгутæ ‘нцæ.
34. Уонæн сæ Еунæхуцаумæ, ци сæ гъæуй, е цæттæгонд æй. Хуарз гъуддæгтæ аразгутæн уотæ хадт цæуй,
35. цæмæй син Хуцау, фуддæр гъуддаг ци бакодтонцæ, уой ниххатир кæна, æма син, хуæздæр гъуддагæй ци бакодтонцæ, уомæй ба бахата.
36. Æма *Æ* цагъарæн Хуцау фагæ нæй? Етæ дæ тæрсун кæнунцæ, Уомæй ниллæгдæр ка ‘й, уонæй[4]. Хуцау ке фæррæдуйун кæна, уомæн ба ахургænæг нæбал разиндзænæй.
37. Хуцау ке исивæра раст надбæл, уой ба неке бон исуодзænæй фæррæдуйун кæнун. Мадта Хуцау тухгин, кинæ хатунгъон нæй?
38. Нур сæ ку бафæрсай: “Арв æма зænхæ ка исфæлдиста?” – уæд етæ ænæмængæ зæгъдзænæнцæ: “Хуцау”. Зæгъæ: “Хуцауи бæсти кæмæ коветæ, уони фæууидтайтæ? Хуцау мин зæран æрхæссуйнаг ку уа, уæд *Æ* зæранæрхаст райеуварс кæнун сæ бон исуодзænæй? Кенæ, Е мин ести

хуарзæнхæ ку фæууа, уæд уони бон исуодзæнæй Æ хуарзæнхæ бауорамун? Зæгъæ: “Хуцау мæ фагæ ‘й. Еунæг Уомæ æнгъæлдзау æнцæ æнгъæлдзаутæ”.

39. Зæгъæ: “Уо мæ адæн! Куд уæ фæндуй, уотæ архайетæ, æз дæр архайдзæнæнцæ. Тагъд базондзинайтæ,

40. гъезæмарæ ке баййафдзæнæй, кæци æй фæггириззаг кæндзæнæй, уæдта æносон гъезæмæрттæ кæбæл æрхаудзæнæнцæ, уони”.

41. Мах дин Финстæг нирвистан уацæгади адæнæн. Æррæстæ надбæл ка рацудæй, е æхе тухxæй бакодта уотæ. Ка фæррæдудæй, е ба æхе зæранæн кæнуй уотæ, æма ду ба уонæн ауодæг дæр æма гъæуайгæнæг дæр нæ дæ.

42. Хуцау æрæнцойнæ кæнуй уодтæ сæ адзали усми. Ци уод нæма фæммæлуй, уой ба райсуй фуни рæстæги. Ке адзал æрхъæртуй, уой бауорамуй, инней ба æнгъуд рæстæгмæ рауадзуй. Уастæн, уоми, ка сагъæс кæнуй, уонæн æвдесæнтæ ес.

43. Æви Хуцауæй æндæр ма сæрбæлдзоргутæ райстонцæ сæхецæн? Зæгъæ: “Æма уотемæй етæ кæд нецæмæ барæ дарунцæ æма неци зонунцæ, уæдта?”

44. Зæгъæ: “Æнхæстæй дæр сæрбæлдзорун Хуцауи бæрни æй. Уæлæрвтæбæл дæр æма зæнхæбæл дæр Хуцауи барæ цæуй, æма Уомæ æрцæудзинайтæ æздæхт”.

45. Æрмæст еунæг Хуцауи ном ку фæййерунцæ, уæд ка не ‘ууæндуй фæстаг цардбæл, уони зæрдитæ фенкъусдзæнæнцæ фур илгъæй. Уомæй ниллæгдæр ка ‘й, уони ку фемисунцæ, уæдта цийнæ кæнунцæ.

46. Зæгъæ: “Уо Хуцау, уæлæрвтæ æма зæнхæ исфæлдесæг, сосгъуддаг дæр æма æргом гъуддаг дæр зонæг! Ду истæрхон кæндзæнæ Дæ цагъартæн, етæ цæбæл буцæу кодтонцæ, уобæл”.

47. Зулундзийнадæ ка аразта, уонæмæ алцидæр ку адтайдæ, зæнхи цъарæбæл цидæриддæр ес, уонæй, уæдта ма никки уой бæрцæ, уæд равзурстайуонцæ исæндедзæн бони сæхе балхæнун æбуалгъ гъезæмарæй. Фал син Хуцауæй раргом уодзæнæй, етæ æнгъæл дæр ци нё адтæнцæ, уæхæн гъуддаг.

48. Сæхецæн ци фуд гъуддæгтæ исбон кодтонцæ, е син байгон уодзæнæй, цæбæл айуан кодтонцæ. е ба сæбæл æртумугъ уодзæнæй.

49. Адæймагбæл зæрандзийнадæ ку бамбæлуй, уæд Хуцаумæ исковуй. Нæ хуарзæнхæй ин ку бахай кæнæн, уæдта фæззæгъуй: “Уастæн, е мин мæ зонундзийнæдти фæрци лæвард æй”. Гъо нæ, е цибæл æй, фал сæ фулдæретæ ба уой нæ зонунцё.
50. Сæ развæдонтæ дæр уотæ дзурдтонцæ, фал ци исбон кодтонцæ, е син нæ фæййагъаз æй.
51. Ци исбон кодтонцæ сæхецæн, еци фуд гъуддæгтæ сæ байардтонцæ. Анæй раст ка нё адтæй, етæ дæр ци исбон кодтонцæ сæхецæн, еци фуд гъуддæгтæ сæ байардзæнæнцæ, æма син нæ бантæсдзæнæй уомæй фæййервæзун.
52. Гæр уой нæ зонунцæ, æма Хуцау, кæмæн Æй фæндуй, уомæн ке фæффулдæр кæнуй кенæ ке фæккунæгдæр кæнуй и амонд? Уастæн, уоми æууæнкæ адæнæн æвдесæнтæ ес.
53. Мæ цагъартæй сæхе зæранæн ка æгæр кодта, уонæн зæгъæ: “Хуцауи хуарзæнхæй уæхе ма хатетæ. Уастæн, Хуцау æгас тæрегъæдтæ дæр ниххатир кæнуй, уомæн æма Е хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ æй”.
54. Уæ Еунæхуцаумæ уæхе бахатетæ æма Æ коммæ кæсетæ, цалдæн уæмæ гъезæмæрттæ нæ фæззиннонцæ, уомæн æма уин уæд æнхусгонд нæбал уодзæнæй.
55. Хуцауæй уин хуæздæрæй ци æрвист ес, уой фæдбæл цотæ, цалдæн уæмæ гъезæмæрттæ нæ фæззиннонцæ, кæцитæн се ‘рбацуд лæдæргæ дæр нæ бакæндзинайтæ.
56. Цæмæй адæймаги ма багъæуа уотæ дзорун: “Хуцауи туххæй æдзæфсæ ке адтæн, уой туххæй додоййаг дæн! Æз æрмæстдæр айуангæнгутæй еу адтæн!”
57. Кенæ ин уотæ дзоргæ куд нæ рауайа: “Хуцау мæ раст надбæл ку исивардтайдæ, уæд хуцаудæрсгутæй еу адтайнæ æз дæр”.
58. Кенæ, гъезæмæрттæ ку фæууина, уæд ин уотæ дзоргæ куд нæ рауайа: “Еу равгæ ма мæ ку адтайдæ, уæд æз хуарз гъуддæгтæ аразгутæй еу адтайнæ”.
59. Гъо нæ! Дæумæ æрбацудæнцæ Ме ‘вдесæнтæ, фал сæ ду ба мæнгæбæл банимадтай, исхецмæр дæ æма æнæууæнкитæй еу адтæ.
60. Исæндедзæн бон ду фæууиндзæнæ, Хуцаубæл мæнгитæ ка имиста, уони сау

цæсгæнтти хæццæ. Миййаг, хецмæрти цæрæнуат зиндони нæй?

61. Хуцаудасти Хуцау фæййервæзун кæндзæнæй, æма уони æнтæстдзийнадæ фæууодзæнæй. Фуд сæмæ нæ бахъæртдзæнæй æма етæ æнкъард нæ уодзæнæнцæ.

62. Хуцау алли гъуддаг исфæлдесæг æй. Е алли гъуддагбæл ауодæг æма æ гъæуайгæнæг æй.

63. Уомæ ‘нцæ арв æма зæнхи дæгъæлтæ. Хуцауи æвдесæнтæбæл ка не ‘ууæндуй, етæ ба базæрангæндтæ æнцæ.

64. Зæгъæ: “Ædта нур мæ сумах Хуцауи бæсти æндæр ескæмæ ковун кæнетæ, уæ, æнахургæндтæ?”

65. Дæуæн æма дæ развæдонтæн уст æрцудæй: “Æмбæлттæ имисун ку райдайай, уæд дæ гъуддæгтæ фæдздзæгъæли уодзæнæнцæ æма, æнæмæнгæ, базæрангæндтæй разиндзæнæ”.

66. Æма еунæг Хуцаумæ ковæ æма боз ка ‘й, уони нимæдзæй уо.

67. Етæ Хуцауæн куд æмбалуй, уотæ Ин нæ аргъ кодтонцæ[5], кæд æма исæндедзæн бон ба æгас зæнхæ дæр Уомæн æрмæст хубедзæстæ уодзæнæй, уæлæрвтæ ба Æ рахез армæй æрбатохдзæнæй. Е сугъдæг æй æма ин ци æмбæлттæ имисунцæ, Е уонæй бæрзонддæр æй.

68. Фал ниууасдзёнæнцæ сиуæй, æма уæд уæларв ка ‘й, уæдта зæнхæбæл ка ‘й, етæ æрвдзавдау фестдзæнæнцæ, Хуцауи ке бафæндæ уа ниууадзун, уонæй фæстæмæ. Уæдта си еу ма хатт ниууасдзæнæнцæ, æма уæд етæ фестдзæнæнцæ æма кæсдзæнæнцæ.

69. Зæнхæ æ Еунæхуцауи рохсæй ниррохс уодзæнæй. Финстæг æриваердæ уодзæнæй, æма æрбакиндæ уодзæнæй пахампарти æма æвдесæндарти. Уонæн рæстбæл истæрхон киндæ уодзæнæй æма уони хæццæ зулунæй нæ ракæсдзæнæнцæ.

70. Алли уодæн дæр, ци бакодта, уобæл æнхæстæй бахадт уодзæнæй. Уомæн хуæздæр зундгонд æй, етæ ци кæнунцæ, е.

71. Ка нæ баууæндтæй, уони фæттæрдзæнæнцæ æрдонгтæй зиндонæмæ. Ку ‘ймæ бахæццæ уонцæ, уæд æ дуæрттæ игон уодзæнæнцæ, æма æ гæстæ

сæгъдзæнæнцæ: “Мийиаг уæмæ уæхе æхсæнæй минæвæрттæ не ‘рбацудæй, кæцитæ уин уæ Еунæхуцауи айаттæ аргъудтонцæ æма уæ разфæдзæхстонцæ аци бони хæццæ фембæлди туххæй?” Етæ сæгъдзæнæнцæ: “Куд нæ!” Фал и гъезæмæртти туххæй æнæууæнкитæбæл æрцудæй и дзурд.

72. Загъд уодзæнæй: “Бацотæ зиндони дуарбæл æма уоми уотæ æности!” Куд æбуалгъ æй хецмæрти цæрæнуат!

73. Æ Еунæхуцауæй ка тарстæй, уони ба æрдонгтæй баефхæсдзæнæнцæ дзенетмæ. Етæ ку бахæстæг уонцæ æма æ дуæрттæ ку райтиндзонцæ, уæд æ гæстæ сæгъдзæнæнцæ: “Салам уæ уæд! Сумах хуарз адтайтæ æма рацотæ ардæмæ æностæмæ!”

74. Етæ сæгъдзæнæнцæ: “Табу Хуцауæн, махæн раст байвæрзт Ка равардта æма нин равардта дзенети зæнхæ бундайрадæн. Дзенети мах бон æй, кæми нæ фæндуй, уоми æрцæрун. Æма куд æхсидзгон æй фæллойнæгæнгути хуæрзеуæг!”

75. Ду фæууиндзæнæ изæдти, тронбæл теголæй æма сæ Еунæхуцауæн табу кæнгæй. Уонæн истæрхон киндæ уодзæнæй рæстбæл, æма загъд уодзæнæй: “Табу Хуцауæн, дуйнети Паддзахæн!”

40-аг сураæ

Барагæ

(Гъафир)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. *Ха. Мим.*
2. А киунуги æргомæггаг æрвист æй Хуцауæй – намусгин æма сем,
3. тæрегъæдтæ барагæ, фæсмондзийнадæ есагæ, фудæнхарди карз, хуарзæнхæдар. Нæййес æндæр хуцау, Уомæй фæстæмæ, æма Уомæ уодзæнæй фæстæмæ раздæхт.
4. Хуцауи æвдесæнтæ æрмæст æнæууæнкитæ еппард кæнунцæ. Æма дæ ма

расайæд уони сæребарæ миутæ а зæнхæбæл.

5. Уони размæ дæр сæ[1] мæнгæбæл банимадтонцæ Нохи адæн æма се ‘мгъудигæнгутæ уони фæсте. Алли адæнихатт дæр нийяхæссунвæндæ искæниуонцæ, цит, сæ минæвари. Етæ-еу буцæу кодтонцæ, мæнгæттæй пайда кæнгæй, цæмæй уацæгадæ рагæлдзонцæ уомæй. Фал сæ Æз райахæстон, æма куд æбуалгъ адтæй Мæ фудæнхард!
6. Уотæ æрцудæй дæ Еунæхуцауи Дзурд, æнæууæнкитæ арти амæттаг ке фæууодзæнæнцæ, уой туххæй.
7. Трон ка хæссуй, уæдта æ аллифарс ка лæууй, æ Еунæхуцауæн табу кæнгæй, етæ Уобæл æууæндунцæ æма хатир корунцæ урнæг адæнæн: “Нæ Еунæхуцау! Алли гъуддагбæл дæр Ду хъæртис дæ уодибæстæ æма зонундзийнадæй. Æма æ рæдудбæл ка басастæй æма Дæу надбæл ка рацудæй, уонæн ниххатир кæнæ, æма сæ зиндони гъезæмæрттæй багъæуай кæнæ.
8. Нæ Еунæхуцау! Ци дзенети рæзбунтæ син байвæрзтай, уордæмæ сæ бакæнæ, уæдта сæ фиддæлтæй, æмкъайтæй æма байзæддæгтæй рæстаг ка адтæй, уони дæр. Уастæн, Ду тухгин æма сем дæ.
9. Бахезæ сæ тæрегъæдтæй, уомæн æма еци бон Ду ке багъæуай кæнай тæрегъæдтæ ракондæй, уомæн ниххатир кæндзæнæ Ду. Æма е æй устур æнтæстдзийнадæ”.
10. Уастæн, æнæууæнкитæмæ фæсседдзæнæнцæ: “Сумахмæ æууæнкæмæ ку седтæнцæ, æма сумах ба ку не ‘ууæндтайтæ, уæд Хуцауи æнæуинондзийнадæ фулдæр адтæй, сумах уæхемæ ци æнæуинондзийнадæ дардтайтæ, уомæй”.
11. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Нæ Еунæхуцау! Дæу фæндонæй мах дууæ хатти мард адтан, дууæ хатти ба нæ Ду æригас кодтай. Мах нæ тæрегъæдтæбæл басастан. Æма рацæуæнмæ над нæййес?”
12. Е уой туххæй, æма еунæг Хуцаумæ ку кувтонцæ, уæд сумах не ‘ууæндтайтæ, Уомæн ма æмбæлттæ ку раттиуонцæ, уæдта æууæндтайтæ. Унаффæ рахæссуй æрмæст Хуцау – Бæрзонд æма Устур”.

13. Е æй, сумахæн Е ‘вдесæнтæ ка ‘вдесуй æма уин арвæй амонд ка нирветуй. Фал уосиат æримисунцæ æрмæстдæр Хуцаумæ æхе ка рахатуй, етæ.
14. Æма коветæ Хуцаумæ, Æ размæ ин дин кæдзос кæнгæй, ænæууæнкити зæрдæмæ ку нæ цæуа е, уæддæр.
15. Е бæрзондгæнæн къæпхæнти æма Трони бардар æй. Е нирветуй Æ фæндони хæццæ æргомæг, Æ цагъартæн Æй кæмæн бафæндуй, уонæн, цæмæй фембæлди Бони тухxæй разфæдзæхст æрцæуонцæ.
16. Æгасгонд ку ‘рцæуонцæ, уæд уой фæсте зæнхи цъарæбæл ку фæззиннонцæ, уæд еци бон уони тухxæй неци баримæхстæ уодзæнæй Хуцаубæл. Æма уæд абони ба баргъондзийнадæ ке къохи ‘й? Еунæг æма Тухгин Хуцауи.
17. Еци бон алли уод дæр, ци исбон кодта, æрмæст уой райсдзæнæй, æма еци бон зулундзийнадæй неци уодзæнæй. Уастæн, Хуцау цурд æй есапгонди!
18. Фегъосун син кæнæ, сæ зæрдитæ сæ хъурмæ ци бон исхъæртонцæ æма унгæг ци бон исуонцæ, еци бон ке æрхæстæг уй, уой тухxæй. Æнаккæгтæн уæд нæбал уодзæнæй нæдæр уарзон хæстæг, нæдæр сæрбæлдзорæг, кæций бæрни бакæнунцæ сæхе.
19. Е, гадзирахат цæстæнгаси тухxæй дæр æма реуи дæр ци римæхстæ уй, уони зонуй.
20. Хуцау æцæгæй тæрхон кæнуй, Уой бæсти кæмæ ковунцæ, уони бон ба тæрхон кæнун нæй. Уастæн, Хуцау игъосагæ æма уинагæ ‘й.
21. Гæр, етæ зæнхæбæл балци нæ кодтонцæ æма нæ уидтонцæ, сæ развæдонти кæрон циуаваер адтæй, уой? Етæ ба уонæй хъаурæгиндæр ку адтæнцæ æма зæнхæбæл фулдæр фæдтæ ку ниууагътонцæ. Фал сæ Хуцау æрахæста сæ тæрегъæдти тухxæй, æма сæ Хуцауæй неке бон иссæй багъæуай кæнун.
22. Еци гъуддаг сæбæл уой тухxæй æрцудæй, æма етæ ке не ‘ууæндтæнцæ, сæ минæвæрттæ сæмæ бæрæг æвдесæнти хæццæ ку æрбацæуиуонцæ, уæд. Хуцау сæ æрахæста, уомæн æма Е Алцигъон æма Артуд æй и фудæнхарди.
23. Мах рарвистан Мусай Не ‘вдесæнтæ æма æвдесæндари хæццæ
24. Фёрёонмæ, Хаманмæ æма Хъёрунмæ. Етæ загътонцæ: “Е мæнгæ кæлæнгæнæг æй!”

25. Махæй сæмæ уацæгади хæццæ ку раздахтæй, уæдта етæ загътонцæ: “Ка бауӕндтæй, уонæн сæ фуртти дæр сæ хæццæ маретæ, æма син сæ силгоймæгти ба уодæгас уадзетæ!” Фал ænæууænкити мæнгарддзийнædтæ дзæгъæли ‘нцæ.
26. Фёрёон загъта: “Ма мæ хъор кæнетæ Мусай рамарунмæ. Æ Еунæхуцаумæ, уæд уотæ, исковæд. Æз тæрсун, æма уин уæ дин раййевдзæнæй, кенæ зæнхæбæл ænаккагдзийнадæ рапарахат кæндзæнæй”.
27. Муса загъта: “Уастæн, æз кæми ци хецмæр ес, федтони Бонбæл ка не ‘ууæндуй, уонæй багъæуай кæнунæн мæ Еунæхуцаубæл æма сумах Еунæхуцаубæл мæхе фæдзæхсун”.
28. Фёрёони муггагæй еу урнæг лæг, кæци æ дин сосæг кодта, загъта: “Гæр, сумах и лæг уотæ ке загъта: “Мæ Тубай – Хуцау æй” – уой тухххæй рамардзинайтæ? Е уæмæ бæрæг ævдесæнти хæццæ ку ‘рбацудæй уæ Еунæхуцауæй. Е кæд мæнгæттæ дзоруй, уæд æ мæнгæттæ æрмæст æхецæн зæран æрхæсдзæнæнцæ. Е кæд раст дзоруй, уæдта уин е ци иваерзуй, уонæй уæ еститæ бакайдзæнæй. Уастæн, ка æгæр кæнуй æма сайуй, уони Хуцау æррæстæ надбæл нæ хонуй.
29. Уо, мæ адæн! Абони уæмæ ес баргъондзийнадæ, æма а бæсти[2] хецауеуæг кæнетæ. Фал нин ка фæййангъос кæндзæнæй, Хуцауи фудæнхард нæмæ ку фæззинна, уæд?” Фёрёон загъта: “Æз мæхуædæг раст ци нимайун, æрмæст уой уин кæнун кæнун. Æз уæ æрмæстдæр раст надбæл хонун”.
30. Уæд, ка бауӕндтæй, е загъта: “Уо, мæ адæн! Тæрсун, æма сумахбæл дæр и æмгъудигæнгути бони хузæн æркæндзæнæй,
31. Нохи адæнбæл, самудиантæбæл æма уони фæсте ка адтæй, уони хузæн бон. Хуцауи нæ фæндуй Æ цагъартæн зулундзийнадæ исаразун.
32. Уо, мæ адæн! Еуетæ иннетæмæ ци бон седонцæ, еци бони æрцудæй уин тæрсун.
33. Еци бон сумах фæффæстæмæ уодзинайтæ, фал уæ Хуцауæй багъæуай кæнун неке бон исуодзæнæй. Хуцау ке фæррæдуйун кæна, уомæн ахургæнæг нæбал разиндзæнæй.

34. Раздæр уæмæ бæрæг æвдесæнти хæццæ æрбацудæй Йусуф, фал сумах нури уæнгæ дæр гурусхæ кæнетæ, е уин ци ‘рбахаста, уобæл. Е ку рамардæй, уæдта сумах загътайтæ: “Хуцау æ фæсте нæбал рарветдзæнæй минæвар”. Уотæ, ци ‘нгъезуй, уой арæнбæл ка рахезуй æма гурусхæ ка кæнуй, уони Хуцау радзæгъæл кæнуй”.
35. Æнæбундорæй Хуцауи æвдесæнтæ ка еппард кæнуй, уони буцæудзийнадæ хъæбæр æнæуинон æй Хуцауæн æма æууæндгутæн. Уотæ, алли хецмæр залуни зæрдæбæл Хуцау исивæруй мухур.
36. Фёрёон загъта: “Уо Хаман! Исаразæ мин мæсуг. Æма, кайзонуй, исхъæртдзæнæн фæндæгтæмæ,
37. æрвон фæндæгтæмæ, æма æркæссæнæн Мусай Хуцаумæ. Уастæн, æз æй мæнгæбæл нимайун”. Уотæ хуарз фæккастæнцæ Фёрёонмæ æ фуд миутæ, æма е надæй фæккиудтæй. Фёрёонæн æ мæнгарддзийнёдтæ ба фæдздзæгъæли ‘нцæ.
38. Ка бауууæндтæй, е загъта: “Уо мæ адæн! Рацотæ мæ фæдбæл æма уæ æз раст надбæл фæххондзæнæн.
39. Уо мæ адæн! А зæнхон цард рæстæгмæ пайдагæнæнæй уæлдай нæй, Фæстаг цард ба æносон бунати цæрæнуат æй.
40. Фуддзийнадæ ка бакодта, уой æрмæст фуддзийнадæ фæууодзæнæй. Раст гъуддæгтæ ка аразта, еци нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæ ба, урнæг уогæй, бацæудзæнæнцæ дзенетмæ, кæцими сæ амонд фæууодзæнæй æнæ бæрцæй.
41. Уо мæ адæн! Æз уæмæ фæййервæзунмæ ку седун, сумах ба мæ артмæ цæмæ хонетæ?
42. Сумах ми агоретæ Хуцаубæл не ‘ууæндун æма Ин æмбæлттæ дæттун, кæций тухxæй мæнмæ нециаваер зонундзийнадæ ес. Æз ба уæмæ седун Тухгиндæр æма Алцæмæнбарагæдæрмæ.
43. Сумах мæ кумæ хонетæ, е, æдæуццагæй, ковуни аккаг нæй нæдæр а дуйнебæл, нæдæр Фæстаг царди, уæдта æдæуагæ нæй, Хуцаумæ нæ раздæхун ке гъæудзæнæй æма ци ‘нгъезуй, уой арæнбæл ка рахезуй, етæ арти амæттаг ке фæууодзæнæнцæ.

44. Сумах æримисдзинайтæ, æз уин ци дзорун, уой. Æз мæ гъуддаг Хуцауи бæрни кæнун. Уастæн, Хуцау æ цагъарти уинуй”.
45. Етæ ци ниннет кодтонцæ, еци фудæй æй Хуцау фæййервæзун кодта, Фёрёони муггагбæл ба æбуалгъ гъезæмæрттæ æртумугъ æнцæ –
46. арт, кæцими уони фицунцæ сæумæ дæр æма фæсарæфтæ дæр. Сахат ци Бон ралæууа, еци Бон ба Фёрёони муггаг тæккæ æбуалгъдæр гъезæмæрттæ бавзарæд!
47. Арти кæрæдзей хæццæ ку буцæу кæнонцæ, уæд æдухёдæртæ зæгъдзæнæнцæ, æхе уæлиау ка кодта, уонæн: “Мах сумах фæдбæл цудан. Нур ба нæ арти хайййæй нæ бахездзинайтæ?”
48. Æхе уæлиау ка кодта, етæ зæгъдзæнæнцæ: “Не ‘гасæйдæр уоми ан. Уастæн, Хуцау Æ цагъарти астæу раги стæрхон кодта”.
49. Артмæ ка бахаудзæнæй, етæ дзаханамани гæстæн зæгъдзæнæнцæ: “Уæ Еунæхуцаумæ баковетæ, цæмæй нин Е нæ гъезæмæрттæ уæддæр еу бон фенцондæр кæна”.
50. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Мийййаг уæмæ уæ минæвæрттæ бæрæг æвдесæнти хæццæ не ‘рбацудæнцæ?” Етæ дзуапп ратдзæнæнцæ: “Гъо”. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Мадта, уæд, уæхуæдтæ коветæ”. Фал æнæууæнкити кувдтитæ дзæгъæли ‘нцæ.
51. Уастæн, Мах фæййангъос кæндзинан Нæ минæвæрттæн æма урнæгутæн а дуйней царди, уæдта æвдесæндартæ ку ‘рлæууонцæ, уæд еци бон дæр.
52. Еци бон æнаккæгтæн нæбал фæййагъаз уодзæнæнцæ сæ хатиркурдтитæ. Уонæбæл ælгъистæ бадуй æма уонæн æбуалгъ бунат цæттæгонд æй.
53. Мусайæн Мах равардтан раст разамундæ æма Езрай фурттæн ба равардтан Финстæг,
54. куд раст разамундæ æма, зунд кæмæ ес, уонæн зæрдæбæл дарунæн.
55. Æма уалгæдзон уо, уомæн æма Хуцауи байвæрзт æцæг æй. Дæ тæрегъæдти тухxæй хатир кораæ æма дæ Еунæхуцауæн табу кæнæ фæсарæфтæ дæр æма сæумæ дæр.
56. Уастæн, æнæбундораæй ка буцæу кæнуй, ка сæмæ фæззиндтæй, еци Хуцауи

ævдесæнти тухxæй, уони зæрдити хецмæрдзийнадæй фæстæмæ неци ес. Уони нет не ‘сæнхæст уодзæнæй. Æма Хуцаубæл дæхе фæдзæхсæ. Уастæн, Е игъосагæ, уинагæ ‘й.

57. Уастæн, уæлæрвтæ æма зæнхи исфæлдист дессагдæр æй адæни исфæлдистæй, фал фулдæр адæн ба уой нæ зонуй.
58. Хъæрæу æма уинæг æмхузон нæ ‘нцæ, уæдта ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, æма фуддзийнадæ ка аразта, етæ дæр. Уо, уæ зæрдæбæл куд æстæн даретæ уосиæттæ!
59. Сахат æнæмæнгæ æрхъæртдзæнæй, æма е гурусхаг нæй. Фал фулдæр адæн ба не ‘ууæндунцæ.
60. Уæ Еунæхуцау загъта: “Седетæ Мæмæ æма уин дзуапп ратдзæнæн. Уастæн, Мæнмæ ковунбæл ка илгъ кæнуй, етæ зиндонæмæ æгадæгондæй бацæудзæнæнцæ”.
61. Хуцау, сумахæн æхсæвæ ка исфæлдиста, цæмæй уой æндæргъци уолæфайтæ, уæдта рохс кæнунæн бонæ Ка исфæлдиста, Е æй. Уастæн, Хуцау хуарзæнхæ фæууй, фал фулдæр адæн ба æнæбоз æнцæ.
62. Уæхæн æй Хуцау – уæ Тубай, алли гъуддаг Фæлдесæг. Нæййес æндæр Хуцау, Уомæй фæстæмæ. Æдта куд фесинмæгонд айтæ уацæгадæй!
63. Хуцауи æвдесæнтæ ка еппард кæнуй, етæ дæр еци хузи сæхе рахатунцæ.
64. Сумахæн бунатæн зæнхæ Ка исфæлдиста, арв ба – азгъунстæн, Е æй Хуцау. Е уин равардта фæлгонц æма уин уæ фæлгонц Е скодта рæсугъд. Е уæ фæххайгин кодта фарнæй. Уæхæн æй Хуцау, уæ Тубай. Хуæрзирай æй Хуцау, дуйнети Паддзах!
65. Е цардæгас æй, æма нæййес æндæр хуцæуттæ, Уомæй фæстæмæ. Æма Имæ коветæ, Æ размæ дин кæдзос кæнгæй. Табу Хуцауæн, дуйнети Паддзахæн!
66. Зæгъæ: “Уастæн, мæ Еунæхуцауæй мæмæ кæдæй æрцудæнцæ бæрæг ævдесæнтæ, уæдæй фæстæмæ мин, Хуцауæй æндæр сумах кæмæ седетæ, уонæмæ ковун мæнæн тобæгонд æй, æма мин ихæс æй дуйнети Паддзахбæл мæхе бафæдзæхсун”.
67. Е æй, сумах ка исфæлдиста зæнхæй, уæдта – æртæхæй, уæдта – тоги

гуппарæй. Уæдта уæ Е ракæнуй сабийтæй, цæмæй уой фæсте ба сумах курухони цахъхъæнмæ исхъæртайтæ æма уæдта зæрæндтæ исуайтæ, уогæ уе ‘хсæн ес уæхæнттæ, кæцитæ æнцойнæгонд æрцæунцæ раздæр, уæдта æнгъуд рæстæгмæ цæмæй бахъæртайтæ. Кайзонуй, æма балæдæриайтæ.

68. Е æй, цард Ка дæттуй æма маруй. Ести унаффæ ку фæххæссуй, уæдта фæззæгъуй æрмæстдæр: “Уо!” – æма е уайтæкки дæр исуй.
69. Гæр ду нæ фæууидтай, Хуцауи æвдесæнти туххæй загъд ка кæнуй, уони? Æдта куд фесинмæгонд æнцæ етæ уацæгадæй?
70. Етæ мæнгæбæл банимадтонцæ Финстæг, уæдта Нæ минæвæртти цæйхæццæ рарвистан, уони. Фал æй базондзæнæнцæ,
71. сæ бæрзæйтæбæл къæлæттæ уогæй, рæхистæй бастæй сæ сифцæй ку баласонцæ
72. ирайгæ донмæ, æма сæбёл уой фæсте ба арти ку бандзаронцæ, уæд.
73. Уой фæсте ба уонæн зæгъдзæнæнцæ: “Кæми ‘нцæ, сумах æмбæлттæн ке имистайтæ
74. Хуцауæн, етæ?” Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Сæхе ни баримахстонцæ. Æма раздæр дæр мах æндæр некæмæ кувтан[3]”. Уотæ æнæууæнкити фæррæдуйун кæнуй Хуцау.
75. Е уин уой туххæй æй, æма зæнхæбæл уæхе ке уæлиау кодтайтæ, уой туххæй уин неци барæ лæвæрд уогæй.
76. Бацотæ дзаханамани дуарбæл æма си æносмæ уотæ. Æдта куд илгъаг æй хецмæртæн сæ бунат!”
77. Уомæ гæсгæ ба уалгæдзон уо[4], уомæн æма Хуцауи иваерзт æцæг æй. Уонæн ци иваерзæн, уой еу хай дин нæ бон æй бавдесун, кенæ ба дæ уæди уæнгæ нæ бон æй æрæнцойнæ кæнун. Етæ уæддæр Махмæ раздæхдзæнæнцæ.
78. Нурмæ дæр Мах рарвистан минæвæрттæ. Се ‘хсæн ес уæхæнттæ, ке туххæй дин радзурдтан, ес уæхæнттæ дæр, ке туххæй дин Мах нæма радзурдтан. Æнккæт минæвæрттæ дæр Хуцауи фæндонæй æвдистой æвдесæнтæ. Хуцауи фæндон ку æрхъæрта, уæдта æцæг тæрхон æрцæудзæнæй, æма уæд мæнгæбæл хуæцгутæ зæрани бунати байзайдзæнæнцæ.

79. Хуцау е æй, сумахæн фонс ка исфæлдиста, цæмæй сæ еуетæбæл цапуал кæнайтæ, иннетæй ба уæхе æфсадайтæ.
80. Етæ уин хæссунцæ пайда, æма уонæбæл сумах исаразетæ, уæ зæрдæ ци базæгъуй, еци гъуддæгтæ. Уонæбæл æма уæ науитæбæл ефхæссунцæ.
81. Е уин Е ‘вдесæнтæ æвдесуй. Æма уæд Хуцауæн Æ циуавæр æвдесæнтæ идæнцæ кæнетæ?
82. Гæр етæ зæнхи цъарæбæл балцити нæ хадтæнцæ æма нæ уидтонцæ, циуавæр адтæй сæ размæ ка цардæй, уони кæрон? Етæ нимæдзæй дæр æма хъауræй дæр фулдæр адтæнцæ, æма зæнхи цъарæбæл дæр фулдæр фæдтæ ниууагътонцæ, фал етæ ци исбон кодтонцæ сæхецæн, е син нæ фæййагъаз æй.
83. Сæ минæвæрттæ сæмæ ку ‘рбацæуиуонцæ бæрæг æвдесæнти хæццæ, уæд етæ ци зонундзийнæдтæ фæууидæ сæхемæ, уонæбæл цийнæ кæниуонцæ, æма уæдта сæбæл æртумугъ æй, цæбæл айуан кодтонцæ[5], ейæ.
84. Нæ фудæнхард нин ку фæууидтонцæ, уæдта загътонцæ: “Мах баууæндтан Еунæг Хуцаубæл æма не ‘ууæндæн, Уомæн æмбалæн ке лæвардтан, уонæбæл!”
85. Фал син нæбал фæййагъаз æй се ‘ууæнкæ[6], Нæ фудæнхард нин ку фæууидтонцæ, уæд. Хуцауæн Æ цагъартæн алкæддæр уæхæн фæткæвæрдæ адтæй. Гъе уæд разиндтæнцæ æнæууæнкитæ зæрани бунати.

41-аг сураæ
Лæдæрунгæндтæ
(Фуссилат)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. *Ха. Мим.*
2. Тæрегъæдгæнагæдæр æма Хатирæгæнагæдæрæй æрвист æй
3. Финстæг, кæций айаттæ тæфсергонд цæунцæ Хъурани хузи, араббаг

ævзагбæл, лæдæргæ адæнæн.

4. Е игъосун кæнуй фæрнгун хабар æма хе хезун кæнуй, фал сæ фулдæретæ ба сæхе рахатунцæ æма не ‘гъосунцæ.
5. Етæ дзорунцæ: “Ду нæмæ цæмæ седис[1], уомæн мах зæрдитæ æхгæд æнцæ, нæ гъостæ ба къуругонд æнцæ, мах æма дæу астæу ба æмбæрзæн ес. Архайæ, æма мах дæр архайдзинан”.
6. Зæгъæ: “Æз дæр сумах хузæн адæймаг дæн. Æргомæги мæнæн уст æрцудæй, сумах хуцау Еунæг Хуцау ке æй, уой тухxæй. Цотæ ‘ймæ æррæстæ надбæл æма Си хатир коретæ. Берæхуцæуттæмæ ковгутæ ба додоййаг уодзæнæнцæ,
7. кæцитæ битир нæ федунцæ æма Фæстаг цардбæл не ‘ууæндунцæ”.
8. Уастæн, ка æууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн æнæбæрцæ хуæрзеугутæ цæттæгонд æй.
9. Зæгъæ: “Ædта нур сумах не ‘ууæндетæ, зæнхæ дууæ бонемæ Ка исфæлдиста, Уобæл, æма Æ хæццæ æндæрети дæр баретæ? Е дуйнети паддзах ку æй.
10. Е зæнхæбæл исивардта æнæфенъкусгæ хуæнхтæ, фæрнгун æй искода æма ин æ уæле нийдзæхста хæлцадæ æнæнхæст цуппар бонемæ.
11. Уой фæсте ба Е ‘ргом рахатта арвмæ, кæци адтæй хъуæцæ, æма загъта уомæн дæр, зæнхæн дæр: “Барвæндæй æви æбарвæндæй рацæудзинайтæ!” Етæ загътонцæ: “Мах барвæндæй æрбацæудзинан”.
12. Æма сæ Е авд уæларвæй исфæлдиста æма си алкæмæн дæр бауста æ ихæстæ. Бункаг арв Мах исфæлунстан цирæгътæй æма ‘й гъæуай кæнæн. Тухгиндæр æма Зонæнгиндæри разфæдзæхст уæхæн æй”.
13. Нур ма сæхе ку рахатонцæ, уædта зæгъæ: “Æз уæ гъезæмæрттæй хезун, адиттæ æма самудиантæ цæхуæн гъезæмæрттæ баййафтонцæ, уæхæнттæй”.
14. Уонæмæ минæвæрттæ æрбацæуиуонцæ разæй дæр, фæстегæй дæр: “Хуцауæй фæстæмæ макæмæн коветæ”. Етæ ба зæгъиуонцæ: “Нæ Хуцауи ку фæндадтайдæ, уæд изædти æрæрвистайдæ. Уастæн, сумах цæйхæццæ æрвист айтæ, уобæл мах не ‘ууæндæн”.
15. Адитти тухxæй ку зæгъай, уædта етæ ба зæнхæбæл исхецмæр æнцæ, уой тухxæй син неци бараæ лæвæрд уогæй, æма етæ загътонцæ: “Ке бон æй

махбæл хъауræй фæттухгиндæр ун?” Ædта нур етæ уой нæ уидтонцæ, æма уони ци Хуцау исфæлдиста, Е уонæй тухгиндæр ке æй? Етæ Не ‘вдесæнтæ еппард кодтонцæ.

16. Æма сæбæл Мах фудёбойнаг уазал бурдæн2 рарвистан, цæмæй зæнхон царди аллайаг гъезæмæрттæ исахуадонцæ. Фæстаг царди гъезæмæрттæ ба никки аллайагдæр уодзæнæнцæ, æма син не ‘рцæудзæнæй æнхусгонд.
17. Самудианти тухххæй ку зæгъай, уædта уонæн ба Мах байамудтан æррæстæ над, фал етæ ба хъæрæудзийнадæ равзурстонцæ раст разамунди рази, æма ци исбон кодтонцæ сæхецæн, уобæл сæ ægадæ æфхуæрди цирен ниццавта.
18. Ка баууæндтæй æма Хуцауæй ка тарстæй, уони ба фæййервæзун кодтан.
19. Хуцауи æзнæгтæ арти рази ци бон æрæмбурд уонцæ, еци бон уони бауорамдзæнæнцæ.
20. Æма Уомæ ку ‘рбацæуонцæ, уæд сæ нихмæ, ци кодтонцæ, уой тухххæй син æвдесæндартæй ниллæудзæнæнцæ сæ гъостæ, сæ цæститæ æма сæ бауæри цъарæ.
21. Етæ зæгъдзæнæнцæ сæ бауæри цъарæн: “Нæ нихмæ цæмæн æвдесæн кæнетæ?” Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Мах Хуцау дзорун кæнуй, Кæци исдзорун кодта алли дзаумау дæр”. Е уæ исфæлдиста фиццаг хатт, æма Уомæ æрцæудзинайтæ нæуæгæй æздахт.
22. Сумах уæхе баримæхсунбæл нæ архайдтайтæ уæ игъосæнти, цæстити æма бауæри цъари æвдесæнтæй. Фал сумах уотæ æнгъæл адтайтæ, æма сумах ци кæнетæ, уонæй Хуцау берæ гъуддæгтæ нæ зонуй.
23. Уæ Хуцауи тухххæй ци радзор-бадзор кодтайтæ, етæ уæ бабун кодтонцæ, æма сумах разиндтайтæ зæрангонд ка ‘рцудæй, уонæй еуетæ.
24. Етæ коммæгæс ку исуонцæ, уæддæр уонæн сæ цæрæнуат арт уодзæнæй. Етæ сæхецæн ести хуарзæнхæ ку ракоронцæ, уædта уонæн хуарзæнхæй æппундæр неци лæвæрд æрцæудзæнæй.
25. Мах сæбæл æмбæлттæ бафædзахстан, кæцитæ син сæ нури цард дæр æма федæни цард дæр исрæсугъд кодтонцæ, æма уони, уædта сæ размæ ка цардæй, еци адæнихæттæлтæй дзинтæ æма адæнти тухххæй Дзурд æрцудæй.

Уастæн, етæ базæрангонд ка ‘рцудæй, уæхæнттæ адтæнцæ.

26. Æнæууæнкитæ загътонцæ: “Еци Хъуранмæ ма игъосетæ, фал дзансахъ кæнетæ3. Кайзонуй, æма фæууæлахез уодзинайтæ”.

27. Æнæууæнкитæн Мах, æнæмæнгæ, исцумун кæндзинан æбуалгъ гъезæмæрттæ æма фуддæрæй ци аразтонцæ, еци гъуддæгти туххæй сæ бакайдзинан.

28. Хуцауи æзнæгтæн сæ киндæмæ уотæ ракиндæ уй! Арт! Не ‘вдесæнтæ нин ке еппард кодтонцæ, уой туххæй син киндуйнагæн уоми уодзæнæй сæ цæрæнуат.

29. Æнæууæнкитæ зæгъдзæнæнцæ: “Нæ Еунæхуцау! Мах ци дзинтæ æма адæймæгутæ фæррæдуйун кодта, уони нин бавдесай. Мах сæ нæ къæхти буни фæккæндзинан, цæмæй етæ тæккæ æгадæдæр фæууонцæ”.

30. Уастæн, уотæ ка загъта: “Нæ Тубай – Хуцау æй”, уой фæсте ба федар разиндтæнцæ, уонæмæ æрфецаудзæнæнцæ изæдтæ: “Ма тæрсетæ æма ма ‘нкъард кæнетæ, фал бацийнæ кæнетæ дзенетбæл, кæци уин иваерзт адтæй.

31. Мах уе ‘нхусгæнгутæ ан зæнхон царди дæр æма Фæстаг царди дæр. Уоми уин, уæ зæрдæ цидæриддæр базæгъа, е уодзæнæй! Уоми, цидæриддæр ракорайтæ, е уин цæттæ ‘й!

32. Тæрегъædгæнагædæр æма Хатиргæнагædæри хинст уæхæн æй”.

33. Ке дзубанди ма рæсугъддæр уа, Хуцаумæ уæмæ ка седуй, раст гъуддæгтæ ка аразуй æма уотæ ка дзоруй “Уастæн, æз пусулмæнттæй еу дæн”, уомæй?

34. Хуарз æма лæгъуз æмвæйнæ нæ ‘нцæ. Ци хуæздæр æй, уомæй лæгъуз ракъуæрæ, æма уæд ке хæццæ æзморæ кæнис, е дин уарзон хæстæги хузæн исуодзæнæй.

35. Фал уалгæдзондзийнадæ кæмæ ес, уонæй фæстæмæ е некæмæн læваргонд уодзæнæй, æма устур хай кæмæн уа, уонæй фæстæмæ некæмæн læваргонд уодзæнæй.

36. Ибилиси сонтдзийнадæ дæбæл ку бандзæва, уæдта дæхе хуцаубæл фæдзæхсæ, уомæн æма Е игъосагæ æма зонагæ ‘й.

37. Е ‘вдесæнти æхсæн æхсæвæ æма бонæ, хор æма мæйæ ‘нцæ. Хор æма мæйи

размæ ма губур кæнетæ уæхе, фал, цит, æргубур кæнетæ Хуцауи размæ, Кæци исфæлдиста уони, кæд сумах Уомæн коветæ, уæд.

38. Етæ ку исхецмæр уонцæ, уæдта – дæ Еунæхуцауи рази уæвгутæ æхсæвæ дæр æма бонæ дæр Уомæн табу кæнунцæ, æма етæ уомæй нæ фæллайунцæ.

39. Е ‘вдесæнти ду уинис, зæнхæ куд бахускъæ уй, фал Мах ку никкæнæн ибæл дон, уæдта базмæлуй æма ниннæрсуй. Уастæн, уой ка æрцардта, е мæрдти дæр æрцардзæнæй. Уой бон алцидæр æй.

40. Уастæн, Мах айаттæй æхе ка хатуй, етæ Нæбæл сос нæ ‘нцæ. Артмæ гæлст ка æрцæудзæнæй, е хуæздæр æй, æви исæндедзæн Бон æдасæй ка фæззинна, е хуæздæр æй? Куд уæ фæндуй, уотæ кæнетæ! Е, сумах ци кæнетæ, уой уинуй.

41. Уастæн, Уосиатбæл ка нæ баууæндтæй, ку сæмæ æрцудæй, уотемæй дæр ма, уони фудæнхард баййафдзæнæй. Уастæн, е тухгин Финстæг æй.

42. Уомæ мæнгæттæ нæдæр разæй, нæдæр фæстегæй нæ багъуздзæнæй. Е æрвист æй Фурдзитæ æма Семæй.

43. Дæу размæ минæвæрттæн ци загъд адтæй, дæуæн дæр е загъд уодзæнæй. Уастæн, дæ Еунæхуцау хатиргæнагæ ‘й æма æбуалгъ фудæнхарди хецау æй.

44. Мах и Хъуран араббаг æвзагбæл ку не ‘скодтаййанæ, уæд етæ æнæмæнгæ загътайуонцæ: “Æ айаттæ тæфсергонд цæмæннæ æнцæ? Араббаг æма æнараббаг нихас?” Зæгъæ: “Е æй æцæг разамонæг æма дзæбæхгæнæг ка баууæндтæй, уонæн. Æнæууæнкити гъостæ ба къуругонд æнцæ, æма етæ хъæрæу æнцæ. Етæ ‘нцæ, изолæй кæмæ дзурдæуй”.

45. Мах Мусайæн равардтан Финстæг, фал уой туххæй се ‘хсæн фæззиндтæй буцæутæ. Æма раздæр Дзурд ку нæ адтайдæ дæ Еунæхуцауæй, уæд еци буцæу лухгонд æрцудайдæ. Уастæн, етæ ба ма уой4 туххæн гурусхæ кæнунцæ.

46. Раст ка кæнуй, е æхе хуарзæн кæнуй уотæ. Фуд ка кæнуй, е ба æхе зæранæн кæнуй уотæ. Дæ еунæхуцау Æ цагъартæн æнæраст гъуддаг не саразуй.

47. Уомæн зундгонд æй Сахати туххæй. Еунæг гага дæр нæ исирæздзæнæй, æма еунæг силæ дæр нæ нийердзæнæй æма низзайдзæнæй æнæ Уой барвæндæй.

Е сæмæ ци бон фæдздзора: “Ме ‘мбæлттæ кæми ‘нцæ?” - етæ зæгъдзæнæнцæ: “Мах дин фегъосун кодтан, ке неке ни кæндзæнæй æвдесæн, уой туххæй”.

48. Раздæр кæмæ кувтонцæ, етæ сæ ниууадздзæнæнцæ, æма ‘й уæд балæдæрдзæнæнцæ, сæ бон ке нæбал исуодзæнæй раледзун.

49. Хуарзи туххæй адæймаг нæ бафæллайуй ковун, фал ибæл фуд ку бамбæлуй, уæдта хъурмæ кæнуй æма æ зæрдæ нæбал фæддаруй.

50. Æнамонддзийнадæ ‘йбæл ку бандзæвуй, уæд уой фæсте ин Нæ хуарзæнхæй ку исахуадун киндæуй, уæд е æнæмæнгæ фæззæгъуй: “Е мæнæн æй, æма уой æнгъæл нæ дæн, æма Сахат æрхъæртдзæнæй. Мæ Еунæхуцаумæ æздæхт ку ‘рцæуон, уæдта мин Е, æгонгæй, ци хуæздæр æй, уой исаккаг кæндзæнæй”. Мах æнæмæнгæ фегъосун кæндзинан æнæууæнкитæн, етæ цитæ араздонцæ, уой, æма син æбуалгъ гъезæмæрттæ исахуадун кæндзинан.

51. Адæймаги ку фæххайгин кæнæн мулкæй, уæд е æхе рахатуй æма Ни райзол уй. Фуд ибæл ку бандзæвуй, уæдта уæрæх кувдтитæ кæнун райдайуй.

52. Зæгъæ: “Сумах нур уобæл ба нæ расагъæс кодтайтæ, æма уотемæй е[5] Уомæй æрвист кæд æй, уæд ибæл сумах ба не ‘ууæндетæ? Ка гъæуама уа устурдæр рæдуди бунати æцæгдзийнади хæццæ æнхæл ка æй, уомæй æндæр?”

53. Мах син Не ‘вдесæнтæ фæууинун кæндзинан бæститæбæл дæр æма сæхемæ дæр, цалдæн бæлвурдæй нæ балæдæронцæ, е æцæгдзийнадæ ке ‘й. Æдта нур дæ Еунæхуцау алли гъуддаги æвдесæн ке ‘й, е дин фагæ нæй?

54. Уастæн, етæ сæ Еунæхуцауи хæццæ фембæлдæбæл гурусхæ кæнунцæ. Уастæн, Е алли гъуддагбæл дæр хъæртуй.

42-сураæ
Унаффæ
(аш-Шура)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. *Ха. Мим.*

2. *Айн. Син. Каф.*
3. Тухгин æма Фастихадзи* Хуцау дин уотемæй лæдæрун кæнуй æргомæг.
4. Уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ Уой бæрни ‘нцæ. Е Бæрзонд æма Тухгин æй.
5. Уæлæрвтæ æрхауйнаг æнцæ[1], изæдтæ ба табу кнунцæ сæ Еунæхуцауæн æма зæнхæбæл ка ес, уонæн хатир корунцæ. Уастæн, Хуцау Хатиргæнагæ æма Тæрегъæдгæнагæ ‘й.
6. Æхецæй фæстæмæ ма сæхецæн æндæр ауодгутæ ка райста, уони Хуцау гъæуай кæнуй[2], æма син ду ба ауодæг дæр æма гъæуайгæнæг дæр нæ дæ.
7. Уотæ дин Мах Хъурани баустан араббаг æвзагбæл, цæмæй гъæуай кæнай гъæути Мади[3] æма æ фалæнбулай ка ес, уони, уæдта секк кæбæл нæййес, еци æмбурди Бонæй багъæуай кæнун. Адæни еу хай дзенетмæ бахаудзæнæй, иннæ хай ба равзурдзæнæй арти.
8. Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæд уони еу урнæг æхсæнадæ искодтайдæ. Фал Е Æ хуарзæнхи бакæнуй ке Æй фæффæндуй, уони. Æнаккæгтæн ба нæдæр ауодæг, нæдæр æнхусгæнæг нæ уодзæнæй.
9. Æдта нур етæ сæхецæн Уомæй æндæр ма ауодгутæ æма æнхусгæнгутæ райстонцæ? Ауодæг Хуцау æй. Е æригас кæнуй мæрдти, æма Уой бон æй алли гъуддаг дæр.
10. Сумах цæбæл загъд кæнетæ, уони аразун Хуцаумæ ‘нцæ. Зæгъæ: “Уæхæн æй Хуцау, мæ Тубай! Æрмæст Уобæл мæхе фæдзæхсун æма æрмæст Уомæ мæхе хатун”.
11. Уæларв æма зæнхæ Исфæлдесæг! Е уин уæхе æхсæнæй искодта бийнойнаг, уæдта æнкъæйттæй фонс. Уотемæй уæ Е ахедуй. Уомæн æмбал нæййес, æма Е Игъосагæ æма Уинагæ ‘й.
12. Уæлæрвти æма зæнхи дæгъæлтæ Уомæ æнцæ. Е, кæмæн æй бафæндуй, уомæн æ амонд берæ кенæ минкъийдæр кæнуй. Е алли гъуддаги тухххæй дæр зонуй.

---

* Фастихадзи – мудрый, мудрец.

13. Е уин ниффедар кодта закъон[4], кæций бафæдзахстан Нохæн, уæдта дин Мах ци баустан æргомæги, уæдта Мах ци бафæдзахстан Ибрæгимæн, Мусайæн æма Исайæн: “Дин хæссетæ æма ‘йбæл дузæрдуг ма кæнетæ”. Муртактæн зин æй, ду сæмæ цæмæ седис, еци гъуддаг кæнун. Хуцау, ке ‘Й бафæндуй, уой равзаруй Æхецæн, æма Æхемæ исаразуй, æхе Имæ ка хатуй, уони.
14. Уонæмæ зонундзийнадæ ку ‘рцудæй, етæ æрмæст уæд ниддехтæ ‘нцæ сæ фур соцъайæй æма кæрæдземæ æдзæстуарзонæй. Æма дæ Еунæхуцауæй раздæр Дзурд ку нæ адтайдæ æнгъуд рæстæг фæффæстиат кæнуни туххæй, уæд уони загъд лухгонд æрцудайдæ. Уастæн, уони фæсте Финстæг кæмæн байзадæй, етæ ‘ймæ сеги хæссунцæ.
15. Уой туххæй ба уаз хæссæ* æма æррæстæ надбæл цо, куд дин ихæс адтæй, уотæ. Уони фæндити фæдбæл ма цо, фал дзорæ: “Хуцау Æ Киунугæй[5] ци æрæрвиста, уобæл баууæндтæн, æма мин сумахмæ раст цæстæй кæсун ихæс æй. Хуцау мах Тубай* дæр æма сумах Тубай дæр æй. Мах нæхе гъуддæгтæ фæууодзæнæнцæ, сумах ба – уæхе гъуддæгтæ. Идарддæри буцæутæн мах æма сумах æхсæн бунат нæбал ес. Хуцау не ‘гасейдæр æримбурд кæндзæнæй, æма нæ Уомæ раздæхун гъæуй”.
16. Уомæн урнæг адæн дзуапп кæми равардтонцæ, уоми Хуцауи туххæй ма ка буцæу кæнуй, уонæн сæ загъд сæ Еунæхуцауи размæ æнæпайда æй. Уони бакайдзæнæй маст, æма уонæн цæттæгонд æй æбуалгъ гъезæмарæдзийнадæ.
17. Финстæг уацæгади хæццæ, уæдта Барæнтæ ка æрæрвиста, Е æй Хуцау. Ци ин зонис, кайзонуй, æма Сахат хæстæг æй!
18. Уой туххæй тагъд кæнунцæ, ка не ‘ууæндуй, етæ. Урнæг адæн ба æ размæ зир-зир кæнунцæ æма, е уацæг ке ‘й, уой зонунцæ. Уастæн, Сахати туххæй ка загъд кæнуй, етæ хъæбæр рæдуйунцæ.
19. Хуцау Æ цагъартæн хуарз æй æма син амондæй бахай кæнуй, кæмæн Æй бафæндуй, уонæн. Е Алцигъон æма Гъомусгин æй.
20. Фæстаг царди игуæрдæнтæ ке багъудæй, уонæн Мах сæ игуæрдæнтæ

---

* Уаз хæссæ – проповедуй; “уаз хæссун” - “проповедывать”.

* Тубай – Господь, господин.

фæффулдæр кæндзинан. А царди игуæрдæнтæ ке багъудæй, уонæн ба си Мах ратдзинан, фал ин си Фæстаг царди ба хай нæ уодзæнæй.

21. Æви уонæн æмбæлттæ ес, кæцитæ син дини медæгæ, Хуцау ке нæ бауагъта, уой ниффæткæ кодтонцæ? Æма унаффи Дзурд ку нё адтайдæ, уæд уони буцæу раги лухгонд æрцудайдæ. Уастæн, æнаккæгтæн æбуалгъ гъезæмæрттæ цæттæгонд ес.
22. Ду фæууиндзæнæ, ци исбон кодтонцæ етæ сæхецæн, уой туххæй æнаккæгтæ куд рездзæнæнцæ, е сæ ку бакайа, уæд. Ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, етæ ба уодзæнæнцæ дзенети præзбунти. Уонæн сæ Еунæхуцаумæ, сæ зæрдæ ци базæгъа, е цæттæ ‘й. Æма е æй устур хуæрзеуæг.
23. Е æй, Хуцау Æ цагъарти зæрдитæ, кæцитæ баууæндтæнцæ æма хуарз гъуддæгтæ аразтонцæ, цæмæй рохс кæнуй, е. Зæгъæ: “Уой туххæй уи æз нециаваер хуæрзеуæг агорун, хæстæгмæ уарзондзийнадæй фæстæмæ6. Хуарздзийнадæ ка бакæна, уомæн æй Мах фæффулдæр кæндзинан.” Уастæн, Хуцау барагæ æма арфæйаг æй.
24. Кенæдта етæ уотæ зæгъунцæ: “Е Хуцаубæл мæнгитæ æримиста!” Уастæн, Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæд дæ зæрдæбæл мухур исивардтайдæ. Хуцау Æ Дзурдтæй мæнгæ нийхалуй, уацæгадæ ба ниффедар кæнуй. Уастæн, Е зонуй, реуи ци ес, уой.
25. Е æй, Æ цагъарти фæсмон ка райсуй, фудмиутæ ка ниххатир кæнуй æма сумах ци косетæ, уой ка зонуй.
26. Е дзуапп раттуй, ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонён, æма син Æ хуарзæнхæй никки фæффулдæр кæнуй. Æнæууæнкитæн ба карз бафхуæрдæ цæттæгонд æй.
27. Хуцау Æ цагъарти амонд ку фæффулдæр кодтайдæ, уæд етæ зæнхи цъарæбæл гъæппултæ кодтайуонцæ. Фал æй Е раттуй бæрцæй, куд Æй бафæндуй, уотæ. Уастæн, Е Æ цагъарти зонуй æма уинуй.
28. Е æй, етæ ку исунгæг унцæ, уæд син уарун ка нирветуй æма Æ хуарзæнхæ ка парахат кæнуй. Е фурдзитæгонд ауодæг æй.
29. Е ‘вдесæнти æхсæн – уæлæрвтæ æма зæнхи, уæдта уонæми ке æрцæрун

кодта, еци уодгоймæгти исфæлдист.Уой бон æй, кæд æй бафæнда, уæд сæ æрæмбурд кæнун.

30. Цийфæнди фуддзийнадæ дæр уæбæл æрцæуй, уæхуæдтæ уæхецæн ци исбон кодтайтæ уæхе къохтæй, е уой тухæй фёууй, фал уин Е берæ гъуддæгтæ ниххатир кæнуй.
31. Сумах а зæнхæбæл нæ фæййервæздзинайтæ кумæдæриддæр фæлледзгæй, æма уин Хуцауæй фæстæмæ æндæр ауодæг дæр æма æнхусгæнæг дæр нæййес.
32. Е ‘вдесæнти æхсæн – хуæнхти хузæн наути цуд денгизи.
33. Уой ку бафæндæ уа, уæд æрсабур кæндзæнæй дунгæ, æма уæд етæ æнæзмæлгæй байзайдзæнæнцæ æ сæрбæл[7]. Уастæн, е алли уалгæдзон æма арфæгондæн дæр æвдесæн æй.
34. Уой бон сæ[8] бабун кæнун æй, етæ[9] сæхецæн ци исбон кодтонцæ, уой тухæй, фал Е беретæн хатир кæнуй.
35. Мах æвдесæнти тухæй загъд ка райеудагъ кæнуй, етæ зонунцæ, сæ бон раледзун ке не ‘суодзæнæй, уой.
36. Сумахæн цидæриддæр лæвæрд ес а зæнхон царди, етæ рæстæгмæ ‘нцæ. Хуцаумæ ка ес, етæ ба уонæй хуæздæр æма æносондæр æнцæ, ка бауæндтæй æма æ Еунæхуцаумæ æнгъæлдзау ка ‘й,
37. устур тæрегъæдтæ æма æнаккагдзийнæдтæй æхе ка хезуй, уæдта мæстгун ку фæккæнунцæ, уæд ка ниххатир кæнуй,
38. æ Еунæхуцауæн дзуапп ка дæттуй, намаз ка кæнуй, кæрæдзей хæццæ унаффæ кæнунцæ гъуддæгтæбæл æма сæ Мах цæмæй фæххайгин кодтан, уомæй битир ка дæттуй,
39. зулундзийнадæ син ку ракæнунцæ, уæд æ маст ка бахатуй, уонæн.
40. Фуддзийнади аргъ е ‘нхузæн фуддзийнадæ æй. Фал ка ниххатир кæна æма лимæйнадæ ка исиваера, уой хуæрзеуæг ба Хуцаумæ уодзæнæй. Уастæн, æнаккæгти Е нæ уарзуй.
41. Фуд миуæ кæмæн ракиндæ ‘й, е уайдзæфаг нæй, æ маст ке есдзæнæй, уой тухæй.

42. Уайдзæфаг æрмæст етæ ‘нцæ, æма фуд миутæ æма æнæуаг гъуддæгтæ ка кæнуй адæнæн, уомæн син неци барæ лæвæрд уогæй. Уонæн æбуалгъ гъезæмæрттæ цæттæгонд ес.
43. Уалгæдзон ка разинна æма ка ниххатир кæна, е ба, уастæн, æ гъуддæгти федардзийнади æвдесæнæн.
44. Хуцау ке фæррæдуйун кæна, уомæн уой фæсте ауодæг нæбал разиндзæнæй. Ду фæууиндзæнæ, æнаккæгтæ гъезæмæрттæ ку фæууинонцæ, уæд куд зæгъдзæнæнцæ: “Нур фæстæмæ раздæхунæн неци амал ес?”
45. Ду фæууиндзæнæ, коммæгæсæй сæ куд базонгæ кæндзæнæнцæ[10], сæ фур æгадæй имæ дæлбункаст кæнгæй. Ка баууæндтæй, етæ ба зæгъдзæнæнцæ: “Уастæн, базæрангонд æрцудæнцæ æхе æма æ бийнонти ка байсафта исæндедзæн бон, етæ”. Уастæн, æнаккæгтæ æносон гъезæмæртти амæттаг уодзæнæнцæ.
46. Уонæн нæдæр ауодæг, нæдæр æнхусгæнæг нæ уодзæнæй, Хуцауи бæсти син ке бон иссайдæ фæййангъос кæнун, уæхæнттæ. Хуцау ке фæррæдуйун кодта, уомæн фæндаг нæбал ес.
47. Уæ Еунæхуцауæн дзуапп раттетæ, цалдæн Хуцауæй дзурд ци бон æй, е нæма ралæудтæй, кæций нæййес райеуварс кæнён. Еци бон сумахæн легдонæ нæбал уодзæнæй, æма уæ тæрегъæдтæ райеппард кæнун уæ бон нæбал исуодзæнæй.
48. Етæ сæхе ку рахатонцæ, уæдта дæ Мах уонæн гъæуайгæсæй нæ рарвистан. Дæубæл æрмæст æргомæг фегъосун кæнуни ихæс ес. Нæ хуарзæнхæй исахуадун ку фæууадзæн адæймаги, уæд ибæл е цийнæ кæнуй. Æ къохтæй æхецæн ци бакодтонцæ, уой туххæй ба æй фуддзийнадæй ку бакайæн, уæдта адæймаг исуй æнæбоз.
49. Уæлæрвтæ дæр æма зæнхæ дæр Хуцауи бæрни ‘нцæ. Е, ци ‘й фæндуй, уой кæнуй. Е, кæмæн æй бафæндуй, уомæн балæвар кæнуй силдзæуæт, æма ‘Й кæмæн фæндуй, уомæн ба балæвар кæнуй нæлдзæуæт.
50. Кенæ ба син æмбесбæл раттуй нæлдзæуæт æма силдзæуæт. Кæмæн Æй фæндуй, уой ба æнæцæуæт фæккæнуй. Уастæн, Е зонагæ æма алцигъон æй.

51. Уомæн уæн нæййес, цæмæй Хуцау адæймаги хæццæ дзора æнæ æргомæги фæрци кенæ æнæ æмбæрзæнæй. Кенæ Е рарветуй минæвар[11], кæци Уой барвæндæй æргомæги фæрци уаз хæссуй, Уой ци фæффæндуй, уой туххæй. Уастæн, Е бæрзонд æма сем æй.
52. Гъе, еци хузи дин Мах баустан æргомæги мон[12] Нæ баргъонæй. Финстæг æма æууæнкæ ци ‘нцæ, уой нæ зудтай. Фал æй Мах искодтан рохс, æма уой фæрци Мах хонæн, Нæ цагъартæй Нæ ке бафæндуй, уой æррæстæ надбæл. Уастæн, ду æррæстæ надмæ амонис –
53. Хуцауи надмæ, кæций бæрни æнцæ, уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ. Уастæн, Хуцаумæ раздæхунцæ гъуддæгтæ.

43-аг сураæ
Сугъзæринттæ
(аз-Зухруф)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. *Ха. Мим.*
2. Сугъдæг Киунугæй ард хуæрун!
3. Уастæн, Мах искодтан араббаг æвзагбæл Хъуран, цæмæй æй сумах балæдæрайтæ.
4. Уастæн, е Нæ Киунуги мадæмæ ‘й. Е намусгин æма сем æй.
5. Ци ‘нгъезуй, уой арæнбæл рахезæг адæн ке айтæ, гъæуама Мах, мийяг, уой туххæй райеуварс кæнæн сумахæй и цетæн*[1]?
6. Цæйбæрцæ пахампартæ рарвистан фиццаг фæлтæртæмæ Мах?
7. Фал сæмæ кайфæнди пахампар дæр не ‘рцæуидæ, етæ ‘йбæл фæггириз кæниуонцæ.
8. Мах бабун кодтан, уонæй тухгиндæр ка адтæй, уони, æма раздæриккон фæлтæрти дæнцæнтæ раги райевгъудæнцæ.

---

* Цетæн – напоминание.

9. Ду сæ ку бафæрсай: “Уæлæрвтæ æма зæнхæ ка исфæлдиста?”, уæд етæ æнæмæнгæ зæгъдзæнæнцæ: “Уони исфæлдиста Тухгиндæр æма Зонæнгиндæр”.
10. Е уин зæнхæ искодта уæ райгуræн бунат æма уин си исаразта фæндæгтæ, цæмæй сумахæн æррæстæ надбæл цæуён адтайдæ.
11. Е арвæй нирвиста дон бæрцæбæл, æма уомæй Мах æрцаræн мард зæнхæ. Гъе, уотæ сумах рахундæ уодзинайтæ ингæнæй дæр.
12. Е исфæлдиста аллихузон фонс æма зайæгойтæ æнкъæйттæй, æма уин исаразта науитæ æма фиртæнттæ, цæмæй сæбæл цапуал кæнайтæ,
13. цæмæй сæ рагъмæ, цит, исхезайтæ, æма уой фæсте ба уæ Еунæхуцауи хуарзæнхæ имисайтæ æма дзорайтæ: “Ани мах бæрни ка бакодта, Е сугъдæг æй, уомæн æма махæн нæхе бон уой бакæнун нæй.
14. Уастæн, мах нæ Еунæхуцаумæ раздæхдзинан”.
15. Етæ[2] Ин Æ цагъартæй хай[3] искодтонцæ. Уастæн, адæймаг, æнгъæлдæн, æнæбоз æй.
16. Æдта нур Е Æхе исфæлдесæндтæй Æхецæн кизгуттæ райста, сумах ба фурттæй хайгин фæккодта?
17. Уодибæстгунæн цæветтонгæ ке æрхæссунцæ, уой райгурди хабар си ескæбæл ку исæмбæлуй, уæд е ниссау уй, æма æ маст бауорамуй.
18. Æдта нур етæ Хуцауæн, аллихузи фæлунстити ке гъомбæл кæнунцæ æма ести буцæудзийнади бæлвурдæй дзорунгъон ка нæй, уой дæттунцæ?
19. Уодибæстгуни цагъартæ ка ‘нцæ, еци изæдтæй искодтонцæ силгоймæгтæ. Етæ фæлдист ку цудæнцæ, уæд, мийяг, сæ рази адтæнцæ? Уони æвдесæнгонд финст уодзæнæй, æма етæ фарст æрцæудзæнæнцæ.
20. Етæ загътонцæ: “Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæд мах уонæн нæ кувтаййанæ[4]”. Уой тухxæй уонæмæ неци зонундзийнадæ ес, æма етæ æрмæстдæр мæнгæттæ дзорунцæ.
21. Мийяг син уой размæ Киунугæ балæвар кодтан, кæций фæткæбæл хуæцунцæ етæ?
22. Нæхъ! Етæ загътонцæ: “Уастæн, мах аци надбæл æрæййафтан нæ фиддæлти,

æма мах уони фæдбæл цæуæн”.

23. Гъе уотæ, циуавæрфæнди игъосунгæнæг нæ рарветианæ хе багъæуай кæнуни туххæй цийфæнди гъæумæ дæр, кæций цæргутæ, сæ фурхъалæй боц уогæй, æнæмæнгæдæр зæгъиуонцæ: “Уастæн, мах аци фæндагбæл æрæййафтан нæ фиддæлти, æма мах уони фæдбæл цæуæн”.
24. Е загъта: “Æма уин æз, уæ фиддæлти цæй хæццæ æрæййафтайтæ, уомæй растдæр ци æй, уой кæд æрбахастон, уæдта?” Етæ загътонцæ: “Сумах[5] цæйхæццæ æрвист айтæ, уобæл мах не ‘ууæндæн”.
25. Мах син бахаттан. Æркæсайтæ, мæнгætти ка фудгин кодта, уони кæрон цæбæл æрлæудтæй.
26. Мæнæ Ибрæгим æ фидæн æма æ адæнæн загъта: “Уастæн, æз неци барæ дарун, сумах цæмæ коветæ, уонёмё,
27. мæн ка исфæлдиста, Уомæй фæстæмæ. Уастæн, Е мæ æррæстæ надбæл фæххондзæнæй”.
28. Е уой искодта дзурд, кæци бадуй æ цæуæти дæр, цæмæй уони бон исуа æррæстæ надмæ раздæхун.
29. Фал син Æз ба уонæн дæр æма сæ фиддæлтæн дæр барæ равардтон æгас хуæрзтæй дæр пайда кæнун, цалдæн сæмæ уацæгадæ æма лæдæрунгæнæг минæвар нæ фæззиндтæй, уæдмæ.
30. Уацæгадæ сæмæ ку фæззиндтæй, уæдта етæ загътонцæ: “Етæ кæлæнтæ ‘нцæ, æма сæбæл мах не ‘ууæндæн”.
31. Етæ ма загътонцæ: “Аци Хъуран дууæ горæтей[6] кадгиндæр лæгмæ æрвист цæмæннæ адтæй?”
32. Мийяаг етæ иуарунцæ дæ Еунæхуцауи хуарзæнхæ? А зæнхон царди цийяес син се ‘хсæн Мах байурстан, æма си сæ еуети иннетæй фæссæрдæр кодтан къæпхæнгай, цæмæй еуетæ иннетæй сæхецæн лæггадеуæгкæнунæн есонцæ. Етæ ци æмбурд кæнунцæ, уонæй дæ Еунæхуцауи хуарзæнхæ хуæздæр æй.
33. Уомæй тас ку нæ адтайдæ, æма адæн еу æнæууæнкæ æхсæнадæ исуодзæнæнцæ, зæгъгæ, уæд ка не ‘ууæндуй Уодибæстгунбæл, уони хæдзæртти Мах искодтаййанæ æвзестæ сæртæ æма къæпхæнтæ, кæцибæл

хизтайуонцæ етæ,

34. уæдта æвзестæ дуæрттæ æма хуссæнтæ сæ хæдзæртти, кæцитæбæл хустайуонцæ, банцойнæ кæнгæй,

35. уæдта сугъзæрийнæ даргитæ. Етæ æрмæст рæстæгмæ хуæрзæгтæ ‘нцæ а зæнхон царди, фæстаг цард ба дæ Еунæхуцаумæ цæттæгонд æй хуцаудастæн.

36. Уодибæстгуни ном ерунæй æхе ка хатуй, уобæл Мах бафæдзæхсдзинан Ибилиси, æма ин е исуодзæнæй е ‘мбал.

37. Етæ[7] сæ Хуцауи надмæ нæ уаддзæнæнцæ, фал етæ ба уотæ æнгъæл уодзæнæнцæ, æма раст надбæл цæунцæ.

38. Æма Махмæ ку фæззинна е[8], уæдта е Ибилисæн зæгъдзæнæй: “Махæн не ‘хсæн нигулæн æма скæсæни æхсæн ци дæрццæг ес, фæлтау е ку адтайдæ! Æма куд лæгъуз æмбал дæ!”

39. Уонæн загъд уодзæнæй: “Сумах зулундзийнадæ аразтайтæ, æма уин абони, сумах ци фудæнхард дех кæнетæ, е нæбал фæййангъос кæндзæнæй”.

40. Миййаг, дæу бон къурути фегъосун кæнун, кенæ хъæрæути, æма æцæгæй ка фæдздзæгъæл æй, уони раст надбæл исивæрун дæ бон исуодзæнæй?

41. Махæн дæу райсун Нæ бон æй, фал дæ Мах, æнæмæнгæ, бакайдзинан.

42. Уонæн ци байвæрзтан, уони дæр дин Нæ бон æй бавдесун, уомæн æма Мах уонæбæл дæр баргин ан.

43. Æргомæги дин ци загъд цæуй, уобæл хуæцæ. Уастæн, ду æррæстæ надбæл дæ.

44. Е дин дæхе туххӑй æма дæ адæни туххӑй зæрдæбæл лæуунгæнæн æй, æма сумах фарст æрцæудзинайтæ.

45. Дæу размæ ке рарвистан, еци минæвæртти бафæрсæ, Уодибæстгунæй фæстæмæ ма Мах, кæцитæн æнгъезуй ковун, æндæр уæхæн хуцæуттæ искодтан, æви нæ?

46. Мах рарвистан Мусай Не ‘вдесæнти хæццæ Фёрёонмæ æма æ уллутæмæ, æма е загъта: “Уастæн, æз дуйнети паддзахи минæвар дæн”.

47. Æма Не ‘вдесæнти хæццæ сæмæ ку фæззиндтæй е, уæдта ‘йбæл худтæнцæ.

48. Цийфæнди æвдесæн син нæ бавдистаййанæ, е раздæрикконæй, цит,

алæмæттагдæр адтæй. Мах сæ гъезæмæрттæй бафæлвардтан, цæмæй уони бон фæстæмæ æррæстæ надмæ раздæхун иссайдæ, уой туххæй.

49. Етæ загътонцæ: “Уо кæлæнгæнæг! Е дæ хæццæ ци фæдзæхсти туххæй бадзурд искодта, уомæ гæсгæ дæ Еунæхуцауæн мах туххæй баковæ, æма уæдта, æнæмæнгæ, мах дæр дæ фæдбæл æррæстæ надбæл рацæудзинан”.

50. Мах сæ гъезæмæрттæй куддæр фæййервæзун кодтан, уотæ ба, ци дзурд равардтонцæ, уой фехалдтонцæ.

51. Фёрёон æ адæнмæ фæсседтæй æма загъта: “Уо мæ адæн! Мийяг, мæн баргъон нæ ‘нцё Египет дæр æма аци дæнттæ дæр, кæцитæ уайунцæ мæ бунти? Мийяг, уой нæ уинетæ?

52. Мийяг, æз аци илгъагæй хуæздæр нæ дæн, кæци тухæй-фудтæй дзоруй[9]?

53. Æма уæд ибæл сугъзæрийнæ цæнгдарæнтæ цæмæннæ ес? Æма уæд æ хæццæ æмвæд цæмæннæ не ‘рбацудæнцæ изæдтæ?”

54. Е æ адæни фæссайдта, æма етæ уой коммæ бакастæнцæ. Уастæн, етæ æнаккаг адæн адтæнцæ.

55. Æма Мах ку рамæстгун кодтонцæ етæ, уæдта си Мах дæр Нæ маст райстан æма сæ фæддæлдон кодтан.

56. Мах сæ развæд æма иннетæн дæнцæйнаг искодтан.

57. Дæнцæнæн ку ‘рхæссунцæ Майрай фурти, уæд дæ адæн цийнæ кæнунцæ.

58. Етæ дзорунцæ: “Мах хуцæуттæ хуæздæр æнцæ, æви е?” Етæ дин æй дæнцæнæн æрхæссунцæ æрмæстдæр загъд исаразунмæ. Етæ буцæугæнагæ адæн æнцæ!

59. Е æдеугурæй, Мах ке бауфстан æма ‘й Езрай фурттæн дæнцæнæн ке искодтан, уæхæн цагъар æй.

60. Мах ку бафæндадтайдæ, уæд уæ зæнхи цъарæбæл изæдтæй баййивтаййанæ, æма етæ уæ бардартæ иссайуонцæ.

61. Уастæн, е[10] Сахати æууæл æй. Уобæл[11] æппундæр гурусхаг ма уотæ æма Мæ фæдбæл цотæ! Е æррæстæ над æй.

62. Æма уæ Ибилис ма фæккеун кæнæд, уомæн æма е уе ‘ргом æзнаг æй.

63. Иса бæлвурд æвдесæнти хæццæ ку ‘рбацудæй, уæд загъта: “Æз уæмæ

ærбацудтæн фасти хæццæ, уæдта сумах цæй тухххæй æнхæл кæнетæ кæрæдзей хæццæ, уой уин балæдæрун кæнуни тухххæй. Æма Хуцауæй тæрсетæ æма мæ коммæ кæсетæ!

64. Уастæн, Хуцау мæн Тубай дæр æма сумах Тубай дæр æй. Коветæ Ин. Е раст над æй".
65. Фал къуæрттæ кæрæдзей хæццæ исæнхæл æнцæ. Ænаккаг миутæ ка кодта, етæ хъиамæти бони гъезæмæрттæй додоййаг уодзæнæнцæ!
66. Æдта нур етæ Сахатæй æндæр ма естæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ, кæци уонæмæ гæсгæ æрбалæудзæнæй æвеппайди, етæ ин е 'рбахæстæггонд лæдæргæ дæр нæ бакæнгæй?
67. Еци бон уарзон лимæнтæ, хуцаудастæй фæстæмæ, æзнæгтæ фестдзæнæнцæ.
68. Уо Мæ цагъартæ! Абони сумах тасдзийнадæ нæ бавзардзинайтæ, æма унгæги нæ уодзинайтæ.
69. Сумах адтайтæ, Не 'вдесæнтæбæл ка баууæндтæй, уонæй, æма адтайтæ пусулмæнттæ.
70. Æма уæ уостити хæццæ игъæлдзæгæй бацотæ дзенетмæ.
71. Уонæн зелæн кæндзæнæнцæ сугъзæрийнæ тæбæгътæ æма къости хæццæ. Уоми, зæрдæ цидæр зæгъа æма цæститæ цæмæй райсæрхунцæ, етæ си ес. Уоми уодзинайтæ æности.
72. Еци дзенет уин лæвæрд æй бундарæн, ци кодтайтæ, уой тухххæй.
73. Уоми уин цæттæгонд æнцæ берæ рæзæ, кæцити хуæрдзинайтæ.
74. Уастæн, тæрегъæдгунтæ зиндони гъезæмарæ кæндзæнæнцæ.
75. Уонæн бауолæфунæн рæстæг лæвæрд нæ уодзæнæй, æма уоми уодзæнæнцæ хъæбæр унгæги.
76. Уонæн Мах æнæрастæй неци фæцан, етæ сæхуæдтæ сæхецæн фæцæнцæ æнæраст.
77. Етæ исковдзæнæнцæ: "Уо Мælекк[12]! Дæ Еунæхуцау нин кæрон искæнæд". Е зæгъдзæнæй" "Сумах ами байзайдзинайтæ æности".
78. Мах уин уацæгадæ æрбахастан, фал уæ фулдæретæ ба уацæгадæмæ илгъæ кæнунцæ.

79. Æма сæ[13] фæстаг фæндон нæма рахастонцæ етæ? Мах ба нæ фæндон раги рахастан.
80. Гæр етæ уотæ æнгъæлунцæ, æма син Мах сæ сосæгдзийнæдтæ æма асхъод дзубандитæ не ‘гъосæн? Нæхъ! Сæ фарсмæ фæуунцæ Нæ минæвæрттæ, кæцитæ сæ финсунцæ.
81. Зæгъæ: “Уодибæстгунæн фурт ку адтайдæ, уæд ин фиццаг æз райдæдтайнæ ковун[14]”.
82. Уæлæрвти æма зæнхи Тубай, Трони Хецау, сугъдæг æй, æма етæ ‘Йбæл цитæ имисунцæ, Е уонæй изол æй.
83. Æма сæ уадзæ сæ дзæгъæлдзори арф бацæун æма сæхе исæрхун, цалдæн ци бон син иваерзт æй, еци бонбæл не ‘сæмбæлонцæ, уæдмæ.
84. Е æй, уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр Хуцау ка æй. Е сем æма зонæнгин æй.
85. Уæлæрвтæ, зæнхæ æма уонæн се ‘хсæн цидæриддæр ес, уонæбæл Æ барæ ка даруй, Е фæрнгун æй. Уомæ ‘й Сахати туххæй зонундзийнадæ, æма Уомæ æрцæудзинайтæ æздæхт.
86. Уомæй фæстæмæ ма сумах кæмæ коветæ, уони бон ба сæрбæлдзорунгъон нæ ‘нцæ. Зонгæй ка бавдесæн кодта уацæгадæбæл, æрмæст уони сæрбæл дзурдæ уодзæнæй, кенæ æрмæст уони бон уодзæнæй сæрбæл исдзорун.
87. Уони ку бафæрсай, ка сæ исæнтæста, зæгъгæ, уæд æнæмæнгæдæр зæгъдзæнæнцæ: “Хуцау”. Æдта куд еуварс æнцæ уацæгадæй!
88. Е загъта: “Еунæхуцау! Уастæн, етæ æнæууæнкæ адæн æнцæ”.
89. Æма си дæхе рахатæ æма зæгъæ: “Салам!” Тагъд базондзæнæнцæ.

44-аг сураæ

Хъуæцæ

(ад-Духан)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. *Ха. Мим.*
2. Сугъдæг Киунугæй ард хуæрун!
3. Мах æй нирвистан фæрнуг æхсæвæ[1], æма Мах си хе гъæуай кæнун кæнæн.
4. Уоми унаффæ хаст цæуй æгас зундгин гъуддæгтæбæл дæр
5. Мах фæндонæй. Мах рарветæн пахампарти æма Киунугæ
6. дæ Игъосагæ æма Зонагæ Еунæхуцауи уодибæстæй,
7. уæлæрвти, зæнхи æма уонæн се ‘хсæн ци ес, уони Еунæхуцауæй, кæд ести федардзийнадæ уæмæ ес, уæд.
8. Нæййес æндæр хуцау Уомæй фæстæмæ. Е æрцаруй æма рамаруй. Е уæ Еунæхуцау æма уæ фиддæлти Еунæхуцау æй.
9. Фал етæ[2] ба гириз кæнунцæ, сек хæсгæй.
10. Æма бангъæлмæ кæсæ, арв зундгонд хъуæцæ ци бон æрбахæсса, уомæ,
11. кæци адæни батохдзæнæй. Етæ æбуалгъ гъезæмæрттæ уодзæнæнцæ!
12. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Нæ Еунæхуцау! Гъезæмæрттæй нæ бахезæ, уомæн æма мах бауувæндтан”.
13. Фал уæхæн уосиат куд æримисонцæ, кæд æма сæмæ тæфсергæнæг минæвар ку ‘рбацудæй.
14. Уой фæсте ба етæ уомæй сæхе рахаттонцæ æма загътонцæ: “Е ахургонд, хæдздзегун æй”.
15. Мах уæ гъезæмæрттæй исуæгъдæ кæндзинан рæстæгмæ, фал сумах раздæхдзинайтæ уе ‘нæууæнкæдзийнадæмæ.
16. Мах уæ ци бон бакайæн федар хуæстæй, еци бон уин бахатдзинан Нæ кинæ.
17. Сумах размæ Мах бафæлвардтан Фёрёони адæни, æма сæмæ уездон минæвар фæззиндтæй.
18. Е загъта: “Фæстæмæ мин раттетæ Хуцауи цагъарти. Æз уæмæ, кæбæл æнгъезуй бауувæндун, уæхæн æрвистлæг дæн.
19. Хуцаубæл уæхе ма бæрзонддæр кæнетæ, уомæн æма уæмæ æз æрбахастон æцæг æвдесæн.
20. Æз мæ Еунæхуцауи æма сумах Еунæхуцауи бæрни бакодтон мæхе, цæмæй мæ сумах дортæй ма фæххуастайййтæ.

21. Кæд мæбæл не ‘ууæндетæ, уæдта мæ ниууадзетæ”.
22. Уой фæсте ба æ Еунæхуцаумæ искувта: “Етæ тæрегъæдгун адæн æнцæ”.
23. Хуцау загъта: “Мæ цагъарти хæццæ уордæгæй æхсæвигон рацо. Уастæн, етæ сумах расордзæнæнцæ.
24. Денгиз æ сабури ниууадздзæнæ, уони æфсад ба дæлдонгонд æрцæудзæнæй”.
25. Цæйбæрцæ рæзбунтæ æма сауæдæнттæ ниууагътонцæ етæ,
26. уæдта хумтæ æма кадгун бунæттæ,
27. уæдта бæркад, кæцими етæ сæхе исæрхтонцæ!
28. Гъе уотæ! Мах уони æндæр адæнæн исаккаг кæнун бауагътан.
29. Нæдæр арв, нæдæр зæнхæ нæ никкудтæнцæ уонæбæл, æма уонæн æнгъуд лæвæрд дæр нæбал æрцудæй.
30. Раздæр Мах фæййервæзун кодтан Езрай фуртти æгадæ бафхуæрдæй –
31. Фёрёони къохæй. Уастæн, е хецмæр адтæй æма, ци ‘нгъезуй, уой арæнтæбæл ка рахизтæй, уонæй сæ еу адтæй.
32. Уони Мах равзурстан æма сæ зонундзийнæдтæмæ гæсгæ дуйнетæбæл исуæлиау кодтан.
33. Мах син балæвар кодтан æвдесæнтæ, кæцитими æцæг фæлварæнтæ адтæй.
34. Уастæн, етæ æнæмæнгæ зæгъдзæнæнцæ:
35. “Махæн æрмæст еунæг[3] мæлæт ес, æма нæуæгæй æгасгонд не ‘рцæудзинан.
36. Кæд раст дзоретæ, уæд нин нæ фиддæлти æрбакæнайтæ”.
37. Етæ хуæздæр æнцæ, æви Тобби[4] адæн æма сæ развæд уæвгутæ? Мах сæ бабун кодтан. Уастæн, етæ тæрегъæдгунтæ адтæнцæ.
38. Мах не сфæлдистан нæдæр уæлæрвтæ, нæдæр зæнхæ, уæдта уонæн се ‘хсæн цидæриддæр ес, нæдæр уони, Хе исæрхгæй.
39. Мах сæ[5] исфæлдистан уацæгади, фал сæ фулдæретæ ба уой нæ зонунцæ.
40. Уастæн, æвзарæн бон – æнгъуд рæстæг æй, кæци уонæй алкæмæндæр лæвæрд æй.
41. Е уæхæн бон уодзæнæй, æма хæстæг æ хеуонæн фæййангъос кæнун нæбал исуодзæнæй, æма æнхус дæр некæмæн æрцæудзæнæй,
42. Хуцау кæмæн фæттæрегъæд кодта, уонæй фæстæмæ. Уастæн, Е тухгин,

уодибæстгун æй.

43. Уастæн, заккум бæласæ уодзæнæй

44. тæрегъæдгуни хуæруйнаг.

45. Зетий булугъти бадтау е фицдзæнæй губунти,

46. ирайгæ донау.

47. Хуæцетæ ‘йбæл æма ‘й ласетæ зиндони тæккæ астæумæ.

48. Уой фæсте ба ин æ сæрбæл гъезæмарæ кæнунгæнæг ирайгæ дон æркæнетæ.

49. Ахуадæ, уомæн æма ду тухгин, уездон ку дæ!

50. Гъе уин, сумах цæбæл гурусхæ кодтайтæ, ейæ!

51. Уастæн, хуцаудастæ æдас бунати уодзæнæнцæ,

52. дзенети рæзбунти æма сауæдæнтти æхсæн.

53. Етæ фæлунст уодзæнæнцæ атлас æма хæрдгæ хъумæцти æма баддзæнæнцæ кæрæдзей нихмæ.

54. Гъе уотæ! Мах сæ цæдес искодтан саудзæстæ, дзангъирдзæстæ кизгутти хæццæ.

55. Уоми етæ кордзæнæнцæ аллихузи рæзæ, æдас уогæй.

56. Уоми[6] етæ фиццаг рамæлæти фæсте нæбал рамæлдзæнæнцæ. Е сæ зиндони гъезæмæрттæй багъæуай кодта

57. дæ Еунæхуцауи хуарзæнхæй. Æма е æй устур æнтæстдзийнадæ.

58. Мах дин æй[7] фенцондæр кодтан дæу æвзагбæл, цæмæй сæ бон и уосиат æримисун уа, уой тухххæй.

59. Æма бангъæлмæ кæсæ, уомæн æма етæ дæр æнгъæлмæ кæсунцæ.

45-аг сурæ

Уæргутæбæл æрлæугутæ

(аль-Джасийа)[1]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. *Ха. Мим.*

2. Киунугæ ærвист æй тухгин æма сем Хуцауæй.
3. Уастæн, уæлærвти дæр æма зæнхæбæл дæр урнæг адæнæн ес æвдесæнтæ.
4. Сумах æма цæрæгойти исфæлдисти, кæцити е ærцæрун кодта алли рауæнти, кёмёй баруагæс æй, еци адæнтæн си æвдесæнтæ ес.
5. Æхсæвæ æма бони раййивди, арвæй ци амонд нирветуй Хуцау, кæций фæрци Е ærцаруй зæнхæ æ фæсмæрдæ, уоми, уæдта дунгити раййивди, лæдæргæ адæнæн æвдесæнтæ ес.
6. Мæнæ Хуцауи айаттæ, кæцити дин Мах аргъауæн уацæгади. Æма Хуцауи радзурди фæсте циуавæр радзурдбæл æма æвдесæнтæбæл æууæндунцæ етæ?
7. Додоййаг æй алли сайæгой тæрегъæдгун дæр!
8. Е байгъосуй Хуцауи айаттæмæ, кæцитæ ин аргъуд цæунцæ, уой фæсте ба ниббуцæу уй, цума сæ игъосгæ дæр некæд фæккодта, уотæ. Æма ин æ зæрдæ барохс кæнæ æбуалгъ гъезæмæртти хабараей.
9. Æма Не ‘вдесæнтæй ести ку базонуй, уæдта сæбæл айуан кæнун райдайуй. Уæхæнттæн ægадæ æфхуæрддзийнадæ цæттæгонд æй.
10. Уонæн сæ размæ дзаханаман æй. Етæ сæхецæн ци исбон кодтонцæ, е сё нæ фæййервæзун кæндзæнæй, уёдта Хуцауæй фæстæмæ ма ауодгутæй æма æнхусгæнгутæй ке райстонцæ, етæ дæр. Уонæн æбуалгъ гъезæмæрттæ цæттæгонд ес.
11. Е раст разамунд æй. Æ Еунæхуцауи æвдесæнтæбæл ка нæ бауууæндтæй, уони ба устур фудæнхард хезуй.
12. Хуцау е æй, сумах бæрни денгиз ка бакодта, цæмæй ибæл науитæ Уой фæндонæй накæ кæнонцæ, æма ин цæмæй Æ хуарзæнхæ агорайтæ. Кайзонуй, æма боз уодзинайтæ.
13. Е уин уæ бæрни бакодта уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, уони. Уастæн, уоми сагъæсгæнæг адæнæн æвдесæнтæ ес.
14. Æууæндгутæн зæгъæ, цæмæй етæ, Хуцауи бæнттæмæ æнгъæл ка нæ кæсуй, уонæн ниххатир кæнонцæ, цæмæй Е адæнæн, ци исбон кодтонцæ сæхецæн, уой син бахата.
15. Раст гъуддæгтæ ка аразуй, е æхе хуæрзагæн аразуй. Фуд миутæ ка кæнуй, е

ба æхе зæранæн кæнуй. Уой фæсте ба уæ Еунæхуцаумæ раздæхдзинайтæ.

16. Раздæр Мах равардтан Езрай фурттæн Киунугæ, баргъондзийнадæ æма уасдардзийнадæ, фæрнæй сæ фæххайгин кодтан æма сæ дуйнетæбæл исбæрзонд кодтан.
17. Мах син равардтан æцæг æвдесæнтæ Фæдзæхстæй. Етæ ба, зонундзийнадæ сæмæ ку ‘рбацудæй, уой фæсте сæ фур соцъайæй æма кæрæдземæн æдзæстуарзонæй, ниххайладæ ‘нцæ[2]. Уастæн, дæ Еунæхуцау син исæндедзæн Бони истæрхон кæндзæнæй, етæ цæбæл ниххайладæ ‘нцæ, уой туххæй.
18. Уой фæсте ба дæ Мах исивардтан фæдзæхсти надбæл. Цо уобæл, æма зонундзийнадæ кæмæ нæййес, уони фæдбæл ма цо.
19. Етæ дæ Хуцауæй æгириддæр нæ багъæуай кæндзæнæнцæ. Уастæн, ænаккæгтæ æрмæст кæрæдзей лимæнтæ æма ænхусгæнгутæ ‘нцæ, Хуцау ба хуцаудасти ауодæг æй.
20. Айæ[3] адæнæн бæрæг фæдзæхст æй, ænæсекк адæнæн раст разамонæг æма хуарзæнхæ.
21. Гæр, фуд миутæ ка аразта, етæ уотæ æнгъæл адтæнцæ, æма сæ Мах, ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уони хæццæ ænхузæн рабардзинан а царди медæгæ дæр æма фæсмæрдæ дæр? Куд илгъаг æнцæ уони сагъæстæ!
22. Хуцау исфæлдиста уæлæрвтæ дæр æма зæнхæ дæр уацæгадæй, уæдта, цæмæй алли уод дæр, ци исбон кодта æхецæн, уой туххæй кайдт æрцæуа, æма уой хæццæ ænæрастæй неци бакæндзæнæнцæ.
23. Æ цибæл ка исхуцау кодта, уой нæ фæууидтай? Зонундзийнадæмæ гæсгæ ‘й Хуцау фæррæдуйун кодта, æ гъостæ ‘ма ин æ зæрдæ ниммухур кодта, æ цæститæбæл ба ин æмбæрзæн æргæлста. Æма ‘й Хуцауи фæсте ма раст надбæл ка исивæрдзæнæй? Гæр, сумах не ‘римисдзинайтæ и фæдзæхст?
24. Етæ загътонцæ: “Ес æрмæст мах зæнхон цард. Мах райгуræн æма рамæлæн, æма нæ неци бабун кæнуй, рæстæгæй фæстæмæ”. Уонæмæ уой туххæй неци зонундзийнадæ ес. Етæ æрмæст æнгъæлцитæй дзорунцæ.

25. Нæ сугъдæг айаттæ син ку фæййаргъаунцæ, уæд сæ сæйрагдæр æвдистæг фæууй сæ загъд: “Кæд раст дзоретæ, уæд нин нæ фиддæлти ракæнетæ”.
26. Зæгъæ: “Хуцау уин раттуй цард, уæдта уæ рамаруй, уой фæсте ба уæ исæндедзæн Бонмæ æрæмбурд кæндзæнæй, кæци гурусхаг нæй”. Фал фулдæр адæн ба уой нæ зонуй.
27. Хуцауи бæрни æнцæ уæлæрвтæ дæр æма зæнхæ дæр. Сахат ци бон æрхъæрта, еци бон фæлтухъатæ зæрангонд уодзæнæнцæ.
28. Ду æгас æхсæнæдти дæр сæ уæргутæбæл æрлæугæй фæууиндзæнæ. Алли æхсæнадæмæ дæр æхе Финстæгмæ[4] фæсседдзæнæнцæ: “Абони, ка уи ци бакодта, е уин бахадт уодзæнæй.
29. Нæ аци Киунугæ сумах нихмæ æцæгдзийнæдтæ дзоруй. Сумах цидæриддæр кодтайтæ, Мах уони байхæс кодтан ниффинсун.
30. Ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уони гъуддаг ба уотæ уодзæнæй, æма сæ Еунæхуцау Æ хуарзæнхи бакæндзæнæй. Æма е æй æцæг æнтæстдзийнадæ.
31. Ка нæ баууæндтæй, уони гъуддаг ба уотæ уодзæнæй, æма уонæн ба загъд уодзæнæй: “Мийяг уин Мæ айаттæ нæ аргъудтонцæ? Сумах исхецмæр айтæ æма тæрегъæдгун адæн адтайтæ.
32. Уотæ уин ку дзурдæ адтæй, æма Хуцауи байвæрзт æцæг æй æма Сахат гурусхаг нæй, уæд сумах дзурдтайтæ: “И Сахат ци ‘й, уой мах нæ зонæн. Махмæ гæсгæ е æрмæст æнгъæлцитæ ‘нцæ. Махмæ федар æууæнкæ нæййес””.
33. Уонæн, ци фуд миутæ кодтонцæ, е байгон æй, æма цæбæл айуан кодтонцæ, е сæбæл æртумугъ æй.
34. Загъд уодзæнæй: “Абони уæбæл Мах бахъоди кæндзинан, сумах аци бони хæццæ фембæлдæ куд бахъоди кодтайтæ, уоййау. Уæ цæрæн бунат сумахæн уодзæнæй арт, æма уин æнхусгæнгутæ нæ уодзæнæй.
35. Е уин уой тухххæй лæвæрд цæуй, æма сумах Хуцауи æвдесæнтæбæл айуан ке кодтайтæ æма зæнхон цардæй ке рацибæл айтæ. Абони етæ уордæгæй нæбал рацæудзæнæнцæ, æма уонæй сæ рæдудбæл басæттун нæ бадомдзæнæнцæ”.

36. Табу Хуцауæн, уæлæрвтæ æма зæнхи Тубайæн, дуйнети Паддзахæн!
37. Уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр бæрзонддзийнадæ Уой æй. Е тухгин æма сем æй.

46-аг сураæ

Æзменситæ

(аль-Аххъаф)[1]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. *Ха. Мим.*
2. Киунугæ æрвист æй Тухгиндæр æма Зонæнгиндæр Хуцауæй.
3. Мах исфæлдистан уæлæрвтæ, зæнхæ æма се ‘хсæн цидæриддæр ес, уони уацæгади æма бæлвурд рæстæгмæ. Фал ка не ‘ууæндуй, етæ ба, цæмæй сæ хезун кæнунцæ, уомæй сæхе рахатунцæ.
4. Зæгъæ: “Хуцауæй фæстæмæ ма кæмæ коветæ, уони, мийяг, фæууидтайтæ? Бавдесайтæ мин, етæ зæнхæн æ кæци хай исфæлдистонцæ? Æви етæ уæлæрвтæбæл барæ даруни æмвонс æнцæ? Æрба мин хæссайтæ, амæй размæ ка адтæй, еци Киунугæ, кенæ ба зонундзийнæдти естиаваер фæд, кæд сумах раст дзоретæ, уæд!”.
5. Хуцауæй фæстæмæ ма, исæндедзæн Бони уæнгæ син дзуапп ка нæ ратдзæнæй æма сæ кувди тухxæй зонгæ дæр ка нæ кæнуй, уонæмæ ка ковуй, уонæй хъæбæрдæр ма ка рæдуйуй?!
6. Адæни ку æрæмбурд киндæ уа, уæдта етæ се ‘знæгтæ исуодзæнæнцæ æма сæ кувдтитæбæл исидæудзæнæнцæ.
7. Нæ сугъдæг айаттæ син аргъуд ку фæццæунцæ, уæд æцæгдзийнадæбæл, ку сæмæ æрхъæрттæй, уæд ибæл ка нæ баууæндтæй, етæ фæззæгъунцæ: “Е æнæмæнгæдæр кæлæнтæ ‘нцæ”.
8. Кенæдта етæ фæззæгъунцæ: “Е æй[2] имисгæ æркодта”. Зæгъæ: “Уой æз имисгæ кæд æркодтон, уæд мæ сумах бон не суодзёнёй Хуцауæй багъæуай

кænун. Сумах цæбæлти дзоретæ, етæ Уомæн хуæздæр зунд æнцæ. Ейæ, мæн æма сумах æхсæн æвдесæн ке ‘й, е дæр фагæ ‘й. Е хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й”.

9. Зæгъæ: “Минæвæрттæй æз фиццаг нæ дæн, æма мæнбæл дæр æма сумахбæл дæр ци ‘рцæудзæнæй, уомæн неци зонун. Æз æрмæстдæр кæнун, æргомæги мин ци ихæсгонд цæуй, уой. Æз æрмæстдæр балёдёрунгæнæг æма хе бахезуни тухxæй игъосунгæнæг дæн”.
10. Зæгъæ: “Нур сумах куд гъуди кæнетæ, е Хуцауæй æрвист кæд æй, æма сумах ба ибæл кæд не ‘ууæндетæ, уæд сумахæн ци уодзæнæй? Езрай фурттæй еу æвдесæнгæнæг бавдесæн кодта, уой хузæн ке адтæй, æма ‘йбæл бауæндтæй, сумах ба исхецмæр айтё. Уастæн, Хуцау раст надбæл не ‘сиваруй æнаккæгти!”
11. Æнæууæнкитæ æууæнкитæн загътонцæ: “Е хуарз ку адтайдæ, уæд етæ нæ разæй нæ фæцайуонцæ”[3]. Етæ уомæ гæсгæ нæ райдæдтонцæ сæ цард аразун, уомæ гæсгæ ба загътонцæ: “Е зæронд æримист гъуддаг æй”.
12. Уой размæ Мусай Киунугæ адтæй, кæци адтæй куд разамунд æма хуарзæнхæ. Аци Киунугæ ба араббаг æвзагбæл æй, кæци раздæриккон Киунугæ федар кæнуй, æрвист æй, цæмæй, æнæраст ка ‘й, уонæн сæхе багъæуай кæнун кæна, уæдта хуарз гъуддæгтæ аразгути зæрдитæ барохс кæна.
13. Уастæн, уотæ ка загъта: “Нæ Тубай – Хуцау æй”, æма æррæстæ надбæл ка рацудæй, етæ тасдзийнадæ нæ бавзардзæнæнцæ æма æнкъард нæ уодзæнæнцæ.
14. Етæ дзенети цæргутæ ‘нцæ, кæцими, ци аразтонцæ, уой тухxæй уодзæнæнцæ æности.
15. Адæймагæн Мах бафæдзахстан æ ниййергутæн хуарз ун. Мадæн уой хæссун æма уой ерун зин æй, сувæргиндзийнадæ æма реуæй рартасундзийнадæ ба рахæссунцæ æртин мæйи. Ку рабайлæгъ уй, æма цуппор анзи ‘йбæл ку рацæуй, уæдта фæззæгъуй: “Еунæхуцау! Мæнæн дæр æма мæ ниййергутæн дæр ци хуарзæнхæ фæддæ, уой тухxæй мæ арфæгъон фæккæнæ, æма, арази

цæмæй уай, уæхæн хуарз гъуддæгтæ исаразунмæ мин фæййангъос кæнæ. Мæ байзæддæгти мин рæстæгтæ фæккæнæ. Дæ размæ мæ рæдудбæл сæттун. Уастæн, æз пусулмёнттæй еу дæн".

16. Мах, хуæздæрдзийнадæ ка исаразта, уой кæмæй райсæн дзенети цæргутæй, етæ æнцæ, хуæздæр гъуддæгтæ ка исаразта æма æцæг байвæрзтмæ гæсгæ Мах кæмæн ниххатир кодтан сæ фуддзийнæдтæ, етæ.
17. Фал ес уæхæн дæр, æ ниййергутæн уотæ ка зæгъуй: "Ту уæбæл! Ædта нур мæ сумах уомæй тæрсун кæнетæ, æма мæ ингæнæй исласдзæнæнцæ, кæд æма мæн размæ берæ фæлтæртæ рацудæй?" Етæ Хуцауæй корунцæ æнхус: "Додоййаг дæ! Бауувæндæ, уомæн æма Хуцауи байвæрзт æцæг æй!" Е ба зæгъуй: "Етæ рагон адæни аргъæуттæ 'нцæ".
18. Уони, уæдта сæ размæ ка цардæй дзинтæ æма адймæгути нимæдзæй, уони тухxæй Хуцауи дзурд исæнхæст æй. Уастæн, етæ базæрангæндтæй адтæнцæ.
19. Алкæмæндæр, ка ци бакодта, уомæ гæсгæ ин лæвæрд уодзæнæй къæпхæн, цæмæй син сæ гъуддæгтæбæл Хуцау æнхæстæй бахата, æма уонæн зулундзийнадæй неци бакæндзæнæнцæ.
20. Ænæууæнкити арти хæццæ ку базонгæ кæнонцæ, уæд син зæгъдзæнæнцæ: "Сумах уæ фарнæ зæнхон царди исхарз кодтайтæ æма си фæппайда кодтайтæ. Абони ба уин киндуйнагæн уодзæнæй æгадæ гъезæмæрттæ, зæнхæбæл, барæ уин лæвæрд нæ уогæй, хæпполтæ ке кодтайтæ, уæдта æнаккæгтæ ке адтайтæ, уой тухxæй".
21. Адитти æнсувæри æримисæ. Мæнæ е æ адæни æзменси астæу рагфæдзахста, кæд æма уомæн æ размæ дæр æма æ фæсте дæр рагфæдзæхститæ адтæй: "Хуцауæй фæстæмæ макæмæн коветæ! Уастæн, æз тæрсун, æма сумах Устур бони гъезæмæрттæ баййафдзæнæнцæ".
22. Етæ загътонцæ: "Ædта нур ду уой тухxæй æрбацудтæ, цæмæй нæ нæ хуцæуттæй фæййеппард кæнай? Æма нин уæд, цæмæй нæ тæрсун кæнис, уой фæууинун кæнай, кæд ду, раст ка дзоруй, уонæй еу дæ, уæд".
23. Е загъта: "Зонундзийнадæ Хуцаумæ 'й, æз ба уин æрмæстдæр, цæйхæццæ æрвист дæн, уой игъосун кæнун. Фал æз уинун, сумах æнахургонд адæн ке

айтæ, уой”.

24. Æма ‘й[4] дæлвæзтæмæ цæугæ ку фæууидтонцæ мегъти хузи, уæд загътонцæ: “Етæ нæбæл, уарун ка ‘рцæун кæндзæнæй, уæхæн мегътæ ‘нцæ”. Нæхъ! Ейæ, сумах ци тагъд кæнун кодтайтæ, е æй – æбуалгъ гъезæмæрттæ хæссæг дунгæ.

25. Е æ Еунæхуцауи фæндонмæ гæсгæ ниддæрæн кæнуй алцидæр. Сæумæ ба æрмæст сæ хæдзæрттæ лæугæ байзадæнцæ. Уотæ Мах бахатæн тæрегъæдгун адæнæн.

26. Сумах[5] куд нæ ниффедар кодтан, уотæ уони ба Мах ниффедар кодтан, æма син равардтан игъосундзийнадæ, уинундзийнадæ æма зæрдитæ. Фал син нæдæр игъосундзийнадæ, нæдæр уинундзийнадæ, нæдæр сæ зæрдитæ фæййагъаз æнцæ, уомæн æма етæ Хуцауи æвдесæнтæ еуварс кодтонцæ, æма цæбæл айуан кодтонцæ, е сæбæл æртумугъ æй.

27. Уæ фалæнбулай ци гъæутæ адтæй, уони Мах раги бабун кодтан, æма и æвдесæнтæ балæдæрун кодтан, цæмæй уони бон æррæстæ надмæ фæстæмæ раздæхун адтайдæ.

28. Æма уæд, Хуцауи бæсти кæмæн кувтонцæ, цæмæй Уомæ фæххæстæгдæр адтайуонцæ, уой туххæй, етæ син цæмæннæ фæййангъос кодтонцæ? Нæ фал æма етæ си сæхе байасхъод кодтонцæ. Гъе дин сæ мæнгитæ, уæдта цитæ имистонцæ, етæ!

29. Мæнæ дæмæ Мах рарвистан цалдæр дзинни, цæмæй етæ байгъустайуонцæ Хъуранмæ. Етæ ‘ймæ ку ‘рбацудæнцæ, уæдта загътонцæ: “Нигъгъос уотæ æма игъосетæ!” Ку фæцæй[6], уæдта етæ сæ адæнмæ раздахтæнцæ, цæмæй уони бахезонцæ.

30. Етæ загътонцæ: “Нæ адæн! Уастæн, мах байгъустан Мусай фæсте æрвист Хъуранмæ, кæци æ размæ ци адтæй, уой федар кæнуй. Е æцæгдзийнадæ æма æррæстæ надмæ аразуй.

31. Нæ адæн! Хуцауи уазхæссæгæн дзуапп раттетæ æма ‘йбæл баууæндетæ, æма уин уæд Е дæр уæ еуæй-еу тæрегъæдтæ ниххатир кæндзæнæй æма уæ æбуалгъ гъезæмæрттæй фæййервæзун кæндзæнæй”.

32. Хуцауи уазхæссæгæн ба дзуапп ка нæ ратта, е ба зæнхæбæл нæ

фæййервæздзæнæй, æма ин Уой бæсти ауодæг дæр æма æнхусгæнæг дæр нæ уодзæнæй. Уæхæнттæ хъæбæр рæдуйунцæ.

33. Гæр етæ уой нæ уинунцæ, æма уæлæрвтæ æма зæнхæ ка исфæлдиста, уони фæлдесгæй нæ бафæллайгæй, еци Хуцауи бон мæрдтæ æригас кæнун ба нæй? Гъо! Уой бон алли гъуддаг бакæнун дæр æй.
34. Æнæууæнкити ци бон базонгæ кæнонцæ арти хæццæ, еци бон уонæн зæгъдзæнæнцæ: “Мадта айæ æцæг нæй?” Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Гъо! Ард хуæрæн нæ Еунæхуцауæй! Е зæгъдзæнæй: “Мадта ке не ‘ууæндтайтæ, уой тухxæй исахуадетæ”.
35. Бухсæ, федар уоди хецау минæвæрттæ[7] куд бухстæнцæ, уотæ, æма Мæ ма тагъд кæнæ уонæн[8] фудæнхарди хæццæ. Ци иваерзт син адтæй, уой ку фæууинонцæ еци Бон, уæд сæмæ уотæ фæккæсдзæнæй, æма етæ зæнхæбæл ædеугурæй бонæн æ еунæг сахат фæцæнцæ. Уæхæн æй æрвистæг! Мийяг, æнаккæгтæй уæлдай ма еске æрцæудзæнæй исæфт?

47-аг сурæ
Мæхæмæт
(Мухаммад)

Хатиргæнагædæр æма тæрегъædгæнагædæр Хуцауи номæй.

1. Ка не ‘ууæндтæй æма иннети дæр Хуцауи надæй ка еуварс кодта, уони гъуддæгтæ Е фæдздзæгъæли кодта.
2. Е ниххатир кодта æма сæ гъуддæгтæ фæррæстмæ кодта, ка бауæндтæй, хуарз гъуддæгтæ ка аразта æма уацæгадæбæл ка бауæндтæй, кæцитæ адтæнцæ æрвист сæ Еунæхуцауæй Мæхæмæтмæ, уонён.
3. Айæ, æнæууæнкитæ мæнги фæдбæл ке рацудæнцæ, урнæг адæн ба сæ Еунæхуцауæй læвæрд æцæгдзийнади фæдбæл, уой тухxæй. Уотæ, Хуцау æрхæссуй адæнæн сæ дæнцæнтæ.
4. Æнæууæнкити хæццæ тугъди будури ку исеу уайтæ, уæд син сæ сæртæ

къуæретæ. Ку сæ исæдухæ кæнайтæ, уæдта федар кæнетæ хъадаматæ. Уой фæсте, кенæ син ниххатир кæнетæ, кенæ сæбæл ахæстаргъ, цит, райсетæ, цалдæн тугъд не ‘рæнцайа, уæдмæ. Гъе уотæ! Хуцауи ку бафæндадтайдæ, уæд син Е кинæ бахадтайдæ, фал Уой бафæндадтæй уæ еуети иннетæй бафæлварун. Хуцауи надбæл ка фæммардæй, уони гъуддаг Е некæд фæдздзæгъæли кæндзæнæй.

5. Е сæ фæххондзæнæй æррæстæ надбæл, сæ уавæр син исраст кæндзæнæй
6. æма сæ дзенетмæ бакæндзæнæй, кæций хæццæ сæ Е базонгæ кодта.
7. Уо, ка баууæндтæй, етæ! Сумах Хуцауæн ку фæййангъос кæнайтæ, уæд уин Е дæр фæййангъос кæндзæнæй æма уин уæ къæхтæ фæффедар кæндзæнæй.
8. Ка нæ баууæндтæй, етæ бабун уодзæнæнцæ! Е син сæ гъуддæгтæ фæдздзæгъæли кæндзæнæй.
9. Е уой тухxæй, æма уонæн Хуцауи æрвист æнæуинон фестадæй, æма син Е сæ гъуддæгтæ фæдздзæгъæли кодта!
10. Ædта нур етæ зæнхи цъарæбæл не ‘рхадтæнцæ æма нæ фæууидтонцæ, уони размæ ка адтæй, уони кæрон цæбæл æрлæудтæй? Хуцау сæ бабун кодта, æма æнæууæнкитæмæ дæр ейæ æнгъæлмæ кæсуй.
11. Е уой тухxæй, æма Хуцау урнæг адæни ауодæг æй, æнæууæнкитæн ба ауодæг нæййес.
12. Уастæн, ка баууæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уони Хуцау бакæндзæнæй дзенети præзбунтæмæ, кæми уайуй цæугædæнттæ. Æнæууæнкитæ ба фарнæй пайда кæнунцæ æма хуæрунцæ фонси хузæн. Уони цæрæнуат арт уодзæнæй.
13. Дæу расорæг горætæй[1] цæйбæрцæ хъаурæгиндæр горæттæ бабун кодтан Мах! Уонæн æнхусгæнгутæ нё адтæй.
14. Ædта нур æ Хуцауи æцæг æвдесæни фæдбæл ка цæуй, етæ, сæ фудмиутæ præсугъд кæмæ кастæнцæ æма сæ цибæли фæдбæл ка цудæй, уониау æнцæ?
15. Мæнæ хуцаудастæн иваерзт дзенети æрфинстдзийнадæ! Уоми уайуй донæй цæугædæнттæ, кæцитæ еу рауæн нæ бастайунцæ, æхсирин цæугædæнттæ, кæций адæ нæ раййевуй, ниуазæгæн идзæлæнтæ дæттæг сæнæй

цæугædæнттæ, æма кædзосгонд мудæй цæугædæнттæ. Уоми уонæн аллихузи рæзæ цæттæгонд æй, уædта сæ Еунæхуцауæй ниххатиргондæ. Ædта нур, æносмæ арти ка фицуй æма тъæнгтæ тонæг ирайгæ донæй кæмæн цумун кæнунцæ, етæ уониау æнцæ?

16. Се ‘хсæн ес уæхæнттæ, ка дæмæ игъосуй. Дæуæй ку рацудæнцæ етæ, уædта, зонундзийнædтæ лæвæрд кæмæн адтæй, уонæн загътонцæ: “Е нуртæккæ ци загъта?” Етæ æнцæ, Хуцау ке зæрдитæ ниммухур кодта æма сæ цибæлти фædбæл ка цæуй.
17. Æррæстæ надбæл ка цæуй, уони Е никки хъæбæрдæр феновуд кæнуй æррæстæ надбæл æма син раттуй хуцаудасдзийнадæ.
18. Ædта нур етæ Сахатæй фæстæмæ, кæци сæмæ фæззиндзæнæй æвеппайди, æндæр естæмæ ма æнгъæлмæ кæсунцæ? Кæд æма æ бæрæггæнæнтæ фæззиндтæнцæ. Мийяаг, уони бон ма и фædзæхст æримисун исуодзæнæй, е сæмæ ку фæззинна, уæд?
19. Æма ‘й зонетæ, Хуцауæй фæстæмæ æндæр хуцаугонд ке нæййес æма дæ тæрегъædти тухxæй корæ хатир: урнæг нæлгоймæгти тухxæй дæр æма урнæг силгоймæгти тухxæн дæр. Хуцау зонуй уæ фезмæлæнтæ дæр æма уæ цæрæнуат дæр.
20. Урнæг адæн фæззæгъунцæ: “Джихади тухxæй цæмæннæ ‘й сурæ æрвист?” Сугъдæг сурæ ку æрæрвистæй, кæцими дзурд цудæй тохи тухxæй, уæд ду фæууидтай, незæфхуæрд зæрдитæ кæмæн адтæй, етæ дæмæ мæлæти размæ радзæгъæл уæвæг цæстæнгасæй куд кастæнцæ. Уонæн хуæздæр æй
21. коммæ кæсун æма зæрдеген дзурдтæ дзорун. Гъуддаг кæд лухгонд æрцудæй, уædта уонæн Хуцаубæл æновуд ун гъæуй.
22. Кайзонуй æма сумах разамунд дæттун ку райдайайтæ, уæд зæнхæбæл æнаккагдзийнадæ рапарахат кæндзинайтæ æма хæстæгдзийнадæ фехалдзинайтæ.
23. Уæхæнтти Хуцау ралгъиста æма сæ æнигъосæг фæккодта, уædта син сæ цæститæ нихъхъæрæу кодта.
24. Гæр етæ Хъуранбæл нæ расагъæс кæнунцæ? Æви сæ зæрдитæбæл къуматæ

ес?

25. Уастæн, раст над син кæми исбæрæг æй, уотемæй фæстæмæ ка рахадта æхе, уони Ибилис расайдта æма син æносон цард байвæрзта.
26. Е уой тухxæй, æма, Хуцауи ærвистæг ænæуинон кæмæн фестадæй, уонæн етæ ке загътонцæ: “Мах уин еуæй-еу гъуддæгти уæ коммæ кæсдзинан”[2]. Етæ ци римæхсунцæ, уой Хуцау зонуй.
27. Фал уони изæдтæ марун ку райдайонцæ, сæ цæсгæнттæ æма фæссонтæ хуайгæй, уæд ци уодзæнæй?
28. Е уой тухxæй уотæ уодзæнæй, æма Хуцауи ци рамæстгун кодта, уой фæдбæл рацудæнцæ, æма Е аразι цæмæй æй, е ба син æнæуинон фестадæй, уомæ гæсгæ ба син Е сæ гъуддæгтæ фæдздзæгъæли кодта.
29. Ædта нур, незæфхуæрд зæрдитæ кæмæн ес, етæ уотæ æнгъæл адтæнцæ, æма син Хуцау сæ фудзæрдæ нæ раргом кæндзæнæй?
30. Мах ку бафæндадтайдæ, уæд дин сæ бавдистаййанæ, æма сæ уæд ду сæ бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ базудтайсæ. Фал сæ ду, æнæмæнгæ, базондзæнæ нихаси здæхмæ гæсгæ. Уæ гъуддæгтæ уин Хуцау зонуй.
31. Цалдæн уи ка тохуй æма ка бухсуй, уой нæ базонæн, уæдта уин цалдæн уæ хабæрттæ нæ базонæн, уæди уæнгæ уæ фæлвардзинан.
32. Уастæн, раст над кæмæн исбæлвурд æй, уотемæй ма ка не ‘ууæндтæй, иннети дæр Хуцауи надæй ка еуварс кодта æма минæварæй ка партæстæй, етæ Хуцауæн æппундæр неци зæран фæууодзæнæнцæ, фал Е ба син сæ гъуддæгтæ фæдздзæгъæли кæндзæнæй.
33. Ка баууæндтæй, етæ! Хуцауи коммæ кæсетæ, кæсетæ минæвари коммæ æма уæ гъуддæгтæ ма фæдздзæгъæли кæнетæ.
34. Уастæн, ка нæ баууæндтæй æма Хуцауи надæй иннети дæр ка фесинмæ кодта æма уой фæсте ба ænæууæнкæй ка рамардæй, уонæн Хуцау нæ ниххатир кæндзæнæй.
35. Ædухдзийнадæ ма ‘вдесетæ æма сабурдзийнадæмæ ма седетæ, уомæн æма сумах иннетæй бæрзонддæр айтæ. Хуцау сумах хæццæ ‘й æма уин уæ гъуддæгтæ нæ фæнниллæгдæр кæндзæнæй.

36. Зæнхон цард дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр гъазт æма исæрхæн æй. Ку бауæндайтæ æма Хуцауæй ку тæрсайтæ, уæд уин Е уæ хуæрзеуæг ратдзæнæй æма уин уæ мулк нæ байагордзæнæй уобæл.
37. Уотемæй уи Е ку ракора[3], æма уобæл федараей ку ниллæууа, уæдта къиндидзийнадæ ма равдесетæ, æма уин Е уæ маст æндæмæ ракæндзæнæй.
38. Хуцауи надбæл битир дæттунмæ уæмæ седунцæ, фал уе ‘хсæн ес уæхæнттæ, кæцитæ къиндидзийнадæ равдесунцæ. Ка байауæрда, е æхе зæранæн байауæрддзæнæй. Хуцау гъæздуг æй, сумах ба мæгур айтæ. Æма уæхе ку рахатайтæ, уæд уæ æндæр адæнæй раййевдзæнæй, æма етæ ба сумах хузæн нæ уодзæнæнцæ.

48-аг сураæ

Уæлахез

(аль-Фатхъ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Уастæн, Мах дин æцæг уæлахездзийнадæ балæвар кодтан[1],
2. цæмæй дин Хуцау дæ тæрегъæдтæ ниххатир кæна, раздæриккёнтти дæр æма уой фæсте ка уа, уони дæр, æма дæмæ цæмæй Е Æ хуарзæнхæ кæронмæ бахъæртун кæна æма дæ раст надбæл исиваера,
3. уæдта дин цæмæй Хуцау устур æнхус фæккæна, уой туххæн.
4. Урнæг адæни зæрдити æвæлмондзийнадæ ка бауагъта, цæмæй уонæн се ‘ууæнкæ фæттухгиндæр уа, Е æй Хуцау. Уæлæрвти æма зæнхи æфсад Хуцауи æнцæ. Хуцау зонагæ æма сем æй.
5. Æма урнæг нæлгоймæгти æма урнæг силгоймæгти цæмæй бакиндæ уа дзенети рæзбунтæмæ, кæцими уайунцæ цæугæдæнттæ, æма кæми уодзæнæнцæ æности, уæдта цæмæй син сæ фудраконддзийнæдтæ ниххатир киндæ уа. Е Хуцауи размæ устур æнтæстдзийнадæ ‘й.
6. Æма цæмæй гъезæмараæ бавзаронцæ дудзæсгæнттæ æма муртактæ, Хуцаубæл

лæгъуз гъудигæнгутæ. Уони æнамонддзийнади фæззелæнтæ баййафдзæнæнцæ. Уонæмæ Хуцау рамæстгун æй, ралгъиста сæ æма син зиндонæ бацæттæ кодта. Æма куд илгъаг рауæн æй еци бунат!

7. Уæлæрвти æма зæнхи æфсад Хуцауи ‘нцæ, æма Хуцау тухгин æма сем æй.
8. Уастæн, Мах дæ æвдесæндарæн, хуарз хабар хæссæгæй æма хе бахезуни туххæй игъосунгæнæгæй рарвистан,
9. Цæмæй сумах баууæндайтæ Хуцаубæл, Æ минæварбæл, кадæ æма ин аргъоц кæнайтæ, уæдта Ин сæумæ дæр æма хорæфтуди дæр табу кæнайтæ.
10. Уастæн, дæуæн ард ка хуæруй, етæ Хуцауæн ард хуæрунцæ. Хуцауи къох уони къохти сæрмæ ‘й. Æ ард ка фехала, е æхе зæранæн уотæ бакæндзæнæй. Хуцауи хæццæ арæзт фæдзæхстæн федар ка разиндтæй, уомæн ба Е дæттуй устур хуæрзеуæг.
11. Фæстегæй байзайæг бедуинтæ дин зæгъдзæнæнцæ[2]: “Нæ мулк æма нæ нæ бийнонтæ фæкъкъулумпи кодтонцæ. Æма нин хатир ракорæ”. Етæ, сæ зæрдити ци нæййес, се ‘взагæй уой дзорунцæ. Зæгъæ: “Хуцауи размæ уин ке бон æй фæййангъос кæнун, Уой сумахæн зæран æрхæссун кенæ уин пайда æрхæссун ку бафæндæ уа, уæд?” Нæхъ! Сумах цидæриддæр кæнетæ, уой Хуцау зонуй.
12. Фал сумах уотæ æнгъæл адтайтæ, æма минæвар дæр æма урнæг адæн дæр сæ бийнонтæмæ нæбал раздæхдзæнæнцæ. Е уæ зæрди фæндæнттæ адтæнцæ, æма сумах лæгъуз æнгъæлцитæ исаразтайтæ. Сумах исæвд адæн адтæйтæ.
13. Хуцаубæл æма Æ минæварбæл кæд еске не ‘ууæндуй, уæд æнæууæнкитæн ба Мах цæфсгæ арт бацæттæ кодтан.
14. Уæлæрвтæ дæр æма зæнхæ дæр Хуцауи бæрни ‘нцæ. Кæмæн Æй бафæндуй, уомæн ниххатир кæнуй, æма кæмæн Æй бафæндуй, уомæн ба гъезæмæрттæ бавзарун кæнуй. Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й.
15. Тонаути фæдбæл ку рандæ уайтæ, байсунмæ сæ, уæд фæстегæй байзайгутæ зæгъдзæнæнцæ: “Мах дæр уæ фæдбæл цæун бауадзетæ”. Уони Хуцауи дзурд раййевун фæндуй. Зæгъæ: “Сумах мах фæдбæл нæ рацæудзинайтæ. Хуцау уотæ загъта раздæр”. Уæд етæ зæгъдзæнæнцæ: “Нæхъ, сумах нæмæ соцъа

кænетæ”. Фал етæ берæ цидæртæ нæ лæдæрунцæ.

16. Фæстегæй байзайæг бедуинтæн зæгъæ: “Сумахмæ ма тохунмæ фæсседдзæнæнцæ, берæ хъауритæ кæмæ ес, еци адæни нихмæ. Сумах истохдзинайтæ уони хæццæ, кенæ ба етæ пусулмон дин райсдзæнæнцæ. Сумах коммæ ку бакæсайтæ, уæд уин Хуцау устур хуæрзеуæг исаккаг кæндзæнæй. Раздæрикконау уæхе ку рахатайтæ, уæдта уин Хуцау æбуалгъ гъезæмæрттæ исараздзæнæй”.
17. Хъæрæубæл тæрегъæдæй неци ес, сæйгæбæл дæр неци тæрегъæддзийнадæ ес. Хуцау æма Æ минæвари коммæ ка бакæса, уони Е дзенети рæзбунтæмæ бакæндзæнæй, кæцими уайунцæ цæугæдæнттæ. Æхе ка рахата, уони ба Е карз бафхуæрдзæнæй.
18. Урнæг адæн дин ард ку бахуардтонцæ Худæбийи бæласи буни[3], уæд си Хуцау аразийæй байзадæй. Уонæн сæ зæрдити ци ес, уой зудта Е, æма син æвæлмондзийнадæ исаккаг кодта, уæдта син балæвар кодта хæстæг уæлахез
19. æма берæ тонаутæ, кæцити етæ байсдзæнæнцæ. Хуцау тухгин æма сем æй.
20. Хуцау уин берæ тонаутæ байвæрзта, сумах ке байсдзинайтæ. Уой уин Е ратагъд кодта æма уи адæни къохтæ райеуварс кодта, цæмæй е бауæндгутæн æвдесæн адтайдæ æма уæ раст надбæл исивардтайдæ, уой туххæн.
21. Уодзæнæй æндæр тонаутæ дæр æма горæттæ дæр, кæцитæ уæ къохи нæма бафтудæнцæ. Хуцау ба сæбæл æртумугъ æй, уомæн æма Хуцауи бон алли гъуддаг дæр æй.
22. Æнæууæнкитæ уæ хæццæ ку истохонцæ, уæд етæ, æнæмæнгæ, ледзæги фæууодзæнæнцæ, æма уой фæсте ба нæдæр сæрбæлдзорæг, нæдæр æнхусгæнæг нæбал иссердзæнæнцæ.
23. Уотæ ‘й Хуцауи фæткæвард, кæци раги æвæрд æрцудæй, æма Хуцауи фæткæвардæн ду æййевæн не ссердзæнæ.
24. Е æй, сумахæй уони къохтæ ка райеуварс кодта, сумах къохтæ ба – уонæй, Мекки дæлвæзи, ёма уё уой фæсте уонæбæл фæттухгиндæр ун Ка бауагъта, е. Сумах ци косетæ, уой Хуцау уинуй.

25. Ка нæ бауӕндтæй, етæ уæ тобæгонд мæзгитмæ[4] нæ бауагътонцæ æма нивондаг фонс бауорæдтонцæ, нивондæрхæссæн бунатмæ сæ нæ бауадзгæй. Æма Мекки урнæг нæлгоймæгтæ æма урнæг силгоймæгтæ ку нё адтайдæ, кæцити сумах нæ зудтайтæ æма, уой нæ зонгæй, уæ бон сæ нимпурсун адтæй, æма уæ етæ зин уавæри бахаун кодтайуонцæ, æма уæ Хуцау дæр Меккæмæ бампурсун бауагътайдæ, фал Е уой нæ бауагъта бакæнун, цæмæй Е, ке ‘Й фæндуй, уони Æ хуарзæнхи бакодтайдæ. Фал етæ кæрæдземæй ку фертæстайуонцæ, уæд æнæууæнкити Мах карз æфхуæрд бакодтаййанæ.

26. Мæнæ æнæууæнкитæ сæ зæрдити бауагътонцæ уælбекъондзийнадæ – æнахургонддзийнади рæстæгути уælбекъондзийнадæ, Хуцау ба Æ минæварæн æма урнæг адæнæн нирвиста æвælмондзийнадæ æма сæбæл хуцаудаси дзурд исивардта. Етæ алкæмæйдæр кадгиндæр адтæнцæ æма уой аккаг адтæнцæ. Алли гъуддаги тухxæй дæр Хуцау зонуй.

27. Уастæн, Хуцау Æ минæварæн раст фун бавдиста[5]. Сумах, æнæмæнгæдæр, бацæудзинайтæ тобæгонд мæзгитмæ, Хуцауи ку бафæндæ уа, уæд ædасæй. Уæ сæртæ ниддасдзинайтæ æма нилвиндзинайтæ, тасдзийнадæ не ‘взаргæй. Сумах ци нæ зудтайтæ, уой Е зудта æма уой размæ ниффæткæ кодта хæстæг уælæхез.

28. Е æй, Æ минæвари бælвурд разамунди æма уацæг дини хæццæ ка рарвиста, цæмæй æй иннæ динтæбæл исбæрзонд кæна. Хуцау ævдесæн ке æй, е дæр фагæ ‘й.

29. Мæхæмæт Хуцауи минæвар æй. Уой хæццæ ка ‘й, етæ æнæууæнкитæмæ карз æнцæ æма кæрæдзей хæццæ ба уодибæстгин æнцæ. Ду уинис, етæ куд æрковунцæ, æма куд нихъхъан унцæ, Хуцауи хуарзæнхæ æма аразидзийнадæмæ тундзгæй. Уонæн сæ бæрæггæнæн æнцæ зæнхон кувдтити фæдтæ сæ цæсгæнттæбæл. Етæ уотемæй ævдист цæунцæ Тори. Евагелий ба етæ ævдист цæунцæ ævзурæг кæми исævзурдæй, уæхæн хуми хузи. Е æй ниффедар кодта, æма е дæр исæставд æй æма æ зæнгæбæл исраст æй, æ байтаугути деси æфтаугæй. Ка бауӕндтæй æма рæстаг гъуддæгтæ ка аразта, уонæн Хуцау байвæрзта ниххатиргонддзийнадæ æма устур хуæрзеуæг.

49-аг сураæ

Авæрттæ

(аль-Худжурат)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ка бауувæндтæй, етæ![1] Хуцаубæл æма Æ минæварбæл уæхе ма разæй кæнтæ æма Хуцауæй тæрсетæ, уомæн æма Хуцау игъосагæ æма зонагæ ‘й.
2. Ка бауувæндтæй, етæ! Пахампари гъæлæсæй уæ гъæлæс гъæрдæр ма кæнетæ æма ‘ймæ уотæ гъæрæй дæр ма дзоретæ, уæ кæрæдзей хæццæ куд дзоретæ[2], уотæ, кенæдта уæ гъуддæгтæ фæдздзæгъæли уодзæнæнцæ, æма сумах ба уой лæдæргæ дæр нæ бакæндзинайтæ.
3. Уастæн, Хуцауи минæвари рази æ гъæлæс ка фæннидæндæр кæнуй, уони зæрдитæ Хуцау байгон кодта хуцаудасдзийнадæн. Уонæн хатирдзийнадæ æма устур хуæрзеуæг цæттæгонд ес.
4. Уастæн, æндæаваræй дæмæ ка гъæр кæнуй, уонæн сæ фулдæретæ нæ лæдæрунцæ.
5. Цалдæн сæмæ ду рацæуай, уæди уæнгæ ку багæдзæ кодтайуонцæ, уæд е уонæн хуæздæр адтайдæ. Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й.
6. Ка бауувæндтæй, етæ! Гиаур уæмæ хабар ку ‘рбахæсса, уæд бал фиццаг базонетæ, цæмæй нæзонгæй æвуд ма бафхуæрайтæ, кенæдта уæ миуæбæл фæсмон кæндзинайтæ.
7. Уе ‘хсæн Хуцауи минæвар ке ес, уой зонетæ. Берæ гъуддæгти е сумах фæдбæл ку цудайдæ, уæд, æнæмæнгæдæр, хъæбæр зин уавæри бахаудтаййайтæ. Фал уин Хуцау равардта æууæнкæмæ уарзондзийнадæ æма уин æй уæ зæрдитæн æхсидзгон искодта, æма уин æнæууæнкæдзийнадæ, мæнгарддзийнадæ æма æгоммæгæсдзийнадæ ба æнæуинон фестун кодта. Уæхæн æнцæ раст надбæл цæугутæ
8. Хуцауи хатир æма тæрегъæдæй. Хуцау зонагæ æма сем æй.

9. Урнæг дууæ къуари кæрæдзей хæццæ ку тох кæнонцæ, уæд сæ бафедаун кæнетæ. Сæ еу иннемæ ку лæбора, уæдта ка лæборуй, уой нихмæ истохетæ, цалдæн етæ Хуцауи фæндонмë нæ раздæхонцæ, уæдмæ. Ку раздæхонцæ, уæдта сæ бафедаун кæнетæ рæстдзийнадæбæл, æма æнæхæран уотæ. Уастæн, Хуцау æнæхæрантæ уарзуй.
10. Уастæн, урнæг адæн æнсувæртæ ‘нцæ. Уомæ гæсгæ ба æнсувæрти федаун кæнетæ æма Хуцауæй тæрсетæ, æма, мусийнæ, хатиргонд уин уодзæнæй.
11. Ка бауувæндтæй, етæ! Адæнæй сæ еуетæ иннетæбæл айуан ма кæнæнтæ, уомæн æма, кайзонуй, етæ уонæй хуæздæр æнцæ. *Æ*ма силгоймæгтæй сæ еуетæ иннæ силгоймæгтæбæл айуан ма кæнæнтæ, уомæн æма, кайзонуй, етæ уонæй хуæздæр æнцæ. Кæрæдзей зæрдихудти ма цотæ, æма кæрæдзей æгадæ фæсномугтæй ма хонетæ.3 Урнæг ку сдæ, уой фæсте гиаур исхундæ ун хъæбæр лæгъуз æй. Ка нæ басæттæ æ рæдудбæл, етæ ба æнаккæгтæй разиндзæнæнцæ.
12. Ка бауувæндтæй, етæ! Фулдæр æнгъæлцитæй уæхе хезетæ, уомæн æма еуæй-еу æнгъæлцитæ гунах æнцæ. Кæрæдзей фæдбæл ма гъæуай кæнтæ æма кæрæдзей фæсаууон федистæ ма кæнтæ. Миййаг, сумахæй еске зæрдæмæ фæццæудзæнæй æ мард æнсувæри фид хуæрун, уомæ илгъаг ку кæнайтæ, уæд? Хуцауæй тæрсетæ! Уастæн, Хуцау фæсмондзийнадæ есæг, уодибæстгун æй.
13. Адæн! Уастæн, Мах уæ искодтан лæг æма уосæй, æма уæ искодтан адæнихæттæлтæ, æзнæмтæ, цæмæй сумах кæрæдзей, цит, бафæсмардтайййайтæ, æма Хуцауи размæ уи тæккæ кадгиндæр тæккæ хуцаудасдæр æй. Уастæн, Хуцау зонагæ, зонæнгин æй.
14. Бедуинтæ загътонцæ: “Мах бауувæндтан”. Зæгъæ: “Сумах нæ бауувæндтайтæ. Уомæ гæсгæ ба дзоретæ: “Мах пусулмæнттæ иссан”. Дин уæ зæрдити нæма бацудæй. Хуцау æма *Æ* минæвари коммæ ку бакæсайтæ, уæд уин Е уæ гъуддæгтæ нæ фæнниллæгдæр кæндзæнæй. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й”.
15. Хуцаубæл æма *Æ* минæварбæл ка бауувæндтæй, уой фæсте ба сеги ка нæ

кодта, æма æ уодæй дæр æма мулкæй дæр тох ка кодта Хуцауи надбæл, урнæг адæн æрмæст етæ ‘нцæ. Гъе етæ ‘нцæ æцæг раст адæн. Зæгъæ: “Ædта нур сумах Хуцауæн фегъосун кæнуйнаг айтæ уæ дини тухxæй, кæд æма Хуцау зонуй, уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, уони? Алли гъуддаги тухxæй дæр Хуцау зонуй”.

16. Етæ дин уайдзæфтæ кæнунцæ, ислам ке райстонцæ, уой тухxæй. Зæгъæ: “Исламмæ ке рахадтайтæ уе ‘ргом, уой тухxæй мин ма уайдзæфтæ кæнетæ. Е уин Хуцау бацудæй Æ хуарзæнхи, динмæ уæ ке ‘рбакодта, уой тухxæй, кæд сумах æцæгæй раст дзоретæ, уæд”.
17. Уастæн, Хуцау уæлæрвти æма зæнхи сосгъуддæгтæ дæр зонуй. Сумах ци косетæ, уой Хуцау уинуй.

50-аг сураæ

Хъаф

(Хъаф)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Хъаф. Намусгин Хъуранæй ард хуæрун!
2. Фал етæ бадес кодтонцæ, сæхе астæуæй сæмæ хе багъæуай кæнуни тухxæй игъосунгæнæг ке фæззиндтæй, уобæл, æма æнæууæнкитæ загътонцæ: “Е цидæр дессаг æй!
3. Ædта нур е[1], ку рамæлæн æма сигит ку фестæн, уæд е уой фæсте æрцæудзæнæй? Еци раздæxт тæмæссаг æй!”
4. Уонæй зæнхæ ци байсуй, уой Мах зонæн, æма Махмæ ес багъæуайгæнæг Киунугæ.
5. Фал етæ ба уацæгадæ мæнгæбæл банимадтонцæ, е сæмæ ку фæззиндтæй, уæд, æма нур ба етæ тухст уаваери ‘нцæ.
6. Гæр етæ некæд кастæнцæ, Мах сæ сæрмæ арв куд исаразтан æма исрæсугъд кодтан, уомæ? Уоми къахиргæндтæ нæййес.

7. Мах райтигътан зæнхæ, æма ‘йбæл æнæфенкъусгæ хуæнхтæ исивардтан æма ‘йбæл исæвзурун кодтан аллихузон æнкъай зайæгойтæ
8. лæдæрунгæнæнæн æма æримисунæн, Хуцаумæ кадæр ковуй, уоци цагъартæй алкæмæн дæр.
9. Мах нирвистан фæрнгун дон арвæй, æма уой фæрци исæвзурун кодтан дзæхæратæ æма бафснайд тиллæги нæмгутæ,
10. уæдта бæрзонд пальмитæ, рæзæ сæбæл рæнгъитæй æрзæболæ уогæй.
11. И цагъарти хуаллаг уæхæн æй. Мах уомæй æрцардтан мард зæнхæ. Гъе уотæ уодзæнæй ингæнтæй рацуд дæр!
12. Уони размæ минæвæртти мæнгитæбæл банимадтонцæ Нохи адæн, Расси цæргутæ æма самудиантæ,
13. адиттæ, Фёрёони адæн æма Лоти æнсувæртæ,
14. Айки цæргутæ æма Тобби адæн. Етæ æгасæйдæр минæвæртти мæнгитæбæл банимадтонцæ, æма Ме ‘ртхъеræн исæнхæст æй.
15. Мииййаг Мах фиццаг исфæлдисти фæсте бафæлладан? Фал етæ ба нæуæг исфæлдистбæл секк кæнунцæ[2].
16. Мах исфæлдистан адæймаги, æма уомæн æ уод ци таус кæнуй, уой зонæн. Мах имæ бæрзæййи тогдадзинæй хæстæгдæр ан.
17. Дууæ гъæуайгæнæги[3] бадунцæ рахесæрдигæй дæр æма галеуæрдигæй дæр æма алцидæр финсунцæ.
18. Куддæр си дзурд исхауй, уотæ æ рази æнгæсдар[4] цæттæй февзуруй.
19. Мælætдзаг уодхар фæззиндзæнæй уацæгади хæццæ. Е, ду дæхе цæмæй гъæуай кодтай, ейæ ‘й!
20. Æма сикъайæй ниууасдзæнæнцæ. Е æртхъеræни Бон æй!
21. Æма алли уод дæр фæззиндзæнæй хъозон æма æвдесæндари[5] хæццæ.
22. Ду уомæ æнæмæтæ адтæ, фал ди Мах ба де ‘мбæрзæн æргæлстан, æма нур ба дæ цæстæнгас циргъ æй.
23. Е ‘мбал[6] зæгъдзæнæй: “Мæнæ мæмæ цæттæгонд ци ес, е”.
24. Дууемæй гæлдзетæ зиндонæмæ алли къойдор æнæууæнки,

25. кæци хуарз рагæлста æма фуд миутæ аразта, уæдта дузæрдугдзийнади медæгæ тухстæй,
26. æма Хуцауи хæццæ ма æндæр хуцæуттæмæ дæр кувта. Гæлдзетæ сæ æбуалгъ гъезæмæртти æхсæнмæ!”
27. Е ‘мбал[7] зæгъдзæнæй: “Нæ Еунæхуцау! Æз æй нæ фæккеун кодтон надæй. Е æхуæдæг адтæй рæдуд надбæл лæудт”.
28. Е зæгъдзæнæй: “Мабал буцæу кæнетæ Мæ цори. Æз уæ рагацау бæргæ развæдзæхстон.
29. Æма Мæ Дзурд федар æй, æма Мæ цагъартæн зулун тæрхон не скæндзæнæн”.
30. Еци бон Мах зæгъдзинан дзаханаманæн: “Байдзаг дæ æви нæ?” Е зæгъдзæнæй: “Уæлæнхай нæбал ес?”
31. Дзенет ба хуцаудастæмæ æрбахæстæг уодзæнæй æма разиндзæнæй хæстæг.
32. Гъе уин, алли фæсмонгæнæг æма гъудигæнæгæн[8] ци байвæрзт æй, е,
33. кæци Уодибæстгунæй тарстæй, некæд Æй фæууингæй, æма æрбацудæй æргом зæрдæй.
34. Уонæн загъд уодзæнæй: “Рацотæ ардæмæ салами хæццæ. Е æноси Бон æй!”
35. Уоми, цидæриддæр сæ багъæуа, е цæттæгонд æй, Махмæ ба уæлæнхай уодзæнæй[9].
36. Æма Мах куд берæ фæлтæртæ фесафтан уони размæ, кæцитæ уонæй берæ тухгиндæр адтæнцæ! Етæ зæнхи цъарæбæл хаттæнцæ. Фал, миййаг, уони бон раледзун иссæй?
37. Уастæн, уоми, зæрдæ кæмæн ес, ка игъосуй æма æхуæдæг дæр уоми ка ‘й, уонæн зæрдæбæл даруйнаг ес.
38. Мах исфæлдистан уæлæрвтæ дæр, зæнхæ дæр, уæдта се ‘хсæн ци ес, уони дæр æхсæз бонемæ, æма Мах æппундæр нæ бафæлладан.
39. Етæ цидæр дзорунцæ, уомæн бухсæ æма дæ Еунæхуцауæн намус кæнæ табугæнгæй, хорискасти размæ дæр æма хорнигулæни фæсте дæр.
40. Æхсæвæ дæр Ин табу кæнæ, уæдта фæсаргъуд дæр.
41. Игъосæ! Еци бон федеуæг раседдзæнæй хæстæг.

42. Еци бон етæ фегъоссæнæнцæ æцæг зæл. Е уодзæнæй ингæнтæй рацæуæн Бон.
43. Уастæн, Мах æрцарæн æма рамарæн, æма Махмæ уодзæнæй раздæхт.
44. Еци бон син, тагъд ку кæнонцæ, уæд зæнхæ фескъундзæнæй. Махæн уотемæй æнцон æй уони æрæмбурд кæнун.
45. Махæн хуæздæр зунд æй, етæ цитæ дзорунцæ, е, æма дæу уонæн тухæ кæнун нæ гъæуй. Мæн æртхъерæнæй ка тæрсуй, уони Хъуранæй æруагæс кæнун кæнæ.

51-аг сураæ

Рæдзæхсгутæ

(аз-Зæрийат)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун идзæхсæнтæ идзæхсгутæй!
2. Ард хуæрун уаргъ хæсгутæй!
3. Ард хуæрун æнцонæй накæгæнгутæй!
4. Ард хуæрун гъуддæгтæ иуаргутæй!
5. Сумахæн иваерзт æцæг æй,
6. æма тæрхон æнæмæнгæ æрхъæртдзæнæй.
7. Ард хуæрун фæндæгтæ дарæг арвæй!
8. Уæ[1] дзубандитæ цæхгæрмитæ ‘нцæ.
9. Еппард ка адтæй, е уомæй[2] дæр еппард æй.
10. Мард æрцæуæнтæ мæнгæттæ дзоргутæ,
11. Кæцитæ æнахургонддзийнади амæттаг æма æнæмæтæ ‘нцæ!
12. Етæ фæрсунцæ, федтони Бон кæд ралæудзæнæй, зæгъгæ?
13. Еци бон етæ арти содздзæнæнцæ.
14. Ци фудæнхард тагъд кодтайтæ, уой нур ба исахуадетæ.
15. Уастæн, хуцаудастæ дзенетиræзбунти æма сауæдæнтти æхсæн уодзæнæнцæ,

16. сæ Еунæхуцау син ци саккаг кодта, уомæй пайда кæнгæй. Уой размæ етæ хуарз гъуддæгтæ аразгутæ адтæнцæ.
17. Етæ хустæнцæ æхсæвæн æрмæст еу мингий хай,
18. рагисон ба етæ кувтонцæ хатирдзийнади туххӑй.
19. Етæ коргутæн æма мæгуртæн сæ мулкæй зундгонд хай лæвардтонцæ.
20. Зæнхи цъарæбæл федар æууæндгутæн берæ æвдесæнтæ ес,
21. уæдта уæхеми дæр. Гæр уони нæ уинетæ?
22. Уæ амонд æма уин ци ивæрзт ес, етæ арвбæл æнцæ.
23. Арв æма зæнхи еунæхуцауæй ард хуæрун, е æцæг ке æй, сумах дзорунгъон куд айтæ, уоййау.
24. Ибрæгими кадгин иуазгути[3] туххӑй хабар дæбæл исæмбалдæй æви нæ?
25. Мæнæ ‘ймæ етæ бацудæнцæ æма загътонцæ: “Салам дæ уæд!” Е загъта: “Сумах дæр салам уæд, ме ‘нæзонгитæ!”
26. Е æ бийнонтæмæ рандæ ‘й таси бацæугæй, æма нард хъунадзин æрбаласта.
27. Е сæмæ ‘й æрбахæстæг кодта æма загъта: “Не сахуаддзинайтæ?”
28. Æ медзæрдæ си фæттарстæй, æма уæд етæ загътонцæ: “Ма тæрсæ”. Етæ ин æ зæрдæ барохс кодтонцæ зонæнгин биццеуи хабараæй.
29. Æ уосæ гъæр кæнун æма æ цæсгон хуайун райдæдта. Силгоймаг загъта: “Зæронд æдзæуæт силгоймаг!”
30. Етæ загътонцæ: “Дæ Еунæхуцау уотæ загъта. Е сем æма зонæг æй”.
31. Е загъта: “Æма уæд, æрвистлæгтæ, уе ‘рбацуд цæй медæги ‘й?”
32. Етæ загътонцæ: “Мах æрвист ан тæрегъæдгун адæнмæ[4],
33. цæмæй сæбæл рауадзæн сигитæй дортæ,
34. æнаккæгтæн бæрæггæндтæ дæ Еунæхуцаумæ”.
35. Мах уордæгæй ракодтан, ка бауўæндтæй, уони æгасейдæр,
36. фал си пусулмæнтти хæццæ еунæг хæдзарæ иссирдтан.
37. Æбуалгъ гъезæмæрттæй ка тæрсуй, уонæн Мах уоми ниууагътан æвдесæн.
38. Æвдесæн адтæй Мусай хабари дæр. Мæнæ ‘й Мах рарвистан Фёрёонмæ бæрæг æвдистæги хæццæ.
39. Е æхе рахатта æма загъта: “Кæлæнгæнæг кенæ хæдздзегун!”

40. Мах æй е ‘фсædти хæццæ æрахæстан æма сæ денгизи багæлстан, æма е уайдзæфи аккаг адтæй.
41. Ævдесæн адтæй адитти тухxæй хабари дæр. Мæнæ сæбæл Мах рарвистан фуд дунгæ.
42. Е цæбæлдæриддæр бадумидæ, уой æртхотæги хузæн фестун кæнидæ.
43. Ævдесæн адтæй самудианти хабари дæр. Уонæн загъд адтæй: “Фарнæй пайда кæнетæ бæлвурд рæстæгмæ”.
44. Етæ нæ байгъустонцæ сæ Еунæхуцауи фæндонмæ, æма сæбæл байсафæг фудæнхард исæмбалдæй, цалдæн етæ уомæ кастæнцæ, уæдмæ.
45. Уони бон исистун дæр не ‘ссæй, æма син неке фæййангъос кодта.
46. Мах бабун кодтан Нохи адæн уомæй раздæр, уомæн æма етæ æнаккаг адæн адтæнцæ.
47. Мах Нæ гъондзийнади фæрци исивардтан арв, æма ‘й Мах урух кæнæн.
48. Мах нийтигътан зæнхæ, æма Мах куд рæсугъд итиндзæн!”
49. Алцидæр Мах исфæлдистан æнкъæйттæй, - кайзонуй æма и фæдзæхст æримисиайтæ.
50. Зæгъæ: “Уайетæ Хуцаумæ. Уастæн, æз уин хе бахезунгæнæг æма лæдæрунгæнæг федеуæг дæн Уомæй.
51. Хуцауи хæццæ æндæр хуцæуттæмæ ма коветæ. Уастæн, æз уин хе бахезунгæнæг æма лæдæрунгæнæг федеуæг дæн Уомæй”.
52. Гъе уотæ, циуавæрдæр минæвар сæмæ не ‘рбацæуидæ сæ размæ уæвгутæмæ, етæ æнæмæнгæдæр зæгъиуонцæ: “Е кæлæнгæнæг кенæ хæдздзегун æй!”
53. Ædта нур сумах уой кæрæдземæн бауосиат кодтайтæ? Нæхъ! Етæ, ци ‘нгъезуй, уой арæнтæбæл ка рахезуй, етæ ‘нцæ.
54. Æма си дæхе бахезæ, æма дæ нæ фаудзæнæнцæ.
55. Æма имисæ, уомæн æма имисундзийнадæ урнæгæн пайда æрхæссуй.
56. Æз исфæлдистон дзинти дæр æма адæни дæр, цæмæй Мин етæ ковонцæ.
57. Мæн уонæй амонд нæ гъæуй, æма Мæ етæ куд хæссонцæ, е Мæ нæ гъæуй.
58. Уастæн, амонд дæттæг Хуцау æй, федар æма тухгиндзийнади Хецау.
59. Уастæн, æнаккагдзийнадæ миутæ ка кодта, уонæн фудæнхардæй хай

цæттæгонд æй, се ‘мбæлтти хаййи хузæн. Æма Мæ ма тагъд кæнæнтæ етæ.

60. Ивæрзт син ка ‘й, еци бонæй ænæууæнкитæ додоййаг ænцæ!

52-аг сураæ

Хонх

(ат-Тъур)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун хонхæй[1]!
2. Ард хуæрун Киунугæй, кæци финст æй
3. райхалæн фæлмæн царбæл!
4. Ард хуæрун идзаг хæдзарæй[2]!
5. Ард хуæрун арæзт хæдзарисæрæй[3]!
6. Ард хуæрун байбузт денгизæй[4]!
7. Дæ Еунæхуцауи фудæнхард ænæмæнгæ æрхъæртдзæнæй,
8. æма ‘й неци райеуварс кæндзæнæй.
9. Еци бон арв ниррездзæнæй æнкъуститæй,
10. хуæнхтæ ба райдайдзæнæнцæ æзмæлун.
11. Додоййаг уодзæнæнцæ еци бон, мæнгætти ке фудгин кæндзæнæнцæ, етæ,
12. кæцитæ сæхе исæрхунцæ дзæгъæлдзорæй.
13. Еци бон етæ æгъатирæй гæлст æрцæудзæнæнцæ зиндони арти.
14. Е, сумах мæнгæбæл ке нимадтайтæ, еци арт æй.
15. Мииййаг е кæлæн æй? Æви нæ уинетæ?
16. Цæфсетæ уоми! Сумахæн уæлдай нæ уодзæнæй: бухсдзинайтæ си æви си нæ бухсдзинайтæ. Сумахæн хадт æрцæудзæнæй, æрмæст ци бакодтайтæ, уой тухxæй.
17. Уастæн, хуцаудастæ уодзæнæнцæ дзенети рæзбунти æма идзæлæни.
18. Етæ, сæ Еунæхуцау сæ цæмæй исбоц кæна, уобæл цийнæ кæндзæнæнцæ. Еунæхуцау сæ зиндони гъезæмæрттæй багъæуай кодта.

19. Хуæретæ æма ниуазетæ цæрæнбонтæбæл, ци кодтайтæ, уой тухxæй!
20. Етæ, сæхе бакъолæ кæнгæй, уолæфдзæнæнцæ рæнгъæй æривард хуссæнтæбæл, æма син Мах банкъай кæндзинан саудзæстæ, саутъæфалæ гурийти хæццæ.
21. Мах байеу кæндзинан урнæг адæни сæ байзæддæгти хæццæ, кæцитæ сæ фæдбæл рацудæнцæ, æма син сæ гъуддæгтæ æппундæр нæ фæнниллæгдæр кæндзинан. Алли адæймаг дæр, æхецæн ци исбон кодта, уой амæнат æй.
22. Мах син бахай кæндзинан, циуаваер рæзæ æма сæ фид багъæуа, уæхæнттæй.
23. Етæ кæрæдземæн дæтдзæнæнцæ сæни хæццæ синонтæ, кæци син не ‘рхæсдзæнæй нæдæр дзæгъæлдзорæ, нæдæр тæрегъæд.
24. Уонæбæл зелдзæнæнцæ се ‘ригон налхъут-налмази хузæн лæггадеуæггæнгутæ.
25. Етæ кæрæдзей рафæрс-бафæрс кæндзæнæнцæ.
26. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Раздæр, нæ бийнонти æхсæн уогæй, мах тæссæй ризтан.
27. Хуцау ба нин Æ хуарзæнхæй фæцæй æма нæ ехæн дунги гъезæмæрттæй багъæуай кодта.
28. Мах Имæ раздæри кувтан. Уастæн, Е хуæрзауодæг, уодибæстгун æй”.
29. Æма имисæ! Дæ Еунæхуцауи уодибæстæй ду нæдæр зонæнгин, нæдæр хæдздзегун нæ дæ.
30. Кенæдта етæ дзорунцæ: “Е поэт æй! Æма, гъæйдитæ, бангъæлмæ кæсæн, цалдæн æй рæстæг не сбæрæг кæна, уæдмæ”.
31. Зæгъæ: “Æнгъæлмæ кæсетæ, æз дæр уæ хæццæ æнгъæлмæ кæсдзæнæн”.
32. Æдта нур син уой сæ зунд унаффæ кæнуй? Æви етæ æнаккаг адæн æнцæ?
33. Кенæдта етæ дзорунцæ: “Е æй гъуди æркодта!” Нæхъ! Етæ, æгонгæй, не ‘ууæндунцæ.
34. Æма уæд уоййау[5] уац ракæнæнтæ, кæд етæ раст зæгъунцæ, уæд.
35. Æдта нур етæ сæхуæдтæ исфæлдистæ адтæнцæ? Æви етæ сæхуæдтæ исфæлдесгутæ ‘нцæ?
36. Кенæдта, миййаг, уæлæрвтæ æма зæнхæ етæ исфёлдистонцæ? Нæхъ!

Уонæмæ, æгонгæй, федардзийнадæй неци ес.

37. Миййаг, дæ Еунæхуцауи хæзнатæ уонæмæ ‘нцæ? Æви етæ сæхуæдтæ ‘нцæ бардартæ?
38. Æви сæмæ асийнæ ес, кæций фæрци етæ байгъосунцæ изæдти дзубандитæмæ? Æма уæд, уонæй ка игъуста, е æвдесæн æрхæссæд.
39. Æдта нур уомæн кизгуттæ ес, сумахæн ба – фурттæ?
40. Æви си хуæрзеуæг корис, æма ихæстæй тухсунцæ?
41. Æви сосгъуддæгтæ уонæмæ ‘нцæ æма сæ финсунцæ?
42. Æви ести мæнгарддзийнадæ исаразунвæндæ скодтонцæ? Æма уæд æнæууæнкитæ сæхуæдтæ ку исуодзæнæнцæ сæ хинтти амæттаг.
43. Æви сæмæ Хуцауи хæццæ ма æндæр хуцау ес? Хуцау сугъдæг æй, æма Уомæн æмбалæн ке даттунцæ, уонæй Е изол æй!
44. Арв гæппæлгай хаугæ ку фæууинонцæ, уæддæр етæ зæгъдзæнæнцæ: “Е мегътæ æркъупхæ ‘нцæ!”
45. Æма бал сæ уадзæ, цалдæн етæ не сæмбæлонцæ, ка сæ бабун кæна, еци Бонбæл.
46. Еци бон син сæ херхитæ неци пайда æрхæссæнæнцæ, æма син неке фæййангъос кæндзæнæй.
47. Уастæн, æнаккæгтæн гъезæмæрттæ бацæттæгонд ес, уой размæдæр ма, фал сæ фулдæретæ уой нæ зонуй.
48. Æма дæ Еунæхуцауи унаффæмæ бангъæлмæ кæсæ, уомæн æма ду Нæ цæстити рази дæ. Намус кæнæ, табугæнгæй, дæ Еунæхуцауён, ку райгъал уай, уæд.
49. Æхсæви дæр Ин табу кæнæ, стъалутæ ку фæттар уонцæ, уæддæр.

53-аг сураæ

Стъалу

(ан-Наджм)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун стъалуйæй, ку фæххауй, уæд!
2. Уе ‘мбал нæ фæдздзæгъæл æй æма надæй нæ рахизтæй.
3. Е æ гъолондзийнадæй нæ дзоруй.
4. Е æрмæст æргомæг æй, кæци æрвист цæуй.
5. Ис æй ахур кодта устур хъаури хецау
6. æма хуæрзконддæр уæвæг. Е[1] уæлиау æй
7. тæккæ бæрзонддæр æрвгæрони.
8. Уой фæсте ба æрæнвахс æй æма æрхизтæй.
9. Е си адтæй[2] дууæ æндурей кенæ ба никки хæстæгдæр дæрццæги*.
10. Е райгон кодта Æ цагъаræн æргомæг,
11. æма æ зæрдæ, ци фæууидта, уой туххæн нæ фæссайдта.
12. Ædта нур сумах загъд кæндзинайтæ, е ци фæууидта, уобæл?
13. Е ин фæууидта е ‘ннæ ‘рцуд
14. тæккæ кæронккаг æрни лотоси цори,
15. кæций рази æристæн ræзбун[3] лæууй.
16. Æма и лотос[4] цидæр æмбæрзæнæй æмбæрзт[5] адтæй.
17. Уомæн æ цæстингас нæ ракъолæй фæрсмæ æма не ‘гæр кодта.
18. Е фæууидта æ Еунæхуцауи устурдæр æвдесæн.
19. Мийяг нæ фæууидтайтæ ал-Лат æма ал-Уззи,
20. уæдта ма æртиккаг – Манати[6]?
21. Ædта нур сумахæн нæлæстæг байзæддæгтæ ес, Уомæн ба – силæстæг байзæддæгтæ?
22. Е раст иурст нё адтайдæ.
23. Етæ æрмæст нæмттæ ‘нцæ, кæцимæй сæ сумах æма уæ фиддæлтæ исхудтонцæ, æма кæцити туххæй Хуцау неци ‘вдесæн æрæрвиста. Етæ æрмæст æнгъæлцити фёдбæл цæунцæ, уæдта сæ зæрдитæ ци зæгъунцæ, уой фæдбæл, кæд æма сæмæ сæ Еунæхуцауæй раст разамундæ æрцудæй.

---

* Дæрццæг – расстояние.

24. Кенæдта адæймагæн, ци æй гъæуй, е цæттæгонд æй, миййаг?
25. Фæстаг цард дæр æма фиццаг цард дæр Хуцауи бæрни ‘нцæ.
26. Уæларв цæйбæрцæ изæдтæ ес, фал уонён сё сæрбæл исдзурд неци пайда исуодзæнæй, цалдæн Хуцау нæ бауадза, кæмæн Æй бафæндæ уа æма кæмæй арази уа, уони сæрбæл исдзорун!
27. Уастæн, Фæстаг цардбæл ка не ‘ууæндуй, етæ изæдти силгоймæгтæ хонунцæ.
28. Уонæмæ уой туххӑй неци зонундзийнадæ ес. Етæ æрмæст æнгъæлцити фæдбæл цæунцæ, кæд æма æнгъæлцитæ уацæгадæ нæ раййевдзæнæй, уæд.
29. Æма Мах уосиатæй æхе ка рахадта æма зæнхон цардæй уæлдай ке неци багъудæй, уомæй дæхе рахатæ.
30. Со зонундзийнæдтæ уæхæн æнцæ. Уастæн, дæ Еунæхуцауæн хуæздæр зунд æй, Æ надæй ка рахезуй, уони, æма Уомæн хуæздæр зунд æй, раст надбæл ка рацудæй, уони.
31. Уæларв дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ Хуцауи бæрни ‘нцæ, цæмæй Е фудгæнгутæн бакайа, ци бакодтонцæ, уой туххӑй, æма хуарз гъуддæгтæ ка кодта, уонæн бахата хуæздæрæй.
32. Етæ сæхе хезунцæ устур тæрегъæдтæй æма илгъагдзийнæдтæй, нецæййаг æма еу минкъий ракиндæй. Уастæн, дæ Еунæхуцау æнæкæрон ххатирдзийнади хецау æй. Уомæн сумах туххӑй хуæздæр зунд адтæй, зæнхæй уæ ку исфæлдиста Е, æма сумах уæ маддæлти губунти ма гурдзитæ ку адтайтæ, уæд. Уæхе ма стауетæ, уомæн æма Уомæн хуæздæр зунд æнцæ, хуцаудас ка ‘й, етæ.
33. Æхе ка рахадта, уой, миййаг, фæууидтай:
34. минкъий равардта, уæдта æппундæр нецибал лæвардта?[7]
35. Миййаг, уомæ уæхæн зонундзийнæдтæ ес, æма сосгъуддæгтæ уинуй?
36. Миййаг ин нæ рахабар киндæй Мусай свиткити ци финст адтæй, уони туххӑй
37. уæдта Ибрæгими свиткити, кæци Хуцауи фæдзæхст исæнхæст кодта æнхæстæй дæр?

38.Еунæг уод дæр еске уаргъ нæ фæххæсдзæнæй.

39.Адæймаг цæмæ бæлдтæй, æрмæст уой иссердзæй.

40.Æ турнундзийнадæ фæууиндæ уодзæнæй,

41.æма ‘й уой фæсте ба æнхæстæй фæууодзæнæй.

42.Дæ Еунæхуцамæ уодæзæнæй фæстаг æздæхт.

43.Ходун дæр æма кæун дæр Е кæнун кæнуй.

44.Маргæ дæр æма царгæ дæр Е кæнуй.

45.Е исфæлдиста æнкъай – нæлгоймаг æма силгоймаг –

46.æртæхæй, кæци искæлуй.

47.Уобæл уодзæнæй иннæ хатт дæр фæлдесундзийнадæ.

48.Гъæуагædзийнадæй Е исуæгъдæ кæнуй, æма есбонæй Е фæххайгин кæнуй.

49.Е æй Сириуси Тубай.

50.Е бабун кодта фиццаг адитти,

51.самудиантæй нецибал ниууагъта,

52.никки раздæр ба бабун кодта Нохи адæн. Уастæн, етæ никки æнаккагдæр æма æнæсæттондæр адтæнцæ.

53.Е фæддæлгенæг кодта рафæлдæхт гъæутæ[8],

54.кæцити бамбæрзуйнаг бамбарзта.

55.Æма дæ Еунæхуцауи хуарзæнхæй цæбæл секк хæссис?

56.Аци игъосунгæнæг дæр фиццаг игъосунгæнгути хузæн æй.

57.Æрбахæстæгкæнуйнаг[9] æрбахæстæг æй,

58.Æма Хуцауæй ændæр æй неке бон æй райеуварс кæнун.

59.Æдта нур сумах аци уацбæл дес кæнетæ,

60.ходетæ, фал нæ котæ,

61.æма гириз кæнтæ?

62.Æма Хуцауи размæ уæхе æркъолæ кæнетæ æма коветæ!

54-аг сураæ

Мæйæ

(аль-Хъ’æмар)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Сахат æрхæстæг æй æма мæйæ рафæстæй.
2. Æвдесæн ку фæууинунцæ, уæдта сæхе рахатунцæ æма фæззæгъунцæ: “Фæливд кæлæн!”
3. Етæ минæвæртти мæнгитæбæл банимадтонцæ æма сæ цибæлти фæдбæл цудæнцæ, фал алли гъуддаг дæр исбæрæг уодзæнæй[1].
4. Æма сæбæл нур хабæрттæ[2] исæмбалдæнцæ, кæцитæ сæ уорæдтонцæ æнæууæнкæдзийнадæй.
5. Е æнаййеп семадæ ‘й, фал ци пайда æрхæссунцæ разфæдзæхститæ?
6. Æма си дæхе рахатæ. Федеуæг булгъахъ гъуддагмæ ци бон рафедеуа, еци бон
7. етæ къæндзæстуг цæстæнгаси хæццæ рацæудзæнæнцæ сæ ингæнтæй, царинцхай хузæн.
8. Етæ нийярæцæн уодзæнæнцæ федеуæгмæ æма æнæууæнкитæ зæгъдзæнæнцæ: “Е унгæгибон æй!”
9. Уони размæ минæвæртти мæнгæбæл банимадтонцæ Нохи адæн. Етæ Нæ цагъари фæлтухъа бангъæладтæнцæ æма загътонцæ: “Е хæдздзегун æй!” Етæ ин хилæ кодтонцæ æма ‘ймæ æртхъерæнтæ кодтонцæ.
10. Æма уæд е дæр æ Еунæхуцаумæ искувта: “Фæттухгиндæр мæбæл æнцæ. Фæ мæмæ кæсæ!”
11. Мах байгон кодтан арви дуар, кæцæй ниссухсух кодта дон,
12. Æма низмалдæй зæнхæ, кæцимæй сауæдæнттæ истудтонцæ. Арв æма зæнхи дæнттæ исеу æнцæ еу гъуддагæн, кæци рагфæдзæхст æрцудæй.
13. Мах æй фæххастан фæйнæгутæй æма зæгæлтæй ковчеги.
14. Е накæ кодта Нæ цæстити рази, кæбæл нæ бауæндтæнцæ, уой алфæнæн.
15. Мах ин æ науæ ниууагътан æвдесæнæн. Фал уой имисгутæ, миййаг, ес?
16. Æдта куд æбуалгъ адтæнцæ Мæнæй лæвæрд гъезæмæрттæ æма Мæ рагфæдзæхститæ!

17. Мах фенцондæр кодтан Хъуран балæдæрунæн. Фал имисгутæ ба, миййаг, ес?
18. Адиттæ минæвæртти банимадтонцæ мæнгæбæл. Æма циуавæр адтæнцæ Мæнæй лæвæрд гъезæмæрттæ æма Мæ рагфæдзæхститæ!
19. Мах сæбæл рарвистан ехæн дунгæ, æ нивагъæ ци бонæн ниддæргъвæтийнæ ‘й, еци бон.
20. Е адæймаги истонидæ æрдузт пальмити къалеутау.
21. Æдта куд æбуалгъ адтæнцæ Мæнæй лæвæрд гъезæмæрттæ æма Мæ рагфæдзæхститæ!
22. Мах фенцондæр кодтан Хъуран балæдæрунæн. Фал имисгутæ ба, миййаг, ес?
23. Самудиантæ рагфæдзæхститæ мæнгæбæл банимадтонцæ.
24. Етæ загътонцæ: “Æдта нур мах нæхе ‘хсæнæй еуей фæсте рацæудзинан? Уæд мах хъæбæр фæррæдуйдзинан æма гъезæмарæ кæндзинан.
25. Гæр, ædта, не ‘хсæнæй æрмæст еунæг уомæн æрвист æй æримисуйнаг? Нæхъ! Е хецмæрез сайæгой æй”.
26. Етæ ‘й исон базондзæнæнцæ, хецмæрез сайæгой ка ‘й, уой!
27. Хуцау сæ пахампарæн загъта: “Мах силæ теуа æрветæн, цæмæй уони бафæлварæн. Бангъæлмæ сæмæ кæсæ, æма уалгæдзон уо3.
28. Уонæн фегъосун кæнæ, дон уонæн се ‘хсæн4 иурст ке ‘й, уой тухxæн. Æма етæ дон ниуазунмæ æрбацæуæнтæ, цит, уой тухxæй син ци рæстæг лæвæрд цæуй, еци рæстæг”.
29. Етæ се ‘мбалмæ фæдздзурдтонцæ æма е теуа æрахæста æма ин æ нуæрттæ фæллух кодта.
30. Æдта куд æбуалгъ адтæнцæ Мæнæй лæвæрд гъезæмæрттæ æма Мæ рагфæдзæхститæ!
31. Уастæн, Мах сæбæл рарвистан æрмæст еунæг цъæхахст, æма етæ скъæти хецауи хуаси хузæн фестадæнцæ.
32. Мах фенцондæр кодтан Хъуран балæдæрунæн. Фал имисгутæ ба, миййаг, ес?

33. Лоти адæн рагфæдзæхститæ мæнгæбæл банимадтонцæ.
34. Мах сæбæл дорти хæццæ бурдæн рарвистан, æма æрмæст Лоти бийнонти фæййервæзун кæндзинан Мах сæумæрдæмæ
35. Нæ уодибæстæй. Гъе уотæ бахатæн, боз ка фæууй, уонæн.
36. Е сæ Нæ фæххуæсти туххæй фегъосун кодта, фал етæ ин æ рагфæдзæхстдзийнадæбæл фæддузæрдуг æнцæ.
37. Етæ федарæй дæндтæнцæ æ иуазгути, æма сæ уæд Мах æвæлгæс фæккодтан. Æма исахуадетæ Мæнæй лæвæрд гъезæмæрттæ æма Мæ рагфæдзæхститæ!
38. Æма сæ сæумæ ба исфедаргонд фудæнхард баййафта.
39. Æма исахуадетæ Мæнæй лæвæрд гъезæмæрттæ æма Мæ рагфæдзæхститæ!
40. Мах фенцондæр кодтан Хъуран балæдæрунæн. Фал имисгутæ ба, мийяг, ес?
41. Рагфæдзæхститæ æрбацудæнцæ Фёрёони муггагмæ дæр.
42. Етæ Нин Не ‘вдесæнтæ æгасейдæр мæнгæбæл банимадтонцæ, æма сæ уæд Мах æрахæстан алцигъондæр æма тухгиндæр ахæстæй.
43. Æдта сумах æнæууæнкитæ уонæй хуæздæр æнцæ? Æви уæмæ, Киунуги ке кой цæуй, уониау сæмæ бавнæлдæ нæййес?
44. Кенæдта етæ фæззæгъунцæ: “Мах уælахезуæвæг къуар ан”.
45. Еци къуар5 дæрæнгонд уодзæнæй, æма етæ фælледзæги уодзæнæнцæ!
46. Сахат уонæн æнгъудгонд рæстæг æй, æма еци Сахат тæккæ зиндæр æма содзагædæр æй.
47. Уастæн, тæрегъædгунтæ сæ надæй фæккиудтæнцæ æма гъезæмараæ кæнунцæ.
48. Еци бон ба сæ дæлгоммæй бахæрхæр кæндзæнæнцæ артмæ: “Исахуадетæ дзаханамани бандзæвдæ!”
49. Уастæн, Мах алли гъуддаг дæр исаразтан рагфæдзæхстмæ гæсгæ.
50. Мах еунæг хатт рахæссæн Нæ фæндон, æма и фæндон цæстифæникъулдмæ исæнхæст уй.
51. Сумах хузæнттæ Мах уæ размæ дæр бабун кодтан. Фал уой имисгутæ, мийяг, ес?
52. Етæ цидæриддæр бакодтонцæ, етæ гъуддæгти киунуги финст æнцæ.

53. Алли минкъий æма устур гъуддаг дæр финст æй.
54. Уастæн, хуцаудастæ дзенети рæзбунти æма цæугædæнтти астæу уодзæнæнцæ
55. уацæгади бадæни тухгиндæр паддзахи цори!

55-аг сураæ

Хатиргæнагædæр

(ар-Рахман)

Хатиргæнагædæр æма тæрегъædгæнагædæр Хуцауи номæй.

1. Хатиргæнагædæр
2. исахур кæнун кодта Хъуранбæл,
3. исфæлдиста адæймаги
4. æма ‘й исахур кодта дзорун.
5. Хор æма мæйæ зелунцæ фæткæвардмæ гæсгæ.
6. Кæрдæг æма бæлæстæ ковунцæ.
7. Е исбæрзонд кодта арв æма исивардта барæнтæ,
8. цæмæй сумах, ци ‘нгъезуй, уой арæнтæбæл ма рахезайтæ барæнтæбæл.
9. Баретæ æвæсайгæй, æма ма кунæгдæр кæнетæ уæзæ.
10. Е исаразта зæнхæ урунгонтæн.
11. Уобæл ес рæзæ æма къости хæццæ пальмитæ,
12. уæдта æфсерæгунтæ, сифтæ æма хуæрздæфагæ кæрдæгути хæццæ.
13. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
14. Е исфæлдиста адæймаг дорингæнæни хузæн сор сигитæй,
15. æма исфæлдиста дзинтæ сугъдæг артæй.
16. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
17. Дууæ искæсæней Тубай дæр æма дууæ нигулæней Тубай дæр!
18. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
19. Е исхæлæмулæ кодта дууæ денгизи, кæцитæ исæмбæлунцæ кæрæдзей

хæццæ.

20. Уонæн се ‘хсæн ес гæрæн, кæций сæрти рахезун уонæн сæ бон нæй.
21. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
22. Уонæми, сæ дууеми дæр, ахæссунцæ налхъут-налмастæ æма кораллтæ.
23. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
24. Æма Уой бæрни ‘нцæ денгизбæл хуæнхтау итигъд пъарусти хæццæ цæуæг науитæ.
25. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
26. Уоми[1] æгасæйдæр мæлгæ ‘нцæ.
27. Æносон æрмæст дæ устуйрадæ æма уодибæстгун Хуцауи Фæлгонц æй.
28. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
29. Уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр ка ес, етæ Уомæй корунцæ. Алли бон дæр е æнæвдæлон æй гъуддæгтæй.
30. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
31. Тагъд Мах æрмæст сумах гъуддаг кæндзинан, уо, дууæ уæзбун муггаги!
32. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
33. Уо, дзинти æма адæни æрдонг! Кæд уæ бон уæларв æма зæнхи арæнтæбæл рахезун æй, уæд рахезетæ. Фал сумах нæ рахездзинайтæ, баргъон нæ уогæй!
34. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
35. Сумахбæл рауагъдæ уодзæнæй цъæх арт æма тад æрхи, æма уæ бон кæрæдземæн фæййангъос кæнун не суодзæнæй.
36. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
37. Æма мæнæ арв байгон уодзæнæй æма ниссурх уодзæнæй, ирайгæ зетий хузæн.
38. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
39. Еци бон[2] нæдæр дзин, нæдæр адæймаг не ‘рцæудзæй фарст æ гунахбæл.
40. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
41. Тæрегъæдгунти базондзæнæнцæ, цит, сæ нисангæндтæмæ[3] гæсгæ, æма сæ уæдта ахæсдзæнæнцæ сæ бæрзæйтæй æма сæ фадигъолтæй.
42. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?

43. Мænæ ‘й, тæрегъæдгунтæ мæнгæбæл ке нимадтонцæ, еци зиндонæ.
44. Уой æма ирайгæ дони ‘хсæн хæтдзæнæнцæ етæ.
45. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
46. Æ Еунæхуцауи размæ æрлæуунæй ка тарстæй, уонæн ба дууæ дзæхæрай цæттæгонд ес.
47. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
48. Сæ дууеми дæр къадотæ ес.
49. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
50. Сæ дууеми дæр дууæ сауæдони уайуй.
51. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
52. Уоми алли рæзæй дæр си æнкъæйттæ ес.
53. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
54. Етæ бафæлдæхдзæнцæ, бакъолæ кæнгæй, гобæнттæбæл, бунæй сæбæл хæрдгæ итудæй, æма еци дууæ дзæхæрай нозалæ рæзæ ба сæмæ ниллæг æрзæболæ уодзæнæнцæ.
55. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
56. Уоми уодзæнæй, сæ цæстæнгас ка ‘руадза, уæхæн кизгуттæ, кæцити хæццæ раздæр нæдæр дзин, нæдæр адæймаг хæстæг нё адтæй.
57. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
58. Етæ лалтæ æма кораллти хузæн æнцæ.
59. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
60. Æма хуарзæн хуарзæй æндæр ма естæмæй бахадт уй?
61. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
62. Еци дууей размæ ба ма дууæ дзæхæрай ес.
63. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
64. Сæ дууæ дæр тарцъæх æнцæ.
65. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
66. Сæ дууеми дæ дууæ сауæдони бурæу кæнунцæ.
67. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
68. Сæ дууеми дæр ес рæзæ, пальмитæ, гранаттæ.

69. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
70. Уоми хуарз æма рæсугъд кизгуттæ ес.
71. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
72. Етæ саудзæстæ, устурдзæстæ ‘нцæ, цатирти уорæдт.
73. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
74. Уони хæццæ раздæр нæдæр дзин, нæдæр адæймаг хæстæг нё адтæй.
75. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
76. Етæ хъанæй уолæфдзæнæнцæ, цъæх бæзтæбæл æма алæмæттаг гобæнттæбæл сæхе бакъолæ кæнгæй.
77. Æма Хуцауи хуарзæнхæй кæци нимайетæ мæнгæбæл?
78. Намусгин æй дæ Еунæхуцауи ном, устуйрадæ æма уодибæсти Хецау!

56-аг сурæ

Цау

(аль-Уахъиа)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. И Цау[1] ку ‘рхъæрта,
2. уæд æй мæнгæбæл некебал банимайдзæнæй.
3. Е æгадæ дæр æма кадгин дæр кæнуй.
4. Зæнхæ хъæбæр ку фенкъуса,
5. хуæнхтæ листæг æгъзæлтæ æнсæст ку ‘рцæуонцæ,
6. уæдта нийдзæхст фунук ку фестонцæ,
7. уæд æртæ къуаребæл дехгонд æрцæудзинайтæ:
8. рахесæрдигæй лæугутæ – ка ‘нцæ, цума, рахесæрдигæй лæугутæ? –
9. Галеуæрдигæй лæугутæ – ка ‘нцæ, цума, галеуæрдигæй лæугутæ?
10. Хуарз гъуддæгтæ аразунбæл ка фæрраздæр æй[2], етæ иннети разæй фæууодзæнæнцæ дзенети.
11. Етæ хæстæггонд уодзæнæнцæ

12.идзæлæн рæзбунти.

13.Беретæ си фиццаг фæлтæртæй æнцæ,3

14.æстæнтæ ба – фæстаг фæлтæртæй.4

15.Етæ хъанæй уолæфдзæнæнцæ рæтуд хуссæнтæбæл

16.кæрæдзей нихмæ, бакъолæгæнгæй.

17.Æноси æригон тæрнатæ сæбæл зелдзæнæнцæ

18.къостæ, доринтæ æма синонти хæццæ, сауæдонæй ниуазæнтæ конд си уогæй,

19.кæцимæй сæр дæр нæ ресуй æма си зунд дæр не сæфуй,

20.сæхуæдтæ ке равзарунцæ, уæхæн рæзи хæццæ,

21.уæдта, сæ зæрдæ ке зæгъуй, уæхæн карки фиди хæццæ.

22.Сæ уоститæ уодзæнæнцæ саудзæстæ, устурдзæстæ кизгуттæ,

23.сос налхъут-налмасти хузæн.

24.Гъе уотæ уодзæнæй, ка ци кодта, уой тухххæй бахадт.

25.Етæ уоми нæ фегъосдзæнæнцæ нæдæр дзæгъæлдзорæ, нæдæр тæрегъæдгун дзубандитæ,

26.Фал æрмæст дзурдтæ: “Салам! Салам!”

27.Рахес фарсæй ка ‘й, етæ ба – цума ка ‘нцæ, рахес фарсæй ка лæууй, етæ?

28.Етæ уодзæнæнцæ æнæ синдзæ лотости æхсæн,

29.рæнгъитæй зæболæгонд банати хæццæ,

30.райтигъд сатæги,

31.ивулд дæнтти

32.æма аллихузон рæзи астæу

33.кæцитæн искунæг уæн нæййес, æма сæ бавналæнтæ æнцон æнцæ.

34.Етæ уолæфдзæнæнцæ горцъетæбæл.

35.Мах сæ нæуæгæй исфæлдесдзинан

36.æма сæ æдæйнаг кизгуттæ искæндзинан,

37.уарзонтæй æма æмбайтæй.

38.Е рахесфарсæй ка ‘й, уонæн,

39.уонæн сæ фулдæретæ фиццаг фæлтæртæй æнцæ,

40.æма беретæ ба – фæстаг фæлтæртæй.

41. Галеуæрдигæй ка ‘й, етæ ба – цума, галеуæрдигæй лæугутæ ка ‘нцæ?
42. Етæ æнхъуæт дунгæмæ æма ирайгæ дони лæугутæ ‘нцæ,
43. сау хъуёци аууони,
44. кæци син нæдæр сатæгдзийнадæ, нæдæр хуарздзийнадæ не ‘рхæссуй.
45. Раздæр гъæздугдзийнади сæхе ерхæфстонцæ,
46. азап хæссунбæл федар хуæцгæй,
47. æма дзурдтонцæ: “Ædта нур ку рамæлæн æма сигит æма æстгутæ ку фестæн, уæд ма æгасгонд æрцæудзинан?
48. Кенæ ба нæ фиддæлтæ?”
49. Зæгъæ: “Фиццаг фæлтæртæ куд, уотæ фæстаг фæлтæртæ дæр
50. зундгонд бони бæлвурд бунати æмбурдгонд уодзæнæнцæ.
51. Уæдта сумах, дзæгъæл уæвгутæ, минæвæртти мæнгитæбæл нимайгутæ,
52. ёнæмæнгæдæр исахуаддзинайтæ заккуми бæласæй.
53. Сумах уомæй уæ губунтæ идзаг кæндзинайтæ,
54. æма сæбæл ирайгæдон ба ниуаздзинайтæ,
55. ædонугæй фæййервæзун ке бон нæй, еци сæйгæ теуатæ куд фæнниуазунцæ, уотæ”.
56. Гъе уæхæн мийнасæ уодзæнæй уонæн федтони Бони.
57. Мах уæ исфæлдистан. Æма уæд цæмæннæ айтæ арази исæндедзæнбæл?
58. Ци муггаг искалетæ, уой нæ фæууидтайтæ?
59. Уой сумах искæнетæ æви Мах искæнæн?
60. Мах уе ‘хсæн байурстан мæлæт, æма Мах неци багъигæ дардзæнæй
61. уæхе хузæнттæй уæ раййевун, æма уæ, æнгъæл дæр уæхе куд нё айтæ, еци хузæн уæ искæнун.
62. Нур сумах зонетæ фиццаг исфæлдисти тухxæй. Æма уæд цæмæннæ æримисетæ уосиат?
63. Ци итауетæ, уой фæууидтайтæ?
64. Мийййаг, сумах æй исæвзурун кæнетæ æви Мах?
65. Мах ку бафæндæ уа, уæд æй хотхæ фестун кæндзинан, æма уæд десгæнгæй байзайдзинайтæ

66. Æма sægъdzинайтæ: “Уастæн, мах базæран ан.
67. Уомæй æндæмæ ба ма æнæ хуаллагæй дæр байзадан”.
68. Кæци дон ниуазетæ, уой фæууидтайтæ?
69. Æма, мийяг, сумах æй æркæнетæ уаруни мегътæй æви æй Мах æркæнæн?
70. Мах ку бафæндадтайдæ, уæд æй ænадæ искодтаййанæ. Æма боз цæмæннæ айтæ?
71. Ци арт искæнтæ, уой фæууидтайтæ?
72. Æма, мийяг, сумах искæнтæ уомæн бæлæстæ æви Мах?
73. Уой Мах искодтан имисунæн æма бæлццæнттæн пайда кæнунæн.
74. Æма намусаг кæнæ дæ Устур Хуцауи ном!
75. Ард хуæрун стъалути нигулæн бунатæй!
76. Нур уой ку зониайтæ, æма е тухгин соми ке ‘й.
77. Уастæн, е уездон Хъуран æй,
78. кæци Финстæги æфснайд æй.
79. Уобæл бандзæвунцæ æрмæст иссугъдæггæндтæ.
80. Е æрвист æй дуйнети Паддзахæй.
81. Гæр, аци уацбæл не ‘ууæндетæ,
82. æма уæ амонд искæнуйнаг айтæ, уацæгадæ мæнгæбæл ке нимайетæ, уомæй?
83. Уод ку исхъурмæ уй
84. æма мæлæгмæ ку фæккæсетæ,
85. уæд Мах уомæ сумахæй хæстæгдæр фæууæн, кæд сумах уой нæ фæууинетæ, уæддæр.
86. Æма цæмæннæ, кæд тæрхонгонд нæ уодзинайтæ, уæд æй
87. цæмæннæ раздахетæ, кæд раст дзоретæ, уæд?
88. Е æрбахæстæггæндтæй еу ку уа,
89. уæд æнцойнæ иссердзæнæй, амонд æма идзæлæн дзæхæра.
90. Рахесфарс лæугутæй еу ку уа,
91. уæдта ин зæгъдзæнæнцæ: “Салам дæ уæд! Рахесфарсæй лæугутæй ду еу дæ”.
92. Фæррæдуйгутæй, минæвæртти мæнгæбæл ка нимадта, уонæй еу ку уа,
93. уæдта ин мийнасæн ирайгæдон уодзæнæй,

94.æма е цæфсдзæнæй зиндони.

95.Е æнæмæнгæдæр æцæгдзийнадæ ‘й!

96.Æма дæ Устур Еунæхуцауи номæн намус кæнæ!

57-аг сураæ

Æфсæйнаг

(аль-Хадид)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Хуцауæн намус кæнуй уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр ци ес, ейæ. Е тухгин æма сем æй.
2. Уæлæрвтæ æма зæнхæ Уой баргъон æнцæ. Е æрцаруй æма рамаруй, æма Е алцигъон дæр æй.
3. Фиццаг дæр æма Фæстаг дæр, Бæрзонддæр æма Хæстæгдæр Е æй. Алли гъуддаги туххæй дæр Е зонуй.
4. Е æй, уæлæрвтæ æма зæнхæ æхсæз бонемæ ка исфæлдиста, уой фæсте ба Тронбæл ка æрфедар æй. Е зонуй, зæнхæмæ дæр ци бацæуй, уæдта зæнхæй ци рацæуй, уой дæр, уæдта арвæй ци æрцæуй, æма уордæмæ ци иссæуй, уой дæр. Сумах кæмидæр нæ уайтæ, Е уæ хæццæ ‘й. Сумах цидæриддæр кæнетæ, уой Хуцау уинуй.
5. Уæлæрвтæ дæр æма зæнхæ дæр Уой баргъон æнцæ, æма Хуцаумæ раздæхунцæ гъуддæгтæ.
6. Æхсæви харзæй Е фæддаргъдæр кæнуй бонæ, уæдта æхсæвæ ба фæддаргъдæр кæнуй бони харзæй. Е зонуй, реуи ци ес, уой.
7. Хуцаубæл æма Æ минæварбæл æууæндетæ, æма уин Е ци саккаг кодта, уомæй харз кæнетæ. Ка уи бауууæндтæй æма битир ка лæвардта, уонæн ба устур хуæрзеуæг цæттæгонд ес.
8. Ци кæнетæ? Цæмæннæ æууæндетæ Хуцаубæл, кæд æма уæмæ Æ минæвар седуй уæ Еунæхуцаубæл бауууæндунмæ? Е уи раги райста уосиат, кæд сумах

æцæгæй æууæндгутæ айтæ, уæд.

9. Е æй, Æ цагъарæн æцæг æвдесæнтæ ка нирветуй, цæмæй сумах тарæй рохсмæ ракиндæ уа, уой тухxæй. Уастæн, Хуцау сумахмæ хъонцгæнагæ æма уодибæстгун æй.
10. Ци кæнетæ? Хуцауи надбæл цæмæннæ харз кæнетæ, кæд æма уæлæрвти æма зæнхи бундардзийнадæ дæр Хуцаумæ ‘й. Ка харз кодта æма Мекки басæттуни размæ ка тох кодта, уони хæццæ уæ рабарæн нæййес. Е устурдæр къæпхæн æй, уой фæсте ка харз кодта æма ка тох кодта, уони къæпхæнæй. Фал си уонæй алкæмæндæр Хуцау хуæздæрдзийнадæ исаккаг кодта, æма сумах ци косетæ, уой Хуцау зонуй.
11. Хуцауæн рæсугъд æфстау уи ка радта, уомæн æй Хуцау фæффулдæр кæндзæнæй. Уомæн рæдау хуæрзеуæг цæттæгонд ес.
12. Урнæг нæлгоймæгти æма урнæг силгоймæгти рахесфарс[1] рохс ку хæлеу кæна, еци бон уой ку фæууинисæ. Бацийнæ кæнтæ абони дзенети рæзбунтæбæл, кæцими цæугædæнттæ уайунцæ. Сумах уоми æности уодзинайтæ. Гъе ейæ ‘й устур æнтæстдзийнадæ.
13. Еци бон дудзæсгæнттæ урнæг адæнæн зæгъдзæнæнцæ: “Бараметæ, мах дæр уи еу минкъий рохсæй æрбайсæн”. Уонæн загъд уодзæнæй: “Раздæхетæ фæстæмæ æма агоретæ рохс”. Уонæн сæ астæу горен дуæртти хæццæ исивæрдæ уодзæнæй, кæцимæн æ медæрдигæй хуарзæнхæ уодзæнæй, е ‘ндæрдигæй ба – гъезæмæрттæ.
14. Етæ уонæмæ седдзæнæнцæ: “Миййаг, мах сумах хæццæ нё адтан?” Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Гъо, фал сумах уæхе цибæл кодтайтæ, æнгъæлмæ кастайтæ, дузæрдуг кодтайтæ æма уæхе æнгъæлцитæй ерхæфстайтæ, цалдæн уæмæ Хуцауи фæндон нæ фæззиндтæй, уæди уæнгæ. Цибæлгæнæг уæ басайдта Хуцауи тухxæй.
15. Абони ба сумахæй дæр æма æнæууæнкитæй дæр сиуагъæ нæ райстæуодзæнæй. Сумахæн уе ‘рæнцайæн бунат арт уодзæнæй, кæци уин алцæйбæсти аккаг дæр ёй. Ædта куд æбуалгъ бунат æй е!”
16. Миййаг, еци рæстæг нæма æрхъæрттæй, цёмёй Хуцауи ном æма уацæгадæй

ци ‘рвист ёй, ёма уой ном иссергæй урнæг адæни зæрдитæ цæмæй æрсабур уонцæ, уæдта раздæр Финстæг кæмæн лæвæрд адтæй æма рæстæги фæсте ке зæрдитæ ниссау æнцæ æма си беретæ ба ænаккæгтæ ке иссёнцæ, етё уони хузæн цæмæй ма исуонцæ?

17. Зонетæ ‘й, Хуцау ке æрцаруй зæнхæ æ фæсмæрдæ. Мах уин раздæр балæдæрун кодтан и æвдесæнтæ, - кайзонуй, æма балæдæриайтæ.
18. Уастæн, битир ка лæвардта æма Хуцауæн рæсугъд æфстау ка равардта, еци нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæн фулдæргонд æрцæудзæнæй. Уонæн райтагæ хуæрзеуæг цæттæгонд ес.
19. Хуцаубæл æма Æ минæварбæл бауувндгутæ рæстагдæр адæн æнцæ. Хъиамæтгунтæй ка фæммардæй, етæ ба сæ Еунæхуцауи рази ‘нцæ, æма уонæн сæ хуæрзеугутæ æма рохсдзийнадё цæттæгонд æнцæ. Ка нæ бауувндтæй æма Не ‘вдесæнтæ мæнгæбæл ка банимадта, етæ ба зиндони цæргутæ уодзæнæнцæ.
20. Уой зонетæ, æма зæнхон цард дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр гъазт æма исæрхæн, уæ кæрæдземæн рæсугъдгонд æма æстауæн, уæдта фулдæр гъæздугдзийнадæ æма сувæллæнттæ исбон кæнундзийнадæ æй. Е уарунау æй, кæций фæсте зайæгойтæ деси æфтаунцæ зæнхкосæги, фал уой фæсте ба бахускъæ унцæ, æма сæ ду фæууинис ниббор уогæй, цæйфæсте ба етæ ниххотхæ унцæ. Фæстаг царди ба æбуалгъ гъезæмæрттæ æма Хуцауæй ниххатирдзийнадæ æма аразидзийнадæ ес. Зæнхон цард æрмæст цибæйлаг æй.
21. Уæ Еунæхуцауи хатирмæ æма дзенетмæ бæллетæ. Уой уæрхцæ арв æма зæнхи уæрхцён æй. Е, Хуцаубæл æма Æ минæварбæл ка бауувндтæй, уонæн цæттæгонд æй. Хуцауи хуарзæнхæ уæхæн æй, кæций Е лæвар кæнуй, кæмæн Ёй фæндуй, уомæн. Хуцау устур хуарзæнхи хецау æй.
22. Зæнхæбæл кенæ уæхебæл ци фидбилиз æрцæуй, е финст æрцудæй Киунуги, Мах æй ку нæма исфæлдистан, уæд. Уастæн, ейæ Хуцауæн æнцон æй.
23. Мах уой хабар ракодтан, цæмæй сумах, ци уи райервазтæй, уобæл ма тухсайтæ, æма уин Е ци равардта, уобæл ма цийнæ кæнайтæ. Хуцау

цифæнди уæлбекъон хеппæлойтæ дæр нæ уарзуй,

24. кæцитæ къинди ‘нцæ, æма иннети дæр къинди ун кæнунцæ. Уотемæй еске ку рахата æхе, уæдтаХуцау уотемæй дæр гъæздуг æма намусгин æй.

25. Мах раздæр дæр Нæ минæвæртти рарвистан æцæг æвдесæнти хæццæ æма сæ хæццæ нирвистан Финстæг æма Барæнтæ, цæмæй адæн рæстдзийнадæбæл хуæцонцæ. Мах ма никкидæр рарвистан æфсæйнаг, кæцими устур хъаурæ æма адæнæн пайдадзийнадæ ес, цæмæй Хуцау исбæрæг кæна, Уомæн æма Æ минæварæн ка ангъос кæнуй, Уой нæ уингæй, уони. Уастæн, Хуцау тухгин æма хъаурæгин æй.

26. Раздæр Мах рарвистан Нохи æма Ибрæгими, æма уасдардзийнадæ, æма Финстæг ниффедар кодтан сæ цæуæти. Уонæн се ‘хсæн ес уæхæнттæ, кæцитæ æррæстæ надбæл цæунцæ, фал си беретæ ба ænaккæгтæ ‘нцæ.

27. Уой фæсте ба Мах сæ фæдбæл рарвистан Нæ минæвæртти, æма рарвистан Исай, Майрай фурти, æма ин балæвар кодтан Евангели. Æ фæдбæл ка рацудæй, уони зæрдити ба бауагътан хъонцкæнундзийнадæ æма уодибæстæ, фал моладзандзийнадæ ба етæ сæхуæдтæ æргъуди кодтонцæ. Уой син Мах нæ байхæс кодтан, фал етæ уотæ уой тухxæй бакодтонцæ, цæмæй си Хуцау фæййарази адтайдæ. Фал æй етæ, куд æмбæлуй, уотæ не ‘сæнхæст кодтонцæ. Уонæй ка баууæндтæй, уонæн Мах равардтан сæ хуæрзеуæг, фал си беретæ ба гиауртæ ‘нцæ.

28. Ка баууæндтæй, етæ! Хуцауæй тæрсетæ æма æууæндетæ Æ минæварбæл, æма уин уæд Е Æ хуарзæнхæй дувæлтæрæй балæвар кæндзæнæй, æма уин ратдзæнæй рохс, кæций фæрци сумах хæтдзинайтæ[2], æма уин ниххатир кæндзæнæй. Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й.

29. Хуцау уин хуæрзтæ фæууодзæнæй. Цæмæй Финстæги адæн зононцæ уой, ёма уони бон Хуцауи хуарзæнхæй исбон кæнун ке неци æй æма хуарзæнхæ æрмæст Хуцауи къохи ке æй, Кæци æй лæвар кæнуй, кæмæн Æй бафæндуй, уомæн. Хуцау устур хуарзæнхи хецау æй.

58-аг сурæ

Загъдгænæг
(аль-Муджадилæ)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Дæ хæццæ ци силгоймаг исаразта загъд æ лæги туххæй æма Хуцаумæ æ гъаст ка бахаста, еци силгоймаги дзурдтæ Хуцау фегъуста. Хуцау уин уæ буцæу фегъуста, уомæн æма Хуцау игъосагæ æма уинагæ ‘й.
2. Сумахæй æ уоси æхецæн ка батобæ кæнуй, етæ файуаг æма фæлтухъатæ æнцæ. Сæ уоститё син маддæлтæ нæ ‘нцæ, уомæн æма сæ маддæлтæ æнцæ, уони ка нииййердта, æрмæст уæхæн силгоймæгтæ. Уастæн, Хуцау барагæ æма хатиргænагæ ‘й.
3. Сумахæй æ уоси æхецæн ка батобæ кæнуй, уой фæсте ба æ дзурд фæстæмæ ка райсуй, етæ еу цагъар гъæуама исуæгъдæ кæнонцæ, кæрæдзебæл бамбæлуни агъоммæ. Уомæй уæ сагъæскæнун кæнунцæ, уæдта сумах ци кæнетæ, уой Хуцау зонуй.
4. Уой бакæнунгъон ка не суа, е ба, кæрæдзебæл бамбæлуни агъоммæ, дууæ мæйей æндæргъци æнæскуйгæ гъæуама ком фæддара. Уой дæр ке бон искæнун нæ уа, етæ ба гъæуама æхсай мæгури бафсадонцæ. Е уой туххæн кæнун гъæуй, цæмæй сумах бауувæндайтæ Хуцаубæл æма Æ минæварбæл. Хуцауи арæнæвæрдтæ уæхæн æнцæ. Æнæууæнкитæн ба æбуалгъ гъезæмæрттæ цæттæгонд æнцæ.
5. Хуцау æма Æ минæвари хæццæ ка æзморæ кæнуй, етæ ба, сæ развæд ка адтæй, етæ куд æгадæгонд æрцудæнцæ, уотæ æгадæгонд æрцæудзæнæнцæ. Нур Мах рарвистан Не ‘вдесæнтæ, æма æнæууæнкитæн ба æгадæ гъезæмæрттæ цæттæгонд ес.
6. Еци бон се ‘гасейдæр Хуцау æригас кæндзæнæй æма син фегъосун кæндзæнæй, ци бакодтонцæ, уой туххæй. Хуцау уой банимадта, фал етæ ба байронх æнцæ. Хуцау алли гъуддаги æвдесæндар æй.
7. Гæр ду уой нæ зонис, æма Хуцауæн зундгонд ке æй уæлæрвти дæр æма

зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, ейæ? Æртей æхсæн сосдзубандийæн уæн нæййес, цæмæй цуппæрæймагæн Е ма уа, кенæ фондзей æхсæн цæмæй Е æхсæзæймаг ма уа. Фулдæр уонцæ, æви минкъийдæр – Е алкæддæр сæ хæццæ фæууй, кæмидæриддæр нæ уонцæ, уæддæр. Уой фæсте ба, исæндедзæн Бон, Е син фегъосун кæндзæнæй, ци кодтонцæ, уой. Уастæн, Хуцау алли гъуддаги туххæй дæр зонуй.

8. Гæр ду нæ фæууидтай, сосдзубандитæ кæнун кæмæн не ‘нгъизтæй, уони. Етæ, ци син не ‘нгъизтæй, уомæ раздæхунцæ фæстæмæ æма сосæгæй тæрегъæддзийнæдтæ, æзморæ æма дзубандитæ кæнунцæ. Етæ дæмæ ку ‘рбацæунцæ, уæд дин Хуцау куд раттуй салам, уотæ дин нæ раттунцæ салам, сæ медзæрдæ дзоргæй: “Хуцау нæ цæмæннæ бафхуæруй, ци дзорæн, уой туххæй?” Уонæн зиндонæ сæ фагæ ‘й! Етæ уордæмæ бахаудзæнæнцæ, æма куд илгъаг æй еци бунат!
9. Ка бауувæндтæй, етæ! Сосæггай ку дзубанди кæнайтæ, уæд тæрегъæдтæ, æзморæ æма минæвармæ æгоммæгæсунбæл ма дзоретæ, фал дзоретæ хуарз гъуддæгтæ æма хуцаудаси туххæй, æма тæрсетæ Хуцауæй, кæцимæ æмбурдгонд уодзинайтæ.
10. Сосдзубандитæ ибилисæй æнцæ, кæци архайуй ка бауувæндтæй, уони баунгæг кæнун. Фал е уонæн æппундæр неци зæран æрхæсдзæнæй, Хуцауи фæндæ ку нæ уа уой туххæй, уæд. Æма урнæг адæн æрмæст Хуцаубæл сæхе фæдзæхсæнтæ.
11. Ка бауувæндтæй, етæ! Æмбурди уæ ку коронцæ урухдæрæй сбадун, уæд урухдæрæй сбадетæ, æма уин Хуцау дæр урух бунат исаккаг кæндзæнæй. Исистун уи ку ракоронцæ, уæдта исистетæ. Ка бауувæндтæй, æма зонундзийнæдтæ кæмæн лæваргонд ес, Хуцау уони бæрзонд кæнуй къæпхæнтæбæл. Сумах ци кæнетæ, уой Хуцау зонуй.
12. Ка бауувæндтæй, етæ! Минæвари хæццæ сосæгæй ку дзорайтæ, уæд уæ сосæг дзубанди битирæй бафедар кæнетæ. Уотемæй уин хуæздæр æма кæдзосдæр уодзæнæй. Фал ку неци иссерайтæ, уæдта Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й.

13. Гæр, уæ сосæг дзубанди битирæй бафедар кæнун тæрсгæ кодтайтæ? Уой кæд нæ бакодтайтæ æма уин Хуцау уæ фæсмондзийнадæ кæд райста, уæд намаз кæнетæ, закиат федетæ æма Хуцауи æма Æ минæвари коммæ кæсетæ. Сумах ци кæнетæ, уой Хуцау зонуй.
14. Миййаг ду уой нæ фæууидтай, æма Хуцау кæмæ рамæстгун æй, уони хæццæ лимæндзийнадæ ка кæнуй, уонæбæл ци ‘рцудæй, уой? Етæ уонæмæ дæр æма сумахмæ дæр нæ хаунцæ. Етæ рагагъоммæ мæнгæ сомитæ кæнунцæ.
15. Уонæн Хуцау уæззау гъезæмæрттæ æрцæттæ кодта. Уастæн, етæ ци кæнунцæ, е илгъаг æй!
16. Етæ сæ сомитæй уарт искодтонцæ æма си иннети фæккеун кæнунцæ Хуцауи надæй.
17. Нæдæр сæ мулк, нæдæр сæ сувæллæнттæ син нæ фæййагъаз уодзæнæнцæ Хуцауи размæ. Етæ арти амæттæгтæ ‘нцæ æма уоми æности байзайдзæнæнцæ.
18. Хуцау сæ ци бон æригас кæна, еци бон етæ Æ размæ ард хуæрдзæнæнцæ, сумах рази ард куд хуæрунцæ, уоййау, уотæ æнгъæл уогæй, æма син е фæййагъаз уодзæнæй. Уастæн, етæ фæлтухъатæ ‘нцæ.
19. Ибилис сæбæл фæууæлахез æй æма сæ феронх кæнун кодта Хуцауи ном ерун. Етæ ибилиси къуаræй æнцæ. Уастæн, ибилиси къуар, ка базæран æй, уонæй æнцæ.
20. Хуцау æма Æ минæвари хæццæ æзмораæ ка кæнуй, етæ тæккæ дæлгенагдæрти нимæдзæй разиндзæнæнцæ.
21. Хуцау ниффинста: “Уæлæхез æнæмæнгæ фæууодзинан Æз æма Мæ минæвæрттæ!” Уастæн, Хуцау тухгин æма хъаурæгин æй.
22. Хуцаубæл æма Фæстаг бонбæл ка æууæндуй, уони æхсæн ду не ‘ссердзæнæ адæн, кæцитæ, Хуцау æма Æ минæвари хæццæ æзмораæ ка кæнуй, уони уарзунцæ, кæд æма етæ сæ фиддæлтæ, фурттæ, æнсувæртæ кенæ хæстæгутæ уонцё, уæддæр. Хуцау син сæ зæрдити æууæнкæ ниммухур кодта æма сæ уодæй федар искодта. Е сæ бакæндзæнæй дзенети рæзбунтæмæ, кæцими уайунцæ цæугæдæнттæ, æма уоми уодзæнæнцæ æности. Хуцау си арази æй,

æма Си етæ дæр арази ‘нцæ. Етæ Хуцауи къуарæй æнцæ. Уастæн, Хуцауи къуар æнтæстгинтæ ‘нцæ.

59-аг сурæ
Æмбурд
(аль-Хашр)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ Хуцауæн табу кæнунцæ. Е тухгин æма сем æй.
2. Е æй, фиццаг æмбурди æнæууæнкæ адæни Ка фæссурдта.[1] Сумах æнгъæл нё адтайтæ, етæ рандæ уодзæнæнцæ, уой. Етæ ба уотæ æнгъæл адтæнцæ, æма сæ сæ федæрттæ Хуцауæй багъæуай кæндзæнæнцæ. Фал сæ Е, етæ æнгъæл кæцæй нё адтæнцæ, уордæгæй сæ баййафта, æма сæ зæрдити тас бауагъта. Етæ сæ хæдзæрттæ сæхе къохтæй æма æнæууæнкити къохтæй ихалунцæ. Æма, уинунгъон ка ‘й, етæ уосиатмæ байгъосетæ!
3. Хуцау син мухадзирдзийнадæ ку не саккаг кодтайдæ, уæд сæ Е а дуйнебæл, æнæмæнгæ, бафхуардтайдæ. Фæстаг царди ба син арти гъезæмайрадæ цæттæгонд æй.
4. Е уой тухххæй ёй, æма Хуцау æма Æ минæвари нихмæ ке рацудæнцæ. Æма нур Хуцауи нихмæ еске кæд цæуй, уæд Хуцау артуд ку æй Æ фудæнхарди.
5. Сумах пальмитæ ракъуæрайтæ, кенæ сæ сæ къадотæбæл ниууадзайтæ, – уомæн Хуцауи фæндæ фæууй, цæмæй гиаурти фæггириззаг киндæ уа, уой тухххæй.
6. Хуцау Æ минæварæн ци тонаутæ раздахта, уонæмæ сумах сæпсæпгæнгæй нæ уадайтæ нæдæр бæхтæбæл, нæдæр теуатæбæл, фал Хуцау ба Æ минæвæрттæн, ке сæргъи ‘Й бафæндуй, уонæн хецауеуæг кæнундзийнадæ раттуй. Хуцауи бон алцидæр æй.
7. Æ минæварæн ци тонаутæ раздахта Хуцау гъæути цæргутæй, етæ Хуцауи,

минæвари, пахампари хæстæгути, седзæрти, мæгурти æма бæлццæнтти æнцæ, цæмæй етæ уе ‘хсæн гъæздугути ма бауонцæ, уой туххӑй. Æма уин минæвар ци равардта, уони есетæ, фал уин ци батобæ кодта, уонæй ба уæхе еуварс кæнетæ. Хуцауæй тæрсетæ, уомæн æма Хуцау карз æй Æ фудæнхарди.

8. Уæдта мæгур мухадзиртæн, кæцитæ сурд æрцудæнцæ сæ хæдзæрттæй æма сæ мулк фесафтонцæ. Етæ Хуцауи хуарзæнхæмæ æма аразидзийнадæмæ турнунцæ æма ангъос кæнунцæ Хуцауæн æма Æ минæварæн. Етæ рæстæгтæ ‘нцæ.
9. Æ хæдзари2 ка цардæй æма уони размæ дин ка райста, етæ ба, ка сæмæ æрлигъдæй, уони уарзунцæ æма син ци лæвæрд ес, уомæй неци гъæуагæ ‘нцæ. Етæ, сæхуæдтæ гъæуагæ ку фæуунцæ, уæддæр уони сæхе разæй уфсунцæ. Æма æхе кæрæфдзийнадæбæл ка фæууæлахез æй, етæ ба æнтæстгин æнцæ.
10. Уони фæсте ка ‘рбацудæй, етæ ба дзорунцæ: “Нæ Еунæхуцау! Махæй раздæр не ‘нсувæртæй ка баууæндтæй, уонæн ниххатир кæнæ! Нæ зæрдити ма бауадзæ, ка баууæндтæй, уонæмæ æнæуинондзийнадæ æма соцъадзийнадæ. Нæ Еунæхуцау! Уастæн, Ду хъонцгæнагæ æма уобибæстгун дæ”.
11. Гæр, ду уой нæ уинис, цоронтæ се ‘нæууæнкæ æнсувæртæн Киунуги адæни нимæдзæй уæвгутæй куд дзорунцæ: “Етæ уæ ку фæссоронцæ, уæд мах дæр уæ хæццæ рандæ уодзинан, æма некæд неке коммæ бакæсдзинан сумах нихмæ. Уæ хæццæ ку стохонцæ, уæдта уин æнæмæнгæ фæййангъос кæндзинан”. Етæ мæнгæттæ ке ‘нцæ, уой туххӑй Хуцау æвдесæн кæнуй.
12. Етæ сурд ку ‘рцæуонцæ, уæд етæ сæ хæццæ нæ рандæ уодзæнæнцæ. Сæ хæццæ ку стохонцæ, уæдта син нæ фæййангъос кæндзæнæнцæ. Ку син фæййангъос кæнонцæ, уæддæр етæ фæлледзæги уодзæнæнцæ æма син, уæдта, некебал фæййангъос кæндзæнæй.
13. Уастæн, етæ сæ зæрдити Хуцауæй нæ, фал сумахæй хъæбæрдæр тæрсунцæ, уомæн æма етæ æнæлæдæргæ адæн æнцæ.
14. Етæ уæ хæццæ не стохдзæнæнцæ, федæрттæгонд гъæути кенæ кесенати

фæсте ку нæ уонцæ, уæд. Сæ медæхсæн дæр етæ кæрæдземæ æгъатир гегæ хæссунцæ. Ду уотæ æнгъæлис, æма етæ еу æнцæ, фал уонæн сæ зæрдитæ хецæнтæ ‘нцæ. Е уой тухxæй уотæ ‘й, æма æнæлæдæргæ адæн ке ‘нцæ.

15. Етæ се ‘ригон развæдонти хузæн æнцæ, кæцитæ сæ гъуддæгти лиагъæ исахустонцæ æма æбуалгъ гъезæмæрттæ цæттæгонд кæцитён æрцудæй.
16. Етæ Ибилиси хузæн æнцæ, кæци адæймагæн дзоруй: “Ма ‘ууæндæ!” Е æнæууæнкæ ку исуй, уæдта е фæззæгъуй: “Æз дæмæ неци барæ дарун! Æз Хуцауæй, дуйнети Паддзахæй тæрсун”.
17. Еуети æма иннети кæрон дæр арти амæттаг уодзæнæй, кæцими етæ уодзæнæнцæ æности. Уæхæн æй æнаккæгтæн бахадт!
18. Ка бауууæндтæй, етæ! Хуцауæй тæрсетæ, æма уæ уод æркæсæд, ци бацæттæ кодта е исони бонмæ, уомё. Хуцауæй тæрсетæ, уомæн æма Хуцау зонуй, сумах ци аразетæ, уой.
19. Хуцауи ка феронх æй æма сæхе дæр ке феронх кæнун кодта Е, уони хузæн ма уотæ. Етæ гиауртæ ‘нцæ.
20. Арти амæттæгтæ дзенети амæттæгти хæццæ æмхузæн нæ ‘нцæ. Дзенети амæттæгтæ æнтæстгин æнцæ.
21. Аци Хъуран хонхбæл ку æрæрвистаййанæ, уæд ду фæууидтайсæ, е уесгæй куд фæдуй Хуцауи размæ тасæй. Уæхæн дæнцæнтæ Мах ракæнæн адæнæн, цæмæй етæ расагъæс кæнонцæ.
22. Е Хуцау æй, æма Уомæй фæстæмæ, сосгъуддæгтæ æма æцёгдзийнадæ Зонæг, æндæр хуцау нæййес. Е хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й.
23. Е Хуцау æй, æма æндæр хуцау нæййес, Уомæй фæстæмæ – Уас, Сугъдæг, Гъæуайгæнæг, Хезæг, Тухгин, Гъомусгин, Сæрустур. Сугъдæг æй Хуцау æма Ин етæ æмбалæн ке имисунцæ, уонæй изол æй.
24. Е Хуцау æй – Исфæлдесæг, Искæнæг, фæлгонц Дæттæг. Уомæн тæккæ рæсугъддæр нæмттæ æнцæ. Уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр цидæриддæр ес, етæ ‘Й намус кæнунцæ. Е тухгин æма сем æй.

60-аг сурæ

Фælвард

(аль-Мумтахана)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Ка баууæндтæй, етæ! Ме ‘знаг æма уæхе ‘знаги ауодæгæй æма æнхусгænæгæй ма есетæ. Сумах сæмæ уарзонæй раргом уотæ, кæд æма уин ци байгон æй, уобæл етæ не ‘ууæндунцæ. Уæ Еунæхуцау, Хуцаубæл ке æууæндетæ, уой тухxæй етæ расорунцæ минæвари дæр æма сумах дæр. Æма сумах кæд рацудайтæ, цæмæй Мæ надбæл тох кæнайтæ æма Мæ боздзийнадæ иссерайтæ, уæд сæмæ сос уарзондзийнадæ ма даретæ. Сумах ци римæхсетæ æма ци ‘ргом кæнетæ, уони Æз зонун. Уотæ уи ка кæнуй, е ба раст надæй фæккиудтæй.
2. Етæ уæбæл æнæнгъæлти ку исæмбæлонцæ, уæд уе ‘знæгтæ разиндзæнæнцæ, æма уин архайдзæнæнцæ сæ къохæй дæр æма се ‘взагæй дæр зæран æрхæссун, æма сæ бафæнддзæнæй, цæмæй æнæууæнкитæ исуайтæ.
3. Нæдæр уин уæ хæстæгутæ, нæдæр уин уæ сувæллæнттæ нæ фæййангъос кæндзæнæнцæ. Исæндедзæн бони уин Е истæрхон кæндзæнæй. Сумах ци кæнетæ, уой Хуцау уинуй.
4. Сумахæн рæсугъд дæнцæн адтæнцæ Ибрæгим, уæдта æ хæццæ ка адтæй, етæ. Етæ сæ адæнæн загътонцæ: “Сумахбæл дæр, æма Хуцауæй æндæр ма кæмæн коветæ, уонæбæл дæр хъоди кæнæн. Хъоди уæбæл кæнæн, æма мах æма сумах æхсæн гегæ æма æнæуинондзийнадæ исивæрдæй æностæмæ, цалдæн сумах еунæг Хуцаубæл нæ баууæндайтæ, уæдмæ”. Æрмæст Ибрæгим загъта æ фидæн: “Æз дин, æнæмæнгæдæр, Хуцауæй кордзæнæн хатирдзийнадæ, фал дин Хуцауи размæ ба мæ бон нецæмæй фæййангъос кæнун æй. Нæ Еунæхуцау! Æрмæст Дæубæл нæхе фæдзæхсæн, æрмæст Дæумæ нæхе хатæн, æма Дæумæ уодзæнæй нæ раздæхт.
5. Нæ Еунæхуцау! Ка не ‘ууæндуй, уони фæндиаг нæ ма фæккæнæ. Нæ Еунæхуцау, ниххатир нин кæнæ, уомæн æма Ду тухгин æма сем дæ”.

6. Хуцаумæ æма Фæстаг бонмæ æнгъæлдзау ка ‘й, уонæн етæ хъæбæр хуарз дæнцæн æнцæ. Æма уотемæй еске æхе ку рахата, уæдта Хуцау гъæздуг æма намусгин æй.
7. Кайзонуй, æма сумах æма уæ хæццæ æзморæ ка кæнуй, уони хæццæ лимæндзийнадæ исараздзæнæй. Хуцау тухгин æй. Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й.
8. Уæ хæццæ дини туххæй ка нæ тугъдтæй æма уæ уæ хæдзæрттæй ка нæ сурдта, æрмæст уони хæццæ уин Хуцау нæ тобæ кæнуй лимæндзийнадæ кæнун. Уастæн, Хуцау æнæхæрантæ уарзуй.
9. Уæ хæццæ дини туххæй ка тугъдтæй æма уæ уæ хæдзæрттæй ка сурдта, уæдта уæ фæссорунбæл ка ангъос кодта, Хуцау æрмæст уони хæццæ нæ уадзуй лимæндзийнадæ кæнун. Уонæй сæхецæн æнхусгæнгутæ æма лимæнтæ ка есуй, етæ ба æнаккæгтæ æнцæ.
10. Ка баууæндтæй, етæ! Сумахмæ урнæг силгоймæгтæ ку æрбаледзунцæ, уæд сæ бафæлваретæ. Уони æууæндундзийнади туххæй Хуцау хуæздæр зонуй. Урнæг ке ‘нцæ, уой ку базонайтæ, уæд сæ æнæууæнкитæмæ фæстæмæ мабал раздахетæ, уомæн æма уонæн уони хонун не ‘нгъезуй, уонæн ба уонæмæ лæгмæ цæун не ‘нгъезуй. Етæ,[1] киндздзæгтæбæл ци схарз кодтонцæ, уони син, цит, фæстæмæ раттетæ. Ируæд бафедгæй сæ ку ракорайтæ, уæд уæбæл тæрегъæдæй неци уодзæнæй. Уæхе ма бæттетæ æнæууæнкæ уостити хæццæ æма сæбæл ци схарз кодтайтæ ируæдбæл, уони фæстæмæ бадæметæ. Æма етæ[2] дæр, ци схарз кодтонцæ ируæдбæл, уони фæстæмæ бадæмæнтæ. Хуцауи тæрхон уотæ ‘й. Уе ‘хсæн Е рахæссуй тæрхон. Хуцау зонагæ æма сем æй.
11. Уæ уоститæй еске æнæууæнкитæй ескæмæ ку фæлледза, уæд уæбæл тугъдон тонау ку ‘руайа, уæд æй раттетæ, ке уоститæ фæллигъдæнцæ, уонæн, ируæдбæл ци схарз кодтонцæ, уой бæрцæ. Хуцауæй тæрсетæ, Кæцибæл æууæндетæ.
12. Уо пахампар! Урнæг силгоймæгтæ дæмæ ку ‘рбацæуонцæ, æма дин ард ку бахуæронцæ, ке нæ дætдзæнæнцæ æмбæлттæ Хуцауæн, ке нæ давдзæнæнцæ,

хъахбайдзийнадæ миутæ ке нæ кæндзæнæнцæ, сæ сувæллæнтти ке нæ мардзæнæнцæ, сæ къохтæ æма сæ къæхти æхсæн ци ес, уони дан-дунти буни ке нæ фæккæндзæнæнцæ æма хуарз гъуддæгтæ аразунбæл дин ке ангъос кæндзæнæнцæ, уони тухххæй, уæд син сæ соми райсæ æма син Хуцауæй хатир ракорæ. Уастæн, Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъæдгæнагæ ‘й.

13. Ка бауувæндтæй, етæ! Хуцау кæмæ рамæстгун æй, уони хæццæ ма лимæн кæнетæ. Етæ Фæстаг цардмæ æнгъæлдзаудзийнадæ фесафтонцæ, ингæни уæвгутæй ка нæ бауувæндтæй, етæ куд фесафтонцæ, уотæ.

61-аг сурæ
Рæнгъитæ
(ас-Сафф)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Уæлæрвти дæр ци ес, етæ, æма зæнхæбæл дæр ци ес, етæ табу кæнунцæ Хуцауæн. Е тухгин æма сем æй.
2. Ка бауувæндтæй, етæ! Æууæндгутæ! Цæмæн дзоретæ, ци нæ кæнетæ, уой тухххæй?
3. Хуцауæн æнæуинон æй, ци нæ кæнетæ, уобæл ке дзоретæ, ейæ.
4. Уастæн, Æ надбæл ин ка тох кæнуй рæнгъитæй, уони Хуцау уарзуй, цума федар азгъунст æнцæ, уоййау.
5. Мæнæ Муса æ адæнæн загъта: “Мæ адæн! Хуцауæй æрвист уæмæ ке дæн, уой зонгæй мин цæмæн зин кæнетæ?” Етæ ку фæффесинмæ ‘нцæ, уæдта син Хуцау сæ зæрдитæ рацибæл кодта. Æнаккаг адæни Хуцау раст надбæл нæ кæнуй.
6. Мæнæ Майрай фурт, Иса ба загъта: “Уо, Езрай фурттæ! Æз уæмæ Хуцауæй æрвист дæн, цæмæй, мæн размæ уæмæ Тори ци æрвист адтæй, уой бафедар кæнон, æма уин цæмæй минæвари тухххæй хуарз хабар фегъосун кæнон, кæци уæмæ æрцæудзæнæй мæн фæсте æма æ ном кæмæн хундзæнæй

Ахмæд”. Æма сæмæ е ку ‘рцудæй æцæг æвдесæнти хæццæ, уæдта етæ загътонцæ: “Е æцæг кæлæнтæ ‘нцæ”.

7. Исламмæ ‘й ку фæххонунцæ, уæд Хуцаубæл мæнгитæ ка æримисуй, уомæй æнаккагдæр ма ка уодзæнæй? Æнаккаг адæни Хуцау раст надбæл нæ хонуй.
8. Етæ сæ цъухтæй Хуцауи рохс ниххуссун кæнуйнаг æнцæ, фал Хуцау æ рохс багъæуай кæндзæнæй, е æнæууæнкитæн æнæуинон ку уа, уæддæр.
9. Е æй, Æ минæвари æцæг разамунд æма уацæг дини хæццæ Ка рарвиста, цæмæй æй иннæ динтæбæл исбæрзонд кæна, кæд еци гъуддаг муртактæн æнæуинон æй, уæддæр.
10. Ка бауууæндтæй, етæ! Ёбуалгъ гъезæмæрттæй уæ ка фæййерваезун кæна, миййаг, еци уайснайдæ уин байамонон?
11. Хуцау æма Æ минæварбæл æууæндетæ æма Хуцауи надбæл тох кæнетæ уæ мулк æма хуæздæр уодтæй. Сумах уой ку зониайтæ, уæд уин е хуæздæр æй.
12. Е уин уæ тæрегъæдтæ ниххатир кæндзæнæй æма уæ дзенети præзбунтæмæ бакæндзæнæй, кæцими уайунцæ цæугæдæнттæ, уæдта дзенети дзæхæрай цæрæнуæттæмæ. Е устур æнтæстдзийнадæ ‘й.
13. Ци ма уарзетæ, е дæр ма уодзæнæй: Хуцауæй æнхус æма хæстæг уæлахез. Æма хуарз хабар фегъосун кæнæ урнæг адæнæн!
14. Ка бауууæндтæй, етæ! Хуцауи æнхусгæнгутæ уотæ. Иса, Майрай фурт, амистолтæн куд загъта, уойййау: “Ка уодзæнæй ме ‘нхусгæнæг Хуцауи надбæл?” Амистолтæ дзуапп равардтонцæ: “Мах ан Хуцауи æнхусгæнгутæ”. Езрай фуртти еу хай бауууæндтæй, иннæ хай ба нæ бауууæндтæй. Ка бауууæндтæй, уонæмæ Мах фæккастан æзнæгти нихмæ тохи, æма етæ сæбæл фæууæлахез æнцæ.

62-аг сураæ

Æмбурд

(аль-Джумуа)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Уælærвти дæр ци ес, етæ, æма зæнхæбæл дæр ци ес, етæ табу кæнунцæ Хуцауæн – Бардар, Уацæ, Гъомусгин, Фастихадзийæн.
2. Е æй, ænахургонд адæнмæ се ‘хсæнæй минæвар Ка рарвиста. Е син Æ айаттæ аргъауй, искæдзос сæ кæнуй æма сæ ахур кæнуй Финстæгбæл æма зундбæл, уомæн æма етæ раздæр дзæгъæл адтæнцæ.
3. Уæдта, уони ка не ‘рæййафта, уонæмæ. Е тухгин æма сем æй.
4. Хуцауи хуæрзæнхæ уæхæн æй. Е, кæмæн æй фæндуй, уонæн лæвар кæнуй. Хуцау устур уодибæсти хецау æй.
5. Торæ кæбæл фæдзæхст адтæй, æма уой ка не ‘нхæст кодта, етæ, æ рагъбæл берæ киунугутæ ка хæссуй, уæхæн хæрæги хузæн æнцæ. Æма хуцауи æвдесæнтæ мæнгæбæл ка нимайуй, уæхæн адæни хæццæ рабарст куд илгъаг æй! Æнаккаг адæни Хуцау раст надбæл нæ хонуй.
6. Зæгъæ: “Уо, уераг дин хæсгутæ! Уотæ кæд æнгъæлетæ, æма адæни æхсæн æрмæст сумах айтæ Хуцауи уарзон, уæд уæхецæн мæлæт байагоретæ, кæд раст дзоретæ”.
7. Фал еци гъуддаг уони некæд бафæнддзæнæй, сæ къохтæ ци ‘рцæттæ кодтонцæ, уой тухxæй. Хуцауæн æнаккæгтæ зундгонд æнцæ.
8. Зæгъæ: “Сумах ци мæлæтæй ледзетæ, е уæ баййафдзæнæй, æма уой фæсте ба сосгъуддæгтæ дæр æма æргом гъуддæгтæ дæр Зонæгмæ раздæхдзёнёнцæ, æма уин Е фегъосун кæндзæнæй, ци кодтайтæ, уой”.
9. Ка бауувæндтæй, етæ! Майрæнбони намазмæ азан ку рагъæр киндæ уй, уæд Хуцауи ном ерунмæ уайетæ æма уайснайдæ, цит, ниууадзетæ. Сумах уой ку зониайтæ, ёма уин е хуæздæр ке æй!
10. Уæ намаз ку фæууа, уæдта фæххæлеу уотæ зæнхæбæл æма Хуцауи хуарзæнхæ агоретæ æма Ин Æ ном араех еретæ, - кайзонуй, æма æнтæстдзийнадæ иссердзинайтæ.
11. Фал етæ уайснайдæ æма гъазт ку рауидтонцæ, уæдта рахæлеу æнцæ, æма уордæмæ ниггулец кодтонцæ, еунæгæй дæ лæугæй ниууадзгæй майрæнбони аргъуди. Зæгъæ: “Хуцаумæ ци ес, етæ уайснайдæй дæр æма гъæзтитæй дæр

хуæздæр æй, æма Хуцау амонд дæтгутæй тæккæ хуæздæр æй”.

63-аг сураæ
Цоронтæ
(аль-Мунафихъун)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Цоронтæ дæмæ ку ‘рбацæунцæ, уæд фæззæгъунцæ: “Мах æууæндæн, ду Хуцауи минæвар ке дæ, уобæл”. Хуцау зонуй, ду æ минæвар ке дæ, æма дин Хуцау зонун кæнуй, и цоронтæ мæнгæттæ ке ‘нцæ, уой.
2. Етæ сæ сомитæй, куд уартæй, сæхе байерхæфсунцæ æма Хуцауи надæй фæккеунцæ. Уастæн, етæ ци кæнунцæ, е куд лиагъæ ‘й!
3. Е уомæн уотæ ‘й, æма етæ бауæндтæнцæ, уæдта бабæй æнæууæнкæ иссæнцæ. Уонæн сæ зæрдитæбæл мухур иваерд ес æма етæ уой тухxæй нæ лæдæрунцæ.
4. Уонæмæ ку кæсай, уæд дæ сæ гуриконд деси æфтаудзæнæй. Ку дзоронцæ, уæдта сæмæ нийгъосдзæнæ. Етæ бакъолæгонд гъæдти хузæн æнцæ. Алли гъæр дæр сæхе нихмæ фенгъæлунцæ. Етæ æзнæгтæ ‘нцæ, æма си дæхе хезæ. Хуцау сæ фесафа! Куд еуварс æнцæ, æдта, етæ æцæгдзийнадæй!
5. Уотæ син ку фæззæгъунцæ: “Æрбацотæ, цæмæй уин Хуцауи минæвар хатир ракора”, - етæ сæ сæртæ бателунцæ, æма фæууинис, уæлбекъонæй куд рахатунцæ сæхе.
6. Уонæн хатир ракорай кенæ ма ракорай – уæлдай син нæй. Хуцау син нæ ниххатир кæндзæнæй. Уастæн, гиаурти Хуцау æррæстæ надбæл нæ хонуй.
7. Æма етæ фæдздзорунцæ: “Хуцауи минæвари рази ка ‘й, уони пайдайæн закиат ма дæттетæ, цалдæн сæ етæ ниууадзонцæ, уæдмæ”. Хуцауи ‘нцæ арви æма зæнхи хæзнатæ, фал цоронтæ ба уой нæ зонунцæ.
8. Етæ фæззæгъунцæ: “Мединæмæ ку раздæхæн, уæд тухгиндæртæ, æнæмæнгæ, расордзæнæнцæ уордæгæй хомухти”. Тухгиндзийнадæ Хуцауи, Æ минæвари

æма урнæг адæни уæх æй, фал цоронтæ ба уой нæ зонунцæ.

9. Ка бауӕндтæй, етæ! Уæ мулк æма уæ сувæллæнттæ сумах ма хъор кæнæнтæ Хуцауи ном ерунæн. Уотæ ка кæнуй, етæ ба сæхецæн зæран æрхæсгутæ уодзæнæнцæ.
10. Мах уин цæмæй бахай кодтан, уомæй харз кæнетæ, цалдæн уæ мæлæти бон не ‘рхъæрта, уæдмæ, æма зæгъетæ: “Еунæхуцау! Рæстæгмæ æнгъуд мин раттæ, æма битир иуардзæнæн æма рæстæгтæй еу исуодзæнæн”.
11. Æ рæстæг ци уодæн æрхъæрттæй, уомæн Хуцау æмгъудергъæвд нæбал ратдзæнæй. Сумах ци кæнетæ, уой Хуцау зонуй.

64-аг сураæ
Кæрæдзей сайдт
(ат-Тагъабун)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Уæлæрвти дæр ци ес, етæ, æма зæнхæбæл дæр ци ес, етæ табу кæнунцæ Хуцауæн. Баргъондзийнадæ Уомæ ‘й æма Е æй намусаг. Е алцигъон дæр æй.
2. Е æй, сумах ка исфæлдиста, е. Уе ‘хсæн ес æнæууæнкитæ, уæдта уе ‘хсæн ес æууæнкитæ. Сумах ци кæнетæ, уой Хуцау уинуй.
3. Е уацæгадæй исфæлдиста уæлæрвтæ æма зæнхæ, уæдта сумахæн равардта фæлгонц æма уин уæ уиндæ искодта рæсугъд. Уомæ уодзæнæй фæстæмæ раздæхт.
4. Е зонуй, уæлæрвти дæр æма зæнхæбæл дæр ци ес, æма сумах ци римæхсетæ æма ци раргон кæнетæ, уони дæр зонуй. Хуцау зонуй, реуи ци ес, уой.
5. Гæр сумахбæл не ‘сæмбалдæнцæ, ка нæ бауӕндтæй сумах размæ, етæ сæ гъуддæгти зæрандзийнадæй куд исахустонцæ, уой хабæрттæ? Уонæн æбуалгъ гъезæмæрттæ цæттæгонд æй.
6. Е уой тухxæй, æма сæмæ минæвæрттæ ку ‘рбацæуиуонцæ æцæг æвдесæнти хæццæ, уæд уотæ ке фæззæгъиуонцæ: “Ædта нæ нур адæймæгутæ

хондзæнæнцæ раст надбæл?” Етæ нæ бауӕндтæнцæ æма сæхе рахадтонцæ. Хуцау æнæ уонæй дæр исарæхстæй, уомæн æма Хуцау гъæздуг æма фурдзитæ ‘й.

7. Æнæууæнкитæ уотæ ‘нгъæлунцæ, æма етæ нæуæгæй игасгонд не ‘рцæудзæнæнцæ. Зæгъæ: “Нæ фал, мæ Еунæхуцауæй ард хуæрун, сумах æнæмæнгæдæр æгасгонд æрцæудзинайтæ, уæдта уин æнæмæнгæ фегъосун киндæ уодзæнæй, ци исаразтайтæ, уой тухххæй. Е Хуцауæн æнцон æй”.
8. Æма Хуцаубæл, Æ минæварбæл æма Мах ке рарвистан, еци рохсбæл бауӕндетæ. Сумах ци кæнетæ, уой Хуцау зонуй.
9. Еци бон уæ Е æрæмбурд кæндзæнæй æмбурди Бони тухххæй. Е кæрæдзей сайæн бон уодзæнæй. Хуцаубæл ка бауӕндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн Е сæ фудмиутæ ниххатир кæндзæнæй æма сæ дзенети præзбунтæмæ бакæндзæнæй, кæцими уайунцæ цæугæдæнттæ. Етæ уоми уодзæнæнцæ æности. Е устур æнтæстдзийнадæ ‘й.
10. Ка нæ бауӕндтæй æма Не ‘вдесæнтæ мæнгæбæл ка нимадта, етæ ба зиндони амæттаг фæууодзæнæнцæ. Етæ уоми уодзæнæнцæ æности. Æма куд илгъаг æй еци бунат!
11. Æгас фидбилизтæ дæр Хуцауи фæндæй æрцæунцæ. Хуцаубæл ка бауӕндтæй, уой зæрдæ Е исивæруй æррæстæ надбæл. Хуцау алли гъуддаги тухххæй дæр зонуй.
12. Хуцауи коммæ кæсетæ æма кæсетæ минæвари коммæ. Æма сумах уæхе ку рахатайтæ, уæдта Нæ минæварбæл æрмæст æргомæги тухххæй фегъосун кæнуни ихæс ес.
13. Хуцау – нæййес æндæр хуцау, Уомæй фæстæмæ.
14. Ка бауӕндтæй, етæ! Уастæн, уæ уоститæ æма уæ сувæллæнтти ‘хсæн уин æзнæгтæ ес. Уæхе си хезетæ. Барагæ æма хæларзæрдæ ку разиннайтæ æма син ку ниххатир кæнайтæ, уæдта Хуцау барагæ æма уодибæстгун ку æй.
15. Уастæн, уæ мулк æма уæ сувæллæнттæ цибæйлаг æнцæ сумахæн. Хуцаумæ ба устур хуæрзеуæг ес.
16. Уæ бон куд æй, уотæ Хуцауæй тæрсетæ, игъосетæ, уесæн кæнетæ æма уæхе

хуарздзийнадæн харз кæнетæ. Æ кæрæфдзийнадæй æхе ка багъæуай кодта, етæ ба æнтæстгин æнцæ.

17. Сумах ад ку раттайтæ Хуцауæн рæсугъд æфстау, уæд уин æй Е фæффулдæр кæндзæнæй æма уин ниххатир кæндзæнæй. Хуцау уездон æма уалгæдзон æй,
18. сосгъуддæгтæ æма æргом гъуддæгтæ Зонæг, Тухгин æма Сем.

65-аг сурæ

Толахъ

(ат-Талахъ)[1]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Уо, пахампар! Уæ уоститæн толахъ ку дæттайтæ, уæд рахецæн уотæ, цит, æнгъуд рæстæгмæ, и рæстæг нимайгæй, æма тæрсетæ Хуцауæй, уæ Тубаййæй. Сæ хæдзæрттæй сæ ма тæретæ[2], æма уордæгæй цæугæ дæр ма ракæнæнтæ, кæд бæлвурдæй ести илгъаг миуæ[3] нæ бакодтонцæ, уæд. Уæхæн æнцæ Хуцауи арæнæвæрдтæ. Хуцауи арæнæвæрдбæл ка рахезуй, е æнаккагдзийнадæ искæнуй æхецæн. Ду, æвæдзи, уой нæ зонис, æма уой фæсте Хуцау æндæр унаффæ рахæсдзæнæй.
2. Уонæн се ‘нгъуд рæстæг ку ‘рхъæрта, уæдта сæ кенæ уæ хæццæ ниууагътæ хуæрзбæл, кенæ ба сæ хуæрзбæл рауадзетæ. Уе ‘хсæнæй дууæ раст лæгемæ æвдесæндараей фæдздзоретæ æма Хуцауи хатираей æвдесæндартæ уотæ. Хуцаубæл æма Фæстаг бонбæл ка ‘ууæндуй, уонæн уомæй игъосунгонд цæуй. Хуцауæй ка тæрсуй, уонæн исаразуй и уаваераей рацæуни равгæ
3. æма ин, æхуæдæг кæцæй нæ хеза, уордæгæй амонди хай бакæнуй. Хуцаубæл æхе ка фæдзæхсуй, уомæн Е фагæ ‘й. Хуцау Æ гъуддаг кæронмæ бахъæртун кæнуй. Алли гъуддагæн дæр Хуцау бæрцæ исивардта.
4. Уæ силгоймæгтæй, мæйонтæ кæмæн фæцæнцæ – кæд дузæрдуг кæнетæ, уæд толахъæн се ‘нгъуд рæстæг – æртæ мæйи, мæйонтæ кæмæ нæма адтæй, уони хæццæ æнхузæн рæстæг. Сувæргинтæн ба æнгъуд лæвæрд цæуй, цалдæн етæ

нæ нийеронцæ, уæди уæнгæ. Хуцауæй ка тæрсуй, уонæн Е сæ гъуддæгтæ фенцондæр кæнуй.

5. Хуцау сумахæн ци фæдзæхст æрæрвиста, Е уæхæн æй. Хуцауæй ка тæрсуй, уомæн Е æ фудмиутæ ниххатир кæндзæнæй æма ин æ хуæрзеуæг ба фæффулдæр кæндзæнæй.
6. Уæхуæдтæ кæми цæретæ, уоми сæ, цит, æрцæрун кæнетæ, уæ хъæртондзийнадæмæ гæсгæ. Зæрандзийнадæй син маци æрхæссетæ, фæуунгæг сæ кæнунвæндæй. Сувæргин ку уонцæ, уæд сæ даретæ, цалдæн нæ нийеронцæ. Сумахæн ку хæссонцæ, сæ реу даргæй, уæдта син, цит, хæссæггаг бафедетæ æма кæрæдзей хæццæ, цит, хуæрзбæл бадзубанди кæнетæ. Кæрæдземæй гъигæ ку кæнайтæ, уæдта æндæр силгоймаг уин æй исхæссæд[4].
7. Фагæ цийес кæмæ уа, е æ цийесæй, æ хъæртондзийнадæмæ гæсгæ, харз кæнæд. Ænæхъæртон ка уа, е ба, Хуцау ин ци исаккаг кодта, уомæй харз кæнæд. Адæймагæн Хуцау ци равардта, уомæй фулдæр ихæс ибæл не ‘вæруй. Унгæгдзийнади фæсте Хуцау æнцондзийнадæ раттуй.
8. Цæйбæрцæ горæттæ нæ байгъустонцæ сæ Еунæхуцау æма Æ минæвари фæндонмæ! Мах си бадæндтан карз дзуапп æма сæ æбуалгъ гъезæмæртти буни фæккодтан.
9. Етæ сæхе лиагъæ гъуддæгти фæстеугутæ исахустонцæ, æма сæ гъуддæгти фæрæзнæ зæрангонд разиндтæй.
10. Хуцау син æбуалгъ гъезæмæрттæ æрцæттæ кодта. Æма, зунд кæмæ ес, ка бауунæндтæй, етæ Хуцауæй тæрсёнтæ. Хуцау уин уæ зæрдæбæл æрлæуунæн раги рарвиста
11. минæвар, кæци уин Хуцауи сугъдæг айаттæ аргъауй, цæмæй, ка бауунæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уони тарæй рохсмæ ракæна. Хуцаубæл ка бауунæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уони Хуцау дзенети рæзбунтæмæ бакæндзæнæй, кæми цæугædæнттæ уайуй. Уоми етæ æности уодзæнæнцæ. Сæ амонд син Хуцау хъæбæр рæсугъд исаразта!
12. Хуцау æй, авд уæларви æма еу уойбæрцæ зæнхитæ Ка исфæлдиста, Е. Уонæн

се ‘хсæн нирвистæ уй фæдзæхст, цæмæй уой зонайтæ, æма Хуцауи бон алли гъуддаг дæр æй, æма Хуцау Æ зонундзийнадæй алли гъуддагбæл дæр хъæртуй.

66-аг сураæ
Тобæ
(ат-Тахрим)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Уо, пахампар! Хуцау дин ци бауагъта, уой дæхецæн цæмæ тобæ кæнис, дæ уостити зæрдæ балхæнунмæ гъавгæй? Хуцау барагæ, хатиргæнагæ ‘й.
2. Хуцау уин, уæ сомийæй уæхе исуæгъдæ кæнуни тухххæй, исивардта фæткæ. Хуцау уæ ауодæг æй. Е зонагæ æма сем æй.
3. Мæнæ пахампар æ уоститæй еуемæн сосæг гъуддаг радзурдта. Æма и уосæ уой ку рахабар кодта, æма ин æй Хуцау ку раргом кодта, уæд ин е æ еу хай базонун кодта, е ‘ннæ хай ба басосæг кодта. И уосæ загъта: “Ка дин æй загъта уой?” Е загъта: “Мæнæн æй фегъосун кодта Зонагæ, Зонæнгин”.
4. Уæ зæрдитæ ку фæффесинмæ ‘нцæ, æма уин цæмæннæ ба æнгъезуй уобæл Хуцауи размæ басæттун. Сумах уой[1] нихмæ кæрæдземæн ку ангъос кæнайтæ, уæдта уомæн Хуцау ку ангъос кæнуй, æма ин Джæбрæил æма рæстаг урнæгутæ ба æ лимæнтæ ку ‘нцæ. Уой хæццæ ба ма ин изæдтæ дæр ку ангъос кæнунцæ.
5. Е уæ хæццæ ку рахецæн уа, уæд ин æ Еунæхуцау сумах раййевдзæнæй, сумахæй хуæздæр уоститæй, кæцитæ уодзæнæнцæ пусулмон, урнæг, коммæгæс, уесæг, ковæг, комдарæг – куд лæгмæ ка адтæй, уотæ æдæйнаг кизгуттæй дæр.
6. Ка баууæндтæй, етæ! Уæхе дæр æма уæ бийнонтæ дæр артæй хезетæ, кæций æндзарæнтæ адæн æма дортæ уодзæнæнцæ. Уæ сæрмæ ес артуд æма хъаурæгин изæдтæ. Етæ Хуцауи фæндони сæгъти нæ рахезунцæ æма син ци

ихæс бакиндæ уй, уой æнхæст кæнунцæ.

7. “Ка бауӕндтæй, етæ! Абони уæхе ма раст кæнтæ. Сумахæн хадт цæуй, æрмæст ци бакодтайтæ, уой тухӕй”.[2]
8. Ка бауӕндтæй, етæ! Хуцауи размæ уæ рæдудтитæбæл зæрдегенæй, цит, басæттетæ! Кайзонуй, æма уин уæ Еунæхуцау уæ фудмиутæ ниххатир кæндзæнæй æма уæ дзенети рæзбунтæмæ бакæндзæнæй, кæцими уайунцæ цæугæдæнттæ, пахампар æма æ хæццæ ка бауӕндтæй, уони Хуцау ци бон нæ фæггириззаг кæндзæнæй, еци бон. Уонæн сæ рохс тæмæнтæ калдзæнæй рахесæрдигæй дæр. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Нæ Еунæхуцау! Ниххатир нин кæнæ æма нин фагæ рохс раттæ. Уастæн, Ду алцигъон дæр дæ”.
9. Уо, пахампар! Æнæууæнкитæ æма цоронти хæццæ тохæ æма сæмё карзæй лæууæ. Уони цæрæнуат зиндонæ уодзæнæй. Æма куд илгъаг рауæн æй е!
10. Æнæууæнкити тухӕй Хуцау дæнцæнæн æрхаста Нохи уоси æма Лоти уоси. Сæ дууæ дæр лæгтæмæ адтæнцæ Нæ рæстаг цагъарти хигъдæй. Етæ сæ лæгтæбæл гадзирахаттæй рацудæнцæ, æма сæ уони бон Хуцауæй фæййервæзун кæнун не ‘ссæй. Уонæн загъд адтæй: “Артмё бацотæ, уордæмæ ка цæуй, уони хæццæ”.
11. Æууæнкити тухӕй Хуцау дæнцæнæн æрхаста Фёрёони уоси. Мæнæ е загъта: “Еунæхуцау! Фæммæ ервæзун кæнæ Фёрёонæй æма æ миутæй! Дæ рази мин дзенети исаразæ хæдзарæ æма мæ æнаккаг адæнæй фæййервæзун кæнæ!”
12. Уædта Имрани кизгæ Майрай тухӕй, кæци æ кизгон кæдзосдзийнадæ багъæуай кодта, æма ‘ймæ Мах бауагътан Нæ Уодæй. Е бауӕндтæй Æ Еунæхуцауи Дзурдтæбæл æма Æ Финстæгтæбæл, æма коммæгæсгутæйдæр еу адтæй.

67-аг сураæ
Баргъондзийнадæ
(аль-Мульк)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Фæрнгун æй Е, баргъондзийнадæ Ке къохи ‘й, алцигъон Ка ‘й,
2. Мælæт æма цард Ка исфælдиста, цæмæй уæ, ке уи гъуддæгтæ разиндзæнæнцæ хуæздæр, уой бавзара æма фæууина, Е тухгин æма барагæ ‘й.
3. Е исаразта авд уæларви, еу инней сæрмæ. Уодибæстгуни фælдесæни нециаваер ænæсæрфатдзийнадæ фæууиндзинайтæ. Еу ма хатт æркæсетæ. Ести æрхъез си, мийяаг, уинис?
4. Уой фæсте ба ма еу æма еу хатт æркæсæ, æма дæ цæстингас дæмæ къæндзæстугæй, фælладæй раздæхдзæнæй.
5. Уастæн, хæстæгдæр арв Мах исрæсугъд кодтан цирæгътæй æма сæ исæвардтан ибилистæбæл æхсунæн. Уонæн Мах æрцæттæ кодтан арти хурфи гъезæмæрттæ.
6. Ка нæ бауудæндтæй æ Еунæхуцаубæл, уонæн ба зиндони гъезæмæрттæ цæттæгонд æнцæ. Æма куд илгъаг æй еци рауæн!
7. Уордæмæ сæ ку ниггæлдзонцæ, уæд фегъосдзæнæнцæ, е ку ферайуй, уæд куд ниббогъбогъ кæнуй, уой.
8. Æ фур мæстæй ратонуйнаг æй е. Уордæмæ æрдонгтæ ку гæлдзонцæ адæни, уæд сæ æ гъæуайгæстæ аллихатт дæр, цит, фæрсдзæнæнцæ: “Мийяаг уæмæ хе бахезуни туххæй игъосунгæнæг не ‘рбацудæй?”
9. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Гъо, хе бахезуни туххæй нæмæ игъосунгæнæг бæргæ æрбацудæй, фал æй мах мæнгæбæл банимадтан æма загътан: “Хуцау бæргæ неци æрæрвиста, фал сумах ба устур рæдуди амæттаг айтæ””.
10. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Нур мах ку байгъустайяанæ æма ку расагъæс кодтайяанæ, уæд арти амæттæгтæ нæ фæцайяанæ”.
11. Етæ сæ тæрегъædтæбæл сæттунцæ. Рандæ уотæ, арти амæттæгтæ!
12. Уастæн, æ цæстæй Æй нæ фæууингæй Хуцауæй ка тæрсуй, уонæн хатирдзийнадæ æма устур хуæрзеуæг цæттæгонд æй.
13. Уæ дзубандитæ сосæг кæнетæ æви сæ гъæрæй дзоретæ, е уотемæй дæр

зонуй, сумахæн уæ реуи ци ес, уой.

14. Ædта нур, Ка исфæлдиста, уædта уинагæ æма зонæгæ уогæй, Е уой нæ зондзæнæй?
15. Е, сумахæн зæнхæ коммæгæс ка искодта, Е ёй. Æма хæтетæ дуйнебæл æма ахуадетæ Æ амондæй, уædта Уомæ раздæхдзинайтæ исæндизти фæсте.
16. Ædта нур сумах уотæ æнгъæлетæ, æма уæларв Ка ‘й, Е сумах нæ ранихъуæрун кæндзæнæй зæнхæн? Æма уæд е ку нинкъусдзæнæй.
17. Ædта нур сумах уотæ æнгъæлетæ, æма уæларв Ка ‘й, Е уæбæл дорин бурдæн нæ рарветдзæнæй? Тагъд базондзинайтæ, Мæ рагфæдзæхст цæхуæн æй, уой!
18. Уонæн сæ размæ цæргутæ уой мæнгæбæл банимадтонцæ. Æма цæхуæн адтæй Ме ‘ргомгонд!
19. Ædта нур етæ сæ сæрмæ нæ уинунцæ, кæцитæ сæ базуртæ райтиндзунцæ, уædта сæ байеу кæнунцæ? Уодибæстгунæй фæстæмæ сæ неке уорамуй. Уастæн, Е алли гъуддаг дæр уинуй.
20. Сумахæн уе ‘фсад исун æма уин фæййангъос кæнун ке бон æй æнæ Уодибæстгуни æнхусæй? Уастæн, æнæууæнкитæ цибæлгонд æнцæ!
21. Ке бон уин æй амонд раттун, Е уин ку нæбал хай кæна Æ амондæй, уæд? Фал етæ ба уæддæр æнæнвæрсон миутæ кæнунцæ æма раледзунцæ.
22. Æма растдæр надбæл ка цæуй: æ сæр æруадзгæй дзæгъæлхæтæг æви сæрбæрзондæй æррæстæ надбæл цæуæг?
23. Зæгъæ: “Е æй, сумах Ка исфæлдиста æма ин игъосундзийнадæ, уædта уинундзийнадæ æма зæрдитæ Ка равардта, е!”
24. Зæгъæ: “Е æй, сумах Ка æрцæрун кодта зæнхи цъарæбæл алли рауæнти, æма Уомæ æмбурдгонд уодзинайтæ”.
25. Етæ фæззæгъунцё: “Кæд æрхъæртдзæнæй байвæрзт, кæд раст дзоретæ, уæд?”
26. Зæгъæ: “Уой тухxæй зонундзийнадæ Хуцаумæ æй, æз ба ædеугурæй игъосунгæнæг æма лædæрунгæнæг федеуæг дæн”.
27. Етæ уой[1] ку фæууинонцæ сæхемæ хæстæгæй, уæд æнæууæнкити цæсгæнттæ фенкъард уодзæнæнцæ, æма син уæд зæгъдзæнæнцæ: “Мæнæ уин, цæмæ седтайтæ, е!”

28. Зæгъæ: “Куд æнгъæл айтæ: Хуцау мæн дæр æма мæ хæццæ ка ес, уони дæр ку фесафа, кенæ ниххатир кæна, уæд æбуалгъ гъезæмæрттæй ка багъæуай кæндзæнæй æнæууæнкити?”
29. Зæгъæ: “Е Уодибæстгун æй! Мах Ибæл бауу æндтан æма æрмæст Уобæл нæхе фæдзæхсæн, æма сумах базондзинайтæ, æцæгæй ка рæдуйуй, уой”.
30. Зæгъæ: “Куд æнгъæл айтæ: нур уæ дон зæнхи бунмæ ку рандæ уа, уæд уин сауæдонæ ка балæвар кæндзёнёй?”

68-аг сураæ

Пъеро

(аль-Хъæлам)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. *Нун*. Ард хуæрун пъеро æма цæмæйдæриддæр финсунцæ, уомæй!
2. Дæ Еунæхуцауи фæрци ду хæдздзегун нæ дæ.
3. Уастæн, дæ хуæрзеуæг æнæфæудæ æй[1].
4. Уастæн, дæ уодиконд хуæрзуагæ ‘й.
5. Ду дæр фæууиндзæнæ, æма етæ дæр фæууиндзæнæнцæ,
6. сæнтдзæф уи ка ‘й, уой.
7. Æ надæй ка рахизтæй, уæдта надбæл æррæстæ ка цæуй, уони дæ Еунæхуцау хуæздæр зонуй.
8. Уомæ гæсгæ ба мæнгæттæбæл ка азун кæнуй, уони коммæ ма кæсæ!
9. Уони бæргæ фæндадтайдæ, цæмæй ду лигъздæр уай, æма уæд етæ дæр лигъздæр адтайуонцæ.
10. Коммæ ма кæсæ цифæнди сомитæ уарзæгмæ, илгъагмæ,
11. федисгæнæгмæ, дан-дунтæ хæссæгмæ,
12. хуарздзийнадæ исаразунбæл ауæрдæгмæ, æнаккагмæ, тæрегъæдгунмæ,
13. залунмæ, уой хæццæ ба ма къолдохмæ,
14. цифæнди гъæздуг ку уа, æма ин фурттæ дёр ма ку уа, уæддæр.

15. Нæ айаттæ ин ку фæййаргъаунцæ, уæд е фæззæгъуй: “Рагон адæни аргъæуттæ!”
16. Мах ин бандадздзинан æ фий.
17. Уастæн, уотæ ци рæзбуни хецæуттæ расоми кодтонцæ, æма тæккæ сæумæ сæ[2] етæ æртондзæнæнцæ, зæгъгæ, – етæ фæлвæрд куд æрцудæнцæ, уониау сæ мах дæр бафæлвардтан,
18. фал развæлгъау ба Хуцауи кой не скодтонцæ[3].
19. Æхсæвæ ба, цалдæн хусгæ кодтонцæ, уæдмæ син сæ рæзбун Хуцауи азар бакайдта.
20. Сæумæмæ и рæзбун тар æхсæви хузæн адтæй[4].
21. Бонивайæнти ба кæрæдземæ гъæр кæнун райдæдтонцæ:
22. “Цотæ уæ хумтæмæ, кæд уæ рæзæ æртонун фæндуй, уæд!”
23. Етæ рандæ ‘нцæ уордæмæ, къускъусгæнгæй дзубанди кæнгæ:
24. “Абони уæхемæ мæгурти ма бауадзетæ”.
25. Етæ федарвæндæй цудæнцæ æма уотæ æнгъæл адтæнцæ, æма сæмæ фагæ хъаурæ ес.
26. Æма æй ку рауидтонцæ, уæдта загътонцæ: “Мах и надбæл фæррæдудан!
27. Нæ-æ! Мах си фенæхай ан”.
28. Уонæй сæ хуæздæр ба загъта: “Мийяг уин æз нæ дзурдтон, æма Хуцауæн истабу кæнун гъудæй?”
29. Етæ загътонцæ: “Нæ Еунæхуцау сугъдæг æй! Мах раст нæ адтан”.
30. Етæ кæрæдземæн уайдзæфтæ кæнун райдæдтонцæ
31. æма загътонцæ: “Додой! Ци ‘нгъезуй, уой арæнтæбæл рахизтан.
32. Кайзонуй, æма нин Хуцау уой бæсти æндæр ести хуæздæр ратдзæнæй. Уастæн, мах нæ Еунæхуцаумæ нæхе хатæн”.
33. Сæ гъезæмæрттæ уæхæн адтæнцæ, Фæстаг царди гъезæмæрттæ ба никки æбуалгъдæр уодзæнæнцæ! Етæ нур уой ку зониуонцæ!
34. Уастæн, хуцаудастæн сæ Еунæхуцаумæ идзæлæн рæзбунтæ цæттæгонд æнцæ.
35. Æдта нур Мах пусулмæнтти тæрегъæдгунти хæццæ рабардзинан?

36.Ци кænетæ? Куд тærхон кænетæ?

37.Æви уæмæ Финстæг ес, кæцимæй сумах базудтайтæ:

38.уоми ци равзарайтæ, е уин си уодзæнæй?

39.Æви уæмæ Нæ сомитæ ес, кæцитæ байзайдзæнæнцæ исæндедзæн бони уалдæнгæ, ци истærхон кænайтæ, е уæмæ ке уодзæнæй, уой тухxæй?

40.Бафæрсай сæ, цума си еске уой тухxæй бавдесæн кæндзæнæй?

41.Æви син æмбæлттæ ес? Æма кæд раст дзорунцæ, уæд се ‘мбæлтти æрбакænæнтæ!

42.Хуцауи зæнгæ ци бон байгон уа, еци бон æркъолæ кænунмæ фæсседдзæнæнцæ, фал уони бон уой бакænун не суодзæнæй.

43.Сæ цæстингас æруадздзæнæнцæ, æма сæ ходтуйнаг бамбæрздзæнæй. Æма етæ ма цардæгас ку адтæнцæ, уæди рæстæг сæмæ бæргæ седтæнцæ сæхе æркъолæ кænунмæ.

44.Æма Мæ уадзæ, аци уац мæнгæбæл ка нимайуй, уони хæццæ. Мах сæ уотæ æрбасайдзинан, æма ‘й етæ лædæргæ дæр нæ бакæндзæнæнцæ.

45.Æз син æнгъуд рæстæг раттун, уомæн æма Мæн налатдзийнадæ федар æй.

46.Æви си ду æндерæггаг корис, æма етæ ба бадзурдæй баст æнцæ?

47.Æви уонæмæ сосæг гъуддæгти зонундзийнадæ ес æма ‘й финсгæ дæр кænунцæ?

48.Æма бабухсæ дæ Еунæхуцауи фæндондзийнади рахастмæ, æма кæсалги хурфи гъæрæй кæци адæймаг искувта[5], е ‘рхундзийнадæ уорамгæй, уоййау ма уо.

49.Уобæл æ Еунæхуцауи хуарзæнхæ ку не ‘сæмбалдайдæ, уæд итигъд рауæнмæ рахаудтайдæ фæхходуйнаггондæй.

50.Фал æй ё Еунæхуцау равзурста æма ‘й рæстæгтæй еу искодта.

51.Уастæн, æнæууæнкитæ дæ сæ цæстингасæй цæттæ ‘нцæ фæггурун кænун, Уосиати тухxæй ку райгъосунцæ, уæд, æма фæззæгъунцæ: “Уастæн, е хæдздзегун æй!”

52.Фал е[6] дуйнетæн зæрдæбæл дарæнæй уæлдай æндæр неци ‘й.

69-аг сураæ

Карнæ

(аль-Хахъхъæ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Æнæмæнгæ æрцæуйнаг![1]
2. Ци ‘й æнæмæнгæ æрцæуйнаг[2]?
3. Кæцæй æй гъæуама зудтайсæ, æнæмæнгæ æрцæуйнаг ци ‘й?
4. Самудиантæ æма адиттæ Устур бæллæх мæнгæ æнгъалдтонцæ.
5. Самудиантæ исæфт æрцудæнцæ цъæх нæгæй.
6. Адиттæ ба исæфт æрцудæнцæ гъизт, агъуд дунгæй.
7. Е æй уонæбæл думун кодта авд æхсæви æма аст боней æндæргъци æнæскуйгæ, æма ду дæр фæууидтайсæ, пъурагонд пальми къадотæ куд ракалдæнцæ, уоййау калд куд фæцæнцæ, уой.
8. Æма уонæй ести байзайгæ ма уинис?
9. Фёрёон, æ развæд, етæ, уæдта исæфт ци гъæутæ[3] æрцудæнцæ, етæ тæрегъæдтæ æрхастонцæ.
10. Етæ нæ байгъустонцæ сæ Еунæхуцауи минæварбæл, æма сæ Е уæлеуæггæнæг хуæстæй æрахæста.
11. Дон ку райвулдæй, уæдта уæ Мах ковчеги байефхастан,
12. цæмæй уин е зæрдæбæл дарæнæн иссайдæ æма ‘й багъудигæнæг гъос багъуди кодтайдæ, уой туххӑй.
13. Сиуæй еунæг хатт ку ниууасонцæ
14. æма зæнхæ дæр, хуæнхтæ дæр ку исистонцæ æма фунук ку фестонцæ еунæг хаттæн,
15. уæд еци бон æрцæудзæнæй устур цау.
16. Арв рафæддзæнæй, уомæн æма еци бон е тæлæссон уодзæнæй.
17. Изæдтæ лæудзæнæнцæ æ фалгæрон, æма си астемæй сæ сæрмæ рахæсдзæнæнцæ дæ Еунæхуцауи трон.

18. Еци бон ærлæудзинайтæ, æма уæ еунæг сосгъуддаг дæр римæхст не ‘рцæудзæнæй.
19. Æ киунугæ рахес къохмæ лæвæрд кæмæн ærцæуа[4], е зæгъдзæнæй: “Мæнæ уин! Аргъауетæ мæ киунугæ!
20. Æз æууæндтæн, дзуапп ми ке байагурдæ уодзæнæй, уобæл”.
21. Уомæн æхсидзгон цард уодзæнæй
22. бæрзонд рæзбуни,
23. кæцими рæзæ ниллæг ærзæболæ унцæ.
24. Евгъуд бæнтти ци исаразтайтæ, уой тухxæй хуæретæ æма ниуазетæ цæрæнбонтæбæл!
25. Æ галеу къохмæ лæвæрд кæмæн ærцæуа[5] киунугæ, е ба зæгъдзæнæй: “Фæлтау мин ку нæ равардтайуонцæ мæ киунугæ!
26. Уæд нæ зудтайнæ, циуавæр уодзæнæй мæ федтон!
27. Уой бæсти ба ælцæй кæрон ку фæцайдæ!
28. Мæ гъæздугдзийнадæ мин нæ фæййагъаз æй!
29. Мæ баргъондзийнадæ фесафтон!”
30. Хуæцетæ ‘йбæл æма ‘й исбæттетæ,
31. уой фæсте ба ‘й зиндонæмæ багæлдзетæ
32. æма ‘й авд цæнгæрийни æндæргъцæ рæхисбæл бацæветæ!
33. Е не ‘ууæндтæй Устур Хуцаубæл
34. æма мæгурти бафсадунмæ нæ седтæй.
35. Абони ами уомæн уарзон хæстæг нæййес,
36. æма ин, тогин хæфæй æндæр, ами хуæруйнаг нæййес.
37. Уой æрмæст тæрегъæдгунтæ хуæрунцæ.
38. Гъо! Ци уинетæ, уомæй уин ард хуæрун,
39. уæдта ци нæ уинетæ, уомæй дæр!
40. Етæ уездон минæвари[6] дзурдтæ ‘нцæ.
41. Етæ поэти дзурдтæ нæ ‘нцæ. Æдта куд минкъий æууæндетæ!
42. Етæ хæдздзегуни дзурдтæ нæ ‘нцæ. Æдта куд минкъий имисетæ фæдзæхститæ!

43. Етæ дуйнети Паддзахи Æрвистæг æй.
44. Е Нæбæл ести дзурдтæ ма ку бафинстайдæ,
45. уæд ин Мах æ рахес къохбæл фæххуæстаййанæ,
46. уæдта ин æ зæрди тогдадзин фæллух кодтаййанæ,
47. æма уи неке бон иссайдæ уой фæййервæзун кæнун.
48. Уастæн, е Хуцауæй тæрсгутæн зæрдæбæл даræн æй.
49. Махæн зундгонд æй, уой мæнгæбæл нимайгутæ ке ес уе ‘хсæн.
50. Уастæн, е додоййаг æй ænæууæнкитæн.
51. Уастæн, е æцæг уацæгадæ ‘й.
52. Æма дæ Устур Еунæхуцауи номæн табу кæнæ!

70-аг сураæ

Къæпхæнтæ

(аль-Ма’аридж)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Корæг курдта гъезæмæрттæ, кæцитæ баййафунцæ
2. ænæууæнкити. Уони неке бон исуодзæнæй райеуварс кæнун
3. Хуцауи æвæндæй, къæпхæнти Бардараæй.
4. Изæдтæ æма ‘Ймæ Мон[1] исцæунцæ, фæндзай мин анзей бæрцæ ка ‘й, уæхæн бони ændæргъци.
5. Æма хуæрз уалгæдзондзийнадæ равдесæ.
6. Етæ ‘й изол æнгъæлунцæ.
7. Мах ба ‘й, хæстæг ке ‘й, уой уинæн.
8. Арв ци бон феста тад æфсæйнагау,
9. хуæнхтæ ба цъоппи хузæн ку фестонцæ,
10. уæд хæстæг хæстæги нæбал фæрститæ кæндзæнæй,
11. кæд кæрæдзей уиндзæнæнцæ, уæддæр. Тæрегъæдгуни бæргæ бафæнддзæнæй и гъезæмæрттæй æхе балхæнун æ фурттæй,

12. æ уосæй æма е ‘нсувæрæй,
13. æ муггагæй, кæци ‘й римахста,
14. уæдта зæнхи цъарæбæл æгас цæргутæй дæр, цæмæй уой фæсте ба фæййервæза, уой туххæй.
15. Фал куд нæ! Е зиндони арт æй,
16. сæри цъарæ æстъегъæг,
17. æ фæссонтæ ка рахадта æма разилдæй, уонæмæ дзорæг,
18. фæстауæрцæ æма римæхсгæ ка кодта, ейæ.
19. Уастæн, адæймаг нæрæмонæй фæлдист æй,
20. Фидбилиз ибæл ку бандзæвуй, уæд – фудæнцойнæ,
21. æма ‘йбæл хуарздзийнадæ ку исæмбæлуй, уæдта къинди фæууй.
22. Е ковгутæмæ нæ хауй,
23. кæцитæ æппунæдзохдæр сæ намаз æнхæст кæнунцæ,
24. кæцитæ сæ мулкæй зунгонд хай раттунцæ,
25. коргутæн дæр æма гъæуагæдзийнадæ ка ‘ййафуй, уонæн дæр,
26. кæцитæ федтони Бонбæл æууæндунцæ,
27. æма æ Еунæхуцауæй лæвæрд гъезæмæрттæй тæрсунцæ,
28. уомæн æма сæ Еунæхуцауæй лæвæрд гъезæмæрттæ æдас нæ ‘нцæ,
29. уæдта се ‘рдон байуантæ ка гъæуай кæнуй,
30. сæ цæстæ кæбæл æривардтонцæ, уой туххæй бафауйнаг ке туххæй нæ уонцæ, æрмæст еци уоститæн æма хъумайæгтæн,
31. уой уæлæнхас ма ке зæрдæ ести базæгъа, е ба æнаккæгтæй уодзæнæй.
32. Уæдта сæбæл ци баууæндæ ‘й, уони, уæдта бадзурдтæ ка æнхæст кæнуй,
33. уæдта се ‘вдесæндзийнади федар ка ‘й
34. æма сæ намаз ка гъæуай кæнуй,
35. уонæн дзенети рæзбунти цитæ конд æрцæудзæнæй.
36. Ци бауодзæнцæ, ка нæ баууæндтæй æма дæ разæй ка ледзуй
37. рахесæрдигæй дæр æма галеуæрдигæй дæр дзугуртæй?
38. Ædта нур уонæй алкедæр уомæ æнгъæлдзау æй, æма ‘й идзæлæн рæзбунмæ базондзæнæнцæ?

39. Нæ-æ! Мах сæ исфæлдистан, уонæн сæхецæн зундгонд ци ‘й, уомæй.
40. Искæсæн æма нигулæни Бардараей ард хуæрун! Мах бон сæ æй
41. хуæздæртæй раййевун, æма Махбæл неке фæууæлиау уодзæнæй.
42. Æма сæ уадзæ дзæгъæлдзорæ гæнгæ æма сæхе исæрхгæ, цалдæн, ци бон син иваерзт æй, уобæл не ‘сæмбæлонцæ, уæдмæ.
43. Еци бон ба етæ тагъд-тагъдæй рацæудзæнæнцæ сæ ингæнтæй, цума евгæрдæнтæмæ нийарæцæн уодзæнæнцæ, уой хузонау.
44. Сæ цæстæнгас фæкъкъæндзæстуг уодзæнæй, æма сæ æгадæдзийнадæ бамбæрздзæнæй. Е уодзæнæй, ци бон син иваерзт адтæй, ейæ!

71-аг сураæ

Нох

(Нух)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Нохи Мах рарвистан æ адæнмæ: “Цалдæн æбуалгъ гъезæмæртти амæттаг нæ фæцæнцæ, уæдмæ дæ адæни багъæуай кæнæ”.
2. Е загъта: “Мæ адæн! Уастæн, æз уæмæ хе бахезуни тухxæй æма лæдæрун кæнуни тухxæй игъосунгæнæг æрбацудтæн.
3. Хуцаумæ коветæ, тæрсетæ ‘Й æма ИН Æ коммæ кæсетæ!
4. Е уин уæ тæрегъæдтæ ниххатир кæндзæнæй æма уин æнгъудгонд рæстæгмæ æмгъудергъæвд скæндзæнæй. Уастæн, Хуцауи лæвæрд рæстæг ку ‘рхъæртуй, уæд е ергъæвд нæбал æрцæуй. Нур уой ку зониайтæ!”
5. Е загъта: “Еунæхуцау! Мæ адæнмæ æхсæвæй дæр æма бонæй дæр седтæн,
6. Фал мæ уадзæфтауæ син æрмæст сæ лигъд фæттагъддæр кодта.
7. Цæмæй син Ду ниххатир кæнай, уой тухxæй сæмæ ку седтон, цит, уæд аллихатт дæр се ‘нгулдзитæ сæ гъости батъунсиуонцæ æма сæ хъæппæлтæй сæхе æрæмбæрзиуонцæ. Етæ ниббуцæу æнцæ æма æнæнвæрсонæй сæхе уælиау кодтонцæ.

8. Уædта cæмæ æз æргомæй седтæн.
9. Уædта cæмæ æз мæхе бахатинæ адæми æхсæн æма cæ хæццæ усуни дзоринæ.
10. Æз син дзурдтон: “Уæ Еунæхуцауæй хатир коретæ, уомæн æма Е алцибарагæ ‘й.
11. Е уин арвæй фæрнгун къæвдатæ æрæрветдзæнæй,
12. мулкæй æма уæмæ сувæллæнттæй фæккæсдзæнæй, исирæзун уин кæндзæнæй сумахæн дзæхæратæ æма уин исараздзæнæй цæугæдæнттæ.
13. Æма цæмæннæ кадæ кæнетæ Хуцауи устуйрадæн?
14. Е уæ ку исфæлдиста этапгай.
15. Гæр, сумах нæ фæууидтайтæ, Хуцау авд уæларви куд исаразта еу инней сæрмæ,
16. ке уин исрохс кодта мæйæ, хор ба уин цирагъæн ке искодта, уой?
17. Хуцау уæ исхаста зæнхæй уæлтæгау.
18. Уой фæсте ба уæ уордæмæ раздахдзæнæй, æма уæ нæуæгæй ракæндзæнæй уордæгæй.
19. Зæнхæ уин Хуцау горцъе искодта,
20. цæмæй ибæл сумах хадтаййайтæ уæрæх фæндæгтæбæл”.
21. Нох загъта: “Еунæхуцау! Етæ мæ коммæ нæ бакастæнцæ æма, гъæздугдзийнадæ æма сувæллæнттæ æрмæст зæран кæмæн хæссунцæ, уой фæдбæл рацудæнцæ.
22. Етæ мæнгарддзийнадæ исаразун исфæндæ кодтонцæ
23. Æма загътонцæ: “Уæ хуцæуттæбæл ма хъоди кæнтæ: Вадда, Сува, Йагус, Йаухъа æма Насрабæл”[1].
24. Етæ раздæр дæр берети фæррæдуйун кодтонцæ. Æма æнаккæгтæн, сæ рæдудæй фæстæмæ, маци фулдæр кæнæ!”
25. Етæ сæ тæрегъæдти тухxæй дæлдонгонд æма артмæ гæлст æрцудæнцæ. Хуцауæй фæстæмæ етæ æнхусгæнгутæ не ‘ссирдтонцæ.
26. Нох загъта: “Еунæхуцау! Еунæг æнæууæнкæ адæймаг дæр зæнхи цъарæбæл мабал ниууадзæ!
27. Ку сæ ниууадзай, уæд етæ Дæ цагъарти бабæй фæррæдуйун кæндзæнæнцæ

æма æрмæст тæрегъæдгун æнæууæнкити исæнтаудзæнæнцæ.

28. Еунæхуцау! Ниххатир кæнæ мæнæн дæр æма мæ нийергутæн дæр, мæ хæдзарæмæ урнæгæй ка ‘рбацудæй, уæдта урнæг нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæн дæр. Гиауртæн ба исæвдæй фæстæмæ маци бафтауæ!”

72-аг сураæ

Дзинтæ

(аль-Джинн)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Зæгъæ: “Мæнæн байгон æй, дзинтæй цалдæремæй Хъурани аргъудмæ ке байгъустонцæ æма уотæ ке загътонцæ: “Уастæн, мах дессаг Хъуранмæ байгъустан.
2. Е раст надбæл æваруй æма ‘йбæл мах бауæндтан æма нæ Еунæхуцауæн æмбæлттæ нæбал имисдзинан.
3. Нæ Еунæхуцауи устурдзийнадæ хъæбæр бæрзонд æй, æма Е Æхецæн нæдæр уосæ, нæдæр фурт нæ райста.
4. Не ‘хсæн еу сæргъæн[1] Хуцауи тухæй дан-дунтæ уагъта.
5. Махмæ гæсгæ ба, нæдæр адæн, нæдæр дзинтæ гъæуама Хуцауи тухæй мæнгитæ ма дзоронцæ.
6. Адæни ‘хсæнæй лæгтæ дзинти ‘хсæн лæгтæмæ сæрбæлдзорундзийнадæ агурдтонцæ, фал етæ син сæ тас никкидæр ма фæффулдæр кодтонцæ.
7. Етæ дæр сумахау уотæ æнгъæл адтæнцæ, æма Хуцау неке æригас кæндзæнæй[2].
8. Мах исхъæрттан арвмæ, фал артуд гъæуайгæстæ æма цæфсгæ æрттитæй идзаг æй иссирдтан.
9. Раздæр си мах дзодздзæги бабадианæ, цæмæй байгъосæн. Фал нур ка байгъоса, е ба базондзæнæй, цæфсгæ арт имæ ке æнгъæлмæ кæсуй, уой.
10. Зæнхæбæл ка ес, уони фуд хезуй, æви сæ Хуцау æррæстæ надбæл

исивæрунвæндæ искодта, уомæн мах неци зонæн.

11. Махæн не ‘хсæн ес рæстæгтæ дæр, уæдта уонæй ниллæгдæр ка ‘й, уæхæнттæ дæр. Мах дехтæгонд къæрттæ адтан.
12. Хуцауæй ке нæ райервæздзинан зæнхæбæл дæр, æма Си ке нæ райервæздзинан раледзгæй дæр, уой зудтан.
13. Æма раст разамундæ ку фегъустан, уæдта ‘Йбæл бауæндтан. Æ Еунæхуцаубæл ка æууæндуй, е ба хардæй дæр æма æфхуæрдæй дæр ма тæрсёд.
14. Не ‘хсæн ес, Хуцаубæл æхе ка бафæдзахста, уæхæнттæ дæр3 æма фæлевгутæ дæр. Пусулмон ка иссæй, етæ æррæстæ надбæл рацудæнцæ.
15. Æхе ка рафæливта, етæ ба дзаханаманæн согтæй уодзæнæнцæ””.
16. Етæ раст надбæл лæугæ ку байзадайуонцæ, уæд сæ Мах бафсастаййанæ донæй,
17. Цæмæй сæ уомæй бафæлвардтаййанæ, уой туххæй. Æ Еунæхуцауи фæдзæхстæй æхе ка хатуй, уони ба Е æбуалгъ гъезæмæртти амæттаг фæккæнуй.
18. Мæзгиттæ Хуцауи ‘нцæ. Æма Хуцауæй фæстæмæ макæмæ коветæ.
19. Хуцауи цагъар, Уомæ ковгæй ку ærлæудтæй, уæд ибæл етæ æртумугъ æнцæ.
20. Зæгъæ: “Æз æрмæст мæ Еунæхуцаумæ ковун æма Ин æмбалæн неке дæттун”.
21. Зæгъæ: “Сумахæн зæран æрхæссун кенæ уæ раст надбæл исивæрун мæн бон нæй”.
22. Зæгъæ: “Хуцауæй мæ неке багъæуай кæндзæнæй, æма Уомæй фæстæмæ æндæр некæмæ иссердзæнæн легдонæ.
23. Мæнбæл æрмæст Хуцауи æцæгдзийнадæ æма Е ‘рвистæгтæ сумахбæл исæмбæлун кæнуни ихæс ес. Æ Еунæхуцау æма Ё минæвари коммæ ка нæ бакæса, уомæн ба зиндони арт цæттæгонд æй, æма уоми уодзæнæй æности дæр”.
24. Ци син ивæрзт адтæй, уой ку фæууинонцæ, уæд ёй базондзæнæнцæ, ке æнхусгæнгутæ хомухдæр æма минкъийдæр æнцæ, уой.

25. Зæгъæ: “Байвæрзт кæд æрхъæртдзæнæй, кенë ‘й Хуцау æмгъудергъæвд искодта, уомæн æз неци зонун”.
26. Е сосгъуддæгтæ Зонæг æй, æма Е некæмæн æргом кæнуй Æ сосгъуддæгтæ,
27. Арази кæмæй Æй æма разæй дæр æма фæстегæй дæр гъæуайгæстæ кæмæн исивæруй, еци минæвæрттæй фæстæмæ,
28. цæмæй зона, сæ Еунæхуцауи æрвистæгтæ ке исæмбæлун кодтонцæ, уой. Е Æ зонундзийнадæй алцæбæл дæр хъæртуй, уони хæццæ ци ‘рцæуй, уæдта Е алли гъуддаг дæр рабарста.

73-аг сураæ
Хе батохæг
(аль-Муззаммиль)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Уо, хе батохæг!
2. Æхсæвигон дзæвгараæ коваæ,
3. æрдæгæхсæвæ кенæ уомæй минкъийдæр,
4. кенæ уомæй минкъий фулдæр, æма Хъуран аргъауæ лæмбунæг.
5. Мах дин æнæмæнгæ нирветдзинан уæзгæ дзурдтæ.
6. Уастæн, æхсæвигон фестади намаз уæзгæдæр æма лæдæрддæр фæуунцæ сæ аргъуди.
7. Уастæн, бонигон ду æневдæлон фæууис бераæ рæстæг.
8. Æма дæ Еунæхуцауи ном ераæ æма ‘Йбæл æнхæстæй дæр дæхе бафæдзæхсæ.
9. Исæкæсæн æма нигулæни Бардар – нæййес Уомæй фæстæмæ æндæр хуцау. Æма ‘Й дæхецæн исæкæнæ ауодæг æма гъæуайгæнæг.
10. Сæ дзубандитæн бухсæ, æма си рæсугъдæй дæхе, цит, райсæ.
11. Уадзæ Мæ мæнгæбæл фудгингæнгути хæццæ, кæцитæ пайда кæнунцæ зæнхон царди бæркадæй, æма син æнгъуд рæстæг раттæ.
12. Уастæн, Махмæ хъадаматæ дæр æма зиндонæ дæр ес,

13. ес нæмæ хуæруйнаг дæр, кæцимæй етæ ферхуæцдзæнæнцæ, уæдта Нæмæ æбуалгъ гъезæмæрттæ дæр ес.
14. Еци бон зæнхæ æма хуæнхтæ фенкъусдзæнæнцæ, æма хуæнхтæ æгъзæлгæ зменси цæндитæ фестдзæнæнцæ.
15. Мах уæмæ минæвар рарвистан уæхе нихмæ бавдесæн кæнуни туххæй, Фёрёонмæ минæвар куд рарвистан, уоййау.
16. Фёрёон и минæвармæ нæ байгъуста, æма ‘й Мах æрахæстан артуд ахæстæй.
17. Æма куд гъæуама фæййерваезайтæ, сувæллæнтти сæртæ ка фæууорс кæна, еци бонбæл ку нæ баууæндайтæ, уæд?
18. Арв уæд рафæддзæнæй, æма Е ци байвæрзта, е æнæмæнгæй исæнхæст уодзæнæй.
19. Уастæн, е уосиат æй, æма уи кедæр бафæнда, е æ Еунæхуцаумæ надбæл æрлæудзæнæй.
20. Уастæн, дæ Еунæхуцау зонуй уой, æма ду дæр, уæдта дæ хæццæ уони еу хай дæр намаз фæккæнетæ æхсæви æртиккаг хаййæй минкъийдæр, кенæ е ‘рдæг, кенæ ба е ‘ртиккаг хай. Бонæн дæр æма æхсæвæн дæр æ бæрцæ Хуцау исивæруй. Е æй зонуй, сумах бон уой банимайун ке нæй, æма уин уæ сæттундзийнадæ райсуй. Æма Хъуранæй аргъауетæ, зин уин си ци нæй, уой. Е æй зонуй, уе ‘хсæн сæйгитæ дæр ке уодзæнæй, уæдта уæ еуетæ зæнхæбæл балци ке рандæ унцæ Хуцауи хуарзæнхæ агор, иннетæ ба Хуцауи надбæл ке тохунцæ, уони. Æма си аргъауетæ, зинæй уин си ци нæййес, уони, намаз кæнетæ, битир дæттетæ æма Хуцауæн ади дæттетæ хуарз æфстау. Цийфæнди хуарз ма ‘рцæттæ кæнайтæ уæхецæн, сумах æй никки хуæздæрæй æма фулдæрæй иссердзинайтæ Хуцаумæ. Æма Хуцауæй коретæ хатир, уомæн æма Хуцау хатиргæнагæ æма тæрегъædгæнагæ ‘й.

74-аг сураæ

Хе бамбæрзæг

(аль-Муддассир)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Уо, хе бамбæрзæг!
2. Æрлæууæ æма федеуæ!
3. Дæ Еунæхуцауæн табу кæнæ!
4. Дæ хъæппæлтæ кæдзос кæнæ![1]
5. Гумеритæй дæхе еуварс кæнæ!
6. Фулдæр цæмæй райсай, уой тухххæй ма дæттæ битир!
7. Дæ Еунæхуцауи хатирæй бухсагæ уо!
8. Сиуæй ку ниууасонцæ,
9. еци Бон ба хъиамæти бон уодзænæй,
10. ænæууæнкитæн зин.
11. Ниууадзæ Мæ, еунæгæй ке исфæлдистон,
12. кæмæн равардтон гъæздугдзийнадæ,
13. уæдта, æ рæбун ка адтæй, еци фуртти,
14. æма æ размæ кæмæн нийтигътон а дуйней æгасæйдæр, уони хæццæ.
15. Уой фæсте ба ма уой уотæ фæндуй, цæмæй ин Æз ма никкидæр бафтауон.
16. Фæл нæ! Е Нин æ хевæндæй уæддæр Не ‘вдесæнтæ еппард кæнуй.
17. Æз ибæл исивæрдзænæн хæрдмæ[2] хезуни уаргъ.
18. Æз ниннет кодтон æма банимадтон.
19. Æма фесæфæд! Куд банимадта е?!
20. Еу ма хатт фесæфæд! Куд банимадта е!
21. Уой фæсте ба е ниссагъæс кодта.
22. Уой фæсте ба е ‘рфгутæ балхий кодта æма æхе ниттар кодта.
23. Уой фæсте ба е æ фæссонтæ рахадта æма исуæлбекъон æй
24. æма загъта: “Айæ[3], рагдзамантæй ци кæлæнтæ æрхъæрттæй, уонæй æндæр неци ‘й.
25. Етæ адæни дзубандитæй æндæр неци ‘нцæ”.
26. Æз æй дзаханаманмæ багæлддзænæн.
27. Ду æй кæцæй гъæуама зудтайсæ, дзаханаман ци æй, уой?

28. Е тæрегъæд дæр нæ никкæнуй, æма уадзгæ дæр нæ никкæнуй.
29. Е басодзуй бауæр.
30. Уой сæрмæ етæ[4] нæудæс æнцæ.
31. Зиндони гъæуайгæстæй Мах исивардтан æрмæст изæдти, сæ нимæдзæ ба син æнæууæнкитæн цибæйлаг искодтан, цæмæй Финстæг лæвæрд кæмæн адтæй, уонæй никкидæр баруагæс уа, уæдта цæмæй урнæг адæни æууæнкæ никки фæффулдæр уа, æма цæмæй Финстæг лæвæрд кæмæн адтæй, етæ, уæдта урнæгутæ дузæрдуг ма кæнонцæ, уой тухxæй, уæдта ма æнæууæнкитæ æма азгъæн ке зæрдитæ ‘нцæ, етæ бафæрсонцæ: “Уомæй Хуцау ци зæгъуйнаг адтæй?” Уотæ, Хуцау, ке ‘Й бафæндуй, уони рæдуйун кæнуй, ке ‘Й бафæндуй, уони ба æррæстæ надбæл хонуй. Хуцауи æфсад, Æхецæй фæстæмæ, неке зонуй. А ба æгас адæнæн зæрдæбæл дарæнæй æндæр неци ‘й.
32. Гъо! Ард хуæрун мæйæй!
33. Ард хуæрун æхсæвæй, ку батайуй, уæд!
34. Ард хуæрун бонивайæнæй, ку барохс уй, уæд!
35. Е тæмæссаг фæззинддæртæй еу æй,
36. адæнæн æхе ка хезун кæнуй,
37. сумахæй æ хуарз гъуддæгти фæрци ке фæндуй цæун, кенæ тæрегъæдтæ аразгæй фæстæмæ цæун ке фæндуй, уони.
38. Алли адæймаг дæр, æхецæн ци исбон кодта, уони амæттаг æй,
39. рахесфарсæй лæугутæй фæстæмæ.
40. Дзенети рæзбунти етæ кæрæдзей рафæрс-бафæрс кæндзæнæнцæ
41. тæрегъæдгунтæбæл.
42. Сумах ци ‘рбакодта зиндонæмæ?
43. Етæ зæгъдзæнæнцæ: “Намаз ка кодта, мах уони нимæдзæй нё адтан.
44. Мах нæ бафсастан мæгурти.
45. Мах дзæгъæлдзорæгæнгути хæццæ дзæгъæлдзори буни фæцан.
46. Фæстаг бон мæнгæбæл нимадтан,
47. цалдæн нæмæ æцæгæй нæ фæззиндтæй[5]”.
48. Сæрбæлдзоргути сæрбæлдзурд уонæн нæ фæййагъаз уодзæнæй.

49. Мадта куд уодзænæнцæ етæ? Сæхе цæмæн еуварс кæнунцæ и фæдзæхстæй,
50. тарст хæргутау,
51. домбайæй ка ралигъдæй, уониау?
52. Гъо æма уонæй си алкедæр ихæлд свиток райсунмæ ку бæллуй.
53. Фал нæ! Етæ Фæстаг цардæй нæ тæрсунцæ.
54. Фал нæ! Е уосиат æй.
55. Ке бафæндæ уа, е æй æримисдзæнæй.
56. Фал, Хуцауи ку нæ бафæндæ уа, уæд æй етæ не ‘римисдзæнæнцæ. Е, фæттæрсун Кæмæй æнгъезуй æма ниххатир кæнунгъон Ка ‘й, Е ёй.

75-аг сураæ

Исæндедзæн

(аль-Хъийамæ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун исæндедзæн бонæй!
2. Ард хуæрун уайдзæфгæнæг уодæй!
3. Гæр, адæймаг уотæ æнгъæл адтæй, æма ин Мах е стгутæ не ‘ræмбурд кæндзинан?
4. Гъай-гъай! Мах бон уомæн е ‘нгулдзити кæрæнттæ исæндедзун дæр æй.
5. Фал адæймаги ба идарддæр дæр тæрегъæдтæ аразун фæндуй.
6. Исæндедзæн бон кæд ралæудзæнæй, е уобæл фæрсуй?
7. Цæстингас ку фæссæмæт уа,
8. мæйæ ку байауyон уа,
9. хор æма мæйæ ба ку исеу уонцæ, уæд.
10. Еци бон адæймаг зæгъдзæнæй: “Кумæ лигъдæ уа?”
11. Нæхъ! Некумæ бал уодзæнæй ледзæн!
12. Еци бон дæ Еунæхуцаумæ раздæхтæ уодзæнæй.
13. Еци бон адæймагæн игъосунгонд æрцæудзæнæй, рагагъоммæ ци исаразта

æма æ фæсте ци ниууагъта, уой тухххæй.

14. Фал адæймаг æхуædæг æхе нихмæ ævдесæн кæндзæнæй,

15. æхе рæститæ ку кæна, уæддæр.

16. Де взаг ма змæлун кæнæ, уой[2] фæлхатгæй, цæмæй æй тагъддæр багъуди кæнай, уой тухххæн.

17. Махæн æй гъæуй æрæмбурд кæнун æма байаргъаун.

18. Мах æй ку байаргъауæн[3], уædта ‘й Нæ фæсте аргъауæ.

19. Махæн æй гъæуй уой балædæрун кæнун.

20. Фал нæ! Сумах уарзетæ хæстæг цард

21. æма Фæстаг цардмæ ба ænæмætæ цæстæй кæсетæ.

22. Еци бон еуети цæсгæнттæ рохс уодзæнæнцæ

23. æма сæ Еунæхуцаумæ кæсдзæнæнцæ.

24. Иннети цæсгæнттæ ба æнкъард уодзæнæнцæ еци бон.

25. Етæ уотæ æнгъæл уодзæнæнцæ, æма сæбæл ести фидбилиз æрцæудзæнæй.

26. Фал нæ! Е[4] æ бæхбæттæнмæ ку ‘схъæрта,

27. уæд загъд уодзæнæй: “Мадта ка байаргъаудзæнæй фудгæндæ?”

28. Е[5] балædæрдзæнæй, еппарддзийнадæ ке æрхъæрттæй, уой.

29. Уæраг уæраги хæццæ исеу уодзæнæй,

30. æма еци бон уой æрбатæрдзæнæнцæ æ Еунæхуцаумæ.

31. Е нæ баууæндтæй æма намаз нæ кодта.

32. Нæ фал æма ‘й е мæнгæбæл банимадта æма æхе рахадта,

33. уой фæсте ба сæрбæрзондæй æ бийнонтæмæ рандæ ‘й.

34. Додой кæндзæнæ, додой!

35. Еу хатт ма дин додой!

36. Ædта нур адæймаг уотæ æнгъæлуй, æма е æвæгæсæй байзайдзæнæй?

37. Мийййаг е муггаги æртæх нё адтæй?

38. Уой фæсте ба е тоги гуппар фестадæй, æма уædта си Е исаразта уой, æма ин æмбæрцаг уинцæ равардта.

39. Е си æнкъай искодта: нælгоймаг æма силгоймаги.

40. Æма, гæр, Уой бон мæрдти æригас кæнун ба нæй?

76-аг сураæ

Адæймаг

(аль-Инсан)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Миййаг, адæймаг зундгонд ку нæма адтæй, еци рæстæг нæ райевгъудæй?
2. Адæймаги Мах искодтан исæмхæццæгонд æртæхæй, фæлваргæй æй, æма ‘й искодтан игъосагæ æма уинагæй.
3. Мах æй худтан уæд боз, уæд æнæбоз фæндагбæл.
4. Æнæууæнкитæн Мах æрцæттæ кодтан рæхистæ, хъадаматæ æма арт.
5. Рæстуодтæ ба синонтæй ниуаздзæнæнцæ сæнæ, камфæри хæццæ хæлæмулæй.
6. Хуцауи цагъартæ сауæдонæй ниуаздзæнæнцæ, донидзаг цæугæдæнттæн уайуни барæ дæтгæй.
7. Етæ тобæ дæттунцæ æма ци бони фуддзийнадæ хæлеу цæуй, еци бонæй тæрсунцæ.
8. Кæд хуæруйнаг берæ уарзунцæ, уæддæр етæ хуæруйнаг дæттунцæ мæгуртæн, седзæртæн æма уацайрæгтæн.
9. Етæ фæззæгъунцæ: “Мах уæ æрмæст Хуцауи хатирæй æфсадæн æма уи хуæрзеуæг дæр æма боздзийнадæ дæр нæ хезæн!
10. Уомæн æма мах нæ Еунæхуцауæй тæрсæн и тар æма тузмæг Бонæй”.
11. Хуцау сæ фидбилизæй багъæуай кæндзæнæй æма син рохс æма цийнаг цард балæвар кæндзæнæй.
12. Уалгæдзондзийнадæ ке равдистонцæ, уой тухxæй ба син Е бахатдзæнæй дзенети рæзбунтæ æма зæлдагитæй.
13. Етæ хуссæнтæбæл уолæфдзæнæнцæ, бакъолæгæнгæй, æма уоми нæдæр хор, нæдæр ехæн нæ фæууиндзæнæнцæ.
14. Уонæмæ сатæг хæстæг уодзæнæй, æма рæзæ дæр уони бари уодзæнæнцæ.

15. Уонæбæл зелдзæнæнцæ æвзестæ къостæ æма дзæнгъа синонти хæццæ,
16. æмбæрци асæ æвзестæ дзæнгъати хæццæ.
17. Уоми син ниуазун кæндзæнæнцæ сæни къостæ, имбири хæццæ хæлæмулæй,
18. салсабил ка хуннуй, еци сауæдонæй.
19. Уонæбæл зелдзæнæнцæ æноси æригон уæвæг тæрнатæ. Уонæмæ бакæсгæй сæ ду бангъæлдзæнæ идзæхст налхъут-налмастæ.
20. Уордæмæ бакæсгæй ба си ду фæууиндзæнæ бæркад æма устур баргъондзийнадæ.
21. Уонæбæл уодзæнæй атлас æма хæрдгæй цъæх хъæппæлтæ. Етæ фæлунст уодзæнæнцæ æвзестæ цæнгдарæнтæй, Еунæхуцау ба сæ бафсаддзæнæй кæдзос ниуазæнæй.
22. Гъе уæхæн æй уæ хуæрзеуæг, æма уе ‘новуддзийнадæн боз.
23. Уастæн, Мах дин Хъуран нирвистан хæйттæй.
24. Æма дæ Еунæхуцауи фæндонмæ багæдзæ кæнæ, æма тæрегъæдгунти æма се ‘хсæн æнæууæнкити фæдбæл ма рацо.
25. Дæ Еунæхуцауи ном ерæ сæумæ дæр æма хорæфтуди размæ дæр,
26. уæдта æхсæвæ дæр. Æ размæ дæлгоммæ æрхъан уо æма Ин табу кæнæ æхсæви даргъи.
27. Уастæн, атæ хæстæг цард уарзунцæ æма сæ фæсте ба ниууадзунцæ Уæззау бон.
28. Мах сæ искодтан æма син сæ байуантæ ниффедар кодтан. Фал Нæ ку бафæнда, уæдта сæ сæхе хузæнттæй раййевдзинан.
29. Уастæн, е æй уосиат, æма ке бафæндуй, е æ Хуцаумæ фæндагбæл ислæууй.
30. Фал Хуцауи ку нæ бафæнда, уæд сумах дæр нæ бафæнддзæнæй. Уастæн, Хуцау зонагæ æма сем æй.
31. Е, ке ‘Й бафæндуй, уой Æ хуарзæнхи бакæнуй, гиауртæн ба Е æбуалгъ гъезæмæрттæ æрцæттæ кодта.

77-аг сураæ

Æрветуйнæгтæ

(аль-Мурсæлат)[1]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун хуарзи хæццæ æрветуйнæгтæй,
2. цурд уайгутæй,
3. парахатæй хæлеугæнгутæй,
4. федар æвзаргутæй,
5. æма фæдзæхст игъосунгæнгутæй,
6. хе исраст кæнунæн, кенæ хе бахезæнæн.
7. Ци уин байвæрзтæй, е, æнæмæнгæ, исæнхæст уодзæнæй.
8. Стъалутæ ку ниххуссонцæ,
9. арв ку рафæда,
10. хуæнхтæ ку ниссунук уонцæ,
11. минæвæрттæн рæстæг лæвæрд ку ‘рцæуа, уæд.
12. Æнгъудергъæвд ци бонмæ ‘й?
13. Равзарæни Бонмæ!
14. Кæцæй гъæуама зудтайсæ, равзарæн Бон ци æй, уой?
15. Еци бон мæнгæбæл фудгæнгутæ додоййаг уодзæнæнцæ!
16. Мийййаг, фиццаг фæлтæртæ Мах нæ бабун кодтан?
17. Уони фæдбæл ба Мах рарвистан иннæ фæлтæртæ.
18. Тæрегъæдгунти хæццæ Мах уотæ бакæнæн.
19. Еци бон мæнгæбæл фудгингёндтæ додоййаг уодзæнæнцæ!
20. Мийййаг уæ Мах нецæййаг æртæхæй не сфæлдистан
21. æма ‘й ædас рауæн нæ байвардтан
22. бæрæг рæстæгмæ?
23. Мах исбæлвурд кодтан бæрцæ, æма куд хуарз бæлвурд кæнæн Мах!
24. Еци бон мæнгæбæл фудгингёндтæ додоййаг уодзæнæнцæ!
25. Мийййаг, зæнхæ Мах не скодтан, куд бунат
26. цардæгæстæн дæр æма мæрдтæн дæр?

27. Миййаг ибæл Мах не сивардтан æнæзмæлгæ æма бæрзонд хуæнхтæ, æма ‘й ædзæнхæ донæй нæ бафсастан?
28. Еци бон мæнгæбæл фудгингёндтæ додоййаг уодзæнæнцæ!
29. Цотæ, мæнгæ ци нимадтайтæ, уомæ![2]
30. Цотæ æртæ сагелæ къадой хæццæ хораууонмæ.
31. Е хораууон нæй æма артæй нæ багъæуай кæндзæнæй,
32. уомæн æма е фæйнердæмæ зингитæ калуй, къумайау,
33. бор теуати хузæн.
34. Еци бон мæнгæбæл фудгингёндтæ додоййаг уодзæнæнцæ!
35. Еци бон етæ неци дзордзæнæнцæ,
36. æма син сæхе раст кæнунмæ дæр барæ нæ уодзæнæй.
37. Еци бон мæнгæбæл фудгингёндтæ додоййаг уодзæнæнцæ!
38. Мæнæ равзарæн Бон! Мах уæ æрæмбурд кодтан, уæдта уæ размæ ка адтæй, уони.
39. Кæд уæмæ ести налат миуæ ес, уæд, мадта, Мæ нихмæ налатдзийнадæ исаразайтæ!
40. Еци бон мæнгæбæл фудгингёндтæ додоййаг уодзæнæнцæ!
41. Уастæн, Хуцауæй тæрсгутæ сатæги æма сауæдæнтти,
42. уæдта циуавæр рæзæ уæ зæрдæ базæгъа, уæхæнтти цори уодзæнæнцæ.
43. Хуæретæ æма ниуазетæ цæрæнбонтæмё, ци бакодтайтæ, уой тухххæй!
44. Уотæ, Мах бахатæн хуарздзийнадæ аразгутæн.
45. Еци бон мæнгæбæл фудгингёндтæ додоййаг уодзæнæнцæ!
46. Ахуадетæ æма рæстæгмæ идзæлæн кæнетæ, уомæн æма сумах тæрегъæдгунтæ айтæ.
47. Еци бон мæнгæбæл фудгингёндтæ додоййаг уодзæнæнцæ!
48. Уотæ син ку фæззæгъунцæ: “Раковетæ!” – уæд етæ нæ раковунцæ.
49. Еци бон мæнгæбæл фудгингёндтæ додоййаг уодзæнæнцæ!
50. Æма уæд ай[3] фæсте ма циуавæр радзурдбæл баууæнддзинайтæ?

78-аг сурæ

Хабар

(ан-Наба’а)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Цæй туххæй рафæрс-бафæрс кæнунцæ етæ кæрæдзей?
2. Устур хабари туххæй,
3. ке туххæй буцæу кæнунцæ етæ.
4. Фал нæ, етæ базондзæнæнцæ!
5. Еу ма хатт дæр, етæ базондзæнæнцæ!
6. Мах, миййаг, зæнхæ хуссæнæн не скодтан,
7. хуæнхтæ ба – цæгиндзитау?
8. Мах уæ исфæлдистан æнкъæйттæй,
9. æма уин уæ фун уолæфунæн искодтан,
10. æма æхсæвæ æмбæрзæнæн искодтан,
11. æма бонæ ба царди рæстæгæн искодтан,
12. æма уæ сæрмæ исивардтан авд айнæги,
13. æма æрауигътан цæфсгæ цирагъ,
14. æма мегътæй æркодтан бæркадгунæй кæлæг дон,
15. цæмæй уомæй исæвзурун киндæ уа нæмгутæ æма зайæгойтæ,
16. уæдта бæзгин рæзбунтæ.
17. Уастæн, равзаræн Бон бæлвурд рæстæгмæ æнгъудгонд æй.
18. Еци бон сиуæй ниууасдзæнæнцæ, æма сумах æрбацæудзинайтæ æрдонгтæй,
19. æма арв байгон уодзæнæй æма дуар исуодзæнæй,
20. æма хуæнхтæ ба низмæлдзæнæнцæ æма исфæлмæ уодзæнæнцæ.
21. Уастæн, дзаханаман арæсæн æй,
22. уæдта ци ‘нгъезуй, уой сæрти ка рахизтæй, уой раздæхæн бунат.
23. Етæ уоми берæ æнзтæ фæууодзæнæнцæ,
24. не сахуадгæй нæдæр сатæгдзийнадæ, нæдæр ниуæзтæ,
25. æрмæст ирайгæдон æма хæфæ.

26.Ейæ куд æмбæлуй, уæхæн бафхуæрдæ уодзæнæй.

27.Уастæн, етæ дзуапп дæттун æнгъæл нё адтæнцæ

28.æма Не ‘вдесæнтæ Нин æгасейдæр идæнцæ кодтонцæ.

29.Мах ба алли гъуддаг дæр банимадтан æма ниффинстан.

30.Æма исахуадетæ! Гъезæмæрттæй уæлдай уин Мах неци бафтаудзинан.

31.Уастæн, Хуцауæй ка тæрсуй, уони æнтæстдзийнадæ хезуй,

32.дзенети рæзбунтæ æма сæндæнттæ,

33.æма идзагреугун æмбай силгоймæгтæ,

34.æма идзаг къостæ.

35.Етæ уоми нæдæр дзæгъæлдзорæ, нæдæр мæнгæттæ нæ фегъосдзæнæнцæ.

36.Е уодзæнæй дæ Еунæхуцауи нимад лæвар,

37.уæлæрвти, зæнхи æма уонæн се ‘хсæн цидæриддæр ес, уони Бардар, Уодибæстгун, Кæций хæццæ исдзорун дæр нæ бандеудзæнæнцæ.

38.Мон[1] æма изæдтæ рæнгъитæй ку ралæууонцæ, уæд еци бон неке неци дзордзæнæй, Уодибæстгун кæмæн радта дзурди барæ, уонæй фæстæмæ, æма етæ дзордзæнæнцæ æрмæст рæстдзийнадæ.

39.Е æцæгдзийнади бон æй, æма кедæр бафæндё уа, е æ Еунæхуцаумæ раздæхунмæ мадзал иссердзæнæй.

40.Мах уæ хизтан хæстæг фудæнхардæй. Еци бон адæймаг фæууиндзæнæй, æ къохтæ ци исаразтонцæ, уой, æнæууæнкæ ба зæгъдзæнæй: “Уой бæсти ба мард ку адтайнæ!”

79-аг сурæ

Истонгутæ

(ан-Нази’ат)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун[1], æгъатиræй æнæууæнкити уодтæ ка истонуй,
2. æууæнкити уодтæ фæлмæн исесгутæй,

3. фælмæн накæ гæнгутæй,
4. цурдæй фæууадзгутæй
5. æма фæдзæхститæ æнхæстгæнгутæй.
6. Еци бон ниррездзæнæй ниррезуйнаг[2],
7. кæций фæсте ба ма еу хатт ниррездзæнæй[3].
8. Еци бон зæрдитæ ниррездзæнæнцæ,
9. æма цæстингастæ фæкъкъæндзустуг уодзæнæнцæ.
10. Етæ дзорунцæ[4]: “Ædта нур мах раздæриккон уавæрмæ раздæхдзинан,
11. ниххотхæуæг æстгутæ ку фестæн, уæд ма уой фæсте?!”
12. Етæ дзорунцæ: “Е уотæ кæд æй, уæд е пайда раздæхт уодзæнæй!”
13. Фал райгъусдзæнæй æрмæст еунæг гъæр,
14. æма етæ зæнхи сæрбæл равзурдзæнæнцæ.
15. Мийяаг дæмæ Мусай хабар нæ бахъæрттæй?
16. Мæнæ ‘ймæ Еунæхуцау фæсседтæй Тувай сугъдæг дæлфæзи:
17. “Цо Фёрёонмæ, уомæн æма е, ци ‘нгъезуй, уой арæнтæбæл рахизтæй,
18. æма ин зæгъæ: “Дæуæн не ‘нгъезуй искæдзос ун?
19. Æз дин бавдесдзæнæн дæ Еунæхуцаумæ над, æма ду исуодзæнæ хуцаудас””.
20. Е[5] ин бавдиста уæлиаудæр æвдесæн,
21. фал æй е ба мæнгæбæл банимадта æма нæ байгъуста,
22. æма уой фæсте ба æхе рахадта æма æновуд кæнун райдæдта.
23. Адæн æрæмбурд кодта æма гъæрæй раседтæй,
24. Æма загъта: “Æз уæ Устур Хуцау дæн!”
25. Æма ‘й уæдта Хуцау Æ фудæнхарди амæттаг фæккодта куд Фæстаг царди, уотæ фиццаг царди дæр.
26. Уастæн, уоми хуцаудастæн уосиат адтæй.
27. Сумах зиндæр искæнæн айтæ æви арв? Е ба уой искодта,
28. æ сæр ин исиста æма ‘й æнайяеп искодта.
29. Æма ин е ‘хсæвæ тар искодта æма си боникон сæуæхседæ ба ракодта.
30. Уой фæсте ба зæнхæ райтигъта,
31. ра си кодта дон æма хезнитæ

32.æма ‘йбæл æрфедар кодта хуæнхтæ

33.сумах æма уæ фонси пайдайæн.

34.Æма устурдæр фудæбон ку ралæууа6,

35.уæд еци бон адæймагæн æ зæрди æрæфтуйдзæнæй, æновуд цæбæл адтæй, е,

36.æма зиндонæ, уинунгъон ка уа, уони цæстæнгаси фæззиндзæнæй.

37.Ци ‘нгъезуй, уой арæнтæбæл ка рахизтæй,

38.æма зæнхон царди амæнат ка фæцæй,

39.уони цæрæнуат ба зиндонæ уодзæнæй.

40.Æ еунæхуцауи размæ æрлæуунæй ка тарстæй æма цибæлдзийнæдтæй æхе ка уорæдта,

41.уони цæрæнуат ба уодзæнæй дзенет.

42.Дæу фæрсунцæ Сахатбæл: “Кæд æрхъæртдзæнæй е?”

43.Цæмæн дæ гъæуй уой имисун?

44.Уой туххæй æрмæст дæ Еунæхуцау зонуй.

45.Уастæн, ду æрмæст игъосунгæнæг дæ, уомæй ка тæрсуй, уонæн.

46.Етæ уой ци бон фæууинонцæ, еци бон сæмæ уотæ фæккæсдзæнæй, æма а дуйнебæл етæ æрмæст еунæг изæр æма еунёг сæумæ фæцæнцæ.

80-аг сураæ

Е ‘рфгутæ балхий кодта

(Абаса)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Е ‘рфгутæ балхий кодта æма æхе рахадта,
2. уомæн æма ‘ймæ хъæрæу бацудæй.
3. Æма ‘й кæцæй гъæуама зудтайсæ? Кайзонуй æма е æхе искæдзос кодтайдæ,
4. кенæ ба уосиат æримистайдæ, æма ин и æримист пайда æрхастайдæ.
5. Уотæ ка фенгъæлуй, æма е неци гъæуагæ ‘й,
6. уомæ де ‘ргом рахатис,

7. кæд æма е, ке не скæдзос уодзæнæй, е дæумæ нæ хауй.
8. Фал дæмæ æновудæй ка ‘рбацæуй
9. æма Хуцауæй ка тæрсуй,
10. уони ба не ‘ргъуди кæнис.
11. Фал нæ! Е Фæдзæхст æй,
12. æма ‘й ке бафæнда, е æримисæд.
13. Е кадгин свиткитæбæл финст æй,
14. бæрзондгонд æма искæдзосгæндти,
15. минæвæртти къохти[1]
16. уездон æм уесагæ.
17. Æма адæймаг фесæвæд! Куд æнæбоз æй е!
18. Цæмæй æй исфæлдиста Е?
19. Е æй исфæлдиста æртæхæй æма ‘й æмбæрцæбæл искодта,
20. уой фæсте ба ин æ фæндаг фенцон кодта,
21. уæдта ‘й рамардта æма ‘й ингæни байвардта.
22. Уой фæсте ба, кæд Æй бафæндё уа, уæд сæ Е æригас кæндзæнæй.
23. Фал нæ! Е ин ци байхæс кодта, уони ейæ не ‘нхæст кæнуй.
24. Æма адæймаг æ хуæлцæмæ æркæсæд!
25. Мах æркæнæн фæрнгун уарунтæ,
26. уæдта зæнхæ ниффæсхъитæ кæнён,
27. уёдта си аллихузи æфсертæ æрзайун кæнён:
28. сæнæфсерæ æма люцернæ,
29. маслинитæ æма пальмитæ,
30. бæзгин дзæхæратæ,
31. рæзæ æма кæрдæгутæ,
32. уёхе, уёдта уæ фонси пайдайæн.
33. Нæгæ гъæр ку райгъуса,
34. уæд еци бон адæймаг ниууаддзæнæй е ‘нсувæри,
35. æ мадæ ‘ма æ фиди,
36. æ уосæ ‘ма æ фуртти,

37.уæмæн æма алли адæймаг дæр мæтæйдзаг уодзæнæй æнæ уонæй дæр.
38.Еци бон еуети цæсгæнттæ рохс уодзæнæнцæ,
39.идзулдзæнæнцæ æма цийнæ кæндзæнæнцæ.
40.Иннети цæсгæнттæ ба уодзæнæнцæ мæрдхуз,
41.кæци сæ бамбæрздзæнæй тардзийнадæй.
42.Етæ ба уодзæнæнцæ æнæууæнкæ тæрегъæдгунтæ.

81-аг сураæ

Æздохундзийнадæ

(ат-Такуир)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Хор æздухт ку ‘рцæуа,
2. стъалутæ ку ‘рхауонцæ,
3. хуæнхтæ сæ бунатæй ку фенкъусонцæ,
4. теуатæ сæ рæдесуни дæсæймаг мæйи æвæгæсæй ку байзайонцæ,
5. гъæддаг сирдтæ æмбурдгонд ку ‘рцæуонцæ
6. денгизтæ ку исцæфсонцæ,
7. уодтæ ку байеу уонцæ,
8. уодæгасæй банигæди ку бафæрсонцæ,
9. циуавæр тæрегъæди тухххæй æй рамардтонцæ, зæгъгæ,
10.свиткитæ ку райхæлдæ уа,
11.арв ку æргæлстæ уа,
12.зиндонæ ку иссугъдæ уа,
13.дзенет ку æрбахæстæг уа,
14.гъе уæд базондзæнæй уод, ци æрхаста, уой.
15.Фал нæ! Ард хуæрун фæстæмæ цæуæг планетитæй,
16.фæууæзгутæ æма æрбатар уæвгутæй!
17.Ард хуæрун æрцæуæг æхсæвæй!

18. Ард хуæрун исуолæфæг сæуæхседæй!
19. Айæ[1], уастæн, уездон федоги[2] æрбахаст æй,
20. Трони Бардари цори хъаури хецау, тухгин,
21. кæций коммæ уоми[3] кæсунцæ, уокили.
22. Уе ‘мбал[4] хæдздзегун нæй.
23. Е æй[5] фæууидта рохс æрвгæрони
24. æма нæ ауæрдуй сосгъуддаг рафедеун.
25. Етæ ælгъист ибилиси дзурдтæ нæ ‘нцæ.
26. Кумæ нийярæцæн айтæ?
27. Е дуйнетæн æрмæст уосиат æй,
28. æррæстæ надбæл уи цæунвæндæ ка ‘й, уонæн.
29. Фал сумах уой нæ бафæнддзæнæй, Хуцауи, дуйнети Паддзахи ку нæ бафæндæ уа, уæд.

82-аг сурæ
Рафæдундзийнадæ
(аль-Инфитъар)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Арв ку рафæда,
2. стъалутæ ку æрæгъзæлонцæ,
3. денгизтæ ку исхæлæмулæ уонцæ,
4. ингæнтæ ку рахъел уонцæ,
5. уæд алли уод дæр базондзæнæй, ци бакодта æма æ фæсте ци ниууагъта, уой.
6. Уо, адæймаг! Ци дæ фæррæдуйун кодта дæ Барагæ Еунæхуцауи туххæй,
7. Кæци дæ исфæлдиста æма дин дæ уинцæ ænаййеп æма æмбёрцадæбæл искодта?
8. Е дæ, цæхуæн уинцæ ‘Й бафæндадтæй, уæхæн уинцæй дæ искодта.
9. Фал нæ! Сумах и бахадт мæнгæбæл нимайетæ.

10. Уастæн, сумах сæрмæ гъæуайгæнгутæ ес –
11. уездон финсгутæ,
12. кæцитæ, сумах цидæриддæр кæнетæ, уой туххæй алци дæр зонунцæ.
13. Уастæн, рæстуодтæ идзæлæн бунати уодзæнæнцæ.
14. Уастæн, тæрегъæдгунтæ ба зиндони уодзæнæнцæ,
15. кæцимæ бацæудзæнæнцæ федтони Бон.
16. Уони бон сæхе уомæй бахезун не суодзæнæй.
17. Кæцæй æй гъæуама зудтайсæ, федтони Бон ци æй, уой?
18. Гъо, кæцæй æй гъæуама зудтайсæ, федтони Бон ци æй, уой?
19. Еци бон еунæг уоди бон дæр иннæ уодæн нецæмæй бал фæййагъаз кæнун исуодзæнæй, æма еци бон бартæ Хуцаумæ уодзæнæнцæ.

83-аг сураæ

Мæнгæбаргутæ

(аль-Мутъаффифин)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Сар мæнгæбаргутæн,
2. кæцитæ æнхæстæй райсунцæ, адæн син ку фæббарунцæ, уæд,
3. фал сæхуæдтæ ку фæббарунцæ кенæ иннетæ ку исбарунцæ, уæдта син зæран æрхæссунцæ.
4. Мийййаг етæ уобæл нæ фæссагъæс кæнунцæ, æма етæ æгасгонд ке æрцæудзæнæнцæ
5. Устур бони –
6. адæн дуйнети паддзахи размæ ци бон æрлæууонцæ, уæд еци бон?
7. Фал нæ! Тæрегъæдгунти киунугæ разиндзæнæй Сиджжини.
8. Кæцæй æй гъæуама зудтайсæ ду, Сиджжин ци æй, уой?
9. Е финст киунугæ ‘й.
10. Мæнгætти ке азун кæндзæнæнцæ еци бон, етæ додоййаг уодзæнæнцæ,

11. кæцитæ мæнгæбæл нимадтонцæ федтони бон!
12. Уой мæнгæбæл æрмæст æнаккаг æма тæрегъæдгунтæ нимайунцæ.
13. Уомæн Нæ айаттæ ку фæййаргъаунцæ, уæд е фæззæгъуй: “Етæ рагон адæни аргъæуттæ ‘нцæ!”
14. Фал нæ! Етæ сæхецæн ци исбон кодтонцæ, сæ зæрдитæ уомæй тухст æнцæ.
15. Еци бон етæ сæ Еунæхуцауæй æмбæрзæнæй хецæнгонд уодзæнæнцæ,
16. уой фæсте ба етæ зиндонæмæ бахаудзæнæнцæ,
17. æма син уæдта зæгъдзæнæнцæ: “Мæнæ уин, мæнгæ ци нимадтайтæ, ейæ”.
18. Фал нæ! Рæстуодти киунугæ Иллиййуни разиндзæнæй.
19. Æма кæцæй гъæуама зудтайсæ ду, Иллиййун ци ‘й, уой?
20. Е финст киунугæ ‘й,
21. кæций уинунцæ æрбахæстæггæндтæ.
22. Уастæн, рæстуодтæ идзæлæн бунати уодзæнæнцæ
23. æма фæлгæсдзæнæнцæ сæ хуссæнтæй.
24. Уонæн сæ цæсгæнттæ ду фæууиндзæнæ фæрнгун рохсæй.
25. Уонæн ниуазун кæндзæнæнцæ ромбæл сæнæй,
26. мускусæй хъæбæргонд. Æма уой алфæн ерис кæнæнтæ ерискæнуйнæгтæ!
27. Е хæлæмулæгонд æй тасними хæццæ –
28. æрбахæстæггонд адæн ци сауæдонæй ниуазунцæ, уой хæццæ.
29. Ка баууæндтæй, уонæбæл худтæнцæ тæрегъæдгунтæ.
30. Сæ рæзти ку рацæуиуонцæ, уæд кæрæдземæ сæ цæститæ фæнникъолиуонцæ,
31. сæ бийнонтæмæ раздæхгæй, етæ раздæхиуонцæ гиризгæнгæй,
32. уони ку ниууиниуонцæ, уæдта фæззæгъиуонцæ: “Уастæн, атæ фæдздзæгъæл æнцæ”.
33. Уогæ ба етæ уонæмæ гъæуайгæнгутæй æрвист нæ адтæнцæ.
34. Еци бон урнёг адæн ходдзæнæнцæ æнæууæнкитæбæл
35. æма фæлгæсдзæнæнцæ сæ хуссæнтæй.
36. Мииййаг, æнæууæнкитæ, ци бакодтонцæ, уой туххæй син нæ бахдт уодзæнæй?

84-аг сураæ

Фемæхсундзийнадæ

(аль-Иншихъахъ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Арв ку фемæхса
2. æма æ Еунæхуцаумæ, куд ин æмбæлуй, уотæ ку нийгъоса,
3. зæнхæ ку нийтигъд уа,
4. æ хурфи ци ес, уой ку искала æма ку исревæд уа,
5. æма æ Еунæхуцаумæ, куд ин æмбæлуй, уотæ ку нийгъоса ...
6. Уо, адæймаг! Ду дæ Еунæхуцауи хæццæ фембæлунмæ бæллис æма фембæлдзæнæ Æ хæццæ.
7. Æ рахе къохмæ лæвæрд кæмæн уа æ киунугæ, е
8. præуæг есап райсдзæнæй
9. æма æ бийнонтæмæ игъæлдзæгæй раздæхдзæнæй.
10. Æ фæссонтæрдигæй[1] кæмæн лæвæрд æрцæуа æ киунугæ, е ба
11. мæлæтмæ седдзæнæй
12. æма арти соддзæнæй.
13. Е цийнæ кодта, æ бийнонти æхсæн уогæй,
14. æма уотæ æнгъæл адтæй, фæстæмæ нæбал раздæхдзæнæн, зæгъгæ.
15. Фал нæ! Æ Еунæхуцау æй уидта.
16. Ард хуæрун изæрæхседæй!
17. Ард хуæрун æхсæвæй æма ци ‘мбурд кæнуй е, уомæй!
18. Ард хуæрун идзаг мæйæй!
19. Сумах еу уйнадæй æндæр уйнадæмæ рахезетæ.
20. Æма уæд етæ цæмæннæ æууæндунцæ
21. æма дæлгоммæ цæмæннæ æрхаунцæ, Хъуран аргъуд син ку фæццæуй, уæд?[2]
22. Æнæууæнкитæ уой мæнгæ æнгъæлунцæ,
23. фал Хуцауæн хуæздæр зунд æй, етæ ци римæхсунцæ, е.[3]

24. Æма син сæ зæрдæ барохс кæнæ æбуалгъ гъезæмæртти хабарёй,
25. ка бауувæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæй фæстæмæ. Уонæн æведуйгæ хуæрзеугутæ цæттæгонд ес.

85-аг сураæ
Зодиаки бардзæ
(аль-Бурудж)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун Зодиаки бардзи хæццæ арвæй!
2. Ард хуæрун ивæрзт бонæй!
3. Ард хуæрун æвдесæндаргæнæг æма æвдесæндаргондæй!
4. Æма къагъди цори æрæмбурд уæвгутæ фесæфæнтæ
5. æндзарæнгъæуагæ арти!
6. Мæнæ етæ æ цори æрбадтæнцæ,
7. æууæнкитæн ци арæзтæ цæуй, уомæн æвдесæндартæ уогæй.
8. Етæ сæбæл искæлиуонцæ æрмæст уой туххæй, æма етæ ке бауувæндтæнцæ Тухгин, Намусгин Хуцаубæл,
9. Кæций бари ‘нцæ уæлæрвтæ дæр æма зæнхæ дæр. Хуцау алли гъуддаги туххæй дæр æвдесæнгæнæг æй!
10. Урнæг нæлгоймæгтæ æма силгоймæгти ка рацибæл кодта æма æ рæдудбæл ка нæ басастæй, уонæн зиндони æбуалгъ гъезæмæрттæ, содзгæ арти гъезæмæрттæ цæттæгонд ес.
11. Ка бауувæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæн ба дзенети рæзбунтæ цæттæгонд æнцæ, кæцими цæугæдæнттæ уайуй. Е устур æнтæстдзийнадæ ‘й!
12. Уастæн, дæ Еунæхуцауи хуæст карз æй!
13. Уастæн, Е райдайуй æма фæлхатуй[1].
14. Е Хатиргæнæг æма Уарзæг,
15. Трони Бардар, Намусгин æй.

16.Е, ци ‘Й фæндуй, уой аразуй.

17.Миййаг дæбæл не сæмбалдæй таурæхъ æфсæдти,

18.Фёрёони æма самудианти туххæй?

19.Æнæууæнкитæ уой мæнгæ æнгъæлунцæ,

20.Хуцау ба сæбæл фæстегæй æртумугъ æй.

21.Е намусгин Хъуран æй,

22.гъæуайгонд ка цæуй, еци финстдони уæвæг.

86-аг сураæ

Æхсæвдзæуæг

(ат-Тъарихъ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун арвæй æма æхсæвдзæуæгæй!
2. Цæмæй гъæуама зудтайсæ, æхсæвдзæуæг ци æй, уой?
3. Е æй, æ рохсæй уæлæрвтæ ка гъаруй, уæхæн стъалу.
4. Гъæуайгæнæг сæризæд ке цори нæййес, уæхæн уод нæййес.
5. Адæймаг, цæмæй арæзт æй, уомæ æркæсæд.
6. Е конд æй искæлгæ тæнгъадæй,
7. кæци рацæуй рагъ æма реуи æстгути æхсæнти.
8. Уастæн, Е уой раздахунгъон æй.
9. Еци бон æгас сосгъуддæгтæ дæр фæлвард æрцæудзæнæнцæ,
10. Æма уæд уомæ нæдæр хъаурæ нæбал уодзæнæй, нæдёр фæййангъосгæнæг.
11. Ард хуæрун уарунтæ фæлхатæг арвæй!
12. Ард хуæрун æскъунагæ зæнхæй!
13. Е æвзаргæ дзурд æй,
14. гиризгæнæн нæй.
15. Уони[1] зæрди мæнгарддзийнæдтæ исаразунвæндæ ес,
16. æма Æз дæр мæнгарддзийнæдтæ исаразунвæндæ кæнун.

17.Æма æнæууæнкитæн æнгъуд рæстæг раттæ, бараемæ син еу минкъий!

87-аг сураæ

Бæрзонд

(аль-А'аля)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Табу кæнæ дæ Бæрзонд Еунæхуцауи номæн,
2. Кæци исфæлдиста алцидæр æма алцæмæн дæр е 'мбæрцадæ равардта,
3. Кæци фæлдесæндти ирисхъæ раги исбæрæг кодта æма и над байамудта,
4. Кæци исаразта хезнитæ,
5. уой фæсте ба сæ сау бугъæ фестун кодта.[1]
6. Мах дин Хъуран байаргъаунæн барæ ратдзинан, æма си ду неци феронх уодзæнæ,
7. Хуцауи ке бафæндæ уа, уонæй фæстæмæ. Е æцæгдзийнадæ дæр æма асхъоддзийнæдтæ дæр зонуй.
8. Мах дин æнцондæрдзийнадæмæ[2] дæ над фенцондæр кæндзинан.
9. Æма адæни аразæ, кæд и уосиат ести пайда æрхæссидæ.
10. Ка тæрсуй, е æй райсдзæнæй,
11. ёма си æхе ба рахатдзæнæй тæккæ æнамонддæр,
12. кæци бахездзæнæй æбуалгъдæр артмæ.
13. Е уоми нæдæр мæлгæ нæ ракæндзæнæй, нæдæр си цæргæ кæндзæнæй.
14. Æнтæстдзийнадæ уой фæцæй, æма ка искæдзос æй,
15. æ Еунæхуцауи ном ка ирдта æма намаз ка кодта.
16. Фал нæ! Сумах зæнхон цардбæл хъæбæрдæр хуæцетæ,
17. кæд æма Фæстаг цард хуæздæр æма даргъдæр æй.
18. Уастæн, е фиццаг свиткити финст æй –
19. Ибрæгими æма Мусай финстæгути.

88-аг сураæ

Æмбæрзæг

(аль-Гъашийæ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Мийиаг дæбæл не сæмбалдæй Æмбæрзæги[1] туххæй тауræхъ?
2. Еци бон еуæй-еу цæсгæнттæ уодзæнæнцæ дæлгенаггонд,
3. фæллад æма фæлмæст.
4. Етæ цæфсдзæнæнцæ содзгæ арти.
5. Уонæн цумун кæндзæнæнцæ ирайгæ сауæдонæй
6. æма син хуæрун кæндзæнæнцæ марг синдзитæй[2],
7. кæцимæй хуæрзхуз нæ кæнунцæ æма кæцимæй нæ бафсес унцæ.
8. Иннети цæсгæнттæ ба еци бон игъæлдзæг уодзæнæнцæ.
9. Етæ се ‘новуддзийнадæй арази уодзæнæнцæ
10. бæрзонд дзæхæрати.
11. Етæ уоми дзæгъæлдзорæ нæ фегъосдзæнæнцæ.
12. Уоми уайгæ сауæдонæ ес.
13. Уоми ес хуссæнтæ ивард,
14. къостæ ивард,
15. бæзтæ ивард,
16. æма горцъетæ итуд.
17. Æдта нур уой нæ уинунцæ, æма теуатæ куд конд æнцæ,
18. куд бæрзонд конд æй арв,
19. куд исивæрдæ ‘й хуæнхтæ,
20. куд райтигъдæ ‘й зæнхæ?
21. Æма амонæ, уомæн æма ду амонæг дæ,
22. æма уонæбæл дæмæ неци баргъондзийнадæ ес.
23. Æхе ка рахата æма ка нæ баууæнда, уони ба
24. Хуцау æбуалгъ гъезæмæрттæй бакайдзæнæй.

25.Махмæ раздæхдзæнæнцæ етæ,

26.Æма си, уæдта, Мах бадæндзинан дзуапп.

89-аг сурæ

Æхсед

(аль-Фаджр)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун æхседæй!
2. Ард хуæрун дæс[1] æхсæвемæй!
3. Ард хуæрун æнкъай æма æнæнкъаййæй!
4. Ард хуæрун æхсæвæй, ку райевгъуйуй, уæд!
5. Гæр, еци сомитæ фагæ нæ ‘нцæ, зунд кæмæ ес, уомæн?
6. Гæр, ду уой нæ фæууидтай, æма Хуцау куд бакодта адиттæн,
7. Ирами адæнæн, кæцитæ адтæнцæ цæгиндзитау,
8. зæнхи цъарæбæл ке хузæн некæд адтæй, уæхæнттæ?
9. Самудианти хæццæ, кæцитæ адаги къæдзæхтæ рафадиуонцæ?
10. Бæхъити хецау – Фёрёони хæццæ[2]?
11. Етæ ци ‘нгъезуй, уой арæнтæбæл рахизтæнцæ зæнхи цъарæбæл
12. æма си æнаккагдзийнадæ парахат кодтонцæ.
13. Æма сæбæл уæдта дæ еунæхуцау гъезæмæрттæ никкалдта.
14. Уастæн, дæ Еунæхуцау арæсæни бадуй.
15. Хуцау адæймаги ку фæффæлваруй, Æ хуарзæнхæ кенæ ин Æ фарнæй бахайгæнгæй, уæд е фæззæгъуй: “Мæ Еунæхуцау мин искадæ кодта!”
16. Хæлцадæй æй исунгæг кæнгæй ку фæффæлваруй Е, уæдта фæззæгъуй: “Мæ Еунæхуцау мæ фегадæ кодта!”
17. Æгириддæр нæ! Сумах уæхуæдтæ нæ кадæ кæнетæ седзæртæн,
18. кæрæдзей нæ разæнгард кæнетæ мæгури æфсадунмæ,
19. зудæй бахуæретæ уæ бунтæ

20. æма ænæбærцæ уарзетæ гъæздугдзийнадæ.
21. Фал нæ! Зænхæ ругæ ку феста
22. æма дæ Еунæхуцау, рæнгъитæй ærлæугæ изædти хæццæ, ку ‘рбацæуа,
23. уæд еци бон ærбакæндзænæнцæ дзаханаман дæр, æма уæд адæймаг æримисдзænæй и Фædзæхст. Фал ма цæмæн гъæудзænæй уæхæн æримист?
24. Е зæгъдзænæй: “Уой бæсти ба раздæр ку расагъæс кодтайнæ мæ царди туххæй!”
25. Еци бон, Е куд бафхуæруй, уотæ неке бон исуодзænæй бафхуæрун[3],
26. æма Е цæхуæн хъадаматæ исиваруй, уæхæн хъадаматæ исиварун неке бон исуодзænæй.
27. Уо, ænцойнæ иссерæг уод!
28. Дæ Еунæхуцаумæ раздæхæ аразийæй æма æнтæстдзийнадæ иссерæгæй!
29. Бацо Мæ цагъарти тумугъмæ!
30. Бацо Мæн дзенетмæ!

90-аг сураæ

Горæт

(аль-Балад)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун аци[1] горætæй!
2. Ду[2] цæрис аци горæти.
3. Ард хуæрун нийерæгæй æма е ке нийердта, уомæй!
4. Адæймаги Мах исфæлдистан хъиамæти хæццæ.
5. Æма нур е уотæ æнгъæл уй, æма уой хæццæ неке исарæхсдзænæй?
6. Е зæгъуй: “Æзænæкæрон гъæздугдзийнадæ бабун кодтон!”
7. Гæр, е уотæ æнгъæлуй, æма æй неке фæууидта?
8. Мийаг ин Мах нæ равардтан дууæ цæсти,
9. æвзаг æма дууæ били?

10. Миййаг æй Мах дууæ тегъемæ нæ фæххудтан?
11. Е кæрз хæрдбæл не ссудæй.
12. Кæцæй æй гъæуама зудтайсæ, кæрз хæрдæ ци ‘й, уой?
13. Е – цагъар исуæгъдæ кæнун,
14. кенæ стонг бони бафсадун
15. хæстæгутæй седзæри,
16. кенæ зæнхæбæл ниддæлгоммæ уæвæг мæгури.
17. Уой фæсте ба, ка баууендтæй æма кæрæдземæн бухсундзийнадæ ка фæдзахста æма кæрæдземæн уодибæстгундзийнадæ ка фæдзахста, уонæй еу ун гъæуй.
18. Рахесфарсæй лæууæг адæн уæхæнттæ ‘нцæ.
19. Ка нæ баууендтæй Не ‘вдесæнтæбæл, етæ ба галеуфарсæй лæууæг адæн æнцæ,
20. кæцити сæрмæ бахгæндзæнæй содзгæ арт.

91-аг сураæ

Хор

(аш-Шамс)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун хор æма æ тæмæнæй!
2. Ард хуæрун æ фæдбæл цæуæг мæйæй!
3. Ард хуæрун æ[1] тæмæн бæрæг кæнæг бонæй!
4. Ард хуæрун æ римæхсæг æхсæвæй!
5. Ард хуæрун арвæй æма ‘й ка исивардта, Уомæй!
6. Ард хуæрун зæнхæй æма уой ка райтигъта, Уомæй!
7. Ард хуæрун уодæй æма ин бæрцаг уиндæ ка равардта,
8. æма ин федардзийнадæ æма хуцаудасдзийнадæ ка равардта, Уомæй!
9. Æнтæстгин е æй, æма ‘й ка искæдзос кодта,

10. æма зæранæрхæссæг ба е æй, уой ка фегадæ кодта.
11. Самудиантæ пахампари мæнгæбæл се ‘наккагдзийнади туххæй банимадтонцæ,
12. æма си сæ тæккæ ænамонддæр æвзурст æрцудæй тæрегъæд æрхæссунæн[2].
13. Хуцауи минæвар син загъта: “И теуа æма и ниуазæндон гъæуай кæнетæ!”
14. Етæ ‘й мæнгæбæл банимадтонцæ æма ин[3] æ нуæрттæ ралух кодтонцæ, Хуцау ба сæ бафхуардта сæ тæрегъæди туххæй, кæци се ‘гасемæн дæр ænхузæн адтæй.
15. Е æ фæстеугутæй нæ тарстæй.

92-аг сураæ

Æхсæвæ

(аль-Лейл)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун зæнхæ бамбæрзæг æхсæвæй!
2. Ард хуæрун рохсæй тæмæнтæ калæг бонæй!
3. Ард хуæрун нæлгоймаг æма силгоймаг Ка исфæлдиста, Уомæй!
4. Уæ тæлæнтæ фæйнæхузон æнцæ.
5. Битир ка лæвардта æма хуцаудас ка адтæй,
6. ци хуæздæр æй, уобæл аразι ка адтæй,
7. уонæн Мах фенцондæр кæнæн и над æнцондæрдзийнадæмæ.
8. Къинди ка адтæй æма уотæ ка ‘нгъæл адтæй, æма е ници гъæуагæ ‘й,
9. ци хуæздæр æй, уой мæнгæбæл ка банимадта,
10. уонæн ба Мах фенцондæр кæндзинан и над фуддæрдзийнадæмæ.
11. Æма къахтмæ[1] гæлст ку ‘рцæуа, уæд ин æ гъæздугдзийнæдтæ нæ фæййагъаз уодзæнæнцæ.
12. Махæн æррæстæ надбæл хонун фæткæ уй.
13. Фæстаг цард дæр æма фиццаг цард дæр Мах бæрни ‘й.

14.Æз уин уæхе бахезун кодтон содзгæ артæй.
15.Уордæмæ бацæудзæнæй тæккæ ænамонддæр,
16.кæци æцæгдзийнадæ мæнгæбæл нимайуй æма æхе рахатуй.
17.Уомæй хуцаудас изол уодзæнæй,
18.кæци æ гъæздугдзийнадæ иуаруй, кæдзосгæнгæй,
19.æма аллихузи битирдзийнадæ ænхæст кæнуй,
20.æрмæст æ Бæрзонд Еунæхуцауи Цæсгон фæууинуни туххæй.
21.Е ænæмæнгæ арази уодзæнæй.

93-аг сурæ

Сæумæ

(ад-Духа)

Хатиргæнагædæр æма тæрегъædгæнагædæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун сæумæй!
2. Ард хуæрун æхсæвæй, ку ниссулæг уй, уæд!
3. Дæ Еунæхуцау дæ нæ ниууагъта æма Ин ænæуинон дæр нæ фестадтæ.
4. Уастæн, абони бонæй дин федæн хуæздæр æй.
5. Дæ Еунæхуцау дин ænæмæнгæ хуæрзтæ фæууодзæнæй, æма аразийæй байзайдзæнæ.
6. Миййаг дæ седзæрæй не ‘ссирдта æма дæ нæ байазта?
7. Е дæ фæдздзæгъæл уæвæгæй, миййаг, не иссирдта æма дæ раст надбæл нæ рахудта?
8. Е дæ мæгурæй не иссирдта æма дæ не сгъæздуг кодта?
9. Уомæ гæсгæ ба ма унгæг кæнæ седзæри!
10.Æма мæ сорæ корæги!
11.Æма дæ Еунæхуцауи хуарзæнхæмæ седæ.

94-аг сурæ

Райгон кæнундзийнадæ

(аль-Инширах)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Миййаг дин дæ реу нæ райгон кодтан?
2. Æма дин дæ уаргъ не систан,
3. кæци дæ рагъбæл уæзæ кодта?
4. Миййаг дин Мах дæ ковундзийнадæ не сбæрзонд кодтан?
5. Уастæн, алли уæззаудзийнади фæсте дæр рæуæгдзийнадæ фæууй.
6. Алли уæззаудзийнади фæсте дæр рæуæгдзийнадæ фæууй.
7. Уомæ гæсгæ ба, куддæр исуæгъдæ уай, уотæ райдайæ архайун
8. æма дæ Еунæхуцаумæ ниййарæцæн уо!

95-аг сураæ

Легъон*

(ат-Тин)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун легъон æма оливæй[1]!
2. Ард хуæрун Синайи[2] хонхæй!
3. Ард хуæрун аци æдас горæтæй[3]!
4. Адæймаги Мах исфæлдистан рæсугъд фæлгонцæй.
5. Уой фæсте ба ‘й Мах нивзелдзинан тæккæ ниллæгдæр бунатмæ,
6. ка бауувæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, уонæй фæстæмæ. Уонæн ба æведуйгæ хуæрзеуæг цæттæгонд æй.
7. Æма дæ уой фæсте ма мæнгæбæл ци нимайун кæнуй бахадтдзийнадæ?
8. Миййаг, Хуцау зундгиндæр Тæрхонгæнгутæй нæй?

---

* Легъон – смоковница.

96-аг сурæ

Гуппар

(аль-Аляхъ)[1]

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Аргъауæ дæ Еунæхуцауи номи алфæн, Кæци исфæлдиста алли уæвæги дæр.
2. Е адæймаги исфæлдиста тоги гуппарæй.
3. Аргъауæ, уомæн æма дæ Еунæхуцау æгасемæй Барагæдæр æй.
4. Е исахур кодта финсæн пъерой фæрци –
5. адæймаги исахур кодта, ци нæ зудта е, уобæл.
6. Фал нæ! Адæймаг рахезуй, ци нгъезуй, уой арæнтæбæл,
7. уотæ ‘ймæ ку фæккæсуй, æма е неци гъæуагæ ‘й.
8. Фал дæ Еунæхуцаумæ уодзæнæй раздæхт.
9. Миййаг нæ фæууидтай, ка хъор кæнуй
10. цагъари, намаз ку фæккæнуй, уæд?
11. Куд дæмæ кæсуй, æма кæд е раст надбæл лæудтæй,
12. кенæ ба Хуцауæй тæрсундзийнадæмæ кæд седтæй, уæдта?
13. Куд дæмæ кæсуй, æма кæд æцæгдзийнадæ мæнгæбæл банимадта æма æхе рахадта, уæдта?
14. Гæр, уой нæ зудта, æма ‘й Хуцау ке уинуй?
15. Фал нæ, ку нæ ниууадза, уæд æй Мах æ гоппæй æрахæсдзинан –
16. мæнгæ гопп, тæрегъæдгун.
17. Æма е ‘мбурдмæ седæдт.
18. Мах зиндони гъæуайгæстæмæ ку фæдздзордзинан!
19. Фал нæ! Æ коммæ ин ма кæсæ, фал дæлгоммæ дæхе æргæлдзæ æма Хуцаумæ æрбахæстæг уо.

97-аг сурæ

Уацахæссæн

(аль-Хъадр)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Уастæн, Мах æй[1] нирвистан уацахæссæн æхсæви.
2. Ду æй гъæуама кæцæй зудтайсæ, уацахæссæн æхсæвæ ци æй, уой?
3. Уацахæссæн æхсæвæ мин мæйемæй хуæздæр æй.
4. Еци бон изæдтæ æма Мон[2] сæ Еунæхуцауи фæндæй ниццæунцæ Е ‘гас фæндæнтти фæдбæл.
5. Ёма сёуёхседи ралёудмё дёр рёстмё фёууй.

98-аг сураæ

Æцæг æвдесæн

(аль-Беййинæ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Киунуги æнæууæнкæ адæн æма берæ хуцæуттæмæ ковгутæ се ‘нæууæнкæдзийнадæбæл нæ бахъоди кодтонцæ, цалдæн сæмæ æцæг æвдесæн нæ фæззиндтæй –
2. Хуцауи минæвар, кæци аргъауй кæдзосгонд свиткитæ[1].
3. Уонæми æцæг финстæгутæ ес.
4. Киунугæ кæмæн лæвæрд адтæй, етæ ниддехтæ ‘нцæ, æцæг æвдесæн сæмæ ку фæззиндтæй, æрмæст уæд.
5. Кæд æма уонæн ихæсгонд адтæй Хуцауæн æрмæст раковун, зæрдиагæй ин косгæй, куд еу Хуцаумæ ковгутæ ин намаз кæнун æма закиат федун. Е раст дин æй.
6. Уастæн, Киунуги æнæууæнкæ адæн æма муртактæ зиндони амæттæгтæ уодзæнæнцæ, æма уоми байзайдзæнæнцæ æности. Етæ исфæлдесæндти

фуддæртæй æнцæ.

7. Уастæн, ка бауæндтæй æма хуарз гъуддæгтæ ка аразта, етæ ифæлдесæндти хуæздæртæй æнцæ.
8. Уонæн сæ Еунæхуцаумæ уодзæнæй дзенети рæзбунтæ, кæцими цæугæдæнттæ уайуй. Етæ уоми уодзæнæнцæ æности. Хуцау си арази æй, æма Си етæ дæр арази ‘нцæ. Е, Хуцауæй ка тæрсуй, уонæн цæттæгонд æй.

99-аг сураæ
Зæнхинкъуст
(аз-Залзалæ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Зæнхæ ку базмæла зæнхинкъуститæй,
2. зæнхæ ку истона æ уаргъ,
3. æма адæймаг бафæрсдзæнæй, е ци кæнуй,
4. æма е ракæндзæнæй æ хабар,
5. уомæн æма, дæ Еунæхуцау дин æй баусдзæнæй.
6. Еци бон адæн рацæудзæнæнцæ æрдонгтæй, цæмæй сæ гъуддæгтæ фæууинонцæ.
7. Мисхали бæрцæ хуарздзийнадæ дæр ка бакæна, е æй фæууиндзæнæй.
8. Æма мисхали бæрцæ дæр фуддзийнадæ ка бакæна, е дæр æй фæууиндзæнæй.

100-аг сураæ
Уайгутæ
(аль-Адийат)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун хæстолæфтгæнгæ уайгутæй!

2. Ард хуæрун цæхæртæ калæгæй!
3. Ард хуæрун сæуæхседти лæборæгæй,
4. кæцитæ уой[1] ниууадзунцæ руги
5. æма æ хæццæ[2] тъуфули исмедæг унцæ.
6. Уастæн, адæймаг æ Еунæхуцауæн боз нæй,
7. æма е уомæн æхуæдæг æвдесæн æй.
8. Уастæн, е хъæбæр берæ уарзуй гъæздугдзийнæдтæ.
9. Гæр е уой нæ зонуй, æма ингæнти ци ес, етæ ку рауæлæгонд уонцæ,
10. æма ку исбæрæг уа, реуи ци ес, уæд
11. еци бон Хуцау уони тухxæй алцидæр ке зондзæнæй?

101-аг сурæ

Устур бæллах

(аль-Хъари'а)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Устур бæллах[1]!
2. Ци 'й Устур бæллах?
3. Кæцæй æй гъæуама зудтайсæ, ци æй Устур бæллах, уой?
4. Еци бон адæн ниххæлеу уæвæг гæлæботау уодзæнæнцæ,
5. хуæнхтæ ба фаст гъунау уодзæнæнцæ.
6. Æма уæд ке Барæнтæ уæззаудæр разиннонцæ, уой
7. æхсидзгон цард фæууодзæнæй.
8. Ке Барæнтæ разиннонцæ рæуæг, уой
9. цæрæнуат ба уодзæнæй Сæрсæфæн.
10. Кæцæй æй гъæуама зудтайсæ, е ци æй, уой?
11. Е содзгæ арт æй!

102-аг сурæ

Бæркæнуйнадæмæ мондагдзийнадæ

(ат-Такасур)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Бæркæнуйнадæмæ мондагдзийнадæ уæ рацибæл кæнуй,
2. цалдæн ингæнбæл не сæмбæлетæ, уæдмæ.
3. Фал нæ! Тагъд базондзинайтæ!
4. Еу ма хатт нæхъ! Тагъд базондзинайтæ!
5. Гъо нæ! Нур уæмæ зонундзийнæдти нифс æнхæстæй ку адтайдæ!
6. Сумах æнæмæнгæ фæууиндзинайтæ зиндонæ.
7. Сумах æй фæууиндзинайтæ уæхе цæститæй.
8. Еци бон фарст æрцæудзинайтæ хуæрзеугутæбæл.

103-аг сурæ

Рагизæр

(аль-Аср)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Ард хуæрун рагизæрæй,
2. адæн базæрангонд ке уодзæнæнцæ,
3. ка баууæндтæй, хуарз гъуддæгтæ ка аразта, кæрæдземæн æцæгдзийнадæ ка уосиат кодта æма кæрæдземæн бухсундзийнадæ ка уосиат кодта, уонæй фæстæмæ!

104-аг сурæ

Фауæг

(аль-Хумаза)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Додоййаг æй цифæнди фауæг дæр æма зæрдихуд æрхæссæг дæр,
2. кæци æмбурд кæнуй мулк æма ‘й нимайуй,
3. уотæ æнгъæл уогæй, æма ‘й и гъæздугдзийнадæ феносон кæндзæнæй.
4. Фал нæхъ! Е алци æууелæг артмæ гæлст æрцæудзæнæй.
5. Кæцæй гъæуама зудтайсæ, алци æууелæг арт ци æй, уомæн?
6. Е Хуцауи бандзарст арт æй,
7. Кæци исистуй зæрдити сæрмæ.
8. Е байеу уодзæнæй сæ сæрмæ
9. бæрзонд цæгиндзитæй.

105-аг сурæ

Пил

(аль-Филь)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Гæр ду нæ фæууидтай, Хуцау ци бакодта пили хецæуттæн?
2. мийййаг син сæ мæнгард фæндитæ нæ ниххæлхъой кодта,
3. æма сæбæл нæ рауагътон тæхгæцъеути дзогæ?
4. Етæ сæбæл æхстонцæ дортæ сугъд сигитæй
5. æма сæ хускъæ æфсери сифтау фестун кодтонцæ.

106-аг сурæ

Курейшиттæ

(Курейш)

Хатиргænагædæр æма тæрегъædгænагædæр Хуцауи номæй.

1. Курейшитти байеу кæнуни алфæн*,
2. зуймон æма сæрдигон балцити рæстæги еудзийнади туххæй.
3. Уадзæ æма аци Хæдзари[1] Хуцауæн ковæнтæ,
4. кæци сæ бафсаста стонгдзийнади фæсте æма сæ тасæй исуæгъдæ кодта.

107-аг сурæ
Битир
(аль-Ма'ун)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Дин мæнгæбæл ка нимайуй, уой, миййаг, фæууидтай?
2. Е, седзæри ка тæруй
3. æма мæгури бафсадунмæ ка нæ разæнгард кæнуй, е æй.
4. Додой ковгутæн,
5. кæцитæ æнæмæтæ 'нцæ сæ намазтæмæ,
6. кæцитæ цорон миутæ кæнунцæ
7. æма битир дæр нæ раттунцæ!

108-аг сурæ
Бæркад
(аль-Каусар)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Мах дин балæвар кодтан Бæркад[1].
2. Уомæ гæсгæ ба дæ Еунæхуцауи туххæй намаз кæнæ æма нивондаг, цит, нивгæрдæ.
3. Уастæн, де 'нæуинон æхуæдæг æвæд разиндзæнæй.

---

* Алфæн – ради, во имя.

109-аг сураæ

Æнæууæнкитæ

(аль-Кафирун)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Зæгъæ: “Уо æнæууæнкитæ!
2. Сумах кæмæ коветæ, æз уомæ нæ ковун,
3. сумах ба, æз Кæмæ ковун, Уомæ нæ коветæ.
4. Сумах куд коветæ, уотæ æз нæ ковун,
5. сумах ба, æз куд ковун, уотæ нæ коветæ.[1]
6. Сумах хæссетæ уæ дин, æз ба хæссун мæ дин!”

110-аг сураæ

Æнхус

(ан-Наср)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Хуцауи æнхус ку ‘рхъæрта æма уæлахез ку ‘рцæуа,
2. адæн æрдонгтæй Хуцауи динмæ сæхе куд хатдзёнёнцæ, уой ку фæууинай,
3. уæд дæ Еунæхуцауæн истабу кæнæ æма Си хатир ракорæ. Уастæн, Е фæсмонгæнæги фæсмон Есæг æй.

111-аг сураæ

Пальми хаутæ

(аль-Масад)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Абу Лахаби къохтæ бахускъæ уæнтæ, æма е æхуæдæг дæр бабун æй.
2. Æ гъæздугдзийнадæ ин нæ фæййагъаз æй, æма е неци испайда кодта æхецæн.
3. Е содзгæ артмæ бахаудзæнæй.
4. Æ уосæ согтæ хæсдзæнæй,
5. и уоси хъурбæл ба бидт бæттæн баст уодзæнæй пальми хаутæй.

112-аг сураæ

Кæдзос аргъуд

(аль-Ихлас)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Зæгъæ: “Е Еунæг Хуцау æй,
2. Æносон Хуцау.
3. Е нæ ниййердта æма нæ райгурдæй,
4. æма Уомæн æмбал нæййес”.

113-аг сураæ

Бонивайæн

(аль-Фæляхъ)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Зæгъæ: “Бонивайæни Хецаубæл мæхе фæдзæхсун,
2. Ба мæ хезæ Уой арæзт фуддзийнадæй,
3. Ба мæ хезæ æхсæйвон талинги фудракондæй,
4. Ба мæ хезæ кæлæнгæнæги кæлæнтæй,
5. Ба мæ хезæ соцъагæнæги лиагъæй.”.

114-аг сураæ

Адæн

(ан-Нас)

Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæнагæдæр Хуцауи номæй.

1. Зæгъæ: “Мæхе фæдзæхсун адæни гъæуайгæнæг Еунæхуцаубæл,
2. адæни Паддзахбæл,
3. адæни Хуцаубæл,
4. Хуцауи ном ергæй, æрбайсæфæг цибæлгæнæги фуддзийнадæй,
5. кæци ардауй адæни реути,
6. дзинтæ æма адæнæй”.

ТÆФСЕРТÆ

ЛÆДÆРУНГÆНÆНТÆ

1-аг сурæ

1 Еуетæмæ гæсгæ уотæ нимад цæуй, æма аци сурæ æрвист æрцудæй Мекки. Иннетæмæ гæсгæ ба – Медини. Еуæй-еу динæртасгутæмæ гæсгæ ба аци сурæ дууæ хатти æрæрвистæй: фиццаг хатт – Мекки, дуккаг хатт ба – Медини.

Фиццаг сурæ нимад цæуй Хъурани Мадæбæл, Финстæги Мадæбæл, кæций аргъаун гъæуй æгасемæй арæхдæр.

2 Аци айати туххæй динæртасгутæ фæйнæхузон дзорунцæ. Медийнаг, шамаг æма басрийаг динæртасгутæ ай фиццаг сури айатбæл нæ нимайунцæ, фал æй

нимайунцæ хецæн айатбæл, кæци лæвæрд æй суритæ кæрæдземæй дехгæнæгæй.

Фал хъуфийаг æма меккайнаг динæртасгутæ ба уой нимайунцæ “Байгонгæнæг” (“аль-Фатиха”) фиццаг айатбæл.

3 Ами дзурд цæуй пусулмæнтти туххæй.

4 Ами дзурд цæуй уерæгти (иудейти) туххæй (аль-магдуб ‘алейхим - Хуцауи зæрдихудти бацæугутæ).

5 Ами дзурд цæуй киристæнтти туххæй (аддаллин - рæдуди надбæл рацæугутæ).

2-аг сурæ

1 Сурæ “Гъог” æй, Пахампар (Хуцауи хуарз салам æй уæд) Мединæмæ ку фæллигъдæй, уæд ин ци æргомгонд æрцудæй, уонæй фиццаг сурæ. Аци сури уæлеуæгдзийнади туххæй берæ хадисти загъд цæуй.

И сурæн æ сæргонд лæвæрд æй 67 – 71 айаттæмæ гæсгæ, кæцими загъд цæуй, Мусай (Моисей) фæндонмæ гæсгæ уерæгтæ (иудейтæ) ци гъог нивгарстонцæ, уой туххæй.

2 Æз, адæн, гъудитæ.

Араббаг алфавити дамугъати нæмттæ. Сæ нисанеуæги туххæй берæ загъд цæуй. Араббаг алфавити 28 дамугъай ес, æма 29 сури дæр райдайунцæ еци дамугъатæй фæйнæхузи комбинацигондæй. Еуетæмæ гæсгæ аци дамугъати нисанеуæги ести символикæ ес, æма кæд нуртæкки лæдæрдгонд нæй, уæд ескæд еци символикæ æртæст æрцæудзæнæй.

3 Гъома, “Хуцауи хуарзæнхæ нæ райсунæй тæрсгæй”.

4 Араббагævзаги “сайтан” дзурдæй фæббæрæг кæнунцæ цийфæнди уодгоймаги дæр, кæци фудгъуддæгтæ аразунмæ рацибæл кæнуй.

5 Хаст цæуй Адами сувæллæнттæмæ, ка адтæй, æй кенæ ба ка нæма райгурдæй, уонæмæ.

6 Араббаг дзурд “маут”-æн ес дууæ нисанеуæги: 1) рамæлун; 2) æппун нæ ун.

Ами дуккаг нисанеуæгмæ хæстæгдæр æй.

7 Загъд цæуй уерæгти (иудейти) фæтки туххæй, кæцимæ гæсгæ етæ ænцæ Хуцауæйævзурст адæн, æма Хуцау уони хæццæ хецæн Бадзурд (Договор) исаразта, кæций æз ами тæлмац кæнун куд “Фæдзæхст” (“Завет”), уомæн æма еци Бадзурд уерæгтæ сæхуæдтæ хонунцæ “Фæдзæхст”.

8 Дзурд цæуй Хъурани туххæй, кæци ærвист æй æ размæ ци Финстæгутæ ærвист адтæнцæ (Мусай Закъон æма Киристей Евангели), уони æцæгдзийнадæбæл бавдесæн кæнуни туххæй.

9 Гъома, “закиат”-и хузи битир дæттун. Æ нисанеуæг уой медæгæ ‘й, æма алли анз дæр фæгъгъæуй барвæндæй цитгин Рамазани мæйи дæ мулкæй процент дæттун.

10 Сæри æркъолæгонд æй уерæгти ковундзийнади сæйрагдæр хецæндзийнадæ.

11 Библийæй Моисей (Муса). Библимæ гæсгæ, Синайи хонхбæл Моисей 10 уосиати ку райста, уæд имæ Еунæхуцау уордæмæ нæуæгæй фæдздзурдта, æма е уоми фæцæй 40 бони æма 40 æхсæви (*кæсæ* Исх. 24:18). Еци рæстæгмæ уерæгтæ, нæбал ниггæдзæ кæнгæй, сæхецæн исаразтонцæ сугъзæрийнæй гумери æма ‘ймæ ковун райдæдтонцæ, нивонд ин æрхæсгæй. “Адæн уой ку фæууидтонцæ, æма Моисей хонхæй дзæвгарæ рæстæг ке не ‘рцæуй, уой, уæд Ааронмæ æрæмбурд ænцæ æма ин загътонцæ: исистæ æма нин хуцау исаразæ, кæци нæ разæй цæуа, уомæн æма еци адæймаги хæццæ, Моисей хæццæ, нæ зонæн ци ‘рцудæй. Æма син Аарон загъта: уæ сугъзæрийнæ гъосицæгтæ раласетæ æма сæ мæнмæ æрбахæссетæ. Æма æгас адæн дæр сæ гъосицæгтæ рафтудтонцæ сæ гъостæй æма сæ æрбахастонцæ Ааронмæ. Е сæ райста æма си сугъзæрийнæ гумери исаразта. Æма етæ загътонцæ: мæнæ дæ хуцау, Израил, кæци дæ Египети зæнхæй рахудта!” (Исх. 32:1 – 4). Хъуранмæ гæсгæ ба сугъзæрийнæ гумери Хуцауи ærвист лæг Харум (библийаг Аарон) не саразта, фал – Самири. Кæсетæ С.20, 85 – 96 айаттæ.

12 Æвæдзи дзубанди 70 израилагебæл цæуй, кæцити Хуцауи цæсгон фæууинун фæндадтæй, æма сæ арв ниццавта æма фæммардæнцæ, фал Мусай искувдмæ

гæсгæ ба фæстæмæ æрцудæнцæ игасгонд.

13 Иерусалими горæт.

14 Назорейæгтæ – уерагкиристæнттæ. Назорейтæ худтонцæ фиццаг киристæнтти. Дзурд “киристон” фæззиндтæй берæ фæстагдæр, Антиохий (Сирий). Феодорит (IV в.) уотæ финста: “Назорейтæ уерæгтæ ‘нцæ, кæцитæ Киристейæн цитæ кæнунцæ куд раст адæймагæн, æма етæ пайда кæнунцæ Петрæй лæвæрд Евангелийæй”. Филострат (IV в.) ба финста: “Киристемæ куд Хуцаумæ, Хуцауи фуртмæ, етæ не ‘нгъæлмæ кæсунцæ, фал имæ æнгъæлмæ кæсунцæ, æрмæст пахампар æма раст лæгбæл æй нимайгæй”.

15 Сабейæгтæ адтæнцæ Дæллаг Мессопотамий цæрæг адæнихатт, кæцити худтонцæ уас Иони киристæнттæ. Уонæн сæ финстæг (Джинза) лæвæрд æй арамейаг æздæхбæл. Етæ Хонсар Аравий, кенæ Сабейаг паддзахади устур æзнæмтæ адтæнцæ. Сæ кой цæуй Библий дæр. Нæ доги II æноси Сабейæгти паддзахади сæйраг горæти размæ колдуф арæзт адтæй донмарæнæн. Зæнхи ‘нкъусти фæсте колдуф фехалдæй æма æгас дон дæр горæтбæл ракалдæй. Дон горæти цæргути дæр фæлласта, уæдта зæнхкосгути будуртæ дæр бабун кодта. Араббаг-иоктанидти æзнæмтæй беретæ рараст æнцæ цæгатæрдæмæ, исмæилитти бæстæмæ. Етæ байстонцæ Меккæ æма курæйшит-исмæилиттæн ба Каабæбæл сæ барæ дарундзийнадæ байстонцæ. Исмæилиттæй уонæмæ гумеритæмæ ковундзийнадæ тухгиндæр адтæй, уæдта сæмæ фулдæр хуцæуттæ адтæй. Курейшиттæ еци гъуддагбæл арази нæ адтæнцæ, æма V æноси ба Мæхæмæти фиддæлтæй еуемæн бантæстæй фæстæмæ сæ бартæ байсун Каабæбæл.

Араббаг “сабеин” уотемæй кæд “сабейаг” нæ, фал “сабийаг” нисан кæнуй, уæдта уой æндæр хузи лæдæрун гъæуй: ханифтæмæ Ибрæгими (Аврами) æцæг финститæ ке нæ адтæй, уой тухxæй халдейаг æвзагæй араббаг æвзагмæ Ибрæгими финститæ (сохофтæ) тæлмац кодтонцæ, æма етæ ба нимад адтæнцæ сабийæгти сугъдæг киунугутæбæл, кæцити кой цæуй Хъурани дæр.

16 Аравий сакъадахи хонх. Æ дууердигæй дæр Сурх денгиз ес. Нури рæстæги и хонх хонунцæ “джабал Муса” (“Мусай хонх”). Еу анзи æндæргъци æ рæбун

уерæгти рæсæнуат адтæй. Хуцауи хæццæ Бадзурд дæр еци рæстæги федаргонд æрцудæй. Уой туххæй финст цæуй уерæгти фæткæбæл (*кæсæ* Исх. 19: 5 – 18), уæдта пусулмæнтти фæткæбæл (*кæсæ* С.2, 285 а.; С.5, 7 а.).

17 Марди.

18 Торæй ци тобæгонд адтæй, уонæй.

19 Торæмæ гæсгæ.

20 Иса – библий Иисус, Майра – библий Мария.

21 Хъурани ахур ка райста.

22 Гумеритæмæ ковгутæ.

23 Уерæгтæмæ Джабраил (Гавриил) æвдеу изæдбæл нимад æй, уомæн æма уонæмæ гæсгæ Хуцау æрцæуæг фудти туххæй Джабраили цъухæй федеудта æма Æ тæрхон дæр Ин е исæнхæст кæнидæ.

24 Хъуран.

25 Сулейман (библий Соломон, рагон дзиуиттаг æвзагбæл – Шломо – нисан кæнуй "сабур", "сабурдзийнадæй гъæздуг") æй Дауити фурт Фирсавийæй. Паддзахеуæг кодта нæ доги агъоммæ 1015 анзæй 975 анзмæ. Паддзахеуæг кæнун ку райдæдта, уæд цуппар анзей фæсте ба Хуцауи фæдзæхстмæ гæсгæ аразун райдæдта Ковæндонæ.

26 Иудей.

27 Араббæгтæ-муртактæ.

28 Ибрæгим (*библий* Авраам) райгурдæй Халдейаг горæт Ури нæ доги агъоммæ 2000 анзи. Ури горæти е фæццардæй 70 анзи, уой фæсте ба, Хуцауи дзурдмæ гæсгæ, æ муртакк хæстæгутæ ниууагъта æма ралигъдæй Харранмæ (Мессопотами). Æ хæццæ ралигъдæнцæ æ фидæ, æ уосæ Сарæ æма æ фæззиангонд æнсувæри фурт Лот. Ибрæгимбæл 75 анзи ку рацудæй, уæд цæугæцард гæнгæй бафтудæй фæрнгун (обетованная) зæнхæмæ. Фал стонг æнзтæ ке ралауæдтæнцæ еци зæнхитæбæл, уой туххæй ба рараст æй Египетмæ. Фонсæй ку исгъæздуг æй, уæдта фæстæмæ Ханаанмæ раздахтæй. Уоми ин, 86 анзи 'йбæл ку цудæй, уæд æ цагъаруосæ нийердта Исмаили –

араббæгти рагфиддæли. Уой фæсте ба Ибрæгим рандæ ‘й Герармæ. Уоми ин, 100 анздзудæй, райгурдæй Исаак – дзиуиттæгти рагфиддæл.

29 Аци таурæхъ, æвæдзи, Мæхæмætæн (ХХСУ) æхе имист æй, уомæн æма уерæгти финстити æ кой æппундæр некæми ес.

30 Йакуб (библий Иаков) – Исхак æма Ревекки фурт. Йакуби 12 фуртемæй равзурдæнцæ, Египетæй Муса ци адæн ракодта, етæ.

31 Хæстæг царди (зæнхæбæл).

32 Пахампарти æхсæн нæ, фал æрвист æргомæгти æхсæн неци уæлдай ес.

33 Хъибиллæ – ковгæй аргом цирдæмæ хатун гъæуй, уой æвдесæг. Фиццаг рæстæгути ковгæй се ‘ргом разелиуонцæ Каабæмæ, фæстæдæр ба уераг æма кириcтон динтæ ку фæззиндтæй, уæдта се ‘ргом æздахун райдæдтонцæ Иерусалимæрдæмæ. Ибрæгими дин Мæхæмæт (ХХСУ) пахампари рæстæги ку раздæхтæй, уæдта Хъибиллæ бабæй иссæй Меккæ. Ислам ку фæззиндтæй, уæддæр ма фиццаг рæстæгути ковгутæн Хъибиллæ Иерусалим адтæй.

34 Мæхæмæти (ХХСУ). Æ фæззиндæ ин рагфæдзахстонцæ Финстæги.

35 Мекки рази, Зæм-Зæми сауæдони фалдзости дууæ туппури (къоли). Таурæхътæмæ гæсгæ Зæм-Зæм истудта Исмаили мадæ Хаджари искувди фæсте.

36 Кааби.

37 Тобæгонд къолтæ Сафа æма Мервбæл зилдæгæй хадзи кæнун.

38 Цитгин Рамазани мæйи кæрон хуæрзæн æй, ком дарун куддæр фæууа, уотæ изæрдалингти мæзгитмæ фæццæун.

39 Гъома, азарт гъæзтитæ, хæснатæ æма хе пайдай тухxæй ести лæвæрттæ кæнун не ‘нгъезуй.

40 Муртакти, берæ хуцæуттæмæ ковгути.

41 Мини будури æртæ боней æндæргъци.

42 Шорейки фурт Ахнас, Сакифитиайнаг.

43 Синани фурт Согайб, Ромаг, грекъаг.

44 Политеисттæ, берæ хуцæуттæмæ ковгутæ æма муртактæ синонимтæ ænцæ.

45 Самуил пахампар. Самуил минæвар (дзиуиттаг Шамуэль – "Хуцауæй игъуст æй"), Ефреми æзнæмæй, æригон уогæй Хуцауи фæндон æнхæст кæнун райдæдта, æма Хуцауи æрвист Æргомæгтæмæ гæсгæ израилæгти гумеритæ ниппурхæ кодта (*кæсæ* 1 Пад. 7:3). Самуил зæронд ке адтæй. уой тухххæй æй израилæгтæ ракурдтонцæ, цæмæй син е нæуæг паддзах исивардтайдæ. Æма уæд Самуил сæ сæргъи исивардта паддзахæй Саули (*араббагау* – Талут).

46 Талут (*библиаг* Саул) – израилæгти фиццаг паддзах (1095 – 1055 æнзти нæ доги агъоммæ), бонгин Кисай фурт, Вениамини æзнæмæй. Талут Израилæй фæссурдта фæрсæг, хингæнгутæ æма кæлæнгæнгути. Амаликитианти хæццæ тугъди саст ке 'рцудæй, уой тухххæй ин æ бæсти Самуил паддзахæй исивардта Дауити (*араббагау* – Дауд).

47 Секинæ – *дзиуиттаг* "шекина", цолахъи Хуцауи эманаци.

48 Харум – *библиаг* Аарон.

49 Джалут – *библиаг* Голиаф.

3-аг сурæ

1 Уераг, киристон æма пусулмон пахампартæ еу æзнæмæй рацæугæ 'нцæ. Имран адтæй Харуми (Аарони) фурт. Марйам (Мария) дæр Имрани аулмæ хаудтæй, уомæн æма æ мадæ Ханна (Анна) Имрани уосæ адтæй.

2 Тора – араббагау хуннуй Таурат, Евангели ба – Инджил.

3 Хъуран.

4 Дзубанди цæуй Бадри цори тугъдбæл (13 январи 624 анзи), цитгин Рамазани мæйи Хиджри 2-аг анз. Мæхæмæти (ХХСУ) æфсæдти æдеугураей 313 адæймаги адтæй, меккайнаг æфсæдти ба, Абу Сафиан сæ сæргъи, уотемæй мин адæймагемæй фулдæр адтæй. Фал уæддæр медийнæгтæ фæууæлахез ænцæ.

5 Гъома, Финстæг ка нæ кастæй, уæхæн муртæктæн.

6 Силгоймагæн дини косæгæй лæуун дини æгъдау хæссунæн нæ фæткæ уй.

7 Таурæхътæмæ гæсгæ, еухатт Ибрæгим Ибилиси дорадзагъди буни фæккодта, е æй рацибæл кæнуйнаг ку адтæй, уæд.

8 Ковæн бунат.

9 Мæхæмæт пахампарæн (ХХСУ).

10 Дууин фондз дини косæги Иордани донмæ ниггæлстонцæ Закъони дæнцæнти хæццæ финститæ, фал донæй иснихъулдæнцæ æрмæст Захарий финститæ.

11 Хуцаубæл ка не ‘ууæндтæй, етæ.

12 Езра (библий Иаков) батобæ кодта теуай фид хуæрунбæл.

13 Хуцау ци арæнтæ исивардта, уонæмæ гæсгæ.

14 Мекки.

15Гъома, пусулмон не ‘суогæй.

16 Дзубанди цæуй Махæмæти (ХХСУ) туххæй.

17 Дзубанди цæуй 25 январи 625 анзи Ухуди цори тохи пусулмæнттæ састи бунати ку байзадæнцæ, уæд уой туххæй.

18 Дзубанди цæуй Бадри цори тугъди гиауртæбæл фæууæлахези туххæй.

19 Пусулмæнттæ Бадри цори ку фæууæлахез æнцæ, уæд си нифс бацудæй, фал Ухуди тохи будури фур берæй ку фæууидтонцæ æзнаги, уæдта сæ нифс расастæй.

20 Мæхæмæт пахампар (ХХСУ).

21 Мæхæмæт пахампари (ХХСУ).

4-аг сурæ

1 Аци сурæ аргъуд æрцудæй 625 анзи 3 æма 5 апърели / маййи – 626 анзи июни мæйи æхсæн.

2 Аци сурæ фæззиндтæй Ухуди цори тугъди фæсте. Еци тугъди берæ нæлгоймæгтæ фæммардæй æма фæццæф æй. Уомæ гæсгæ ба берæ сувæллæнттæ байзадæнцæ седзæртæй. Аразун багъудæй берæ социалон

проблемитæ. Уонæй еу проблемæ адтæй силгоймаги бартæ багъæуай кæнун, цæмæй силгоймаги бон бийнонтæ исаразун æма сувæллæнттæ нийерун адтайдæ. Уомæ гæсгæ фæткæвæрд æрцудæй еу лæгæн цалдæр уоси хонун.

3 Уотæ фæззæгъиуонцæ уацайраг кенæ цагъайраг силгоймагæй.

4 Хъахбайдзийнадæ.

5 Гъома, уацайраг кенæ цагъайраг силгоймаг.

6 Æруæд, нæкъех.

7 Гъома, уацайраг силгоймаг ку ‘рхонай, уæд е хъахбай миуæ ку бакæна, уæд æфхуæрд цæуй, сæребар силгоймагæн ци æфхуæрдæ æмбæлуй, уой æрдæг.

8 Дзурд цæуй киристон дини æгъдаубæл, кæцими саугин исуæгъдæ кæнуй адæймаги æ тæрегъædтæй, кæд æма е æхуædæг дæр Хуцауи Тæрхони рази æрлæудзæнæй, уæд.

9 Муртакк дини хуцæуттæ. “Джибтæ” равзурдæй эфиоппаг æвзагбæл “гебт” дзурдæй, “тагъотæ” дзурд дæр равзурдæй эфиопаг æвзагæй. Атæ шиттæмæ хуннунцæ “Му’авийа” æма “Амр”.

10 Гъома, æвудтæ гиаурти рамарæнтæ.

11 Гъома, тугъд райдайунæй уæхе бауораметæ.

12 Фидбилизтæ дæр Хуцауæй лæвæрд æнцæ. фал етæ ба лæвæрд цæунцæ адæнæн сæхе тæрегъædти туххæй.

13 Гъома, адæн сæхецæн ци тæрегъædти бацæунцæ, уой туххæй.

14 Мæхæмæти (ХХСУ).

15 Тексти “къуар”-и бæсти лæвæрд цæуй дзурд “парти”. “Парти” æма “закъон” дзурдтæ библийæй рацæугæ ‘нцæ. Фæстædæр ба еци дзурдтæ дини æгъдауæй рахизтæнцæ цардиуагæ æвдесуни æууæлтæ бæрæггæнæнæнтёмё. Уомæ гæсгæ ба дзурд “парти”-йæн фæззиндтæй бунтон æндæрхузи нисанеугутæ æма ‘й нури рæстæги арæхдæр лædæрунцæ куд политики хæццæ баст гъуди. Цæмæй аргъауæги и дзурди нури нисанеуæг ма расайа, уой туххæй “партитæ” тæлмацгонд цæунцæ æ рагнисанеуæгмæ хæстæгдæр уæвæг дзурдæй – “къуар”,

“къуæрттæ”.

16 Гъома, хуарз ин ракæнуни æфсонæй æй ма бастъегъæ.

17 Мекки ка байзадæй, уонæн уайдзæф.

18 Муртактæ.

19 Муртæктæмæ фонси гъос ралух кæнун нисан кодта, и бæлдатгонд фонс Хуцауæн фæлдист ке ‘рцудæй, уой.

20 Ибилис.

21 Хæниф – “æвæсайд”, “раст”, “æнæсайд”. Аци эпитет араæх æвæрд цæуй Ибрæгимбæл.

22 Гъома, æууæнкæ æма æнæууæнки æхсæн.

23 Иса кенæ Мæхæмæтбæл.

24 Исай рамæлæти кенæ адæймагæн æхе рамæлæти агъоммæ.

25 Муса Хуцауи хæццæ дзурдта Синай хонхбæл, æма пусулмон дини ин кадæгонд цæуй куд Каалим-уллайæн, гъома, “Хуцауи хæццæ ка дзурдта, е”.

26 Гъома, уерæгтæ гъæуама бауууæндонцæ Иса миссийæ ке адтæй, уобæл, киристæнттæ ба уой гъæуама Хуцаубæл ма нимайонцæ, – сæ дууетæ дæр гъæуама æцæгдзийнадæбæл хуæст уонцæ.

5-аг сураæ

1 Аци сураæ беретæ нимайунцæ тæккæ фæстагбæл, рæстæгмæ гæсгæ, æма ‘й рахæссунцæ 6 – 7 / 627-28 – 628-29 æнзтæмæ.

2 Еуæй-еуетæ аци айат дууæ хаййебæл дех кæнунцæ. 1, 4, 5, 7 айаттæ Мæхæмæт (ХХСУ) байаргъудта æ рамæлæти рæстæгмæ хæсдзæф.

3 Æрмæст Хуцауи размæ нæ, фал адæни размæ дæр.

4 Каабæмæ.

5 Фæтти хай – хæлттæ (фæттæ) исгæлдзгæй ци хай æруайа. Араббаг муртактæ хæлттæ исгæлдзиуонцæ æма уотемæй исбæрæг кæниуонцæ, кæбæл ци хай æруайдзæнæй, уой. Хæлттæ гæлстонцæ, саздахъи фат фехсгæй.

6 “Абони” бæлвурд бон нæ нисан кæнуй, уомæн æма Хуцау зæнхон нимæдзæй нæ пайда кæнуй, уæдта Имæ зæнхон категоритæй барст неци цæуй. Фал дзурд “абони” лæдæрун гъæуй куд “пахампари федеуæни æгас рæстæги ændæргъцæ”.

7 Езрай дууадæс аули.

8 Дзурд цæуй Моисей æма е ‘нсувæр Аарони (Харуми) туххæй, Хуцау Моисейи Египетмæ ку цæун кодта, уæд ин æ хæццæ Аарони (Харуми) рауадзунбæл Хуцауæй барæ ку ракурдта, еци цау.

9 Дзубанди цæуй Адами дууæ фуртей Каин æма Авели туххæй. Араббагау етæ хуннунцæ Кабил æма Хабил. Уотæ нимад цæуй, æма аци хабар лæвæрд æрцудæй раздæриккон Финстæги, æма уотæ загъд ке цæуй “аци Финстæг (Хъуран), раздæр лæвæрд ка адтæй, уой æцæгдзийнадæ ниффедар кæнуни туххæй æрвист æй”, уой туххæй аци хабар дæр ами бæлвурдæйævдист нæ цæуй, фал лæвæрд æй куд ævдесæнæн.

10 Нимад æрцудæнцæ уæди рæстæги адæймагæн ци пыткитæ исаразионцæ, етæ.

11 Ами дзурд цæуй æрмæст хуæруйнаги туххæй нæ, фал закъонбæл пайда хаст ци нæй, уæдта давундзийнадæ, къæрнæхдзийнадæ, гæртанхуардзийнадæ, хъахбайдзийнадæ æма азарт гъæзтитæй гъазуни туххæй.

12 Берæ хуцæуттæмæ ку кувдæй, уæд еци рæстæгутæ.

13 Берæ айаттæ фæуунцæ “хасирин” дзурдбæл, кæци нисан кæнуй “зæран ка æрхаста, е”, фал ами дзубанди цæуй мулки туххæй нæ, фал уоди туххæй, гъома, æ уодæн зæрандзийнадæ æрхæссунбæл.

14 Бахъира – (*араббагау*) ‘лухгонд гъоси хæццæ’; саъиба – ‘азатæй хезæг’; васиила – ‘теуай бædæлттæ дæс анзи зайæг’; хамии – ‘хæран, тобæгонд’. Ами дзубанди цæуй муртакти æгъдæуттæбæл. Бахъира нисан кодта уæхæн æгъдау, кæцимæ гæсгæ берæ хæттæлти ка низзайидæ, арæхдæр фæндзæймаг хатт ку низзайидæ, уæд еци силæ теуайæн æ гъос ралух киндæ уидæ, Хуцауæн æй ке иснивонд кодтонцæ, уой нисанæн. Саъиба æгъдау ба нисан кодта, идард балцийæй дзæбæхæй ке æрæздæхтæй, уой туххæн азати (сæребарæй, уæгъдæ)

силæ теуа рауадзун. Васила ба нисан кодта, фæд-фæди еци еу теуа фазон уæситæ ку низзайидæ, уæд уой Хуцауæн ниффæлдесун. Хамии ба аразтонцæ, теуа дæс хатти ку низзайидæ, уæд. Хуцауæн ци фонс ниффæлдесиуонцæ, еци фонс нæдæр доцун не ‘нгъизтæй, нæдæр син сæ гъун ælвинун, нæдæр сæбæл косæн адтæй.

6-аг сурæ

1 Аци сурæ аргъуд æрцудæй хиджри хуæд размæ.

2 Еуетæ уотæ æнгъæлунцæ, æма ами дзурд цæуй зороастрийæгти туххæй.

3 Фæстаг Бони Тærхон.

4 Харти – *араббагау* “кыртас”. Пахампари рæстæги “кыртас” нисан кодта æрмæст папируси тъæффитæ

5 Раст надæй.

6 Зæнхон фонсбæл нимад цæунцæ кæсæлгитæ дæр, хелæгойтæ дæр æма урунгойтæ дæр. Тæхæг цъеутæбæл ба нимад цæунцæ базур кæбæлдæриддæр ес, етæ.

7 Гъома, æнæнецæййаг адæнæн.

8 Дзубанди цæуй зæрдæй хецмæр æма æнæууæнкæ ка ‘й, еци курайшитти туххæй.

9 Аци айат аргъуд æрцудæй, æнæууæнкæ меккайнæгтæ айуангæнгæй сæхе ку бахадтонцæ Мæхæмæтмæ (ХХСУ), цæмæй е, цæмæй сæмæ æртхъеræн кæнуй, уой фæттагъддæр кæнун кæна Хуцауæн.

10 Исæндедзæн Бон, Тærхони Бон.

11 Ибрæгимæн.

12 Мæхæмæт-пахампари рæстæги араббæгтæ.

13 Мекки.

14 Хъуранбæл.

15 Аци айат фæйнæхузи лæдæрд цæуй. Еуетæмæ гæсгæ а нисан кæнуй мади

губун, иннетæмæ гæсгæ ба – ингæн, кæцими гъæуайгонд цæуй исæндедзæн Бони уæнгæ.

16 Аци айат аргъуд адтæй меккайнæгти нихмæ, уой фæсте ба ‘й лæдæрун райдæдтонцæ куд киристæнтти нихмæ айатбæл.

17 Ами Мæхæмæт пахампар (ХХСУ) фиццаг хатт зæгъуй æхе туххæй “æз”.

18 Уотæ нимад цæуй, æма адæн куд, уотæ дзинтæ дæр дех кæнунцæ рæстæгтæ æма гиауртæбæл.

19 Гъома, Мекки горæти.

20 Гъома, рагацау син амунд ке ници æрцудæй, æма етæ Финстæги туххæй ке неци зудтонцæ, уой туххæй.

21 Мæхæмæт (ХХСУ).

22 Тæрхон син Хуцау кæндзæнæй.

23 Ами дзурд цæуй фæлтæрти æййевундзийнадæбæл.

7-аг сурæ

1 Аци сурæ арæзт æй фондз хайиемæй: фиццаг хай (1-56 айаттæ) – Адам æма æ фурттæмæ федеун; дуккаг хай (57 – 100 айаттæ) – рагдзаманти пахампартæ Нох, Сæлих, Шуъайб; æртиккаг хай (101 – 173 айаттæ) – Муса, уæдта дзиуиттæгти идарддæри хъисмæт; цуппæрæймаг хай (174 –185 айаттæ) – Хуцауи æнæном æзнаг; æма фæндзæймаг хай (186 – 205 айаттæ) – фæстаг сахат. Еуæй-еу динæртасгутæмæ гæсгæ, аци сурæ Мæхæмæт пахампар (ХХСУ) æхуæдæг байеу кодта. Амæн æ фиццаг хай, æвæдзи, Мекки аргъуд æрцудæй хадзи гæнгæй.

2 Ибилис.

3 Дзенетæй.

4 Ай балæдæрæн ес дууæ хузи: 1) æрмæст Хуцауи æрдæмæ; 2) æрмæст Кааби æрдæмæ.

5 Ами дзурд цæуй “сосæгæй” намаз кæнунбæл, уæдта битир дæр “сосæгæй”

дæттунбæл, уомæн æма етæ гъæуама зæрдæй цæуонцæ. Æргомæй конд ку цæуонцæ еци гъуддæгтæ, уæдта е фулдæр кæнгæ миуæ уодзæнæй, æрмæст адæни размæ хе бавдесунæн. Хуцау ба, сосæгæй ци бакæнайтæ, уой уæддæр зондзæнæй.

6 Адиттæ – Аравий хонсарæрдæгæй цæрæг адæнихатт. Уоми Шадад паддзах дзенет исаразунвæндæ искодта æма уой тухха́й Хуцауæрдигæй æфхуæрд æрцудæй.

7 Адитти паддзахади фуд стонг рæстæг искодта, æма уой тухха́й фесавдæнцæ.

8 Самудиантæ – Аравий цæгат-нигулæнæрдигæй, Сири æма Мелини астæу, Ад адæни цивилизаций байзæддæгтæ. Етæ æгасæйдæр фесавдæнцæ, Сæлих пахампармæ ке нæ байгъустонцæ, уой тухха́н, зæнхи фенкъусти.

9 Салих Хуцауи фæрци фæййервазтæй зæнхи фенкъусти.

10 Лот – Ибрæгими хуæрифурт, æрвист æрцудæй Содом æма Гоморри адæнмæ.

11 Ами дзубанди цæуй мадйанитти тухха́й. Мадйаниттæ мерæдзой (цæугæцардгæнæг) адæн адтæнцæ Египетæй Мессопотамимæ (Ассири æма Вавилонмæ) ци уайснайæн фæндæгтæ цудæй, уони фалдзости. Етæ надбæл цæугути æстъигътонцæ æма сайдтонцæ. Динæй пайда кодтонцæ æхца расайунæн, гъома, дан, нæ ковæндæттæ исаразунмæ гъæунцæ. Кæрæдзей хæццæ дæр æносидæр æзморæ кодтонцæ. Æзморæдзийнадæ, фуддзийнадæ, æнаккагдзийнадæ æма мæнгарддзийнадæ ке парахат кодтонцæ, уой тухха́й хъæбæр карз æфхуæрд æрцудæнцæ.

12 Туфан – аци дзурди уедагæ “тæфа”, араббагау нисан кæнуй “алцæбæл хъæртæг бæллæх”, равзурдæй “ахæр, тайфун, еминæ” ка нисан кæнуй, уæхæн дзурдёй. Ами ин, æвæдзи, “еминæ” нисанеуæг ес, уомæн æма ахæри тухха́й Библий неци загъд цæуй.

13 Египеттæгтæ цифæнди донгъæдæмæ нæ бавналиуонцæ, тог син фестидæ.

14 Аци айат зундгонд дуа æй. Æ нисанеуæг уой медæгæ ‘й, æма е коруй: “Еунæхуцау, нæ хуарз гъуддæгтæ нин Æносон Киунуги бафинсæ æма нин дзенет исаккаг кæнæ”.

15 Мæхæмæт пахампар (ХХСУ) ænахургонд адтæй. Нæдæр финсун, нæдæр кæсун нæ зудта. “Æма киунугæ ралæвæрдæ уй, кæсун ка нæ зонуй, уомæ, æма загъдæ уй: ба ‘й кæсæ, æма е ба дзуапп радтуй: æз нæ зонун кæсун” (Ис. 29:12).

16 Гъома, Ин Æ нæмтти сугъдæгдзийнадæ ка ихалуй, кенæ Ин Æ аккаг ном ка нæ раттуй, кенæ Ин Æ нæмттæ раст нæ лæдæрун кæнунцæ, етæ æфхуæрд æрцæудзæнæнцæ.

17 Мæхæмæт (ХХСУ).

18 Исæндедзæн Бон, Хуцауи Тæрхони рæстæги туххæй.

19 Адам æма Евæ (*дигоронау* Атан æма Аман).

8-аг сурæ

1 Аци сурæ аргъуд æрцудæй Бадри цори тугъди фæсте.

2 Амæттаг: 115 теуай, 14 бæхи, хъумæцтæ, тохæн гæрзтæ, хæлцадæ.

3 40 байгъулей (охрана) хæццæ хæрсæнтæ (караван), уой уæлæнхас ба ма син мин æфсæддони сæ хæццæ æнхусæн.

4 Гъома, ду не ‘хстай.

5 Мекки.

6 Мединй.

7 Адæймагмæ цидæриддæр ес, æма ‘йбæл цидæриддæр æрцæуй, етæ æгасæйдæр Хуцауæй лæвæрд æнцæ, æ бафæлваруни туххæн.

8 Фиццагон адæнтæ, сæ кой дæр кæмæн нæбал байзадæй.

9 Каабæ.

10 Хуцау Е ‘ргомæги Мæхæмæт пахампарæн (ХХСУ) барæ равардта уацайрæгтæбæл ахæстаргъ есун гиаурти хæццæ фиццаг тугъд ку адтæй, уæд. Фал фæстагмæ ба ахæстаргъ есунбæл тобæгонд æрцудæй, цæмæй уомæй бастъегъунæн пайдагонд ма цудайдæ, уой туххæн.

11 Уомæн æвдесæн Аббасти династий истори.

12 Мухадзиртæ – Мекки æ мулк, æ цийфес ка ниууагъта, æма барвæндæй ка ралигъдæй Мединæмæ, етæ.

13 Ансартæ – мухадзирти ка байуазæг кодта æма, сæ зини дæр æма сæ цийни дæр, сæ хæццæ ка адтæй пусулмон дини фиццаг къахдзæфти, еци медийнæгтæ.

14 Аци æргомæг лæвæрд адтæй, цæмæй пусулмæнтти æхсæнади æффедардæр адтайдæ тогæй хæстæгдзийнадæ, уой туххæй, уомæн æма Хиджри фиццаг æнзти мухадзиртæ æма ансартæ сæ фæсмæрдæ сæ мулк кæрæдземæн ниууосиат кæниуонцæ, тогæй хæстæг син ка адтæй, еци хæстæгути зæранæн.

9-аг сурæ

1 Ægас суритæй еунæг аци сурæ нæ райдайуй "Хатиргæнагæдæр æма тæрегъæдгæанагæдæр Хуцауи номæй" дзурдтæй. Еуæй-еу динæртасгутæ еци гъуддаг уотæ лæдæрун кæнунцæ, æма аци сури медес æ разæй ка адтæй, уой идарддæр лæдæрунгæнæг ке æй, уой туххæй цохгонд цæуй сурæ байгонгæнæг дзурдтæй.

Сури фулдæр хай дзоруй Византий нихмæ балций туххæй хиджри 9 анзи, раджаби мæйи /630 анз, октябрь-ноябрь/. Æ лексикæ æма фразеологи æнхузæн æнцæ. Æ хецæн хæйтти фæззиндæ дæр кæрæдземæ хæстæг æй. Динæртасгутæй æй беретæ фæстаг сурæбæл нимайунцæ. Шиттæ ба аци сурæ 8-аг сури хæццæ еу сурæбæл нимайунцæ.

2 1-аг айатæй 29-аг айатмæ аргъуд æрцудæнцæ Шаввали мæйи 9-аг бон 631 анзи. Аци айатти æрцудæй бæлвурдгонд паддзахади политикæ хæстæгдæр æнзти æндæргъцæ. Дууæ мæйей фæсте ба, Меккæмæ устур хадзигонд ку адтæй, уæд, еци политики нисанеуæг раргом кæнунæн, аргъуд æрцудæнцæ Хазрат Алий цъухæй.

3 Шиттæмæ – Алий.

4 Гъома, берæ хуцæуттæмæ ковгути циуавæр бадзурд гъæуама уа?

5 Дзубанди цæуй Худайбий горæти 628 анзи феврали мæйи Мæхæмæт

пахампари (ХХСУ) хæццæ ци бадзурд исаразтонцæ Мекки курейшиттæ æма сæ фарсдартæ Мадини, е ихæлд ке æрцудæй, уой туххæй.

6 Хунайн – Меккæй Тайефмæ надбæл будур. Пусулмæнттæ Меккæ ку байстонцæ, уæд муртакк динбæл хуæст Хауазин æма Тхакуифи æзнæмтæ 4 мин адæймаги исефтонг кодтонцæ Меккæмæ балций. Сæ нихмæ ци пусулмон æфсæдтæ æрлæудтæй, уони нимæдзæ кæд 12 минемæ хъæрттæй, уæддæр ке фестурзæрдæ ‘нцæ, уой туххæй сæбæл муртакти æфсæдтæ тухгиндæр кæнун байдæдтонцæ, цалдæн нæуæгæй Мæхæмæт пахампарбæл (ХХСУ) не ‘рбангом ænцæ. Æнгомæй ба син бантæстæй муртакк æфсади ниддæрæн кæнун.

7 Библий Ездра.

8 Ци гъæздугдзийнæдтæ, хæзнатæ исмулк кодтонцæ, етæ.

9 Тобæгонд мæйтæбæл нимад цæунцæ Зуль-Киъадæ, Зуль-Хиджæ, Мухаррам æма Риджаб (пусулмон къæлиндармæ гæсгæ – еуæндæсæймаг, дууадæсæймаг, фиццаг æма æвдæймаг мæйтæ).

10 Мæхæмæт пахампарæн (ХХСУ).

11 Абу Бакрæн.

12 Гъома, цифæнди хабармæ дæр байгъосуй.

13 Гъома, битир дæттунмæ къинди ‘нцæ.

14 Лоти адæни горæттæ.

15 Дзубанди цæуй Табукмæ балций ка нæ рацудæй, уони туххæй.

16 Сувæллæнттæ, зæронд лæгтæ, силгоймæгтæ.

17 Фæлдист нивондæгтæ.

18 А зæнхæбæл, уæдта и цардбæл дзуапп дæтгæй.

19 Дзубанди цæуй Коба горæти фалдзости Бену Гунеми æзнæмæй цоронтæ ци мæзгит исаразтонцæ, – “Аддерар мæзгит” (“фудгæнди мæзгит”) – уой туххæй. Аци мæзгит арæзт æрцудæй пусулмæнтти æхсæн æнхæлцæ багæлдзуни туххæй. Цалдæр анзей размæ еци рауæн арæзт æрцудæй “Аттакуа мæзгит” (“рæстуод мæзгит”), кæцимæ намаз кæнунмæ арæх æрцæуидæ Мæхæмæт

пахампар (ХХСУ).

10-аг сураæ

1 10-аг – 15-аг суритæ ци рæстæг аргъуд æрцудæнцæ, уомæ гæсгæ кæрæдзей хæццæ æнгом баст æнцæ. Аци сураæ хаст цæуй Меккайнаг рæстæгмæ.

2 Библий Ионæ.

3 Гъома, сæ зæнхон царди æнгъуд рæстæг лухгонд æрцудайдæ.

4 Гъома, Ибилис сæ цæмæй расайуй, – хъахбайдзийнадæ, азарт, ниуæзтæ, сæудегер, æма уæхæн æндæр гъуддæгтæ, – етæ сæмæ хуарз æма рæсугъд фæккæсунцæ.

5 Мæхæмæт пахампарæн (ХХСУ).

6 Дзенет.

7 Хуцауи Цæсгон фæууинунæн равгæ.

8 Хъуранбæл.

9 Гъома, еунæг адæнихатмæ дæр уæхæн минæвар æрвист нæ адтæй, се ‘взагæй син ка нæ зудтайдæ.

10 Гъома, “сумахбæл Хуцауæй ихæс дæр æма барæ лæвæрд дæр уин нæййес уотæ дзорунмæ”.

11 Муса æма е ‘нсуваер Харумæн.

12 Египети.

11-аг сураæ

1 Худ – пахампар, Нохи байзæддаг цуппæрæймаг фæлтæри. Минæварæй æрвист адтæй Ади адæнмæ. Хадрамути, Мукаллайæй еу 80 километри, нури рæстæги дæр ма фæууинæн ес æ цирт.

2 Мæхæмæт пахампар (ХХСУ).

3 Цийес, мулк, хуарздзийнадæ, бæркад, фарнæ.

4 Гъома, мади губуни кенæ ингæни.

5 Фудæнхард.

6 Хъурани киунугæ.

7 Изæд Джæбрæил.

8 Хъуран.

9 Дзубанди цæуй Нохи æнæрцæф фуртбæл.

10 Нохбæл.

11 Ковчег (цолахъ).

12 Дзубанди цæуй ахæри (потоп) туххæй.

13 Финстæги хæццæ.

14 Гъома, етæ уотæ тæрегъæдгун æнцæ, æма дæ дзубандитæ уонæмæ нæ багъардзæнæнцæ.

15 Изæдтæ.

16 Еци Бон.

17 Араббæгтæ, Мæхæмæт пахампари æмдогонтæ.

18 Гъома, Финстæгбæл, Хъуранбæл.

12-аг сурæ

1 Йусуф (библий Иосиф) – Йакуби (библий Иакови) уарзондæр фурт æ дуккаг уосæ Рахалийæй.

2 Йусуфи фиди фиццаг уосæ Валли фурттæ.

3 Вениамин – Йусуфи хуæдæнсуæр, æ фидæ Йакуби дуккаг уосæ Рахилийæй.

4 Йусуф хуæрзконд æма рæсугъд лæхъуæн адтæй.

5 Йусуфи е ‘нсувæртæ.

6 Зулейха – Фёрёони уллу, хæдзари хецауи уосæ.

7 “Мухсинин” - “ихсан” дзурдæй аразгæ, нисан кæнуй “æнаййеппæй ести кæнун”, “ци кæнис, еци гъуддаги дæсни ун”.

8 Йусуфи.

9 Ænзтæ ку рацудæнцæ, Йусуфи е ‘нсувæртæ ку рауæйæ кодтонцæ, уомæй, уæд етæ сæ уæййæгти хæццæ Египетмæ æрбацудæнцæ, тиллæгбæл сæ баййевунмæ, уомæн æма сæхе бæсти стонг æнзтæ искодтонцæ.

10 Вениаминмæ ци уаргъ хаудтæй, е.

11 Æ фидæ æма æ рохсаггаг мади хуæрæ Лийи.

12 Хъуранбæл.

13-аг сураæ

1 Сури ном лæвæрд æй 13-аг айатмæ гæсгæ.

2 Гъома, се ‘нæууæнкæдзийнади туххæй дес кæнун.

3 Гъома, ци фудæнхард син ивæрзт æй, уой æрцæун фæттагъддæр кæнун корунцæ.

4 Хуцауи размæ.

5 Адæймагæн.

6 Сæризæдтæ.

7 Уерæгтæ æма муртакти æхсæн.

8 Хъуран.

9 Ænæууæнкитæ.

10 Гъома, ка бауууæндтæй, уонæн æй дætгæ цæуæн.

14-аг сураæ

1 Мусай цъухæй.

2 Аци загъд тæфсергæнгутæ æртæ хузи лæдæрун кæнунцæ: 1) “сæ бон дзуапп раттун нæ адтæй”; 2) “фур мæстæй æнгулдзитæ æхсинун”; 3) “пахампарти цъухтæ байауун кæнун”.

3 Гъома, æууæндгутæ.

4 Кенæ “тæрхон”, кенæ ба “дзенети дуæрттæ байгон кæнун”.

5 Меккæ.

6 Гумеритæ.

7 Исмаили е ‘знæми хæццæ.

8 Мекки фалдзости.

15-аг сурæ

1 Сури ном ист æй 80-аг айатæй. Аль-Хиджр къæдзæхгун тæрфæ æй, Мединæй цæгатæрдæмæ еу 100 километремæй фулдæр дæрддзæф, самудианти бæсти.

2 Хъуран финст æрцудæй пахампарæн æ рæстæги æхе дзурдтæй, æма нури уæнгæ си неци æййивд æрцудæй. Уомæ нæдæр бафтауæн, нæдæр си рагæлдзæн неци ес.

3 Ænæууæнкæдзийнадæ.

4 Хъуранбæл.

5 Ибилис.

6 Еуæ-еу тæфсергæнгутæ аци дзурд “кинæ бахадта”, зæгъгæ, ратæлмац кæнунцæ, фал Хуцау кинæ нæ хатуй (гъома, Æ маст си нæ есуй), Хуцау, ка ци бакæнуй, уомæ гæсгæ ин, ци ин фембæлуй, уой бахатуй, бакайуй.

7 Лоти адæн æма Шуъайбай адæн.

8 Аль-Фатиха – намаз кæнунæн дæр, æма уоди æфсадунæн дæр.

9 Дзубанди цæуй библий Финстæг зæронд æма нæуæг Фæдзæхстбæл рахецæн кæнун, гъома, урнæг адæни дууæ æхсæнадебæл фæддех ун: гиауртæбæл (муртактæбæл) æма Киунуги адæнбæл (уерæгтæ æма киристæнттæбæл).

10 Фудæнхард.

11 Гъома, æ еу хайбæл ин бауууæндтæнцæ, иннæ хайбæл ба ин нæ бауууæндтæнцæ.

12 Мælæт.

16-аг сурæ

1 Ærгомæги хæццæ.

2 Гъома, зæнхи цъарæ аллихузон хуарæнтæй ниххурста.

3 Гъома, кæсалгæй.

4 Вавилони мæсуг.

5 Ами дзубанди цæуй, уод ци дзаумæутти нæййес, уæхæн дзаумæутти туххæй.

6 Аци айати ба дзубанди цæуй, уод цæйдæр медæги ес, уони туххæй: фонс, адæн, изæдтæ.

7 Араббагау – "Субхан Алла!", Хъурани кенæ ести дзубандий Хуцауи туххæй лæгъузæй ести загъд ку 'рцæуй, уæд уотæ исдзорунцæ, гъома, "Хуцауæн табу!", зæгъгæ.

8 Фурттæ. Идарддæр айатти дзурд цæуй, араббаг-фидæ кизги райгурдæмæ ци цæстæнгас дардта, уобёл.

9 Рæдуд гъудитæй æма Финстæгæн рæдуд аргъ искæнгæй ци фуддзийнадæ райгуруй.

10 Гъома, æзгъæрхæдонæ.

11 Хуцауæн æмбæлттæн ке кодтонцæ, етæ.

12 Араббæгти.

13 Хуцауи коммæ нæ кæсундзийнадæй.

14 Ибилисмæ.

15 Джæбрæил (*библий* Гавриил).

16 Хъуран.

17-аг сурæ

1 Сури ном хуннуй, Мæхæмæт пахампар (ХХСУ) Меккæй Иерусалиммæ, уæдта фæстæмæ еунæг æхсæвæмæ куд балæудтæй, еци цауи фæдбæл.

2 Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) æхсæйвон фецауд адтæй Хиджри агъоммæ Раджаби мæйи 27-аг бон, кенæ ба Рабий мæйи 17-аг бон.

3 Аль-Аксай мæзгит адтæй Иерусалими, Сулеймани (*библий* Соломон) ихæлд дзиуари бунати Мориай туппурбæл. Хæстæг имæ лæууй хазрат Уомари

мæзгит. Дууæ мæзгити дæр арæзт фæцæнцæ Хиджри 68 анз.

4 Ами, æвæдзи, дзубанди цæуй Исаййи Киунуги туххæй, кæцими Хуцау уобæл дзоруй, æма “Сиони кизгуттæ уæлбекъон æнцæ æма… сæрбæрзондæй къахдзæф кæнунцæ…(Ис. 3:16).

5 Дзубанди цæуй, Сулеймани дзиуарæ дууæ хатти ихæлд ке ‘рцудæй, уой туххæй.

6 Гъома, уæд æрцæудзинайтæ фудæфхуæрд.

7 Дзубанди цæуй нæ доги агъоммæ 520-аг анзи дзиуиттæгтæ вавилойнаг уацарæй уæгъдæгонд ку æрцудæнцæ Персайнаг паддзах Кири фæндонмæ гæсгæ, уæд еци цаути туххæй.

8 Дзубанди цæуй ромæгтæ Иерусалим ку байстонцæ нæ доги 70-аг æнзти æма Сулеймани дзиуарæ дуккаг хатт бунихæлд ку фæккодтонцæ, уæд еци цаути туххæй.

9 Араббæгтæ тæхгæцъеуи тахтмæ гæсгæ, ци сæ хезуй, уой туххæй фæффæрсиуонцæ. Етæ цæбæлти æууæндтæнцæ, уой Хуцау зонгæй Хъурани цъеуи хузи æвдесуй Киунугæ, кæци æй алли адæймаги гъуддæгтæ æвдесæг, уомæн æма и Киунугæ адæймагæн æ цæргæцæрæнбон дæр æ фарсмæ тæхуй, кæд æй уинæн нæййес, уæддæр.

10 Гъома, къинди ма уо.

11 Гъома, дзæгъæл харз ма кæнæ.

12 Хъуран.

13 Ами дзубанди цæуй, адæймаг уогæй, æ сугъдæгдзийнади туххæй уацæбæл нимад ка ‘рцудæй, уонæмæ сæ фæсмæрдæ ковун ке райдайунцæ еуæй-еуетæ, уой туххæй.

14 Меккайнаг курейшиттæ.

15 Мæнгæ æргомæгтæ.

16 Изæдтæ.

17 Хъуран.

18 Хъуранбæл.

18-аг сурæ

1 Сури ном læвæрд æй 9-аг æма 10-аг айаттæмæ гæсгæ. Палестини лæгёттæ арæх æмбæлунцæ. Рагдзаманти си пайда кодтонцæ куд цæрæнуатæн, уотæ уæлмæрдтæн дæр. Зæгъæн, Авраам (Ибрæгим) æ бийнонти зæппадзæн Ефронæй балхæдта еу уæхæн лæгæт 400 æвзестæ сиклемæй, æма уоми нигæд æрцудæнцæ æ уосæ Сарræ, уæдта Авраам æхуæдæг, уони фæсте ба Исхак æма Ревеккæ, Лийæ æма Йакуб.

2 Гъома, æцæгдзийнадæй сæхе ке рахатунцæ. уой тухæй гъенцъун кæнгæй. Ами дзубанди цæуй æнæууæнкæ меккайнæгти тухæй, се ‘нæууæнкæдзийнади æвæлмонæй ка рамæлидæ, уони тухæй. Етæ се ‘ргом ке не ‘здахтонцæ Хъуранмæ, уой тухæй Мæхæмæт пахампар (ХХСУ) гъенцъун кодта.

3 Дзубанди цæуй фиццаг киристæнтти тухæй, кæцитæ баууæндтæнцæ Есобæл (*араббаг* Иса) æма уой тухæй, ка нæ баууæндтæй, уони ‘рдигæй берæ æфхуæрдтитæ баййафтонцæ. Ами хаст цæунцæ, лæгæти ку нæма баримахстонцæ сæхе, уæд ци загътонцæ, еци дзурдтæ.

4 Уерæгтæ Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) ку бафарстонцæ “авд фунæйгæнæгей” тухæй, уæд син е зæрдæ байвардта иннæ бон раттун дзуапп, “иншалла” (“инше Алла” - *дигоронау* “Хуцау ку зæгъа”, “Хуцауи ку бафæндæ уа”) нæ зæгъгæй. Уой тухæй Хуцау бафхуардта Мæхæмæт пахампари (ХХСУ), æма е цалдæр бони нæбал райста еунæг æргомæг дæр.

5 Хъуран.

6 Хъуран.

7 Динæртасгутæй беретæ уотæ нимайунцæ, æма е Иисус Навин адтæй.

8 Дзурд цæуй Хедри тухæй, кæци æрвист æрцудæй Мусайæн зонундзийнæдтæ раттунæн. Идарддæр дæр дзубанди цæуй Муса æма Хедри тухæй.

9 Зуль-Хъарнайн – *араббагау* “дусиугин”. Тæфсергæнгутæй беретæ Зуль-

Хъарнайни нимайунцæ Александр Макъедонбæл (Македонский).

10 Гог æма Магог (*араббагау* Йаджудж æма Маджудж) – Нохи (*библий* Ной) æртиккаг фурти байзæддæгтæ, муртакк æзнæмтæ Роша, Мешехæ æма Фувалай раздзæугутæ. Дзубанди цæуй скифти туххæй. Гог æма Магог дæр скифаг æзнæмтæбæл нимад цæунцæ.

11 Гог æма Магоги æзнæмтæ.

19-аг сураæ

1 Майра (*араббагау* Марьям) – Есо (Иса) Киристей мадæ.

2 Ехиа – *араббагау* Йахйа, *библий* Иоанн.

3 Джæбрæили (*библий* Гавриил).

4 Гъома, бауаззæу (басувæргин) æй.

5 Дзурд цæуй Майрай туххæй. Майра дæр æма е ‘мхуæрифурт Елисаветæ (Ехиай мадæ) дæр дзиуари косгути бийнонти ке райгурдæнцæ, уой туххæй сæ худтонцæ “Харуми хуæртæ” кенæ “Имрани (Харуми фидæ) кизгуттæ”.

6 Хуцауæй лæвæрд æцæгдзийнадæ.

7 Исраил (*рагон дзиуиттаг æвзагбæл* “Хуцауи салдат”) – Йакуб (*библий* Иаков) ци ном райста, е.

8 Гъома, Ибилиси æфсад.

9 Гъома, Хуцау син сæ нимæдзæ дæр зонуй, уæдта ци косунцæ, уой дæр зонуй.

20-аг сураæ

1 Гъома, меккайнаг курейшитти æзморæ æма æнæууæнкæдзийнади туххæй.

2 Гъома, Хуцауæн уæ сосæг гъудитæ дæр æма уæ фæндитæ дæр хуарз зунд æнцæ, æма гъæрæй сæ ку дзорайтæ, уæд уомæй син фулдæр аргъгонд не ‘рцæудзæнæй.

3 Дзубанди цæуй лæдзæг хелагæ куд фестадæй, уобæл, уæдта æрттевæнтæ калгæ къохбæл.

4 Цæугæдон Нили кой киндæуй.

5 Фёрёони уоси туххæй загъд цæуй.

6 Хъуран.

7 Гъома, сигитæй.

8 Фёрёонæн.

9 Кæлæнгæнгутæн.

10 Сæмæрит – самаритянин, дæлуймон Шамаэль.

11 Сæмæриттæ.

12 Гъома, Джæбрæили бæхи къахи фæдæй.

13 Хъуранæй.

14 Зæнхон царди.

15 Бæласæй.

16 Æнæууæнкити.

17 Гъома, Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) æрцуди агъоммæ.

21-аг сураæ

1 Сури ном айатти ке æмбæлуй, уой туххæй не ‘схундæй уотæ, фал сураæн æ нисанмæ гæсгæ.

2 Мæхæмæт пахампар (ХХСУ).

3 Хъуран.

4 Хъуран.

5 Минæвæртти (пахампарти).

6 Изæдтæ.

7 Зæнхæбæл дæр æма уæларв дæр.

8 Зæнхæ дæр æма арв дæр.

9 Гъома, дзаханаман кенæ исæндедзæн Бон.

10 Гъома, урнæг адæни бæрни æй бакæнæн.

11 Аль-Фуркан – хуарз æма фуди, æууæнкæ æма ænæууæнки, рохс æма талинги æхсæн хецæндзийнадæ æвзарун.

12 Гумеритæн.

13 Зуль-Нун – *библий* Ионæ.

14 Майра.

15 Гъома, Джæбрæили.

22-аг сурæ

1 Сури фулдæр хай хаст цæуй меккайнаг периодмæ, фал си медийнаг хæйттæ дæр зингæ бунат ахæссунцæ.

2 Мæхæмæт пахампарæн (ХХСУ).

3 Хъуран.

4 Мæздеисттæ – тæккæ рагондæр дин, еунæг Хуцаумæ ковун ка райдæдта, Зороастр (Заратустра) сæ пахампар (уомæ гæсгæ ба ма сæ фæххонунцæ – зороастрийæгтæ).

5 Зиндонæй рацæун.

6 Каабæ.

7 Нивондаг фонс.

8 Теуати.

9 Уонæмæ ærвист адтæй Шуъайб пахампар.

10 Гъома, зиндонæбæл райеуварс кæнгæй.

11 Хъурани.

23-аг сурæ

1 Гъома, зæнхон царди кæрони. Дзубанди цæуй зæнхон цардбæл нæ, фал исæндедзæн Бони фæсте цардбæл.

2 Дон исусгæ ку ‘рцæуа, уæд.

3 Нохæн аци кувд Хуцау исковун кодта, дон ку фæкъкъаддæр æй æма ковчегæй

рахезуни рæстæг ку ралæудтæй, уæд.

4 Дзубанди цæуй кенæ Худ пахампарбæл, кæци æрвист адтæй Ади адæнмæ, кенæ ба Сæлих пахампарбæл, кæци æрвист адтæй самудиантæмæ.

5 Ами дзубанди цæуй Торæбæл, кæций худтонцæ “Гъуддæгти æма Пахампарти Киунугæ”.

6 Хъуранбæл.

7 Еугур адæнтæмæ дæр, цийфæнди адæнихаттæй дæр кæд адтæнцæ, уæддæр.

8 Гъома, рагдзаманти, адæни муггаги фиццаг фæлтæртæ.

24-аг сураæ

1 11-аг æма 12-аг айатти дзубанди цæуй Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) уоси туххæй. Хиджри 5 – 6 анзи бану Мусталики нихмæ балцийæй ку раздахтæнцæ пахампари æфсæдтæ, уæд ци рауæн æрбунат кодтонцæ, уоми пахампари уосæ Айша байзадæй еунæгæй. Е æ фæрдгутæ цалдæн агурдта, уæдмæ æфсæдтæ райзол æнцæ. Неке си æристæфтæй, Айша сæ хæццæ ке нæй. Сæумæ ба ‘й мухадзир Сафван иссирдта æма ‘й теуабæл æрбаласта, идадзæй æй ласгæй. Еци цау айуангæнæни хуасæ фæцæй пахампари æзнæгтæн, гъома, дан, пахампари уосæ хæтгæ кæнуй, зæгъгæ.

2 Ами дзубанди цæуй Абу Бакри, Айшай фиди туххæй. Айшабæл цъифтæ ка калдта, уонæй еу адтæй Абу Бакри æмхуæрифурт Мустах, кæцимæн е арæх фæййангъос кæнидæ. Мустахбæл æ зæрдæ ке рахудтæй, уой туххæй ин нæбал ангъос кодта. Абу Бакри миуæ Хуцауи зæрдæмæ нæ фæццудæй, æма аци сури уайдзæф уой фæдбæл æй: гъома, рæстаг æма æууæнкæ ци адæймаг æй, уой хуарздзийнадæ гъæуама æ зæрдихудти фæндонбæл ма цæуа арæзт, фал гъæуама, æ зæрдихудти сæргъти рахезгæй æ рæдудбæл ка фæффæсмон кæна, уомæн æ уодибæстæй хай кæна.

3 Гъома, федисгæнгутæ ци дан-дунтæ имисунцæ, уони рази.

4 Бæлвурд адæймаги ка нæ уа, уæхæн дзаумæууттæ.

5 Цоронтæ, козбаугæнгутæ.

6 Пахампар.

25-аг сурæ

1 Кенæ Хъуран, кенæ пахампари кой киндæ уодзæнæй.

2 Хъуран.

3 Дорæй, гъæдæй кенæ æндæр уæхæн естæмæй конд гумеритæ, кæцитæмæ адæн райдайунцæ ковун куд Хуцаумæ.

4 Хъуран.

5 Тæрегъæдгунтæмæ.

6 Хъуран.

7 Уарун дон.

8 Хъуранæй.

9 Дæнтти хузтæ.

10 Кенæ мæнгæ дзубандитæ ку фæккæнунцæ, уæд сæ рази нæ фæллæуунцæ.

11 Фудæнхард (наказание).

26-аг сурæ

1 Муса.

2 Фёрёон.

3 Гъома, Фёрёони кæлæнгæнгути фæдбæл, етæ ку рамолонцæ. уæд.

4 Муса.

5 Дзиуиттæгтæн.

6 Фёрёони æфсæдтæ.

7 Египеттæгти.

8 Гумеритæ.

9 Дзубанди цæуй цæугæцардгæнæг мадианитти тухххæй.

10 Хъурани хæццæ.

11 Гъома сæмæ фæлмæн æма уодибæстгун уо.

12 Дзубанди цæуй поэтти туххæй, кæцитæ имисунцæ аллихузи темитæбæл æмдзæвгитæ.

27-аг сураæ

1 Сури ном ист æй 18-аг айатæй. Мулдзугути кой ма цæуй Сулеймани (Соломони) æмбесæндти. Уоми мулдзугутæ ист æнцæ дæнцæнæн, куд царди аллихузон уавæрти дæр амалгъон уæвгутæ.

2 Гъома, фудёнхард, накъазани.

3 Сулейман.

4 Сабейæгти паддзах-уосæ æма æ уллутæн.

5 Сулейман.

6 Ифрит – Сулеманбæл æновуд æма æ фарс ка адтæй, уæхæн тухгин дзин.

7 Гъома, цалдæн уе ‘мбурди кæрон æрхъæрта, уæдмæ.

8 Исламмæ гæсгæ, еске фудгин гæнгæй дæмæ ку неци æвдесæн уа, уæд еци гъуддагбæл фудгин бакæнун нæ, фал æркæсуйнаг дæр гъæуама ма уа, æма уæхæн гъуддагмæ æркастæн юридикон хъаурæ дæр нæййес.

9 Мекки.

28-аг сураæ

1 Оригинали – “партитæ” сæ искодта.

2 Дзиуиттæгти.

3 Хæман – Фёрёони сæйраг визир.

4 Гъома, фур хъурмæй æ зæрдæ уотæ исунгæг æй, æма æндæр æнкъарæнтæн си бунат нæбал байзадæй.

5 Гъома, раргом кæнуйнаг адтæй æ миуæ.

6 Фёрёони бийнонтæ.

7 Дзиуиттаг ка нæй, уæхæн силгоймæгтæ дигизатæй.

8 Мусай хуæрæ.

9 Хъуран æма Торæ.

10 Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) æрцуд кæмæн разуацгонд (предсказано) адтæй, еци уерæгтæ (иудейтæ) æма киристæнттæ.

11 Хъуранбæл.

12 Ка нæ бауудæндтæй, еци меккайнæгтæ.

13 Къарун – библийаг Корей.

14 Меккæмæ, кенæ дзенетмæ.

29-аг сурæ

1 Гъома, фудæнхардæй (накъазанийæй) нæ райервæздзæнæнцæ.

2 Гъома, Хуцауи накъазанибæл.

3 Гъома, мæрдтæ райгас кæндзæнæй.

4 Лути адæни гъæу.

5 Уерæгти хæццæ.

6 Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) æмдогонтæй Финстæг кæмæ адтæй, еци адæни хигъдæй.

7 Хъуранбæл.

30-аг сурæ

1 Араббæгтæ “ар-Рум” дзурдæй фæххонунцæ Макъедон Александри рæстæгути грекъæгти, уæдта ромæгти импери дууæ дехи ку фæцæй Нигулæн æма Искæсæнбæл, уæд уони дæр. Аци сури “ар-Рум” хаст цæуй Византий доги ци грекъæгтæ хаудтæнцæ Роми империмæ, уони.

2 Æртæ анземæй фараст анзей уæнгæ.

3 Меккайнаг муртактæ.

4 Исфæлдесæндтæ.

5 Унæуттæ, уацайрæгтæ, цагъар уоститæ.

6 Гъома, бераэ хуцæуттæмæ ковгутæ ма уотæ.

7 Гъома, сумах æртæхæй исфæлдесуй кенæ уæ рантæсун кæнуй лæмæгъæй.

8 Гъома дæ динæй ма еуварс кæнæнтæ.

31-аг сураэ

1 Лухъман араббаг таурæхътæмæ гæсгæ зундгин адæймаг адтæй. Уомæ гæсгæ ба ‘й арæх фæххонунцæ “Лухъман хаким” (“сем /зундгин/ Лухъман”). Еуæй-еу таурæхътæмæ гæсгæ Лухъман фæццардæй мин анзи. Уомæ гæсгæ ба ма ‘й фæххонунцæ “муъаммар” (“бераэ фæццæрæг”). Дигорон æвзаги “Лухъман” æмбæлуй куд лæги ном, фал ма æвзаги байзадæй аци номæй равзургæ дзурд “лухмахаким”, кæци нисан кæнуй “дзæбæхгæнæг” (целитель).

2 Дзубанди цæуй Надр ибн Хариси тухxæй. Е Персийæй æрбахаста Рустам æма Исфендиари тухxæй кадæнгитæ, æма Меккайнаг курейшиттæ уони кæсунбæл фæццалх æнцæ æма, уомæ гæсгæ ба, Хъуран нæбал аргъудтонцæ.

3 Зартæ æма музыкæ.

4 Хуцауи æвдесæнтæ.

5 Кенæ коммæгæс исуй, кенæ ци арфæ ракæнун ин æмбæлуй, уомæй æхе ратиллеф кæнуй.

6 Ибилис.

32-аг сураэ

1 Сури ном хунд æй 15-аг айатмæ гæсгæ.

2 Мæхæмæт пахампар (ХХСУ).

3 Кенæ Мусай хæццæ фембæлдбæл, кенæ ба Мусай фембæлдбæл Хуцауи хæццæ.

4 Финстæг.

33-аг сураэ

1 Цædесæмбæлтти хундæуй пахампари нихмæ карзæй ци меккайнæгтæ ærлæудтæнцæ æма сæхе ‘рдæмæ Астæуккаг Аравий ци бедуинтæ цардæй, уæдта бану-Курейзай æзнæмæй дзиуиттæгти. Етæ еумæйаг хъауритæй æртеголæ ‘нцæ Мединæбæл. Уонæн се ‘фсæдтæ дзæвгарæ фулдæр адтæнцæ пахампари æфсæдтæй.

2 Кæнгæ фурттæн.

3 Изæдтæ.

4 Медини зæронд ном. Мæхæмæт пахампар уоми ку ‘рцардæй, уæд æй райдæдтонцæ хонун Мединет-эн-Неби (“пахампари горæт”), уой фæсте ба ‘й цубураæй хонун райдæдтонцæ эль-Медина (“горæт”), зæгъгæ.

5 Цædесæмбæлттæмæ.

6 Гъома, сæ динбæл сæхе рахатун.

7 Араббæгтæмæ Финстæг ку нæма адтæй æма ма муртактæ ку адтæнцæ, уæд еци рæстæгути.

8 Хариси фурт Зейдæн.

9 Гъома, рагацау ма ‘рбацотæ.

10 Пахампари уоститæй.

11 Пахампари уоститæбæл.

12 Гъома, цæмæй сæ æнцон рартасæн уа хъахбай æма цагъар силгоймæгтæй, уой тухххæй.

34-аг сураæ

1 Сæба – араббаг еу æзнæм, кæцити хонунцæ сæ паддзах Иоктани фурт Сæбай номæй. Етæ цардæнцæ Аравий хонсар-нигулæнæрдигæй, адтæнцæ гъæздуг æзнæм. Еци паддзахæй æрбацудæй Сулейманмæ (Соломонмæ) Сæбай паддзах-уосæ.

2 Мæхæмæт пахампараен (ХХСУ).

3 Фидбилиззаг дзини хузи.

4 Сулейманæн.

5 Гъома, араббæгтæн, кæцитæмæ сугъдæг финстити фæткитæ некæд адтæй.

6 Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) агъоммæ.

7 Меккайнаг муртакти.

35-аг сурæ

1 Еуæй-еу тæфсергæнгутæ “аль-Фатыр” лæдæрун кæнунцæ куд “Изæдтæ”. Фал æгас сурæ дæр Хуцауи тухгиндзийнадæ бавдесуни туххæй ке æй, уомæ гæсгæ ба араббаг тæфсергæнгутæ “аль-Фатыр” лæдæрун кæнунцæ куд “Исфæлдесæг”. Уомæ гæсгæ ами дæр “Изæдтæ” тæлмаци бæсти тæлмацгонд цæуй “Исфæлдесæг” дзурдæй.

2 Мæхæмæт пахампари (ХХСУ).

3 Ибилиси.

4 Уарун донæй.

5 Ами дзурд цæуй Хуцауи Киунуги туххæй, кæцими алли гъуддæгтæ дæр финст ænцæ, уæдта алке ирисхъæ дæр уоми финст æй.

6 Гъома, аллихузи дæнттæ.

7 Гъома, бафхуæрунмæ гæдзæгæнагæ ‘й.

36-аг сурæ

1 Еуетæмæ гæсгæ араббаг “Йа” æма “Син” дамугъатæ нисан кæнунцæ “Йа инсан” (“Уо адæймаг!”). Иннетæмæ гæсгæ ба, Хуцау адæймагмæ нæ хатуй, фал Æ минæвар Мæхæмæтмæ (ХХСУ).

2 Хуцауи киунуги.

3 Дзубанди цæуй, нæ доги агъоммæ 300 анзи грекъёгтæ ци горæт, Антиохи, зæгъгæ, исаразтонцæ Сирий цæгатæрдигæй, уой туххæй.

4 Ибилис.

5 Елсират – *араббагау* аль-Сират – æрдой хузæн листæг хед, зиндони сæрти

дзенетмæ цæуæг. Раст уод уобæлти ку фæццæуй, уæд хед исурух уй, æма уод ædасæй дзенетмæ бахъæртуй. Тæрегъædгун уод ибæл ку фæццæуй, уæдта тæрегъædтæмæ гæсгæ унгæг кæнгæ фæццæуй æма уод зиндонмæ ниххауй.

6 Мæхæмæт пахампари (ХХСУ).

7 Мах нæхуædтæ.

8 Ай балædæрæн ес дууæ хузи: 1) муртактæ сæ гумерити сæрбæл цæттæ ‘нцæ тохунмæ; 2) Фæстаг царди гумеритæ цæттæ æфсад уодзæнæнцæ муртакти нихмæ истохунмæ.

37-аг сураæ

1 Сури номи дæр æма фиццаг 3 айатеми дæр дзурд цæуй изædти тухxæй.

2 Ænæууæнкæ адæни.

3 Гъома, хуарз хабари, æцæгдзийнади хæццæ ку ‘рбацудайтæ.

4 Дзурд цæуй сæни тухxæй.

5 Тауæг æма ænадæ рæзæ кæбæл зайуй, уæхæн ælгъист бæласæ, зиндони кæронæй ирæзæг.

6 Заккум бæласæ.

7 Гъома, динбæл хуæцгутæй.

8 Муртактæ.

9 Баъал – хори хуцау. Кувтонцæ ‘ймæ Сирий.

10 Лути уосæ, кæци урнæг нæ адтæй.

11 Берæ хуцæуттæмæ ковгутæ.

12 Меккайнаг муртактæ.

38-аг сураæ

1 Араббаг алфавити дамугъа.

2 Ævædзи дзубанди киристон дини тухxæй цæуй.

3 Хъуранбæл.

4 Гъома, ба нин ævдесæ нæ хуарз æма фуд гъуддæгти хæццæ и киунугæ.

5 Пусулмон ægъдаумæ гæсгæ, а дуйнебæл уæхæнæй неци ес, намазгæнæги æ намаз кæнун ци гъуддаг ниууадза.

6 Хор.

7 Фуцъул сувæллони мард.

8 Библий Елисей, араббагау – Альйас.

39-аг сураæ

1 Сувæр, зæнæгдонæ, хæлин.

2 Гъома, пусулмон исуæвгутæй.

3 Муртактæ, гумеритæмæ ковгутæй, рæдуйгутæй.

4 Муртактæ Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) тæрсун кодтонцæ сæ хуцæуттæй.

5 Гъома, Хуцауи тухгиндзийнадæ, устурдзийнадæ æма Æ нисанеуæгдзийнадæ дзæбæх нæ балæдæрдтæнцæ.

40-аг сураæ

1 Хуцауи ævдесæнтæ.

2 Египети.

3 Гъома, æцæгæй ци хуцæуттæн уæвæн нæййес, уонæмæ ковун æнæпайда ке æй, уой балæдæрун.

4 Уо, Мæхæмæт!

5 Аци царди.

6 Се ‘рæгиау фæсмондзийнадæ.

41-аг сураæ

1 Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) седт.

2 Стонг æма сухæ æртæ анзей фæсте ба бурдæнтæ райдæдтонцæ æма бæстæ бабун æй.

3 Гъома, цийфæнди хузи дæр архайетæ уой райеппард кæнунбæл, кенæ ба стуф кæнетæ, уой ку аргъауонцæ, уæд.

4 Хъурани туххæй.

5 Хъуран.

42-аг сурæ

1 Гъома, Хуцауи тухгиндзийнадæй; кенæ изæдтæн се ‘нæбæрци туххæй; кенæ муртакти дзубандитæмæ. Аци æртæ гъудийемæй кæци растдæр лæдæрун кæнуй и айат, е бæлвурдæй бæрæг нæй.

2 Гъома син сæ фудмиутæ финсуй, цæмæй син уой фæсте ба бахата, ци кодтонцæ, уой туххæй.

3 Меккæ.

4 Шариат.

5 Дзубанди цæуй Хуцауи къохи ци Киунугæ ‘й, уобæл. Еци Киунугæй Хуцау рæстæгæй рæстæгмæ æрæрветуй ести зонундзийнæдтæ, цæмæй адæн сæхе дæр æма сæ цæрæн бунат дæр багъæуай кæнонцæ.

6 Гъома, Хуцауи размæ цæмæй фæххæстæгдæр уайтæ æма уомæй уæхе бахезайтæ, æрмæст уой туххæй.

7 Денгизи сæрбæл.

8 Наутæ.

9 Адæн.

10 Зиндони хæццæ.

11 Джæбрæили.

12 Хъуран.

43-аг сурæ

1 Хъуран.

2 Берæ хуцæуттæмæ ковгутæ.

3 Гъома Ин æримистонцæ сувæллæнттæ æма æмбæлттæ.

4 Гумеритæн.

5 Сумах, минæвæрттæ, махмæ.

6 Меккæ æма Мединæ.

7 Сайтæнттæ.

8 Ка нæ бауудæндтæй, е.

9 Муса къуæзгæй дзурдта.

10 Кайзонуй æма – Иса, кенæ Хъуран, кенæ Мæхæмæт.

11 Сахатбæл.

12 Изæд – зиндони гæс.

13 Муртактæ.

14 Хуцауи фуртæн.

44-аг сурæ

1 Рамазани (Рамадани) мæйи 23-аг, 25-аг кенæ 27-аг æхсæвæ.

2 Меккайнаг корейшиттæ.

3 Аци дуйнебæл, адæймаг ци мæлæт бавзаруй, е.

4 Йемени хамдайнаг æзнæм. Уонæй адтæнцæ паддзæхти Химйараг династи. Еу рæстæгути æгас Аравби дæр, уæдта Африки денгизгæрæнттæ хорискæсæнæрдигæй уони дæлбарæ адтæнцæ. Етæ фиццаг рæстæгути хор æма стъалутæн кувтонцæ, уæдта райстонцæ уераг, киристон æма пусулмон дин.

5 Арв æма зæнхæ.

6 Дзенети.

7 Хъуран.

45-аг сурæ

1 Сури ном ист æй 28-аг айатæй.

2 Гъома, дини секттитæбæл ниддехтæ ‘нцæ æма си алке дæр еунæг рæстаг æрмæст æхе худта.

3 Хъуран.

4 Хуарздзийнæдтæ дæр æма тæрегъæдтæ дæр ци Киунуги финст цæунцæ, уомæ.

46-аг сураæ

1 Сури ном ист æй 21-аг айатæй.

2 Хъуран.

3 Уотæ дзурдтонцæ Мекки хъал æма уездон корейшиттæ. Етæ сæ сæрмæ нæ хастонцæ ænахургонд æма мæгур адæн ци дин райстонцæ, уой есун.

4 Фудæнхард (накъазани).

5 Меккайнаг корейшиттæ.

6 Хъуран аргъуд.

7 Пусулмон дини фæткæмæ гæсгæ еци минæвæрттæ адтæнцæ фондз: Нох, Ибрæгим, Муса, Иса æма Мæхæмæт (ХХСУ).

8 Гиауртæн.

47-аг сураæ

1 Меккæй.

2 Дзубанди цæуй козбаугæнгутæ, цæстæмæ дзоргутæ, цоронти тухххæй.

3 Уæ цииййес, мулк.

48-аг сураæ

1 Дзубанди цæуй, 628-аг анз феврали мæйи ци бадзурд арæзт æрцудæй сабурдзийнади тухххæй Худайбий горæти медийнæгтæ æма Мекки корейшитти æхсæн, уой тухххæй. Бадзурд арæзт æрцудæй Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) фæндонмæ гæсгæ.

2 Дзубанди цæуй, засти бунати байзайуни тасæй Меккæмæ балци ка нæ

рацудæй хадзи скæнунмæ æма хæдзари ка байзадæй, уони туххæй.

3 Ами дзубанди цæуй пахампарæн æхе рæстæги еу цаубæл. Худæйбий рæзти Меккæмæ ку цудæнцæ, уæд Худæйбий дæлвæзи еу рауæн еу бæласæ ирæзтæй, æма уой бунмæ пахампарæн æ адæн, æновуд ибæл ке уодзæнæнцæ, уой туххæй ард бахуардтонцæ. Æма цалдæр сæдæ анземæ еци бæласæ пусулмæнттæн фестадæй фетиш (гъома, ковæггаг). Уордæмæ адæн райдæдтонцæ цæун бæласæмæ ковунмæ. Пусулмон динмæ гæсгæ уæхæн гъуддæгтæ аразун ке не ‘нгъезуй (Хуцауæй фæстæмæ ма æндæр ескæмæ кенæ естæмæ ковун), уой туххæй еци бæласæ ракъуæрдтонцæ.

4 Каабæмæ.

5 Дзубанди цæуй, Меккæмæ бацæуни агъоммæ еу анзи размæ Мæхæмæт пахампар ци фун фæууидта хадзий туххæй, уобæл.

49-аг сураæ

1 Ами 1 – 5-аг айатти дзубанди цæуй, уацайрæгтæ баййевуни туххæй, бану Тамимæй ци минæвæрттæ æрбацудæй Хиджри 9-10 анз, уони туххæй.

2 Дзубанди цæуй Абу Бакр æма Уомари æхсæн загъд ку рауадæй, уæд еци цауи туххæй.

3 Таурæхътæмæ гæсгæ ами дзубанди цæуй Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) уосæ Сафий туххæй, кæций худтонцæ “уераг”.

50-аг сураæ

1 Райгасгонд.

2 Гъома, нæуæгæй райгасгондбæл.

3 Дууæ сæризæди. Рахесæрдигæй еци сæризæд финсуй адæймагæн æ хуарз гъуддæгтæ, галеуæрдигæй еци сæризæд ба – лæгъуз, тæрегъæддаг гъуддæгтæ.

4 Æртиккаг сæризæд, кæци финсуй адæймаг ци сдзоруй, æрмæст уони.

5 Гъома, æ дууæ сæризæдей хæццæ.

6 Сæризæд.

7 Ибилис.

8 Гъома, æ тæрегъæдтæ æма дини фæткитæ гъудигæнæгæн, кенæ дини фæткитæ æнхæстгæнæгæн.

9 Гъома, Хуцауи Цæсгон фæууинун ин равгæ уодзæнæй.

51-аг сурæ

1 Æнæууæнкитæн.

2 Мæхæмæт пахампар (ХХСУ) кенæ Хъуранæй.

3 Дзубанди цæуй, адæймаги хузи ци изæдтæ æрцудæнцæ, уонæбæл.

4 Содом æма Гоморри цæргутæмæ.

52-аг сурæ

1 Ами бæлвурд хонхи кой нæ цæуй, фал æргомæг ци хонхбæл æрвист æрцæуидæ, уой кой киндæ уй. Зæгъæн, е Мусайæн æй Синай хонх, Исайæн – Оливи хонх, Мæхæмæтæн – Рохси хонх.

2 Гъома, арæх ци хæдзарæмё фæццæунцæ, уомæй. Ами дзубанди цæуй, Хуцауи номбæл цийфæнди ковæндони тухххæй дæр, арæх аргъуд кæмидæриддæр цæуй, уæхæн бунæттæ æмткæй райсгæй. Фал еуетæмæ гæсгæ ба ами дзубанди цæуй æрмæст Кааби тухххæй. Иннетæмæ гæсгæ ба – æвдæймаг уæларви ци ковæндонæ ес, уобæл.

3 Гъома, арвазгъунстæй, кæци нисан кæнуй, базонæн кæмæн нæййес, еци дун-дуйней æгæрондзийнадæ.

4 Ами символтæй загъд цæуй дуйней æгæрондзийнади тухххæй.

5 Гъома, Хъурани хузæн.

53-аг сурæ

1 Изæд Джæбрæил (*библий* Гавриил).

2 Бæлвурдæй лæдæрд нæй: кенæ Джæбрæил Мæхæмæтæй (ХХСУ), кенæ ба

Мæхæмæт (ХХСУ) Хуцауæй адтæй дæрццæги.

3 Гъома, дзенет.

4 Лотос нисан кæнуй уинæн æма фæууинæн цæмæн нæййес, зонæн æма базонæн цæмæн нæййес, уони арæнтæ.

5 Бæлвурдæй бæрæг нæй, дзубанди цæбæл цæуй, е: кенæ сугъзæрийнæ саринцхабæл, кенæ изæдти къуарбæл, кенæ ба Хуцауи фæндонбæл.

6 Дзубанди цæуй, араббæгтæ пусулмон дин ку нæма райстонцæ, уæд ци æртæ уосæ-хуцауемæ кувтонцæ, уони туххæй.

7 Дзубанди цæуй еу гъæздуги туххæй, æ ном Валид ибн аль-Мугир, зæгъгæ. Е еу муртаккæн берæ æхца равардта, цæмæй ин æ тæрегъædтæ æхемæ райстайдæ, уой туххæй, фал ин уой фæсте ба и федтони æхцайæй æрмæст еу хай равардта.

8 Лоти адæн кæми цардæнцæ, еци гъæутæ.

9 Исæндедзæн Бон.

54-аг сураæ

1 Гъома, алли фæлдесонд дæр æ хуарз гъуддæгти туххæй хуарздзийнадæ райсдзæнæй, æ фудгъуддæгти туххæй ба æфхуæрд æрцæудзæнæй.

2 Се ‘наккагдзийнæдти туххæй ци адæн æрцудæнцæ исæфт, уони хабæрттæ.

3 Сæлих пахампар, кæци æрвист адтæй самудиантæмæ.

4 Адæн æма силæ теуай æхсæн.

5 Тæрегъædгунтæ.

55-аг сураæ

1 Зæнхи цъарæбæл.

2 Исæндедзæн бон.

3 Алли адæймагæн дæр хецæн нисангонд лæвæрд æрцæудзæнæй, æма еци нисангæндтæмæ гæсгæ син цæудзæнæй тæрхонгонд.

56-аг сурæ

1 Исæндедзæн бон.

2 Минæвæрттæ, амистолтæ, уазхæсгутæ.

3 Дзубанди цæуй, фиццаг минæвар Адамæй фæстаг минæвар Мæхæмæти уæнгæ ци минæвæрттæ адтæй, уонæбæл.

4 Дзубанди цæуй Мæхæмæт пахампарбæл (ХХСУ), е ‘мдогонтæбæл, е ‘мтугъдонтæбæл æма æ фæдонтæбæл.

57-аг сурæ

1 Хуарз гъуддæгтæ ци киунуги финст æрцæунцæ, еци киунугæ лæвæрд цæуй рахес къохмæ.

2 Дзубанди цæуй, Иса киристæнттæ æма уерæгтæмæ æхе ку бахадта æ фæстаг бæнтти, уæд уобæл.

59-аг сурæ

1 Дзубанди цæуй Надгири горæти цæрæг уерæгти туххæй. Пахампар сæбæл е ‘фсæдти хæццæ ку æртумугъ æй, уæд син барæ равардта, сæ тохæн гæрзтæ æргæлдзгæй, сæ теуатæ цæйбæрцæ фæразонцæ сæ мулкæй исесунмæ, уони сæ хæццæ райсун æма рандæ ун Мединæй, сæ бадзурд ке фехалдтонцæ, уой туххæй.

2 Медини.

60-аг сурæ

1 Пусулмон дин ка нæ хæссуй, етæ.

2 Æнæууæнкитæ.

65-аг сурæ

1 Хуцау адæймагæн ци бауагъта, еци фæткитæй Ин толахъ тæккæ

ænæуинондæр æй.

2 Хъуранмæ гæсгæ силгоймагæн хецæн уат раттун æмбæлуй, ци гæнæн уа, уомæй.

3 Цуппар æвдесæнемæй минкъийдæр ци миуæ ракиндæбæл уа, еци ракиндæ силгоймаги бафудгин кæнунæн æвдесæйнаг нæй.

4 Сувæллони фиди харзæй.

66-аг сураæ

1 Мæхæмæт пахампари (ХХСУ) нихмæ.

2 Уотæ дзордзæнæнцæ изæдтæ.

67-аг сураæ

1 Фудæнхард (накъазани).

68-аг сураæ

1 Гъома, Хуцауи минæвараæй æвзурст дæ.

2 Рæзæ.

3 Гъома, уотæ нæ загътонцæ: "Хуцау ку зæгъа" (*араббагау* "иншалла").

4 Бабун æй.

5 Дзубанди цæуй, Йунус (*библий* Ионæ) кæсалги хурфи куд адтæй, еци таурæхъи туххæй.

6 Хъуран.

69-аг сураæ

1 Исæндедзæн бон.

2 Исæндедзæн бон.

3 Лоти адæн ци гъæути (горæтти) цардæнцæ, етæ (Содом æма Гоморрæ).

4 Гъома, рæстаг ка уа.

5 Гъома, тæрегъæдгун ка уа.

6 Гъома, Мæхæмæт кенæ Джæбрæили дзурдтæ.

70-аг сурæ

1 Изæд Джæбрæил.

71-аг сурæ

1 Лæг, силгоймаг, домбай, бæх, цæргæс – кæцитæмæ кувдæ уй.

72-аг сурæ

1 Ибилис.

2 Дзинтæй ка бауæндтæй, уони седт, ка нæ бауæндтæй, еци дзинтæмæ.

3 Гъома, пусулмон ка иссæй.

74-аг сурæ

1 Ами дзубанди цæуй, муртактæ æма гиауртæ ци цъумуртæ калдтонцæ пахампар æма æ фæдонтæбæл, уонæй сæ хъæппæлтæ искæдзос кæнуни туххæй.

2 Зиндони тæрегъæдгунти къæдзæхмæ.

3 Хъуран.

4 Изæдтæ.

5 Мæлæт.

75-аг сурæ

1 Мæрдтæй исæндедзун, нæуæгæй райгас ун.

2 Хъуран.

3 Изæд Джæбрæили цъухтæй.

4 Æ уод.

5 Мælгæ ка кæна, е.

77-аг сураæ

1 Аци дзурд нисан кæнуй кенæ дунгитæ, кенæ изæдтæ, кенæ ба Хъурани айатти ærвист.

2 Зиндонæмæ.

3 Хъурани.

78-аг сураæ

1 Изæд Джæбрæил.

79-аг сураæ

1 Гъома, изæдтæй.

2 Гъома, фиццаг райгъусдзæнæй хæтæли уасун, уой фæсте ба æгас фæлдесæндтæ дæр рамæлдзæнæнцæ.

3 Гъома, дуккаг хатт райгъусдзæнæй хæтæли уасун, æма уæдта æгасæйдæр ærцæудзæнæнцæ игасгонд.

4 Гиауртæ (æнæууæнкитæ).

5 Муса (*библ.* Моисей).

6 Исæндедзæн бон.

80-аг сураæ

1 Ами изæди кой киндæ уй.

81-аг сураæ

1 Хъуран.

2 Джæбрæил.

3 Уæларв.

4 Мæхæмæт пахампар (ХХСУ).

5 Изæд Джæбрæили.

84-аг сураæ

1 Тæрегъæдгунтæн сæ рахес къох сæ мæкъурбæл баст уодзæнæй, сæ галеу къох ба – сæ фæссонтæбæл.

2 Аци айат аргъуд ку цæуа, уæд намазгæнæг гъæуама садж (намази æртиккаг уавæр) араза: уæргутæбæл æрбадгæй тæрнихæй зæнхæбæл бамбæлун.

3 Гъома, етæ хуарзæй дæр æма лæгъузæй дæр цидæриддæр кæнунцæ. е Хуцауæн зунд æй.

85-аг сураæ

1 Гъома, фиццаг хатти фæсте æй Хуцау нæуæгæй исфæлдесуй. Æма ‘й нæуæгæй куд исфæлдесуй, уотæ ин æ фудæнхард (накъазани) дæр фæлхатуй.

86-аг сураæ

1 Гиаурти.

87-аг сураæ

1 Ами дзубанди цæуй, цидæриддæр уодгоймаг ес, уони райгурдæ æма мæлæти туххæй.

2 Гъома, Исламмæ.

88-аг сураæ

1 Исæндедзæн бони туххæй.

2 Тексти – “дари” - маст æма æнадæ синдзгун зайæгой. Ами нисан кæнуй æвдузт, дæлгенагдзийнадæ.

89-аг сураæ

1 Зуль-Хиджи мæйи фиццаг дæс æхсæви. Еци дæс æхсæви хадзи кæнуни уацæ рæстæг æнцæ.

2 Ами дзубанди цæуй, Фёрёон ке бафхуæридæ, кæмæн истæрхон кæнидæ, уони мехтæбæл ке æрсадзидæ, уой туххæй.

3 Гъома, фæрресун кæнун.

90-аг сураæ

1 Меккæй.

2 Мæхæмæт пахампар (ХХСУ), кæци райгурдæй æма исгъомбæл æй Мекки.

91-аг сураæ

1 Гъома, хори тæмæн.

2 Гъома, силæ теуа рамарунæн.

3 Теуайæн.

92-аг сураæ

1 Зиндонæмæ.

95-аг сураæ

1 Ами дзурд цæуй, Иса уадзæфтауæ кæми кодта, еци бунати туххæй.

2 Таурæхътæмæ гæсгæ Муса Хуцауи хæццæ аци хонхи сæрмæ дзурдта.

3 Меккæ.

96-аг сураæ

1 Аци сураæ нимад цæуй, Мæхæмæт пахампарæн (ХХСУ) фиццаг ци сураæ æрцудæй æргомгонд, уобæл. Æ уадзæфтауæ аци сураæй райдайуй.

97-аг сураæ

1 Хъуран.

2 Джæбрæил.

98-аг сурæ

1 Гъома, сугъдæг Финстæг цæбæл финст æй, уони.

100-аг сурæ

1 Æзнаги.

2 Бæхгини хæццæ.

101-аг сурæ

1 Исæндедзæн бон.

106-аг сурæ

1 Кааби.

108-аг сурæ

1 Гъома, дзенети цæугæдон, кæци хуннуй *аль-Каусар*.

109-аг сурæ

1 Гъома, æз Кæмæ ковун, сумах Уомæ нæ коветæ.